Мэщбэшlэ Исхьакъ

Тхылъ пшlыкlух хъурэ зэхэугъоегъэ тхыгъэхэр

# МЭЩБЭШІЭ Исхьакъ

ТХЫЛЪ ПШІЫКІУХ ХЪУРЭ
ЗЭХЭУГЪОЕГЪЭ ТХЫГЪЭХЭР

Мыекъуапэ
Адыгэ Республикэм
итхылъ тедзапІ
2014

МЭЩБЭШІЭ Исхьакъ

ТХЫЛЪ ПШІЫКІУХ ХЪУРЭ
ЗЭХЭУГЪОЕГЪЭ ТХЫГЪЭХЭР
ЯБЛЭНЭРЭ ТХЫЛЪ

Мыекъуапэ
Адыгэ Республикэм
итхылъ тедзапІ
2014

УДК 82І.352.3-3І
ББК 84 (2=602.2) 6-44
М 53

**Машбаш И. Ш.**
М 53 Собрание сочинений в шестнадцати томах. Том седьмой. Рэдэд. Исторический роман.– Майкоп: Адыг. респ. кн. изд-во, 2014.– 808 с.– Адыг.

Адыгэ, Къэбэртэе-Бэлъкъар, Къэрэщэе-Щэрджэс республикэхэм ятхэкIо гъэшIуагъэу, СССР-м, Урысыем, Адыгэ Республикэм я Къэралыгъо премиехэм, дунаим щыпсэурэ адыгэ пстэуми ялитературнэ премие ялауреатэу МэщбэшIэ Исхьакъ иусэхэр, поэмэхэр, романхэр, публицистикэр зэхэугъоягъэхэу зыдэт тхылъ пшIыкIух.

ISBN 978-5-7608-0732-8
ISBN 978-5-7608-0758-8

© Адыгэ Республикэм итхылъ тедзапI, 2014

# РЭДЭД

Тарихъ роман

## ПЭУБЛ

Дунай тарихъыр цIыф лъэпкъмэ, лIэшIэгъу IукIотыгъэмэ афэдэу къат-къатэу зэхэлъы...

Илъэс пчъагъэ ащ тешIэжьыгъ – советскэ литературэм имафэхэр Казахстан щырекIокIыщтыгъэх. Тэ, тхакIохэм, цIыфхэм таIукIэмэ, тищыIэныгъэ-дунай еплъыкIэ, тигупшысэхэр афэтхьыхэзэ, мэфэкIым икIэухым зэкIэми Алма-Ата тыщызэрэугъоижьыгъагъ.

Пчыхьэм, хэтырэ лъэпкъи ихьэкIэ гъэшIуакIэ зэрелъытыгъэу, СССР-м илъэпкъ литературэ пшIыкIутф ихэшыпыкIыгъэ лIыкIохэр, нэмыкI цIыфхэр мэфэкI Iанэм зэдыпэсыгъэх. Сэри блэкIыгъэ лIэшIэгъумэ ахэунэхъогъэ адыгэ лъэпкъым къыкIэныжьыгъэм сызэрэщыщыр зыдэсшIэжьызэ, IэнакIэм сыпысыгъ.

МэфэкI Iанэм итхьаматэу Казахстан илIышъхьэ Кунае Динмухьамэд зи къызтыригъанэщтыгъэп: лъэпкъым иинагъи, илитературэ хэгъэгум чIыпIэу щиубытыри, тхакIо пэпчъ уасэу иIэри къыдилъытэзэ, хъохъубжъэхэр къаригъаIощтыгъ. Нэбгыришъэ фэдиз зыпэс Iэнэ бэрэчэтым гъомылэхэр щызэблахы, хэгърэйхэр тишъхьагъырытых, дэпкъым дэжь щызэхэс пщынаохэм лъэпкъ пэпчъ зэлъашIэу иIэ мэкъамэр къырагъаIо. Ахэр сигуапэхэми, сшIодахэхэми, сэ синэшхъэй шъэф чыжьэ къызхэIукIырэ мэкъамэхэр нэмыкIых. Ахэр сызхэсхэми, пщынаохэми тыдэ щашIэн. Пчыхьэзэхахьэр ыкIэм фэкIо, аужрэми гущыIэр раты – сэрэп, нэмыкI... Адэ джары умакIэмэ, утхьамыкI зыкIаIуагъэр...

Кунаер джыри къэтэджы, кIэух псалъэ къышIынщтын сэIо, ау зэхэсхырэм сыгу къегъэлъатэ:

– Джыри тихьакIэмэ ащыщэу зы тхакIо гущыIэ есты сшIоигъу,– ыпашъхьэ ралъхьэгъэ тхылъыпIэр къештэ, шъабэу Iущхыпцӏыкӏызэ къытхэплъэ,– шъыпкъэ, ежь къыкIэлъэIугъэп, ау къыфэгумэкIых. ГущыIэр зэстырэр МэщбэшIэ Исхьакъ, тихэгъэгушхо щыпсэурэ лъэпкъ макIэмэ ащыщ. Сымыгъуащэмэ, Краснодар краим хэт Адыгэ автоном хэкум къекIы.

– Кавказым къикIыгъэхэр, шъукъызэлъытэдж! – лIы хэкIотэгъэ пытэу, пэкIэ Iужъу шIуцIэм ыгъэбжьышIорэ ермэл тхакIоу Серо Ханзадян ар зиджэмакъэр. Грузин, азербайджан, ермэл тхэкIо гъэшIуагъэхэр къызэрэсфигъэтэджыгъэхэм осэ етыгъо симыфэу, игущыIэ къыпедзэжьы: – Талъэныкъо къикIыгъэхэр къызфэзгъэтэджыгъэхэр къышъосIон. Джыдэдэм зэхэшъухыщтыр Кавказым илIыхъужъ тарихъ ымакъ. Непэ цIыф лъэпкъ макIэмэ ащыщ зыфаIуагъэу шъуапашъхьэ ит Мэщбэшlэ Исхьакъ – адыг. Адыгэхэр дунаим ианахь ижъырэ цIыф лъэпкъых. ТэркIэ анахь цIыф гъэшIуагъэх. Яшъхьафит кIэхъопсыкIэ, яцIыфыгъэлIыгъэкIэ, яIэшэ-шъуашэкIэ Кавказым ынапэх, инамысых, иегъэшIэрэ рыцарых. Джары Кавказым илIыкIохэри къызфэзгъэтэджыгъэхэр, шъори ар шъозгъашIэ зыкIысшIоигъор.

Зы шы пае шишъэ псы ешъо зэраIуагъэм нахь гущыIэ шъыпкъэ щыIэпщтын. Адыгэ лъэпкъ макIэм щысыгъэхэр зэкIэ къызэрэфэтэджыгъэхэри шъхьэкIафэ къызэрэфашIыгъэри сщиз схигъахъоу сигопагъэ. Ау, хъохъур къызысэIо ужи, тадэжь сыкъэкIожьы зэхъуми, хъопсагъокIи, нэшхъэигъэкIи джыри зэ адыгэмэ ятарихъ чыжьэ сыхэмыгупшысыхьажьын слъэкIыгъэп…



# АПЭРЭШЪХЬ

## I

999-рэ илъэс чыжьэм ипчэдыжьып.

ХитIум азыфагу – хы МыутIэрэ Каспиерэ – дэлъ Темыр Кавказ къушъхьэ-губгъо шъолъырыр егъэшIэрэ чъые Iужъум къыхэпшыжьыгъэ фэдэу апэрэмкIэ гумэкIынчъэфэмыфэу къыпщэхъу. Ау нахь лъэшым онэгур ыубытэу, кIочIэнчъэр ридзыхэу цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафмэ къокIыпIэмкIи, къохьапIэмкIи, темырымкIи ар щызэтырахы.

Хы ШIуцIэ къокIыпIэкIэ адыгэ лъэпкъыр – къосэгъухэр, мыутIэхэр, зыхыхэр, ахэмэ апшъэкIэ скиф-сэрматмэ къахэзыгъэ ясэ-аланхэр щэпсэух. Идыл псыхъо сэмэгу IушъуапшъэмкIэ буртасхэр, булгархэр, ыкIахэкIэ хъалыдж, саркел, байдо, итылхэр, ДэгъыстанкIэ беленджэрхэр, семендерхэр къызхиубытэхэу, къохьапIэмкIэ Iузэжъу хы зэпырыкIыпIэм Iут ТумтэкъашъэблэкIэу, Къырыми, мадьярхэри хэтыжьхэу, ТемырымкIэ ихьакъулахь зытелъ мордвахэри, черемисхэри, вятичхэри, полянхэри, северянхэри, радимичхэри зыщимыгъэгъупшэхэу, Хъэзар къэгъэнат-хэгъэгум ищынэгъо гумэкI зыми гупсэфыгъо римытэу ашъхьащыт.

Къызыщыхъухэрэ мафэми, зыхэтхэ илъэсми, лIэшIэгъуми апымылъхэу, дунаим зэрэщыщхэр насыпышIуагъэкIэ зыфалъэгъужьэу, ядаушыгъэ амэкъэ жъгъыухэмкIэ зэхашIэжьэу псыхъо лъэкъо псыгъо зэпачъэхэр къушъхьэмэ къахэзэрэхых. Нахь лъэшым, лъэрыхьым ахэр зыхиугъуаехэмэ, ыкIуачIэ хигъахъомэ, зыкъогушхукIыжьызэ, ежь нахь лъэшыжьым зэридырыжьыщтыри зыдамышIэжьэу, ыпшъэкIэ Каспием, ыхэкIэ хы МыутIэм, хы ШIуцIэм зыфахьы.

Псэ зыпытэуи зыпымытэуи дунаим тет пстэумэ цIыфым нахь гушхо-гумахи, жъалым-къэрабгъи, псэнчъэ-

нэпэнчъи, хьалэл-хьарами, чыжьэрыплъэ-гулъытэнчъи ахэтэпщтын.

Тыгъэм цІыфыр щегъаІэми, лыузынчъэу къызыщистыри макІэп. Псым ешъоми, зыщегъэпскІыми, ытхьалэу къыхэкІы. Пхъэ машІоми, шыблэ гъуагъоми, жьы коренеными, чІыгусысми ахэкІуадэ, рыщыІэнэу, зыкъырыиухъумэжьынэу къыугупшысыгъэ пчыпэм, чатэм зыщатекІодэжьыри нахьыб.

Сыд ащыгъум цІыфыр дунаим къызыфытехъуагъэр, зыфытетыр? Ныбэм илъыщт гъомылэрэ пкъышъолыр зыупІыцІэщт щыгъынырэ къызэрэзыфигъотыжьыщтыр ара? Хьауми къыфэхъурэ сабыир зэрипІущт закъор ара? Хьэйуанхэми непэрэзымафэм – орэфабэ, орэчъыІэ – аныбэ из зэрашІыщтым щэхъурэ гугъу яІэп. Ахэми щырыхэр къафэхъух, атенэгуикІыхэзэ апІу, сыд фэдэ чІыпІэ ифагъэхэми, яхьэкІэ-къокІагъэ егъэпшагъэу, ашъхьэ щаІыгъыжьын, зыкъыщаухъумэжьын алъэкІынэу агъасэх. Ау сыдигъокІи, цІыфхэмкІи хьэкІэ-къуакІэхэмкІи, мэфэ нэфри чэщ шІункІыри цыхьэнчъэ гуих-псэихых. Ау цІыфыр псэ зыпыт пстэуми апшъ. ЦІыфыр ары лІэныгъэмрэ щыІэныгъэмрэ ахэгупшысыхьан зылъэкІырэр, ар зилІэужыгъор зэхэзышІэрэр. Уашъор зыкІэшхъуантІэр, ошъуапщэхэр зыкІэфыжьхэр, жьыбгъэ лъэшхэр къызыкІепщэхэрэр, хьорхэр нэпкъым зыкІедысхэрэр зэзыгъэфэнэу зиакъыл къыхьырэр джа цІыф закъор ары.

Нэм къыфэмыубытыхэрэр бжыхьэ къушъхьэ-мэз зэпэІукІотых, шъоф нэкІ гъунэнчъэх. Гъэмэфэ жъоркъым ыгъэпкІыжьыгъэ уашъоми зыкъызэришІэжьырэр хэпшыкІэу огур къызэбэкІырэ шъхьатехъор мыгузэжъуахэу, игъорыгъоу ыплІэу реубгъо. Пщэф пытхъэфэ пІокІэ зырызмэ акъогъу къыкъоплъызэ, тыгъэри пчэдыжь ошъочапэм дэпшые, тхышъхьэ мэзым Іутэкъогъэ, етэкъокІыгъэ Мэзыбэ чылагъор шІомыІофэу, джыри, шы илъыгъо зытфых азыфагу дэлъынэу, щынэ-пІытІыгъэр зитеплъэ адыкІэ тІокІачІэм дэгъощэгъэ Мыстхъакъо чылэми, нэмыкІхэми ягумэкІ къыхигъахъозэ, ашъхьащэкІоты.

Бжыхьэ сэпэ нэгъыфымрэ пкІэшъэ гъожьышэмрэ зэратэкъокІмэ ошъо чІэгъым чІагъэутысэзэ, къэзэрэфрэ шыуишъэ пчъагъэмэ амэкъэ дэгу тхьагъэпцІыгъэ-шъорышІыгъэ зыхэмылъ пчэдыжь гупсэфыр ошІэ-дэмышІэу къушъхьэ тІуакІэм щызэщаутыгъ.



Апэ къыпэкІэфэгъэ пчэгъу папцІэр Рэдэд къыпхъотагъ, шІу зэрэщымыІэр лъыІэсыгъэу янэ Рампэси унэм къилъэтыгъ:

– А сикІал, сыд къэхъугъэр, джыри пыйхэр къыттеоха?!

– Хъэзармэ гъунэгъу чылэхэр зэрапхъо!..

– Мардж, елбэт, шъушъхьэ щыжъугъэзый, къушъхьэм, мэзым шъуякІужь! – къэлапчъэм блэчъырэ мэкъэгъэІу шыур къяджагъ.

– А Рэдэд, сыд пшІэн уихьисап, тыдэ уежьагъ! – илъэс пшІыкІуй горэм ит пщыкІалэм, ыныбжь емылъытыгъэу пкъы плІэмые-шъхьэшхор Іэтыгъэу къэлапчъэм ечъэрэм, янэ еджагъ.– Къэуцу! Къэуцу сэІо!

– Зэхэпхырэба, тян, пыйхэр къызэрэтэкІухэрэр? Къушъхьэм течъэжьзэ, тызэрапхъо. ЛІыгъэ зыхэлъэу апэуцужьрэм сыгоуцощт.

– Жьыкореным щаухьэ, хэлъадэхэрэп. Уяти ишъэогъухэри ощ нахь лІыІуагъэх, мацІэм фырикъугъэхэп нахь,– Рампэс ыкъо пэуцугъ.– Сынэ къаплъэу лъым зэщифыгъэ цІыф Іэл-жъалымымэ уапэзгъэгъокІыщтэп. Тэ непэкІэ къушъхьэ пытапІэр тикъотэгъу, некІо, шІэх, чылэр зэрэхъоу тыхъун.

– Сыд шъузпэтыр,– гъунэгъу Колэс лІыжъыр къэджэ,– шъуеужьыр! Мо къэзэрэфырэ хьэкІэ-къуакІэмэ укъялыщтэп.

Рэдэд пчэгъур чІидзи, унэм илъэдэжьыгъ. Бэрэ къитыгъэп – ытамэ фыгу дзыо ныкъор телъ, лы гъэгъугъэ цэгэнэлъэ щыхьагъэр изыблыгу, къоехьал гъугъи ыІыгъ, исэмэгубгъуи чатэр гошІагъ, ищазымапшъи шъэжъыякІэр къыдэщы.

– Лымрэ къуаемрэ къысэт, Рэдэд,– лъэбэкъушхохэр зыдзырэ кІалэм пкъы од-пІуакІэр къепсынкІэкІэу Рампэс лъэчъэ, адырэм икІо хегъахъо, янэ зыфелъэІурэм язи къыритырэп.

Къушъхьэм чІэзэрэтэкъогъэ цІыфхэр мэзытхым зытехьэхэр ары Рэдэд къызыупчІагъэр:

– УкъэкІуа, тян?

– СыкъэкІо, сыкъэкІо, нахь чыжьэу дэкІуай.

– Мы чІыпІэр тІэсхъапІэп,– Колэс етІысэхыгъ,– мо мыжъо натІэр ары мыгъатхи тыкъызкъонэжьыгъагъэр, шъукъетІысэх. Тиошъогу Тхьэшхо ынэшІу къытщыфэмэ,

ти Мэзытхьи тыкъиухъумэн. А слъэгъухэрэм чылэ гъунэгъухэр зэрапхъо аӏуагъ шъхьакӏэ, ащ фэдэ ахэслъагъорэп, муары, тичыли ебгъучъэх, зэрэфых, зэплъэкӏых.

– Мыгъатхэ тызэрэзэрапхъуагъэм елъытыгъэмэ, ахэр гумэкӏ горэм зэрефэх,– Рампэси маплъэ, иуни, ищагуи, ибылымхэри къызэтыригъэнэнэу гукӏэ Тхьэм елъэӏу, кӏымэфэ къэкӏогъум тытырарэмыгъэстыкӏыри, унэм рахыгъэри щагум дащыгъэри цӏыкӏу-цӏыкӏоу зэдгъэӏужьын, шъэо бетэмалыри лӏыгъэкӏэ анэӏу исщыгъ.

– Джы къызгурэӏокӏэ сэгугъэ мыхэр зезыфэхэрэр...– Рэдэд фыреплъэкӏзэ, Колэс зэриӏожьыгъ.– Хъэзархэр Тумтэкъашъэ дэжь русичмэ къыщызэхагъэтэкъуагъэх зэраӏорэр шъыпкъэкӏэ енэгуягъо. Къэошӏэжьа, Рэдэд, мыгъэрэ гъэмафэ тичылэ къыдэхьэгъэгъэ урым Думитрэ къыӏогъагъэр? Тшӏошъ хъугъагъэп шъхьакӏэ, шъыпкъэнкӏи мэхъу.

– Пшӏэхэнэп,– тӏэкӏу тешӏагъэу Рэдэд къыӏуагъ,– бэрэ зигугъу ашӏырэр шъыпкъэу къычӏэкӏыжьы тятэ ыӏощтыгъ.– Тым игугъу Рэдэд зэришӏыгъэр игуапэу Рампэси къызхимыгъэщэу ыкъо ӏугушӏуагъ. Ау зытес мыжъом фэдэу чъэкӏыгъэ напэм зы лыпцэ сыси ным хыримыгъэлъагъоу Рэдэди игущыӏэ къыпидзэжьыгъ: – Ары шъхьакӏэ, Колэс, хъэзархэр лъэпкъышхох аӏо.

– Лъэпкъышхохэми, тэщ фэдэу ахэми зэдэӏужьыр ямакӏ. Чӏыгушхо аубытыгъэшъ, фырикъужьхэрэп, пщылӏыпӏэм радзэгъэ лъэпкъхэри, яхьакъулахь зытелъ нэмыкӏ лъэпкъхэри афэгъэӏорышӏэжьхэрэп. Тумтэкъашъэкӏэ русичмэ ятекӏоныгъэ ащ къыгъэпсынкӏэгъэнкӏи мэхъу.

– Русичмэ Тумтэкъашъэ аштагъэмэ,– Рампэс игумэкӏ фэмыӏажэу къызӏуипхъотыгъ,– гъэрыпӏэм щыӏэ сшынахьыкӏэ Къэншъау сыдэущтэу хъун ащыгъум, тумтэкъашъыпщым иунэӏутэу ары макъэ къызэрэтэӏугъагъэр. Сэщ нэмыкӏ лъыкӏони лъыплъэни иӏэп... Сэ сыд гущэр сиамал. Мыщ ятэ псаугъэмэ, сшынахьыкӏэ закъокӏэ сигумэкӏ сшъхьащихыни... а зы мэфэ шӏуцӏэм тӏумкӏи сыунэхъугъ...– Рампэс ынэмэ шъхьэтехъо цыпэмкӏэ акӏэӏэбэжьыгъ, гъунэгъу лӏыжъымрэ ыкъорэ апашъхьэ къыщехъулӏэрэр шӏоигъуаджэу ышъхьэ ӏуищэикӏыгъ.

– Тян, бащэ, Колэс тхьэмэтэ мафэм ыпашъхьэ сшъхьэ щымыгъэцӏыкӏу...– зэрэамалынчъэм нэплъэгъур рыригъэдзыхэу Рэдэд янэ егьыигъ, етӏанэ нахь мэкъэ теубытагъэкӏэ къыпигъэхъожьыгъ: – Къэншъау псаоу дунаим тетыхэмэ, къыпфэсщэжьыщт сӏуагъи.

– Е-о-ой, сикӏал, сыдигъу ар зыхъущтыр?

– Ар пӏоу, Рампэс, угуи умыгъэцӏыкӏу, уигугъапӏи зыӏэкӏэмыгъэз,– гъунэгъу гуащэм иупчӏакӏэ Колэс лӏыжъым ыдагъэп,– мы шъэо ӏэтахъом уицыхьэ тегъэлъ. Ятэ фэдэ мыхъоу тыдэ кӏон. Лаурстэн зы лӏэу тичылэ дэсыгъ. Сыпщ ыӏоу зэ нэмыӏэми ыбгъэ къыригъэуцукӏыгъэп, ау ащ ижьау чылэр чӏэтыгъ. Лӏы хэкӏынэу тихьаблэ шъао горэ хэсмэ, тичылэ дэсмэ, мыщ лӏы хэкӏыни, тыкъызэримыгъэукӏытэжьыщтым сыришыхьат. Ар сэ къэслъэгъужьми дэгъу, къэсымылъэгъужьми, Колэс лӏыжъым ыӏогъагъ зэгорэм шъуӏожьын. Сэ мыщ ыныбжьым сызетым, тятэ Тумтэкъашъи, Хъалыджи, Саркели, Итыли, Семендери, печенэгмэ анэсыжьэу, сыздищэщтыгъ. Тязаоу, къытэзэожьхэу, тыкъырафыжьэмэ шъхьэчъэ-псачъэ тырашӏыхьэу къыхэмыкӏыгъа, гъэрыпӏэми мызэу-мытӏоу хъэзархэми аланхэми тырамыгъэфагъа, непэ фэдэу тхьапшрэ тичылэ тыкъыдамыфыгъа, ау зи къысэхъулӏагъэп, мары, мылӏэжьын гъучӏыпсэу шъуапашъхьэ сис, мо шыу зэрэхьымэ зашӏосэгъэбылъы... Зэ, зэ, быяу, Рэдэд, нахьыжъхэр гущыӏэ хъумэ, уиӏо ахэмылъхь. Акъыл зыхэлъри зыхэмылъри угу иубыт, уасэ фэшӏ, тидунай жъалым о зэрэпӏо закӏэу зэхэлъэп. Зыгорэ къэпӏуагъа, къапӏо пшӏоигъуа, Рампэс? Хьау пӏуи? Ащыгъум Рэдэдкӏэ узэрэмызафэ горэ къыосӏон.

– Шъаомкӏэ, къысфэгъэгъу, Колэс, уигущыӏэ зэрэпӏэпысхырэмкӏэ, зэпщтын сызэрэмызафэр.

– Зызакъу, зызакъу, Рампэс,– Колэс жэкӏэ-пэкӏэ фыжь мыкӏырмэ тхьагъэпцӏышъоу къахэгушӏукӏыгъ,– адырэ мыхъунхэу зыфапӏохэрэр шъо шъуитӏо, янэрэ ыкъорэ, зэрэзэхэшъухыжьышъу. Уишъао утенэгуикӏ зэпытзэ, уиджэнакӏэ зэребгъэӏыгърэр игъуадж, Рампэс. Ары, ары, сшыпхъу, гукъаоми, джа зымкӏэ уиуз ӏэзэгъу сыфэхъун слъэкӏыщт. Джыри, цыхьэ къысфэпшӏыщтымэ, Рэдэди, пщышъаори, фаемэ, нэмыкӏхэмкӏи ӏэпыӏэгъу сышъуфэхъун. Лаурстэн псаузэ, мыгъатхэ ащи тырыгущыӏэгъагъ, ау иигъонэмыс кӏодыкӏэ тӏуми тыкӏигъэхьагъэп. Жэбзэшхо сӏумылъми, Колэс ихьакӏэщ нэкӏы зыми ыӏуагъэп, сымышэкӏо цӏэрыӏоми, сӏэ едзыхыгъэу къушъхьэм сыкъыхэкӏыжьыгъэу салъэгъугъэп, сымыбэнэкӏошхоми, ащкӏи зи къызкӏэзгъэ-

нэкӀагъэп… Цыхьэ къысфэшъуshIымэ, сижабзи, сищэры-уагъи, сикъулаигъи хьарамыгъэнчъэу Рэдэд фызэӀусхын, гощэ шъузабэм ыкъу ясымыгъаӀоу, сипхъорэлъф Чэчанэ фэдэу спшъэ ифэщтымкӀэ непэ щегъэжьагъэу сытеуб-гъогъэн.

– Тхьауегъэпсэу, Колэс,– гуӀэн-тхьамыкӀэгъо ӀофкӀэ чылэм зэрэдэчъыгъэхэми, шыу Ӏэлхэу блэбыбыкӀыгъэхэми ясапэ зытӀысыжьыгъэр бэшӀагъэми, Рампэс щыгъупшэжьы-гъэу къыӀуагъ,– армырми мыщ ятэ зэпсауми, унаӀэ тетыгъ, зыщымыӀэжьми, уинэплъэгъу гукӀэгъу тепхыгъэп. УиӀо блэкӀыгъэу зэхэсхынэп, ар ышӀагъэуи фэсыдэнэп. Шъэо закъор зыкӀэрыстӀупщынэп сӀомэ, усэгъапцӀэ, Колэс, непэ щегъэжьагъэу пӀэ къисэлъхьэ.

– ЗэрэхъурэмкӀэ,– Колэс игуапэу ыжэкӀэ-пакӀэмэ акӀэщхыкӀыгъ,– еми шӀу голъ… Ем тыкъырифыжьи, шӀукӀэ тызэфихьыгъ. Хъэзархэр, муары, ошъочапэм чӀэкӀодэжьы-гъэх, чылэри цӀыфхэри псаухэу къызэтенагъэх. Аланхэм къафыхэмэ сӀуи, зи къышъосымыӀоу джы нэс тыщысыгъ. Ахэри хъэзархэм анахьышӀухэп, ау титхьэмэ яхьатыркӀэ зи къакӀэлъыкӀуагъэп. НекӀо, цӀыф мафэ хъуных, некӀо, Рэдэд, некӀо, сикӀал, тичылэжъ, тибгъагъэмэ тяжъугъэкӀужь,– ӀитӀур дегъэчъаешъ, ошъочапэм къыдэкӀоерэ тыгъэм зыфегъэазэ: – Тыпфэраз, ти Тхьэшху, унэшӀу къытщыфагъ! Шъхьащэ фэшъушӀ, гущыӀэшӀукӀэ шъуешӀушӀ,– ыкӀыб дэт гъусэмэ ареӀо, етӀанэ ынэ къыпэшӀофэрэ чъыг пэпчъ шъхьэ-гъэщ гъашӀо фешы: – Мэзытхьэми тыкъиухъумагъ, тищы-нагъуи тшъхьащихыгъ…

## II

Къушъхьэм зыхэхьажьыхэм, Колэс къыӀогъэгъэ гущыӀэхэр Рампэс ыгу къэкӀыжьыгъэх. Рэдэд еплъызэ, чэфынчъэ-гушхуагъэкӀэ щхыпцӀыгъэ: мыр иныжъым фэдэ зэрэхъугъэр. Ынапэ зэхэхыгъэ, кӀо зыхъукӀэ, джэхашъор реуфанэ, ынэхэм гупшысэ-пхъэшагъэр акӀэлъ, ау ежьы-ркӀэ ар джыри сабыеу, ишъэо цӀыкӀоу къэнэжьы. ЕтӀани Колэс къыриӀолӀагъэм ыуж ныр ыкъо джы гуфаплъэкӀэ еплъэу ригъэжьагъ, сабыеу ылъытэщтыгъэр лӀы зэрэхъу-гъэр ылъэгъугъ.

Джэныкъо мэшӀо зэкӀэплъыхьагъэм пэблагъэу, чъыгэе пхъэнтӀэкӀум Рэдэд тесыгъ.



– А Рэдэд, а сикӀал, сыдэу непэ учэфынчъа, зыгорэм уегъэгумэкӀа? – хъэзар шыудзэр чылэм зебгъучъагъэм мафэ заулэ тешӀагъэу ныр ыкъо еупчӀыгъ, ыӀитӀу зэры-дзагъэу щагумкӀэ гъэзэгъэ чыиф дэпкъым кӀэрытӀысхьагъ, ищыпэлъэгъу пӀонэу Ӏэнэ фэлъукӀыхьашъоми пхъэнтӀэкӀу шъхьэко зэхэӀулӀагъэми ашъхьарыплъыгъ, джэныкъо машӀор къызкъомыщырэ шъэо Ӏэтэхъо плӀэӀубгъом джыри еупчӀыгъ: – Адэ зи къапӀорэпи, сикӀал?

– Сыд къыосӀонэу уфай, тян? – мыжъобгъу пкъышхор ымыгъэсысэу, игупшысэ мыбащэмэ къызэрахащыгъэри имыгуапэу Рэдэд къызэупчӀэкӀыгъ, машӀом кӀигъэстынэу джэныкъом зыпэӀабэм, онджэкъ цакӀэм нэси, итыгъужъы-шъо пэӀошхо къыщигъэзыгъ, ар Ӏэ сэмэгушхомкӀэ къы-штэжьызэ, гъумытӀымыгъэ: – Сшъхьэ ясэрэгъэупсымэ сшӀэрэп. Зымафэ Чэчани ышъхьэ аригъэупсыгъ.

– КӀымафэ чъыӀэр къэкӀо, сыд, синынэгущ, пшъхьэ ябгъэупсынэу къыохъулӀагъэр?

– Плъэгъурэба, тян, паӀор цӀыкӀу зэрэсфэхъугъэр? Къынэсырэм сшъхьащеуты…

– УипаӀо пфэцӀыкӀумэ, моу къысэт. Мафэ къэс тыгъужъ къаукӀырэп, паӀуи ашӀырэп, пӀэрэ плъэгуанджэрэ гъэрет ахэмылъыжьмэ, сэ пфызэӀэсфын.

– Арэу улъэшмэ, ма, сфызэӀэф,– ипаӀо къыфызэри-дзэкӀыгъ.

– ПаӀор джэгуалъэ умышӀынэу тхьапшрэ осӀуагъа, кӀал?! – Рампэс ымэкъэ пхъотагъэ гущыӀэ шъэбэ-гыекӀэ къыгъэтэрэзыжьыгъ: – УкъызхэкӀыгъэ лъэпкъыр зыщы-мыгъэгъупш. Уятэ ипаӀо рыджэгугъэу къэсшӀэжьрэп… ТхьамыкӀэм паӀори, шъхьэри зэфэдэ ыӀощтыгъ… Бгъэлъа-пӀэрэм уегъэлъэпӀэжьы…

Тым игугъу зызэхехым, Рэдэд хэщэтыкӀыгъ, хъэзар шыу куп уӀэшыгъэмэ япащэ ятэ къызэриукӀыгъагъэр, укӀакӀом ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкӀэ янэ зызэрэри-дзэгъагъэр, яонэшитӀуи, щагу былымхэри, янэжъ итыжьын бгырыпхи зэраритыгъагъэр джыри ынэгу къыкӀэуцожьыгъ.

– Шъыпкъэ, тян, зыми тятэ ышъхьэ фиуфагъэу, ипаӀо фызыщихыгъэу сырихьылӀагъэп.

– Ары ежьыри зэунэхъулӀагъэр… Шъузэбэ шъхьэ-закъоу, тынчъэ сабыеу дунай дыджым тыкъызфытырина-гъэр…

– Тятэ илIыгъэ зекIуакIэ пшIомытэрэзэу къысщэхъу, тян... Сятэ изекIуакIэ сишъэогъухэми чылэми сэ лIыгъэкIэ къысфалъэгъу. Тыгъопчыхьи Колэс ихьакIэщ шIукIэ тятэ игугъу щашIыгъ. Унапэ пщэщтми, къэуухъумэжьыщтми, уищыIэныгъэ птыщтыми, къарыкIырэр бэ. ЛъэгонджэмышъхьэкIэ зызфебдзыхыщтыри пшIэн фае...

Ным зэхихыгъэ аужырэ гущыIэмэ пкъы пIокIэ одыр къыкIагъащтэу лъэгонджэ къегъэчъэкIыкIэ ыкъудыиищтыгъэ паIом изэIэфын зэпыригъэгъэугъ, нэмыз-IумызкIэ шъаом ыплIэу иплъагъ, лIым, Лаурстэн, ипэIуагъэу джы шъаом фэцIыкIу зыфиIуагъэм Iэ щифэзэ, гу плъыгъэр зэтыриIэжагъ, зэушъыижьыгъ, етIанэ игукъао къызхимыгъэщэу къыIуагъ:

– Хъэзар шыупщым ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ сызэритIысхьагъэр армэ, сикIал, ащ емыкIу хэлъэп... ХьэкIэ-къуакIэм исабый зыпэIуедзэ. Уятэ фэдэу пшъхьэ къэуухъумэжьын, ппсэ птын плъэкIынэу лIыпкъым уитыгъэмэ, ар сымышIэныекIи мэхъу... Ау хэт ышIэра... аущтэу сымызекIогъагъэмэ, ори ячэтэ чIэгъ учIэкIодэныекIэ е гъэрыпIэм, сшынахьыкIэ фэдэу, уафыныекIи мэхъу... Лъфыгъэр мэшIошху.

ТищыIакIэ зэрэгъэпсыгъэмкIэ, сикIал, ныр зэкIэмэ апшъ. Исабый къыфэхъоу иапэрэ жьыщэгъу зызэхишIэкIэ, ащ ухъумакIо фэхъу, ышъхьэкIи, ыпсэкIи а зым цыхьэ фешIы. Хъулъфыгъэм елъытыгъэмэ, ныр нахь кIочIаджэми, исабый теубгъогъэ зэпыт. Арышъ, гъашIэ зиIэу чIылъэм тетмэ ным шIу къафехьы.

Ынэхэр нэпсым къызэрэрихъуагъэр ыкъо ымылъэгъуным пае Рампэс шъхьангъупчъэмкIэ зигъэзагъ, къушъхьэхэм, ахэмэ ашъхьарыт уашъом яплъэу, зи къымыIоу бэрэ щытыгъ.

Рэдэд джэныкъомкIэ зигъази, IадэмкIэ машIор зэкIигъэблагъ, тIэкIу щысыгъэу фэсакъызэ, къыIуагъ:

– Непэ щыкIэдзагъэу, тян, сыцIыкIоу къызщымыгъэхъужь.

– Сыда, адырэ уимэфэ блэкIыгъэмэ уафэдэжьба? – упчIэм емыжэжьэу шъабэу кIэщхыкIыгъ: – Колэси ащкIэ къысэгыи нахь мышIэми, сэркIэ о егъашIэм уцIыкIущт. Мыдэ, сикIал, сызфэмыеу къыпхафэрэмэ ащыщ горэ къыуасIо сшIоигъу. ЦIыфыр гущыIэгъу къыпфэхъумэ, уянэми, уятэми, уишъэогъуми, анахь угу зыфэмышIур арыми, уакIыб фэгъэзагъэу удэмыгущыI. Анахь гущыIэшIуми гущыIэ дыджми къарыкIырэр цIыфым ын зыкIэплъэгъощтыр, ынэгу зыхэплъэгъощтыр. УанэIу къэгъази, уятэ къыкIэныгъэ паIор пшъхьэ фэшIу хъуным пае зэрэзэIэпфыщт шIыкIэм къеплъ. Уятэ ипаIо, сикIал, пэIо къодыеп. Мыщ лъыми, сэпами, пкIэнтIами къыхэнагъ, уятэ ихьалэлыгъи, иIушыгъи, ыгу ифэбагъи зэрэхэлъ.

Илъэс щэкI-тIокIитIу зыгъэшIэгъэ хъулъфыгъэм ныбджэгъуныгъэми къумалыгъэми ауасэ ышIэгъах, ыгукIэ зыфаблэщтыгъэ гухэлъхэу зэхэтэкъуагъэхэри, текIонывгъэу къыдихыгъэхэри пэкIэкIыгъахэх, гумэкI лъэшхэми гупсэфыгъо мафэхэми ясэжьыгъ, ау кIэлакIэу илъэс тIокIым итыр ыгукIэ джыри мэбыбы, цIыфмэ азыфагу зэфыщытыкIэ дахэхэр ренэу илъхэу, зафэр сыдигъуи текIон фаеу къыщэхъу. Ау апэрэу зыгорэм зеутэкIыкIэ, мыхъун горэ къехъулIэу е къызагъапцIэкIэ, дунаир кIодыжьыгъэу загъорэ къыщэхъу. Рэдэд ятэ фэдэ щымыIэу, зэкIэмэ анахь зафэу ылъытэщтыгъ. Сыд фэдэ зэмызэгъыныгъи ятэ зэхифыщтыгъэ, къыгуригъаIощтыгъ, ахэмэ ежь ышъхьэ зэпаригъэкIынэу щытыгъэп. Зыгорэ мыхъугъэми, тым ытэмэ лъэшхэм атегъэкIэгъагъ. Джыры... Хъэзархэм защаухъумэзэ, янэрэ Колэсрэ ягъусэу къушъхьэм хэлъэдэжьхи загъэбылъэу зэрэхэсыгъэхэр бгъэтэрэзыжьын умылъэкIыщт тхьамыкIагъоу Рэдэд ылъытэщтыгъэ, ащ пае мы мафэхэм цIыфмэ ахахьэщтыгъэп, янэ зэриIощтыгъэу, зэтеушIуцIагъэу хэтыгъ.

– УипаIо штэжь, сикIал, джы пфэшIукъабзэ хъущт,– ным ыIэгушъо тыгъужъыцым ригъачъи, паIор ыкъо фищэигъ.– Мыр бгъэуцIыныныр ищыкIагъэп, ышъуи кIодыщт, зыгъэушъыжьыкIи тIысыщт.

ЗэрэзэгурыIожьыгъэхэм рыразэу, Рампэс нэшIукIэ ыкъо Iуплъагъ:

– Ныбэ нэкIэу тызыкIыщысыр къызгурыIорэп.

– Сэри сшIэрэп,– щхыпцIыгъэ Рэдэд.– Мэзыкъом щыщ зи къэнэжьыгъэба?

– Лы гъэгъугъи, гъэжъагъи, къуаий щыI шъхьакIэ, щылъыгъэ шхыным тезэщыгъ. Моу кIуи, къощыр горэ къэукI, лы кIалэ къэзгъэжъэн.

Рэдэд унэм зикIыгъэм бэ темышIэу щагум къощыр шIуй макъэ къыщыIугъ, Рампэси пхъэ къашыкъыр зэриIыгъэу пщэрыхьапIэм икIыгъ, ыкъо еджагъ:

– А сикIал, уятэ былымым ыпсэ ыгъэгъу зыхъукIэ зэришIыщтыгъэу, ори ащ ынэIу ти Тыгъэшхо-Тхьэшхо фэгъаз, ти Тхьэшхо-Чъыгэешхо зыдэщыт лъэныкъор арми хъущт.

– Ти Тхьэшхо пщэмэ къакъотыфэ, мыщ тэмашъхьэр къызэпезгъэгъэджэжьынэп. Чъыгэе Тхьэшхор арми нахьышIужь,– ошIэ-дэмышIэу быяужьыгъэ псэушъхьэм Рэдэд чэтэ огъукIэ ышъхьэ шIуиупкIи, зезыутэкIыжьэу ыпашъхьэ илъым обыяужьыфэ еплъэу щытыгъ.

– Джынэкъэуж, сикIал,– Рампэс унэ лъэгуцым еджыхыгъ,– зыпсэ бгъэгъурэм ащ фэдэу удэмызекIу!

– О зэрэпIорэм фэдэу цIыф аукIми дэзекIохэрэп... Пщыгъупшэжьыгъа тятэ зэраукIыгъагъэр?.. Тырагъэкlуалlэщтыгъэпи...– Рэдэд гъумытIымыщтыгъэми, ным ылъэгъугъэр ыгу темыфэу унэм ихьажьыгъэти, кIэлъиIохэрэр зэхихыжьыгъэп.– Зэ джыри хьакъулахьыхьэ талъэныкъо ахэр къыкъогъэкIых... Тятэ иукIакIо, сыд сэIо ащ зэреджэщтыгъэхэр, Аспарыхъу раIощтыгъэмэ сшIэрэп, уапашъхьэ, тян, пчэгъу папцIэм щышIосыдзэнышъ, ыджа уишъыгъо джанэ гушIогъо нэпскIэ зызщыосымыгъэхыжькIэ!..

## III

Азиемрэ КъокIыпIэ Благъэмрэ къарыкIыхэу Темыр КавказымкIэ Европэм ихьэхэрэмкIэ анахь зэкъо гъогу кIэкIэу щыIагъэр адыгэ чIыгум пхырыкIыщтыгъэ. А гъогур екъузылIагъэу адыгэмэ къамыгъэгъунэщтыгъэми, рыкIорэм ишыпэрэ иIашэрэ зыдэгъэзагъэр, зыдакIорэр, игухэлъ амышIэщтыгъэми, Iузэжъу хыдэкIыпIэм ращэлIэфэ, рагъэкIыфэ чэщи мафи нэрыз-Iэрыз ашIыщтыгъэп. Зы лъэныкъокIэ ар щынэгъопIагъэми, адырэ лъэныкъомкIэ дунай къэбар зехьэпIагъ. Къосэгъухэр, мыутIэхэр, зыхыхэр гъогу мыгъо гъогу мафэкIэ ащ еджэщтыгъэх. Сыд фэдэу щытми, гухэлъышIу зиIэм еблагъ раIо, зимыIэм пэуцужьых. Фыримыкъунхэу зашIэкIэ, къэрэбгъагъэм яIушыгъэ тырагъакIо, якъушъхьэ пытапIэхэмкIэ, ямэзцунэхэмкIэ, яшъоф зэбгырычъ гъунэнчъэхэмкIэ зыкъаухъумэжьы. ИкIэрыкIэу унагъо зыщашIэжьри чылагъохэр яжьэм къызыщыхаIэтыкIыжьыри нахьыб. Ау сыд къяхъулIагъэми, шъхьакIо къарахыгъэми, лъышIэжьыр къызтырагъакIоу зэокIо-зепхъуакIо зыми факIохэрэп. ЯмычIыгу, ямыуашъо, ямытыгъэ къатырахырэп, ячIыгу шъхьарыт уашъори, мафэр къафэзгъэфэбэрэ я Тхьэ-Тыгъэшхуи, ячэщ къэзгъэнэфырэ мази, ямэзытхьи, яшэкIуатхьи шъхьащэ афашIы, якъушъхьэ-шъоф псыхъохэр, уцыпэ къыхэкIыгъакIэхэр, ябжыхьэ пкIэшъэ зэмышъогъухэр нэм, псэм фэдэу къагъэгъунэ.

Яхэгъэгу осэ лъапIэ зэриIэр, ащ шIулъэгъу инэу фыряIэр адыгэмэ ашIэщтыгъэ, шъхьафит щыIакIэр алъ хэлъыгъ, ащ къыхэкIэу нэмыкI цIыф лъэпкъхэм яшъхьафитныгъи уасэ фашIыщтыгъэ. Адыгэхэр дзэкIолI бланэщтыгъэх, ячIыгу гупсэ пае, тыгъэмрэ уашъомрэ ащ шъхьарытынхэм пае ялIыхъужъыгъэ агъэфедэщтыгъэ. Азием, КъокIыпIэ Благъэм, Европэм яхъарзынэщхэр зыщызэхэхьэрэ шъолъырым ахэр исыгъэх, ау етIани ящыIэкIэ-псэукIэ, язэхэтыкIэ-гъэпсыкIэ ежьхэм яунаеу къыхахыгъ, ащкIэ яджэнэт лъэныкъо агъэбаигъагъ.

Iо хэлъэп, хэгъэгушхо ущыпсэуныр дэгъу. Ау зыфэщынэни, зыфэгумэкIыни, зэзыдзэжьыни хэгъэгушхом къыфыкъокIырэр ежь иинагъэ фэдиз. Къосэгъухэри, мыутIэхэри, зыхыхэри яIэ тIэкIум рырэзагъэх, тыгъэри мэзыхэри къызэряшIушIэхэрэм, ахэмэ къатырэ гушIуагъом, дэхагъэм, хьалэлыгъэм, гупсэфыгъом ыгъатхъэщтыгъэх, хыор шхъуантIэхэм амакъэ зэхахыным, ягъэшIэрэ Iупчъапчъэ кIэдэIухэу псэунхэм пае хы ШIуцIэ, хы МыутIэ Iушъохэм аIутIысхьэщтыгъэх, мэз Iужъу хьалэлхэм, гъэхъунэ нэфынэхэм, уц шхъуантIэр зыщыкIырэ шъофхэм апэблагъэхэу псэущтыгъэх, Пшызэрэ Тенэрэ азыфагу илъ чIыгушIухэу гъунэ зимыIагъэхэр якIэсагъэх. Ахэмэ ябылым-шы Iэхъогъухэр ащагъэхъущтыгъэх, жьыбгъэм енэкъокъухэу, ялIыгъэ щаушэтэу, шыгъачъэхэр, шъозэбэнхэр ащашIыщтыгъ.

Мэзыбэ чылэр адырэ къосэгъу, мыутIэ, зых чылишъэ пчъагъэу хы ШIуцIэ Iушъом Iусхэм, къушъхьэмэ, мэзцунэмэ ахэтэкъуагъэмэ темыр лъэныкъомкIэ гъэзэгъэ МыутIэ хым, адыкIэ, Тен псыхъо фэмыфым еолIэжьырэ былым хъупIэ шъофмэ, къамылылъэ-темэнылъэ гъушъапIэмэ,

гъуй бгылъэ мылъагэмэ, Іошъхьэ зэпэІукІотхэм ахэсхэм ащыщ.

Адыгэ-къосэгъу бжыхьэ дунаир мэстанэм рацы пІонэу игъорыгъоу щэджэгъуанэм икІотыгъэ тыгъэпс шъабэкІэ Мэзыбэ къыфызэплъэкІы. Пшъэдэ къушъхьэпсыри мыжъомэ ялъэпаомэ къызщылъэтыжьызэ къуладжэм зыщырэутэкІыжьми, мэкъэ зэщыутыгъэхэр нэпкъ лъагэмэ якІодылІэжьых. Илъэсныкъом зиджэнэ зэмышъогъукІэ дунаим зыІузышІыхьэщтыгъэ мэзым ичъыгмэ зызэраупцІэнырэр шІоукІытагъоу, ошъо чІэгъым чІыпІэ щигъотырэп. Пщэфхэри, зэкІэмыхьэ-зэкІэхьашъохэу, анахь цІыкІур иным хэкІодэжьы. Зэфэразэха ахэр, зэфэмыразэха?!

«Дунаир упчІэ мыухыжьыкІэ зэхэлъы,— мыгузажъоу псыхъо нэпкъым рекІокІырэ Колэс еІо.— Псэ зыпыти зыпымыти афэдэу цІыфри дунаим гушІуагъокІэ къытехъо, къин мыгъуаекІэ, разэуи мыразэуи, ищыІэныгъэ щехьы. Сыд фэдэ къин щелъэгъуми, ынэ кІэкІырэр шІодах, шІоІэшІу, илъэсыбэ къыщигъашІэ шІоигъу, амал иІэу дунэе нэфыр фибгынэщтэп. ЗыгорэкІэ хьазаб-уз ІофкІэ ыпсэ еІэжьмэ, лІыгъэкІэ зыми филъытэщтэп...»

Зыныбжь хэкІотагъэхэм зэряшэнэу, Колэс икІэсагъ изэкъоныр, аукъодыеу изэкъоныр арэп, псыхъом хаплъэу, къушъхьэмэ ашъхьарыплъэу, ошъогум иплъэу, дунэе самбырым хэдэІоныр ишэныгъ. ЕтІани гу зэрэлъитэжьыгъэу, гъэшІэ кІыхьэу пэкІэкІыгъэм икІэсагъ гупшысэныр, зэгупшысэщтыгъэри а зыр ары. Охътэ зэфэшъхьафхэм а зы Іофым зэфэмыдэ гупшысэхэр рихьылІэщтыгъ, ащ пае ахэр зэфэдэхэу, зэщыгъохэу сыдигъуи щытыгъэхэп, ренэу гупшысакІэхэр, гупшысэ гъэшІэгъонхэр ышъхьэ къитаджэщтыгъэх.

Сабыигъом щегъэжьагъэу жъы къатмышэ охъужьыфэ цІыфым тхьамыкІэгъуабэ къыфыкъокІы, нэпсыбэ регъэхы, джащ фэдизэуи ыгу иутыгъэ мэхъу, пкІэнчъэу дунаим тетэуи къыщэхъу. Ау щытми, дунаим ехыжьынэу фаеп, ары пакІошъ, аужырэ жьыкъэщэгъум нэс лІэныгъэр Іуигъэкіот шІоигъоу мэбанэ. Уитыгъи, уиуашъуи уаІумыплъэжьыныр, уиныбджэгъу хьалэлхэр, уиІахьылхэр умылъэгъужьынхэр чІыгу чъыІэм узырагъэкІужьыкІэ, узэрэщыІагъэр зэхэмышІэжьыныр сыдэу тхьамыкІагъу! Ары пэпчъ хэти, анахь дэир ыкІыб хъугъэу, мэфакІэм насып къыфихьынэу мэгугъэ. Джа зэхашІэр ныбжьыкІэгъуми жъыгъоми цІыфым къыфэкІо...

Гупшысэ зэпеохэр зэригъафэзэ, бэщыр ытх щиІыгъэу Колэс псы нэпкъым рекІокІы. Ау сыда мыр?! ЫпэкІэ темылыгъэ мыжъошхо лъагъом тырилъэгъуагъ. Къушъхьэ шыгумкІэ дэплъыий, Колэс щхыпцІыгъэ: мыжъошхор мор зилъэгагъэм къефэхыгъ. Хьэ шхъонтІэ пырэцэшхори, ибысым къызэрэзэтеуцуагъэр зелъэгъум, сакъэу фежьагъ, мыжъом къечъалІи епэмыгъ, ау гуцафэ зыфэпшІын ылъэгъугъэп, сыда хъугъэр, мыр адырэ мыжъомэ афэд ыІоу, упчІэ нэплъэгъукІэ Колэс Іуплъагъ.

«Мыжъом псэ пымытэу аІо,— хьэм ыпшъэ Колэс Іэ щифагъ.— Шъыпкъэп ар. Олъэгъуа, цІыфмэ афэлэжьэн ыІуи, ежь-ежьырэу къушъхьэм къехыгъ. Іо хэмылъэу, зыгорэм къышъхьэпэщт. Е хъяр зэригъотэщт унэр зышІырэм, е шІу зыгу имылъхэм защиухъумэнэу мыжъо чэу зыгъэуцурэм ыгъэфедэщт. ЗэкІэми псэ апыт, зэкІэми тэщ фэдэу жьы къащэ. Мары хьэкІэ-къуакІэр шакІом пае, ащ иунагъо пае къэхъугъ. Уцыр ежь пайй, сэщ пайй, сигъэгушІоным пайй къэгъагъэ мэхъу».

Хьэм къыгурыІуагъ — узфэгумэкІын щыІэп, чэфэу хэпцІэукІи, ыпэкІэ кІиІагъ, бысымыр орэмыгумэкІ, щынагъо горэ къыкъокІымэ хэти фигъэгъущтэп, ыцэпэшІонэ чанхэмкІэ, ыбгъэ лъэшкІэ къыухъумэщт. Тыгъужъмэ ябэнырэ хьэхэр цІыф зырызхэм афэдэхэп, оІІэжьыфэхэ ябысым фэшъыпкъэхэу къэнэжьых.

Къушъхьэми псэ апыт — ахэри атх лъагэу ос зытелъмэ къащырагъэжьэшъ, нахь лъахъчэ зашІызэ, Іэнапэ дэжь, хыІушъом къыщекІотэхых.

Колэс мыжъом блэкІыгъ, ихьи памэзэ, ыпэ илъэдэжьыгъ. Мэз чъыг шъхьапэхэр лъэпэпцІый зэкІэмыхьэкІэ зыдачъэхэрэ лъэныкъомкІэ ышъхьэ зеІэтым, къушъхьэ шыгу фыжь зэпэІукІотхэри инэплъэгъу къифагъэх. Ахэр нахь лъэпако хъухэзэ, зычІэкІодэжьыхэрэ ошъочапэмкІэ щыІэ Іэнэпэ чылэми гукІэ дэплъагъ, ар зыІус хытІолэ рэхьатми ымэкъэ шъабэ кІэдэІукІыгъ, ыпшъэкІэ Тумтэкъашъэ, МыутІэ хыІушъом къыІуигъанэзэ, ІузэжъумкІэ зэпырычъи, Пантикапей блэкІызэ, мызэу-мытІоу зыдэщыІэгъэ къухьэуцупІэ Кафэ бырсырым дэхьагъ, чэтэн гъэІагъэхэр зытет къухьэ фэкІыхьашъохэу къыІухьэхэрэм, ІукІыжьхэрэм

ашъхьарыплъагъ, къошъобэщмэ пшъэхъукӀэ япхыгъэ къошъоф пщылӀхэм, ахэмэ афэдэу ежьыри илъэситӀо гъэрыпӀэм зэритыгъэм джыри зэ ыгу къагъэузыжьыгъ, игупшысэ чыжьэмэ Константинополи, Афини, Салоники, Генуий ынэгу къыкӀагъэуцожьыгъэх, хыпс щыугъэр къамыщ уапӀэмэ къызэрябжьыбжьыщтыгъэу, тыркъохэр къыхэузыкӀыжьыгъэх.

«Гъэрыпӏэ тхъагъо хъурэп,— Колэс хьылъэу хэщэтыкӀыгъ,— шъхьэр еуфэхыгъэ зэпытэу сызхэтыгъэр тхьамыкӀэгъуагъэми, гъэрыпӀэм псаоу укъикӀыжьыгъэмэ, узщыщмэ уаӀуплъэжьыгъэмэ, уичӀыгуи уиуашъуи уатеплъэжьыгъэмэ, ар зымыуасэ щыӀэп. Ау сыд фэдиз къин слъэгъугъэми, «нэм ылъэгъурэр шъхьэм ыуас» шъыпкъэу аӀуагъ, сынэгу кӀэкӀыгъэр цӀыф гъэшӀэ кӀыхьэм пеӀэн. Къызгурэӏо сигъунэгъу Рампэс гуащэм игукӀае. Лаурстэни пщы цэкуагъэп, инасып къыхьыгъэп нахь. Лӏыгъэ-шъыпкъагъэ зыголъ гъусэ тэрэз ымыгъотызэ, хъэзар утыгум икӀодагъ. Ярэби, хъэзармэ Тумтэкъашъэ къыщяхъулӀагъэу аӀорэр шъыпкъэна? Хъэзарыпщыр ащ шъхьэчъэ-псачъэ щизышӀыхьэгъэ русич дзэпщыр, къызэраӀорэмкӀэ, лӀы пхъаш. Ахэмэ ащыщын фае, ежь русич зэзыӀожьыщтыгъэ кӀалэ горэ гъэрыпӀэм къыздифэгъагъ. Къошъобэщым зэрэкӀэрыпхагъэр шӀошъхьакӀоу хъэзармэ аӀорэр афимышӀэмэ, заригъэукӀымэ, гъучӀ плъыгъэкӀэ ыкӀэшъо хагъэжъыкӀызэ, мэзэныкъуи къытхэмытэу, идунай ыхъожьыгъагъ… ЗэкӀэмэ анахьэу ихьадэ пцэжъые Ӏус зэрашӀыгъэр сшӀотхьамыкӀэгъуагъ… СикӀэлэгъу насып лъэхъани, сигъэрыпӀэ хьылъи ти Тхьэшхо зэкӀэмэ сащиухъумагъ, сижъышъхьи ар къысфишӀэнэу селъэӀу»,— Колэс зыхиӀэтыкӀызэ диӀэтэегъэгъэ ӀитӀур ридзыхыжьыгъ, Ӏэ джабгъумкӀэ ынатӀэ теӀэбэжьи, Ӏэ сэмэгур ыбгъэ тырилъхьажьыгъ.

Къамзэгу такъэм кӀэрылъ мыжъом шъхьащысыгъэ Рэдэд гурышэ псынкӀэкӀэ къызызэплъэкӀым, мычыжьэу щыт Колэс итхьэлъэӀукӀэ адырэ тхьэлъэӀукӀэмэ зэрафэмыдэр шӀогъэшӀэгъоныгъ: «Ошъогу Тхьэ-Тыгъэшхом фыдаӀэтэегъэ ӀитӀур къызырадзыхыжьыкӀэ, натӀэми гуми Ӏэр нагъэсыжьэу апэрэ зыслъэгъурэр,— ыӀуагъ.— Колэси псыӀушъом къызэрэӀухьагъэм, ихьи къызэрэсэбгъучъагъэм сыдэу гу алъысимытагъ? ӀитӀур ошъогум зыдеӀэтаер ары-



щтын сызегуцэфагъэр… Ащ нахь гулъытэ-зэхашӀэ сакӀыб дэтым фысимыӀэмэ, сыдэгу, сынэшъу, сызэхэшӀэнчъ…»

— Ора сэӀо, гъунэгъур? — къыфэтэджыгъэ шъаом Колэс ӀугушӀуагъ.— Сигупшысэмэ самыгъаплъэу сыобгъукӀо пэтыгъ. Сыд, Рэдэд, щэджэгъонэстырым къамзэгутакъэм кӀэрыпшӀыхьэрэр? Чэчани, Даури уигъусэхэп.

— Тянэ джыри, Колэс, сишъэогъумэ сакъыкӀеригъэзыгъ… Пхъэшӏы кӀуагъэмэ сяжэшъ, къамзэгутакъэр сизэщтегъэу.

— Ар къодыеуи?

— Сыд адэ, хьэцӀэ-пӀацӀэхэм гъэшӀэгъон ахэлъына…

— А дэдэр, кӀэлэхъу, яозгъэӀолӀэнэп… гуфаплъэу уахэплъагъэкӀэ сыгугъэрэп.

— Сахэплъагъ. Шъхьэчъэ-псачъэх, зым ыхьырэр адырэм тырехыжьы. Тэщ фэдэ езэрымыгъэхьых сӀозэ, пхъапэкӀэ ятакъи сыхэӀагъ.

— Сыд адэ? — къамзэгу лэжьакӀохэмкӀэ Колэс зэхихыгъэр ымыштэу шъаом еупчӀыжьыгъ.

— КъычӀэзгъэугъэхэри тэкъашъхьэр къизычъыхьакӀыхэрэм анахь нэипсэижьых, щыӀэгъэнчъэх.

— Ащыгъум,— тхьагъэпцӀэу Колэс гъунэгъу шъаом Ӏуплъагъ,— къамзэгум пылъ къэбарым къедэӀу. Мафэ горэм къамзэгур лӀы гъогурыкӀом ӀукӀагъ. А лӀым хьэкӀэкъуакӀэмэ, хьэцӀэ-пӀацӀэмэ абзэ ешӀэти, къеупчӀыгъ: «Сыдэу пшъхьэ ина?» «Акъыл илъ»,— риӀожьыгъ. «Адэ сыдэу ппчанэ псыгъуа?» — джыри къеупчӀыгъ. «СымэкӀэшх»,— риӀожьыгъ. «Сыд фэдиз пӀэтыщт адэ?» «Сэщ фэдиз пцашӀо сӀэтын слъэкӀыщт». «Адэ, мэкӀэшхыр, сыд фэдиз пшхыщт?» «Зы коцыцэр илъэсым сфэхъущт». «Теплъын ащыгъум»,— ыӀуи, лӀым къамзэгур ицые хьазыр ридзагъ, зы коцыци фырилъхьагъ. Игъогу техьажьи, иӀоф ыуж ихьажьыгъэу хэтызэ, илъэс тешӀагъ. ЛӀым ышӀагъэр щыгъупши, етӀани илъэс блэкӀыгъэу, къамзэгур ыгу къэкӀыжьыгъ. «Мыр псау шъуӀуа?» — ыӀуи, ихьазыр иплъыхьагъ. Къамзэгур псау, коцыцэм ызыныкъо джыри зэриӀ. «Зы коцыцэр илъэсым пфэхъунэу пӀогъагъэ, гъитӀум коцыцэныкъо нахь пшхыгъэп. Сыд ар зытепшӀыхьагъэр?» — лӀым ыӀуагъ. «Сшъхьэ акъыл илъыти, мы лӀым илъэситӀум ыгу сыкъэмыкӀыжьыгъэмэ, ащ нахьыби сиӀыгъынкӀи мэхъу сӀуи, сышъхьасыгъ»,— хъатэ пэмыхьыгъэ къамзэгумэ афэдэм къыриӀожьыгъ,— къыӀо-

тагъэм узэгупшысэн хэлъми, хэмылъми къыхимыгъэщэу къамзэгу къэбарыр Колэс къыухыгъ.

Рэдэд зэхихыгъэм иошlэ-дэмышlэ кlэух нэмыз-lумыз-кlэ лlыжъым ригъэплъыгъ, сыхьат псаум пхъапэкlэ зэlишlэжьызэ зэщтегъэукlэ зышъхьащысыгъэмэ къамзэгу такъэм ятеплъэ-гъэпсыкlи, ящыlэкlэ-зэхэтыкlи, ягуlэ-лэжьакlи акъыл зэрахимылъэгъуагъэр шlошъхьакlоу Колэс риlуагъ:

– Къысфэгъэгъу, тэтэжъ. Пlорэми, пшlэрэми лъапсэ зямытыкlэ, купкl захэмылъхьэкlэ, ащ нахьыкlэжьи къыохъу-лlэщт...– цокъэ лъэдакъэкlи, пхъапэкlи къамзэгу лэжьэ-кlуабэ чlым зэрэхищытlагъэр шlоемыкlоу Рэдэд гъунэгъу лlыжъым игущыlэхэмкlэ ыгу къыщэфыжьыгъ: – Тамэ зыгот пстэури быбырэп зыфэпlогъагъэр, Колэс, шъыпкъэ. lэджри ныбгъуи, мэзатакъи, щагу чэт-псычэти сарихьылlагъ... Ау къамзэгум икъэбар узгъэгупшысэн шъыпкъэ хэлъ... Уихьакlэщ пчыхьэрэ къыщызэрэугъойрэ лlыжъмэ ар ашlа?

– Тинахьыжъмэ ашlэ... Ау зымышlэрэ нахьыкlэхэри щыlэхэщтын. Сыд ащкlэ, сикlал, укъызфэупчlагъэр? Джэуап зимыlэ упчlэ щыlэпщтын оlошъ ара? – Колэс ыжэкlэ-пэкlэ къэрабэ гушlопс нэфыр къыхилъэсыкlыгъ, тыдэ кlоми игъусэрэ тыгъужъ теплъэ зиlэ хьэ шхъонтlэшхом ынэ чанмэ акlэплъагъ, итхьагъэпцlыгъэ шъхьаихыгъи зыхимыушъэ-фэжьэу, иупчlэ къыпигъэхъожьыгъ: – О сшlэрэп къепlолlэ-щтыр, сэри ащ сегъапэ... Лlэныгъэм фэшъхьаф джэуап зимыlэ щыlэп...– лlыжъым ымакъэ ошlэ-дэмышlэу къы-зэрефэхыгъэр, ышъуи зыкъызэрэзэблихъугъэр Рэдэд зэхишlагъ.

– А зыр ара, тэтэжъ, джэуап зымыlэр?

– Сыхэуубытагъ,– Колэс ыlупэ щхы макlэр рычъагъ,– шыблэ гъуагъомрэ пчыкlэ хъопскlымрэ къызхэкlырэр мыры сlонэу сшlэрэп.

– Ахэмкlэ тиошъогу Тхьэшхо къытфэгубжэу арба? – Рэдэд нэплъэгъу псынкlэр лlыжъым фидзыгъ.

– Ары тlорэр... Ти Тхьэшхо ынэшlу къытщэф, мытэрэз сэlомэ, къысферэгъэгъу... Аущтэу тэlоми, жьыбгъэм икъэхъукlи тыщыгъуазэп.

– Ащыгъум жьыбгъэмкlэ сэ гу зылъыстагъэ горэ къэ-сlон.

– Мо Тыгъужъ гъолъыпlэ тхыцlэм жьыбгъэр нахь зэрэщылъэшыр ара?



– Хьау, тэтэжъ,– лlыжъ lушым ымышlэрэ горэ риlоныр зэригуапэр Рэдэд ышъо къыхэщэу, ынэ шlуцlэ чанхэр къилыдыкlыгъэх,– сэ гу зылъыстагъэр Тыгъужъ гъолъыпlэ тхыцlэм екlуалlэрэп, жьыбгъэм къежьапlэ фэхъурэм тиб-гъэгъэ кlоцl зымафэ сызщегуцэфагъэр. Сеплъымэ, дунаир фабэ, мэфэ гупсэф, жьыбгъэнчъ. Пчъэр lусхи, унэм сызехьэм, шъхьаныгъупчъэ lущэикlыгъэр зыгорэм къы-риутэкlи, къыфишlыжьыгъ. Сыд къэхъугъэр сlуи, зысплъы-хьагъ, шъхьаныгъупчъэр lусщэикlыгъ: жьы пси щыlэп. Унэм сыкъикlыжьынэу пчъэр зыlусэхым, джыри сакlыбкlэ шъхьаныгъупчъэр нахь лъэшыжьэу зыгорэм къы-риутэкlыжьыгъ. Сыд джынэузыгъ мыр сlуи, пчъэр есымы-щэлlэжьэу шъхьаныгъупчъэр зыlусэхыжьым, дунэе гопэ-гъум къыхэчъыгъэ жьы чъыlэтагъэм зыкъызжэхидзагъ: сиджэнэ пшъапlэхэри ыгъэсысыгъэх, сшъхьаци ритэкъу-хьагъ. Шъхьаныгъупчъэ-пчъэ lухыгъитlумэ азыфагу жьы-зэпеор ошlэ-дэмышlэу къыдэтэджагъ. Гъэшlэгъонба ар, Колэс?

– Нахьыпэкlэ умышlэщтыгъэу гу зылъыптэгъэ пстэури гъэшlэгъоны, сигъунэгъу,– лlыжъ тхьагъэпцlыр щхыпцlы-гъэ,– ау жьызэпеор цlыфым иапэрэ кушъэнатlэ къыщежьэ, укъызэрыхъухьэгъэ унагъом ар щыуамыгъэшlагъэу щытэпщтын.

– Жьызэпео зэрэщыlэр сымышlэ хъуна, сэ къежьакlэ фэхъурэр ары къыпфэсlотагъэр...– Къыраlокlыгъэмкlэ къызэрэфэсакъыщтыгъэхэр Рэдэд зыдишlэжьыщтыгъэми, гыер ымакъэ къышlухэщыгъ.– Гу зылъыптэрэ пстэури гъэшlэгъоны оры джыдэдэм зыlуагъэр...

– Ары, ары, сlуагъэ,– шъэо къобэ-бжъэбэ плlэlушхом риlуагъэр къызэрэхихыгъэр игуапэу Колэси къыдыригъэ-штагъ,– уигулъыти уасэ фэсшlыгъ, сызэмыгупшысэгъэ упчlи къысфэбгъэтэджыгъ. Тыщытыкlэ шlуагъэ иlэп, тлъа-къохэми зядгъэгъэпсэфын. Ори, укъысшъхьащымытэу, модырэ мыжъом къытетlысхь. Тыкъэзылъэгъурэ щыlэмэ, бжыхьэ лэжьэгъу мафэм мо армэуитlумэ сыд афэмыухы-рэр къытаlоми, адемыгъашт. lорэ-шlэрэ къызхэмыхьэрэ зэдэгущыlэгъу хъурэп. Уишъэогъу пхъэшlымэ уяжэу, къамзэгутакъэм узшъхьащэсыми, пlони пшlэни бгъотыгъэ. Адэ джары дунаир зэрэщытыр... Ар шъхьаныгъупчъабэрэ пчъабэрэ зыхэлъ жьызэпео ун. Цlыфхэр lэпкъ-лъэп-

къыхэмкIэ зэфэдэхэу, анапэхэмкIэ, ящыгъынхэмкIэ, абзэхэмкIэ зэтекIхэу, хъу-бзыхэмкIэ зэфэдэхэу дунаим къытехъох, щэпсэух, щэлIэжьых. Сигъэрыплэ лъэхъан Урым хэгъэгум ар ислъэгъуагъ, Генуе лъэныкъоми сынэгу щыкIэкIыгъ, хъэзархэри, буртасхэри, аланхэри, булгархэри ары.

– Тумтэкъэшъэ хъэзарыпщыр чIэзыгогъэ русичыр адэ? – зыпчыхьэ Колэс ихьакIэщ щызэхэсыгъэ лIыжъмэ ашъхьащытэу пчъаблэм гот зэхъум, зэхихыгъэ къэбарыр Рэдэд ыгу къэкIыжьыгъ.– КъызэраIорэмкIэ, ахэр цIыф пхъэшэ-кIочIэшхохэкIэ енэгуягъо... Хъэзархэри кIочIаджэхэп...– ятэ зэкIодылIагъэхэм нэмыплъ афырилагъэми, емыкIу къызэрахыгъэр ипыйхэр армырэу ежьыр пIонэу къыIуи, псынкIэу зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: – ГукIэгъу зыфэпшIын цIыфхэп ахэр, нэмыкIмэ арашIэрэр ежьхэми къарашIэжьыгъ.

– Шъыпкъэ, сикIал, шъыпкъэ. Ау Тумтэкъэшъэ пщыгъо закъор атеохыкIэ, хъэзар хэгъэгур арэу псынкIэу зэбгырытэкъущтэп. ЕтIани тIэсхъэпIэ-мэхапIэ зимылэ дунаим тетэпщтын. Мыжъори зэгоуты, гъучIыри мэулъыи. Ащыгъум тыгъужъышъо джэдыгуитIур тштэмэ, зыр шъо бзыхьафхэмкIэ зэхэдагъэ, адырэр шъуищ зэикIым хэшIыкIыгъ, тара нахь мэхэщтыр?

– ЗэрэхъурэмкIэ, хъэзар хэгъэгу джэдыгушъо зэхэдагъэм Тумтэкъэшъэ пщыгъор хэзыгъ! – Рэдэд ыпашъхьэ къыфыраубгъогъэ джэдыгуитIум яз ущылъыхъожьынэу щытыгъэпти, къызIуипхъотыгъ.

– А ох, сикIал, сыбгъэрэзагъ, уигулъытэ ащ нэсын Iоу сшIагъэп. Шъыпкъэр осIон, мы щысэр ощ нахьыжъыIоми апашъхьэ ислъхьэгъагъ, ары пакIошъ, угу къемыгъау, мыгъатхэ уятэ Лаурстэн хъэзар хэгъэгу зэмылъэпкъэгъум зэгорэм икIэухыщтым тытегущыIэзэ, тыгъужъышъо джэдыгуитIур апэзгъохыгъагъ, ау ащи нэмыкIхэми сызэгуцафэрэр къязгъэIон слъэкIыгъэп. ЗыгорэкIэ бзыхьаф зэхэлъ зэрэсIуагъэм гуцафэ уигъэшIыгъэмэ...

– АрынкIи мэхъу...– Рэдэд щхыпцIыгъэ, ау шIошъхъуныгъэ-пытагъэкIэ къыпигъэхъожьыгъ: – ЗэхэпцэгъэзэхэлулIэгъэ пстэури зэгорэм зэрэзэхэзыжьыщтыр гъэнэфагъэ.

– УлIэхъупхъ, сигъунэгъу. Ари гущыIэ щэрыу. Непэ, къамзэгумэ ауж, нэмыкIынэкIэ сызэбгъэплъыжьыгъ. Узщымыгъуазэм гъуазэ хэпхы зэрэпшIоигъор сигуапэ. Ар скуашъо тесызэ, сIапэ ыIыгъзэ, лIыпкъым иуцорэ уишъэогъу Чэчан зэрэхэсымылъагъорэм сегъапэ.

– Чэчанэ угу зытекIодэн кIалэп, Колэс,– нахьыкIэгъэнахьыжъыгъэ нэбгыритIум азыфагу дэмылъыжь фэдэу Рэдэд къыIуи, къыпигъэхъожьыгъ: – Чэчанэ зэрэсишъэогъум пае къэсэгъэгъунэу къызщымыгъэхъу. Пкуашъо зэрэтесыгъэри, лIыжъ хьакIэщ зэрэщапIугъэри, лъэбгъудзыкIэм зэрэфэбгъэсагъэри къыхэщы.

– Адэ сэ къысхэзыгъэ гори пхъорэлъфым хэфэгъэн...– Iофы зыримыгъэшI фэдэу щхыпцIызэ, лIыжъым къыIуагъ.– Шъэогъур къызэрэбгъэгъунэрэр дэгъу, шъукъэхъу пэт, шъо джыри чIыпIэ къинхыбэ къышъупыщылъ, ау темыфэ-телъхьэр цIыф гъэкIодышъ, шъузэщымытхъужь. Уигулъытэ зэрэчаныр сэгъэшIагъо нахь, ори сыпщытхъурэп. Адырэ шъуящэнэрэ Даури сыкIочIэшху ыIоу зышIорэмышIыжь. Джы укъызкIэупчIэгъэгъэ русичхэм къатедгъэзэжьын. Егъэзыгъэ Iофкlэ дунаир къырысагъэкIухьакIыгъэми, джа русич зыфаIохэрэм, зязгъэукIыгъэгъэ гъэрым фэшъхьаф, сафэзыгъэп. Родимичмэ сарихьылIэгъагъ, ау мэзхэсхэм уахэмысыгъэу абзи, ашхи, япсэукIи сыд фэпшIэна, яхъулъфыгъи ябзылъфыгъи хъэзар зэхэпхъагъэмэ афэдэхэп – сырыфых. Адырэ русичхэр, Тумтэкъашъэ хъэзар пщышъхьэр аштагъэмэ, зэокIо пхъашэхэкIэ енэгуягъо.

– Тэщ нахьи нахь лъэшынхэуи?! – адыгэ лIыгъэ напэр къаушъхьакIу фэдэу Рэдэд къызIуипхъотыгъ.

– Сыд, сигъунэгъу, лъэшым къибгъэкIырэр? – Колэс къызхимыгъэщэу гукIэ щхыпцIыгъэ.– КIуачIэра, лIыгъэра?

– Адыгэхэр лIыгъэнчъэхэп сэIошъы ары...

– Ухэукъорэп. Iанэм тыпэс хъумэ, ащ фэдэуи тызыщэхъужьы... Адэ ары... къосэгъухэр, мыутIэхэр, зыхыхэр тIозэ, тичылэгъо зэбгырыдзыгъэмэ афэдэу зызэщытыдзыежьызэ, адыгэ лъэпкъхэр тэпсэух, тилIыгъэ зыщычIэтынэн Iэджми тяутэкIы.

«О тапэ уитэу, зымэфэрэ къушъхьэ чIэлъэдэжьым фэдэу...» – Рэдэд къыдзы шIоигъуагъ шъхьакIэ, зыпашъхьэ ис нахьыжъым шIолIыкIэу щэIагъэ къызхигъэфагъ.

– Зыгорэ къапIо пшIоигъуа, сикIал?

– Хьау… Зымафэ къушъхьэм тызэрэчIэхьажьыгъагъэр сыгу къэкIыжьыгъэшъ ары…– етIани къымыIон ылъэкIыгъэп.

– Ы-ы?.. Джыри ар пщыгъупшагъэба? – Колэс къыраIуагъэр ищыпэзэхэпти, ыгъэшIэгъуагъ, «Мы шъаом къыпыщылъыр, зэрэхъущтыр сшIэрэп нахь, загъорэ сигъэгушIоуи сигъэнэшхъэеуи, игулъытэ бэмэ анэсы, бэмэ агъэгумэкIы, хэшIыкI зыфыриIэми зыфыримыIэми, упчIэр нахьыбэу, джэуапыр шIомакIэу къыпIоплъэ, пщы шъыпкъэ хъункIэ сенэгуе» лIыжъым ыIуи, гум къыфечъагъэм ышъхьэ къыримыхэу, игущыIэ лъигъэкIотагъ: – Адэ, узэрэфэе закIэкIэ щыIакIэр зэхэлъыгъэмэ, гугъапIэр бгъачIэм цIыфмэ чIагъэлъыныепи сыд тинахьыжъмэ зыкIаIуагъэр? ШыбгъэкIэ тыраутэуи, чэтэогъукIэ апсэ Iутхэуи, гъэрыпIэми тыщаушъхьакIоу, титекIоныгъи бгъэм дэмыфэжьэуи Iаджри къыхэкIыгъ.

– Зэрэхъурэмкlэ, Колэс,– нэплъэгъу-дэплъыгъо тIэкIу зыIэкIэфэгъэ шъаом къыIуагъ,– ошIум ыуж уае, уаем ыуж ошIу.

– Ое-ошIум, сигъунэгъу, огъу къыкIэлъыкIонкIи хъун. Ар къыбгурыIоу уигулъытэ лъыбгъэкIотэгъагъэмэ, сигопэни,– гые шъхьаихыгъэ псынкIэкIэ лIыжъым къызэриIокIи, ежь ренэу зыгъэгумэкIыщтыгъэм къыпидзэжьыгъ: – Ау тэ, лIыжъхэм, непэ арэп тишъхьагугъур. Тинахьыжъхэр зэусагъэхэу тпшъэ къыралъхьажьыгъэр тфызэрэкIэмыгъэкIырэр сижъышъхьэ гукъау – сегъапэ, сегъэгумэкIы. КъыгъэшIагъэм емылъытыгъэу, джа адыгэ гумэкIыр цIыф гъашIэ пэпчъ ыпашъхьэ къетэджэжьы. Зыпчыхьи а Iофым тичылэ лIыжъхэм хьакIэщым тыщытегущыIагъ. ТэIо, Iом хэтэгъахъо, хъохъур Iэнашъхьэм щытэгъэбагъо, нэмыкIмэ ялIыгъэ техъуапсэмэ, дгъэшIагъозэ, хъэзармэ зятэгъэгъапэ, аланмэ анэ тыкIао, русичмэ ялIыгъэ тыкIэупчIэу адыгэ Iорымышlэ-зэгурымыIожьым темыунэхъулIэжьэу сыдигъуа зыхъущтыр? – ышъхьэ феIожьми ыпашъхьэ ис пщышъаоу къэтэджырэм федзыми умышIэнэу Колэс къэупчIи, бэщыпэкIэ мыжъо цIыкIур Iуигъэкlотыгъ.– Зиунагъо бэгъон, зыбзэ рымыгущыIэхэ, зы адыгацIэ зэдамыхьы, зы адыгэ дунай зэдытемытыхэ, къэзэрэмыщэхэ, хьадэ зэдырамыхы фэдэу, тыкъосэгъу, тызых, тымыутI аIозэ тикъуладжэ дэс чылэ заулэр зэфычIэплъы, зэрэгъэпыи. Модырабгъу щыIэмэ сарыгущыIэжьырэп… Джары, сикIал, тинахьыжъмэ ядэогъугъэм тэри жъы техъулIагъ, шъори ар шъуапэ илъыкIэ енэгуягъо. Мыр тижъышъхьэ ишъхьэгъозэ закъоп, къаIо, о уишIошIи сыхэгъэдаIу. ШъутэпIу, шъутэгъасэ тIозэ, шы мычъэ-гупшысэнчъэм фэдэу шъутэгъэунэхъумэ сшIэрэп.

«Непэ фэдэу Колэс ымакъэрэ, игупшысэрэ, игущыIэрэ, игумышIугъэрэ тIупщыгъэу сырихьылIагъэп,– Рэдэд къызхимыгъэщэу гукIэ ыIуагъ.– Пчыхьэ реным ихьакIэщ щызэрэугъоигъэ лIыжъхэм иIо зэрахилъхьэрэр мэкIэ дэд. ЗеупчIыхэкIэ, ежь ишIошI темыIункIащэу, гущыIэ бащи тыримыгъэкIуадэу, къыIощтымкIэ зыфэсакъыжьы, ыгу еIугъэри емыIугъэри, ынэ пкIыжьыгъэ къэргъошъо шъабэмэ гуфаплъэу уакIэмыплъэмэ, ыжэкIэ-пэкIэ мыкIыр гъэшIуагъэмэ ахэшIыкIыгъуай. Зэмызэгъыныгъэ-зэпео горэ нэбгыритIу азыфагу къыдафэмэ, зэ пскэуIугъокIэ щарегъэгъэтыжьы. Сыд шъуIуа Колэс къехъулIагъэр? Зыгорэм ыгу хигъэкIыгъ сIонти, ащ фэдашъо тетэп. Хьау, хьау, сэ зытIо-зыщэ зыкъызэрэсигъэшIэжьыгъэм паеп, къыстемыфэрэ къысиIуагъэп, ау джы иаужырэ гущыIэхэр зыфэсхьын сшIэрэп, икъэмыплъакIи ибэщыпэ гъэуджыкIи ары… ЗыгорэкIэ зэщтегъэукIэ къамзэгутакъэр пхъэтэпэмыхь зэрэсшIыгъэр армэ шIэ? Ары шъхьакIэ, къамзэгум икъэбар… Ар IушыгъэкIэ дэсштагъ… «ЛIэныгъэм фэшъхьаф джэуап зимыIэ щыIэп» къызысеIом, «А зыр ара джэуап зимыIэр?» сIуи сызеупчIыжьым, жъы хъурэр тхыдэ баIо, уемыдэIумэ зегъэгусэ ежь загъорэ зэриIоу, кIэнэкIалъэ сшIыгъэу къыщыхъугъэнкIи мэхъу. СерэупчIыжьа?.. «Бэрэ узэуIурэм пIу къеуIэ», тянэ зэриIори тэрэз, ар сфэшIэнэп…»

– Уинахьыжъ гупшысэмэ сэ сигупшысэ къахэслъхьанэу оIомэ, Колэс, сишIошIи къэсIон. Къышъуушъхьащытыгъэнахьыжъмэ уасэ зэрафэпшIырэмкIэ къыбдесэгъаштэ, ау шъо къэжъугъэшIагъэмкIэ узэрэзэгыижьырэр сшIотэрэзэп. Шъо шъуиIуи шъуишIи къытхэмыхьэу, зыдэтымышIэжьэу щытэп. ЦIыфым игъашIэ акъыл закIэу зэхэлъэп, зыпчыхьэ уихьакIэщ орба къыщызыIуагъэр?

– Ащ фэдэ гори къытхэфэгъэнкIи мэхъу, ау а тинахьыжъ акъыл сынапшIэ къытеплъхьэкIэ тезэгъэнэп. Пшъхьэ тырамышIыкIыгъэ паIор тегъэфэгъуай – пфэцIыкIущт е пфэиныщт

сэрми е хэтми ыIоу зэхэпхыгъэр къызэрэкIэпIотыкIыжьыгъэр сигуапэ, ари зыгорэм зэхихын, гулъытэ иIэмэ, ыгу риубытэн, нэмыкIхэри рилэжьыных. Хэт ышIэра, цIыф жъалымым кIэдзэ шъабэ фэхъункIи мэхъу. ЦIыфыр къызэрэхъоу дебгъэжьэу ышъхьэ уемыупсэмэ, мыжъо къобэ-бжъабэм фэдэу укъиуIэщт, хьэкIэ-къокIэ Iэлыр къыуигъэштэжьэу узэхицунтхъэщт... Ары, узэпызгъэугъ, лIыжъ баIом сыригъэзэщыгъ умыIорэмэ, сыкъэдаIо, Рэдэд.

– Непи нычэпи къыпкIэрысыгъэхэкIи, ар цIыф къыуиIолIэнэп. Дышъэ хэс нахьи лIыжъ Iуш зыбгъодэс ыIозэ, тянэ уадэжь сыкъегъакIо.

– СихьакIэщ щызэхэсырэ лIыжъхэм ащ фэдашъо Рампэс гощэшхом къыттырештэмэ, тхьаегъэпсэу, унэгъо Iуш къызэрикIыгъэр ыгъэгъуащэрэп.

– Ары шъхьакIэ, Колэс...– кIэлагъэр къытекIоу джыри Рэдэд къызIуипхъотыгъ, ау зэрэмысэр ышъо къыхэщэу зызэтырипIожьыгъ.

– КъаIо, къаIо, къебгъэжьэгъахэмэ, убзэгупэ уецэкъэжькIэ, пкIэ иIэжьэп,– Рэдэд къышIухэфэгъэ кIэлэгъэпсынкIагъэр джыри Колэс фигъэгъугъэп,– къамэр къипхъотыгъошIу.

– Жэ псынкIэм нахьи бэнэным нахь сыфэкъулаигъэмэ...– ар хэгъэкIокIэжьыкIэ Рэдэд ышIи, къыIо шIоигъуагъэм шъхьэщытхъужь зэрэхэмылъым къогушхукIэу, икIэрыкIэу къыригъэжьэжьыгъ: – Ары шъхьакIэ, Колэс, тянэ о пшIоIушми, щысым ыпашъхьэ узихьэкIэ, сыда къызкIыпфэтэджырэр сIуи зымафэ сызеупчIым, джэуап тэрэз къезгъэтын слъэкIыгъэп, сэри сиакъыл къыубытырэп.

Колэс щхыпцIыгъэ, нэшIукIэ пщы кIалэм Iуплъагъ:

– Сиакъыл къыубытырэп умыIо, уяни умыгъэмысэ, сикIал, ащ джэуап къептыжьыгъах. ЦIыфитIум шъхьэкIафэ зэфамышIыжьмэ, хэт уасэ къытфэзышIынэу дунаим тэ къыддытетыр? Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, джа шъхьэгъэшIо гупшысэр къызхэтэджэгъэ цIыфыр ары – орэхъу, орэбзы, нэмыкIыбзи Iорэлъ – узкIэупчIэгъэ шъхьэкIэфэ шэныр къытхэзыхьагъэр. Чатэр зэфипхыным нахьи зышъхьэ къыпфыIузыхьэрэм пкъыр фэпIэтыным, къеблагъ епIоным нахь дахэ сыд хъун!



ЫIэкъуитIу ушхугъэмэ ышъхьэ ателъэу щылъыгъэ хьэ шхъонтIэшхор къызщылъэти, мэз благъэмкIэ плъагъэ.

– Сыд сэIо мохэмэ къяхъулIагъэр? – Колэси къызэтэджым, бырсыр къызпыхъыкIырэ цуку-шыу къэзэрэфмэ хьэр апэгъочъыгъ, бэщыпэр ыгъэсысызэ, лIыжъыри ежьагъ.– Елбэт, шIу щыIэп... Мыстхъакъохэр типхъэшIмэ джыри къатебэнагъэх...– Зичатэ къихыгъэу ыпэ итэу чъэрэ Рэдэд кIэлъиIуагъ: – Джары, сикIал, непэрэзымафэм тIуагъэри тшIагъэри хьаулый... цIыф зэфэмышIумэ шIур яунэхъулIэ... Шъууцу, шъубыяу, шъуичатэ ишъумых!..

Пхъэр зэрышIыхьэгъэ цукушъхьэм пчэгъу зырыз аIыгъэу Чэчанрэ Даурырэ тетых, къаголъэдэгъэ шыуитIур къызэрагъэкIуалIэрэп. Чэтэ къихыгъэкIэ Iэо-лъэорэ шыуитIум анэмыкI шыу заули мэз благъэм къыхэчъыгъ. Мэзыбэ чылапшъэмкIи хьэ хьакъу, шы лъэбжъэ макъэхэми зыкъыщапхъотагъ. Къебгъучъэрэ шыуищым яз иш зырыригъатIи, Рэдэд къеджагъ:

– Лаурстэнкъор, къекIэс!

– ШыекIэсыкIэ Лаурстэнкъор зэуапIэм ихьэрэп! Мо къэзэрэфрэ мыстхъэкъо шыумэ уилIыгъэ апэгъох.

Чылэ лъэныкъом къикIырэ IэпыIэгъум гу къызIэпыригъэшIыхьагъэу Чэчан цукушъхьэм къепкIэхыгъ, зыIэ сэмэгу лъыр къыпычъырэ шъэогъум еджагъ:

– Пхъашъхьэм укъемых!..

ЕгъэшIэрэ гужъ зэфызиIэмэ афэдэу зэпэгъочъырэ зэлъэпкъэгъу шыухэр зэхэлъэдагъэх. ЗызымышIэжьырэ макъэхэри, шы щыщ, чэтэ зэIудзэ макъэхэри Мэзыбэ чылэ гъунэм щызэхэкIокIагъэх. «Шъууцу, шъубыяу» ыIомэ, ибэщ афигъэсысызэ, ячъэлIэгъэ Колэси мыстхъэкъо шыбгъэ горэм къыриутыгъ, чатэр ятэжъ къытезыщэегъэ шыури зэогъукIэ Чэчан онэгум риутэхыгъ.

– Мыдэ мыхэмэ яцIыфыгъэ зынэсырэр, хьитIум азыфагу къыдэзыгъэх!..– цIацIэзэ къызщытэджыкIыжьыгъэ лIыжъым Чэчан пэIууцуагъ, зижъышъхьэ къаушъхьакIугъэри губжыгъэу пхъашъхьэм тет Даурэ еджагъ: – Мыдэ, кIал, чатэр арми пчэгъур арми, тIум яз къысфэдз!..

ОшIэ-дэмышIэ зэфилъыгъокIэ зэхэлъэдэгъэгъэ лъэныкъуитIур, МэзыбэкIэ зы уIагъэрэ укIыгъэрэ, Мыстхъэкъо чылэмкIэ зы гъэрырэ зы укIыгъэрэ утыгум къырани, зэбгырычъыжьыгъ.

– Сыд мыстхъакъомэ къытфыщанэгъэ гъэрым етпэсыщтыр ? – шыумэ ащыщ горэ къэупчӀагъ.

– УкӀэупчӀэжьа! – къекӀэс Рэдэд къезыӀогъэгъэ Мэщыкъо къыдзыгъ.– ЕгъашӀэм къытэмычъэжьынэу пчыпэм пытэжъугъалъ е нэпкъым етэжъугъэдзых.

– Тфэмышъуашэр тэшъумыгъашӀэ,– гу плъыгъэм къыхигъэкуукӀыгъэ нахьыкӀэмэ Колэс ариӀуагъ,– Ӏэшэнчъэм ащ фэдэ рашӀэрэп, мо укӀыгъитӀуми апашъхьэ емыкӀу къыщытэшъумыгъэхь.

– Ащыгъум иӀашэ къешъутыжьи, утыгум къижъугъахь! – джыри Мэщыкъо уцурэп.

– Зэ, зэ, лъышӀэжьым тыхэшъумыгъахь! – Колэс ымакъэ къыӀэтыгъ.– ЫшнахьыкӀи, ышнахьыжъи, яти, иӀахьыли амыукӀыгъэ, гъэрыпӀэм амыфыгъэ, сэри сызэрахэтэу, мы чӀыпӀэм щытэпщтын. Икъун ащ зызэредгъэунэхъулӀагъэр, зы нэбгырэ тхэз къэсми, адыгэхэм нахь макӀэ тэхъу, тызезыпхъорэ пыймэ къахэхъо. Мэзыбэхэри, мыстхъакъохэри, шышъхьэрысхэри, пшъадэхэри, пцӀэмэзхэри, Ӏэнапэхэри, нэмыкӀ адыгэ чылэгъо пчъагъэхэри тызэрэзэфыщытхэр тэрэзэп. ШъукъысэдэӀуштмэ, нэбгырэ зыщыплӀ горэ зыхэшъозгъэгъэкӀынышъ, мы хьадэри, гъэрыри Мыстхъакъо шъозгъэщэжьыщт. Тащыщ горэм ыпэкӀэ-жакӀэкӀэ апэ зимыгъэцӀыкӀуштмэ, тизэмышӀуныгъэ джыри лые хэтхыщт. Цӏыф дел нахь, чылэ делэ хъурэп тинахьыжъмэ аӀо, тыкъызэхашӀыкӀынэу сэгугъэ, ежьхэми зыкъашӀэжьынышъ, тхьаусхакӀо къытфэкӀонхэкӀи къэнэнэп. Пшъхьэ ремыщэкӀ, Мэщыкъу. ГущыӀэ дахэм блэр гъуанэм къырещы язгъэӀуагъэр ащ фэдэнкӀи мэхъу.

– Ужэ зэӀумыкӀэу уигухэлъ зэрэшӀэщтэп, Колэс,– гъунэгъу лӀыжъым Рэдэд дыригъэштагъ,– ащи теплъын, Мыстхъакъо бгъэкӀощтмэ ащыщ сышӀ.

А мэфэ дэдэм пчыхьэ факӀокӀэ Мэзыбэ къыдэхьажьыгъэ шыуищыр зылъэгъугъэмэ зыфахьын ашӀагъэп: Рэдэди, Мэщыкъуи, Чэчани япаӀохэр шышъхьэрысых, ежьхэр шыкӀэ пхэкӀ Ӏуплъэхэу онэгум арыпхагъэх, ажэхэр кудагъэх.

Къэбар гомыӀур Колэс зылъэӀэсым, «Тигъунэгъумэ цӀыфыгъэ адызетхьэзэ емыкӀу къытахыгъэмэ, тэ мыхъункӀэ тадэзекӀуагъэп» шъхьэр ыгъэсысзэ, ыӀуагъ.

## IV

– Тэтэжъ, елбэт, Даур иӀоф дэи! – Мэзыбэ чылэ гъунэм къыӀухъухьэгъэгъэ шыу зэхаом мэфищ тешӀагъэу Чэчан ятэжъ дэжь къэчъагъ, шым къепсыхыгъэп, щагум дэхьагъэп.– ИуӀагъэ къэбэгыгъ, плъыр-стырым зэрехьэ.

– КъэбарышӀу къэпӀуагъэп, Чэчан, хъун къэпӀуагъэп...– лъэгуцым Колэс къехы.– Ар кӀэлэ бетэмалым къызэрехъулӀэщтым сегуцэфэгъагъ... Къэбэгыгъа, къэщыныгъа?.. Модэ, плъапэ лъэрыгъым къиxи, сионэш къысфызэтелъхь. Бэгыгъэмрэ щыныгъэмрэ зэхэмышӀыкӀэу, бетэмал, сыд урилӀэужыгъу... Сигъунэгъу Лаурстэнкъоми макъэ ешъ, къэгъэшэс,– онэшыр зэтезылъхьэрэ пхъорэлъфым реӀо.

– Рэдэд сымэджэпэс, ары уадэжь сыкъэзгъэчъагъэр...

Колэс лӀыжъыр пчъэм зэрэдалъагъоу Рэдэдрэ Мэщыкъорэ къэтэджыгъэх, Даури зыкъиӀэтынэу фежьагъ шъхьакӀэ, пкъы хьылъэр шӀуефэхыжьыгъ, ау зигъэлӀэу къыфащагъэм къыӀугушӀуагъ.

– Шъуищэ сышъоплъышъ, зыгорэ дэдэ хъугъэ пӀонэу шъушъохэр пычъыгъэх. Мэщыкъу ныӀэмэ, етӀэфыщэ къикӀыжьыгъэм фэд,– Колэс сымэджэпэсмэ ясэмэркъэузэ, Даур кӀэрэтӀысхьэ.– Чэтапэ къызнэсыгъ оӀошъ, зыбгъэшӀожьэу ори пӀэм ухэлъ, ара? Моу зэ сегъэплъ уиуӀагъэ... Ары, ары, къэщыныгъ... ГукӀодыгъо щыӀэп, сикӀал. Зыгъэпыт, джыдэдэм сэ гужьыдэгъэкӀ сыпфэхъущт. Ау непэ, джыдэдэм, Нахьлъэш цӀэплъыр къэмыщагъэ хъущтэп. Къупшъхьэ ӀофкӀэ ар нахь Ӏаз. Чэтапэр къупшъхьэм нэсыгъэкӀэ енэгуягъо.

КъупшъхьэкӀэ Ӏазэм ыцӀэ зызэхахым, Мэщыкъодхэр зэӀуплъагъэх.

– Шъузэплъ-шъукъызэплъыжьми,– Колэс шъхьэр къымыӀэтэу ӀэхъомбапэкӀэ уӀэгъэ гъунэмэ атеӀабэзэ, къыӀуагъ,– Нахьлъэш цӀэплъым нахь Ӏазэ Ӏэгъо-благъом щыпсэурэп. Мыдэ, Рэдэд, чанышъхьэупсыр джэныкъо машӀом егъашхъу. Джы пшъхьэ регъэзэкӀыри, зыгъэпыт, сикӀал, згъэузыщтэп, аргъой къыоцэкъагъэу къыпщыхъущт ныӀэп. Шъо, шъхьэтехъо зытехъуагъэхэр,– Колэс лӀыжъым Даур ышыпхъу нахьыкӀэрэ ягъунэгъу пшъэшъэжъыемрэ ариӀуагъ,– шъутшъхьащыкӀ, уӀагъэр зэрэтыукъэбзыщт тыжьыныпс фабэр къяжъугъэгъэхьазыр.

Iэ сэмэгумкIэ Колэс пиубытыкIыгъэ Iэ уIагъэр зыщыфэфыжьышъо-шэплъышъом дэжь щызэIигъэчъыгъ. Даур ыIупшIэ цапэкIэ зэрэхэгъэнагъэр ары умыIощтмэ, зы щэIу-пцIымами къыгъэIугъэп. Щын гъожьышэ-плъыжьышэ фабэр ыIэлджанэ къызэрэтелъэдагъэр зызэхешIэм, къыIуагъ:

– Ох-ох, Колэс, сыгу жьы дэбгъэкIыгъ.

– Щыныр къерэкI, къерэкI,– Колэс Iапшъэм нахь теIункIэ.– Лым зиукъэбзымэ, джыри угу жьы нахь дэкIыщт. Тыжьыныпс фабэр къарэхь, уIагъэр арэукъэбз. Сымыгъуащэмэ, Даур, тыжьыныпсыр къэзыхьыгъэр пшыпхъу цIыкIукIэ сэгугъэ. Сыд къызэрэуаджэхэрэр, сипшъашъ?

– Айнар, тат,– ыцIэ къыIо зэхъум, нэгу къопцIэ фэкIыхьашъор къэушэплъызэ, Рэдэд зэрэфычIэплъыгъэр Чэчан зэхишIагъ, къызхимыгъэщыгъэми, зыфэмыIэжэжьэу ыгу къыпиIонтIыкIыгъ.

– ЦIэ дахэ къыпфаусыгъ, сипшъашъ. Пфэщэчынэу зыдэошIэжьмэ, пшынахьыжъ иуIагъэ ощ нахь ешъэбэкIынэу мы къытшъхьащыт пэIо къонцIымэ ахэслъагъорэп. Укъэбзы, хъэдэн шъаби тепхэжь. Джы гъогу къыздытехьанэу нэбгыритIу сищыкIагъ. НекIо, гъунэгъур, ори ары, Чэчан. Зымэфэрэ игъуаджэр зыщыдгъэгъупшэнышъ, Мыстхъакъо, Нахьлъэш цIэплъым дэжь, тыкIон.

– МэкIаIо шъохъу, Колэс,– Мэщыкъо зэрэхьазырымкIэ зыкъигъэлъэгъуагъ.

– УзфакIорэмэ, уахьыщтми уаукIыщтми, макIэ, бэ, фэIуагъэп. Джыри зэ тицIыфыгъи ахэтхьан, яцIыфыгъи зэдгъэшIэн.

– Мыщ фэдэщтмэ, Колэс,– Даур къэгузэжъуагъ,– Нахьлъэш цIэплъым сыд есшIэн, шъуемылъэIу.

– УиузкIэ джыдэдэм гукIодыгъо зэрэщымыIэр сэшIэ, сикIал, ау къупшъхьэ фыкъуагъэм фетэу епты хъущтэп. Нахьлъэш цIэплъыр зэрэпагэр, зэрэлIы хафэр, ыкIочIэ делэ къогушхукIызэ, делэгъаби къызэрэхафэрэм сыщымыгъуазэу щытэп. Ау гуIэрэм илъэIу къымыубытырэм лIыкIи IазэкIи зерэмылъытэжь.

– КIо, шъуежьэгъахэшъ,– Мэщыкъо щхыпцIыгъэ,– хэпхыгъэ гъусэмэ илъэс зытфыхкIэ санахьыжъышъ, къамыIомэ, Колэс, сэ къыосIон. Джары типаIохэмкIи, шы пхэкIхэмкIи мыстхъакъохэр къытэрызгъэджэгугъэхэр, жэ кIэрышъухынэп.

– Гъогу тытемыхьэзэ, зыдгъэукорэпщынэп, хъурэм теплъын,– Колэс зыгорэ къыщыгъупшагъэ фэдэу пчъаблэм дэжь къыщызэтеуцуагъ.– Мэщыкъу, уикъэгущыIакIэ сыгу еIурэп. ШъхьакIом зыдежъугъэхьыхэу, плъырыгъэ-стырыгъэ мыстхъакъохэмкIэ къызхэжъугъафэу зыгу мышIу мэзыбэ шыухэр тауж къипщэкъон. ШъхьакIо зышхырэр шъхьэшхыгъо ефэжьы зэраIорэр зыщымыгъэгъупш.

– Сыгу мапэшъ, хэт ышIэра сэIо нахь, а дэдэри сфэшIэнэп... Шъугъогумаф.

Къушъхьэм бэрэ зэрэщыхъоу, пчэдыжь дунаим зыкъызэблихъугъ. ОшIэ-дэмышIэу къуладжэм къыдэлъэтыгъэ жьыбгъэм пкIашъэхэр зэлъипхъотагъ, чъыг пцIэнэ шъхьапэхэр зэфещэх, къутамэхэр зэреутэкIых, шысэкухэр ретэкъухьэ, шыкIэхэр шыко тIуакIэмэ адеупкIэ. Шыумэ яцыякIэхэр зэредзэ, япаIохэр ащишъхьащыпхъотынэу афелъы, акIыбышъомэ ятIыргу, яшылъэмакъэхэр епхъуатэшъ, хъуатэм детакъо. Шэсынхэм ыпэкIэ зэлъэIугъагъэхэ тыгъэ гупсэфыр ошъогум имытыжь фэдэу пщэ фыжьышъо-шIуцIашъомэ зэлъаупIыцIагъэ. Къушъхьэ шыгу папцIэмэ зэпатхъырэ ошъуапщэмэ азыфагу загъорэ тыгъэр къыдэушъ, гъогум тет шыуищмэ ягугъэ-гумэкIмэ къахэпсэ, Iуплъэгъу римыгъафэхэу зегъэбылъыжьы.

– Дунаим ыгу къызфытабгъэрэ сшIэрэп, зыретэкъухьажьы!..– ятэжъ фыреплъэкIызэ, Чэчан къыIуагъ. Жьыбгъэм кIиутыгъэ цые къуапэр лъэгуанджэм чIигъэпытыхьажьызэ, Колэс лIыжъыр хэпскэуIукIыгъ, зи къыIожьыгъэп. Пшъэдэ псыхъо нэпкъ джабгъур даIыгъэу заулэрэ кIуагъэхэу, гъогу къэгъэзэгъум зыщыкъохьащтхэм, ятэжъ имышэн зэтеIубагъэр пхъорэлъфым зыфихьын ымышIэу еупчIыгъ: – Адэ, тат, зи къапIорэпи?

– Сыд къыосIонэу уфай, кIэлэхъу?

– СшIэрэп ныIа...

– Ари джэуап хъунэп, кIэлэхъу,– тIэкIу тешIагъэу, гъогу къэгъэзэгъур зэранэкIи тхышъхьэм зырагъэзыхым, Колэс къыIуагъ, етIанэ, заулэрэ кIуагъэхэу, иджабгъукIэ щыт пхъорэлъфыр щыгъупшэжьыгъэу, къэупчIагъ: – Ори, гъунэгъур, о сыд уикъэбар? Дунаир гомыIу, Iур егъэшъхьахы, ара?

– А дэдэри сфэIонэп, Колэс,– лIыжъ шIыкIэу зыригъэукIыхьэзэ, Рэдэд къыIуагъ,– ау тигъогу къызфэхьылъагъэм

сэри сегъапэ. Даурэ икъин тыкъызегъэшэсым, пчэдыжьыр дэхагъэ, ошъогур къэбзагъэ, ти Тыгъи тигъусагъ.

– Джы тигъусэжьба?

– СшIэрэп ныIа.

– Сыд ори, Рэдэд, сипхъорэлъф фэдэу умышIэрэр? – Колэс лIыжъым игые зыкъышIуипхъотагъ, ымакъэкIэ нахь зыфэсакъыжьызэ, иупчIэ къыпидзэжьыгъ: – СшIэрэп шъуIоу, шъушъэожъыя, къашъуIо шъушIоигъор пышъушхыкIыжьэу шъуитIо непэ шъузэрэгъэIушыжьыгъа? СыдкIэ дунаим ыгуи къытэбгъэн, ти Тыгъэ-Тхьэшхуи тимыгъусэн! – иупчIэ римыгъажэхэу лIыжъым къариIожьыгъ.– Жьыбгъэ къепщэнри, ошъуапщэмэ ошъогур аупIыцIэнри, ары пакIошъ, мо мыжъошхор къушъхьэбгым къефэхынри гъэшIэгъонэп. Цlыфыр дунаим къызэрэтехъорэр, зэрэтетырэр, зэрэтекIыжьрэр – джары зэкIэми анахь сшIогъэшIэгъоныр. Мары, типчэдыжь дахэ тIозэ, нэхае зыкъытфишIыгъ, гъэмэфэ ощх шъабэм тыщыгушIукIызэ, ошъу мэхъаджэмкIи къытхаоу къыхэкIы. Шъуягупшыс блэкIыгъэ мэзэныкъом къытэхъулIагъэмэ. Тичылэ къытемыохэу хъэзархэр тшъхьарычъыгъагъэх шъхьакIэ, яшылъабжъэмэ тимэщшIапIэхэр, тибылым хъупIэхэр, тисэнэшъхьэ хатэхэр зэлъаулъэгугъэх, типхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыгхэр ашъункIыгъэх, апэгъочъыгъэгъэ шыухэр къыраупкIэхыгъэх, бгычIэмкIэ унэгъо зыбгъу-зыпшIи щытырагъэстыкIыгъ. Хъэзар жьыкореным тыкъелыжьыгъэмэ тIозэ, зымафэ чылэгъуитIу лIы зэрэукIри тазыфагу къыдэтэджагъ. Сыд Мэзыбэрэ Мыстхъакъорэ язэрэмыгъэгощыгъэр? Шъоры, Чэчан, зыфасIорэр, мэзым пхъэшIы шъузэкIом, хэт шъуиобзэгъу макъэ зыгу римыхыгъэр?

– ЛъэIуакIо зыдэжь тыпщэрэ Нахьлъэш цIэплъыр ары, тат.

– Нахьлъэш цIэплъыр сыд шъуиIоф къызэрэхахьэрэр? Ар къышъозэуагъэмэ ахэтыгъэп.– Мыстхъэкъо гъогум темыхьэхэзэ Мэщыкъо къыдзыгъэгъэ гущыIэр Колэс ыгу къэкIыжьыгъэми, Iофы зыригъэшIыгъэп.– Сыдым мыстхъэкъолIыхэр тимэз къыхихьагъэха, шъуиобзэгъу макъи агу зыкIыримыхьыгъэр?

– Мэзпчэнхэр жъугъэщтагъэх аIуи, зыкъытшIуагъэнагъ... Шыу заулэм запыдгъэпкIэжьына, цукур къызетэфыжьэжьым, чылэри тэри тыкъэзыушъхьакIугъэр, игъусэ шыухэр къытлъезыгъэжьагъэр Нахьлъэш цIэплъыр ары,– Чэчан къыIуагъ, гущыIэ дысмэ ятэжь иIоф зэрахэлъыгъэр ыушъэфыгъ.

Колэси зэгорэм, ащ илъэс зытфыхи къехъугъэн, Шышъхьарыс хьакIэщ горэм Нахьлъэшрэ ежьырырэ зэрэщызэфилъыгъагъэхэр ыгу къэкIыжьыгъ. ИсэмэгубгъукIэ къыгот Рэдэд пщыкIалэм ятэ Лаурстэн ихьатыркIэ зиIэжэгъагъ нахь, ичатэ теIэбэгъахэу быяужьын фаеу хъугъагъэ. «Сэщ нахьи бэкIэ нахьыкIэ лIы плIэмыешхом,– Колэс гукIэ щхыпцIыгъэ,– лые къысимыхымэ, сэ сыфырикъуныеп, ау, секIодылIэщтми, сынапэ къэсыухъумэжьын зэрэслъэкIыщтыр гущыIэкIэ гурызгъэIуагъэу къысшIошIыгъагъэми, Лаурстэн быяу къыригъэкIэу ыIэ къыспимыгъохыгъагъэмэ, зикъарыу делэ рыкъэйрэм шIу кIэрысхыщтыгъэп. Ащ ыужи гущыIэ мышъо-мылхэр къысфаригъэхьэу сауж бэрэ итыгъ, ау сыд фэдэкIи Iогъу-шIэгъу зезгъэшIыгъэп. Аущтэу тызэрэзэфыщыт пэтызэ, зыгъэ урым шэуджэн горэ къысфищи, садэжь къэкIогъагъ. Тижъмэ зэраIоу, сыдэу пшIын, уихьакIэщ къихьэрэр, уипыими, уихьакIэ. Ащ ыуж гущыIэ IаекIи, гущыIэшIукIи тызэфизыгъэп. Джы еплъ сипхъорэлъф къыришIагъэм... КъымышIэжьыгъэнэуи? Чэщ-зымафэм сихьакIэщ есыфэхэкIэ, Чэчанэ хэгърэеу ашъхьащытыгъ...»

– Чэчан,– Колэс игупшысэмэ къахэужьыгъ,– ори ары, Рэдэд, сыныбжь елъытыгъэу сэ Нахьлъэш цIэплъыр есэIо шъхьаем, шъо ыпашъхьи ыкIыби аущтэу шъуеджэныр къышъутефэрэп. Нахьлъэш Iазэр шъуIомэ е Нахьлъэш шэкIо мафэр ешъуIомэ нахьышIужь, игопэщт.

– Гум ымыштэщтыр сыд пай, тат, тэбгъэшIэнэу уфай?

– Сэ сыгу зэкIэри ештэу пшIошIа, сытеIункIэжьы нахь! – Колэс зэхихыгъэр ыдагъэп, тIэкIу тыригъашIи, къыдзыгъ: – Оры, Рэдэд, ар нахьыбэу зилажьэр. Сыд унахьыжъ пIоу къыстемыфэрэ пщы уцупIэр лIыгъэ мыдаIокIэ зыфысэбгъэштагъэр? Къыптемыфэрэр унапшIэ темылъхь, пфэмыхьыщтыр емыхьыжь сыд зыкIаIуагъэр? Чэчанэ ощ нахьи илъэсыкIэ зэрэнахьыжъым пае, сэ сышъуимыгъусэ хъумэ, зылъэгъурэм къыримыгъэкIоу, уапшъэкIэ бгъэуцущта?

– Умыпщы лъэпкъми, Колэс, сэрыкIэ о упщы папкI,– зэхихыгъэм зэрэфэхьазырыр къыхэщэу, Рэдэд пщышъаом къыриIожьыгъ,– джары тяти къызэрэпфыщытыгъэр, сэри сызэригъасэщтыгъэр. Чэчани, Даури, Мэщыкъуи, нэмыкI-

хэу гъусэ къысфэхъущтхэми къызгоуцощтхэми яIоф шъхьафы. Моу тигухэлъ къыддэхъумэ, адэ фаер къыттебанэу, тызэрипхъоу дунаим тытетына, хэгъэгу ухъумэ хабзэр зызэхатщэкIэ, ахэр гъусэ зафэхэу къызготынхэу сащэгугъы. О сигупшысэмэ къяпIолIэщтыр сшIэрэп нахь, Колэс!

– Уичылэкlэ, нэмыкI чылагъохэмкIэ, адыгэ хэгъэгумкIэ уегупшысэмэ, Рэдэд, сыд къызыкIыбдесымыгъэштэщтыр! – Колэс зэхихыгъэм шхомлакIэр къыригъэкъудыигъ, етIанэ шыр ригъэжьэжьзэ, къыпигъэхъожьыгъ: – Уигухэлъ мышIугъэмэ, фэшъхьаф къеcIолIэни... Ау уятэ игупшысэ къызэрэпхэнагъэр, зыкIэмыхьагъэм уиакъыл ныбжьыкIэ ебгъэшэсын зэрэуигухэлъыр сигуапэ, джы сызэрэшъогыищтыгъэмкIэ сипхъорэлъф сеупчIымэ къыриIолIэщтыр сшIэрэп, ы-ы, Чэчан?

– Чэчанэ къыздырегъаштэ,– шъэогъум ычIыпIэкIэ Рэдэд къэпсынкIагъ,– ау зы тызэрэзэтекIырэр.

– Зэдаштагъэмкlэ зы зэдэмыштэри дэи, ар зэдэштэ ныкъу,– ыуж зэхихыжьыгъэ гущыIэр шIогъэшIэгъонэу къыIуи, пхъорэлъфым джыри фыреплъэкIыгъ.– Сыд ар? Шъэфэпщтын, сшIэмэ сшIоигъуагъ.

– Сыд пае шъэфын, тат,– Чэчанэ нэшIукIэ ятэжъ Iугушlуагъ, шъэогъум а нэплъэгъу дэдэр фидзыжьыгъ: – Тэ тазыфагу ащ фэдэ дэлъын ылъэкIыщтэп. Уичlыгу къырыуухъумэжьын закъокIэ дзэ псаур Iыгъыгъуае хъущт сэIошъ ары. Зыгорэм ттырихырэр къытетымыхыжьыщт нэмыIэмэ, сыд ащыгъум дзэр зилIэужыгъоцтыр...– зыгъэгумэкIырэмкIэ Чэчан къыухыжьыгъ.

– Зэрэхъурэмкlэ, сипхъорэлъф, хьэзэрэшх джыри тызхэтыщтыр.

– Ащ фэдэ дунай тызтетыр орба, тат, зыIорэр?

– Ащ фэдэ зыщысIуагъи къыхэкIыгъ, зымэфэрэ лIы зэрэукIыр ащ ишыхьат, ау ащ фэдэ зыщысимыIори нахьыб.

– Чэчани, анахьэу Мэщыкъо, ар агурызгъэIон слъэкIырэп,– Рэдэд иныбджэгъухэр къегъэгъунэх ыIозэ, игукIае къышIудэоягъ, псынкIэуи зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: – Ау ащ зышIуагъэнэ дэдэуи сIорэп. Тэ тичылагъохэр зэгурытымыгъаIоу, къосэгъу, мыутIэ, зых хэгъэгум зыкIыныгъэ итымылъхьэу, тэ, адыгэ лъэпкъыхэм, зытымыгъэрэхьатэу нэмыкI цIыф лъэпкъмэ афэтщэщт дзэр сыдэущтэу тыухьазырыщт?

– Хэзархэр къыттеохэрэба, аланмэ тызэрапхъорэба? – Чэчан уцурэп.

– Къыттеох, тызэрапхъо,– шъэогъум дыригъаштэзэ, Рэдэд ымакъэ зыкъеIэты,– ау ахэр къыттемыонхэм, зызэрятымыгъэпхъоным пае тыкъэзыухъумэн дзэ тищыкIагъ.

«Тэ тызэкIалэм мыщ фэдэмэ тягупшысэщтыгъэп,– шъэогъухэр зыфызэнэкъокъурэр игуапэу Колэс Iугушlукlыгъ,– зыгорэм тимыгъапэщтыгъэу, тимыгъэгумэкIыщтыгъэу арэп. Колэс лIыжъыр къысаIо шъхьакIэ, сигъэ тIокIищ ащ фэдизэу утегущыIэнэу ба? Тыгъуас ныIэп сятэжъ ыIапэ сIыгъэу сызшъэожъыягъэр. Апэ шым сызытырагъэтIысхьэм, сыкъызэрэридзыхыгъагъэр непэ фэдэу къэсэшIэжьы. Пшъадэ хэсыгъо тырамыгъафэу жъонэкIо купэр зэрэтагъэIыгъыщтыгъэр? Щэбзэпсыр тфэкъудыищтми тфэмыкъудыищтми пымылъхэу, шъушхэ шъушIоигъомэ, лIы шъухъущтмэ аIозэ, щабзэр къытIэкIалъхьэти, къызщыкъочъыщтыр тымышIэрэ мэзыкъом тызэрэпэIуагъэуцощтыгъэр? ХьэкIэ-къуакIэмэ тяшэ, тэукIых тIозэ, ахэмэ яфэмэ-бжьымэ тхэлъэу чылэпшъэ-чылакIэхэр тызэфачъэхэмэ, лъыкъэ-псыкъэ, нэкъэ-пакъэ тызэрэзэришIыхьэщтыгъэр? Джыри ар тхэзыгъэп, гъунэгъу чылагъохэми тцэхэр зэфэтэлъых, тызачъэ. Хъэзар техакIохэр, алан хъункIакIохэр? Сызыщэфыщтыр сымышIэу илъэснықъом Кафэ дысагъэлъэгъогъэ, етIанэ хым тырысагъэлъэгъогъэ хьазабым изакъоми... Джы сыд, тидунай джыри хафэми, мыщ фэдэ шъаомэ уашъхьащытыныр жъышъхьэ маф нахь, насыпынчъагъэп. ГушIуагъор зыщызэжъу, хьазабыр зыщыбыхъу дунаим сыхаплъэшъ, зэкIэ зытетыгъэм тет, лъагэр язэрэмыгъашIэу, къушъхьэхэр зэпэIокIотых, зэфычIэплъых. МэзыпцIэри ары. Уахътэм елъытыгъэу илъэсым плIэ зехъожьми, къызщысшIэжьырэм тхышъхьэмэ атекощыкIыгъэп, къуладжэмэ адэкIодыкIыгъэп. Пшъэдэ псыхъоми къызщысшIэжьырэм ынэ къыригъэкIэу мыжъохэр зэриутэкIэу къыхэкIы, мыжъомэ уатетэу узэпырыкIынэу зыщигъукIыри макIэп... Зэ, зэ... Мыдэ мыхэмэ аIорэр...» – Колэс игупшысэ зэпачъэмэ къахэужьы.

– Дзэр зэхэпщагъэу сэлъытэ,– Чэчан еIо,– шыу мина, минитIуа, нахьыбэнкIи, нахь мэкIэнкIи мэхъу... Сыд а кортым ябгъэшхыщт, сыдэущтэу ууIэшыщтых?

– Шыудзэм изэкъощтэп,– Рэдэди уцурэп,– лъэсыдзи тищыкӀэгъэщт.

– Дэгъу, дэгъу, лъэсыдзи зэгъэпэшы, ау джыри сыоупчӀы, сыд ябгъэшхыщт, сыдэущтэу уулӀэшыщтых?

– Чылэхэр гупсэфэу щыӀэнхэу фаехэмэ, дзэри агъэшхэщт, аулӀэшыщт.

– Ары шъхьакӀэ, Рэдэд, къыбгурыӀорэба,– яшыу нахьыжъ азыфагу зэрэдэтыр ащыгъупшэжьыгъэу шъэогъуитӀур зэдао,– дзэм ежь зыкъызэрилэжьыжьын фаер? Хъэзархэми, аланхэми, джа русич зыфапӀохэрэми джары ашӀэрэр.

– ШъуитӀо стхьакӀумнэӀусхэр жъугъэузыгъэ, шъукъысшъхьапырымыджыкӀыным пае сышъухэкӀотын,– гухьэгужъ хэмылъэу Колэс къыӀуи, лъэдэкъэ шъабэр шым зэхыригъэшӀагъ, апэ ишъыгъ.

– Хъэзар-алан зепхъуакӀохэр щысэкӀэ къысфэмыхьых,– Рэдэд къеуцуалӀэрэп, шъэуитӀум зэраӀори Колэс ытхьакӀумэмэ аблэкӀырэп.

«Адэ джары, тэ мыхэмэ тызафэдэм тигупшысэхэр нэмыкӀыгъэх,– Колэс игупшысэ зэпыугъэмэ апидзэжьыгъ.– Дунаир зы чӀыпӀэ итэу къытщэхъуми, блэкӀыгъэри тызхэтыри зэрегъэутэкӀы, нэмыкӀынэкӀэ тызэрегъэплъы, тыгухэр бэмэ аригъэгъапэзэ, чыжьэу тегъаплъэ, тызэрегъэплъэкӀыжьы. Сигъусэ шъэуитӀури, мары, зэдаохэми, а зы Ӏофым егъэгумэкӀых...»

– Ары шъхьакӀэ, Рэдэд, чатэр щылъмэ мэулъыи,– Чэчан имыдэ макъэ Колэс ышъхьэ къыригъэпхъотагъ, ишыпи къыригъэгъэзагъ, зыпэуцугъэмэ ариӀуагъ: – КӀалэхэр, сышъухэгущыӀэнэп сӀуагъэ шъхьаем, сфэщыӀагъэп. Чатэр щылъмэ зэрэулъыирэр шъыпкъэ, Чэчан, ау хыем фипхын нахьи, улъыймэ нахьышӀу. Арба къапӀо пшӀоигъуагъэр, Рэдэд?

– Ар дэдэуи сӀорэп, ау къэпӀуагъэм зэфагъэ хэлъ, Колэс. Дзэ тиӀэныр Чэчани, Даури, Мэщыкъуи зэдытигупшысэшъ, къыддеогъаштэмэ, тигопэщт.

– Чэчанрэ орырэ шъуӀорэр зэрэзэтекӀырэр тӀэкӀукӀэ сыгугъэрэп, сигъунэгъу,– Колэс щхыпцӀыгъэ,– ар пӀоу къызэмыгъэкӀэс, онэгум укъыридзын.

– Тат, сыдэу уицыхьэ къыстемылъ!..

– Орырэ сэрырэ тыӀофэп, пхъорэлъфыр,– Колэс къыгоуцожьыгъэ шыуитӀум яз фыремыплъэкӀэу, шыр нахь



хигъэлъэкӀоныкӀызэ, къыӀуагъ.– Чэм лъакъо шкӀэ ыукӀырэп аӀоу зэхэпхыгъа? Зэхэмыхыгъэмэ, а гущыӀэжъыр угу иубыт. Орырэ сэрырэ тызэшӀокӀодыщтэп. Рэдэд пщыкӀалэм ащ фэдэ гухэлъ иӀэмэ, ори уишъэогъу, сэри сигъунэгъу, тыдэ тхьыжьын, тыгоуцон. Ау а Ӏофыр шъузэрэгугъэу ӀэшӀэхэп. Сэ къэслъэгъужьына, къэсымылъэгъужьына!..– лъэдэкъитӀу шы ныбэ тӀыргукӀэ Колэс шым зыригъэштагъ, мыдырэхэми зыкъыщырагъэнагъэп.

Шыуищыр тхышъхьэм ечъэхи, мэзыбгъу хъуатэм зыдэлъадэм, акӀыб дэтыгъэ жьыбгъэр гъогум тепшъыхьагъэу, нахь Ӏэсагъэ фэдэу къащыхъугъ. ЧыжьэкӀэ зэпэӀут-зэбгырыдзыгъэхэу псыхъо нэпкъитӀумэ аӀутэкъогъэ бгъэнышъхьэ унэхэр къэлъэгъуагъэх. Мэфэ щэджэгъуагъэми, чылэ дэхьэ-дэкӀ-рекӀокӀыр нахь щынэгъуагъэти, къушъхьэ мэз дэгумкӀэ Мыстхъэкъо гъогу блэгъэ-чыжьэм техьагъэх. Шылъэмэкъэ зэтеӀукӀмэ Колэси акӀэдэӀукӀызэ, игупшысэ зэпымыфэмэ икӀэрыкӀэу апидзэжьыгъ: «Дэгъу, дэгъу, Рэдэд, къэслъэгъужьыщт-къэсымылъэгъужьыщтыр сэ сшъхьэ изакъоп, тиадыгэ дунай епхыгъэщт. Уятэ игухэлъыгъэр къыбдагъэхъущтмэ, титхьэ пстэуми сыпфялъэӀун, ау Ӏоф егъэжьэгъу уимыфэзэ, мары, къыппеонхэри, уиӀоф мыублэ блэ къыпфыхэзыгъэтӀысхьанхэри къыкъокӀыгъэх. Ау уиакъылрэ уибылымрэ къахьыщтмэ, укъызэкӀэмыкӀу. Уятэ игъогужъ чыжьэ пӀоу зэрэхэмынэжьри, ащ ихабзэ бзыпхъэ зэрэпфэхъури сигуапэ, ти Тхьэшхуи укъеухъум, адырэ тхьэ пстэуми анэшӀу къыпщэф».

Къушъхьэ мэзым идэгупӀэ хъотэчӀэ къэгъэзэгъум дэжь Колэсдыхэм апэкӀи аужкӀи, къыздизыгъэр амышӀэу, шыу уӀэшыгъэхэр къапэуцугъэх. Ятандж паӀохэр папцӀэх, яашъоджанэхэр цыябгъэмэ къадэщы, ящэбзащэхэр акӀыбмэ къакъощы, аӀэ джабгъухэр ячэтапшъэх, пчыпэ упэпцӀыгъэ кӀыхьэхэр къызэрапхъотэнхэу яшы тхьакӀумэмэ адэлъых.

– Шъумыбэлэрэгъ, ау зыжъугъэбыяу,– Колэс кӀалэмэ яӀушъэшъагъ,– мыхэр мыутӀэ хъырцыжъхэкӀэ сенэгуе.– Сышъоплъышъ, шъухъэзарэп, шъуаланэп,– апэкӀи аужкӀи къэуцугъэхэ шыумэ Колэс яджагъ,– сыд етӀанэ, мыутӀэхэр, шъугу къытфилъ? Шъукъытпэмыуцугъагъэмэ, еблагъ шъотӀони, ау, сызэрэшъухаплъэрэмкӀэ, еблэгъэн гухэлъ шъуиӀэп.

– Бащэ къэоӀо, къосэгъур! – азыфагу дэт шыу плӀэмыер къэджагъ: – Дунаим жьы тӀэкӀу къыщышъущэжь шъушӀо-

игъомэ, шъуионэшмэ шъукъяпсых, шъуиӀашэхэри къызгошъух, мо къулэджэ нэпкъым шъутеуцу.

– Зэхэшъухыгъэба сэӀо, къосэгъу лъэкӀэпӀащэхэр, типащэ къышъуиӀуагъэр?! – акӀыбыкӀэ щыӀэ шыумэ яз къатекууагъ.

– Хэта сэӀо тимэз куо-хьау хэзышӀыхьагъэр?! – Колэсдыхэм апэчӀынатӀэу мэзым къыхэкӀыгъэ Нахьлъэш къыӀуагъ, ылъэгъугъэри шӀогъэшӀэгъон: – Сыдэущтэу, Колэс, мы хъырцыжъмэ ауж сит сӀозэ, ядэкъацэ шъудаубытагъа?

– Дунаим бэ щэхъу, Нахьлъэш, къытэхъулӀагъэри олъэгъу.

– Ори, къосэгъу пшъакъэр, тхьэм укъытфихьыгъ,– джыри апэкӀэ къэуцугъэмэ азыфагу дэтыр къэджагъ,– уиш къепсых, уиӀаши зыгох!

– Арэу улӀымэ, шыбгъэкӀэ къыспекӀу! – Нахьлъэш чатэр къырипхъотыгъ, гъусэ зыфэхъугъэмэ ариӀуагъ: – Сэ мыхэмэ сафэгъэзагъ, шъуауж итхэр къэшъумыгъакӀох.

Нахьлъэш цӀэплъым къыпежьэгъэ шыум ишыбгъэ пимыгъэуцоу зыблитӀупщи, чатэкӀэ ыпшъэб дэуагъ, шым риутэхыгъ. АдыритӀур къэзэрэхьыхэ зэхъум, ионэгу зыридзи, шы шъхьарытӀупщэу апигъэгъочъыгъэм зы нэгъэупӀэпӀэгъу нэмыӀэми хъырцыжъхэр зэтыриӀэжагъэх. Къыгот шыумкӀэ ыдзыгъэ чаныр ытыкъын хэлъэу зелъэгъум, ящэнэрэ шыум кӀэкӀэу тыригъази, Колэсдыхэр зыпэӀууцогъэ шыумэ апымылъыжьэу кӀиӀэжьыгъ. КӀэзыӀэжьыгъэм Рэдэди лъежьэгъагъ шъхьакӀэ, Нахьлъэш ыдагъэп:

– Ыуж икӀ, чыжьэу кӀощтэп, ежь фэдэ горэм ӀэкӀэукӀэжьыщт.

Псаоу къэнэгъэ хъырцыжъыр Нахьлъэшрэ Рэдэдрэ зыдэщыт чӀыпӀэм Чэчанэ ӀупӀашъокӀэ къырищэлӀагъ, Колэси зыпыутхыпкӀыхьажьэу ауж ит.

– Мыр сыд? – Нахьлъэш Чэчанэ еупчӀыгъ.

– Мы зыр мыутӀэ хъырцыжъмэ,– Чэчанэ ычӀыпӀэкӀэ Колэс къыӀуагъ,– гумэхэ-псэмахэу къахэкӀыгъ.

– Шы чӀэгъым зычӀидзэжьыгъэу чӀэсыгъэщтын, ара? – ыпашъхьэ итыр шӀоӀаеу Нахьлъэш щхыпцӀыгъэ.

– Ащ фэдэ дэди ышӀагъэп, ау ышъхьэ тызеом, итандж паӀо пытэу къычӀэкӀыгъ, ышъхьэ упэрэзагъэу, хъущтыр охъуфэ къытэплъэу щылъыгъ.

– Армэ, сэ ащ есшӀэщтыр сэшӀэ,– Нахьлъэш ынэхэр къилыдыкӀыгъэх,– уиӀэшъоджанэ къызщых!



– Сыд мыщ фыуихьисапыр, Нахьлъэш? – Колэс къэгумэкӀыгъ.

– ШъузӀуагъэуцонэу зыфаӀогъэгъэ нэпкъым тезгъэуцощт!

– Укъысэдэӏущтмэ, ар озгъэшӀэнэп, Нахьлъэш,– Колэс ыдагъэп.

– Ӏыгъын-гъэшхэнэу сыд мыщ етэбгъэшӀэщт?!

– Тихьатыр къэплъэгъущтмэ, тхьамэтэ маф,– зымафэ шытхым рязыгъэпхыхьэгъагъэм фэсакъыпэзэ, Рэдэд къыӀуагъ,– мы лӀыр тэжъугъэтӀупщыжь. Тилъэпкъэгъумэ афигъэзэжьмэ, цӀыфыгъи гукӀэгъуи зэрэтхэлъыр ариӀотэжьын, зыхыхэми алъыӀэсын.

– Зымафэ, шъо мэзыбэхэмкӀэ, шъуихьатыр тлъэгъугъагъэп, хэт зышӀагъэр, бетэмал, Лэурстэныпщым узэришъаор, тӀэкӀу уезгъэхьащырыгъагъ, гуплъыгъэм тыхэтыгъэти, тыкъэзыубытын а мафэм щыӀагъэп. Аущтэу шъоӀомэ, уятэрэ КолэсрэхъыхьатыркӀэ сышъодэӀун, Ӏашэр къыгошъухи, зы чан пако рышхэнэу къыфэжъугъани, жъугъэшэсыжь.

Нахьлъэш мыутӀэмэ яӀэшэ-шъуашэмэ ащыщэу зыр, пащэм иер, ежь ышти, адырэхэр Колэсдыхэм къафигъэнагъ. ХьадиплӀыр гъогубгъу мыжъо чӀэгъ зашӀым, шэсыжьын гухэлъ иӀэу къариӀуагъ:

– КӀо, джары, Колэс, чӀыпӀэ къин тызифэрэм тэ зэфэтшӀэжьын тлъэкӀыщтыр… Ау гъэрэ фэдэу чылэгъо-чылагъоу тызызэпэуцукӀэ, тызэмызаомэ нахьышӀу!

– Аущтэу тызэфыщымытыгъэмэ, сыд щышӀыни, тхьамэтэ маф?..– лӀы гу тӀупщыгъэшхом джыри Рэдэд еупчӀыгъ.

– Сыдэу тшӀын, ащ фэдэ дунай тызтетыр,– Нахьлъэш къыӀуагъ, етӀанэ нэгушхом ерагъэу къыхэщэу щхыпцӀызэ, ежь ышъхьэ зэрэфихьыжьри ымыушъэфэу, къыпигъэхъожьыгъ: – Нахь лъэшым нахь махэр рекӀыкӀы. Мы пщышъаори, Колэс, ятэ фэдэу кӀочӀэшхо хъункӀэ сенэгуе. Уятэрэ сэрырэ, сшынахьыкӀ, утыгум тыщызэфэзыгъэп, ау къысэбэныгъэкӀи, къызтезгъэкӀоныеп… Ау мырэу зыпштагъэмэ, пшӀэхэнэп утыгум тызэдиуцонкӀи… Сыдигъу ар зыхъущтыр? Ащ нэс мо мыжъо чӀэгъмэ ачӀэдгъэукӀорэягъэмэ афэдэу, тэри къогъупэ горэм тыкъокӀодэжьынкӀи мэхъу… Сыд, Колэс, шъузхэзгъэдаӀорэм угу емыӀукӀэ сенэгуе. СшӀэрэп

ащыгъум зэкIэми шъугу рихьынэу шъузхэзгъэдэIощтыр... Шъори гъогу шъузытетыкIэ, шъхьадж иунэ чэм лъакъо, тэ тиунэ дышъэ ун cIони, сэри сежьэжьын. Сишъыпкъэ сэ, Колэс, шъукъеблагъ, пщышъаор схьакIэн, шъори шъудэзгъэтхъэн, мыутIэмэ ятшIагъэри зыфэтIотэн сихьакIэщ къикIын. Мы шъуигъусэ шъэо пIокIэ псынкIэр хэтмэ ащыщ? Зымэфэрэ хьадэщэжьмэ ахэтыгъэу къысщэхъу.

– Мы шъаор сэ сипхъорэлъф, Чэчан ыцIэр.

– Мыра Чэчаныр? – Нахьлъэш цIэплъым шъхьэ онтэгъур къыпхъотагъ.– Уипхъорэлъфым ыцIи сищыпэзэхэхэп, бэнэкIо Iаз аIошъ, Мыстхъакъуи щытегущыIэх, ау ар сэркIэ кIочIэгъу хъунэп.

– Сэ сипкъэгъу-лъэгъухэр ары, тхьамэтэ маф, сызэбэнырэр. Узыфырымыкъущтым сыд пхъэ дэокъутэкIэ...

– О къыпфырикъущтхэри Мыстхъакъо дэсых, Чэчан... Шъукъеблэгъэщтмэ, Колэс, къэсэгъэзэжьы. Зымафэ мы кIалэмэ къятхыгъэ емыкIур арымэ шъукъэзыубытырэр, ащкIэ къэбарэу щыIэр шъушIосыушъэфынэп. Тинахьыжъмэ къэбарыр занэсыжьым, зи къытагъэлыгъэп...

– Ар мэзыбэмэ зэхахыгъэмэ ягопэщтыгъэ,– Колэси къыIуагъ, гъогу къызфытехьагъэхэми ышъхьэ фырихыгъ: – Теблэгъагъэкlэ лъытэ, Нахьлъэш, уадэжь тыкъыздакIощтыгъэр.

– Сыд гухэлъ къысфышъуиIагъ? – Нахьлъэш зэхихыгъэр ыгъэшIэгъуагъ.

– Зымафэ пхъэшIитIум язэу мэзым къыщаyIэгъэ шъаом иуIагъэ къупшъхьэм нэсыгъ, Iоф дэгъу иIэп. Сэ сфешIэщтыр есшIылIагъ, джы о тыкъыпщыгугъэу тыкъежьагъ.

– Сыд фэдэ чIыпI фыкъуагъэр?

– Сэмэгу Iэпшъэ къупшъхьэм чэтапэр хэIагъэкIэ сенэгуе.

– Iэпшъэ къупшъхьэр пIуи? Чэтапэр къупшъхьэм хэуIэн нахьи, зэхигъэшъхъэшъхагъэмэ нахьышIугъ, зыгорэ еспэсыни... СшIэрэп къышъосIощтыри, чылитIум Iоф къызфэтхьыжьыгъ...– Нахьлъэш нэгушхор нэмыз-Iумызыкlэ мэзыбэ лIыкIомэ къаIуплъагъ, шъхьэшхор ридзыхыжьи, гъумытIымыгъэ: – ЕтIани делагъэ ащ тетшIыхьажьыгъ... Мэзыбэмэ, джыри зихьадагъэ зымыухыгъэмэ тыкъызэхашIыкIыщтмэ сшIэрэп нахь... Сыд уихьылъэми, Нахьлъэш, уихьын! Непэ закъокIэ огугъа чIыпIэ къин узифэрэр! – зыфиIожьи, Нахьлъэш ин-инэу къызщытэджыкIыгъ.– НекIо, мощ нэс шъукъикIыгъэу, чылэм шъукъиIофтагъэу лIышхуищым шъузгъэукIытэжьынэп.– Нахьлъэш зэшэсым, къэупчIагъ: – КIапщэ фэшъушIыгъа? Тэ тикIалэ ыIэхъомбэжъый ныIэп зэпыкIыгъэр, кIэпщэшхо фырагъэкIокIы... КIо, етIанэ гъэны, щхэны умыIо!..– мэкъэхъу зэтетэкъукIэ къыIуагъэм Нахьлъэш дэхьащхыжьыгъ.

## V

Нахьлъэш цIэплъыр Мэзыбэ къэкIуагъ заIом, Даурдыхэм адэжькIэ чылэр къызэлъыуагъ.

ПаIо зыщыгъмэ анахьыбэр шъэожъый, кIэлэ Iэтахъохэр шыбгпцIэнэрысхэу чэум къышъхьапырэплъых, нахь жъгъэйхэр Нахьлъэш зэращэгъэ унэ шъхьаныгъупчъитIумэ аIуззэрэгъафэхэрэп, адыкIэ, натрыф конмэ адэжь, лIы заулэ щызэхэт, гъунэгъу пшъэшъэжъые заулэу къячъагъэри пщэрыхьэпIэ лъэгуц къуапэм щызэрэугъоигъэ бзылъфыгъэмэ акIэпхъагъ.

– Моу шъутшъхьащыкIот зэ! – зызшIомыдэй лIы пытэ Хьакъэрэ пэIо зандэр ыпэ ит Шэныбэрэ ыуж зыкъизымыгъанэрэ НэтIаерэ лъэгуцым тезэрэмыгъэфэрэ шъэожъыемэ афэгубжыхэзэ, сымаджэр зэрылъ унапчъэм Iуащэ.

– Шъо щагум зыщышъуIаж,– гъогур зыфызэIуахыгъэ Хьакъарэ къызэтеуцо, ытамэхэр ыгъэпкъыезэ, бгырыпхыр егъэтэрэзыжьы, къэмэшхори ичIыпIэ ригъэуцожь фэдэу ешIы, зыкъызэхаригъэх шIоигъоу хэпскэуIукIы.

– Хьакъар, адэ сыджым утеуагъэпи?! – шъэожъые горэ къылъэджэ.

– Хэт сэIо тызгъэсэжьрэр! – Хьакъэрэ пэIошхор шIоигъуаджэу къызэплъэкIы.

– Ужэ зэтелъхь сIуагъэ! – макъэр къыздиIукIыгъэмкIэ тыгъужъ шъхьэмыгъазэу Шэныбэ зыкъызэридзэкIыгъ, зызэбгырызытэкъурэ шъэожъыемэ ахэплъагъ, лъэгуц Iупэм Iут шъэуищми инэплъэгъу дыс афидзыгъ, мохэм ащыщэу хэта ыIоу нэплъэгъукIэ НэтIае еупчIыгъ, инахьыжъ къыухъумагъ: – Хьакъарэ тхьамэтэ мафэр сыджым теонэу джынэ пыщэгъу иIа!

– Нахьлъэш гущыIэгъу сыфэхъуфэ а жэмыIаным шыукIэпщ огъуищ ешъух.

– АщкIэ зыгъэгупсэф, пфэтшIэн, нахьыжъ,– зипэIошхо пчъэм пагэу дэзыхьэрэм НэтIай кIэлъиIуагъ, етIанэ кIэкIэу зыкъызэригъэзэкIи, шъэуищмэ къяупчIыгъ: – Хэт шъуащыщэу шъхьэубэтагъэ тинахьыжъкIэ зезыхьагъэр?!

– Сыджтео хабзэр пщэгъупшэ аIуагъэкIэ шъхьэубэтагъэ хъуна? – шъэуищым азыфагу дэт Адышэс лъэкурэ тхъоплъыр нэшхо-пэшхоу къэупчIагъ.

– ЗэрэхъурэмкIэ, оры тинахьыжъ зыгъэсэжьрэр! – Шэныбэ къызбгырыуи, Iапшъэм пылъ шыукIэпщыр Iэдакъэм чIидзагъ.– Пшъо мэхъумэ, птхыцIэ къэгъаз!

– Тшъо мэхъумэ, сыд пае удгъэулэун,– шъэо нэгу хъураер щхыпцIызэ, ишъэогъу Адышэс къыгоуцуагъ,– кIэсэным тыкIэрыуцонышъ тызэтIэхъужьын.

– Сыд пае кIэсэныр дгъэтIэсхъэн,– гугъуемылIыхэу ящэнэрэ шъаоми къыдзыгъ,– ежьыр шъыпкъэр ткIыбышъомэ къядгъэтIэхъун.

– Мыхэмэ, Шэныб,– ыгъэшIагъо фэдэзэ, джы нахь мэкъэ ефэхыгъэкIэ НэтIай къыIуагъ,– нахьыжъыгъэ-нахьыкIагъэ яIэжьэп, адыгэхэм тэунэхъу.

– Нахьыжъыгъэ-нахьыкIагъэ ашIэщтыгъэмэ, ажэ къыдахьэрэр къаIощтыгъа?..– мэкъэ Iэтыгъэр Шэныби щыгъупшэжьыгъэу гъумтIымыгъэ, «мы хьатIэхъу къежьэгъакIэмэ Iогъу-шIэгъу чылэм ыпашъхьэ зыщябгъэшIы хъущтэп,– гукIэ ыIуагъ.– Муары, кон лъапсэм кIэрыт пэIо къонцIыхэри къыкIэдэIукIых, тэ мыхэр зыщитыубышъыхьан чIыпIэ Iэджи къушъхьэ мэзым къыщытфыхэкIыщт. Колэс Iупэ-бзэпэ лIыжъым делэ ехъулIагъэх. СшIэрэп Хьакъарэ тхьамэтэ мафэм нахьи Чэчан шъхьэнчъэм ятэжъ, шъоп-лэп зэраIоу, зэрэнахь Iушыр. ХьакIэ горэ чылэм къызэрэдахьэу ихьакIэщ ращалIэ. Хьакъарэ ихьакIэщ цIыф кIуапI, ау хьакIэхэр икъэлапчъэ блащых...»– зэрэшъхьащыугъэм къыкIигъэщтэжьэу Шэныбэ игупшысэ зэпачъэмэ къахэзыжьыгъ, ыгу имылъымкIэ, фэмышIэшъуштымкIэ къэгущыIагъ: – Хьакъарэ Нахьлъэш хьакIэ дэгущыIэфэ, шъоркIэ къытфигъэпытагъэр тшIэнэп, чылэпшъэ кIапщэр чылакIэмэ бырсыр ашIыгъ ядгъэIонэп, ау непэ щегъэжьагъэу тичIыфэ шъо нэбгырищым зэрэшъутелъыр зыщышъумыгъэгъупш.

– ПшIэхэнэп, Шэныб, тинахьыжъ унэм къикIыжьмэ, мыхэмэ тызэрадзэзекIощтыр...– НэтIай къыпигъэхъожьыгъ.



– Ары, ары,– Шэныби гъусэм дыригъэштагъ,– ар тинахьыжъ къызэриIу. НекIо, мо конмэ акIэрыт нахьыжъхэм, чылэпшъэ закI нахь мышIэми, тахэгъахь.

– Нахьыжъи, нахьыкIи шъуимафэ шIу охъуапщи, чылапшъэхэр,– ыпэ ит нахьыжъым епэсыгъэ шIуфэсыр IэкIихэу НэтIай ыкIыб къыдэджыкIыгъ.

Нахьыжъыгъэ-нахьыкIагъэм ыгъапэщтыгъэ нэбгыритIум язым ишIуфэс гузэжъо хыкIэ кон натIэм щызэхэт лIыхэр къызэлъигъэплъагъэх. «Сыдэу мы чылакIэхэр, мы нэбгыритIури унэм ихьэгъэ Хьакъари, зэфэмышIу-зэшIоIугъэха» зыIохи гукIэ къадэхьащхыгъэхэри, зышъхьэ езгъэзэкIыгъэхэри, гуимылъ-цэIупсыкIэ къаIугушIуагъэхэри щытмэ къахэкIыгъэх, ау зэкIэмэ ацIэкIэ нахьыжъым шIуфэс къыхыжьыгъ:

– ЧылакIэхэм аущтэу шъоIомэ, тэри, чылапшъэхэм, шIуфэс къышъотэхы.– КъыраIожьыщтми пымылъэу ШыупащэкIэ къыIухьэгъитIум яупчIыгъ: – Адэ Хьакъарэ унэм шъудихьагъэпи?

– Тыдихьагъэми хъущтыгъэ, ащ зи хэлъэп,– Шэныбэ къыригъэкIоу къыIуагъэм къыпигъэпытыхьажьыгъ,– ау тэ чылакIэхэмкIэ нахьыжъыр сыдигъокIи тинахьыжъ. ЕтIани Нахьлъэш хьэкIэшхом ыпашъхьэ тызэпышIагъэу сыд пае тихьан.

– ТырищыкIагъэ хъумэ, хьакIэм нэIуасэ тыфишIыщтмэ,– НэтIайи къыIощтымкIэ хьазырыпс,– тинахьыжъ къытаджэмэ, къызэдгъэжэнэп.

«Тхьапшрэ чылакIэхэмрэ чылапшъэхэмрэ,– Шэныбэ игупшысагъэхэр джыри ошIэ-дэмышIэу къышъхьарыожьыгъэх,– тызэжэхэбэнагъ... Мо кон лъапсэм кIэрысэу къытфэмытэджыгъэм сипчэгъу огъу пшъакъэ зэрехъулIагъэр щыгъупшэжьыгъэкIэ енэгуягъо. КъысфычIэплъы ошIа. Модырэхэр?.. Мыдэ мыхэмэ зызэрагъэпсырэр... Зы Рэдэд пэщыныцIэ горэ къахэтэджагъэшъ, пщэу пщэп, хъэзармэ зязгъэукIыгъэ ятэ зэгорэм дзэпщыгъ аIошъ, къогушхукIых. Ащыгъум ишъэогъухэр мыстхъакъомэ мэзым къыхаубышъыхьэхи чылэ гъунэм нэс къызэрафыжьыгъэхэр, хьадэщэжь ушъхьагъукIэ яшIужьынхэу зафакIохэм, къызэрафыгъэхэр шIэхэу ащыгъупшэжьыгъ. ЕтIани ар шъхьакIо ащымыхъоу, Хьакъарэ тхьамэтэ мафэм зэриIуагъэу, къадэхьащхыгъэр, лъэгукIэтын зыфашIызэ, агъэIэзэнэу

къащагъ… Мы чылэпшъэ шъхьащытхъужьымэ джыри зэгорэм зямыгъэшІэжьыгъэ хъущтэп, нэІуагъэх…»

Шэныбэрэ НэтІаирэ къазэрэщыхъущтыгъэу Хьакъарэ зэрыхьэгъэ унэм иІоф щыщытыгъэп. ШъхьакІэфэ лъытэныгъэ зыхэхьагъэмэ къыфамышІыгъэкІэ арэп. Унэм исыгъэм инахьыбэр къырагъэкІыгъэагъэми, къинэгъэ нэбгырэ заулэр – Колэс лІыжъыри, Нахьлъэш Іазэри, Рэдэди, Мэщыкъуи зыІэ пцІанэ пхъэмбгъум тепхэгъэ Даур шъхьащытых, тхъужъожьыгъэ-уц тхьэпэ хьаджыгъэ фэбэ зэхэлъыр зэрылъ Іэгубжъэ фэІукІыхьэр зыІыгъ шъаори акІыб дэт.

Пчъашъхьэм теуцогъэ Хьакъарэ ипскэуІу макъэ сымаджэм ифэІо-фашІэ пылъмэ зэхахыгъэп. Ау щытми, къызэкІэкІожьыгъэп, емынэм сыкъифыгъэп, пІэм хэлъым ыІэ къупшъхьэ Іэзэ цІэплъым сапашъхьэ щызэпикІыжьыщтыми сшІэрэп, сымыделэмэ, зыкъытезгъэфэн фэягъэп ыІозэ, зэгыижьыгъ.

– Даур, сшынахьыкІ,– Нахьлъэш гугъуемылІ фэдэу сымаджэм еджэ, Іощхыпцlэ,– Мэзыбэ щаІоми сшІэрэп, «тыдэ укъикІи, лажь» аІоу зэхэпхыгъа?

– Зэхэсымыхэу тызы лъэпкъыба? – ыІэ пхъэмбгъум зыфытырапхагъэри, джэныкъо машІом пэлъ гъучІ псыгъо пакор зыфагъэплъыри ымышІэу, ау зэрегуцафэрэр къызхимыгъэщэу къырeІожьы.

– Аущтэу оІомэ, дэгъу,– Нахьлъэш джыри мэщхыпцІы,– ау мыстхъакъомэ ядыгагъэ пеІэнэу щыІэр макІэкІэ сэгугъэ, ы-ы, Колэс? О бэрэ укъытхэхьагъ, сыд ащ къепІуалІэрэр?

– Щэр къытэзытэу тищагу дэт былымымэ чэмкІэ, пчэнкІэ, мэлкІэ тяджэ…

– Шыхэри ащы, Колэс,– унэм сызэритым гу къылъышъут къыригъэкІэу, Хьакъари ахэгущыІагъ.

– Ора сэІо, Хьакъар? – Колэс къыдэплъыий, къыпымылъыхэу гущыІэм падзэжьыгъ: – Арышъ, укъызэрэупчІагъэм елъытыгъэмэ, щыми ящыкІи, къатырэм иІэшІугъи, яшхыкІи зэфэдэп,– чІэгъычІэлъ гущыІэр Нахьлъэш цІэплъым лъыІэсыгъэми пымылъэу, Хьакъарэ къыдзыгъэмкІэ къыухыжьыгъ: – Шыр ащы, ау ащ иІэшІугъи идыджыгъи щыгъуазэхэр хъэзархэр ары.

– Ари шъыпкъэ,– Іазэм шы щынымкІэ Колэс къыдыригъэштагъ, къызэмыплъэкІэу къызэриІокІыгъ,– ау Хьакъарэ шыхэр зыфищыгъэхэр сшІэрэп нахь… Даур, сшынахьыкІ, джыри зэ сыкъыопІэскІущт. Мы уиуІагъэ лІыгъэ уІагъэкІэ слъытэрэп.

– ЛІыгъэнчъэ зэо-банэ къытязгъэшІылІэгъагъэм ар зиштэжьыкІэ, сеуцуалІэ.

– Аущтэу оІомэ, кІэлэхъу, непэ, непэ къодый ныІэп, орырэ сэрырэ тызэпэгъужьы. Моу гъучІ плъыгъэр хьазырмэ, къысІэкІэжъугъахь. УкІочІэшхомэ, Лаурстэнкъор, мыщ ытамэхэр шъхьантэм къытыремыгъэх, шъори ылъакъохэр шъуубыты.

– СІэ шъупхыгъэмэ,– Даур зиІэжэжьзэ къыІуагъ,– сызэрэпсаоу сышъумыпхыжьми икъун.

– Ащ фэдиз дэдэуи зымыгъэлІ, сихьапІытІэхъу,– гъучІ псыгъо плъыжьым ыпэ тхъужъожьыгъэм Нахьлъэш хигъаозэ къыІуагъ,– ощ нахь лІыІохэри мыщ къыгъэмэхэу сырихьылІагъ. ШъоcІуагъэр шъушІэ! – зэшъэогъумэ къатепхъэшыхьэзэ, щыныр къызэрыкІырэ уІагъэм гъучІ плъыгъэр хигъэлъэдагъ, лыжъэрымэр къыгъэоу зынигъэсыгъэ къупшъхьэм тыригъэджэгухьи, щыныр къыздихьэу къыхилъэшъужьыгъ, тхъужъожьыгъэпсыри пхыригъэжъыкІыгъэ уІэгъэ гъуанэм ригъэхъуагъ, ІэгушъошхомкІэ пкІантІэр зынатІэ тырилъэкІыкІыщтыгъэ Даур фэгубжымэ-щытхъужьызэ егыигъ: – УкъыхэкуукІы хъущтыгъэба, зиунагъо бэгъон… ар лІыгъэ-щэІагъэ мыхъунмэ… сыбгъэпшъыгъ, улыпцэмэ ащыщ горэ бгъэсысы хъущтыгъэба, бетэмал…

Зынэгу лъы къечъэжьыщтыгъэ Даур щхыпцІыгъэ, къин къыфэзыхьыгъэу къеІэзэрэ Нахьлъэш нэшІукІэ къыІуплъагъ, къыриІуагъ:

– Тхьауегъэпсэу, Нахьлъэш.

– Ппсэ ухэзгъэІэжьыгъэшъ, Даур, тхьауегъэпсэу къысэоІожьы ара? – Нахьлъэш цІэплъыр щхыгъэ, етІанэ гъумытІымыгъэ: – Адэ дунай къобэ-бжъабэм ащ фэдэ Іаджи къыщыохъулІэщт, амал иІэмэ, лъэбгъу къыозыдзырэ пстэуми зырямыгъэут. Ащ фэдэ зигухэлъ Іаджи, мыщ щыс Хьакъари апэ зэритэу, къысфыкъокІыгъ, къысфырикъугъэхэп нахь. Шъыпкъэба, Хьакъар?

– Опцы сфэІонэп, Нахьлъэш…– чыжьэкІэ Хьакъарэ къыригъажьи, къыпиупкІыжьыгъ: – КІуачІэкІэ о сыдым сыкъыпфихьын, мо Лаурстэнкъо Рэдэд зэгорэм къыотымыгъэбэныщтмэ.

– Джащ нахь шъыпкъэ къэпӀожьынэп, Хьакъар,– Нахьлъэш зыфэе дэдэр зэхихыгъэу, ынэ къэргъо-шхъонтӀашъохэр къилыдыкӀыгъэх,– сэри ар сигухэлъ, ау джырэкӀэ цӀынаӀо… КӀуачӀи, къолайи хэмылъэу сӀорэп, непэ мыутӀэ шыумэ апашъхьэ сыщигъэрэзагъ… Колэс, тхьамэтэ маф, сыгу къэкӀыгъэр ошӀа? МыутӀэ ашъоджанэу къыстефагъэр гъэшӀожьыпкӀэу Даур естыщт. Модэ сионакӀэ пылъышъ, Чэчан, шъуащыщ горэм къысферэхь. Гъучӏ паӀори, чатэри къизгъэгъусэжьыщт.– «Инасыпмэ, тапашъхьэ илъ кӀалэм,– Нахьлъэш цӀэплъым гукӀэ ыӀуагъ,– есшӀэфыгъэр Ӏэзэгъу фэхъун, ищын гъопс къэкӀуакӀэ сыгу еӀурэп… Ӏэпшъэ къупшъхьэр тӀогъагъэ шъхьакӀэ, фыкъуагъэп. Ер лым екӀугъэкӀэ, лъым хэхьагъэкӀэ енэгуягъо… Ащыгъум Ӏэзэгъу закъоу иӀэщтыр зы чэтэогъу… Сыд мы къыфязгъэхьырэ ашъоджанэри зэрищыкӀэгъэжьыщтыр…» – ИошӀэ-дэмышӀэ гумышӀумэ къыкӀагъэщтэжьэу Нахьлъэш игупшысэмэ къахэужьыгъ: – Арэп, Колэс, сыд тызфыщысыр, цэлдаор мы унэм щызэрахьажьырэба! Моу цэлдаор кӀашъом къыкӀашъуӀуи, Хьакъарэ сыдэжъугъэджэгу, чэтэ зэпэӀудзэм фэдэу, зынэсрэр къыуӀэу, тцэмэ мэшӀуачэр къахедгъэхын…

КъэкӀогъэ мафэм, щайшъогъу ужмэ адэжь, гъогу зыщытехьажьыщтым, Нахьлъэш Колэс къыриӀуагъ:

– Ӏофыгъуитӏу къыбдысиӀ. Зыр пшӀосыушъэфыщтэп. Адырэми, орышъ къысэзыӀуагъэр, нычэпэрэ чэщым себгъэгупшысагъ, ышъхьэ къысфипхыщт. Нычэпэ кӀапщэ зыфэтшӀыгъэм сицыхьэ телъэп. МэфицкӀэ иуӀагъэ щын къызимытӀупщыкӀэ, хъужьыщт. Ау мэфищ тешӀагъэу къызежьэжьрэм, шъукъыслъымыкӀожь, сэры пакӀо, ти Тхьэшхуи Ӏэзэгъу къыфэхъужьыщтэп. Ащ ешъупэсыщтыр, сэ зэрэсшӀэу, шъори шъошӀэ. Сыдэу пшӀын, Ӏэ зыпымытыжь Ӏаджи дунаим тет.

– Ащи сенэгуещтыгъ,– Колэс къыӀуагъ.– Ащ пае удгъэгумэкӀыжьынэп… Адырэ Ӏофэу зыфэпӀуагъэм сыкъежэ.

– Адырэри, Колэс, апэрэу тызтегущыӀагъэм фэдэу лыуз тхьамыкӀагъо хэмылъми, сфызэхэфыгъэп. Тыгъопчыхьэ адыгэ лъэпкъымэ ягугъу къызытхафэм, ар щэ къэзытырэ чэм, мэл, пчэн пстэумэ зыкӀябгъэпшагъэр къызгурыӀорэп.

– Адыгэ Ӏофыр ара пфызэхэмыфырэр? – Колэс тхьагъэпцӀышъо-шъэбашъокӀэ къеупчӀыжьызэ, ыжэкӀэ-пэкӀэ мыкӀыр фыжьхэмкӀэ ӀугушӀукӀыгъ.– Адыгэ Ӏофыр зэхэфыгъуай, Нахьлъэш, ар зэзыгъэфэн джыри къэхъугъэкӀэ сыгугъэрэп. Къэхъугъэкӏи, ащ лъыкӀагъэхьана-лъыкӀамыгъэхьана. Апэрэ ӀофымкӀэ, Даур итхьамыкӀагъо лыуз хэлъэу, мыщ хэмылъэу зэрэпӀорэмкӀэ ухэукъо. Къосэгъу, мыутӀ, зыхы, мэзыбэхэр, мыстхъакъохэр, нэмыкӀхэр тӀомэ тызэшӀонэжьызэ, адыгэ лъэпкъ зэмызэгъыныгъэм титхьамыкӀагъохэр къыхэкӀых. ТызгъэгумэкӀырэ Даур инасыпынчъагъи тыгъосэрэ мыутӀэ хъырцыжъмэ якӀодыкӀи джа зы лъапсэр яӀ. Щэр къэзытырэ пстэуми, джа хъэзармэ ащырэ шыри зэрахэтыжьэу, тызэряджэрэр – былым. Лъэпкъ пчъагъэкӀэ тызэтеутыгъэми, тэ тызэрэзэджэжьрэр – адыг. Былым зыфатӀорэмэ ягъомылэ иӀэшӀугъэрэ ипсэпагъэрэ зэхэтэшӀэ, тыщагъаӀэ. Лъэпкъ пчъагъэкӀэ зызэтезыутыжьырэ адыгэхэр чылэпшъэ-чылакӀэхэмкӀэ зэфычӀэплъых, чылэгъо-чылагъохэкӀэ зэпыщытых, лъэпкъ-лъэпкъыкӀэ зэпэуцух – дунаим щызэрэлъэгъужьхэрэп, щызэрэгъэӀэжьхэрэп. Адыгэ дунаир гъэшӀэгъоны, нэр ыгъэушӀункӀэу зэхэлъы… Джары, Нахьлъэш, укъысэупчӀыгъэшъ, сиакъыл макӀэ заорэм ухэзгъэдэӀуагъ, пштэнкӀи умыштэнкӀи мэхъу, о къызэрэбгурыӀу, зэрэзэхэпфышъу.

– СызхэбгъэдэӀуагъэр шъыпкъэнчъэпщтын, Колэс,– ин-инэу, унэр зэлъиубытэу Нахьлъэш цӀэплъыр къэтэджыжьыгъ,– ау мыутӀэ лъэкӀэпӀащэмэ, зых темэнхэсмэ, Хьакъарэ шъхьащытхъужьым фэдэ адыгэмэ сатебгъэгущыӀэн нахьи, сичатэ ахэмэ зэрашъхьэщызгъабзэрэр къэсэбгъэӀотагъэмэ, нахь псынкӀэ къысфэхъуни, нахь сигопэни. Тыгъосэрэ мыутӀэхэмкӀи сыгу згъэӀэсагъэ, пшӀэхэнэп ахэмэ е нэмыкӀхэм сигъогупэ джыри къызыщызэпачыщтыр… Сышэсыжьын сэ ащыгъум. Тхьэм мэзыбэхэмкӀэ шъуисымаджэ псынкӀэ къышъуфешӀ. Хэт ышӀэра, мыхъу зыщыхьурэм, джа зэрэсӀуагъэу, шъудэзекӀу. Зинасып къэкӀорэ кӀэлэ псаушхом ар къехъулӀэныр игъуадж, бгъэбэнэнкӀэ фэдэ щыӀагъэп…

Мэфищ пӀалъэр тешӀи, яплӀэнэрэ мафэр зыблэкӀым, Колэсдыхэр зэнэгуещтыгъэ чӀыпӀэ хьылъэм Даур ифагъ. ХэкӀыпӀэ закъоу къафэнэжьыгъагъэр зы чэтэогъути, зыгу

мызагъэу джа мэфэ дэдэм Мэзыбэ шыоу къэсыгъэ Нахьлъэш цӀэплъым ари афишӀэжьыгъ.

## VI

Бжыхьэр икӀынкӀэ мэфэ заулэ иӀэжьэу чэщыбгым къушъхьэм къыхэпщыкӀыгъэ жьыбгъэ чъыӀэм къыхьыгъэ осым Мэзыбэ чӀигъэсэягъэу цӀыфхэр къызэлъыкӀэтэджыжьыгъэх.

Рампэс унэм зеплъым, Рэдэд ос лъагъор былымэщым рифылӀэщтыгъ.

– А сикӀал,– Рампэс лъэгуцым теджыкӀыгъ,– Тхьэм ос мафэ къытфырегъэс, кӀымафэм ошӀэ-дэмышӀэу зыкъытфиупэпцӀыгъ.

– Мы сызхаплъэрэр бэрэ телъынкӀэ сыгугъэрэп, тян. Ос шъэбэ пхъапхъ, зэтешъхъэшъхъыкӀы.

Зы шӀуцӀэгъэ гъощагъи къыхэмыщэу дунаир фыжьыбз, зипхъотэнышъ ошъо чӀэгъым чӀэбыбэжьыщтым фэдэу псынкӀэ. Унэшъхьэ щыблыкъымэ, чъыг шъхьапэмэ, кон къамылышъхьэ папцӀэмэ, къушъхьэ шыгумэ япэӀо фыжьхэр къямыхьылъэкӀхэми, Рэдэд ытэмэ пытэмэ тыгъужъышъо джэдыгур афэмыӀыгъыжьэу осыр зэритхъурэ хьанцэшхом пкъым къыжэхитэкъогъэ фабэм зыщырегъэхы. Ар зылъэгъурэ ныри мэгуӀэ:

– А сикӀал, уплъыгъ, чъыӀэ къыпхэхьан.

– Мэфэ дэкӀодыжь ос пхъапхъэм пае, тян, чъыӀэ щыӀэна,– Рэдэд нэкӀу шъхьаплъ-пэӀошхо зэкӀэплъыхьагъэу янэ къыӀогушӀошъ, иӀоф пэхьажьы, къызэреӀокӀы.– Олъэгъуа мыр зэрэпхъапхъэр?

– Джэдыгум уимыгъэӀабэмэ, ащыгъум паӀор зыщымых, сикӀал,– ныр зыгъэгумэкӀыри къеӀо, пхъэтэпэмыхь ышӀызэ ыкъо зытегушхогъэ ос пхъапхъэми инэшанэ зыфэдэр реӀокӀы: – Ос пхъэпхъэ псынкӀэм мэфэ дэкӀод еӀолӀэгъуай, сикӀал. Осыр цӀынагъэмэ, чъыг къутамэмэ, къурэ шъхьапэмэ афэмыӀэтыщтыгъэмэ, мыбэгъэшӀэныекӀи мэхъу. Нэшэнэ закӀэкӀэ, угу иубыт, дунаир зэхэлъы. Муары, олъэгъуа,– хьанцэр зикӀэгъэкъонэу янэ зыкъыфызэзгъэзэкӀыгъэ Рэдэд егъаплъэ,– Колэсдыхэми модырэ тигъунэгъухэми яонджэкъ Ӏугъохэр занкӀэу ошъогум дэкӀуаех.

– Дунаир зэрэжьыбгъэнчъэр къеушыхьатышъ ары,– Рэдэд щхыпцӀыгъэ.



– Ащ изакъоп,– Рампэси къыӀорэм текӀырэп,– чӀым шъхьащыт жьымрэ онджэкъ Ӏугъом ипсынкӀагъэрэ зэдаштэ, мэфищ ошӀу зэрэтиӀэщтым ари ишыхьат.

– ЗыфапӀорэм шъыпкъэ хэлъынкӀи мэхъу, тян, ау етӀани джэныкъом щагъэстырэм елъытыгъэкӀэ сэгугъэ Ӏугъом ипсынкӀагъи.

– Адэ чъыгаемрэ хьэуарзэмрэ яӀугъо зэфэдэнэп. Ашъоп, яӀужъуагъэп зыфасӀорэр, языӀэтыкӀ.

– Ары, тян, ары, къапӀо пшӀоигъор къызгурыӀуагъ,– Рэдэд шӀукӀэ лъэгуц кӀэсэным кӀэрыт ным Ӏуплъэзэ, джыри ӀугушӀукӀыгъ,– муары Колэсдыхэми Даурдыхэми яонджэкъ Ӏугъохэр ашъокӀэ зэфэдэхэп, ау яошъо чӀэбыбакӀэкӀэ зэтекӀхэрэп. Тян,– дагъо зыфилъэгъужьрэм фэдэу Рэдэд къэупчӀэ,– пхъэ хьазыр джэныкъом дэмылъмэ шӀэ?

– Хьау, сикӀал,– Рампэси къэпсынкӀэ,– ащ фэдэ гугъуемылӀыгъэ къызхэбгъэфагъэу къэсшӀэжьырэп, уятэ узэригъэсагъэу, уипхъи, уипси хьазырэу нэф сыкъиогъэкӀы. Сиджэныкъо машӀо дэмылъэу… бащэ къэсэӀоми сшӀэрэп. Джыдэдэм тиджэныкъуи машӀо щыдгъэблэн, типчэдыжьышхи сыухьазырын,– къызэрэтехьэгъагъэм фэдэу ардэдэм Рампэс лъэгуцым текӀыжьыгъ.

Рэдэд ыгу къыдеӀэу ыӀэгушъошхомэ акӀэужъунтхэжьи, ос тхъуным фежьэжьыгъ. Заулэрэ улэугъэу къызызэплъэкӀым, яонджэкъ къырихырэ Ӏугъо Ӏужъур ылъэгъугъ, ыгуи игупшысэхэри къэушъэбыгъэх. Джы яонджэкъ Ӏугъо хьэблэ онджэкъмэ къарихырэ Ӏугъомэ аригъапшэу, зиплъыхьагъ. Колэсдыхэм анахьи Даурдыхэр нахь апэчыжьагъэми, ахэмэ яонджэкъ Ӏугъо, ежь яем фэдэу, ау нахь шӀоӀэшӀоу, изыӀэтыкӀэкӀэ нахь псыгъо ищыгъэу къыщыхъугъ. Ос шъэбэ нэгуфым къыхэтэджыкӀыгъ пӀонэу Айнари ынэгу къыкӀэуцуагъ, ардэдэми ипшъэшъэгъу Анысэти ыкӀыб къыдэплъыгъ, Чэчан шъэогъури ахэмэ къахэхьажьи, ахэкӀодыкӀыжьыгъ. Рэдэд зэкӀэми анахь шӀогъэшӀэгъонығъэр а нэбгырищымэ нэгушӀо-гушӀопсэу Тураб тхыщэр зэрахилъэгъуагъэр ары.

«Чэчанэ гъунэгъу пшъэшъитӀум зэрадэслъэгъугъэр згъэшӀагъорэп,– Рэдэд гукӀэ щхыпцӀыгъэ,– Чэчанэ къыфэӀошъурэп шъхьакӀэ, Айнар зэрэфэмыгуитӀур къызгурэӀо… Ау Тураб тхыщэр?.. Сыд ари зыуж итыр? Айнаррэ Анысэтрэ яурам ехъокӀы цӀыфмэ зэраӀорэр шъыпкъэкӀэ енэгуягъо.

Хэта шъуIуа тIум яззу ыгу нахь зыпэблагъэр? Айнарэпщтын... Тызэрэмытхыщэ пэтзэ, тыгу филъым ышъхьэ фитхышъурэп... Тхьэм къыуиишIэн, цIыфмэ къыуахъонын язгъэIуагъэр джащ фэдэу къычIэкIын... Тураб тхьамыкIэм сызэрэкIэнакIэрэр емыкIу, тигъунэгъу кIэлэ сэкъатым, чэм щыс ыгъэтэджыгъэп зэраIоу, сыд сынэзгъэсыгъэр!..» – Рэдэд зыфэгубжыжьыгъэ къодыеу, къэджагъэм зэригъэплъэкIыгъ.

– Щагу осыр дэгъоу птхъугъэ, Рэдэд,– Тураб тхыщэр мыгузажъоу, тIэкIуи зыщэукIытэхьажьы уигъаIоу, къэлапчъэм къыдэкIы,– осышхо къытфесыгъ, игухэлъыр сшIэрэп нахь.

– Къеблагъ, Тураб, къеблагъ,– иIофышIэн зэриухыгъэ хьанцэр къакъыр пчъэкъуахэм къуиусэежьзэ, гъунэгъум реIо,– пчэдыжь хьакIэр щэтэшх, жьыышIоу укъыдэкIыгъ.

– СыкъыдэкIыгъ тшъхьэ тыфитэпти,– Турабэ гъумтIымыгъэ.– ПшIэрэба тянэрэ тятэрэ зыфэдэхэр, сыIащэп, сылъащэп, сынащэп зэраIоу гъэшIэгъона тхыщэу сыкъалъфыгъэмэ, сызылъэгъурэр къыздагъэхьащхэу, зы Iоф унэми щагуми щысагъашIэрэп. Ау пчэдыжь ахэмэ сатекIуагъэп умыIо,– Турабэ ынэхэр къилыдыкIыгъэх,– уIащэу осыр птхъун плъэкIына, зиунагъо бэгъон, Даур тхьамыкIэм сыдэIэпыIагъ. Сигъусагъэри къыосIон – Айнар. Къыздизыгъэри тымышIэу Чэчани къызытхэхьажьым, сыд едгъэIон, нэрэ-Iэрэ азыфагу щагур зэдгъэфагъэ.

– Айнар ос ежъугъэтхъугъэуи?

– Сыда зыкIетымыгъэтхъущтыр?

– Пшъэшъэжъыеба, шъхьатехъо техъуагъэба сэIошъ ары...

– ПаIор зыщыгъмэ язакъу пшIошIа дунаир зыфыщыIэр? – зэхихыгъэр Турабэ ыдагъэп.– Шъхьатехъо зытехъуагъэхэри ащ щыщых, Рэдэд. Айнар ипсыгъогъэ-пIокIагъэ уемыплъ, ори Чэчани къызэрэшъущыхьоу хъыбэеп. Хъугъэ унэм ихьажь Чэчанэ ыIоу Айнар шъхьасы зэхъум, фэсыдагъэп. Даури къыздырыгъэштагъ. Бзылъфыгъэм ушъхьасы хъущтэп,– Турабэ ымакъэ ошIэ-дэмышIэу зыкъышIуипхъотагъ, ынитIу джыри къилыдыкIыгъ,– ташъхьасы тIозэ, тэгъэсэхъуджэх!

«Мыдэ мыщ ыIорэр, ынэхэр къызэрилыдыкIыгъэхэр! – Рэдэд зэхихыгъэм гукIэ къыхигъэкуукIыгъ.– Сэщ нахьи мазэ горэмкIэ нахьыжъэу зы тэмашъхьэ тыкъызэдытехъухьагъэми, Iаджыри тызэфэгубжэу, тызэзаоу, тызэшIужьэу къыхэкIыгъэми, мыщ фэдэ нэплъэгъу жъалым еслъэгъулIагъэп, бзылъфыгъэми ащ фэдэ ариIуалIэу зэхэсхыгъэп... Зэ, зэ, икIыгъэ гъэмафэм псым зыщызгъэпскIыщтыгъэ бзылъфыгъэ пцIанэмэ мырба, Турабыба, тязгъэплъэкIогъагъэр?.. Ащ нахь делагъэ сшIэжьынэп, хьэйнапэба уянэ фэдэхэм акIышъо пцIанэ уеплъыныр...» – Рэдэд ышъхьэ фимытыжьэу игупшысэ псынкIэмэ къахэужьыгъ, бэджэшъо паIорэ тыгъужъышъо джэдыгурэ зыщыгъэу ыпашъхьэ итым фидзыгъ:

– Бзылъфыгъэм узэреплъырэм сыгу еIурэп, Тураб. Ащ фэдэ тыкъэзылъфыгъэмэ араIуалIэрэп.

– Тыкъалъфыгъэмэ гъэшIэгъона!..– джыри Турабэ ымакъэ зыкъышIуипхъотагъ, «сэщ уфэдэу укъалъфыгъагъэмэ, теплъыни пIорэм» ыIуи, зыкъигъэтэрэзыжь фэдэ зишIыгъ: – Ахэмэ афэгъэхьыгъэу урамым сыщэкуокIэ огугъа. Ныр сыдигъокIи нэу къэнэжьы. Тэрэз, тэрэз, ныхэр тэ тизэгъэфэнэп.

– Пшъашъэхэри ары,– Рэдэд пигъэхъожьыгъ.

– ПшъашъэхэмкIэ орырэ сэрырэ тиIо зэтекIынкIэ енэгуягъо, сигъунэгъу,– джэдыгум къыхэщырэ тхы папцIэр дидзыеу Турабэ кIэщхыкIыгъ, етIанэ тхьагъэпцIэу къеупчIыгъ: – Хэт анахь пшъэшъэ дахэу тичылэ дэсыр?

– Пшъэшъэацlэр зыхьырэ пстэури дахэ, ахэмэ укъызкIэупчIэрэр къахэхыгъуай. СшIэрэп ар къызэрэосIощтыр.

– Чэчанэ ешIэ, ыцIи къыриIуагъ.

– Мышъэфмэ, Тураб...

– Ащ шъэф хэлъэп – Айнар.

– Ащ нахь пшъэшъэ дахэ тичылэ дэмысынэуи?

– Ар зыIорэр Чэчан, сэ Анисэти госэгъэуцо.

– Джы нахь шъыпкъапIэ горэм шъуитIо шъукъекIуалIэкIэ енэгуягъо,– Рэдэд фэмыкIэщыгъо дэдэу щхы фэдэ зишIыгъ, пигъэхъожьыгъ,– сэри пшъэшъэ заулэ ахэмэ къагозгъэуцонэу сэшIэ.

– Хэтых? – Турабэ къэгузэжъуагъ.– КъаIо ори ащыгъум.

– Тичылэ Iапэ зыфэпшIын, угу рихьын пшъэшъэ дэхабэ дэс, ау гум къахихырэр зы нэбгыр аIо.

– Ащ фэдэ Чэчан къебгъэIонэп...– Турабэ ымакъэ къышIуефэхыгъ, ау псынкIэу зыкъиишIэжьыгъэми, игу-

мышIугъэ къышIухэщыгъ.– Айнарэрэ Анысэтрэ язэу зыздигъэзэщтыр ымышIэу, тIуми азыфагу ышъхьэ дэунэзыхьагъэкIэ сэгугъэ.

– Ормэ, Тураб, гъунэгъу пшъэшъитIум язэу хэт къахэпхыщтыгъэр? – уигухэлъ дэдэр къэозгъэIон ыIозэ, Рэдэд къэупчIагъ.

– Ы-ы, Рэдэд! – зэхихрэр шIогъэшIэгъонэу Турабэ къызIуипхъотыгъ.– Тигъунэгъу пшъэшъитIум яз угу пыкIэу къэоIомэ, псэлъыхъо укъыздэкIощтмэ, пшIосыушъэфынэп, хьау къысэзымыIорэм яз сыгу естыщт. Ар Айнарыгъэмэ, насыпыгъэкIэ зыфэслъэгъужьыни… Ау джыри къэсэIо, Рэдэд, аущтэу оIомэ, уинасып Айнарэ унаIэ зэрэтемыдзагъэр, Чэчанэ непэ сызэрэхэплъагъэмкIэ, ащ ори сэри тытыригъэплъэнэп. Шъыпкъэ, Колэс ипхъорэлъф Чэчанэ къыфэгупсэ дэдэуи сыхэплъагъэп, ау бзылъфыгъэгум илъыр сыд фэпшIэн… Ар сэIо шъхьакIэ, укъызгоуцощтмэ, тыкъызэкIэкIощтэп. Къытфэмыеми, къэтхьыщт! Тэри тызфаер къыддэхъоу дунаим тытетыкIэ огугъа…

«Турабэ тхьамыкI, Турабэ сэкъат тIомэ идагъо зэхетымыгъэхэу, тэ тыкIоми дгъашIозэ къыздетщэкIыщтыгъэм зэхэоха ыгу къитаджэхэрэр! – щхыщтми губжыщтми зыдимышIэжьэу Рэдэд ышъо къызэрэхихыгъэр ардэдэм зыхиушъэфэжьыгъ, тхы къипшыр щызгъэгъупшэжьыгъэ шIулъэгъум ыкIуачIэ зэрэгъунэнчъэр шIогъэшIэгъоныгъ, ар мэкъэ тIупщыгъэ-шъхьаихыгъэкIэ зыбзэ къыфырагъэтIэтагъэми ыгу емыгъужьын ылъэкIыгъэп. Ащ бгъэшIэгъон хэлъэп… А зым цIыф псауи, цIыф сэкъати ащикIухьэрэп. Хэти иIони еIо, ишIэни ешIэ, ау узыфэе пстэури дунаим къыщыбдэхъущтыгъэмэ… Ары шъхьакIэ, Колэс зэриIоу, мысагъэри, ери, гузэбгъэныгъэри шIум къызэрэхэкIырэр бэмэ къагурыIорэп. Тэ тихьэблэ кIалэхэм ТурабкIэ къытэхъулIэгъэ дэдэри Айнарэрэ Анысэтрэ къяхъулIэкIэ енэгуягъо. Турабэ зытыраIэтыкIы, агъашIо, еубзэх аIозэ, нибжьи зэмыжэгъэхэ шIулъэгъуныгъэ зыфырагъэшIыгъ… Гуцафэ къыфашIа шъуIуа? Турабэ къызэриIуатэрэмкIэ, ежь ылъэныкъокIэ, ащ фэдэ къэбар джырэкIэ щыIэп. ТIум языми хъущт еIо, ау къыдэхъущтмэ, Айнарэ къыхехы, фэлъэкIыщтмэ, зи ригъэIощтэп, сэ сыригъусэу Чэчанэ къышIуихьыщт…»

– Зи къапIорэпи адэ, Рэдэд? – зиIэшъо цокъапэкIэ ос тхъугъэм хаорэм Тураб еупчIыгъ.



– Чэчанэ упемыоу, Анысэтмэ хъущтба?

– Анысэтми хъущт,– зыцIэ къыраIуагъэм зэрэфэмые дэдэри къыхимыгъэщэу, Турабэ къыIуагъ, мэкъэ зэблэхъугъэ чанкIи къыпигъэхъожьыгъ,– ау Айнар нахь дах. А пшъэшъэжъыер нэшIукIэ къысэплъэу къысщэхъу…

– Теплъын, Тураб, хъурэм, теплъын,– Рэдэд зыхадзэгъэ IофымкIэ ыгу щыхъэрэр къызхигъэщыгъэп.

– Адэ теплъын, Рэдэд. Мыщ фэдэм гузэжъогъу ищыкIагъэп. Непи, неущи, къэкIорэгъри сIорэп, ау паIо пщыгъы зыхъукIэ, уигупсэгъэ Iофхэри зыщыбгъэгъупшэ хъущтэп, бэ шIэн, макIэ шIэн, зэгорэм укъиутIэсхъыщтмэ, унаIэ зытебдзагъэр уапашъхьэ изыхыщтмэ, уапэшIуекIомэ нахьышIу…

Джа мафэми, пчыхьэми, къыкIэлъыкIогъэ мафэми Турабэ игупшысэ Iофмэ, ежь иери зэрахэтыжьэу, зызэраригъаджэу, джэмыш шIынымкIэ е ашъоджэнэ дыжьынымкIэ зыщигъэгъупшэжьыхэу Рэдэд унэм исыгъ. Непи, тыгъуаси, тыгъоснахьыпи фэдэу, унэм зыщызэтырегъэпытыхьэ нахь, икIын гухэлъ иIэп. Дунайри ащкIэ къыдеIэ,– щайшъогъу ужым ошIэ-дэмышIэу зыкъэзыпхъотэгъэ жьыбгъэм тIэкIу шIэ къэсми ишъуикIэ-кIэщхыкIыкIэ хегъахъо, ос пхъапхъэр зэрехьэ, деIэтае, къыретэкъохыжьы, пхъэшъхьакIэм чIеубэ, шъхьаныгъупчъэ нэзмэ къаделъэсыкIы. Онджэкъышъхьэм зыкъызыридзэкIэ, кIуапIэ зымыгъотырэ Iугъом зыригъэутIыIумэ хигъэцэкъыкIызэ, унэм зыщеутIэрэхъы.

Iугъом нэр решъуми, янэрэ ыкъорэ зэхамышIэрэм фэдэу, яIоф зэрафэ: Рэдэд мыжъоупцIэмкIэ щэбзащэхэр елъы, Рампэс етIэ джэхашъом теубгъогъэ чэтэным телъ мэлыц шIуцIэр зерегъафэ, IупэкIэ, зынэмысырэ къымыгъанэу, псыр тыреутхэ, тIэкIу тырегъашIэшъ, зэщиз хъугъэмэ еIошъ, ыIэгушъо цы шъхьашъом регъачъэ.

Ныр зыпылъ Iофыр Рэдэд ищыпэлъэгъоп. Гъэмэфэ мэл щыгъор текIэу бжыхьэр къызысыкIэ, бжыхьэ губгъо Iофмэ къазыкIэзыжьыхэкIэ, цыпхыхэр, хъэцыкохэр чылэмэ ащызэрахьэх, шэкI шъэныр, цыгъэплIэ-цыоныр унагъомэ къарэтаджэ.

– Щэбзащэ лъыным уесэгъэудэгумэ сшIэрэп, тян? – шъхьэр къымыIэтэу, гущыIэ шIоигъэу Рэдэд къэупчIагъ.

– Уимыжъоупцlэ Iофэп, сикlал,– джэхашъом ызыныкъо зыубытырэ цы гъэпллагъэр чэтэным кIоцIызыгъэчэрэгъорэ ными шъхьэмылэткIэ къыIуагъ,– Iугъом тынэ решъу.

– Ащ хэпшIыхьан щыIэп. Жьыбгъэр мыIасэу Iугъор икIыщтэп.

– Жьыбгъэм изакъоп, джэныкъом дэлъ чъыгэе уцIыныгъэмэ машIор къяхьылъэкIы, остыгъаер ачIэгъ шIи, зэкIигъэблэщтых,– цы гъэпллэгъэ зэкIоцIыгъэчэрэгъуагъэр Рампэс джэхашъом щигъэчъэнэу фежьэ шъхьакIэ, цыпэ лъэныкъом фырикъурэп, джэныкъо машIор зэзыгъэфэрэ ыкъо плIэIушхо нэшIукIэ еплъыми, реIокIы.– Тхьэ зэтагъэм цым зыIэ екIун пхъу иI.

– ПаIо сщыгъ нахь мышIэми, тян,– ныр зыгъэгумэкIырэр Рэдэд къыгурыIуагъэу зыкъызэрегъэзэкIы,– ащ фэдэ озгъэIонэп, къаштэ, къыбдэзгъэчэрэгъун.

– УцIыкIу зэхъум, уятэ ыгъэшIагъоу, зэкIэми пIэ якIущтыгъ, джы сшIэрэп, сикIал… Модырэ къуапэр къэубыт. Цыр къытэдэIуфэ дгъэплIэн, тытелъэшыхьан.

Рэдэд ин-инэу лъэгонджэмышъхьэкIэ цы гъэчэрэгъугъэм ыкъопэ лъэныкъо етIысылIэ, адырэм Рампэс ыIэ од пытэхэр тырелъхьэ, иджабгъукIи исэмэгукIи фыреплъэкIышъ, къеIо:

– УашъомкIи чIыгумкIи ти Тхьэшхо, нэпцIыгъэ хэмылъэу мы цыр тэжъугъэгъапцIэ, лъэе дахи, кIэкIо фаби, шыкIэлъ шъаби хэкIынэу тэжъугъао, тиIуагъэ къыддэжъугъэхъу, тишIагъэ мафэ тфэшъушI. ЗэIэбгъу зэдегъаштэкIэ, сикIал, етэгъэгъажь. Дэгъу, дэгъу, пIэ екIу, дгъачъэ хъуми, къызэкIэдгъэчъэжьми укIырымыущ.

Жьыбгъэ зэпыугъом дэжь унэ лъэгуцымкIэ къыщыIугъэ лъэмакъэм Рэдэд шъхьэр къыригъэIэтыгъ:

– Зыгорэ къэкIо! – ным дэIэпыIэщтыгъэр ары Iоу умышIэжьынэу Рэдэд ихъулъфыгъэ Iофмэ запидзэжьыгъ, гъумытIымыгъэ: – Хэт сэIо дунай бэдзэжьым иунэ имысырэр… Тураб фэдэ горэн фае.

Цы шъхьэтехъошхор ибэджэшъо джэдыгу къехъокIыгъэу, чъыIамэр къыпилъэсыкIэу унэм къихьагъэр Айнар.

– Ора, сипшъашъ? – гъунэгъу пшъэшъэжъыем икъэкIуакIэ Рампэс ыгъэшIэгъуагъ.– Сыдэущтэу осхъот бэдзэжьым укъыхэкIыгъа?

– Хъотыр зэрехьэ нахь, узгъэгужъыен чъыIэ щыIэп, Рампэс,– Айнари инэкIушъхьаплъыгъэ нахь дахэ кIэхъукIэу Рэдэд фычIэплъызэ, ишъхьэтехъо чIэгъ пхъэ лэгъэ зэтеуцухьагъэр къычIихыгъ.– Мы хьалыжъохэр фабэзэ афахь ыIуи, нанэ сыкъигъэкIуагъ.

– Тхьаегъэпсэу уянэ, сипшъашъ,– Рампэси зэхихыгъэр игуап.– Гощнагъо ишхынышIыгъэ тыхинырэп. Ма, Рэдэд, хьалыжъом хаI, умыгъэучъыIыжьы.

– ЕтIан, тян…– гъунэгъу пшъэшъэ къежьэгъакIэм зэрэщыукIытэрэр къыхэщэу Рэдэд къыIуи, мыжъоупцIэмкIэ щэбзащэм пыупхъухьэу ригъэжьэжьыгъ, тегущыIыкIыгъ: – Лаур сыд икъэбар, сыдэу къыкъомыкIыра?

– Даурдыхэр чылакIэм, Хьакъар дэжь гыякIо кIуагъэх,– ащ ежэщтыгъэ пIонэу Айнар къызIуипхъотыгъ, ау зыгъэгумэкIыри къымыIон ылъэкIыгъэп: – Хьалыжъо фабэм хаI, Рэдэд, умыгъэучъыIыжьы.

– Ащи тыхэIэн,– Рэдэд иIэбакIэ уасэ фишIэу, ыпашъхьэ рагъэуцогъэ лагъэм илъ хьалыжъомэ анахь цIыкIур къахихыгъ,– ау Хьакъарэ дэжь гыякIо зыфэкIуагъэхэр сшIэрэп нахь. Хэта Даур игъусэхэр?

– ЗэрэхъурэмкIэ, Рэдэд, къэбарым ущыгъуазэп,– Айнарэ унэм Рэдэд зэрэриубытагъэр игопагъэми, ышнахьыжъ гъусэ зэрэфэмыхъугъэр ыгу къеуагъ.

– Унэм сызщимыкIыгъэ мэфищым сыд къэбар сызхэныгъэр?

– Тыгъопчыхьэ Хьакъарэ нысэщэ джэгум къыщышъо зэхъум, Iэгу уфытеуагъэп Шэныбэ ыIуи, чылэмэ апашъхьэ кIэпщогъу Тураб къыщырихыгъ.

– Тураб тхьамыкIэр ара джы Хьакъарэ икуп зынэсыгъэр! – Рампэс ыдагъэп, илI Лаурстэн ыгу къэкIэу, ау ыцIэ къыримыIоу къыухыжьыгъ: – Чэтыу зэрымысым цыгъор щэджэгу язгъэIуагъэр джарыщтын… Зыфаер чылэм дашIыхьэ.

– Ар дэдэуи щытэпщтын, тян,– ным игущыIэ зынэсрэр къыгурыIуагъэу Рэдэд IущхыпцIыкIыгъ, ау ыгу къеори фэушъэфыгъэп: – Даурдыхэм некIо къызэрэсамыIуагъэр сшIогъэшIэгъон…

Ардэдэм Тураб унэм къипкIагъ, ылъэгъугъэр шIогъэшIэгъонэу къызIуипхъотыгъ:

– Ори мыщ ущыIа, Айнар?..– адыгэгъэ шъхьэкIэфагъэкIэ къыфэтэджыгъэхэмкIэ етIанэ зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: – Шъуимафэ шIу охъуапщи. Шъущыс, шъущыс,

сэ Iоф сиI, Рэдэд къытфащ аIуи, Даурдыхэм сыкъагъэкIуагъ,– Айнар ыпашъхьэ «сыкъаIофтагъ» щиIоныр зэрипэсыжьыгъэп.

– Тэ щыIэх ахэр? – ишъэогъумэ ыгу зэрябгъэрэр къыхэщэу Рэдэди къэупчIагъ.

– ТихьакIэщ щызэхэсых.

– Зыгорэм щыIагъэха? – зыми щымыгъуазэ фэдэу Рэдэд янэрэ Айнарэрэ аIуплъи, къэупчIагъ.

– Ара пшIэрэр, Рэдэд...– Турабэ къыхэкуукIи, къыригъэжьагъэр щигъэтыжьыгъ, ардэдэми къыпидзэжьыгъ: – Тыгъуасэрэ непэрэ Мэзыбэ къыдэтэджэгъэ къэбармэ уащыгъуазэп о. Уятэ Лаурстэныпщым ыуж пщыгъор ашIозыубыт зышIоигъо Хьакъарэ сырибайкол зыIорэ Шэныбэ нэIуагъэм икIэпщ джэгуми нэмыкI чIыпIи къыщимыIэтыжьынэу фэшъуашэ рагъэгъотыгъ. НекIо, Рэдэд, Iофым изытет ахэмэ нахь дэгъоу ущагъэгъозэщт, тятэ къощыр афиукIыгъ.

– Аущтэу Iофыр щытмэ, сикIал, адэ укIон,– Рампэс къызхимыгъэщэу шъхьакIор зыушъэфырэ Турабэ дыригъэштагъ, чатэр зыгозылъхьэрэ ыкъуи еупчIыгъ: – Сыд чатэм епшIэщт, сикIал?

– Къыздашт уичатэ, Рэдэд, къыздашт,– Турабэ зышIомыдэеу ибгырыпх пылъ чатэр ыгъэтэрэзыжь фэдэу исэмэгубгъукIэ рищэкIыгъ, Айнари фычIэплъыгъ,– тихьакIэщ щызэхэсхэми чатэхэр аIыгъых. Хэт ышIэра Хьакъарэ икуп агу къэкIыщтыр! Ау тикъэлапчъэ къыIухьэхэ пакIошъ, тичэу цэпкъ къебгъукIохэми кIэгъожьыных! УкъэмыгумэкI, Рампэс. Ори ары, Айнар.

– Ары, ары, Тураб, ти Тхьэшхо къынэуж, тицыхьэ шъутелъ,– гукIэ Рампэс щхыпцIыщтыгъэми, ыкъо риIуагъ: – Даурдыхэм шъуаблэкIы хъумэ, Рэдэд, цыр къыздезгъэгъэплIэнэу Айнарэ къызэрэзгъанэрэр Гощнагъо еIу, ежьыри къакIоу къыддэIэпыIагъэмэ нахьышIужьыгъ.

– Рампэс, гуащэмэ ялыеу гощэшху,– Турабэ зэхихыгъэр ыгъэшIагъоу ытхыщэ Айнарэ шIуегъэбылъы пIонэу пчъаблэм зыкъыщызэригъэзэкIыгъ,– сэ сыщытэу Рэдэдыпщыр оIофтэжьа! Сэр шъыпкъэм Гощнагъо пфесIон,– нэгу зэкIужьым къытенэфыкIырэ гушIопсым бзылъфыгъитIур риушхъухьэмэ зэкIакIозэ, Турабэ унэм икIыжьыгъ.

ТIэкIу тешIагъэу Рампэс къыIуагъ:

– Адэ джары, сипшъашъ, Тхьэм къыуишIэн, цIыфмэ къыуахъонын зыкIаIуагъэр. Тураб тхьамыкIэр мыбытыгъэмэ, кIэнэкIэнхэ пакIо, пшъашъэмэ зэтырахэу Мэзыбэ дэсыщтыгъэ. Янэрэ ятэрэ акIэхэкIырэр гъунэнчъэщтын.

– Ары, ары, Анысэти ар еIо, нани ары,– Айнар хэщэтыкIыгъ,– илэгъу кIалэмэ ахэмылъ дэгъу горэ Тураб тхьамыкIэм хэлъ еIо.

– Мэфэ блэкI имыIэу,– Рампэс щхыпцIыгъэ,– шъуипчъэIушъхьэ зэрэтетыр, шъуинэплъэгъу зэрэкIэтыр армэ шIэ?

– Iух адэ, нан! – тхьэ нахь зымышIэрэ Айнар къыраIокIыгъэм къыхигъэкуукIыгъ, етIанэ зыкъишIэжьи, тхьагъэпцIыгъэ-шъорышIыгъэкIэ къыпигъэхъожьыгъ: – АрынкIи мэхъу, о зэрэпIоу, Турабэ тхьамыкIэба, сэкъатба...

– ПшIэхэнэп, сипшъашъ,– Рампэс джыри пшъэшъэжъыем къесэмэркъэугъ,– ар шъуIозэ, Анысэтрэ орырэ гукIэгъу горэ ТурабкIэ шъугу къыфихьэмэ?

– Iух адэ, нан! – Айнар джы къызщылъэтыгъ, ынэмэ акIэбэнэжьыгъ.– Ащ фэдэ оIомэ, тадэжь сыкIожьыщт.

– Хьау, хьау, Айнар, сэсэмэркъэу, шъо сыдкIэ Тураб сэкъатыр къышъопэсыгъ...

Тыгъоснахьыпэ къызэрежьэгъагъэм фэдэу щэджэгъо ужмэ адэжь дунаир ошIэ-дэмышIэу зэкъоуи, осхъот зехьэр уцужьыгъэ. Тыгъэр нэгушIо-шъуашIоу Мэзыбэ шъхьащыкIошъырэ пщэфмэ къакъоплъы. КIымэфэ бэдзэжьым зыхэзыушъэфэгъэгъэ чылэми мэкIэ-макIэу зыкъешIэжьы: хьэ хьакъу макъэхэми зыкъыщапхъуатэ, чынэшIэ шъэожъыехэри чэу къуапэмэ къащызэрэугъоих, хьэнцэ макъэхэр щагумэ къадэIукIы, атакъэхэри, мэфэ уахътэр ашIузэхэкIокIэжьыгъэу, зэлъэджэх, къакъыр мэзахэмэ къачIащырэ былымхэри мэбыух.

Дунаир фыжьыбз, шъабэ. Пщэхэр зэрымытыжь ошъогуми тыгъэр нахь къегушIукIы, инэбзый джэгулэмэ ос шъхьашъор зэпагъэшIэты. ОнджэкъымэкъарихырэIугъор лъэгъо гупсэф зэфэшъхьафкIэ ошъогум зыхещэ. Мэзыбэ къышъхьащыт къушъхьэ шыгухэри, мэз чапэхэри, къокIыпIэ лъэныкъомкIэ щызэлъыIукIотырэ бгылъэ шъофхэри, нэр атеупкIапкIэу шъошэ фыжьыкIэ фэпагъэх. ЦIыф гумэкI-гукъауи, зэо-бани дунаим темытыжьэу къыпщэхъу.

КъокӀыпӀэ-къохьапӀэми, къыблэ-темырми, апэблэгъэ-апэчыжьэ хыхэми, Тумтэкъашъи, нахь чыжьэжьхэми ащыкӀэкӀыжьэу къэщыхъухэрэр сыдыкӀэ мэзыбэмэ къанэсын! Ежьхэм ячылэ орэгупсэфи, дэсылӀхэр зэрэзэмыпыджыжьхи, алан-хъэзархэр, ялъэпкъэгъу мыутӀэхэр, зыхыхэр къярэмыкӀухи…

– Уиц тэгъэпцӀэфэ, Рампэс, тыгъэпс шӀагъо къытфыкӀидзыжьыгъ,– унэ лъэгуцым къытыращэжьыгъэ Гощнагъо ыпхъу Айнарэ ыпэ ригъэшъызэ, къыӀуагъ,– лъэе мафи, шыкӀэлъ шъаби хэкӀын ащ.

– Ары, Гощнагъу, ары, тхьэшъуегъэпсэу, сиӀоф къысфэжъугъэпсынкӀагъ, Айнари пшъэшъэ хъупхъ, цым ыӀэ екӀу. Рэдэд изакъоп, ишъэогъу Даури, Чэчани, Мэщыкъуи ащ хэсынынхэп.

– Тураб тхьамыкӀэми илъае хъокӀыгъэ,– зыцӀэ къыраӀуагъэмэ Айнари зы нэбгырэу къахигъэхъуагъ.

– Тураби хэсынынэп, сипшъашъ,– пчэдыжь Айнарэ къызэрэхихыгъагъэр ыгу къэкӀыжьэу Рампэси щхыпцӀыгъэ.

– А сипшъашъ,– Гощнагъо ыдагъэп,– Анысэтрэ орырэ шъужэ дэмыкӀэу, тежъугъэзэщыгъ, Тураб быкъэм нахь Ӏоф чылэм дэлъыжьба, къепэбжъаохэ къэси гъэшӀожь Ӏанэ ешӀыжьы.

Ардэдэм тыгъэпс мэфэ гупсэфыр зэщигъакъоу Турабдыхэм адэжькӀэ бырсыр макъэм зыкъыщипхъотагъ.

– Сыд сэӀо мохэмэ къахэхъухьагъэр! – зитхьамыкӀагъо бэмышӀэу къыхэзыжьыгъэ Гощнагъо шъхьэр ыупэпцӀыгъ, кӀэсэным еусэигъэ хьанцэр къыпхъотагъ.

– А лъэныкъом шӀу щыӀэп! – Рампэси ыкъо тенэгуикӀэу пчъэдадзэмкӀэ зиуӀэшыгъ.– НекӀо, Гощнагъу, тикӀалэхэр къаукӀых!

Турабдыхэм яурам къуапэ хъулъфыгъэ куп чэтэ ихыгъэкӀи, пчэгъу къыхэпхъотыгъэкӀи, Ӏэбжым гъушъэкӀи щызэзао. ЧылапшъэмкӀи, чылакӀэмкӀи шыухэр, лъэсхэр къарэчъых. Чатэр зыпшъэ дафэрэр, осыр зэлъиуплъыжьэу зэхэфэ, пчэгъум риутырэр къэмытэджыжьышъоу Ӏопшыжьы, уӀагъэ зытелъыр шъхьэегъэзыпӀэкӀэ чэунэзым епшылӀэ, Ӏэбжым гъушъэм хэтхэр осым щэцӀанлъэх, тезэрэгъафэх, Ӏупэшъо зэрэӀыгъкӀэ къезэрэщэкӀых. Къячъэгъэ бзылъфыгъэхэр амалынчъэх, мэгъых, мэкуох, мэцӀацӀэх, ахэлъэдэрэ ӀэжакӀохэр зэзаорэмэ къызпадзых.



АӀэкӀэзыгъэ чатэхэри, аӀэкӀаутыгъэхэри, пчэгъу зэпыутыгъэхэри, пэӀо шъхьарызыгъэхэри, уӀагъэхэри раулъэгукӀыгъэ ос утыгум щитэкъухьагъэх.

– О чыл, тэунэхъу, тызэрэгъэкӀоды! – Ӏэтхъо-лъатхъозэ Колэс лӀыжъыр мэкуо.– О зиунагъо бэгъоных, шъужэкӀэпакӀэмэ шъукъамыубытыжьми, шъуянэмэ, шъушыпхъумэ шъуашӀолӀыкӀ, щыжъугъэт, шъузэрэмыукӀ – пчъэдадзэр зыӀыгъэу къыӀулъэдэгъэ Рампэс гуащэр Колэс зилъэгъукӀэ еджэ: – Мыхэр зыми къыубытыжьхэрэпышъ, Рампэс, шъори ары, сшыпхъухэр, шъуишъхьэтехъохэр зытешъухи, шъузэрэбзылъфыгъэхэр, къызэрэшъулъфыгъэхэр зыдяжъугъэшӀэжь!

Бзылъфыгъэмэ – нахьыкӀи нахьыжъи – яшъхьэтехъохэр зытырапхъотыхи, хъулъфыгъэмэ азыфагу зехьэхэм, къалъэгъугъэхэп. Рампэс утыгум зелъадэр ары лъыкъэпсыкъэ изэрэгъафэрэмэ зыкъызашӀэжьыгъэр. Хьэкъарэ ыжэкӀэ-пэкӀэ лъы мэӀу осым хэзыфахьэу шъхьарысыгъэ Рэдэди къызщыпшыжьыгъ…

Нысэщэ джэгумэ ачӀыпӀэ джыри Мэзыбэ хьадэгъэ пшӀыкӀущ къыдэтэджагъ. КӀэпщэ тӀокӀырэ зырэмэ япчъэ чылакӀэмкӀи чылапшъэмкӀи къыщызэӀуахыгъ…

## VII

Мафэ горэм, ыгу теӀункӀэжьи, Колэс дэжь Рэдэд кӀуагъэ.

Колэс фэшъхьаф хьакӀэщым цӀыф исэп. ШыукӀэпщым ыкӀэ шӀозгъэпытыхьажьырэ лӀыжъыр къыфыхэтэджыкӀ фэдэу кӀалэм зыкъыфишӀыгъ нахь, къыпылъыгъэп. ТӀэкӀу тыригъашӀи, къыӀуагъ:

– Сыд узфыщытыр, къэтӀыс.

«Колэс ыгу къысабгъэ,– Рэдэд ыӀуагъ,– ыни ыпи къысигъэплъырэп. Чылэм къыдэхъухьэгъэ тхьамыкӀагъом тыхэтыгъэп сӀорэп, ау тэрэп зыпкъ къикӀыгъэр. Хьакъарэдыхэм къырагъэжьагъ. Ар Колэс къыгурыӀорэп, ыштэнэуи фаеп. Чэчани зыдигъэгущыӀэрэп, Мэщыкъуи къецӀэцӀагъ, Даурэ нэмыӀэмэ, адыгэ шъозэбэн-зэрэшхым узэрэхэунэхъуагъэр псынкӀащэу пщыгъуупшэжьыгъ еӀошъ, ыпашъхьи ригъахьэрэп. ЗэкӀэ зыпкъ къикӀыгъэ Тураб тхьамыкӀэм ятэ

хэкӀодагъ нахь мышӀэми, тхьаусхакӀо зыфэкӀо уж «мыгъоцкӀэ» еджэ, зытыригъэплъэжьрэп... Ары шъхьакӀэ, сэ сыд силажь? Тянэ къыдэгущыӀэ, сэ сегъэхьарамы... Сэрэп Хьакъарэ гыекӀо-гъэщынакӀо фэкӀуагъэр, Шэныб шъобж езыхыгъэр...»

– ШыукӀэпщ гъумышӀу бгъэщыгъэ, Колэс.

КӀэпщыр Колэс ыгъэушъэбэу зытӀо-зыщэ ыӀэгушъо кӀищыгъ, ыуфагъ, ытӀупщыжьыгъ, кӀэпщ уплӀэнкӀагъэмкӀэ ыкуашъо еожьыгъ, Рэдэд зи къыриӀуагъэп.

«СшӀэзэ Чэчандыхэм Ӏоф зыхязгъэдзэжьыгъ,– къызэрэдэзекӀохэрэр Рэдэд фэмыщэчэу гукӀэ хэкуукӀыгъ.– Сыд фэӀуагъэр, Колэс, сыкъызэхэпшӀыкӀымэ... НахьыкӀи, нахьыжъи шъхьэкӀафэ къысфашӀынэу, сыпщы лъэпкъэу зыӀорэр орба? Сыда ащыгъум пхъэтэпэмыхь сызфэпшӀырэр? Ар сэӀо шъхьакӀэ, сшъхьэ уасэ фэсшӀыжьыщтыгъэмэ, Мэщыкъодыхэм лыкӀо зыкъязгъэшӀыныя!.. ЗэрэхъурэмкӀэ, уипщыгъэ зыфэдэр ямыгъэшӀэу сыпщ пӀокӀэ къикӀын щыӀэп. АщкӀэ кӀэпщэшхо зиӀэ Хьакъарэ зи къезгъэлыгъэп, инасыпмэ, ытхыкъупшъхьэ кӀыжьын... Джары узхэтмэ закъыхэпӀэтыкӀынэу уфаемэ, уазэрэдэзекӀощтыр, уяубзэкӀэ, зи къыбдэхъущтэп! ЗыкӀуачӀэ рыджэгужьырэ Нахьлъэш цӀэплъыр тэгъэмысэми, ыӀорэм шъыпкъэ хэлъ. Жъалымым жъалымыгъэ емыхыжьэу укъызэхишӀыкӀыщтэп...»

– Мы шыукӀэпщыр угу рихьыгъа? – Рэдэд игупшысэ гумэкӀхэр джы Колэс къызэпиутыгъ.

– Шъоми гъучӀми ахэшӀыкӀыгъэр сыгу рехьы, Колэс,– ыгу къыфихьэгъагъэхэр къызэреупчӀыгъэм щигъэгъупшэжьэу Рэдэд лӀыжъым ӀугушӀуагъ.

– Ар оӀуа? – Колэс щхыпцӀыгъэ.– Тхэлъ хабзэмкӀэ шыукӀэпщым укъыӀукӀагъ осӀони, мыщкӀэ уишъэогъу Чэчанэ ытхыцӀашъо исщынэу щымытыгъэмэ...

– А дэдэр Чэчанэ епшӀэна, Колэс? – Рэдэд зыкъиушӀэжьэу ыгъэшӀэгъуагъ.

– Сыд зыкӀесымышӀэщтыр, сэ скӀышъо чылэ пашъхьэм щырищыгъэу! – Колэс ынэхэр, илӀыжъыгъэ пщагъэгъупшэу, мэшӀо тэпитӀоу къилыдыкӀыгъэх, зэрэамалынчъэмкӀи къыухыжьыгъ: – Тхьамафэ хъугъэшъ, сызтыригъаплъэрэп.

– Тыгъуасэ тадэжь исыгъ.

– Шъуадэжь исыгъэри тичъыг шъхьапэ пысыгъэ бзыури,– Колэс щхыпцӀыгъэ,– сэркӀэ ӀэрыфэгъухэпI. Ащ нахьи нахьышӀу уишъэогъумэ лӀыкӀо укъызфашӀыгъэ Ӏофым ышъхьэ къысфипхымэ.

– Мыр еӀу аӀоу ахэмэ къысаӀуагъэп, ау Колэс дэжь ихь, икъэбар къызэгъашӀ къысаӀуагъ.

– Тхьашъуегъэпсэу сызэрэшъущымыгъупшагъэмкӀэ,– зэхихыгъэр зэригуапэр къыхэщэу Колэс джыри щхыпцӀыгъэ, ау игые къышӀутемыкӀон ылъэкӀыгъэп: – Чылэм бэлахь къыдэжъугъэтэджэным ыпэкӀэ шъузэупчӀыжьын шъуимыӀагъэмэ, шъуипаӀохэр джэнджэшэгъу шъушӀыгъэмэ, акъыл къэжъугъотыни... Зэ, зэ, сигъунэгъу,– Рэдэд ыжэ къызэтыримыхыгъэми, ыгу илъыр къышӀагъэу Колэс къэгумэкӀыгъ,– сэшӀэ сэ къапӀо пшӀоигъор, тэ, адыгэхэр, къосэгъу, мыутӀ, зыхы тӀозэ, тызэзэожьыкӀэ, чылэпшъэчылакӀэкӀэ тызэхэлъадэкӀэ, чылэ гъунэгъухэмкӀэ тызачъэхэкӀэ, лӀыгъэ напэ къырыпхыщтэп. Улы пшӀоигъомэ, апэ уитынэу уфаемэ, уилъэпкъэгъухэр зэгъэшӀух, зэгурыгъаӀох, уихэгъэгу къибэнэрэ пыймэ уилӀыгъи, уиамали, уизэшӀокӀи апэгъох. Шъо Хьакъардыхэм атх зэпытыутыгъ шъоӀошъ, шъуипаӀохэр шъущыфэжьхэрэп.

– Ары шъхьакӀэ, Колэс,– фэсакъыпэзэ, Рэдэд къыӀуагъ,– ахэр зыгорэм ыгъэӀэсэнхэ фэягъэба, нэӀуагъэх...

– Адыгэмэ анахьыбэр нэӀуагъэ, гъэрэзэгъуай,– Колэс тхьагъэпцӀышъо нэгукӀэ Рэдэд фычӀэплъыгъ,– уичатэ зэкӀэми афырикъущтэп. Адыгэмэ аӀо: игъо къэмысэу уисэ къимых.

– Ар зэхэсхыгъэп, Колэс,– риӀожьыгъ Рэдэд, «ау зэлъэпкъэгъухэм тызэрэзэфыщтын фаем тыфигъасэзэ, адыгэмэ зи къаригъэлырэп, арба тэри чылэм хабзэ дэлъынэу, Ӏэдэбрэ нэхъоирэ щызэфашӀынэу тызкӀыфаер», гукӀэ ыӀуагъ.

– Зэхэшъухыгъэпти ары имыгъом шъузкӀепэсэкӀуагъэр...– Колэс кӀэпщыр дэпкъым пилъэжьызэ, гъумтӀымыгъэ, етӀанэ нахь лъэшэу, ау шъэбагъэ хэлъэу къэупчӀагъ: – Тыдэ щыӀэх уишъэогъухэр?

– Чэчандыхэри? – Колэс икӀэжъукӀыжь макъэ Рэдэд къыгъэгушӀуагъ.

– Джа къыбдэзэуагъэхэр ары.

«ЗэрэхъурэмкӀэ,– ыгу зызэрипхъотэжьыгъэр Рэдэд къызхигъэщыгъэп,– ышъхьэ къысфырихырэп шъхьакӀэ, чылэм къыдэхъухьагъэмкӀэ сэры Колэс ыгъэмысэрэр, «къыбдэзэуагъэхэр» еӀошъ, къысфедзы. Сыд шъуӀуа лажьэ

зиӀи, зимыӀи сэ сакъызфыхигъэщырэр? Шъыпкъэр пшӀэнэу уфаемэ, сэрэп, уипхъорэлъф Чэчан ары тызфэбгъэпыирэм кӀэщакӀо фэхъугъэр… Тураб джэгум къыщаушъхьакӀугъ ыӀуи, Даурдыхэр рищажьи, хъущтыр зэхъухэм сэ къыслъагъэкӀожьыгъэх… Адэ джары, уакъыхэщы зыхъукӀэ, тыгъужъым фэдэу, пшхыгъи умышхыгъи къыптыралъхьащт… УлӀымэ, Турабэ зэриӀоу, лъэгукӀэтын зямыгъэшӀ, плъэгу къыкӀэмыгъаплъэх…»

– Сапашъхьэ уисми, гъунэгъу, чыжьэу ущыӀ,– Колэс къыхэпскэуӀукӀыгъ.

Зигупшысэмэ къахэужьыгъэ Рэдэд къыӀуагъ:

– Ары, Колэс, ары, Чэчандыхэр армэ зыфапӀорэр,– Рэдэд къыкӀиӀотыкӀыжьыгъ,– ахэр уищыкӀэгъэщтмэ, гъотыгъоещтхэп, джыдэд пӀоми къыпфэсыугъоиных.

– Ащыгъум мэфэл тедгъэшӀэнэп,– Колэс къэтэджыгъ,– зыкъэсэгъэхьазырыфэ, ори, Даури, Мэщыкъуи, Чэчани шъукъэшэси, садэжь шъукъыӀухь, чӀыпӀэ горэм тыкӀощт.

– Тыд, мышъэфмэ, Колэс, тыздэкӀощтыр?

– ЛӀым некӀо зиӀокӀэ, кӀэупчӀэжьхэрэп.

– Ӏашэ дголъыщтмэ сшӀэрэпышъ ары,– Рэдэд кӀилъэшъужьыгъ.

– Ашъоджани, танджи, чати тищыкӀэгъэщтэп. ЧылакӀэхэм сымэджаплъэ тафэкӀощт.

– Хьакъарэ дгъэшӀожьынэуи?! – Рэдэд къыхихыгъ.

– ШъхьакӀо зышхырэр шъхьэ шхыгъо ефэжьы,– Колэс мэкъэ шъабэкӀэ къыӀуагъэми, игущыӀэ пытэ.– Хьакъарэп, чылэр ары сымэджаплъэ тызфакӀорэр. Орми, хэтми хьау зыӀорэр сигъусэп.

– ЗыцӀэ къепӀуагъэмэ, Колэс,– къызэрезэгъыгъэр Рэдэд къыриушыхьатыжьыгъ,– Турабэ ахэтэп.

– Къезэгъынэу шъошӀэмэ, ари къыздешъущажь.

Шъэогъумэ Рэдэд бэрэ алъыхъугъэп. Чэчанэ улъыхъунэу щытыгъэп, сыдигъуи зэришӀ хабзэу, гъолъыжьыгъо закъор хэбгъэкӀымэ, Айнар ыгу зэрилъыр ыушъэфэу Даурдыхэм адэжь исыгъ. Мэщыкъо шакӀо къикӀыжьыгъэ къодыеу, къэлэпчъэ дэхьагъум къыщиубытыгъ. Турабэ зыригъэнагъ:

– Тятэ зыукӀыгъэм дэжь сымэджаплъэ сыкӀощтэп.

– Хьакъарэп, чылэр ары, чылакӀэхэр ары сымэджаплъэ тызыфэкӀощтыр,– Колэс къыриӀогъэгъэ дэдэр Турабэ риӀожьыгъ, зэпыугъо тӀэкӀукӀэ пигъэхъожьыгъ: – Сэри ащ сыфэкӀэщыгъуахэп, ау Колэс тхьаматэм тышӀолӀыкӀы, чылэм тыкъеубыты.

– КӀо, аущтэу оӀомэ, сыкъыодэӀун. Колэс къыздэрэшэс ыӀуагъэмэ, сыкъыжъудэшэсын…

– Колэс непэ тызфиугъойрэм узэгупшысэныбэ хэлъ…– Рэдэд ишыукӀэпщ уплӀэнкӀагъэ ыӀэгушъошхо чӀэкӀуадэу хэхьапщыкӀыгъ, зыӀупӀэ ыӀыгъ шыми ар зэхишӀэу пэбзыджын пӀуакӀэхэмкӀэ хэпырхъыкӀыгъ.– Хъулъфыгъэ пстэури, зафи мызафи, зэфэдэ… Ахэмэ анэ лъы къытелъадэу ашъэ зикӀхэкӀэ, гъэуцужьыгъуаех… КъэошӀэжьа Колэс зэрэамылынчъэр, хэкӀыпӀэ зэрэщымыӀэжьыр къызгурэӀом, тянэмэ, бзылъфыгъэмэ зызэраригъэушъхьапцӀыгъагъэр?

– КъэсымышӀэжьы мэхъуа! – Турабэ игуапэу къыхигъэкуукӀыгъ.– Аущтэу тибзылъфыгъэмэ Колэс тхьамэтэ мафэм аримыгъэшӀыгъагъэмэ, тызэрэукӀыжьыпэныекӀи мэхъу. Мары тятэ тхьамыкӀэр Хьакъарэ ичэтэ чӀэгъ чӀэкӀодагъ…

ШыуитӀур заулэрэ къэкӀуагъэу, Тураб къыӀуагъ:

– Е-о-ой, Рэдэд, тян, бзылъфыгъ зыфапӀохэрэр сэ сыдкӀэ сищыкӀагъ, тятэ тхьамыкӀэр щыӀэжьэп. Сичатэ къыздэсэбгъэштэгъагъэмэ, зытх зэпыуутыгъэ Хьакъарэ ипӀэ хэсыукӀыхьэщтыгъэ.

– Тураб! – зэхихыгъэр Рэдэд ымыдэу иш осым зыхыригъэтӀагъ: – Щыгъэт! Ным ащ фэдэ раӀуалӀэрэп.

– Дэгъу, дэгъу, мыхъун сӀуагъэмэ, къысфэгъэгъу,– Турабэ зиумысыжь фэдэ зишӀыгъэми, зыфэсакъыжьызэ, гъумытӀымыгъэ,– сэщ фэдэу укъалъфыгъагъэмэ, уянэ епӀуалӀэрэм теплъыни…

Турабэ ытхыцӀэ Рэдэд зеплъыхьэм, ыгу къыпыузыкӀыгъ, зэрэхигъэкӀокӀэжьыщт дагъоу къызфигъотыжьыгъэм тӀэкӀу тыригъашӀи, игугъу къышӀыгъ:

– НафэкӀи, шъэфкӀи дагъо зимыӀэ къэхъурэпщтын, Тураб… Силэгъумэ сялыекӀэу, сызэрэкъопцӀэшхор пшӀодаха?

– Ощ фэдэу сыкӀочӀэшхоу, сыпсаушхоу сыкъичъыжьыгъагъот! – зыкӀэхъопсырэмкӀэ ыгу зэрэпыузыкӀырэр ымакъэ къыхэщэу шыми ытхьакӀумэ къыригъэпхъуатэу Турабэ къыхэкуукӀыгъ.

– Сыд пшӀэни, Тураб?

– Сыд пшIэни пIуи? – Тураб зэрэтхыщэр щыгъупшэжьыгъэу къэупчIагъ, щхыпцIыгъэ: – Сызфэдэ цIыфыр зыдязгъэшIэжьэу мо къушъхьэмэ Мэзыби адэзгъэсысыни, Нахьлъэш цIэплъыри къэзгъэгущыIэныеп, шъхьэгъэщ къысфэзымышIхэри нал папкIэу сишылъабжъэмэ ачIэзгъэлъыни…

– Хъугъэ, Тураб…

– Хъугъэмэ, хъугъэ, Рэдэд… УкъысIуууIухьагъэти, ащ хэлъ щыIэп, сызфэIапчъэмэ уахэзгъэдэIуагъ,– тхы къипшыр ытхыцIэ тыригъэджэгукIызэ, Турабэ кIэщхыкIыжьи, къыIуагъэм кIэух къыфишIыжьыгъ: – ЦIыкIури ицIыкIугъэ зэрэтеукIытыхьажьри, иныри иинэгъащэ быты зэрехъулIэжьыри къызгурымыIоу щытэп, ау сыгу илъ шъыпкъэ горэ къыосIон, Рэдэд. Хэти сыд АйнаркIэ ерэIу, къыздэрэхьащх фаеми, а зыр зыпэсшIын дунай нэфым къытекIынэп…

«Мыщ ыIорэр!..» – адырэ гущыIэ зэфэдэмэ афэмыдэу Рэдэд зэхихыгъэм къыкIигъэщтагъ, зэрэхъугъэри ымышIэу шым елъэдэкъэуагъ:

– НекIо, муары Чэчандыхэри къэшэсыгъэх.

Щэджэгъоужмэ адэжь шыуитф чылэкIэ гъогум къытетэджагъ: Колэс ыбгъуитIукIи зи готэп, мычыжьэ-мыблэгъэ шыуиплIэу ыуж итмэ къапымылъым фэд. Мыдырэхэри, аныбжь елъытыгъэу, тIурытIоу зэгогъэпкIагъэх, апэ ит тхьаматэм ишытесыкIэ-пкъыIыгъыкIэ Iэжэгъэ Iэдэб къахелъхьэ. «Колэс мо шыухэр тэ ыщэра? ЧылакIэмкIэ нэшхъэй щыIа?» – шыухэр зылъэгъухэрэр кIэупчIэх. «Чылапшъэхэр енэгуягъо, чылакIэмэ яшIужьынхэу афакIохэкIэ» – зыIохэри щыIэх. «Хьакъарэ рашIагъэр рашIагъэу къяшIужьмэ, делэ…», «Имылажьэ зэришIэжьыгъэп…», «Лаурстэнкъоми, сыпщы лъэпкъ еIошъ, ытамэхэр еIэты… ащи ынэ зыгорэ кIэлъ…», «Модэ Тураб огъурцызыри, ытх онэкъуап пIонэу, ягъус… Колэс тхьамэтэ мафэм мыгъо закъор сыдым шыу гуадзэ фишIыгъ!», «Ашъыу, шъумымэхъашэу, ахэр шъумыIо…» «Ари тэрэз,– нэмыкI горэм къадырегъаштэ,– Лаурстэныпщыр зыукIыгъэ Аспарыхъуи, ишъыпкъапIэ сшIэрэп, нэлъэныкъо нэшъугъэу къаIожьы… »

Урам къэгъэзэгъум шыухэр зыкъокIхэм, Хьакъарэ иунэ къамылышъхьэ тхышъхьэ лъапсэм къыщылъэгъуагъ. ИкъэлэпчъэIу шышIоIу зэгъокIыгъэти, Колэс гушIуагъэ. Дэгъу, ыIуагъ, тызфакIорэм шыхьатыби ищыкIагъэп, тыгу филъыри етIон, зищыкIагъэхэми зэхахыжьын, зимыщыкIагъэхэри ежь къазэрэщыхъоу тегущыIэных, зыфаехэр халъхьан, зыфэмыехэр хагъэкIын.

– КIалэхэр,– Колэс къызэриIокIи, иш икIо щигъэкIагъ,– моу шъукъыскIахь… Ыхьы. Зыдэжь шъусщэрэр, зыфэдэхэр шъозгъэшIэжьынэу щытэп. Ямысагъэ яжъугъэштэжьынэуи ауж шъуимыхь. СIорэм къыдежъугъэштэщт, шъугу зэмыIун салъэныкъокIи адырэхэмкIи зэхэшъухыми, зышъуIаж.

– Тхьамэтэ маф,– Турабэ зэхихыгъэм къыщыригъэуагъ,– тятэ тиунэ лъапсэ къыщыраукIыхьагъэу…

– Адырэ лIы пчъагъэр?! – Колэс онэгум зыкъырипхъоти къызэупчIэкIыгъ, къыраIожьыщтым пымылъэу къыпидзэжьыгъ: – Мыдырэр къаукIыгъ, модырэр тыукIыжьыгъэ тIозэ, цIыф зэрэукIым чылэр хэтэгъэты.

– Къызгурэlо, Колэс…– Турабэ къыIуагъэр кIилъэшъужь фэдэу зишIыгъэми, нахьыжъым гущыIэгъу зэрэфэхъугъэр зи къэзымыIощтыгъэ илэгъумэ зэхаригъэшIыкIэу къыухыжьыгъ: – Ары, тхьамэтэ маф, ары, нахьыжъ, чылэм итхьамыкIагъо елъытыгъэмэ, сэ къысэхъулIагъэр сыдэу къыхэщын, сэри сщэчын… Къыбдесэгъаштэ, Колэс, тыцIыф тэIоми, тижъалымыгъэкIэ хьэкIэ-къуакIэмэ тазэрэтекIырэ щыIэп. Тичылэ закъомэ Iофа, адырэхэри тэщ фэдэх…

– Тураб! – къыгот шыум къыфидзыгъ.

– Сыда, Мэщыкъу, мыхъун къэсэIуа? Сызгъапэрэр…

– Бащэ къэоIо,– адырабгъукIэ щыт Чэчани ыдагъэп, шъхьэгъэсыс гъумыгъукIэ Даури къыдыригъэштагъ, Рэдэд шIукIи, екIи игумэкI къызхигъэщыгъэп.

– Колэс, сыздэшэсыгъэхэр зэрэгъэуIушыжьыгъэх! – Турабэ зыфэмыIэжэжьэу къышIудэлъэтыгъ, «къыддэшэсыгъэхэр» зэримыIуагъэми кIэгушIужьыгъ.

– Тэрэп,– ежь ыпкъ къикIыкIэ Турабэ гъусэ зэрафэхъугъэм рыкIэгъожьэу, Рэдэд ыдагъэп,– Колэс тхьамэтэ нахьыжъым тигъэшэсыгъ!

– Адыгэ шъхьэгугъум тызэригъэшэсыгъэр зыщышъумыгъэгъупш! – Колэс къыухэсыжьыгъ.– Хьакъари тэ зэрэтшIоигъоу зэхэлъэп.

Сымэджаплъэхэр зэрыхьэгъэ унэр Хьакъарэ IэпкълъэпкъышхоM епэсыгъэу хъоо-пщау. ШъхьаныгъупчъитIу зыхэлъ дэпкъым исэмэгукIэ щыт пхъэ пIэкIорышхом бгъэ

дэгъэзыягъэкIэ Хьакъарэ къытещы, тыгъужъышъо зэхэдэгъэ чыхIэн пырэцэшхоу теубгъуагъэм иинагъэ нахь хегъахъо. Ащ цIыкIу ехъулIэзэ, къэтэджыгъэ НэтIае нэмыкI сымаджэм дисэп. Колэс зипэщэ купым якъэкIуакIэ зыфихьын ымышIэу Хьакъарэ нэплъэгъу мышIукIэ шъхьащыуцуагъэмэ зырызэу къяплъыгъ, ау зэрыфэгъэ амалынчъэм зыкъыригъэшIэжьзэ, къыIуагъ:

– Шъукъысшъхьащытыкlэ сыд, Колэс…– ЕтIанэ ерагъэу зиIажэзэ, НэтIае риIуагъ: – Тхьамэтэ мафэр гъэтIысыба… Чылапшъэм къикIыгъ…

– Тычылапшъэми тычылакIэми, Хьакъар,– Колэс шъабэу, фэбагъэ хэлъэу риIожьыгъ,– тызычыл, тызылъэпкъ, шIуфежьэжь отIонэу тилыуз тыкъищагъ.

– Тхьашъуегъэпсэу, ащ фэдэ гухэлъ шъуиIэмэ…– Хьакъарэ ышъхьэ дыригъэзэкIыгъ, зэпыугъо зыфишIыгъэмкIэ псынкIэу зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: – СшIэрэп ныIа, Колэс, угу зыфэмышIу куп къыпшъхьэщыуцомэ, шъхьэм къихьащтыр…

– Адэ ары, зимафэ мэфишъэ хъун, Хьакъар,– сымаджэм ипIэлъапэ тетIысхьажьыгъэ НэтIае гу къызIэпишIыхьажьыгъ,– умалынчъэу пыйхэр къыпшъхьэщыуцомэ…

– Шъукъэзыубытын горэ чылэм къыдэкIыгъэмэ ары…– Тураби гъумытIымыгъэ.

– Тураб, ори ары, НэтIай,– мэкъэ шъырыт теубытагъэкIэ Колэс къыIуагъ, зыцIэ къыриIогъэ нэбгыритIум ямызэкъоным пае, къыппэблагъэр уидэогъу зэраIоу, ипхъорэлъфи къыдыригъэуубытыгъ,– шъуитIо, Чэчани ары, зэ шъууцужь, тIорэмрэ тшIэрэмрэ уасэ афэтымышIыжьэу, зэфэгъэгъу-зэфэгъэкIуатэ тимыIэжьыхэу, хьэкIэ-къокIэ зэрэшхкIэ тэпсэу.

Джыри Хьакъарэ шъхьэр дэпкъымкIэ ригъэзэкIыгъ, хэгурымыкIыгъ, зыкъигъэзэжьи, шъхьэр ыгъэсысызэ, къыIуагъ:

– Лаурстэнкъор…– Хьакъарэ ыцэлышъхьэ зэрэгъэшх макъэ ыпэкIэ Iужъу чIэгъ къычIэтэкъугъ,– къысэпшIагъэр пфимыкъоу плъакIо укъысфэкIожьыгъ ара?..

Рэдэд зэхихыгъэм машIор къыкIыригъэдзагъэми, сфэмыхъоу зысэщыIэ къыригъэкIэу, ыгу зэребгъэри къышIухэщэу Колэс фычIэплъыгъ, щхыпцIыгъэ. Пчъаблэмкlэ щыт Чэчани, Тураби, мыдыкIэ щыс Даури, Мэщыкъуи ашъохэр зэокIыгъэх, зызгъэлIыщтыгъэ НэтIайи ыгу къыIэпызыгъ, кIым-сым хьылъэр унэм иуцуагъ.

– Укъысэдэлуштмэ, Хьакъар,– тIэкIу тырыгъашIи, мэкъэ гъэтIылъыгъэкIэ Колэс къыIуагъ,– сигъунэгъу Рэдэд къыфэбдзыгъэр зэкIыозгъэхьажьыщт. ГыекIо-убзакIо мы кIалэхэр къыпфэсщагъэу къызыщыогъэхъумэ, ухэукъо. ТыкъызэхишIыкIыщтэп аIо зэхъум, афэсыдагъэп шъхьакIэ, мыхэр сэщ нахь Iушхэу къычIэкIыгъэх.

– Шъуфаеми шъукъысэгый, шъуфаеми шъукъысэубз, Колэс, ори, уигъусэхэми къышъосэIо: Нахьлъэш Iазэм мэзэ зытIукIэ сыкъигъэтэджыжьынэу ыIуагъэшъ, Лаурстэнкъом къысишIагъэр есымышIэжьэу, мо Тураб тхыщэм ифэшъуашэ есымыгъэгъотэу дунай нэфым сытетыжьыщтэп. Сишъхьэукъэгъу къэсыгъэшъ, НэтIай, мыхэр санэIу ищых.

– ЩэIагъэ зыхэжъугъэлъ! – къызщылъэтыгъэ нахыкIэмэ Колэс афигъэпытагъ, ышъхьэрэ ыгурэ зэрэзэбгъэжьырэр къызхимыгъэщэу яупчIыгъ: – Къо укIыгъэм сэ хасэжьрэп аIоу зэхэшъухыгъа? Зэхэшъумыхыгъэмэ, джар зэзышIэжьыгъэр шъуапашъхьэ илъ. Теплъын хъурэм, некIо, тыжъугъэшэсыжь.

## VIII

ЯпшIыкIузэнэрэ лIэшIэгъур къихьанкIэ мэфэ заулэ къэнэжьыгъагъ Рэдэдырэ Нахьлъэшрэ къушъхьэ-мэз лъагъом зыщызэIоупIэхэм.

– Хэт сэIо сигъогупэ къытеуцуагъэр? – Нахьлъэш зыщымыгъозэ шыум къеджагъ.

– Джа дэдэр сэри къыосIон слъэкIыщт, Нахьлъэш, ау уапашъхьэ щысфэшIэнэп нахь,– зымакъэ ышIэжьыгъэ шыум Рэдэди пигъодзыжьыгъ.

– Ора сэIо, Лаурстэнкъор, зигугъу зэхэтхэу зышъхьэ тытемыплъэжьрэр? О слъэгъурэр уIэнэкIэп, тэ укъикIыжьра?

– ШакIо сыщыIагъ.

– Уизакъуа?

– Сызэрэплъэгъу.

– ГъэшIэгъоны… МодыкIэ Хьакъарэ укъытфеубы, о лIыгъэ зеохьэ, уизакъоу ошакIо.

– Ащ лІыгъэ фэІуагъа, Нахьлъэш, укъыІукІагъ…
– Тхьауегъэпсэу. Тыгъужъышъуи тыщыкІэрэп, чэцІыли тимакІэп.
– Къеблагъ ащыгъум, Мэзыбэ укъэсыгъэу тадэжь ублэзгъэкІынэп.
– АщкІэ, сшынахьыкІ, укъызэзгъэлъэІужьынэп, Мэзыб сыкъыздакІорэр.
– Ары шъхьакІэ, Нахьлъэш, тичылэ зыдэщыІэр сишыпэ зыдэгъэзагъэр ары.
– Тэрэз, ухэукъуагъэп,– Нахьлъэш щхыпцІыгъэ, шым къыригъэгъэзэжьыгъ.– Шылъэмакъэ зызэхэсэхым, хэт илІыхъужъ мэфэе мэзыр зэтезычырэр сІуи, къытезгъэзэжьыгъ. СІэпкъ-лъэпкъыхэри зэкІэсыуты сшІоигъуагъ, ау орырэ сэрырэ ар тфэшІэнэп. Хьакъарэмэ ышІэщтыгъэ. Тхьэмафэ тешІэ къэс Лаурстэныкъом сфаригъэпхыгъэр сфытехыжь еІошъ, къысфарегъэІопщы.
– Хьакъарэ къысфигъэуцугъэ пІалъэм мази тешІэжьыгъ, Нахьлъэш.
– Узео-узеом, къэмытэджыжьынэу пфэшІыгъэп,– тхьагъэпцІэу кІэщхыкІы Нахьлъэш.
– Угу мэхагъэ къибгъахьэмэ, ащ фэди къыохъулІэщт.
– Умыщх, Лаурстэнкъор, умыщх. Мышъэ уІагъэм зыкъызишІэжькІэ, сыд ышІэрэр?
– КъыпэкІафэрэр ецутхъэ.
– Хьакъарэ зыкъызишІэжьыкІэ, джа дэдэр къыуишІэщт.
– Дагъо горэ Хьакъарэ имыІахэуи?
– ИцІыфыгъэкІа, хьауми ыкІуачІэкІа?
– ИцІыфыгъэкІэ,– Хьакъарэ пІэм хэгъолъхьаным ыпэкІэ ытамэхэр зэрэІэтыгъэ зэпытыгъэхэр Рэдэд ынэгу къыкІэуцомэ, сымэджаплъэ зыфакІохэм къазэрэпэгъокІыгъагъэр ыгу къэкІыжьызэ, щхыпцІыгъэ,– дэгъо закІ. Ау зэмыгупшысэжьэу пІалъэ къысфэзгъэуцугъэр ыкІуачІэкІэ дэгъончъэу къэтэджыжьынэп сэІошъ ары.
– Хьакъарэ зэрэхъужьыщтым уемынэгуй, ау тІэсхъапІэ горэ зэриІэщтыри сымышІэу щытэп. Укъысэмылъэlу, Лаурстэнкъор, укъысэмылъэlу,– ымакъэ тІупщыгъэу Нахьлъэш щхыгъэ,– укъысэлъэІугъэкІи, ышъхьэ къыпфисхынэп.
– Тэрэз, Нахьлъэш, сыдырэ Іофи хьилагъэ хэмылъмэ нахьышlу,– сэмэркъэукІэ къежьэгъэ гущыІэр зэфагъэм фигъэкІуатэу Рэдэд къыухыжьыгъ.



– Зэфагъэр, шъыпкъэ, зэкІэми апшъ, къыбдесэгъаштэ, ау, пшІосыушъэфынэп, шъуитІо, Хьакъарэрэ орырэ, шъукІочІэшхоу, зыми шъуримыутынэу зышъолъытэжьышъ,– джыри Нахьлъэш цІэплъым ыгу нахь къыдеІэу, шытхыр ыгъэсысэу щхыгъэ,– текІорэр сицу, хэт ышІэра шъо зыкъызэрэсфэшъушІыжьыщтыр, сифедэ зыхэлъ шъэфыр къыскъорэнэжь.
«Сэмэркъэу зыригъэшІэу, сыд шъэфа мыщ зышъхьэ къыримыхышъурэр? – Рэдэд къызхимыгъэщэу гукІэ едэуагъ.– ТитІу язи, Хьакъарэрэ сэрырэ, ицыхьэ къыттелъэп. ТызэригъэбэнышІт, тызэригъэшъункІыщт, текІорэр ицущт. Хьакъарэ къыгъэтэджыжьынэу зыфиІорэр шъыпкъэна? Джахэр къысфидзызэ, сеуплъэкІумэ? Нахьлъэш цІэплъыр зэрэІупэбзапэм зезгъэгъэделэщтмэ, ащыгъум Колэс къысиІорэр зэкІэ тэрэз. Уифедэ хэмылъэу загъорэ гущыІэба Тураби етэІо, тыфэгубжы шъхьакІэ, зэнэгуерэмэ, фэтымыдэрэмэ тапэкІэ тащыІокІэжьы… Хьакъарэ еІазэ, егъэхъужьы, ау ылъакъо къызытыригъэуцожьыкІэ, итІэсхъэпІэщтыр ежь нэмыкІ ышІэ хъущтэп. Къысаlу сІоу уезгъэзырэп, узфэе дэдэри озгъашІэу сыолъэІунэп. А узщыгугърэ Хьакъарэ гъатхэ нэс зыкъишІэжьмэ орэгушІо…»
«Олъэгъуа, сышъэджашъ, сыкІочІэшху еІошъ, мыщ нахь мыхъурэми зызэригъэпсырэр,– Нахьлъэш цІэплъыри зэрэмыгугъагъэу гъусэ зыфэхъугъэ Рэдэд фычІэплъыгъ,– къосэгъу хэгъэгум ежь нахь шъхьэшхорэ пкъышхорэ имысэу, сэ ынэ сыкъимыубытыжьэу къыщэхъу… Хьакъарэ ипкІыгъахэу сэ укъыстегушхомэ, кІэлэхъу, ухэукъо… Лъэбгъу едзыгъо закъокІэ Хьакъарэ зырарigъэутыныр нибжьи сшlагъэп, пкІэнчъэу зезгъэгъэшэхъугъ. Раутырэм зигъэбэнэкІырэп зэраlоу, ежь осым сыщыцІэлъагъ еІо шъхьакІэ, мыри зытетыгъэр осыба!»
– Адэ, Лаурстэнкъор, сшынахьыкІ,– Нахьлъэш цІэплъыр ошІэ-дэмышІэу игупшысэмэ зэрахэфэгъагъэм фэдэу къахэужьыгъ,– уишылъэмакъэ нахь зэхэсымыхэу сыдэу чыжьэу укъызбгъодэта?
– Хьау, Нахьлъэш,– ащ ежэщтыгъэ фэдэу Рэдэди хьазырыпсэу игупшысэмэ къахэзыжьыгъ,– ар телъхьагъу къызфэозгъэшІынэп, ыджар дэдэр ори къыосІолІэн слъэкІыщт.
– Ар оІомэ, сшынахьыкІ,– Нахьлъэши щхыпцІызэ зыкъигъэтэрэзыжьыгъ,– тиІо зэхэлъ тІозэ, тызэшъхьащы-

гупшысыгъэкӀэ сэгугъэ.– Зэрэхъурэмкӏэ, ежь-ежьырэу зэриӀожьыгъ, мыщ ичатэ фэдэу, ыкӀочӀэ делэ сырыгущыӀэжьырэп, ыбзэгуи чаны, къыпигъэхъожьыгъ: – Загъорэ имыщыкӀэгъэ хьэкӀэ-къокӀэ шӀыкӀэхэр зыфэтэгъэӀужьы шъхьакӀэ, цӀыфым инэплъэгъу псынкӀэмэ афэд ащ игупшысэ хъункӀэ-псынкӀагъи... Модэ, сшынахьыкӀ,– Пшъэдэ нэпкъ къызтехьажьхэм Нахьлъэш цӀэплъым къыӀуагъэм шъхьащылъэтэу иш къызэтыригъэуцуагъ,– тикӀымафэ зэ хаплъэлъ, нэр къыгъэушъэбэу, гур къыгъэфабэу зэрэдахэр!

– Ащ ти Тхьэшхо къышъхьащытыжь зыхъукӀэ, Нахьлъэш! – Рэдэди дыригъэштагъ.

– Адэ ары! Плъэгъурэба, зыхыхэм, мыутӀэхэм адэжькӀэ зыригъэзыхыгъ нахь мышӀэми, тхилъагъорэр игуапэу къызэрэтӀугушӀорэр!

– Къыпщэхъу, Нахьлъэш,– Рэдэди гукӀэ щхыпцӀызэ, къымыӀон ылъэкӀыгъэп,– тизакъопщтын ар къызӀугушӀорэр.

– Укъысэупчӏыгъэмэ, ащ фэдэ къэозгъэӀощтыгъэп, сшынахьыкӀ,– зэхихыгъэр зэримыгуапэр Нахьлъэш цӀэплъым ымэкъэхъу къыхэщыгъ, къэупчӀагъ: – Хэт ти Тхьэшхо зыщыгугъынэу, ицыхьэ зытелъынэу талъэныкъокӀэ щыӀэу пшӀэрэр? Сэ сӀорэм, Нахьлъэш къупшъхьэ Ӏазэм ублэкӀэу, орэ Колэс фаеми, Чэчани, Мэщыкъуи, псэ къызӀузгъэкӀэжьыгъэ Даури ары, хэта етӀани, джа Тураб быкъэм щыкӀэкӀыжьэу, къыуаӀорэм уемыдэӀу, Ӏэ къыпщафэми, пшӀошъ умыгъэхъу, Хьакъарэ идэгъо шъэф,– къыриӀогъагъэр щимыгъэгъупшэу джыри къыкӀеӀотыкӀыжьы,– сэ зыр арышъ щыгъуазэр, зыгозгъэуцорэп, ощ нэмыкӀ игугъэпӀэщтэп.

– Ти Тхьэшхо игугъапӀэмэ, сэ сыдкӀэ сакъыхэхьан... Ау, тэ, нахьыкӀэмэ, пшӀоигъор къытэӀуалӀ фаеми, къыттефэми къыттемыфэми тщэчын, Колэс нахьыжъым фэмышъуашэр еозгъэӀолӀэнэп.

– Арэп, Лаурстэнкъор, сӀонэп сӀуагъэ шъхьакӀэ,– Нахьлъэш цӀэплъым къыхихыгъ,– Колэс лӀыжъыр мэзыбэхэмкӀэ шъуитхьа, сыдэу къышъущыхъура сэӀо?!

НэӀуасэ къызфэхъугъэм щыублагъэу мыщ фэдэу Нахьлъэш цӀэплъыр губжыгъэу Рэдэд къышӀэжьырэп. Тыгъужъышъо пэӀошхоми, джэдыгу шхъонтӀэ пырэцэшхоми къакӀоцӀыпшэу, зытес шы зандэри ецӀыкӀокӀэу къыщыхъугъэми, къыфадзыгъэм ипэгъокӀ Рэдэд ыдзыжьыгъ:



– Колэс тхьамэтэ мафэр Мэзыбэ инахьыкӀэхэмкӀи, инахьыжъхэмкӀи тхьэ папкӀэу тлъытэрэп. Ау Колэс фэдэ цӀыф Ӏуш уичылэ дэсынкӀи, уилъэпкъ къыхэкӀынкӀи насыпыгъ.– ЕтӀанэ нахь мэкъэ шъэбэ гъэтӀылъыгъэкӀэ къыухыжьыгъ: – КӀо, уишӀошӀ къэпӀуагъэшъ Нахьлъэш, сэри сыгу илъыр къэсӀуагъэу къызышӀогъэшӀ. ИмыщыкӀагъэу сыкъэпсынкӀагъэмэ, къысфэгъэгъу.

– Лаурстэнкъор! – Нахьлъэш цӀэплъым мэкъэ ихыгъэкӀэ Рэдэд ятэ ыцӀэ къызӀуипхъотыгъагъ шъхьакӀэ, ардэдэм зыкъиушӀэжьи, нахь шъабэу къыкӀиӀотыкӀыжьыгъ: – Лаурстэнкъор, сшынахьыкӀ, сыкъэпсынкӀэгъащ пӀоу зымыухыижь. Колэс лӀыжъ ӀушымкӀэ тӀэкӀу узгъэгузэжъон сигухэлъыгъ, ау зи къысэбгъэлыгъэп, укъыстекӀуагъ,– ыгу къыдеӀэу Нахьлъэш щхыжьыгъэ.

– Шъыпкъэр пӀощтмэ, Нахьлъэш, а зыфэпӀогъэ ӀофыгъуитӀуми сягупшысагъ,– Рэдэди ыгу имылъыр къыӀозэ, щхыпцӀыгъэ.

– Шъхьэр зэпызыкӀыщтмэ, сшынахьыкӀ,– псынкӀэуи къыдыригъэштагъ,– уямыгупшысэмэ нахьышӀу. Джырэ тидунай сыд пшӀошӀыра зыыгъыр? Акъылыр арэп – чатэмрэ кӀуачӀэмрэ. ЛъэкӀэпӀэ пытэм махэр реуты сыд зыкӀаӀорэр? Адэ джары... Акъыл закъокӀэ зых-мыутӀэхэр бгъэдэӀонхэ плъэкӀыщтэп. Сыд пшӀошӀыра анахь лъэшыр хьакӀэ-къуакӀэмэ пщы зыкӀашӀырэр? О лъэбгъу дзыкӀэм Колэс лӀыжъым уфегъасэ аӀошъ, Мыстхъакъо нэс къытфынагъэсы. Ар пӀокӀэ сынэ къаплъэу, скӀуачӀэ зыдэсшӀэжьэу зыуизгъэутына!.. Мыдэ, Лаурстэнкъор, мы тызэрэгущыӀэрэр къэзгъэшъыпкъэжьынэу уфаемэ, мо псырыкӀ чъыгым секуонышъ, осыр къезгъэтэкъохын. ПшӀошъ хъурэба? – ащ фэдэ гуцафэ зыфыримыгъэшӀыгъэми, Нахьлъэш ынэхэр къилыдыкӀхэу Рэдэд къыӀуплъи, лъэрыгъым зыриӀэтыкӀыгъ.

– Хьау, хьау, Нахьлъэш,– Рэдэди ишъыпкъэу къэгузэжъуагъ,– сшӀошъ мэхъу, сыд пае дунай гупсэфыр зэщыбгъэкъон, ти Тхьэшхо рипэсыгъэ джэдыгур а чъыгми щэрэгъ.

– Ащыгъум,– джыри игуапэу, зыфаер къыдэхъоу Нахьлъэш цӀэплъыр щхыгъэ,– сымакъи згъэулэунэп, къэхъугъэр амышӀэу мэзыбэхэри къыкӀэзгъэщтэнхэп... Ау орырэ сэрырэ, сшынахьыкӀ, хьау, сысэмэркъэурэп, зэгорэм ткӀуачӀэ зэпэӀутымыдзэ хъущтэп.

«Мыщ фэдэу ыкIуачIэ рыджэгужьырэ сырихьылIагъэп, пшысэмэ ахэмылъмэ, рыгущыIэхэуи зэхэсхыгъэп,— Рэдэд джыри гукIэ щхыпцIыгъэ, ыгъэшIэгъуагъ: — Мы лIым ыпэ къыпызыкъэн джы нэс къызэрэфыкъомыкIыгъэр… Тураб иIуагъэу, хэти зыфэдэр зыздырамыгъэшIэжьыкIэ, ышъхьэ къихьащтыр макIэп…»

— Адэ зи къапIорэпи, Лаурстэнкъор? КъэсIогъэ къодыем укъегъэтхыомэ сшIэрэп?

— Ащ тызырыгущыIагъэр бэшIагъэ, Нахьлъэш.

— Сыдигъу?

— КъэпшIэжьрэба? Мыбжыхь.

— Адэ сыд? Бжыхьэри икIыгъ, кIыри къихьагъ.

— Орба умыгузажъу зыIуагъэр?

— Сэры,— зэхихыгъэм шъхьэр къыригъэпхъотагъэми, Нахьлъэш къызхигъэщыгъэп, гущыIэ теубытагъэкIэ къыухыжьыгъ,— зэ сIуагъэр зэкIэсхьажьэу сихабзэп. КъызэрэпIорэмкIэ, шъэфэу зыогъэхьазыры, ара?

— Хьакъарэ къехъулIагъэм ущыгъуазэу, ар шъэфы хъуна?

— Джыри укъыстекIуагъ,— гухьа-гужъыгъэ хэмылъэу Нахьлъэш цIэплъыр къыхэкуукIыгъ,— кIуачIэкIэ сиуутыгъэп, жэкIэ сакIыIу зыпшыгъ. Ау ыпэрапшIэу Хьакъарэ ичIыфэ зытегъэкIыжь. Сэ сынэфаIошъ, сыгу илъыри сыбгъэ дэлъри зэфэдэ. Уинасыпмэ, Хьакъарэ ыкIочIэ делэ къыптырикъутэнэп.

— Теплъын,— Рэдэди зэкIэкIуагъэп, сэмэркъэукIэ къыухыжьыгъ: — Ащ нэси Пшъадэ псыбэ дэчъын, гъатхэми, зыгорэкIэ тыкъыраутымэ, иуц къэшхъо шъабэ кIэлъын тфэхъун.

«Ащ нэс къыожэщтхэмэ…— Нахьлъэш гукIэ гъумтIымыгъэ.— Хьакъарэрэ орырэ шъуIупIашъо зызэрэжъугъэубытыкIэ, шъузэрэмылIэу шъузэбгъодэкIыжьынкIэ сыгугъэрэп. Джа уц къэшхъо шъаб зыфапIорэр шъуибэнышъхьэмэ зэратегъэухьажьыщтым сицыхьэ телъ. Уипщыгъэ джащ щыуухынышъ, къосэгъухэр сIэ къызэрифэжьыщтым сыд пае сэр-сэрэу сепцIыжьын… ПшъхьэкIэ зыфэмышIэжьырэр зыми ыIэгушъо илъэу къыпфихьыщтэп… Уятэ тхьагъэпцIыжьым зыфэдгъэцIыкIумэ теубзэзэ, адырэ уянэши ары, тяунэхъулIагъ. Ахэр силъагъо къытемыуцощтыгъэхэмэ, самыгъэохъущтыгъэмэ, бэшIагъэ сэ къосэгъу пщышхуагъэр зысIыгъыщтыгъэр… Джы мары, уятэ зыщымыIэжь, уянэшыр гъэрыпIэм зыщыIэ илъэсхэм пхъатэ упэтымыхьызэ, тапашъхьэ укъитэджагъ… Ар Колэс лIыжъыр ары зилажьэр, пщыцIэр фигъэIугъэшъ, шъхьащэ фэзымышIырэм ышхырэр ыцагэ дэхьажьырэп, ищыIэныгъэ хьаулыеу елъытэ. Мыщ зыгорэ емышIагъэ хъущтэп, неп-неущ сIозэ, джы нэс къэсхьыгъ. Мыбжыхьэ мыутIэ шыу купыр къазыпэуцум, кIодыпIэм къизгъэкIыжьыгъагъэх… »

Мэзыбэ къызщыдэхьащтхэм къалъыIэсыгъэ шылъэмакъэм Нахьлъэш ышъхьэ къыригъэIэтыгъ, къафачъэщтыгъэ шыури итхыщагъэкIи ышIэжьыгъ, гъумытIымыгъэ:

— Анахь огъурцыз закъоу Мэзыбэ дэсыр тапэ къифагъ.

Шыум икъэчъакIэ Рэдэди ыгу емыIоу еджагъ:

— ГумэкIыгъо щыIа?

— Ашъыу, Рэдэд,— Тураби къэджэжьыгъ,— сипцIэгъоплъ уиш къышIэжьыгъэшъ сфэIэжэжьрэп. Фэсапщи, Нахьлъэш, уизакъомэ сшIэрэп?

— Симызэкъонэу, сыдигъуа гъусэ усшIэу къызыхэкIыгъэр? — шIуфэс джэуап Нахьлъэш цIэплъым ыхыжьыным ычIыпIэкIэ гущыIэ дысыр Турабэ фидзыжьыгъ.

«УиIоф зэсымыгъафэ мыхъунэу емынэ къыстефэгъагъэп, сфэшъуаш къысэпIуагъэр» къыригъэкIэу, Турабэ щхыпцIыгъэ нахь, зи къыриIожьыгъэп.

— Зыгорэм окIуа, хьаумэ шыр теогъэзекIухьа? — Рэдэд къэупчIагъ.

— Сионэш зэтетыгъэти, шъуадэжь сызыIохьэм, уикъэмыкIожьыкIэ Рампэс егъапэти, сыкъыплъежьэгъагъ,— Нахьлъэш пымылъыхэу Турабэ къыIуагъ, Рэдэд къыушэкIугъэмэ джы Iофы зарigъэшIыгъ, ипщыгъэ фыкIигъэтхыгъ: — Дэгъоу укъэшэкIуагъ, зиусхьан. Мыщ фэдэ бэмэ афызэшIокIырэп. ТыгъужъышъорI ины, чэцыри цIыкIоп, одэп.

— ШъуитIо шъузэрэгъотыжьыгъэмэ, шъузэфэгушIу ащыгъум,— Нахьлъэш цIэплъым зэхихырэр ыгу тефагъэп,— сэ Хьакъарэ тхьамыкIэм дэжь сырекIокIын.

— Апэ укъысIукIагъэу, бысымхъожь уежьэжьына, Нахьлъэш,— Рэдэд шыу гъусэм фидзыгъ: — НекIо, тадэжь къеблагъ. Колэс зэриIоу, зибэ щышIагъэм имакIэ щышIэжьын. Тянэ игъомылэ ухаIэмэ, Хьакъарэ дэжьи уядгъэщэн, къызыщыпIорэми укъядгъэщэжьын.

— ДжыдэдэмI шъукъыздакIомэ хъущтба? — тхьагъэпцIышъо-чIэгъычIэлъкIэ Нахьлъэш къыдзыгъ.

– Хьакъарэ дэжь тиӀоф щыӀэп! – Турабэ ыгу жьы дигъэкӀэу къыпиупкӀыгъ.

– ЗэрэхъурэмкӀэ,– игухьа-гужъыгъэ къыхэщыпэу Нахьлъэш щхыпцӀыгъэ,– зичӀыфэ шъутелъым зышӀошъогъэбылъы. Ар лӀыгъэкӀэ, Лаурстэнкъор, мы къыппэгъочъыгъэм игугъу сшӀыжьыхэрэп, о къыпфэслъэгъурэп.

– Нахьлъэш,– ерагъэу зиӀажэзэ, Рэдэд къыӀуагъ,– къытэмыпэсыгъэ гущыӀэ зэтэмыгъаӀу, гузэгъабгъи тазыфагу къыдэтэмыгъэгъахь. О уӀазэшъ, фыкъуагъэ зытелъхэкӀэ, орэхые орэмысэ, оркӀэ зэхэдз уиӀэп. Тэ зызфэдгъэбылъын тхьэм къытферэмыхь. Уилъэгъун къэбгъэцакӀэу къэбгъэзэжьмэ, сихьакӀэщыпчъэ пфызэӀухыгъ. Тэ зыми ичӀыфэ ттелъэп. Ау тыфэмыеу тицӀыфыгъэ тигъэшӀагъэр тӀо зэрэтымышӀэжьыщтыр а узфакӀорэм гурыбгъэӀогъагъэмэ тигопэщтыгъэ.

Непэ, неущ ыӀомэ ыгу филъыр ыкъо фыримыхызэ, мэзэ заулэ Рампэс тыригъэшӀагъ. Ежь Рэдэди ащ егуцафэщтыгъэ, ау къызхигъэщыщтыгъэп. Ным игумэкӀ ышъхьэ фирихыщт шъхьакӀэ, пчэдыжьышхэр ыцагэ дигъэхьан ыӀуи зиушъэфыгъ. Ӏанэр Ӏуехыжьыфэ Рэдэд унэм икӀынэу зифэпагъэти, кӀымэфэ пчыхьэр кӀыхьэ, зэкӀэрытӀысхьажьхэмэ, гупсэфэу риӀонэу рихъухьэгъагъэр ыкъо къыукъуагъ:

– Тян, къыпфэӀошъурэп шъхьакӀэ,– Ӏофы зыримыгъэшӀ фэдэу унэм зыщикӀыщтым Рэдэд къызэриӀокӀыгъ,– зыгорэ къысапӀо пшӀоигъу. ГуӀэгъу Ӏофа?

– Уянэ бэмэ агъэгумэкӀы, сикӀал,– ыкъо икъэупчӀакӀэ ыгу емыӀоу, къызэреупчӀыгъэр игуапэу Рампэси етӀэ джэхэшъогум къыщызэтеуцуагъ,– ащыщэу гу зылъыптагъэр сшӀэрэп нахь. Уздежьагъэм кӀо, сикӀал. Къэбгъэзэжьмэ, гуӀэн Ӏофэп, гупсэфэу тызэдэгущыӀэн. Сыдырэ Ӏофи, цӀыкӀуи ини, джэхэшъогум тетхэу рыгущыӀэхэрэп.

– Чыжьэу тежьагъэп тэ,– Рэдэд иджэдыгу пхъэ чыӀухэр къытӀэтэжьхэу ригъэжьагъ,– моу Мыстхъакъо тынэсын тэӀо.

– Хэт-хэт аӀоу? – зыцӀэ зэхихыгъэ чылэм Нахьлъэш цӀэплъыр ыгу къыгъэкӀэу Рампэс къэупчӀагъ, ышъуи къэчъэкӀыгъ.

– Даур, Мэщыкъу, сэры.

– Чэчан? – ианахь шъэогъушӀум ыцӀэ зэрэзэхимыхыгъэр ыгъэшӀэгъуагъ.



– Чэчан ионэш лъабжъэ мэузы. Шы хьафкӀэ къыддэкӀоныр зэрипэсыжьыгъэп.

– Тураб? – Рэдэдрэ Чэчанрэ азыфагу зэмышӀугъэ горэ къыдэхъухьэ, тадэжь икъакӀуи нахь макӀэ хъугъэ ыӀомэ гъунэгъу Айнар пшъэшъэжъыери ынэгу къыкӀэтаджэзэ, Рампэс къэупчӀагъ.

– Чылэм дэс сэкъат закъор Мыстхъакъо зыдэтымыщэми хъун...– Рэдэд ымакъэ джы нахь къышӀуефэхэу гъумтӀымыгъэ.

– Тхьэм къыуишӀэн, цӀыфмэ къыуахъонын зыфаӀорэр шъыпкъэ, сикӀал... уятэ цӀыф шъэбагъ, гу мэхагъ сфэӀонэп, ау гукӀэгъу зыфишӀыщтыри зэпыищтыри зэхимышӀыкӀэу дунаим тетыгъэп. Сэ къыосымыӀожьми, Тураб тхьамыкӀэм уятэ зэрэфыщытыгъэр ори къэошӀэжьыщтын, кӀэлэхъу Ӏуш хъущт ыӀощтыгъ нахь, идагъо тегущыӀагъэу къэсшӀэжьырэп.

– Ары, тян, ары,– Турабэ фэгъэхьыгъэ гущыӀэ дысым Рэдэд рыкӀэгъожьэу къыӀуагъ,– тяти ори ТурабкӀэ шъузаф, ау иӀоф зыхэлъи зыхэмылъи бащэрэ ахилъхьэу захесэшъ ары... Арэпщтын, тян, къысапӀо пшӀоигъуагъэр ?

– Ащыгъум Турабэ иӀофкӀэ тызэдэгущыӀэгъахэу тлъытэн. КъэпшӀагъ, сэ сызгъэгумэкӀырэр фэшъхьаф, Мыстхъакъо тышэсыщт умыӀогъагъэмэ, джыдэдэм къыуасӀощтыгъэп, ау Нахьлъэш зыкъызэрэппищытӀэрэр сигуапэп. ХьакӀэ къызтфакӀом, къызхэзгъэщыгъагъэп, ау джы къыосэӀо. Къыщыщынэмэ къызхимыгъэщызэ, уяти къепыищтыгъ, ори ыгу шӀу къыпфилъэп.

– Тятэ ибайколыгъэ Темрыкъо лӀы шӀагъори Нахьлъэш ары хъэзармэ гъэры язгъэшӀыгъагъэр,– Рэдэд къыӀуи, къыпигъэхъожьыгъ: – ГъэрыпӀэм ышъхьэ къырихыжьыгъэшъ, ащ дэжь гушӀуакӀо тыздакӀорэр.

– Сыдигъу Темрыкъо къызыкӀожьыгъэр? – Рампэс зэхихыгъэ къэбарым къыгъэгузэжъуагъ.– ТыгъуасэмэЭ, сыд джы нэс къызкӀысэмыӀуагъэр!.. Къэншъауи ащ дахыгъагъи...

– ЗишъыпкъапӀэ тымышӀэрэм тырыгущыӀэнэп сӀуагъэ...– Рэдэд зиухыижьызэ, иджэдыгу чыӀухэр ыгъэупкӀэкӀэжьыгъэх, ипэӀошхуи зыщикъузагъ, етӀанэ нэшӀукӀэ янэ ӀугушӀуагъ: – Къэншъау илъагъо горэм тытеуцонкӀэ енэгуягъо, тян.

– Сшынахьыкlэ гущэ орэпсауи, тыди щэрэl...– игушlуи, инэшхъэий зэхэтэу Рампэс къыlуагъ, етlанэ шъхьэм къыфечъэгъэ къэбар гомыlури Рэдэд шlуиушъэфыгъэп: – Чэчанэ, джы къызгурыlуагъ, гушlуакlо Мыстхъакъо кlонэп... Чэчанэ ятэ, ежьхэри щыгъозэ дэдэхэкlэ сыгугъэрэп, Темрыкъо lэкlэкlодагъэу аlо... Ау Колэс имахъулъэ зэрэфэмырэзагъэм сэ тlэкlу сыщыгъуаз... Ащ игугъу пшlынэу ищыкlагъэп...

## IX

Тыгъужъ гъолъыпlэ тхышъхьэ лъагэм утехьэмэ, къушъхьэ лъапсэм, мэз хэlэтыкlыгъэ гъунэм аlутэкъогъэ Мыстхъакъо чылэр блэгъабзэу къэлъагъо. Гъогу узытехьэкlэ, лъэгъо зэхэчъмэ удащаемэ укъыращэхыжьызэ, уахътэр кlыхьэ пшlохъу. Псыхъом узэпырыкlэу исэмэгу нэпкъ дэпlыгъэу, зэрэгъогуджэр къимыдзэу укlомэ, сыхьатныкъокlэ нахь зэрэкlэкlыщтым пае Мэзыбэ дэкlыгъэ шыуищмэ ар къыхахыгъэу, чылэм къыдэчъыгъэ шыум зэригъэплъэкlыгъэх.

– Ти Тхьэшхо ыцlэкlэ сышъолъэlу,– Мэщыкъо къыlуагъ,– тэжъугъэгъэзэжь, мо къэчъэрэ огъурцызым шlу кlэрытхыщтэп.

– Хэт тащыщэу тезыlотагъэр? – Даури гъумыгъугъэ.

– Турабэ блэпхын шъэф чылэм зэрэдэмылъыр непэ шъуищыпашlа? – Рэдэд щхыгъэ, гъогу къытехьаным ыпэкlэ янэ къыриlогъагъэр ыгу къэкlыжьэу къафигъэпытагъ: – Шъузэрэфэмыер къызхэшъумыгъэщ, ыгу къеощт.

– Гъогумафэ шъуежьапщи, купышlу,– шыр къэуцугъо римыгъафэу Турабэ шlуфэс къыхигъ, адыгэ шlыкlэкlэ тигъогу къыддэогощ къызырамыlожьым, игые ыпэ къыригъэшъыгъ: – Мэкъэнчъэ сышъушlыгъэти, тхьаегъэпсэу Айнар, шъхьакlо зышхырэр шъхьэшхыгъо ефэжьы Колэс зэриlоу, сыкъэшэсыгъ. Адэ зи къашъуlорэпи, Рэдэд?

– Укъызежьэгъахэкlэ, Тураб, сыд пае некlо къыотымыlон,– Рэдэд ишъэогъумэ афычlэплъызэ, къыриlожьыгъ.

– Ары, сыкъежьэгъах, шъукъысфэмыеми, тыдэ сышъухьыжьын: шъуигъогупэ сигъогупэ, шъуиlашэ сиlашэ.

– Тыздежьэгъэ Мыстхъакъом,– гухьа-гужъыгъэ хэмылъэу Даур къыдзыгъ,– Хьакъарэ ишъэогъу Нахьлъэш цlэплъыр дэсыти, макъэ къыуагъэlугъэп. Аущтэу оlомэ, некlо, шыу лые хъурэп.

«Нахьлъэш цlэплъыр сэ зэрэсипыим нахь мымакlэу шъори шъуипый, къышъуфэсыдзырэп нахь,– Турабэ къызэрэхихыгъэр ыушъэфыжьыгъ.– Сэ сышъуигъусагъа пlэ лъы къыпычъэу мэзым шъукъызхефым, ар имыкъоу уимыгъэхъужьышъоу пlапшъэ зыпегъэлъэтыжьым? Мыдырэ уишъэогъуитlумэ акlыб шышъхьэм фэгъэзагъэу Мэзыбэ къызэраригъэхьыжьыгъагъэр? Хьашхъурэlу къысэцэкъагъэп, шъо шъузэрэхъоу сэри сыхъун. Мыхэр сыгу дэзгъэшъухьэхэу, къыпфэсыдзыжьын сымылъэкlынэу къызшlомыгъэшl, пшыпхъу цlыкlу ихьатыр сыкъеубыты... Ау сикорэшъу щын спlытlыжьынкlэ сыщынэу, армэ шъузхэхьагъэр, шъори къышъуущызгъэхъунэп».

– Цlыфышlуи,дэий чылэ пэпчъ дэс,– Турабэ зышlомыдэеу игумэкl-гупшысэмэ къахэужьыгъ,– Нахьлъэш цlэплъыжьыр Мыстхъакъо дэс тlокlэ тышэсыжьыщтыба! Пыигу зэрэтимыlэр ащ изакъоп, нэмыкlхэми арэшl. Тятэ аукlыгъ, тшыпхъу ахьыгъ, тшынахьыкlэ гъэрыпlэм радзагъ тlоу тызэпыижьы хъущтэп. Тэрэзба, Рэдэд?

– Укъызкlэупчlагъэм, Тураб,– шылъэмакъэрэ шы пырхъэрэ нэмыкl къахэмыlукlэу заулэрэ кlуагъэхэу Рэдэд къыlуагъ,– джэуап хэгъэчъыкlыгъэ иlэн ылъэкlыщтэп. Тэ къосэгъу, зыхы, мыутlэ адыгэ лъэпкъымэ афэгъэхьыгъэщтымэ, ащ екlолlакlэ, мыхъу зыщымыхъужьырэм, къыфэбгъотын плъэкlыщт, лъэпкъым изыlо-зэдаштэ ар елъытыгъэщт. Ау тызезыпхъорэ хъэзар-аланхэр армэ, уатегущыlэжьынэу ищыкlагъэп, тичатэхэмрэ типчыпэхэмрэ ахэмэ lэзэгъу закъоу афэхъущтыр.

– Сэ сызэрыгущыlэрэр, Рэдэд, тиадыгэ lоф ары,– къыlуагъэм зэпыугъо бащэ тыримыгъашlэу Турабэ къыухыжьыгъ: – Тэ тиджэдыгумэ тапымыупхъухьажьэу нэмыкlмэ яджэдыгу тытелъэкlыхьэкlэ шынкlыгъэ тхэлъыщтэп.

Даурырэ Мэщыкъорэ нэкlэ бэ зэраlоу зэфычlэплъыгъэх.

«Джэдыгухэмкlэ дэгъоу къэпlуагъ,– Рэдэди гукlэ щхыпцlыгъэ,– ышъхьэ закъорэ иунагъорэ фэшъхьаф амыгъэгумэкlырэ къосэгъулlмэ ар зэрагурыдгъэlоштыр сшlэрэп нахь. Пыир къякlу хъумэ, гъурбым ипшыхьажьы-

рэмэ ячIыгу, яунэ, ячылэ яIэшIугъэ сыдэущтэу зэхядгъэшIыкIыщт?.. Тяти джар ыIомэ, иадыгэ гухэлъ кIэмыхьэзэ, дунаим ехыжьыгъ… Сэри сиакъыл къызыкIуагъэм щегъэжьагъэу ар къыкIэсэIотыкIыжьы. Адыгэ зэрэшхыжьыри, хэмыхъомэ, нахь макIэ хъурэп, пыйхэри къыттеох, тызэрапхъо, къосэгъухэм, сыд фэдизэу къытэбэныгъэхэми, чылэ кощыкIэхэр ащигъэгъупшэу, хэбзэ дэгъу ыгъэуцугъ. УичIыгу умылэжьэу, уипкIэнтIэпс хэмылъхьэу, хъупIакIэ улъыхъумэ, унэ блынхэр къеплъэшъокIыхэу узщыпсэурэ чIыгум иIэшIугъэ сыдэущтэу зэхэпшIэщтыгъ?! Кощрыпсэу хъэзархэу тихэгъэгу зыкъизытэкъуагъэхэм задэтшIын тлъэкIыщтэп Колэс зэриIорэми шъыпкъэ хэлъ. ModыкIэ, Iузэжъу лъэныкъомкIэ щыпсэурэ шъофрыс мыутIэмэ сыд фэд шъуIуа ящыIэкIэ-псэукIэр? Хъэзармэ ядунэе тетыкIэ зыдырагъэхьыхрэпщтын, яшыудзэ хъункIакIомэ, загъорэ куп шъхьаф нэгъоджагъэкIэ къызэрэтфыкъокIыхэрэр ары умыIощтмэ, ягъусэу зы нэбгыри ахэтлъэгъуагъэп. Зэгорэм тэри а лъэныкъом тыкъокIыгъагъэмэ дэгъугъэ. ХъункIэ IофкIэ арэп, тызэхахьэмэ, тызэлъэпкъэгъу, нахь тызэрэшIэнба…»

— МафэкIэ сызфэшэсыгъэ куп, шъо къешъуIолIэщтыр сшIэрэп, ау тикIымафэ нахьыбэрэ зэтетыгъэмэ сигопэщтыгъэ,— шыумэ азыфагу къыдэтэджэгъэ зэпыугъо макIэр джыри Турабэ къыукъуагъ, ащыщ къемыупчIыгъэми, аущтэу зыкIиIорэр къыхигъэщыгъ: — Къытео-теожь тимыIэу кIымэфэ мэзитIум хъэзархэмкIэ зыдгъэпсэфыгъ.

— Осыр къызытфеохыгъэм щегъэжьагъэу,— Мэщыкъо къыдзыгъ,— тичылэмэ къадэхъухьэгъэ тхьамыкIагъохэр хэмылъытэхэмэ…

— Ахэри сщыгъупшагъэхэп, Мэщыкъу. Тятэ тхьамыкIэри кIымафэм хэунэхъуагъ, Даур ыIи хилъхьагъ, къоджэпшъэкъоджэкIэ лIы шIагъохэри игъонэмыскIэ дунаим ехыжьыгъэх. ТыздэкIорэ Мыстхъакъуи щыгупсэфэп, Шышъхьарыси, нэмыкI чылэгъо пчъагъэхэми ащынахьыкIэжь аIо. Мыщ тыфэдэщтмэ, илъэс заулэкIэ хъубгапхъэ къытхэнэжьынэп.

— Хъугъэ, Тураб, бащэ къэоIо,— Рэдэд ыдагъэп, къемыупчIыни ылъэкIыгъэп: — Тэ тызэрэукIыжьыщт нэмыIэмэ, сыд уикIымафэ зэрэтищыкIагъэр? Ащ къыпэу хъэзармэ тякIодылIэныр къэсэштэ, мыхъуми зэгорэм тигугъу ашIыжьын.

— Зэгорэм, тыщымыIэжь хъумэ, тигугъу ашIыжьынэу оIуа, Рэдэд? — Даур къэупчIагъ.

Турабэ ымакъэ къыIэпыкIэу щхыпцIыгъэ, Мэщыкъо ыдагъэп:

— Сыд къыохъулIагъэр, нахьыкI?

— Зэ шъуитIо мы кIалэм ыуж шъуикI,— Даур къотэгъу Турабэ фэхъугъ.— КъэгущыIэми шъудэрэп, иIо къышъухилъхьэми шъушIуанэ.

«Мэкъэнчъэ сышъушIыми, сыгу зэрэшъуабгъэрэр къызхэзгъэщырэп, зи мыхъугъэ фэдэу сыкъышъулъежьэми, шъугу сызэрэтемыфэрэмкIэ гуцафэ сэшъогъэшIы, къысфэшъудзырэр загъорэ сыдырыми, сэщ нахь шъуIушэу къызшIошъумыгъэшI… СтхыцIэ къытещырэр армэ… шъо къышъухэмыщэу шъухэлъ дагъомэ ари зыгорэущтэу апэгъужьын…» — Даур ымыдагъэмэ Турабэ игые-гукъаохэри ахигъэхъожьыгъ.

— Даур, къэпIуагъэм бгъуитIукIэ уекIолIэн плъэкIыщт,— къызфеупчIыгъэм къыпагъэтэджэгъэ зэфэдз-къызэфэдзыжьхэр Рэдэд зышъхьаритIупщхэу, зэригуапэри къыхэщэу къыIуагъ.— Тэ, мы купым, тшъхьэ закъо фэгъэхьыгъэмэ, тыщыI, тэшхэ, тэчъые, Iоф тэшIэ, щынэгъуапIэ тифэмэ, къушъхьэм течъэжьы, тэгугъэ, ащ сыд тигугъу рашIыжьынэу хэлъыр? АдырэмкIэ, адыгэмэ афэгъэхьыгъэр Iоф шъхьаф. Зэгорэм мы къушъхьэ-мэз зэхэтхэм адыгэ къосэгъухэр ахэсыгъэх зэраIожьыщтым уицыхьэ тегъэлъ. Зыкъимыухъумэжьышъоу лъэпкъыр зэрэпсаоу ечъэхыгъэми, къушъхьэмэ, мэзмэ ацIэхэр къэнэжьыщтых.

— Тэрэз, шъыпкъэ, Рэдэд,— Турабэ къыдырегъаштэ.— Муары Ошъутенэ къэлъагъо, Фыщти пэчыжьэп. МодыкIэ чыжьэу IошъхьэмафИ ахэмэ къашъхьащыт. Ау, Рэдэд, мы чIыпIацIэхэр къытфыхэзыхыгъэмэ афэмыгъэхьыгъэу, тэ къытэпIуалIэрэм сыкъеуцуалIэрэп. Ори зыгорэм уимыгъэгумэкIэу, тэри къыбдетымыгъаштэу арэп. Хэти къыпыщылъыр ынатIэ илъ. Тхьэм къыттырилъхьагъэр тихьылъэ. Арба, Мэщыкъу?

— Джыри бащэ къэоIомэ сшIэрэп, Тураб…— зэупчIыгъэм къыIощтым Рэдэд пымылъэу мызгъэгум Турабэ нахь фэсакъыгъ.

— Къегъаlу, къегъаlу,— Мэщыкъо къэпсынкIагъ,— зы лъэоян нэмыIэми тигъогу хэкIын.

«Шъуедэlу, шъуедэlу,– Даур гукlэ щхыпцlыгъэ,– шъо шъушъхьи зэгорэм мыщ ерэгъэуз, мафэ къэс джары сэ сызыхэтыр. Тадэжькlэ къакlоу Чэчан зилъэгъукlэ, шъхьэ-чъэ-псэчъаеу ышъхьэ lуехыжьы, инасып зэрэтимыгъусэр. Ау зыфэсхьыщтыр сымышlэрэр Айнарырэ Анисэтрэ зэремызэщыхэрэр ары. Икъэкlо-къачъэ зызэпыукlэ, къа-рагъащэ. Ежьыри мыпшъыжьэу, гъолъыжьыгъор къэсэу тянэ зэбгырефыжьыфэхэ, пшъэшъэжъыемэ арилон егъоты. Ахэмэ язакъомэ lофа, мыхэри ыгъэдэlонхэ елъэкlы, тянэ ылорэр шъыпкъэ, нэпх ылыгъым фэд».

– Лъэоянэми сшlэрэп,– Мэщыкъо къылуагъэм Турабэ зыпегъащэ,– сыгу илъыр къэслон. Къэошlэжьа, Рэдэд, уятэ хъэзар кlодыпlэм зефэм къыложьыгъагъэр? «Зы нэбгырэ лlакъом хэкlодыкlыкlэ лlакъор кlодырэп». Ар къызэриложьы-гъагъэр апэ оры, етlанэ тэры, зэрэадыгэ лъэпкъ. Ары, ары, сятэ Хьакъарэ ыукlыгъэкlэ, сэ дунаим сытетыжьба? Ори ары, Рэдэд… Армэ, кlалэхэр, тиадыгэ зэрэшх-зэрэукl lукlотэу сэгугъэ.

– Сыдэущтэу? – Даур игупшысэмэ къахэужьыгъ.

– Ащ бгъэшlэгъон хэлъэп, Даур,– зэсэжьыгъэ пшысэ горэ лъигъэкlуатэрэм фэдэу Турабэ къылуагъ.– Ежь лъэп-къым зыфигъэчъэжьырэ лъым нахь гуао щылэп. Уегупшысэ къэси, джа плапшъэ зэрэпымытыжьыри, сятэ иукlыкlи, нэмыкlхэм якlодыкlи шъхьэкуцlым хэтlысхьэ, зыпщигъэ-гъупшэрэп.

– Къыттеорэ пыйхэми адыгэлъ агъачъэ…

– Хьау, Мэщыкъу, ар фэшъхьаф,– Турабэ ыдагъэп.– Пыим ыгъэчъэрэ лъымрэ тэ зыфэдгъэчъэжьырэмрэ зэхэпкlагъэхэкlи зэхэзгъэщтхэп. Адыгэ зэхэбанэм, тымы-лъэгъу фэдэу зытэшlы шъхьакlэ, узгъэгупшысэныбэ къыхэуцукlыгъ.

– О слъэгъурэм,– Даур къыхихыгъ,– уятэ зэкlодылlэ-гъэ Хьакъарэ уешlужьыщт.

– Сыд Хьакъарэ сешlужькlи семышlужьыкlи, хъущтыр хъугъахэ, ащ пае тяти тичылэлl насыпынчъэхэри къэ-тэджыжьынхэп. Уиунэ гупсэф имылъэу, уихэгъэгуи гупсэ-фыщтэп, зыкъэуухъумэжьышъущтэп сэлошъ ары… Шъощ нахьи сынахь акъылышlоу къызщышъумыгъэхъу. Зэгорэм, Колэс зэрилоу, тпэчыжьи тпэблагъи тымылоу, гушlу зэфэ-тэжъугъэшlи, тызэжъугъэушъыижь…



«Я си Тхьэшху, сыгу илъхэр тэ щишlэхэра мыщ!..– Рэдэд зэхихыгъэм къыкlигъэщтагъ.– Синыбжьыкъуа хьауми сымакъа? Непэп мыщ фэдэхэр Турабэ къызилорэр, сигупшысэхэр слэкlехы, сшlомыигъохэри сегъашlэ, зышlоз-гъэбылъми, сыкъегъоты. Тызэфэгубжымэ тызэшlужьызэ, санэlу кlэтми кlэмытми, сшъхьэ икlырэп, зысигъэгъэпсэ-фырэп… Сыд илlэужыгъу мыр?..» – Лъэдакъэкlэ Рэдэд шым зыкъыригъэшlэжьи, хигъэчъыкlыгъ. Зыхэтхэм апэ ахэчъи, ыуж илъэдагъэри лъыджагъэри Тураб:

– Гъогур цlэнлъагъо, зиусхьан, нэпкъ къэгъэзэгъум фэсакъ.

Купым зэхихэу, «зиусхьан» гущылэр зыплlэlушхо ифэ-гъэ шыуми ичъэ щигъакlэрэп, къызэплъэкlын гухэлъи иlэп. Ос чъыгъэ жъгъэйхэр шылъабжъэмэ къакlэзых, Тураби къылофэх, псыхъо нэпкъым ефэхых. Ошlэ-дэмышlэкlэ зызыпхъотэгъэ шыуиплlым къапыфэфыкlырэ жьы уалъэм гъогубгъу чъыг лъэпэпцlыйхэр ос лъэлъэ шъабэкlэ зэлъе-гъэутысэх. Ос къесыгъакlэм ихьылъэ зыфэмыщэчырэ къутамэхэр зэпэкlых. Зижьыщэгъу зэтезылэжэгъэ къушъ-хьэ-мэзым щымыщ макъэр зэрэхэмызагъэу, ар зыукъуа-гъэмэ ягупшысэхэри зэкlэмыхьэ-зэкlэлъычъэх.

«Сыд сэlо мыщ фэдизэу зиш зезгъэпхъотагъэм ыгу зэмылугъэр? – Турабэ шым теуфагъэми, тхыбыщэр къы-тещэу Рэдэд лъэчъэ.– Дэгъуи, дэий апкъырыхьэрэп. Агу илъыр макlэу, ашъхьэ гъэкlыгъэу… Хьакъарэ шъуешlужь слуагъэмэ, егъэзыгъэ хэлъа?.. Армэ шъузхэхьагъэр, шъо шъуятэп ащ ыукlыгъэр… Ау зэрэщытзэ Хьакъарэ, къэ-тэджыжьмэ, сэ ащ зыгорэущтэу сешlужьын, къысэ-шlужьын, шъо къышъохъулlэщтыр сшlэрэп нахь… Мыдырэ сауж ититlури сашlопырацэу стхыцlэ къытеплъэх… Сэра тхьамыкlэр, икlагъэр!..– Турабэ ыгушъхьэ зэрэшхэу ыпэ ит шыушхом кlэлъэплъэ, ыуж итхэри ищхыпцl дыдж хи-гъэнхэрэп.– Бэ шlэн, макlэ шlэн, шъо купыр, слорэм, сшlоигъом шъублэмыкlэу, шъукъыслуплъыхьэу зэгорэм шъузысымышlыкlэ… Клуачlэм изакъоп цlыфыр дунаим тезгъэтырэр… Сэкъатхэми шъхьэ ашlот, мыкlочlэшхохэми, гупшысэ ахэлъ…»

– Рэдэд, зиусхьан, узгъэсэжьрэп, ау,– зиш кlорыкlом езытыжьыгъэ Рэдэд гомыуцоу, шыпкъыкlэ ыуж зэритэу сэмэркъэу зыригъэшlызэ, Турабэ джагъэ,– пхэнджэу джыдэдэм укъыздзэзекlуагъ.

– Сыд мыхъунэу къыосхыгъэр? – Рэдэд иш кӀэкӀэу къызэтыригъэуцуагъ, псынкӀэу зыкъиушӀэжьи, зиумысыжь фэдэу зишӀыгъэми, къыраӀуагъэр зэримыгуапэр игущыӀэ къыхэщыгъ: – Сиш хэзгъэчъыкӀыгъэ пае ащ фэдэ зыдэсшӀэжьрэп, къысфызэхэф.

– Мэщыкъу, шыу купмэ уанахьыжъ,– Рэдэд игумышӀу Турабэ къыгурыӀуагъэу, Мэщыкъо къотэгъу къызфигъэхъоу зыфигъэзагъ,– мыщ фэдэ дунай дахэр шылъэбжъэ пхъуатэм зэщебгъэгъакъо хъуна!

– Ос къесыгъакӀэр ара зыфапӀорэр? – Мэщыкъо гупшысэгъу римыгъафэу, къыфызэмыплъэкӀэу Рэдэд къэупчӀагъ, ищхыпцӀ макъэ зымылъэгъугъэм къыфыпигъэхъожьыгъ: – Зэ цӀэнлъагъо оӀо, зэ дунаир пшӀочъыӀ, пшӀожьыбгъ. Тара ащыщэу тызэзэгъыщтыр?

– Угу зытетым елъытыгъэщт, зиусхьан, а зыфапӀорэмэ яз узэрезэгъыщтыр,– Тураби иджэуап хьазыр.

«Джары мыр къызытлъежьэм, тэжъугъэгъэзэжьы зыкӀэсӀогъагъэр...– Мэщыкъо кӀэгубжыхьажьыгъ.– Къытэупчъыжь фэдэу зишӀызэ, ежь зыфаер къытхелъхьэ, тэ тӀощтым пылъэп. Мыщ нахь мыхъурэм сыд къытиӀоми, тигъашӀэми тфэшъуаш. КӀэлъычъэкӀэ зыкъызэрэтхисагъэр имыкъоу тишхомлакӀэхэр тшӀуиубытыгъэх. Зыщыфаем къекъудыих, зыщыфэмыем тишыныбэмэ къялъэдэкъао. Лаурстэнкъор ары зэкӀэ зилажьэр. «Зиусхьан» къызэрэриӀорэр игуапэшъ, тефи, темыфи фегъэгъу. Уятэ ыхьыщтыгъэ зиусхьаныцӀэр зытеплъхьажьыным бэ ищыкӀагъэр. Зыгорэм угу ыщэфэу къыуиӀо къодыекӀэ ар къыптезэгъэщтэп, а цӀэр уилӀыгъэкӀэ е уиакъылыкӀэ къыдэпхын фае. Мыр зэрэуигъунэгъум пае пшӀотхьамыкӀэу, къызэрэпфалъэгъущтым упымылъэу, къыздеощэкӀы. Даури шъэбащ, гумах. Чэчан лӀыгъэ зыхэлъыр – сыд фэдэу зыкъыфишӀыгъэкӀи, ынэ кӀигъаплъэрэп...»

– Сизытет укъыкӀэупчӀэмэ, мары, къедэӀу,– Рэдэд ин-инэу лъэрыгъым зыриӀэтыкӀи, шымэ атхьакӀумэхэр аригъэпхъуатэу, чъыгмэ осыр къаригъэлъэлъэхэу къушъхьэ-мэзым хэджагъ, иджэрпэджэжь тхышъхьэм телъэти, кӀэй лъабжъэм зыдиушъэфыжьыгъ.

– Ар сыд шъыу! – Турабэ мэкъэ псыгъокӀэ къыхэкуукӀыгъ.– Мэзым хэсхэр шъхьэчъэ-псачъэ ипшӀыхьагъэх.

– ШэкӀоным уиӀоф зэрэхэмылъыр, Тураб, тэмыгъэшӀагъэмэ нахьышӀугъ,– Рэдэд ышӀагъэми, ар езгъэшӀагъэми, къыӀуагъэми ыгу ямыӀоу Даур шым елъэдэкъауи, апэ ишъыгъ.

– ШэкӀон ӀофкӀэ шъощ нахьи сыд сызэрэдэир, Даур?

– КӀымафэрэ мышъэр бым щэчъые! – Мэщыкъо зэхихыгъэр ыгу тефагъэп.

– Щэчъыемэ дэгъу, къэдгъэущыгъ тӀон, арба Рэдэд?

– Къэбгъэущыщтмэ, сэщ нахьи нахь лъэшэу куо,– зыкъызэрэпащытӀэрэр имыгуапэу, фидзыжьыгъэмкӀэ тӀэкӀуи кӀэгъожьэу, ау къызхимыгъэщэу Рэдэди гукӀэ щхыпцӀыгъэ.

– Ощ нахь лъэш сӀорэп, зиусхьан, ау сыкуон сӀомэ, сыкуон.

– Укуоу мышъэ губжыгъэ укъырифыжьэмэ...

– Мэщыкъу, нахьыжъ, сыдэу угу къыстекӀодапэра?.. Сыщтэпхэ дэдэу къызщымыгъэхъу. Хьэхьай аӀомэ, зыми ыкъогъу сыкъохьажьынэп.

«Уятэ кӀодыпӀэ ифагъэу, сэ джэдыгу Ӏэгъопэ нэкӀыкӀэ сыкъыралъэшъокӀ зэхъум, хэт ичэу нэз къыдэплъыщтыгъэр?» – Даур къеупчӀы шӀоигъуагъ шъхьакӀэ, ыгу теӀункӀэжьызэ, нэмыкӀ къыӀуагъ:

– Хъугъэ, Мэщыкъу, лӀыгъэ Турабэ хэмылъэу щытэп, ыуж икӀ.

– Адэ ары, Даур,– Турабэ уцурэп,– Нахьлъэш цӀэплъым икуп къызышъозаом, къышъуфэчъагъэмэ сахэмытыгъа, Хьакъарэ инэӀуагъэмэ сажъудыпэмыуцужьыгъа, ешӀужьакӀо Колэс тхьамэтэ мафэм тызещэм, сышъухэмытыгъа! СишӀушӀэ симыгъуагъ зэраӀоу, сэ сыд сшӀагъэми, шӀагъэ хъурэп. Муары, Хьакъарэ ылъэ къытеуцожьыгъэшъ, чылэм мамыр дэлъыным пае, тежъугъэшӀужь сэӀо, шъо сышъогъэмысэ.

– Хьакъарэ къэтэджыжьыгъа? – зэхихыгъэр ищыпэкъэбарыгъэми, ымыгъэшӀагъоу, джау сыдми Рэдэд къызэджэкӀыгъ.

– Къэтэджыжьыгъэ къодыеп,– Турабэ къызӀуипхъотыгъ,– ипыий зыщигъэгъупшагъэп, сыкъызышъулъежьэм, ичэу къуапэ дэжь щызэхэтыгъэ чылэлӀмэ ахэслъэгъуагъ. Ибэщышхуи къысфигъэсысыгъ, щытхэри къыздигъэхьащхыгъэх.

– Сыдэу джы нэс ар къэмыӀуагъ? – Мэщыкъо къэупчӀагъ.

– КъэсэжъугъэӀуагъа?..– Турабэ гъумытӀымыгъэ, етӀанэ кӀэлищыри ыгъэмысэу, къыдзыгъ: – Бащэ сӀоу шъорба

зыӀуагъэр. Сыкъызышъукӏэхьажьым, сишӀуфэси шъукъыпылъыгъэп, укъызытлъежьагъэкӏэ, сысабый цӏыкӀу пӏонэу, некӏо, тыздакӀорэм Хьакъарэ ишъэогъу Нахьлъэши щэпсэу къысэшъуӀуагъ...

– КъызэрэпӀорэмкӏэ, сигъунэгъу,– Турабэ къыпчъырэмэ апымылъэу Рэдэд къыӀуагъ,– зичӀыфэ къыттелъ Хьакъарэ ипӏэ къыхэтэджыкӀыжьыгъ, ибэщ къыуигъэлъэгъун Ӏоу пшӀагъэмэ, тешӀужьынэуи къэпӀоныеп.

– Сэра хьауми Колэса ар зыӀуагъэр?..– Турабэ мыдырэ шыуитӀумэ афычӀэплъыгъ шъхьакӀэ, къыдезгъэштэни ахилъэгъуагъэп, ежь зыгъэгумэкӀырэр, икъабылми имыкъабылми, ыушъэфыгъэп: – ЕгъэшӀэрэ сэкъатэу пӏэм сыхэлъын нахьи, сятэ тхьамыкӏэм фэдэу чэтэ чӀэгъым сычӀэкӏодэныр къэсэштэ. Хэта зышӀагъэр, зиусхьан, мо Ӏэешхор пӏэм къыхэпшыжьыныр... ЕтӀани ащ бэщыр къысфегъэсысы, къешӀэкӀыгъэхэр къыздегъэхьащхыжьы.

– Зэрэхъурэмкӏэ, шъэогъухэр,– заулэрэ кӀуагъэхэу Рэдэд къыӀуагъ,– тинэӀосэ Нахьлъэш цӀэплъым иӀо ыгъэшъыпкъэжьыгъ. Хьакъарэрэ Нахьлъэшрэ язэу ар зыфэмыгъоштыри зыфэмэфэштыри сшӀэрэп нахь.

– Зыфэмэфэштым укӏэупчӀэжьа? – игъусэмэ зи къамыӀуахэ зэхъум, зэпыугъо хьылъэу азыфагу къыдэуцуагъэр дихынэу Мэщыкъо къэгузэжъуагъ, емыпэсыгъэ псынкӀагъэр етӀанэ лъапсэ зиӀэ гущыӀэхэмкӀэ къыгъэтэрэзыжьыгъ: – Ахэр акӀочӀэ делэмэ ащэгугъыжьых, нахьыби къагъэшӀагъ, къалъэгъугъ. Нахьлъэш цӀэплъым Хьакъарэкӏэ къыуиӀуагъэр уимыгъашӀэу уауж икӏыщтэп. Ау ахэмэ ялъытыгъэмэ, Рэдэд, о ти Тхьэшхо къыпхилъхьагъэу дэгъубэ пхэлъ: уныбжьыкӀ, пкӀуачӀэ икъэкӀогъу, ужъалымэп, ушэнышӀу...

– Шъузыщымытхъужь,– Турабэ къахэгущыӀагъ.

– Арэп, зыгорэ къасӀо къэси укъызжэдаоу, таущтэу зыбгъэпсыра, нахьыкӀи нахьыжъи уимыӀэжьэу?! – осыр лъабжъэкӏэ зэрыригъэтэкъокӀэу Мэщыкъо иш зырыригъэтӀагъ.

– Ӏоф Ӏаджи шъуапэкӏэ къэт сэӀошъ ары, нахьыжъ.

Ӏэшъхьэ пымытыжьым зишхомлакӏэ шӀодзэгъэ Даур щхыпцӀыгъэ. Рэдэди ышъхьэкуцӀ къыщышхэрэ Турабэ къыӀуагъэм, Мэщыкъуи ыгу химыгъэкӀэу, къыпигъодзыжьыгъ:

– Дэгъоу схэлъ зыфапӀорэмэ ащыщэу, Мэщыкъу,– Рэдэд къыгот нахьыжъым ӀугушӀуагъ,– сызэрэныбжьыкӏэмрэ скӀуачӀэ зэрикъэкӀогъумрэ сэштэ, «ужъалымэп, ушэнышӀу» оӀо. Ар узэрыфэрэ чӀыпӀэм елъытыгъ. ШэнышӀу, жъалымагъэ епхыгъэкӀи къыуихыжьыщтэп аӀоу зэ къысэрэбэнхи!..– Рэдэд ынэ шӀуцӀэшхохэр зышъхьэ кӀэзыпхъотыкӀыгъэ зытесышым ынэхэр къызэрилыдыкӀыгъэхэм нахь лъэшэу къилыдыкӀыгъэх, тхышъхьэм тырилъэгъуагъэри зыфихьын ышӀагъэп: – Мыстхъакъо мыхъун горэ къыдэхъухьэ!

Чылэ дэхьагъу урамыпэм иджабгъукӀэ щыт унэ кӏыхьэр лъэсхэмкӀи шыухэмкӀи къэдзыхьагъ. Ащ пэӀулъ шъофым шыу тӀурытӀу-щырыщхэр ипхъагъэх.

– ШӀу щыӀэп, Темрыкъо ибгъагъ къадзыхьагъэр...– Мэщыкъо къэгузэжъуагъ.

– Сыд тызфыщытыр! – Рэдэд шым елъэдэкъуагъ.

## X

ШыуиплӀыр Мыстхъакъо зыщыдэлъэдэщтхэм, Турабэ шыбгъу зыфишӀи, Рэдэды еӀушъэшъагъ:

– ТыхьакӀ тэ, имыщыкӀагъэу тиӀуи тишӀи ахэтэшъумыгъалъхь.

– Сыкъэмыгъэсэжь! – Рэдэд джыри шыр ригъэлъи, пхъэ куахъор зытамэ телъэу кӀэлъэкӀоныкӀырэ лӀыжъым еупчӀыгъ: – Сыд шъуичылэ къыдэхъухьагъэр, тят?

КохъокӀыр ыжэпкъ кӀэгъэкъонэу тыгъужьышъо-бэджэшъо джэдыгу кӀэко зэхэдагъэр зыщыгъ лӀыжъыр къэуцугъ, чэтэ пцӀанэри бгырыпх шъуамбгъом дэгъэнагъ, тхьакӀумкӀыхьэ пэӀо шхъуантӀэри шъхьарыгуагъ, Ӏэшъо цокъэ пэ къэгъэщыгъэмэ апылъ упкӏэ лъаем сыхьэджэсэкӏэ фыжьыр къыдэщы, козын тхъуным къызэрэпэкӀыгъэр къырыпшӀэу ебзымэр къыпэу, мыгузэжъуахэу ежь зыгъэгумэкӀырэр къеӀо:

– Тичылэ, пакӀэми, жакӀэми къымыубытыжьхэу, Нахьлъэш цӀэплъыр зипэщэ лӀы утэшъогъэ куп дэс, чыжьэу шъукъимыкӀэу мы хэгъуашъхьэм шъущыщмэ, ащ ыцӀэ зэхэшъухыгъэнкӀи мэхъу.

– Ӏазэр арба? – Турабэ къэупчӀагъ.

– Сыд иӀаз ащ! – лӀыжъыр щхыпцӀыгъэ.– Уинасыпмэ, ыпэ укъифэнэп, узэпикӀынышъ, уигъэхъужьынэу уауж къихьащт.

Мэщыкъо зэхихыгъэм, гур къыригъэпхъуатэу, Даур фычIигъэплъыгъ, джа нэплъэгъу псынкIэмкIэ Тураби зыригъэушъэфыгъ.

– Сымыгъуащэмэ, Мэзыбэ шъукъекIыкIэ сенэгуе,– лIыжъым игущыIэ къыпидзэжьыгъ, Рэдэд къыриIуагъ: – Сыкъыоплъышъ, Лаурстэныпщым уришъаоу къысщэхъу. Ащ нахь лIы зэтегъэпсыхьагъэ мы къосэгъу Iэгъо-благъом къытхэкIыгъагъэп. Сыд тызфитыр, тызщыгугъыщтыгъэ насыпым хъэзар хъункIэкIо Iэлмэ тыкIагъэхьагъэп. Ахэмэ анахьышIуа мо Нахьлъэш цIэплъэу Темрыкъо ипчъэIупэ бырсыр IузышIыхьагъэр. Ау ахэмэ къадэхъун щыIэп. Тинахьыжъмэ адэрэп, тинахьыкIэхэри якъотэгъу. Тимыдинэгъу урымыр хыкIыб хэгъэгум къытфипщыгъ, уихьакIэщ щыогъашIо еIошъ ебэны. НекIо, шъухьакI шъо, шъукъеблагъ сибгъагъэ. Тыгъуасэ сигъунэгъу Джэбэгърэ сэрырэ мэзыкъо къэтыукIыгъэшъ, тиIани зэтеты, тиджэныкъуи маблэ.

– Тхьауегъэпсэу, тят,– ятэ игугъу шIукIэ къызэрэфишIыгъэри зэрэригъэблэгъагъэхэри Рэдэд зэригуапэр къырыхигъэщэу ионэгу тIэкIу зыриIэтыкIыгъ, игъусэхэми джа дэдэр ашIагъ,– чылэ бырсырым тышъхьадэкIэу Iанэм текIунэп. Тэри Темрыкъо дэжь тыздакIощтыгъэр. О хэтмэ уащыщ, тят? ЕмыкIу къытфэмылъэгъу, ащкIэ къедгъэжьэн фэягъ. Мыхэр – Мэщыкъу, Даур, Тураб,– сибайкол гъусэх,– байколыцIэр апэ игъусэмэ зэхаригъэхэу Рэдэд къыIуагъ.

– Сигуапэ, лIы шIагъохэр уигъусэх. Шъуичылэ Колэс тхьамэтэ мафэм фэдэу, сэри лIыжъ тIысыжьыгъэу зыслъытэжьырэп, къэшэс пIомэ, байкол гъусэ сыпфэхъун. УкъыскIэупчIагъэшъ, къысэмыпэсыгъэ цIэ зэрэсхьыри къыосIон. Пщымаф сцIэр. Зэхэшъоха, Пщымаф! – тхьагъэпцIэу зэпищызэ, къыкIиIотыкIыжьыгъ.

– Сыд пай къыптемыфэрэ? – Рэдэд ыгъэшIэгъуагъ.– ЦIэ ялый!

– Ар Нахьлъэш цIэплъым къебгъэIонэп. ПцIэ зэблягъэхъужь, пщыцIэр оуцIэпIы еIошъ, дунаим сытыригъэтыжьырэп.

– Сыдигъу Нахьлъэш цIэплъыр пщы зыхъугъэр! – Рэдэд ыкIыб къыкъомыщырэ Турабэ зыфэмыIэжэжьэу къыкъоджыкIыгъ.

– АщкIэ къэсIон сшIэрэп. ЦIэплъым ыIорэр къыкIэсэIотыжьыкIэ, пцIыус къысэшъумыIу. Бзэгуи мо джэгуалъэр къышъуфэсхьырэп, ау кIуачIэкIэ Лаурстэн ыкъо Рэдэд ипщыгъо фигъэтIылъын зэригухэлъыри, ежь ыушъэфырэпышъ, къышъосэIо.

Нэшхо-пэшхо нэгу зэкIужькIэ Рэдэд щхыпцIыгъэ, къехъулIэгъэ гукIаер зыщыгъупшэщтыгъэ Даури къыIуагъ:

– Ащ фэдэ тIэкIу-шIокIухэр къытэнэсых, Пщымаф,– ыIапшъэ зэрэпымытыжьым зигугъу ашIырэ цIэплъыр зэрэхэлэжьагъэр къегъэлъагъо пIонэу, шхомлакIэр джэдыгу Iэгъопэ нэкIым пидзэжьыгъ,– ежь фэдэ кIочIэшхожъ горэ, ХьакъарэкIэ теджэу Мэзыбэ дэсышъ, къызэрэтфигъэблыри тэшIэ.

– Игъэтхэ пIалъи тыщыгъуаз,– Тураби джыри гущыIэм зыкъыхигъэчэрэзагъ, Хьакъарэ бэщыр къызэрэфигъэсысыгъэр, игъусэ Шэныби, НэтIайи, нэмыкIхэри зэрэщхыщтыгъэхэр ынэгу къыкIэуцожьыгъ.

«Нахьлъэш цIэплъыр къосэгъу пщыгъом къызэрешэрэр цIыфмэ ашIошъ хъущтыгъэп шъхьакIэ,– гукIэ Рэдэд щхыпцIыгъэ,– джы бэмэ къагурыIоу рагъажьэ. Сэри узгъэбэнэщт, сыобэныщт къысиIо зэхъум, къысэсэмэркъэоу къысщыхъущтыгъэ, джы шъыпкъэу къычIэкIыжьы. Iэзэными хишыкIырэ щыIэп зэраIори непэп зызэхэсхыгъэр, Даур ыIапшъэ зыпегъэлъэтым ыуж… Колэс ащ ицыхьэ темылъыгъэмэ, гъогу тытырищэныеп. Къатщи, Даур еIазэ зэхъуми, тышъхьащытыгъ, хэкIыпIэнчъэ чэтэогъу ыIапшъэ зырехми, тыкIэрытыгъ. Цыфым имыхьакъ сыдэущтэу теплъхьан, ДаурыкIэ ыгу шIу къытфимылъэу сеплъыгъэп. Тэ тынэшъугъэми, Колэс лIыжъ нэжгъур… Ау пщыгъомкIэ раIуалIэрэр шъыпкъэ. Ащ Хьакъари сэри тыришыхьат».

– Узэпэш ащыгъум, Пщымаф,– Рэдэд къыIуагъ,– тэ Темрыкъо дэжь тыкIон.

– ШъукIу, шъукIу. Шыурэ лъэсырэ зэдиштэрэп. Шъощ фэдэ купышIу сыхэтынэу сшIагъэмэ, сипцIэгъоплъ сыкъешэсыни. ШъукъызэкIэмыкIу, сыжъугоуцощт. Муары сигъунэгъу Джэбэгъи пчыпэр ыIыгъэу къэкIо!.. ЕмыкIу шъумышIы, шъо джыри шъукIал, шъурыгъозэнэу загъорэ тятэжъ къысиIощтыгъэм шъущызгъэгъозэщт. Емыоу пыир еукIы, имыкIэу шыбзыр къырефы, къымыфэу Iахьыр егощы зыфаIуагъэм фэдашъо къыстешъумыштэнэу, гъэсэпэт-

хыдэкlэ шъусыуlэщт. Нахьыжъым е бзылъфыгъэ шъуlукlэмэ, шым шъуепсыхи, шъузыlукlагъэри шъогъэлъапlэ, шъори уасэ зыфэшъошlыжьы. Хьау, хьау, джы ар шъумышlэжь, шъуздежьагъэм шъукlу. Джар зышъхьэ имыхьэрэ цlэплъым шъуфызэкlэмыкlу.

Рэдэд зипэщэ шыухэр зыщыщхэр амышlэу къапыплъыхьэхэзэ, лъэсми, шыухэми апхырыкlхи, Темрыкъо икъэлапчъэрэ иунэрэ къэзгъэгъунэрэмэ ахэуцуагъэх. Темрыкъо гоуцуагъэхэм ялъытыгъэмэ, Нахьлъэш цlэплъым ишыу-лъэс куп бэкlэ нахь мэкlагъ. Хьакlэмэ ауж кlэкlэу итыгъэ Пщымафэрэ Джэбэгърэ якохъо-пчыпэ хьазырэу Рэдэд ыпашъхьэ къиуцуагъэх, нэмыкl нэбгырэ зыщыплlи къахэхъуагъ.

Ардэдэм бырсыр макъэр зэпыугъэ. Цыхьэрэ гугъэрэ зыхэмылъ кlым-сым хьылъэр Нахьлъэш икуп щыщ горэм ищх кlэнэкlалъэ къыукъуагъ:

– Модэ зэ шъуяплъэлъ Мэзыбэ къытфыращыгъэмэ, зыр lащэ, адырэр тхыщэ!..

– Сэкъат щэхъу шъуичылэ дэмысыжьмэ, Мэзыбэ унэхъугъэ! – зиджэдыгубгъэ зэрыгъэзыгъэу, тыгъужъышъо шхъуантlэм хэшlыкlыгъэ пэlо пырацэр къонцlэу зышъхьарыс Нахьлъэш ыкlыб дэтым дыригъэштагъ, lэ джэдэ lэтыгъэкlэ игъусэмэ ящхы макъи щаригъэгъэтыгъ, Рэдэд плlэмыешхор ахимылъагъо фэдэу шъхьапырыджыкlызэ, унэ лъэгуцым тет бысымым еджагъ: – Темрыкъу, улlэу джы нэс сыоплъыщтыгъ, къурэм угу дэсысы, Мэзыбэ къотэгъухэр къипщыгъ. Уиурым хьэкlэ пэшхом сыныбэ из пlастэрэ хьантхъупсырэ къесэгъэтlэтlэх, ихъяр олъэгъу, къыпфэсэгъэгъу. Ау ти Тхьэшхо ыцlэкlэ сэlо, ащ игъогупэ Мыстхъакъо чылэм, Нахьлъэш ичылэ, щызэфэшlыгъэкlэ лъытэ. Ащ ышъхьэ шlуцlэ шъуикъэлэпчъэ пкъэу…

– Нахьлъэш! – Рэдэд шыпкъыкlэ зыхэтмэ къахэкlоти, мэкъэ пытэ гъэтlылъыгъэкlэ къыlуагъ,– уадыгэу адыгацlэ охьымэ, къыптемыфэрэр нахьыжъмэ апашъхьэ къыщымыlу. «Адыгэ хьакlэр пытапlэ ис» зыкlаlуагъэр зыщымыгъэгъупш.

– Ары, тэрэз,– икуахъо ытамэ тыригъэджэгукlызэ, Пщымафэ лlыжъыри Рэдэд къыгоуцуагъ, Джэбэгъи зи къымыlоу, пытэ-пытэу, чlыгур риуфанэрэм фэдэу адырабгъу зыкъиишlыгъ,– хэти щэрэщ, уинэlуаса-уимынэlуаса фэlуагъэп, уипчъэшъхьаlу къебэкъуагъэр уихьакlэ, шъхьэегъэзыпlэкlэ къыочъалlэрэм урипытапl.

– Лаурстэныкъор ара сэlо сыкъэзгъэсэжьрэр? – Пщымафэ лlыжъым къыlорэм пымылъэу Нахьлъэши зыхэт шымэ къахэкlотыгъ, щхыпцlыгъэ.– Ары ошlа, сынэ къыкlаорэр зилlэужыгъор джы нэс къызгурыlуагъэп. Ухьакl о, Рэдэд. Къеблагъ къыотlонти, хьэкlапlэ укъэкlуагъэкlэ сыгугъэрэп.

– Укъызэрэтэплъырэм тетэп тэ Мыстхъакъо тыкъызфэкlуагъэр,– ерагъэу зеlажэми, Рэдэд ыгу дэхьыкlырэр къызхигъэщырэп, ау къымыдзын ылъэкlырэп: – Темрыкъо хъэзар гъэрыпlэм къикlыжьыгъэу зызэхэтэхым, шlукlэ укъытхэхьажь етlонэу тыкъыфэшэсыгъ нахь, зэокlо-бэнакlо тыкъэкlуагъэп. Тызэрэхьакlэм земыгъэгъап, тыкъызфэкlуагъэм ар зыгорэущтэу зэригъэфэн.– Рэдэд мыгузажъоу шым зепсыхым, игъусэхэми зыкъырапхъэхыгъ, хьакlэмэ яшхомлакlэхэр нахьыкlэмэ аубытыгъ.

– Лаурстэнкъор,– щагум дэхьэрэ кlэлэ пкъышхом Нахьлъэш лъыджагъ,– хьэкlэ lофкlэ уlазэу зыолъытэжьмэ, хьэкlэ зэтеор бысымым зэриджагъор зыщымыгъэгъупш.

– Ащи земыгъэгъап,– зэхыригъэхыным пымылъэу Рэдэд къызэриlокlыгъ нахь, къыфызэплъэкlыгъэп.

Урым хьакlэмрэ Рэдэдрэ яшlуфэс зэхыкlэ-зэlугушlуакlэ Темрыкъо шlогъэшlэгъонэу къэупчlагъ:

– Сихьакlэ тэ щыпшlэра, Рэдэд?

– Тянэш Къэншъаурэ орырэ гъэрыпlэм шъузефэм, мы лlыр Колэс иунэ мазэ фэдизрэ исыгъ.

Адыгабзэкlэ тlэкlу зышlэрэ урым лlы къопцlэ нэгу псыгъор игущтэ къыкlэзыжьэу щхыпцlыгъэ, Рэдэд игъусэхэми нэгу кlыф чъэкlыгъэкlэ аlугушlуагъ, къысфэгъэгъу къыригъэкlэу ибысым lуплъагъ, lэпищ зэтедзагъэкlэ къащ къызфихьыжьыгъ.

– Сыда мыр ынатlэрэ ыбгъэрэ зафытеlэбжьырэр? – Тураб зыгорэм ханыгъэ фэдэу къэгузэжъуагъ.

– Урымымэ, хы Шlуцlэ кlыбым щыlэхэм, джары ятхьэлъэlукlэр,– Рэдэд къыlуагъ, къызфэкlуагъэмкlэ емыупчlэу, ежь апэ къыригъаlомэ шlоигъоу нэцlэ нэплъэгъукlэ Темрыкъо lуплъагъ.

– Пlитlу дэбгъэчъэенышъ Тхьэшхом укъилъэгъоу улъэlон фае нахь, ар тхьэлъэlуакlэ мыхъунмэ!..– Даур къызэ-

риIуагъэри Рэдэд зэхихыгъэп, ежь къыратыжьыщт джэуапыр ары джыдэдэм зыгъэапэщтыгъэр.

– Ары, ары, Рэдэд, уикъэплъакIэ къызгурыIуагъ...– Темрыкъо хьылъэу хэщэтыкIыгъ.

– Тянэшыр псауа?

– Тызэгъусэфэ, Къэншъау псаугъэ. Джы сшIэрэп ишъыпкъапIэр.

– Сыдэущтэу шъуззэкIэрызынэу хъугъэ? – Рэдэд ычIыпIэкIэ Мэщыкъо къэупчIагъ.

– Пшъхьэ уфитыгъэмэ, гъэрыпI аIоныеп, сшынахьыкI...– Темрыкъо игукъэкIыжьхэр къехьылъэкIэу хэщэтыкIыгъ, тIэкIу тыригъашIи, къыпидзэжьыгъ: – Русичмэ хъэзар пщыгъор къызызэхагъэтакъом, сэ тадэжь къэзгъэзэжьыгъ, Къэншъао русич лъэныкъом зызкIигъэзагъэр къызгурыIуагъэп.

– Шъуазыфагу зыгорэ къыдэхъухьагъэмэ шIэ? – Рэдэд ымакъэ зыкъышIуипхъотагъ.

– Хьау, сшынахьыкI, хьау, Рэдэд,– зэхихыгъэм Темрыкъо ышъхьэ къыдыригъэдзыягъ,– тиIуи, тишIи зэхэлъэу, зэшым фэдэу тызэфыщытыгъ. СемылъэIугъа, семыубзагъа, семыушъыигъа, сыдынэкIэ пшыпхъу Рампэс сыIуплъэжьыщта есымыIуагъа, сыкъызэхишIыкIыгъэп. Сшыпхъу шъузабэу къэзгъэнэгъэ хъэзармэ сыгу атесымыгъэпщахэу сыгу псэфыщтэп ренэу зэриIощтыгъэр армэ сшIэрэп русичхэр къызкIыхихыгъэр... Ахэр шIолIыхъужъыгъэх...

– АрынкIи мэхъу,– Мэщыкъо къыIуагъ.

– СшIэрэп талъэныкъо зыкъэбгъэзэжьыкIи...– Турабэ къыригъэжьэгъагъ шъхьакIэ, Рэдэд зэпиутыгъ:

– Сыда, адыгэхэр лIыгъэнчъэха?

– Ари сIорэп, ау плъэгъугъэ мыщ непэ IуагъэхъыкIыгъэр,– Даури ишIошI къахилъхьагъ.

– Слъэгъугъэ, Даур! – адыгэмэ мыхъунэу къахэхъухьэрэр зэкIэ зилажьэр Даур ары пIонэу Рэдэд къыхэгубжыкIыгъ, ау шъабэу къыухыжьыгъ: – Нахьлъэш адыгэ напэм ешъогъапшэмэ, ащыгъум тыщымыIэжь папкI. НекIо, тыщысыкIай, гъогу тытехьажьын. НекIо, Думитрэ, Мэзыбэ уздэтщэн, Колэс тхьамэтэ мафэри бгъэгушIон.

Урым лIы къуапцIэм раIуагъэр игопагъэми, гумэкI нэгукIэ къащ щэ едзыгъо зытыридзэжьыгъ, иадыгабзэ къехьылъэкIэу къыIуагъ:



– ТхьашъуегъэпсэуI, Колэс тхьаматэми сишIуфэс ешъухыжь, сэ сигъогупэ ТIуапсэкIэ гъэзагъэ.

– Сыда мыщ тежъугъэушхъухьэу тапашъхьэ къырежъугъэшIыхьэрэр! – ылъэгъурэр Турабэ имыгуапэу къызщылъэтыжьыгъ.

– МыIуапхъэхэр оIо, Тураб,– игъусэ зызэришIырэр Рэдэд ыдагъэп.– Тэ титхьэхэм мыщ итхьэ закъуи зыгорэущтэу ахэзэгъэн.

– Аущтэу оIомэ, дэгъу,– ежь зэриIожьэу, мыдырэхэми зэхаригъэхэу Турабэ гъумыгъугъэ,– ау мы хьакIэм зэрифэрэр нэмыкI IофкIэ сэгугъэ...

Урым динлэжьым зэхихыгъэм ышъо къыпигъэчъыгъ.

Пчыхьэ хъугъэу Рэдэдыдхэр чылэм къэсыжьыгъэх.

Шыумэ хахыгъэ лъэгъо шъэф зэблэхъум зэрар къыхьыгъэп, ишIуагъэ къэкIуагъ: апэкIи аужкIи зыгъэохъунхэ къапэкIэфагъэп. ЩынэхэкIэ арыгъэп, Турабэ зэриIощтыгъэу, хэт ышIэра Нахьлъэш цIэплъым ыгу къэкIыщтыр... Шым епсыхыжьызэ, Нахьлъэш икуп Рэдэд ынэгу къыкIэтэджэжьыгъ, ау къеджэгъэ ным зэпигъэугъ:

– А сикIал, уздэщыIагъэм къэбарышIу къипхыгъа?

– Тянэшыр псау,– Рэдэд къыпиупкIыгъ.

– УгушIорэпи адэ, сикIал,– Рампэс къыкIэщтагъ.

– Темрыкъо фэдэу сянэшым ичылэжъ къыгъэзэжьыгъагъэмэ, сыгушIони...– Рэдэд ымакъэ джы нахь къефэхыгъ.– Русичмэ адэжькIэ зигъэзагъ.

– Тхьэ къысауи!..– Щэ щэлъитIур Рампэс ригъэуцохыгъ.– Имылъэпкъэгъумэ сыд ахишIыхьащтыр? Хэт щыщых русич зыфапIохэрэр?

– Хы МыутIэ къокIыпIэ нэпкъым тесых. Ащыщ горэм гъэрыпIэм щыIукIагъэу Колэс игугъу къытфишIыгъагъ. ЦIыфышIухэмэ сыдым фэсшIэн, тян? ЦIыфышIу щыIэжьа джы! – Рэдэд къыхэгубжыкIи, кIилъэшъужьыгъ: – КIо, сшIэрэп, уаIумыкIэу пшIэна, гукIэгъуи цIыфыгъи ахэмылъэу щытэпщтын. ЗэуакIохэу, яхэгъэгу гъунапкъэхэр рагъэкIотхэу ары зэратегущыIэхэрэр.

– Хъэзармэ анахь мэхъэджэнхэуи?!

– СшIэрэп, тян. Къэншъау зызфигъэзагъэхэр хъэзармэ анахь мэхъэджэнхэкIи нахьышIунхэкIи мэхъу, ау тичIыгу зыулъэгурэ хъэзар кощырыпсэумэ анахь дэй щыIэпщтын.

– Ары, сикӀал, ары, ау а зыфэпӀогъэ русич зэуакӀохэм адэжь Къаншъау зызкӀигъэзагъэр сшӀэгущэрэп.

– Ары сэри сӀорэр. Тэ ицыхьэ къыттемылъыжьэу, ихъэзар лъышӀэжь тымышӀэрэ русичхэм зэрарихьылӀагъэр сыдэрэп,– Рэдэд игукъао къыӀуагъ, яни гуригъэӀуагъ, зэпыугъо тӀэкӀукӀэ къыухыжьыгъ: – Уилъэпкъэгъумэ уакӀыб къафэбгъэзэнри, уи Тхьэшхо утемыплъэжьыныри тхьамыкӀагъу.

– Ар пӀоу, сикӀал, уянэшым гучъыӀэ фэмышӀ,– Рампэс ыкъо ешъэбэкӀыщтыгъэми, къехьылъэкӀэу къыӀуагъ, ежь къызэрэщыхъоу ышнахьыкӀи къыухъумэжьыгъ,– хэти зэрыфэгъэ чӀыпӀэм елъытыгъэу мэпсэу...

– Хьау, тян, ащкӀэ сикъыбгоуцорэп! – джыри Рэдэд къыпиупкӀыгъ.

– Ары?! – Рампэс зэхихыгъэр ыгъэшӀэгъуагъ, нахь шъабэу къыухыжьыгъ: – О нэмыкӀ еплъыкӀэ фыуиӀ... Сыд мыщ тызфыщытыр? Шыр гъэуцужьи, унэм къихьажь. Былым фэӀо-фашӀэмэ зямыгъэгъап, сикӀал. Ахэр Чэчанэ зэригъафэхи, моу джыдэдэм дэкӀыжьыгъ. Колэси хьакӀэшхо иӀэшъ, къытхэрэхь ыӀуагъ.

– Хэт щыщ, тыдэ къикӀыгъ?

– Араб аӀуагъэкӀэ сенэгуе. Ащ нахь къэбар гъэшӀэгъони щыӀ. Хьакъарэ зэрэхъужьыгъэм пае иешхэ-ешъо ухигъэсынэу шыуитӀу къыплъигъэкӀогъагъ.

– ТиӀоф ащ нэсыгъа джы! – Рэдэд шъхьэр къыпхъотагъ, щхыпцӀыгъэ.– Зы лъэбэкъуи сыдзынэп. Хьакъарэ ешӀужьын фалӀэр Турабышъ, бгъэкӀонкӀэ дэгъу...

Мэфэ хьылъэм хьакӀэщ зэхэсыгъор хэзгъэхъожьыгъэ Рэдэд чэщыбгым гъолъыжьыгъагъэми, чъыяпэ къекӀущтыгъэп. Мыстхъакъо щилъэгъугъэ цӀыф зэпыщытри, янэшым икъэбари, урым динлэжьым икъащ къэхьыкӀи, янэрэ ежьырырэ язэгурымыӀо гущыӀэ зэфэдзи, Хьакъарэ иешхэ-ешъоу зыдэмыкӀуагъэми, Колэс иараб хьакӀэ ибыслъымэн лъэӀуакӀи ахэгупшысысихьэу пӀэм хэлъыгъ. Ахэмэ зэпыугъо тӀэкӀу зафэхъукӀэ, Турабэ къазыкӀыхэлъадэщтыгъэри къыгурыӀощтыгъэп.

«Турабэ иӀо зыщытефи зыщытемыфи хьакӀэщым исхэм къахеӀу,– Рэдэд зэреӀожьы,– Чэчанэ зэрэгъумтӀымыщтыгъэмкӀэ, Турабэ хьакӀэщым къырагъэблэгъагъэп, ау сапэ къэсыгъэу исыгъ. Урым чыристанми араб быслъымэнми аӀущхыпцӀэу, сыдэущтэу зишӀыщтыгъа, сыда зыфаер? Зэ, зэ, зымафэ сыда ар къызэрэсэупчӀыгъагъэр? Ти Тхьэшхо ошъогум къиуцомэ, шъукъысфэраза ыӀони, сыдэущтэу къытэупчӀыщта? Тегъэфабэмэ, тыщегъаӀэмэ, сыда тыкӀыфэмырэзэщтыр? СшӀэрэп ныӀа, зэрэбытым пае ыгу къыфэгъумэ? Тэри ти Тхьэшхо ихьатырщтын ащ тынаӀэ зыфытедгъэтырэр, имыӀуапхъи имышӀапхъи зыкӀыфэдгъэгъурэр... Чэчан ары Турабэ ижэмыӀанылгъэ зылъэгъу мыхъурэр. Сыдэу уцӀыф гъэшӀэгъон, Чэчан! Турабэ закъокӀэ огугъа зынаӀэ Айнарэ тезыдзагъэр?..»

БэмышӀэу, Колэс дэжь къикӀыжьхэзэ, одыкӀи мыдыкӀи щымыщэу Турабэ къыриӀогъагъэм Рэдэд къыкӀигъэщтагъ, мэзахэм хэдэӀуагъ. Турабэ зыфиӀогъэгъэ щынагъо гори щыӀэп. Рэдэд игутео макъэ ежь зэхимыхыжьыщтыгъэмэ, зыкӀэрылъ блын кӀыбымкӀэ щыӀэ дунаир гупсэф, кӀым-сым.

«Турабэ еӀо нахь, нычэпэ тичылэ тхьамыкӀагъо къыдэхъухьащтмэ тэ щишӀэра! – Рэдэд зыфэгубжыжьыгъ, тӀэкӀу зытешӀэм, кӀэгупшысысыхьажьызэ, зыкъигъэтэрэзыжьэу ригъэжьагъ.– ТхьамыкӀагъор нычэпэ Мэзыбэ къыздэмыхъухьэкӀэ, неущ чэщри, нэущмыкӀэ чэщри ары ыгу къыриӀоу зыфиӀогъагъэр... Адэ, мыщ зэриӀоу, ти Тхьэшхо зыфаер къыреӀона?.. ПшӀэхэнэп, сыгу изакъоп, стхыкӀи зэхэсэшӀэ еӀо... Уищынагъо тшъхьащых, тыщыухъум, ти Тхьэшху, гукӀи, псэкӀи тыпфэкъабз, о къытфэпшӀыгъэ Тхьэмэ анэмыкӀытхьэхэр тэ сыд зэрэтищыкӀагъэхэр!..– Рэдэд гумэкӀгуӀэм хэтэу зэушъыижьызэ, ошӀэ-дэмышӀэу хэчъыягъ.

Нэфшъагъомэ адэжь жьыбгъэ шъуй макъэрэ шыблэ гъогъо зэбгырытэкъумрэ Рэдэд къызщагъэлъэтыгъ, ардэдэм шэф остыгъэр зыӀыгъ Рампэси къихьагъ:

– А сикӀал, зыгъэрэхьат. Ти Тхьэ Шыблэшхо игубж макъ ар.

– КӀымафэрэ ти Тхьэ Шыблэшхо губжыщтыгъэу къэсшӀэжьырэп...– зэрэхъурэмкӀэ Турабэ шъыпкъаӀокӀэ енэгуягъо, зыгорэу щыт ар, Рэдэд ыгукӀэ ыӀозэ, зифэпэжьыгъ, ардэдэм унэр зэлъигъэсысэу шыблэ омэкъэшхор блынкӀэм къыщызэбгырыугъ, чъыг зэхэфэ макъэри къэӀугъ, мэшӀобзый быбатэхэми янэфынэ шъхьаныгъупчъэм къыридзагъ.

Шыблэр зэогъэ чъыгым апэ къечъагъэмэ Колэс ащыщыгъэти, ощхыр къыззерещхырэр щыгъупшэжьыгъэу псы щэлъитӀур къэзыхьырэ Рэдэд пэгъокӀи, риӀуагъ:

– Шыблэм къыпыкӀыгъэ машӀор агъэкӀуасэрэп, шӀоп. Ежь къыздихьыгъэ ощхми фэукӀочӀырэп.

– Ары, Колэс, ары, хэта, ормэ сшӀэрэп зихьакӀэщ щызыӀоу зэхэсхыгъэр,– къыӀулъэдэгъэ Тураби Колэс дыригъэштагъ,– кӀымафэрэ шыблэр мэгубжыми-мыгубжыми зэхэзыфыщтыгъэхэр Чэчанэрэ Мэщыкъорэ. Тхьэшхо-Шыблэшхор бгъэгубжымэ, гъэмафэ кӀымафэ иӀэп, ау пчэдыжь ищынагъо тшъхьарихыгъ. Тыгу шӀу итэжъугъэгъэлъ, ти Тхьэшхо зыщытэшъумыгъэгъупш, тхьэ закъо нахь зимыӀэхэм запэтэшъумыгъэшӀ. Мыдэ зыгу тилъ ти Тхьэшхо тымылъэгъу нахь мышӀэми, тынэӀу фэтэжъугъэгъаз, тежъугъэлъэӀу! – ыӀэхэр дэгъэчъэягъэхэу къокӀыпӀэмкӀэ Турабэ зызегъазэм, къызэфэсыгъэ хъулъфыгъи бзылъфыгъи лъэгонджэмышъхьэкӀэ зырадзыхыгъ, ощх чъыӀэр зэпызгъэужьыщтыгъэ ошъогунэ упӀыцӀагъэмкӀэ аӀэхэр даӀэтэягъэх.

Пчэдыжьыпэ горэм Рэдэд былымхэр псашъо Пшъадэ ыфынхэу зигъэхьазырызэ, шыблэр зэогъэ чъыгэе ныкъостыр къызэпиплъыхьэу Турабэ кӀэрилъэгъуагъ, еупчӀыгъ:

– Хъущта шыблэуапӀэр къызэрэсшӀыхьагъэр?

– Дэгъоу угу къэкӀыгъ. Сэри ар къыосӀон сыгу хэлъыгъ, укъысэпэсэкӀыгъ. Джары ти Тхьэшхуи ыӀорэр. Шыихъ чӀыпӀэщт мыр.

Рэдэд зэхихыгъэр ыгъэшӀагъоу, щтэуӀу тӀэкӀуи къыхэщэу Турабэ Ӏуплъагъ.

– Ары, ары, зиусхьан. Тимыдинэгъумэ къащ къябгъэхьэу, «Алахьу акбар» къябгъаӀоу уакӀэрысмэ, ти Тхьэшхо ыдэщтэп, орышъ зиусхьан закъоу чылэм дэсыр, мыщкӀэ зыкъытигъэшӀэжьыгъ... НекӀо, зиусхьан, былымхэр псашъо къыбдэсфыных. КъезгъэкӀурэп мы уибылым Ӏыгъэкӏэ, пӀэбжъэнакӀэ ымыуасэхэм пщылӀ гъэрхэр аӀыгъых...

## ЯТӀОНЭРЭШЪХЬ

### I

ЯпшӀыкӀузэнэрэ лӀэшӀэгъум иапэрэ кӀымафэ иаужырэ мафэхэм зыкъагъэпытэжьыщт нахьыжъмэ аӀозэ ошъогум щыкъэцыпанэрэ, чӀыгум щыкъэрэкъацэрэ, пэнэшъхьиблыр пызгъэгъукӀырэ тыгъэжь стырыр пчэдыжьыпэм къилъи, къушъхьэ шыгумэ анэмыкӀэу зынэмысырэ къымыгъанэу шӀоишъо хъугъэгъэ ос пхъапхъэр мэфэ зытӀущым къосэгъу дунаим щытырилыбжьыкӀыгъ.

Къушъхьэ цакӀэмэ, мэз шъолъырмэ ыпэ къыпагозэ агъэушъэбыгъэ жьыбгъэм къыкӀэлъыкӀогъэ тыгъэпс мэфэ фабэмэ чӀыгум игъорыгъозэ шхъонтӀэгъакӀэ къыратыжьы. ШӀуцӀэрымэ зытырихырэ бжъэпэ мэз пцӀанэхэми гъуй пӀокӀэ итэкъухьагъэхэми нахь гуфаплъэу уазыхаплъэкӀэ, нэгушӀо зэблэхъур ахэолъагъо. Уашъом иӀуплъи, чӀылъэм итеплъи зэдештэ.

Тэмэ зэрыхкӀэ бгъэжъ зырызхэр огум щэхьарзэх – загъорэ мыжъоу зыкъырадзыхы, алъабжъэмэ цыгъохэр ачӀэлъэу зыдадзыежьы. Тыгъэ фабэм атхыцӀэ одхэр, аныбэбгъу илъэшъуагъэхэр езгъэурэ былымхэр Ӏэщмэ къадэбыукӀых. Бзыу цӀыр-щырхэри, нахь мэкъэ чаныр язэрэмыгъашӀэу, чъыг шъхьапэмэ ащызэджэжьых. Атакъэхэри мэкъэ зэпео-зэдемыгъаштэкӀэ чылапшъэмкӀи, чылакӀэмкӀи, псыӀушъомкӀи, чылэ гъунэмкӀи къыщэӀох, фэмыфыгъэ-бэлэрэгъыгъэр къызэбэкӀырэ хьэхэри хьаблэхэм къащыхэхьакъукӀых. Чэм лъфэгъэкӀэ гуӀалэхэмрэ шкӀэ цӀыкӀухэмрэ язэпэджэжь шыщыщ макъэхэри, шъэожъые кӀэнашӀэхэм язэнэкъокъуи къазыхэхъожьыкӀэ, Мэзыбэ щыӀэныгъэр зэрэдизыр зэхэошӀэ.

Мэзыбэ удэкӀэу къушъхьэм ухэкӀуатэмэ е къамылылъэ-темэнылъэхэр, псыхъожъыехэр, Ӏошъхьэ ӀэрышӀхэр къызэунэкӀыхэзэ, КъокӀыпӀэмкӀи ТемырымкӀи зыбгъазэмэ, нэмыкӀ дунай ущыгъощагъэу къыпщэхъу. Джа уашъори, тыгъэри, пщэ зырызхэри уашъхьагъ, къушъхьэ шыгуфхэри чыжьэкӀэ къэлъагъох, джа жьы дэдэри зыӀуощэ, къыуиӀорэр зэхэмышӀэми, къыоӀушъашъэ. Гур зэхъуапсэрэр нэм елъэгъуми, щынэгъо шъэфмэ тыдэкӀи укъыщаухъурэи. Мо кондэ къогъур ара уипый къызкъокӀыщтыр, хьауми мо пырэжъыялъэр ара къызхэкӀыщтыр? Къушъхьэ лъагъор нахь бгъузэ хэт пфэзышӀыщтыр, е мо чъыг къогъум хэт къыщыошакӀорэр? Дунаир кӀым-сымыми, къамыл гъугъэ ӀушъашъэкӀэ темэнылъэр къыпӀоплъэ, ищынэгъо шъэф къыпхелъхьэ. Гъэтхэ фабэм зыбзэ къытӀэтэгъэ хьантӀаркъохэр зэфэсакъыжьхэзэ къыхэкъэкъыкӀых, гум щынагъор къизгъэтэджэрэ бзыу зэшӀотхьалыкӀ мэкъэ дэгу гори тӀэкӀу

шlэ къэс къыхэджыкlы, ычыишъхьэ телъэкlыхьажьызэ, ащ нэмыкlи къыпэджэжьы.

– Сыд, Чэчан, пшъхьэ зэпызыкlырэр? – Рэдэд шъэогъум еупчlыгъ.

– Джырэкlэ гумэкl сшъхьэ илъэп. Ау мо темэным зыщызытхьалэжьырэ бзыум иджэмакъэ зыфэсхьын сшlэрэп. Маджэ, маджэ, къыпэджэжьыри мэкъае ехъулlагъ,– зэпыугъо тlэкlу фишlи, къыпигъэхъожьыгъ: – Темэнри шъэф мыухыжьэу зэхэлъ.

– Кlымэфэ чъыlэм ыуж гъатхэр къытфэзыхьыгъэ тидунай угу текlуада, сикъош?

– Ар сшlэрэп къызэрэосlощтыр, Рэдэд. Гушlуагъо теслъагъорэп.

Уанэр зишъхьантэу нэгу дэгъэзыягъэкlэ кlакlом телъыгъэ Рэдэд къызэшlотlысхьагъ, пalор зынэгу телъэу джар дэдэр зишlыкlэу щылъыгъэ Чэчанэ еплъыгъ, сыд мыщ къехъулlагъэр ылозэ, джыри еупчlыгъ.

– Гъэтхэ дахэр унэ къыпэlумыхьэу, зыгорэм угу хигъэкlыгъа?

«Сыдэу непэ мыщ зыкъыспигъэпкlэгъапа?..– Чэчанэ гукlэ гъумытlымызэ, фэмыяхэу къызэшlотlысхьагъ.– Шым сытесми, сепсыхыми ыдэрэп, шэхъогъум ыпэкlэ е ыужыкlэ сыуцуми, пшъхьэ щыогъэзые еlо, пalор сынэгу илъэу сызэрэщылъми ыгу еlурэп… Сэщ фэдэу ори зыгорэм уимыгъэгумэкlыщтыгъэмэ, ащ фэдэхэр къысапlощтыгъэп. Айнаркlэ укъысэгуцафэмэ, къalo, о угу илъыри сшlомыушъэф. Е Тураба узезыдзэрэр? Ащ изекlуакlэ умыштэмэ, lоф шъхьаф. Даур ышыпхъу рэпагэ сlонти, ащ фэдэ дэслъэгъугъэп, ыгукlи, ышъхьэкlи о нахь зыкъыпфишlэу къысщэхъу… Нэкъокъогъу сыкъыпфэхъунэу сыфаеп, Рэдэд, ау а зымкlэ сыгу къысэмыдэlуным сытещтыхьэ. Гу зыфэпшlырэр lахь мыгощ alуагъ. Ар сэркlэ къежьагъэп…»

– Къыпфэlошъурэп нахь, ори зыгорэм уегъапэ, Рэдэд,– къызэреупчlырэ шlыкlэм ипэгъокlэу Чэчани джэуап ытыжьыгъ, гум къыфечъэгъэгъэ гущыlэ шъэф-зэпеохэри псынкlэу тырицlэлэжьыгъ: – Непэ фэдэ дунай фэбэ шlагъом сыдым гур хигъэкlын… мэкъае зэфэхъугъэ бзыуитlумэ яджэмакъэ сыхэдalo… Сакlэдэlукlышъ, зэпэблагъэхэуи, зэпэчыжьэхэуи къыпщыхъурэп, ау ягумэкlи, ягушlуагъуи тэ щыпшlэна.



– Темэн бзыу къаигъитlумэ афэшъхьаф пшъхьэ имылъмэ, Чэчан, унасыпышlу,– гукlэ Рэдэд щхыпцlыгъэми, зэхихыгъэр зэрэшlогъэшlэгъоныр лакъырдынчъэу ынэгу къышlухэщыгъ, къыфадзыгъэри зыщигъэгъупшагъэп: – Сэри зыгорэм симыгъапэу арэп, Чэчан. Ау къыпфэlошъурэп зыфапlорэмкlэ ухэукъокlэ сенэгуе. Орырэ сэрырэ тазыфагу шъэф къыдэхьанэу, дэлъынэу щытэп.

– Ар шъыпкъэ, Рэдэд,– ымакъэкlи, ынапэкlи хэпшlыкlэу Чэчан къэгушlуагъ, ежь зыгъэгумэкlыщтыгъэ Айнари ардэдэм ынэгу къыкlэуцуагъ, зэрэтхыщэри щыгъупшэжьыгъэу нэпэшlо ищыгъэу Тураби инэплъэгъу къыхэтэджыкlыгъ, зыфэамалынчъэ гури тlэкlу къыхэузыкlыгъ, дэгъу, дэгъу, гукlэ ыlуагъ, о апэ узыгъэпэрэ Айнаркlэ къегъажь, сэ къыфыпысыдзэжьын, ар тlомэ, тыгу илъыр зэфитымыхызэ, титlо тыхэукъо пакlошъ, зэхэзыхырэр къыддэхьащхэу, къыткlэнаклэу пчэгум тыкъызэринэщтыр енэгуягъом къыщыуцурэп. Мыхъу зыщыхъужьырэм титlу яз ыгу теlункlэжьышъ, лlыгъэ къызхигъафэзэ lokloты, къытпеорэм пэуцу…– Ащ нахь гущыlэ шъыпкъэ щыlэп, Рэдэд,– Чэчанэ игупшысэ бырсырмэ зэрахэлъэдагъэм фэдэу къахэчъыжьыгъ,– тазыфагу шъэф дэлъыныри, тишъэогъугъэ ащ щытыухыныри зэфэдэ. Уиlо сиlo, уишlэ сишlэ, ащкlэ уицыхьэ къыстегъэлъ, ори аущтэу сыкъыпщэгугъы.

«Къыпфэlошъурэп olошъ, сэ укъысэгъыи нахь, о угу илъми ышъхьэ къипхышъурэп,– джыри Рэдэд гукlэ щхыпцlыгъэ, ау къызхимыгъэщыни ылъэкlыгъ. Гупсэ lофкlэ зыми шъэфэгъу-нэфэгъу фэмыхъугъагъэми, Айнарэкlэ къенэкъокъурэ нэбгыритlумэ, ежь зызыкlыщыгугъыжьрэм щымыгъозэ дэдагъэми, ицыхьэ зытелъыжьэу афедзы: – «Сыдэу Турабэрэ орырэ шъэф мыухыжьыкlэ Айнарэ зэтешъухыра сэlo! Къыжъугурыlорэба пшъэшъэ къежьэгъакlэм, етlани Айнарэ фэдэм, шъэфэуи нафэуи псэлъыхъуабэ къызэрэфеплъэкlыщтыр? Нэтlае зэрэшъузынчъэри зыщышъумыгъэгъупш… Ишъхьэгъусэ Дэхапсэ Хьакъарэ зэригъэшъузыщтыгъэр ышlэщтыгъэми, ар ушъхьагъу фимышlэу, лъфыгъэ хэкlрэп ыlуи, гъэрекlo ытlупщыжьыгъ. Джыри Хьакъарэ фырекloklэу, пхъужъ шъхьэзакъоу мэпсэу… Арышъ, шъушlэхэнэп Нэтlаий инэплъэгъу Хьакъарэ ихьатыркlэ зытыридзэщтыр…» – Рэдэд иошlэ-дэмышlэ гукъэкl къыкlигъэщтэу шъхьэр къыригъэпхъотагъ, ау игумэкlи шъхьаихыгъэ сэмэркъэукlэ хигъэкloklэжьыгъ:

– Шъхьатехъо зытехъуагъи паIо зыщыгъи тазыфагу къыдахьэми ара?

– ТIури ары, Рэдэд! – ащ егупшысэщтыгъэ фэдэу Чэчан къызIуипхъотыгъ, сыгу илъыр тэ щишIагъа ыIуи, ыгъэшIэгъуагъ, анахь гущыIэ теубытэгъэ пытэкIи къышъхьащиIулIэжьыгъ: – СынитIу язми ары!

– Тхьауегъэпсэу, Чэчан,– зэхихыгъэ мэкъэ дэдэм къыщимыгъакIэу Рэдэди къыIуагъ, шъэогъур къыхэзгъэлъэтыкIыгъэ джэуапи ритыжьыгъ: – А узэгуцэфэрэ АйнаркIэ умыгугъ сшъхьэ илъыр.

– Адэ сыд?

– Сэ сызгъэгумэкIырэр нэмыкI.

– Цыхьэшlэгъу сыпшIыщтымэ, сыкъэдаIо.

– Тазыфагу шъэф дэлъэпышъ, ари къыосIон – Хьакъарэ иIоф.

– Хьакъарэ быяужьынэу, итхьамыкIэгъэ чIыпIэ зыригъэгупсэфэжьынэу арба тIогъагъэр! – Чэчанэ ынэ чанхэр къилыдыкIыгъэх, пкъы псыгъо пытэм зырищыгъ, ытэмэпкъышъхьитIу заупэпцIыгъ, лажьэр къызбгъодэкIыгъэр, мысагъэр зыфалъэгъурэр Рэдэд ары пIонэу упчIэхэр тырипхъэнкIагъ: – Джыри уцужьрэба? ЛIыкIо къыпфешIа? Ытхыцlэ хъужьыгъэу къыщэхъуа?

– Хьакъарэ ышъхьэ фитыжькIэ огугъа?

– ЫкIочIэ делэ Хьакъарэ ышъхьэ фыригъэтыжьыщтыгъэп шъхьакIэ, ытхыцIэ зыбгъэфыкъогъэ уж, джыри сыд фэмыгъотырэр?

– Нахьлъэш цIэплъым зыкъырырегъэфэкIы,– Рэдэд щхыпцIыгъэ, гыягъэ,– джыри зэрэмыхъужьыгъэр илыкIомэ зырязгъэIожьыкIэ, ышIошъ хъурэп. Сыщэщынэу, зышIозгъэбылъэу къыщэхъу. УлIмэ, пIуагъэм уемыпцIыжь ыIуи, тыгъуасэ Нахьлъэш цIэплъыми лIыкIо къысфишIыгъ.

– Сыд фябгъэхьыжьыгъ адэ?

– Ущамыгъэlэжь хъумэ сыд япIон, пIалъэ ястыгъ.

– Сыдигъу? – Чэчан къэгузэжъуагъ.

– ГумэкIыгъо щыIэп, Чэчан,– тхьагъэпцIышъо зыригъэшIэу Рэдэд щхыпцIыгъэ.– Хьакъарэ зэунэхъулIэжьыпэщтыр къыгурымыIомэ, сыд силажь, ытхыцIэ къешъэбэкIыщт гъэтхэ уц кIырыр пIалъэ афэсшIыгъ. Сыд къыраIолIэн, тешIэщтыр ашIобагъэми, къеуцолIагъэх. Чэчан, къыосIуагъэр тянэ ышIэ хъущтэп. КъыбгурыIуагъа?

– КъызгурыIуагъ,– зэхихыгъэр зэримыгуапэр ышъо къыхэщыгъ, ау етIани зэпыугъо тIэкIукIэ къеупчIыгъ: – Сэщ нэмыкIэу хэт щыгъуазэр?

– ТитIу.

– Даурдыхэр? – апэ Чэчанэ ыгу къэкIыгъэр Айнар, етIанэ ащ ышнахьыжъ.

– Даури, Мэщыкъуи зясIощт мафэри къэсын.

– Тураб? – Чэчан къеупчIи, ежь шIоигъомкIэ къыухыжьыгъ: – Ащ ебгъашIэ хъущтэп!

Рэдэд зэхихыгъэ гущыIэ пыупкIыгъэм, шIогъэшIэгъонэу, ынапшIэ дыригъэдзыягъ, къэпIуагъэм сыд къикIырэр ыIоным ычIыпIэкIэ, тIури, ежьыри Айнар зэрэфыщытхэр ынэгу къыкIэуцоу, щхыпэ шъабэр къебэкIэу IугушIукIыгъ, зэрэхъури ымышIэу Анысэт пшъэшъэжъые къопцIэ нэгуф гохьыри инэплъэгъу къыхэтэджагъ. «КъызгурэIо нэбгырищми Айнарэ къызэрэтхахьэрэ шыкIэр,– Рэдэд ыIуагъ.– Анысэт?..» – Ардэдэм Рэдэди ошIэ-дэмышIэу НэтIае ишъузыгъэ Дэхапсэ ыгу къызыфэкIыгъэр зыфихьын ымышIэу шъэогъум нэмыз-Iумызэу Iуплъагъ, шъхьэри тIэкIу еуфэхыгъэу риIуагъ:

– Тураби тыдэ тхьыжьын, Чэчан...

– Хьау, хьау, Турабэ ышIэ хъущтэп!..– «О пшIэрэп нахь ар АйнаркIэ зигъэшъоубзэгоу тазыфагу дэт» къызIуипхъоты шIоигъуагъ шъхьакIэ, псынкIэу зыкъишIэжьи, ежь шъэогъуитIуми зэдашIэрэ къэбарымкIэ зэблихъужьыгъ: – Хьакъарэ уятэ ыукIыгъэу уемышIужь тIозэ, Турабэ зэрешIужьыгъэр пщыгъупшэжьыгъа, Рэдэд?

– А Iоф зэдэштэ-зэдэмыштэм бэшIагъэба тызтегущыIагъэр... Хэти дунэееплъыкIэ иI, сыдэущтэу ар тепхын плъэкIын. Тураби ежь шIоигъор, егъэзыгъэ хэмылъэу, ышIагъ, ащкIэ тэмыгъэгъэмыс...

– Ары шъхьакIэ, Рэдэд, къумалыгъэба ар?!

– ХэтыкIэ?

– ТэркIэ!

– Ащ тэ сыд тызэрэхахьэрэр?

– Джэгум къызыщаушъхьакIум, тыкъоуцогъагъэба?

– КъышъолъэIугъагъа?

– Хьау.

– Адэ сыдэущтэу ар Турабэ къумалыгъэ фэтлъэгъущт?

– КъызэрэпIорэмкIэ, Рэдэд, мылъэIо шIыхьаф Тураб фэтшIыгъэу ары...– ыгукIэ фэмыягъэми, Чэчанэ щхыгъэ,

шъэогъум IугушIуагъ, ыгъэшIэгъуагъ, «къумалыгъэ зезымыхьагъэу зыфапIорэм къыуишIэщтыр о джыри пшIэрэп, ары пакIошъ, уегуцэфэнэуи уфаеп», гукIэ пигъэхъожьызэ, шъхьаихыгъэ упчIэкIэ къыухыжьыгъ: — Хьакъардыхэм зызэрядгъэшIэжьыгъэр, ащ къыкIэлъыкIуагъэр мысэкIэ зыфэтэлъэгъужьымэ, ятэ ихьадэ шъхьарыIэбыкIызэ, зыIэ зыщэигъэм сыдыцIэкIэ теджэщт?

— Джы укъызэрэупчIагъэр Iоф шъхьаф, Чэчан. КъэошIэжьа, аущтэу Турабэ зэрэзекIощтыр фэтыдэгъагъэп шъхьакIэ, къытиIогъагъэи... ЕтIани, зэ егупшысэжьэлъ, къоджэпшъэ-къоджэкIэ зэшIужьыныр зыпкъ къикIыгъагъэм... Уятэжъ Колэс ыпкъ къикIыкIэ Турабэ итхьамыкIагъо елъэбэкъон ылъэкIыгъ. Турабэ зэрихьэгъэ лIыгъэмкIэ етIани огъэмысэжьы...

— Ар лIыгъэкIэ фэолъэгъумэ, сшIэрэп ащыгъум...— Чэчанэ гъумытIымыгъэми, ыгу къыдеIэу къыIуагъэми умышIэнэу къызщытэджыкIыгъ, зэрымыразэу къыздырихьакIыщтыгъэри гухьа-гужъыгъэ хэмылъ фэдэу къыдзыгъ: — Сятэ тхьамыкIэр зэкIодылIэгъэгъэ Темрыкъожъэу шъузфэшэсыгъагъэр лъэгонджэмышъхьэкIэ сапашъхьэ къитIысхьагъэкIи, сешIужьыгъэу цIыф ылъэгъунэп... БлэкIыгъэ Iофым лъышIэжь къыхэмыгъэтэджэжь сятэжъ еIо шъхьакIэ, фэсыдэрэп... Рэдэд, сятэ илъышIэжьи зэгорэм тыкIэхьажьыщт, тызкIэмыхьажьыщтыр пIэлъэ кIэкI зыфэбгъэуцугъэмэ яIоф. Мыщ фэдэу гъатхэр фэбэщтмэ, уипIалъэ пшIуишхэу уц шъабэри къызэлъысыщт. Убэлэрэгъмэ, Тураби, нэмыкIми къыпфашIэжьын щыIэп. Сыд сятэжъ Колэс тхьаматэм къытиIорэр?

— Зимафэ мэфишъэ хъун Колэс Iаджи къытеIо, Iаджми тафегъасэ,— шъэджэшъэ-шъэджашъэу Рэдэди чIым къытетэджыкIыгъ, ичэтэбгырыпх зытырилъхьажьызэ, къыIуагъ: — УкъызэрэгущыIэрэм елъытыгъэу упсэущтымэ, пIэ дагъэмэ пшъхьэ щыфэжь еIо. Ар чIыпIэ къин уифэмэ ары, Чэчан, ау...

— Тэрэз, Рэдэд, тэрэз,— къыригъэжьагъэр къыригъэухыгъэп,— уичэтэ-бгырыпхи зыгомылъхьажь, уиджэдыгу пIуакIи къызщыдз, уигъончэджшъхьапси къыпщымызынэу гъэпытэ, уицыджэнэ Iэгъуапэхэр пысэмыгъэтхъыхэ пшIоигъомэ, ари къызщых.

— Тызэбэныщт ара, сибэлыхьажъ? — Рэдэд щхыпцIызэ, къырaIуагъэр игуапэу щыгъыр зыщехы, ыIэгушхуитIумэ акIэужжъунтхэжьызэ, Чэчанэ чэтапэмкIэ къыгъэчъыхьэрэ утыгур къызэпеплъыхьэ.— Сыд зымафэ фэдэу джыри уигухэлъ? Гъэтхэпэ фабэм плъы къыгъэплъыгъ, ара?

— Раутырэм зигъэбэнэкIырэп къысэмыIожьынэу,— Чэчани ыбг нэс зыкъеупцIэны,— непэ сыкъыобэныщт. Ау къыосэIо, къэзгъэтхъыхьэгъэ утыгум уикIы хъущтэп, Iэпэ залэкIэ сэри сикIыщтэп. ПэшIорыгъэшъэу къыосэIо, тызэрэзэрэубытэу джы нэс пшIосыушъэфыгъэ лъэбгъу горэмкIэ уисыутыщт. Сэщ нэмыкI ар ышIэу Мэзыби дэсэп, Къосэгъуми исэп. Ары, ары, сыкъэубыт улIымэ, зэ нэмыIэми,— Чэчанэ пчэн пыджэлэ псынкIэу Рэдэд ечъалIэ, къызэкIэчъэжьы, утыгур къыречъыхьакIы,— IапэкIэ къызнэс, укъызэрэзнэсэу уисэуты...

Рэдэд зыкъыIуашIыхьэми, зыкъыпашIыжьыми, мэщхыпцIы нахь, губжыгъэ-плъырыгъэ къызхигъафэрэп, Колэс зэригъэсагъэу, чIыгу зэхашIэр зыщигъэгъупшэрэп. Ицыхьэ зытелъ лъакъохэр пытэх, лъэгонджэ зэрытыпIэм тIэкIу щыIуфагъэх, пкъышхори тещэягъ, лыпцэхэр зыхэджэгукIырэ Iэшхохэри щэигъэхэу сыд фэдэ лъэбгъу шъэфи, нафи фэхьазыр. Пкъы шъэджашъэм губжыгъэ хэмылъыми, аужырэ лъакъомэ затезыIэтыкIыгъэ мышъэ губжыгъэр итеплъ. ЗипсынкIагъэ къогушхукIырэ Чэчани ылъэкI къымыгъанэу зешIытэжьми, Рэдэд гугъу фелIырэп, кIэнакIэ:

— Упшъыгъэмэ зыгъэпсэф, ар бэнакIэ хъунэп.

— Ащыгъум ори ущымыт, сыкъэубыт.

— Убэнэщтмэ, тызэрэгъэубыт нахь, укъызэречъэкIрэр тэрэзэп.

— О зиинагъэм сыкъыобэнынир адэ пшIотэрэза?

— Сыд ащыгъум укъыкIыстегушхуагъэр?

— ТIэкIу узэкIэсфын сIогъагъэ. ЕтIани кIочIэ закъокIэ Хьакъари, НахьлъэшI атекIогъуай...

— Зытх агъэхъужьыгъэр Хьакъарэба?

— А зыфапIорэр зэрэукI чIыпIагъ нахь, бэнэкIо утыгугъэп. КъэошIэжьа Хьакъарэрэ орырэ шъуичатэхэр зызэпэутыхэм, пчэгъур къыпIэкIэзыдзэгъагъэр? — шъхьэм къызфечъагъэмкIи, къызфиIорэмкIи зыфэгубжыжьэу Чэчан къэупчIагъ.

— КъэсымышIэжьы мэхъуа! — Рэдэд игуапэ къыIуагъ.— Айнар.— Къыфадзыгъэм зыкIэгупшысыхьажьым, гухьагужъыгъэ хэмылъэу щхыгъэ.

– Зэрэхъурэмкlэ, шlыхьафкlэ Хьакъарэ пlэм хэдгулlэгъагъ, кlапщи фядгъэшlыгъагъ.

– Нахьлъэш цlэплъыри шlыхьафкlэ дгъэlэзагъэ,– Чэчани шъхьэихыгъэкlэ шъэогъум дыригъэштагъ, етlани пчэгъур чэум къыхэзычыгъэгъэ Айнар ынэгу къыкlэуцожьызэ, Рэдэд емыпlэскlун ылъэкlыгъэп: – Джы агъэхъужьыгъэми зыгъэхъужьыгъэми алъэкlэу дунаим утырагъэтыщтэп. Джары сэ, сыфэмый нахь мышlэми, зыми ымышlэрэ силъэбгъу шъэф уфэзгъасэ зыкlысшlоигъуагъэр.

– Колэси ымышlэнэуи?

– Ащ ымышlэ щыlа! Арба сэзгъэшlагъэри, ыушъэфынэуи гущыlэ къысэзытыгъэр... Сыда, Рэдэд, узфэщхырэр? – Чэчанэ зэгуцэфагъэм ышъо къыпигъэчъыгъ.

– Лъэгонджэ чlэон ара?

– Тэ щыпшlэра! – Чэчанэ джыри нахь кlыф хъоу, ишъэф зыlотагъэми егуцафэу къыхэкуукlыгъ, етlанэ ылъакъомэ атемытыжьышъоу зыридзыхи, зэхихыгъэр ыгъэшlагъозэ, гъумытlымыгъэ: – Сахьыщтми ощ пае татэ сарыгъэхьыщт...

Рэдэд къырагlорэр зэхимыхыжьэу къызlуипхъотыгъ:

– Хэт щыщ мо гъуим хэлъэдэжьыгъэ шыур! Елбэт, Чэчан, шыплlэкlэ зыгорэ ехьы!

Шыуитlур зылъежьэгъэ шыу нэгъуаджэм ыгу къэкlоди, ишыплlэ дэлъ шъэо зэкlоцlыпхагъэр къыдидзыгъ, ау бэримыгъэчъэу Рэдэд кlахьи, онэгум къырихыгъ. Блыгучlэ пцlанэм пlэтlэраоу зэрэчlэлъэу къыхьи, шъэо зэкlоцlыпхагъэр зытlатэщтыгъэ Чэчанэ ыпашъхьэ ридзагъ:

– Зэкlоцlыпх! Мы хъырцыжъыр хъэзаркlэ сэгугъэ.

– Хъэзар, хъэзар! – зынэхэр къилыдыкlыхэу, илъэс пшlыкlуплl горэ зыныбжь шъэожъыем зыкъишlэжьыгъэу къызlуипхъотыгъ, къызщылъэти, зыlэ апхыщтыгъэ хъырцыжъым зыжэхидзагъ.

– Быяу, сшынахьыкl,– Рэдэд тхъуи, зыlэхэр пхыгъэу щылъым шъэожъыер къышъхьащихыжьыгъ,– мыщ угу зыщытебгъэпщэхэн чlыпlи уифэн.

– Мыщ сяти сяни ыукlыгъ! – шъэожъыем Рэдэд зыlэкlеуты.– Сшыпхъуи зыфаер ришlи, псым хидзэжьыгъ... Мыр сэжъугъэукlыжьи, сышъухь, сышъущ фаеми!

– Быяу сlуагъэ, сшынахьыкl, земыутэкlыжь,– Рэдэд нахь мэкъэ лъэшкlэ къызеlом, шъэожъыер къэушъэбыгъ.– Сыд пцlэр? Тэ ущыщ?

– Сцlэр Шыупащ, хы Мыутlэ lушъом сыкъырахы, Быраб чылэ сыщыщ,– зэпимыгъэоу зы жьыщэгъукlэ шъэожъыем къыlуагъ, къэлъэlуагъ: – Джы уичатэ къысэти, алъ сэгъэшlэжь!

– Тыбзэ ешlа мыщ? – шъэожъыер ыгъэрэхьат шlоигъоу апэ ыгу къэкlыгъэмкlэ Чэчанэ къэупчlагъ.

– Гурэlо, гущыlэ зырызхэри къеlо,– нэмыплъ зэрихэу ыпашъхьэ исым шъхьапырыплъызэ, Шыупащэ джэуап къытыжьи, шъхьэ зэндэ цlыкlур ыгъэсысэу къыхэгубжыкlыжьыгъ: – Шылъым ешъорэр дунаим тебгъэты хъуна!..

– Пlорэр сыд, сшынахьыкl! – Чэчанэ шъхьэр къыпхъотагъ.– Шыл зэрашхырэр сэшlэ, ау укъезыхьакlырэ шым ылъ кlэпшъуныр...

– Сыкъызэрихьыщтыгъэ шым тыгъуасэ нэс, къызэхэфэфэ, ылъ кlишъугъ,– къыlуагъэр шъэожъыем къыушыхьатыжьыгъ.

– Оры, Шыупащ, оры, сшынахьыкl, о сыд пшхыгъэр? – хъэзармэ шыл зэрашхыри, ягъомылэ заухыкlэ, яшмэ ахэуlэхэзэ алъ зэрэкlашъури зэгорэм ятэ къыlуатэу Рэдэд зэхихыгъагъэти, ащ фэдизэу ыгъэшlэгъуагъэп.

– Сэ сыд...– шъэожъыем ышъхьэ риуфэхыгъ,– апэм егъэзыгъэкlэ сигъашlэщтыгъ... Етlанэ зыбгъэлlэна... Ау сиш псэхалlэ зэхъум, тыгъуаси, непи ишылъ сыфыкlэшъужьыгъэп.

– Зыбгъалlэщтыгъа...– къеупчlыгъэми, къегыигъэми умышlэнэу Рэдэд къыlуагъ, етlанэ хъырцыжъым фыреплъэкlызэ, ятэ ыгу къэкlыжьыгъ, Чэчанэ еупчlыгъ: – Тшынахьыкlэ къызкlэлъэlурэр фэтэрэшlа?

– Фэукlочlыщтмэ, сырыраз! – Чэчанэ къыпиупкlыгъ.

Зэхихыгъэмэ хъырцыжъым зыкъырагъэпхъотагъ шъхьакlэ, lэпхыгъэ-лъэкъопхыгъэмэ зэхагъэфэжьыгъэ. Лъэкъуаомэ, зигъэчэрэгъузэ, ерагъэу лъэгонджэмышъхьэкlэ къызэшlотlысхьажьыгъэр адыгэбзэ цунтхъагъэкlэ къэлъэlуагъ:

– Сышъумыукl!

– Цlыф пlэкlэкlодэнкlэ о джыри усабый, сшынахьыкl. Ау о къыуашlагъэр сэри сятэкlэ спэкlэкlыгъ. Уисабыигъэ къемыплъыгъэм сыд епшlэми фэшъуаш! Уичатэ къет, Чэчан. Укъызэкlэмыкlу, уичэтэ лъышlэжь сэ сичати годзэгъэщт!..

– Шъукӏочӏэшху тӏуми,– чэтэогъуитӏу зытелъ хьадэм Чэчанэ еплъызэ, ишъыпкъэми мэсэмэркъэуми умышӏэнэу къыӏуагъ,– зи къежъугъэлыгъэп...

– Некӏо, шэхъогъур тэжъугъэугъоижьи, чылэм тыжъугъэкӏожь,– шъэожъыем ригъэшӏагъэм, ежь ыӏэкӏэ дишӏэжьыгъэм хэгупшысыхьэмэ, ихыягъи, имысагъи зэригъэбэныжьызэ, Рэдэд къыӏуагъ.

Шэхъогъум ыуж ит шыуищыр заулэрэ къэкӏуагъэхэу шы хымэм тес шъэожъыер зызэплъэкӏым, ӏофы зырымыгъэшӏ фэдэу Чэчанэ къыдзыгъ:

– Гъуим къыхэтынагъэм, сшынахьыкӏ, иӏоф кӏогъахэ, нычэпэ тыгъужъӏус хъущт.

– Армэ зыфапӏорэр, Чэчан,– егъашӏэм зэрэшӏэщтыгъэхэм фэдэу Шыупащэ лӏы шӏыкӏэу, щхыпцӏызэ, къыӏуагъ,– ащ сигъэпахэрэп, сятэ тхьамыкӏэм зэриӏощтыгъэу, хьэм хьэр икӏодыкӏ.

«Цӏыфылъыр зылъэгъугъэ сабыим исабыигъо хэмытхъыкӏызэ, лӏыпкъым зэрифэрэр емыкӏу, ащ нахь емыкӏужь тэ лӏышхуитӏум непэ мы шъэожъыем едгъэшӏагъэр...» – Рэдэд ыгу къыпиӏонтӏыкӏыгъ.

Шыхэр Рэдэд къыдэзыфыжьыгъэ шъэожъыер Рампэс зелъэгъум, ыкъо еупчӏыгъ:

– А сикӏал, мы уигъусэ шъэожъые нэутхэ цӏыкӏур хэтмэ ащыщ?

– Сигъусэм, тян, ыцӏэр Шыупащ. Непэ щегъэжьагъэу сшынахьыкӏ, яти, яни, ӏахьыли иӏэжьэп.

– Ара?..– ошӏэ-дэмышӏэ къэбарым Рампэс къыкӏигъэщтагъэми, къызхимыгъэщэу шъэожъыем ӏугушӏуагъ, зэриубытылӏагъ, ӏэ щифагъ.– Ащыгъум, сикӏал, узкӏэхъопсыщтыгъэ шынахьыкӏэ цӏыкӏу титхьэмэ къыпфахьыгъэба.

– Тян, тыгъуасэ нэс сшынахьыкӏэ фыгукӏэ ӏуфагъэп.

– Зибэ щышӏагъэм, имакӏэ щышӏэжьын,– ышъхьэ уназэщтыгъэми, шъэожъыем зегъэлӏы.

– Хьау, хьау, сикӏал, пшынахьыжъ аущтэу еӏомэ, едэӏу, некӏо, ӏанэри шыгъахэ.

– Хъэзар шым, Рэдэд, шхор тепхыжьы хъумэ,– шъэожъыер джагъэ,– ыпшъэ телъ уӏагъэм фэсакъ. Джа чӏыпӏэр ары хъэзарыжъыр шылъым зыщыкӏэшъуштыгъэр.

– Сыд хъэзара, сыдылъа зигугъу шъушырэр? – Рампэс нэмыз-ӏумызэу къызэтеуцуагъ, шъэожъые пшъыгъэм ӏуплъагъ, Рэдэд зыдэт ӏэщымкӏи инэплъэгъу гумэкӏ ыдзыгъ.



– Етӏан, тян, етӏан... Сшынахьыкӏэ зэкӏэ къыпфиӏотэщт...– кӏалэм ыпшъэ рилъхьагъэр зэрэмышъэожьые ӏофыр джы Рэдэд къыгурыӏожьыгъэу унэ лъэгуцым техьагъэм алъэджэжьы: – Шъукъысаж, мары джыдэд... Сшынахьыкӏэ гъэшхахэ, тян, сэ зэкӏэри къыпфэсӏотэжьыщт...

## II

Къэбар дэир ӏопщыгъошӏоп.

Хьакъарэ ишъэогъумэ ариӏощт къэбар гомыӏур къехьылъэкӏызэ, джыри мэфэ заулэ тыригъэшӏагъ. Гъэтхэ фабэм уцыр къефы, Рэдэд дишӏыгъэ пӏалъэри къэблагъэ. Къепхъэкӏыгъэ ипкъэгъу-лэгъумэ, нахьыкӏэмэ, нахьыжъмэ апашъхьэ Хьакъарэ зыщегъэлӏы шъхьакӏэ къызхэкӏыгъэри ымышӏэу загъорэ тхыузым зыкъырегъашӏэ. Гъэшӏэгъоныр, пхъэ ыкъутэми, банэми, шэсыми, хьылъэ кӏаӏэми арэп. Рэдэд зэребэныщтыр ыгу къызэрэкӏэу щысми, щытыми, щылъыми, ардэдэм кӏэнтӏыӏур къыхэузыкӏы.

Джыдэдэми, иунэ лъэгуц тетэу чылапшъэмкӏэ, Рэдэдыдхэм алъэныкъокӏэ Хьакъарэ зэплъэм, а дэдэр къехъулӏагъ. Зэбэнынэу зыфиӏощтыгъэ Рэдэди плӏэӏушхо-пкъышхоу ынэгу къыкӏэуцуагъ, бэнэпӏэ утыгум къыщызэрэугъоигъэ купмэ къашъхьащыщэу Нахьлъэши ахилъэгъуагъ, ышъхьэ фыримыгъэтыжьэу тхы лыпцэр джыри къэкӏэзэзыгъ. «Сыд джэголъагъа сэӏо схэмылъыгъэу къысхафэрэр!..– зыфэгубжыжьы.– Нэтӏае зыкъегъэгужъо, унагъоп-джэгугъоп зэраӏоу, урамым сызэрэтырищэщтыр щыгъупшэжьыгъа? Сыдж тео макъэри, гъэтхапэшъ, Емзэщ икӏыщ щэжъынчы, итыгъэуапӏэ нэбгырэ заулэ щызэхэсынкӏи мэхъу. Гъэшӏэгъоны Нэтӏае икъэмыкӏуакӏэ... Дэхапсэ пае ыгу къысабгъэщтын. Адэ, делэ тхьамыкӏ, о пфэмыгъэтэрэзмэ тилажьа, тыфае хъумэ, тыгу жьы дигъэкӏынэу ащ фэдэ пхъужь гори чылэм дэсын фаеба. Ау, шъыпкъэмэ сшӏэрэп, чылапшъэхэри къыфырекӏокӏхэу аӏуагъ...»

Хьакъарэ шыукъамыщымкӏэ ищазымэ тхьаӏу еожьи, лъэгуцым ехыгъ. Шыонэзэтелъым екӏуаліи, шэсыщтмэ ымышӏэу, Нэтӏае ежэу заулэрэ щытыгъ, етӏанэ ошӏэ-дэмышӏэу шыбгъэм кӏыбыкӏэ чӏэуцуи, шыр ылъакъомэ къатыриӏэтыкӏыгъ, итхыуз зэхимышӏэу, ыгъэуцужьыгъэ къодыеу, къэлапчъэм къышъхьапырыджыкӏыгъэмкӏэ плъэзэ, фидзыгъ:

– Ора сэIо, НэтIай! – къызфеупчIыгъэр шIомыигъоу риIожьыгъ: – Сиш лажьэ иIэп, пшIэнэу уфаемэ, лажьэ зиIэр къэгужъорэр ары.

– Ашъыу, моу кIыщым сыкъыблэкIызэ сыкъагъэуцуи...

– Хъугъэ, хъугъэ, укъэзгъэуцугъэр сэ сищыкIагъэп,– Хьакъарэ Iудысагъ НэтIае.– Шэныбэ плъэгъугъэба? Ащи зычIигъаоу ригъэжьагъ, ыгу илъыр сшIэрэп... НекIо, зэ кIыщымкIэ тыгъэшэс.

Хьакъарэ исэмэгубгъу НэтIае къыкъомыщэу шыуитIур урамым техьагъ.

Уахътэр щайшъогъум блэкIыгъ. Уцымрэ пкIашъэмрэ къэзыфырэ гъэтхэ фабэм зишIэжьырэп: иуашъо шхъуантIэу къеплъыхы, итыгъэпс къыпIогушIо, бзыумэ орэд къыпфаIо, ипсыхъо Пшъадэ иор щхыпс зыIуитэкъукIэу Мэзыбэ зыблырегъэхы. Гъатхэр зигушIогъо щагу чъыгхэми – къыцэмэ, мыIэрысэмэ, къыпцIэмэ, къужъIэрысэмэ – джэнэ фыжьышъо-шэплъышъокIэ зыкъафапэ, псырыкI къушъхьэмэ япэIо шыгуфхэр ашъхьащызынхэкIэ мэщынэх пIонэу, джыри нахь загъэлъэпэпцIыи, чъыг шъхьапэкIи пкIашъэкIи зэмышъогъу мэзмэ ашъхьащэкIотых. Тыгъужъышъо джэдыгу шхъуантIэр зыщыгъыгъэ кIымафэм къыкIэзыжьыгъэ чIыгуми ыгу зэрэжъужьыгъэр къыушыхьатэу, ихэтэ жъуагъэмэ, ичылэ гъунэ жъокIупIэмэ пэхъэ фэбэ пIуакIэр къашъхьащехы.

Гъатхэм ифаби, мафэм ишъаби, хатэми губгъоми арыт лэжьэкIо бынмэ ягушIуагъуи Хьакъарэ инэплъэгъу къыпэIухьэрэп – непэкIи, неущкIи, неущмыкIэкIи игупшысэгумэкI ылъэ къызтеуцожьыгъэм щыублагъэу нэмыкI. Нахьлъэш къогушхукIы, икъотэгъу ыIозэ, гурышхъо фишIэу регъажьэ, къэзыушъхьакIугъэ Рэдэд, цIыфмэ ажэ мыскъарэкIэ зыдаримыгъэгъафэу, зэрешIужьыщт шIыкIэм еукIы, зэкIэми анахь дэгъугъэр мы Iофыр ежь къыпкъырыкIыгъэмэ арыгъэ.

«Нахьлъэши пыи къысфэхъущтыгъэп, ежьыри, сэри тызэшIужьыгъэу чылэм тызэдыдэсыщтыгъэ, ау а сызхаплъэрэ Лаурстэнкъом ар нибжьи къыпфишIэнэп, къыпфишIэщтыкIи къешIэкIыгъэ купым фадэнэп. Адэ Колэс лIыжъыр мы Iофым хэсэрэгъахьа? ТыошIужьыщт ыIуи, къысфэкIогъагъ, шъхьаубэтэ-шъхьэгъажъохэри къысфищэгъагъэх... Сибгыуз мыIуапхъэ сигъэIогъагъэ... Джары Колэс лIыжъым уапэкIэ бдзырэ мыжъом уелъэпэожьы къыкIысиIогъагъэр. Сыд сIони джы Колэс сепэсэкIон? Сыкъыхэмыщэу хащэ горэ фэсшIыгъэмэ... Хэт ащ фэдэу уицыхьэ зытебгъэлъынэу Мэзыбэ дэсыр? Мыстхъакъуи, Темрыкъо изакъоми, лIы Iуш дэмысэу щытэп, цIыфмэ ахэхьагъ, ахэкIыгъ, гъэрыпIэми къикIыжьыгъ, ау Нахьлъэш ичылэгъушъ, ышIэ пакIо, гуцафэ ебгъэшIы хъущтэп. Шышъхьарысмэ хъущтба? Ари чылэ зэтегъэпсыхьагъ, Фэмыд аIоу лIы шIагъо дэс, ыкIуачIэкIэ, игулъытэкIэ Нахьлъэши, Рэдэди, сэри такIыб къыдэуцощтэп... Хьау, хьау. Фэмыдэ хъущтэп! Ащ ыгуи, ыпси хъэзархэмкIэ гъэзагъэ, шылъи ешъо, шыли ешхы аIуагъ...» – гу бырсырыгъэкIэ Хьакъарэ шым зыжэдаIэм, НэтIае къэупчIагъ:

– Сыд, нахьыжъ?

– Сыдына!..– Хьакъарэ онэгум щызыбгырыугъ, нахь пкъые зишIыгъ, псынкIэуи идыс макъэ хигъэкIокIэжьыгъ: – Сыд шIыхьафышху сэIошъ ары чылэм къыдэтэджагъэр. Неущ мафэ къэмыкIожьыщт пIонэу, IэпIокIэ-лъэпIуакIэхэу, атх чIым фауфагъ. Къэхъупагъэр сыд шъыу!..

– Ари шъыпкъэ, нахьыжъ,– НэтIае гъэшIуабзэкIэ Хьакъарэ дыригъэштагъ.– Сыд аIорэр, гъэтхэ мафэм илъэс фашIэ къехьы.

– НэтIай!..– зэмыжэгъэ гущыIэжъ Iушыр НэтIае зэришIэрэм Хьакъарэ къыхигъэгубжыкIыгъэми, ежь ышъхьэ фэгъэхьыгъэ IофымкIэ зэблихъужьыгъ: – Арэп, НэтIай, сIонэп сIуагъэ шъхьакIэ, нахьыжъым ычIыпIэкIэ зиусхьан къысэпIонэу тхьапшырэ тырыгущыIагъ! Шъо зэрежъугъас чылэри къызэрэсэджэщтыр. Зэхэшъухэрэба Лаурстэныкъом чылэм зэрэщеджэхэрэр? Зиусхьаным нэмыкI гущыIэ ажэ дэлъыжьэп. СцIи хъущтэп, зыгорэ епэсыгъэн фае.

– Боу цIэ дах, зиусхьан! – НэтIае псынкIэу зыкъигъэтэрэзыжьыгъ.– Жэм дафэрэп, гум щэжъынчы.

– Сыд сэIо пIорэр, зиунагъо бэгъон,– Хьакъарэ гужъынчъэу къыхэкуукIы,– шъуесэжьыгъэшъ нахь, зэ кIэдэIукIэлъ. Хьэкъар! Ухьэуи укъарэуи, ы?! – ЕтIани «къарэр» тэ тыбзэп, хъэзар-нэгъоймэ къытхахьагъ. Тэ тыбзэкIэ «ХьашIуцI» къысаIощтыгъэмэ нахьышIугъ.

– Хьау, хьау, зиусхьан! – джыри НэтIае ыдагъэп.– Сыд лIэужыгъу ХьашIуцIэр? Хьакъарэр жэм диз мэхъу, зыгу къыпфэмышIур зэшIуетхьалыкIы, тэщ фэдэу зыгу пщыщым

щиз хегъахъо! Сыд адэ, зиусхьан, Рэдэдыр?! О пцIэ, мыхъуми, зыгорэ къекIы, зи къызэрымыкIыхэрэр типый ыцI.

«Ары, ары, сыгу къэощэфы,— къызхимыгъэщэу Хьакъарэ щхыпцIыгъэ,— сакIыб укъетIэхъу. Ар шъуIозэ, шъугу илъыр сэжъугъашIэрэп, сакъогъу шъукъоплъымэ, шъулъэгъурэр фэшъхьаф: зыцIэ шъушIомыхъэтэ Лаурстэныкъори, шъугу темыфэу зыфашъуIорэ Нахьлъэш цIэплъыри, ахэмэ къяшIэкIыгъэ купри шъушъхьэ икIырэп. ПIэм сыхэлъ зэхъум, зыкъысIушъушIыхьэщтыгъэми, ащ семыгуцафэщтыгъэу, непэ сегупшысагъэу къызщышъумыгъэхъу. Уинасыпмэ, пкIуачIэрэ уилъэкIрэ зэголъэу упсэун, уебэджымэ, мы слъэгъухэрэр, къыпфызэплъэкIыжьыщтыхэп, къысэрыкIощтым пымылъхэу, Лаурстэнкъом сырагъэбэныщт. Ары, сагъэбэнэнышъ, сыкъыракIымэ, ежьхэр байкол-оркъ шъхьафитхэу хэтыщтых. Нахьлъэш цIэплъыми ыгукIэ текIорэр сицу еIон фае. Лаурстэныкъом сытыригъакIомэ, сызгъэхъужьыгъэм сидагъо ышIэу, зи къысигъэлынэп... Сыд пае кIочIэ делитIумэ азыфагу сыдэхьани, зыдягъэхьаджыхьан! Лаурстэныкъор джыри кIалэ, узщымыгъуазэр мэзахэ сымыIоу сытекIомэ? ПшIэхэнэп!» — Хьакъарэ ежь-ежьырэу зэбэныжьызэ, ошIэ-дэмышIэу гу къызIэпишIыхьажьыгъ, исэмэгукIэ къыгот шыум фидзыгъ:

— А зэрэшъуIо дэдэу Лаурстэныкъом иIоф тетэпщтын, ыцIи ышъхьи зэфэдэ.— ЩхыпцIызэ, гукIэ зэриIожьыгъ: «Ащ ыцIэ къикIырэр умышIэу зыкъысфэошIми, зэрэгъэшIуабзэр ошIэ». КIыщымкIэ зэплъэм, ылъэгъугъэр ыгъэшIэгъуагъ: — Сыд махъшэх сэIо мощ Iутхэр? Сыдэу шыуби къяпхъэкIыгъа?!

— Тэ къизыгъэха, уадэжь сыкъакIо зэхъум Iутыгъэхэп,— НэтIаий ыжэ къыIузыгъ.

— НекIо,— Хьакъарэ шым елъэдэкъэуагъ,— хъэзархэп, аланхэп, араб сатыушIэхэкIэ енэгуягъо. УкъыскIэмыхьап, шышъхьэкIэ сауж зыкъигъан, джа къыосIогъэ зиусхьанри зыщымыгъэгъупш.

Шыушъхьэ зэкIэмыхьэкIэ Хьакъарэрэ НэтIаерэ кIыщым зыIолъадэхэм, зыхэт купым Шэныбэ къахэкIи, шыIупIэ IыгъкIэ Хьакъарэ ригъэпсыхыгъ.

— Араб сатыушIэхэр сыд ягухэлъэу Мэзыбэ къыдэхьагъэх? — Хьакъарэ къызщепсыхыгъэ чIыпIэм имыкIотэу, ыIэ джэдитIу ыпчэнэ быхъу итэу Шэныбэ къызхэкIыгъэ лIы купмэ яупчIыгъ.— Мо араб шыу уIэшыгъэхэри сыд зыуж итхэр?

— Тэ Арабыем тыкъекIы,— хьэджэ паIор зыщыгъ лIыку хэкIотагъэр нэгу хъураекIэ къыIугушIуи, адыгэбзэ къабзэкIэ къэгущыIагъ,— Тумтэкъашъэ тэкIо, укъызкIэупчIэгъэ шыухэри тиухъумакIох. Шъори шъошIэ, дунай жъалым тызэрэтетыр.

— Уадыга? — Хьакъарэ зэрэмыгугъагъэу Iофыр къычIэкIыгъэти, ыгъэшIэгъуагъ, лажьэ зимыIэ чэтэшхори ыгъэтэрэзыжьыгъ.

— Алахьэу лъапIэу лъагэм ыIомэ, сыадыг, сыбыслъымэн,— ащ ежэщтыгъэ пIонэу джэуап къытыжьыгъ,— сцIэри Ислъам-Хьадж, илъэсипшIым ситэу сахэфагъэу арабмэ сахэс, ядини сIыгъ, яIаши сиIашэ, яIофи сиIофы.

— Бзэр сыдэу пщымыгъупшагъ? — къэдаIорэмэ ащыщ горэ шIогъэшIэгъонэу къэупчIагъ, зэгыижьыгъ: — Тэ хъэзармэ тазэрэхафэу бзэмыIу тахэхъухьэ.

— Ным къыпIуилъхьэгъэ бзэр угу ибгъэлъымэ, убзэгу тебгъэлъэу ор-орэу узыдэгущыIэжьмэ, пщыгъупшэщтэп. Тиунэ исми ар ыгу къэкIыжьыгъ, тисабыйми аригъэшIагъ. Тэрэп, Алахь зизакъор ары ар зиIэшIагъэр,— Ислъам-Хьаджэм ыIэхэр уашъом дигъэчъаехи, тхьэ елъэIу зэхъум, зигъусэ сатыушIэхэми ухъумакIохэми ар дэдэр ашIагъ.

— AIэхэр ти Тхьэшхо-Тыгъэшхо фыдагъэчъэягъэу сыд сэIо къапчъырэр, аушхъухьэми сшIэрэп,— НэтIае ыдагъэп.

Ар Ислъам-Хьаджэм зэхихыгъэми, идыухьэ зэпигъэугъэп, къызеухым, къыIуагъ:

— Алахьэу лъапIэу, лъагэу, дыухьэ къызфахьырэм, сшынахьыкI, ащ фэдэхэр раIуалIэрэп. Алахьым фэшъхьаф Тхьэ зэрэщымыIэр шъушIошъ жъугъэхъу. Шъуидунай хьаф шъуухэу ыдэжь фэжъугъэзэжьмэ, Синтарэ хьадрыхэ лъэмыджэу шъхьац налъэм нахь псыгъом шъурищыщт...

— Хъугъэ! — Хьакъарэ къэгубжи, Ислъам-Хьаджэр зэпиутыгъ.— Убзэрэ уидинрэ тэ тизэхэфынэп!

— Титхьэхэми ар къыпфадэщтэп,— Шэныби къыдыригъэштагъ.

ПчъэIупэм щызэфадзырэ гущыIэхэр къыримыгъэкIоу, Iэпшъэго теуфыхьагъэу, ыушхъогъэкIэ чатэм Iугъо-пахъэр къыпихэу Емзэщ гъукIэр кIыщым къычIэкIыгъ, мыгузажъоу

щытхэр къызэпиплъыхьи, инэплъэгъу Хьакъарэ зеутэкIым, къеупчIыгъ:

– ТихьакIэмэ, Хьакъар, сыд угу зыфямыIугъэр?

– Угу зэмыIун закI, Емзэщ, мыхэмэ зэрахьэрэр. Тхьэ закъо нахь зимыIэ тилъэпкъэгъу къытиIорэр зэхэпхырэба?

– Зэхэсэхы,– Емзэщ гъукIэр IупшIэ Iужъу IущыгъэшхокIэ гугъуемылIэу учъыIыжьырэ чатэм тепщэ, тыгъэм фещэи, фызэпырегъазэ, етIанэ теужъунтхэмэ, цыджэнэ блыгучIэм чIилъэшъужьызэ, еукъэбзышъ, ичаныгъэ чъыгэе такъэм реуплъэкIу, етIанэ ештэмэ еIошъ, ыпшъацэ рыхэIэ.

– Зэхэохымэ, сыд адэ? – гъукIэм игъэпсыкIэ-шIыкIэ Хьакъарэ ыгу тефэрэп.

– Ислъам-Хьаджэми, модырэхэми ясарыкъ паIохэр угу тефэха? – Емзэщ гугъуемылIэу джыри къэупчIэ.

– Темыфэхэмэ сыд?! – Хьакъарэ ымакъэ джы нахь къэпытэ.

– Сэри ахэр сыгу тефэхэрэп,– гъукIэм ичэтацэ джы ыпшъэ реупсы,– ау зыщышъух ясIорэп. Тилъэпкъэгъу-тимыдинэгъу къызэрэддэгущыIэрэ бзэм фэшъхьафэу игъусэмэ абзи, ядыухьи къызгурыIорэп, щыжъугъэт сIорэп нахь, ары пакIошъ, махъшэхэри, хъэзархэр умыIощтмэ, талъэныкъокIэ щахъурэп…

– Емзэщ гъукIэр,– НэтIае зыфэщыIагъэп,– сыд ащкIэ тизиусхьан епIомэ пшIоигъор?

– Тичылэ къыдэхьэгъэ хьакIэмэ бырсыр яшъумышIылI сэIо.

– Аущтэу оIомэ, дэгъу, тятэ зэриIощтыгъэу, хэти ишытесыкIэ шъхьафы,– Хьакъарэ къызэрэушъэбыгъэр ымакъэ къыхэщыгъ, чылэм ынаIэ зэрэтыригъэтыри ыушъэфыгъэп,– ау тичIыгу зэрэрыкIохэрэм ыуасэ къатыщтба мыхэмэ?

– Ащ укъыкIэмыупчIэжь, къэттыщт,– Ислъам-Хьаджэр къэгузэжъуагъ, арапыбзэкIэ афызэридзэкIыгъэм игъусэхэми ашъхьэ дагъэсысыгъ, макъэ къэзышъыгъэхэри къахэкIыгъ,– шъуичылэ чэщ щитэжъугъэхыми щитхыщт, ыпкIи къышъоттыщт.

– Ар зиIофыр Хьакъарэп, Лаурстэныкъо Рэдэд зиусхьаныр ары, муары къащэ.



Рэдэд зипэщэ шыу купыр Хьакъарэ зелъэгъум, ыгу къызэрефэхыгъэр къызхимыгъэщэу, зышIомыдэеу къыIуагъ:

– Мэзыбэ къерэшIушIэхи, Лаурстэныкъо зиусхьаныр, Емзэщ гъукIэр, Хьакъарэ кIочIэшху фэIуагъэп ащ… Тэри мы чылэм тыфэмыгумэкIыщтыгъэмэ, къызэтенэщтыгъэп.

«Ор-орэу, зыогъэцIыкIужьы, тхьамыкI!..» – НэтIае къыхэгубжыкIыгъ. «Пфэшъуашэр чылэ пашъхьэм къыщыохъулIэ, лIыгъэнчъ!..» – Шэныбэ игукъауи къыхилъхьагъ. ХьакIэмэ афэшъхьафэу къырихьылIагъэхэри гукIэ щхыпцIыгъэх.

КIыщ пчъэIупэм шыу купмэ апэ итэу Рэдэд къызIохьэм, шъхьакIэфэ фэшIыкIэ зэлъыIукIотыгъэмэ анахьыкIитIу къахэкIи, зым зиусхьаным ишыIупIэ ыубытыгъ, адырэм лъэрыгъыр диIыгъэу къыригъэпсыхыгъ.

– ХьэкIэ мафэ шъукъытфэхъу, чылэм ыцIэкIэ къеблагъ шъосэIо,– хымэ хэгъэгу къикIыгъэхэм шъхьэлъытэжьшъхьэкIафэр Рэдэд апигъохыгъ, шъхьэщэ мэкIэ гъэшIуагъэкIэ риуфэхыгъэ шъхьэри къыIэтыжьыгъ, щытхэр зэкIэ, ишIуи, ипыи гуцэфэнчъэ нэшIукIэ къызэпиплъыхьагъ.

«Мыщ зызэришIырэр,– Хьакъарэ гукIэ щхыпцIыгъэ,– зыкъытегъаштэ. Зэ, зэ, хэта джы мыщ исэмэгубгъукIэ къыгоуцуагъэр? Мыра Шыупащ зыфаIоу хъэзар хъырцыжъ горэм къытырахыжьыгъэр ? Ар ыIуи, адыгэ унэгъо тхьамыкIэ горэ ыгъэунэхъугъэмэ шIэ?.. ПшIэхэнэп мыхэмэ ашIэщтыр, птхыцIэ къырыкIонхи, пшъхьарыкIыщтых… Модэ, модэ зынэ къилыдыкIырэм еплъэлъ, шылъ ешъо пакIо, цIыфылъи кIэшъун ар!.. Зыгот делэшхор адэ? Мыгъатхэ нахь ин хъугъэмэ сшIэрэп, ыIэпкъ-лъэпкъхэри гъучIым хэгъэчъыкIыгъэ фэдэх… Къысэплъырэп, сыкъыридзэрэп… Сэ къысэпшIагъэм фэдэ о къыохъулIэгъагъэмэ, хьалъэкъуиплIыкIи умыпшышъоу пIэм ухэлъыни…» – ахэр зыфиIожьэу Хьакъарэ ыгу къижъэжьыкIыщтыгъэми, зигъэцIыкIущтыгъэми, къымыIон ылъэкIыгъэп:

– Лаурстэныкъо зиусхьаныр, мыхэмэ Мэзыбэ чэщ щитхыщт аIо. Гъогу улэупкIэри чэщыпкIэри къатыщт.

– Ари дэгъу, тиягъэ ядгъэкIынэп.

– Тхьауегъэпсэу, зиусхьан,– хьакIэмэ ацIэкIэ Ислъам-Хьаджэм шъхьащэ къышIыгъ,– цIыфыгъэ дахэкIэ укъытпэгъокIыгъ. Уятэ Лаурстэн зиусхьаным илъэс заулэкIэ

узэкӀэӀэбэжьмэ Абэскун* хым пэмычыжьэу Самандер къалэм нэӀуасэ сыщыфэхъугъагъ. Хъэзар шылышхымэ аӀэкӀэкӀодагъэу зэхэсхыгъэти, лъэшэу сыгу къеуагъ, адыгэлӀ шъыпкъагъ… Сигъусэмэ гъогу лые язгъэкӀунэп сӀуи, шъуалъэныкъокӀэ къэсщагъэх. Пчыхьашъхьэ тызэӀукӀэмэ, уятэ тыгу къэдгъэкӀыжьын. Шъуигъунэгъу лӀыжъ горэми игугъу лъэшэу шӀукӀэ къысфишӀыгъагъ. Псау шъуӀуа лӀыжъыр? Сымыгъуащэмэ, Колэс сшӀошӀы ыцӀэр.

– Угъуащэрэп, хьакӀэ,– ятэ игугъу зэрэзэхихыгъэри Колэс ыцӀэ къызэрэриӀуагъэри зэригуапэр Рэдэд ымакъэ къыхэщыгъ.– Колэс тхьамэтэ мафэр ары укъызкӀэупчӀэрэр, псау, узынчъэ. Мары, ипхъорэлъф Чэчани тигъусэ. Джыдэдэм Колэс урым хьакӀэ иӀ.

– Рум къикӀыгъэуи? – Ислъам-Хьаджэм ынэпцэ пӀуакӀэ дидзыягъ, ыгъэшӀэгъуагъ.

– Ары, Рум къикӀыгъ,– Тураби илъэпкъэгъу Ислъам-Хьаджэм игухэлъ шъхьэимыхыхэм алъапсэ къызэриубытыгъэр къыриӀокӀэу, зыкӀыб дэтмэ къашъхьапырымыджыкӀын ылъэкӀыгъэп,– ащи тимыдинэгъу Ӏофхэр зэрефэх.

«Сыкъызхэхьэгъэ силъэпкъэгъумэ сизакъоп ахэтыр,– Ислъам-Хьаджэр гукӀэ къэцыхагъ, ау къызэкӀэкӀуагъэп.– Хъэзармэ ятетыгъо Къосэгъу къызщылэнлагъэкӀэ, Рум къафикӀыгъэ чыристан динэр мыхэмэ русичмэ къафамыхьзэ, тхьабэмэ къахэщыгъэхэу быслъымэн диным ищэгъэнхэ фае. Мэджусый тхьабэр хэтырэ цӀыф лъэпкъи итыгъосэрэ гъогу, ащ темытыгъэу щыӀэр мэкӀэ дэд. Алахьым нэмыкӀ тхьэ щыӀэп! ЦӀыфыбэр зэлъэӀоу зыми емылъэӀужьырэ Алахь зизакъор ары дунай хьафым щыгъощагъи, щыгъозагъи зэкӀэ зиӀэмырыр. Ащ зэкӀэ елъэгъу, ешӀэ. Рум къикӀыгъ зыфаӀуагъэми Ар щымыгъуазэу щытэп. Кыев изиусхьан ыпхъу урымымэ арати, чыристан динэр русичмэ зэрахахьагъэр афимыкъоу адыгэ лъэныкъомкӀи зыкъагъэзагъ. Мыхьамэт пегъэмбарым зэриӀоу, тимыдинэгъумэ апэмыуцужьыгъэ хъущтэп!..» – Ислъам-Хьаджэр иошӀэ-дэмышӀэ гупшысэмэ къахэужьи, къыфадзыгъэм тегущыӀыкӀэу къэупчӀагъ:

– Къышъоттыщтыр, зиусхьан, тыжьын-дышъэщта хьауми шэкӀыщта?

– Ахъщ Ӏо,– Тураб къэпсынкӀагъ.

* Абэскун – джары ижъыкӀэ Каспие хым зэреджэщтыгъэхэр.



– ШэкӀ пхыгъэм мы щытхэм тыкъифэпэщт,– ежь ыпэ нэмыкӀ горэ зэришъыгъэр зэримыгуапэр Хьакъарэ къыхэщыгъ.

– Чылэм дэсхэр! – Мэщыкъо ыдагъэп.

– Мэзыбэ хьашъо-мэлышъо Ӏаджи дэс, сыдкӀэ уапылъ! – Шэныби къыпебжъэожьыгъ.

– Аущтэу шъоӀомэ,– Емзэщ гъукӀэри къахэгущыӀагъ,– шам щылыч аӀыгъмэ, къаӀышъух.

– Шам щылычым хэшӀыкӀыгъэу дгоплъ Ӏашэмэ анэмыкӀ гъучӀ къыздетщэкӀырэп, гъукӀэ,– Ислъам-Хьаджэм къыӀуи, зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: – Ау уфаемэ, шам щылычым хэшӀыкӀыгъэу чэтэ лые сиӀэшъ, а пӀыгъымкӀэ къыосхъожьын. Силъэпкъэгъу гъукӀэм иӀэшӀагъэ, адыгэ чатэба, тыдэ сыкӀуагъэми, сызэрэшъущыщыр зыдысигъэшӀэжьэу, си Алахь закъуи сыгу илъэу къыздесхьакӀын.

– Мы чатэр зыфысагъэшӀыгъэр, хьакӀэ, Рэдэд зиусхьаным ышнахьыкӀэу къыгот Шыупащэр ары.

– Къехъожь! – фаушхъугъэ чатэм рыбзэгъах пӀонэу Шыупащэ къыпиупкӀыгъ.

– Емзэщ тхьэмэтэ мафэм ыгу къеонба, сшынахьыкӀ?

– Хьау, хьау, зиусхьан! – Емзэщ къэгузэжъуагъэми, ыгу къыфечъагъэр шъхьаихыгъэкӀэ къымыӀон ылъэкӀыгъэп.– СиӀэшӀагъэ нэмыкӀ хэгъэгу рахьащтмэ, сыд пае симыгопэн.

– Адыгэгум хэшӀыкӀыгъэ чатэр, тхьамэтэ маф, сыдэущтэу сиадыгэгу хъожь-щэным хищэн, ащкӀэ зыгъэрэхьат.

– Уиадыгэгуба нэмыкӀ динкӀэ пхъожьыгъэр! – джыри Турабэ къыдзыгъ.

– Адэ ары! – НэтӀаий къыдыригъэштагъ.

– Зэ шъубыяу шъуитӀо! – Хьакъари афидзыжьыгъ.

– Гум ыштэрэр, псэр зыфэшъыпкъэр хъожьыгъэкӀэ алъытэрэп,– гущыӀэ шъабэр джы нэс зыӀупэ телъыгъэ Ислъам-Хьаджэм къыпиупкӀыгъ, ащ Ӏофыр щиухыгъэу чэтэ лыеу зыфиӀогъагъэр къыштагъ, чэталъэм къырихи, тыгъэбзыир теджэгукӀызэ, Шыупащэ фищэигъ, дышъэкӀэ чэтэбгъум хэуӀучӀагъэ къурӀаныбзэр ригъэлъэгъунэу, итыр къыфызэридзэкӀынэу фэягъ шъхьакӀэ, къэбырсырыщтыгъэ нэбгырэ зэе-тӀуаемэ апашъхьэ щырикугъэп, ау римыӀон ылъэкӀыгъэп: – Ма, сикӀал, мыр шам щылыч шъыпкъэм хэшӀыкӀыгъ, Медини, Чабэми ащыӀагъ, ти Алахь зизакъуи

инэплъэгъу темылъэу щытэп. Къыптегушхорэр рыуушхунэу, Iэшэ пытэ-Iэшэ мафэ пфэхъунэу тесэIо, мо пфарагъэшIыгъэ адыгэ чатэри, сегупшысэжьыгъэшъ, пIысхынэп, къисэгъэгъусэжьы. Джы сыд, зиусхьан, пкIэмкIэ шъукъызщыуцугъэр?

— Ахъщэм тыкъыщэуцу,— зыми емыупчIыжьэу Рэдэд къыпиупкIыгъ.

— Тэ араб ахъщи, перс ахъщи, монгол ахъщи, русич ахъщи тIыгъ. Бэдэдэп, джыри тыщагъэгоп, ау гъогупкIэ тIэкIу къызкъодгъотэжьыщт,— бащэкIэ шъукъытэмынэцI къыригъэкIэу къыпигъэщэжьыгъ.

— ТэркIэ, нахьыжъ, хэти ерэй, дышъэмэ, тыжьынмэ ары.

— ТIум язэу зыцIэ къепIорэр тэгъашIэ,— Ислъам-Хьаджэр арапыбзэкIэ игъусэмэ адэгущыIагъ, сатыушIэмэ, къызэрэдырагъаштэрэр къырыпшIэу, ашъхьэ агъэсысыгъ, яптырэр бащэ, усатыушIэба, ядау ыIозэ, ятфэнэрэр къезэгъыгъэп.

— Дышъэм тыкъыщэуцу,— джы Рэдэд зыфаер къыушыхьатыгъ.

— Дышъэмэ, абэсэ зырыз арылъэу дышъищ къэтэты. Джары гъогу улэупкIэм тызэрэфатэрэр,— хымэ сатыушIэ гъогурыкIохэмкIэ щыIэ хабзэр Ислъам-Хьаджэм къыушыхьатыжьыгъ.

— Чэщыр Мэзыбэ зэрэщишъухыщтыр? — Даур джы къэупчIагъ.

— Ары, ащкIэ щыIэ къэбарым шъущызгъэгъозагъэп. Мыщ фэдэу Мэзыбэ цIыфыгъэкIэ къыщытпэгъокIыгъэхэмэ, щэджэгъо нэмазыр Алахьым зыпэдгъохырэ уж, гъогу техьажьынхэу, Мыстхъакъо дэмыхьэхэу, пчыхьэ факIокIэ Шышъхьарыс нэсынхэу сигъусэмэ рахъухьагъ. ЦIыфыбэр зэлъэIоу, зыми емылъэIужьырэ Алахь зизакъом гъогу мафэ тыригъэхьащт быслъымэнмэ ащыщ тешI. Дышъищыр шъушIомакIэмэ, сэ сиадыгэгъэ-быслъымэныгъэ къыбгъодэкIэу джыри зы дышъэ, араб дышъэ къисэгъэгъусэжьы. Ма, зиусхьан, къышъухахъорэр багъоу, шъухэкIырэр макIэу мы дышъиплIыр мафэ Алахьым шъуфешI.

— Чылэ ахъщэм игъэтIылъакIор шъорышъ, Мэщыкъу,— зэкIэми зэхаригъэхэу Рэдэд къыIуагъ,— дышъиплIыр сатыушIэмэ къаIых. Адырэ дышъэ пшIыкIущмэ ахашъулъхь, пытэу жъугъэтIылъ, Мэзыбэ иухъумэкIощт байкол шыу купэу зэхатщэрэмэ яIэшэ-шъуашэмэ апэIудгъэхьащт.

— Тэ чылэм, Лаурстэныкъор, тыщыщба? — Хьакъарэ зэхихыгъэм къыхыригъэхыгъ.

— Сыд пае шъущымыщ,— Рэдэд гукIэ щхыпцIыгъэ,— шъыпкъагъэ къысфышъуиIэщтмэ, шъоркIи хьау сиIэп. Сятэ зиусхьаным ыцIэ къызэрепIорэр сигуапэ, ау сэри зиусхьаныцIэр зэрэсиIэр зыщымыгъэгъупш.

— А цIэмкIэ Мэзыбэ къыщыуаджэхэмэ, сэри ащ сыщыщ, тыдэ усхьыжьын. Ау орырэ сэрырэ, зиусхьан, зы Iофыгъо горэм тырыгущыIэнэу къытпыщылъ.

— КъызыщыпIорэм сыхьазыр! Ау хьакIэмэ апашъхьэ ащ тытегущыIэныр къезгъэкIурэп. Араб сатыушIэхэр гъогу техьажьыщтхэмэ, шъузэпэш ятэIо,— Рэдэд шэсыжьыгъэ, игъусагъэхэми онэгу зашIыжьыгъ,— Мэзыбэ зыбгынэщт сатыушIэмэ шыу нэгъуаджэ алъежьэ хъущтэп, Хьакъар. Ар къоджакIэхэмкIэ пшъэ къисэлъхьэ.

— Аущтэу оIомэ, пфэзгъэцэкIэн, зиусхьан...— ерагъэу, зэпыугъо хьылъэкIэ «зиусхьан» гущыIэр Хьакъарэ къызжэдитхъыгъ, етIанэ ицыхьэмышIыгъэ зэригъатхъэрэр къыхэщэу ыпэшхо чIэгъ чIэгъумыгъухьэзэ, хьакIэмэ зэхаримыгъэхэу къыухыжьыгъ: — Мыстхъакъо зэребгъукIощтхэр Нахьлъэш ышIэмэ...

Ардэдэм араб сатыушIэхэри яухъумакIохэри тыгъэр къызэрыуцорэ щэджэгъо ошъогум дэплъыехэу, заулъэпцIэу, махъшэмэ къагуахыгъэ шъо Iалъмэкъмэ къарагъэчъырэ псымкIэ амдэз аштэу, къыблэмкIэ нэмазлыкъхэр адзыхэу рагъэжьагъ. Ислъам-Хьаджэр Iэ сэмэгу IэпитIумкIэ пэр пиубытыкIыгъэу, Iэ джабгъу Iэхъуамбэр ытхьакIумэ Iулъэу дунэе къопиплIымкIэ зигъазэзэ, мэкъэ тIупщыгъэкIэ маджэ:

— Алахьу акбэр! Алахьу акбэр! Алахьу акбэр! Алахьу акбэр!

Рэдэдыдхэр заулэрэ къэкIуагъэхэу азэнаджэм къызэтыригъэуцуагъэх.

— Быслъымэнхэр щэджэгъо нэмазым къыфеIэты,— Рэдэд къыIуагъ.

— НекIо, тхьэ закъо нахь зимыIэр дунай къопиплIым щэлъаIокIэ, щэнацIэкIэ, сыда тыкъызфэуцугъэр, зиусхьан,— Рэдэд имызакъоу, зэкIэми затыригъэпщыхьэу Турабэ цIацIэзэ, ыIэхъуамбэхэр ытхьакIумэмэ арилъхьагъ,— шъори шъутхьакIумэхэр шъукудэх. Ар шъумышIэмэ, титхьэхэр

къышъуфэрэззэщтхэп. ШъуIыгъ, шъуIыгъ, къеухы пэт. Мыхэр уичылэ къыдэбгъахьэхэ хъуна, шIоп!.. Ячати къаIыпхы хъунэп!

— Ядышъ адэ? — Чэчан ишъыпкъэмэ исэмэркъэуми умышIэнэу къэупчIагъ.

— Ядышъ пIуи? — зэмыжагъэм Турабэ къыкIигъэпкIыгъ.

— Ары, ары, джа Мэщыкъо ыIыгъ дышъэхэр ары,— Чэчани уцурэп, Рэдэд фыреплъэкIы.

— Сыда джы чылэм идышъэ узыкIышIонагъэр! — Мэщыкъо зэрэщтэуIугъэр ышъо чъэкIыгъэкIэ къапшIэу, ыIыгъ дышъэхэми иджыбачIэ чIастыкIэу, Чэчанэ Iудысагъ.— УкIакIори джащ фэд, уеукIышъ, узэрепхъошъ, хэхьажьы.

— Шъыпкъэ, зиусхьан, шъыпкъэ,— зыкъэзышIэжьыгъэ Тураби къыдырегъаштэ,— Ислъам-Хьаджэм къыпчъыгъи дышъэхэр зыехэр... Чыристан русичхэми, быслъымэн арабхэми, монгол нэзэжъухэми ягугъу къышIыгъ. ЗэкIэми ядышъэ зэфэдэми, ядинхэр зэфэшъхьафых... Модэ, шъумыплъ, шъумыплъ, быслъымэн нэмазышIмэ анэIухэр къытфагъэзагъ, таушхъухьан ягухэлъ!..— Турабэ шым елъэдакъэуи кIыригъэIагъ, адырэхэри ыуж илъэдагъэх.

КъыкIэлъыкIогъэ мафэм, щэджэгъоужмэ адэжь, Рэдэдыдыхэм якъэлапчъэ шыуищ къыIухьагъ. Зыр Хьакъар, адырэр Шэныб, ящэнэрэр НэтIай.

Шыуищми къепсыхын гухэлъ яIэп.

«Тикъэлапчъэ къыIухьэгъэ джэголъищым зэрафэрэр сыд?..» — апэ шыухэр зылъэгъугъэ Рампэс къыкIэщтагъ, шхыншIэщымкIэ икIи, хатэмкIэ джагъэ.

— А Рэдэд, а Шыупащ, модэ къэлапчъэм шыуищ къыIухьагъ.

Рэдэд IукIэхэмэ, илъэс къихьагъэм Мэзыбэ шэны зэрэщыхъугъэу, Хьакъарыдыхэр фемыпсыхынхэу зэдаштэгъагъэми, зиусхьаныр къакIоу залъэгъум, ашъхьэ фимытыжьхэу яшымэ зарапхъэхыгъ.

ШIу зэрэщымыIэм Рэдэд гу лъитагъ:

— Шъукъеблагъ...

— КъэбарышIу тыришэсэп, зиусхьан,— Хьакъарэ къыIуагъ.— Титыгъосэрэ сатыушIэхэр щыIэжьхэп.

— Сыд къяхъулIагъ?!

— Сызэнэгуещтыгъэр Мыстхъакъо хэгъуашъхьэм къащяхъулIагъ... Нычэпэ хьакIэ-къокIэ Iус хъужьыгъэхэу тарихьылIагъ, Мэзыбэ дэкIыжьыгъэ сатыушIэмэ якIодыкIэ тиIоф зэрэхэмылъыр одгъэшIэнэу тыкъыпфэкIуагъ.

— Чатэр къысэзыпэсыгъэр псауа? — Шыупащэ къэупчIагъ.

— Ар, тшынахьыкI, хьадэмэ ахэтлъэгъуагъэп.

— Хэт къэбарыр къышъуфэзыIопщыгъэр? — Рэдэд ицыхьэмышIыгъэ IуигъэзыкIызэ, шъхьэр ыгъэсысыгъ.

— Мыстхъакъо хьанэ-гъунэмкIэ къуалэхэр зэрэгъэбыбхэу, бгъэхэр щызэрэгъэкIыйхэу зытэлъэгъум, тышэсыгъ... Мыстхъакъо щыщхэри Пшъадэ къызэпырыкIыгъагъэх.

— Сыд къышъуаIуагъ?..

— Сыд къытаIон, зиусхьан, ахэри тхьамыкIагъом зэрмыр ышIыгъэх... Нахьлъэши ягъусагъ... Ары, ары, Рэдэд, умыгъэшIагъо, тIощти, тшIэщти шъхьэм къизымыгъахьэрэр... Тыгъужъым ышхыгъи, ымышхыгъи тыралъхьэ зэраIоу, джары гуцафэ зыфэтшIын фаеми зыкIыфэтымышIыри. Тышэсыжьын тэ ащыгъум.

— КъэбарышIу къэшъухьыгъэп,— джыри Рэдэд шъхьэшхор ыгъэсысыгъ, къыгоуцогъэ Шыупащэ ытэмэпкъ псыгъо ыIэшхокIэ ыубыти, къызэрикъузылIагъ.— Дунаим зыщидэхэгъу мафэм, зао щымыIэу, лIы зафэхэр утыгум къиунэни, уакъыфызэмыплъэкIыжьыныр лIыгъэп. Лажьэ зимыIэ цIыфыр уукIыныри лым хэплъхьэгъэ мастэмкIэ хьэр псэхалIэ пшIыныри зы. Зэгорэм ари къычIэщыжьыщт.

— Шъыпкъэ, зиусхьан, джары тэри уадэжь тыкъызфэкIуагъэр...— Хьакъари шэсыжьыгъэу къыIуагъ.

Шыуищыр чэу къуапэм зэрэкъохьажьхэу, Шэныбэ иш зырыригъэтIагъ, НэтIайи ар дэдэр ышIагъ, Хьакъари къызэплъэкIыгъ:

— Сыд къэшъохъулIагъэр ?

— Тыгу къыобгъэ,— Шэныбэ къыIуагъ.

— Сыд мыхъунэу сшIагъэр? — шыпэ упэпцIыгъэкIэ Хьакъарэ къыпэуцугъ.

— ЛаурстэныкъомзыфэтымыгъэцIыкIунэу зэдэтштэгъагъэба? — НэтIайи ыгу зэмыIурэр къыдзыгъ, зыщыщыныхьажьызэ гъумтIымыгъэ: — Зиусхьан тIозэ, шым тыфепсыхэу...

— Ара шъуигукъаор?..— Хьакъарэ щхыгъэ, шым зызэригъэдзэкIыжьызэ, къызэриIокIыгъ: — НекIо! Арэу шъулIымэ, сыд шъуишмэ зыкъыкIяшъудзыхыгъэр?! КIэлъыожьмэ ауж шъуикIыжь! — тIэкIу тешIагъэу нахь тхьа-

гъэпцIышъо-шъэбашъокIэ къыухыжьыгъ: – Тэри непэ тыкъызалъфыгъэр, пэкIэ псы тешъоу къызшъошIумыгъэшI...

Шэныбэрэ НэтIаерэ зэфычIэплъыжьхи, Iордэгъэзэ-бзэмыIухэу Хьакъарэ ыуж ихьажьыгъэх.

## III

Бысльымэн чатэр Шыупащэ ыIыгъэу унэм къилъэти, ынэхэр зэблэчъхэу лъэгуцым зыщиплъыхьагъ, Iэщ къэлапчъэр Iузгъэпытыхьажьырэ нахьыжъыр зелъэгъум, ечъэлIагъ:

– Рэдэд, зэ мы бысльымэн чатэм еплъ.

– СлъэгъужьыгъакIа? – фащэигъэ Iашэм къеплъызэ, къегыигъ: – Сыда тянэ къытиIорэр, сыдырэ Iаши, орэшъэжъый, орэчатэ, орэпчыпэ, орэлэныст, папцIэмкIэ тымытынэу арыба. Кохъуацэр Колэс зыфэощэим, сыд къыуиIогъагъэр?

– Ары шъыу! – Шыупащэ чэтапшъэр Рэдэд фищэигъ.

– Сыд мыр?

– Чатэм щымыщ теплъагъорэба?

– Мыхэр ара? – Рэдэд ылъэгъугъэр ыгъэшIэгъуагъ, джыри къэупчIагъ: – Мы гъожьышэ хэгъэчъыхьагъэхэр ара?

– Мыхэр сыд лIэужыгъоха?

– Сыдым фэсшIэн... Дышъэмэ сшIэрэп... ГъэшIэгъонэу зэхэщыхьагъэх. Зэ, зэ, къурIаныбзэба мыхэр? Мыщ фэдэхэр зыдэт тхылъ Колэс ихьэкIэ араб горэм ыIыгъэу слъэгъугъагъэ.

– Колэс татэм етэгъэгъэлъэгъу.

– Едгъэлъэгъун, теупчIын, ау Турабэ тедгъэплъэнэп...– шъэожъыер зэмыжэгъэ кIэухи Рэдэд къыфишIыжьыгъ: – Тыдэмыгъэгузажъу мыщ, гъэтIылъи, тIэкIурэ щыгъэлъ.

– Ары шъхьакIэ, Рэдэд,– Шыупащэ ынэхэр къелыдыкIыхэми, гущтэ горэ къакIэщы,– Турабэ зэриIогъагъэу, бысльымэн чатэм тыраушхъухьащтми сшIэрэп!..

– Тураб къыIохэрэр пшIошъ мэхъуа? – Рэдэди гукIэ къыкIэщтагъ.

– СшIэрэп, Рэдэд, ар къызэрэосIощтыр... Загъорэ Тураб тефэрабгъохэр къеIох. Айнари Анысэти зэраIоу, тыд ащ фэдэхэр зыщишIагъэр...

Шыупащэ къыIорэмэ Рэдэд ядэIущтыгъэ фэдагъэми, зыгъэгумэкIэу ышъхьэ илъыгъэр фэшъхьаф: араб сатыушIэмэ ащыщхэм якIодыкI, Хьакъарэ икъэбарIопщыкI, Нахьлъэш цIэплъыми а IофымкIэ игумэкIыкI. Анахьэу щымыгъупшэщтыгъэр тхьамыкIагъор зынэгу кIэкIыгъэ шыуищмэ япащэ, нахьыпэм зэрэщымытыгъэу, зиухыижь-зигъэцIыкIоу зызэригъэпсыщтыгъэр ары. КъыIохэрэр шъыпкъэкIэ пштэнэу уфэягъэми, шым къызэрепсыхыгъэми, «зиусхьаныр» зэпымыоу къызэриIощтыгъэми, хъугъэ шъыпкъэм ышъхьэ къызэрэфыримыхышъущтыгъэми, ищтэгъэ Iуплъэ-плъакIи гуцэфэ лыехэр къыпхагъэтаджэщтыгъэх. Ар имыкъоу Шыупащэ ичати Iоф къыпигъэтэджагъ, Тураби хищагъ, Айнари Анысэти ригъэгъусэжьыгъэх.

– ТурабкIэ къэпIуагъэм, сшынахьыкI, зи хэсIухьэрэп,– Рэдэд ыгу римыхьыгъэмкIэ нахьыкIэм ыпашъхьэ зыщиIажэ шIоигъуагъэми, гукIэ зыпэблэгъэ пшъашъэм ыцIэ зызэхехым, зыфэщыIагъэп,– ау сыда мы Iофым Айнар къызэрэхахьэрэр?.. Анысэти ары...– ОшIэ-дэмышIэу къыхэщтэуIукIыгъэ гуми къыгъэупчIагъ: – Пшъэшъэжъыемэ ТурабкIэ зыгорэ адэошIа?

Ежь зэриIощтыгъэу, бысльымэн чатэм иIоф джыри зымыухыгъэ Шыупащэ зэхихыгъэ упчIэм ынэхэр зэблигъэчъыгъэх. Рэдэд къызкIэупчIэгъэ пшъэшъэжъыемэ адэжь Шыупащэ зычэкIэ, Тураб ахэмэ нэщх-гущхэу акIэрысэу, тIум язэу нахь зыпэблагъэр умышIэнэу зызэраIуишIыхьэщтыгъэр, аIэгушъо псыгъомэ ыIапэ аригъачъэмэ Iэ ащифэзэ джэнч зэрафидзыщтыгъэр, загъорэ тхьэхэр шъэфкIэ къызэрэдэгущыIэхэрэр ариIокIызэ, атамэмэ Iэ зэращифэщтыгъэр шIоигъуаджэу ыпашъхьэ къитэджэжьыгъагъэхэми, джыри зэ, адырэ мафэхэм афэдэу, ышнахьыжъ шIуиушъэфыгъ. «Нанэ зесэIом, азыфагу удэмыхь, бзэгухьэ ухъун, пшынахьыжъ сыд епIуагъэкIи, ежь ынитIукIэ ымылъэгъоу, ышIошъ хъущтэп къысиIуагъ» – етIанэ зэгупшысэрэм мыхъун горэ хилъагъомэ ыгу къеозэ, зэрэхъури ымышIэу тегущыIыкIыгъ:

– О уиIуагъэу, Рэдэд, хэта Турабэ пылъыр! ЖашIо зэкIэми аIо.

– Ар дэгъуа, дэя?

– СшIэрэп, нахьыжъ, сыда?

– ЖашIор жэмачыуни ылъэкIыщтышъ ары.

– Ащыгъум сыуигъус, нахьыжъ,– Шыупащэ джы къыпиупкӀыгъ.
– Ори аущтэу оӀомэ, сшынахьыкӀ, тигупшысэхэр зэтефэх,– Рэдэд щхыпцӀыгъэ, тхьагъэпцӀышъо макъэкӀэ зыгъэгумэкӀыщтыгъэм къытыригъэзэжьыгъ: – Ау ар Айнардыхэмкӏэ тӏон тлъэкӏынэп...
– Ахэр бо тхьагъэпцӀых!..– Шыупащэ ынэ къэргъо гупсэфыжьыгъэхэр къиилыдыкӀыжьыгъэх: – Турабэ ижэшӀуагъэ къызырырагъэтӀупщыкӀэ, ахэр плъэгъугъохэт, зэнэкӀэожьых, зэӀощхыпцӀэх.
– КъызэрэпӀорэмкӀэ, сшынахьыкӀ,– Рэдэди щхыпцӀымэ гу къызӀэпишӀыхьажьызэ, къыхэкуукӀы,– щыри зэрэгъэпцӀэжьых!
– Адэ! – Шыупащи къышъхьащеӀулӀэжьы.
– Сыд лӀэужыгъу тызтегущыӀэрэр, Шыупащ,– «сшынахьыкӀэ цӀыкӀу сэ сфызэхэмыфырэ зэхашӀэмэ сыд пае ахэслъашъора» гукӀэ еӀошъ, Рэдэд зыфэгубжыжьы,– ащ нахьи быслъымэн чатэм теплъэгъогъэ тхыпхъэмэ нахь сагъэгумэкӀы. Араб сатыушӀэмэ къяхъулӀэгъэ тхьамыкӀагъор тыгу къео шъхьакӀэ, плъэгъурэба, чатэмкӀэ къыташӀагъэр! Ислъам-Хьаджэм джар ышӀэзэ къыткӀэкӀилъхьагъэкӀэ енэгуягъо... НекӀо, Колэс тхьаматэм едгъэлъэгъущт.
Рэдэдрэ Шыупащэрэ щагум дэкӀыгъэх.
Емынэр къызпыкӀыщтым фэдэу ӀэпэпцӀыйкӀэ чатэр Шыупащэ ыӀыгъыгъ нахь, голъыгъэп. Рэдэд сыдигъокӀи зыфэхьазыр чатэр зыголъ лъэныкъомкӀэ мыуцоу иджабгъукӀэ зыдыречъэкӀым, къеушъыигъ:
– УичӀыпӀэ иуцожь, зыгу шӀу къытфимылъхэр къыддэбгъэхьащхыных.
– НахьыкӀэ-нахьыжъ чӀыпӀэ уцукӀэ-тӀысыкӀэм къижъугъэкӀырэр къызгурыӀорэп,– раӀуагъэр игуапэми, имыгуапэми умышӀэнэу Шыупащэ къыӀуи, Рэдэд исэмэгубгъукӀэ уцужьыгъэ.
– МыутӀэхэм ащ фэдэ шэн-хабзэ шъуимыӀэуи? – Рэдэд заулэрэ кӀуагъэу зэхихыгъэр шӀомыӀофэу щхыпцӀыгъэ.
– МыутӀэхэр адыгэхэба? – Шыупащэ упчӀэм упчӀэ къыпигъохыжьыгъ.
– Мыадыгэхэ мэхъуа! Къосэгъухэри, мыутӀэхэри, зыхыхэри адыгэх. Джары тэри тызэрэзэджэжьрэр. Арэп Ӏофыр зыфэгъэхьыгъэр, сшынахьыкӀ. Нахьыжъ-нахьыкӀэ уцупӀэ-тӀысыпӀэм къижъугъэкӀырэр сшӀэрэп зэрэпӀуагъэм нахь сегъапэ. Колэси нэмыкӀ нахьыжъмэ апашъхьи ащ фэдэ къыщыпӀокъон. Ар тыкъызхэкӀыгъэ нахьыжъхэмкӀэ къежьагъэшъ, угу иубыт. Ащ фэдэ нахьыжъыгъэ-нахьыкӀагъэр, шъхьэлъытэжь-осэ зэфэшӀхэр тхэмылъыгъэмэ, тэ, адыгэхэм, тидунай хьэзэрэшх-къозэрэшхым бэшӀагъэ тызтекӀодыкӀыжьыщтыгъэр... Джы укъызкӀэупчӀагъэм икӀэкӀыпӀэ къыосӀон. Орырэ сэрырэ къытэплъырэм нахьыжъ-нахьыкӀэр зэхифыщт. Ау тазыфагу мафэ е мазэ нахь дэмылъыгъэмэ, апэрэ шӀуфэсыр зэпхын фаер нахьыжъыр ары аӀошъ, сыдэущтэу титӀо тыхъущтыгъ?
– КъызгурыӀуагъ! – Шыупащэ къызӀуипхъотыгъ.– УиджабгъукӀэ щытыр ары.
– Быяу зэ! Уичати зыголъхьажь... Турабэ къэкӀо... Хэта игъусэр, НэтӀая сэӀо! Сыда зэфэзыхьыгъэхэр?..
– Уимафэ шӀу охъуапщи, зиусхьан,– Турабэ шӀуфэс къыхыгъ.– Ори ары, Шыупащ. Чатэр бгъуитӀуц, тэ шъуежьагъ, Тхьэм Ӏомэ, зэшитӀур?
– Шъоры?..
– Тэ чыжьэп тыздакӀорэр,– НэтӀае ымакъэ рилъэшъуагъ,– Колэс тилъэгъун.
– Колэс тхьаматэ мафэр,– чылэми, хэгъуашъхьэми, зэкӀэ къосэгъухэм шъхьэкӀэфэ-лъытэныгъэ зыфашӀырэ лӀыжъ гъэшӀуагъэм ыцӀэ зэрифэшъуашэу къызэрэримыӀуагъэр фыкӀигъэтхъэу, чылэм ианахь тхьамыкӀагъо зыпкъ къикӀыгъэгъитӀур зэрэзэшӀужьыгъэгъэ шӀыкӀэр зыфихьын ымышӀэу, ащ къыхыригъэхэу Рэдэд къыдзыгъ,– зэрэуилъэгъуныр згъэшӀагъорэп, иупчӀи, иджэнджэши ащ езымыхьылӀэу Къосэгъу исыр макӀэ, ау къоджакӀэм нэс лъэсэу укъызэрикӀыгъэр сэгъэшӀагъо.
– Шъыпкъэм уфаемэ, зиусхьан, ари пшӀосыушъэфынэп,– къыӀощтым щиз зэрэхигъахьорэр НэтӀае ышъо къыхэщыгъ,– Хьакъарэ тхьаматэм ычӀыпӀэкӀэ непэ къоджакӀэм сыкъыдэнагъэти, сыщысынэп, сытезекӀухьан сӀуи, сыкъыдэкӀыгъ. ОдыкӀ-модыкӀ сӀозэ, Пшъэдэ нэпкъ Турабэ ошӀэ-дэмышӀэу сызыщыӀокӀэм, мыщ тхьэмэ анэшӀу къыщафагъэба, тигукӀаехэр уигъунэгъу Колэс фитӀотыкӀынэу тежьагъ. Икъунба, зиусхьан, ти Тхьэшхо-Шыблэ игубж ори ухэкӀуадэ пэтыгъ...
– Адэ ары, зиусхьанынчъэу мэзыбэхэм тыкъигъэнэнкӀэ тӀэкӀужъые иӀэжьыгъ,– Тураби ынэ чанхэр Шыупащэ ичатэ

тыригъэдыкъагъэу къыlуагъ, гыеклэ къыухыжьыгъ: – Джы къызнэсыгъэми Думитрэ ыlоу иурым чыристан хьаклэ ыгу пыклырэп… Муары, пшынахьыклэ Шыупащи ибыслъымэн чати къыгопlыиклы…

– Тураб! – Рэдэд ерагъэу зищыlэзэ, тхьабэмэ ялlыклo гъунэгъур къызэпиутыгъ, етlанэ зэрэхъури ымышlэу ымакъэ нахь шъабэ къэхъугъ: – Зэрэхъурэмклэ, Тураб, шъукъэзыубытын щымыlэжьэу, Колэс тхьамэтэ мафэм дэжь гыяклo шъоклo… Адыгэмэ яхьэклэ пэгъоклыклэ шъуемыплъэу, хэти щэрэщ фаеми, уипчъашъхьэ къебэкъуагъэр, ышъхьэ къыпфэзыхьыгъэр уиунэ иф ешъуlощт, шъуушъхьаклуцт ара?!

– Ар дэдэр етымыlощтми, тыгу илъыр етlон, зэхедгъэшlыклын,– Нэтlае ыпэклэ хэмылъыгъэ пкъыягъэр къыхэщэу къыlуагъ,– тэ зыгорэм итхьэ закъоклэ титхьэхэр тхъожьынхэ тлъэклыщтэп. Къэошlэжьа, Рэдэд,– ыгуклэ шlомыигъоу псынклэуи къыпигъэщэжьыгъ,– къэошlэжьа, зиусхьан, ерагъэу клoдыпlэм зышъхьэ изыхыжьыгъэ Ислъам-Хьаджэми ащ зыlуигъаклэ зэрэшlоигъуагъэр? Ари быслъымэн араб, мыдырэри чиристан урым… Сыдэущтэу уигъунэгъу Колэс лlыжъым тыгу илъыр етымыlощт етlанэ!

– Армэ шъузхэхьагъэр, къэрарынчъэх,– Рэдэд зимышlэжьэу ынитlу къилыдыклызэ, ичатэ къырипхъотыгъ, ар дэдэр Шыупащи ышlагъ,– сичэтапэ шъублэклэу Колэс тхьамэтэ мафэм дэжьклэ зы лъэбэкъу шъудзынэп!

– Зэхэпхыгъэр уимыгуапэмэ, зиусхьан, тэ шlу нэмыкl тыгу илъэп, зы лъэбэкъу паклo, lэпэ залэклu пlорэм тыблэклынэп. Гуих-псэихклэ зэшитlум къытпэшъуlэтыгъэ чатэхэр ти Тхьэшхо-Тыгъэшхо зэримыгуапэр стхыцlэклэ зэхэсэшlэшъ… ащклэ къысеlошъ, жъугъэтlылъыжьмэ нахьышlу… Ары, ары, ти Тхьэшху, зэхэсэхы, тызэрэмышlэу тыгу хэзэрэгъэклын фае зэрэхъугъэри уинэрылъэгъу. Бгъуитlумклu тымыс. Оры, адырэ титхьэхэри арых тыкъызэхэзышlыклынхэу, зынэшlу къытщыфэнхэу тиlэхэр… Зыжъугъэрэхьат, зыжъугъэгупсэф, быслъымэн чатэр къезытыгъэр ары нахь, къызэратыгъэм сыд илажь, Шыупащэ джыри клалэ, иакъыл къэклoгъу, угу емыгъабгъ, егупшысэщт…

Зыlитlу уашъом дэгъэчъэягъэу, зынэ тыгъэнэбзыймэ амыгъэплъэрэ Тураб тхыщэм къыlорэмэ жэ lузыгъэклэ ядэlущтыгъэ Нэтlае ыгу цlыклу къэхъузэ, ащ нахь фэщыlэжьыгъэп:

– Хъугъэ, Тураб, ти Тхьэшхо бащэ емыlу… Тыкъызэхишlыклыгъэшъ, тыфэраз… Сэри цlыклу-цlыклoу тадэжьклэ сехыжьын, пчэдыжь унэм сыкъызэриклыгъ…

– Неклo, сшынахьыкl, сыд мыщ тыщытыжьклэ, тиlони тишlэни тшlэгъахэ,– пытэ-пытэу Рэдэд къыухыжьыгъ шъхьаклэ, къыlуклыжьыным ыпэклэ нэмышlу-гумышlуклэ Тураби фычlэмыплъыжьын ылъэклыгъэп.

Изакъоу урамым къытыранэгъэ Турабэ, шъхьаклo ышlыным ычlыпlэклэ дунаир фимыкъужьэу хъугъэмклэ гушlощтыгъэ: «Джары мыхэмэ зиусхьан затlорэми, къоджаклэмклэ щынэlуагъэхэми, ашloшъ ухъуным, зябгъэштэным пае уазэрэдэзеклон фаер… Анэгу сыклэтмэ, сызэрэсэкъатыр къысамыloшъоу, сашloтхьамыклэ-насыпынчъэу къыслогушlox, аклыб сызэрэхъоу, «бытыклэ» къысэджэх… Зэ, зэ, шъозгъэлъэгъущт сэ бытыр зыфэдэр!..» – Турабэ зызэплъэклым, зыгорэ лъыджагъэ фэдэу Рэдэди къызэплъэклыгъ.

– Сыда? – Шыупащи къэупчlагъ.

– Турабэ мэклoжьы…– Рэдэди псынклэу зыкъызэригъэзэклыжьыгъ.

– Зэхэпхыгъа къыпчъыщтыгъэ купыр?

– Зэхэсхыгъэ… Къебгъаlомэ бэ ащ къыlощтыр…– Шыупащэ гъумтlымыгъэ, «ыгу пыклырэп, клэлъэплъэжьы», ежь-ежьырэуи зэриlожьыгъэ, етlанэ, тlэклу тешlагъэу, Колэс дэжь къежьэнхэм ыпэклэ къызэреупчlыгъэгъэ дэдэмклэ Рэдэд еупчlыжьыгъ: – Турабэ къыlохэрэр пшloшъ мэхъуа?

– Сшlэрэп, сшынахьыкl, ар къызэрэосlощтыр…– Шыупащэ игущыlэхэр Рэдэди къыриlожьыгъ, ищх къыщыутэ макъи къэlугъ, Шыупащи нэбэ-набэу ышнахьыжъ lуплъагъ: – Ары, ары, сшынахьыкl, сшlэрэп ащ къесlолlэщтыр… Турабэ загъорэ ыжэ тыдэпыджэжьы шъхьаклэ, титхьэмэ къыхалъхьагъэу зыгорэ хэмылъэу щытэпщтын…

– Турабэ пае нанэ ыlуагъэр ошlа?..– Шыупащэ къызlуипхъоти, зэпигъэужьыгъ.

– Къаlo, къаlo къебгъэжьагъэр, улlымэ умыдырыжь,– Рэдэд щхыпцlызэ, Шыупащэ къыфэмыlуагъэр къыухыжьыгъ: – «Турабэ уды, шъубгъодэкl, шlу клэрышъухыщтэп» ыlуагъ ара?

– Тыдэ щыпшlэра? – ежь ишъэф нэмыкlым зэришlэрэр Шыупащэ ыгъэшlэгъуагъ.

– Тянэ ощ нэмыкl шlу ылъэгъоу къо нахьыжъ иlэба?

– Ара?..– зэхихыгъэр зэригуапэр Шыупащэ къыхэщэу нахь нэплъэгъу фабэкlэ ышнахьыжъ lуплъагъ, ыушъэфыщтыгъэ гумэкlыми зыкъыригъэтlэтагъ: – Айнардхэр егъапцlэх. Джэнч афедзы ылозэ еушхъухьэх.

Рэдэд зэхихыгъэм къызэкlигъэнагъ, ау нахьыкlэм ыпашъхьэ зыщиlэжагъ, гые тlэкlу хэлъэуи есэмэркъэужьыгъ:

– Сэ сымышlэрэ lаджми уащыгъуаз о, сшынахьыкl.

– Сыгу ымыштэрэ горэ къыосэlожьыкlэ, бзэгухьэ сыхъурэп арба, нахьыжъ...

– Хьау, хьау,– Рэдэд къэгузэжъуагъ,– ар пшъхьэ къимыгъахь, ащ фэдэхэр зэшмэ зэраlорэп. Мыдэ, сшынахьыкl, быслъымэн чатэр къысэт, унэм итымыхьэу, моу кон лъапсэм чlэтэгъэгъэбылъхь. Чыристан урым хьакlэм тикъэбар едгъашlэу, дэгъоу тшlагъэ Колэс тхьамэтэ мафэм ыпашъхьэ чатэр зэритымыхьагъэр. Емзэщ пфезгъэшlыгъэ чатэр зыгогъэлъ, ар титхьэмэ ацlэкlэ ыушхъугъ, апсэмэ япытагъэ хилъхьагъ. Етlани, сшынахьыкl, сшlэрэп о узэреплъырэр, Турабэ ылу-ымыlоми, чыристан, урым, быслъымэн динлэжьхэр къызэрэтэсагъэхэм сыгу еlурэп, хъэзархэри, аланхэри динынчъэхэп, къызэрэтэзаохэрэр, тызэрахъункlэрэр ары умыlощтмэ, ядин lофыгъохэр къытхалъхьэхэрэп. Мыдырэхэр чэщи мафи къытхэтых, титхьэхэри зэщафых, къытфагъэгубжых... Ары, ары, сшынахьыкl, ащкlэ узаф. Къытхэхьэгъэ сатыушlэхэр уукlынхэр сэри ащ къизгъэкlырэп. Тинахьыжъмэ къызэрэтфыщанагъэу хьакlэм пэгъокlых, ифэlо-фашlэхэр дызэрахьэ, агъэкlотэжьы. Араб сатыушlэмэ къяхъулlагъэр Мэзыбэ къызэрэдэмыхъухьагъэр тинасып, сыдэущтэу цlыфмэ таlуплъэжьыщтыгъ.

– Етlани, Рэдэд, гъогупкlэр къатыгъэу, Къосэгъуба ар къызэрыхъухьагъэр...– кон лъапсэм чатэр чlэзылъхьэрэ Шыупащэ къеlо.

– Къосэгъушъ арба сигукъаор... Шышъхьарыс сlофтагъэмэ къэбарым ишъыпкъапlэ къахьынэу сащэгугъы. Ащ фэдэ мэхъэджагъэхэр къытэмыхъулlэжьыным, техэкlо-хъункlакlомэ защытыухъумэным пай байкол шыу купыр зыфызэхасщэрэр. Шышъхьарыс нэс сатыушlэмэ шыу куп гъусэ зэрафэсымышlыгъэм сеухы. Хьакъарэ пащэ зыфэсшlыгъэ шыумэ къэбарым ишlуи, идэий къысфахьыгъэмэ, нахь сыгупсэфыжьыщтыгъэ.

– Хьакъарэ лlыкlомэ пащэ афэпшlын фэягъэп...– Шыупащэ зыфэщыlагъэп.

– Хьакъарэ типый оlошъ ара? Хьау, хьау, сшынахьыкl, ащ езгъэгъусэгъэ Мэщыкъуи, Даури, Чэчани цыхьэ зэрафэсшlэу, сицыхьэ телъэу къызшlомыгъэшl. Шъхьагъэщ къысфэзышlырэм игухэлъ шъыпкъэр зэзгъашlэмэ нахьышlу. Нэтlае гъусэ зэримышlыгъэм сыдэущтэу уеплъыра? Ицыхьэ телъыжьэпышъ ары.– Рэдэд иупчlэ ежь зытыриубытэгъэ джэуапыр къыритыжьыгъ.

– Зэрэфэшъыпкъащэм пае ицыхьэ темылъынэуи?

– Ащ бгъэшlэгъон хэлъэп, сшынахьыкl. Уичэтэ шъыпкъэми укъиуlэжьэу къыхэкlы...

Турэбэ бытыр Айнардыхэм зэряшхъухьашlэрэр Рэдэд зызэхехым, къыримыдзагъэ фэдагъ шъхьакlэ, тlысыгъэми, тэджыгъэми, щагум щыlэолъаоми, джыри ыгу зыфырымыхыгъэ пшъашъэр шъхьэм икlыщтыгъэп.

«Сыда ащ фэдизэу къэхъугъэр,– Рэдэд зыфэгубжыжьы,– Айнардыхэр ылуагъэмэ, пшъэшъитlур ары нахь Шыупащэ зыфиlуагъэр, мыры ылоу ыушхъухьэрэм ыцlэ къыриlуагъэп ныlа!.. Сэ зи сlорэп шъхьакlэ, гукlи, псэкlи Айнарэ сызэрэпэблагъэр ышlэзэ, Турабэ ащ фэдэ къысишlэнэп. Ауштэу орэзекlуи, ытх къипш тесыутын! Анысэти пшъэшъэ lаеп, шlыкlашlу, гушlубзыу, Айнарэ хэслъагъо сшlоигъо lаджи игъэпсыкlэ-шlыкlэ хэсэлъагъо. Анысэт арынкlи мэхъуба Турабэ ыгу зэlугъэр...– макlэу Рэдэд щхыпцlыгъэ, ауштэу цlыф сэкъатымкlэ зызэришlыгъэм рыкlэгъожьызэ, ыгу къэкlыгъэр нэмыкl– Турабэ lофэп, сыдэу зафигъэпсыгъэми, ар сшlэрэ пшъашъэмэ зырагъэушхъухьанэп. Зэкlэми анахь щынагъор Чэчан... Ащ фэдэ кlэлэ къэбзэ зэкlужь тазыфагу дэтэу, етlани ар Колэс тхьамэтэ мафэм ипхъорэлъфэу, сэ Айнарэ сыдым къызнигъэсина!.. Гъэшlэгъона зиусхьаныцlэр сэхьмэ... Шlулъэгъум апшъ, агъун иlэп, къызэрэоплъырэ нэм, гум, псэм елъытыгъэу псэущт...»

Онэгум зыридзэнышъ, къэзылъэгъурэм ыгъэшlагъоу чылэм дэлъэтынэу Рэдэд ыгу къыпылъэдэгъагъ, ау джа

зиусхьаныцIэр шIомыIофэу ыгу къэкIыгъагъэм ащ фэдэ къилъэтыгъэ шъхьэчъэ-псэчъагъэр рипэсыгъэп. Зэплъэм, пхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыг шхъуантIэмэ къахэплъэу Айнардыхэм яунэ ылъэгъугъ. Ащ зышъхьапырэплъым, Турабэ икъамыл унашъхьи къэлъэгъуагъ. Ардэдэми Турабэ зыIуигъакIэ шIоигъо хъугъэ. Ащ ыуж Чэчанэ IукIэщт, дэгущыIэщт.

«ЯсIощтыр сыд? Сэщ нахьи Айнарэ нахьышIу шъолъэгъуа сIони сяупчIыщта?..– ежь-ежьырэу Рэдэд мыскъарэ зишIыжьызэ, щхыпцIыгъэ, зыфэгубжыжьыгъ: – Симыер стешъохы ясIощт ара!.. Даури Чэчани ныпчэдыжь Шышъхьарыс ежьагъэмэ ахэтых, Гощнагъуи тадэжь щыI, Айнар дэжь сыкIони, Анысэт дисми сыушъэфынэп, сыгу илъ шъыпкъэр есIон, сыкъызэхишIыкIэу, сэ сызэреплъырэ нэплъэгъур къыспигъохыжьмэ, сынэм фэд, спсэм фэд. СызэрэщыгугъэукъычIэмыкIыжьмэ, сыгу къеоми къызхэзгъэщынэп. Мэщыкъо шъузым зигъэгубжыкIэ зэриIоу, тэщ фэдэ Iаджи шъхьатехъо зытехъуагъэмэ азыфагу дэунэхъуагъ, дэунэжьыгъ. Тефи темыфи Тураб тхьамыкIэм къыддещыIэми, загъорэ къызытфэгубжыкIэ «сэ сытхыщ шъхьакIэ, шъо Iапэ зыфэшъушIырэр къыжъудечъэжьэщт шъуIоу пшъашъэмэ шъуяхъуапсэу, шыбзмэ шъуянэцIэу, Дэхэпс пхъужъ нэджы-нэшIошI цIыкIум шъуеубзэу къызфэшъухьырэр сыд» ыIоу къызэрэтфидзырэр тифэшъуаш. А тхьамыкIэм етIани мыр оIо, мыр ошIэ сэIошъ, хэт щыт пае къэсымыгъанэу сыфэгубжы... Мэфэ щэджагъоми, орэмэфэщэджагъу, икъун укIытэ-Iэжагъэм зызэрезгъэшхыгъэр...» – Рэдэд къызэмыплъэкIыжьэу щагум дэкIыгъ.

Тыгъуаси, тыгъоснахьыпи, адырэ тхьаумафэми имэфэ дахэхэр пщигъэгъупшэжьэу непи Мэзыбэ мэфэ шъэбэ мэфэ гоIур шъхьащыт. Зигъогу инахьыбэ къэзыкIугъэ гъатхэм иджэнэ къолэн пшъапIэ зыкъыригъэтIэтэгъап. Пхъэшъхьэ-мышъхьэ къэгъагъ зэмышъогъумэ, чъыг тхьэпэ шхъуантIэмэ тыгъэхьажъур ахэджэгукIы, хьампIырэшъо зэмышъогъумэ къэгъагъэхэр къабыбыхьэх. Мэщ къыхэкIыгъакIэмэ алырэгъу шхъонтIабзэу заубгъу. Къушъхьэ благъэхэри, чыжьэхэри зэрэзэджэжьыхэрэр янэплъэгъу гушIуагъомэ ахэолъагъо. Къолэбзыумэ ямэкъэмэ зэфэшъхьафхэр огум къеIукIых, чъыг зэмышъогъумэ къахэIукIых, кIэгъэсыс къанджыхэри пчэгъу шъхьапэмэ, конышъхьэмэ къатеджыкIых. ПцIашхъохэр ошъогу чIэгъым шъхьэгурыгъапкIэ щезэрэгъашIэх.



ГухэкIи, гузабгъи, хьазаби, лъыгъачъи щымыIэжьыхэ фэдэу дунаир Мэзыбэ щыдах, щышъаб. БэмышIэу дунай фэшIыгъэр зынэ къыпэIумыхьажьыщтыгъэ Рэдэд гумэкIшъхьэзэпыкIым зэрэхэтыгъэр зыдимышIэжьэу ишIулъэгъу Iахьмыгощ Айнарэ фехьы. Чэу къуапэм зэрэкъокIэу ыгу зыдэщыIэ унэм ищагу къэлапчъэ Iухьащт. Зэлъ, сыд ар? БзылъфыгъэкIый макъэ къэIугъэ фэдэу Рэдэд къыщыхъугъ. КъэIугъа, къыщыхъугъа? Унэм зелъадэм, Айнарэ кIыфыбзэу къогъум къот, лэныстэ папцIэр Турабэ къыпэIуедзэ, зыкIэригъахьэрэп.

– Сыд, хьитIум азыфагу къыдэзыгъ, пшъэшъэжъыем фыуихьысапыр? – Рэдэд етхъуи, Турабэ джэхашъом къытырипхъотыгъ, пIэтIэраозэ, унэм ридзыгъ.– Зысэмыгъэлъэгъу, шIойхэкI!

Айнарэ кIэзэзызэ, Рэдэд ыбгъэ зыкъыкIидзагъ.

– Быяу, Айнар, зыгъэрэхьат,– Рэдэди ыIэшхохэмкIэ Айнарэ ышъхьашъо, ытамэ Iэ щефэ,– сэ а тхыщэм ыпсэ пфыIусхын! Моу тIыс, унэпси кIэлъэкIыкI.

Айнарэ шъхьатехъо IэпакIэмкIэ ынэмэ акIэIэбэжьи зэгупсэфыжьым, къыIуагъ:

– Сфэмышъуашэ къысэхъулIагъэп... Турабэ тхыщэ, сэкъат, тхьамыкI Анысэтрэ сэрырэ тIомэ, тыгу егъузэ, дгъэутэшъуагъэ. Джы хъугъэр сшынахьыжъ зэхихыжьмэ сышIуибзын...

– Зыгъэрэхьат, Айнар. Даури етIонэп, орырэ сэрырэ нэмыкIи едгъэшIэнэп. Турабэ ихьадэ илъ, зы гущыIэ ыжэ дигъэзыщтэп. СыкIожьын сэ, о зыгъэрэхьат,– Рэдэд ин-инэу, унэм изыбзэу къэтэджыжьыгъ.

– Рэдэд,– Айнари пчэнэ псыгъуабзэу къызщытэджыкIыгъ.

– Сыд, Айнар?

– Ощ пай, бытыжъым тыкъызэхишIыкIыгъэп нахь, сэ джэнч зыфезгъэдзыщтыгъэр... ПцIэ есымыIоми, сыгу пфилъыр шIосыушъэфыщтыгъэп етIани...

– Чэчан адэ?..– Рэдэд къызIуипхъотыгъ.

– Сыда Чэчанэ,– Айнарэ нэмыз-Iумызэу Рэдэд къыIуплъагъ, етIанэ къыгурыIуи, IугушIукIыгъ: – Чэчанэрэ Анысэтрэ яIоф шъхьафы...

– Адэ сэ Чэчанэ еспэсыщтыр сшIэщтыгъэп...– Рэдэд инэгушIуагъэ пшъэшъэ унэр зэлъигъэнэфыгъ.

– Ащ сенэгуещтыгъ сэ...– Айнари икӀыжьыгъэм кӀэлъиӀожьыгъ.

Джа мэфэ блэкӀыгъэм ичэщ Рэдэд хэчъыежьыгъэ къодыеу, шъхьаныгъупчъэ тео макъэм къыгъэущыгъ. Чатэр зыгуилъхьи, бэджэшъо къэптан пӀуакӀэр ыплӀэу идзагъэу унэм икӀыгъ:

– Хэт нычэпэ сырищыкӀагъ? Ора сэӀо?

– Сэры... Тураб.

– СыкъэдаӀо.

– Тыгъуасэ сшӀагъэр хьэйнэпэзэлӀэгъу, сшъхьэ сыфитыжьыгъэп, Рэдэд, къысфэгъэгъу. О лӀыгъи, цӀыфыгъи зэрэуиӀэр сэшӀэ. Сэ насып тӀэкӀу сиӀэти, титхьэмэ укъысфахьыгъ. Дунаим сытетыфэ ащ фэдэ делагъэ сшӀэжьынэп. Зиусхьаным укъызэхишӀыкӀыщт аӀуи, титхьэмэ сыкъыпфагъэкӀуагъ. Ахэмэ ацӀэкӀи, сэ симыгъуагъэ ыцӀэкӀи, уятэ Лаурстэн пщышхом ыцӀэкӀи, чылэм ыцӀэкӀи тикъэбар зыми ымышӀэнэу сыолъэӀу.

– Хъугъэ, зэтелъхь!

– Ары, ары, зиусхьан, ары, Рэдэд, сидагъуи зыдэсымышӀэжьэу арэп.

– Сыд дагъу зыдэпшӀэжьырэр?

– ЕмыкӀу къысфэмылъэгъу... лъы делэр сшхьэ къызеокӀэ, сызыфыригъэтыжьырэп...– Турабэ къэгъынэгъагъ.– Хэти щэрэщ, шъхьэтехъо зытехъуагъэ зыслъэгъукӀэ зытесэрэдз Ӏоу сыгу мэхъу...

– Щыгъэт! УзэкӀокӀыгъа?!

– СшӀэрэп, сызэкӀокӀыгъэнкӀи мэхъу...

– Ащыгъум, хакӀомэ арашӀэрэр пфэшъуаш!

– Хьау, хьау, а зымкӀэ сышъумыушъхьакӀу!.. СызилӀыкӀо титхьэмэ сэри шъори къытфадэнэп... Ащ етӀани, Рэдэд, сызщыригъэзыпэрэр, къысфарэгъэгъу титхьэмэ, сыегъэзыгъэшъ, сишъэф къэсэӀуатэ, ахэр къыздэгущыӀэхэу, къысфашӀырэ унашъохэр, къышъосӀожьын хъумэ ары... А зыфэпӀуагъэр зыщыгъэгъупш, титхьэмэ къыпфадэнэп, нэпч урафын...

– Адэ сшӀэрэп ащыгъум...– ошӀэ-дэмышӀэу Рэдэд ымакъэ къэӀэсагъ, етӀанэ ыгу къэкӀыгъэм зыкъыригъэшӀэжьыгъ: – Арэп, аущтэу зыфэмыӀэжэжьмэ, титхьэмэ къыпфадэщтмэ, шъуз горэ къапщэмэ хъущтба?

– Ащ ыужи цӀыф есымыгъашӀэу зесфагъэ сэ... Шъхьатехъо зытехъогъэ пстэумэ, яӀаий, ядахи пшӀэрэба зэрэгъэпсыгъэхэр, сэ сашӀоӀай, ежьмэ зашӀодах. Шышъхьарыс сэщ нахьи нахь тхыщэу, нахьыжъэу дэсыр къысфагъэшъуашэ...

– Арэп, Тураб,– Рэдэд итыгъосэрэ гукъао щыгъупшэжьэу джыри нахь къэушъэбыгъ,– НэтӀае ишъузыгъэ Дэхапсэ пхъужъ тегъэпсыхьагъ...

– Хьау, хьау, ащ игугъу къысфэмышӀ, зиусхьан,– Рэдэд ыгу къызэрэфыкӀэжъукӀыжьырэр, зыфаер къызэрэдэхъурэр Турабэ игуапэу къыхэкуукӀыгъ,– ар бзылъфыгъэ щыкӀыгъ!.. Шъхьаихыгъэ фэсшӀэу чылэр къыздэзгъэхьащхынэп. Ары пакӀо, сыкъашӀэнэп сӀоу, шъэфэу сыфырекӀокӀынэп...

– КӀо, сшӀэрэп ащыгъум...– Рэдэд исэмэркъэуи ишъыпкъи зэхэлъэу щхыгъэ,– щындыбзы горэ угу жьы дигъэкӀынэу зэмыгъэгъотыщтмэ...

– Угу жьы дэбгъэкӀ пшӀоигъомэ, сыд пшӀэн адэ...– Турабэ ытх къипш къыдыригъэдзыеу щхы фэдэу зишӀыгъ, етӀанэ къыдэхъугъэм рыразэу ӀукӀыжь зэхъум, ишъыпкъэу къыӀуагъ: – ГукӀэгъуи цӀыфыгъи зэрэпхэлъыр, бзэ пыти зэрэпӀулъыр, зиусхьан, сымышӀэщтыгъэмэ, нычэпэ уадэжь сыкъакӀощтыгъэп. КъысфэпшӀагъэр нибжьи сщыгъупшэнэп, титхьэхэри къыпфэрэзэных. Уигупсэфыгъо укъызэрэхэсщыгъэр къысфэгъэгъу, уичэщышӀу пыодзэжь.

Рэдэд унэм лъэпэпцӀыеу зехьажьым, мэзахэм Шыупащэ къыхэджыкӀыгъ:

– Сыд, нахьыжъ, бытыр чэщныкъом зезыфэрэр?

– УкъытэдэӀугъа сэӀо?! – чъые шӀошӀыщтыгъэ нахьыкӀэм Рэдэд къыкӀигъэщтагъ.

– Хьау. ГумэкӀыгъо щыӀэмэ сӀуи, сыхьазырыгъ.

– Чъыежь, уаим щыӀэп. Тыгъуасэ зыкъызэрэтфишӀыгъэр титхьэмэ къыфамыдэу къысфаӀофтагъ...– кӀалэм мышъыпкъэ зэрэриӀуагъэм рыукӀытэжьызэ, Рэдэд къыӀуагъ.

– Дэгъу, фэшъуашэр къехъулӀагъ! – Шыупащэ ыгу Турабэ тыригъэпщэхагъ.

– Адэ, сшынахьыкӀ, ащ фэди мэхъу, шкӀэхъужъи малӀэ джарыщтын зыкӀаӀуагъэр,– Рэдэди егъэзыгъэкӀэ шъыпкъэ зыхэмылъ Ӏофым шъхьащыӀулӀэжь къыфишӀыжьыгъ.

Рэдэд зэнэгуещтыгъэ къэбарыр Шышъхьарыс къыфырахыгъ: араб сатыушӀэхэр зезыпхъуагъэр Нахьлъэш.

– ЦӀэплъым имэхъэджагъэ мо шъуипэщэгъэ Хьакъарэ зэрихэщэкӀуагъэм шъуегугъуфагъэба? – шыуитӀумэ Ӏуащыжьыщтыгъэ лӀышхом кӀэлъымыплъэу Рэдэд къэупчӀагъ.

– Хьакъарэ бгъэкъэ-делэшхоми, ащ фэдэхэр, ыушъэфынхэ елъэкӀы, ау чатэр уукъэбзыжьми, лъыналъэ къытенэ...– Мэщыкъо къыӀуагъ, Даури, Чэчани шъхьэгъэсыскӀэ янахьыжъ дырагъэштагъ.

## IV

Мэзахэми ухамылъагъоу, губгъоми ущызэхамыхэу къызыщыхъурэр хэукъо.

Тураб илажьэкӀэ Рэдэдрэ Айнарэрэ яшъэф арэп мы гущыӀэжъыр зыфэгъэхьыгъэр (зэгорэм къычӀэмыужьынэу ащи шыхьат уфэмыхъу!) – Нахьлъэшрэ Хьакъарэрэ якъэбар чылэм дэлъыгъэр. Джары Нахьлъэш цӀэплъыри шыу гъусэхэмкӀэ кӀэхъушӀыкӀызэ, гуплъыгъэкӀэ Мэзыбэ къэзыщагъэр, шым фемыпсыхэу Хьакъари зыфеупчӀыгъэр:

– Лаурстэныкъом укъигъэщтагъэу зекӀорэ къэбарыр шъыпкъа?

– Къеблагъ, Нахьлъэш, къеблагъ, сыд пае сипчъэӀушъхьэ укъыблэмыкӀэу къаплъэхэрэмкӀэ сыуушъхьакӀура?

– Ащыгъум шӀуми, еми сионэгу сыкъизыхыщт джэуап къысэт.

– Лаурстэныкъом сезымыгъэбэнышъущт дагъор къыздапшӀэзэ, сыд пае, Нахьлъэш, уигъусэмэ апашъхьи, чылэ утыгуми сыщиуутыра?.. ОрыкӀэ, титхьэхэр сишыхьатых, зи къызытезгъанэрэп, сфэшӀэшъущтымкӀэ сыкъыпкъот...

– Щыгъэт! – сатыушӀэмэ якъэбар къыфидзыкъомэ ыӀуи, Нахьлъэш ымэкъэхъу шым зыригъэутӀыӀоу къыжэдэуагъ, етӀанэ зэпыугъо фишӀи, зиӀажэзэ къыпидзэжьыгъ: – ЛӀыгъэрэ кӀуачӀэрэ пхэмылъэу сӀорэп, ау Лаурстэныкъом нахь мыхъурэм сэкъат зызэребгъэшӀыгъэр сыгу къео. Фит сыкъэошӀымэ, сэ ар, зэхэшъоха? – игъусэмэ яджэ,– игъончэдж шъхьаӀу нэс чӀым пфычӀэссэн! Къэшэс ащыгъум, шыхьат укъысфэхъоу о пчӀыпӀэ сызщебэныщт пӀалъэр фэзгъэуцун.

Тыгъэ напэм ячэу къуапэ зыщезгъэурэ лӀыжъмэ Колэс ахэсэу зэплъэм, къоджакӀэмкӀэ къикӀырэ шыу купмэ къагъэтхьауягъ.

– ХьакӀэ пӀонкӀэ баӀо, дзэ пӀонкӀэ мэкӀаӀо. Зэ плъэлъ, Шыупащ, о унэ нахь чан, хэт щыщых мохэр?

АӀэгушъохэр анатӀэмэ апэӀулъхэу лӀыжъхэр зэрэгъаплъэх, Шыупащэ къыӀощтым ежэх.

– Нахьлъэш цӀэплъымрэ Хьакъарэрэ апэ ититӀур,– Шыупащэ имыгуапэу ышӀэжьыгъэмэ ацӀэ къыӀуагъ.

– Сыда джэгуалъэхэр гъэтхэ ӀофшӀэгъу мафэм зыуж итхэр!..– лӀыжъ од жэкӀэ фыжь цӀыкӀур къызщытэджыкӀыжьыгъ.

– КъыохъулӀагъэр сыд, ТӀатӀыхъу? – ӀукӀыжьынэу ежьэгъэ лӀыжъ пӀуакӀэм Колэс фидзыгъ.

– СшӀэрэп ныӀа...– гъунэгъур къызэтени, ушъхьагъу къыгъотыгъ: – Сикъощыр цӀыкӀухэр мыгъашхэх...

– Къуанэм ыбыдз пыгъукӀыжьыгъа?..– зыжэпкъ бэщ пакӀэм тегъэкӀэгъэ ГъучӀыпсэ лӀыжъ нэгъуцуми зимыгъэсысыхэу тэджыжьыгъэ ТӀатӀыхъу къыригъэжьагъэр къыригъэухыгъэп: – Мо шыухэр хъэзархэп, адыгэх.

– Адыгэхэшъ арба сигукъаор... Плъэгъурэба къызэрэзэрэфхэрэр!..– ТӀатӀыхъу ӀукӀошъыжьыгъ.

«Узэрэфэе закӀэу щыӀэныгъэр зэхэлъыгъэмэ...– гъунэгъу лӀыжъым кӀэлъымыплъэу, игумэкӀ ынэгу кӀэтэу, ымыгъэмысэуи-ымыухыеуи, Колэс гукӀэ зэриӀожьыгъ,– нахьыпэм, хъэзархэм апэкӀэ, шӀури ери, баири тхьамыкӀэри зэпэдгъэуцунхэу татегущыӀэщтыгъэп. Тэ тицӀыфхэми «нахьлъэшхэр», «хьакъарэхэр» къахэтэджагъэх. Мо сызхаплъэрэмэ шӀу агу илъэп, Рэдэд дэжь къэзэрэфхэкӀэ енэгуягъо... СшӀэрэп Хьакъари игухэлъыр, Рэдэд ешӀужьыгъэти, сыгушӀогъагъ. Нахьлъэш цӀэплъым сытегущыӀэжьырэп, ащ ыгу непэ блэ зэокӀы. ЗыгорэкӀэ араб сатыушӀэмэ аришӀэгъэ мэхъэджагъэр къызэрэлъыӀэсыгъэмкӀэ зиухыижьынэу Рэдэд дэжь къакӀомэ шӀэ? Ащ фэдэгу зиӀэ цӀыфмэ ащыщкӀэ сыгугъэрэп ар...»

– Модэ, Шыупащ, елбэт, сичэтэ-бгырыпх унэм къысфих! – Колэс къэтэджыгъ, ичатэ зыгуилъхьи, зырищыгъ.

– ШъуемылъэкӀон, сыкъыщышъумын! – бэщыр зикӀэгъэкъон ГъучӀыпси ерагъэу къэтэджы, зыуж ихьагъэмэ алъэджэ: – А джэгуалъэмэ адэжь шъуизакъоу шъузгъэ-

кIонэп,– пхъэ куахъор зитэмэрыхьэу сэмэгумкIэ къыгоуцогъэ лIыжъ пIуакIэм кIом дыхэтэу фыреплъэкIы, пымылъэу федзы: – Ора сэIо, ТIатIыхъу? ШIэхышIоу уикъощырхэр къэбгъэшхагъэх...

– Чылэм бырсыр дэлъэу, ГъучIыпс, хэт къомэ ягугъу зышIыжьырэр! Моу сикуахъорэ сичатэрэ салъычъэжьыгъагъ.

– Ара? – зэрэзэIуихьагъэр ГъучIыпсэ къыхэщми, ушъхьагъу зыфигъотыжьэу къызэтеуцо, етIанэ бэщым IитIукIэ тегъэкIагъэу игукIае зыкъышIуепхъуатэ: – А-ей, сикIэлэгъу-делагъэ тыдэ къисхыжьын! КIо, ТIатIыхъу, кIо, Лаурстэныкъо Рэдэд зиусхьаным сэ сцIэкIи гоуцу.

Колэс мыгузажъоу Рэдэд къыздэкIыгъэ къэлапчъэм нахь пэгъунэгъоу зэпэуцугъэ купитIум азыфагу дэуцуагъ, Хьакъарэ къэзгъэшэсыгъэмэ ащыщми ащымыщми умышIэнэу абгъукIэ зэрэщытым пымылъэу, шыумэ апэ ит Нахьлъэш цIэплъым зыригъэшIэжьызэ, риIуагъ:

– Къемыпсыхырэ шыумэ къэбарышIу яIэпышъ, сэри шIуфэс шъосымыхэу шъуигухэлъ сыкъыкIэупчIэ.

– Колэс, зимафэ мэфишъэ хъун тхьамэтэ маф,– Нахьлъэш цIэплъым шъхьэщэ гъашIо Колэс къыфишIыгъ,– зэрэ Къосэгъу сишIуфэс есымыхыщтми, а зыр оркIэ сфэшIэнэп, зэуакIо тыкъызэрэмыкIуагъэри къыотэIо. Ау тишмэ тыкъяпсыхыфэ ыштэщт уахътэм фэдиз тыкъызфэкIуагъэм ыхьыщтэпышъ, ащ тыхэхьанэп. Лаурстэныкъо Рэдэд узэремыбэнышъуущтыр, узэрэпырымыкъуштыр, Хьакъар, зэкIэми зэхахэу мы чIыпIэм къыщыушыхьат.

– Зэ къыосIогъагъэр, Нахьлъэш, джыри къыкIэсэIотыкIыжьы,– Хьакъарэ ышъхьи риуфэхыгъэп, зэригъэжагъэхэп.

Хьакъарэ къыIуагъэм Рэдэд щыгъозагъэми, егъэзыгъэкIэ къызэрэжъэдатхъырэр игопагъэп, зи къызхэзымыгъэщэу уанэм имыфэу шым къытепIыикIыщтыгъэ лIышхор ипыигъ нахь мышIэми, зэрагъэцIыкIурэр шIоемыкIу. «Мыщ фэдэу укъысфащэн нахьи, сыд къыохъулIэщтыгъэми, тызэбгъэбэныгъагъэмэ нахьышIугъ, сыдэу Нахьлъэш цIэплъым ыжэ къыдахьэрэр къызэребгъаIоу лъэгукIэтын зебгъэшIыгъап!..– Рэдэд ылъэгъурэр къехьылъэкIэу джыри Хьакъарэ фычIэплъыгъ, шъхьэм къыфечъагъэм гукIэ къыхигъэкуукIыгъ: – Хьакъарэ игухэлъ джы къызгурэIо!..»

– ТитIо, Хьакъар, Iаджи зэтэIо,– Нахьлъэш зэмыплъэкIэу щхыпцIыгъэ, етIанэ нахь мэкъэ лъэшкIэ Хьакъарэ фидзыгъ: – СиупчIэ къебгъэгъэзэжьынэу сыкъежэ.

– Лаурстэныкъо Рэдэд сфэукIочIыщтэп,– Хьакъарэ къыIуи, IукIыжьынэу шым жэдэIагъ.

– Зэхэшъухыгъа, мэзыбэхэр, мыстхъакъохэр! – Нахьлъэш цIэплъым зиплъыхьагъ, Хьакъари лъыджагъ: – Зэ, зэ, Хьакъар, укъыраутыгъэу къызщымыгъэхъу. Зикъэлапчъэ тыIутми есIощтым къедэIу. Лаурстэныкъо Рэдэд, улымэ, зыбг бгъэфыкъогъэ Хьакъарэ ычIыпIэкIэ сыобэнышт! Шъэф хэлъэп, зэкIэми зэхахы! Непи, неущи, неущмыкIи сIорэп, къапIорэр сипIалъэ.

«Къыбгурыыуагъа джы, Лаурстэныкъор, Хьакъарэ итIого-бзэгуагъэрэ итхьагъэпцIыгъэрэ зынэсырэр, ыгу къэкIыгъэр! Ежь сIэкIэкIыжьи, зыфаер къыдэхъун шIошIэу Нахьлъэш цIэплъыр лъышIэжькIэ къыситIупщыгъ... Теплъын, теплъын...» – Рэдэд щхыпцIызэ, зыхэтмэ къахэкIотыгъ:

– Зэгорэм Хьакъарэ есIогъэ дэдэр ори къыосэIо Нахьлъэш: укIэмыгъожьыщтмэ, тхьэмэфэ пIалъэ къыпфэсэгъэуцу.

– Сэра кIэгъожьыщтыр?! – шым ылъакъохэр кIыригъэуцукIхэу Нахьлъэш цIэплъым онэгум зыкъыриIэтыкIыгъ, кIэпщ уплIэнкIагъэр къыфигъэсысызэ, къыфидзыгъ: – Титхьэмэ къысагъэгъэшIэгъэ илъэс тIокIитIум о зыр арышъ зэхэсхэу цIэплъыкIэ къысэджагъэр, тызыщызэбэныщтыр Мэзыбэшъ, шъуичылэ пашъхьэ ппсэ зэрэщыIузгъэзыщтыр зэгъашIэ,– шым кIэкIэу ригъэгъази, шыу купри Iуищыжьызэ, къызэриIокIыжьыгъ: – Ощхы, осы, фабэ, жьыбгъэ тиIэп, пIалъэм сыкъехъулIэ!

IукIыжьыщтыгъэ шыумэ плIэмыешхоу къахэпIыикIыщтыгъэ Нахьлъэш цIэплъым кIэлъыплъэщтыгъэмэ ГъучIыпсэ лIыжъыр жьымыгъотыр къехьылъэкIызэ къахахьи зыкъаригъэшIэжьыгъ:

– Сыд сэIо мо джэгуалъэм ыкIыб тешъулъэгъуагъэр? Мыхъун къышъуиIуагъа? – къыраIожьыщтым пымылъэу, гъумытIымыгъэ: – Жъыр жъэжъалэмэ иалаши къефэхы зыфаIорэр шъыпкъэщтын, тэ зэкIэми тахэны... А-ей, сикIэлэгъу-делагъэрэ силIыгъэ-мылъахъэрэ тыдэ къисхыжьын! УкъызфэсIофтагъэмкIэ сыд къэбар къызэбгъэшIагъ, ТIатIыхъу?

– ГумэкӀыгъо щыӀэп, Гъучӏыпс, кӀалэмэ тыбэнэщт аӀо,– пхъэ куахъор зыкӀэгъэкъогъэ ТӀатӀыхъу къыриӀожьыгъ.

– Ы-ы! Тыбэнэщт аӀо ара?! – бэнэн Ӏофыр Гъучӏыпсэ лӀыжъым зызэхехым, бэщым зыкъытыриӀэтыкӀыгъ, зигъэ-пкъыезэ джыри къымыӀон ылъэкӀыгъэп: – А-ей, сикӀэлэгъу-делагъэрэ силӀыгъэ-мылъахъэрэ тыдэ къисхыжьын. Ы-ы, Колэс, сыд пӀорэ о?

– Ары, ары, Гъучӏыпс, тхьамэтэ маф,– Колэс зэгупшысэ-щтыгъэр нэмыкӀыгъэми, «жъы хъурэр тхыдэбаӀо, емы-дэӀухэмэ зегъэгусэ» ыӀозэ ыжэкӀэ мыкӀыр фыжь къыхэ-гушӀукӀыгъ,– зэгорэми тыкӀэлагъ, жъыгъори къытэупчӏы-жьыгъэп, ау…

– Арэп сыкъызкӀыоупчӏыгъэр, Колэс,– къыригъэжьа-гъэр Гъучӏыпсэ зэпригъэгъэзэугъ.– Хэт, ГъучӏыпсэкӀэ заджэхэу, сэщ нахь бэнэкӀо-кӀочӀэшхоу Мэзыбэ дэсыгъэр, тишъолъыр исыгъэр?

– А лӀым ыцӀэ къепӀогъах, Гъучӏыпс,– Колэс иджэуап кӀэкӀы.

– Зэхэпхыгъа, ТӀатӀыхъу? – Гъучӏыпсэ лӀыжъым бэщыр джы къыӀэтыгъ нахь, икӀэгъэкъоныжьэп.– Зэхэшъухыгъа, нахьыкӀэхэр? Жъым ыкӀапэ кӀэм ынап джары язгъэӀуагъэр! Ау жъырэ къэпыжь машӀорэ зэфэдэ къытэшъумыӀу, тэри хьаулыеу дунаим тытетыгъэп.

– ПлъэкӀапӀэ кӀэзыутыгъэ гори, зимафэ мэфишъэ хъун нахьыжъ, Мэзыбэ къыдэмыкӀыгъэнэуи? – шэны зэрэфэхъу-гъэу Рэдэд исэмэгубгъукӀэ Турабэ къиджыкӀыгъ, рыразэхэмэ-рымыразэхэмэ зэригъашӀэу щытмэ афычӀэ-плъыгъ, ӀугушӀукӀыгъ.

– Ора сэӀо, Тураб? Лъэбгъу къысэбдзыгъ, ау зы-къэозгъэубытынэп. Ащ фэдэ тишъолъыр къимыкӀыгъэми, пшӀосыушъэфынэп, тичылэ къыдэкӀыгъ. Зыр Лаурстэн ары, гъунэ имыӀэу кӀочӀэшхуагъ Лаурстэныпщыр. Адырэр мо Колэс тхьаматэр ары. Пщыр сыгу къэзгъэкӀыжьырэ ишъао фэдагъ, ау, Колэс икъогъугъэ шъуемыплъ, илъэбгъу шъэф мыухыжьхэр ары зи къысэзымыгъэлыщтыгъэхэр. Дагъо зимыӀэ дунаим къытехъорэпышъ, ащи идагъомэ къулай сафэхъугъагъ, ы-ы Колэс? Арышъ, Рэдэд, мо ӀукӀыжьыгъэ цӀынэшхом, нэкӀэ земыгъэгъэдел, кӀочӀэ делэм нахь махэ щыӀэп. Тэри, Колэсрэ сэрырэ, лъэбгъудзыкӀэ-ӀэбэкӀэ шъэф горэхэм тыпфягупшысэн. ГукӀодыгъо щыӀэп.



– Ары шъхьакӀэ, нахьыжъ,– Мэщыкъо къыӀуагъ,– Рэдэд зиусхьаным пӀэлъэ макӀ Нахьлъэш цӀэплъым фигъэуцугъэр.

– Тхьэмэфэ пӀалъэр, Мэщыкъу, мыбэмэ, макӀэп,– Колэс къыӀуи, игумэкӀ Рэдэд зэхыригъэхэу къыухыжьыгъ,– зы мэфэ закъокӀи пкӀуачӀэ бгъэстыжьын плъэкӀыщт. Ау ащ къизгъэкӀырэп непэ-неущ пӀалъэр фэпшӀыныр.

– Бэнэным фалӀэрэр, тат, Нахьлъэш цӀэплъыр арышъ,– Чэчани зыфэщыӀагъэп,– зызщистын-зызщишхыжьын чӀыпӀэ ифагъ, зэрэгупшысэжь, зерегъэежь.

– Шъо шъузэрэфаеу хъунэу Нахьлъэш къызшӀошъу-мыгъэшӀ,– Колэс пхъорэлъфым зыфигъэазэзэ, Рэдэд гурегъаӀо,– кӀуачӀэкӀэ зыщымыгугъыжьыщтыгъэмэ, аущтэу зигъэпсыщтыгъэп. Ау ХьакъарэкӀэ къыдэмыхъугъэм дэгу-зажъошъ, зэрэхигъэукъощтым щэч хэлъэп. Ари къызфэд-гъэфедэн, Гъучӏыпсэ зэриӀуагъэу, нэмыкӀми тяусэн. Бэлэрэгъыгъэрэ гумэкӀыгъорэ къызхэдгъафэ хъущтэп.

Рэдэд изекӀокӀэ-шӀыкӀэ бэлэрэгъыгъэ-гупсэфыгъор нахь хэплъагъоу, тхьэмафэкӀэ ежьыр арымырэу бэнэщтыр къыпшӀуигъэшӀэу, гумэкӀыгъо гори ынэгу къыкӀэщыщты-гъэп. ЗэкӀэ къызщежьэгъэ Хьакъарэ чылэ пашъхьэм зэрэ-щагъэцӀыкӀугъэр, ежь зыфимытыжь нэпитӀурэ тӀого-бзэ-гуагъэрэ иӀэ зэрэхъугъэр шӀоемыкӀугъ нахь, ыгу ебгъэ-щтыгъэп. Рэдэд щыхьагъу къамышӀыщтыгъэмэ, зыми зышӀуимыгъанэу, ятэ игукъаоу, янэшыр игухэкӀэу, хымэ техакӀомэ къарашӀэхэрэр – зэрэзэрапхъохэрэр, къызэра-укӀхэрэр, гъэрыпӀэм зэрырадзэхэрэр, афэмыукӀочӀырэ хьакъулахьыр къазэрэтыралъхьэрэр – шӀошъхьакӀоу, изиусхьаныгъэ иӀэшӀугъэрэ идыджыгъэрэ джыри къыӀэкӀэ-мыхьэгъагъэми, арипэсыщтмэ яусэу, гузэжъогъуи хэмытэу гъэрекӀокӀ нэс, чылэ зэрэукӀым ыпэкӀэ псэугъэ. ПщыкӀалэм игулъыти, изыкъэшӀэжьи, илъэпкъ гупшыси къызщежьэгъэ лъэхъаным Хьакъарэ иӀоф ӀукӀотыгъэ фэдагъэми, Нахьлъэш нахь хэугуфыкӀыгъэу ащ непэ къыхэтэджыкӀыгъ. «Нахьлъэш игухэлъ нафэ шъхьакӀэ,– Рэдэд гукӀэ щхыпцӀыгъэ, иджаб-гъукӀэ къыгот ышнахьыкӀэ Шыупащэ, тенэгуикӀырэм фэдэу, ытамэ зырифызылӀагъ,– сыда зыгъэгузажъорэр! ӀэкӀэкӀырэ ныбжьыр ара, хьауми ыкӀуачӀа зэщызыфырэр?..»

– Титхьэмэ гумэкӀыгъо щыӀэп аӀо, Колэс,– зыхэт купмэ Тураби защигъэгъупшэрэп, зыгот зиусхьанми реӀокӀы,– ахэр зафэм икъотэгъух, муары ти Тхьэшхуи, шъо зэхэшъу-

хырэп шъхьакIэ, ар къытеIо. ШъуIэхэр фыдэшъуIэтай, шъуелъэIу.– Къэзэрэугъоигъэмэ анэIухэр тыгъэм фэгъэзагъэхэу, аIэхэри фыдагъэчъэягъэхэу мэкъэ зэхаокIи IушъашъэкIи тхьэ елъэIугъэх, Турабэ ыIэ къызыредзыхыжьым, къыIуагъ: – Нахьлъэш цIэплъыр бэнакIо къэрэкIу фаеми! Ощхы-жьыбгъэ ушъхьагъу тиIэщтэп ыIуагъэшъ, ыблэбгъуитIукIэ чIыгум зыщыхаIулIэщт мафэр, шъулъэгъун, сIуагъэ шъуIожьын, ошIущт. Тэ тыщыIэу, сэщ нахь къэмынэжьыгъэми, укъэмыщт, зиусхьан! – къызэфэсыгъэхэри, чылэри, бэнэщтыри ежьыр арэу къызфэнэжьыгъэр Турабэ къыухыжьыгъ.

– Титхьэмэ джыри тауджэгъугъэп, оры ар зишIушIагъэр, ти Тхьэшхо,– ГъучIыпсэ уашъом дэплъыягъ,– уифабэ тыщыбгъакIэрэп, тимэщи къэогъэкIы, Iутэогъэхыжьы, зебгъэзыхэу укъохьажьми, тызщыбгъэгъупшэрэп, уимази къытфыкъоогъэкIы, уижъуагъохэри къытшъхьащыогъэтых. Ау Нахьлъэш тызыщебэныщт мафэр ошIущтэу Турабэ къызэрепIуагъэр, стхьакIумэхэр жъажъэ зэрэхъугъэхэр арыщтын, зэрэзэхэсымыхыгъэр сыгу къео.

– ТхьакIумэ чан, тхьакIумэ жъажъ ащ фэIуагъэп, зимафэ мэфишъэ хъун нахьыжъ,– Турабэ фадзыгъэр къызхимыгъэщэу къыIуагъ, осэ зыфэшIыжькIэ къыухыжьыгъ: – Титхьэмэ яIорэ яшIэрэ зэхэпшIэным пае, ащ бгъэшIэгъон хэлъэп, Турабэ фэдэу укъэхъун фае.

– Ара? – уижъышъхьэ пIытхыжьынышъ, уикIэлэгъугъэ къыоттыжьыщт аIуагъэкIи, ощ фэдэу сыхъущт нэмыIэмэ, сыфэмыях гукIэ ыIомэ щхыпцIызэ, ГъучIыпсэ лIыжъыр къэупчIагъ, ицыхьэмышIыгъи ежь къызфыхигъэщыжьызэ, къыIуагъ: – Ащыгъум, теплъын хъурэм, теплъын.

Колэс щхыпцIыгъэ нахь, гущыIэкIэ зэпэкIэогъитIум язи апылъыгъэп, игупшысэ-гумэкI Рэдэд зиусхьанымрэ Нахьлъэш цIэплъымрэ зыщызэбэныщт пIалъэмрэ утыгумрэ зэритыгъагъэр. ПщыкIалэм ицыхьэ темылъэу, ыкIуачIэ щымыгъуазэу арэп, ау бэ Iофым хэхъухьан ылъэкIыщтыр. Нахьлъэш Iазэ нахь мышIэми, ащ ижъалымыгъэрэ итхьагъэпцIыгъэрэ зымышIэрэ Къосэгъу исэп. Къебэныщтым Рэдэд елъытыгъэмэ, игукIэгъуи, илIыгъи, игукъэбзагъи, изэфагъи зэголъы. «Ау зэфэгъэ закъокIэ дунаир зэхэлъэп, зэхэлъыни ылъэкIыщтэп,– Колэс ыIуагъ.– Джыдэдэм тIэ зыфыдэдгъэчъаий тызэлъэIугъэ ти Тхьэ-Тыгъэшхоми тыкъегъэфабэ тIозэ, тыкъесты, ишыбли къытэо, ижьыбгъи техы, ичIыгусыси тызэхекъутэ… Ащ тырицIыфышъ, игукIэгъуи ижъалымыгъи къытхэлъ. АрынкIи мэхъуба цIыфышIухэри цIыф бзаджэхэри дунаим къызыфытехъохэри, зыфытетхэри… Тураби исэкъатыгъэ къызфегъэфедэ, Нахьлъэш ыкIочIэ делэ зэрехьэ, Рэдэди изиусхьаныгъо итхьамыкIагъу. КъаIо джы узфитыр. Раутырэр епсыхы, изыутырэр мэшэсы. Шашитыр итхьагъэпцIыгъэ есэжьыгъэу, зэкIэми шэсы афэхъоу мэпсэу…»

Колэс игупшысэмэ Турабэ акIимыгъахьэщтыгъэми, ащ пэгъунэгъугъэр Шыупащ. «СыкъэдэIуагъэп» джа чэщныкъом Рэдэд риIогъагъ шъхьакIэ, Шыупащэ зэхихыгъагъэхэр шъхьэм икIыщтыгъэп, Тураб теплъэн ылъэкIырэп, ыгу къызыкIырэм псынкIэу шъхьащэгупшысыкIы. «Тхьэм илIыкIо ащ фэдэ нэпэнчъагъэ ышIэрэп!» – Рэдэд риIощтыгъ шъхьакIэ, нахьыкIагъэмрэ укIытэмрэ къыжэдагъэзыгъэгъэ гущыIэм ыжэ пхыгъэу джы нэс хегъэты. Ау нэбгыритIу ашIэрэр ящэнэрэмкIэ ушъэфыгъуай язгъэIогъэ гупшысэр шъэожъыем къышIудэмыуаеу къызыфыхэкIырэр макIэ… Тураб ышнахьыжъ къызэрэгогъэпкIагъэр зэримыгуапэри нэжгъыкIэ зыщыригъэшIэщтым, Шыупащэ зэхихыгъэм шъхьэр къыригъэпхъотагъ.

– Мо шыуищым сыд сэIо къызфагъэзэжьыгъэр?! – апэ зылъэгъугъэ Даур къэупчIагъ.

Шыуищыр – Хьакъар, Шэныб, НэтIай. Къэмысыхэзэ, зигъусагъэхэм зызэрамышIыгъагъэу, яшъхьэкIэфагъэ апэ итэу кьепсыхыгъэх. Колэс ыцIэкIэ Хьакъарэ щытмэ къариIуагъ:

– ТиIукIыжьыкIэ емыкIу тегупшысэжьи, Колэс, шъуишIуфэс къедгъэгъэзэжьыгъ.

– Къэзгъэзэжьырэр тхьэмэ аштэжьы…

– Быяу, Тураб! – ГъучIыпсэ къыфэгубжыгъ.– Нахьыжъхэм апашъхьэ ужэ Iыгъ. Джэуап ятыжь, Колэс. Фиты усэшIы.

– Ары, ары,– ТIатIыхъуи нахьыжъым къыдыригъэштагъ.

– ЗишIуфэс шIукIэ зыпэдгъохыжьыщтымэ ащыщ шъохъу,– нахьыжъым шIоигъор Колэси ыгъэцэкIагъ.– ШъуишIуфэс закъопщтын къызфэжъугъэзэжьыгъэр, Хьакъар?

– Чылэм тыдэкIыжьэу тыдэ тыкIон, тхьамэтэ маф,– Хьакъарэ шъхьэшхор тIэкIу риуфэхыгъ,– шъузгъэгумэ-

кӀырэм тэри тегъэгумэкӀы. ЛӀыгъэкӀэ гъусэ Нахьлъэш сыкъиушӀыгъагъ нахь, сыфэягъэп. Шъулъэгъугъэ шъуапашъхьэ емыкӀу къызэрэщысихыгъэр…

– Сыдэущтэу фэбдагъэ адэ? – джы нэс зи къэзымыӀощтыгъэ Чэчанэ къемыгыин ылъэкӀыгъэп.

– Пшъхьэ уфырегъэтыжьа? Ащ ыжи ыкӀуачӀи зэфэдэ. ЕмыкӀу шъумышӀыщтмэ, Рэдэд зиусхьаным гущыӀэ дысиӀ.

– КъаӀо, Хьакъар,– щытхэр гупшысэгъу Рэдэд ригъэфагъэхэп,– нахьыжъхэми нахьыкӀэхэми апашъхьэ шъэф щысиӀэп.

– Шъэфэп, зиусхьан, нафэ нахь,– Хьакъарэ джы нахь къэгузэжъуагъ.– Нахьлъэш спшъэ къырилъхьэгъэ пшъэрылъыр шъэфэп, бгъуитӀумкӀи шыхьат шэскӀэ къыосӀожьынэу къысфигъэпытагъ. Ар непэ къызыосымыӀокӀэ, дунаим сытыримыгъэтыжьынэу, неущрэ нэфылъэр сипӀалъэу ичатэ тхьарыӀо тыришӀыхьагъ. Щэ ыӀупшӀэ нигъэсыгъ, ар къэсы уашъом диӀэтэягъ, къырихьыхыжьыгъ…

– Уипсынэ гъукӀагъа? Уипсыкъищ зеогъэукӀыхьэ! – ТӀатӀыхъу икохъуацэхэр чӀым чӀыригъэсагъэх.

– ПкӀантӀэ къыозгъэхын гъомылэ пшхыгъэу бэнэкӀо утыгум уфимыхьанэу сыкъиӀопщыгъ.

Щытхэр зэкӀэ, нахьыжъи, нахьыкӀи, зэплъыгъэх, къызэплъыжьыгъэх. Апэ зыкъэзышӀэжьыгъэр Колэс:

– Уятэ хьэм регъэубыт Ӏо!.. Ушэсмэ, Хьакъар, уишӀуфэс къэгъэзэжь ыпаӀокӀэ ащ ышъхьэ къипхын фэягъ, ау пшъхьэ уфимытыжьэу оӀошъ, тыгу уабгъэрэп. Тэ тшӀоигъо гори а джэгуалъэм фэхьыжь, къэбгыныр ыныбэ иутӀэтӀагъэу бэнакӀо къытфакӀоу хьэйнапэ зерэмышӀыжь.

ЗэкӀэми апэ Шыупащэ къыщиутагъ, адырэхэм ящхы макъэ етӀанэ къыдэоягъ.

Рэдэдрэ Шыупащэрэ унэм зехьажьхэм, ышъо пычъыгъэу Рампэс къапэгъокӀыгъ:

– Хьакъар тӀозэ, сикӀалэх, сыд бэлахь къытфыкъокӀыгъэр?

– Нахьлъэш зыгорэ еӀо пае гумэкӀыгъо щыӀэп.

– Сэ лъэгуцым сытетыгъ, зэкӀэри зэхэсхыгъэ.

– Тян, мэлакӀэ тэлӀэ, арба, Шыупащ?

– СылӀэрэп сӀонэп, ау…

– Сыда джы аур?

– КъысӀэкӀэӀуагъ.



– Зыгорэ къызӀэкӀаӀорэмэ уафэдэп, сшынахьыкӀ, къэух къебгъэжьагъэр.

– Шъузэшӏомын, непэ шъуитӀо шъугу шӀоп. Сищэджэгъуашхи учъыӀыжьыгъэ, мары джыдэд.

– Ар пӀоу, тян, шъузэкъомылъад. Сыд угу зэмыӀугъэр, Шыупащ? Къебгъэжьагъэр къэух,– Рэдэди ыӀорэм текӀырэп, ымакъи тырегъэлъэшыхьэ.– Нахьлъэш сыобэныщт зэриӀуагъэр ара? Хьакъарэдыхэм якъэгъэзэжьыкӀа?

– Ари арэп, мыдырэри арэп.

– Сыд адэ?

– ЕтӀан.

– ЗэрэхъурэмкӀэ, Шыупащ, сэры джы уицыхьэмышӀыр,– зыкӀыб къэгъэзагъэу щэджэгъошхэ Ӏанэр ыкъомэ къафэзыухьазырырэ Рампэс исэмэркъэуи, ишъыпкъи зэхэлъэу къызэриӀокӀыгъ, нахь теубытагъэу къыухыжьыгъ: – ШъуитӀо шъукъыскӀэрысэу, шъукъызготэу сизыутын къэбар шъэфэуи, нафэуи къысфыкъокӀынэп.

– Джар гущыӀэ псау, тян! Зэхэпхыгъа, сшынахьыкӀ? О «ау», «етӀан», «къысӀэкӀэӀуагъ» оӀо, къебгъэжьагъэр къэуухыжьышъурэп. Нахьлъэш цӀэплъым сыобэныщт къысеӀо пае, улӀыба зыкъебгъэгъэщтэу!

– А сикӀал, а гущыӀэм урымыджэгу.

– Хэта джыдэдэм, тян, зыми сыкъыриутыщтэп зыӀуагъэр? – бэджынэ стыр пӀуакӀэу пхъэ апсышхом икӀагъэр хэшъэе джэмыш куумкӀэ зэӀишӀэмэ ыгъэучъыӀызэ, еплъ тянэ къызэрэсыубытыгъэр къыригъэкӀэу, Шыупащэ енэкӀэуагъ.

– АщкӀэ сигущыӀэ зэкӀэсхьажьэу къызщымыгъэхъу, сикӀал.

– ЗэкӀэмыхьажьми, пытагъэ пхэлъмэ нахьышӀуба, тян.

– Ными, къоми япытагъэ а зы псэм зэрэхэгъэткӀухьагъэр зыщымыгъэгъупш, Рэдэд,– Рампэс зиӀажэщтыгъэми, зэрэхэхьапщыкӀыгъэр псынкӀэу хигъэкӀокӀэжьыгъ,– аущтэу ишъухъухьагъэмэ, сыд къыохъулӀагъэми, пшъхьэ Ӏэтыгъэу утыгум къикӀыжь.

– Тхьауегъэпсэу, тян, сыкъызэкӀэкӀонэп.

– Лаурстэныпщым узэрикъори зыщымыгъэгъупш. Шъуш, шъуш, лы гъэулэбыгъэ шъэбэ ӀэшӀу тешъозгъэшхыхьажьыщт сэ.

– ӀэшӀу бэджынэр! – Шыупащэ къыӀуагъ.

– Шъоупсым хэшlыкlыгъэ бэджынэр lэшlун адэ! – Рэдэд иджэмышхыкlэ ежь ыдэжькlэ щыlэ бэджынэр ышнахьыкlэ фегъэкlуатэ.– Ар пlоу сыкъызажэрэм утемыгущыlыкl.

– Джыри пщыгъупшэжьыгъэба сэlо, Рэдэд?

– Къебгъэжьагъэр зыlуптхъыжьын фэягъэп.

– А сикlал, пшынахьыжъ зыпшlэрэр непэп, къеlу, къыбжэдимытхъэу уцущтэп.

– Ашъыу, ащ фэдизэуи шъэфэп ар! Нахьлъэши Хьакъари афэгъэхьыгъэп... Турабэ къыуиlохэрэр пшlошъ умыгъэхъунэу сыфэягъ...

– Сыда ар озгъаlорэр, сшынахьыкl?..– Турабэ ичэщныкъо къакlо ыгу къэкlыжьэу, Рэдэд къыкlэщтагъ.– Мыхъун горэ дэплъэгъугъа, дэошlа?

– Хьау,– гуцафэ езгъэшlыщтыгъэ гущыlэ цыпэ зэхэмыугуфыкlыгъэхэу а чэщым къылъыlэсыгъагъэхэр Шыупащэ ыушъэфыгъэх,– урым хьакlэм тхьэхэмкlэ цlыфхэр егъапцlэх еlошъ ары.

– Зы Тхьэ нахь зимыlэмэ тхьабэхэр зэрямыкlасэр джыра зыпшlагъэр, сикlал? – Рампэси зэхихыгъэр ыгъэшlэгъуагъ.

– Арэп сэ зыфасlорэр, нан. Титхьэхэр къыдэгущыlэхэу Турабэ зэриlорэр ары.

– Ара зыфапlорэр? Ар lоф шъхьаф... Ахэмэ яlуи яшlи къытхалъхьэ, сикlал...

– Шыблэр къызэогъэ тичъыг пщыгъупшэжьыгъа? – Рэдэди къэгузэжъуагъ.– Ащ фэдэмэ уатемыгущыl, сшынахьыкl. Тызщыбэнэщт мафэр ошlунэу титхьэмэ Турабкlэ къызэрэтфаlопщыгъэр зэхэпхыгъэба?

– Турабэ къызэриlуагъэр зэхэсхыгъэ.

– Адэ джары,– Рэдэд ишlошъхъуныгъэ ыпэ итэу къыlуагъ, зыкlэгупшысыхьажьым, къэупчlагъ: – Сыда аущтэу зыкlапlорэр, пшlошъ хъурэба?

– Мэхъу, Рэдэд, мэхъу,– Турабэ итхьэ lоф къызэрэригъэжьагъэмкlэ Шыупащэ кlэгъожьэу, джа тхы бытымкlэ, ежь зэриlоу, титхьэмэ адэгущыlэкlи пшlэхэнэп, гукlэ ыlуагъ.

– Плъэгъун, сшынахьыкl, а мафэри ошlущт, Нахьлъэш цlэплъыми сытеклlощт.

– А сикlал, а Рэдэд, хэт а гущыlэр джэгуалъэ умышlы зэраlуагъэр? – Рампэс джыри ыкъо нахьыжъ емыгыин ылъэкlыгъэп, ау ащ пае къыгъэнагъэп нахьыжъми, нахьыкlэми нэшlукlэ аlугушlоныр.



Рэдэдрэ Нахьлъэшрэ зыщызэбэныщт пlалъэр къэсынкlэ зы мафэ къэнэжьыгъэу Айнарэ унэм къикlошъагъ. Алъэгъурэр зыфахьын зымышlэрэ зэшитlур ащ фэдэ къэкlуакlэр зимыхэбзэгъэ пшъэшъэ гъэкlэрэкlагъэм къыфэтэджыгъэх, Шыупащэ пхъэнтlэкlур фипхъотагъ, Рэдэд къыlуагъ:

– Къеблагъ, Айнар, къэтlыс.

– Тхьауегъэпсэу, Рэдэд, сыщытми хъун,– Айнар пхъэ пlэкlор натlэм дэжь уцугъэ.

– Пчъэlум уlутына, моу къэтlыс,– зэlугушlощтыгъэ нэбгыритlум ежь зэрямыщыкlагъэр Шыупащэ къыгурыlуи, унэм зэрикlыщт ушъхьагъу къыгъотыгъ: – Джыдэд сэ... шыр псы езгъэшъощт.

– Зэ, Шыупащ,– ыlэшхохэр зыдихьын ымышlэу Рэдэд къэгузэжъуагъ, тизакъоу унэм тыкъимын къыригъэкlэу нэкlэ Шыупащэ еубзэзэ, фигъэпытагъ: – Шымэ япсыегъэшъогъу къэсыгъэп!.. Сыд шъуикъэбар, Айнар?

– Зэкlэри дэгъу,– Айнарэ ынэкlушъхьэхэр къэушэплъыгъэх,– неущ узэрэбэнэщтым нахь lоф тиунэ илъэп... Анысэти сэри тегъэгумэкlы... Рампэси тадэжь щыl...

– Даур сыд ыlорэр? – ишъэогъу ыгу илъыр ешlэми, Рэдэд джау сыдми еупчlыгъ.

– Даур пшlэрэба зыфэдэр, неущ къэнэфэщт еlо.

– Зэрэхъурэмкlэ, пшынахьыжъ ицыхьэ къыстелъэп,– Рэдэд къыlуи, зэресэмэркъэурэр ригъашlэу, гукlэгъу нэплъэгъу шъабэкlэ гъунэгъу пшъашъэм lугушlуагъ, гугъуемылl-къыримыдзашъокlи къыухыжьыгъ.– Ашъыу, тызэрэзэбэныщтым ащ фэдиз къыбгъэкlы хъуна, ы-ы, сшынахьыкl?

– Адэ ары, нахьыжъ,– Шыупащи шlомыlоф фэдэу макlэу lущхыпцlыкlыгъ.

– Аущтэу шъоlомэ, Тхьэмэ аlуагъэр хъун...– Айнарэ зэхихыгъэм гугъэ горэ игущтэ къыхыригъэлъхьагъ, ау етlани мэкъэ ефэхыгъэ кlэщыгъэкlэ къыухыжьыгъ: – Къыобэныщтыр шитфымэ апеlэ аlуагъ, фэсакъ... Кlо, ащыгъум сэ сычъэжьын, нанэ тхъу сыфеон фае...

## V

Мэфэ бырсырым хэпшъыхьэгъэ шъхьэ онтэгъур шъхьантэм зэрэнэсэу хэчъыегъэ Рэдэд зэрэбэнэщтым игумэкl зэрэхэтым нахь мэкlагъэп Турабэ зыфиlогъэ мэфэ ошlум Шыупащэ зэригъапэщтыгъэр.

«Ащ фэдэу Турэбэ быт тхьэмэ алъытэмэ, зыфялъэІурэр къыфашІэмэ,– Рэдэд ижьыкъэщэ гупсэф Шыупащэ кІэдэІукІызэ еІо,– неущ къэлъэгъощт. Аущтэу хъугъэмэ дэгъугъэ, оен нахьи ошІумэ нахьышІу. Нахьлъэш цІэплъым ыбгъэ къыригъэпшэу зегъэкІочІэшхоми, Рэдэд текІощт. Ары Чэчани, Даури, Мэщыкъуи аІорэр. КІочІэ-къулайкІэ узщэгугъыжьмэ, ое-ошІу фэІуагъэп – джары Колэси зыкІиІорэр. Ау чылэ пашъхьэм зымафэ Турабэ зыфытеуцогъэ мэфэ ошІур къэмышъыпкъэжьымэ?.. СшІэрэп ащыгъум… ИжэмыІаныгъэ еунэхъулІэжьын…» – Шыупащэ зыфэсакъыжьмэ, Рэдэд зыдэщылъымкІэ фыреплъэкІызэ, джыри къэтэджи, шъхьаныгъупчъэм Іухьагъ, Турабэ щыгъупшэу гушІуагъэ – ошъогум жъуагъор изыбз!

Жъуагъохэр ынэгу зэрэкІэтэу Шыупащэ зэгъолъыжьым, Турабэ ыІорэр мэхъумэ, Рэдэд неущ Нахьлъэш тырагъэкІонэу титхьэмэ ярэлъэІу ыІомэ, ылъэгъугъэм кІэгушІузэ, ошІэ-дэмышІэу хэчъыягъ. Зэрэхъугъэри ымышІэу, зыгорэ къетІыргугъэ фэдэу къэущыгъ. Унэр мэзахэми, Рэдэд зыдэщылъ лъэныкъори, щагури, зэрэдунаеуи гупсэф. Шыупащэ джыри къэтэджи, лъэпэпцІыеу нэфынэ тІэкІу къызэрыпсэрэ шъхьаныгъупчъэм Іухьагъ: жъуагъомэ къахэмыхъуагъэмэ, ахэкІыгъэп. Мэзэ шъуашІоми шъхьэгъэщ гъэшІуагъэкІэ ошъочапэмкІэ зыригъэзыхыгъ, нэфшэгъо атакъэхэр чъыеныбэущ макъэхэмкІэ зэпэджэжьых, тыгъурыгъуми, нэмыкІми умышІэнэу чэщ бзыу гори къапэджэжьы.

– Сыд, сшынахьыкІ, узфэмычъыерэр? – зэмыжэгъэ макъэм Шыупащэ ыгу къыгъэлъэтагъ.

– Дунаир ошІущтмэ зэсэгъашІэ,– Шыупащэ зыкъишІэжьыгъ.

– Сыд адэ?

– Мэзагъо.

– Ара?

– Адэ! – Шыупащэ зигъэинызэ, шъхьаныгъупчъэм къыкІэрыкІыжьыгъ, гъолъыжьызэ, зышІомыдэеуи къыІуагъ: – Турабэ тыкІэнакІэ шъхьакІэ, Рэдэд, тэ зэрэтымыІоу щыт.

– КъыбгурыІуагъа джы?

– КъызгурыІуагъ,– фэмычэф шІагъоу Шыупащэ джэуап къытыжьыгъ, шІошъмыхъуныгъэ тІэкІу зэрэхэлъыри ымакъэ къышІухэщыгъ.



– ЗэрэхъурэмкІэ, сшынахьыкІ,– сэмэркъэукІэ Рэдэд къыдзыгъ,– сэ сиІоф нахьи Турабэ къыІуагъэм нахь уегъэгумэкІы.

– Аущтэу щытэп ар,– унэ мэзахэм къыхэмыщэу Шыупащэ къызэшІотІысхьагъ.– Сэ сІорэр пшІощхэнми, нанэ ыІорэр зэхэпхырэба, Турабэ шъуегъэапцІэ!

– Зэ, зэ, тэ зэрэтымыІоу Турабэ зыгорэу щыт хэта джыдэдэм зыІуагъэр?

– Сэры… Мэфэ ошІумкІэ ыІуагъэр къэшъыпкъэжьышъ ары…

– Адэ джары, сшынахьыкІ, тэри ащ ыІорэмэ загъорэ тызкІядэІурэр.– Рэдэд мэкъэ ефэхыгъэкІэ къызэриІуагъэр зыдишІэжьи, хигъэкІокІэжьыгъ: – Хъугъэ, Турабэ Іаджи ыІощт, ахэмэ зямыгъэгъап, чъые.

– Адэ сыда, нахьыжъ, Нахьлъэш цІэплъым утекІонэу ар титхьэмэ зыкІямылъэІурэр ?

– ЯмылъэІугъэнэу оІошъ ара?

– СшІэрэп ныІа?

– Титхьэмэ ямылъэІугъэмэ, тимафэ ошІу хэт къытфэзгъакІорэр? – Рэдэд къэупчІи, кІэгупшысысыхьажьыгъ.– Мэфэ ошІур НахьлъэшкІи сэрыкІи дэгъу, ти Тхьэмэ аІорэм узэрэшІомыкІыщтыри къызгурэІо, ау сицыхьэ зытемылъыжьэу къызщымыгъэхъу. Ахэмэ къысхалъхьэгъэ кІуачІэмрэ щэІагъэмрэ неущ сагъэушэтыщт. Сэ зыми, тихэгъэгу зыгу къыфэмышІумэ анэмыкІ, сепыигъэп. Нахьлъэш типчъэІупэ къыІухьэу Іогъу-шІэгъу сыкъимышІыгъэмэ, сэ сыщыхьагъэп. Теплъын неущ хъущтым, ти Тхьэми тыкъызэхашІыкІын, Тураби темыгъэджэнджэш, тыгъэчъый. Ухэмычъыежьышъущтмэ, сшынахьыкІ, садэжь къэгъолъ, пшъхьэ тІэкІу сыкъыхэуІон.

– Хьау, нахьыжъ,– къыраІуагъэр игопагъэми, апэрэ мафэхэм афэдэу ышнахьыжъ ыбгъэгупэ зыкІидзэ шІоигъуагъэми, Шыупащэ зигъэлІыгъ,– нанэ зэриІоу, титхьэхэр тыгу илъэу тычъыен. НэфлъэшІу къыокІу, зыгъэгупсэф, Рэдэд, зэкІэри дэгъу хъущт.– Шыупащэ жьи, пси къымыщэжьырэм фэдэу заулэрэ щылъыгъ, етІанэ зызэпыригъэзагъ, зыкъызэпыригъэзэжьыгъ, заулэрэ щылъыгъэу къэупчІагъ: – Очъыя, нахьыжъ? – зи зызэхемыхыжьым, зэрэхъугъэри зыдимышІэжьэу ІуилъэшъугъпечатьІ.

Мызгъэгум Рэдэд мычъыежьышъущтыгъэр. НахьлъэшкІэ, ТурабкІэ къыраІуагъэр игумэкІмэ алъэпсагъ нахь

мышӀэми, игупшысэ мыухыжьхэр бэмэ анэсыщтыгъэх. «Сыда Нахьлъэш щыхьагъу сыкъызкӀишӀыгъэр? – Рэдэд ынэхэр кӀэшъо бгыкъум етыгъэх, упчӀэм упчӀэр кӀэлъэкӀо.– ТитӀу яз раутыгъэу сэшы, сыд етӀанэ? – зыщымыгъозэ макъэ горэм иупчӀи къедысы: – «Укъэщтагъа сэӀо, Лаурстэныкъор?!» Хэт ар зымакъэр? Тян сӀонти, «Сыд къыохъулӀагъэми – уатекӀуагъэми къыптекӀуагъэхэми – пшъхьэ Ӏэтыгъэу утыгум къикӀыжь» – джары зымафэ къысиӀуагъэр. Тятэмэ шӀэ?.. Ащ фэдэкӀи нэмыкӀыкӀи тятэ къыздэгущыӀагъэу къэсшӀэжьырэп... Зэ, зэ, ар зымакъэр Нахьлъэш цӀэплъыр ара, хьауми Хьакъара? Сыда Хьакъарэ Нахьлъэш ыкъогъу къызыфыкъоджыкӀыщтыр, ащ иӀоф бэшӀагъэ, Турабдыхэм ячэу къуап зыщысыухыгъэр... «Аущтэу къыпщэхъуа?..» – джа мэкъэ дэдэр къеупчӀы, Нахьлъэш зэримакъэм, ары пакӀошъ, зэрищхы макъэм щэч хэлъыжьэп.

Хэшъэе пӀэкӀор пытэр ыгъэцӀацӀэзэ, Рэдэд исэмэгубгъукӀэ зызэригъэзэкӀыгъ, Шыупащэ къыгъэущыгъэмэ ыӀуи, дэӀуагъэ: унэ мэзахэр кӀым-сым, ежь игумэкӀ нэмыкӀ итэп. Шъхьаныгъупчъэм къипсэрэ нэфынэ макӀэм изэблэхъукӀэ нэфылъэ чыжьэр игъорыгъозэ чэщым зэрэтекӀорэр къыхэугуфыкӀ къодый. «БэнэнымкӀэ Нахьлъэш сыда къаигъэ сыкъызкӀишӀыгъэр? – Рэдэд игупшысэ зэпыугъэмэ апидзэжьыгъ.– ЫкӀуачӀэ зыдихьыжьыщтыр ымышӀэрэмэ, мышъэм ерэбэн, чъыгым ерэбэн, хьау ыӀомэ, сэщ нахь мыкъарыунчъэхэр Мыстхъакъуи, Шышъхьарыси, Ныбэжъи, нэмыкӀ чылэхэми адэсых. Ар сэӀо шъхьакӀэ, ащ ибэнэн Ӏоф сэркӀэ къежьагъэп, лӀыпкъым зэреуцоу тятэ къебэн шӀоигъоу къыфаригъэӀопщыщтыгъэу къаӀожьы, ау сэщ фэдэу пӀалъэ фигъэуцугъагъэу зыми къышӀэжьырэп. ЗэрэхъурэмкӀэ, Нахьлъэш цӀэплъыр непэп пщыфалӀэ зылӀэрэр. Джы къызгурэӀо къыздизыгъэр сымышӀэу къушъхьэ лъагъохэмкӀэ зыкъызкӀысӀуигъакӀэщтыгъэр, «тыгъугъэм нахьи нэфагъэм нахь шъыпкъэ хэлъ, тазыфагу лъы хые дэлъынэу сыфаеп» къызкӀысиӀощтыгъэр. Нахьлъэш зыкъызэрэтщигъэхъурэмрэ зыкӀэхъопсырэ гухэлъ шъэфымрэ благъэу зэкӀуалӀэхэрэп. Сэрэп, къосэгъу пщыцӀэр зыхьырэ Лаурстэныкъо Рэдэд ары ащ ищыкӀагъэр... Зымафэ Чэчан сыригъэбэныззэ, Колэс ар къызысеӀокӀым сыщхыгъагъ шъхьакӀэ, зышъхьэ къыпфырамыхыпэрэм, ежь зэриӀоу, шъыпкъэ горэ зэрэхэлъым ухэгупшысыхьэмэ нахьышӀу...» – къыраӀорэми къыраӀокӀырэми иакъыл зэранэмысыщтыгъэм Рэдэд ышъхьэрэ ыгурэ зэрагъэбгъэжьэу зызэригъэзэкӀыгъ.

Адырэ дэпкъымкӀэ Шыупащи зыщызэпыригъэзагъ, чэщ бзыу гумэкӀым ымакъи зэпыугъ. Атакъэхэр зэлъэӀох, нэфылъым пэгъокӀых. Ардэдэм Рэдэд инэплъэгъу Айнарэ къыкӀэтэджагъ, итыгъосэрэ къэкӀуакӀи игуапэу ыгу къэкӀыжьыгъ, ӀугушӀукӀмэ зыфэсакъыжьызэ, джыри зэ нахь шъабэу зызэпыригъэзэжьыгъ. ӀэшӀоу, ӀэшӀоу джыри Айнар ыгу къыпылъэдагъ. «Икъун, тянэ ыӀу-мыӀоми, илъэс тӀокӀырэ тфыри макӀэп, шъхьэзэкъо щыӀакӀэм зыгорэ епэсыгъэн фае... Байкол шыу шъитфымэ язэхэщэн гъэмэфэ мэзищым тыухымэ, тиӀофхэр зэрэхъухэрэмкӀэ, а пӀалъэм шӀокӀыщтэп, бжыхьэм тшъхьэ теусэн, тяни дгъэгушӀон...» – джа гупшысэ ӀэшӀумэ Рэдэд ахэтзэ хэчъыягъ.

Нэфынэ шъабэр зынэгушъхьэ теджэгукӀыгъэ Шыупащэ къэущыгъ, Рэдэд дэжькӀэ плъагъэ, зичъые Ӏужъу хэтым пымылъэу зифапи, пчъэ макъэ ымыгъэӀоу унэм икӀыгъ, пчэдыжьыпэ ошӀум зэрэхаплъэу Турабэ шӀукӀэ ыгу къэкӀыгъ, къушъхьэ къуапэм къыкъоплъыщтыгъэ Тыгъэ-Тхьэшхом ыӀэ фыдиӀэтаий елъэӀугъ:

– Я си Тхьэшху, мафэкӀэ укъытфакӀу, Рэдэд Нахьлъэш цӀэплъым тегъакӀу.

– Шъукъэтэджыжьыгъа, сикӀал? – пхъэ щэлъэшхом щэр изэу къэзыхьырэ Рампэс къэджагъ.– Тэ щыӀ адэ пшынахьыжъ?

– Лъэшэу умыгущыӀ, нан,– Шыупащэ лъэгуцым ечъэхи, янэ щэлъэ къопсыр диубытыгъ,– Рэдэд мэчъые.

– Мэфэщэджагъо хъужьыгъэуи? – гумэкӀ нэгукӀэ Рампэс шъаом Ӏуплъагъ, етӀанэ ежь зэнэгуещтыгъэмкӀэ упчӀэ-джэуапи зэритыжьыгъ: – Чъыен адэ нычэпэрэ чэщым гумэкӀыгъэщт...

– Хьау, нан, ащ фэдэ Ӏоф щыӀэп.

– Ара? – Рампэс ынэгу гушӀопс фабэр рычъагъ, ардэдэм ышъуи зыкъызэблихъугъ: – КӀэсэ тэджыр ихэбзагъэпышъ ары... Тхьэ къысауи, зыгорэ илажьэмэ шӀэ?..

Шыупащэ нэмыз-Ӏумызэу янэ Ӏуплъагъ, Рэдэд зэрылъ унэмкӀэ плъагъэ, нычэпэ зэрэзэдэгущыӀагъэхэр ыгу къэкӀыжьэу зыкъиушӀэжьыгъ:

– Нан, мэчъые сІуагъи, сыда имыщыкІагъэхэр пшъхьэ къызфибгъахьэрэр!

– Непэба пшынахьыжъ зыбанэрэр?

– Нахьлъэш цІэплъыр ипІалъэ емыпцІыжьыщтмэ, неп.

– Сыда ащыгъум кІэгъожьыгъ пІонэу, кІыхьэ-лыхьэ зызыкІыригъэшІырэр? КІо, сикІал, къэгъэтэдж. УемытІыргу, ылъэхъомбэжъые узэрэнэсэу къэущыщт.

– Сыда шъузфызэдаорэр? – Рэдэд мыгузажъоу, ыІэпкъ-лъэпкъыхэр зэкІищэ, лъэгуцым къытехьагъ.

– Укъэтэджыжьыгъа, сикІал? УиІоф тегъапэ.

– Узымыгъэпэн Іофыр пшъхьэ имылъхьажь зыІощтыгъэр хэт, тян?

– Уят, сикІал, уят,– ным зэхихыгъэр игуап, игуапэуи къыухыжьыгъ: – Непи ар зэрэпщымыгъупшагъэр сигуапэ. Модэ ти Тхьэшхо шІуфэс ех, угу илъыр еІу.

Шъырыт-шъэбагъэр къебэкІэу Рэдэд ынэгу тыгъэм фигъэзагъ, ыІэхэр диІэтэягъэх, джа дэдэр яни ышнахьыкІи ашІагъ.

«Я си Тхьэ,– ошъочапэм къыдэсыерэ тыгъэм Рэдэд гукІэ елъэІу,– непи, адырэ симафэхэм афэдэу, унэшІу къысщыф, уигукІэгъу сшъхьащымых, о зыр арышъ сикъотэгъур, уилъэшыгъи уизэфагъи схэгъэлъ, уишІэ зыхэлъэу чІылъэмкІэ къытфэпІопщыгъэ тхьэхэми сащымыгъэгъупш. Олъэгъу, усишыхьат – сэ зыми ыгу хэзгъэкІыгъэп, мыхъун есшІагъэп. Хьакъарэ къаигъэ тыкъимышІыгъагъэмэ, ащи аущтэу сыдемызекІоныкІи мэхъу. КъызэрэппэгъокІэу пэгъокІыжь пІуагъэти, тхьэмэ лІыкІо къытфашІыгъэ ТурабкІэ сыкъызэкІэкІуагъэп. Нахьлъэшрэ сэрырэ тиІоф зытетыр, сегупшысэшъ, къызгурыІорэп. Сипыеп, сишІоп, ыгуи шІу къысфилъэп. Араб сатыушІэмэ уазэрэдэзекІуагъэр тэрэзэп зесэІом, тимыдинэгъухэм аришІагъэм уишІэ хэлъыгъэу къысиІожьыгъ. Аущтэу Іофыр щытмэ, сшІэрэп ащыгъум... ТичІыгу-хэгъэгу щэн-щэфэнкІи, зекІо-къэкІухьэкІи тимыдинэгъубэхэр къытфехьэх... Зэфагъэр, гукІэгъур... Сыдэущтэу хъущтых ахэр?.. Къысфэгъэгъу, сыкъызэхэшІыкІ, си Тхьэшху, сымытэрэзмэ!.. Ау имыер атезыхырэм фэсыдэщтэп. Непэ къысэбэныщт Нахьлъэш бэкІэ сэщ нахьи зэрэнахь кІочІэшхор сяни, сшынахьыкІи, джа пшІэрэ сигупсэ пшъэшъэжъыеми, синыбджэгъу-шъэогъухэми, Колэс тхьамэтэ мафэм щыкІэкІыжьэу, ашІосэушъэфми, ар оркІэ сфэшІэщтэп, цІыфыгъэрэ зэфагъэрэ, кІуачІэрэ пытагъэрэ къысхалъхь. ЗищыІэныгъэ къосэгъу чІыгум фэзгъэтІылъыгъэ сятэ къысфыщинэгъэ пщыгъор Нахьлъэш сфетышъущтэп. АщкІэ сыкъызэхэшІыкІ, си Тхьэшху!» – Рэдэд гукІэ нахь псынкІэ хъугъэу ыІэхэр къыридзыхыжьыгъэх, ар бэшІагъэу зышІэгъэ Шыупащи риІуагъ:

– Олъэгъуа, сшынахьыкІ, Турабэ шъыпкъаІоу къычІэкІыгъ...– Іофы зыримыгъэшІ фэдэу шІэхэуи къыпигъэхъожьыгъ: – НекІо, псынэпс чъыІэ пхъэчаим из тэгъашы, сІэпкъ-лъэпкъхэр зэкІезгъэутыщтых. ЕтІани сыд Колэс тхьамэтэ мафэм къытиІорэр?

– ЫгукІи ышъоcríІи къабзэу бэнакІор утыгум ихьан фае еІо,– Шыупащэ къыриІожьызэ, ышнахьыжъ ыуж итми, Колэси, Рэдэди щигъэгъупшэу, Турабэ шъхьэм икІырэп.

– ЗыжъугъэшІэх, шъуипчэдыжьышхэ учъыІыжьыщт,– Рампэси ыкъомэ алъэджэ.

– Шъоупсым нэмыкІ непэкІэ пчэдыжьышхэ сиІэп,– Рэдэд къызэреІокІы.

– А уигъусэр? Шыупащи къыбдэбэнэщта? – къызхимыгъэщырэ гумэкІым ныр зэредзэми, нэшІукІэ ыкъомэ акІэлъэплъэ.

– Мыра? – Рэдэд зыкъызэрегъэзэкІышъ, ышнахьыкІэ ыблыгу чІефызэ.– Бэнэшъущтмэ, орэбанэ. Ау пчэдыжьышхэм зыхерэмыгъэн, сиІахь гуигъэхъожьми, сигопэщт.– Шыупащэ ошІэ-дэмышІэу чІым къытырепхъотышъ, пІэтІэраозэ ыблыгучІэ чІэлъэу псынэмкІэ ехьы.

Шъхьэшхо-пкъышхор пхъэчаипсым чІигъаозэ згъэпскІыфэ, пхъэчай къогъум къотэу зефэпэжьыфэ, янэ къыфызэхишІыхьэгъэ шъоупс апсым ешъофэ, егъэзыгъэкІэ Шыупащэ агъэшхэфэ, онэшхэр зэтырагъэпсыхьэфэ Рэдэд ибэнэн гумэкІ къызхигъэщырэп. Ау бгъэшхъоогъур къэблагъэ зэхъум, зыфэщыІагъэп:

– Нахьлъэш цІэплъыр кІэгъожьыгъа? Амакъи, алъакъи къэІурэп.

– Тадэжь къыІухьащтха? – Шыупащи гугъуемылІ фэдэу ишыныбэпх кІикъузэзэ, къэупчІагъ.

– Сыд пае тадэжь къыІухьаных,– Рэдэд ионэш зэрэхьазырыр къырыпшІэнэу ишхомлакІэ шышІоІум шІуидзагъ: – бгъэшхъоогъур типІалъэмэ, къысфарэІопщ, сэ зыми

бэнакIо сыфэкIуагъэп. Тэ тызэрэхьазырыр ралъэгъунэу уионэши шышIоIум къышIуадз. Хэта мохэр? – шыуиплIыр къыздикIырэ лъэныкъом Рэдэд плъагъэ.– ТIур Чэчанрэ Даурырэ, адыритIур Нахьлъэш цIэплъым илIыкIохэкIэ сэгугъэ.

Шыуиплlыр къэлапчъэм къыIухьагъ, Чэчанрэ Даурырэ къепсыхыгъэх, адыритIур шыбгым зэрисхэу нахьыжъым къыIуагъ:

– Ухьазырмэ, Лаурстэныкъор, къэшэс! Уикъэмышэсыкlэ тинахьыжъ зыфихьын ышIэрэп.

– Бгъэшхъоогъур къэсыгъэу шъоIошъ ара? – гукIэ щхыпцIызэ, Рэдэд уашъом дэплъыягъ.– Тишхэр псы ешъуахэмэ, тыкъэкIощт.

– Тыкъыожэщт! – лIыкIо нахьыжъым къыпиупкIыгъ.

– Сыд пае шъуежэн,– лIыкIомэ акIыб Колэс къыдэджыкIыгъ,– зишыIупIэ аIыгъэу зэращэрэмэ Лаурстэныкъо Рэдэд ащыщэп. КъышъуаIуагъэр жъугъэцакIэ.– Мыстхъакъо лIыкIохэр гъогу къэгъэзэгъум зыкъохьажьхэм, Колэс къыIуагъ: – Джы къэшэс, Рэдэд.

Рэдэдрэ Шыупащэрэ яшыIупIэхэр аIыгъэу щагум дэкIыгъэх, онэбг зызашIым, зи къэзымыIоу лъэгуцым тетыгъэ Рампэс нэшIукIэ фыреплъэкIхи, Колэс тхьаматэм ыуж ихьагъэх.

Заулэрэ кIуагъэхэу Колэс къызэупчIэкIыгъ:

– Шъукъыздикlыгъэм, Даур, сыд щыкъэбар?

– Мамыр, ау къызэфэсыгъэхэр, Нахьлъэш цIэплъым фэшъхьаф, текIощтым егъапэх.

– Зэхэоха, Лаурстэныкъор,– имыхэбзэ мэкъэ ихыгъэкIэ Колэс джыри къызэджэкIыгъ,– къыптекIогъахэкIэ Нахьлъэш елъытэ, уемыбэныжьми хъущт. Адэ, сигъунэгъу, зи къапIорэпи?

– ЗыкIуачIэ уасэ фэзымышIыжьырэм ежь зыреутыжьы зыIуагъэр орба, Колэс? – тIэкIу тыригъашIи, лIыжъым Рэдэд еупчIыжьыгъ.

– СэрынкIи мэхъу, ау шъыпкъэр сыдигъокIи шъыпкъэу къэнэжьы,– Колэси джэуапынчъэп, шыуищым азыфагу дэт нахьыжъым еупчIыгъ: – Арба, ГъучIыпс?

– Ары, Колэс, ары,– шым тегъэкIэгъэ ГъучIыпсэ лIыжъыми зэреупчIыгъэхэр игуап,– шъыпкъэр пкъэу, пцIыр цIэнлъагъо аIо. Шъыпкъэр ипкIын плъэкIыщтэпышъ, пкъэум фагъадэ, пцIым сыд фэдэ лъакъо кIэбгъэуцуагъэми, зэхэфэжьы. Сэри мары, мы шым сэр-сэрэу сыкъешэсыгъ сIокIэ, сиIоф зытетым шъущыгъуазэу, шъушIошъ хъуна? Сыкъемыфэхмэ, сыкъырахьыхыжьы. А-ей, сикIэлэгъуделагъэрэ силIыгъэ-мылъахъэрэ тыдэ къисхыжьын! Хэт ГъучIыпсэкIэ заджэхэу, сэщ нахь бэнэкIошхоу Мэзыбэ дэсыгъэр, Мыстхъакъуи зэрахэтыжьэу, тишъолъыр исыгъэр? Зэхэоха, ТIатIыхъу? Сыгу иныбжьыкIагъ непэ сыкъэзгъэшэсыгъэр. Зэхэоха, Лаурстэныкъор? Уятэ ихьатыр, о уихьатыр непэ сыкъызфэшэсыгъэр, сыкъэмыгъэукIытэжь!

ЛIыжъ шыумэ ауж ит шыу нахьыкIэхэр зэплъыгъэх, къызэплъыжьыгъэх, мыхъун гущыIэ къызыIэпагъэзы пакIошъ, зы щхы макъи къызхагъэIукIыгъэп. Агъэбэнэнэу ащэрэр мы Рэдэд пIонэу ишъэогъу Чэчанрэ Даурырэ азыфагу дэт, ахэмэ кIэкIэу яшыкIэпыгъащэр – Шыупащ.

Чылэм зыдэкIхэм, Мэзыбэрэ Мыстхъакъорэ азыфагу щагъэнэфэгъэ Къурай шъофым цIыфыбэ щалъэгъугъ – лъэсых, шыух, бзылъфыгъэх, хъулъфыгъэх, нэмыкIхэри бгъуитIукIи къарыкIыщтыгъэх.

Мэщыкъо икуп Колэсдыхэм къапэгъокIыгъ, Рэдэд ишыIупIэрэ илъэрыгъыпсырэ апэ къэзыубытыгъэри, Шыупащэ зэхыригъэхэу къезыIуагъэри Тураб:

– Ти Тхьэшхо мэфэшIу къытфихьыгъ, зиусхьан, тиIоф къикIыщт.

– Зыкъэогъэгужъо, Лаурстэныкъор! – мыстхъакъохэр къызэтэкъокIыгъэ Нахьлъэш къыдзыгъ, ытэмэ плIэмыешхохэр дидзыягъэх, къыридзыхыжьыгъэх, шъхьэшхори пшъэм шIуигъэчэрэгъухьагъ.

– Ошъогум иплъыхь, бгъашхъохэр ислъагъохэрэп,– Рэдэди фидзыжьыгъ.

– Сыд ащкIэ къапIомэ пшIоигъор? – Нахьлъэш инэплъэгъу къыридзыхыжьзэ, къэупчIагъ.

– Бгъэшхъоогъур типIалъэшъ ары.

– Ухьазырмэ, Лаурстэныкъор, сыд бгъашхъомэ тызфяжэжьыщтыр! – Нахьлъэш итыгъужъышъо джэдыгу пIокIэ шхъуантIэр ыплIэIу зыредзым, бгырыпхыпIэм нэсырэ пкъы пцIанэр къычIэщыгъ. Iэпкъ-лъэпкъышхор зылъэгъугъэхэм «ар сыд шъыу!» аригъэIуагъ.

– Зэ, зэ, Нахьлъэш! – утыгур зэлъызыубытэу къыхьэрэм Колэс пэгъокIыгъ.– Iофыр аущтэу щытэп.– Бэнэным хэшIыкI

фызиӀэ шэситӀу бгъуитӀумкӀи тищыкӀагъ. Сэ Лаурстэныкъо Рэдэд зиусхьаным сыришэс. УалъэныкъокӀи шэс къэгъэуцу.

– Къодан! Къызгоуцу! – гугъуемылӀ-фэмыфэу Нахьлъэш зэджэкӀыгъ, лӀы Ӏэпс-лъэпс ищыгъэ горэ къыгоуцуагъ.– Сыд джыри, Колэс?

– ӀэжэкӀо тфырытф джыри бгъу зырызымкӀэ тищыкӀагъ.

– Лаурстэныкъом дагъо иӀэми сшӀэрэп, тхьамэтэ маф,– Рэдэд зэхыригъэхэу Нахьлъэш къыӀуагъ,– сэ сыкъызэкӀэкӀмэ, нэбгыритфыкӀэ сыпфэӀэжэнэп, нэбгырипшӀ Ӏо!

– О куп, Нахьлъэш ишӀоигъуагъэкӀэ бгъуитӀумкӀи нэбгырэ пшӀырыпшӀ къызхэжъугъэкӀ. Джы, Къодан, о моу къызгоуцу. ТибэнакӀохэмкӀэ зэфагъэ тхэлъынэу ти Тхьэшхо ыпашъхьэ орырэ сэрырэ тхьарыӀо щытэшӀы. Сэ къасӀорэр мы щытмэ зэхахэу къыкӀэоӀотыкӀыжьы. Шъо, нэбгырэ тӀокӀым, тӀуагъэр къыкӀэшъоӀотыкӀыжьы.

– ЗемыгъэукӀыхь!..– зыфэмыӀэжэжьэу Нахьлъэш цӀэплъыр къызэӀычыгъ.

– Джы утыгум шъукъикӀуат,– къыфадзыгъэм Колэс пымылъэу бэнэкӀуитӀур зэрещалӀэ,– тызэрэшъоупчӀыщтым иджэуап зырызэу, щытмэ зэхахэу къыкӀэшъуӀотыкӀыжь. Узэбэныщтым лые репхынэу Ӏэшэ нэгъуаджэ пӀыгъа, Рэдэд?

– Сызэбэнышт Нахьлъэш лые ресхынэу Ӏэшэ нэгъуаджэ сӀыгъэп.

– Узэбэныщтым лые репхынэу Ӏэшэ нэгъуаджэ пӀыгъа, Нахьлъэш?

– Сызэбэныщт Рэдэд лые ресхынэу Ӏэшэ гъэбылъыгъэ сӀыгъэп.

– Зэфагъэрэ гукӀэгъурэ шъуазыфагу дэлъэу непэ шъузэрэзэбэныщтымкӀэ ти Тхьэшхо ыпашъхьэ тхьарыӀо щышъушт. Джы шъуитхьарыӀо шъугу илъэу утыгум шъущызэпэуцу. Шъузэбэн зысӀокӀэ, ешъогъажьэ, утыгу гъэтхъыгъэм шъуикӀырэп. Шъузэрэзэбэныщтым пӀэлъэ гъэнэфагъэ иӀэп. Апэ блэбгъухэр чӀыгум хэзыгулӀэрэр текӀо. Шъузэбэн! ТхьарыӀор зыукъорэр ти Тхьэшхо зэригъэпщынэщтыр джыри къышъоӀосэӀо.

Джыры ныӀэп, Колэс зэрэфигъэпытэгъагъэу, бэджэшъо джэдыгу пӀуакӀэр Рэдэд зызыщихыгъэр. Шыупащи ар псынкӀэу къыпхъотэжьыгъ. Джэдыгум къычӀэкӀыгъэ пкъыр, Нахьлъэш ием фэдэу бгъэцэ-пырацэу щымытыгъэми, нахь цӀыкӀугъэп, ау аныбжьыкӀэ зэпэчыжьагъэх. Ащ елъытыгъэу аӀэпкъ-лъэпкъыхэри зэхэлъыгъэх, ятеплъэ-Ӏуплъи зэфэшъхьафыгъэ.

«Сыд мышъэ пырац мы цӀэплъыжъыр»,– кӀэнакӀэми, щэщтэми зыдимышӀэжьэу Рэдэд ыӀуагъ, гукӀэ щхыпцыгъэ. «Сэ къысэлъытыгъэмэ, мыр джыри пэщыныцӀ, ыӀапшъи, ыбгъашъуи, ытэмэпкъышъхьэхэри джашъох, къысэбэнынэу къызфеуцолӀагъэр сшӀэрэп нахь...» – зэрэкӀэнакӀэрэр Нахьлъэш ышъо къыхэщэу Рэдэд ӀущхыпцӀагъ. «ЦӀэплъыкӀэ сыда мыщ зыкӀеджэхэрэр,– Ӏэ щэигъэ къэгъэщыгъэ гъумхэмкӀэ зыкӀэримыгъахьэу, зэкӀакӀомэ дырекӀокӀымэ, утыгур риуджыкӀызэ, Рэдэд еӀо,– кӀыфыгъэ чъэкӀыгъэ нэмыкӀ ынэгу кӀэслъагъорэп. Муары, ыпэ чӀэгъи, ыжэпкъи, ынатӀи шъорэкӀ опӀэ закӀ, ытхьакӀумэхэр цӀыкӀужъыех...»

– Лаурстэныкъор, сыд укъызыфэмыбанэрэр? – Нахьлъэш лъэубабэзэ, зынэзымыгъэсырэм еджэ, мэкъэ зэхэо мыразэкӀэ игъусэхэми къыдырагъаштэ: – Укъэщтагъэмэ, утыгум икӀыжь!

– УлӀымэ, сыкъэубыт! – Рэдэд къызэтеуцо, Ӏэпшъэцэ ӀэшхомкӀэ Нахьлъэш цӀэплъыр зытхъокӀэ, мыдырэм бгъукӀэ зыӀуещэикӀышъ, шъхьэмрэ пкъымрэ фэмыгъэӀорышӀэжьэу лъэгонджэ-бгъашъокӀэ зызыдзыгъэр зэхэфэ, ардэдэм Рэдэд къызщыпшыжьырэм зытыредзэ, ау ыкӀыб илъэу къеӀэты, Мэзыбэмэ апсэ Ӏузыгъ, бзылъфыгъэхэр къэзэрэгъэкууагъэх. Айнарэ ымакъи зэхихыгъэ фэдэу Рэдэд къыщыхьугъ, ар къызди Ӏукӏыгъэмкӏэ плъэным иӀоф тетэп – мыстхъакъомэ къызэкӀагъаплъэрэ Нахьлъэш къыфедзы:

– КъыбгурыӀуагъа джы, Лаурстэныкъор, укъызысыубытыкӀэ, узэрэсӀэкӀэмыкӀыжьыщтыр?!

– КъызгурыӀуагъ, уакӀыб сызибдзышъукӀэ!

– ЛъакъохэмкӀэ, Рэдэд,– зыхэтмэ Чэчанэ къахэкуукӀыгъ,– ыцэгэнэлъэ-ныбэ пыубытыкӀ, жьы къемыгъащ!

– Ужэ Ӏыгъ! – Къоданэ Чэчанэ фэгубжы.– КъемыӀожь!

Нахьлъэш цӀэплъым Рэдэд ыӀитӀу ыбгъэ щиӀыгъэу заулэрэ утыгум зыщигъэчэрэгъугъ, ыплӀэӀу илъыр федзыхышъугъэп. Жьыр фэмакӀэ зэрэхъурэр зызэхешӀэм, ыцэлышъхьэ зеригъэшхызэ, къеӀушъэшъагъ:

– Сцэгэналъэхэр зэхэокӀыкӀэх!..

– Сэ сӀэми укъяшӀушӀэрэп!..– Рэдэд фидзыжьыгъ, нэплъэгъу закъом бзылъфыгъэ купмэ Айнари ахилъэгъуагъ.

– Ара узхэхьагъэр! – зэкӀэми зэхаригъэхэу джы Нахьлъэш къыхэкуукӀыгъ, къызызтыридзынэу зигъэчэрэгъугъ шъхьакӀэ, ошӀэ-дэмышӀэу къызэтеуцуагъ, лъэгонджэмышъхьэкӀэ зызэхэтӀысхьэм, Рэдэд ылъакъохэмрэ ыӀэхэмрэ бэлэрэгъыгъэ къахэфагъэу зегуцафэм, кӀыбыкӀэ зигъэукӀорэизэ, зыкъыӀэкӀиути, чэтыу зэпырыгъэзэгъу шӀыкӀэкӀэ ыкӀыӀу зишӀыгъ, ышъхьэшыгу якӀэри къелэлэхэу, ынэхэри къилыдыкӀэу риӀуагъ: – Уашъори сишыхьатэу, къытихьылӀагъэхэми янэрылъэгъоу блэбгъуитӀу чӀыгум зыхэсымыгулӀэкӀэ сыцӀыфэп, сшъхьэшыгу якӀи сэупсыжьы.

– Мыра?! – Рэдэд къыӀутакъоҳтыгъэ якӀэ шъхьацхэр зыӀуипщыкӀыгъэх, чӀым тырикъузэщтыгъэ блэбгъуитӀур зэфищи, чӀым егъэкъугъэ тхыр къыздигъэӀэпыӀэзэ, ыӀэ пытэ-лъэкъо пкъыехэмкӀэ Нахьлъэш къызтыриӀэтыкӀи, къызшъхьэщидзыгъ, тӀури, нэрэ-Ӏэрэ азыфагум, алъакъо теуцожьыгъэх.

Апэрэ егъэжьэгъум Рэдэд зызэришӀыщтыгъэм фэдэу, джыри Нахьлъэш фызэкӀачъэзэ жэхэкӀуатэу, утыгур къыречъыхьакӀы. Нахьлъэш зызэригъазэрэмкӀи, зэрэӀабэрэмкӀи, иплъакӀэкӀи кӀочӀаджэ зэрэхъурэр къыхэщы, Рэдэд имызакъоу, щытхэми гу лъатэ. «Джы Колэс илъэгонджэ чӀао игъо къэсыгъэкӀэ сэгугъэ» – Рэдэд ыӀуагъ, къызэтеуцуагъ. Ежь зэриӀогъагъэу, зышъэ икӀыщтыгъэ Нахьлъэш цӀэплъым зыкъызидзыщтымрэ Рэдэд илъэгонджэ чӀаорэ зэтефи, къехъулӀагъэр ымышӀэу Нахьлъэш чӀым шъхьачэкӀэ тефагъ, мыдырэми зытыридзагъ.

ЗыӀэкӀэзыубытагъэм ыӀэ пытэхэмкӀэ, лъэкъо гъэчъыгъэхэмкӀэ, жьыкъэщэ шъырыткӀэ зэрэӀэкӀэмыкӀыжьыщтыр Нахьлъэш зэхишӀагъ, мэкъэ гъэшъхъыгъэ макӀэкӀэ къэлъэӀуагъ:

– СымыушъхьакӀу... О джыри укӀал...

– ЛъэӀукӀэ сятэ къысфыщинэгъэ пщыгъор ястырэп, Нахьлъэш! – Лаурстэныкъо Рэдэд зиусхьаным Нахьлъэш ыблэбгъуитӀу чӀым хигулӀагъ, Къоданрэ Колэсрэ аӀэ къэӀэтыгъэкӀэ ар къаушыхьатыгъ.

ЫпакӀэ ланлэу Нахьлъэш цӀэплъыр къэтэджыжьи, утыгум Рэдэд къыфилъадэщтыгъэхэр Ӏэ дэдзыегъукӀэ зэтыриӀэжагъэх:

– Зэ шъубыяу! Лаурстэныкъо Рэдэд зиусхьаныр янэрэ ятэрэ лӀэу къалъфыгъ, кӀочӀэшху! Шъхьэ шӀотыжьмэ, ар къосэгъухэмкӀэ пщы тфэхъущт! – гушӀом зэлъиштэгъэ цӀыф макъэмэ захигъащэу Нахьлъэш Рэдэд фидзыгъ: – КъысэпшӀагъэр къыпфэзгъэгъунэу умыгугъ...

– Сыд сэӀо, зиусхьан, а къобэ-бжъабэм къыуиӀощтыгъэр? – шыухэр Мэзыбэ къызыщыдэхьажьыщтхэм, джы нэс зи къэзымыӀощтыгъэ ГъучӀыпсэ лӀыжъыр къэупчӀагъ:

– Джа зэхэшъухыгъэр ары, нахьыжъ.

– Къызэрэпщытхъущтыгъэр, сэ сизакъоп, зэкӀэми зэхахыгъэ,– зэмыгупсэфылӀэщтыгъэ джэуапым ГъучӀыпсэ къыпидзэжьыгъ,– джа птамэ къызытеуӀэ ужым, зыгорэ къыпфидзыжьыгъагъэ фэдэу къысщыхъугъ...

– Ы-ы, ара зыфапӀорэр, ГъучӀыпс? – Рэдэд къыриӀожьыщтым тӀэкӀу зыригъэукӀыхьыгъ, ау ышъхьэ фырихыгъэп: – УкъысэтхьагъэпцӀэкӀыгъ ыӀуагъ.

Колэс зэхихыгъэм, рырэзэ-рымыразэмэ умышӀэнэу, къызэригъэплъэкӀыгъ. Рэдэд псынкӀэу шъхьэр зэрэриуфэхыжьыгъэм Шыупащи гу лъитагъ.

– Ара сэӀо...– джыри ГъучӀыпсэ лӀыжъым тӀэкӀу тыригъашӀи, кӀэгурымыхьажьыгъ.

– Адэ сыдына, ГъучӀыпс! – ТӀатӀыхъуи зыщымыгъозэ къэбарым шъхьащиӀулӀэжьыгъ.

– Сышъоплъышъ, кӀалэхэр, шъуфэмыф,– джы Колэс къызэджэкӀыгъ.

– Сыд, тхьамэтэ маф, угу къызэрэтабгъэрэр? – Мэщыкъо къэупчӀагъ.

– Елбэт, Шыупащ, гушӀуапкӀэр мыхэмэ къашӀохь.

Шыупащэ зигъэсысыгъэп.

– Узфэмычъэрэр сыд! – шъаом игулъымытэ Чэчан ыгъэшӀэгъуагъ.

– Колэс тхьамэтэ мафэм ыӀуагъэмэ, нанэ дэжь сычъэми хъун,– зышӀомыдэеу Шыупащэ къыӀуагъ,– ау тызэгъусэу тызэдыдэкӀыгъэмэ, тызэдыдэхьажьыныр нахь сшӀотэрэз.

– Джащ лӀы хэкӀыщт, ы-ы, ТӀатӀыхъу?

– ИшытесыкӀэкӀэ къэошӀэ, ГъучӀыпс! – джыри ТӀатӀыхъу къыпиупкӀыгъ.

ЛӀыжъмэ аӀорэр Рэдэд зэхихыщтыгъэп – Ӏэпкъ-лъэпкъым щызэбгырычъыгъэ фэбэпсым ынэгу пшъыгъэ къызэлъигъэнэфыгъ. Джыдэдэм, адырэ мафэмэ афэмыдэу, Айнарэ ыгу къыпылъэдагъ.

## VI

– Сыд шыуха чылэм дэтхэр? – Нахьлъэш щагум къыдахьэщтыгъэ Къоданэ «къеблагъ» риIоным ычIыпIэкIэ еупчIыгъ.

– Мэзыбэ шыухэр ара зыфапIорэр? – къыхьыгъэ къэбарым фэхъущт кIэухым ыгъапэу, адыгэгъэ-цIыфыгъэ къеблагъэр къызэрэпимыгъохыгъэри зэримыпэсыжьэу къеупчIыжьыгъ.

– СишIэ зыхэмылъхэм сыд зэрафэрэр?

– БайколылIыхэр дзэм хащэх.

– Лаурстэныкъор ягъуса?

– Ахэслъэгъуагъэп.

– Зэрипэсыжьырэп...

«Къосэгъумэ джы пщы шъыпкъэ уафэхъугъэу адэ зэппэсыжьынэп...– шъугъомрэ гухьэ-гужъыгъэмрэ зэхастыхьэу Нахьлъэш къыIуагъэм ежь-ежьырэу джэуап ритыжьыгъ, ыблэбгъуитIу чIыгум зэрэхагулIэщтыгъэри ыкIыIу телъыгъэр къызэрэIущхыпцIэщтыгъэри инэплъэгъу къыкIэуцожьыгъэх, ау пкъым зыкъыхэзыпхъотыкIын езгъэжьэгъэ хэщэтыкIыр зыхиушъэфэжьын ылъэкIыгъ.– Джыри цIынэ, сызэрэфаеу сыуфэщт сIуи, сыхэукъуагъ. ЫчIэгъ сызычIэфахэм, хъущтыр хъугъахэу, сыд сызфелъэIужьыгъэр! «Сятэ къысфыщинэгъэ пщыгъор лъэIукIэ ястырэп...» Сфэшъуашэр сыжэ къысфихьыжьыгъ... Ау ар ужэ къыдэсымыIулIэжьэу уауж сикIынэп!..»

– Рамыгъэблэгъэгъэ хьакIэхэм сыд ятпэсыщт, Нахьлъэш? – язэдэгущыIакIэ фэхъугъэ зэпыугъор шIобащэу Къоданэ къэупчIагъ.

– Сыоплъышъ, Къодан,– зыми ымыгъэгумэкIыщтыгъэ пIонэу, Нахьлъэш игупшысэмэ къахэужьыэ, къырeIo,– уцIыф Iуш фэдэми, уизэхэшIыкI макIэ. Джы нэс къыбгурыIуагъэба къосэгъу пщыгъор Лаурстэныкъо Рэдэд зэрэфэзгъэшъошагъэр? Ар зыщязгъэштэгъэ чылэ пашъхьэм ори уитыгъи!.. Тетыгъор зием илIыкIомэ сыд ятпэсыщтыр къысэоIo!..

– СшIэрэп ныIа...

– Умышlэрэ сыда? – Нахьлъэш къызбгырыугъ.– КъапIорэр имыутыжь! Уизакъоп сызылъытэрэр,– къызызэпиутыгъэм ыуж, тIэкIу тешIагъэу, щхыпцIызэ, нахь мэкъэ



шъабэкIэ къеIo: – Тетыгъор зыфагъэшъошагъэр арэп пачъыхьагъур зиер, ар фэзыщэигъэхэр, ыкIыб дэтхэр ары пачъыхьэри зыгъэIорышIэрэр, пачъыхьагъори зезыщэрэр. КъыбгурыIуагъа джы? – ыгу къыдеIэу, зэрэмыакъылынчъэри ащкIэ къыхигъэщэу, Нахьлъэш щхыжьыгъэ.

– Ар къызызгурыIуагъэр къыосIон, Нахьлъэш.

– Сыдигъу? – ышъорэ ымакъэрэ къызэокIэу зэхихыщтым Нахьлъэш дэгузэжъуагъ.

– Къурай утыгум укъитэджэжьыгъэу, Лаурстэныкъо Рэдэд ущытхъу зэхъур ары.

– Пщыгъор фэбгъэшъуашэ зэхъур ары Io! – къыгъэтэрэзыжьыгъ.

– Адэ ары, пщыгъор фэбгъэшъуашэ зэхъур ары,– раутырэм зигъэбэнэкIырэп зэраIорэр шъыпкъэ, сыдэущтэу зигъэпсыра мыщ Къоданэ ыIозэ, къыфадзыгъэр къыушыхьатыжьыгъ, сызэрэпфэхьыери сызэрэпфэмысэри зыщымыгъэгъупш къыригъэкIэу, ынэмэ акIэплъагъ.

– Ау ащ къикIырэп Лаурстэныкъо Рэдэд лъэгукIэтын зыфэтшIынэу, тишIушIэгъэ-хьалэлыгъэ гурымыIомэ, тIорэр хэмыхьэмэ, ипщыгъо теплъыщтэп. Хъэзархэр армэ, ахэмэ о дэгъоу уащыгъуаз, Темрыкъо дымыIум елъытыгъэмэ, илъэс пчъагъэрэ ягъэрыпIи ущыIагъ, шIукIи, екIи япачъыхьэхэр Iаджри зэблахъу, тIэсхъапIэ тыкъэзышIыгъэ русичхэми ар яшэн аIуагъ. Арэп, Къодан, илъэс тхьапшрэ хъэзармэ укъаIыгъыгъ?

– Илъэс тIокIырэ тфырэм ситэу сахьи, щэкIырэ плIырэ сыхъугъэу русичмэ сакърагъэтIупщыжьыгъ. Къэлъыт, илъэсибгъо сыкъаIыгъыгъ.

– МакIэп... Къогъупэ горэм укъокIодэжьыгъэу ары, сишъэогъужъ, чылэми, узышIэхэрэми узэралъытэщтыгъэр... Дэгъоу пшIагъэ Лаурстэныкъо Рэдэд пщы хъугъакIэм янэш Къэншъау фэдэу русичмэ алъэныкъо зэрэмыгъэзагъэр.

– Сыд щысшIэни, талъэныкъокIэ сыгу щыIагъ.

– Адэ ары,– дыригъэштагъ, зэпыугъо макIэкIэ, модыкIи, мыдыкIи щымыщэу къыIуагъ: – Зэрэхъурэмкlэ, гъэрыпIэм узахьым, Лаурстэныкъом ыныбжьым уитыгъ...– ОшIэ-дэмышIэу ыжэ къыдэзыгъэр хигъэкIокIэжьэу къэупчIагъ: – Тэ щыIэх ащ илIыкIохэр? Хэт дэжь къыщыуцугъэх?

– Темрыкъо ябысым.
– Бэ мэхъуха?
– Шыуих.
– Хэтых?
– Мэщыкъу, Даур, Чэчан, Адышэс, Шыупащ...
– Адышэсыр хэт? – къыпчъырэмэ ацIэхэр къыригъэухыгъэп.
– КъежьэгъакIэмэ ащыщ, Шыупащэ иныбджэгъу.
– Яхэнэрэр хэт адэ?
– Ащи ыцIэ къесIон, ау бгъэшIэгъон.
– КъаIо, сыда джы умыгъэшIэгъонэу щыIэжьыр!
– Яхэнэрэр НэтIай.
– Ы-ы? – Нахьлъэш ышъхьэ къыпхъотагъ, щхыпцIызэ, псынкIэуи зиухыижьыгъ: – Хьакъар пIуагъэми згъэшIэгъоныеп... НэтIае сыд зыуж итыр? Ащ нахьи нахьышIугъ Дэхапсэ пхэкI хъурэе тIупщыгъэр фэгъэшъузышъугъэмэ... Зыгу къыпылъадэрэр фырекIокIы аIуагъ, тэри зыхэтымыгъэныгъэмэ дэгъугъэ... Ары нахь... ишъыпкъапIэ сымышIэу къызэрэсIощтыри сшIэрэп... Зэхэпхыгъэба Лаурстэныкъо пщы зикъэмыщэр ащ фыреплъэкIэу?..
– Ащ фэдэ къэбар къысэIугъэп,– Къоданэ къыраIокIыгъэр зэримыгуапэр ерагъэу зыхиIэжагъ, сыда мыщ Рэдэд джыри зызыкIыпигъэнэжьырэр, къыдзырэмрэ шIоигъомрэ зэрэзэтемыфэжьырэр зыфихьын ымышIэу гукIэ ыIуагъ,– ау бжыхьэм къыщэнэу зэхэсхыгъэ.
– РебгъэшIэщтыр сыда, Iуи, шIи зыпымылъ пхэкI хъураем игугъу къыпфэсшIыгъи... Хьакъарэрэ арырэ азыфагу пхъужъ нэшIошIым гузэгъабгъэ къыдимыгъэтэджэщтмэ... А лIышхуитIур Iофэп, зэфэгубжыхэмэ, зыгорэм иджэнэкIэ дэдзыягъэ пае хьайнапэ зэрэшIыжьынха, зызэрэукIхэм, зэрэзэшIужьыгъагъэхэм нахь псынкIэу джыри зэшIужьыных, ау ящэнэрэм, бытым, рапэсыщтыр сшIэрэп нахь...– Нахьлъэш къыIуагъэм кIэщхыхьажь фишIыжьызэ, тхьагъэпцIышъо нэплъэгъукIэ къыфидзыгъ: – Зигугъу къыпфэсшIыгъэм ыцIэ укъыкIэупчIэрэпи адэ? Ари зэхэпхыгъэба?
– О ыцIэ къепIогъах, Нахьлъэш,– Къодани щхыпцIышъо зыришIыгъ.
– Ары шъхьакIэ, о уижэдэкIэу зэхэсхы сшIоигъу. Турэбэ бытым ущэщына?
– Турабэ сыщыщынэна?!

– Хэт ышIэра, а бытым тхьэлIыкIо къосэгъумэ захишIыхьагъэшъ... ЕтIанэ щхэныр, зэкIэми анахь гъэшIэгъоныжьыр ошIа, Къодан, Турэбэ быкъэр тхьэмэ ялъэIузэ, Лаурстэныкъор къыстыригъэкIуагъэу зэраIорэр ары... Сыдэущтэу къыстыригъэкIон, зиунагъо бэгъон, сэр-сэрэу пщы кIалэм зестыгъэу! – къызфиугупшысыжьыгъэр ежь ышIошъ хъужьэу, ынитIу къилыдыкIэу Нахьлъэш къыхэкуукIыгъ, къеупчIыгъ: – КъэошIэжьа, Къодан, зыкIэзгъэцIэнлъыкIи, Лаурстэныкъом зызыресэгъэутым есIогъагъэр?
– Шъо заулэрэ, Нахьлъэш, шъуизэрэутыгъ, ащыщэу къэсшIэжьырэп,– къыраIо шIоигъом ылъэпсэ цыпэу Къоданэ къыубытыгъагъэм ышъхьэ къырихыгъэп.
– Сэ Лаурстэныкъом заулэрэ сыриутыгъ сIон слъэкIынэп! – зэм Нахьлъэш къыхихыгъ, ау зиIажэзэ, нэмыкI мэкъэ шъырыткIэ къыригъэшIагъ: – Ашъыу, аужым ычIэгъ зызысэшIыр ары. Укъыздэмыгузажъоу, зэкIэми алъэгъоу сыблэбгъухэр чIым ефызылIэх есIогъагъи... КъэпшIэжьрэба? Умыгузажъу, дэгъоу егупшыси, къэпшIэжьыщт.
– Зыгорэ зэрепIощтыгъэр къэсэшIэжьы...
– Ары шъыу, ары... КъэмышIэжьы мэхъуа, Колэс лIыжъымрэ орырэ лъэгонджэмышъхьэкIэ шъукъытшъхьащысыгъи есIо зэхъум... Тыкъызэтэджыжьым сыдыкIэ угугъэра зэкIэми апашъхьэ сызыфыщытхъугъагъэр?
– Ар дэгъоу пшIэгъагъэ, Нахьлъэш, джы къызынэсыгъэми лIыгъэкIэ цIыфмэ къыпфалъэгъу.
– Адэ тэри хьаулыеу дунаим тытет пшIошIа!
– Ар нибжьи сIонэп, Нахьлъэш,– Къоданэ къыIуи, псынкIэу тегущыIыкIыгъ.– Рэдэдыпщым илIыкIомэ Турабэ зэрахэмытыр сэгъэшIагъо.
– Ауджэгъугъэшъ ары! – ыгу зэрэфэмышIур Нахьлъэш къыхэщыгъ, зыгъапэщтыгъэми къыкIэупчIагъ: – ПшъэшъэжъыитIу горэм ягугъу Мэзыбэ щашIэу зэхэсхыгъагъэ, тара язэу бжыхьэм Лаурстэныкъом ынаIэ къызщыуцущтыр?
– Зым Даур ышыпхъу Айнар еIо, адырэм Мэщыкъо ышыпхъу Анысэт пшъэшъэжъыемкIэ къызэблехъужьы. СшIэрэп тIум язэу зыцIэ къепIощтыри... Упщы зыхъукIэ, нэмыкI гори къыкъокIынкIи пшIэхэнэп.
– Пщыгъор сэ зэрэтесымыхыгъэм фэдэу зигугъу къэпшIыгъэ ящэнэрэм а зыцIэ къепIогъэ пшъэшъэжъыитIум атыримыхынэу умыгугъ...– Нахьлъэш къыIуи, «бжыхьэ

нэс Iаджи къэхъущт, а зыфапIорэмэ атеплъэжьына-атемыплъэжьына», гукIэ щхыпцIыгъэ, ыдагъэп: – Арэп, Къодан, сыда тызфыщысыр? НекIо, тихьакIэхэр зэдгъэлъэгъуных. КъаIорэмэ тядэIун, тырящыкIагъэмэ, джэнджэш тафэхъун. Модэ, зыкъэмыгъэгужъоу къэшэс.

Джыри щэджагъо хъугъагъэп Нахьлъэшдыхэр зэшэсхэм. Къушъхьэ ос шыгуфмэ къячъэхымэ, мыжъо цакIэмэ ялъэпаомэ къызщылъэтыжьызэ, мэз шъхьэпэрычъэкIэ жьыбгъэ чъыIэ папцIэр Мыстхъакъо къыдэмылъадэщтыгъэмэ, къакъыр шъхьакIэмэ ачIэмыбанэщтыгъэмэ, чэу гъуанэмэ апхырымычъыщтыгъэмэ, Iэгъо-блэгъо шъофмэ защыримытэкъухьажьыщтыгъэмэ, гъатхэм иаужырэ мафэ дэигъэп. Нахьлъэш къобэ-бжъэбэшхор шым темыфэу ерэгъэ-псэрагъэкIэ ехьы фэдагъэми, исэмэгубгъукIэ къыгот Къоданэ ытх ищыгъэрэ ытэмэ псыгъохэмрэ запхъотэнышъ быбынхэу, шы зэкIэутыгъэм декIух.

– Мо къакIорэм сыIукIэнэу сыфэягъэп,– Нахьлъэш иш къызэтыримыгъэуцогъагъэми, ар ышIэ шIоигъуагъ,– анахь жэмыIан-шъорышI лIыжъым тыIуупIагъ. Тыфегъэпсых, ыжэ тыдэмызэу чылэм хиз тишIыщт.

– Уимафэ шIу охъуапщи, Пщымаф,– Нахьлъэш фепсыхыгъ, Къодани ар ышIагъ.

– Гъогумафэ шъуежьапщи,– лIыжъми ипхъэкуахъо ытамэ афытырихызэ, шIуфэс къарихыжьыгъ.– ТызэIукIэнэу сшIагъэемэ, шъукъесымыгъэпсыхыным пае, сэри сыкъэшэсыни. Ау шым сытемысыми, сикохъо шэс стамэ къышъуфезгъэпсыхыгъ. Куахъор сымыIыгъэыгъэмэ, сIэхэр зыгозгъэплIэщтыгъэх. Шъушэсыжь, шъушэсыжь, джар адыгагъэ, лIыгъэ хъущт. ШъхьэкIэфагъэ сэри, сижъышъхьи къафэшъушIыгъ. Шъо, сымыгъуащэмэ, Темрыкъо дэжь шъушэсыгъэкIэ сэгугъэ. Дэгъу, дэгъу, сэри ащ сыкъекIыжьы.

– Сыд, тхьамэтэ маф, укъыздикIыжьырэм щыкъэбар? – Нахьлъэш къэупчIагъ.

– Сыд щыкъэбарын, Лаурстэныкъо Рэдэдыпщым ибайкол шыудзэ сыхагъэхьанэу сялъэIугъэти, сыдэу зафэсшIыгъэми, улIыжъ аIуи, сызхагъэзэгъагъэп.

– Ора лIыжъыр? – ыгу ыщэф шIоигъоу Къоданэ ыгъэшIагъозэ, къэупчIагъ.

– Сэрэу аIо, сикIал,– Пщымафэ щхыпцIыгъэ.– А укъызкIэупчIагъэр къыоупчIыжьыщтыгъэмэ... Сэ укъысэлъытыгъэмэ, Къодан, шъыпкъэ, укIал, ау силэгъумэ ар пфадэнэп, сэри пфэсштэнэп. Ы-ы, Нахьлъэш, сыд къепIуалIэрэ о?

– Ар угу къызэрэуиIу, Пщымаф,– джары мыщ сыIукIэнэу сызыкIыфэмыягъэр ыIомэ, гукIэ гъумыгъузэ, щхыпцIыгъэ.

– ГукIэ аущтэу сыщымытыгъэмэ, Нахьлъэш, сыкъыоупчIыщтыгъа! Уфаемэ, шыуш зэголъадэ тызэдегъашIи, онэгум укъисхын!

– Мыдэ, Къодан, зэхэоха зимафэ мэфишъэ хъун Пщымафэ ыIорэр?

– Ары сIорэр,– Пщымафэ джыри къыушыхьатыжьыгъ, ау къыпигъэхъожьыгъ: – УсфэмыIыгъыщтми, онэгум укъисхын.

– Пщымаф, а тхьамэтэ маф,– Нахьлъэш щхыгъэ,– нахьыжъмэ сэ сапэуцужьы сихэбзагъэп, ау Лаурстэныкъо Рэдэдыпщым, джыри кIалэба, ипщыгъо къеухъумэ сIуи фэсшIагъэр уижъышъхьэ паекIэ пфэсшIэнэу укъысщымыгугъ. Сыкъезэгъы, Пщымаф. Къет уиш, Къодан!

– Хьау, хьау, сыд пае Къоданэ иш Iысхын сионэш сищагу дэтэу. Мыщ фэдэ зэпэуцу Iоф тызыхахьэкIэ, хэти иуанэрэ ишырэ зэрясагъ, Нахьлъэш. Модэ, Къодан, сионэш къысфащ, Нахьлъэш кIэмыгъожьыщтмэ!

– Ормэ шы зэголъадэкIэ онэгум сыкъизыхынэу зыIуагъэр, тхьамэтэ маф, кIэгъожь Iоф къыхэмыгъахь.

– Дэгъу, Нахьлъэш, укъезэгъмэ, сэри лъэIу къыпфысиI.

– СыкъэдаIо, тхьамэтэ маф.

– Мыщ хэщ-ощ ищыкIагъэп. Моу Къужъэе гъэхъунэм течъэхынышъ, Къоданэ тишыхьатэу... Шыуи, лъэси кIэлъыджэу сигъунэгъу Джэбагъ ихабз, зыгорэкIэ шъуэзэIуупIэмэ, джыдэдэм къэдгъэзэжьыщт Iори гъэгупсэфы. Ныо гумэкIылэ-нэгъуIычIыцэ горэ тиунэ исышъ, лъэгуцым къытехьэмэ, джа дэдэр Iубдзэми хъущт, сыд щыщми ушъхьагъу горэ сыкъызэрэкIожьыщтымкIэ къыфэгъот къодыери, икIэрыкIэу къичъыжьыгъэ пшъэшъэ ягъэщэным фэдэу игопэщт.

Къоданэ онэшыр къыгъэсыгъ.

– СинэтIэф непэ сешIушIагъ,– Пщымафэ шым ынатIэ Iэ щифэмэ ынэ кIаплъэзэ, дэгущыIэ,– арба, сишъэогъужъ? Нахьлъэш уионэгу сыкъырихынэу еIо, сыкъэмыгъэукIытэжь. Дэгъу, дэгъу, къызгурыIуагъ. Мыдэ, сишыIупIэ къэубыти,

сыгъэшэс, Къодан. Уятэ тхьамыкӀэмрэ сэрырэ тызэшъэогъу дэдагъ, тэлаум зэрипхъон хъэзархэр ары мыхъугъэмэ, зы лӀы Ӏуш гъэтӀылъыгъэу чылэми дэсыщтыгъэ, тапи итыщтыгъэ. НекӀо, сишъаохэр, арэу шъулӀмэ. ШъуинахьыкӀэ-нахьыжъыгъэ зыщышъумыгъэгъупшэу сабгъухэмкӀэ шъукъызгоуцу,– адыгэ хабзэр зыдаӀыгъэу шэсыгъэхэми, ныбжь фэшъошэ чӀыпӀэм иуцогъэгъэ нахьыкӀэхэм лӀыжъым аримыӀон ылъэкӀыгъэп.

«Пщымафэ «жэмыӀан» Нахьлъэш реӀоми,– Къоданэ зиджабгъу шыум игуапэу фыреплъэкӀыгъ,– тинасып мыщ фэдэ лӀыжъхэр зэрэтиӀэхэр. Тыкъаухъумэ, тыхагъэукъорэп, тызыфагъэсакъыжьы. Ятэ илэгъур къесэмэркъэугъэ пае Нахьлъэш ышӀошъ хъугъэу ежьагъа? Сыдэущтэуи Пщымафэ мо лӀышхор онэгум къырихыщт? Ежь къырахымэ, ар слъэгъугъэкӀи сшӀогъэшӀэгъонынэп, ыблыгучӀэ чӀилъхьэми, къычӀихыжьми, фэсакъызэ, чӀыгум къытыригъэуцожьын, ау Нахьлъэш онэгум къырихыгъэу сэшӀы, къыӀэкӀэзымэ, мо джэдэшхом лые рихын... Нахьлъэши къихыгъащ нахь, тхьэ нахь зымышӀэрэ лӀыжъыр фэкӀэщыгъуаеу Къужъэе гъэхъунэм ещэ... Мыхэмэ ушъхьагъу горэ къафэугупшысыгъэн фае нахь, хьэйнапэ тыхъущт. Сэ зыми есӀонэп, ау тызэхэзыхыжьыхэрэмкӀэ емыкӀу къэтхьын, имылэгъумэ запигъэпкӀагъ, Ӏогъу-шӀэгъу ышӀыгъэх аӀони, Пщымафэ лӀыжъми тегущыӀэных...»

– Къыжъугурэӏуа, кӀалэхэр, тишыу зэготыкӀэ къикӀырэр? – пкъы мылэнлэ-мыпкъыер онэгум щиӀыгъэу Пщымафэ къэупчӀагъ, джэуапым ежагъэп.– ШъошӀэ, шъошӀэ, шъумышӀэщтыгъэмэ, синахьыжъыгъэ жъугъэлъапӀэу, тыкъэзылъэгъурэм гу лъежъугъатэу, шъори уасэ къызфяжъугъэшӀэу шъукъызгоуцощтыгъэп. Джары тэри тинахьыжъхэм тызэрапӀуштыгъэр, джа тизэхэтыкӀ ары хъэзархэми, нэмыкӀхэми тахэзымыгъэкӀуадэрэр. Модэ, Къодан, КъужъаемкӀэ къаплъэ. Шъолъэгъуа джы хъурэр, зэрифэшъуашэу нахьыкӀэр зысӀофытэкӀэ, орырэ сэрырэ, Нахьлъэш, тинахьыкӀэ-нахьыжъ чӀыпӀэкӀэ тызэрэзэготын фаер къызэтенэ – сэ сыджабгъу, о усэмэгубгъу. Джащ фэдэ адыгэ зэхэтыкӀэ-лъапсэхэр зыщыдгъэгъупшэхэ зыхъукӀэ, нэмыкӀ лъэпкъышхохэм тахэкӀодэжьыщт.

– ГъэшӀэгъонхэр къэоӀох, Пщымаф. Тыбзи ара?

– Бзэм иӀоф къыозыӀощтхэр Къоданэ фэдэхэу илъэс пчъагъэрэ хъэзар гъэрыпӀэм къыщаӀыгъыгъэхэр ары.

– Ушъхьащызыгъэ зыхъукӀэ, бзэр ээрэпщыгъупшэщтыр зыуи арэп,– Къоданэ лӀыжъым дыригъэштагъ.– УрымыгущыӀэжь зыхъукӀэ, бзэгур фэӀорышӀэжьырэп, нэмыкӀыбзэмэ ясэ, зэпакӀы.

– Адэ о сыдэущтэу убзэ пщымыгъупшагъ? – зэхихрэм ыгу емыӀоу цыхьэмышӀ макъэкӀэ Нахьлъэш къэупчӀагъ.

– Хъэзарыбзэм ыуж сэр-сэрэу сыбзэкӀэ сыздэгущыӀэжьыщтыгъэ.

– Хъэзарыбзи ошӀа? – Нахьлъэш Къоданэ къызэпиутыгъ.

– СырэгущыӀэ. Русичмэ абзи тӀэкӀу хэсэшӀыкӀы.

– ГъэшӀэгъоны зэхэсхырэр...– Нахьлъэш кӀэкуукӀыгъ, щхыпцӀызэ, мыгъумытӀымыни ылъэкӀыгъэп.

– Адэ джары, Нахьлъэш, сэ сӀорэр сэзгъаӀорэр,– Пщымэфэ лӀыжъым къыухыжьыгъ, Къужъэе ӀапчъэмзычӀэкӀхэм, гушӀуагъэ: – Гъэхъунэ дахэба, кӀалэхэр?!

– Дахэми блэкӀы,– Нахьлъэш джау сыдми къыдыригъэштагъ, «арэп, мы лӀыжъыр Ӏуши фэд, дели фэд, кӀуачӀэкӀэ къызэрэсфыримыкъущтыр ышӀэзэ, сыдэу зыкъыспигъэпкӀэгъап, зыгорэкӀэ зыпыутыжьыгъэн фае нахь, хьэйнапэ сехъулӀэщт, мо адыгабзэр зыщызымыгъэгъупшагъэми ыжэ бзэгу дэмылъыжь пӀонэу зеудэгу, сыд мы лӀыжъ мыгъом еспэсын...» – Гъэхъунэ дахэр тишыхьатэу джащ тизэнэкъокъуи щытыухын, Пщымаф, зимафэ мэфишъэ хъун тхьамэтэ маф.

– Сыдэущтэу, ащ нахь хэмылъэуи? – кӀэнэкӀэ-гыер къебэкӀэу лӀыжъыр къэупчӀагъ.– Укъэщтагъа?!

– Ащ фэдашъо зытыраштэрэмэ сащыщэп, тхьамэтэ маф.

– Адэ сыд?

– Зыгорэ къаӀоба, Къодан, сыд ужэ псы зыфыдэгъэхъуагъэр? – ишъыпкъи исэмэркъэуи зэхэтэу Нахьлъэш къэгузэжъуагъ.

– Нахьлъэш къыӀо шӀоигъор, Пщымаф,– Къодани щхыпцӀыгъэ,– тиинагъэкӀэ тызэфэдэп еӀошъ ары.

– Ары, ары, тхьамэтэ маф, Къоданэ къыӀуагъэр шъыпкъэ, сыгу къигущыӀыкӀыгъ.

– ЗэрэпӀорэмкӀэ, Нахьлъэш, зэфэмыдиз щэлъитӀу псыхьэбэщым палъэрэп, ара? УлӀымэ, уигущыӀэ зэкӀэмыхьажь.

– Ар оlомэ, тхьамэтэ маф, сэ сыхьазыр,– Нахьлъэш цlэплъым пкъышхомкlэ, шъхьэкlафэ лlыжъым зэрэфишlыри зэригъэщынэри къыфыхигъэщэу онэгум зыкъыфыриlэтыкlыгъ, сэмэркъэукlи къыухыжьыгъ: – Сэ онэгум укъисхымэ зыгорэущтэу чlыгум плъапэ нэзгъэсыжьын... хэт ышlэра, о сипхымэ, чlыгум сыкъызэрэнэбгъэсыжьыщт шlыкlэм сегъапэ, ы-ы, Къодан?

– Сыкъэпшlагъ, Нахьлъэш, сэри ащ сегъапэ.

– Ашъыу, Пщымаф, тхьамэтэ маф, сыкъэмыушъхьакlу. Ащ фэдэ lэджми тыкъялыжьыгъ. Зыгорэ тыхъун ар. Тызэдежьэщта, хьауми сапэ уишъыщта?

– Нахьлъэш,– лlыжъыр щхыпцlыгъэ,– мыщ фэдэм нахьыжъ-нахьыкlэ иlэп, сэмэгу-джабгъу уцупlэри зыщыгъэгъупш, чатэм фэд, апэ къизыхырэр текlо. Уишырэ орырэ шъунахь онтэгъу фэдэу сышъухаплъэшъ, ечъажь о, сэ сыкъыпкlэхьащт.

Шым Нахьлъэш елъэдэкъауи, теубгъуагъэу илъыгъ. Тlэкlу тыригъашlи Пщымэфэ лlыжъыр ежьагъ, ыпэ итым бэ римыгъэчъэу кlэхьагъ. Бгъуитlум язэу ыубытыщтыр римыгъашlэу шыlупlэр рифыхь-къырифыхьажьи, зыфэджабгъущт лъэныкъомкlэ Нахьлъэш зыгуидзагъ, зэрэубытыгъэх, зэрэкъудыигъэх, къэзэрэкъудыижьыгъэх. Зэм Пщымафэ онэгум къыраlэтыкlы фэдэу Къодан къышlошlыгъ, ау зэрэхъугъэри ымышlэу онэгум иукъонщэгъэ Нахьлъэш ычlэгъ ошlэ-дэмышlэу иш чlэлъэти, лlыжъ lаплlым имыфэу, чlым къытефагъ.

– Ар сыд шъыу!..– къехъулlагъэр къызгурымыlоу щысыгъэ Нахьлъэш къыкlэрылъэдэгъэ Къоданэ нэбэ-набэу къыдэплъыягъ.– Нэрэ-lэрэ агу онэгум сыкъырихыгъ!..

– Сыд, Нахьлъэш, укъызфэмытэджыжьырэр? – шитlур зиlэдэжьэу къыlухьэгъэ Пщымафэ, зи къэмыхъугъахэ фэдэу къэупчlагъ, етlанэ къэгумэкlыгъ: – Фыкъуагъэ уиlа?

– Слъэхъомбэжъые утэбжьагъэ...– Нахьлъэш къегуаорэр къыlуагъ, ау шlэхэу зыкъиlэжьыгъ: – Нибжьи сызэрэомыгуцэфагъэу кlочlэ гъэтlылъыгъэ пхэлъ, тхьамэтэ маф.

– Мы lофым, Нахьлъэш, ори ары, Къодан,– Пщымэфэ лlыжъыр джыри щхыпцlыгъэ,– укlочlэшхоныр ищыкlагъэп. Къулай пхэлъмэ, онэгум исыр рамыпхыхьагъэмэ, чъэм дыхэтэу къызэрипхыщтыр псынкlэ дэд. Апэ узлъежьэгъэ шыр зэрэхьапкlэрэм уеплъынышъ, узэрэголъэдэщт лъэныкъор къыхэпхыщт, ылъакъохэр зэридзхэрэм уягушхъощт, етlанэ ыбгъу дехьакl тебгъэфэнышъ, шыур ежь-ежьырэу, лъэрыгъхэми афэмыlыгъыжьэу онэгум къибыбыкlыщт. Джыдэдэм джары, Нахьлъэш, о къыохъулlагъэр. Моу цуакъэр зыщыгъэпкlи, плъэхъомбэжъые сегъэплъ. Мыра? Мэуза? Зэрыуагъэкlэ сэгугъэ. Ащ нахь къыомыхъулlагъэмэ, уезэгъын, Нахьлъэш. Моу мыщ ылъэкlапlэ, Къодан, пытэу къэубыт,– Пщымэфэ лlыжъым Нахьлъэш ылъэхъомбэжъые зыкlырэум, «кlыкъ» ригъаlоу зэрыпкlэжьыгъэ.

– Ох-ох, сыгу жьы дэбгъэкlыгъ, тхьамэтэ маф,– Нахьлъэш къэтэджыжьыгъ, къехъулlагъэр ышъхьэ фимыхьыжьэу, гумышlукlэ шым фычlэплъыгъ, лъэхъомбэжъые зэрыуагъэм нахьи щэсыфэ зыгъэгумэкlыщтыгъэр къыlуагъ: – Зимафэ мэфишъэ хъун Пщымаф, лъэlу пфысиl, ори ары, Къодан. Онэгум сыкъызэрэрахыгъэр цlыф ышlэнэу сыфаеп, сэмэркъэу lофкlэ къежьагъэр сэмэркъэу фэдэу тазыфагу дэрэкlодэжь.

– Узытегущыlэрэр сыд, Нахьлъэш! – къыраlуагъэр шэсыжьызэ Пщымэфэ лlыжъым зэрипэсыжьыгъэп, шъхьэм филъыгъэри къыримыlокlын ылъэкlыгъэп: – Лаурстэныкъо Рэдэд къосэгъупщым чылэ пашъхьэм узщебэныгъэгъэ Къурай чlыпlэр арэу пшlошlа мы Къужъэе гъэхъунэр... Уашъор тишыхьат зыми тlу фэтымыгъэзэнкlэ. Етlани, къышъосlуагъи, узэрыгущыlэн lофэп мыр... Уигъашlэ онэгукlэ иохы, Нахьлъэш, шыуитlу зэголъадэм ущымыгъозэныр нибжьи сшlагъэп. Сэри кlэлэгъэ-делагъэ къызэрэсхэфагъэмкlэ сыкlэгъожьыгъ.

– Узэрэмылlыгъэнчъэри тымышlэу щытыгъэп, Пщымаф,– чыжьэкlэ къыухьэзэ, Нахьлъэш цlэплъым къыригъэжьагъ,– lаджыри уигугъу шlукlэ ашlэу зэхэтхыгъэ, ау Лаурстэныкъо Рэдэдыпщым сызэребэныгъэгъэ шlыкlэм, мары, Къодани сишыхьат, шъэф горэ хэлъышъ, сэр шъыпкъэм ышъхьэ къыпфисхын. Рэдэдыпщыр сшlокlалэти, инасып къэкlогъути, зэрэ Къосэгъоу хьайнапэ щисшlыхьанэп сlуи, зестыгъ... Ар титlо тишъэфышъ, ипщыгъо зыуцукlэ, зэгорэм Лаурстэныкъо Рэдэдыпщым ежь-ежьырэу къыlожьэу зэхэшъухын... Хьау, хьау, тхьамэтэ маф,– чыжьащэу зэрэхэхьагъэр Нахьлъэш зыдишlэжьэу, сэмэр-

къэукIэ къыухыжьыгъ,– о зыкъыостыгъэу, ащ фэдэ Iоф щыIэп, къызщымыгъэхъу. Шъыпкъэр сыдигъокIи шъыпкъэн фае – къысэхъулIэри сымышIэу нэ гъэупIэпIэгъукIэ онэгум сыкъиплъэсыкIыгъ... сыпфэIыгъыгъэп нахь...

– Армэ хъун...– Пщымэфэ лIыжъыр тхьагъэпцI нэгукIэ Къоданэ фыреплъэкIыгъ, РэдэдкIэ къыраIуагъэр щхэнкIэ ыштагъ, зэрэдэкIыгъэхэм фэдэу, зэкIыгъухэу чылэм къагъэзэжьыгъ, нахьыкIэхэм зэрашI хабзэу, Мэзыбэ шыу хьакIэхэм зэраIукIэщтхэр яушъхьагъоу, фемыблэгъагъэхэми, нахьыжъыр унэм Iуащэжьыгъ.

Къоданэ иджабгъу лъэныкъокIэ, ялъэрыгъхэр зэнэсых пIоми хъунэу, Нахьлъэш къыготыгъэми, ащ зэрэкIыгъур щыгъупшэжьыгъэу Къурай бэнэпIэ утыгуми, Къужъэе гъэхъунэми гукIэ ащыIагъ. ГъэрыпIэм къызикIыжьыгъэ уж ныбджэгъугъэ-кIэщыгъо къыдэзышIыгъэ Нахьлъэш ишъхьэзэкъорыпсэу щыIакIи, иIокIэ-шIыкIэхэри, ижъалым гъунэнчъэхэри, иошIэ-дэмышIэ гукIэгъухэри, зэрэщхырэм, зэрэкIорэм, шым зэрэтесым, зэрэгубжырэм, зэрэкIэжъукIыжьырэм анэсыжьэу, зыфихьыщтыри, риIолIэщтыри ымышIэу Къоданэ шIогъэшIэгъоныгъ. Ахэми, ежь къызэрэшIошIэу, хэкIыпIэ горэ къафигъотыщтыгъэмэ, къыгурымыIуахэщтыгъэр ишъхьэзэкъо щыIакI.

«Сэщ нахьи илъэс заулэкIэ нахьыжъми,– Къоданэ гукIэ ыIуагъ,– къызщысшIэжьрэм джар ипсэукI. Мыстхъакъо сыздэмысыгъэ илъэсибгъум зыгорэ зэрипэсыжьыгъэн сIогъагъэ шъхьакIэ, бзылъфыгъэ IофкIэ зигъэсысы пакIо, зигъэхъыягъэп. ЕтIани ар НэтIае ишъузыгъэ пхъужъ шъхьэзакъом къысфыкIэнакIэ. Ау унагъо зиIэ хъулъфыгъэ зэе-тIуаемэ ялъытыгъэмэ, IэпкIэ-лъэпкIагъэм блэкIэу, зэрэкъупшъхьэ Iазэр армэ сшIэрэп, шынкIы, ыIапэ зыуубытыкIэ, къызхимыгъэщы фэдэу ихъэдэн гыкIыгъакIэ джыбэм къырехы. Пщымэфэ лIыжъым ыпашъхьэ къызетэджэжьым, ар зэрэзыпыутхыпкIыхьажьыщтыгъэр...»

– Къодан, сыд сэIо къыохъулIагъэр, уиш ылъэдакъэ зыкIыребгъэзэгъанэрэр? – бэмышIэу онэгум къырахыгъагъэр ары Iоу умышIэжьынэу шым гупсэфэу тес Нахьлъэш къэупчIэ.

– Тишмэ зэдырагъаштэ, Нахьлъэш, ар озгъаIорэр сшIэрэп нахь,– Къодани игупшысэмэ къахэужьы.

– Хэт ышIэра, Темрыкъо сызэрешIужьыгъэм ущымыгъуазэмэ сэIошъ ары.

– Шъузэпыигъа?

– Ащ фэди къыхэкIыгъ... Тхьэ закъо нахь зимыIэ урымхэм бысым заригъэшIэу къыубли, тIэкIу сытешхыхьэгъагъ.

– Джы сыд, къеолIэжьхэрэба?

– КъеуалIэх, ау ащ фэдэу Iоф къапыдгъэкIыжьырэп. ПшIэрэба, синыбджэгъужъ, тэ тызэрэщытыр, типчъэIупэ хьакIэ къызыIухьэкIэ, зэхэдз тиIэп. Пщымэфэ лIыжъ жэмыIаным зэриIоу, тижъымэ къытфыщанэгъэ унэшъо зэхэтыкIэхэмкIэ тэпсэу.

– ЖэмыIан зыфэпIорэ лIыжъым боу дахэу непэ удэгущыIэщтыгъ, Нахьлъэш.

– Пщымафа зыфапIорэр? – къеупчIыжьы фэдэу Нахьлъэш цIэплъым зишыгъ, къытырицIэлагъ: – А лIыжъым сыгу ебгъэрэп. Ащи иIон еIо, тэри тишIэн тэшIэ. МодыкIэ арабхэм ислъам дин аIо, мыдыкIэ урымхэм чыристан дин аIо, сшIэрэп тэ титхьэмэ къытфыряхьисапыр... Сыд, Къодан, ахэмэ зызыкIядгъэгъэпэщтыр, ы-ы? ПщыкIэ тиIэ хъугъэшъ, Къосэгъу хэгъэгум къихъухьэрэмэ Лаурстэныкъо Рэдэд зарерэгъэгъап, хьаулыеу зырезгъэутыгъа!.. Ори сэри пый тиIэп, ау къосэгъумэ тапэ идгъэуцогъэ Рэдэдыпщым епыйхэрэр, ащ Iо хэлъыжьэп, тэри типыих. НекIо, ащ илыкIохэр, муары, Темрыкъо ищагу щызэхэсых, шIуфэс ятхын. ТымышIэрэр къядгъэIон, зыщымыгъуазэхэм ахэдгъэдэIоных.

«Мы тхы псыгъор пыщэгъу сшIыгъэ шъхьакIэ,– Нахьлъэш ыIуагъ,– уицыхьэ зытебгъэлъын цIыфкIэ сыгугъэрэп. НекIо сIомэ, IыI иIэп, къыздэшэсы. Шъхьэ папцIэр къыздигъэсысызэ, сIорэм къедэIу, ау, къыздырегъаштэзэ, ежь зыфаери къысеIо, сигъэшIэнэуи сауж къехьэ, къызхимыгъэщэу зыкъысхещыхьэ, къаигъэнчъэу сыжэгъу къычIэгъуалъхьэ. Синасып араб сатыушIэмэ сазыпэгъокIым гъусэ зэрэсымышIыгъагъэр... Къыздэшэсыгъагъэмэ, адырэ скIэ пышIэгъэгъэ нэбгырищэу цыхьэ зыфэсымышIыщтыгъэхэм афэдэу, къаукIыгъэ къашIозгъэшIэу, ари чIыпIалъэм къисынэни. Цыхьэ къысфимышIыщтмэ, еспэсыщтыри гъэнэфагъэ... Ау джыри сыкIырыплъын...»

– Къодан, сишъэогъужъ,– Нахьлъэш игупшысэмэ закъычIигъэужьыгъ,– РэдэдыпщымкIэ тэрэзэу сызекIуа-

гъэба! ЩэІэфэ щыгъупшэщтэп. Ашъыу, ипщыгъо сызэрэпемыуагъэр ары.

– Ара зыфапІорэр...– Къоданэ зэгупшысэрэр нэмыкІэу джау сыдми къыІуагъ.

– Адэ сыдына! – Нахьлъэш къызэрэдырамыгъаштэрэм къыхыригъэхыгъэми, гые шъабэкІэ зиІэжагъ.– Узфэшыхьатри шІэхыщэу зыщыогъэгъупшэжьымэ сшІэрэп...

– Фэсапщи, шъотэІо, тихьакІэхэр,– Нахьлъэш нэгушІо-кІэщыгъокІэ къафэтэджыгъэмэ шІуфэс арихыгъ, Мэщыкъуи игъусэмэ ацІэкІэ шІуфэс къыпигъохыжьыгъ.– ШъутІысыжь, тэ шъудгъэохъун тигухэлъэп, ау синыбджэгъужъ Къоданэрэ сэрырэ тигукІэе-гые къышъотымыІон тлъэкІынэп. ХьакІэхэр хьакІэх шъхьакІэ, оры бысымыр, оры нахьыжъыр, макъэ къытэбгъэІугъэп, Темрыкъу. ЛІэу Мыстхъакъо дэсмэ, зэрэ Къосэгъу тырыгущыІэжьырэп, тащыщэп зыІорэмэ шъори афэшъудэнэп, тэри афэтштэнэп. Тыкъышъуаж-тыкъышъуажи, зимыгъо хьакІэр гуих шъотымыгъэІонэу, тишъхьакІо тыблыгучІэу тыкъышъуфэкІуагъ.

– Адыгэ хабзэмкІэ бысымыр хьакІэ шъхьащытми, зимафэ мэфишъэ хъун Нахьлъэш,– Мэщыкъуи игушІурэ ынэшІурэ къыхэщэу къыІуагъ,– бысымыр ахьи хьакІэр къэнагъ тибысым ТемрыкъокІэ къэодгъэІонэп. Епсыхыгъо тыримыгъафэзэ, шыу къыплъигъэчъэгъагъ.

– Ара? – Нахьлъэш къыраІуагъэр игуапэу ІугушІукІыгъ.– Армэ, хъун. Тэ моу чІыпІэ горэм тыкъочъыгъагъ... Ар Іофэп, сыд шъуалъэныкъо щыкъэбар? Тикъосэгъупщ псауба, узынчъэба? Къосэгъудзэ зэрэзэхищэрэр лъэшэу сигуапэ. Тызызэбэным, пщы зэрэхэкІыщтыри къышъоcІогъагъ. Адэ, тычылэ-чылэу, тызэбгырызыгъэ-зэбгырытэкъугъэу, хэти зыфаер ыІоу, ышІэу тыщыІэна, зыгорэм тыкъиухъумэн, ташъхьагъ итын фае. Колэс фэдэ тхьамэтэ Іушхэр Рэдэдыпщым ыкІыб дэтыщтмэ, тыхигъэукъонэп.

– Ары типщ зыуж итыр, дзэри зыфызэхищэрэр,– Мэщыкъуи къыдыригъэштагъ.– Шъуичылэ Мыстхъакъо шыу тІокІищырэ блырэ къыдэкІыгъ.

– Ащ нахь къыдэмыкІынэуи?

– ЗэкІэми талъыІэсыгъэгоп, Нахьлъэш. Зыгу къытэбгъагъэхэри дэсых.

– Хэт щыщых? – ащ фэдэхэр чылэм зэрэдэсхэр Нахьлъэш цІэплъым игопагъэми, губжы фэдэ зишІыгъ.

– Зыныбжь хэкІотагъэхэр ары,– Мэщыкъуи зыкъигъэтэрэзыжьыгъ.

– Армэ хъун,– джыри Нахьлъэш къыІуагъ, етІанэ щыгъупшэжьыгъэ горэ ыгу къэкІыжьыгъэу къэупчІагъ: – Арэп, Мэщыкъу, а шыу тІокІищырэ блырэм Къоданэрэ сэрырэ тахэтба?

– Къоданэ ахэт. Мыстхъакъо тыкъызэрэдэхьагъэм лъыпытэу тыІукІагъэти, апэ къезэгъыгъэмэ ащыщ.

– Ащ фэдэ къэбар сишъэогъужъ къысихьылІагъэп,– Нахьлъэш цІэплъыр Къоданэ ІугушІощтыгъэми, ари сшъуиушъэфыгъ, сицыхьэ зытезгъэлъын къотэгъу-кІэгъэкъон цІыфэп мыр гукІэ джыри ыІуи, ытэмэ плІэмыехэр ыгъэпІыигъэх: – Ащыгъум, тихьэкІэ лъапІэхэр, джы тичылэлІхэм сэри зы шыукІэ сахэшъулъыт. Шыу къодыеп, байкол нахьыжъэу сызэрэфыщытыщтыр, сызэрэфэшъыпкъэщтыр Лаурстэныкъо Рэдэд къосэгъупщым сфешъуІожь!..– тэ мыкІэ, тыкъыраутыгъэшъ, зызэкІоцІытпхэжьыгъэу тыщыс, Нахьлъэш гукІэ зишхыжьызэ ыІуагъ, модыкІэ мощ нахь мыхъурэм зыфаер етэгъашІэ, армэ узхэхьагъэр пфэшъуашэр озгъэгъотын...

## VII

Шыблэр бэрэ къушъхьэм щэгъуагъо.

Мэфэ щэджагъом фэдэп, чэпэзэхэогъум ащ икъежьакІэ гуих. ПчыкІэ хъопскІым иошІэ-дэмышІэ мэшІо къамыщ ошъогу тхыцІэм тырещэ, шыблэр къызызэбгырыуурэм, къушъхьэ шыгухэр зэрегулІых, лІыгъэнчъэ тІыгурыгу-зэпачъэкІэ иджэрпэджэжь тэкъофэ дэгумэ мэз къогъупэмэ закъуадзэ, хъотачІэмэ зачІадзэ, зышъхьэ фимытыжь ощх ехьыжьагъэм чІылъэм зыфехьы, ымакъэ зэтешэшыкІы.

ПчыкІэ хъопскІым шъхьэр ригъэуфэу, шыблэ гъуагъом тхы сэкъатыр ригъэутІыІоу Турабэ зэрэфэпагъэу унэм ис. Къэумэзэхымэ ыІомэ, зыпыупхъухьажьымэ-зыпылъэкІыхьажьызэ, зигъэгужъуагъ. Гъэмэфэ пчыхьэр дахэти, хэта мыщ фэдэ ошІэ-дэмышІэ шыблэ гъуагъор къушъхьэм къыхэтэджэн Іоу зышІагъэр...

«Шыблэри, пчыкІэри, жьыбгъэри Іофэп, къемыщхыщтыгъэмэ...– Турабэ шъхьаныгъупчъэм кІэрыхьагъ, ощх Іужъу пщэгъуашъом нэмыкІ инэплъэгъу къыпэІухьагъэп,

пчыкIэ хъопскIыри нахь макIэ хъузэ, шыблэ гъогъо дэгури IукIотыщтыгъэ.– Ощхыр ымакъэкIэ мэуцужьы фэд... Ары, ары, жьыбгъэри мэбыяужьы. СипаIо, сиджан сымыIощтыгъэмэ, бэшIагъэ Дэхапсэ сызыкIэрысыщтыгъэр... СызIукIэрэм пхъэтэпэмыхь сызышIыщтыгъэм, сызыфырекIокIым, ипчъэ сыкъыIузыфыгъагъэм сыда нычхьапэ тадэжь къысфыкъокI къызкIысиIуагъэр?.. Бзылъфыгъэр бзаджэ, шхъухьашI, ыгу къихьагъэу зэблэн щыIэп. Сыд шъуIуа къысиIощтыри сызэрищыкIэгъэщтыри... Ежь сшIэрэп, ау сэ бэшIагъэ зысищыкIэгъагъэр!.. СыримыщыкIэгъагъэмэ, къысэджэщтыгъэп! Зэ мы ощх мыгъор теужьыгъот, псыр къыппычъэу бзылъфыгъэм ыпашъхьэ уихьана!.. Теужьы, теужьы, тIэкIу сыуцIынми зи щышIынэп...»

Турабэ ибытыгъэ щыгъупшэжьыгъэу шъхьэм къеогъэ лъым зэрифэзэ, ощхым зыхидзи, ищыдыбз зыщиIыгъ къакъырым ебгъукIозэ, Дэхапсэ дэжькIэ ежьагъ. ПэIо зандэм, тхы къипшым, жэкIэ-пэкIэ мыкIырым къатефэрэ ощхыцэ жъгъэихэр къыримыдзэу псыIушъо зэгъокIым Тураб заулэрэ рекIокIыгъэу, къежэрэр зыхэс хьаблэр къэлъэгъуагъ, зыIухьащт унэри пщэгъо пIуакIэм къыхэщэу инэплъэгъу гумэкI къызычIэфэм, ыгу къилъэпэрэпыкIыгъ, ишъэф IэшIу IэкIэзыхын горэ къылъыджагъэм фэдэу зыригъэплъыхьагъ, ылъэгъурэм ошIэ-дэмышIэ гуцафи ыбгъэ къыдигъэтэджагъ: «Гъунэгъу унэмэ дэгъэ остыгъэхэр ащызэлъыхэгъэнагъэх, Дэхапсэ иунэ шIункIыбз... Сыда? Къысажэшъ ары шъуIуа? Сэ ыдэжь симыхьэзэ, иостыгъэ нэф зыми ригъэлъэгъу шIоигъопщтын. Мары, мары, джыдэд! – Турабэ икIо ригъэхъугъ, ощхыр зэрэтеужьыгъэри зэхишIэжьырэп, Iэшъо цокъэ пэ къэгъэщыгъэмэ псы къамыдзыным фэсакъэу лъэбанэмэ зызэращидзыери щыгъупшэжьыгъ.– Модэ, модэ, Адыиф илI шэхъогъур чэщ мэзахэм лъэмыджым къырифы зыхъукIэ, ыIэ щэигъэкIэ лъагъор зэрэфигъэнэфыщтыгъэм фэдэу иостыгъэ къысфыхигъэнагъ...»

ЛIымкIэ Адыиф ишхъухьэшIагъэу Турабэ зэгорэм Колэс ихьакIэщ щызэхихыгъагъэр ышъхьэ къызеом, къызэтеуцуагъ. Пшъэдэ псыхъо лъэныкъомкIэ плъагъэ, пщэгъо макIэм къыхэIукIыгъэ чъэ мэкъэ дэгум кIэдэIукIыгъ, зыкъызешIэжьым, Дэхапсэ инэплъэгъу зыкъыхидзэжьыгъ:

«Къэнэфы, къэджэ, мары джыдэд, сыкъыпфэкIо... Ар сэIо шъхьакIэ, Дэхапсэрэ Адыифырэ сыдым зэфихьын! Адыиф ишIулъэгъуи, илI игукIэгъуи зэдиштэу щыIагъэх, зэрэгъэлъапIэщтыгъэх, лIым илIыгъэ ежь иIахьэу хэлъыр зыдырегъэшIэжьыфэ зэкIэ дэгъугъэ, етIанэ ишъхьэлъэшыгъэ шIулъэгъу шъхьарытIупщым къыщылъэгъуагъ... Дэхапсэ НэтIае лIы фэхъугъэп. ПаIо пщыгъэу, лIыцIэр пхьэу, шъхьэтехъор птехъуагъэу, бзылъфыгъацIэр уиIэу, тIуми умыхьадэгъодахэу, умынэджэ-Iуджэу чэщи, мафи узэIуплъэу, узэнэцIэу узэкIэрысын плъэкIына!.. Зышъо икIыгъэ Адыиф фэдэмэ зыфаIорэр, пшIагъэмкIэ, Дэхапс, пшъхьэ зэрэщыбгъэзыежьыгъэмкIэ узгъэмысэрэп. НэтIэе тхьамыкIэми угу емыгъабгъ, титхьэмэ ари, сэщ фэдэу, дунаим къытырагъэхъуагъ. Сэ сидэгъо закъо хэтыкIи нэрылъэгъуми, адырэмкIэ, тхьэегъэпсэух титхьэхэр, саушъхьакIугъэп, ар шIэхэуи плъэгъун... Зэ, зэ, хэта зызгъэнэгъуаджэзэ, Дэхапсэ икъэлапчъэ къыдэкIошъыжьыгъэр? Хьакъара сэIо?! Ригъэхьагъэпщтын... Сэ пIалъэ къыситыгъэу, къыспаплъэу сыдэущтэу ригъэхьан! Дэгъоу ришIагъ... Къысажэщтыгъа, нычхьэпэризэ зиIажэ хъущтыгъэба а Iаем!.. Шъузхэр яIэ пэтзэ, зашIэжьырэп... КIо, кIо, уишъузыжъ шъхьэпсыгъо дэжь кIожь...» – зэрэзэзэгъыгъэхэу, пчъэмкIэ мыкIоу, шъхьаныгъупчъэм сакъэу теуагъ:

– Хэта ар?..

– Сэры, сэры...– шъхьаныгъупчъэ нэзым дэIушъэшъагъ.

– ПчъэмкIэ къырекIокI, Тураб,– бзылъфыгъэ мэкъэ гохьым ыгу ригъэмэхыкIыгъ, пчъэр къыфыIузыхыгъэ Дэхапсэ ифэбэмэ IэшIуи ышъхьэ къыгъэунэзагъ: – Ощхым укъигъэгужъуагъэщтын... Сыдэу гукIодыгъуагъ ар!.. Укъызезгъэблэгъэгъэ закъом, сыд шъуIуа титхьэмэ агу зэмыIугъэр, ар къызэрэтшъхьащылъэдэгъагъэр. Шыблэ гъуагъори псынкIэу тшъхьащыкIыгъ, ощхыри теугъ, Шыблэ тхьэм уелъэIугъэщтын, Тураб.

– СелъэIугъ, селъэIугъ, Дэхапс. Ти Шыблэ тхьэ селъэIуфи, ощхыр теужьыфи, уадэжь сыкъэкIофи, уизакъоу укъэзгъэнэныя сыгу уикIыгъэп. Унэр зэрэмэзэхагъэри остыгъэр къызэрэхэбгъэнагъэри слъэгъугъэ.

– Шыблэр тшъхьащыкIы зэхъум, тхьэ узэрелъэIущтыгъэм сегуцэфагъ, сыгу уимыкIэуи мэзахэм сыхэсыгъ, моу бэмышIэу остыгъэри хэзгъэнагъ ныIэп,– Дэхапсэ къыIуи, Хьакъарэ унэм зекIыжьым, зыгорэкIэ Тураб IуупIагъэмэ

ыIуи, хьашI-къошIыгъэкIэ хигъэкIокIэжьызэ, къыпидзэжьыгъ: – Сыд узфыщытыр, Тураб, къэтIыс. УикIакуи шъугъэн фае, къызщых.

– ЗэкIэ къэслъэгъугъ, уикъэлапчъэ дэкIыжьыщтыгъэми сыIуупIэнкIэ тIэкIужъые иIэжьыгъ...– бзылъфыгъэ шъхьэзакъом егыйми, шъодаушми умышIэнэу Турабэ къыIуагъ, блэгъабзэу къыкIэрыт Дэхапсэ инэгушIуагъэрэ ифэбамэрэ ыгу къагъэтакъоу зыщихыгъэ шкIэшъо кIакор фищэигъ, ошIэ-дэмышIэу зынэсыгъэ Iэ шъабэмэ мэшIопс стырыр пкъым щызэрагъэчъагъ, ылъэкIапIэхэр кIэушъэбыкIыхэу къырагъэлъэгъугъэ пхъэнтIэкIум тетIысхьагъ.

– Хьакъара зыфапIорэр? – Дэхапсэ зэнэгуещтыгъэм, модыкIи-мыдыкIи ымыIоу, шъэфи хэмылъэу къыкIэупчIагъ.

– Ары, сыхэукъуагъэп. Ау сыкъилъэгъугъэп, Дэхапс.

– Укъерэлъэгъу фаеми... Ущэщына Хьакъарэжъым?!

– Зэгорэм тигъэщынэщтыгъэп сIомэ, Дэхапс, усэгъапцIэ. Тятэ тхьамыкIэр зэрекIодылIагъэми ущыгъуаз. Ытх къосэгъупщ Рэдэд зэрэзэпиутыгъагъэри, Нахьлъэш цIэплъым ыгъэхъужьыгъагъ нахь мышIэми, къызэрегъури умышIэу щытэп.

– Ащ фэдэ уз хэслъэгъуагъэп сэ! – Дэхапсэ игукIае къышIудэлъэтыгъ.

– Рэдэдыпщым къызфемыбэныгъэр арэу ыIуагъ, ыушъэфыгъэп.

– ШъукъегъапцIэ.

– ТыкъегъапцIэми, хьайнапэ чылэм зыдишIыхьажьыгъ.

– Хьайнапэ, емыкIу зыфаIорэр ышIэрэп ащ! – Дэхапсэ ынэкIушъхьэхэр нахь къыхихыгъэх, ышъхьэ дахи риуфэхыгъ, ынэмэ машIор къакIихзэ, псынкIэу къыIэтыжьыгъ: – Ежь къысэпсэлъыхьо ыIозэ, зблэIэбыкIи, НэтIэе тхьамыкIэм лIыгъэкIэ сыригъащи, сигъэунэхъугъ!

– Сыд сэIо нычхьапи ар зыуж итыгъэр! – джы нэс къыфэмыIошъоу, зыухыщтыгъэ шъугъор къышIутекIоу Турабэ къыхэгубжыкIыгъ.

– Хъулъфыгъэ лъэпкъыр сыда къезыфэкIырэр!..– нэгу чъэкIыгъэкIэ къыIуплъэрэм Дэхапсэ къыригъэжьагъэр зэблырыгъэхъугъ: – Ар о зыфэмыхьыжь, Тураб. Орырэ сэрырэ тиIоф шъхьафы, щэкIэ тыгъэпскIыгъ. А лIы къэбзэжьыр, пшIосыушъэфынэп...– Iофым ишъыпкъапIэ къыфиIотэнэу ригъажьи, укIытэр къышIутекIозэ хигъэкIокIэжьыгъ,– пчыхьэрэ фэмыдэу сиунапчъэ Iусфыгъ... КъысшIуихьэ зэхъум, сыкуощт, чылэр къэзгъэчъэщт зысэIом, ыпшъэ рилъашъуи, IукIыжьыгъ. Тхьэм ешI джы къысфиугупшысыщтыр...

– Зи къыпфиугупшысынэп! Сэщ нахь къэмынэжьыгъагъэми, нычхьапэ щегъэжьагъэу укъэмыщт.

– Ары, ары, Тураб, сыпщэгугъыти, сицыхьэ птелъти, укъэсщагъ.

«Сыда мыр къызэрэсщыгугъыщтыри, ицыхьэ къызэрэстелъыщтыри...– зэхихыгъэм Турабэ гукIэ зыкъырыгъэпхъотагъ.– Сызэрэшъхьэзакъом пае сыщ, унагъо озгъэшIэщт къысиIуакъомэ... Ар сшIагъэкIи, чылэм къялыжьыгъэр шъузы сфэхъунэп... ЗемыгъэукIыхьэу, дэхэцIыкIу, сыкъызфэпщагъэр къысаIу. Хьакъарэ лIы зэIэкIэлъышхор уиунапчъэ Iупфыгъэмэ, нычхьапэ зыми уфаепщтын... Сыд ащыгъум, мэфэреным, пчыхьэ шыблэ гъуагъори дыхэтыжьэу, сфэмыукIочIыжьырэ бэлыхьэ сызыфыхэбдзагъэр? Ар сэIо шъхьакIэ, сэщ паещтын Хьакъарэ зыфыIуифыгъэр. Мыдэ мыщ ыпшъэ зэрэкIыхьэр, ыпшъэ псыгъуи, нэгу зэIухыгъэ къуапцIэри, ынэхэри, ыIупшIэхэри зэрэдахэхэр. Пкъы ищыгъэ зэкIур, ыIэхэр, тэмэ къечъэххэр, лъэкIэпIэ хъураехэр... Е-о-ой, НэтIай, тхьэмэ къыпхамылъхьагъэмкIэ утхьамыкI нахь, мыщ фэдэ бзыу дахэм Хьакъарэ фэдэ джэгуалъэхэр нэбгъэсыхэ хъуна!..»

– Сыд фэдэ IофкIэ, Дэхапс,– игупшысэ хъопсагъомэ Турабэ къахэужьыгъ,– укъысэджагъэми, къыстеплъхьэрэр сихьылъэ. Къегъэжьагъэ хъугъэшъ, о зэрэпIуагъэу, пшIосыушъэфынэп, ори зэхэпхыгъэнкIи мэхъу, зытетыр къыосIон. Ушъхьэзакъу, паIо пщыгъ, зыгорэми уимыгъэгумэкIэу щытэпщтын аIошъ, чылэ шъузабэмэ тыщагъэIэжьырэп. Сыдэу пшIын, мафэ къэс зэо-пыджэмэ тахэтышъ, хъулъфыгъэмэ янахьыбэр чатэмрэ пчыпэмрэ апэкIуадэ, а бзылъфыгъэ шъхьэзакъохэми угу ябгъабгъэ хъущтэп. Ау сыд пае щымыIэжьмэ ясабыймэ ягунахь сыхэхьан, шъузабэхэри Iоф хэсыдзэных. Шъыпкъэ, шъхьатехъо зытехъуагъэмэ о уафэзгъадэрэп, Дэхапс. Сабыйхэр къызэрятэкъокIыгъэхэзэ къыонэцIыщтых. Сэ ахэмэ сафаеп.

– Сэры адэ?

– О узфэзгъэдэн ахэмэ ахэтэп. О сыд фэдэ хьылъэ къыстеплъхьэми, схьынэу сыхьазыр. КъаIо угу илъыр.

– КъыосIон адэ...– Дэхапсэ къехъулIэрэр зыдимышIэжьэу ымакъэ къышIуефэхыгъ, ибыкъагъэ щыгъупшэжьыгъэу, мыри а лIы купмэ ащыщ, фэмыIэжэжьырэр ыпэ итэу къэчъагъ,– ыIуагъ,– къыосимыIощтымэ, укъэсщэныя?..– Мыдэ мыщ ынэгушъхьэхэр къызэрэушэплъыгъэхэр, ынэхэр къызэрэушъэбыгъэхэр, зеIажэми, ыIэпкъ-лъэпкъыхэр зэрэкIэзэзыхэрэр. ЫнатIи шъуамбгъо, напцэхэри Iужъух, пэкIэ мыкIырым къычIэщырэ IупшIэхэри мыин-мыпIокIэ шэплъых. Умысэкъатыгъэмэ, сыд шъузаба зигугъу пшIыхэрэр, чылэ пшъашъэмэ узэтырахыщтыгъэ. Сэ апэ сызэритэу узхэзгъэныныепи... Бзылъфыгъэ нэмысыгъэкIэ сэгугъэ мыр...

Шъхьаныгъупчъэм ошIэ-дэмышIэу къытеуагъэх.

Турабэ къыкIэщтагъ. Дэхапсэ ыIэхъуамбэ ыIупшIэ Iуилъхьи, зи ымыIонэу Турабэ къыригъэлъэгъузэ, джагъэ:

– Хэт ар?

– Сэры, НэтIай ары.

– Сыд узыфаер, НэтIай?

– Сыд сыфэен, шыблэ гъуагъэм уимыгъэщтагъэмэ...

– Сыд пае сигъэщтэн...

– КIо, сшIэрэп ныIа... Уизакъоба?

– Сизакъомэ сыд?

– ТIэкIу тыщысын, тыгущыIэн сIуагъэ.

– Икъунба, НэтIай, илъэсищым тызэплъ-тыкъызэплъыжьэу тызэрэщысыгъэр. Пчэдыжь къакIуи, къощыр горэ сфэукI, зэхэзгъэжъэнышъ, ори узгъэтхъэн, сэри сыкъыбдэтхъэн. Сыд ащ нэмыкIэу къыпфэсшIэн, НэтIай? ЧэщышIу къыокIу.

– Ащыгъум неущ сыкъэкIон, Дэхапс. Ори чэщышIу къыокIу, шыблэ гъуагъори текIыгъ. СыкIожьын сэ,– ежьэжьыгъэу джыри НэтIае къэджагъ: – Хьакъарэ нычхьапэ къыкъокIыгъэба, Дэхапс?

– Тумы тхьэ ешI, а Iаем сыдэу себгъэгъалIэра!

– Ащ фэдэ гухэлъ сиIагъэп, Дэхапс.

– УимыIагъэмэ, укъыкIэмыупчI. ТитIо тызгъэунэхъугъэ Хьакъэрэжъыр нычхьапэ сиунапчъэ Iусфыгъ,– джыри Дэхапсэ, Турабэ фэдэу, илIыгъэри ыгъэпцIагъ.

– Дэгъоу епшIагъ! – НэтIае ымакъэ шъхьаныгъупчъэ нэзым къыдэгъумыгъукIыгъ.– Сэри ащ сыкъыфырехынэу къыфэт. ЧэщышIу къыокIу. Джы сыгукIэ сыбгъэрэхьатыгъ.



– СыдыкIэ Хьакъэрэжъым урищыкIагъ...– Дэхапсэ ежь зэриIожьэу, хэщэтыкIыгъ.– Ащ бэшIагъэ узыфырехын фэягъэр...

Дэхапсэ IэплъэкI къуапэмкIэ ынэмэ акIэIэбэжьыгъ, хэщэтыкIыгъ. «НэтIэе тхьамыкIэ сIозэ, сыфэсакъы, ыгу хэзгъэкIырэп шъхьакIэ, апэ ары сызгъэунэхъугъэр. Сыпшъашъэзэ илъэсныкъо тызэдэпсэугъэу, Хьакъарэ къысфищэу ригъэжьи, сыкъыдыринэмэ скIэкIэкIызэ, шъузыцIэ сиIэу, мыхъулъфыгъэм сыголъэу гъашIэр къэсхьыныя, бзылъфыгъэ мэхагъэ къысхафи, сшIэрэр сымышIэжьэу Хьакъарэ пIэшъхьагъыр дэзгощыгъ... НэтIае зи тхимышIыкI фэдэ зишIыщтыгъэми, зистыжьыщтыгъэ, зишхыжьыщтыгъэ... Апэрэ илъэсым сишъуз стIупщыжьыни, усщэщт ыIозэ, Хьакъарэ сызэригъаси, сIощтымкIи сшIэщтымкIи унэм сыздис лIым сыщымыукIытэжьэу сыдэпсэугъ. ЕтIанэ сызэригъапцIэрэр, илъэс къэс сабый къыфэзылъфырэ шъуз шъхьэ папцIэр зэримытIупщыжьыщтыр къызызгурэIом, Iузгъэзыкlэу, силIырэ сэрырэ титхьамыкIапIэ сеуцолIэжьэу сежьэгъагъ шъхьакIэ, сыунэкъугъахэр псау сфэшIыжьына, кIуачIэрэ чатэрэкIэ сырятIонэрэ шъузэу джы къызнэсыгъэм, сиунагъэм сыкъызэрэкIожьыгъэ пэтзэ, къэсэхьы. Къотэгъу закъоу сиIэгъэ сшынахьыжъи сыкъыкъомынэжьынэу, дунаим Хьакъэрэжъым тырихыгъэу загъорэ къысаIокIы. ИшъыпкъапIэ зэрэсшIэу, тхьэ сэIо, ихъулъфыгъагъэ чIесымыгъанэу дунаим сытетыжьынэп. Ар есшIэным ыпэкIэ Турабэ фэлъэкIыщтыри резгъэшIэщт, хьаулыеу тхьэмэ ялIыкIуа, Iэзэгъу уцхэмкIи язгъэушхъухьащт. Нахьлъэш цIэплъыр къысфищэнэу еIошъ, ари дязгъэгъэкIощт, ау НэтIэе тхьамыкIэр, морэу шIу сызылъэгъурэр, лIы сфишIыжьышъун шъуIуа?! А-ей-гущ, джыри сыныбжьыкI, илъэс щэкIи къэзгъэшIагъэп, ащ нахь насып сэ тыдэ къисхыжьын!.. Джахэр къысфызэшIохи, Тураб, къыздакIу умыIуи, къыпфэсимышIэн щыIэп... Зыкъысфэуупцlэныгъэми, Хьакъэрэжъым е Шэныбэжъым ялъытыгъэмэ, анахь лIы къабзэу, НэтIае ыпкъ дахэ фэдэу сыкъыоплъын».

– ХьакъарэкIэ НэтIае епIуагъэм десэгъаштэ, Дэхапс. СиIоф хэлъэп, ау Хьакъэрэжъым шъузэтыричыгъ... Зыгорэ къебгъэжьэгъагъ, сыкъэдаIо.

– Тураб, укъызыфэсщагъэр занкIэу къыосIон. Хьакъэрэжъыр лIыныкъо зэрмыр сфэшI. НэтIае тхьамыкIэр,

зэхэпхыгъэ шIу сызэрилъэгъурэр, лIы шъыпкъэу сапашъхьэ къысфигъэуцожь. СызыфыолъэIухэрэр къызысфапшIэкIэ, къыпфэсымышIэн щыIэп,– Дэхапсэ къыIуагъэм ошIэ-дэмышIэу кIыфыбзэ кIигъэхъукIызэ, Турабэ Iуплъагъ.

«КIыфы хъугъэми, Дэхапсэ зэрэкъопцIэ дахэр!..» – Турабэ гукIэ хэкуукIызэ, къэупчIагъ:

– УкъызкIэлъэIурэр сыдэущтэу сэбгъэшIэщт, Дэхапс?

– Титхьэмэ ялIыкIо ахэр фызэшIомыкIыщтмэ, сшIэрэп ащыгъум...

– АщкIэ угу къыстемыгъэкIуад, Дэхапс,– пхъэмбгъу зэхэIулIэгъэ Iэнэ лъагэу азыфагу дэтым Турабэ IитIукIэ шъхьапырыIэбыкIи, Дэхапсэ ыIэхъуамбэмэ анэсыгъ, афэсакъызэ къызфищэигъэх,– титхьэмэ яIуи къысхэхьэ, сиIуи ахэхьэ, зэрмыр узышIын уц гори къушъхьэ-къуладжэхэми адысагъэгъотэн... Сыдэу пIапэхэр дахэх, шъабэх, плъырых, Дэхапс...

– ЧъыIэх Iо нахь, плъырых умыIо...– Дэхапсэ ынэкIушъхьэхэр къыхэушэплъыкIхэзэ, ышъхьэ риуфэхыгъ.– Хьау, хьау, Тураб, ащ тыблэмыгъэкI.. КъыосIуагъи, силъэIу къызысфапшIэкIэ, къыпфэсымышIэн щыIэп, угу пэш охъуфэ мэфищэ типIэ зэIухыгъэщт.

«Мыщ ыIэхэр зэрэфабэхэр» – Турабэ зимышIэжьэу гукIи бгъэкIи зыфищэизэ, джыри еупчIыгъ:

– Сыда, Дэхапс, зыкIэмэфищ къодыещтыр!.. Ащ нэшъумыгъэсэу шъугухэр зэфыIушъухых, шъузэщымыукIыт, шъупсэхэм зэхэткIухьан рагъэжьагъ, зэхэоха, Дэхапс, тхьэмэ къытаIо...

– Хьау, хьау, зэхэсхырэп,– Дэхапсэ ыIэхэр зэкIехьажьых.– Нычхьапэ хъущтэп, силъэIухэр къызысфэпшIахэкIэ ары...

– Ары шъхьакIэ, джыри зэхэпхырэба,– Турабэ ыIэхэр ещэих, Дэхапси зыфимытыжьэу ыIэхэр къыфещэижьых,– лъэIуищым язы пэгъокIыр нычхьапэ пшIэмэ хъунэу тхьэмэ къыуаIуи... Моу садэжь къэтIыс...– емыбэнэу, еIэсэкIызэ, къызфекъудыи.

– Хьау, хьау, сыздэщысыри хъущт...– Дэхапсэ къэтэджы, Тураби кIэзэзэу пэгъокIы, ыбгъэ кIеубытэ, куашъом пытэу къынэсырэм Дэхапсэ ыгу къегъэушъэбы, зыфэмыщыIэжьэу зырекъузылIэ, ыIэгушъо зытелъ тхы къипшыри зэхишIэжьырэп, ынэгушъхьэ плъыр Турабэ ынэгу рифызылIагъэу, еIушъашъэ: – Зэ, зэ, джырэп, зыIаж...



Шъхьанигъупчъэ тео макъэм джыри нэбгыритIур къызэкIигъэщтагъ.

– Хэта ар? – Дэхапсэ зызэкIиуIэпIэжьи, джагъэ.

– Сэры.

– Хэта орыр? – ымакъэ къышIэжьыгъэми, еупчIыжьыгъ.

– Сэры,– къыIуи, нахь мэкъэ шъэфкIэ къыпигъэхъожьыгъ: – Шэныб ары, сыкъэпшIэжьырэба?

– УкъэсшIэжьынэу сыуажэщтыгъа?

– Сыдэу бэ къапIора сэIо, къыIух!

– Пшъхьэ умыуджэгъужьыгъэмэ, зыIуегъэх! – зэрэзэкIэплъагъэу Дэхапсэ унэм иджыкIыгъ.

– Уизакъоба?

– Сыд къыуаIуагъэр? – джыри Дэхапсэ хэгубжыкIыгъ, зыфэпкъыер къыушыхьатыжьыгъ: – Сизакъоп.

– Ара? Аущтэу Iоба ащыгъум...– мэкъэ илъэшъуагъэкIэ Шэныбэ къыIуи унэм исыр Хьакъар ыIомэ щынэзэ, къэлэпчъэ макъэмкIэ щагум зэрэдэкIыжьыгъэр къэнэфагъ.

– Сыдэу кIопIэ шъыпкъэ укъашIыгъа? – Турабэ зишхыхьажьызэ, къэупчIагъ.

– Хэта? – шъхьэр къыпхъуатэзэ, Дэхапси щхыпцIыгъэ: – Си НэтIай тхьамыкIи ахэмэ ахэолъыта?.. Е-о-ой, а зымкIэ сыкъызыфыолъэIугъэр сфэпшIагъэмэ!.. Адырэри ары.

– А IофитIумкIэ тызэзэгъыгъи, Дэхапс. Титхьэхэми, зэхэпхыгъэба, сыкъагъэгугъагъ.

– Шэныбэжъыр ары мыхъугъэмэ... зыгорэхэр зэхэсхыщтыгъэх...

– Адэ ары, Дэхапс, орырэ сэрырэ тыкъэзгъэхъугъэ тхьэмэ апашъхьэ титыгъ... нахь зэхэугуфыкIыгъэу ахэмэ къыуаIори зэхэпхыщтыгъ... Моу пIэм...

– Хьау, хьау, Тураб! – Дэхапсэ къылъыIэбагъэм зыIуищэикIыгъ.– Непэ хъущтэп. КIуапIэ сыкъэзышIыгъэмэ къамыгъэзэжьызэ, псынкIаIоу икIыжь.

– Ары шъхьакIэ, Дэхапс...– Турабэ ыIэпкъ-лъэпкъыхэр джыри къызэкIэнэжьыгъэх, ау Iэ щэигъэ пытэхэр Дэхапсэ зэтыриIэжагъэх.

– Хьау, хьау, Тураб, нычхьапэкIэ икъущт. КъыосIуагъи, силъэIу зыбгъэцакIэкIэ, чэщ-мэфищыр зэдытиещт... Сиостыгъи згъэкIосэжьыщт нахь, мохэмэ ашъхьэ къихьащтыр къэшIэгъуай, сиунэ ураубытэмэ, къызэрэоплъынхэ щыIэп, сэри IэпыIэгъу сыпфэхъушъунэп. ЧэщышIу къыокIу, Тураб, силъэIу зыщымыгъэгъупш.

– Ори чэщышӀу къыокӀу. Сыдигъу джы сыкъызыкъокӀыщтыр, Дэхапс?

– СилъэӀумэ яз къызэрэсфапшӀ.

– Ары, ары, НэтӀаекӀэ къезгъэжьэн...– пчъэӀушъхьэ мэзахэм Тураб къыщызэтеуцуагъ, ымакъэ кӀэзэзэу къэлъэӀуагъ: – Моу джыри, Дэхапс, ӀаплӀ зэтэгъэщэкӀ, тӀэкӀу Ӏэ къысщыф, сыкъэгъэӀас.

– ЕтӀан, етӀан, Тураб...– пчъэр фыӀуихи, фэсакъызэ зеӀункӀым Тураб ытх къиипш Дэхапсэ нэсыгъ, ипэщышӀэ фэдэу гутхытхыкӀэ ыӀэ къыкӀэрипхъотыжьыгъ.

Тураб, зэхэбэгэжьыгъэу, щэхэ узым кӀуакӀэр щигъэгъупшэжьыгъэу, ерагъэу щагум къыдэкӀыжьыгъ. Къыдэхъугъахэу къыщыхъущтыгъэр шъхьангъупчъэ къытеомэ зэрэӀэкӀахыгъэр игукъаоу, ау гугъапӀэ горэ джыри къызэрэпыщылъыр ӀэшӀоу ыгу телъэу зэплъэкӀыжьыгъ. Ардэдэм шъхьаныгъупчъэм къыридзырэ нэфынэм къыгъэбырсырыжьыгъ. Ыгъэзэжьыни, пӀэ, джэхашъу ымыӀожьэу Дэхапсэ рикӀынэу ыгу къыпылъэдагъ, ау ошӀэ-дэмышӀэу зынэ зыупӀыцӀэгъэ шъхьаныгъупчъэр къытекӀуагъ.

Илъэс тӀокӀырэ хырэм щыщэу Турабэ къыгъэшӀагъэм нычхьапэ фэдэу бзылъфыгъэм пэблагъэ хъугъэу къышӀэжьырэп. Айнар зэребэныгъагъэр къыхахьэрэп. Ар сыд илӀэужыгъуагъ, лэныстэр къыпаӀыгъыгъ, унэм къырадзыгъагъ... «Сыдэу бзылъфыгъэ ӀаплӀыр фабэ, тхъагъо,– гу зэхэтакъокӀэ Турабэ ыӀуагъ.– ЫӀупшӀэхэри стырых, ыбгъэхэри пытэх! Сыд пкӀыхьэпӀэ ӀэшӀу, тхьэхэр, нычхьапэ сызхэшъущэгъагъэр, мэкӀагъэ нахь! Шэныбэжъыр ары мыхъугъэмэ, къэнэжьыгъэ щыӀагъэп!..» – шъхьафитынчъэу Турабэ чъыгым зыриусэигъ, инэплъэгъу Дэхапсэ иунэкӀэ щыӀэу ыгукӀэ нэмыкӀ гужьыдэгъэкӀ зыщыриӀэ къакъырымкӀэ зидзыжьыгъ.

Къакъырым Турабэ чӀэхьагъэп – чӀэлъэдагъ. Щыдым нахътэр тырилъхьи, бгыкъужъыем кӀэкӀэу рипхыгъ, ежь шхынлъэ набжъэм теуцуагъ. «О зыр ары, сидах, гужьыдэгъэкӀэу къысфэнэжьырэр... сыгъатхъ, сыгу жьы дэгъэкӀ нычэпи...»

## VIII

Гъэмэфэ мэзэ ошӀум Рэдэд къосэгъупщыр онэгум къимыкӀэу дзэ зэхэщэн Ӏофым ыуж итыгъ. Къосэгъу чылэ пэпчъ, Гъоитх къушъхьэ кӀыбым дэтэкъогъэ хьакӀуцу чылэмэ анэмыкӀэу, ежь ышъхьэкӀэ зынэмысыгъэ къыгъэнагъэп. Ибэ-нахьыбэмэ къызэхашӀыкӀыгъ, къыдырагъэштагъ, ау чэтэ-пчыпэ зэхаокӀэ къырагъэуцолӀагъэри мэкӀагъэп. Хэти ичыл, ихэгъуашъхь, ичӀыгу нахь, хэгъэгу зыфаӀорэр, ар хымэ техакӀомэ, нэмыкӀ хъункӀэкӀо купмэ къазэрэщыуухъумэн фаер, хэбзэ гъэнэфагъэ зэрилъын, пщы зэриӀэн, ащ иӀо зэрагъэцэкӀэн фаер къагурыӀощтыгъэп.

Чылэ пэпчъ ащызэхащэгъэ шыу купмэ ялӀыкӀохэр зыхэлэжьэщт дзэ зэӀукӀэу Къурай гъэхъунэм щашӀыщтым ипӀалъэ неущ къэсыщт, нахь чӀыпӀэ чыжьэ къарыкӀыщтхэр Мэзыбэ къэкӀуагъэх, ащыщхэр неущ къызэрехъулӀэнхэу Мыстхъакъо, Шышъхьарыс, Ныбэжъ, ТӀокӀэжъ, нэмыкӀ чылэ благъэхэми къащыуцугъэх. Зыхыхэри мыутӀэхэри къахэхьанхэу макъэ арагъэӀугъ, ау ащыщ къэлъэгъуагъэп, ягухэлъи ашӀэрэп. Мэщыкъорэ Даурырэ зипэщэ шыу лӀыкӀохэу Гъоитх лъэныкъом щыӀэмэ якъэсыжьыгъо тыгъоснахьыпэ икӀыгъ. Шэсы афашӀыгъэ Чэчанрэ Къоданрэ якупи къагъэзэжьыгъэп. Уахътэр макӀо, гумэкӀым къыхэхъо.

– Щэджагъо нэс къызымысыжьхэкӀэ,– Рэдэд къыӀуагъ,– а лъэныкъом шӀу щыӀэп, Колэс.

– Джыри мэфэ псау къытпыщылъ,– зы нэбгырэми зэриӀорэр, щысмэ ацӀэкӀэ Колэс къыӀуагъ,– гугъэм нахь Ӏэзэгъу щыӀэп. Темрыкъу, къяӀу мы тиныбжьыкӀэ пащэмэ гъэрыпӀэм ущэӀэфэ укъэзгъэнагъэр,– имахълъэ, Чэчанэ ятэ ӀэкӀэкӀодагъэу зыфаӀорэ лӀы хьакӀэм ыгу зэрэфэмышӀур къызхимыгъэщэу Колэс еупчӀыгъ.

– Гугъэ иныр, дунэе лъапӀэр ары, тхьамэтэ маф.

– Сэри джа гугъэр ары сигъэрыпӀэ сыкъизыхыжьыгъагъэр,– Колэси игуапэу къырихыжьэгъэ гупшысэр къыушыхьатыжьыгъ.– Джы еплъ хъурэм: къосэгъу пщы ныбжьыкӀэри дзэ зэхащэри къэслъэгъужьыгъ. Хэт ышӀэра, титхьэмэ тагъэпсаущтмэ, джыри тапэкӀэ къытпыщылъыр.

– Адэ, тыщыӀэн, тисабыйми ташъхьащытын,– гущыӀэ лъапсэр къымыубытыгъапэми ТӀатӀыхъуи къыдыригъэштагъ, нахьыжьыгъэ чӀыпӀэмкӀэ къыгосым еупчӀыгъ: – Арба, ГъучӀыпс, сыд пӀорэ о?

– УиӀэ пстэур сиӀэн нахьи, ТӀатӀыхъу,– ибэщышъхьэ къытеущыжьыгъакӀ пӀонэу, ГъучӀыпсэ джэуап къытыжьыгъ,– узыщыгугърэр сиӀагъэмэ...

– Мыдэ мыр зыкӀэхъопсырэр! – игугъэ тырахыгъэ фэдэу ТӀатӀыхъуи къыхэкуукӀыгъ.

– Сэ Ӏаджми, ТӀатӀыхъу, сакӀэхъопсы,– ГъучӀыпсэ ибэщышъхьэ телъ Ӏэгушъомэ ыжэпкъ зэрателъ,– хъуапсэрэм ыпсэ кӀодырэп аӀошъ, тиныбжьыкӀэмэ сяхъуапсэ, ахэмэ сафэдэу сыкъичъыжьынэу сыфай. А-ей, сикӀэлэгъу-делагъэрэ силӀыгъэ-мылъахъэрэ хэт къыситыжьын! Ижъым тышыу шъхьэзэкъуагъ нахь, Лаурстэныкъо Рэдэд къосэгъупщым зэхищэрэ дзэм фэдэ зэхэпщэн фаеми тшӀэщтыгъэп. УлӀэхъупхъ, Лаурстэныкъор, къыкӀемыгъэч! Уятэ зыдаплъэщтыгъэм нахь чыжьэу уплъагъ, сикӀал.

– Тятэ шӀоигъуагъэу ыпшъэ рамыгъэфагъэм иӀоф зесфэрэр, тхьамэтэ маф,– Рэдэд ыгу къызэрэпыузыкӀыгъэр къызхигъэщыгъэп, янэш Къэншъауи къехъулӀагъэр щыгъупшагъэп. «Сыд шъуӀуа ипсэукӀэр? Темрыкъо къызхигъэфэгъэ лӀыгъэм фэдэ горэ зыхигъэотэжьэу къыгъэзэжьыгъагъэмэ, ащи ишӀуагъэ къысигъэкӀыни...» ТичӀыфэ зытелъ хъэзармэ къахэчъыжьи, тэ дунаим тытемытыжь пӀонэу, тятэ ылъ ымышӀэжьэу, Темрыкъо зэриӀоу, зыщыщ ымышӀэрэ русичмэ аголъэдагъ... Сыпсау, сыузынчъ ыӀоу ышыпхъу нахьыжъ макъэ къыригъэӀурэп... Дзэр зэхасщэу, сипщыгъо онэгу зизгъэпытыхьэмэ, тыдэ щыӀэми къэзгъотын!..»

– Мыстхъэкъо лӀыжъитӀум, Пщымафэрэ Джэбагърэ, тинеущырэ зэфэс хэтынхэу макъэ ябгъэӀугъа, зиусхьан? – зыцӀэ къыриӀогъэ лӀыжъитӀур зэфэсым къызэрэрагъэблэгъагъэр ышӀэщтыгъэми, игупшысэмэ Рэдэд къахищыжьынэу Колэс къэуупчӀагъ.

– Къырагъэблэгъагъэх, Колэс,– Рэдэд ычӀыпӀэкӀэ Темрыкъо джэуап къытыжьыгъ,– сэ сшъхьэкӀэ ясӀуагъ. Нахьлъэш къыдэкӀонхэу аӀуагъ.

– ЗэшӀужьыгъэха? – аужырэ гущыӀэр Колэс ыгъэшӀэгъуагъ.

– БэшӀагъэ зызэшӀужьыгъэхэр!..– Темрыкъо къыӀуи, шъорырэ сэрырэ зиӀоф зэхэмыфыр нахь, гукӀэ пигъэхъожьыгъ.

– Тэрэзэу ашӀагъ, адэ егъашӀэм зэпыинха!..– Колэс къыӀуагъэр Темрыкъо зэрэфэгъэхьыгъэр занкӀэу фиушъхьафыжьыгъ: – Чэчан аӀоу сэ пхъорэлъф горэ сиӀэшъ, ащкӀэ къэгъэщыгъуай... Мыстхъэкъо лӀыжъмэ сакъызкӀыкӀэупчӀагъэр,– къыригъэжьагъэм псынкӀэу текӀыжьыгъ,– зэфэсым ыуж лӀыжъхэм тӀэкӀу тызэхэгущыӀэжьыгъагъэмэ дэгъугъэ сэӀошъ ары.

– Сыд тэбгъэӀощт, Колэс? – ГъучӀыпсэ ыжэпкъ джы бэщышъхьэм къытыриӀэтыкӀыгъ.

– ТӀон макӀа, ГъучӀыпс,– щхыпцӀыгъэ Колэс,– щыӀэныгъэр макӀо, жъы тэхъу, ныбжьыкӀэхэр къыткӀэхъухьэх.

ЧылакӀэмкӀэ нысэщэ орэдым зыкъыщипхъотагъ, Колэс идэшхо чъыгышхо ычӀэгъ чӀэсхэм атхьакӀумэхэр кӀагъэзыкӀыгъэх. «Тыгъэм фэдэу нэгуплъэу, мафэм фэдэу нэгуфэу, ыгукӀэ къабзэу, ыбзэкӀэ шъабэу, пытэу нысэ къэтэщэ» – нысэщэ орэдым хэлъ гущыӀэхэри къалъыӀэсыгъэх.

– Хэт сэӀо мэфэ щэджагъоу къэзыщэрэр? – тхьэ елъэӀуным ычӀыпӀэкӀэ ТӀатӀыхъу хэгубжыкӀыгъ.

– Мафэ Ӏо, ТӀатӀыхъу, укъимылъ, тхьэ елъэӀу! – гухьагужъыгъэ хэмылъэу ГъучӀыпсэ гъунэгъум фидзыгъ, иныбжьыкӀагъи къышӀудэоежьыгъ: – А-ей гущ, сикӀэлэгъу-делагъэрэ силӀыгъэ-мылъахъэрэ тэ къисхыжьын, машӀор къыспытэкъукӀэу нысэщэ джэгум сыкъыщышъони! Хэт шъуӀуа зинысащэр?

– Хьакъарэ ишъэо нахьыжъыкӀэ сэгугъэ,– Рэдэд къыӀуагъ.– Нычхьапэ къыщэнэу щытыгъ, мэфэщэджагъом зыкӀекӀужьыгъэхэр сшӀэрэп нахь.

– Къэпщэщтмэ,– Колэс ӀугушӀукӀыгъ,– пчыхьэ, щэджагъо иӀа?! Зэрэгъотыгъэ ныбжьыкӀэмэ тафежъугъэхъохъу, жъышъхьэ мафэ зэдэхъунхэу тафэжъугъэлъаӀу. Хэт шъуӀуа Хьакъарэ благъэ фэхъурэр?

– Сымыгъуащэмэ, Колэс,– Темрыкъо къыӀуагъ,– Нахьлъэш шыпхъу закъоу Мыстхъакъо щыриӀэм ипшъэшъэжъыекӀэ сэгугъэ. Ащ нахьрэ Ӏоф тичылэ тхьамэфэ псаум дэлъыгъэп.

– О-уи-и, зэхэсхырэр гъэшӀэгъоны! – ТӀатӀыхъу джыри къыхэкуукӀыгъ.

– Ащ бгъэшӀэгъон хэлъэп,– ГъучӀыпси къыухыжьыгъ.– ГушӀуакӀо шъукӀощтымэ, чылапшъэхэр, зыжъугъэхьазыр!

– Чылапшъэ, чылакӀэ тымыӀожьынэу, тхьамэтэ маф, тызэзэгъыгъэба! – шъхьэм илъыгъэр нэмыкӀыгъэми, Рэдэд къымыӀон ылъэкӀыгъэп.

– Зэфэсыр зыщыӀэщт мафэм,– Колэс щхыпцӀыгъэ,– Хьакъарэрэ Нахьлъэшрэ ягушӀуагъо зэрэтырагъэфагъэр...

Тыкъызэкlэкlонэп зэрэ Къосэгъу, тижъи тикlи тызэхэтэу, зэфэс ужым, янысэщэ джэгу адэтlэтын! – Колэс нахь мэкъэ теубытагъэкlэ къыухыжьыгъ.

Непи, дзэпэщэ зэфэсыр зыщырагъэжьэщтым, Гъоитх хьакlуцу лъэныкъом аlофтэгъэ лlыкlохэм къагъэзэжьыгъэп. Акlалъылопщыжьыгъэхэри яжэщтыгъэхэри къэбарынчъагъэх.

– Сыдэу тшlын, зиусхьан,– Колэс игумэкl къызхимыгъэщэу Рэдэд еlушъэшъагъ,– тяжэнэп. Зэфэсыр къыппэплъэ, уигумэкl къызхэмыгъэщ.

– Тызажэрэ щыlа, зиусхьан? – шыукъамыщ тхьапэр щазымэ шъхьаlум тыригъэджэгухьэзэ, Нахьлъэш цlэплъым зышlомыдэеу, щытхэми зэхаригъэхэу, Рэдэд еупчlыгъ, джэуапым емыжэжьэу, къышlуаушъэфырэм зэрэщыгъуазэр аригъашlэу фидзыгъ: – Гъоитх лъэныкъомкlэ шlу зэрэщымылэр нафэ, зэфэс ужым кlо пlомэ, сыкlон. Хьакlуцухэр нэlуагъэх, ткlуачlэ зэхамышlэу а лъэкlэпlащэхэр къеуцолlэщтхэп. Хьау пlомэ, тызэдэшэсын.

– Непэ, джыдэдэм, Нахьлъэш, хьакlуцумэ яlоф зетфэнэп, джыри мафэ щыl,– Рэдэд къыlуагъ, кlэкlэу пигъэхъожьыгъ,– о узипэщэ мыстхъэкъо шыумэ апэ иуцожь.

– Сыкъыбготымэ хъущтба?

– Укъызызготын мафэхэри къыхэкlыщтых, ау мы чlыпlэр непэ щегъэжьагъэу къосэгъупщым зэриер пшlэным сыфай. Хабзэрэ бзыпхъэрэ къосэгъу хэгъэгум ерэлъ.

– Аущтэу оlомэ, зиусхьан, сыкъеуцуалlэ, муары Хьакъарэдыхэри ячlыпlэмэ арытых,– ыгу къижъэжьыкlмэ зиlажэзэ, Нахьлъэш цlэплъыр lукlыжьи, утыгу гъунэм ремыкlокlэу, ыгузэгу зэпичи, мыстхъэкъо шыумэ апэ иуцожьыгъ.

– Хьакъарэдыхэм язакъоп,– къэдаlощтыгъэхэм зэхаригъэхэу мэкъэ шъырыткlэ Рэдэд зытамэхэр гъэкlыгъэу lукlыжьырэ Нахьлъэш кlэлъиlожьыгъ,– тинахьыжъхэри ячlыпlэ гъэшlуагъэ щызэхэс.

«Тиапэрэ къосэгъу зэфэсым мырэущтэу Нахьлъэш сыщыдемызэкlогъагъэмэ хъущтыгъэп, зыдэщытын фэе чlыпlэр рязгъэlуагъэ пэтзэ, зыкъызгуегъапкlэ,– Рэдэд гукlэ ыlозэ, тэрэзэу сызекlуагъа къыригъэкlэу нахьыжъмэ ахэт Колэс фыреплъэкlыгъ, къыпагъохыжьыгъэ рэзэ нэплъэгъуми ыгъэрэхьатыгъ, Къурай гъэхъунэм къеухъурэикlыгъэ шыумэ ахэплъагъ, ашъхьапырыплъыгъ, хьакlуцухэри, зыхыхэри, мыутlэхэри ынэгу къыкlэтэджагъэх: – Сыда Мэщыкъодыхэм якъэмыкlожьыкlэ?.. Зыхыхэми мыутlэхэми ялlыкlохэр тизэфэс къагъэкlуагъэп... Мы сапашъхьэ итмэ Нахьлъэш цlэплъым фэдэхэр ахэмытынкlэ огугъа?.. Муары, нысэ къызфащэгъэкlэ Хьакъарэ шъоубзэгу зыкъысфешlы нахь мышlэми, хэт ышlэра ыгу къысфилъыр... Титхьэмэ ацlэкlэ зэфэсыр къызэlусэбгъэхырэп еlошъ, Тураби къысфычlэплъы... Зэкlэми апэ ит, зыкъахигъэщы шlоигъу... адыгэба!..»

Ошъогум щыгъощэгъэ пщэ фыжь куашэм къохьэгъэ тыгъэр къыкъокlыжьыфэ Рэдэд къосэгъупщыр ежэщтыгъэ. Ащ гу лъызытагъэу мыгумэкlыщтыгъэр сэмэгумкlэ лъэбэкъу зытlущыкlэ ыуж итыгъэ Шыупащ ары.

Тыгъэ-Тхьэшхор пщэф куашэм къызэрэкъоплъэу Рэдэд ыlэ къыlэтыгъ:

– Ти Тхьэшхорэ титхьэхэмрэ яшlэ хэлъэу тизэфэс къызэlусэхы. Тызтегущыlэщтыр къосэгъу дзэ зэхэщагъэм иlоф. Чылагъо пэпчъ, шыу куп зэфэсым къагъэкlуагъ. Тхьаегъэпсэух, сыкъызэхашlыкlыгъ. Непэ щегъэжьагъэу Къосэгъу пщыгъом «мардж!» зыщытlорэм шэсынэу шыу шъитф иl. Макlа ар хьауми ба? Къытэкlурэ хъэзар дзэм елъытыгъэмэ, макlэ. Ау джыри зыхымэ, мыутlэмэ зи къаlуагъэп, непэ нэс ялlыкlомэ тяжагъ шъхьакlэ, къытфагъэкlуагъэхэп. Зишъыпкъапlэ тымышlэрэмэ екlэ татегущыlэныр къезгъэкlурэп, шъори зышъуlаж.

– Хьакlуцухэр? – зыфаер къыдэхъоу, утыгум иадырабгъукlэ Нахьлъэш къикуукlыгъ.– Тиlыкlохэр хьакlуцумэ сыд къызфаlыгъэхэр?

– Алъытlопщыгъэхэри ары,– мыдырэ лъэныкъомкlи Шэныбэ къыдыригъэштагъ, нэмыкl гори къыхэкуукlыгъ, бырсыр зэхэкуо макъэри шыумэ ашъхьагъ рычъагъ, зи зэхамыхыгъэ фэдэу чlым афыхатlэгъэ пхъэнтlэкlу кlыхьэмэ лlыжъхэр атесыгъэх. Бэщышъхьэр зыжэпкъ кlэгъэкъогъэ Гъучlыпсэ ышъхьэ къыlэтыгъ.

– Гумэкlыгъо щыlэп, Гъучlыпс,– Тlатlыхъу шъэогъу нахьыжъым риlуагъ.

– Ары оlуа? – Гъучlыпсэ къыдзыжьи, ибэщышъхьэ зытыригъэгупсэфэжьыгъ, тlэкlуи хэгурымыкlыгъ.

Рэдэдыпщым ыlэ джыри къыlэтыгъ, бырсыр макъэри уцужьыгъэ.

– Арышъ, шъори зышъуIаж,– Рэдэд нахь мэкъэ теубытагъэкIэ зэпигъэугъагъэр къыкIиIотыкIыжьызэ, зи къэмыхъугъэ фэдэу къыпидзэжьыгъ: – Ахэми языкъэшIэжьыгъо къэт. Тэ къыттеорэ хъэзархэм ясэ-аланхэм зафакъудыи аIозэ, Тумтэкъашъэ къыдэтIысхьэгъэ русичхэр къазэрэтеощтхэр къэтлъэгъужьын, яшэси къызытфагъэчъэн чIыпIэ ифэных. Тэ къосэгъу дзэр зыфызэхэтщагъэр тызэонэу, зыгорэм ичIыгу, ихэгъэгу тибэнэнэу, тимыер къатетхынэу арэп. Тикъушъхьи, тимэзи, типсыхъохэри, тихъупIэхэри, тигъогухэри тилъагъохэри – зэкIэ къосэгъу пщыгъо-хэгъэгур къырытыухъумэщт. Дзэр пIыгъыным, бгъэшхэным, пфэпэным, уушIэшыным бэ ищыкIагъэр. Илъэсныкъом тызгъэпсэун дышъэрэ тыжьынырэ тиI. Ащ нэс тызэусэн Iофыгъохэри щыIэх. Джыдэдэм дзэр зэрытIыгъын мылъку къэкIуапIэр типщыгъо-хэгъэгу пхырыкIэу хы ШIуцIэм екIолIэрэ гъогур ары. Ар щынэгъончъэу, щэн-щэфакIохэр гупсэфэу рыдгъакIохэ къэс, тифедэ хэкIыпIэ зыкъиIэтыщт. Мэзыбэрэ Мыстхъакъорэ азыфагу къыщыхъугъэ тхьамыкIагъом изэхэфын джыри тыухыгъэп, ау зилажьэр къызэрэдгъотэу ифэшъуашэ ежъугъэгъотынэу шъуапашъхьэ къисщэнкIэ шъусэгъэгугъэ.

– ТилIыкIомэ къамыгъэзэжьмэ, сыд хьакIуцумэ ятпэсыщтыр? – араб щакIомэ ятхьамыкIагъо Рэдэд къыIо зэхъум, Нахьлъэш цIэплъым къехъулIэрэр зыдимышIэжьэу, ыIэпкъ-лъэпкъыхэр къэучъыIыхэу гъэхъунэм джыри къышъхьэпырыджыкIыгъ.

– ШIу зыгу къытфилъэу типщыгъо-хэгъэгу къытфихьэрэмэ екIэ апэгъокIырэмэ, екIэ тапэгъокIыжьыщт. Ар зы лъэныкъу,– зи зэхимыхыгъэ фэдэу Рэдэд игущыIэ зэпигъэугъэп, бырсыр макъи зэхихыгъэп, «щэIэгъэ-Iэжагъэ хэлъ мыщ», Колэси гукIэ ыIуагъ.– АдырэмкIэ, чылагъо пэпчъ ащызэхащэгъэ шыу куп пэпчъ ежьхэм ащыщ пащэ яIэщт, пэщэ гуадзэри а чылэм щыщыщт. ТIури къосэгъупщым дзэ IофымкIэ иIэщт дзэпащэм фэIорышIэщт. Дзэпщыщтым ыцIэ тапашъхьэ ис тижъы гъэшIуагъэмэ къыраIощт. Шымэ афикъущт мэкъур чылэ унагъомэ заугъоихэкIэ, зыщагощыщт чIыпIэм рагъэуалIэ. Хэгъэгу шыуш пэпчъ инал кIэлъхьан пкIэ хэмылъэу чылэ гъукIэмэ апшъэ итэлъхьэ. Зиш пщыгъом фэфэхырэм, зичатэ фызэпызыутырэм шырэ чатэрэ пщыгъом регъэгъотыжьы. Зышъхьэ хэзылъхьэрэм иунагъо къинэгъэ сабыймэ ашъхьэ къаIэтыфэ зэрэфэлъэкIыщтымкIэ хегъэгур адыIэпыIэ. Къосэгъу пщыгъом зэо-банэ къызырашIылIэкIэ, «мардж» зэрэтIоу, чылэгъо шыу купхэр къэшэсы. Хэгъэгур гумэкIыгъо зифэрэм, къосэгъупщыр дзэм ыпэ еуцо. Непэ тинахьыжъмэ зыцIэ къыраIощт дзэпащэр апэрэ гуадзэу пщым фэхъу, яIорэ яшIэрэ зэхэлъми, ыIорэм блэкIырэп. ЕтIанэ, дзэм пэIуагъахьанэу къосэгъу унагъо пэпчъ, сэ къысщыкIэдзагъэу, дышъэ чапыч зырыз къеты. Ар зыфызэшIомыкIырэм, ыIэ къызэрихьэу, былымкIи, лэжьыгъэкIи фызэблэтхъущт. Джы къэупчIэ зышIоигъор утыгум къерэхь.

«Зымафэ тызэрыгущыIагъэм щыщ хигъэзыгъэп,– Колэс игуапэу гукIэ ыIуагъ,– фэхыгъэ зиIэ хъурэ унагъомэ зэряшIушIэн фаери, дышъэ чапычыр былым-лэжьыгъэкIэ зэрэзэблэпхъун плъэкIыщтыри къыхигъэхъуагъ, тэ таужи нэмыкIмэ ягупшысагъ. Ыныбжь емылъытыгъэу бэмэ гу алъетэ, игъо рагъафэмэ, пщы Iуш хэкIыщт. Зэп-тIоп упчIэкIэ Нахьлъэш зыкъызэрэфидзыгъэр, зыригъэгъэлъэпэуагъэп. Джы шъукъэупчI apeIo. Мыхэмэ, щыт пэпчъ, упчIэ яI, ищыкIагъи имыщыкIагъи къыптыратакъо хъумэ...» – Колэс къэгумэкIыгъ, зыкъаригъашIэ шIоигъоу зыхэсмэ къахэпскэуIукIыгъ шъхьакIэ, утыгум къызэрихьэрэр зэзымыпэсыжьырэ Нахьлъэш игумэкI IэкIихыгъ.

– Зиусхьан, сыкъызфэупчIэщтыгъэм, зэхэмыхыгъэмэ сшIэрэп нахь, иджэуап къептыжьыгъэп,– Нахьлъэш цIэплъыр гукIэ зэрэщхыпцIырэр ышъо къыхэщэу къыIуагъ.– Джа хьакIуцумэ афэбгъэкIуагъэхэр къызэрэмыкIожьыгъэхэр ары.

– КъэмыкIожьыгъэхэмэ, непи неущи тяжэщт.

– Мыпсаужьхэмэ сэIошъ ары.

– Мыпсаужьхэмэ, къяхъулIагъэм елъытыгъэу тызекIощт.

– ХьакIуцумэ афэбгъэкIощт дзэм сырипэщэнэу сызэрэхьазырыр зэфэсым зэхихэу къыосэIо, зиусхьан,– Нахьлъэш зыфаер къыIуи, ичIыпIэ уцужьыгъэ.

– Сэ, къосэгъупщым, къыуасIорэр ары нахь, о пIорэр арэп, Нахьлъэш,– мэкъэ пытэ-гугъуемылIыкIэ утыгум икIыжьыгъэм Рэдэд кIэлъиIожьыгъ, нахь гупсэфэуи фыпигъэхъожьыгъ: – УкъызэрэупчIэщтыгъэр зэхэсымыхыгъэкIэ умыгугъ, Нахьлъэш. Къосэгъупщыр къэгущыIэ зыхъукIэ,

зэрэззэпамыгъэурэр, гу лъыптагъэмэ, ащкIэ къыбгурызгъаIо сшIоигъуагъ. Хэти зэрыт чIыпIэм елъытыгъэу уасэ зэрэзыфишIыжьын фаер, уизакъоп, сэри зэсэIожьы, къосэгъу зэфэсым хэлажьэхэрэми афэсэгъэпытэ.

– Ар пщы тфэхъун! – ГъучIыпсэ лIыжъым зэхихыгъэм джыри бэщышъхьэм зыкъытырыригъэIэтыкIыгъ, IитIури икIэгъэкъонэу тхыми зырыригъэщыгъ.

– Сэри упчIэ сиI, зиусхьан, – Шэныбэ зыхэтмэ къахэкIызэ, Хьакъарэ фыреплъэкIыгъ, – зыхыхэмрэ мыутIэхэмрэ тэщ фэдэу пщыгъоштха, хьауми тызы хэгъэгуща?

– Ар тызэрэзэзэгърэм елъытыгъэщт. Къытхэхьагъэхэпышъ, непэ татемыгущыIэныр нахь тэрэз. Ау тилъэпкъэгъу адыгэм замыухъумэжьышъумэ, ащ къикIырэп язакъоу пчэгум къитынэнхэр. СIофытагъэхэми джар язгъэхыгъагъ. Тадэгузэжъонэп, хъурэм теплъын. Мыдырэ хьакIуцухэм яIоф шъхьафы, ахэр типщыгъо исых... Хэт джыри къэгущыIэ шIоигъу?

– ЕмыкIу сфэмылъэгъущтмэ, зиусхьан, – шыумэ акъогъу иупкIэ пэIо шIуцIэ ышъхьашыгу диIыгъэу илъэс щэкI горэ зыныбжь лIы зэпэхъурэе цIыкIу къыкъокIыгъ, – сэ сиупчIи, сигущыIи зэголъыщт. ЗезгъэукIыхьащтэп. Тэ Шышъхьарыс тыкъекIы, сцIэр Агъбан. Мыщ фэдиз гумэкIгукIэгъу къытфызиIэ къосэгъупщым сыд иунэгъо щыIэкIэщтыр?

– Унэгъо щыIакIэм тызэрэпсэущт-тызэрэшхэжьыщтыр армэ къибгъэкIырэр, къыосIон, – Рэдэд щхыпцIызэ, иджэуап кIэкIы. – СшынахьыкIэ Шыупащэрэ сэрырэ титхьэмэ яшIушIэкIэ тыпсау, тыузынчъ, кIуачIи тиI. Тэлажьэ, тэшхэжьы, тяни зыдэтIыгъ.

– Ар дэгъу, зиусхьан. Тэри джары тызэрэпсэурэр. Ау къосэгъупщыр тэщ фэдэп, мыщ къырихьылIагъэхэми модыкIэ чылагъомэ адэсми афэдэп. Пщым ифэIо-фашIэхэр фызэрахьэу лэжьэкIо зыщы-зыплI иIэнэу, дзэм фэтыугъоинэу тIуагъэм щыщ мылъкумкIэ ахэр аIыгъын фаеу сэлъытэ, къызгурыжъугъаIу, пщылI Iофэп сызтегущыIэрэр. Джыри зы упчI. КъосэгъупщымухъумэкIо куп икъэлапчъэрэ иунапчъэрэ аIутынэу иIэн фаеба?

– Тхьауегъэпсэу, Агъбан, – Рэдэд зэхихырэр игуапэми, къэгузэжъуагъ, – ахэмэ джыри танэсыгъэгоп, зыкъэсыухъумэжьын слъэкIынэу сицыхьэ стелъыжь.

– Аущтэу узэрэщытыр дэгъу, зиусхьан, – Агъбан къыIуагъэм текIыгъэп, – ау шIу зыгу имылъ Iаджи дунаим тет... Модэ къушъхьэмкIэ, мэзымкIэ плъэлъ, зиусхьан. Анахь иныр, анахь лъагэр ары нэм ылъэгъурэр, нэм къыкIаорэр... О пIощтми пшIэщтми уфит, зиусхьан. Ау къыyаIуагъэм уегупшысэмэ, нахьышIу. Джащ сиупчIэ-гущыIэ къыщысэухы, – джыри иупкIэ пэIо шыгу диIыгъэу пытэ-пытэу IукIыжьыщтыгъэм Рэдэдыпщым имызакъоу Нахьлъэш цIэплъыри кIэлъыплъэзэ, шышъхьарыс шыумэ ахэхьажьыгъ.

– Джы упчIэ щымыIэжьмэ, – Рэдэд къыIуагъ, – дзэпщ хэдзыным ыуж тижъугъахь. Зимафэ мэфишъэ хъун Колэс, оры гущыIэр зыер.

– Апэрэ Къосэгъу зэфэсым къырихьылIагъэхэр, – Колэс зыхэсыгъэ лIыжъ гъэшIуагъэмэ къахэтэджыкIыгъ, къакIэрымыкIыпэу, зэкIэми къалъэгъунэу, къызэхахынэу къызэтеуцуагъ, – сэ сигущыIи кIэкIыщт. Къосэгъу пщыгъо къопэ зэфэшъхьафмэ къарыкIыгъэ нахьыжъ гъэшIогъэ щэкIырэ зырэмэ къахалъхьэгъэ Iофыгъом шъурызгъэгъозэн. Зэфэсым хэлажьэрэмэ дзэпщыкIэ зыцIэ къыраIуагъэр нэбгыриплI. Нахьыбэрэ зыцIэ шъуапашъхьэ къыщыраIорэр къосэгъу дзэпщкIэ хэтэхы. Зынэрэ зытхьакIумэрэ чан цыхьэшIэгъу нэбгыритф къызхэжъугъэкIи, утыгум къижъугъахь. Дзэпщ хэхыным ыуж тихьаным ыпэкIэ ныпчэдыжь, зэфэсыр едгъэжьэным ыпэкIэ зыцIэ къыраIогъэ нэбгыриплIымэ ацIэ къесIон. Мэщыкъу, Нахьлъэш, Къодан, Чэчан. Нахьлъэшрэ Мэщыкъорэ къэдгъанэхи, Къоданэрэ Чэчанрэ щыдгъэзыягъэх. Аущтэу зыкIэтшIагъэми джыдэдэ тшIэщтыми татегущыIэрэп. ЦыхьэшIэгъу нэбгыритфыр шъухьазыра?

– Тыхьазыр, тхьамэтэ маф, – цыхьэшIэгъумэ ацIэкIэ Агъбанэ къыIуагъ.

– Шъухьазырмэ, моу къэкIуат, Агъбан, – Колэс пхъэ псыгъо цIыкIуитIур деIэтаешъ, цыхьэшIэгъухэми, зэфэсым хэлажьэхэрэми арегъэлъэгъу. – Пхъэ псыгъуитIум языр, мары шъолъэгъу, нахь кIаку. КIыхьэр – Нахьлъэш, кIакор – Мэщыкъу. Къыхэтхыгъэ пхъапэр зыфэтыусыгъэ цIэмкIэ дзэпщ хэхыныр тэублэ. Iэгушъо чIэгъым къычIэщырэ пхъапэм яз къытеIаб, Агъбан. Нахьлъэш ипхъапэ къычIэкIыгъэшъ, ащ ыцIэ апэ итэу хэдзыныр етэгъажьэ. Джыри, цыхьэшIэгъухэр, гу лъышъосэгъатэ, тIуми ацIэ къесIощт,

нахьыбэрэ тинахьыжъмэ зыцӀэ къыраӀуагъэр дзэпщыкӀэ тэштэ. Къесэгъажьэ, сыкъэупчӀэ: Нахьлъэша, Мэщыкъуа?

«Мэщыкъу, Мэщыкъу, Нахьлъэш, Мэщыкъу, Мэщыкъу, Мэщыкъу, Нахьлъэш, Мэщыкъу...» – къэзыӀорэм ыӀэ къыдидзыемэ, хихырэ дзэпащэм ыцӀэ къыриӀозэ, нэбгырэ щэкӀырэ зырэр къагъэгущыӀагъ.

– Шъулъэгъугъэ, зэхэшъухыгъэ, тинахьыжъмэ, яшӀошӀ къядгъэӀуагъ.– Колэс зэкӀэми зэхаригъэхэу къэупчӀагъ: – Хэт, Агъбан, нэбгыритӀум язэу нахьыбэрэ зыцӀэ къыраӀуагъэр? Зэфэсым хэлажьэрэмэ зэхахэу хъугъэр Къосэгъу пщыгъом ипщышъхьэ Рэдэд фэӀопщыжь.

– Тинахьыжъ гъэшӀогъэ щэкӀырэ зырэмэ ащыщэу Къосэгъу пщыгъом ипщыжь Рэдэд,– мэкъэ гъум пытэкӀэ Агъбанэ къыӀуагъ,– нэбгырэ тӀокӀырэ блырэмэ Мэщыкъо ыцӀэ къыраӀуагъ.

– ДзэпщыцӀэр Мэщыкъо фагъэшъошагъ! – зэригуапэр къыхэщэу, нэбгыриплӀ нахьыбэ Нахьлъэш ыцӀэ къызэрэрамыӀуагъэри шӀозафэу Къосэгъу пщыгъом ипщыжь Рэдэд шъхьэӀулӀэ къыфишӀыжьыгъ.– Джащ тиапэрэ непэрэ зэфэс Турабэ итхьэлъэӀукӀэ щытэжъугъэухыжь.

– Зимафэ мэфишъэ хъун зэфэс, шъуӀэ Тхьэшхом фыдэшъуӀэтай, адырэ тхьэхэри зыщышъумыгъэгъупшэхэу шъугу афызэӀушъух, шӀум шъущимыгъэкӀэнэу, ер шъушъхьэщихынэу шъуелъэӀу,–зэкӀэми аӀэхэр Ӏупчъапчъэхэзэ, ошъогум дагъэчъэягъэх, зэрэдаӀэтэегъэ зэдемыгъэштэ-зэмыкӀум фэдэуи радзыхыжьыгъ.

– Зэфэсым хэлэжьэгъэ хьакӀэхэр, зэ шъукъэуцу,– Хьакъарэ игузэжъо макъэ шэсыжьынхэ зигухэлъыгъэмэ ашъхьэхэр къаригъэпхъотагъ,– сикӀэлэ нахьыжъ инысэщэ джэгу шъукъесэгъэблагъэ, сиӀани, сиджэгуи...

КъыӀулъэдэгъэ шыуитӀумэ Хьакъарэ къыӀощтыр къырагъэухыгъэп.

– ТызфэпӀопщыгъагъэм, зиусхьан, къэбарышӀу къитхыгъэп,– Чэчанэ къыӀуагъ.– ТилӀыкӀомэ хьакӀуцухэр къязэуагъэх... Даур ихьади, нэмыкӀ хьадитӀуи къахьыжьы...

Щэджэгъоужмэ адэжь Мэзыбэ хьадэгъищ къыдэтэджагъ.

– Модэ, Чэчан,– Даур ихьадагъэ хэт Колэс ипхъорэлъф еджагъ,– Адышэсырэ Шыупащэрэ зигъэгъуси, Хьакъарэ



шъуфэшэс. Мэзыбэ хьадагъэхэр дэтыфэ, инысащэ зэтыриӀэжэнэу ешъуӀу. Сыд бгъэшӀагъорэр?

– Ащ фэдэ хабзэ тхэлъэп... КъытэдэӀуна сэӀошъ ары...

– Тхэмылъымэ, джы тхэрэлъ! Хьадэ зыдэлъ чылэм нысэщэ-джэгу дэтыныр емыкӀу...– Колэс лӀыжъым аужырэ гущыӀэхэр ежь зэриӀожьызэ зыхэт ныбджэгъумэ, нахьыкӀэмэ аӀуплъагъ, къызэрэдырагъаштэрэр анэгухэмкӀэ зэхишӀагъ, ау ыӀофтагъэмэ къазэрэпэгъокӀыщтым ыгъапэщтыгъ, тӀэкӀу тешӀагъэу къоджакӀэмкӀэ къиӀукӀыщтыгъэ шыкӀэпщынэ-къамыл-зэрэгъэчэф макъэхэр уцугъэх, къэсыжьыгъэ лӀыкӀохэми яупчӀыгъ: – Сыд къышъуаӀуагъ?

– Хьакъарэ тыкъызэхишӀыкӀыгъэ фэд,– Чэчанэ къыӀуагъ,– Нахьлъэш цӀэплъыр гъумтӀымыгъэ.

– Сыдэу зашӀыгъэми тыкъызэхашӀыкӀыгъэба? Тхьаегъэпсэух. Сыдырэ тхьамыкӀагъоӀи джары тызэрэзэфыщытын фаер, Рэдэд. Аущтэу тыщытмэ, тицӀыфыгъэ-гукӀэгъу зыкъиӀэтыщт.

Колэс къыӀорэмэ Рэдэд ядэӀузэ, Айнар игъы макъэ ыгу къыпигъэузыкӀыщтыгъэ, хьакӀуцумэ яжъалымыгъи, ахэмэ зэрафэкӀощт шӀыкӀэри шъхьэм икӀыщтыгъэп. Шъэогъур зыпашъхьэ къыраукӀыхьэгъэ Мэщыкъоу дзэпщыцӀэр непэ зыфагъэшъошагъэми гукӀэ еушъыищтыгъэ...

## IX

Зыгу къыпфэмышӀум ынэшӀу уегъапцӀэ.

Нахьлъэш цӀэплъыр ащ нахьыбэ щысыжьы зэрэмыхъущтыри, хьакӀуцухэмкӀэ ушъхьагъу дэгъу зэрэщыӀэри, мыгъатхэ щегъэжьагъэу къыздырихьакӀыщтыгъэ шъэфымкӀэ Къоданэ гъусэ къызэрэфэмыхъущтыри къыгурыӀуагъэу Мэзыбэ къикӀыжьыгъагъ. Къыфэнэжьыгъагъэр ыкӀуачӀ, итхьагъэпцӀыгъ, ау, сыд фэдэ мэхъэджагъэ зэрихьагъэми, ежь къыхэщы хъущтэп. КӀуачӀэмрэ тхьагъэпцӀыгъэмрэ нэмыкӀэу къызкъонэни иӀ: хьаулыеу мы аужырэ илъэс заулэм лъырэ нэпсырэ зыхиз мылъкукӀэ угъоягъэп: араб щакӀомэ ятхьамыкӀагъо егъашӀэм зэрэщыӀэн дышъэрэ тыжьынрэ хихыгъ.

«Блэгъэ-Ӏахьыл къысфэхъугъэ Хьакъэрэжъым иинагъэ фэдиз иделагъ, Шэныбэжъри ары,– Нахьлъэш цӀэплъым игухьэ-гужъ къытекӀощтыгъэми, инэплъэгъу къыкӀэуцожьы-

гъэхэм амыгъэщхыпцӀын ылъэкӀыгъэп,– шэкӀ пхыгъэхэр зэпакъудыищтыгъэ нахь, араб хьадэмэ агопхэгъэ Ӏалъмэкъмэ арыплъэщтыгъэхэп. ШэкӀыр бэрэ щылъмэ мэбгъуатэ, дышъэр улъыйрэп, бетэмалых... Илъэсым къехъу къушъхьэ мэзым хагъэлъыгъэ яшэкӀ бгъотагъэ хыӀушъо лъэныкъомкӀэ адэсщэнэу къысэлъэӀух. ШъуишэкӀхэр сшӀэрэп, ау ащ нэзгъэсыщтыр сэркӀэ ухыгъахэ. Ар зысымышӀэкӀэ, тызэщытхъужьызэ, тэр-тэрэу зышъхьэщыдгъэуцогъэ пщым – шъулъэгъурэба, къыжъугурыӀорэба зызэригъэпсырэр! – тызэрэзыӀэкӀилъхьажьыщтым уегупшысэжьынэу щытэп. Зишъхьафит тӀупщыгъэ къосэгъу гулъытэнчъэ-гъэпцӀэгъошӀумэ шхор атыримылъхьэзэ, анэӀу ищыгъэн фае. Ар тӀомэ, пщы кӀэн пэщыныцӀэм уасэ фэтымышӀызэ, тэ лӀышхомэ, тыакъылынчъ, тыкъэрабгъ пӀонэу, къызэредгъэшӀагъэр емыкӀу. ХыӀушъо адыгэмэ – зыхыхэмрэ мыутӀэхэмрэ ялӀыкӀохэр къыфагъэкӀуагъэп, лӀы шъыпкъэхэу ежь ипщыгъо къыубытырэ хьакӀуцухэр къыфычӀэкӀыгъэх! Тэ «зиусхьан» тэӀошъ, мощ нахь мыхъурэм тшъхьэ фэтэгъэщы, ибайколыщт шыу купхэр чылэ пэпчъ ащызэхэтэщэ, «укъызызгоуцощт мафэхэри къыхэкӀыщт» къызэретэгъаӀо, зыгорэкӀэ къытфызэплъэкӀымэ тыӀугушӀонэу, ишыкӀэ чӀэгъ къычӀэзрэмэ тяпэмынэу ыуж теуцо...»

Нахьлъэш шым зелъэдэкъаом, зэресагъэу лъэхъу шъабэкӀэ кӀэужьырыкӀыгъ, ыуж итхэри лъеушъыгъэх. Къобэнэ тхышъхьэм зыщынэсыщт пӀалъэу тыгъуасэ Ӏофтабгэм къыфихьыгъагъэм джыри охътэ шӀукӀае иӀагъэти, гузажъощтыгъэп. Нэбгырищым – Хьакъар, Шэныб, ежьыр – зэдашӀыгъэ шъэфыр шъхьэм икӀырэп, зэрэхъущт шӀыкӀэм егъапэ. Шъэфыр къыдэзыгощырэ нэбгыритӀум ицыхьэ атемылъыжьэу арэп, ашӀэщтыр къэзыугупшысыгъэр Шэныб, ау хэт ышӀэра къэхъущтыр, Хьакъарэ иблагъ, ышыпхъуи, ежь пшъэшъэжъыери фэмыехэу ыкъо ригъэхьыгъ, модырэр къызэрэчӀэкӀыжьыщтыр къэшӀэгъуай нахь. Щэнаут щэбзэщэ закъо исагъындакъ хэлъ. Ежь Нахьлъэш ащ фэдэ щэбзэщитӀу ышӀыгъагъэти, зымафэ мэзыкъор риуплъэкӀугъ – нэрэ-Ӏэрэ агу ыпсэ Ӏуихыгъ. Къэнагъэр къосэгъупщ Рэдэд иӀахь, фэгъэзагъэр Шэныб...

– Къодан,– Нахьлъэш цӀэплъыр къызэджэкӀыгъ,– мафэ тфэхъун къосэгъупщым тызгуимыгъэуцо нахь мышӀэми, о моу сисэмэгукӀэ къызгоуцу, хьаулыеу усибайкол гуадза!

– ЕтӀанэ зэкӀэми зэхаригъэхэу къыухыжьыгъ: – Тэрэзэу ешӀэ, сыфай зыӀорэ пстэури къосэгъумэ пщы афэхъун ылъэкӀыщтэп. Шъыпкъэба, Къодан?

– Шъыпкъэ, Нахьлъэш,– сэмэгумкӀэ къыгоуцогъэ Къодани къыдыригъэштагъ.

– Адэ джары...– Нахьлъэш зэупчӀыгъэм гукӀэ фэмырэзагъэми, джау сыдми риӀуагъ, къыпигъэхъожьы шӀоигъуагъэри питхъыжьи, нэмыкӀ гущыӀэ техьагъ: – ХьакӀуцухэр зыфаехэр къызгурыӀорэп, ушӀуцӀыжьхэу къушъхьэ ныбэм исых, нэӀуагъэх. Армэ зыхэхьагъэхэр, чӀы гъуанэм ихьагъэхэми къитхыных!..

– ТилӀыкӀохэр къызэраукӀыгъэхэр емыкӀу.

– Арба сэри сӀорэр! Даур фэдэ лӀы гъэтӀылъыгъэ чатэ тыращая! Дэгъоу ешӀэ тикъосэгъупщ Рэдэд Ӏэшэ ихыгъэкӀэ хьэкӀуцумэ тазэрэфищэрэр. НэӀогъэ пстэуми зыдябгъэшӀэжьын фае!.. Адэ зи къапӀорэпи, Къодан?

– КъэсымыӀо мэхъуа, Нахьлъэш...– Къодан шъхьэр къыпхъотагъ.– СыкъыодэӀузэ, сытегупшысыкӀыгъ...

– УкъызэрэсэдэӀурэр дэгъу, ау узэрэтегупшысыкӀыгъэр дэи. СэшӀэ узэрэшъыпкъаӀор. Мышъэфмэ, сахэгъэдаӀу уигупшысэмэ.

– Шъэфы зыфэпӀуагъэмкӀэ, Нахьлъэш, тичылэ лӀыжъ Пщымафэрэ Джэбэгъэрэ аӀорэмкӀэ джэуап къыостыжьын: шъэфэгъу зэфэмыхъурэмэ ягухэлъ къадэхъурэп.

– Тинасып ащ фэдэ лӀыжъ Ӏушхэр тичылэ зэрэдэсхэр, ухагъэукъощтэп...– лъыр къызпычъызэ шым зезыдзи, хэхьажьыгъэгъэ Ислъам-хьаджэр Нахьлъэш цӀэплъым ынэгу къыкӀэтэджэжьыгъ, лъыригъэжьэгъэгъэ Шэныби, шъыпкъэмэ, сыукӀыгъэ ыӀуи, шӀэхышӀоу къыгъэзэжьыгъагъ.– Аущтэу оӀомэ, сыхэгъэдаӀу уигупшысэ.

– Зигугъу пшӀыщтыгъэ хьакӀуцухэр ары сшъхьэ имыкӀырэр. Тызылъэпкъ пэтызэ, тызэзэожьы... Хъэзархэр армэ, зи сӀощтыгъэп.

– Зыхыхэр, мыутӀэхэр?

– ЦӀэ зэфэшъхьафхэмкӀэ тызэджэжьми, зэкӀэми тызылъэпкъ.

– Ащыгъум,– Нахьлъэш щхыпцӀыгъэ,– Ныбэжъ лӀыжъ горэм ыцӀэ къеÏонэп, зымафэ къысиӀуагъэм узэрэфаеу хэгупшысыхь. ЛӀымрэ шъузымрэ шӀу зэрэлъэгъухэ ашӀоигъомэ, нахьыбэрэ зэщыхьэхэмэ, ацэ зэфалъымэ,

зэрэукІхэмэ нахьышІу. Зэтеплъэн амылъэкІэу хэтхэзэ, зызэшІужьхэкІэ, ячэщ шІулъэгъу фабэм къыщымыуцоу, укъесты, хьа-хьа-хьа! – Нахьлъэш зэщхым, шымэ атхьакІумэмэ заригъэупэпцІыгъ, ауж кІэкІэу ит шыухэр кІигъэщхыпцІыкІыгъэх, ежь къэупчІагъ: – КъыбгурыІуагъа, Къодан? – къыраІожьыщтым пымылъыжьэу джыри шы гупсэфыжьыгъэм елъэдэкъэуагъ.– Джары тызфэкІорэ хьакІуцумэ япшІэнкІэ дэгъур...– «Синасып ащ фэдэ шъуз зэрэсимыІэр... Чэщ горэ Дэхапсэ дыуезгъэхыщт етІани Хьакъарэ къысеІо... Зинысащэ хьакІуцумэ аукъогъэ къосэгъупщым дырерэгъэх, ау инасып сищэбзэщэ закъо къыфыкъуигъэкІыжьынкІэ сыгугъэрэп нахь...» – гукІэ пигъэхъожьыгъ.

«УзэрэукІ къэси нахьышІу узэрэлъэгъущтмэ, дунаим цІыф къытенэжьынэп...» – ежь иеплъыкІэкІэ Къодани зэхихыгъэм уасэ фишІыжьыгъ.– Сыд илІэужыгъо цІыф мыр? Зэшъэожъые такъырым, тыкъыдечъэкІыщтыгъэми, къыдгурыІощтыгъэп, лІыпкъым зэриуцуагъэ пэтызэ, зыфэе шъыпкъэр къыдгурыІорэп – ишІурэ иерэ зэголъы, зэпекІы, егъэхъужьы. ХьакІуцухэр къытфаехэпышъ, фэлъэкІмэ, ячІыгу тырига эстыкІыщтых. А гухэлъ закъор ара хьауми нэмыкІа афыриІэр? Зы лъэныкъомкІэ Рэдэдыпщым къыгъэуцун ылъэкІыгъ. Сыд ыпшъэ ралъхьагъэми, ІыІынчъ. Джы нэс зыфэмыІэзагъэм, Темрыкъо зэриІоу, езгъэыгъа хьауми еІэсэкІыгъа? Уашъори къэргъо зэпытэп, псыхъори чъэгъо зэпытэп...»

Къобэн тхышъхьэм шыу уІэшыгъэхэр тефэжьхэрэп. ЗэкІэми анэІу хьакІуцу тІуакІэмкІэ, чылэгъо зэпэІудзыгъэ пчъагъэхэр къызщылъагъохэрэмкІэ гъэзагъэ. Гъэмэфэ тыгъэр шыу уІэшыгъэмэ зэфэдэу къахэпсэ, хьакІуцу чылагъохэу модыкІи мыдыкІи къушъхьэ мэзмэ ахэсхэм, къушъхьэ лъапэмэ ятэкъулІагъэхэм атеджэгукІы. ГумэкІ горэ зэрэщыІэр зэхашІагъэу бгъашхъохэр къэхъущтым паплъэхэу ошъогум щэхьарзэх.

– Тызпаплъэрэр хэта? – Хьакъарэ Нахьлъэш еупчІы.

– УзэупчІыщтыр сэрэп, муары,– Рэдэд зыдэщыт лъэныкъомкІэ егъаплъэ.

– Ныбэжъ шыумэ тапэплъэ,– Шэныбэ къеІо, псынкІэуи къеушыхьатыжьы: – Муары, Іапчъэм къычІэкІых.

– Узымыгъэпэщтмэ зямыгъэгъап... Ма,– Нахьлъэш Шэныбэ еІушъашъэ,– щэбарыкІэ пылъ, зыми хэкІокІэщтэп.



КъызэрэоІуагъэу, ышъхьэп, ыбгъэп узэощтыр, Іэшъоджани танджи щыгъ, заом тыхахьэу тызызэхэбанэкІэ, ыпхэкІ, ыкуашъу... Дзэпщ гуадзэу ухъу пшІоигъомэ, зыгъэщэрыу...

– Джыдэдэмэ хъущтба? КъыздикІыгъэр амышІэу мо чъыг къогъум сыкъыкъоукІын!

– Зэо утыгур сІуагъэ!..– Нахьлъэш ерагъэу зиІэжагъ, Хьакъари нэ ІаекІэ фычІэплъыгъ, зыкъыригъэшІэжьыгъ.

Рэдэдыпщымрэ Мэщыкъо дзэпщымрэ утыгум къихьагъэх. Шышъхьэкіэ къосэгъупщым ыуж зыкъизгъэнэгъэ Мэщыкъо лъэрыгъхэмкІэ онэгум зыриІэтыкІи, Іэ ІэтыгъэкІэ шыумэ яджагъ:

– Байколхэр, шъукъепсых, къосэгъупщ Рэдэд къыжъудэгущыІэщт,– Мэщыкъо къепсыхи, шыІупІэр ыубытыгъ, а дэдэр адырэми ашІагъ.

Рэдэд къосэгъупщыр ионэш зэрэтесэу, инэІуасэми имынэІуасэми аІуплъэзэ, утыгу хъураер къырикІухьакІыгъ. Зыми ыпашъхьэ къыщыуцугъэп, дэгущыІагъэп. Байколхэр къызызэпеплъыхьэхэм, дзэ утыгум имыуцожьэу, апэ зэрыкІыгъэгъэ чІыпІэм иуцожьыгъ, мэкъэ гъэтІылъыгъэкІэ къыІуагъ:

– Къосэгъу пщыгъом ибайколхэр, дзэпщыр, дзэпщ гуадзэхэр! ШъукъыздисщыгъэриШъукъыздэсщагъэри ти Тхьэшхорэ титхьэхэмрэ къытатыгъэ къосэгъу чІыгу. ЗэфэдэкІэ ти Тхьэ-Тыгъэшхо тыдэкІи щэтэ, тэри ынэшІу къытщефэ, къытатэ. Сиапэрэ пщыгъо зэо ІофкІэ къезгъажьэ сшІоигъуагъэп. ШІу фэшъхьаф зыгу имылъ шыоу мы къосэгъучІ лъэныкъом,– зэриер къыриушыхьатэу кІэпщ уплІэнкІагъэр Рэдэд ыпашъхьэ жьым къыщыригъэчъэкІыгъ,– къэсІофтэгъагъэхэр къыщаукІыгъэх. Мы хэгъэгу Іофыгъэмэ, лІы губж зэхаокІэ анахь спэблагъэр къаукІыгъагъэми, мыщ заокІэ шъукъасщэщтыгъэп. Колэс тхьамэтэ мафэм, тинахьыжъ Іушмэ зэраІоу, къосэгъу пщыгъом изы къуапэ горэм, тыдэкІи орэгъэзагъэ фаеми, хабзэ имылъэу зэрэкъосэгъу пщыгъоу гупсэф илъыщтэп.

«Сыда сэІо мыщ къыфэмыІошъурэр!..» – Нахьлъэш хэгубжыкІыгъ, игумышІугъэ ышъхьэ фырихы шІоигъоу Къоданэ дэжькІэ фыреплъэкІыгъ шъхьакІэ, пщым зэрэпэблагъэр къыгурыІожьи, дэгъоу къэгущыІэба къыригъэкІэу, ІугушІуагъ, адырэми шъхьэ гъэсыскІэ къыдыригъэштагъ.

– Къосэгъу пщыгъом цIыф зэрэукI къизгъэтэджэнэу сыфаеп, ау дэIон фэмыеми тыкъыфырехыщт. Джыри шыуищ хьакIуцумэ афэсIопщыгъ. Ахэмэ якъэсыжьыгъу, къытфахьыжьыщт къэбарым елъытыгъэу тызекIощт. Джыри къышъосэIо, лъышIэжь Iофэп, пщыгъо-хэгъэгу Iоф тыкъызфэкIуагъэр. Iэжэгъэ-щэIагъэ къызхэтэжъугъэгъаф, чатэр къипхъотыгъошIу, илъхьажьыгъуай.

«ТшIокIал шъхьакIэ, делэп мыр...– зэхихыгъэр Хьакъарэ ыгъэшIэгъуагъ, ехъуапсэзэ, пигъэхъожьыгъ: – Уделэми, Iушы уашIын Колэс лIыжъым фэдэхэр къыпкъотымэ... Сэ лIыжъ Iушхэр зыпысыдзыхи, Шэныбэрэ НэтIаерэ зязгъэгъэделагъ. Тхьэмэ къырамытыгъэр сэ къыстырилъхьэзэ, НэтIаий скIэкIэчъыжьыгъэу, Турэбэ бытым ыжэ дэплъэ, ишы козын къырырагъэтхъушъ, дунаир фикъужьырэп. Зэ, зэ, а пшIофедэ Iофыр непэ зыпIэкIаутыкIэ, теплъын пшIэщтым, укъызысфэчъэжькIэ, сикъэлапчъэ укъыIузгъэхьанэп. ЗилIыгъи, зицIыфыгъи зэголъыр, укъэзымыгъэукIытэжьыщтыр Шэныб. Тыщытхъуми тецIацIэми, зы пкъы ит, Нахьлъэшрэ сэрырэ тицыхьэ телъэу непи тыщэгугъы...» – Хьакъарэ Шэныбэ фыреплъэкIыгъ, хьазыр нэплъэгъукIи къыIуплъэжьыгъ.

– Къодан, о бэмэ уаIукIагъ, бэ къэплъэгъугъ,– Нахьлъэш Iушъашъэщтыгъэми, нахь пэчыжьаIохэми зэхаригъэхэу, Шэныби зыщимыгъэгъупшэу къыIуагъ,– сэри гъэрыпIэм сыщымыIагъэми, макIэп къэслъэгъугъэр, сынэгу кIэкIыгъэр, къосэгъупщымкIэ тыхэукъуагъэп, зэхэпхыгъэ игулъытэ зынэсырэр...– Мыщ непэ ыпсэ зыхэтыутыкIэ, сыдэущтэу мыхэмэ зязгъэштэщт, Нахьлъэш гукIэ къыкIэщтэжьыгъ.

– Сэри ащ сегупшысэщтыгъ, Нахьлъэш. Рэдэдыпщым илIыгъи, игукIэгъуи зэголъы.

«Сыд гукIэгъуа ори, модырэми шъубзэгу темыкIырэр...– Нахьлъэш гукIэ, джы нахь зыкъишIэжьэу, кIэщхыпцIыкIыгъ.– Шъузтет дунаир жъалым закIэкIэ зэрэзэхэтыр джы нэс къызэрэжъугурымыIуагъэр сэгъэшIагъо!.. Мо къушъхьэмэ, мэзмэ, мо шыу зэхэтмэ шъуяплъ – нахь лъагэр, нахь иныр нахь лъахъчэм, нахь цIыкIум шъхьащыт. ЦIыфмэ язакъоп, хьэкIэ-къуакIэми джар яшэн. Хэт ищыкIагъ мы зыуж тихьэгъэ пщыгъор! Сыдэущтэу къушъхьэхэри, мэзхэри, псыхъохэри, шъофхэри, гъэхъунэхэри зэфэбгъэдэщтых... Сибгырыпхышъхьэ зышъхьэшыгу къынэмысырэ Агъбан зыфаIоу Шышъхьарыс къыдэтэджагъэр сэ сыдыкIэ къыісфэбгъэдэн!.. Плъэгъурэба Рэдэдыпщым ышIагъэр, сэ сцIэ къыримыIоу ар хьакIуцумэ лIыкIо афишIыгъ. Уишъэогъу Даур Iащэр шыплIэкIэ къызэрэпфахьыжьыгъагъэу, ари къыпфахьыжьыгъэу плъэгъун. Мыхэмэ, дунэе жъалымым къытехъуагъэмэ, агу зэрипхын кIуачI нахь ящыкIагъэр, уиIушыгъэ-гукIэгъу сыдыкIэ ящыкIагъ! КIуачIэкIэ укъыстемыкIогъагъэмэ, теплъыни мыхэр къыодэIущтыгъэхэмэ, уипщыгъуи зэхыуагъащэщтыгъэмэ. Хэта уихъэзармэ апылъыр, ахэри тэщ фэдэх, къытэчъэх, мэчъэжьых. ЦIыфми псэушъхьэми зи зэрагъэхьырэп, анэ къызэрэбгъаплъэу уашхы. Угуи, пIи, уищэбзэпси, уищэбзащи гъэпытэ, Шэныб, лъэшым кIочIаджэр реуты, ащ фэдэ дунай тызтетыр!.. »

– Шыухэр къэкIожьых! – чъыг шъхьапэм пыс гъозэрыплъэм къыIуагъэм, бырсыр макъэу шыумэ къашъхьащытэджагъэм Нахьлъэш игупшысэмэ къахаутыжьыгъ.

Шыу заулэ лъэхъу цIыкIукIэ къакIохэу тIуакIэм далъэгъуагъ. Агъбан зипэщэ купыр апэ итых, аужкIэ кIэкIэу къалъычъэрэ шыуитIумэ лIы зэкIоцIыпхэгъэ зырыз яшыплIэмэ адэлъ. Нахьлъэш инэплъэгъу къычIэфагъэм ыгу къыпиутыгъ, непэ яIоф къызэримыкIыщтыр къыгурыIуагъ. Пщы пашъхьэм мыблэгъэ-мычыжьэу къыщыуцугъэ шыхэр, лIыкIохэри, хьакIуцухэри, къепсыхыгъэх, Агъбан къыIуагъ:

– Къосэгъу пщыгъом мафэ фэхъун Рэдэд, хьакIуцухэр къешIугъэх, янахьыжъ игукIаий къыуихьылIагъ.

– СыкъэдаIо,– Рэдэди зыригъэукIыхьагъэп.

– О зимафэ мэфишъэ хъун, къосэгъу пщыгъор зыгъэбэгъон Рэдэд,– лъэбэкъу зытIущкIэ зыхэтмэ къахэкIоти, хьакIуцу нахьыжъым къыIуагъ,– хьакIуцухэмкIэ къыотшIагъэр емыкIу,– ыкIыб дэт игъусэмэ зызэримыгъэзэкIэу яджагъ,– укIэкIо бзэджитIур шыплIэмэ къадэшъух, къосэгъупщым ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ къижъугъэтIысхьэх. ХьакIуцу зэмызэгъ-мыдаIохэр митIур ары хэзгъэукъуагъэхэр, уилIыкIохэмкIи мыцIыфыгъэ зезыхьагъэхэр. Яфэшъуашэр о пшIэн. Непэ, джыдэдэм уидэжъые быракъ ычIэгъ тыкъычIэуцо.

– КъэшъутIатэх укIакIохэр! – Рэдэдыпщым къыIуагъ, тIэкIу тыригъашIи, къыпигъэхъожьыгъ: – Алъэгуанджэхэми къатешъуIэтыкIых, ащ фэдэ щысыкIэкIэ, укIакIо нахь

мышIэхэми, садэгущыIэныр яспэсырэп, сэри зэспэсыжьырэп. Сыд силыкIохэр къызфэшъуукIыгъэхэр, хьакIуцухэр зыфэжъугъэшэхъугъэхэр?

– Тэ, хьакIуцухэм, егъашIэм пщы тимыIэу къэтэхьы,– анахьыжъым ымакъэ мыущакоу къыIуагъ,– зыгорэм ипщыгъо кIакIо зычIэдгъэпыхьанэу тыфаеп.

– КъызэрэпIорэмкIэ, пшIагъэм урыкIэгъожьырэп?

– СырыкIэгъожьырэп.

– Джыри сыоупчIы!

– Зэ сIорэр тIо къыкIэсIотыкIыжьырэп.

– Оры? – нахьыкIэм еупчIыгъ.– Сыд жъалымыгъэ зыфэпшIагъэр?

– Сыхэукъуагъ,– ащи рилъэшъухьагъэп: – Мы нахьыжъым хьакIуцу пэщэ гуадзэ зыфэсшIы сшIоигъуагъ...

– КIэмыгъожьыгъэм иIоф ухыгъэ,– Рэдэдыпщым иунашъо кIэкIы,– къулэджэ нэпкъым ешъудзых!

ЫIэблыпкъхэр зыубытыгъэ нэбгыритIум, ыпэкIи ыужкIи иуцогъэ лIитIум зафыримыгъанэу кIэмыгъожьыгъэ хьакIуцу нахьыжъыр къулэджэ нэпкъ зандэм тыращагъ, ыIитIу затIупщым, къызэплъэкIыжьыгъэп, еIункIыгъо римыгъафэхэу, гущыIэнчъэ-мэкъэнчъэкIэ ежь-ежьырэу нэпкъым зыридзыхыжьыгъ.

«Ари лIыгъэ...» – къызхимыгъэщэу Рэдэд гукIэ ыIуагъ.

– Къысфэгъэгъу, зиусхьан! – къэнагъэм лъэгонджэмышъхьэкIэ пщы пашъхьэм зыщыридзыхыгъ.

– О уиIофи ухыгъэ, лIыгъэнчъ! – пхъэтэпэмыхь нэплъэгъу дыджыр Рэдэд ыпашъхьэ исым фидзыгъ.– ЕгъэшIэрэ къэрэбгъэ пIын паIор щыгъынэу къышъотэтыжьы мыр!

Ардэдэм Турабэ къыголъэти, пIын пэIо къолэныр лъэгонджэмышъхьэкIэ щысым НэтIае щилъагъ. «Эй, силыхъуужъ!..» – Хьакъари гукIэ НэтIае дэхьащхыгъ. «ПIын паIор зыщыгъыр хэтмэ ащыщ, сыд ыцIэр шъуIуа? – ыцэлышъхьэхэр зэригъэшхыжьхэзэ, Нахьлъэш зэупчIыжьыгъ, ышъхьэ къилъэдагъ: – ШъхьакIо зэрахырэм дахэ еIожьи, зыщэжьыщтхэм ыпсэ IуамыхыжьыщтмэI, уиегъэшIэрэ лъэгукIэтыныщт... »

– ШIукIэ къытпэгъокIыгъэ хьакIуцухэр,– Рэдэдыпщым къыIуагъ,– жъугъэзэжьи, тэри шIукIэ тыкъыышъухэхьащтышъ, Къосэгъу пщыгъом ицIыфхэу шъуалъэныкъокIэ къэгъэзагъэхэр шъуичъыгэе тхьалъэIупIэ дэжь къыщышъуугъоих. Тэ щэджэгъо ехъулIэу тыкъышъухэхьащт.



ХьакIуцумэ афэкIощт шыу шъэныкъоу ежь Рэдэдыпщым зыцIэ къыриIуагъэмэ Нахьлъэш зэрахэтыр игопагъэми, Хьакъарэрэ анахьэу щэнаут щэбзащэр зисагъындакъ илъ Шэныбэрэ гъозэрыплъэ тхышъхьэм къызэрэтенэщтхэр зешIэм, лъэшэу ыгу къеуагъ.

«Лаурстэныкъом нэпх ыIыгъмэ, Турэбэ тхыщэм ыушхъухьагъэмэ сшIэрэп, сыгу илъыр къешIэ. Инасып къыстекIо, ау джыри мафэ щыI...» – Нахьлъэш гукIэ цIацIэзэ, шэсыгъэ.

## X

Гъэмэфэ мэзитIур пэкIы, ящэнэрэм зыкъеIопщы.

БэшIагъэ мыгъэ фэдэ лэжьыгъэ бэгъуагъэ къосэгъу лъэныкъом зыщымыIагъэр: мэщышъхьэмэ пкъы гъожьышэхэмкIэ заIыгъыжь къодый, пхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыг къутамэмэ чIым зытыраубгъо, сэнэшъхьэ Iэрам фыжьышъо-плъыжьышъохэр, мазэ горэмкIэ тыхьазырыщт къыуаIорэм фэдэу, къыпIоплъэх. Щыбжъый-бжьын-бжьыныф блэрхэр унэ лъэгуц пкъэумэ, кон натIэмэ апылъагъэх. Джэнч лъэкурэхэри непэ-неущэу хьазыр къэхъущтых. Тхьэпэ шъомбгъо хъураехэу гъонлэжьынхэу фежьагъэмэ къэб фыжьхэр, къолэнхэр къачIэплъых. Жьыбгъэ макIэр зышъхьащылъэдэрэ лэжьыгъэмэ ягушIуагъо гъунэнчъ.

Гъэмафэр зэрэгъэбэжъум, зэрэгухагъом фэдэу, IофшIэгъу гумэкIым фэшъхьаф, къосэгъу пщыгъом итыдэрэ къуапэкIи, хьакIуцумэ ащыкIэкIыжьэу, ащыгупсэф. Зилэжьыгъэ Iузыхыжьырэ цIыфхэр загъорэ гумэкI нэгукIэ ошъогум дэплъыех, къушъхьэ чапэмкIэ реплъэкIых: имыгъо ощхые, жьыбгъае, огъуе къафимыхьынэу я Тхьэшхо-Тыгъэ елъэIух, зырыз-зырызэу адырэ ятхьэмэ яджэх. МафэкIи, чэщкIи гъэпсэфыгъо яIэп – зигъо къэсыгъэр Iуахыжьы, яконмэ, яблынкIэмэ, якIашъомэ арагъэкIужьы.

Рэдэд зэрэкъосэгъупщыр щыгъупшэжьыгъэу Iэшъхьэ дэгъэчэрэзэягъэкIэ, упкIэ пэIо шъхьарыскIэ, кIыб пкIэнтIэ шъокIыгъэкIэ, мыжъоупцIэ-щэмэдж дадзэкIэ губгъом къикIырэп. Ар дэдэр зишIыкIэ ышнахьыкIэ Шыупащи имэщ аргъэн къызэригъэтIылъэкIызэ, ышнахьыжъ лIы пкъышхом зыкъыщыригъанэрэп. Бгъныпхэ Рампэси, зитхьамыкIагъо къыкIэзыжьыгъэ Гощнагъуи, Айнари, ягъунэгъу Анысэти ахэмэ ауж итых.

Къыголъ хьасэхэм загъорэ сэмэркъэу-щхы макъэхэр къащыдэуаех, Айнари Анысэти ашъхьэхэр къарагъэпхъуатэ. Рампэсрэ Гощнагъорэ аlэ псынкlэхэмкlэ бгэнэ пхыгъэхэр къызэрэзэрагъэтlылъэкlырэр, Рэдэдрэ Шыупащэрэ лъэбэкъу кlэкlхэмкlэ, улъэбабэхэрэм фэдэу, мэщым зэрэхэкlуатэхэрэр залъэгъукlэ, хъопсанэм укlытэр къытекlоу зыраyфэхыжьышъ, lофым зыратыжьы.

Щэмэдж зэдэлъхэр зытэмэ шыу купэу чылэмкlэ къикlырэм Рэдэдыдыхэм ашъхьэ къаригъэlэтыгъ, апэ ит лlыжъитlури ашlэжьыгъ.

– Мэщ гъэбэжъу lушъохыжь апщи,– ежьыри, гъусэми ацlэкlэ Колэс къыlуи, къезэрэгъэпсыхыгъэх.

– Гъэбэжъу къыддэшъогощ апщи,– хьасэм къыдыхэтхэм адэжькlэ къикlэу Рэдэди джэуап ытыжьыгъ.

Шыу пшlыкlутфымэ ящэмэдж дэдзэ макъэ губгъом итэджагъ, адырэ хьэсэбгъумкlэ къагоуцогъэ Хьакъарэрэ Шэныбэрэ зипэщэ нэбгырэ заулэми ямыжъоупцlэхэр щэмэджмэ ададзагъ.

– Апэрэ аргъэныр къызэдгъэтlылъэкlыным ыпэкlэ, Тlатlыхъу,– Колэс къыlуагъ,– тыкъэзыlопщыгъэм ишlушlэ умыгъэкlоды, зиусхьаныр щыгъэгъуаз, бзылъфыгъэхэми зэхягъэх.

– Аущтэу оlомэ, къысфэогъэшъуашэмэ, Колэс, тинахьыжъ Гъучlыпсэ ишlушlэ гум исынэнэп, къэсlон,– зэпыугъо тlэкlу фишlи, игуапэу къыхэкуукlыгъ: – Ашъыу, Гъучlыпсэ гумызагъэм, шъушlэрэба зыфэдэр, пlаlо зыщыгъ зэрымыс унагъомэ ямэщ губгъом икlодэжьыщт, чылэ шlыхьаф шъушlы ыlуи, тибгъагъэмэ таригъэсыжьыгъэп, тикъэлапчъэми таlуигъэсыжьыгъэп. Шъо, бзылъфыгъэхэм, Рампэс, Гощнагъу, сыд хъулъфыгъэхэм ахэшъушlыхьан, пшъэшъэжъыехэр зыдэшъущэжьхи, чылэм шъукlожь, мы тlэкlур щэджагъоми нэдгъэсынэп.

– Модырэ мэщ хьасэхэр? – ащыщ горэ къэупчlагъ.

– Хэт иех ахэр?

– Хэт иехэми, Тlатlыхъу, мэщ шlэгъахэх,– Рэдэдрэ Турабрэ зэряер ышlэ пэтызэ, Колэс къыlуагъ,– Даур имэщ зытыухырэм, ахэми танэсын.

– Адэ ары, тынэ къаплъэу мэщыр кlэдгъэтэкъужьына! – Тlатlыхъу игущыlэ кlэкlыгъэми, къыпимыгъэхъожьын ылъэкlыгъэп: – Шlу зыфапшlэрэм, шlу шlи псым хадз аlоми, ыцlэ пшlэныр емыкlоп.

– Тэрэз, тэрэз, тхьамэтэ маф,– Рэдэд lугушlукlыгъ,– мо хьасэр тэры зыер, адырэ къыголъыр Турабэ ихьас.

– Зэхэпхыгъа, Колэс, зиусхьаным къыlуагъэр? – Тlатlыхъу ымакъэ шlукlэ зыкъыипхъотагъ.– Зэрэхъурэмкlэ, тинепэрэ шlыхьаф кlэщакlо фэхъугъэр тинахьыжъ Гъучlыпсэр арэп.

– Зэшитlумрэ янэрэ ашlыгъэ шlыхьафыр шlыхьафкlэ слъытэрэп,– зыфиlорэмэ зэхаригъэхэу Колэс къесэмэркъэужьыгъ, етlанэ чlэгъычlэлъ хэмылъэу къыпидзэжьыгъ: – Зы нэбгырэм адырэм ишlуагъэ ригъэкlыныр дэгъу, ау, мы тикъэкlуакlэ фэдэу, тынахьыбэми нахьышlужь. Нахьыбэ узэдыкlаlэ къэс абрамыжъор нахь псынкlэ къыпфэхъу. Арышъ, шlыхьафыр хэт ыгу къэкlыгъэми, зэтетэшъумыгъэх, мафэ тфэрэхъу. Зы куп сауж къерэуцу, бгэныпхыхэр тауж къерэхьэх. Мо Хьакъарэдхэм зычlядгъэгонэп. Ей, шъуlо,– Колэс мэщым хэкlуатэ, орэдыр къыхедзэ:

> Тищэмэджаомэ яерыоджагъэ щытэжъугъэгъэзый,
> Зым зыр кlэлъыкlоу
> Аргъэн lужъум ибгэнэ lатэ тауж къетаджэ...

Колэс ыуж итыхэми адырэ хьэсэбгъум къыгоуцогъэ Хьакъардыхэми мэщlухыжь орэдым къыдырагъаштэ. Мэкъамэр зылъыlэсхэрэр агухэмкlи ящэмэджхэмкlи къадежъыух. Пчэдыжь тыгъэри игъорыгъоу къушъхьэ цакlэм къыкъопшы.

– Ти Тхьэшхо къыкъокlы! – щэмэджаомэ ащыщ горэм къыlуагъ, зэкlэми анэгухэр тыгъэм фагъэзагъ, аlэхэр фаlэтыгъ. Колэсдыхэм язакъоп, губгъом ит мэщlухыжь пстэуми ар дэдэр ашlагъ. Хэти ежь ыгу филъыр пигъохыгъ, имэщ мафэ къыфишlынэу, идунэе тет къыфигъэпсынкlэнэу, ынэшlу къыщифэнэу елъэlугъ.

Щэмэджаохэр мэщ хьасэм пэуцожьыгъэх, ящэмэдж цlышхъи губгъом шъхьащытэджэжьыгъ.

«Мэщыр lутхыжьымэ, бжыхьэ лэжьыгъэр тыугъоижьмэ,– Рэдэд ищэмэджышхо мэщ лъапсэм кlигъэлъадэзэ еlо,– унэм ишlыни шlэхэу тыухыщтышъ, ащ нэси Айнар ишъыгъо мафэхэри текlыных... Сыпщы шъхьэзакъоу, зэкlэри моущтэу къысlуплъыхьэу сыхэтына... Хьакlуцухэри гупсэфыжьыгъэх, зыхыхэми, мыутlэхэми зыкъытфаlэжэгъагъэми, къытэмыпыйхэу, тызэрэзэлъэпкъэгъур къау-

шыхьатыжьыгъ. Загъорэ хъэзар хъырцыжъ купхэр хьазэ-уазэхэу къушъхьэ мэзмэ ахэтых нахь мышІэми, къызэрэт-теохэр бэкІэ нахь макІэ хъугъэ. Моу байкол шыухэмкІэ чылагъомэ защыдгъэпытэмэ, ахэмэ яІоф тыухынэуи къэт. Нахьлъэш зэон-бэнэн фалІэшъ, а хъырцыжъ куп гъоща-гъэмэ апэІусыдзэн...»

Щэмэджым мыжъоупцІэр Іуидзэзэ, Колэс зэплъэм, чылэм къыдэкІыгъэ шыу купыр ылъэгъугъ, къафырэ былымри, шыуитІу зэготхэкІэ къахьыхэрэ щыуанышхохэри, Іанэхэри ыгъэшІэгъуагъэп. ЗэкІэми анахь шІогъэшІэгъоны-гъэр ГъучІыпсэ лІыжъым ишытесыкІэ-къэкІуакІ.

– Мэщышіу Іушъохыжь апщи! – ГъучІыпсэ къыІуагъ, къыпагъохыжьыщт джэуапым пымылъэу къепсыхыгъэмэ ащыщ нахьыкІитІум яджагъ: – Мыдэ сыкъежъугъэпсых.– Онэгум къызырахым, зэришІ хабзэу, ІитІу щэигъэмэ ибэ-щышъхьэ якІэгъэкъонэу заулэрэ зиплъыхьагъ, зэгыижьыгъ: – А-ей гущ, сикІэлэгъу-делагъэрэ силІыгъэ-мылъахъэрэ тыдэ къисхыжьын... Ы-ы, Колэс, сыд едгъэІони мыщ фэдэ мэщ бэгъуагъэм?

– Ары, ГъучІыпс, ары, мэщ макІэп Іупхыжьыгъэр, къеблагъ, тигъэбэжъу къыддэогощ.

– Тхьэр разэ къыпфэхъу, Колэс, чылэ шІыхьафым зыхэзгъэнынэп сІуи, сионэш лъэкъоф зыкъезгъэхьыгъ, былымхэмкІэ титхьэ Ахьыни разэу, мо быгъу псэпашІэр шъуищэджэгъо шхынэу нахьыкІэмэ къышъуфаригъэфыгъ. Мыдэ, былымым ифэІо-фашІэмэ ауж шъуихь,– ыкІыб дэт нахьыкІэмэ афызэплъэкІыгъ, ТІатІыхъуи емыгыин ылъэкІы-гъэп: – Арэп, сигъунэгъур, сыкъыоплъышъ, птхы зиуфэжьрэба, зэндэрыкъэу щэмэджыр къеощэкІы, моу бетэмал, щэмэджым тІэкІу зытеуфыхьэба, нахь псынкІэ къыпфэхъущт.

– Е-о-ой, зытегъэуфа жьыгъом!..

– Ари шъыпкъэ, сэ сыреуфэхы, о зандэу уиІыгъ... А-ей гущ, тикІэлэгъэ-делагъэрэ тилІыгъэ-мылъахъэрэ тыдэ къитхыжьын! Ау, тэ шъо шъутиІэу, тэ тышъушъхьащытэу, гукІодыгъо щыІэп, кІалэхэр.

– ПхъэнтІэкІур къэшъухьи, нахьыжъыр жъугъэтІыс,– Турабэ къыІуагъ.

– Адэ ары, тинахьыжъ дгъэтІысын! – НэтІаий шыумэ къыздахьыгъэ пхъэнтІэкІу шъхьакомэ ащыщ къырихьы-лІагъ.– ТІыс, ГъучІыпс, плъакъомэ зягъэгъэпсэф.



– Бгыр ары нахь, лъакъохэр Іофа... Мыры сэ сип-хъэнтІэкІур,– ГъучІыпсэ ибэщ ыІэгушъомэ ачІигъэсысы-хьагъ, етІанэ ежь къыкІэлъыкІорэ нахьыкІитІумэ яджагъ: – Колэс, ТІатІыхъу, модэ шъуищэмэджхэр нахьыкІэмэ яшъути, тыпщэрыхьакІоп къысэшъумыІоу, былымылыр зэІызыхырэмэ шъуашъхьащыт, лэпсыр зэрэзэхалъхьащтыр яжъугъэлъэгъу. Лаурстэныкъо Рэдэд къосэгъупщыр, пкІуачІэ ушъхьамысэу уищэмэдж бащэ къемыгъэубыт, лъэбэкъу иныщи умыдзы, нэр делэми, кІуачІэр гъунэнчъэп. Моу пхъэнтІэкІум сытежъугъэтІысхь, ыхьы, джы слъакъомэ загъэпсэфыщт. ШъутхыцІэхэр пкІантІэм ригъэшъукІыгъэх, джанэхэр зыщышъухымэ хъущт, шъукъытщымыукІыт. Шъори, ТІатІыхъу, Колэс, зэхэшъоха, пхъэ бащэкІэ лэпс машІор шъумыгъэбыбатэ. Мэщыр, тхьэм тырихьакІ, гъушъабз.

Зэушъыигъэхэ Рэдэдыпщыр мэщхыпцІы, раІуагъэр зэригъэцакІэрэр ищэмэдж ІэтыкІэрэ илъэбэкъу дзыкІэрэ къахэщы, зиджэнэ пкІэнтІэпс лІыжъ пашъхьэм щызыщахы-ныр къезымыгъэкІущтыгъэ адырэ ыуж итхэми кІыбыкІэ ГъучІыпсэ лІыжъыр зэхашІэми, агу шІу нэмыкІ фимылъхэу ІугушІукІхэзэ, ямэщ аргъэнхэр къызэрагъэтІылъэкІы, аргъэ-ныпххэми уцу яІэп. Хьакъарэдыхэри мыдырэ хьэсэбгъу лъэныкъом хэтхэм яІофшІакІэкІэ къянэкъокъух, къяджэх, сэмэркъэухэр къадашІы, лэпсым икъэжъокІэ-псынкІэ къэхъукІэ егъэгумэкІых. Ащ пае къанэрэп ямэщ хьасэ нахь бгъузэ хъуныр.

– Модэ зэ еплъэлъ, Шэныб,– Хьакъарэ ищэмэдж ымыгъэуцоу, къызэреІокІы,– модырэ хьэсэбгъумкІэ тыкъыщызынэрэ Рэдэд имэщ хыкІэкІэ пщы Іоу пшІэнэп. Зыпэ итхэри къыщенэх, тэри тыкъыззеренэкІы.

– Умыгузажъу, къэхъугъэ щыІэп...– Шэныби ыпэ ит пкъышхом кІэлъеІо, тыпщыгугъымэ тыпкъогушхукІызэ, тыкъычІебгъэтІагъ, ау, зи мыхъуми, о нахь Іуш-тхьагъэпцІэу укъытфычІэкІыгъ, Нахьлъэш ары хьайнапэ цІыфмэ апашъ-хьэ ихъухьагъэр, гукІэ фыпигъэхъожьыгъ, тІэкІу тешІагъэу къызэтеуцуи, ищэмэдж мыжъоупцІэр дидзэзэ, пчэдыжь нэс зыгъапэрэмкІэ къыухыжьыгъ: – Рэдэд къосэгъупщым зэкІэми теуцолІагъэу тэгъэпщы шъхьакІэ, НэтІэе амалын-чъэмрэ Турэбэ ныкъо-тыкъомрэ яшъэогъугъэ зэфыщтыкІ къызгурымыІорэр. Мо плъэлъ зэ, Хьакъар, ахэмэ лэпс

щыуаныр зэрэзэӀашӀэрэр… Мохэмэ аӀэ зынэсырэр пшхыжьи хъунэп…

– Тыкъызэхябгъэхыщт…– Хьакъарэ имыжъоупцӀэ дадзэ нахь макъэ пегъэӀукӀы, зегупшысэжьыкӀэ, къызэкӀэщтэжьы: – Титхьэмэ ялӀыкӀо ащ фэдэ раӀуалӀэрэп… Тхьэмэ яӀоф хэмылъэу НэтӀайи ащ пыщэгъу фэхъугъэпщтын, Ӏогъу-шӀэгъу умышӀых, ори зямыгъэшӀ… НекӀо, тауж итхэр къыткӀэхьэх…

Щэджэгъуашхэр зыхьазырыр бэшӀэгъагъэми, Даур ием ыуж Турабэ имэщ амыухэу хьасэм хэкӀыгъэхэп. Мэщыххэм затхьакӀи залъэкӀи етӀысэхыгъэхэу, Колэс къыӀуагъ:

– ТишӀыхьаф гъомылэ апэ нахьыжъыр хэжъугъаӀ, гущыӀэшӀу къырежъугъэӀуалӀ.

Пэхъэ фабэр къызшъхьэщихырэ пхъэ лагъэр ГъучӀыпсэ ыпашъхьэ рагъэуцуагъ, бэщыр Ӏэнэ натӀэм риусэйи, ошъогум зезгъэзыхыгъэ тыгъэм ынэӀу фигъэзагъ, ыӀэхэр фыдиӀэтэягъ:

– ТишӀыхьаф шхын шӀукӀэ тыхэӀэнэу ти Тхьэшхо тежъугъэлъэӀу, былымхэмкӀэ титхьэ Ахьыни къытитыгъэм фэдишъэ былымышъхьэкӀэ иӀэхъогъу нахьыбэ хъунэу тыфежъугъэхъохъу…– ЯӀупчъэпчъэ-ӀушъашъэзауХым, фит ышӀыгъэх: – Лаурстэныкъо Рэдэд къосэгъупщым ыуж, шӀукӀэ шъухаӀ.

– Хьау, хьау, тхьамэтэ маф,– зэхихыгъэр Рэдэдыпщым ыдагъэп,– апэрэ, ауж мыщ иӀэп, зэкӀэми зэфэдэу шӀыхьафым тызэдыхэлэжьагъ, зэкӀэми зэфэдэу ауж тызэдыхэӀэщт,– Рэдэдырэ Колэсырэ, ошӀэ-дэмышӀагъэ хэмылъэу, янэплъэгъухэр зэфэзыгъэх, инахьыжъ къызэрэфэразэр пщым зэхишӀагъ.

ШӀыхьафым хэлажьэхэрэр лэпсым ешъуагъэхэу, лым хэзэрэгъаӀэхэу зэхэсхэзэ, пырэжъыелъэ Ӏуашъхьэм къыкъокӀи, къыӀухьэгъэ шыум шӀуфэс къарихыгъ:

– Шъуигъомылэ гухахъо шъошх.

– Тхьауегъэпсэу, къыддэошх, Нахьлъэш,– Колэс игущыӀэ пигъохыжьыгъ.

– СшӀоемыкӀу шъуишӀыхьаф сыхэмылажьэу шъуиӀанэ сыкъызэрэтефагъэр,– Нахьлъэш къыӀомэ, Рэдэд зыпэӀут Ӏанэм Турабрэ НэтӀаерэ зэлъыӀуигъэкӀотхэзэ, пщым пэчӀынатӀэу кӀэрыуцуагъ,– ау сызэрымыразэмкӀэ сызаф, сыд Мыстхъакъорэ Мэзыбэрэ азыфагу, къытфэшъуӀопщыгъэмэ, тинахьыжъ-нахьыкӀэхэмкӀэ шъуишӀыхьаф тыхэлэжьэни. ЕтӀани мы ӀофымкӀэ, Рэдэдыпщыр шӀыхьафым щыӀ къызысаӀом, зэрэсшӀоемыкӀугъэри, мыщ сыкъэсыфэкӀэ сызегупшысэжьым, ар зэрэзэблэсхъужьыгъэри шъушӀосыушъэфынэп. Уян, Рампэс гуащэр ары, Рэдэд, пщы къэлапчъэм сызӀохьэм къысиӀуагъэр ары нэмыкӀ шъыпкъэкӀэ сызфеплъыжьыгъэр. Упщымэ, етӀани укъосэгъупщ зыхъукӀэ, зыпэ уизгъэуцуагъэмэ ягушӀуагъуи, янэшхъэйи, яӀофи, ямэфэкӀи адэбгощыщт.

– ХаӀ, Нахьлъэш, лыр мэучъыӀыжьы,– зызэрэригъэукӀыхьэрэр ыгу темыфэу МэщыкъоЖъыӀуагъ.

– Сэ бэшӀагъэп Ӏэнэ дэгъу сыкъызпэкӀыгъэр,– Нахьлъэш къыӀуагъ, ау етӀани, ыпашъхьэ илъ лы такъырхэр къызэпиплъыхьэзэ, хьарамыгъэ хэмылъ фэдэу, зэкӀэми зэхаригъэхэу мыгъумытӀымын ылъэкӀыгъэп,– ухэӀэн, узхэӀэн лы тэрэз Ӏанэм тебгъотэжьымэ… УмыгумэкӀ, зиусхьан, Ӏоф сшӀагъэп, сыулэугъэп зэраӀоу, лы тӀэкӀу зытедгъотэн къупшъхьэ горэм тецэгъуми хъун…– зэ, зэ моу къушъхьэ мэз лъагъо горэм уизакъоу ушэкӀоныр уикӀасэшъ, зыкъысӀэкӀэгъаф о, гукӀэ ыӀуагъ, ябгъэшӀырэ мыжъо унэми, ипщэщт лъэкӀэпӀэ псыгъоми уатемыплъэжьынэу, узэцэгъуни умыгъотыжьынэу уисшӀыхьащт… Псаоу, ыпсэ хэт къодыеми тезэгъыщт, къытӀэкӀэгъахьэри дышъэ бгырыпх къыоттыщт къушъхьэм щысӀыгъ хъэзар хъырцыжъмэ къысамыӀогъагъэмэ, сищэбзэщэ щэнаутыкӀэ бэшӀагъэ узыӀуезгъэхыщтыгъэр. ПӀын паӀо зыщыплъэгъэ хьакӀуцуми ылъэкӀ къымыгъанэу тыгъужъубыт лъахъэр мэз лъагъо пэпчъ пфытырегъэуцо…

Гъэмафэри текӀыгъ, бжыхьэпэ мазэри пыкӀыгъ.

Мэз пчэн Ӏой макъэр Нахьлъэш зызэхехым, къызщылъэтыгъ. Ӏэ ӀэтыгъэкӀэ хъырцыжъищыри ыгъэбыягъ. Мэкъэ зэлъыпытитӀур къызыкӀэлъэкӀожьым, адыгэбзэ тӀэкӀу зышӀэрэ хъэзарым риӀуагъ:

– Къосэгъупщыр къышъуӀэкӀэхьагъэкӀэ сенэгуе,– шытхым зыригъэуфэу онэгум зыридзагъ, къызэриӀокӀыгъ: – ЗэдэтшӀэрэ макъэр къызэрэшъоӀоу шъукъэс!

Нахьлъэш шым къемыпсыхэу зылъэкъо джабгъу гъучӀ дэкъацэм пиубытыкӀыгъэ Рэдэд ӀущхыпцӀэзэ, кӀэнэкӀагъ:

– Сыд етIанэ, къосэгъупщыр, пIынэ паIо зыщыплъэгъэ хьакIуцу къэрабгъэм укъиубытыгъ, ара?

– Нахьлъэш цIэплъыр, сыкъыпфэсакъы сIозэ, мызыгъэгу укъыстекIуагъ…

– Къурай гъэхъунэм стхы щызэпыпкI зэхъум, къыосIогъагъэр згъэцэкIэжьыгъэ…– цэлышъо текъыгъэкIэ онэгум исыр джыри щхыпцIыгъэ.– Тхьапшрэ уизакъоу умышэкIонэу уибайколмэ къыуаIуагъ… Модэ, зипIынэ паIо зыщызыутыжьыгъэр, шэкIохьэ макъэкIэ щэ хьакъу.

– УлIымэ, слъакъо къягъэтIупщыжьи, уичатэ къих!

– Дышъэ бгырыпх пкIэсхыщтэу сыд пае сичэтэ чIэгъ учIэзгъэкIодэн!

– Цlыфыгъэ уиIэп, ЦIэплъыр!

– Мы хьакIуцуми адырэ хьакIуцуми уазэрэдзэкIуагъэр цIыфыгъа?

– Ахэмэ зэрамышIэжьыгъэ къалэжьыгъэп. ЛIыгъэнчъэм узфимыгъэадэ пшIоигъомэ, о лIыгъэ къызхэгъаф! Шъузэджагъэмэ сыд фэдиз япчъагъэми, мы зыгу сысрэр сишыхьатэу, сизакъоу сышъозэощт.

Нахьлъэш цIэплъыр мыгузажъоу шым къепсыхыгъ:

– Мыра сишыхьатыщтыр? – Нахьлъэш етхъуи, хьакIуцум ыпшъэ шIуиубытыкIыгъ, ытхьали, зэпылэлэу хъуатэм зыдедзэжьым, зыкъызэригъэзэкIи, Рэдэд къыIущхыпцIагъ: – Плъэгъугъа? Шыхьат симыIэу дунаим сытет…

Джа мэфэ дэдэм, Рэдэд къосэгъупщыр хъэзар хъырцыжъмэ зарещэм, сыхьат пIалъэ нахь темышIагъэу Нахьлъэш цIэплъыр Мэзыбэ къэкIуагъэу, япщ къехъулIагъэр зымышIэрэ цIыфмэ аIущхыпцIэу, заригъэлъэгъоу иблэгъэ Хьакъарэ ихьакIэщ исыгъ.

Пчыхьэм къэзымыгъэзэжьыгъэ Рэдэдыпщым фэгумэкIыщтыгъэмэ адэшэсыгъэу апэ итыгъэ шыумэ Нахьлъэш цIэплъыри ащыщыгъ…

## XI

«Тырамыубытагъэр тыгъуакIоп» – Нахьлъэш цIэплъым гукIэ ыIомэ щхыпцIызэ, байкол шыу лъыхъуакIомэ ахэтэу къушъхьэ лъагъорэ мэз цунырэ блэкIыгъэ чэщми къыкIэлъыкIогъэ мафэми къыгъэнагъэп, псыхъо нэпкъыхэр, псым хэлъ тэкъэжъхэр къаригъэлъыхъугъ. Зыщаригъэубытыгъэ



мэзцунымкIи хьакIуцу тхьэлагъэр зыдидзэжьыгъэ къуладжэми блищыгъэх, къыблищыжьыгъэх: гуцафэ зыфэпшIыни зэрэпшIыни щыIагъэп. Къосэгъу къушъхьэхэр, мэз зэикIыхэр, псэушъхьэ Iэли, IорышIи къэхъугъэ тхьамыкIагъомкIи хыягъэх.

«Тхьэмафэ зытешIэжьыгъэ ощхыр гъэмэфэ жъоркъым зэрэхэгъушъыкIыжьэу, хыIушъом язгъэхьыгъэм икъошъо уж хым зыхэкIодэжьыгъэр бэшIагъэ,– джыри Нахьлъэш щхыпцIыгъэ, ау къышIудэоегъэ кIоцI макъэм зыкъыригъэшIэжьыгъ: – ЗыгорэкIэ кIочIэшхожъым фыримыкъухэу, ышъхьэ дгъэупэрази ерагъэу зэкIоцIытпхэгъагъ, закъыIэкIиутыжьмэ… Е хъэзармэ яIоф зэпымыфэу, хэт ышIэра, Iаджи дунаим щэхъу, а лъэныкъомкIэ зэрэфыгъэ Чэчаныдыхэм къагъотыжьымэ?.. Ащ фэдэ хъун ылъэкIыщтэп!.. Феодосэ нарэгъэс къодыий, адыкIэ Румыр чыжьэжьэп… ЛIыхэмэ, якъупшъхьэ-лъашъхьэхэр зыщышэжьыщтхэм орэкIох».

– Мэщыкъу, узгъэмысэу арэп,– Мэзыбэ къызагъэзэжьым, пщы щагум Нахьлъэш къыщиIуагъ,– ау пщыр изакъоу шакIо зэрэжъугъакIощтыгъэр тэрэзэу шъуфэслъэгъурэп. Ори ары, Шыупащ, зэшитIур къэмэ бгъуитIуц язгъэIуагъэр сыд, къыпфимыдэщтыгъэми, уриныбжьыкъун фэягъ…– сыд пае зэкIэми зэхязгъэхэу «пщы» есIуагъ зыщыщыри, къыздикIыгъэри тымышIэрэ пэщыныцIэм, пщы амышIы мыхъунэу ежьэнхэкIи пшIэхэнэп, тэ тыщытэу… Мэщыкъуи, зегъэдзэпащэми, ашIынэп, Чэчан нэмыIэмэ, рагъэкIолIэхэнэп… Ау сыдым фэпшIэн Колэс тхьагъэпцIыжъым ыгу къихьащтыр. Тэ щыI сэIо ар?..

– Рэдэдыпщым ышъхьэ къызиIэтыгъэм щегъэжьагъэу,– Мэщыкъо зэхихырэр ыгу темыфэщтыгъэми, къыриIожьыгъ,– изакъоу шэкIоныр икIэсагъ, хэт ышIагъ джы нэс къемыхъулIагъэр къехъулIэныр. Ау Рэдэд къосэгъупщыр зэрэпсаур сыгу къысеIо.

– Адэ ары, Мэщыкъу,– Турабэ къыдырегъаштэ,– Рэдэд къосэгъупщыр псау, шъуеж, гукIодыгъо щыIэп титхьэми аIо. Мыдэ РэдэдыпщымкIэ ынэшIу къытщыфэнэу ти Тхьэшхо тежъугъэлъэIу! – ошъочапэм игъорыгъоу къыдэсыерэ бжыхьэ тыгъэм ыIитIу фыдигъэчъэягъ, щагум дэтхэми, къэлэпчъэ кIыбым щызэхэтыхэми ар ашIагъ.

Тхьэ елъэIухэрэм агу илъыр зэфэдагъэми, Нахьлъэш цIэплъым итхьэлъэIукIэ нэмыкIыгъ. Апэ, ыIэ зыдегъэчъаем,

къыIуплъэрэ Тыгъэшхом риIощтыр ымышIэу къызэтенагъ, етIанэ гу къызIэпишIыхьажьи, ежь зыфаемкIэ лъаIоу ригъэжьагъ: – «Мыхэр къызфызэрэугъоигъэхэмкIэ зымафэ сшIагъэр уишIэ хэмылъэу, си Тхьэшху, щытэпщтын. Сэри лые зэсхыгъэри тыкIочIэшхо-гушхоу тыкъэбгъэхъугъ. Тызэфэзгъэблыгъэри тызэзгъэбэныгъэри оры. Сыфэягъ къосэгъумэ, нэмыкI тилъэпкъэгъумэ пщы сафэхъунэу, ау узгъэмысэрэп, укъызблэIэбыкIыгъ. СыкъэзыушъхьакIугъэмэ пэрыохъу укъысфэмыхъоу сыгу атебгъэпщэхэжьыгъэшъ, сыпфэраз. Хъэзармэ зэрясщэгъэ дышъэ бгырыпхыр арэп Iофыр, сыбгъэпсаумэ, сыгу илъыр къыздэбгъэхъумэ, ащ фэдэ Iаджи згъотыжьыщт, уасэ къазэрэIысхыгъэр пшIомытэрэзмэ, зыщызгъэбылъыгъэм благъэу секIолIэжьынэп. Адырэ хьакIуцу къэрэбгъэ пIынэ зехьэм темыфэрэ есшIагъэп. Сырыразэу сыгу тезгъэпщэхагъ, ау джы бащэ умыIощтмэ, лъэIуитIу къыпфысиI. Турабэ уилIыкIошъ, цыхьэ къыфэпшIэу сишъэфкIэ мы къыолъэIухэрэм агу джэнджэш къырерэмыгъахь. Къосэгъу пщыгъом иIоф тIэкIу-тIэкIузэ мыхэми ащыгъупшэжьыщтышъ, о зыщыпIорэм тефэу къыздэгъэхъу...»

– СызэрэолъэIугъэр зэкIэ, ти Тхьэшху, къосэгъумэ къыддэгъэхъу, пщынчъэ тымышI! – Нахьлъэш цIэплъым къыготхэми нахь чыжьаIоу щытхэми зэхаригъэхэу къыухыжьи, ыIэшхуитIу къыридзыхыжьыгъ, тхьэлIыкIоми еупчIыгъ: – Сыд, Тураб, ти Тхьэшхо къыуиIуагъэр?

– Ари къытэхъулIагъэм егъэгумэкIы.

– ИшIэ хэмылъэуи?

– Нахьлъэш!

– КъызгурэIо, Тураб, къызгурэIо...– Нахьлъэш цIэплъым зиухыижьи, ежь зыфаер къыпигъэхъожьыгъ: – ЩэIагъэ къызхэжъугъаф къыуиIо фэдэу, сымышэхъумэ, зэхэсхыгъэ.

– Тхьэм къысиIорэр шъо зэхэшъухынэу щытэп! – зы нэбгырэми зыфэгъэхьыгъэр зэкIэ къэдаIохэрэми зэхаригъэхэу Турабэ къыпиупкIыгъ, НэтIае шъхьагъэсыс псынкIэкIэ къыдыригъэштагъ, адырэхэм заушъэфыгъ.

ТIэкIу шIэ къэси РэдэдыпщымикъэлэпчъэIурэ ищагурэ адэжь къащызэрэугъоихэрэм къахэхъо. Благъи, чыжьи лъэсхэр, шыухэр къарэкIых. ЗэкIэми афэмыухырэр, зыфахьын амышIэрэр къосэгъупщым шIукIи, екIи икъэбар зэрэщымыIэр ары.



– Адэ, Мэщыкъу, моущтэу тызэхэтыщта? – гум ымылъыр ыIупшIэ телъэу Нахьлъэш зыфэщыIэжьырэп.

– Сыд тэбгъашIэ пшIоигъу, Нахьлъэш?

– Тызнэмысыгъэ къэмынагъэми, джыри зэ къушъхьэм тыхэжъугъахь, мэзыр къэтэжъугъэу, хъунэп тизэхэтыкIэ. Колэс икупи сыдэу пщы унэм зырашIыхьэжьыгъап сэIо?

– Мэз тхышъхьэм къытехьэгъэ шыуищым языр Рэдэдыпщыр армэ сшIэрэп! – чъыгым тес шъэожъыемэ ащыщ горэ къызхэкуукIым, лъэси шыуи зэрэгъэплъагъэх. Нахьлъэши ыгу зыкъыригъэпхъотагъ, ау къэлъэгъуагъэхэр хьакIуцу шыухэу къызчIэкIхэм, быяужьыгъэхэми, къыздахьыгъэ къэбарым къыгъэбырысырыжьыгъэх.

– Сыд фэдиз тешIагъ пIын паIо зыщыгъым чылэм къызимыгъэзэжьыгъэр? – Мэщыкъо къэбарыр къэзыхьыгъэ хьакIуцум еупчIыгъ.

– Тхьэмафэм ехъугъ.

– Зы мафа, мэфитIуа къехъугъэр?

– Непэ хэмытэу ятIонэрэ тхьэмафэм мэфищ пыкIыгъ.

– ХьакIуцумэ, Мэщыкъу, зэ моу сягъэупчI,– къыIуагъэм Нахьлъэш пылъыгъэп: – Шъуикъэрабгъэ зэрэбзэхыгъэр ара хьауми къосэгъупщ Рэдэдым къызэримыгъэзэжьыгъэр ара, хьакIуцухэр, шъузгъэгумэкIырэр?

– Къэрабгъэр тикъосэгъупщы сыдым пишIын! – зэреупчIыгъэ шIыкIэр зэримыгуапэр хьакIуцу нахьыжъым ымакъэ къыхэщыгъ, ау къэдаIорэмэ ашIолIыкIэу зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: – Къэрабгъэми зэгорэм зыкъещэфыжьышъ, хэт ышIэра хъугъэр тэIошъ ары...

Щагум дэтхэри къэлапчъэм Iутхэри джыри къэзэрэгъэбырсыгъэх.

– Шъуикъэрабгъэ гу ышIэу къосэгъупщым лые рихыгъэмэ, хьакIуцухэр,– Нахьлъэш ичатэ къырипхъотыгъ,– сэщ нахь къэмынэжьыгъэми, дунаим шъуесыупкIэхын!

– Нахьлъэш! – Мэщыкъо ымакъи зыкъипхъотагъ.– Зэ быяу!

– КъышъухэхъухьагъэрсыдМэщыкъу? – Колэс пщыунэм къикIыгъ, Рампэс нэмыкIэу бзылъфыгъэ зыщыплIи адрэпчъэмкIэ къизэрэгъэплъыгъэх. Ахэмэ акIыб Айнарэрэ Анысэтырэ дэтых.

– ПIын паIо зыщыгъым, Колэс,– зэупчIыгъэм ычIыпIэкIэ Нахьлъэш къыIуагъ,– Рэдэдыпщым фэдэу къыгъэзэжьы-

гъэп аIо. ХьакIуцумэ шIу къазэрэпкъырымыкIыщтым сенэгуягъ сэ!..

– Къэрабгъэм къымыгъэзэжьыми шIагъоп,– Колэс зэхихыгъэм шъхьащыгущыIыкIыгъ,– ау къосэгъупщыр къызэрэтхэхьажьыщтым шъуемынэгуй, Нахьлъэш. ЩэIагъэ къызхэжъугъаф, Рампэс гуащэми ыгу шъумыгъэкIоды. Джыри зэ къушъхьэм шъухахь, мэзыр къэшъукIухь, губгъуи, шъофи, темэнылъи къэшъумыгъан.

– Шъофи, темэни ащышакIоу Рэдэд ихэбзагъэп, Колэс,– нахьыжъым зыкIыпеожьри ымышIэу гужьыдэгъэкIэу Шыупащэ къызIуипхъотыгъ.

– Ара, сикIал? Аущтэу щытми, зыфэдэ мыхъурэ щыIэп, шыу куп зытIущ а лъэныкъомкIи жъугъакIо. О пщы щагум къыдан, уадэмышэс. Чэчаныдыхэри нычхьапэ къэмысыжьхэми, неущ шIокIынэп сэIо,– Колэс гущыIэм хэтэу унэм ихьажьыгъ.

«Зэхэпхыгъэба Колэс къыIуагъэр? – шэсыгъэ шыу лъыхъуакIомэ ахэтэу Нахьлъэш цIэплъыр зэупчIыжьыгъ.– Зыщыщ тымышIэрэ шъэо гъорыкIом пщы щагум къыдан реIо. ЗыгорэкIэ пщыгъор мощ нахь мыхъурэм фегъашIомэ шIэ?.. Чэчанэ хыIушъом къызщикIыжьыщтми егъапэ... ЕгъашIэм къэтынха, зэрэбгъэчъагъэхэм фэдэу ашъхьэ жьы изэу къэсыжьыных... Мызэгъэгум, охътэ тIэкIу зытешIэкIэ, сиоф къикIынкIэ енэгуягъо... Лаурстэнкъом икъупшъхьэмэ афэдэ горэ мыхэмэ къушъхьэмэз къуладжэ горэм дязгъэгъотэжьыгъэмэ дэгъугъэ. Загъорэ къысфыкъокIырэ хъэзар хъырцыжъмэ иныжъ горэ ахэтышъ, ащ икъупшъхьэхэр мыхэмэ ясымыгъэгъэежьхэу уцущтхэп... ЕтIанэ теплъыщт хъурэм, сэ зэкIэ сIэмычIэ чIэлъыщт...»

– КъаIо, Мэщыкъу, къэтэгъэлъэгъу, сишыу куп зыдигъэзэщтыр,– гукIэ щхыпцIызэ, еупчIыжь фэдэ Нахьлъэш цIэплъым зешIы.– Уфаемэ, хьакIуцумэ адэжькIэ зыдгъэзэн...

– ХьакIуцухэр зыщыгъэгъупш, Нахьлъэш. Тызэготэу къушъхьэм тыхэхьэ.

Колэс унэм зехьажьым, бэщым тегъэкIэгъэ ГъучIыпсэ лIыжъыр къэупчIагъ:

– УзфикIыгъагъэхэр шIэхышIоу бгъэдэIуагъэх, Колэс, япIуагъэр сшIэрэп нахь.

– Байкол заулэ пщы щагум къыдэзгъани, къэзэрэугъоигъэхэр джыри къушъхьэм чIэзгъэхьагъэх,– хьакIуцумэ къахьыгъэ къэбарым, бащэрэ ГъучIыпсэ лIыжъыр къыкIимыгъэупчIэным пае, игугъу къышIыгъэп.

– ХыIушъомкIэ бгъэчъагъэхэр къэсыжьыгъэхэба?

– Ахэмэ тяжэ.

– Тяжэн адэ...– А-ей гущ, сикIэлэгъу-делагъэрэ силIыгъэ-мылъахъэрэ тыдэ къисхыжьын,– ГъучIыпсэ хэгурымыкIыгъ, етIанэ игукIае зыщигъэгъупшэжьыгъэу къыIуагъ: – Мыдэ, Колэс, унэм узекIым, Джэбэгъ, Пщымаф, ТIатIыхъу, сэры аIоу тызэгупшысагъэр ары. Пщымафэрэ ТIатIыхъурэ уигъусэу Рампэс тхьамыкIэм дэжь шъудгъэкIон тэIо. Рэдэд къызэрэтым пае, хэт ышIэра къэхъущтыр, мэхагъэ къызхимыгъэфэнэу, пщыгъом фэпытэнэу, игукIае макъэ ымытIупщыщэнэу шъуеушъый, адырэ бзылъфыгъэхэми зэхяжъугъэшIыкI...

КъыкIэлъыкIогъэ мафэм, лъыхъуакIохэр къушъхьэм къызэрхэтыхэзэ, Чэчаныдыхэм къэбар гушIуагъуи, къэбар гумэкIи хы ШIуцIэ Iушъом къырахыгъ: къосэгъупщ Рэдэд псау, хыкIыбым ращыгъ.

– Хэт къышъуиIуагъ? – Колэс къэгузэжъуагъ, ау ежьыри щысхэри зыгъэрэхьатын гущыIэкIэ къыухыжьыгъ: – Тыдэ щыIэми, псаумэ ары, дгъотыжьын.

– Ащ сенэгуягъ сэ...– ГъучIыпсэ лIыжъым IитIукIэ бэщым зытыригъакIи, зыкъырищыгъ, Колэс къеплъыгъ.– ХыкIыбыр чыжьэ, хэгъэгу макIэп щыIэри... А-ей, сикIэлэгъу-делагъэрэ силIыгъэ-мылъахъэрэ тыдэ къисхыжьын...– лIыжъыр гъумытIымымэ зэгыижьызэ, ибэщышъхьэ ыIэгушъомэ ачIигъэджэгухьагъ.

– Феодос хэгъэгумкIэ ащагъ, зылъэгъугъэ мыутIэ шыум къытиIуагъ,– Чэчанэ къэбарым нахь лъапсэ къыфишIыжьыгъ.

– Феодос хэгъэгоп, сикIал,– джы нэс зи къэзымыIощтыгъэ Джэбэгъ къыгъэтэрэзыжьыгъ,– Рум хэгъэгум ихыIушъо пытапI.

– Ары, Джэбэгъ, ары,– ТIатIыхъуи къыдыригъэштагъ, Колэси еупчIыгъ: – СымыгъуащэрэмэI, а лъэныкъор арба Думитрэ чыристан динлэжьыр къыздикIырэр?

ЛIыжъхэр зыгъэгумэкIырэм Колэси хэтыгъэми, къаIорэр зэхихыщтыгъэп, шъхьакIомрэ гукъаомрэ астэу ежьыри зэгорэм зыдащэгъэгъэ хыкIыбым гукIэ щыIагъ. Ежь сыд, цIыфыцIэр ыхьы къодыеу, шхэу, жьы къыщэу

ежь фэдэ Iаджи дунаим тет. Адыгэхэр хэгъэгукIэ зэхэзыугъоен зигухэлъыгъэ къосэгъупщым рашIагъэр шIоемыкIу, къызэрамыухъумагъэм ежь илажьэ хэлъэуи зелъытэжьы, ащ фэдэ нэпэнчъагъэ зышIагъэми, зышIэн зылъэкIыщтми ягупшысэ, япщ аушъхьакIугъэми, зэрэпсаум кIэгушIу. ЦIыфыр мастэп, пIэкIэзмэ умыгъотыжьынэу.

– КъыуаIуагъэр зэхэпхыгъэп, Колэс,– Пщымафэ зыкъырегъэшIэжьы.

– Ары, ары...– джау сыдыми гущыIэ пыгъащэкIэ Колэс къеIо, ышъхьэ ыгъэсысызэ, мэкъэ тIупщыгъэкIэ зэгупшысэщтыгъэм педзэжьы: – ЗэрэхъурэмкIэ, къосэгъупщыр сигъогу тыращагъ... ЛIыгъэ зепхьагъэп, Чэчан. Тхьэмэфэ псаум укъызэтым, къосэгъупщыр Феодос ащагъ пIуи, зэрэтипщыр осымыгъэшIэжьми, гъэрыпIэм ргъэфэгъэ уиныбджэгъу ыуж умыфэу укъытфэчъэжьыгъ!.. Мыдэ, къушъхьэм хэтхэр къыхэшъущыжьых, тэри унэм тижъугъэкIи, тикъосэгъупщ Рэдэд изы мафэ мэфишъэ пишIызэ гъэрыпIэм къитщыжьыфэ тфигъэпсаунэу ти Тхьэшхо тежъугъэлъэIу, Къурай гъэхъунэм щытшIыщт тхьэлъэIум ыпэкIэ, былым горэ ыпсэ фэтэжъугъэгъэгъу, бзылъфыгъэхэми шъукъядж.

Къосэгъупщ Рэдэд хыкIыбым зэрэращыгъэ къэбарыр Нахьлъэш цIэплъым зызэхехым, гукIэ гушIогъагъэ шъхьакIэ, ишъэф нафэ зэрэхъурэм къызэрэкIигъащтэрэр къызхимыгъэщэу игъусэмэ ариIуагъ:

– КъышъуасIощтыгъэба тикъосэгъупщ зэрэпсаур! Рэдэдыпщым ыуж зыфыщтмэ, заокIэ хэгъэгу псау тыфэкIощтми, Мэщыкъу, сызэрахэтыщтыр, апэ сызэритыщтыр къыосэIо! Типщы пае тхьэмэ тяжъугъэлъэIу, къосэгъухэр!

Шым тесхэу тхьэ елъэIуныр къырамыгъэкIоу ардэдэм зэкIэри къезэрэгъэпсыхыгъэх. Нахьлъэш ыIэшхуитIу дэгъэчъэягъэу, си Тхьэ, сыкъямыгъашI ыIозэ, Мэщыкъо дзэпащэм ыкIыб дэмыуцоу инахьыжъыгъэ джабгъу чIыпIэр ыубытыгъ. Тхьэ елъэIухэми, нахьыбэми ащ гу лъатагъ...

## XII

ТхьамыкIэгъуабэ Къосэгъу къихъухьагъ, ау япщ ахьыгъэу, хым зэпыращыгъэу зыми къышIэжьырэп.



ЯчIыгу къихъухьагъэр зэрагъэшIэнэу, Рэдэдыпщым пае ятхьэмэ ялъэIунхэу, мамырырэ Iэдэбырэ хэгъэгум рагъэлъынэу Къосэгъу пщыгъом илъэныкъо пстэухэми къарыкIхэу Къурай тхьэлъэIупIэм шыухэри, лъэсхэри къезэрэгъэкIух. Шы щыщ макъэмрэ цIыф зэрэгъэжъот макъэмрэ ошъо цIынашъом зычIапхъуатэ.

Хъулъфыгъэ пэIо зэщымыщхэр – тыгъужъышъомэ, бэджашъомэ, мэлышъомэ, шъыхьашъомэ, мышъашъомэ ахэшIыкIыгъэхэр – зыщыгъымэ яинэгъэ-цIыкIугъэ шъхьэм епэсыгъ. Цы шъхьэтехъошхохэр лъэкIапIэмэ анэсэу бзылъфыгъэмэ къяхъухыгъэх, ашъхьэхэр шэкI шIуцIэ-фыжь пIуакIэхэмкIэ кIэпхыкIыгъэх, хъулъфыгъэмэ ящазымэ кIыхьэмэ яшъэбэгъэ-хъырахъишъагъэкIэ атекIхэу, цокъэ пэ къэгъэщыгъэ куухэр ащыгъ. Пкъы псыгъом къешIэкIыгъэу бгырыпхым дэжь нахь быхъоу ечъэхыжьырэ цы джэнэ зэщымыщ кIыхьэхэмкIэ пшъашъэхэр фэпагъэх. Дышъэтыжьын IуданэкIэ хъырахъишъэхэр зыхэдыкIыгъэ пэIо мылъэгэ хъураехэр, плIэмыехэр ашъхьарысых, ахэмэ къачIэщырэ шъхьац блэгъэ зырызхэр, тIурытIухэр якъэптан зэжъумэ атедзагъэх.

Шъаохэр Iэпкъ-лъэпкъ зэкIух, плIэIу пIокIэ зандэх. Шхужъ пытэ бгъузэм екIужьырэ тхы псыгъохэр чатэмрэ къамэмрэ зыпылъ бгырыпхыхэмкIэ зэпыпхыкIыгъэх. Цыябгъэмэ хьазыр фыжьхэр, бгырыпхыпсхэр зэрэгъэкIэрэкIэгъэ тыжьынмэ адиштэу, къатещых. ПшъэпIэ хъураекIэ пшъэм чIэубытэгъэ джэнэфхэр цыебгъэ зэгохыгъэмэ къадэщы. Ахэри, зэлэгъу пшъашъэхэр бзылъфыгъэхэм адэжькIэ зэрыгъэзагъэхэм афэдэу, хъулъфыгъэ лъэныкъомкIэ гъэзагъэх.

Шыупащэ, нахьыпэрэм фэмыдэу щыгъын гъэкIэрэкIагъэкIэ илэгъумэ къахэщы, Мэщыкъорэ Чэчанэрэ азыфагу дэт. Рампэс гуащэри, Гощнагъуи, ащ ыпхъу Айнари, Анысэти мычыжьэхэу, МэщыкъодыхэмакIахэкIэ, нэмыкI бзылъфыгъэ заули ягъусэу щытых, пшъэшъэжъые купи къяшIэкIыгъ.

Рэдэд къосэгъупщ зэхъум, лIыжъ упчIэжьэгъу тIокIырэ щырэу ыгъэнэфэгъагъэхэри шъхьафэу зэхэсых. УакIэрамыгъэхьанэу, аIори зэхыуамыгъэхынэу нэбгырэ уIэшыгъэ заулэ ахэмэ яухъумакIу. Колэс зыдэщыс лъэныкъомкIэ зэкIэми анэIу гъэзагъэ, къыIорэм едэIух. Iэдэб зэрахэлъы-

ри, шъхьэкӀэфэ-лъытэныгъэ зэрэзэфашӀыри пшӀэнэу, мэкъэ лые Ӏэтыгъэ къахэӀукӀырэп.

«Модэ, модэ Колэс къыгос Гъучӏыпсэ мылӀэжьыхэным ибэщышъхьэ ыжэпкъ кӀэгъэкъуагъэу зэрэщысым зэ шъуеплъ! – Нахьлъэш цӀэплъыр гукӀэ къыхэкуукӀыгъ.– Шым зыдыраригъэхьыемэ зыкъыраригъэхьыхыжьызэ, е щыӀэми шӀу щыӀэми захигъэнырэп. Ышъхьэ къыӀэтыгъ, ытх зыригъэузэнкӀыгъ, сыд джы лӀыжъмэ къахидзагъэр? Сыд шъуӀуагъэкӀи, шъушӀагъэкӀи а шъузгъапэрэм, псау шъоӀошъ шъогушӀо шъхьакӀэ, шъуузэрэтемыплъэжьыщтыр, сипэӀожъ пакӀошъ, Турэбэ быты ищыди ешӀэ... Мо Шыупащэ пэщыныцӀэ Дэхапсэ рагъэпсэлъыхъощт пӀонэу сыда зызфигъэкӀэрэкӀагъэр!..– ыгу къыдеӀэу щхыпцӀыгъэ.– Модэ мо былымхэр, аӀу игъожьэу, щытэшъумыгъэгъэтых, тэжъугъэшхыхи, тызэбгырыжъугъэкӀыжь...»

– ТилӀыжъмэ агу къытфилъыр сшӀэрэп нахь, Къодан, тхьалъэӀум зырагъэукӀыхьэ,– Нахьлъэш гъумтӀымыгъэ.– Тхьэшхом римыгъэзыхыжьзэ телъэӀун, былымыми апсэ дгъэгъун фаеба...

– ТхьэлъэӀу закъокӀэ сыгугъэрэп тыкъызфаугъоигъэр, Нахьлъэш.

– Сэ сымышӀэу о пшӀэрэ щыӀэмэ къаӀо, Къодан,– зэхихыгъэр Нахьлъэш шӀосэмэркъэугъэми, гукӀэ къыкӀэщтагъ, шъэфэгъу зыфишӀэу щеӀушъэшъагъ: – Зыгорэ тшӀуаушъэфа?.. Зэ, зэ, сыда Шыупащэ зыкъызфигъэкӀэрэкӀагъэр?.. Мэщыкъорэ Чэчанрэ азыфагу зыфыдагъэуцуагъэм зыгорэ хэлъ...

– Рэдэд къыгъэзэжьыфэ къосэгъу хэгъэгур пщынчъэу тинахьыжъмэ къагъанэ ашӀоигъопщтын...– Къоданэ зэгуцафэрэм ышъхьэ къырихыгъ.

– Зэхэсхыгъэр гъэшӀэгъоны...– Ӏофы зыримыгъэшӀы фэдэу Нахьлъэш къыӀуагъ, етӀанэ зыфэмыӀэжэжьэу, нэмыкӀми къыдырагъаштэ шӀоигъоу къыхигъэхъожьыгъ: – Джары лӀыжъ хьакъ-сакъыжъхэр упчӀэжьэгъукӀэ уапэ ибгъэуцохэмэ къыохъулӀэщтыр!..

– Нахьлъэш, емыкӀу къэохьы...– Къоданэ къеӀушъэшъагъ.

– Сыд емыкӀуа, Мэщыкъо фэдэ дзэпащэр щытэу, ощ фэдэлӀыр Ӏуагъэзыкӏэу, сэ сыщагъэзыеу, зыщыщ тымышӀэрэ пэщыныцӀэм ыцӀэ къыраӀоу... Сэщ нахь къэмынэжьыгъэми, ар шъозгъэшӀэнэп!..



Нахьлъэш ицӀэцӀэгъурэ лӀыжъ тхьаматэхэм якъэтэджыжьыгъорэ зэтефагъэти, хэт ыӀуагъи, ышӀагъи къырамыдзэу, нахьыжъищэу Къурай утыгум къихьэрэмэ цӀыфхэр язэрэгъэплъыгъэх.

Мэкъэ гъэтӀылъыгъэкӀэ Колэс къыригъэжьагъ:

– Къосэгъу пщыгъом иупчӀэжьэгъу тхьаматэмэ яунашъо шъущызгъэгъозэным ыпэкӀэ, шӀукӀэ Рэдэдыпщыр къытфигъэкӀожьынэу ти Тхьэшхо телъэӀущтышъ, шъунэӀу фэжъугъаз,– Колэс къызеӀом, зэкӀэми аӀэхэр дагъэчъэягъ, япщ фэгъэхьыгъэ зэкӀэмыхьэ-зэкӀэлъычъэ тхьэлъэӀур заухым, тхьамэтэ нахьыжъым игущыӀэ къыпидзэжьыгъ: – ГухэлъышӀукӀэ Тхьэм тызфелъэӀугъэр къыддегъэхъу, ынэшӀу къытщэф, зыгу шӀу имылъ къытхэтмэ, ти Тхьэшхо фэтэгъазэ. Джы титхьамэтэ мафэмэ яунашъо шъущызгъэгъозэн. Къишъущ, Мэщыкъу, къосэгъумэ япщ Рэдэд ышнахьыкӀэ Шыупащэ утыгум, ишыӀупӀэ бгъуитӀукӀэ дэшъуӀыгъэу Хэсэшъхьэ пчэгум къыщешъущэкӀ. Къосэгъупщым къегъэзэжьыфэ ышнахьыкӀэ Шыупащ ары пщы папкӀэкӀэ нахьыжъмэ агъэнэфагъэр. Жъугъашӏо, жъугъэлъапӀэ, шъуедэӀу.

Къосэгъу хасэм хэтхэм янахьыбэр тхьамэтэ нахьыжъмэ ашӀыщт унашъом мэфэ заулэ хъугъэу щыгъозагъэх, ау къэбарыр зэхамышӀагъэ фэдэу, апэ къыхэкуукӀыщтыр язэрэмыгъашӀэу зэхэтыгъэх. Зинэплъэгъу едзыхыгъэхэри, зэфычӀэплъыгъэхэри, зэӀугушӀуагъэхэри мэкӀагъэп. ӀэнтэгъупэкӀэ Хьакъарэ зэтӀыргугъэ Шэныбэ ымакъэ зэжэжьыщтыгъэмэ ашъхьэ къаригъэпхъотагъ:

– Ащ фэдэ хъун ылъэкӀыщтэп!

– Адэ ары...– зэхаригъэх-зэхаримыгъэхышъоу Хьакъари къыдыригъэштагъ, укъысфэраза къыригъэкӀэу, иблэгъэ Нахьлъэш фычӀэплъыгъ.

Колэс ыӀэ къызэриӀэтэу хасэр быяужьыгъэ, зымыдэрэмэ ацӀэ къыримыӀоу яупчӀыгъ:

– Сыд шъугу зэмыӀугъэр?

Зымакъэ къэзыпхъотагъэхэми, нэмыкӀхэми заушъэфыжьыгъ. Къосэгъупщ Рэдэд иухъумакӀомэ япэщэ Агъбанэ зыхэтмэ къахэкӀотыгъ:

– Колэс, зимафэ мэфишъэ хъун тхьамэтэ маф, мыхэмэ къафэмыӀошъурэм, къэсэбгъаӀомэ, ышъхьэ къисхын.

– Зыфагъэзагъэр зыфэмыгъэцэкӀагъэр, къосэгъупщыр къытфэзымыухъумэшъугъэр сыд пае къэдгъэгущыӀэн,–

Нахьлъэш ыӀапшъэ ичатэ телъэу Агъбан пэчӀынатӀэу къэуцугъ,– сэ сшъхьэкӀэ сызэрэрымыразэр сыушъэфынэп.

– СыкъэоушъхьакӀу, Нахьлъэш!..– Агъбани ыӀапшъэ ичэташъхьэ тыридзагъ, «цӀэплъыри» ыцӀэ фыпимыгъэхъожьэу, щэӀагъи къызхигъэфагъ,– ау лӀыгъэшӀэпӀэ чӀыпӀэп тызэрытыр.

– Сэри зыгорэм сышӀомылӀыкӀэу щытэп! – Нахьлъэш ыӀэ ридзыхыжьыгъ, зигъэгупсэфыжьзэ, утыгум къызфихьагъэр къыӀуагъ: – Титхьамэтэ мафэмэ зыцӀэ къыраӀогъэ Шыупащэ мыхъун дасшӀэрэп. Илъэс пшӀыкӀуим иуцуагъ тэӀокӀэ, тыгъуасэ Рэдэдыпщым Ӏофтабгэу ищагу дэтыгъэр непэ къосэгъумэ апэ зэридгъэуцорэр къезгъэкӀурэп. Нахьыжъмэ яунашъо зэрэрамыутыжьыри сымышӀэу щытэп... Ау етӀани зыщыщ тымышӀэрэ кӀалэу къытхэхьагъэм сшӀэрэп цыхьэ зэрэфэтшӀыщтыр... Тэ мыхъу зыщыхъурэм тинахьыжъмэ ташӀолӀыкӀын, тыкъеуцолӀэн... ИгъокӀэ хасэм щытлъэгъухэрэр зимыгопэнхэу чылагъомэ адэсхэр ары Ӏофыр... СшӀэрэп, Колэс, сэ сишӀошӀ къэсӀуагъ, шъо джыри зэ шъуегупшыс.

– Нахьлъэш шъыпкъэаӀо,– лӀы горэм къыдзыгъ.

– Тэрэз, тэрэз! – нэмыкӀ горэми къыдыригъэштагъ.

– Ар шъуӀозэ, пщынчъэу тыкъэжъугъэнэщт! – фэшъхьаф гори къыпеожьыгъ.

– Ашъыу, аргъойхэми пщы яӀагъ, зашӀокӀодым унэхъугъэхэп нахь,– къахэджыкӀыгъэм пщым кӀэдэухэрэми кӀэмыдэухэрэми ашъхьэ аригъэпхъотагъ.

– Хэт екӀэ пщым игугъу зышӀырэр! – ежь зыфаем зэрэтехьэхэрэр игуапэми, ымыдэ фэдэу Нахьлъэш цӀэплъыр къахэкуукӀыгъ, Къодани гуригъэӀуагъ: – Зэхэоха мыхэмэ аӀорэр, пшысэ ӀотэпӀэ хьакӀэщ тисэп тэ...– ЕтӀанэ нэплъэгъу онтэгъур аргъой къэбарыр къыздиӀукӀыгъэмкӀэ ыдзыгъ, зилажьи, зимылажьи зэдигъакӀоу зажэхидзагъ: – ПщыцӀэр зыфакъудыирэ Шыупащэ зыщыщыр тшӀэрэп сэӀокӀэ, ужэ къыхьырэр Рэдэд къосэгъупщым епӀолӀэн нахь хэлъба!.. Сэ сӀорэр шъыпкъэба, Колэс? Тхьамэтэ маф, Шыупащэ зэрэмыпщы лъэпкъыр зэкӀэми тэшӀэ. Зытетыр сэӀошъ, хасэ, ар хэти мысагъэкӀэ къысферэмылъэгъу!..

Хасэр джыри къэзэрэгъэбырсырыжьыгъ, Рампэс теубытагъэ хэлъэу бзылъфыгъэмэ къахэкӀи, лӀыжъищмэ апашъхьэ къиуцуагъ:



– ЕмыкӀу къысфэмылъэгъу, Колэс, сэ сиӀуи мы Ӏофым къыхаслъхьэ сшӀоигъу.– Янэ къекӀуалӀэу зелъэгъум, Шыупащэ шым къепсыхынэу фежьэгъагъ шъхьакӀэ онэгум исынэу риӀуагъ, етӀанэ нэплъэгъу чанкӀэ утыгу хъураер къызэлъиплъыхьэзэ яджагъ: – Титхьамэтэ нахьыжъмэ яунашъокӀэ мы шыур агъэшэсыгъ, шъуапашъхьэ къыращагъ. СикӀэлэ нахьыкӀэ, къосэгъупщ Рэдэд ышнахьыкӀэ, фагъэшъошэгъэ пщыцӀэм, ыпшъэ ралъхьагъэм зыгу емыӀурэмэ шъуапашъхьэ сыкъыращагъ, сибзылъфыгъэ чӀыпӀэ сикӀыгъэу къышъуещэхъумэ, къысфэжъугъэгъу. Ау сикӀэлэ пӀугъэ зыми шъуапашъхьэ къыщезгъэушъхьакӀущтэп, титхьаматэхэми яунэшъо шӀыгъэ нэмыплъ резгъэхыщтэп. Сыд тинахьыжъмэ аӀорэр? Къэзылъфыгъэр арэп, зыпӀугъэр, зылэжьыгъэр ары сабыир зыер. Шыупащэ нанэкӀэ къызысэджагъэм, Рэдэд сшынахьыкӀ зыщыриӀуагъэм щегъэжьагъэу тиунагъо изы пкъэу нахь, тиӀофтабгэп! Илъэс пшӀыкӀуир зышӀомакӀэм сикӀэлэ нахьыкӀэ тинахьыжъ Ӏушхэр къызэрэшъхьэщытыщтхэр, ышнахьыжъ иныбджэгъушӀухэр къызэрэготыщтхэр зыщерэмыгъэгъупш! Мыщ фэдэ чӀыпӀэм аргъоймэ япщ зэрашӀокӀодыгъэм игугъу щыпшӀыныр емыкӀу. Къысфэжъугъэгъу, Колэс, тхьамэтэ мафэх,– Рампэс къыӀуи, нахьыжъхэми шъхьэщэ гъашӀо афишӀи, утыгум икӀыжьыгъ.

«Мы бзылъфыгъэ гъугъэр,– Нахьлъэш цӀэплъым ерагъэу зиӀажэзэ ыӀуагъ,– ыкъо ыпашъхьэ рахыгъэ пэтзэ, зыкъэиуфэрэп... Пщыгъори тэри тызыӀэкӀилъхьажьын мыщ!.. Аргъойпщым къехъулӀагъэр, зэхихынэу фаеп шъхьакӀэ, къащымышӀмэ...»

– Къосэгъу зэфэс шъхьаӀэр! – къосэгъу гощэшхор ичӀыпӀэ еуцожьыфэ Колэс ежи, гущыӀищыр къыӀогъэ къодыеу зыгорэ къэджагъэти, ыдагъэп: – Хэт сэӀо сыкъызэпызыутырэр!

– Сэры, Колэс, сэры, тхьамэтэ маф, НэтӀай ары. Зы упчӀэ закъо сиӀ.

– КъаӀо,– мэкъэ шъабэкӀэ Колэс Ӏизын ритыгъ.

– Рэдэдыпщым къытфигъэзэжьыфэкӀэ арба Шыупащэ къосэгъу пщыгъом зыпэдгъэуцорэр?

– Укъэущыжьыгъа сэӀо! – Нахьлъэш зэхихыгъэм къызбгыригъэугъ, «лӀыныкъори» гукӀэ фыпигъэхъожьыгъ.

– Чэщ чъыер сфекъу! – къыкIэнэкIагъэм НэтIаий фидзыжьыгъ, Iогъу-шIэгъу умышIы къырыгъэкIэу, Тураби ишъэогъу Iэнтэгъупэкlэ етIыргугъ.

– Къосэгъу зэфэс шъхьаIэр! – джы нахь мэкъэ лъэшкIэ, къыратыгъэ упчIэри къыдырыгъэубытызэ, Колэс къэджагъ.– Рэдэдыпщым къытфигъэзэжьыфэ пIалъэкIэ тапэ идгъэуцогъэ Шыупащэ Тхьэ тыфежъугъэлъэIу,– зы нэбгыри къэмынэу, зыгу еIуи, емыIуи, пщэмэ къакъоугъэ тыгъэм аIэ фыдагъэчъэягъ, заулэрэ елъэIухи, къызырадзыхыжьым, Колэс игущыIэ пидзэжьзэ, Пщымафэ зыфигъэзагъ:

– Тхьамэтэ мафэмэ ашIыгъэ яетIонэрэ унашъор зэфэсым лъыгъэIэс, Пщымаф.

– О къосэгъу зэфэс, сэ сигущыIи кIэкIыщт. Мы Iофыр ухыгъахэ, укIэупчIэжьынэу, утегущыIэжьынэу щытэп. Хъэзарыбзэри, русичыбзэри, урымыбзэри зыбзэгу къыхьырэ лIыкIуищ тинахьыжъмэ агъэнэфагъ. Колэс тхьамэтэ мафэм Темрыкъорэ Къоданэрэ игъусэщтых. Гъогумафэ техьанхэу, Рэдэд къосэгъупщыр ягъусэу мафэкIэ къытхэхьажьынхэу ти Тхьэшхо, зэкIэ титхьэхэм тяжъугъэлъэIу.

– Пшъэ къыралъхьагъэм ущыгъуаза? – тхьэ зелъэIухэ уж Нахьлъэш Къоданэ еупчIыгъ.

– Апэрэу зэхэсэхы,– къыриIожьыгъ.

– Ара?.. Тхьэм шъурихьакI, гъогу чыжьэ шъутехьэ... Тэ къосэгъу пщыгъор къэтыухъумэн...

– Хэт щыща мохэр!..– къыхэкуукIыгъэм щытхэр ыгъэплъагъэх. Лъэхъу цIыкIукIэ, мыгузажъоу къэзэрэхьырэ шыудзэр тхышъхьэм тыралъэгъуагъ, яшыу сатыр плIырыплI зэготыкIэкIэ, япчы зандэхэмкIэ, ябыракъ IэтыгъэхэмкIэ зэрэмыхъэзархэр, зэрэмыясэ-аланхэр къагурыIуагъ, Мэщыкъодыхэм онэгу зызашIым, нэмыкI шыухэри байколмэ ауж иуцуагъэх, зэлъыкIотэгъэхэ бзылъфыгъэхэр, шъэожъые-пшъэшъэжъыехэр хъулъфыгъэ лъэсмэ къаухъурэигъэх. Къосэгъу зэфэсым инахьыжъхэр зыдэщыс чIыпIэм Колэс игъусэгъэ Пщымафэрэ Джэбэгъэрэ фэшъхьаф итэджыкIыгъэп.

Мэщыкъорэ Чэчанэрэ азыфагу дэт Шыупащэ ыпэкIэ Нахьлъэшрэ Хьакъарэрэ зиухъумэкIо лIыжъищыр шышъхьэкIэ апэ итхэу уцугъэх, тIэкIурэ плъагъэу Колэс къыIуагъ:

– ГугъуемылIхэу къытфакIохэрэр русичхэкIэ енэгуягъо.

– Русичых! – Колэс зэгуцэфагъэр Къодани къыушыхьатыгъ.– Сыд зезыфэхэрэр?! – Нахьлъэш апэрэ сатырэмэ къахэджыкIыгъ.

– ЩэIагъэ къызхэгъаф, Нахьлъэш! – Колэс къыфызэмыплъэкIэу къыфигъэпытагъ.– Къодан, къызгоуцу. Ори ары, Темрыкъу, шъуирусич бзэгу тищыкIэгъэщт.

Русичмэ апэ ит шыупщым ыIэ къызеIэтым, ыуж итхэм шыу зырызхэр къахэкIхэзэ, шыуищым абгъуитIукIэ щэбзэпкъ теплъэкIэ къосэгъумэ къапэуцугъэх.

– Мыхэмэ зызэрашIыгъэм фэдэу шъори шъукъыдгоуцу,– Колэс къызэджэкIыгъ, бырсыр бащи къызхамыгъафэу, зэрариIуагъэуи къыгоуцуагъэх, тIэкIу тыригъашIи, яупчIыгъ: – Шъухэт? Шъуигухэлъ елъытыгъэкIэ тышъупэгъокIын.

– Тэ тырусич,– зэдзэкIыгъо Къоданэ рамыгъафэзэ, адырэ лъэныкъом, яшыупащэ къиджыкIыгъ,– хъэзар пщыгъор Тумтэкъашъэ щызэхэзыкъутэгъэ Мстислав русичыпщым тырилIыкIу. Русич пщыгъор къосэгъумэ зэрашъхьащытыр, ихьакъулахь зэрэшъутелъыр, къемыуцуалIэрэр зэрэтипыир шъодгъэшIэнэу тыкъэкIуагъ.

– СшынахьыкIэба, Къэншъаоба ар зымакъэр!..– Рампэс зыхэтмэ къахэкуукIи, ыIупшIэмэ ыIэгушъо аIуиубытэжьыгъ, зэхэзыхыгъэхэми къызхагъэщыгъэп.

– Тэ, къосэгъухэм, ошIэ-дэмышIэкIэ хъэзармэ тызэрамыпхъоптыгъэмэ,– апэ къыжэдэкIыгъэ адыгэ макъэмкIэ Къэншъао зэришIэжьыгъэм пымылъэу, къызэрэдэгущыIэрэ шыкIэр Колэс шIоемыкIоу джэуап ретыжьы,– зыми хьакъулахь еттыщтыгъэп.

– Ешъутыщт, Колэс! – зыпэщытмэ зэхаригъэхэу джы Къэншъау къыпиупкIыгъ, ащи къыщыуцугъэп: – Шъукъемызэгъмэ, IашэкIэ шъуедгъэуцолIэщт!

«Ынэ къытфырегъэкIми, джары лIыр,– Нахьлъэш цIэплъым зэхихырэр ыгу римыхьыщтыгъэми, ыIуагъ,– джащ фэд нахь къосэгъу пщыгъом ыпэ ибгъэуцон фаер, мо тфагъэшэсыгъэр сыд илIэужыгъу, Колэс ыкIыб дэплъы, зеутIыIу... Русичмэ ялIыкIо Къэншъао гущыIэгъу сызэрэфэхъуащтыр, сызэрэIукIэщтыр сшIэрэп нахь... лIы пхъаш мыр... СыуиIахьыл-сыуиблагъ пIокIэ къызэрэоплъын щыIэп... Къосэгъумэ сашъхьащыгъэуцуи, хьакъулахь пакIошъ, яIэ тIэкIур къышъуязгъэтыжьын».

– Iэбжым къытэзгъэлъэгъурэм пэпчъ тшъхьэ фэтыуфэнэу къыпщэхъумэ, ори зыогъэцIыкIужьы, тэри, пшыпхъу нахьыжъи тыоушъхьакIу, Къэншъау. Ау чэщ-зымэфэ пIалъэ къытэптымэ, тызэхэгущыIэжьынышъ, итхъухьэрэр къыотIожьын.

– Нычэпэ Мэзыбэ чэщ зыщитхырэм хьакIуцумэ тахэхьащт, тхьэмафэкIэ къэдгъэзэжьыщтышъ, мэфибл пIалъэ къышъотэты.

– Ари хъущт, тыкъезэгъы, тичIыгу, тихэгъэгу укъихьагъэу тынэ укъыкIэIабэми, къыпфэтэгъэгъу,– зыщызэпэуцугъэхэм щыублагъэу Колэс къыхэмыфэгъэ щхыпцI дыджыр ыIупшIэ зэхэтмэ арычъагъ, гые мэкъэ пытэкIэ, зэкIэми зэхаригъэхэу, фидзыгъ,– ау пшыпхъу Рампэс гуащэмрэ уипхъорэлъф Рэдэд къосэгъупщымрэ уакъызэрэкIэмыупчIэрэр сэгъэшIагъо, адыгагъэп, цIыфыгъэп.

– Хэгъэгу Iофыр зэкIэми апшъ, а зыфапIохэрэми такIэхьажьыщт!..

Къэншъао щэджэгъоужми, пчыхьэшъхьапэми ышыпхъу къыфыкъокIыгъэп. Остыгъэ хэгъэнэгъумэ адэжь Нахьлъэш ишыу гуадзэу къосэгъупщым икъэлапчъэ къыIухьагъэх. ПаIо зыщыгъэу щагум дэтмэ ащыщ апэгъокIыгъэп, шыIупIэ-лъэрыгъ убытыкIэ къырагъэпсыхыгъэхэп.

– Адыгэгъэ-цIыфыгъэ щыIэжьба? – Нахьлъэш щагум дэтмэ афидзызэ, онэгум зыкъыридзи, Къэншъао къыригъэпсыхыгъ, гъумытIымымэ Агъбан фыреплъэкIызэ, унэм рищагъ.

Рампэс ышнахьыкIэ къыпэгъокIыгъэп, Шыупащи къыфигъэтэджыгъэп. Пчъэ ихьагъумкIэ гъэзэгъэ пхъэнтIэкIу закъор нэкIэ ригъэлъэгъугъ.

Пщы унэм исмэ Нахьлъэш цIэплъыр зэрямыщыкIагъэр къыгурыIуагъэу къызхимыгъэщыщтыгъэми, зэрэзэримыпэсыжьырэр ышъокIэ къапшIэу, ушъхьагъу къыгъотыгъ:

– Шъущыс амэ шъо, сэ Агъбан байколым Iоф цIыкIу горэ дысиI.

– Пщы Оунэр мэзахэ,– кIым-сым хьылъэр Къэншъао къыукъуагъ.

– Къыттеплъхьащт хьакъулахьым пае шэфостыгъэм тышъхьасы.

– Русичхэр, сшыпхъу, а зыфэпIуагъэм щыкIэхэрэп.



– Сыд русичмэ ямыIэр адэ? Дышъа, тыжьына?

– Мы къыдбгъодэс шъаор хэт? – ышыпхъу къызфеупчIыгъэм Къэншъао тегущыIыкIыгъ.

– ХыкIыбым ращыгъэ къосэгъупщ Рэдэд ышнахьыкI.

– Лаурстэн ыужи шъао бгъотыжьыгъа?

– Хымадзэр хэгъэгум къызэрэтфипщагъэр пфимыкъоу сыкъызэIымыч, нэпэнчъ! – Рампэс къызщытэджыкIыгъ, Шыупащи къызщылъэтыгъ.

– УкъызэхэзымышIыкIырэм сыд ыпашъхьэ уисыкIэ, сшыпхъу...– Къэншъауи къэтэджыжьыгъ.– ХьакIуцу тыкъикIыжьмэ, нахь тызэдэгущыIэн...

Пчъаблэм илъэс пчъагъэрэ зэжэгъэ ышнахьыкIэ зэрэдэкIыжьэу, зыфэмыIэжэжьэу Рампэс къыщиутагъ.

– Нан!..– Шыупащи янэ зыпэIуидзагъ.

– Ары, ары, сикIал, непэ фэдэ къиным зытIажэмэ нахьышIу,– ыбгъэ зыкъыкIэзыдзэгъэ Шыупащэ ышъхьэ Iэ щифэзэ, Рампэси зыкъуишIэжьыгъ.

Тхьэмэфэ пIалъэ пакIошъ, мэфищ темышIагъэу Къэншъао идзэ хьапэ-сапэ ХьакIуцу зэрэщырагъэфагъэр Рампэс къылъыIэсыгъ. Гощэшхор гушIозэ, Iэгу теуагъ:

– Ох, ох! Тинасып текIуагъ! – нахь гущыIэ IаекIи къыухыжьыгъ: – Сыгу-сыбгъэ ыIозэ хымадзэр къыздырищыгъэм сшынахьыкIэ афыжьын нахьи, ышъхьэ сапашъхьэ къыралъхьэгъагъэмэ нахь сигопэщтыгъэ! Ары, ары, Колэс, умыгъэшIагъо... Жъалымым жъалым пагъохыжьы языгъэIуагъэр хэт пшIошIыра, ащ фэдэ гор...

## XIII

Хъэзар шыуищыр къушъхьэ-мэз куупIэм зэрэхэхьащтым, ошIэ-дэмышIэ нэплъэгъу горэм зэрэчIэмыфэщтым пылъыгъэх нахь, къэуцу-зыгъэпсэф яIагъэп. Нэфшъэгъо пасэм хым игумэкI олъэ макъэ зызэхахым, къэуцугъэх. Шым гъэрыри къырахьыхыгъ, ыжэ кудагъэу лъэкIэпIэ кIэуткIэ, тэмэ теIункIэкIэ мыжъо лъапсэм кIэрагъэтIысхьагъ.

Амалынчъэ-гугъэнчъэкIэ Рэдэд зэкIоцIыпхагъэми, къехъулIагъэм зэремыуцолIагъэр ыIэпкъ-лъэпкъымэ къахэщы, шъхьакIори, нэмыплъыри ынэ губжыгъэмэ къакIэщы. Шъхьащыт хъырцыжъхэр арэп ынэгу кIэтхэр, къэпкъаным дэзгъэфэгъэ хьакIуцоу атхьэлэжьыгъэри, ар

зышIагъэ, зыщагъэ Нахьлъэш цIэплъри арэп – Къурай гъэхъунэр, пщыгъор къосэгъумэ къызыщыфагъэшъошэгъагъэр, игухэлъмэ зэрэкIамыгъэхьагъэр ары. Ахэр игупшысэ-гукъаомэ апшъагъэми, Айнарэрэ ежьырырэ зэфашIыгъэ пIалъэр къышIудэуаещтыгъэ. Ау тыдэ хъэзармэ ахьыщтми, сыд фырягухэлъми, ыпсэ хэтыфэ, къосэгъу пщыгъо зэхэщэгъакIэм инахьыжъмэ ятхьамэтэ Колэси, байколыдзэм ипэщэ Мэщыкъуи, ишъэогъу Чэчани, яни, ышнахьыкIэ Шыупащи, Къодани, Темрыкъуи, тхьэмэ ялIыкIо Тураби игугъэпIэщтых.

Рэдэд нахь мыцIыкIу хъэзар хъырцыжъмэ япащэ лIы лъэкурэ зэIэкIэлъым риIуагъ:

– КъэтIат ыжэ.

– КъэстIэтэн, Аспарыхъу, ау гъуахъомэ?

– Бэщ шъхьэтIумэр сыд зыфэпIыгъыр! – Аспарыхъу ынэхэр къилыдыкIыгъэх.– Ышъхьэ уемыоу ыпшъэ дауи, Iугъэупэрэзык!.

– Сеплъынэп, ау сIэкIэукIэмэ?

– Ар пшIэмэ, БэтIатI, уныбэ къизгъэугъахэкIэ лъытэ.

«Сыда мыхэмэ афызэхэмыфырэр? – Рэдэд гукIэ ыIуагъ, ящэнэрэ хъырцыжъ лъэкIэпIащэу хьампIэIоу ыпашъхьэ къитIысхьагъэм Iуплъагъ, зыщахьыщтыгъэм щегъэжьагъэу имыщыпэлъэгъугъэми, итеплъэ гъугъэрэ илъэкIэпIэщагъэрэ джыри шIощхэныгъ.– Мырэуштэу къалъфыгъэпщтын мыр, шышъхьэрысыным зылъакъо къыгъэщыгъэмэ ащыщ. Ылъапэ чIым зэрэнэсэу щытышъурэп, зыредзыхы. Хьэшъуалъэм рамыгъэкIолIэрэ хьэ нэкIыгъэу, зишхыхьажьызэ, къыошэ... Хымэри къэу, хыолъэ макъэри къэIу. Хъэзар шъофымкIэ сызфамыхыгъэр джы къызгурэIо...» – Рэдэд зыщиIуагъэм, ыпашъхьэ ис лъэкIэпIащэр къетхъуи, ыIупэ тепхэгъэ хъэдэныр тыритхъыгъ.

– Куон гухэлъ иIэп мыщ!..– зэригъэшIагъорэм нахьи зэрэгушIорэр нахь къыхэщэу зибэщ хьазырыгъэ БэтIатIэ Рэдэд шъхьащытэу къыхэкуукIи, ужъунтхагъэ.

– ЛIыгъэ зыхэмылъ етхьыжьэрэп тэ! – Аспарыхъу адыгабзэкIэ къыIозэ, Рэдэд къеупчIыгъ.– Шъыпкъэба, къосэгъупщыр?

– ТыгъужъубытыкIэкIэ сыкъэшъумыубытэу сешъухьыжьэгъагъэмэ, лIыгъэкIэ шъуфэслъэгъуныекIи мэхъу...– Рэдэд зэрыфэгъэ чIыпIэр, иамалынчъагъэ зыдишIэжьыщтыгъэми, мыщхыпцIын ылъэкIыгъэп.– Ау лIы зэкIоцIыпхагъэм нэбгырэшхуищ шъхьащытыныр зэшъопэсыжьмэ, зыфэпIуагъэр къесэгъэкIу.

– Сыд сэIо, Аспарыхъу, мыщ къызэребгъаIорэр? – лъэкIэпIащэр къызщытэджыкIыгъ.– УкъеушъхьакIуа?

– Ащ фэдашъо къыстеошта? – Аспарыхъу ыжэкIэ-пэкIэ тхъоплъыышъомэ къахэщхыкIыгъ, чыиф зытес нэ сэмэгу напIэр дидзыягъ, къыридзыхыгъ, етIанэ нахь шъыпкъаIокIэ къызфеупчIыгъэм къекIоIагъ: – ЗэрэтымыукIыщтыр къосэгъупщым гурыIуагъэшъ, ыIон къегъоты.

– Армэ зыхэхьагъэр, ытэмэпкъ есыутэхын! – БэтIатIэ бэщ кIакор къыпхъотагъ.

– Щыгъэт! – Аспарыхъу ыдагъэп, зылыпцэ мысысыгъэ Рэдэд риIуагъ: – Ольэгъуа мыхэмэ къыуашIэн алъэкIыщтыр?

– Сятэ къешъушIэгъагъэм ыуж зи згъэшIэгъожьырэп. ЛIыгъэ пхэлъэу, пакIэ птетмэ, сыкъэшъутIат: е шъулIын, е шъулIэн! СызэрэпщэфыгъэшIэн дышъэ бгырыпхым нахьи лIыгъэр нахь лъапI.

– УкъызэрэсщэфыгъэшIэр дышъэ бгырыпх шъыпкъэу пшIошIа? – «къыркъыркъ» ригъаIоу цэлышъо зэтекъкIэ Аспарыхъу щхыгъэ. ЗэрыгущыIэхэрэр игъуситIумэ амышIэщтыгъэми, ацэ гъожьышэ къыIупсхэмкIэ япащэ дырагъэштагъ. Рэдэди ардэдэм Нахьлъэш цIэплъыр зэрагъэделагъэр къыгурыIуагъэу, хъырцыжъмэ ящх зыхигъэныгъэп. ПлIыри зэбыяужьхэм, Аспарыхъу къеупчIыгъ: – КъыбгурыIуагъа Нахьлъэш цIэплъым фэдэхэр зэрагъэделэхэрэр?

– Къыпфигъэгъунэп,– Рэдэд иджэуап кIэкIы.

– МэзищкIэ дышъэпсыр бгырыпхым тетэкъужьыщт,– Аспарыхъу джыри щхыпцIыгъэ.– Ащ нэс ори Константинополь удэгъощыхьагъэу удэсыщт е лъэрыхь горэ къыкъокIэу осэ ин къыплъитымэ, хэт ышIэра ар зыщыщыщт хэгъэгур, уращэщт. ПкIуачIэ зыфэдизыр зыдэпшIэжьырэпышъ, уагъэбэнэщт, уагъэзэощт... Зигугъу тшIырэ дышъэ бгырыпхыр мыры...– къэптаныбгъэр зэриути, тхым телъ бгырыпхыр зэпэжъыужьэу къыригъэлъэгъузэ, ыгъэбылъыжьыгъ.– Мыщ лIыгъи рыпщэфын, мылъкуи рыбгъотын плъэкIыщт... О етIани сапашъхьэ щыми шъукъиуцу оIо... НэмыкIи къэозгъэлъэгъун слъэкIыщт сэ... Ау ар етIан, етIан... Ачыр, сыд узфыщысыр,– лъэкIэпIащэм фэгубжыгъ,– уныбэ пIуакIэ къыогъурэба, машIо къытфэшI.

«Сыда мыщ къысигъэлъэгъунэу етIан зыфиIуагъэр? – Рэдэд къыфадзыгъэм бгырыпхыр щигъэгъупшэу, ыгу къэбырсырыгъ.– Сыд къысигъэлъэгъун, цIыфыр зэкIодылIэрэ дышъэщтын е тыжьынщтын. Дышъэ бгырыпхым нэмыкI горэхэри ыбгъэ къыдэщыгъэх... МашIо ашIынэу аIошъ, зыпщэрыхьэхэкIэ, теплъын хъурэм. Сыд шъуIуа Мэзыбэ щыхъурэр? Къосэгъу къихъухьэрэр? Сянэ тхьамыкIэм кIэхэкIырэр? Сишъэогъумэ, байколмэ IэпыIэгъунчъэ сашIынэпщтын... СыкъыодэIугъэп, Колэс, къысфэгъэгъу, Шыупащи къызыздежьэм, езгъэгъэзэжьыгъ. Дунаим сыпсаоу сытетыфэ, зэгорэм Къосэгъум згъэзэжьыхэщтмэ, къысэпшIагъэр, Нахьлъэш цIэплъыр, къыпфэзгъэгъунэп!..» – Ачыр лъэкIэпIащэм иштаукI зэутэкI макъэ Рэдэд игупшысэ хьылъэмэ къахищыжьыгъ, шъхьэм къилъэдэгъэ гугъэпIэ закъор Аспарыхъу фигъэзагъ:

– Мо лъэкIэпIащэм, Аспарыхъу, иштаукI зэгъэутэкIыкIэкIэ машIо фэшIынэп. Моу сIэ къягъэтIупщи, сэ мэшIо шIыкIэ мохэмэ язгъэлъэгъун...

– Сыд сэIо, лъэкIэпащ, непэ къыохъулIагъэр? – къыраIуагъэр зэхимыхыгъэ фэдэу, ау къызфелъэIугъэм къыкIыщтыр къыгурыIуагъэу Аспарыхъу цIацIэзэ, къызщыпшыгъ.

– Бзыуцыфыр ушынагъэ, мэшIуачэр ыштэрэп.

– Ыштэнэп адэ, пкIэнтIамэр къыппих зэпытэу, IукI зэ! – Аспарыхъу лъапэкIэ Ачыр етIыргуи, IуигъэукIорэикIыгъ, ипэIо шыгу бзыуцыф тIэкIу къыхитхыгъ. ПIокIабзэу зэIищи, IэпитIукIэ ыIыгъэу ыгъэбыбатэзэ, жьы кIигъэпщыгъ,– Тхьапшрэ къыосIуагъ ушынэгъэ пстэуми узэрадэзекIощтыр! – ШтаукI зэгъэутэкI заулэкIэ мэшIуачэр бзыуцыфым хыригъэдзагъ, тIо-щэ епщи, остыгъэе гъугъэ упсафэмэ ачIилъхьагъ, мэшIобзыйми зыкъыхипхъотыкIыгъ.– Джы машIом земыгъэпхъуат, Iугъуи къыпымыгъэкI.

МэшIо жъокум лы гъэгъугъэ такъырхэр зырагъэфэбэжьым, Рэдэд агъэшхэнэу ыIэхэр къатIатэмэ, ылъакъохэр зэрэпхыгъэу къыпэблэгъэ чъыгым хэсэгъэгъэ шъэжъыешхор къыхипхъотын игухэлъыгъ шъхьакIэ, зыфаер къыдагъэхъугъэп.

– Мори цIыфы, БэтIатI, лы такъыр горэ Iушъудз,– Аспарыхъу щхыпцIызэ, хъэзарыбзэкIэ къыIуагъэр адыгабзэкIэ Рэдэд къыфызэридзэкIыжьыгъ.



– Лы такъыр къысIушъудзэнэу сыхьэп сэ, сIэхэр къэшъутIати, цIыф фэдэу сыжъугъашх. СIонэп сIуагъэ шъхьаем, къосэгъумэ сыряпщ...

– Уипщыгъо зэрэуухыгъэр зыдэмышIэжьмэ, БэтIатIэ къыбгуригъэIощт,– гугъуемылIэу Аспарыхъуи Рэдэд къыфидзыжьыгъ.

Рэдэд ыжэ къызэтыримых зэхъум, лы такъырыр къыIузыфыхьэрэм шъхьэкIэ еуагъ, ыпэ зэхэт етхъожьызэ, БэтIатIэ къызэшIотIысхьагъ. МашIом къыпипхъотыгъэ пхъэцIакIэмкIэ Ачыри лIы пхыгъэм шъхьащылъэдагъ, ыцIэ зызэхехым, ынапэ Iуигъэджагощтыгъэ пхъэ ныкъостыри къызэкIихьажьи, ыгу зыфэгъугъэ шъэогъум еупчIыгъ:

– Ппэ зыгорэ къыришIагъа?

– Хьау...– зыпэIу лъы закIэ IулъэкIыхьажьыщтыгъэ БэтIатIэ къызщыпшыжьыгъ, еспэсыщтымкIэ фит сыкъэшI къыригъэкIэу инахьыжъ фызэплъэкIыгъ.

– ШъукъыкIэрыкI! – Аспарыхъу игъусэмэ афигъэпытагъ, адыгабзэкIэ Рэдэд къыриIуагъ: – Шхэ къызыуаIокIэ шхэ, укIэгъожьын.

– ЦIыфыгъэ къысэзымыхырэмэ зязгъэгъашхэрэп,– Рэдэди фызэкIэкIуагъэп.– ШъхьафитынчъагъэкIэ сыкъыпIэкIалъхьагъ нахь мышIэми, джыри къыосэIо: сызэрэкъосэгъупщыр зыщымыгъэгъупш!

– Тумтэкъашъи,– Аспарыхъу жэкIэ-пакIэр щхыпцIыгъэ,– сыдэу тшIын, тихъэзарыпщи дэсыгъ, дэсыжьэп нахь...– ЕтIанэ ынэхэр къицIыукIыгъэх: – Уяти къехъулIагъэр шIэхэу пщыгъупшэжьыгъ!.. ПIэ пхыгъэ-мыпхыгъэ иIа, къыпIуалъхьэмэ, шхэ, джыри къыосэIо, укIэгъожьын!

– Ар сшIэн нахьи лIэнығъэр къэсэштэ!

– Къосэгъупщ гъэрыр!..– Аспарыхъу ымакъэ зыкъипхъуати, нахь шъабэу къыухыжьыгъ: – Ар пфэтшIэнэу укъытщымыгугъ, зы дышъэ такъыр цIыкIу нахь пкIэсымыхыщтми, зызгъэхьаулыенэп.

Iэр зэраригъэтIэтэщтым кIэдэузэ, сыд раIуагъэу рашIагъэми, Рэдэд Iуалъхьэрэр къызIуидзыжьыщтыгъ.

– Аспарыхъу! – БэтIатIэ ибэщ кIако фэхьазырыпсэу къыхэгубжыкIыгъ.– Сыда мыр лIыгъэкIэ тымыгъашхэ мыхъунэу, бэлахь къыттефагъа?! Армэ узхэхьагъэр, къосэгъу, мы лы такъырыр сыныбэ блэсхэу къыостынэп. Ма, лъэкIэпIащ, ори ухэсынынэп,– ежьри, зыфидзыгъэми Рэдэд афимышхыщтыгъэр хьэ нэкIыгъэ нэгукIэ зыIуадзагъ.

– Олъэгъуа, къосэгъупщыр, сашъхьащымытмэ, мыхэмэ къыуашlэн алъэкlыщтыр? – игъусэмэ ашlагъэр шlоемыкlуми, щхыпцlызэ Аспарыхъу къеупчlыгъ.

– О пшъхьи шlуашхыкlыжьын ахэмэ,– Рэдэд къызеlом, Бэтlатlэ ибэщ къыпхъотагъ, ау Аспарыхъу лъэбгъуогъукlэ чlым тыриуплlэплlагъэм фэгубжыгъ:

– Тхьапшырэ къыосlуагъ щэlагъэ къызхэбгъэфэнэу! – етlанэ тlуми ягыигъ: – Мыр ныкъо-тыкъончъэу, ныбэкlи, шъокlи шхэкlыгъэу зыфатщэрэмэ зэраlэкlэдгъэхьэн фаер шъущыгъупшэжьыгъа? Шъо хьэкlэ-къокlэ ныбэм фэшъхьаф зэшъулъэгъулlэжьырэп.

– Тэ тилажьа, Аспарыхъу, тфэмышхэмэ...– зишъэжъые къизыпхъотынэу ежьэгъэгъэ лъэкlэпlащэми зиухыижьмэ щыщынэзэ, япащэ ыпашъхьэ икlотыгъ.

– Мышхэмэ, ешъушlэщтыр шъушlэрэба! – Аспарыхъу ытэмэпкъ хъураемэ зыкъапхъотагъ, ынэ гъожьышэхэр къижъыукlыгъэх, кlочlаджэ хъурэ Рэдэд жэхатхъуи, къызщилъэшъугъ.– Ушхэщтэп ара! Уикъаигъагъэ пае осэнчъэ зыодгъэшlыщтэп! Щышъулъашъу гъучl пlаlор, ытамэхэри пытэу дежъугъэубыт. Джы шым ыпшъэ хэуl, Бэтlатl.

Шыпшъэ хэуlэныр Рэдэд зызэхехым, Шыупащэ ыгу къэкlыгъ. Заlэкlиутыщтыгъ шъхьакlэ, зэкlоцlыпхагъэр лlитlум афырикъущтыгъэп, тlэкlу шlэ къэси кlочlаджэ зэряхъулlэрэр зэхишlэщтыгъэ.

– Ощ нэмыкl lаджи тигъучl пlаlо ригъэуцолlагъ,– аlыгъым ыlэпкъ-лъэпкъыхэр къызэрэланлэрэр Аспарыхъу зэрэшlотхъагъор къыхэщэу щхыпцlыгъэ,– ау, къытфэгъэгъу, оры зилажьэр, ушхэгъагъэмэ, зи къыотшlэщтыгъэп... Пхъэтlаркъор ыжэ дашъулъхь, шъуемытlыргущ.– Шыпшъэм къицlырыкlырэ лъы псыгъом Рэдэд ыжэ зэтехыгъэ рахьылlагъ, ау лъыр ыпэкlэ къикlыжьэу зелъэгъум, Бэтlатlэ фэгубжыгъ: – Плъэгъурэба, ыпэ пыубытыкl..

Лъы фабэр Рэдэд ытыкъын зырэчъэм зыкъишlэжьыгъагъ шъхьакlэ, амалынчъагъ, ау lэпкъ-лъэпкъышхо нэкlыгъэм къячъэрэ фэбакlэр игопагъ. Тlэкlу тешlэ къэси ышъхьэ зыыгъ Аспарыхъуи ар зэхишlэщтыгъ.

– Икъунба зэдгъэшъуагъэр? – Бэтlатlэ къэгумэкlыгъ.

– Ерэшъу, ерэшъу, шъушъхьаса! – Ачырэ лъэкlэпlащэм ыдагъэп.– Ищэджэгъуашхи ипчыхьэшъхьашхи зы шъушы.

– Шылъ бащэ едгъашъоу зэдгъэкlокlмэ...– Аспарыхъу мыгумэкlыхэу Рэдэд ыlупшlэ лъы бзыбзэм къыlуихыжьыгъ, игъусэмэ афэгузэжъуагъ: – Зыlушъууlуб, лъы шlагъор шъумыгъэкlоды!

– Уауж, Аспарыхъу, уауж! – шылъым фалlэщтыгъэми, Бэтlатlэ къыlуагъ.– А лъым ыгъэбэлэрэгъыгъэр моу къысэт, имыжъо лъапсэ щызгъэчъыещт...

Хъэзархэр чэзыу-чэзыоу, япащэ апэ рагъэшъызэ, яонэш ылъакъохэр къэкlэзэзыфэ, шылъым ешъуагъэх. Бэтlатlэ ыlупшlэмэ аlулъэкlыхьажьызэ, ишъэжъые папцlэ къырихыгъэти, Аспарыхъу ыдагъэп:

– Кlуачlэ тэзгъэгъотыжьи, цlыфы тызышlыжьыгъэ псэушъхьэр, ынэ къаплъэзэ, тапашъхьэ итэшъумыгъэукlыхьажь... Псэкlоды... Модэ, къуладжэм дэшъудз...

Шы щыщ макъэр Рэдэд зызэхехым, зыкlэрыгупсэфэгъэ мыжъо лъапсэм зыкъыкlэрипхъотыгъ, ыжэ дэлъ пхъэтlаркъом къыгъэгущыlэщтыгъэп, шъхьащылъэшъогъэ гъучl пlаlор мыжъом риутэкlы зэхъум, Ачыр щхыпцlызэ, ыпашъхьэ хьампlэlоу итlысхьагъ:

– Сыд, къосэгъупщыр, шылъым укъызэкlигъэплъагъа?

– Ыуж икl,– зынэlу дэгъэзыягъэу чъыг лъапсэм илъыгъэ Бэтlатlэ ыдагъэп,– lогъу-шlэгъу умышы.

– Зыгорэ къытиlомэ шlоигъу. Гъучl пlаlом семыlэу пхъэтlаркъор ыжэ къыдэсэрэтхъыжьа, Аспарыхъу?

– Къыдэтхъыжь,– пхъапэр зыупсызэ орэд цlыкlу кlэзыlукlыщтыгъэ Аспарыхъу къыриlожьыгъ: – къызтебгъажэ пшlоигъомэ... lудгъэфагъэр пкъырыхьафэ, земыгъэгъап, дэрэлъ! – къыфэгубжыжьыгъ.– Ащ нахьи нахьышlу, модэ, мэзахэ мыхъузэ, къушъхьэм тызэрехыщт лъэс лъагъор джыри зэ къэплъыхь.– Ачырэ лъэкlэпlащэр гъумытlымызэ зыlокlым, Бэтlатlэ еупчlыгъ: – Тызэзэгъыгъэм тыкъигъэпцlэна?

– Джы нэс урым лlыжъым ащ фэдэ къытишlагъэп.

– Сшlэрэп ныlа ыгу къэкlыщтыр...– Аспарыхъу къыlуи, кlэгубжыхьажьыгъ: – Ащ фэдэ хъун ылъэкlыщтэп! Къосэгъу пщышхом, кlэтхыщтыр зыфэдизыр ошlа?! Зэрэмышlэри нахьышlу, ау сэ зэстыжьырэм нахь мымакlэу, непа сызышъушlэрэр, сышъотэщт.

– Цыхьэ къытфэмышlыщтыгъэмэ, Аспарыхъу,– Бэтlатlэ гум имылъыр къыlуагъ, ынэ шъэбашъомэ афэдэу ыцэ гъожьышэхэри къыlупсыгъэх,– дунай жъалымым гъусэ тызыфэпшlыныеп... Мыр lудгъэкlымэ, узэшэнкlэ дэгъур ошlа?

– Нахьлъэш ары,– Аспарыхъу къызIуипхъотыгъ.
– Сыгу илъыр тэ къыщыпшIагъа?
– Угу илъыр сымышIэщтыгъэмэ, гъусэ тызэфэхъуныя!..– ежь Аспарыхъу къызэрэраIогъэ шIыкIэ дэдэмкIэ БэтIатIэ риIожьыгъ, етIанэ ынэ чыIуф ыгъэдыкъи, ыIапэ ыIупшIэ Iуидзагъ: – Зэ, лъэкIэпIащэр къэкIожьмэ сшIэрэп, ищыкIагъэп тикъэбармэ ащыгъозэнэу...
– Цыхьэ фэпшIырэба?..
– Сыд пае, илъэс пчъагъэ тызэкIыгъугъэу, цыхьэ фэсымышIын... Ау нэбгыритIум узэдэгощэныр нахь федэба?..
– Ащ укIэупчIэжьа!..– БэтIатIэ ыбгъэгу цыхьэмышI горэм зыкъыдидзэгъагъэми, ымакъэ зыкъышIуипхъотагъ, къымыIони ылъэкIыгъэп: – Ау етIани...
– Сыда «етIанэр?» УифедэхэкIыпI узэгупшысэщтыр!..
– Ары, Аспарыхъу, ары. УиIо сиIо, уишIэ сишIэ, сегупшысэгъах. НакIэ къызэрэсфэпшIэу лъэкIэпIащэм ыныбэ къизгъэугъэкIэ лъытэ!
– Джыдэдэп.
– Сыдигъу?
– Мыщ ыпкIэ къатэу зыIуащыкIэ ары!
– Жьыщэгъу изгъэфэнэп! – БэтIатIэ къыIуи, шъхьэ кIэпхъотыкIкIэ къыкIэщтэжьыгъ.
– Сыд къыохъулIагъэр?
– Мыщ тыбзэ ышIэу тшIуеушъэфмэ?..
– О къосэгъубзэр зэрэпшIэрэм фэд мыщ ихъэзарыбзэ,– Аспарыхъу ыжэкIэ-пакIэмэ къахэщхыпцIыкIыгъ, ыIофтэгъагъэр къызэрэкIожьри ылъэгъугъ, иIоф амыIогъахэ фэдэу IугушIуагъ: – Къеблэгъэжь, Ачыр, къеблэгъэжь. Сыдэу щыт къушъхьэ лъагъори, уздэщыIэгъэ лъэныкъори?
– Лъэс лъагъори къушъхьэм ечъэхы, хыри гупсэф,– къыхьыгъэ къэбарым фэчэфэу Ачырэ джэуап къетыжьы,– нычхьапэ тиIоф къызэрикIыщтым шъуемыджэнджэшыжь. Адэ джыри къосэгъупщым гъучI паIор щышъухыжьыгъэпи...
– Ышъхьэ теозэ дгъэупэрэзэн нахьи, щыгъмэ ежьыркIи, тэркIи нахьышIу,– Аспарыхъу гугъуемылIэу къыIуи, зыгъэгумэкIырэм къыкIэупчIагъ: – Къуашъор, къуашъор тызщезэгъыгъэ пIалъэм къехъулIэщта?
– Тицыхьэ зытемылъмэ Iоф адытиIэрэп ори зыIорэр, Аспарыхъу,– ипащэ зэрэфэшъыпкъэр Ачырэ ынэмэ къакIэщэу IугушIукIыгъ.– Апэрэ жъуагъор ошъогум къызэрэхэпсэу къуашъори хы нэпкъым къыIухьащт.
НэбгыритIум, ежьырыэ Аспарыхъурэ зиIоф аухыгъэгъэ Ачырэ лъэкIэпIащэ БэтIатIэ фырепльэкIыгъ: «Сыда мыщ фэдизэу, мыр зыфэнэгушIор? Шылъыр ыIэпкъ-лъэпкъымэ ахэджэгухьэщтын. Бгъэм дизэу жьы къащэ, зыгъатхъ, чъыг пкIашъэми ахаплъ, ошъогуми дэплъый, къушъхьэ шыгуфхэри, пщэ пытхъэфэ фэмыфхэри унэгу кIэрэтых, узщыгугъырэ дышъэ тIэкIуми кIэгушIу, нычхьэпэ закъу, ситхьамыкIэжъ, къыпфэнэжьыгъэр...»
Къушъхьэ мэзыр къэумэзэхын зырегъажьэм, хъэзармэ яш лъэхъагъэхэр гъэхъунэм ратIупщхьагъэх, ыпэкIи, ыужкIи Рэдэд кIапсэкIэ зыдаIыгъэу лъэс гъогум тыращагъ. Хъэзармэ Рэдэди къыфыряхьисапыр ешIэти, бырсыр къызпигъэкIыжьыгъэп. ИщыIэныгъэ къызэриухъумэжьыщтымрэ къосэгъу пщыгъом зэгорэм къызэригъэзэжьыщтымрэ ягупшысэзэ, лъэс лъэгъо бгъузэм зыщыфэсакъыжьы: «ЗэрэхъурэмкIэ, хъырцыжъмэ хым сыращалIэ... Джа дэдэр Колэси рашIэгъагъ, тянэш Къэншъауи нэмыкI лъэныкъокIи ащэгъагъ... Темрыкъуи Къодани ары... Сэщ фэдэ тхьапш мыщ фэдэ гъогумэ атетыр?.. КъысэхъулIагъэр зэкIэ зилажьэр сэры!.. Нахьлъэш цIэплъыр зисэутым, илъэIу фэсымышIэу, ытх зэпыскIын фэягъ... Зыпсэ къызфэзгъэнэжьыгъэм тыгъужъ убытыкIэкIэ сарigъэубыти, сятэ зыIэкIэкIодэгъэ хъэзар хъырцыжъ дэдэм сырищагъ... Сянэ тхьамыкIэм кIэхэкIырэм изакъоми... Айнари, Шыупащи ары...»
– Зимыгъан! – БэтIатIэ кIэпсэ къудыигъэ тIыргукIэ Рэдэд къыфэгубжыгъ.– Муары, къуашъори нэпкъым Iут, уемыхышъумэ, уетлъэшъохын!..
Хы нэпкъ тешъом зыIохьэхэм, нэбгырэ заулэ зэрыс къошъо кIыхьэм къиджыкIыгъэх.
– Нэбгырэ тхьапш шъухъура?
– Къосэгъупщыр къытхэмытмэ, нэбгырищ,– Аспарыхъу ариIожьыгъ, ардэдэми къошъо бгъуитIумкIи адыгэ мэкъэ зэрэгъэбырсыр зытIущи пшъэхъу зэутэкIхэри къарыIукIыгъэх.
– Щыжъугъэт! – кIэпщ шIуй огъухэри къалъыIэсыгъэх.
– ШъуиIоф зэдгъэфэнэу тыкъэкIуагъэп тэ,– къэхъурэр Аспарыхъу имыгуапэу, нэпкъ мэзахэм теджыкIыжьыгъ.–

Іоф зыдытиІэм зыкъытІуерэгъакІ. Шъуфэмыемэ, тыІокІыжьы!

– Сыд пае шъуІукІыжьын,– мыжъо къогъум нэбгырищ къыкъокІыгъ, Іалъмэкъ цІыкІу зыІыгъэу апэ итым хъэзарыбзэкІэ къыІуагъ: – Мары, дышъэр, къашъуштэ шъуипщ.

– Дышъэр къаІыпхыным ыпэкІэ, Аспарыхъу,– БэтІатІэ къэгузэжъуагъ,– уплъэкІу!

– Ары, ары! – Ачырэ лъэкІэпІащэри къыхэкуукІыгъ.– Цыхьэ зыщыпшІын дунай тытетэп, сэ сцэкІи сэгъэуплъэкІу!

Хъэзармэ ахъщэр зауплъэкІум, зэпеожьхэзэ, «дышъэ, дышъэ!» къаІуагъ, Рэдэдыпщыри ащыгъупшэжьыгъ.

– Сыд гъучІ паІу пщы зэкІоцІыпхагъэм щыгъыр? – щэфэкІо нахьыжъыр къэупчІэзэ, ылъэгъугъэри нахь шІогъэшІэгъоныжьыгъ: – Сыд лІэужыгъуа ыжэ дэлъри? ГъучІ паІори щышъух, ыжэ дэлъри дэшъух!

ГъучІ паІори щахыжьи, пхъэ тІаркъори ыжэ зыдатхъыжьым, ерагъэу Рэдэд къыІуагъ:

– Нахьлъэш цІэплъымрэ орырэ, Аспарыхъу хъырцыжъыр, къысэшъушІагъэр къышъуфэзгъэгъунэп!

– Джырэп ар къызытэпІощтыр,– Аспарыхъу щхыпцІызэ, къуашъомкІэ ращэжьэгъэ Рэдэд кІэлъыІуагъ,– уздащэрэм укъызикІыжьышъукІэ ары! – ЕтІани къылъыджэжьыгъ: – Зэ, къосэгъупщыр, моу къэуцу! Ма мыр, уятэ иІэлъын, етІан зыфэсІогъагъэр ары... Хэт ышІэра, гъаблэм узщигъалІэ горэм ишІуагъэ къызыокІыкІэ угу сыкъэкІын...– Рэдэд ыІэ къынэсыгъэ хъырцыжъым къыстыгъэми, ыІэгушъо къычІалъхьагъэм къыгъэфабэмэ къыгъэзэжьын гугъапІэ къыхилъхьэзэ, къуашъом итІысхьагъ, зи зыхимылъэгъукІырэ къосэгъу къушъхьэ-мэз зэхакІэм къыфызэплъэкІыжьыгъ. Къошъоум пшъэхъукІэ кІэрышІэгъэ къошъофмэ ащыщ горэ къеІушъэшъагъ:

– Угу гъэпытэ, зиусхьан. Мыщ сызэрэкІэрыпхагъэу сызщыщ лъэныкъор зыщызгъэгъупшэрэп!..

НэпкЪ лъэныкъомкІэ БэтІатІэ игушІуагъо фырикъужьыщтыгъэп: къыдыричъыхьакІызэ Аспарыхъу рeІо:

– Мазэр къыкъокІыгъагъэмэ, Аспарыхъу, дышъэр...– БэтІатІэ къыригъэжьагъэр Ачырэ лъэкІэпІащэм икъамэ къыригъэухыгъэп: – АІ, лъэкІэпІащ... къысэпшІагъэр...

– Сыд сэІо къышъохъулІагъэр!..– зэогъукІэ Аспарыхъуи Ачырэ ыныбэ къыригъэугъ.



## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

### I

Тыгъэри къыщыкъокІэу, мазэри щыкъохьажьэу къосэгъу дунаим нэмыкІ хэгъэгу зэрэщыІэр тыгъуасэрэ нычэпэрэ ныІэп Рэдэд ынитІукІэ зилъэгъугъэр...

ЗэкІэми анахь шІогъэшІэгъоныгъэр, Константинополь хыблыгум дэхьанхэм ыпэкІэ, и Тхьэ-Тыгъэ хъурэе плъыжьышхо хым къыхэтэджыкІы зэхъум, ежь Рэдэдырэ къошъоІум гопхэгъэ къошъофитІумрэ анэмыкІ гу зэрэлъамытагъэр, аІэрэ анэгурэ зэрэфыдамыІэтэягъэр ары.

«Шъыпкъэ, сыд пае ямыхьакъ атеплъхьан,– ылъашъхьэмэ пшъэхъу арылъэу унэ нэкІ къуачІэм къос Рэдэд кІэгупшысихьажьыгъ,– зинэф къытфэзыхьыщтыгъэм анэІу фэмыгъэзэгъагъэми, къащ къэзыхьэу къыддисыгъэри мэкІагъэп. Къуашъор зыеу сызыщэфыгъэ урым къопцІэ нэхаери, цІыфыгъэ къызхигъафэу, къыттекуощтыгъэп, икІэпщи зыригъэпхъуатэщтыгъэп. Ежьыри къащ къыхьымэ ышъхьэ ыуфэзэ къытфычІэплъыщтыгъэми, тимылъэгъурэм фэдагъ... Гъэрхэр хым рищхэу ещэхэми, цІыфыгъэнчъэпщтын, сызэрэІэкІафэу саригъэтІэтэжьыгъ. Джы слъакъомэ пшъэхъу зэрателъыри Іофэп, сызэкІоцІыпхагъэу хъэзармэ сызэраІыгъыгъэм фэдэп, сышъхьафит... Хьау, хьау, сызэонэу, сыбэнэнэу арэп, ау, спсэ пэтыфэ, сятэ-сянэ тхьамыкІэмэ апаеми, Айнар насыпынчъэм паеми, къосэгъумэ апаеми, зыми зезгъэушъхьакІунэп, къэрабгъ къызэрязгъэІонэп...»

Рэдэд къыжэхэтэкъогъэ гупшысэ гумэкІ-гукъаомэ щамыгъэсыжьэу къызщытэджыкІыгъ. Пшъэхъур джэхашъом щызэригъэутэкІызэ, пчэдыжьыпэ нэфыр къызэрыпсэрэ шъхьаныгъупчъэ бгъузэм Іухьагъ. Тыгъэр къызэрэкъокІыщтыгъэр е къызэрэкъокІыгъахэр ынэгу кІэмытыгъэми, гурышэкІэ нэфыпсым ыІэрэ ынэгурэ афиІэтыгъ, зэрыфэгъэ къиныпІэр псынкІэ къыфишІынэу, зышъхьащащыгъэ Къосэгъу пщыгъом гупсэф илъынэу, шІэхэуи ащ ригъэгъэзэжьынэу, иІахьылмэ, ныбджэгъумэ шІукІэ ахигъэхьажьынэу, тхьамыкІагъо къыфэзыхьыгъэмэ инасып атыригъэкІонэу Тхьэ елъэІугъ.

«Мы сыкъыздащагъэр тикъосэгъу чылэмэ афэдэп, ины, бырсыр,– тыгъуасэ ылъэгъугъэр непэ ылъэгъурэм

Рэдэд къыреушыхьатыжьы,– цІыфыр щынахьыб. АІэпкъ-лъэпкъ зэхэлъыкІэкІэ, яплъакІэкІэ, ящхыкІэкІэ, яцІэцІакІэкІэ, янэгушІуагъэкІэ тызэфэдэми, ящыгъынхэмкІи, абзэкІи тызэтекІы. ЕтІани талъэныкъокІэ нахьи мыщ нахь цІыф къопцІабэ щыІ. Цукухэр?.. Хы нэпкъым Іуизыгъэ хьылъэ-зещэ цукухэм анахьи, чылэм укъызыдахьэкІэ, шы тІу-рытІу-щырыщ зыкІэшІэгъэ кузэкІэт гъэкІэрэкІагъэхэр нахь щэзечъэх. Шыухэр уанэхэмкІи, шхохэмкІи, лъэрыгъыпсхэм-кІи, ныбэкІапхэхэмкІи нахь зэтегъэпсыхьагъэх… Гъэр купхэу зэрафэхэрэр, сэщ фэдэхэу яунэмэ арышІыхьагъэхэр?!.»

Ардэдэм Нахьлъэш цІэплъымрэ Аспарыхъу хъыр-цыжъымрэ Рэдэд ынэгу къыкІэуцуагъэх. КъырашІагъэр шІошъхьакІоу шъхьаныгъупчъэ гъучІ хъагъэр ыубытыгъ, ыгу тыригъэпщахэмэ ыгъэсысызэ, дэпкъ зэхэтыр зытІо-зыщэ ыгъэкІэзэзыгъ, ятэ иІэлъыныгъэр ыІапэ пимылъэгъо-гъагъэмэ, къыхитхъынкІэ зыуи арыгъэп. Тым иІэлъын къызэрэритыжьыгъэм пае Рэдэд шІукІэ Аспарыхъу хъыр-цыжъыр ыгу къэкІыжьыгъагъэми, ежьыри зыфэгуб-жыжьыгъ, ипыитІуми афидзыгъ: «Зэ, зэ, сятэ тхьамыкІэм иІэлъын гъуанэ шъуитІо шъуисымыгъэпшымэ, дунаим хьаулыеу сытетыгъэу зыслъытэжьын! – къосэгъу нэпкъым къыІуащы зэхъум, «угу гъэпытэ, зиусхьан, мыщ сызэрэ-кІэрыпхагъэу сызщыщ лъэныкъор зыщызгъэгъупшэрэп» къошъоф гъэрым къызэрэриІогъагъэр Рэдэд ыгу къэкІыжьыгъ.– Ары, ары, уицыхьэ къыстегъэлъ, сикъо-сэгъу тхьамыкІэжъ, уепхыгъэ пэтзэ, укъызэрэсэушъыигъэ гущыІэхэр нибжьи зыщызгъэгъупшэнэп! Ау адыгэхэр зэрэзэхэсыугъоещт гухэлъым сызэрэкІамыгъэхьагъэр сигукъау, си Тхьэшху!.. Сыгу къыуабгъэкІэ арэп, сыгу къыпфисэхышъ ары…– Рэдэд хьылъэу хэщэтыкІызэ шъхьа-ныгъупчъэм къыІукІыжьи, ипІэ зыпэІулъыгъэ дэпкъ лъапсэм кІэрытІысхьэжьыгъ. ЛъэгуанджэмэІэшхуитІур арищэкІи, ынэхэр упІыцІагъэу мыжъо дэпкъ чъыІэм шъхьэпхэтыку плъырыр ригъэкІыгъ, нэмыкІ гупшысэмэ джыри зыкъы-шъхьащатэкъуагъ.

Пчъэ макъэм Рэдэд игупшысэмэ къахищыжьыгъ. Тыгъосэрэ урым нэхаемрэ игъуситІурэ зелъэгъум, тыгъо-пчыхьи, пчэдыжьи хьалыгъурэ псырэ къыфычІэзыхьэгъэгъэ хъулъфыгъэ нэкІу джэшъо пІуакІэм, апэ ежь уасэ зыфи-шІыжьымэ къыфихьагъэри зэрэцІыфыр къыдилъытэзэ зэрэфэтэджыгъагъэм фэдэу, зэрапІугъэ шъхьэкІэфэ хаб-зэр ыпэ ригъэшъэу, Рэдэд афэтэджыгъ, зэхашІыкІыщт-зэ-хамышІыкІыщтым пымылъэу, ежь ыбзэкІэ ариІуагъ:

– Шъуипчэдыжь шІу, шъукъеблагъ.

– Сыд сигъэр къытиІорэр? – бысымыр игъусэмэ яз еупчІыгъ.

– ШІуфэс къытехы, шъукъеблагъ къытеІо,– Костас зэдзэкІакІом Панатидэ фызэридзэкІыжьыгъ.

«УнэІутым пчэдыжь къысфиІотагъэр сшІошъ хъугъагъэп шъхьакІэ,– Панатидэ гукІэ щхыпцІыгъэ,– сынитІукІэ слъэ-гъугъэ, стхьакІумэхэмкІэ зэхэсхыгъ. Пщы заІом, пщы Іаджми дунаим зыщагъэпщы сІозэ укъэсщэфи, сэр-сэрэу сидышъэ заули зыІэкІэзгъэтэкъужьыгъэкІэ енэгуягъо… Джары унэ шІункІым чэтыу шІуцІэр къыщемыфэкІ язгъэІуагъэр… Мыщ фэдэу зыкъытфэпшІыщтмэ, гъэшхэн-Іыгъын ІэпэпцІый тищыкІагъэп аІонышъ, плъыстыгъэм ызыныкъуи пкІэсхыжьынэп, мы къыпфэсщэгъэ щэфакІоми къыситынэп, джэдэжъ!» – Панатидэ идышъэ ышъхьэ къео-жьэу, ыІори, ышІэри зыдимышІэжьэу игъэр игухьа-гужъ тыригъэпщэхагъ:

– Укъытэзэощтым фэдэу сыд тапашъхьэ узфитыр!

– СичІыгу, къосэгъучІым, заокІэ укъытфэкІогъагъэмэ,– Рэдэд фызэрадзэкІыгъэм джэуап къыритыжьыгъ,– сыозэони, ау, сызэрэпщым укъемыплъэу, хъырцыжъ нэпэнчъэмэ сащызыщэфыгъэр орышъ, лъэхъу лъапшъэу уиджэхэшъогу сытет. Узыфаем сещ, ау сыкъэмыу-шъхьакІу.

– Зэ, зэ, Панатиди,– зынэхэр къилыдыкІхэзэ къилъынэу ежьэгъэгъэ щакІор щэфакІом зэтыриІэжагъ,– умыгубж, уигъэр мыхъун къыІуагъэп.

– Ара? – Панатидэ зэхихыгъэм ыжэ чІыригъэукъуащэу щхыпцІыгъэ, етІанэ мэкъэ шъабэкІэ зыкъызэблихъужьыгъ: – Аущтэу оІомэ, лъыстыгъэр сэбгъэгъотыжьыщтымэ, джыдэдэм къыосэты.

– Тхьапш лъыптыгъэр?

– Дышъэ пшІыкІуплІ,–лъитыгъэм дышъьих ригъэхъугъ.

– БаІо хъун ар… зябгъэгъэпцІагъ…

– УкъысфэмыгумэкІ о!..– зэхихыгъэм къыхыригъэхы-гъэми, иІоф къызэрикІыщтым зыкъыригъэшІэжьыгъ: – Пщэфыщтмэ, джыри зы дышъэ къыщысэгъакІэ.

– Хьау, хьау, лъэпӀащэу оӀо.

ЩакӀомрэ щэфакӀомрэ защыгъупшэжьыгъэу ежь пае зэдаохэу Рэдэд зелъэгъум, мыхэмэ шъхьэкӀафэ афэпшӀы хъунэп ыӀуи, ышъхьэрэ ыгурэ зэбгъэжьэу, шъхьакӀоми зэхистыхьэу къызкӀэрытэджыкӀыгъэ дэпкъым кӀэрымытӀысхьажьэу джэхэшъогу шъыпкъэм тет пхъэнтӀэкӀу шъхьаком зытыригъэгупсэфагъ. Шъукъысэплъ, сышъууплъэкӀу, сышъущ, сышъущэф ыӀорэм фэдэу ыӀитӀу ыбгъэ щызэридзагъ, гъучӀ лъахъэ темылъыгъэмэ, ылъэкъуитӀуи зэтыридзэжьыщтыгъ.

– ЛъэпӀэна, еплъба иинагъэ! – Панатидэ щакӀом зыкъызэригъэзэкӀыгъ, дышъэ хъущэ зылъитыгъэ гъэрым ищысыкӀэ зелъэгъум, мор зигъэпсыкӀэр нибжьи пщащэфынэп ыӀомэ гукӀэ зишхыхьажьызэ цӀацӀэщтыгъэми, щымытхъун ылъэкӀыгъэп: – Моу зэ еплъыба пшӀолъапӀэм, пщы лъэпкъи мыр! Пкъышхо, цӀыфышху, пхъэнтӀэкӀуми тефэрэп, унэми ифэрэп!

– Пкъышхо-цӀыфышхошъ арба лъапӀэ зыкӀасӀорэр... Бгъэшхэн фаеба, пфэпэн фаеба...

– ПщылӀ агъашха, афапа!.. Хьалыгъу такъыр Ӏубдзэу, ыпхэкӀ къимыщэу, федэ къызфебгъэхьызэ щыбгъаӀэмэ ары! КӀо, аущтэу оӀомэ, пӀапэ къысэт, дышъипшӀым тыкъыщэуцу! Сыд джы дышъэми уасэу иӀэжьыр...

– ДышъипшӀыри, уимыӀэмэ, макӀэп... Ау уигъэр ишъыпкъапӀэ сшӀагъэмэ, щэфакӀо сыкъыпфэкӀощтыгъэп. ПщылӀ лэжьакӀу нахь, пщы сищыкӀагъэп!..

КъыкӀэлъыкӀогъэ мафэми, блэкӀыгъэ мэфипшӀыми, щэфакӀохэр Рэдэд щыфызэблэкӀыгъэх шъхьакӀэ, лӀы плӀэмыешхор залъэгъукӀэ, гущтэ ашӀыти, ащэфы пакӀошъ, пкӀэнчъэу яптыгъэкӀи пӀамыхынэу, къызфэкӀуагъэхэм рыгущыӀэжьынхэр къырагъэкӀущтыгъэп. Щэфэн гухэлъ зимыӀэ плъэкӀо-накӀохэм иунапчъэ ӀуаубыкӀэу Панатидэ зешӀэм, фэмыягъэми, гъэр щапӀэм Рэдэд ыщэнэу тыриубытагъ, ау ыпэрапшӀэ дэгущыӀэнэу рихъухьагъ.

Панатидэ Костас игъусэу ныпчэдыжь Рэдэд дэжь къызэкӀом, фэмыехэ шъхьэкӀэфэ фэтэдж афишӀыгъ.

«Джыри ыӀуагъэм тфытекӀыщтэп мыр...– игъэр къазэрэфэмыер зелъэгъум, Панатидэ гукӀэ щхыпцӀыгъэ.– УкъемыуцуалӀ фаеми, ау укъыздисщыгъэм, джа зэрэпӀоу, усщэжьынэу сыделэп... Лые зэпхырэм тхьауегъэпсэу къызэрэуимыӀожьыщтыр сымышӀэмэ, хьаулыеу жэкӀатхъо дунаим сытехъухьагъ, сыугъоигъэ мылъку тӀэкӀур къыздикӀыгъэ къосэгъу лъэныкъомкӀи сэр-сэрэу зысэӀотэжьы... Къамыубытыгъэр тыгъуакӀоп аӀошъ, укъысащагъэмэ, плъыстыгъэ тӀэкӀур гъэр щапӀэм щыпкӀэсхыжьын... Зы дышъи къыдесымыгъэдзэнэуи! Езгъэшхыгъэр, тезгъэкӀодагъэр...»

– Зымафи, тыгъопчыхьи тӀуагъэм нычэпэ ухэгупшысыхьажьыгъэу къычӀэкӀын,– Ӏофым кӀэух зэрэфэмыхъугъэр къыримыдзэ фэдэу Панатидэ зишӀи, къыпигъэхъожьыгъ: – КъапӀорэм елъытыгъэу джы тызекӀощт.

– КъыосӀуагъэм сытет. Сшъхьэ къэсэухъумэжьы нахь, шъхьэуасэ стырэп,– губж хэмылъэу, шъхьакӀом ыстымэ, зиӀажээ, Рэдэд джэуап кӀэкӀ къытыжьыгъ,– сыкъызӀупщыгъэ къосэгъу нэпкъым сыӀуощэжьы.

– Сидышъэхэр?! – Панатидэ къэгузэжъуагъ.

– Зэптыгъэм едау.

Панатидэ зэхихыгъэм ыгу къыпиутыгъ, ау псынкӀэу зыкъиушӀэжьи, щхызэ, къыфидзыжьыгъ:

– Плъыстыгъэ дышъэм, къэпшӀэжьрэба, зы чэщ зэригъэукӀыжьыгъэх!..

– Яфэшъуашэр къащышӀыгъ!.. Дышъэр нэбгырабэмэ зэдыряе хъурэп, зы нэбгырэ къыкъонэжьэу хабзэ тятэ ыӀощтыгъэшъ, щым яз джыри къыоолӀэщт. Аущтэу зыхъукӀэ, титхьэмэ сыкъызэрэшъуахьылӀэщтыр шъуитӀо, Аспарыхъурэ орырэ, зыщышъумгъэгъупш!

– Сыогъэщынэмэ, некӀо,– Панатидэ ынэ щхыпцӀышъощтыгъэхэр къызбгырыугъэх,– зызыпщыгъупшэжьын чӀыпӀэ сэ уисыдзэн! – ыжэкӀэ-пэкӀэ тхъуагъэмэ ахэфэгъэ мэшӀо лыгъэр зыфэмыгъэкӀосэжьырэ урым сатыушӀэм кӀэкӀэу ыгъази унэм икӀыжьызэ, къежэщтыгъэхэм ариӀуагъ: – Шъхьэуасэ зымытырэр къешъущажь!

Лъэкъо сэмэгум тӀэкӀу теукӀораеззэ, Панатидэ зэрэхэлъэщыкӀырэр неп ныӀэп Рэдэд зилъэгъугъэр, «Бэщ ыӀыгъыныри зэрипэсыжьырэп,– ыгу фэгъуми-фэмыгъуми умышӀэнэу зигъучӀ пшъэхъу джэхашъом щалъэшъузэ, ращэжьэгъэ Рэдэд щхыпцӀыгъэми, ардэдэм ыгурэ ышъхьэрэ зэбгъэжьыгъ.– Сыда лӀыжъ лъащэм сыгу зыфебгъэрэр? Сыкъызэрищэфыгъэр ара? Мыщэрэ мыщафэрэ дунаим тетыжьа джы! Мыщ симыщэфыгъэми, нэмыкӀ горэ

къыкъокIыщтыгъэ... Аспарыхъу хъырцыжъым зэрэгозгъэуцуагъэм ыгу еIугъэп. ЦIыф тыгъугъэр пщэфынышъ, пщэжьыныр нахьышIуа! «Шъхьэуасэ зымытырэр къешъущажь» оIошъ укъыскIэнакIэ. «Шъхьэуасэ зылъыстыжьырэп» сIомэ, къызгъэкIырэр къызгурымыIорэм сыдэущтэу сызэхишIыкIын... Дышъэ заулэ къосэгъумэ къахэмыкIынэу, къыслъамытынэу арэп, ау сызыщэфыжьыхэрэм сэ сыдынэкIэ сяплъыщт, ежьхэри къысэплъыжьыщтых. Сыд Колэс ыIорэр? «Псэ хьаф атырэп, зыгу пэрэм щыгъу ышхырэп». Ащ ГъучIыпсэ къыриIолIэжьырэр? «Псэр ащэ, напэр ащэфы». КъошъоIум кIэрышIэгъэгъэ къошъофым къысиIогъагъэр? Хьау, хьау, егъэзыгъэкIэ сыкъахьыгъэмэ, спсэ пыт-пымытыжьми, сыкъыздыращыгъэм зязгъэщэжьын!»

– Олъэгъуа мор? – Софие чылысым блэчъхэ зэхъум, шъхьащэ ышIымэ, къащ къызфихьыжьызэ, бгъэм къыдэтэджэгъэ гушхуагъэр фэмыIэжэжьэу, Панатидэ къэупчIагъ.

– Сынэшъоп,– нэгум кIэт чылысышхом итеплъэ шIогъэшIэгъоныгъэми, Рэдэд къызхигъэщыгъэп.

– Узэрэмынэшъур сэшIэ,– Панатидэ зиIажэзэ, щхыпцIыгъэ,– ау плъэгъурэр зэрэпшIомыгъэшIэгъоныр, уцIыф къызэрыкIопышъ, сыгу къео.

– Слъэгъугъэр унэшху, ау...

– Унэшхо къодыеп ар! – Панатидэ Рэдэд къыригъэжьагъэр IэкIиутыгъ.

– Ары, ары, шъуитхьалъэIупI, ау тэ тиIэрымышI тхьалъэIупIэ къушъхьэхэр, мэзхэр, гъэхъунэхэр, шъофхэр,– Рэдэд IэкIахыгъэ гущыIэм къыпидзэжьыгъ,– сэбгъэлъэгъугъэм нахь дахэх, нахь гуIэтыпIэх. Муары, ти Тыгъэ-Тхьэшхуи сэри къысIопсэ, шъори къышъуфепсы.

– Ары, ары, тэри зэгорэм, зэман чыжьэм а зыфапIорэмэ тахэтыгъэу къаIожьы,– сыд сэ сынэгу кIэкIыгъэр зымылъэгъугъэм упеожьыкIэ кIэрыпхыщтыр, цIыф Iэлыр умыгъасэмэ, зэрэIэлэу къэнэжьы гукIэ Панатидэ ыIозэ щхыпцIыщтыгъэми, фимыдзыжьын ылъэкIыгъэп: – Ау а чылысышхом фэдэхэр, мо мыжъо унэ дахэхэм афэдэхэр шъуиIэхэп.

– Тыкъэрабгъэпышъ, тиIэп!

– КъызгурыIуагъэп.

– Тимыжъо унэмэ зарытшIыхьажьэу, тичылэмэ задэтшIыхьажьэу титхьэмэ къытатыгъэ хэгъэгур ухъумэнчъэу къэдгъанэрэп. Пыир тфэмыукIочIэу чIыпIэ тифэмэ, титхьэхэр къытэджэжьхэшъ, тикъушхьэмэ, мэзмэ тыкъаухъумэ.

– КъызэрэпIорэмкIэ, хэгъэгур шъуиунэ...– Панатидэ зэрэщхырэм Рэдэд игумышIу нэплъэгъу къыригъэпхъотагъ, еупчIыгъ:

– Узыгъэщхын къыосIуагъа?

– Зэрэхэгъэгоу уиунэн плъэкIыщтэпышъ, сэщхы...– Панатидэ ышъо къызэокIызэ, къыкIиIотыкIыжьыгъ: – Хэгъэгу псаур унэ пфэхъущтэп! УипкIэнтIэпсырэ уимылъкурэ зыхэлъыр, уихьажьмэ, уипчъэ ебгъэтыжьмэ узэрыгупсэфэщт, пытапIэ пфэхъущт унэр ары сэ зыфасIорэр.

– ГъэшIэгъоны, гъэшIэгъоны зэхэсхырэр...– Рэдэди щхыгъэ.

– Сыд джы о узыдэхьащхырэр?

– Хьалыгъу зэрыбгъотэщтыр уиунэ, уихэгъэгу зыIорэ цIыфхэр сыгу къэбгъэкIыгъэхэшъ ары.

– Хэтых ахэр, шъуащыщха?

– ЗичIыгурэ зихэгъэгурэ зиунэ къосэгъумэ ащ фэдэхэр ахэтмэ, ащыгъум джы нэс тызэрыгущыIагъэр хьаулый...– Рэдэд зиIажэщтыгъэми, ымакъэ зыкъышIуимыпхъотэн ылъэкIыгъэп.

– Сыдым фэсшIэна... къэпIуагъэти, сыкъыкIэупчIагъ,– ушъый макъэкIэ Панатидэ зиухыижьыгъ: – Сигупшысэ лъапсэ апэ зэхэсхыжьыгъэшъ ары.

– УмышIэрэм укIэупчIэныр емыкIоп. Ау тичIыгу къибанэхи, унагъо изышIыхьэгъэ хъэзармэ ащ фэдэ цIыф лъэпкъи ахэс. Зыщыщхэри, къыздикIыгъэхэри тшIэрэп. УзяупчIыкIэ, тэ – къосэгъу, зыхы, мыутIэ, шъо – урым, генуй, рим зэрэзэтIожьэу, алъэпкъ ыцIэ къыраIорэп, зыхэсхэм, хъэзаркIэ зэджэжьыхэу, захаушъафэ.

– ТхьагъэпцIха? – Панатидэ ищэн-щэфэн шэнхэр къышIутекIохэу къэупчIагъ.

– ТхьагъэпцIых, Iушых, зэуакIох.

– Зыщыщхэр сшIэрэп пIозэ, дэгъоу уакъытегущыIэ.

– Сыд зыкIэсымышIэрэр? Ахэмэ ори уащыгъуаз.

– Сыдэущтэу?

– УкъызкIэупчIагъэмэ,– Рэдэд гуфаплъэу Панатидэ ынэмэ акIэплъагъ,– Аспарыхъу ащыщ.

– Ащ сенэгуягъ сэ!..– Панатидэ къыхэкуукIызэ, Рэдэд Iуплъэжьыгъ, щхыпцIыгъэ: – Дэгъу къосэгъумэ е урымымэ

ар зэращымыщыр. Ау сыушъэфынэп, а зигугъу къэпшIыгъэм, лIыкIо тазыфагу дэмытыгъэмэ, тыжэ зэфэдгъазэу нибжьи тызэдэгущыIагъэп. Къысащэщтыр оры Iоу сшIагъэмэ, ощ фэдэ ощыкIэ сшъхьэ сеожьыщтыгъэп. Ау сшIэщтыр сшIэгъахэу орырэ сэрырэ тызэгурыIожьынэу щытэпышъ, етIани сфэмылъэкIыщтыр пфэсшIэщтэпышъ, угу къысэмыгъабгъ.

Панатидэ сатыушIэм блэкIыгъэ мэфэ заулэмэ афэмыдэу джыдэдэм ыгу къызэрэпыузыкIырэр къызхимыгъэщэу ежь-ежьырэу зэриIожьыгъ: «Симылъкурэ сишъхьафитыныгъэрэ сакъогушхукIымэ, кIэсхыщтымрэ кIэсымыхыщтымрэ зязгъэгъапэзэ, сыкIэнакIэми, цIыф делэп мыр. КъызысIэкIэфагъэм щегъэжьагъэу седао шъхьакIэ, мыхъун къыIуагъэп. Сэ мылъку, дышъэ, унэ сэIо, ежь сичIыгу, сихэгъэгу нэмыкI ыжэ дэлъэп, шъхьэосэ дышъэ зылъитыжьыныри илIыгъэ къыфидэрэп. Джары пщыр нахь, сыда тэ типщы-пачъыхьэхэр зилIэужыгъохэр?! Анахь баир язэрэмыгъэшIэжьэу зэшъугъужьхэзэ, пачъыхьагъур зэтырахы, зэрэукIыжьых. Дышъэр яунэмэ, яхэгъэгумэ ащаIыгъынкIэ зытещыныхьажьыхэзэ, хыкIыб чIыгумэ, хэгъэгумэ ащагъэбылъы… Ахэмэ ялъытыгъэмэ, мыр цIыфы, пачъыхьэ шъыпкъ. Тэтие нэе-псыем серэгуауи, мы къосэгъупщыр сэрэтIупщыжьа?..»

«Пшъхьэ узэрэфимытыжьыр ор-орэу зэхэошIыкIымэ, сыд пае сыгу къыобгъэн…» — къызфелъэIугъэм джэуап ритыжьыным ычIыпIэкIэ Рэдэд гукIэ щхыпцIыгъэ. Гъэр щапIэм зыдэлъадэхэм, ылъэгъухэрэр апэ къыгурыIуагъэп, етIанэ тхьамыкIэгъо гъунэнчъэм ыгу къыгъэкIодыгъ, зыфэмыщыIэу къыхэкуукIыгъ:

— Сыд гукIэгъунчъэ дунай мы сыкъызтешъущагъэр?!

— Къосэгъупщым сыд ыгу емыIугъэр? — зынэгу лыпцэ мысысыщтыгъэ Панатидэ къыIуи, Костас фигъэпытагъ:— ЕупчI джыри шъхьэуасэ къызылъитыщтмэ! «Ары» къерэIо къодыий, сэр-сэрэу сщэжьынышъ, шъхьакIокIэ зыфилъэгъужьырэр цIыф езгъэшIэнэп,— Панатидэ мыгузажъоу Рэдэд ригъэлъэгъузэ, къащ зэридзыжьыгъ.— Къосэгъу хы Iушъом IуттIупщхьажьын! ЕIу джар. ЛIыгъэ-шъыпкъэгъэ закъоп дунаир щызгъаIэрэр,— етIанэ гъумтIымыгъэ,— цIыфыгъэнчъи, нэпэнчъагъи ащ тиз. ЩэкIэ гъэпскIыгъэу, шIой кIэрымыпкIэу зыкъысферэмышI, тэри зэгорэм дышъэм



тынахь къэбзагъ… Ахэр емыIох…— «иIоф хэмылъ фэдэу мы къосэгъупщ къаигъэр хэзгъэукъогъагъэмэ, псэр Iэшху, щыIэныгъэр лъапIэ, сытекIогъагъ!» — гукIэ тхъэу зэриIожьыгъ.

— ЦIыфыр ежь-ежьырэу зэтыгъожьыныри щымыIэжьыхэныри зэрэзэфэдэр сфеIожь мыщ! — риIуагъэр джыри шIоемыкIу-шIошъхьакIоу Рэдэд къыпиупкIыгъ, къыпигъэхъожьыгъ: — Джыри къэсэIо, тырыгущыIэжьырэп, сэр-сэрэу сишъхьафит стыгъужьын нахьи, гукIэ сызщышъхьафитыщт гъэрыпIэр къэсэштэ.

Панатидэ ышъо къызэокIыгъэми, ащ ежэщтыгъэм фэдэу щхыпцIызэ, къыIуагъ:

— Узэрэфай. Сэ сIэ къыпфэсщэигъ, о къыIубгъэзыкIыгъ.— ТIэкIу щысыгъэу игъусэмэ игубж атырикъутагъ: — Сыжэ шъукъыдаплъэу сыд шъузфыщысыр! СанэIу ишъущ мыр! Лъыстыгъэ дышъэр къэзытыжьырэм, макIэ шъуIоу шъуемыдау. Сэ чыжьэу сыщыIэщтэп.

Гъэр щапIэм Рэдэд зытыращэм, ащэхэри, щафэхэри къезэрэгъэплъыгъэх. Щэфэн зигухэлъи, зимыгухэлъи лIышхом ыуж илъэдагъэх. Зыдагъэуцугъэ чIыпIэм къыщызэрэугъоигъэри нахьыбэжь. ЦIыфыбэр зэчъагъэм Панатидэ иIоф хэмылъ фэдэу хэлъэщыкIызэ, агъунэкIэ уцугъагъэ шъхьакIэ, игъэр зыдэщытымкIэ щыхъурэм, къатырэм ыгъапэу, къылъыIэсырэ гущыIэмэ нахь ахегъэкIуатэ.

— Иныжъым фэд! — зыгорэм егъэшIагъо.

— Ебгъэшхырэр къылэжьыжьынэп,— нэмыкI горэми IэутIэ ешIы.

— Тхьапш шъуIорэ? — Панатидэ ыкIыб дэт лIы одыр къышъхьэпырэджыкIы, къыраIожьыщтым пымылъэу ытами теуIэ: — Моу IукIот зэ. ЛIы пкъышхомэ дэгъуба, бгъэжъощт, бгъэбэнэщт, бгъэзэощт… Тхьапш шъуIорэ ыуасэ?

— Дышъэим къыщыдгъакIэрэп.

«ДышъипшI Iоба! — Панатидэ сатыушIэм гукIэ зыфэIэжэжьыгъэп.— А къэупчIагъэм нахьыби къытыщт. Зэхэшъухыгъэба ыIорэр? Згъэжъощт, згъэбэнэщт, згъэзэощт еIо… Зэ, зэ, тэ ар едгъэшIэн тлъэкIыщтба? ЗыщызгъэжъончIыгу симыIэми, зыщызгъэбэнэн, зыщызгъэзэон унэхэр Константинополи, Салоники, Генуи, Рими адэтых… Шъхьэуасэ зымытырэм сыда сызэрэпылъыр, ышъхьэ паутыфэ федэ къыхьыщт! — федэхэкIыпIэри, щэн-щэфын шэнхэри Пана-

тидэ сатыушӀэм акӀыӀу къэхъугъэх: – Аущтэу уӀушымэ, тэри ощ нахьи тынахь делэп, сыппеощт, озгъэщэфыщтэп!» ЫпэкӀэ щытмэ Панатидэ ариӀуагъ:

– Моу зэ пчэгум сижъугъахь.– Тыжьын бэщыпэмкӀэ саригъэлъэгъузэ, джагъэ: – Сэ дышъипшӀ къэсэты!

НэмыкӀыбзэ аӀулъ нахь мышӀэми, цӀыфыцӀэрэ цӀыфыгурэ зиӀэхэр зыфызэдаохэрэр ежьыр арымырэу зынэпӀэ хьылъэ едзыхыгъэу шъхьэкӀо пкъэум кӀэрыпхэгъэ Рэдэд Панатидэ ымакъэ къызешӀэжьым къэплъагъ, ау ыӀорэми, ышӀэрэми къапымылъэу гугъуемылӀ нэ упӀыцӀэжьыгъэкӀэ кӀочӀэ-гугъапӀэ къезытыщтыгъэ къосэгъу гупшысэмэ зарытыжьыгъ.

– Хэт сэӀо къыспеорэр? – лӀы од кӀыхьэр къызэплъэкӀыгъ.– Ора, Панатид? Къэптыгъэм дышъитӀу къесэгъэхъу.

– Сэ дышъэ пшӀыкӀутфыкӀэ сэщэфы,– нэмыкӀ горэми идао къахилъхьагъ.

– ПшӀыкӀухы,– лӀы одыр къыпеожьыгъ.

– ПшӀыкӀублы,– Панатиди къыригъэхъугъ.

– ПшӀыкӀуи.

– ТӀокӀы.

– Дышъэ тӀокӀ зымыуасэм, Панатид,– лӀы одым ыдагъэп,– пшӀэзэ ыуасэ къемыгъэхъу!

ЩэфакӀохэри плъакӀохэри къэзэрэгъэбырсырыгъэх. Нэбгырэ зэе-тӀуаехэри ӀукӀыжьыгъэх. Ящэнэрэ щэфакӀоми ымакъэ къэӀужьыщтыгъэп. Къэхъущтым ыгъапэхэри зэфычӀэплъых, зэбгырыкӀыжьхэрэп. Сыд ыпашъхьэ къихъухьагъэми, Рэдэд ынапӀэ къыӀэтыгъэп.

– Симылъку сыфитыжьба! – Панатидэ къыпеожьын щэфакӀомэ зэрахэмытыр зыдишӀэжьыщтыгъэми, къыфадзыгъэм къыгъэгубжыгъ, итыжьын бэщ нахь лъагэу зыфигъэсысырэм къыфамыдэгъэ уасэм, зэрэсатыушӀэ тхьагъэпцӀым, Ӏушым ежь-ежьырэу рыгушхожьызэ, джыри нахьыбэкӀэ фыригъэхъугъ: – Дышъэ тӀокӀырэ тфырэ къэсэты! – зэпыупӀэ фишӀызэ зиплъыхьагъ, яжагъ.– Къыспеон щыӀэп, гъэрыр сэщэфы. ИжъугъэтӀысхь сикушъхьэрыхъон.

Унэм къызэсыжьхэм, гъэр щапӀэм къызфыращыжьыгъэм Рэдэд егуцафэзэ, къымыӀон ылъэкӀыгъэп:

– ТикъэкӀожьыкӀэ къызгурыӀорэп.

– Къыбгурымыӏон ащ хэлъэп,– Панатидэ лӀыжъым къыдэхъугъэр игуапэу къыӀущхыпцӀагъ,– шъхьэуасэ зыфэмытышъурэм ышъхьэ сщи, къэсщэфыжьыгъ. Ау ушъыпкъаӀошъ, пшӀосыушъэфынэп: пфэукӀочӀын, пшъхьэ зэрэпӀыгъыжьын ӀофшӀэн дэгъу къыпфэзгъотыгъэкӀэ сэгугъэ, тэркӀи ар зэрарынчъэщтэп...

Рэдэд шъхьэ онтэгъур дыригъэзэкӀи, къосэгъу лъэныкъомкӀэ гукӀэ зидзыжьыгъ нахь, сыд фэдэ ӀофшӀэн ыӀоу еупчӀыгъэп.

## II

Бжыхьэмрэ кӀымафэмрэ апэ Къосэгъу зыщызэпыджырэ мафэм ощх чъыӀэ жъгъэир къепхъы, загъорэ осыцэ цӀынэхэри къыздехьых. Пщэ пытхъэфэ-шхъонтӀэшъо-шӀуцӀашъохэу ошъогур зыфэмыупӀыцӀэрэмэ тыгъэр акъуахьэ, къакъосыкӀыжьы. Къушъхьэ дунаим хэгъуащи, хэпӀыкӀыхьэгъэ жьыбгъэ уцуагъэр къыкӀэпщы, мэбыяужьы. Гу къызызӀэпишӀыхьажьыкӀэ, губжыгъаеу уц гъугъэ шагъэмэ ашъхьапырэчъы, чъыг пкӀэшъэ гужъуагъэхэр зэрепхъох, онджэкъмэ къарихрэ Ӏугъомэ къахэутысыкӀырэ тэпшэсхэр онэнчъэ-лъэрыгъынчъэ шъхьарытӀупщхэу зыдырехыжьэх.

Къэблэгъэрэ кӀымафэр зэхэзышӀэрэ бзыу Ӏэсэгъэ куашэхэр чъыг шъхьэпэ-кондэ шъхьарысых. Осымэр зыкӀэорэ къолэжъхэри зэрэгъэкӀыйхэзэ, шъофым хэзэрэубгъох. ЧӀы цӀынэр зимыкӀэсэ бгъэжъ зырызхэри мылъэгэ-мылъхъанчэхэу ошъогум щэхьарзэх.

Рэдэд къызимыгъэзэжьыгъэ мафэм щегъэжьагъэу мэзищым къехъугъ Рампэс ылъапэ мыжъо унэ шӀыгъакӀэм зыримыдзагъэр. Лаурстэнырэ ежьырырэ зэдаӀэтыгъэ чъиф унэу яныбжьыкӀагъэ зыщырахыгъэм, ясабый закъо къызэрыхъухьагъэм, ягушӀуагъуи, янэшхъэий зыщызэблэкӀыгъэм имафи, ичэщи щырехы. Лаурстэни, Рэдэди ягущыӀэкӀэ-щхыкӀэ макъэ, ежь иери ахэтыжьэу мыщ щызэхехы. Ахэмэ, анахь пэблэгъитӀумэ, аӀэхэр пхъэнтӀэкӀухэми, Ӏанэми, джэмышхыхэми, лагъэхэми, джэныкъо лъхъончми, пчъэ къопсхэми анэсыгъэх. ИлӀырэ ыкъорэ амэ еу, къыдисых, къыдитых...

«Шыупащи ары!..– ыкъо нахьыкӀэ игупшысэ хьылъэмэ къазэрэхэмытэджагъэм щымэхъашэу Рампэс гукӀэ къыкӀащтэзэ, ыцӀэ къыриӀуагъ.– Синасыпти, къысэхъулӀэщтымкӀэ ти Тхьэшхо сыкъызэхишӀыкӀи, ар къысфихьыгъагъ. Джы

мары лIыпкъым имыуцогъэ дэдэми, сэри сыготэу, Колэсдыхэри къыкIэтхэу ышнахьыжъ ихэгъэгу Iофхэр зэрехьэх. Ар сапашъхьэ имытыгъэмэ, къыскIэмытыгъэмэ, сыдэущтэу дунай нэфым сытетыщтыгъ!.. Хьау, хьау, скъо нахьыжъкIэ, си Тхьэшху, сыгу къыуабгъэрэп, шъори ары, адырэтхьэхэр! Къызимыгъэзэжьыгъэм щыублагъэу зы гукIод къысхэжъугъэфагъэп, зэрэжъугъэпсаущтымкIи къызэрэсфэшъухьыжьыщтымкIи сицыхьэ шъутелъ. ШъуилIыкIо ТурабкIи къысфэшъуIопщыхэрэр, тхьаегъэпсэу ари, кIэзынчъэу къызнегъэсыжьы. Колэс ижъышъхьэм шэсыгъэшъ, ежьри, Къодани, Темрыкъуи ягъогу псынкIэ къафэпшIыни, шIукIэ сикIали ягъусэу, къытфэбгъэкIожьынхэкIэ, тызиджагъомэ тинасып атебгъэкIонкIэ сыолъэIу, пIэм хэгъолъхьэгъэ ГъучIыпсэ тхьамыкIэми унэшIу къыщыф...»

Ренэу зыкIэдэIукIызэ зэсэгъэ шы лъэмакъэмэ Рампэс игупшысэмэ ахащагъ, дышъэ IуданэкIэ Айнар фыхидыкIыщтыгъэ пэIо хъурай цIыкIур зэригъэтIылъэкIи, унэм икIыгъ, зишыIупIэ аIыгъэу къырагъэпсыхыжьыщтыгъэ Шыупащи ылъэгъугъ, Мэщыкъуи, Чэчани, Тураби, Агъбани, нахь ныбжьыкIэхэри пщы шъхьэкIэфэ фэшIыкIэ лъэсыгъэх. Къо нахьыжъыр ынэгу къыкIэтаджэзэ, Рампэс ыгу къыпыузыкIыгъэми, къызхимыгъэщэу къосэгъупщ ныбжьыкIэр ипщы унэ къыIузыщэжьыгъэмэ инэгушIуагъэ апигъохыгъ.

Рампэсрэ Шыупащэрэ унэм зэрихьажьыгъэхэм лъыпытэу ныр къэупчIагъ:

– ШъузпэгъокIыгъэмэ, сикIал, сыдышIу къытфахьыгъэр?

– Рэдэд зэрэпсаур, хым зэрэращыгъэр, тян, джыри къаушыхьатыжьыгъ.

– Хэт ар къызкIэрахыгъэр?

– Зы нэбгырэп аIуагъ.

– Ащыгъум пшынахьыжъ псау, сикIал! – Рампэс ынэхэр къигушIукIыгъэх.

– Бзэджагъэ зышIагъэми ыцIэ къыраIуагъ, тян.

– Хэт тызгъэунэхъугъэр?

– Аспарыхъу!

– Рэдэд ятэ иукIэкIожъ джыри къыднэсыжьыгъа! – Рампэс къыхэкуукIи, ишъхьэтехъо къуапэкIэ ынэмэ акIэбэнэжьыгъ.

– Тян...– Шыупащэ ымакъэ къефэхыгъ.

– Ары, ары, сикIал, гукIодыгъо щыIэп.– Рампэс зи къемыхъулIэгъахэ фэдэу зыкъырищыжьыгъ,– шIу зыгу къытфимылъмэ тинасып атекIощт. Колэсдыхэм яIоф сыкъыкIэупчIагъэп.

– Ахэри Iузэжъу нагъэсхи, хым рагъэкIыгъэх.

– Тыд ар?

– Тумтэкъашъэ дэжь.

– СшынахьыкIэ зыдэчъэжьыгъэми?! – Рампэс зыфэмыIэжэжьэу, игукъэо-гумэкI зыхиушъэфэжьмэ, ипхъорэлъф къехъулIагъэр шIомыIофэу зэуакIо нэпэнчъэр къытфэкIо ыIозэ, хьылъэу хэщэтыкIыгъ.

– Ары, ащ ублэкIынышъ, Iузэжъу уикIымэ, Пантикапей уебгъукIозэ, Феодос зыфаIорэм укIощт,– янэ ыгу щыхьэрэр щигъэгъупшэнэу къыIорэм теIункIэзэ, Шыупащэ зырегъэукIыхьэ.– Ащ уикIымэ, къошъо псынкIэ дэгъу пIэ илъмэ, Константинополь гъогум бэрэ утетыщтэп аIо...

– Ары, ары, сикIал...– шъхьэм илъыр нэмыкIми, къыдырегъаштэ, зыгъэгумэкIырэм техьажьы: – Тумтэкъашъэ дэхьэгъагъэхэмэ, сшынахьыкIэ ишIуагъэ къаригъэкIыни... нэпэнчъэм сэ сыгу ебгъэ шъхьакIэ, зылъыхъухэрэр ипхъорэлъфи... А пчыхьэм зыфэзгъэгуси, къыгъэзэжьмэ, сапашъхьэ исыубытэни зыкъезгъэшIэжьын сIозэ, къытэхъулIагъэм еплъ... Адэ зи къапIорэпи, сикIал?

– Къэншъао икъытфэкIуакIэкIэ тыкъызэхишIыкIынысп сэIошъ ары, тян.

– Ар слъэгъугъэ, сикIал...– Рампэс ымакъэ къефэхыгъ, хэщэтыкIыгъ: – Ау етIани сянэ къылъфыгъэба...

Колэсрэ Къэншъаорэ а мафэм Iузэрэщхи зэрэзэдэгущыIэгъагъэхэр Шыупащэ ынэгу къыкIэуцожьыгъ. АIорэр зэкIэ зэхимыхыщтыгъэми, гущыIэ зырызхэр къылъыIэсыщтыгъэх. Колэс зыдэщыIэ лъэныкъор гукIи, псэкIи Шыупащэ ыIыгъыгъэми, «хэгъэгу Iофыр зэкIэми апшъ» Къэншъао зэриIогъагъэр шъхьэм икIырэп, пщыгъо Iофмэ атегущыIэхэ къэсми, нахьыбэрэ ыгу къэкIыжьэу регъажьэ. Джыдэдэми ар ыгу къыпылъэдэгъагъ, ау псынкIэу зыкъишIэжьи, ным ыпашъхьэ зыщиIэжагъ. Янэрэ ежьырырэ зыщыгумэкIыщтыгъэ чIыпIэм ар шъхьэм къызэречъагъэр шIоемыкIугъэми, емыгупшысэн ылъэкIыгъэп: «Хэти ерэIу, «хэгъэгу Iофыр зэкIэми апшъ» зыфаIорэм шъыпкъэ хэлъ. ПшъхьэкIэ уемыутэкIэу къыбгурыIощтэп... Джы тIэкIу укIэгъожьы

шъхьакIэ, тян, пшынахьыкIэ узэрэпэгъокIыгъагъэр зэкIэми агу рихьыгъэу сIорэп, ау къосэгъухэр къыпкъоуцогъагъэх. КъытэхъулIагъэмкIэ тянэшым тыкъызэхишIыкIыгъэмэ, зи къыщышIыныеп. Ау хэгъэгу Iофмэ бэ зэрэпщагъэгъупшэщтыр сипщыгъо мазэмэ сшъхьэкIэ сагъэушэтыгъэ…»

– А сикIал, укъэдаIуа? Моу зыгорэм ущыIэу къысщэхъу.

– Хьау, тян, чыжьэу сыщыIэп,– Шыупащэ игупшысэмэ къахэужьыгъ, ным шIуиушъэфыгъэп: – Хьакъулахьыхьэ Къэншъау къызытфакIом, ыIогъагъэ горэм сегупшысэщтыгъ.

– ТехэкIо-хъункIакIо къытфэкIогъагъэм сыд ыIонэу ышIэрэр?! – Рампэс зэхихыгъэр зэригъэшIагъорэм нахьи игубж нахьыбэу къэупчIагъ, къытыригъэпытыхьажьыгъ: – Зы ныбэ кIоцI тыкъикIыгъэ пае угу зыфэгъун цIыфэп ар! Сыд етIанэ пшъхьэ иуубытэнэу къыуиIуагъэр? – джы нахь мэкъэ шъабэкIэ къыкIэупчIэжьыгъ.

– Сэрэп къызэриIуагъэр, Колэс ары.

– Хэгъэгу Iофыр зэкIэми апшъ ара зыкIапIорэр?

– Ары, тян, хэт къыуиIуагъ? – Шыупащэ зэгупшысэщтыгъэр зызэхехым, къыкIигъэщтэжьыгъ.

– Угу иуубытагъэу къыпфэмыIошъурэр, сикIал, Колэс къысиIуагъ. Ау ар Къэншъауи, Колэси, пшынахьыжъ Рэдэди ягущыIэп. Ар ыжэ дэмыкIэу фэшъыпкъэзэ, Лаурстэн къосэгъупщыр дунаим ехыжьыгъ. Сигуапэ шъори ар къызэрэкIэшъуIотыкIыжьырэр, ау сшынахьыкIэ ащ иIоф хэлъэп. Ежь ипкIэнтIэпс зыхимылъхьэгъэ, ымыпIугъэ, ымылэжьыгъэ, ыпхэкI зымыкъутэгъэ шым тырагъэтIысхьагъэкIэ, онэш фэхъун ылъэкIыщтэп. Джары тэркIи, ежьыркIи, зыфэшэсыгъэхэмкIи Къэншъау къехъулIэрэр. Имахълъэ зыфэфэхыгъэ Къосэгъу хэгъэгу фэрэгумэкI нахь, хымэ хэгъэгум лIыкIо зыкъырерэмыгъэш! Сыд фэдизэу лIы уашIошIэу, удаIэтэягъэми, узщымыщмэ уахэзэгъэщтэп. Бэ шIэн, макIэ шIэн, зэгорэм укъызхадзыжьыщт. Сыд чылэм щымыщ къыздэтIысхьэкIэ, хэхэскIэ зыкIеджэхэу пшIэрэр?

Хэхэсыцlэр зызэхехым, Шыупащэ кIыфыбзэ къызэрэхъугъэм Рампэс гу лъитагъ. «Тхьа къысауи, шъаом ыгу сэщэфы сIозэ, гуцафэ езгъэшIыгъ…– Рампэс гукIэ хэкуукIи, ежь-ежьырэу зэгыижьыгъ.– Гупшыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс тинахьыжъмэ зыфаIорэр шъыпкъэ. Тхьэ нахь зымышIэрэ сишъао сымышIахэу ыгу сыхэуIуагъ… »



– Ащыгъум, тян,– Шыупащэ игукъао ыушъэфыгъэп,– Агъбани хэхэс, сэри ащ сыфэд!

– Шыупащ! – Рампэс зыфимытыжьэу ымакъэ зыкъипхъотагъ, етIанэ шъхьэ гъэсыскIэ зиумысыжьыгъ: – Ары, ары, сикIал, къысфэгъэгъу, мыIуапхъэ къэсIуагъ… Ау сыгу къэмыкIыгъэр пшъхьэ зэрэфэпхьыжьыгъэмкIэ ори умыс. Адэ джары гущыIапэр умышIэу гущыIакIэр пшIэщтэп ягъэIуагъэр… Сыд сIуагъэми, сыдэущтэу сыпэгъокIыгъэми, сшынахьыкIэ сыдэущтэу зыщызгъэгъупшэн… АщкIэ къыздесхьакIырэ гукъаом къосэгъу гумэкI гущэр къытекIошъ ары. Сыд пшынахьыжъи, сшынахьыкIи ялажь? ЗыгорэкIэ янэшым фэдэу, хэт ышIэра, Рэдэд зыдащагъэм щыхагъэукъоу, нэмыкIыгукIэ къытфэкIожьмэ сэIошъ ары.

– Рэдэд ащ фэдэ ышIэщтэп, тян!

– Адэ ышIэнэп! – зинэплъэгъу къырагъэпхъотагъэ Рампэс къыдыригъэштагъ.– Ащ фэдэ пшынахьыжъ къосэгъупщым ышIэмэ, сикIал, ори фэудэнэп, сэри фэсыдэнэп. Я си Тхьэшху, унэшIу къытщыф, псаоу, узынчъэу къытфэхьыжь. А Шыупащ,– ошIэ-дэмышIэ кIэгупшысыхьажькIэ Рампэс къэупчIагъ,– сыд ыцI пIуагъи Колэсдыхэр зыдэкIуагъэм?

– Феодос сIуагъэ. Сыда?

– Турабэ зыцIэ къыриIуагъэр нэмыкI.

– Турабэ Iаджи еIо, ащ ыIорэм пэпчъ тедэIущтмэ…

– Шыупащ,– Рампэс ыкъо къызэпиутыгъ,– ащ фэдэхэр Турабэ емыIуалIэх. Титхьэмэ зэрялIыкIор зышIошъ хъурэ цIыфмэ ар къыпфадэщтэп. Пщыгъупшэжьыгъа, пшынахьыжъ зэрэпсаури, хым зэрэзэпыращыгъэри апэ къытэзыIогъагъэр Тураби. Ащ ибыкъагъэ, къэошIэжьмэ, зэхашIэ горэ иI Рэдэди ыIощтыгъ. Ащ фэдэ цIыфыр пыдзы ашIырэп, къызфагъэфедэ. Нахьлъэш олъэгъу загъорэ къызэрэфыкъокIырэр, Хьакъардыхэми зыщадзыерэп, лIагъэ зиIи, зимыIи еубзэх. Къыщычъи янэ зэлIэм, ным пай пшIошIа ащ фэдиз цIыфыр къызфекIугъагъэр? Шъо, Агъбанэрэ орырэ, сшIэрэп Турабэ нэпч зыкIэшъушIыгъэр…

Ерагъэу зиIажэзэ, Агъбанэ унэм къихьи, зэтхьаусыхылIэрэр умышIэнэу къыIуагъ:

– Турабэ еспэсыщтыр сшIэрэп, унэм къысшIуехьэ.

– Сыд зыфаер? – янэ къыфэсакъыщтыгъэми, Шыупащэ къемыупчIын ылъэкIыгъэп.

– Къерэхь,– Рампэс иунашъо кIэкIы.

Пщы пчъэ кIыбым щызэтыраIажэщтыгъэр ары Iоу умышIэнэу шъошIо-нэгушIоу Турабэ пчъэм къыдэкIыгъ, ежь зызэрилъытэжьырэр къыкIимыгъэтхъыщэу, шъхьэгъэсыс макIэкIэ ишIуфэс къапигъохыгъ:

– Тхьэшхоми титхьэми ацIэкIэ мэфэшIу жъугъотынэу сышъуфэлъаIо. УигъашIэ кIыхьанэу, къосэгъумэ ягощэшху, Рэдэдрэ ШыупащэрэкIэ унасыпышIонэу сыпфэлъаIо. Рэдэдыпщыр ори тэри къызэрэтфэкIожьыщтым уицыхьэ зэрэтелъэу сэ сицыхьи телъ, уашъори, чIыгури къыпкъот, Рампэс.

– Тхьауегъэпсэу, къеблагъ, къэтIыс, Тураб,– Рампэси инэгушIуагъэ къафэгушIуагъэм пигъохыжьыгъ, уигуфэмышIугъэ къызхэмыгъэщ, гу лъемыгъат къыригъэкIэу Шыупащи фыреплъэкIыгъ.

«Мыдэ мыщ зызэригъэпсыри, тхьэелъэIукIэм зэрэфэIазэри...» – Шыупащэ ыIозэ, Айнарэ зэребэныгъагъэри, Рэдэд къызэреубзэжьыгъагъэри ыгу къэкIыжьыщтыгъэми, янэ къызфегъыигъэр фигъэцэкIагъ.

– ШъуапашъхьэсыкъимытIысхьапэми, агъэтIысрэр аубыжьырэп зэраIоу, пчъэблэ дэдэмкIэ сытIысынэп,– Турабэ ыIозэ, нэбгыритIури зэдилъэгъоу, абгъукIэ тIысыгъэ, гущыIэ пэубли къышIыгъ: – Мэфапэм елъытыгъэмэ, щэджэгъуапэм зыкъызэIуихыжьыгъ. Титхьэмэ тыкъызэхашIыкIыгъ. Ау къэблэгъэрэ кIымафэр чъыIэщт аIо. Къэсмэ, ащкIи тялъэIумэ тыкъызэхашIыкIынэу сэгугъэ.

Турабэ гущыIэм хэтэу зыдэтIысыгъэм зырегъэгупсафэ шъхьакIэ, Шыупащэ къыIогушIо фэдэми, ыгу къызэрэфэмышIур, итхьэ гугъумэ къызэрамыуфэрэр зэхешIэ. «Сыдэущтэу зигъэпсыра сэIо мыщ,– ыгу теIункIэжьызэ Тураби еIо,– къызэрэтхэфэгъэ шIыкIэр шIэхэу щыгъупшэжьыгъ! Уинасыпти, Рэдэдыпщым уакъытырихыжьыгъагъ нахь, плъэгъуни уздэщыIэщтыгъэр... Сыда осшIагъэр, нэIуагъ, апэрэ мафэм щегъэжьагъэу сыплъэгъу хъурэп! Хымахьэр къихьи унахьэр рифыгъ ощ фэд язгъэIуагъэр. Къосэгъухэр делэх, Колэси Iушэп, сэри ахэмэ саблэкIэу чыжьэу сыкIуагъэп, зыщыщ тымышIэрэ гъогурыкIом ерагъэу зэгурыдгъэIонэу едгъэжьэгъэ пщыгъор IэкIэтлъхьагъ. Сыгу хэбгъэкIы пшIоигъоп шъхьакIэ, Рампэс, ори ащкIэ умыс. Сыфитыгъэмэ, къыоупчIыжьыха, нэрэ-псэрэкIэ тэри ахэмэ зятэгъапшэ, пщыгъор о къыуязгъэтыщтыгъэ. ГъэшIэгъона шъхьатехъо птехъуагъэмэ, паIо зыщыгъ пстэуми анахьэу пщыгъор о нахь зепхьэщтыгъэ. Гу сшIэу о пцIэ хэсашъхьэм къызэрисымылъхьагъэм сырыкIэгъожьы, бзылъфыгъэм укъызэрэзэхишIыкIынэу анахь хъулъфыгъэ Iушми укъызэхишIыкIыщтэп. Ау джыри ар ухыгъэ Iофэп... Турабэ Тхьэм имылIыкIомэ, хэхэс нэIуагъ, къэозгъэлъэгъущт сэ!..»

– Ары, ары, Тураб,– Рампэси къыдыригъэштагъ,– Тхьэшхом ынэшIу къытщымыфэмэ, титхьэмэ тыкъызэхамышIыкIымэ,– хэт дунай гукIэгъунчъэм ынэшIу къытщифэн, тыкъызэхишIыкIын. КIымафэр къэмысызэ Рэдэд къытхэхьажьыгъагъэмэ, тхьэ пэпчъ былымыпсэ фэзгъэгъуни...

– Рампэс гощэшху! – Турабэ кIыфы кIэхъукIэу Iэ Iэтыгъэ мэкъэ щынагъокIэ къэгузэжъуагъ.– Ащ фэдэ Iуагъэ зытемылъхьажь!

– Тхьэ къысауи, Тураб, мыIуапхъэ сIуагъа?

– Тхьэмэ ялъэIух нахь, шIушIэ фашIэкIэ зафагъазэрэп... Зэхэоха, Шыупащ? Мары, сэ зэхэсэхы, тхьэмэ адэрэп. Муары,– шъхьаныгъупчъэмкIэ ыгъэплъагъэх,– уашъоми ынахэ къызэхегъахьэ, осыцэхэри къыхедзы. ШъуIэхэр шъуIэти, сIорэр къыкIэшъуIотыкIыжьызэ, Тхьэшхо лъапIэу лъагэм тежъугъэлъэIу.

– Къэтэдж, Шыупащ! – щынагъо зыIуадзэгъэ Рампэс къэгузэжъуагъ.

– Шъущысми хъущт,– Рампэсырэ Шыупащэрэ ыгъэтIысыжьыгъэх, аригъэшIагъэм хэшIыкI зэрэфыриIэри афыкIигъэтхъыжьыгъ: – Унэм шъуисмэ, Iанэм шъукIэрысмэ, аущтэу шъушIыныр тхьэмэ яджэгъоштэп. Ау ахэмэ ягукIэгъурэ ящынагъорэ зышъхьащытыр цIыф цIыкIур арышъ, тхьамыкIэрэ байрэ фэIуагъэп, тафэжъугъэтэдж,– шъуфэлъэкIыщтмэ, шъумышIэ, Турабэ ыIомэ гукIэ щхыпцIызэ, пщы унагъор ыпашъхьэ къыригъэтэджагъ.

ТхьэелъэIуным Турабэ хэблыхьэгъагъэкIэ арэп игущыIэмэ закIырigъэукIыхьэщтыгъэр – ныкъо-тыкъо зиIэ пстэуми жъалымыгъэр къазэрэтекIоу, ежь къыдэмыхъугъэр къыздэхъугъэ пщы унагъор ыпашъхьэ зэрэригъэтырэр шIодаушыгъ. Тхьэмэ зэрялIыкIор зышIошъ хъунэу езгъэжьэгъэгъэ Рампэс ар римыпэсынкIи къэнэнэп, зыIуплъагъэм щегъэжьагъэу къэзылъэгъу мыхъущтыгъэ Шыупащэ гукIэ кIэнакIэмэ игухьа-гужъ тырикъутэу ыпашъ-

хьэ имытыгъэмэ. «Узэрэмыпщыр тшӀэзэ шъхьэкӀафэ къызэрэпфэтшӀырэм фэдэу,— кӀэлэ ищыгъэ пытэм фычӀэплъызэ, Турэбэ быт щхыпцӀыщтыгъэ,— сапашъхьи къызщыосымыгъэшӀыкӀэ. Ащыгъум сы Турабэп, джа шъукъызэрэскӀэнакӀэу, хьаулыеу дунаим сытет!..»

— Джы тхьэмэ тыкъызэрэзэхахыгъэмкӀэ,— Турабэ зыфаемкӀэ итхьэлъэӀу къыухыжьыгъ,— Колэс зэришӀ хабзэу, Ӏэ джабгъумкӀэ шъунатӀэрэ шъугурэ шъуатеӀэбэжь. Сыд тӀоми тшӀэми ахэмэ зэхахы, къалъэгъу. Тыгурэ тынэӀурэ афэгъэзагъэу тэщ пайй, Рэдэд пайй тхьэмэ тызялъэӀу уж, зыдэмышӀэжьыщтыгъэ шъэбагъэ горэ зэхэпшӀагъа, Шыупащ?

— Ар къызэрэосӀощтыр сшӀэрэп, Тураб...— упчӀэм зэремыжагъэр Шыупащэ къызхигъэщыгъэп.— Сшынахьыжъ Рэдэд къосэгъупщым Тхьэ сызыфелъэӀукӀэ, сӀэпкъ-лъэпкъыхэр къэпсынкӀэх. Ори ара, тян?

— Ары, сикӀал, ары,— Рампэси ыкъо ӀугушӀуагъ,— Тураб зыфиӀорэр шъыпкъэ, тилъэӀукӀэ тхьэмэ тыкъызэхахыгъ, анэшӀуи къытхалъхьагъ, ягукӀэгъуи къыднэсыгъ.

— Шъыпкъэ, Рампэс, шъыпкъэ. Сэ ахэмэ сырялӀыкӀошъ, яшӀушӀэ нахь лъэшэу зэхэсэшӀэ. Джы бэ тэшъумыгъаӀо, тхьэ макъэхэр тхэкӀыжьыфэхэкӀэ, тыгу шӀу зэфилъэу тыщыжъугъэс. Жьыкъэщэгъу заул ныӀэп ащ ипӀэлъэщтыр.

«Сыд макъ мыщ зыфиӀорэр? — Шыупащэ гупсэфэу зыхэдэӀожьми, игутео макъэ фэшъхьаф зэхихырэп.— ЦӀыфмэ ахэмылъ горэ Турабэ хэлъкӀэ сэгугъэ. НэтӀаий ар еӀо, Чэчани цӀацӀэзэ къыхеӀукӀы. Тян нэмыӀэмэ, иныкъо-тыкъуагъэкӀэ ыгу фэгъун ригъажьи, Рэдэд зытхащыгъэм щегъэжьагъэу, шъхьэихыгъэ дэдэу къыфэӀошъурэп нахь, тхьэмэ ялӀыкӀо шъыпкъэу елъытэ. Мэщыкъу адэ? Ар къэпшӀэнэу щытэп. Шъущымыхь, ыгу хэшъумыгъэкӀ еӀо, къегъэгъунэ. Ау гъогу техьан зыхъукӀэ, мыгъо, уигухэлъ къыбдигъэхъущтэп ыӀомэ ушъхьагъу къыфигъотызэ, зыдигъэшэсырэп. Хьакъар-Нахьлъэшдыхэм ягугъу сшӀыжьырэп, ахэмэ, зыгорэм къыубытхэмэ, дунаим тырагъэтыщтэп, зэпкъыратхъыщт. Тинахьыжъхэр? Жъымэ, сыдигъуи зэряшэнэу, гукӀэгъур къатекӀо. Ау тэ сыд фэдэу зыфэтэшӀми, тӀэкӀу-тӀэкӀузэ цӀыфмэ нахь аштэу къысщэхъу. ГъэшӀэгъоныр, тхьэмэ ацӀэкӀэ къыӀорэмэ янахьыбэр шъыпкъэу къычӀэкӀыжьы... Сыдэу адэ Агъбанэ мыхэмэ къамыубытырэ?..»



— Зыгорэ къапӀо пшӀоигъуа, Шыупащ? — унэ кӀым-сымыр Турабэ къыукъуагъ.— Джы тигущыӀэ пытыдзэжьымэ хъущт, тхьэ макъэхэр уашъом дэкӀоежьыгъэх, къушъхьэмэ, мэзмэ ахэхьажьыгъэх, шъофмэ арыгупсэфэжьыгъэх.

— Титхьэмэ ауж сыд къэсӀон,— къызэреупчӀыгъэр имыгуапэми, Шыупащэ къызхигъэщыгъэп, игумышӀугъэ къышӀутекӀоу римыӀон ылъэкӀыгъэп: — О уӀофынчъэпщтын, тыкъэдаӀо.

— Шъыпкъэ, сэри Ӏофынчъэмэ, тхьэнчъэмэ сащыщэп. Сигукъао сыкъуищагъ, ау титхьэмэ апэ ар сфигъэшъыгъэп. Тхьэмэ тызфялъэӀугъэ Рэдэд къосэгъупщым ишъхьакӀо елъытыгъэмэ, сэ сигукъао зыуи арэп. Ау етӀани...

— ЗемыгъэукӀыхь, Тураб, тыкъэдаӀо,— Шыупащэ зыфэщыӀагъэп.

— Зигукъао къыозыхьылӀэрэр умыгъэгузажъо, сикӀал.

— Ар шъыпкъэ, къосэгъумэ ягощэшху. Зыцэ мыузыгъэрэ зицуакъэ мызэжъурэ узэхашӀыкӀыщтэп. Сэ Мэзыбэ сыкъыдэхъухьэгъэ къодыеп, Лаурстэн пщышхом итэмашъхьэ сыкъытехъухьагъ, къэзгъэшӀагъэм пщы щагур сфэхымагъэп, Рэдэдырэ сэрырэ тыкъызэдэтэджыгъ, пщыгъор зыфагъэшъуашэми, чэщи мафи икъэлапчъэрэ иунапчъэрэ сфызэӀухыгъагъ, джы Агъбан байколым пщы щагум сыкъыдигъахьэрэп, шъуичэу нэз сыригъэкӀокӀырэп. Агъбан тхьэнчъэкӀэ енэгуягъо.

— А Шыупащ, а сикӀал,— Рампэс къэгузэжъуагъ,— Турабэ игукъао сэ апэрэу зэхэсэхы, ущыгъуаза?

— ТӀэкӀу сыщыгъуаз, тян... Агъбан аущтэу Турабэ дэмызекӀожьынэу есӀон.

— ЕпӀощт къодыеп,— пытагъэ къыхэщэу Рампэс къыӀуагъ,— фэбгъэпытэщт!

— Аущтэу оӀомэ, тикъосэгъу гощэшху,— зыфаер къыдэхъугъэу, щысыжьынри къыримыгъэкӀоу Турабэ къэтэджыжьыгъ,— сэ сиӀофми ауж сихьажьын, Агъбан байколми ыгу къысерэмыгъабгъ, темыфи есӀоӀагъэп.

Турабэ пчъаблэм зэрэдэкӀыжьыгъэм лъыпытэу нахь мэкъэ гъэтӀылъыгъэкӀэ Рампэс къыӀуагъ:

— Агъбанэ байколым изекӀуакӀэ уишӀэ хэлъмэ, сикӀал, умыс. Турабэ тэшӀэжьы шъхьакӀэ, тхьэмэ зэрялӀыкӀор зыщышъумыгъэгъупш,— зэрэфэмыразэр ригъашӀэу Рампэс унэм икӀыжьыгъ.

## III

А зы уашъори, а зы чӀыгури унэгу кӀэт зэпытыми, непэ плъэгъурэр неущ плъэгъужьырэп зэраӀорэр шъыпкъэ.

Колэси, Темрыкъуи, Къодани зы гухэлъ-гугъапӀэм гъогу хьылъэ чыжьэ зэдытырищагъэхэми, аныбжь зэрэзэфэмыдэу, ягупшысэ-гулъыти, ядунэееплъыкӀи, ялӀыгъэгъэпсыкӀи зэтекӀы. Ары пакӀошъ, ягущыӀакӀи, ящхыкӀи, яшытесыкӀи зэфэшъхьафы. Гъусэ зыфишӀынхэм ыпэкӀэ джахэмэ Колэс ямыгупшысагъэу щытэп. ЗыцӀэ къыраӀуагъэмэ, Нахьлъэши зэрахэтыжьэу, захадэм, узигъусэм ышъокӀэ къыоплъыx ыӀуи, гъусэ зыфишӀыгъэ лӀитӀур цыхьэшӀэгъукӀэ къахихыгъ.

«Темрыкъорэ Къоданэрэ анахь лӀыӀохэр Къосэгъу къимыкӀыныхэу арэп,– Колэс ыӀуагъ,– ау сэщ фэдэхэу къин зылъэгъугъэ цӀыфых. ГъэрыпӀэр бэмэ афэщэчырэп, еуфэх, зэпекӀых, къыӀэкӀэзыжьырэр, зыкъимышӀэжьызэ, дунаим ехыжьы. Мыхэр зыщымыгугъыжьыщтыгъэмэ, гъогу къытехьаныехэп. Темрыкъо симахълъэ пае дгъэпыйзэ, илъэс пчъагъэ къэтхьыгъ, гъэрыпӀэм зефэм, апэ гушӀогъагъэр Чэчан, сэри, шъэожъыем ыпашъхьэ къызхэзгъэщыгъагъэп шъхьакӀэ, сигопагъэ. Къызегъэзэжьми, тшӀоигъоджагъ, ау щыӀэныгъэр тэ зэрэтшӀоигъо закӀэу зэхэлъэп, пэӀошъхьарыхэу къытфакӀуи, махълъэр зыӀэкӀэкӀодэгъэ Аспарыхъу ыцӀэ къыриӀуагъэ пэтзэ, тшӀошъ хъугъэ-мыхъугъэу джы нэс къэтхьыгъ, нэмыкӀ тхьамыкӀагъом гъогу тызэдытырищагъ, теплъын хъурэм...»

Егъэзыгъэ Ӏоф хэмылъэу ежь-ежьырэу къахихыгъэ гъусэм ышъхьэ къыфихьэхэрэр шӀоемыкӀоу зыфэгубжыжьызэ, Колэс игупшысэмэ къахэужьыгъ, зытехьэгъэхэ тхышъхьэм еплъыхыгъ: бжыхьэ кӀэсэ чъыӀэм ыгъэолъэрэ хым зы къошъо гъэӀагъи тетыгъэп. Пчыхьэшъхьапэр зышъхьэщыкӀуатэрэ чылэ зэбгырытэкъугъэ цӀыкӀур ары чыжьэкӀэ къуладжэм къыдэщырэр.

– Хыр губжыгъэ, зишӀэжьрэп,– Колэс къыӀуагъ.

– КӀым ирэхьат еукъо,– Темрыкъуи гугъуемылӀ.

Заулэрэ кӀуагъэхэу Колэс къэупчӀагъ:

– Шыухэр зэдилъхэмэ, шъхьадж ыгу илъыр ешӀэжьы зэраӀоу, о зи къапӀорэп, Къодан?

– Зы гухэлъ тыкъызэдырищэжьагъэмэ, зы гухэлъ зэдытиӀ, тхьамэтэ маф.

– Ари джэуап хъун, сэштэ,– Колэс гъуситӀум язи фыремыплъэкӀэу ыпэкӀэ плъэзэ ӀугушӀукӀыгъ,– ау хым зыкъызэрэтфишӀырэр ары сымыштэрэр.

– Хым ишӀэн ешӀэ, тэ тишӀэни тапэкӀэ къэт, Колэс,– Къоданэ ычӀыпӀэкӀэ Темрыкъо джэуап къытыжьыгъ.

– Аущтэу шъоӀомэ, сигъусэшӀухэр, сэ сызгъапэри сыушъэфынэп. ШъуитӀу яз хым техьагъэпышъ, мощ зыкъызэрэтфишӀырэм гуих горэ къышъухелъхьэмэ сэӀошъ ары. Дунаир цӀыфым имафэкӀи ичэщкӀи зэрэщынагъор сэ шъозгъэшӀэжьынэу щытэп. Мо мыжъо къогъури, мо чъыгыжъ лъапсэри, къытшъхьэщыхьэрэ пчыхьэри щынэгъо закӀ, ау, Турабэ зэриӀоу, тхьэхэр тыгу идгъэлъхэмэ, гумэкӀыгъо щыӀэп, тигъогу къэбзэщт. Сэ бэрэ шъхьафитынчъагъэкӀэ хым сытетыгъ, кӀымафи, гъэмафи, чэщи, мафи тиӀагъэп, мары, титхьэмэ яхьатыркӀэ сыпсау, сылъэс, сышыу. Тхьэмэ уищыӀэныгъэ амыухыгъэмэ, сэщ фэдэу, макӀэп къэбгъэшӀэщтыр. Рэдэди тхьэмэ анэшӀу зэрэщыфэщтым сицыхьэ телъ, тиджэгъогъумэ тэ ахыгъэми къытагъэгъотыжьыщт, гукӀодыгъо щыӀэп, сшынахьыкӀэхэр. Бащэ къасӀоу, кӀэр мэшӀатэ, жъыр мэбгъуатэ шъосэгъаӀоми сшӀэрэп.

Шыуищым анахьыкӀэ чӀыпӀэр зыӀыгъ Къоданэ Темрыкъо фыреплъэкӀыгъ. Гум филъыр къышӀагъэу Темрыкъуи къыӀуагъ:

– Тигунахь къэохы, Колэс, ащ фэдэ тшъхьэ къихьанэп. Нахьыжъ нап, нахьыкӀэ насып – арба, Къодан, Пщымафэ ыӀорэр?

– Ары, Темрыкъу,– Пщымэфэ лӀыжъым игугъу къызэришӀыгъэр Къоданэ игуапэу къыдырегъаштэ, къыпегъэхъожьы: – Нахьлъэш зигъэгубжыкӀэ, «жъым ыкӀапэ кӀэм ынап» реӀо. Пщымэфэ закъу Нахьлъэш текӀоу Мыстхъакъо дэсыр.

– Къосэгъу исэп Ӏори, къыбдезгъэштэн,– тхьагъэпцӀышъо нэгукӀэ Колэс Къоданэ фычӀэплъыгъ, етӀанэ егыигъ: – Арэп, Къодан, сыд шъэфа Нахьлъэшрэ орырэ сишъэогъуужъ Пщымафэ къыжъудишӀэрэр? Ары, ары, зи зымышӀэрэм фэдэу зыкъысфэмышӀ,– Колэс щхыпцӀыгъэ,– джа Къужъэе гъэхъунэм къыщышъохъулӀагъэр ары. Джы къызнэсыгъэм Нахьлъэш ылъэхъомбэжьые зэрыуагъэ мэузы аӀуагъ.

– Хэт къыуиӀуагъ, Колэс? – шӀогъэшӀэгъоным блэкӀэу Къоданэ къэупчӀагъ.

– Зымафэ ежь Нахьлъэш къысфиIотэжьыгъ.

– Ащыгъум ори, Колэс, Нахьлъэши тхьэшъуегъэпсэу, ситхьэрыIо стешъухыжьыгъ,– Къоданэ къыхэкуукIыгъ, етIанэ ышъхьэрэ ыгурэ зэбгъэжьызэ, гъумытIымыгъэ: – Сэ сыжэ Iулэлэу мощ иделагъэ сэушъэфы...

– Джы шъэфыжьэп,– зэхихыгъэр Темрыкъо ыгъэшIэгъуагъ.– ЗэрэпфэщэIэшъугъэр? Апэрэу зэхэсэхы.

– Ашъыу, сыдэущтэу зэхэпхыныя, тхьарыIо ыпашъхьэ щысшIыгъагъэу. Пщымафэ къаигъэ пэхъуи, онэгум Нахьлъэш рихыгъагъ...

– Пщымафэ тхьаматэми тхьэрышIыгъэ иIагъа? – Темрыкъо къызкIэупчIагъэм пымылъэу щхыжьыгъэ: – ЦIэплъыр къысэупчIыжьыгъагъэмэ, Къужъэе гъэхъунэм хьайнапэ щязгъэшIыныепи... Пщымафэ тхьаматэми ори жэ пытэ шъуIулъ...– къегыижьыгъ.

– Адэ, Темрыкъу, тэ тымышIэрэ Iаджи дунаим техъухьэ,– ошIэ-дэмышIэкIэ къежьэгъэгъэ хъугъэ-шIагъэм Колэс кIэух къыфишIыжьыгъ,– жэмыIан-жэмачыу къыуаIон нахьи жэ пытэкIэ упсэумэ нахьышIу. Аущтэу шъоIомэ, нахьыкIэгъэ-нахьыжъыгъэр зэдэтэштэмэ, тызэжъугъэупчIыжь. Мо чылэм чэщ щитхыщта хьауми тигъогу хэдгъэкIыщта?

– Чыжьэ кIорэр дэмыхрэр ары,– Темрыкъо къыIуагъ.

– Ари джэуап псау,– Колэс зэхихыгъэм рыраз.

– Лыы закIэр мэзахэми мэгушхо, лыгъэнчъэр мэзагъоми мэщынэ,– одыкIи-мыдыкIи щымыщэу Къоданэ къыпиупкIыгъ, ау псынкIэу Колэс къеупчIыгъ:

– ТIум язэу тара, къежьапIэр ара, ухыжьыпIэр ара, Къодан, о зыфэпхьыжьырэр?

– Къысфэгъэгъу, Колэс, сигущыIэ згъэкIэрэкIэгъащэкIэ сенэгуе. Ори ары, Темрыкъу, гущыIэкIэ сыкъыонэкъокъу сшIоигъуагъэти, сыкъыппеогъащ. ЛIы закIэр сшъхьэ фэсхьыжьэу арэп, тхьамэтэ маф, мэзахэми, мэзагъоми тигъогу хэдгъэкIы сшIоигъуагъ.

– Ащыгъум сэри къыжъудесэгъаштэ. Тишмэ бэшIагъэп зызядгъэгъэпсэфыгъэр, чъыер къыттеофэ тыкIон.

Шыуищыр зэготэу заулэрэ чъагъэ. Бжыхьэ чэщыр шIункIы, нэм къыкIэIабэрэр плъэгъурэп. Загъорэ уашъом дэплъыех шъхьакIэ, жъогъо гъощагъи ралъагъорэп. ТIэкIу тешIэ къэсми хым зэрэпэIукIотхэрэр къалъыIэсырэ хыолъэ дэгумкIэ зэхашIэ. Осыцэ зырызхэри къыхелъэсыкIых, шы лъэбжъэ макъэхэри жьы цIынэм дэгу хэхъукIых. Шымэ япырхъакIэкIэ къызэрэпшъхэрэр къэошIэ. Зихьылъагъэ зыфэмыIыгъыжьырэ уашъори аплIэу къегъуалъхьэ.

Тхышъхьэ лъагэм зехыхэм, осыцэхэри нахь макIэ хъугъэх, жьыбгъэ чъыIэми шы сэкумэ захиушъэфагъ, Колэси къыIуагъ:

– Мэз IапчъэгорэмтычIахьэмэ, шымэ зядгъэгъэпсэфын, тэри тызпыупхъухьажьын. Ащ нэс хэт шъуитIу язэу гъогум лъэой къезыдзыщтыр? – ЗэупчIыгъэмэ заушъэфы зэхъум, Колэс къыIуагъ: – Сэрмэ къезгъэжьагъэр, сыдэу сшIын, шъуигъогупэ лъэой къесыдзын. СигъашIэ инахьыбэ къыздэзылэжьыгъэ ныом мыр къыфэсIуатэ зыхъукIэ, тхьамыкIэр цIацIэщтыгъэ. «Хэт сиIотэн, тэтэркон сиIотэна?» зыфаIогъэ IорIуатэр ары. Шъошlэми шъумышlэми къезгъэжьэгъахэмэ, ар жъи, кIи ящыкIагъ, шъукъедэIу. Тэтэрконыр – къэцпэнэ кошэ хъурай, жьыбгъэм зэрехьэ. ЛIы горэ, шIукIи, екIи сытегущыIэрэп, ишъэогъу ишъуз енэцIыжьыгъагъ. Аущтэу хэтызэ, зэнэцIыгъэ шъузым илI гъэпцIагъэкIэ дищи, лIапIэ ригъэфагъ. «Сыхыеу сэкIоды, ау ар къыпфэгъунэп» – къыриIожьыгъ шъэогъум.

– Ашъыу ар хъунэп! – Къоданэ ыдагъэп.

– Мыхъурэ щыIэп! – Темрыкъуи шъэогъур къыгъэтэрэзыжьыгъ.

– Дунаир жъалым, тежъыкIырэр бэ, сыд зыкIаIуагъэр? – Колэс къэупчIи, игущыIэ къыпидзэжьыгъ: «Хэт сиIотэн, тэтэркон сиIотэна?» – мыдырэр ыпашъхьэ ит тэтэркон куашэм еплъызэ щхыгъэ, лIы укIыгъэр гум къырини, къыIукIыжьыгъ. ЛIым икIодыкIэ зымышIэрэ шъузабэр, шIукIае щысыгъэу, лIым ишъэогъугъэм дэкIожьыгъ, зэгурыIохэу псэухэзэ, мафэ горэм жьыбгъэшхо къилъи, пчъэр къыIуихыгъ, тэтэрконыр унэм къыридзагъ. Ардэдэм ишъэогъу ыгъэкIоды зэхъум къыриIогъагъэр лIым ыгу къэкIыжьи, щхыгъэ. «Сыд уздэхьащхырэр?» – шъузыр къеупчIыгъ. Илыгъэр щыгъупшэжьыгъэу, ежь шIу дэдэ къелъэгъоу шIошIи, зыфэщхыгъэм ышъхьэ фырихыгъ: «О узэрэзгъотыщтым щэхъу хэмылъэу уилIыгъэр къысэкIодылIагъ». Шъузым зи ыIуагъэп. Чэщ хъуи укIакIор зэчъыежьым, лIы хыер зыгъэкIодыгъэр ылIыжьи, шъузыр икIыжьыгъ.

– Фэшъуашэр ришІэжьыгъ! – Къоданэ игуапэу къыІуагъ.– Е пшІэу шІу ущымыгугъыжь. Джащ фэдэу Рэдэд иІофи зэгорэм къычІэкІыжьыщт.

– Къодан, пІорэм егупшыс,– Темрыкъо къэгузэжъуагъ,– Рэдэдыпщыр псау. Зэ моу илъагъо тытеуцоу къэдгъотыжьыыгъагъэмэ, шхъо езышІагъэр къэнэфэщтыгъэ.

– ШхъухьашІэм укІэупчІэжьа?

Темрыкъо зэхихыгъэм шъхьэр мэзахэм къыхыригъэпхъотыгъэми, Іофы зыримыгъэшІы фэдэу къэупчІагъ:

– Хэт?

Колэс шым жэдаІэ шІоигъуагъ шъхьакІэ, джэуапым паплъэу зиІэжагъ. Зиджэуап зезгъэукІыхьэщтыгъэм джыри Темрыкъо еупчІыгъ:

– Хэт шхъухьашІэр?

– Хэтына?..– Къоданэ зэрэкІэгъожьыгъэр ымэкъэ ефэхыгъэ къыхэщыгъэми, гъуситІури зэдигъакІоу шъхьэимых джэуапкІэ къыухыжьыгъ: – Джа гуцафэ зыфэтшІырэр ары.

– Укъытфэгубжыгъа, Къодан? – Колэс ищхыпэ шъабэ мэзахэм къыхэІукІыгъ.

– Сызгъэгубжын сэшІэми, тхьамэтэ маф, шъоркІэ ар сшІэнэп. СигущыІэ гумэкІ зысІэкІипхъотыгъэти, сызэгуцафэрэм ыцІэ къысфемыІошъоу шъоркІэ сыхэкІыжьыгъ.

– Ащ фэди мэхъу, Къодан, ар уихэбзагъэп, зымыухыжь,– ошІэ-дэмышІэ гущыІэ зэфэдзыр зыпкъ къикІыгъэр Темрыкъоти, зытегущыІэхэрэр къыгъэшъэбэжьыгъ.

– Ары, Темрыкъу,– Колэси къыдыригъэштагъ,– Къоданэ зыгъэгумэкІырэр, къышІошІырэр тигъашІэ шІоигъуагъ нахь, мыхъун къыІуагъап.– ТІэкІу тыригъашІи, ежь зыгъэгумэкІыщтыгъэри къымыІон ылъэкІыгъэп: – Тызэгуцэфэ пстэури шъыпкъэу къычІэкІыжьыщтыгъэмэ... Ау зишъыпкъапІэ тымышІэрэм ыцІэ сыдэущтэу къетІон? Ары, ары, Къодан, зыцІэ къемыІуагъэмкІэ ухэукъуагъэп, ау чІамысэгъэ пчэгъум чы дадзырэпышъ, тэтэрконыр зишыхьатыгъэ лІы укІакІом къехъулІэжьыгъэр Рэдэдыпщыр зыушъхьакІугъэм ынатІэ илъэу зэгорэм къыкъоужьыщт. Арэп,– Колэс ымакъэ псынкІэу зыкъызэблихъугъ,– тэтэрконым икъэбар зыфэсІуатэкІэ, синыо зыфэцІацІэщтыгъэм сыда шъуитІуи шъукъызфыкІэмыупчІэрэр? ЦІацІэщтыгъэ сІозэ, тІоунае игугъу къэсшІыгъ. Синыо зыфэцІацІэщтыгъэр къыжъугурыІуагъэба?



– Бзылъфыгъэ Іофыр, тхьамэтэ маф,– Темрыкъо фэсакъзэ къыІуагъ,– зэхэфыгъуай.

– ЕгъашІэм къысфэшъыпкъэгъэ синыо ар епІолІэн плъэкІынэп...– Колэс ымакъэ къефэхыгъ, етІанэ зыкъишІэжьи, псынкІэу къыпидзэжьыгъ: – ПаІо зыщыгъи, шъхьатехъо зытехъуагъи къыгъэгъунэщтыгъэп. Сыд зысІокІэ, тІури нэпэнчъагъэх тхьамыкІэм къысиІожьыщтыгъэ. ЕгъашІэм шъузабэу къебгъэхьыщтыгъа сІоу зыфэсыдзыкІэ, паІо зыщыгъмэ ацэ зэІулъэу зэгубжыгъокІэ дунаим езэрэгъэтэкъохых, гъэшІэгъона шъузабэмэ. ТІуми азыфагу гурэ псэрэ, шъыпкъагъэрэ щэІагъэрэ дэлъыгъэп ыІозэ, къыухыжьыщтыгъэ. ПаІо зыщыгъыгъитІум азыфагу шъхьатехъо зытехъуагъэ нэпэнчъ зыфэпІуагъэр псау-таоу къыдэнагъ зысІокІэ, згъэгубжыпэщтыгъэ тхьамыкІэр. КъытфэпІотагъэм о сыдэущтэу уеплъыра шъуІоу шъукъысэупчІымэ, ер къызпыкІырэр бзылъфыгъэ джэнакІ сІони, сишхэгъу пІалъэ къэсыфэкІэ ныом сызэригъэхьарамыщтыгъэмкІэ къэсыухыжьын.

«Сыда бзылъфыгъэрэ хъулъфыгъэрэ яззфэшъыпкъэ Колэс зыфытеІункІэрэр?..– кІохэ зэхъуми, загъэпсэфынэу зепсыхыхэми, нэфшъэгъо шэсыжьыгъоми, игъусэхэм сыд къыраІоми, ариІожьми, игупшысэ зэпагъэущтыгъэми, мы аужырэ мазэм мызэу-мытІоу ежь Къоданэ къылъыІэсыгъэ гумэкІмэ упчІэм иджэуап арепхы.– Чэчанэрэ Айнарэрэ азыфагу къыдэтэджэрэ Іофым зыгорэкІэ Колэс щыгъуазэу егъэгумэкІмэ шІэ? Мэщыкъо зесэІокІым, ышыпхъу Анисэт хагъэкІуакІэ шІошІи, щхыпцІыгъагъэ. Шыупащэ сфеІошъугъэп. Рампэс гощэшхом зэхихмэ, гукъэуитІум аухын... Чэчан ащ фэдэу РэдэдкІэ къычІэкІыжьын Іоу сшІагъэп. Гъогу тыкъытехьаным ыпэкІэ ишъэогъукІэ зэрэмызафэр зесэІом, пшъашъэм псэлъыхъуабэ зэрэфызэблэкІырэр уижъышъхьэм пщыгъупшэжьыгъа ыІуи, къысфидзыжьыгъагъ... Ары шъхьакІэ, нэпэнчъ, мощ фэдэ лІыжъ Іушым ипхъорэлъф, шъэогъум фэпсэлъыхъох нахь, ащ фэдэ рашІэрэп! Рэдэдыпщым иІоф ухыгъахэу къымыгъэзэжьыщтэу, тэри хьаулыеу, джа къызэрэсэпІуагъэу, тежьагъэу къыпшІошІымэ, ухэукъо... Колэс мы Іофым зыгорэ хешІыкІы, егъэгумэкІы. Арымырымэ тэтэркон икъэбар сыд тапашъхьэ къызфырихьагъэр? Къытыригъэзэжьы икъугъ. ХешІыкІы, егъэгумэкІы...»

– Iэнэпэ хыблыгури зэгъокIы,– Колэс къыIуагъ.– Iофыр зэрэхъурэмкIэ Феодос тыкIощт. Ащ илъэс псаум къошъо ин гъэIагъэмэ уцу щашIэрэп.

– Тумтэкъашъэ тыдэхьан фае хъущт,– зэрэфэмыер Темрыкъо игущыIэ къыхэщыгъ.

– Тыдахьэмэ, Тумтэкъашъэ дэс цIыф жъугъэм такъыхэщынэп,– зэгорэм хъэзармэ, етIанэ русичмэ аIыгъ къалэм игугъу Къодани къышIыгъ, къыпигъэхъожьыгъ: – ТимышIуми, Къэншъауи ащ дэс...

– Ари тэрэз,– Колэс тIуми адырегъаштэ,– ау тыкъежьэным ыпэкIэ зэдэтштагъэр шъущыгъупшэжьыгъэмэ, шъугу къэсэгъэкIыжьы: Iэнапэ хым тыщимыкIмэ, шъуитIу яз онэшхэр зэкIещэжьых. ФеодоскIэ тыкIомэ, тигъогу нахь кIыхьэ мэхъушъ, сыдэу тшIын, ащ фэдэ чIыпIэ тифагъ, шитIур хъарджыпхъэ тэшIы, ящэнэрэм егъэзэжьы.

Ящэнэрэ шыур ежь зыфихьыжьэу Къодан ышъо къыпычъыгъ. ЗызэнэIуасэхэм щегъэжьагъэу къызэремыджэгъэ цIэр къырииIозэ, Колэс къеупчIыгъ:

– Сыд, сикIал, къыохъулIагъэр?

– Нахьыжъмэ нахьыкIэр аIофтэу хабзэшъ, укъызэрэзблэмыIэбыкIыщтыр къызгурыIуагъ, Колэс,– зэнэгуещтыгъэр занкIэу Къоданэ къыIуагъ.

– ХьакIуцумэ зэраIоу,– Колэс тхьагъэпцIышъоу щхыпцIыгъэ,– къытэбгъэфагъ. Мыщ фэдэ Iофым нахьыкIэ-нахьыжъ иIэп. Ау тыкъызыщежьэгъэ мафэм щыублагъэу зэрэозгъэгъэзэжьыщт лъэIу гумэкI къыпфысиIэу сыпщэгугъышъ, Къодан, ухэукъуагъэп.

– Уихьылъэ сихьылъэ, тхьамэтэ маф.

– Пшъэ къислъхьащтыр хыгъошъоп. КъэшъошIэжьмэ, тыкъызызэдэшэс пчэдыжьым сыгу къыдэчъыщтыгъэп. ТыкъэзгъэкIотэгъэ шыухэми сипхъорэлъф Чэчанэ ахэтыгъэп. Сыушъэфынэп чэтэнчъэу сшъхьэ зэрэшIуахыщт Iоф горэмкIэ а пчэдыжьым сипхъорэлъф сыкъызэхишIыкIыгъэп.

– КъызгурыIуагъ, тхьамэтэ маф,– лIыжъыр зыгъэгумэкIыщтыгъэм ылъапсэ къызиубытыгъэр бэшIагъэу, ыпшъэ къыралъхьэрэр ежь нэбгыритIум азыфагу, зыми римыгъашIэу, къыдигъэнэжьы Къоданэ шIоигъуагъ шъхьакIэ, Колэс ыдагъэп:

– Зышъхьэ къырамыхыгъэ Iофыр IофыкIэ слъытэрэпышъ, Темрыкъуи хымэп, къыбгурыIуагъэм ыцIэ къеIу.



– Даур тхьамыкIэм ышыпхъуштын тызэрыгущыIэрэр, Колэс,– джыри Къоданэ Iофым ышъхьэ къырихыгъапэп.

– Ори ащ ущыгъуаза?

– Сэри а IофымкIэ Чэчанэ сыдэгущыIэгъагъ.

– Сыд адэ къыуиIуагъэр? – джы нахь мэкъэ гупсэфкIэ Колэс къэупчIагъ.

– Къэгубжыгъагъ...– лIыжъым тенэгуикIмэ, къыраIуагъэр шIуиушъэфызэ, гугъэпIэ гущыIэкIэ Къоданэ псынкIэу къыухыжьыгъ,– ау езгъэгупшысагъэу къысщыхъугъ.

– Уинасыпти, сипхъорэлъф нэпэнчъ, кIасэу зэхэсхыгъэу гъогу сыкъытехьагъ...– Колэс гъумтIымыгъэ, ардэдэми зыкъиишIэжьыгъ: – Ащтэу къыпщыхъугъэмэ дэгъу, Къодан. Джыри зэ шъудэгущыI, къэдгъэзэжьыфэ мыхъун ешъумыгъашI, зынэ кIэзгъэплъагъэу зыфаIогъэ пшъэшъэжъыеми шъуеушъый, гущыIэ зэритыгъагъэм пэмыплъэжьышъоу сыд шъыу къехъулIагъэр... Чылэр егъасэ, ипхъорэлъф фэгъэсэжьрэп цIыфмэ яжъугъаIоу Къосэгъу сшъхьэ щышIуяшъумыгъэх. Джары, Темрыкъу, зэхэпхыгъэ къытэхъулIэрэр...

Ятэ зэрэIэкIэмыкIодагъэр зышIошъ мыхъущтыгъэ Чэчанэ пае къыраIощтыгъэм Темрыкъо шъхьэр дигъэсысыщтыгъэ нахь, шIукIи, екIи тегущыIэнэу фэягъэп...

Колэсыдыхэр Тумтэкъашъэ дэхьагъэхэп. Русич жэкIэф горэм зыпэкIафэхэм, шы пэпчъ дышъэ тIурытIу къазыретым, едэуагъэхэп. Пантикапей хы зэпырыкIыпIэм дэжьи бэрэ Iутыгъэхэп, апэ къесылIэгъэ къошъо гъэIагъэм чIыпIэ щагъотыгъ.

Къуашъор инэплъэгъу чIэкIодэжьыфэ, ыгурэ ыпсэрэ афимытыжьэу, мэфэ заулэм зыкIыгъугъэ нахьыжъитIум Къоданэ акIэлъыплъагъ. Ыгуи афэгъумэ, яхъуапсэзэ зэшэсыжьым, шым елъэдэкъауи, Къэншъау зыдэс Тумтэкъашъэ лъэныкъомкIэ ригъэгъэзагъ. Лъэхъу цIыкIукIэ чъэщтыгъэ шым ошIэ-дэмышIэу жэдаIи зырыригъэтIагъ, егупшысагъ, елъэдэкъэожьыгъ...

## IV

НэтIае нэф мышъэу Турабэ дэжь къэчъагъ:

– Узфыщылъыр сыд? Къэтэдж!

– ГумэкIыгъо щыIа?

– ГушӀуагъо! Джа узэӀазэу зэдатшӀэрэр нычэпэ къэхъублэблагъ...– НэтӀае зыфэӀэжэжьырэп, ынэкӀушъхьэмэ къахехы.

– Ар гушӀогъо къодыеп, НэтӀай!..– ардэдэм Турабэ инэплъэгъу стырмэ Дэхапсэ къахэтэджыкӀыгъ, гур зыгъэтакъоу, шъхьэр зыгъэунэзэрэ фэбэпсым ыӀэпкъ-лъэпкъхэри къызэпичъыхьагъэх.– Ар гушӀогъо къодыеп, НэтӀай...– джыри нахь мэкъэ шъабэкӀэ къыкӀиӀотыкӀыжьыгъ, етӀанэ къыфидзыгъ: – Моу сшъхьэщыкӀи, сыкъэгъэтэдж! – Зыкъишӏэжьи, ытамэхэр еуфэхыгъэу адырэ унэм чӀахьэрэм нахь шъырыт-гъэшӀуабзэкӀэ риӀокӀыгъ: – Сищыд цӀыкӀуи псы емыгъашъу, Ӏусынчъэ... ЗысэтхьакӀыфэ зыгорэ фэпшӀагъэмэ, НэтӀай, псапэ къэпхьыни...

– Джыдэд, сыд ащ ифэӀо-фашӀ,– НэтӀаий шӀуфашӀэм фэкӀэщыгъуаеу унэм икӀыгъ.

Турабэ фэпагъэу, бгырыпхым чатэри пышӀэжьыгъэу, пэӀошхори шъхьарысэу зыплъэгъукӀэ, ибытыгъэ щыгъынмэ ахэкӀуакӀэу лъышъо тео. Ар ыкӀыбыкӀэ укъимыкӀымэ ары. Джыдэдэм тхы пцӀэнэ шъхьэ упсыгъакӀ, етӀани шъхьэшыгу якӀэр ыжэкӀэ-пэкӀэ шӀуцӀэмэ къахэлэлэжьэу, лъэпцӀэ-лъэгу пӀуакӀэкӀэ пӀэм къыхэтӀысыкӀыгъэр узиджагъом елъэгъу зэраӀу. Ау ежь аущтэу зэплъыжьыщтыгъэп. Джы НэтӀае пае къыгъэнагъ нахь, къызытэджыжьыкӀэ зыпыплъыхьажьызэ, джэхэшъогур зытӀо-зыщэ рикӀукӀыщтыгъэ, шъхьаныгъупчъэм Ӏууцоти, пчэдыжьыпэ дунаим зэпэгэкӀыжьызэ хаплъэщтыгъэ, ежь идагъо зыдимышӀэжьэу дагъо горэ зыхигъотэрэ илэгъумэ е нэмыкӀмэ акӀэнакӀэу зыӀущхыпцӀэжьыщтыгъэ.

Ахэр зэкӀэ ДэхапсэкӀэ шъхьэм къыфечъагъэм щигъэгъупшэу, Турабэ псынкӀэу зифэпагъ, ынэгу псы чъыӀэ кӀикӀагъ.

«НэтӀае зэриӀорэм иӀоф тетмэ, ежь сшӀэрэп, ау ар сэркӀэ дэгъу,– Турабэ гушӀом зэрехьэ, зэригъапцӀэри щымыгъупшэу мэщхыпцы.– Тхьэмэ сызэрафелъэӀурэм изакъопщтын, уц лъапсэр зыхэзгъэжъукӀыгъэ псым зэрезгъашъорэми ишӀуагъэ къакӀощтын... Мафэм бжьынышъхьищ зэрезгъэшхырэр? Адэ ары, цӀыфмэ амыуплъэкӀугъэрэ амышӀэрэ щыӀэп!.. Охътэ лые блигъэкӀы хъущтэп. Дэхапсэ дэжь орэчъи, игушӀуагъо ререӀу. Сэри, къысиӀуагъэм фэшъыпкъэжьыщтымэ, нычхьапэ сыфыкъокӀын. Арэп, сыд сэӀо джы нэс НэтӀае къакъырым чӀишӀыхьэрэр?..» – Турабэ зипхъуати, унэм ичъыгъ, къакъырым зычӀэлъадэм, тхьэ нахь зымышӀэу псы щалъэр щыдым къыдезыхьакӀырэ НэтӀае гъэшӀэгъо нэгукӀэ къыӀуплъагъ.

– Сыд псэушъхь мыр, псы щалъэр ыпашъхьэ зизгъэуцокӀэ, мыцӀышъу къысфешӀмэ сшӀэрэп, ыпхэкӀ къысфегъазэ.

– Ыуж икӀ...– Турабэ къэгузэжъуагъ, етӀанэ шӀомыӀоф фэдэу къакъырым къычӀэкӀыжьызэ, зэриӀокӀыгъ: – НекӀо, мэкъу тӀэкӀуи, пси ептыгъэмэ ары... Щыдхэр, анахьэу бзыхэр, къаигъэх, мыцӀышъушылэх...

– Аущтэу аӀоу сэри зэхэсхыгъэ, ау мыщ фэдэ сырихьылӀагъэп,– НэтӀае зыпыутхыпкӀыхьажьызэ, Турабэ ыуж итэу къакъырым къычӀэкӀыжьыгъ.

– НэтӀай! – Турабэ ибытыгъэ ыуж итым шӀуегъэбылъы пӀонэу, ошӀэ-дэмышӀэу зыкъызэригъэзэкӀыгъ.– Дэхапсэ дэжь укӀощт, уигушӀуагъуи епӀощт.

– Джыдэди?

– УзтегупсэфыкӀын Ӏофэп къыбдэхъугъэр. Джыдэд!

– Ар оӀомэ, боу сыкӀон, згъэгушӀон тхьамыкӀэр!..– НэтӀае къызӀуипхъотыгъэ къодыеу, ымакъэ къышӀуефэхыжьыгъ.– Ары шъхьакӀэ, Тураб, бжьын шъхьэшхо зысшхыгъэр бэшӀагъэп.

– Бжьын пшхыгъа?..– Турабэ егъэшӀагъоми къыфимыдэми умышӀэнэу нэбэ-набэу Ӏуплъэзэ щхыгъэ, ушъхьагъу дэгъукӀэ щыдыбзым ыпхэкӀ къызэрэфигъазэщтыгъэр тырицӀэлэжьыгъ: – Бжьын шъхьэшхо пшхыгъэу щыдым ышъхьэ къыпфигъэзэнэп... КъызэрэомышъутырыгъэмкӀи гушӀо... Ашъыу, бжьын пшхыгъэмэ гъэшӀэгъона, Дэхапси егъэшх, нахь къыпфэчаныщт, чэм лъакъо шкӀэ ыукӀырэп зэраӀоу, шъузэгурыӀожьыщт... КӀо, кӀо, пӀэ фабэм къыхэкӀыжьыгъэ къодый ар. Фэбабз, ӀэшӀупс...

Турабэ идунэе тетыкӀэкӀэ, иныкъо-тыкъуагъэкӀэ гукӀэгъу зыфашӀырэмэ афэдагъэми, ыгу фэгъуми ежь игугъэпӀэ тӀэкӀуи зыщимыгъэгъупшэзэ, гу зэригъэшӀыгъэ НэтӀае кӀэлъыплъагъ. ПлӀэӀу пытэ ищыгъэкӀэ инэплъэгъу кӀэкӀотрэм ошӀэ-дэмышӀэуи ыгу фыпыузыкӀыгъ.

«Адэ джары,– шъхьэр ыгъэсысыгъ,– сэ зысэухыжьы шъхьакӀэ, мо кӀэлъэкӀоныкӀырэ лӀы къэбзэшхор сэщ нахьи бэкӀэ нахь тхьамыкӀ... ЛӀыр зыгъэлӀырэ закъор тхьэмэ

къызыуамытыкӀэ, шъхьэ Ӏэтыгъэм, пкъы ищыгъэм, нэпэшӀуагъэм сыд къарыкӀыжьырэр?.. Мыхъу зыщыхъурэм щыӀэныгъэр тазыфагу дэзгъэлъын гъусэ горэ, Ӏаеми дахэми, бзылъфыгъацӀэ ыхьэу сэ дунаим тезгъотэн слъэкӀыщт. Моры? ШыфэлӀэ къелӀыхыжь хакӀом ар фэд... Сыд шъхьэзэкъо мыгъуагъа, ныкъо-тыкъуагъа узэгупшысэрэр, Тураб! – зыфэгубжыжьы, зэушъыижьы: – Пшъхьэ Ӏэты, гъашӀо, гъэлъапӀэ, уакӀыбкӀэ къыщыохьылъэкӀырэр тхьэфэшӀ-шӀушӀэкӀэ ягъашт. Плъэгъурэба, бетэмал, дунаим дэгъончъэ зэрэтемытыр, зыфэныкъор еушъэфы нахь, щыкӀагъэ зимыӀэ ащ къытехъорэп...»

КъэӀугъэ макъэм Турабэ зэригъэплъэкӀыгъ. Къакъырыпчъэ Ӏухыгъэм щыдым иӀой макъэ къызыдэӀукӀым, ыгукӀэ егыигъ: «Ы-ы, шъхьэшхожъ, сыкъычӀэуупхъукӀы пэтыгъ. Дэгъу хъугъэ НэтӀае ыуж кӀэкӀэу къакъырым сызэрэкӀуагъэр, игъом къычӀэсщыжьыгъ... Джы сэ зэрэсӀоу зэкӀэ зыхъукӀэ, мо Ӏаер сищыкӀэгъэжьыщтэп... ау зыгорэкӀэ НэтӀае зэрэзыщыгугъыжьырэр къыдэхъоу ишъузыгъэм зиштэжьыкӀэ, сэры хэкӀуадэрэр... Хьау шъыу, ащ фэдэ хъун ылъэкӀыщтэп, бжьын езгъэшхыгъэкӀэ, уцыпс горэм езгъэшъуагъэкӀэ, зэрэщымытыгъэу хъужьыщта? Мары, пчыхьэр къэсмэ, къэлъэгъон, Дэхапсэ зэрэӀуплъэу къыхэхьэгъэ лъэкӀэу къыщыхъурэр кӀодыжьыщт, бзылъфыгъэр ары НэтӀае тхьамыкӀэр къэзыцӀыцӀырэр, гущтэ фишӀыгъэшъ, зэмзэмыпс ебгъэшъуагъэкӀи, ишӀуагъэ къекӀыжьыщтэп...»

Ежь-ежьырэу зэушъыижьмэ зигъэчэфызэ, гур къызфыдищэежьыщтыгъэми, Турабэ унэм ихьажьы шӀоигъуагъэп. Сыда ихьажьыкӀи, ришӀыхьащтыр? ИгугъэпӀэ-гушӀуагъо тӀэкӀу-тӀэкӀузэ щагум дэт бжыхьэ шхъуантӀэм фэдэу къэучъыӀы, къушъхьэ къогъумэ закъозыушъэфэрэ пчыхьэшъхьапэу къэушӀункӀы. Турабэ зеплъыхьэ: онджэкъмэ Ӏугъор къарехы, гъунэгъухэми, пэчыжьэхэми ялъытыгъэмэ, ежь иер ары зыӀу Ӏугъожьэу ошъогум зычӀэзыушъафэрэр. «Сыд сызыфыщытыр! – Турабэ зыфэгубжыжьыгъ.– Зионджэкъ Ӏугъо къиурэмэ, чылэр къыздэзгъэхьащхэу, санахь мыгъуа! ПӀашъхьэ дэщаий, угу теӀункӀэжь, уиджэныкъо машӀо кӀэшӀыхь, дунаим узэрэтетыри, узэрэщыщыри, тхьэмэ узэрялӀыкӀори зыгу къыпфэшӀу-къыпфэмышӀуи ягъэлъэгъу. Уилъхъонч лэпс щыуан пымылъэгъэщтми, мэлыко щымыгъэжъэщтми, шъончъэ-тхьамыкӀашъор уионджэкъ зышъхьащыт унэм зыми къытыремыгъашт».



Турабэ унэм зехьажым, тыгъужъышъо къэптаныр зыщидзи, ыӀапшъэхэр дищэягъ, паӀом къычӀэзыгъэ якӀэ гъэчэрэгъугъэр зэкӀоцӀищыхьи, шъхьэшыгу ышӀыжьыгъ, яжьэм къычӀиупхъукӀыжьыгъэ жъокумэ остыгъэе упсафэхэр затырелъхьэм, машӀо бзыймэ зыкъапхъотагъ, акӀыӀу ышӀыгъэ пхъэ гъугъэмэ якӀыкӀыкӀ макъи джэныкъом къыдэӀукӀыгъ. «Тэри тызэрэцӀыфыр сиоңджэкъ къеплъырэмэ арэшӀ,– Турабэ имэшӀо шыгъэ гукӀэ къыхигъэкуукӀыгъ, жэкӀэ-пэкӀэ мыкӀырыр къызэлъигъэнэфыгъ. СышъхьэзакъомэгъэшӀэгъона, тхьэхэр сигъусэх. Фыгу пӀастэ сымышӀышъунэу, лы такъыр сфэмыгъэжъэнэу хэти къызщерэмыгъэхъу...» – щагумкӀэ къиӀукӀыгъэ джэмакъэм Турабэ игупшысэхэр зэпигъэугъ.

– Тураб! – джыри нахь лъэшэу джэмакъэр къэӀугъ.

– Ора сэӀо, Чэчан?! – къэлапчъэм Ӏутыр Турабэ ышӀэжьыгъ, егыигъ: – Сыд укъызфыдэмыхьэрэр?

– Сыкъыдахьэми хъущтыгъэ, ау сэгузажъо, усищыкӀагъ.

– Сэ бэмэ сырящыкӀагъ... Ау оркӀэ, Чэчан, сыдигъуи сыхьазыр, сыкъэдаӀо.

– Тятэ зыщымыӀэжьыр гъэ пшӀыкӀутф хъугъэшъ, былымышъхьэ горэм ыпсэ фэдгъэгъу тшӀоигъу.

– Ар дэгъу, тхьэмэ ягопэщт.

– Адэ арба тянэ уадэжь сыкъызфигъэкӀуагъэр... Тхьэмэ ялӀыкӀо Турабэ къэшъумыщэу, тхьэ тырешъумыгъаӀоу былымым шъунэзгъэсыщтэп еӀо.

– Тхьаегъэпсэу уянэ сызэрэщымыгъупшагъэмкӀэ,– Турабэ зэхихыгъэр игопагъэми, гыекӀэ къыухыжьыгъ: – Шъуянэ нахь Ӏушэу, тхьэмэ шӀошъхъуныгъэ афыриӀэу къычӀэкӀыгъ. Ным аущтэу ыӀуагъэмэ, гукӀэ дебгъаштэу укъысфэкӀуагъэмэ, Чэчан, джыдэд. Моу сиджэныкъо машӀо зыгорэ къеспэсынышъ, сыкъэкӀощт.

– Зыкъэмыгъэгужъу, Тураб.

– Хэт къежъугъэблэгъагъэхэр? – къэлапчъэм ӀукӀыжьырэм Турабэ лъыджагъ.

– Былымыпсэр зыгъэгъущт Агъбан...

– Ы-ы! – зыцӀэ зэхихыгъэр ыгъэшӀагъоу Турабэ къыхэкуукӀыгъ, Чэчанэ къыригъэжьагъэр къыригъэухыгъэп.– СшӀэрэп, Чэчан, ащ фэдэ ӀофкӀэ Агъбанэ угу къэзгъэкӀыгъэр нахь, а лӀым фэмычэфхэу зымафэ тхьэмэ къысаӀокӀыгъагъ... ЕпӀогъаха?

Чэчанэ ышъо къызэокIыгъ, ымакъи къефэхыгъ:
– ЕсIогъэ къодыеп, къязгъэщэгъах.
– Агъбанэ сыгу ебгъэрэп, ау, укъысэупчIыжьыгъэмэ, ар озгъэшIэщтыгъэп.
– Хэт ышIагъа… Агъбан зэогъукIэ былымым ыпсэ Iуехышъ ары.
– Ащ зи къесIуалIэрэп, ау зигугъу тшIырэр тхьэмэ шIу замылъэгъукIэ, сыд пае ащ фэдэ Iоф ыпшъэ итлъхьан… УмыгумэкI, Чэчан, сэ ащ зыгорэ къеспэсыщт… Хэт пIуагъа джыри къебгъэблэгъагъэхэр? – Агъбан ыцIэ фэшъхьаф зэхимыхыгъэми, Тураб къэупчIагъ, «шъуфэхъу-шъуфэмыхъуми садэжь шъукъэчъэ, сышъуищыкIагъ» ыIозэ, гукIэ щхыпцIыгъэ.
– Мэщыкъуи, ТIатIыхъуи, тятэ илэгъу нэбгырэ зыщыплIи къезгъэблэгъагъ. Хьэблэ бзылъфыгъэхэри къыхязгъэщыгъэх.
– Рампэс, Шыупащ?
– Пщы щагур згъэгумэкIынэу сыфэягъэп, Тураб.
– Тхьэмэ апашъхьэ тызиуцокIэ, ахэмэ сэ зыр арышъ ялIыкIор, ар къысэшъумыпэсмэ, къышъуфадэнэп, лые хэшъухын, пщы-гуащэ иIэп, зэкIэри зэфэдэ. Ахэри къэрэкIох. ЧылакIэмкIэ Хьэкъарэдыхэми афэпIопщыгъэмэ дэгъугъэ. Бгъотынэп нахь, НэтIайи хэмыныгъэмэ игопэщтыгъэ.
– Ащи моу джыдэдэм сыIукIагъ, есIуагъ.
– Сыдэущтэу зыкъыпфишIыгъ?
– Сыдэущтэу зыкъысфишIын, Iоф цIыкIу горэ зэрефэшъ, къызэриухэу къытхэхьажьынэу сыкъигъэгугъагъ.
– КIэлэ бын зыгъашхэрэм фэдэу НэтIае зыгорэм къырефэкI зэпыт,– гугъуемылIышъоу Турабэ щхыпцIызэ къыIуагъ, ишъэф къыIэкIэIуагъэмэ зэригъэшIэнэу кIэупчIэжьыгъ: – Сыд шъуIуа зыуж итыр?
– ГушIопсым зэрехьэти, «сыд» зысэIом, «етIан» ыIуагъ, къызэплъэкIыжьыгъэп.
«Дэгъоу къыуишIагъ…– Турабэ игуапэу джыри гукIэ щхыпцIыгъэ.– Ори тэбгъашIэрэп нахь, шъэф Iаджи зеохьэ… Зымафэ оркIэ зэхэсхыгъэр шъыпкъэмэ, РэдэдкIэ уцIыфэп. Зыми укъимыубытыжьэу сыд къыохъулIагъэр? БзылъфыгъэцIыкIум зеогъэлIылIэ, гу къызфебгъэшI пшIоигъоу шъэогъур псаужьэп оIо, лъежьэгъэ уятэжъ къыгъэзэжьыфэ уемыжэу узфэе макъэр зыкIэкIэогъэIукIы. Ар емыкIу. Рампэси, Шыупащи, Мэщыкъуи, сэри, джа симышIу Агъбани зэрахэтыжьэу, къыпфэтыдэнэп. Къосэгъухэр?..»
– Адэ, Чэчан, сыдэу пшIын, НэтIайи тэщ фэд, цIыфы, ари гушIуагъо горэм зэрефэу къычIэкIын. Iофы зезгъэшIымэ, ащ ишъэфи, нэмыкIмэ яшъэфи тхьэмэ джыдэдэм къысаIонэу чIыпIэ сит. Уфаемэ, Чэчан,– чэум иадырабгъукIэ щытым ынэмэ акIаплъэзэ, Турабэ къыIуагъ,– НэтIае зыгъэгумэкIырэмкIи о узгъэгумэкIырэмкIи сяупчIын…
– Хьау, хьау, Тураб!..– Чэчанэ ынэхэр зэтеплъхэу къэгузэжъуагъ, къызэрэкIуагъэмкIэ кIэгъожьыщтыгъэми, зыпашъхьэ итым ыгу ыщэфыгъ: – ЗыцIэ къепIуагъэмэ сэ макъэ язгъэIун. УкъызщыкIорэр типIалъэу тыкъыожэн.
– Сыд пае имыщыкIэгъэ уахътэ тедгъэшIэн, хьазыр шъуззэрэхъоу къэшъуIопщ, тхьэмэ сырягъусэу тыкъышъуфэкIон, ау ти Тхьэшхо-Тыгъэ щэджэгъуанэм къызиуцощтым шъуепэсакIу. Ащ нэс сищыд щэгъогогъо къэджэщтышъ, ящэнэрэм титхьэлъэIу блэдгъэкIы хъущтэп.
Чэум Турабэ къызкIэрэкIыжьым, нахь лъэпэлъагэ хъугъэ фэдэу къызщыхъужьыгъ. Iугъо пIуакIэр къызэрихырэ онджэкъымкIи дэплъыягъ, Дэхапсэ зыдэщыIэ псыIушъомкIи игумэкI-гугъапIэ ымыгъэплъэн ылъэкIыгъэп. А лъэныкъомкIэ кIэлъэкIонықIыщтыгъэ НэтIае насыпышIори ынэгу къыкIэтэджэжьыгъ. Чэчан нэмыIэмэ, ащ ытэмэ ефэхыгъэхэр инэплъэгъу хэкIыщтыгъэп.
«Джары Чэчанэ фэдэхэу сыкъизымыдзэхэрэм узэрадэзекIон фаер,– Турабэ зиIажэщтыгъэми, игухьа-гужъыгъэ плъыр-стырыгъэ къытекIозэ ыIуагъ, ыгу жьы дигъэкIэу лъэгуц кIэсэнри ыгъэсысыгъ.– Шъозгъэлъэгъущт сэ Турабэ мыскъарэ шъушIыщтмэ! Ори ары, Дэхапс! Уадэжь сыпщэмэ, мыр шIэ, мор къаштэ пIозэ, сызнэмыгъэсэу узфаер сэбгъэшIэнэу укъысщымыгугъ! СыкъыпфыкъомыкIмэ, укъысфалIэу, сыплъэгъумэ, зэ укъызнэсыгъот пIоу, укIэзэзэу узисымышIыхьэкIэ, сы Турабэп! Шъори ары, Хьакъэрэжъыр, Шэныбэжъыр, сятэ тхьамыкIэр къышъуфэзгъэгъугъэу сытIысыжьыгъэкIэ шъумыгугъ. ЗыкIуачIэ рыкъэирэ Нахьлъэш цIэплъыри сапашъхьи, шъуапашъхьи Iордэгъазэ зыщисымышIыхьэкIэ…»
Щыуан зышъхьащымыт джэныкъо машIом Турабэ зыпэтIысхьажьым, игупшысэмэ джыри зыкъытыратэкъожьыгъ. Бэмэ анэсыгъ, аблэкIыгъ, къыгъэзэжьыгъ, икIэры-

кӀэуи атыригъэзэжьыгъ: «Дунай жъалым тызтетыр, хэти зэрэщыӀэшъу. Къушъхьэ-мэз чъыгмэ якъэкӀыкӀэ-псэукӀэ яхьщырых цӀыфымэ ядунэе тетыкӀи. Зы чъыгыр зэнкӀабз, ищыгъ, адырэр Ӏонтӏагъэ, къуанщэ... нэмыкӀыри къушъхьэ цакӀэм дэчъэягъэу изакъоу къеплъыхы... Ащ ехъуапсэрэм къыгурэӀуа шъуӀуа зыпэӀут жьыбгъэм тхыщэ зэришӀырэр, лъэгапӀэм ышъхьэ зэригъэуназэрэр?.. Шъукъысэхъопсэнэуи шъугу къысэгъунэуи сыфаеп. Цӏыф пчъагъэр имыкъу зэхъум, тхьэмэ анэ аупӀыцӀи, сыкъагъэхъугъэу шъоӀомэ, джа тхьэ дэдэхэм анэкӀэ, мары Чэчанэ фэмыхъоу садэжь къэчъагъ, шъукъызэзгъэплъын. Сыжъалымэп сэ... санэӀу щышъуӀорэр сакӀыб щышъумыӀожьызэ, сыгу имылъ Ӏаджи къысфижъугъэхьагъ, сызэрэшъухэтыщт шӀыкӀэмрэ уасэ къызэрэсфэшъушӀыщтымрэ сяжъугъэгупшысагъ... Сэ сызщыщынэрэ пстэури – чэщым ишъэфи, мафэм иошӀэ-дэмышӀагъи, шыблэм игуихи, къушъхьэм икъыгоуи, машӀом итхьамыкӀагъуи, огъум игъабли, чӀыгум исыси шъоркӀэ щынагъо орэхъух!..» – Турабэ щымысышъоу джэныкъом Ӏутэджыкӏыгъ, зекӀо чыжьэ ежьэщт фэдэу ипаӀуи икъэптани зыщилъэжьыгъ, ичатэ зыпылъ бгырыпхыри тырилъхьажьыгъ.

ГумэкӀ хэт зыхъукӀэ, зэришӀ хабзэу Турабэ шъхьангъупчъэм Ӏухьагъ, унэ кӀыбым пхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыг заулэу ятэ дигъэтӀысхьэгъагъэхэр инэплъэгъу къыкӀэуцуагъэх. «Муары, мохэри зэфэдэхэп,– джэныкъом дэс зэхъум зэгупшысэщтыгъэр Турабэ къыушыхьатыжьыгъ.– Мо къыпцӀэ чъыг ищыгъэм къыпыкӀэрэр, игъо къэсыгъэмикъэмысыгъэми, хафэ, дыдж зэпыт. ГъэшӀэгъоныр, сянэ цӀэцӀалэ ар икӀэсагъ. Модырэр? – Турабэ ӀугушӀукӀыгъ.– Къутамэхэмкӏэ чӀыгум зытезыубгъорэ къыпцӀэ чъыг фэбытышъор? Ащ кӀэхьан щыӀэп, къыпыкӀэрэр сыдигъокӀи пӀупс къыригъачъэу, ӀэшӀу. Тяти икӀэсагъ, сэри сикӀас... КъаӀо джы ахэмэ япӀолӀэщтыр...»

Щыдым иятӀонэрэ Ӏой макъэ къакъырымкӀэ къиӀукӀыгъ.

«КӀэмыгъожьыгъэхэмэ,– Турабэ ыӀуагъ,– тхьэлъэӀу зышӀырэ Чэчанэ ишэс икъэсыгъу. Колэс дэсыгъэмэ, ащ фэсымышӀэн щыӀэп, сэр-сэрэу сыкъэкӀони, шъузгъэнэтӀупцӀэныеп. Ащ игъогу техьакӀи апэрэ мафэм щегъэжьагъэу къезгъэкӀугъэп. Нахьлъэш цӀэплъыр ары зэкӀэри зилажьэр. Рэдэдыпщым лъыхъущтмэ пащэ сафэшъушӀ, Темрыкъуи сищыкӀагъэп ыӀо зэхъум, Колэс ымыдэу, сэрышъ хыкӀыб гъогум щыгъуазэр ыӀуи Темрыкъорэ Къоданэрэ ицыхьэ ателъэу зыдырищэжьагъэх. Ягъогу псынкӀэ афашӀынэу сызилӀыкӀо тхьэмэ сялъэӀу,– Турабэ зыфигъэӀужьыщтыгъэ «ТхьэлӀыкӀор» джы нахьыпэрэм фэмыдэу ышӀошъ зыфигъэхъужьэу ыӀуагъ. ТӀэкӀу тешӀагъэу, ытхьакӀумэхэр щагумкӀэ кӀэгъэзыкӀыгъагъэхэми, зыфэшӀушӀэжьыгъ: – ГунэкӀэу къысажэрэмэ сахэхьанэп, чъыӀэми, орэчъыӀэ, лы такъыр горэ зыӀуслъхьан. Сыдигъуа мохэмэ яли зыжъоштыр?..»

– Ӏулъхьэр счыишъхьэ ежъугъэхы хъущтыгъэба! – зажэщтыгъэм игуапэу фызыщылъэтыгъэми, цӀацӀэ фэдэ зишӀыгъэми, Турабэ хьазырыпсэу унэм икӀыгъ, къэлапчъэм Ӏутым риӀуагъ: – Ора сэӀо, Адышэс? СыкъэдаӀо.

– ТхьэлъэӀупӀэм сыкъырагъэкӀыгъ, къыожэх.

– Шъухьазырмэ, дэгъу, ау укъэзыӀофтагъэмэ тхьэмэ ялӀыкӀо ящыкӀагъэмэ, ощ нахьыжъитӀу горэмэ уакъырагъэгъусэн фэягъ, усшӀокӀалэу, укъысэмыпэсыгъэу къызщымыгъэхъу, сшынахьыкӀ. Ау джары тхьэлӀыкӀомэ уазэрэфыщытын фаер. Арымырмэ, ахэмэ алъэгъу, ашӀэ, шъуауджэгъущт. Джыри кӀасэп, гъэзэжьи, джыдэдэм сыкъэшэсыщтышъ, Чэчанэ нахьыжъ горэ игъусэу чылэ гъунэм къыщыспэгъокӀынэу сфеӀожь.

Адышэс фагъэпытагъэр ышӀошъ хъугъэу зыӀолъэтыжьым, щыдыбзыр зычӀэт къакъырыпчъэм Тураб егъэукӀуи, ионэш хьазыр къычӀищызэ, зышӀомыдэеу зыфиӀожьыгъ: «Джары ахэмэ уасэ къызэрэзыфябгъэшӀыщтыри зызэрэзыдябгъэшӀэжьын фаери!..»

Чэчанэрэ Агъбанэрэ къызэрэпэгъокӀыгъэхэр арэп Тураб шӀогъэшӀэгъоныгъэр, зымафэ зыгъэтхьаусхэгъэгъэ Агъбанэ джы къыфэчэфэу къызэрэӀугушӀощтыгъэр ары. «Мыщи фэшъуашэр езгъэгъотыгъ, зыкъезгъэшӀэжьыгъ» – Турабэ гукӀэ ыӀомэ щхыпцӀызэ, тхьэлъэӀупӀэм къыщыпаплъэхэрэр къызэрэпэгъокӀыщтхэм егъапэ. Ау ини, цӀыкӀуи якъэплъакӀэкӀэ зэрящыкӀагъэр зэхишӀагъ, зэхихыгъэри игопагъ:

– Тхьэмэ ялӀыкӀо ишы ӀупӀэ шъуубыти, къежъугъэпсых.

«НэтӀая сэӀо ар зымакъэр?..– Къэджагъэр Турабэ ышӀэжьыгъ, Мэщыкъо дэжь щытэуи ылъэгъугъ, зишы ӀупӀэрэ лъэрыгъырэ даӀыгъэу къырагъэпсыхыщтыгъэр гукӀэ шъэогъум фэрэзагъ: – Тхьауегъэпсэу, лӀэу укъычӀэкӀыгъ.

Сыдэущтэу уздэзгъэкIуагъэр къыппэгъокIыгъ шъуIуа?.. Садэжь къэмыгъэзэжьэу мыщ укъызэрэчъагъэр мыхэмэ апашъхьэ къысфябгъэшIагъэмкIэ къыпфэсэгъэгъужьы... ЕсIуагъэр зэкIэ Чэчанэ ыгъэцэкIагъ, цIыфыбэ къыригъэблэгъагъ. Хьакъари, Шэныби муары. Нахьлъэша сэIо апшъэкIэ щытыр?.. Рампэс гуащэри, Шыупащи ячIыпIэмэ арыслъагъорэп... Айнар? Анысэт? Ахэри муарых, бзылъфыгъэмэ ахэтых, пэкIэ зэфэшъхьафкIэ зэрэзэпэIудзыгъэхэр апэрэу сэлъэгъу... ГъэшIэгъонхэр Мэзыбэ къыдэхъухьанхэу, Къосэгъу къихъухьанхэу къысщэхъу... Джары, Колэс, зимафэ мэфишъэ хъун, сэ гъогу утесымыгъахьэ зыкIысшIоигъуагъэр...» – Турабэ ыIомэ, тхьэмэ зэрялIыкIор зэкIэми агуригъаIозэ, быгъур зэпхыгъэ чIыпIэм, шыихъ чъыгаем пэмычыжьэу, екIолIагъ. Зылъакъохэр пхыгъэхэу нэбгыриплIымэ аIэжэрэ былымым ынатIэ нэсыгъ, ыбжъакъомэ Iэ ащифагъ, къыкIэрыкIыжьи, шыихъ чъыгым итыгъэуапIэ къутамэ горэм нэсыгъ, псынкIэу зыкъызэригъэзэкIи, ыIэхэр диIэтаехэзэ, зижьыщэгъу зэхэзымыхыжьыщтыгъэ цIыфмэ къяджагъ: – Тхьэшхом тежъугъэлъэIу, сызилIыкIо тхьэхэми шъукъызэхахыщт, къасIорэр къыкIэшъуIотыкIыжь. Мы былымым ыпсэ о пцIэкIэ Чэчанэ ятэу зэпщэлIэжьыгъэм фэтэгъэгъу, унэшIу щыф, зэгъэгупсэфылI. Тэ тыгухэри гъэшIух, ти Тхьэшху, гъэгупсэфых, уиогъуи, гъабли, уичIыгусыси, уиощх мышIуи уиджынапцIэхэми, уимэзылI нэзакъуи, зыгу къытфэмышIу пстэуми тащыухъум!..– Турабэ ыIитIу дэгъэчъэягъэу тхьэмэ ялъэIузэ, бзылъфыгъэхэм зафычIэплъым, зыIэ псыгъо дахэхэр Iэтыгъэ Дэхапсэ ахилъэгъуагъ. Ардэдэм ыгу къэушъэбызэ, зыфыримыкъун фэбэпсым зыкъыригъэшIагъэми, къызхимыгъэщэу, ымакъи нахь чан кIэхъукIыгъ.– Тихъулъфыгъэхэми тибзылъфыгъэхэми азыфагу гузэфэшIу дэгъэлъ, яIуи, яшIи зэтегъафэх, шIу зэрэгъэлъэгъух... Тикъосэгъупщ Рэдэди зэрэпсаур къысаIошъ, мары зэхэохы, лIыкIо сызфэпшIыгъэмэ афэсэIопщыжьы, зиджагъомэ анэ рябгъэкIыжьызэ, къытхэпхьажьынэу тыолъэIу. Мы былымым ыпсэ зыфэдгъэгъурэм шIу фэшI, тэри тыхэмын. Амин шъуIо!.. Джы, Агъбан, былымыр зиемэ къыуапэсыгъэшъ, ыпсэ гъэгъу.

Лы фэбэ такъыр зыIумыфагъэ къэмынэу, быгъушъхьэмрэ шъомрэ чъыгэе шыихъым икъутамэмэ апышIагъэу щэджэгъоужмэ адэжь тхьэлъэIушIхэр чылэм къэкIожьыгъэх.

ТхьэлъэIушIмэ ащыщхэм Турабэ зыкъырагъэлъэгъу, гущыIэгъу къашIы ашIоигъуагъэти, езгъэблагъэрэм тхьэуегъэпсэу риIомэ, ишыбгъу сэмэгукIэ къыгоуцорэм зэрэгузажъорэр ригъашIэзэ, унэм къызэсыжьыхэм, НэтIай къыриIуагъ:

– СыпфэгушIо, Тураб, тхьэмэ узэрялIыкIор непэ мэзыбэмэ къагурыIуагъ...– шыIупIэ-лъэрыгъ убыт шъхьэкIафэкIэ зэрырагъэпсыхыгъэм ежь ишIогъэ тIэкIу зэрэхэлъыр къыригъэIонэу фэягъ шъхьакIэ, зэхихыгъэр нэмыкI:

– СызилIыкIо тхьэмэ мэзыбэмэ салъагъэIэсыгъэшъ ары... Непэ бзылъфыгъэмэ Дэхапсэ ахэтыгъэ фэдэу къысщыхъугъ...

– Ахэтыгъэ къодыя, Тураб,– НэтIае зыфэIэжэжьыгъэп,– къахэжъыукIыщтыгъ!

– Ныпчэдыжь шъузэфэзагъэба?

– Гъогум тыщызэIукIагъэти, зыфыхэсэгъэпсым, дунаир фимыкъужьэу тхьамыкIэр гушIуагъэ. Нычхьапэ къыкъокI къысиIуагъ.

– Ара?..– Турабэ зэхихыгъэм ыгу зыкъыригъэпхъотагъ, етIанэ къызхимыгъэщэу къыIуагъ: – Мы Iофым, НэтIай, удэмыгузажъу... Ащ джыри уиIоф нэсыгъэкIэ сыгугъэрэп. УкъысэдэIущтмэ, нычхьапи, неущ пчыхьи, къэкIощт мафэхэми Дэхапсэ дэжь узгъэкIощтэп. Нахь кIуачIэ къыозытыщт уц горэм тхьэмэ сынаIэ тырысагъэдзагъэшъ, ащ мэфэ заулэ узезгъашъокIэ ары. Сэ къыосIощт.

– Аущтэу оIомэ, Тураб, боу сыкъыодэIун. Сэ стелъ тхьамыкIагъор тхьэмэ алъыIэсыгъэмэ...

– Тхьэмэ яшIэ зыхэмылъ щыIэп. Ахэр угу илъэу ори шъуадэжь кIожь, сэри непэ сыпшъыгъ, тIэкIу зызгъэпсэфын...

Пчыхьэшъхьэ мэзахэм Дэхапсэ иостыгъэ зыхелъэгъукIым, Турабэ гушIуагъэ.

– Хэт ар? – пчъэм фытеуагъэм Дэхапсэ мэкъэ гохькIэ къыпэджэжьыгъ.

– Сэры. Тураб ары, псынкIаIо.

– Сыд гузэжъогъуа, тхьакъысауи, узхэфагъэр? – мэкъэ псыгъо IэшIоу гущтэ тIэкIу зыхэлъымкIэ къэупчIэзэ, непэрэ тхьэлъэIури ынэгу къыкIэуцожьэу, пчъэр къыфыIуихыгъ,

зажэри ыушъэфыгъэп: – Ныпчэдыжь къысфэбгъэчъэгъэгъэ НэтӀай тхьамыкӀэр ары сшӀошыгъ…

– Ары, Дэхапс, ары,– дырегъаштэ,– ау тхьэхэр зыфаехэр нэмыкӀ, остыгъэр гъэкӀуасэ, ахэмэ ацӀэкӀэ уадэжь сыкъэкӀуагъ… Моу мы пщыгъыр зыщых.

– Ы-ы! Ащ фэдэ мэхъуа, Тураб!..– Дэхапсэ зэкӀэщтагъэу къыхэкуукӀыгъ, Ӏэгушъуитӏур ыӀупэ Ӏуилъхьагъ.

– Зэхэпхырэба тхьэмэ къыуаӀохэрэр? – Турабэ бзылъфыгъэм нахь тегушхуагъ.

– Сыд аӀорэр?! – Дэхапсэ кӀэзэзэу ригъэжьагъ.– СшӀэгущэрэп, зыгорэ зэхэсэхы фэд…

– Зэхэохымэ, джары… Сэ сиӀонрэ сишӀэнрэ сшӀагъэ… ощ фэдэ бзылъфыгъэ дэхэшхом ыӀаблэ сысэу слъэгъунэу сыфаеп…– Турабэ зыкъызэригъэзэкӀи, унэм къикӀыжьынэу ежьагъ.

– Тураб, къэуцу!..– Дэхапсэ остыгъэм епщагъ, «сэ къысхэфэгъэ пстэумэ ори уахэфэн, тхьэмэ укъысфагъэкӀуагъэмэ, Ӏэблэсыс зязгъэшӀынэп» ыӀомэ, гукӀэ зэрэцӀацӀэрэми щыщынэжьызэ, щыгъыр зыщигъэзыгъ, пӀэкӀор макъи къэӀугъ, къэджагъ:– Узфыщысыр сыд, къакӀо моу!..

ГуӀэ-кӀэзэзым хэтэу Турабэ бзылъфыгъэм зышъхьэрэхьэм адырэм ыӀитӀу къыпигъэуцуи, зэтыриӀэжагъ:

– Хьау, Тураб, джанэри ары, зыпари къызщымын… Орырэ сэрырэ тхьэмэ къыташӀагъэр непэ тагъашӀэрэм нахь укӀытагъоп… Тыкъызагъэхъугъэри зы маф, тызщагъэлӀэжьыщтыри хэт ышӀэра…– пхъэ пӀэкӀорым ицӀэцӀэ макъэ заулэрэ къэӀугъэу, Дэхапсэ ӀапӀ пытэкӀэ Турабэ ытх къипш зыӀэкӀикъузи, Ӏупэжь фэбэ гугъэткӀукӀэ ытхьакӀумэ иӀушъэшъагъ: – А Тураб, а сыпсэм фэд, сыдэу улъэш… устыр… уӀэшӀу…

## V

Шъхьак Ӏом гу уегъэшӀы.

Рэдэд къехъулӀэгъэ шъхьакӀом хэгупшысыхьажьы къэс, гужъыягъэр ӀуигъэзыкӀыти, зы мафи, зы чэщи гукӀэ, псэкӀэ Къосэгъу щымыӀэу къыхигъэкӀыщтыгъэп, шъхьафит зызэришӀыжьыщт гугъэм зэлъиӀыгъэу игъэрыпӀэ къин зэпичыщтыгъэ.

Джы Рэдэд ынапӀэхэр зэтелъэу щысызэ, янэ Рампэс гугъум хэтэу нэшхъэй ӀуплъэкӀэ ынэгу къыкӀэуцуагъ. Айнари укӀытэм ыхьэу ащ ыкӀыб къыдэплъы. Гопэгъум зэридзэзэ, Рэдэд мыжъо дэпкъым зыкъыкӀэрищэикӀыгъ, ынапӀэхэр къыӀэтыгъ, щымысыжьышъоу лъэхъу пшъэхъур къыздиӀэтызэ, гъучӀ хъагъэр зыхэлъ шъхьаныгъупчъэ бгъузэмкӀэ дэплъыягъ. Нэм къыкӀидзэгъэ ошъо ӀапӀэр лъагэ, къабзэ, жъогъо заулэ къэлъагъо. Ахэр къызхэжъыукӀырэ ошъочэпэ лъэныкъомкӀэ зыфэпэӀэпчъэ Къосэгъур щыӀэу къыщэхъу.

«Сыд шъуӀуа хэгъэгу Ӏофэу есхыыжьэгъагъэр къосэгъумэ зынагъэсыгъэр? – зэупчӀыжьыгъ Рэдэд.– Колэс ылъэкӀ къызэримыгъэнэщтымкӀэ сицыхьэ телъ… ау сахэмытыжьэу… СшынахьыкӀи изакъу, зыщымыщмэ сыдэу ахэхъухьэра? Сышъхьарытыжьэпышъ, ыпшъэ иӀэбэнхэри къыкъокӀыщтых, Хьакъарэ, Нахьлъэш цӀэплъыжъым фэдэхэр. А Нахьлъэши!.. Сэ ащ къысишӀагъэр стыкъын лъы итэу фэзгъэгъунэп! СкӀуачӀэкӀи, силъэкӀыкӀи сызэтеуцуагъэу саригъэлъэхъагъ… Хэт етӀани ар къысезгъэшӀагъэр? Аспарыхъу!.. Дунаир щхэнрэкӀэ гъэнрэкӀэ зэхэлъы ГъучӀыпсэдыхэм аӀо зыхъукӀэ, сшӀогъэшӀэгъонщтыгъ. Еплъ сэ къысэхъулӀагъэм, ины сыхъумэ, сшъхьэ къэсӀэтмэ, сятэ ылъ сшӀэжьыщт, сянэш Къэншъау гъэрыпӀэм къисщыжьыщт сӀозэ, хымэ хэгъэгу сахьыгъэу сыщагъэбанэ… Адэ джары, зэо ужым Ӏэбжым щыпшӀыжьыкӀэ, пкӀэ иӀэжьэп. Синасыпмэ, мэфэ заулэкӀэ бэнакӀо сыздащэщт Салоникэ а лӀы шӀуцӀэ кӀочӀэшху зыфаӀорэм сытекӀон. Джащыгъум Панатидэ шъхьафит сишӀыжьынэу сыкъигъэгугъагъ. Шъыпкъэ, ар гущыӀэ къодый. Мо нэе-псыежъым хэт ышӀэра етӀани къыугупшысыщтыр… Ар ыӀозэ, Константинополи, нэмыкӀ къалэхэми, чӀыпӀэхэми, къыслъатырэ уасэр шӀомакӀэу, а зы мафэм щэ-плӀэ сащигъэбанэу къыхэкӀыгъ…»

ОшӀэ-дэмышӀэ жъогъохэчъым Рэдэд къыкӀигъащти, къыпыустхъукӀыщтыгъэ мэшӀотхъуабзэм ынэ ригъэупӀыцӀагъ. «Джыри дунаим цӀыф ехыжьыгъ» Турабэ зэриӀощтыгъэри ыгу къэкӀыжьыгъ. Ежь зыфихьыжьызэ шъхьэм къыфечъагъэми къыхигъэкуукӀыгъ: «Арэп, а лӀы шӀуцӀэшхор къыстекӀомэ?! Ащыгъум си Къосэгъу хэгъэгуи, илъэс пчъагъэм згъашӀоу сыгу илъыгъэ гухэлъхэри пкӀэнчъэ мэхъу, сянэ тхьамыкӀэми сыӀуплъэжьыщтэп, Айнари иӀупэщх дахэ къыспигъохыжьыщтэп. Хьау, хьау, ащ фэдэ хъун ылъэкӀыщтэп, титхьэхэми адэнэп. Сыд илъэшыгъэми, а лӀы

шIуцIэми титхьэмэ сытырагъэкIон, Панатиди игущыIэ епцIыжьына?.. Сыдэущтэу хъуми, хьалъэкъуиплIыкIэ сыкIожьыщтми, сихэгъэгу згъэзэжьын фай, ащ нэмыкI гугъи, гупшыси сшъхьэ къизгъахьэ хъущтэп!..»

Рэдэд гукIэ пшъыгъэу джы нэс IитIукIэ ыIыгъыгъэ лъэхъу пшъэхъур ритIупщэхыжьыгъ, шъхьаныгъупчъэм къыIукIыжьи, мыжъо пIэкIор лъахъчэм телъ пIэм зыхигъэкIагъ. ГущыIэ макъэхэр, кузэкIэт щэрэхъ цыргъыхэр къыздиIукIыщтыгъэ урам лъэныкъомкIэ дэIуагъэ.

«Пчыхьэпэ зэхаомэ адэжь одыджын жъгъыу зэпэджэжьмэ зэлъаугъоигъэгъэ цIыфхэр чылысым къекIыжьых,— ыIуагъ Рэдэд.— Мыхэмэ ядинрэ тэ тидинрэ зэтефэхэрэп. Пчэдыжьми, щэджагъоми, пчыхьашъхьэми Панатидэ чылыскIэ зэджэрэ унэшхом макIо, иунагъуи зыдещэ. КъызыкIожьхэкIэ, къысфычIэмыхьэу къыхэкIырэпышъ, тхьэлъэIупIэм тыщыIагъ, титхьэ ыпашъхьэ титыгъ, ынэшIу къытщыфэнэу телъэIугъ ыIозэ, сапашъхьэ къащ къыщехьы... Зы тхьэ нахь уимыIэу сыдэущтэу дунаим утетыщта?.. Мыхэмэ ялъытыгъэмэ, тэ зэрэдунаеу титхьэ. Унэмэ зарытшIыхьэу, тыкъэзылъэгъурэ, тызэхэзымыхрэ тымышIэу тхьэ телъэIурэп. Мафэ къэс тэ ти Тхьэ уашъом къытфехьэ, инэфынэ къытхапсэ, тыкъегъэфабэ, пщэмэ акъотми, тызщигъэгъупшэрэп, зигъэпсэфынэу ошъо къуапэм зыкъохьажькIи, жъуагъохэр къызэтэкъокIыгъэ мазэр лIыкIо къытфешIы, чIыгумкIэ къытфиIопщыгъэ тхьэ пчъагъэмэ, тызэрэпсэурэм елъытыгъэу анаIэ къыттырагъэты, загъорэ, зыкъытагъэшIэжьызэ, къытфэгубжыхэуи къыхэкIы».

Гупшысэ зэпеомэ Рэдэд джыри гукIэ Къосэгъу къадзыжьыгъ. Къушъхьэ шыгухэр, нэмэ афэмыплъэкIырэ мэз зэпыIукIотхэр, шъоф зэикIхэр, пырэжъыяlъэхэр, къамылылъэхэр, IэрышI Iошъхьэ хъурэе зэпэIудзыгъэхэр, хъупIэмэ арытэкъогъэ былымхэр, иощхымэ, ишыблэ гъуагъомэ, ипсы къиугъэмэ ащыкIэкIыжьэу ынэгу къыкIэуцуагъэх. Ардэдэм ежь зыдишIэжьыщтыгъэм фэшъхьаф ошIэ-дэмышIэ кIочIэ лъэш горэм Рэдэд къызщигъэтIысыкIыгъ, пшъэхъу лъэхъуми, зэрышIыхьэгъэ мыжъо унэм игъучIыпчъэ-шъхьаныгъупчъэхэми къаубытыжьыщтыгъэп...

«Икъунба моущтэу сызэкIоцIыпхагъэу сызэрэщысыр!.. Титхьэхэми сыкъызэхашIыкIы хъущтба, сыда мыхъунэу сшIагъэр!..— гукIэ Рэдэд хэкуукIи, тхьэхэмкIэ шъхьэм къыфечъагъэм къыкIигъэщтэжьыгъ: — СшIэрэп ныIа... Мыхъун зесхьагъэу зыдэсшIэжьырэп. Тхьэ нахь сымышIэу сыпсэузэ, сигъогупэ чатэ къыщысфэзыIэтыгъэмэ, зыкъэсыухъумэжьызэ, сичатэ апэсымыIэтыжьыгъэмэ... Хьакъардыхэр армэ, ялажьэ зыдашIэжьи, къытэшIужьыгъэх. ХьакIуцухэм шIу нэмыкI сыгу афилъыгъэп, Даур зипэщэгъэ лIыкIохэмкIэ къыташIагъэр зыпкъ къикIыгъэхэм ятшIэжьыгъ. Араб щакIохэм гъогупкIэ къаIысхи, къясымыгъэухъумэхэу тичIыгу зэрэраукIыхьагъэхэр армэ шIэ? Ахэми сыкъыздахьыгъэм фэдэу, Ислъам-Хьаджэм къызэрэтфиIуатэщтыгъэу, псау шъуIуа а тхьамыкIэр, зы тхьэ яI. Ау ахэри ятхьэхэмкIэ зэпыих аIуагъ... Чэчанрэ сэрырэ Шыупащэ къызтетхыжьыгъэ хъэзар шыур шъэожъыем зэредгъэукIыгъагъэр арымэ шIэ?.. Ахэми тхьэ зэфэшъхьафхэр яIэх. Ахэмэ якъэбар Колэсрэ Темрыкъорэ яхьакIэщмэ къащызыIуатэщтыгъэр Думитрэ урымыр ары. Арэп, а лIы Iушыр мы лъэныкъор арба зыщыщыр? Сыдэу игугъу ашIэу зэхэсымыхыра? Мыщ сыкъызэрахьыгъэр ышIагъэмэ, ежьыри талъэныкъокIэ чIыпIэ къин Iаджи щифагъ, ишIуагъэ къысигъэкIыщтыгъэ...— Джыри ошIэ-дэмышIэу Рэдэд къыкIэщтэжьыгъ: — НэмыкIытхьэхэр сшъхьэ къызэризгъахьэрэр титхьэмэ къысфадэщта?!»

Панатидэ чылысым къызикIыжьыкIэ, пасэми, кIасэми лIы ухъумэкIо инищыр ыпэ итэу Рэдэд къылъихьэу ихэбзагъэми, нычхьапэ къэлъэгъуагъэп. Ар зыфихьыщтыр ымышIэу, тIэкIу тешIэ къэси нахь ыгъапэу, джы къэмыкIомэ джы къэкIо ыIозэ, заулэрэ щысыгъ. КъэкIожьыгъэп ыIонти, хьэ къэрэгъулитIур щагум щаригъэтIупщызэ, ымакъэ зызэхихыгъэр тIэкIу шIагъэ. «Къерэмыхь фаеми...— Рэдэд ыIощтыгъэми, ушъхьагъу къыфигъотызэ, шэны зэрэфэхъугъэу, ыгу зыгъэIасэщтыгъэ шъхьаныгъупчъэм кIэрыхьагъ: — Е ыгу шIоп, е зыгорэ къыдэхъугъэп... Адэ джары дунаир дэгъу закIэкIэ зэхэлъыгъэмэ, сэри хымэ хэгъэгу сыкъахьыныеп... Хэти ежь итхьэ ыгу илъын фае, зыщигъэгъупшэ хъущтэп. Загъорэ пIощтыгъэхэр къисымыдзэщтыгъэхэми, Тураб, титхьэхэмкIэ узаф, мыхъун осIуагъэми, осшIагъэми къысфэгъэгъу, ау АйнаркIэ узэрэмытэрэзыгъэр, блэкIыгъэ Iоф нахь мышIэми, къыосIон, сшыпхъу цIыкIум фэдэщт къызэрэсэпIогъагъэри сщыгъупшэжьырэп. Чэчанрэ сэрырэ

тызэрэмышІэу Айнарэрэ Анысэтрэкlэ тызэрэзэдэгущыІэ-гъагъэр дэгъу хъугъэ. Угу зызэфимыхыкІэ, узэшъэогъу шъыпкъэми, уазыфагу зыгорэ къыдэмыхьан ылъэкІыщтэп. Джы тызэпэІапчъэми, щэІагъэ зыхагъэлъынба, пшъэшъэ-жъыитІумкІэ сыгумэкІыжьырэп. Ау хэт ышІэра къэхъу-щтыр…» — шІур тыригъакІозэ ренэу Іуигъэзыкlыщтыгъэ цыхьэмышІыныр етІани къышІудэоежьыгъ.

ЗынитІу мэзахэм къыхэцІыукІызэ шъхьаныгъупчъэ лъапсэм итэу къыдэплъыещтыгъэ хьэшхом игъыргъыргъ макъэ Рэдэд зыкъыригъэшІэжьыгъ: «Ора сэІо? — Рэдэд хьэм фэгубжыным ычІыпІэ щхыпцІыгъэ, етІанэ, чэщрэ зэрэдэгущыІэ хабзэу, зиухыижьзэ, егыигъ: — Сэ сызэ-гупшысэныбэ сиІ шъхьакІэ, укъызэрэспаплъэрэр сэбгъашІэ хъущтба? УкъысэупчІымэ, сиІофхэр джа зэрэщытых. НеущмыкІэ гъогу тытехьащт. Хэгъэгу чыжьэ къыращыгъэ лІы шІуцІэ горэм, Салоникэ къалэм сыщырагъэбэнынэу аІо. Теплъын хъурэм, сытекІомэ, узихьэ Панатидэ ситІуп-щыжьынэу сыкъегъэгугъэ, ау ащ фэдэ цІыфыгъэ хэлъкІэ сыгугъэрэп… СІорэр пшІошъ мыхъоу пцэлышъо текъыгъэу гъыргъыргъ оІо шъхьакІэ, джары тидунай зэрэщытыр… ЦІыфыри, хьэкІэ-къуакІэри изэфэд… ПшІошъ мыхъуми, къыосІон… мары, о лымэ къыпкІаозэ, уиІус укІэхъопсы, сэ укъыспэс пэтзэ, сызыкІэхъопсырэр сишъхьафит гугъапІ…»

Унэ кІыбым къыкъолъэтыгъэ хьэм мыдырэм зыкъы-тыридзи, изэрэутыгъэх, къызщылъэтыжьыгъэх, зэжэхэ-бэнэжьхи, апэрэ лъакъохэмкІэ зызэраусэигъ. Щагум къыдэтэджэгъэ хьэзэрэшхым хъулъфыгъэхэр унэм къы-рищыгъэх, зи къямыхъулІэгъахэ фэдэу хьэхэми акІэ абэкъу дакъузэжьи, заушъэфыжьыгъ.

— Сыд мыщ къыдэхъухьагъэр? — Панатиди унэм къикІыгъ.

— Хьэхэр зэфилъыгъэх,— Рэдэд иухъумакІомэ яз риІожьыгъ.

— Щагум щызэсэгъэ хьэхэр, азыфагу къупшъхьэ дамыдзэмэ, зэбэныжьхэрэп,— Панатидэ къяшъхьэ-пэожьыгъ, къафигъэпытагъ: — КъэшъуухъумэрэмшъуфЭ-сакъ. ШъхьаныгъупчъэмІутын фай, зэ шъуеплъ.

— Муары, къеплъы,— шъхьаныгъупчъэмкІэ ухъумакІом Іапэ ышІыгъ.

— Шъо етІани хьэхэр зэфилъыгъэх шъоІо…— Панатидэ иІофышІэмэ акІэнакІэзэ гъумтІымыгъэ, етІанэ яупчІыгъ: — Тара джы хьитІум язэу тэ къытфэшъыпкъэр?..— раІожьы-щтым пымылъэу, стІупщыжьынэу згъэгугъагъэшъ, сыд фэдэ джынэуз кІуачІэ лІы шІуцІэм хэлъми, зэрэтекІощтым, къатыгъэ ахъщэм ызыщанэ къызэрэсфихьыщтым сицыхьэ телъ, ау ащ ыуж ыІэгушъо зэхэт иоптэгъуагъэ фэдиз дышъэ къызэрезгъэхьыщтым сегупшысэгъах, текІогъэ-темыкІуа-гъэм тырыгущыІэрэп,— къызэІарэтхъ фаеми, аущтэу зыгорэкІэ хъумэ — ызыныкъу, утыгум къикІыжьмэ — ны-къуахь щыІэщтэп, зэкІэри ары, хьаулыеу мазэм къыкІоцІ Салоникэ нэс щэ кІуагъа, зэзгъэныгъэ шъэфэу щадишІы-гъэр ыгу къызэрэкІыжьыгъэр игуапэу урым лІыжъыр унэм ихьажьыгъ.

МэфитІу тешІагъэу, Салоникэ чэщ гъогум зыщытехьа-щтхэ пчыхьапэм, Панатидэ лІыжъыр Рэдэд фычІэхьагъ, ынэмэ акІаплъэзэ, риІуагъ:

— Ухьазырмэ, къыппагъэуцущт лІы шІуцІэм утекІошъу-щтмэ, гъогу тытехьащт.

— Тырамыхыгъэ мышъашъом щыгугъыхэрэп, ау уиІуа-гъэ уемыпцІыжьыщтымэ, лІэныгъэр къыщысажэу сэшІэми, сыхьазыр.

— ЛІэныгъэр пшъхьэ къимыгъахь! — Панатидэ къэ-гузэжъуагъ, псынкІэуи зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: — ЛІэныгъэр агу илъэу гъогу техьэхэрэп. ЛІы шІуцІэр блэбгъуитІумкІэ зыхэбгулІэкІэ къэтхьыщт ахъщэр зыфэдизыр ошІа?

— Загъорэ къапІоу зэхэсэхы, ау слъэгъурэп.

— Къэпхьырэ пэпчъ зы дышъэ зэрэпфэзгъэтІылъыри пшІошъ хъурэба?

— Сыд щыщми, уиджыбэ имылъыр уеп зыІорэр орба?

— Сэры, сэры, ар дэгъоу угу иуубытагъ. ТатекІомэ, плъэгъун уапашъхьэ къистэкъощт хъущэр, джыбэкІэ пфэхьынэп… НекІо, ухьазырмэ, сэри сыхьазыр, тыгухэр изэу гъогу тытехьан.

— КъызэрэпІорэмкІэ, Панатид,— Рэдэд шъорышІыгъэ хэмылъэу щхыпцІыгъэ,— дышъэ хъущэ Къосэгъу зыдэсэ-бгъэхьыщт.

— КъыосІуагъи,— Панатидэ ынэпцэ Іужъу тхъуагъэхэр дидзыягъэх,— Салоникэ тыкъызэрикІыжьырэм елъыты-гъэщт,— уихьадэ щырахынкІэ сенэгуе нахь, гукІэ щхыпцІызэ пигъохыжьыгъ.

– Панатид, гъогу тытехьаным ыпэкӀэ зы гыерэ зы упчӀэрэ къыпфысиӀ.

– Бащэ тэӀоми сшӀэрэп…– Панатидэ ымакъэ къефэхыгъэми, ышъокӀэ къызхимыгъэщэу Костас зэдзэджакӀом фыреплъэкӀыгъ, Рэдэди къыӀугушӀуагъ: – СыкъэдаӀо.

– ТалъэныкъокӀэ къакӀощтыгъэ Думитрэ динлэжьым укӀэупчӀэнэу сыкъэбгъэгугъагъ.

– Ара зыфапӀорэр?..– Панатидэ тхьагъэпцӀ нэплъэгъукӀэ реплъэкӀызэ, Рэдэд къыригъэжьагъэр ӀэкӀихыгъ.– Тэрэзэу уамыгъашхэу, уамыӀыгъэу къысэпӀон сшӀошӀыгъ. БэнакӀор дэгъоу мышхэмэ, бэнэшъуштэп. Мыдырэ уинэӀосэ Думитрэ сыкӀэупчӀагъ, ыцӀэ шъыпкъи, ылъэкъуацӀи, зыщыпсэури къызэзгъэшӀагъ.

– Адэ джы нэс сыдэу къысэмыӀуагъ? – Рэдэд джы игые нахь къыхэщыгъ.

– Сэ шэны сфэхъугъэу зы схэлъышъ, пшӀосыушъэфынэп,– Панатидэ къыӀощтыр зэригуапэр ынэ тхьагъэпцӀышъомэ къакӀэщэу ӀугушӀукӀыгъ,– зишӀуагъэ къысэмыкӀыщтмэ Ӏофы зязгъэшӀырэп. Ау укъызкӀэупчӀагъэм ори сэри ишӀуагъи иягъи къытигъэкӀын ылъэкӀыщтэп, чыжьэ щыӀ.

– Тыда зыдэщыӀэр? – зылъыхъурэр къыгъотыжьыгъэ фэдэу Рэдэд къэупчӀагъ.

– Григоряди Думитрий чиристан динлэжьыр шъуалъэныкъо хыкӀыб Феодосие щэпсэу,– нахь мэкъэ пытэ зэблэхъугъэкӀэ Панатидэ къыӀуагъ, гущыӀэ гугъапӀэхэмкӀи къыфиухыжьыгъ: – Джа титӀо тызэрэзэзгъыгъэу Салоникэ уащытекӀоу шъуадэжь зыбгъэзэжьыкӀэ, зыӀубгъэкӀэн плъэкӀыщт.

– СитекӀоныгъэ бащэрэ урыгущыӀэу къысщэхъу…– шъхьэм къыфихьэщтыгъэ джэнджэшыр Рэдэд къышӀудэоягъ.

«Сыдэущтэу зыкъысфишӀыра мыщ!..– Панатидэ зэхихыгъэм къыхыригъэхыгъ.– Сэра ежьра пшъэхъу зытелъыр, дышъэ пчъагъэ зыфатыгъэр? «Унэ къыкӀэбгъаплъэрэр унэ къыкӀэӀабэ» урымымэ зыфаӀорэр шъыпкъэ. Сэ атезгъакӀо сшӀоигъоу сеубзэ, ежь ибэнапкӀэ щыщ зэрэфэзгъэтӀылъырэр ышӀошъ хъурэп, къыкӀэупчӀэ. Угъашхэрэба, уафапэрэба, ухъумэкӀо лӀищыр, зэдзэкӀакӀор ягъусэжьэу, къыбдаӀыгъба? Зы хьэм ычӀыпӀэкӀэ хьэшхуитӀу зыдаӀыгъэыр орба?.. «СитекӀоныгъэ бащэрэ урэгущыӀэ…» Ащ сэ симыгъэапэмэ, хэт ыгъэпэщтыр! Убанэ зыхъукӀэ, къыоцакъэхэуи, пӀи, плъакъуи агъэузэуи къыхэкӀы. Ахэр зыгъэхъужьырэм хэт ыпкӀэ езытырэр?.. Укъызысщэфыгъэм щегъэжьагъэу Ӏогъу-шӀэгъу усшӀынэу сыфэягъэп шъхьакӀэ, нэпх зыӀыгъым уфэд, лӀыгъэкӀэ сызэощалӀэ… Уиинагъэрэ пкӀуачӀэрэ емылъытыгъэу уӀуш, ау уилъэшыгъ нахь, уиакъыл сищыкӀагъэп сэ!.. Угу зэмыӀугъэ горэ къысфэодзыкӀэ, узгъэпыиныри сэр-сэрэу сиахъщалъэ сыугъоныжьыныри сэркӀэ зышъ, сызэщыпфынэп».

– УитекӀоныгъэ бащэрэ тырэгущыӀэнкӀи мэхъу,– Панатидэ къыфечъэгъэгъэ гупшысэ мышӀухэр ӀуигъэзыкӀхэмэ Рэдэд къыдыригъаштэзэ, ежь зыфаер къыпигъэхъожьыгъ: – Ау узгъэапэрэм утегущыӀэным мыхъун хэслъагъорэп. Уицыхьэ зытелъыжьмэ, оркӀи сэркӀи нахьышӀу. Джы адырэ упчӀэу зыфэпӀуагъэм сыкъедэӀу.

«УкъедэӀун, ау угу рихьынэп…– Рэдэди ежь зэрэфаеу гукӀэ щхыпцӀыгъэ.– Къангъэбылъ укъыздешӀэ пшӀоигъомэ, пшъэхъу лъахъэ къызэрэстеплъхьагъэ пэтзэ, сэри сыбдешӀэжьын… УкъысфэгумэкӀэу, сиӀофмэ уагъапэу зыкъысфэмышӀ. Къэсэбгъэлэжьырэ ахъщэр угу зэрэпымыкӀыщтыри, скӀуачӀэ къыхьыфэ, сыкъыраутыфэ сызэрэбгъэбэнэщтыри сымышӀэу щытэп. Сыздапщэрэм уифедэ щымыӀагъэмэ мазэм къыкӀоцӀ щэ укӀощтыгъэп, ащ нэмыкӀэу етӀани сакӀыбыкӀэ хъор-шэрыгъэ горэ щызеохьэу къысщэхъу. Армырмэ, сыда ситекӀоныгъэрэ сишъхьафитыныгъэрэ уазыфытегущыӀэ зэпытырэр? «Мыщ къыуиӀо пстэури пшӀошъ умыгъэхъу»,– зымафэ гущыӀэ хадзэкӀэ урым зэдзэкӀакӀом къысфидзыгъагъ, джыри нэшӀукӀэ къысэплъы, гуцафэ къызэрэсфашӀын горэ къысимыӀокӀыгъагъот… Мазэ къэс тхьагъэпцӀыжъым зэдзэкӀакӀохэр къегъотых, зыми цыхьэ фишӀырэп…»

– А упчӀэм сэщ нэмыкӀ ыгъапэрэпышъ,– гугъуемылӀ фэдэу Рэдэд къыӀуагъ,– джэуап къемытыжьми хъущт, сыгу къыобгъэщтэп.

Панатидэ лӀыжъыр тхьагъэпцӀэу щхыпцӀыгъэ:

– Сыд фэдиз мылъку уиӀа умыӀуи, узыфаемкӀэ къэупчӀ.

– Уиджыбэ къызэримыхьащтыр пшӀэзэ, уимыем сыд пае укӀэупчӀэн,– Рэдэди джа сэмэркъэу шыкӀэ дэдэмкӀэ къыригъажьи, Панатидэ зэмыжэщтыгъэмкӀэ къыухыжьыгъ:

– Салоникэ къыщытпыщылъ бэнэным узэригъэгумэкІырэм фэдэу сэри мы пшъэхъу лъэхъум сегъэгумэкІы. Сыдигъо цыхьэ къысфэпшІыщт?

– Мылъкур джэуапынчъэ сІозэ, джы сыкъэуубытыгъэкІэ енэгуягъо,– тІэкІурэ щысыгъэу Панатидэ къыІуагъ.– Сэщ нэмыкІ симылъку зыфэдизыр зыми ышІэрэпышъ, ызыныкъу, ызыщан сІогъагъэми хъущтыгъэ, ау укъызкІэупчІагъэм шъхьаихыгъэ джэуап ищыкІагъэшъ, пшІосыушъэфынэп: уишъхьэфитыныгъи уищыІэныгъи Салоникэ утыгум елъытыгъэщт, джащ узэрэщыхъу. Узэбэныщт лІы шІуцІэр кІочІэшху, шъэныкъорэ хырэ Салоникэ щагъэбэнагъэшъ, зэкІэми атекІуагъ, бэнэкІо пшІыкІуир зынимыгъэсэу лъэбгъуогъукІэ риутыгъ.

– ІорІуатэкІэ зэхэпхыгъа, хьаумэ ор шъыпкъэм плъэгъугъа?

– СынитІукІэ сымылъэгъугъэм сырыгущыІэрэп. Салоникэ щэунае сыд сызфэкІуагъэу пшІэрэр? – лІы шІуцІэмкІэ Панатидэ шъыпкъэ къыІощтыгъэмэ, ятІонэрэ бэнэнымкІэ адишІыгъэ зэзэгъыныгъэр ыушъэфызэ къэтэджыжьыгъ: – НекІо, Салоникэ благъэп, зы хы гъогу екъу. Сэ щэн-щэфым сыфэІаз нахь, бэнэн Іофым хэсшІыкІырэ щыІэп, ау узэбэныщт лІы шІуцІэр дэгъончъэпщтын, еслъэгъулІэгъэ тІэкІухэри раІуалІэу зэхэсхыгъэхэри къыпфэсІотэных...– Пчъэм нэсыгъэу Панатидэ, зыгорэ щыгъупшагъэм фэдэу, зыкъызэригъэзэкІыгъ: – УкъызыфысэупчІыгъэ пшъэхъу лъэхъум джы къесІолІэщтым къедэІу. ЛІы шІуцІэм гущтэ езгъэшІынэу лъэхъу пшъэхъукІэ ыпашъхьэ урязгъэщэщтышъ, джыри а зымкІэ щэІагъэ къызхэгъэфэжь...

## VI

Тумтэкъашъэ чыжьэкІэ къэлъэгъуагъ.

«Зигугъу зэхэтхэу, зышъхьэ тымылъэгъуштыгъэр мыра?..– Къоданэ щхыпцІыгъэ нахь, мыщ ыпэкІэ зыфэгуитІугъэм шыр къыфызэтыригъэуцуагъэп, егупшысагъэп.– КъызэсынэкІыгъэ темэнылъэмрэ сыкъызхэкІыгъэ гъуимрэ ялъытыгъэмэ, мы тхышъхьэр нэмыкІ дунай...»

Нэм фэмыплъэкІырэр былым хъупІэ шъофых, сэнэшъхьэ лэжьыпІэх, пхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыгых, ахэмэ къамылышъхьэ чыиф унэ фэкІыхьашъохэр, хъурай теплъэ зиІэхэр къахэщых. Тумтэкъашъэ ушъхьапырыплъымэ, ыкІыбыкІэ, ежьыри хэсыхьэ фэдэу, ошъочапэм хэкІодэжьырэ хыр къэлъагъо. Ныпчэдыжь зыІутыгъэ Пантикапей хы зэпырыкІыпІэм елъытыгъэмэ, къухьэ гъэІэгъэ зэфэшъхьафхэр мыщ Іутых, къыІохьэх, ІокІыжьых, хыбзыухэри щэкІыих, щтэмаох. Къалэм итыгъэкъокІыпІэ гъогу тет лъэсхэри, шыухэри, цукухэри зырызых, тІурытІу-щырыщых, куп-купых. КъопитІукІэ хым еуалІэу Тумтэкъашъэ мыжъо чэу лъагэкІэ къэшІыхьагъ, зышъхьэ гъэІэгъэ къэлэпчъэшхо зэІуубгъукІыгъэм цІыф уІэшыгъэхэр Іутых, ышъхьагъкІэ къеплъыхых. КъыдэкІхэрэмэ апылъхэп, дахьэхэрэм къыздикІхэрэмкІэ яупчІых, хьын-хьылъэхэр ауплъэкІух, уасэ аІахы.

А зэпстэур Къоданэ ищыпэлъэгъоп. Гъэрэу Саркел зыщаІыгъми, джары хъэзархэр зыхэтыгъэхэр, ау непэ фэдэу ащ адыгэ макъи, русич макъи ытхьакІумэ къиІощтыгъэп, урымхэри, генуйхэри, мадьярхэри, нэмыкІ хыкІыб цІыф лъэпкъыхэри, къокІыпІэ лъэныкъомкІэ къикІыщтыгъэ огъуз, араб, перс щэкІо-щэфакІохэр ары умыІощтмэ, щилъэгъущтыгъэхэп, абзи щызэхихыщтыгъэп. Джыдэдэм ынэгу кІэтмэ ялъытыгъэмэ, Саркел дахьэхэрэм ямызакъоу дэкІыжьхэри, пкІэ аІамыхыщтыгъэми, ауплъэкІущтыгъэх, щызэщыхьэхэуи, Іашэр къызэфырапхъотмэ зыщызэзаохэри къыхэкІыщтыгъэх. «СшІэрэп тапэкІэ къэхъущтыр,– ыІуагъ Къоданэ,– ау мыщ щыгупсэф. БлатІупщхэрэр къэлапчъэм дэкІых, бламыгъэкІхэрэм бырсыр къызпагъэкІырэп, къыІокІыжьхэшъ, шымэ къяпсыхых, махъшэхэм хьынхэр атырахы, цукухэр зэкІатІупщых, чэтэн пщыпІэхэр агъаІэх, мыжъо чэум пэІулъэшъогъэ шъоф бэдзэрым ащэщтхэр тырахьэх, тыращэх. Сэ сщэни сІыгъэп, сщэфыни щыІэп, Къэншъао сэрэгъоти, нэмыкІ сыфаеп. Хэт сеупчІын? Хэт къысиІон?..»

Къоданэ бэдзэрым техьагъ. Шыбгъэкlэ цІыфхэр зэІигъэзыкІхэзэ заулэрэ кІуагъэу, къызэтеуцуагъ, зыфаер бэдзэрым щыщэрэм фэдэу зыфиплъыхьагъ, етІанэ ежь-ежьырэу зыдэхьащхыжьыгъ: «Русичыдзэр къытфэзыщэгъагъэм сыд мыщ тыришІыхьащтыр?.. СшІэрэп ныІа, тикъосэгъумэ къырашІагъэр русичмэ къыфамыгъэгъункІи мэхъу. ЕтІани Къэншъао зэзгъэгъотыгъэкІэ, зыгу къытфэмышІум сыда есІощтыр? Хьакъулахь зытешъулъхьагъэу

къышъозымытырэмэ япщ, уипхъорэлъфым тылъэхъу есIощт ара? ЫшIэрэба? Дэгъоу ешIэ, ышыпхъуи, тэри тыкъыридзагъэп нахь... Ар сэIо шъхьакIэ, губжыр зыкIэкIыжьым зыкъишIэжьыгъэнкIи мэхъуба? СшIэрэп, сшIэрэп... Сыда зытегубжыхьащтыр? Сыда фэмыхъурэр? Хъэзармэ гъэрыпIэм щаIыгъыгъэ пае зыщыщмэ сыда ялажьэр... Сэри хъэзармэ сыгу афэплъы, мары, амакъи зэхэсэхы, сынэгуи кIэтых, ау сичатэ къиихыгъэу сахэлъэдэщта?!»

– Къодан, зиунагъо бэгъон, тэ укъикIыгъ?

– Ора, Нахьлъэш? – «тэ къысфизыгъ мыр» Къодан гукIэ ыIуагъ.

– Сэры, сэры! – «сызфэмые мыгъо закъом сыIуфагъ» Нахьлъэш зыфэгубжыжьыгъэми, къызхигъэщыгъэп.– Сыкъызэрэплъэу сыогуцэфагъ. Тэ щыIэх уигъусэхэр?

– IэнапэкIэ хым тикIышъугъэпти, Колэсрэ Темрыкъорэ ФеодоскIэ загъэзагъ.

– Оры?

– Сэ сэкIожьы.

– Уадэхъугъэба?

– Ащ фэдэ Iоф щыIэп.

– Армэ хъун, ау уикъэгъэзэжьыкIэ къызгурыIорэп. Зыгорэ къысшIоoушъэфкIэ сенэгуе, Къодан? – «къыпIуплъыхьэмэ къыпIугушIозэ зишъэф ышъхьэ зыIулIэжьрэмэ ащыщ мыр» Нахьлъэш цIэплъым ыIозэ, зэупчIырэм ынэгу фызэIухыгъагъэми, гукIэ гъумтIымыгъэ, фызэригъэфэжьыгъ: – Къосэгъу хасэм ыушъхьафыгъэ лIыкIуищмэ уащыщышъ, къыослъэгъулIэрэр зыфэсхьын сшIэрэп, сегъапэ.

– Земыгъэгъап, Нахьлъэш,– Iоф зыримыгъэшIэу Къодани риIожьыгъ,– джа зэхэпхыгъэм тиIоф тет. Тызэрэмыгугъагъэу хы икIыпIэр нахь гъогу чыжьэкIэ къэтыухьан фаеу хъугъэти, зыдэтштэгъэ гъогупкIэм тызхэплъэжьым, нахьыжъмэ къысаIуагъэр сэ згъэцэкIагъэ.

– Ары Iолъ...– Нахьлъэш ыгу илъыр къыбгурымыIонэу джаущтэу къыIуи, цыхьэ зыфимышIырэмкIи къэупчIэжьыгъ: – Тэ щыIэх адэ тинахьыжъмэ яонэшхэр? Сыда зыкIыдэмыщэжьхэрэр?

– Ахэри русич горэм етщэхи, гъогупкIэм хэдгъэхъуагъ.

– УзэрэшъыпкъаIор сэшIэми, джыри нахь нэшIукIэ сыкъыоплъыжьыгъ, сишъэогъужъ! – Нахьлъэш къыхэкуукIыгъ, щэфакIохэм ашъхьэхэр къаригъэпхъотагъ, къыIуагъэри къыушыхьатыжьыгъ: – Русич лIыжъ горэм Колэсрэ Темрыкъорэ яшхэр ыIыгъхэу зысэлъэгъум, къызэрищэфыгъэхэр къысиIуагъэми, сшIошъ мыхъоу, сыщыхьэгъагъ... НекIо, армэ къышъохъулагъэр, плъэгъузэ къытесхыжьыщт!

– Хьау, хьау, Нахьлъэш, мышIапхъэ тэмыгъашIэ, зэтщагъэм лажьэ иIэп!

– НекIо заIокIэ, Къодан, некIо. Къытесхыжьыщт сIуагъэ пае ар сшIэна, кIэшъухыгъэм фэдиз еттыжьымэ хъугъэ. Тынэ къаплъэу тинахьыжъмэ яшхэр русич горэм едгъэIыгъынха, сыкъашIэжьыгъэн фай, а шыхэр къызэрэсэплъыщтыгъэхэр... НекIо, ар сигухэлъэу згъэзэжьыгъагъэ. ФэдитIу къыриIолIэщтыми, къэтщэфыжьыщтых! – Нахьлъэш шым елъэдэкъэуагъ.

– Ары шъхьакIэ, сэ сиджыбэ илъ щыIэп,– Къодан зэхихыгъэр игопагъэми, иIоф зытетыр ыушъэфыгъэп, зыуж ихьагъэми фигъэпытагъ: – Зэо-пыджэ къытхахьэ хъущтэп.

– Къодан! – Нахьлъэш къызэджэкIыгъ.– Непа сэIо сызыпшIэрэр. ЕгъэшIэрэ уишъэогъужъ уицыхьэ тегъэлъ. Ар зыфэсшIэщт Колэс сыгу емыбгъэу арэп, Къодан. КъэпшIэжьырэба, сыздэгъэшэс зесэIом, зэримыдэгъагъэр?

– АщкIэ Колэс угу емыгъабгъ, Къосэгъу укъыригъанэ, нахьыкIэмэ унаIэ атырыуигъэты шIоигъуагъ.

– Ар къызгурыIуагъ, ау Рэдэдыпщым ыуж зыфыщтмэ сызэрэхамылъытагъэр сшIошъхьэкIуагъ. Шъыпкъэ, Колэс фэдэ тхьаматэ Iушым фамышIэрэ щыIэп, ау сыфитыгъэмэ, сэщ фэдэ ощ фэдэхэр, Хьакъар-Шэныбэ фэдэхэр щыIэхэу мощ фэдэ хы гъогу хьылъэм тезгъахьэщтыгъэп, хымэ хэгъэгу згъакIощтыгъэп... СшIэрэп нахьыжъитIум ягухэлъыр, мары, уанахьыкIэ пэтзэ, ори ушъхьагъу къыпфагъоти, къыуагъэгъэзэжьыгъ.

– АщкIэ къыбдезгъаштэрэп, Нахьлъэш. Ушъхьагъу Iоф хэлъэп. Ныбжьышхо яIэми, тIуми акIуачIэ из.

– Ары, ары,– гугъуемылIэу къыдыригъаштэмэ иш къэзгъэохъурэмэ икIэпщ атырищаезэ, Нахьлъэш джыри къызэреIокIы,– тэри зыгорэ тынэмэ амылъэгъоу, тичэу гъуанэмэ тадэплъэу тыщысыгъэп. Ау тинахьыжъмэ тыздамыщагъэмэ, сыдэу тшIын, ипщыпIэ иуцогъэгъэ Рэдэд

къагъотыжьынышъ, шІукІэ къытхэхьажьынхэу титхьэмэ тялъэІун.

«Шъуинасыпти, сыкъызышъулъежьэм,– Нахьлъэш цІэплъым ыгушъхьэ зыщишхыхьажьыгъ,– зыжъугъэбзэхи, шъузгъотыгъэп, зышъхьэ егъашІэм къэзымыхьыжьыщт лІыкІо шъусшІыщтыгъ... Хэт зышІагъэр, чъыІэ, кІымаф шъумыІоу, Іэнэпэ гъогур хэшъухыщтмэ? Сэ мыдыкІэ, Колэс тхьагъэпцІыжъым зезгъэгъэдели, Тумтэкъашъэ сыкъэчъагъ. Ежьхэр яшыхэр ащэхэшъ, мыр акІэлъыплъэзэ, ПантикапейкІэ зэпырэсыкІых. Ашъыу, ащи сыІулъэдэгъагъ, Іуслъэгъуагъэхэп нахь. Турабэ бытым иІуагъэу, тхьэмэ амыухэсыгъэмэ, зи къыбдэхъущтэп. Къоданэ зышІозгъэбылъыным ычІыпІэкІэ, сэр-сэрэу натІэкІэ зезгъэутэкІыгъэу къангъэбылъ сызэрэдешІэрэми тхьэмэ яшІэ хэмылъэу щытэпщтын. Къосэгъу рагъэгъэзэжьыгъэмэ, сыда мыр бэдзэрым зыфытетыр? Ахъщэ ымыІыгъэу, зыщимыплъыхьащтмэ, щымынэцІэщтмэ сшІэрэп. Енэгуягъо Іоф горэ зэрефэкІэ. Сыда?..»

Шы щыщ макъэхэм Нахьлъэш къагъэгушІуагъ:

– Зэхэоха, Къодан, тишхэр зэрэшІэжьыгъэх!.. Джары сэ, бэмэ къыздырагъаштэрэп шъхьакІэ, цІыфмэ анахьи хьайуанхэр нахь зэфэгупсэх зыкІасІорэр...– гъумтІымызэ, ыуж итыгъэ Къодани къыпымылъыжьэу, шыонэзэтелъитІур зыщэрэ русич лІыжъым кІэрылъэдагъ, еупчІыгъ: – Тхьапш япІуалІэрэр?

– Дышъэ щырыщ къысаты, сэ плІырыплІ-тфырытф сэІо.

– ПлІа хьауми тфа? – щакІом еупчІызэ, ежь ыбзэкІэ Къоданэ къыфигъэпытагъ: – Сэ сыкъыомыупчІэу о зи къэмыІу.

– ДышъитфыР пшІуабэмэ, плІырэ някъорэ шыонэзэтелъ пэпчъ къэптымэ, тІури уе. СэгуІэ нахь, ащ нахь баІуи мыхэмэ алъыстыгъ,– щэкІо лІыжъым къыпигъэхъожьыгъ.

– Дышъэ тфырытфи, плІырэ някъори алъыптыгъэп! – Нахьлъэш кІэпщ уплІэнкІагъэр фигъэсысзэ, ынэ лІыжъым фыригъэкІыгъ, етІанэ Къоданэ русичыбзэкІэ къеупчІыгъ: – Шы пэпчъ дышъэ тхьапша мыщ къышъуитыгъэр?

– Шы пэпчъ дышъитІу,– Нахьлъэш зыфаер гурыІуагъэу Къодани джэуап къытыжьыгъ.

– Мы шыур къэошІэжьа?



– КъэсэшІэжьи-къэсэмышІэжьи фэд...– лІыжъым ымакъэ къефэхыгъ, ау псынкІэу зыкъишІэжьыгъ: – Сэ къэсщэфыгъэ шыхэр сызэрэфаеу сщэжьынхэ сыфитба? – «Мы къысшъхьэщыуцуагъэмэ шІу агу къысфилъэп, къысэдаоштыгъэ щэфакІохэри ІокІошъыжьых. Хэти ежь ышъхь. Укууагъэкlи, укъызэхахынэп, уныбэ къырагъэугъэкІи, къыппылъынхэп».– ЩхыпцІышъозэ кІилъэшъужьыгъ: – Ары, ары, къосэгъухэр, шъуишхэм анэкІэ мыхэр зэрэшъуехэри, шъущэфыжьхэ зэрэшъушІоигъори къызгурыІуагъ, ау сэ сидышъэхэри сэжъугъэгъотыжьых, мэфэ някъом сазэрэдэулэугъэри къыдэшъулъытагъэмэ, сигопэщтыгъэ.

– Ар Іоф шъхьаф,– Нахьлъэш къыдэхъугъэм зэрэкъогушхукІырэр ымакъэ къыхэщыгъ, зышІомыдэеуи къыпигъэхъожьыгъ: – Тэри тыцІыф мыхъатэу хъэзармэ тафэдэу тыукІэкІо-хъункІакІоу, тыгъэпцІакІоу къызщымыгъэхъу. Аспарыхъу зыфаІорэм игугъу ашІэу зэхэпхыгъа?

– Зэхэсымыхы мэхъуа! Тыгъуасэ Феодос гъэрыпІэм ислъэгъуагъ.

– Гъэрхэр ыщэхэуи?! – Нахьлъэш цІэплъым ышъо къызэокІэу, Колэсдыхэри инэплъэгъу къыхэтаджэхэзэ, гущыІэр ІэкІипхъотыгъ.

– Сыд пай, ежьыр шъыпкъэр зэкІоцІыпхагъэу, гъуахъозэ къухьэм радзэу сырихьылІагъ.

– Ы-ы! – Нахьлъэш зэхихыгъэр игуапэми, имыгуапэми умышІэнэу, къыхэкуукІыгъ.– Плъэгъугъэр Аспарыхъужъыр арымэ, сэ сичІыфи телъ ащ, фэшъуашэр рашІэжьыгъ! ГушІуапкІэ къэпхыгъ, уидышъиплІи ма, огъотыжьы, дышъэ зырызи къесэгъэгъусэжьы. Хэт илІыгъэ къыхьыгъ ар?

– Хэтми,– Къодани щхыпцІыгъэ,– ар езышІагъэр ежь нахь лІыІоу къычІэкІыгъ.

– Сыд фэдэ къухь шъуІуа зэрадзагъэр?..– джау сыдми, ымыгъапэ фэдэу, Нахьлъэш къэупчІэ.– Гу лъыптагъа? Генуя, Константинополя?

– Генуеп, Константинополэп,– русич щэфэкІо лІыжъым гу къызІэпишІыхьажьыгъ,– Урым къухь, Салоникэ ащагъ.

– Ох-ох, Урым ащагъэмэ, сыгу тырагъэпщэхагъ, ащ ращырэм къэгъэзэжь иІэп. Ма джыри, къыостыгъэм зы дышъэ къыгосэгъэхъожьы.

– Сыд сэIо, Нахьлъэш, дышъэр иптэкъухьэу къыохъулIагъэр? – ошIэ-дэмышIэкIэ гъусэ къыфэхъугъэм Къоданэ фидзыгъ.

– Ари тэрэз,– Нахьлъэш зиумысыжьыгъ, ау ишъорышIыгъэ-тхьагъэпцIыгъэ къызхимыгъэщэу къыхэкуукIыгъ: – ЗэхапшIэрэба, Къодан, гушIогъуитIу къызэрэтэхъулIагъэр! НекIо, дгъотыжьыгъэ шымэ аIупIэ къэубыт. Колэс тхьамэтэ мафэм ионэш сэ моу къысIэкIэгъахь. НекIо, шIэх, тытегъэкIыжь...

Бэдзэрыр къызэранэкIи, тIэкIу кIуагъэхэу, Къоданэ къыIуагъ:

– Сэ Тумтэкъашъэ сыдэмыхьэ хъущтэп.

– Сыд дэпшIыхьащт русич къалэм?

– Къэншъао зыIузгъэкIэщт.

– Сыд Iоф дыуиI?

– Къосэгъу Iоф.

– Къытэпыйрэми?..– Нахьлъэш ымакъэ зыкъышIуипхъотагъ, етIанэ зэпыугъо тIэкIукIэ къегыижьыгъ: – Джары, къысфэбдэгъагъэп шъхьакIэ, зыгорэ сшIооушъэфы къызкIыосIогъагъэр... Пщыгъупшэжьыгъа а зигугъу пшIырэм русичхэр заокIэ къызэрэтфищэгъагъэхэр.

– Сщыгъупшэжьыгъэп, ау дгъэпыин нахьи, ыгу илъыр къедгъаIомэ нахьышIу. Хъэзармэ тэ тфэмышIэшъугъэр къязышIэхи, тичIыгу къитIысхьэгъэ русичхэр тэ къызэрэтщыхъоу, хьакIуцумэ къазэрэшIошIэу лIыгъэнчъэхэп. НекIо Къэншъао тыкIэкIэупчIыхьан, русичмэ яIоф зытетыр къызэдгъэшIэн.

«Мыдэ мыщ ыIорэр,– Нахьлъэш зэхихырэр нахь лъэшэу егъэшIагъо,– шъэфрыкIо гор мыр... Зыми ымыгъапэ фэдэу бгъукIэ щытызэ, зэкIэми къалъэгъу. Колэси Темрыкъуи заригъэштагъ, хыкIыбым язгъэхьыгъэ къосэгъупщыми зыгуригъэIогъагъ, Мэщыкъуи, Чэчани, пщы цIыкIу хэхэсри къыфэдэйхэп. Рампэси нэшIукIэ къызэригъэплъыгъ. Чыристан диным бащэрэ урэгущыIэ, титхьэмэ адэрэп ыIозэ, Тураб закъу къегыирэр... Зэ, зэ, ышнахьыкIэ зыIуигъэкIэнэу Рампэс къелъэIугъэна? ПшIэхэнэп ахэмэ ашъхьэ къихьащтыр... Сэ къосэгъушхэр къэсэугъоижьышъ, мыщ нахь мыхъурэм дышъэр иотэкъухьэ къысеIо. Угу зыфэшIум, цыхьэ зыфэпшIырэм укъызигъапцIэкIэ, гъучI бгырыпхыр дышъэ ыIоу къызыпIэкIилъхьэкIэ, етIани хэтэу пшIэра зыкъызэрязгъэгъэзэделагъэр, ормэ уигопэщтыгъа? Сыгу къеорэр Аспарыхъужъыр сапашъхьэ илъэу сыхэуIэмэ згъэпцIымамэзэ, дунаим зэресымыгъэхыжьыгъэр ары. СиIоф хэмылъэу сишъэф зышIэрэ закъом къехъулIагъэри дэеп, узфэтэн гушIуагъу, ау зиш сщэфыжьыгъэ лIыкIохэр зыгорэкIэ ащ пэIуфэхэу сишъэф нафэ къафишIымэ?..» – гущыIэ зэфэдз-къызэфэдзыжькIэ ежь-ежьырэу зызчIигъэогъэ гупшысэм Нахьлъэш игущтэ упчIэ къычIигъэужьыгъ, ар зэрэзыщигъэгъупшэщт ушъхьагъуи къыгъотыгъ:

– О слъэгъурэм, синыбджэгъужъ, пшъэрылъ уиI... Хьау, хьау, сиIоф зыхэмылъмэ сахахьэрэп, къысэмыIу. НэбгыритIум яшъэф ящэнэрэм зишIэкIэ, шъэфыжьэп. О уиIуагъэу, тщымыщмэ ахэхьагъэкIэ, Къэншъауи дгъэпыинэп, хъэзархэр тфызэхэзгъэтэкъогъэ русичхэми нэмыплъ ятхынэп. Мазэ горэкIэ Колэсдыхэм шIукIэ къызамыгъэзэжьыкIэ, Рэдэдыпщыр гу итынэна, сэры шъыпкъэм ауж сихьанкIэ енэгуягъо. ГъусэкIэ сышъухэдэщтмэ, синыбджэгъужъ, зэ моу Къосэгъу къэгъэзэжь о, сыбблэIэбыкIынэп.

– Тхьэуегъэпсэу, Нахьлъэш. Ау тишы лъабжъэхэр зытетхэр къосэгъучIа?

– Ы-ы! СигущыIэкIэ сыплъэхъэжьыгъ, Къодан, сфэшъуаш. ТичIыгу тигупс, ары тызфыщыIэри, тызфэбанэри, къэтыухъумэри. ШIукIэ, синыбджэгъужъ, тичылэжъ тыщызэIокIэжь! – заулэрэ Нахьлъэш кIуагъэу сэмэркъэу зыригъэшIэ, къызэджэкIыжьыгъ: – ЗыгорэкIэ хыкIыб гъогум тызэдытехьэмэ, Колэсыдхэм къыуашIагъэр къызэрэосымышIэщтым уицыхьэ тегъэлъ.

Тумтэкъашъэ къэлэпчъэшхом Къоданэ бэрэ Iуагъэтыгъэп. Къэншъао ыцIэ къызыреIом, дэпкъ зандэм пэIулъэшъогъэ чIы зэпырытIыкIыгъэу псыр зыдизым мыжъо лъэмыджыкIэ шыу гъусэу къыфашIыгъэм зэпырищи, къалэм дащагъ.

«Саркел елъытыгъэмэ,– Къоданэ ынэгу къыкIэтэджагъэр шIогъэшIэгъон,– мыщ чэтэн пщыпIэ гъэIагъэхэр, махъшэхэр, щыдхэр, псыцухэр дэслъагъохэрэп, мыжъо унэ закI. Хьау, муары чэтэн пщыпIэ хъурайхэри, хъэзармэ яунэхэу къычIэкIын, адыкIэ зы чъыг закъуи зэрымыт шъофым щызэпэIутых. Яинагъэ-яцIыкIугъэкIэ зэфэмыдэхэу, гъурыжъышъхьэ-къамылышъхьэ мыжъо унэхэри хыIушъо лъэныкъомкIэ къыщэлъагъох. МымакIэрэ зэрэщызэзэуа-

гъэхэр, машІо къызэрэдэтэджагъэр къэозгъэшІэрэ мыжъо унэ зэхэуагъэхэри дэтых. Пцэжъыемэ хьылъэмрэ хыбзыу зезэрэхьэ кІый макъэхэмрэ шъхьакуцІым къыхэгъуалъхьэх, жьы къыуагъащэрэп.

— ЦІыф лъэпкъ зэфэшъхьафыбэ дэс мыщ,— урамым ызыныкъо акІуфэкІэ къапэкІэфэгъэ цІыфмэ Къоданэ рагъэІуагъ.— Мы дблэкІыгъэитІури къосэгъух, мыхэмэ апэкІэ русичхэри, ясэ-аланхэри, урымхэри, хъэзархэри къытпэкІэфэгъагъэх.

— Генуйхэри, мадьярхэри щэпсэух,— гъусэ къыфашІыгъэ шыум къыпигъэхъожьыгъ, мыжъо унэшхом икъэлэпчъэІу дэжь къыщыуцугъ: — Мыры русич Къэншъау дзэпщым иунэр. Ибайколмэ укъызэхашІыкІыщтмэ, уилъэгъун яІуат, сэ сэгъэзэжьы.

Къэлэпчъэшхом зэуж-зэлъыкІоу лІы уІэшыгъитІу къыдэкІыгъ, язып къэуупчІагъ:

— Сыд уигухэлъ, тыкъэдаІо.

— Къаншъау дзэпщыр силъэгъун. Мэзыбэ сыкъекІы, сцІэр Къодан.

Зэрэмыгугъагъэу Къоданэ иІоф псынкІэ хъугъэ: гугъуемылІ кІэлэшхоу унэм ихьажьыгъэр умышІэжьынэу къилъэтыжьи, шыІупІэ ІыгъкІэ хьакІэр ригъэпсыхыгъ, пчъэшъхьаІум къыфытехьэгъэ лІы од пытэри нэгушІоу къыпэгъокІыгъ:

— Къеблагъ, Къодан, къеблагъ. Уигугъу зэхэсэхы, ау тІэкІу шІагъэ тызэрэзэмылъэгъугъэр…

«Сыда мыщ къыщышІыгъэр? Русичмэ ягъусэу талъэныкъо къызэкІом, боу ынэхэр къытфыригъэкІыщтыгъ, тимышІэжьырэм фэдагъ, джы Іупэ-бзапэ зыкъысфешІы…» — цыхьэмышІ нэчапэкІэ Къоданэ бысымым фычІэплъыгъ.

Къаншъао унэм хьакІэр ригъэблэгъагъ, зырагъэтхьакІыгъ. Къежэщтыгъэхэ фэдэу шхынхэри къыфычІахьэхэу рагъэжьагъ, ежьыри къыпэчІынатІэу къэтІыси, джыри нахь нэгуихыгъэ нэшІукІэ ихьакІэ Іуплъагъ.

— Къосэгъум сиІоф къыщимыкІыгъэми, талъэныкъо ымэ къыскІэбгъэуагъ, Къодан, сыгу хэбгъэхъуагъ,— шъхьакІуи, гукъауи ымакъэ кІэмылъэу Къаншъао къыІуагъ, ІэутІэ псынкІэ къышІи, къыхигъэхъожьыгъ: — КъаІо, къаІо, унэгу къыкІэщы, зыгорэм укъыкІэупчІэ пшІоигъу.

— СыкъэпшІагъ. Тумтэкъашъэ къыбдыдэс къосэгъумэ мэ яІэба? — шы лъабжъэмэ афэгъэхыгъэу пчэдыжь Нахьлъэш риІуагъэр Къоданэ ыгу къэкІыжьыгъ.

— ЯмыІэ мэхъуа, ахэри тэщ фэдэх, зэдэгущыІэхэ хъумэ, сядэІу, сагъатхъэ… ау укъызщыхъугъэм къикІыгъэр хэти фэдэп…— Къаншъао ынапІэхэр ридзыхи, хьылъэу хэщэтыкІыгъ, ыгу къыдихьыягъэр къыІощтмэ е рифыхыжьыщтымэ ымышІэу зэтенагъ: «ЗыкІэсымыгъэзэжьыгъэр есІомэ, сыкъызэхишІыкІыщта, есымыІомэ, сизекІуакІэ къагурымыІоу згъэзэжьын ашІошІэу къыспэплъэщтых…»

— Сыд адэ къебгъэжьагъэр къызкІэмыІорэр? — Къаншъао игупшысэ Къоданэ зэпичыгъ.

— КъэІогъошІопышъ ары…— Къаншъао ымакъэ ефэхыгъэ фэдэу Къоданэ къыщыхъугъ.— Хъэзармэ сызахьыми, мыщ сызщэІэми, силъэныкъо сщыгъупшэу мафэ къысэкІугъэп… УикъэплъакІэкІэ къызгурэІо, сыда ащыгъум къызкІэмыгъэзэжьыгъэр пІощт…

— Къытебгъэфагъ,— Къоданэ ынэхэр къэчэфыгъэх.

— Илъэс заулэм сшъхьэ къырыкІуагъэр сІэгушъуитІу арыслъхьи, зызэпэсэщэчым, Къодан, русичмэ къысфашІагъэм рищэхыгъ. Мыхэмэ хъэзар гъэрыпІэм сыкъырагъэщыжьыгъ, уасэ къысфашІыгъ, байколмэ ашъхьэ сырагъэуцуагъ… зэ сыкъызышъухахьэм, тызэгурыІуагъэп. Ащи шъхьакІо сигъэшІыгъэ.

— Хьакъулахь ІофкІэ укъытфэмыкІогъагъэмэ, аущтэу мыхъуныекІи мэхъу,— бысымым ыпашъхьэ зэрисыр Къоданэ щыгъупшэжьыгъэу къыжэдэзыгъ, ардэдэми къэуплъыжьыгъ.

— КъысэпІуагъэр сифэшъуаш, укІэмыгъожь,— Къаншъао зиІажэзэ, щхыпцІыгъэ,— хьакъулахьымкІэ къысэхъулІагъэри къэсІон: сызхэт русичмэ лІыгъэкІэ сыкъафыгъагъэмэ, хъугъэр зытеслъхьан згъотыни. ПшІэрэба тэ адыгэкъосэгъухэм, тызэрэщытыр? Даушыгъэм тегъалІэ, имылъэу тэлъатэ. Хъэзармэ шыплІэкІэ Къосэгъу сырахыгъэмэ, шы лъэкъофым сытесэу, ясІуагъэр чІым нэзымыгъэсрэ байколхэр къысэшІэкІыгъэу къэзгъэзэжьы сшІоигъуагъ. Къыздэхъужьыгъэм сыгу ины ышІыгъагъ.

— Уипхъорэлъф Рэдэд кІэлакІэу пщы тфэхъугъагъ, ащ фэдэ къызхигъэфагъэп нахь,— ымакъэ ыгъэшъхъызэ, нэплъэгъу сакъыкІэ Къоданэ бысымым Іуплъагъ.

— Рэдэд ятэ фэдэ хъужьыгъэ,— зэхихыгъэр зэригуапэр Къаншъао ымэкъэ чан къыхэщыгъ.— Лаурстэн тхьамыкІэр лІы Іушыгъэба, иІуи, ишІи зэтетэу… Ары, сипхъорэлъфым зи икъэбар щыІэба?

– Хым зэпыращыгъэу къытаӏуагъ.

– Ащ сыщыгъуаз. Колэсрэ Темрыкъорэ ыуж зэрихьагъэхэри сэшӏэ.

– Хэт ар къыонигъэсыгъ? – ыгъэшӏэгъуагъ Къоданэ.

– Нахьлъэш садэжь щыӏагъ. Ари ылъэкӏ къымыгъанэу Рэдэдыпщым лъыхъоу къысиӏуагъ, ау ащ фэдизэу сшӏошъ хъугъэп. Нахьлъэш ыӏупэ телъымрэ ыгу илъымрэ зэфэшъхьафэу сыхэплъагъ. Рэдэд лъыхъоу ыӏозэ, сэ сызхэтмэ къахахьэ шӏоигъо фэдэуи къысфидзыгъ, етӏанэ къосэгъумэ сыдынэкӏэ сяплъыжьына ыӏуи, кӏилъэшъужьыгъ. Пцэжъые къыхэдзыгъакӏэм фэд, пӏэкӏэцӏэнлъы...

Къаншъао къыӏублыхьагъэу къыӏуатэрэм ыжэ ӏузыгъэу едэӏурэм фэдагъэми, Къоданэ ыгукӏэ зыдэгущыӏэжьыщтыгъ: «Олъэгъуа Нахьлъэш цӏэплъыжъыр хьам къызэрилъфыгъэр. Русичмэ ахэхьажьыгъэм сыда епшӏэщтыр сэ къысеӏо, ежь ащыгъум Къаншъао зыкъыӏуигъэкӏэгъах. Чӏэ иӏэп бгъэкъэшхом, зыздидзыжьыщтыр ышӏэрэп... Мыщи шъэфэгъушхо сишӏыгъэу къэбархэр къысфеӏуатэ шъхьакӏэ ыгу къытфилъыр фэшъхьафынкӏи мэхъу...»

– Укъэдаӏуа, Къодан? – игущыӏэгъу зэрэтегупшысыкӏыгъэм Къаншъао гу къылъитагъ.– Сэри Рэдэд сщыгъупшэрэп. Тицӏыфхэр Константинополи макӏох, къэкӏожьых, урымхэми, арабхэми, генуйхэми, нэмыкӏхэми ахэхьэх. Къэбар лъапсэ къысфахьыным сежэ.

– Тэри мары, олъэгъу, тӏэ зэтедзагъэу тыщысэп.

– Ащкӏэ сышъуфэраз, шъуитхьэхэри къышъуфэрэзэных,– Къэншъао гущыӏапэр ихьакӏэ ригъэубытыгъэп.– Сэ сыгу къеожьрэр русичхэр сигъусэу Къосэгъу сыкъызэкӏом, хъэзархэм аштэрэ цӏыф лъэпкъхэр зэратхьалэщтыгъэ хьакъулахь гущыӏэр мыгъокӏэ сыжэ къыдэзи, сэр-сэрэу сызщыщхэм апашъхьэ хьайнапэ зызэрэщысшӏыжьыгъэр ары. Жъалымагъа пӏомэ, жъалымагъ... Джы сиунэ уезгъэблэгъагъэу мыщ фэдизыр къыкӏыпфэсӏуатэрэр оша?

– Сыдым фэсшӏэн?..– зэхихыри къызэреупчӏыри зыфихьын ымышӏэу ыдэжь къызэрэкӏуагъэми рыкӏэгъожьэу Къоданэ къызэшӏуани, къыухыжьыгъ: – Угу жьы дэогъэкӏыщтын.

– Къэпшӏагъ! – джыри мэкъэ къилъэткӏэ Къэншъао къыхэкуукӏыгъ, етӏанэ тӏэкӏурэ щысыгъэу къащ зытыридзэжьи, мэкъэ гъэтӏылъыгъэкӏэ къыухыжьыгъ: – Делэм уӏукӏэмэ, уемыупчӏэу икъэбар къыпфеӏуатэ аӏоми, ащ фэдашъокӏэ укъысэмыплъ. Сэ гукъауи, мыучъыӏыжьын шъхьакӏуи сиӏ, ау арэп сыкъэзгъанэрэр. Бэ сыгу щызэпэкӏэкӏыгъэр, мыщ фэдиз цӏыфыгъэ къысэзыхыгъэхэм, цыхьэ къысфэзышӏыгъэхэм сыдэущтэу сакӏыб афэзгъэзэн. Ащ сыкъиубытыгъ, ау сыд хъугъэми, сиягъэ шъозгъэкӏыщтэп. Рэдэд шъогъотыжьыфэ, сэри гупсэф сиӏэщтэп. Мары, сэ сызхэт русичми, пщы яӏ, дзэ яӏ, яхэгъэгу зэрагъэпытэным, хабзэ зэрилъыным егъэгумэкӏых. Рэдэдыпщыр жъугъотыжьмэ, шъори къэралыгъо шъухъущт. Сипхъорэлъфым ӏоф дэгъу къырихыжьэгъагъ, лъыкӏагъэхьагъэп нахь... Шъузэмыбэныжьэу, зэдежъугъаштэу шъукъоуцомэ, шъуинасыпи къикӏыщт.

– Тлъэкӏ къэдгъанэрэп, Къаншъау,– Къоданэ апэрэу ибысым нэшӏукӏэ ӏуплъагъ.

– Мыучъыӏыжьызэ, хаӏ, гущыӏэр къысӏублыхьагъэшъ, узгъэшхэрэп. Сэ чиристан диныр сштагъэкӏэ, титхьэхэр сщыгъупшэжьыгъэхэу къызщымыгъэхъу,– къешъэбэкӏызэ, Къаншъао лагъэхэр къыфигъэкӏотагъэх.– Моу мы бжъэри убыт, нахь уигъэшхэщт.

– Хьау, ар ищыкӏагъэп,– шъоныр щигъэзыягъ Къоданэ, мэлакӏэ малӏэми, зыфэсакъыжьызэ, цэгэжъэ шъабэм хэӏагъ, нэчапэкӏэ фычӏэплъи, Къаншъао ынэгушъхьэ пӏуакӏэхэу къэушэплъыгъэхэмкӏэ чэф иӏэ фэдэу егуцэфагъ, зыкъызыфещэим, мэ тӏэкӏуи къыкӏихьагъ, гые-гущыкӏ гори къыфыдэчъэягъ, ау етӏани щигъэзыежьыгъ: «Зыхэтмэ афэдэ хъугъэ, ащ зи шӏагъо хэлъэп...»

– Уфэмыемэ, уезгъэзырэп, Къодан,– Къаншъао бжъэр зэкӏихьажьи, ыгъэуцужьыгъ.– Тэри, мары, хьакъулахь къышъутетэлъхьэ тӏуи, хьакӏуцумэ тызахахьэм, тыкъафыгъагъ. Тифэшъуаш къыташӏагъэри. Хэт ылъэкӏэу ыпшъэ уригъэӏэбэн. Сызигъусэ русичхэми ащкӏэ къысаӏуагъэ щыӏэп.

– Ар къыбгурыӏуагъэмэ, сигуапэ,– шхэным хэтэу Къоданэ къыдэплъыягъ.– Тэри русичми, хъэзарми, урымхэми, нэмыкӏхэми тафэдэу тыцӏыф, тихэбзэ-унашъохэмкӏэ тыщыӏэ тшӏоигъу.

– Сэри пэкӏэ псы сешъорэп, зэкӏэ къызгурэӏо, ау сэ сызэрыт чӏыпӏэр ори къыбгурыӏон фай...– Къаншъао къыӏуагъ.– Сызэрэпхаплъэрэмкӏэ, Къодан, ущысын хьакӏэп, лъэгъун уиӏэн фае.

– Силъэгъун згъэцэкӀэгъахэ, узэзгъэлъэгъугъ,– шхэныр ыухызэ, Къоданэ къыӀуагъ.– Мыщ сыкъэсыгъэу сыпӀумыкӀэу сыкӀожьыгъагъэмэ, Рампэс гощэшхом гухэкӀ къысфишӀыщтыгъ.

– Арэу оӀуа? – Ӏупэщх макӀэм Къаншъао ынэгу къыгъэнэфыгъ.

– Ар ӀуакӀэ мэхъуа, зы ны шъукъилъфыгъэба! Талъэныкъо укъызыфэкӀуагъэр зешӀэм, гощэшхом ыӀон фаер къыуиӀуагъ. АдырэмкӀэ пшыпхъу ыгуи, ыли къыпфэмыузын ылъэкӀыщтэп.

– Тэрэз, тэрэз, Къодан, сэри шӀу щэхъу сыгу къышъуфилъэп. Колэси, Темрыкъуи, Рэдэди ягухэлъ къадэхъоу къагъэзэжьмэ, сшыпхъу апэ зэритэу, аӀапэ сфэубытыжь.

– Ар фэзгъэцэкӀэн,– Къоданэ къэтэджыжьыгъ.– ХьакӀэр шхахэмэ, пчъэм еплъы зэраӀоу, сэри гъогу сытехьажьын.

– Ущысыгъэмэ, боу сигопэни, ау гъогууанэ уапэ илъ,– ыӀозэ, лӀы ищыгъэ од лъагэу Къаншъауи Ӏанэм къыпэтэджыкӀи, дзэкӀолӀ заули игъусэу хэгъуашъхьэм къекӀыжьыфэ Къоданэ къыгъэкӀотэжьыгъ.

## VII

ШӀушӀэми е къекӀы.

Нахьлъэш идышъэ зыпигъэкӀуади къыщэжьыгъэ шитӀумкӀэ Ӏугъэ къэбарыр зышӀошъ хъугъэхэри, мыхъугъэхэри зэхэзыхыгъэмэ къахэкӀыгъ, щхыпцӀыгъэхэри зызыудэгугъэхэри мэкӀагъэп, зэрэфаеу зэтезыӀукӀыгъэхэри нахыбэжьыгъ. «Мы Ӏофыр зыгорэу щыт, ифедэ хэмылъыгъэмэ, ышӀэщтыгъэп...» – къыӀонкӀэ зытещыныхьажьызэ, ежь-ежьырэу зэӀушъэшъэжьыщтыгъэхэри щыӀагъэх. Ау зы нэбгырэ кӀэрыуцоу мы пшӀэрэр дэгъу е дэи Нахьлъэш езыӀон къыхэкӀыгъэп,– ыкӀыб щэщхыпцӀымэ, ыпашъхьэ щэгушӀо, ытх зиплъэжькӀэ, Ӏэбжым фешӀыжьы. Тыдэ щаӀуи, щашӀи ымыгъапэ фэдагъэми, Нахьлъэш ишъэф зыкӀипхъэнкӀэжьымэ зыпыуптхыпкӀыхьажьызэ, хэтыкӀи мэзэхэ зэпытыгъ. Ары шъхьакӀэ, мэзахэми нэфынэ къыкӀэлъэкӀо, тыгъэпсым ишӀушӀи гуао къыхэкӀы.

Колэсрэ Темрыкъорэ яшмэ къапытэджэгъэ Ӏо зэтеӀукӀыр Нахьлъэш къызылъэӀэсым, Рэдэд дызэрихьэгъэ мэхъэджагъэр зыдишӀэжьыщтыгъэми, «тхьаегъэпсэу къысаӀоным ычӀыпӀэкӀэ агу къэкӀырэр сфагъэӀу» ыӀуи, губжыгъэ. «Рэдэдыпщым сыгу тезгъэпщэхагъ, Аспарыхъужъым сыкъызэригъэпцӀагъэр ары нахь, сыкӀэгъожьырэп,– ыӀуагъ Нахьлъэш.– Игъусагъэмэ аришӀагъэр сэри есшӀэжьын сӀозэ, шыхьат закъоу къысфэнэжьыгъагъэри хыкӀыбым ахыгъ. Русич лӀыжъым сыд ыӀуагъэр? Гъуахъозэ ращыгъ. Ащ рахыгъэу, Колэс Ӏушыжъым нэмыкӀ, къэзыгъэзэжьыгъэ сшӀэрэп...– ОшӀэ-дэмышӀэу Нахьлъэш цӀэплъыр игущыӀэмэ къыкӀагъэщтэжьыгъ: – Ар сэӀо шъхьакӀэ, гъэр щапӀэ горэм Колэсдыхэр щыфэзхэмэ?.. Колэсдыхэр ары джы сэркӀэ зэкӀэми анахь Ӏофыр... Ислъам-Хьаджэр зыӀэкӀэкӀыжьыгъэ Хьэкъарэдыхэр?.. Адэ зыми цыхьэ фэмышӀэу дунаим утетыщта? – зыфэгубжыжьи, иджэуапи кӀэкӀэу зыфыпиупкӀыжьыгъ: – Утетыщт! Тинахьыжъмэ яшхэр русич лӀыжъ горэм есымыгъэщэжьхэу къышъуфэсщэжьыгъэхэшъ, шъугушӀу сэ мыдыкӀэ ясэӀо, Къоданэ зэрэсишыхьат пэтызэ, ежьмэ сфагъэӀурэр фэшъхьаф, сыд афэпшӀагъэкӀи пкӀэнчъ... СыкъызэхашӀыкӀэу хьакӀуцухэр къыскъоуцогъагъэхэмэ, сэ мыхэмэ ясшӀэщтыгъэр гъэнэфагъэ...»

– Сыд сэӀо, Нахьлъэш, чэум бгъэкӀэ утегъолъхьажьыгъэу къыохъулӀагъэр?

– Ора, Пщымаф? Къеблагъ, къепсых.

– Тхьауегъэун. Чылэр къызысэкӀухьэм, тхьагъэбэгъон, о зыр ары згъотыгъэр, мыдэ къэшэс.

– ГумэкӀыгъо щыӀа?

– ГумэкӀыгъо щыӀагъэмэ, си Лъэкъоф гупсэфэу уапашъхьэ итыщтыгъа! БэшӀагъа Мэзыбэ узыщыӀагъэр?

– Тыгъуасэ сыкъикӀыжьыгъ, сыда?

– Арэп, Нахьлъэш, укъэшэсыным ычӀыпӀэкӀэ укъэупчӀэжьэу, сауж къиихь! – Пщымафэ иш кӀэкӀэу къыригъэгъази, къыӀукӀыжьыгъ.

«Пчэдыжьэп, щэджагъоп, пчыхьэп, сыд мыр зезыфэрэр?..– Нахьлъэш гукӀэ цӀацӀэзэ, сыдигъокӀи хьазыр ионэш зэтелъ къакъырым къычӀищыгъ, ныбэпхыр кӀикъузи, къэшэсыгъ.– Ажэ къыдэзырэр афэдгъэцакӀэзэ, тижъхэр дгъэутэшъуагъэх... Тыдэ джы сыздищэрэр? Пчэдыжь щегъэжьагъэу фыгукӀэ сӀуфагъэп, ежь синыу, сиджэныкъу, сикъо укӀыгъ ыӀоу къыригъэжьэщт...»

ИлъэсыкIэм иапэрэ мафэхэм джыри зыкъызэкъуахыгъагъэп, ау жьыбгъэ макIэм пэр пилыбжьыкIэу чъыIэ. Нычэпэ къесын езгъажьи щызгъэтыжьыгъэ лъэгу ос пIуакIэр шы лъэбжъэ псынкIэмэ къачIэутысыкIы. ПкIэшъэнчъэ мэзым шIуцIэрымэр тырехы, шъофхэр, загъорэ тхьакIумкIыхьэхэр куандэмэ къахэлъэтых умыIощтмэ, зэгъокIых. ЧыжьэкIэ, хыIушъо лъэныкъомкIэ, къыщылъэгъорэ къушъхьэ шыгумэ ос паIохэр зыщалъагъ. Къолэбзыумэ афэзэщырэ уашъор шхъуантIэ, лъагэ, пщэ IэпIэ фэмыфхэр щэкIуашъэх, тыгъэ нэгъыфыри Iугушlукlызэ, къокIыпIэ чапэм къыщыдэсые.

«СеупчIынэп къысэдыргъызэ гъогу сытезщэгъэ лIыжъым, ышIэщт дэдэр езгъэшIэн...– джыри Нахьлъэш гукIэ гъумтIымыгъэ, инахьыкIэ чIыпIэ нахьыжъым диIыгъэу, зы цIыфи къапэкIэмыфэу Мыстхъакъо дэкIыгъэх, Къужъэе гъэхъунэми нэсыгъэх.

– ШIуфэс пхырэп адэ, Нахьлъэш,– Пщымафэ гъусэм егыигъ.

– Ошъочапэм къыкъоплъын ригъэжьэгъагъ сэ ти Тхьэшхо шIуфэс зесэхым, ау джыри, аущтэу оIомэ, шIуфэс есхын, селъэIун,– Нахьлъэш игубж ерагъэу ыIажэзэ, шхомлакIэр онэкъуапэм шIуидзи, ыIэгушъохэр ынэгу ригъэчъагъ,– мэфэшIукIэ укъытфакIу, цIэ зимыIэ гъогоу тызытыращагъэр чыжьэми, благъэми псынкIэ къытфэшI, зыгу шIу имылъ къыщытIумыгъакI.

– Ари гущыIэшIу, гущыIэ псау, Нахьлъэш,– Пщымафэ гукIэ щхыпцIыгъэ,– узфелъэIугъэр Тхьэм къыддегъэхъу. Тхьэшхом нэмыкIэу шIуфэс зэозгъэхы сшIоигъо Къужъэе гъэхъунэм тыблэкIы.

– КъызгурыIуагъ, тхьамэтэ маф,– Нахьлъэши щхыпцIыгъэ, гугъуемылI фэдэуи къыпигъэхъожьыгъ: – Слъэхъомбэжъыий узыжьырэп. Ар сыгу къызэрэбгъэкIыжьыщтыр арэпщтын гъогу сыкъызыфытепщагъэр?

– Хьау, хьау, хъущтыр хъугъахэ,– заулэрэ кIуагъэхэу Пщымафэ къыIуагъ,– уапэкIэ бдзыгъэ мыжъом земыгъэлъэпэожь.

Пщымафэ къыIуагъэм джыри зыгорэ къыпидзэжьынэу Нахьлъэш ежагъ шъхьакIэ, бэджэшъо-тыгъужъышъо джэдыгу къолэн кIакор зыщыгъ лIыжъым зиушъэфыжьыгъ. Джэдыгум фэдэ пэIо къелъэшъох зэхэдагъэри, джа теплъэ дэдэр зиIэ упкIэ лъаехэри зэрэщыгъхэми, Iалъэхэр зэрэпылъхэми джыры ныIэп Нахьлъэш гу зылъитагъэр. Шыр зэрэмыкъолэныри шIогъэшIэгъоныгъ.

«Джы мыхэмэ,– Нахьлъэш ыIуагъ,– агу римыхьын горэ яIуи, мышIапхъэ пшIагъэу ягъэлъэгъуи, уагъэсэжь пакIошъ, делашъо къыптыраштэн. Еплъэлъ, умыщх етIанэ, мыр зэрэфэпагъэм!.. Мыщ фэдэ горэ делэм къолэн икIас язгъэIуагъэр. Зэгорэм бдзыгъэ мыжъом уемылъэпэожь еIо. Ащ фэдэ къызэзгъэхъулIэжьыщтымэ, хьаулыеу дунаим сытет. Зэгорэм мыхэр, жъы хъухэмэ, къэбжъыем зэрэрагъэтIысхьажьыщтыгъэхэр, нысэмэ лъапэкIэ зэрэзэрадзэщтыгъэхэр ащыгъупшэжьыгъэкIэ енэгуягъо. Лъытэ-шъхьэкIафэ нахьыбэрэ афэпшIы къэс, нахь зыкъыпфагъэшIожьы, сыд аIоми тамыгъаштэмэ мыхъунэу мэуцух. Ятэ ичIыфэ стелъ пIонэу сигъэшэсыгъ. Мыщ нахьышIуха Колэси, ГъучIыпси, Джэбагъи, ТIатIыхъуи? Гъунэгъу чылэмэ адэс лIыжъхэри мыхэмэ анахьышIухэп. Сэ къэслъэгъугъэм нахьыбэ Рэдэд пэщыныцIэм къылъэгъугъагъа? Колэс фэдэхэр шъхьащыуцохи, упщы лъэпкъ аIозэ, къызхэмыкIыжьын бэлыхьэ хадзагъ. Сэ сызалъэгъукIэ зызэрашIырэм изакъоми, хэта мор зиинагъэр зыгъэшхэщтыри зыIыгъыщтыри, зы къогъупэ горэм къолIыхьажьыгъэнкIи къэнэнэп, тэ мыдыкIэ Колэсдыхэр лъежьагъэх тэIошъ, тшъхьэ етэгъэгъэузыжьы. Мыдэ уипщы Iофмэ о ауж ихь, Рэдэди, Аспарыхъуи зямыгъэгъэлIэжь...»

– Адэ зи къапIорэпи, Нахьлъэш?

– УкъэмыупчI пIуагъэти, зысыушъэфыгъ.

– Ара? – къыпымылъэу Пщымэфэ лIыжъыр хэпскэуIукIыгъ, шым елъэдэкъэукIи кIигъэлъэхъукIызэ, джэуап къытыжьыгъ: – Ащ фэдэ горэ къышъухафэ хъугъэмэ дэгъу.

– Арэп, Пщымаф! – Нахьлъэш губжыгъэу шым жэдаIи, къызэтыригъэуцуагъ, кIэлъежьэжьыгъ.– СIонэп сIуагъэ шъхьакIэ, тхьамэтэ маф...– ымакъэ къышIуефэхыжьыгъагъэми, емыупчIын ылъэкIыгъэп,– пшIэзэ сыкъэоушъхьакIуа?

– Сыд аIорэр, шъхьакIо зышхырэр шъхьэшхыгъо ефэжьы...– Пщымэфэ лIыжъым шым илъэхъу щыригъэгъакIэзэ, икIо тыригъэхьажьыгъ.– Ащ фэдэ гухэль сиIэу сыд пае уадэжь сыкъыIухьан?

– СшIэрэп ныIа... нахьыжъмэ ягъэсэпэтхыдэ нахьыкIэхэмкIэ шъоупс бащэ къащыхъумэ сэIошъ ары...

– Шъыпкъэ, шъыпкъэ, Нахьлъэш, укъысэмыIэсэкI. Шъоупс бащэ уешъоныри пIэстэ бащэ пшхыныри зэфэдэ. Ау фыгужъ щымыIэу фыгукIэ хъурэп, шъоум иIэшIугъэрэ идыджыгъэрэ зышIэрэ бжьэр ары цакъэрэр... Шъузэрэхъущтым пае тинахьыжъхэр тIэкIу къышъухэпыджэхэкIэ зышъумыгъэцых. Непэ угу мышIоу сыпхэплъэ, къаIо, сишIуагъэ къыокIыщтмэ, тызэдегупшысэн. Мыщ фэдэм, узэдэхъущтмэ, жъы, кIэ иIэп.

– Iор ары, тхьамэтэ маф, тызыхьрэр, тызышхырэр,– Нахьлъэш цIэплъым ымакъэ чъыIагъэми, къыфэмыIошъущтыгъэр къызэрэфырагъэжьагъэр игопагъ,– Рэдэдыпщыр зытшъхьэращым, имыщыкIэгъэ Iо бащэ Къосэгъу къитэджагъ. Къысфэгъэгъу, Пщымаф, ащ етIани нахьыжъхэр къызхэхьажьхэкIэ... СишIушIэ симыгъо, сигъунэгъу сипыи зэрагъэIогъэ лIым фэдэ сэри сыхъугъ. Колэсрэ Темрыкъорэ яшхэр, сынэ къаплъэу сыкъэзышIэжьыгъэ хьайуанмэ саблэкIыныя, Къоданэ сишъыхьатэу Тумтэкъашъэ къыщысщэфыжьхи, зиемэ къязгъэолIэжьыгъэти, ифедэ хэмылъэу ышIагъэп аIуи, цIыфмэ сахахьагъ, Къосэгъу сырахьагъ. Ислъам-Хьаджэри къытхэмыхьажьы хъугъэ, къосэгъумэ апашъхьэ сыщеупчIыщтыгъэ, зыгъэ мыщ къыщехъулIагъэр сэ къыстыралъхьэу зэхэсхыжьыгъэ. Хьакъулэхьэ телъхьэкIэ Къэншъао русичхэр къызытфещэхэм, ышыпхъу Рампэс дэжь сыдэкIогъагъэти, ахэр къэзыщагъэхэр сэрэу макъэ сфагъэIугъагъ. ПщыгъомкIэ Рэдэд тIэкIу сыпеогъагъэшъ, пшIэхэнэп ащ икIодыкIи сэ къыстыралъхьанкIи. Аущтэу орэхъуи, сшIэрэп ащыгъум!..

– Зыгъэбыяу, мышIапхъэ горэ пшIэкъон, Нахьлъэш! – къыфегъэпытэми къеушъыими умышIэнэу Пщымафэ къыIуагъ, игущыIи къыпидзэжьыгъ: – Сэри ащ фэдэ тIэкIу-шъокIухэр зэхэсэхы, ау ащ пае къэзгъанэрэп гущыIэгъу тызэфэхъунри гъогу тызэдытехьаныри. Сыд пшIошIыра НахьлъэшкIэ уятэжъ къызыкIыоджагъэр?

– Ежь фэдэу лъэшы сыхъунэу шIоигъуагъэщтын.

– Шъыпкъэ, уятэжъ нахьи нахь лъэш ухъугъ, иIэзакIи къыпщикIухьагъэп, ынапэкIи, ыIэпкъ-лъэпкъ зэхэлъыкIэхэмкIи, игущыIакIэкIи, ищхыкIэкIи бгъэгъощагъэп.

– Ау сятэжъ иакъыл къысхэмыфэжьыгъэр! – Нахьлъэш щхызэ, Пщымафэ лIыжъым зызэригъэукIыхьэщтыгъэр къыфигъэкIэкIыгъ.



– Ари зыдэошIэжьа?

– ЗыдэсэшIэжьмэ, тхьамэтэ маф, ащыгъум къысаIуалIэрэр зэкIэ къыстефэ... Ау илажьи, имылажьи зытыралъхьэрэ тыгъужъым сыфарэмыгъад. Сыфагъадэми, сигуапэ. Тыгъужъыр лъэш, Iушы, тхьагъэпцIы, зыщыпсэурэ Iэгъо-благъом зэрэщымыIабэрэр зымышIэрэми арэшI, зышIэрэмэ зыщарэмыгъэгъупш! Джы орырэ сэрырэ, тхьамэтэ маф, къызэфэдз-зэфэдзыжьыр тэгъэухи, сызфэбгъэшэсыгъэм ышъхьэ къысфих, шъо, нахьыжъхэм, зэрэшъуIоу игъо къэсыгъ, Мэзыбэ сызыщыIагъэм бэ тешIагъа зэрэпIуагъэми сегъапэ.

– Ары, ары, Нахьлъэш, уятэжъ лIы шIагъоштыгъэр сыгу къэогъэкIыжьы. Сыодэонэуи, сыогыинэуи, ары пакIо, ушэтынкIи уздесщэжьагъэп. МэзыбэкIэ сыкъыкIыоупчIыгъэр ГъучIыпсэ тхьамыкIэр дэи аIуагъэти, изытет зэзгъашIэ сшIоигъуагъ.

– Ащ земыгъэгъап, Пщымаф,– лIыжъым зэрэкIэупчIэрэр зэримыгуапэр Нахьлъэш къыхэщыгъ,– узфэгумэкIырэм мылIэжьыныпсэ пыт. СылIэщт ыIозэ, ыпашъхьэ лIыжъ куп щызэрэугъоихэшъ, Мэщыкъо икуп ажэ укъыгъэу, Къосэгъу тыщызэрагъэзафэ... СшIагъэмэ, ХьакIуцу сихьан сигухэлъыгъ, сыкъыбдэшэсыныеп.

– Ар оIомэ, Нахьлъэш, егъэзыгъэ IофкIэ укъесщэжьагъэп, гъэзэжь, сыгу обгъэнэп.

– Тхьамэтэ маф, уапашъхьэ оркъ ныкъо зыщысшIыжьынэп, армырми, тиджэгъогъумэ къытаIолIэн агъоты. Ау сыкъызэхэшIыкI, сыгу илъыр пшIосыушъэфыгъэп.

– СшIоуушъэфыгъэ закъор,– Пщымафи щхы фэдэу зишIыгъ,– лIыжъмэ угу зыфябгъэрэр ары.

– Ари къыбгурызгъэIуагъэ фэд, тхьамэтэ маф...– Нахьлъэши щхыпцIыгъэ, шэны зэрэфэхъугъэу, гъумытIымызэ, къыкIэлъэдэкъыкIыжьыгъ: – КIо, сшIэрэп, синыбджэгъужъ горэм зэриIоу, тямылъэпэожьыщтымэ, тижъымэ акIэрытхыщтыр...

Заулэрэ кIуагъэхэу, ежь зэриIожь фэдэу, Пщымэфэ лIыжъыми къыригъэжьагъ:

– БлэкIыгъэ дунаим хэшIыкI фызимыIэм непэрэ дунаир сыдэущтэу гурыбгъэIон...– ЕтIанэ къэупчIагъ: – «Цур жъы хъумэ, шкIэмэ ахатIупщхьажьы» аIоу гущыIэжъ зэхэпхыгъа, Нахьлъэш? Зэхэпхыгъагъэмэ, ащ фэдэу нахьыжъхэмкIэ

укъэгущыӀэщтыгъэп. «Жьы хъурэр тхыдэбаӀо, емыдэӀухэмэ, зегъэгусэ» къысэмыӀоу, тинахьыжъмэ къахэкӀыгъэ тхыдэ горэм къедэӀу. Къосэгъухэр адыгэ нарт лъэпкъыжъых, бэгъашӀэх. Лӏыжъ горэм илъэсишъэрэ шъэныкъорэ бгъэшӀэщт зыраӀом, ащ нахь сымыгъэшӀэщтмэ, унэ шӀыным ыуж сихьажьынэп къариӀожьыгъагъ. Лӏыжъыхэр жъы дэдэ зыхъухэкӀэ, кушъэмэ зыщахапхэжьыщтыгъэ дунаий тпэкӀэкӀыгъ. Ахэр кӀэлэцӀыкӀумэ афэдэу нысэмэ аӀыгъыщтыгъэх. Нысэ дэгъум кушъэр ыгъэхъые зыхъукӀэ, «лайлаир сикушъ, лай дышъэр сипщы...» – ыӀощтыгъ. Нысэ бзаджэм гъэхъыегъур къызынэсыкӀэ, «лай-лаир сипщы, хэлӀыхьаныр сипщы...» – ыӀомэ етӀыргузэ, кушъэр зэридзэщтыгъэ. «Ар умыӀоба нысэ, уинысэгъу ыӀу шъабэ, ыӀорэр фэшъхьаф...» – лӏыжъым къыриӀожьыщтыгъэ. Аузэ лӏыжъыр цӀыкӀужъые зыхъужьыкӀэ, къэбым рагъэтӀысхьажьыти, пкъэужъыем палъэжьыщтыгъэ. «Къэбыпсыр пытаӀо шӀы, арымырмэ тэ тыпсэ мэхэ лъэпкъ, нысэ»,– ыӀощтыгъ лӏыжъым.

– Еплъэлъ ар зэрэкъаигъэм! – Нахьлъэш къыхэкуукӀыгъ.– Джыри щыӀэ шӀоигъу.

– Адэ хэти ыпсэ шӀоӀэшӀу, щыӀэ шӀоигъу,– Пщымафи къыдыригъэштагъ, итхыди къыпидзэжьыгъ: – Нысэмэ ахэр шхэгъу къэс къыпахыхэти агъашхэщтыгъэх, алъыплъэщтыгъэх. Аущтэу джыри зы адыгэ-нарт дунай текӀыгъ. Джы о къызэрэпӀоу, тижъымэ уазэрэфыщытэу нэмыкӀ дунай къафэкӀуагъ, нэмыкӀхэр зыӀонхи зышӀэнхи къыкъокӀыгъэх. «Лӏыжъхэр Ӏоф къэгъанэх, тинысэхэр яхьаулыилӀэх. Жьы хъужьхэрэр нэпкъ лъагэм етыдзыхыжьыщт» – аӀуи, унашъо ашӀыгъ.

– Ашъыу, ар хъунэп, жъалымагъ! – Нахьлъэш цӀэплъыр джы къыхэгубжыкӀыгъ.– Сэ тинахьыжъмэ сягыи пае, ащ фэдэ уинахьыжъмэ япшӀэныр емыкӀу!

– Ащ фэдэ дунаий тиӀагъ, ау цӀыфхэр агукӀэ зэфэдэхэп ныӀа! – зэпыугъо тӀэкӀукӀэ Пщымафэ къыпидзэжьыгъ: – Жъыхэр нэпкъым едзыхыжьыгъэными къэбар пылъ. Лӏы горэм ыгу пыузыкӀзэ, ятэ дзыом ригъэтӀысхьи, къушъхьэм дихьыезэ, мыжъо горэм елъэпэуагъ. Дзыом ис лӏыжъыр щхыгъэ. «Сыд, тят, узфэщхырэр?» «Сэри сятэ схьызэ, мыщ сыкъэсыгъэу, а мыжъом селъэпэогъагъ...» – къыриӀожьыгъ. «Армэ зэгорэм сэри къысэхъулӀэжьыщтыр»,



лӏым ыӀуи, ятэ къушъхьэм щигъэбылъи щиӀыгъызэ, мафэ горэм къеупчӀыгъ: «Сыд чылэм щыкъэбар, сикӀал?» «Тыгъуасэ псы нэпкъым тет чъыг чӀэгъым чӀэсыгъэ тхьэлъэӀушӀхэм дышъэ къошын псым халъэгъуагъэти, хэзэрэтакъохи лъыхъугъэх шъхьакӀэ, къагъотыгъэп. Непи езэрэгъэкӀугъэх, псыр зэушӀоркъым, къыхэзэрэгъэкӀыжьыгъэх, чъэгъожьмэ джыри тыхэхьащт аӀозэ, сакъыблэкӀыгъ. Псым къошын зэрэхэтыр шъыпкъэ, сэри сынитӀукӀэ слъэгъугъэ». «СшӀошъ мэхъу, сикӀал,– лӏыжъым къыриӀожьыгъ.– Дышъэ къошыныр къэзыгъотырэм ар иен фаешъ, о къэбгъотыщт. Гъэзэжьи, псым ухэмыхьэу, чъыгым дэкӀуай. Къошыныр чъыгым хэлъ, ащ иныбжьыкъу ныӀэп псым халъагъорэр».

– Ари Ӏушыгъ...– Нахьлъэш къымыӀон ылъэкӀыгъэп.

– Дышъэ къошыным икъэгъотыкӀэ чылэм лъэшэу щагъэшӀэгъуагъ,– Пщымафэ щхыпцӀыгъэ нахь, къыӀуатэщтыгъэр зэпигъэугъэп.– Пчыхьэшъхьашхэр ятэ зыфехьым, къеупчӀыгъ: «Къэбгъотыгъа? Дэгъу къэбгъотыгъэмэ. Сыд джыри къэбар?» «Джы хэгъэгу къэбар щыӀ,– къыриӀожьыгъ.– Типачъыхьэ дунаим ехыжьыгъэшъ, апэ ти Тыгъэ-Тхьэшхо икъыкъокӀыгъо зылъэгъурэр ычӀыпӀэ рагъэхьанэу рахъухьагъ, ау зэкӀэ паплъэхэрэм икъыкъокӀыгъо зэдалъэгъу». «Арымэ, ори а паплъэрэмэ адыдэкӀ, ау псы нэпкъым теуцу. Тыгъэм инурэ апэрапшӀэу псыхъо нэгум къыридзэщт. Ар зэрэплъэгъоу, къыкъокӀы яӀу». Ятэ къыриӀуагъэр ятӀонэрэ мафэм ипчэдыжь шӀункӀ ыкъо щигъэцэкӀагъ. Ӏогъэ пытэ цӀыфмэ зэдыряӀагъэти, лӏыжъым ыкъо пачъыхьэ ашӀыгъ.

– ЗэрэхъурэмкӀэ, Пщымаф, тхьамэтэ маф,– Нахьлъэш зэхихыгъэр ыгъэшӀэгъуагъ,– ыкъоп, ятэ лӏыжъыр ары пачъыхьагъур къэзыхьыгъэр.

– Зэ, Нахьлъэш, зэ, умыхъыжъ. Лӏыжъ Ӏушым пачъыхьагъури фэшъуаш, ау ыкъо ышӀыгъэ унашъоми къедэӀу, ипачъыхьагъу ыугъои ариӀуагъ: «О сицӀыфых! Сэ дышъэ къошыныр къэсэзгъэгъотыгъэри тыгъэр сэзгъэлъэгъугъэри нэпкъым есымыдзыхыжьэу, къушъхьэм щызгъэбылъыгъэ сят. Тижъхэм бэ алъэгъугъэр, акъылэу ахэлъыр бэ, ахэр тэркӀи нахьыкӀэхэмкӀи шӀогъэшхох, дгъэлъэпӀэнхэ, дгъэшӀонхэ фае. Непэ щегъэжьагъэу жъы дэдэ хъухэрэр бгым етымыдзыхыжьынхэу, олӀэжьыфэхэкӀэ дахэу, къабзэу тӀыгъынхэу хабзэ сэгъэуцу».

Шылъэбжъэ зэтекъокI макъэ нэмыкI къахэмыIукIэу шыуитIур гъогу къэгъэзэгъум къохьагъэх, тхышъхьэ дэгъэзыегъум зынэсхэм, Нахьлъэш цIэплъым зыфэщыIэжьыгъэп:

– Пщымаф, тхьамэтэ маф, пшысэ дэгъу къысфэпIотагъ, акъыли хэмылъэу сIорэп,– ыIупэкIэ къыIуи, ыгукIэ лIыжъым егыигъ, ежь зэхимыхыгъэ къыфамыIотагъэми, шIогъэшIэгъон фэдэ зызэришIыгъэмкIи зыдэхьащхыжьыгъ, ащкIэ шъо шIу зысэжъугъэлъэгъун шъулъэкIыщтэп ыIуагъ. Апэрэ мафэм щегъэжьагъэу шъукъысфаеп, сэри сышъуфаеп…

– Дэгъу-дэйми, Нахьлъэш, ар о къызэрэбгурыIуагъэм елъытыгъэщт. КупкI зыхэмылъ пшысэ сыд пае зэхэплъхьан, пшъхьэ зэпебгъэкIын.

– Тэрэз, тэрэз…– шъэбэшъо макъэкIэ Нахьлъэш къыдыригъэштагъ, ау ытэмэпкъымэ зыкъыышIуаупэпцIызэ, къыриIокIыгъ: – Сэ сизакъопщтын ар къызфэпIотагъэр…

– Сыд пае уизэкъон, зы нэбгырэп пшысэ зыфызэхалъхьэрэр. Хэти ащ епэсыгъэ шIуагъэ хегъуатэ.

– Ау етIани, тхьамэтэ маф…– Нахьлъэш ежь къызэрэпеожьыщт ишIошI горэ къыригъэжьэгъэ къодыеу, тхышъхьэм къытелъэдэгъэ шыум щыригъэгъэтыгъ: – Къодана сэIо мор?! Сыдэу иш ыгъэпсынкIэра?..

– А слъэгъурэм къэбар горэ къехьы,– Пщымафэ къыIуагъ, къэсыгъэм еупчIыгъ: – Сыд укъыздикIырэм щыкъэбар?

«Рэдэдыпщым фэгъэхьыгъэу шIу къерэмыхьи, Мэзыбэ ечъэхыгъэу къыIуагъэкIи, зезгъэгъэпэнэп»,– ежь Нахьлъэш зыгъэгумэкI зэпытыщтыгъэр гукIэ зэриIожьыгъ.

– ГъучIыпсэ тхьамыкIэм дунаир ыхъожьыгъ,– Къоданэ къыIуагъ.

– Адэ джары къытэхъулIэрэр…– Пщымафэ къэбар гомыIум шъхьэр рыригъэуфэхыгъ,– сымэджаплъэ тыфакIозэ, ихьадашъхьэ тытехьанэу хъугъэ… Шым тыфежъугъэпсых, зы лIэу Къосэгъу хэгъэгу исыгъ.

«Ари Рэдэд гогъэпкIэгъагъ, зыгу къысфэмышIумэ ащыщыгъ…» – игубжи, игушIуи зэхэтэу Нахьлъэш цIэплъым къышIудэоягъ, ау ардэдэм зыкъызэблихъуи, мэкъэ гъэшъхъыкIэ къыIуагъ:

– Джары, Пщымаф, къызэрэпIуагъэу, акъыл зыкIэрытхэу тиIагъэмэ зы лIыжъ Iуш ахэзыгъ. Сыдэу тшIын, ащкIэ тызфитыр макIэ… Тызэусэжьыщтыр сшIэрэп. Рэдэд ычIыпIэ ижъугъэхьэгъэ кIэлэжъ цIыкIуми сыд кIэрыпхын. Колэси дэсэп. КIо, мыхъу зыщыхъурэм, тинасыпкIэ Рампэс гощэшхор тиI, ащ иакъыл тыкъезыхьакIырэр…

– Ащ фэдизэу гукIодыгъо щыIэп,– мэкъэ ефэхыгъэр къинкIэ къыдищаезэ, Пщымафэ гущыIэр Нахьлъэш IэкIихыгъ.– Титхьэмэ гум тыранэнэп, типщи тагъэгъотыжьын, тиIофхэри зэпыуцожьыных.

– Жэмафэ тхьэмэ урагъэгущыIыкI, Пщымаф,– фэмыяхэу фидзыжьыгъ Нахьлъэш, ыгукIэ ецэлэшхагъ: «Боу бэрэ уежэн уипщ огъотыжьыфэ, хьадырыхэ ущыIукIэжьми, уезэгъын…»

## VIII

Мэфэ кIым-сым, ос шъабэр къешъэшъэхы.

Къэлапчъэм къыIухьэгъэ шыур Чэчанэ ышIэжьыгъэми, фэмычэф шIагъоу, мыри къысэгыищтмэ ащыщ ыIозэ, шъорышIыгъэкIэ пэгъокIыгъ:

– Фэсыжьапщи, Къодан. Тятэжъ иш уапэ итэу къысфащэжьыгъэми, сыкъыожагъ. Нахьлъэш къызэрэсиIуагъэмкIэ, къосэгъумэ япый Къэншъао урихьэкIагъэу ары.

– Мэзахэм ущызэхамыхэу, губгъом ущамылъэгъоу къызщымыгъэхъу зыфаIорэр шъыпкъэ,– «сыдэу псынкIэу сикъэбар къанигъэсыжьыгъа» ыIомэ щхыпцIызэ, Къодани джэуап ытыжьыгъ.– Колэсрэ Темрыкъорэ яонэшхэр зэращэгъагъэхэми Нахьлъэш къызэрищэфыжьыгъэхэми сыришыхьат, ау Къэншъао сызэрэфыдэхьэгъагъэм шъэф хэлъэп.

– Шъэф хэлъ сIорэп сэ,– Чэчанэ зыкъигъэтэрэзыжь фэдэ зишIыгъэми, ежь зыфаем текIырэп,– Къэншъао узэрэIукIагъэр Нахьлъэш зыфихьын ышIагъэпти, сэри сымыгъэшIэгъон слъэкIыгъэп.

«Сыдигъуа митIум, Чэчанрэ Нахьлъэшрэ, зэдырагъаштэ зыхъугъэр,– Къоданэ ыгу къызэреорэр нахьыбэу, игущыIэгъуи зэримыгъэгуцафэу зэупчIыжьыгъ.– Ятэжъ къыкIэупчIэрэп, Нахьлъэш ыIуагъ, ышIагъ еIо нахь, ишъэогъу Рэдэд щыIэжь-щымыIэжьыр шIоIофэп. Зэрэ Къосэгъоу ащ егъапэ, ежь, Колэс зэриIоу, нэпцэ зэхэкIэ гу хэмыкIыжь пшъэшъэжъыем ехъулIагъ… Сыд къыпщыщыгъ шъыу,

зыми укъимыубытыжьэу, узэзгъэкIокIын уц Нахьлъэш цIэплъым къыпIуидзагъа? ЗэрэхъурэмкIэ, Мэщыкъуи, Агъбани, Тураби къысаIокIыщтыгъэ тIэкIу-шъокIухэр сшIошъ хъущтыгъэхэп шъхьакIэ, жьыбгъэ щымыIэу къурэ сысырэп зыфаIорэр шъыпкъэ. Джары Колэси къызэплъэкIыжьызэ, гъогу зыфытехьагъэри... Айнар? Зыуи арэп хъулъфыгъэгур зэрэбгъэпцIэщтыр, ащи зикъэбар щымыIэ Рэдэд щыгъупшэжьыгъэу, бзылъфыгъэгуми уицыхьэ тебгъэлъ дэдэ хъущтэп, зыгорэу зыкъыфишIызэ зытырегъэнэцIыхьэмэ, къегъэгугъэмэ шIэ?.. СшIэрэп ащыгъум...»

— Адэ ежь, Нахьлъэш цIэплъыр, КъэншъаоI зэрэIукIагъэр къыуиIуагъэба? — зэгупшысэгъэ пстэумэ ыгу къызэкIагъэаплъэу Къоданэ къэупчIагъ, иджэуапи хьазырыпсыгъ:
— Уизакъоп, сэри сшIуиушъэфыгъ ар!

Чэчанэ зэхихыгъэм шъхьэр къыригъэпхъуатэзэ, нэплъэгъу упчIэ фыригъэдзыгъ, къыраIожьыщтыми пымылъэу ежь зыгъапэщтыгъэр къыжэдэзыгъ:

— СшIэрэп ныIа... О къапIори, Нахьлъэш къыIуагъэри зэфэшъхьафы.

— Уицыхьэ къыстелъба?

— Сыд пае къыптемылъын, ащ фэдэ НахьлъэшкIи къысфэIонэп.

— Нахьлъэш иIоф зэхэсфынэу уадэжь сыкъэкIуагъэп, Чэчан!..— Къоданэ ымакъэ зыкъышIуипхъотагъэми, зиIэжэн кIуачIэ зыхигъотэжьыгъ: — Къысфэгъэгъу, сымышIэрэм сырыгущыIэрэпышъ ары. Ащ шыхьатыкIэ къытеуцощтыр Къэншъау, ау ари тизэхэфынэп. Сэ мыщ сыкъэзыщагъэр фэшъхьаф...— «есэрэIуа-есэрэмыIуа, сыкъызэхишIыкIыщта-сыкъызэхимышIыкIыщта» ыIозэ, Къоданэ зэупчIыжьыщтыгъэми, ахэр щигъэзыягъэх, къызфагъэкIуагъэм ышъхьэ къырихыгъ: — Ау, унахьыкIэшъ, сыгу къызэрэуабгъэрэмкIэ къезгъэжьэн. Гъогууанэ техьэгъэ уятэжъ укъызэрэкIэмыупчIэрэр сэгъэшIагъо.

— Ащ икъэбари сыщыгъуаз,— ятэжъ ыгу зэрэфэмышIур Чэчанэ къыхэщыгъ,— Нахьлъэш къысфихьыжьыгъ.

— Сыд ыIуи?

— Пантикапей Iузэжъум зэрижъугъэкIыгъэр ары.

— Нахьлъэш тигъусагъэмэ, сыдэущтэу шыхэр къыщэфыжьыгъэх?

— Шъущэгъахэхэу къышъуихьылIагъэти, аблэкIышъугъэп,— ягъусагъэ фэдэу Чэчанэ къыпиупкIыгъ.



— О сызхаплъэрэм,— Къоданэ джы зыфэщыIагъэп,— Нахьлъэш цIэплъым ыIуагъэр ары нахь, тэ къыуатIорэр къыбгурыIощтэп.

— Зэ мы лIым ыуж шъуикI!..— Чэчани къыхихыгъ.— СятэжъышIоп. Нахьлъэш фэдэлIыр гъусэкIэ ымыштэу, сятэ зыукIыгъэр зыдырищэжьагъ, зэрэ Къосэгъоу къыздигъэхьащхыгъ... Къезгъэжьагъэшъ, сыушъэфынэп. Сыда, сятэжъи шъуапэ зэритэу, шъузэхэуцуи, зыщыщ тымышIэрэ Шыупащэ Рэдэд ычIыпIэ зыкIижъугъэуцуагъэр? ГъэшIэгъона пщы щагум дэтымэ, сикIал, сшынахьыкI раIомэ, иIоф зыхэлъи, зыхэмылъи ахэзылъхьэрэ Рампэси узэндыжьэу шъхьащытмэ...

— Чэчан!..

— КъасIорэр угу римыхьми,— къыпеожьыгъ,— тэ тIорэ горэми шъукъедэIу... Ары, байкол дзэпщыкIэ Нахьлъэш ыцIэ къызыраIом, пхъэдз ишъудзэ фэдэ шъушIи, Мэщыкъо къыхэшъухыгъ... тэри, ащ елъытыгъэмэ, Рэдэд тыпэчыжьагъэп, тцIэ къыраIуагъэп нахь... Ары пакIошъ, нэпч ишъуфыгъэ Нахьлъэш пщы щагум дэжъугъэуцогъэ Агъбан пэшъушIыгъэп. Нахьлъэш ухъумакIо Рэдэдыпщым фэшъушIыгъагъэмэ, зи къыщымышIыныекIи мэхъу. Зыпсэ бэшIагъэу агъэгъугъэ Рэдэд хым зэпырахыгъ шъоIошъ, шъулъэхъу. Ары, Къодан, умыгъэшIагъо, Нахьлъэш изакъоп, зэрэ Къосэгъоу рэгущыIэ. Янэ закъу ыкъо зэрэщымыIэжьыр зышIошъ мыхъурэр. Ари ныба, сыдэущтэу угу ебгъэбгъэн... Ау АйнаркIэ ышIагъэр епэсыгъэп...

— Сыд ышIагъэр? — Къоданэ зэхихыгъэм къыкIигъэщтагъ.

— Зыфэхъурэм сыд ышIэми, къырегъэкIу,— гуимылъ тхьагъэпцIышъокIэ Чэчанэ щхыпцIыгъэ.— Скъо икъэщэныгъ ыIуи, Айнар зэрищэлIэжьыгъ...

«ЗэрэхъурэмкIэ,— Къоданэ ыIуагъ,— тэ тымышIэрэ Iаджи Мэзыбэ къыдэхъухьэ, пщы нэплъэгъу зытемытыжь Къосэгъуи къехъухьэ. Зыр дгъэшIагъозэ, нахь гъэшIэгъоныжьыр къыкъокIы. Чэчанэ мыщ фэдэу Рэдэд къыфыкъокIыжьын Iоу хэта зышIагъэр? Колэси, тэри тызэрэмыгугъагъэу къычIэкIыгъ мыр... Псэлъыхъоным къыщыуцурэп, пщыгъо Iофхэри зэрегъафэ, Нахьлъэши къытпегъэуцу. Ахэр къезгъэIон уцогъухэр иIэкIэ сенэгуе. Хьакъари, Шэныби, НэтIаий ыкIыб къыдэуцуагъэнхэ фай. ХьакIуцухэр

армэ, къушъхьэ къогъумэ къакъозэрэгъэплъых, мэз цунэмэ къахэзэрэгъэплъых. Непэ Рампэс гуащэми Мэщыкъо дзэпщыми заlусымыгъакlэ хъущтэп. Мыщ къыlуагъэри къыфэмыlошъугъэри зыпкъ къикlырэр Нахьлъэш цlэплъыр ары, ащ укlэупчlэжьынэу щытэп. Гукlэгъу джэуапынчъэм кlалэр делэ ехъулlагъ, ау зыгорэкlэ мыджэуапынчъэмэ?.. Ащыгъум Рампэс ышlагъэм сшlэрэп есlолlэщтыр...» – Етlанэ, ежь зэриlожьрэм фэдэу, Къоданэ къышlудэлъэтыгъ:

– Зэрэхъурэмкlэ, зышъхьэ щымыlэм ищыд хьэмэ ашхы...– Къоданэ ышъо къыхихэу къэтэджыжьыгъ.

– Уилъэгъун къэмыlоу уежьэжьыгъ,– Чэчанэ къэгузэжъуагъ.

– Сыд пае къэсымыlуагъ?! – нэплъэгъу дыскlэ къызэбэнэкlыгъ Къоданэ.– Сищыкlагъи, симыщыкlагъи ор-орэу къыстептэкъуагъ, угу илъыр сэбгъэшlагъэ... Сэ гыякlо мыщ сыкъэкlуагъэп, зыкъэозгъэшlэжьы сшlоигъуагъ. Рэдэд апэ къоуцощтмэ уащыщ сlозэ, фагъэlугъэ къэбарыр пшlошъ бгъэхъугъэ. Нахьлъэш зыфэдэр пшlэзэ, ыгу укъызэригущыlыкlырэр къыопэсыгъэп, зыфэе шъыпкъэр фэошlэ. Темрыкъокlи узафэп. Нахьлъэш цlэплъым иакъылкlэ умыпсэу. Рампэс тхьамыкlэр чlыпlэ къин зыщифагъэм ыблыпкъ укlэуцоным ычlыпlэкlэ, ужэ къыдахьэрэр еоlуалlэ. Ар лlыгъэм щыщэп, зыкъэшlэжь.

– Айнар ыдэжь зэраригъэщагъэр лlыгъа? – зыгъапэщтыгъэм Чэчанэ къызэтыричыгъ.

– Ащ фэдэ зышlэн бзылъфыгъэп Рампэс.

– Пшlошъ мыхъумэ, апэ узlукlэрэм еупчl.

– Чэчан, сlонэп сlуагъэ шъхьакlэ, нахьыжъ-нахьыкl умыlожьэу уиерпыжьыгъэ щыгъэт! – Къоданэ кlэкlэу къыгъази, къызэрэфэкlуагъэмкlи ыгуи, ышъхьи зэбгъэжьэу унэм икlыжьыгъ.

«Зэ моу Нахьлъэш мазэ горэмкlэ Хьакlуцу зыкъыщежъугъэгъэпыт,– Чэчанэ шъхьаныгъупчъэм lулъэдагъэу шэсыжьырэ Къоданэ гукlэ кlэлъиlуагъ,– теплъын етlанэ къышъохъулlэщтым!..»

Урам къэгъэзэгъум Къоданэ зынэсым, ос макlэм хэтэу зыlуупlагъэр Мэщыкъоти, щхыгъэ.

– Фэсыжьапщи, Къодан. Шlуфэс къэмыхызэ, сыд узфэщхырэр?

– Чэчанэ моу джыдэдэм къысфидзыгъэр ары.



– Сэра зыфэгъэхьыгъэр?

– Хьау.

– Шъузыдэкlыгъэм щегъэжьагъэу Чэчанрэ сэрырэ тызэшlоп.

– Сыд къышъохъулlагъ? – зэгуцафэщтыгъэм Къоданэ кlэупчlагъ.

– Сэри, сшыпхъу цlыкlу Анысэти, Айнари тфызэхэмыфызэ, Нахьлъэш тазыфагу къыдэлъэдагъ.

– Ащыгъум сэри сызыхэшъулъыт.

– Сыдэущтэу ащыгъум джы нэс ихьакlэщ укъисыгъ?

– Колэс иушъый фэсхьыжьыгъэти, сыкъисын фаеу хъугъэ.

– Гурыlуагъа?

– Сыгугъэрэп.

– Некlо, Рампэс къыожэ. Шъуикъэбар Нахьлъэш къытфихьыжьыгъэми, Рэдэдкlэ игугъапlэ темых.

– Арэп, Мэщыкъу,– заулэрэ кlуагъэхэу Къоданэ къэупчlагъ,– сыдэу Нахьлъэш цlэплъыр къэбар закlа?

– Джыра Нахьлъэш зыпшlэрэр? Зыфигъэlужьырэм фэдиз къэбар пылъ.

– Ари тэрэз. Джы, апэ укъысlукlагъэшъ, Мэщыкъу, Чэчанэ къысиlуагъэм сыкъыкlэупчlэщт. Рампэс гощэшхом Айнар зэрэзэрищэлlэжьыгъэр шъыпкъа?

– Мы ос шъабэр къызэресрэм фэдэу шъыпкъэ.

– Егъэзыгъэ хэлъа?

– Тэ зэтщэлlэжьынышъ, Анысэтрэ арырэ зэпшъэшъэгъухэба, тяни ашъхьащытэу щызгъэlэных сlогъагъэ шъхьаекlэ, ежь Рампэскlэ зигъэзагъ. Ипшъэшъэжъыем фэдэу епlу, елэжьы.

– Айнарэ аущтэу, ыгу къызэрэриlоу зекlуагъэмэ,– Къоданэ къыхэкуукlыгъ,– тхьэхэри къыдэгущыlагъэхэщтын, шlу щыl, Рэдэд псау!

## IX

Гъогу техьэрэр гъогу тенэрэп. Ар цlыфмэ агъэунэфыгъ, ау чlыпlэ къин имыфэхэу lузэжъу зэпырыкlыгъэ Колэсрэ Темрыкъорэ Пантикапей къызэранэкlыгъэми, Феодос блэкlынхэ алъэкlыгъэп.

Византие хэгъэгум икъэлэ заулэу хы ШӀуцӀэ къохьэпӀэ нэпкъым Ӏутэкъуагъэмэ, урыммэ зэраӀоу, тхьэмэ ятын Феодоси ащыщ. Адырэ къалэмэ ялъытыгъэмэ, унэгъо мин тӀокӀ фэдиз зыдэсэу, гъэришъэ пчъагъэхэр зыщызэблащырэ икъоухьэуцупӀэу нал теплъэ зиӀэр иджабгъукӀи исэмэгукӀи икъушъхьэ пцӀанэмэ жьыбгъэ зэфилъ-зэпеомэ ащаухъумэ.

Нэплъэгъум къифэрэр зэкӀэ имыщыпэлъэгъуми, гопэ-гумыштэ горэ къыхалъхьэу, игъуси зызэришӀрэр ымышӀэу, ащи тӀэкӀу шӀэ къэс Ӏуплъыхьэзэ, къоухьэуцупӀэр къызэлъагъом, Колэс къыӀуагъ:

– Джары, Темрыкъу, тыкъэсыгъ, ау тиӀоф къикӀынкӀэ сыгугъэрэп. Къушъхьэтх цунтхъагъэ зырагъэшӀмэ, гур агъэтхытхызэ, хыор шхъонтӀэ-чӀыпцӀэхэр нэпкъым къыжэдаохэшъ, мыжъожъгъэй шъышъкӀэ зэкӀэлъэлъэжьых. Хы сыджымрэ уашъомрэ кӀымэфэ пщагъом зэхеутӀэрахъэх.

«О си Тхьэшху, сыдэу мы дунаир зэхэшӀэ-зэхаблэу къэбгъэхъугъа? – Колэс игукъэкӀыжьхэр къыфыдэоежьхэзэ, хэщэтыкӀыгъ.– Сэ мыщ сызэпыращы зэхъум, сынэхэр сакӀыб щыӀэу, Феодос къэлэ цӀыкӀум инэпкъ нэцӀэфафэкӀэ сыкъеплъыщтыгъ, джы сыдэхьанэуи сыдэсынэуи сыфаеп. Гу зышӀын лӀы пхъашэ горэ къыкъокӀэу джыдэдэм икъоухьэкӀэ хым техьэмэ, гъусэ сыфэхъущт, ау тыдэ ащ фэдэлӀ къикӀын…»

– НекӀо, Темрыкъу, хыр обыяужьыфэ, псэупӀэ горэ зэдгъэгъотын,– мэкъэ ефэхыгъэкӀэ Колэс къыӀуагъ, къоухьэуцупӀэмрэ гъэрщапӀэмрэ апэмычыжьэу, унэрыхьэунэрыкӀыкӀэ чэщихыпӀэ пыут къыщагъотыгъ.

– ЧэщихыпӀэ пыутым зыдедгъэхьыхи, Колэс, тыхэукъуагъэкӀэ сенэгуе,– Темрыкъо шъхьаныгъупчъэм иплъызэ къыӀуагъ,– хым зыреутэкӀыжьы, нычэпэ тигъэгупсэфыщтэп.

– КъызэрэпӀорэмкӀэ, Темрыкъу, хыолъэ макъэр къыокӀурэп. Сэри джары зэгорэм ар къызэрэсщыхьуущтыгъэр, ау узэмысэн щыӀэп.

– ГъэрыпӀэм уеуцолӀэнэуи?

– Ащ ор-орэу джэуап къептыжьыгъэшъ, гъэрщапӀэм щыпцӀымамэрэмэ ягукӀае зэхэсымыхыным пае, хыолъэ гурымыр апэ къэсэштэ. НекӀо, ныбэнэкӀэу тыгъолъыжьынэп, хьалыгъу такъырырэ псы стырырэ нэмыӀэми зыӀутлъхьан.



– НекӀомэ, некӀо,– фэмыкӀэщыгъо шӀагъоу Темрыкъо къыӀуи, къыпигъэхъожьыгъ: – Тигъогу гъомылэ джыри тынэсыгъэгоп.

Гъогу гъомылэм игугъу зэхимыхыгъэ фэдэ зишӀи, Колэс унэм къикӀыгъ. Дунаир пщагъо, хыпс сапэр зезыхьэрэ жьыбгъэм уцун гухэлъ иӀэп. Пшъэхъур зэпызыути хэхьажьыгъэ хьэ цэкъалэу уапэкӀи, уаужкӀи, уабгъухэмкӀи къыбдыричъыхьакӀызэ зыкъыбжэхедзэ, анахь фабэу уфэпагъэми, къызынэсырэр пхырегъэдыкъыкӀы. Хы гурым-щэӀур нэпкъым ретэкъокӀыгъэ къэлэ цӀыкӀум шъхьащыт. ГушӀугъэ гори къэзымыхьырэ пчыхьэшъхьэпэ уахътэри къышъхьэщэкӀуашъэ. Ынэ къыфиригъэкӀызэ ос зыхэмыт кӀымафэр къалэм техъушӀыхьэми, ищыӀэныгъэ жъот зэпыурэп. Хэти, орэлъэсы, орэшыу, иӀоф зэрефэ. Шъхьафитыр иӀоф ыуж ит, гъэрыпӀэм итыр гугъапӀэм щегъаӀэ. Зылъэ тет пстэури джары зыфэдэр. Шхэрэр, пщэрыхьэрэр нахьыб, щэрэр, щафэрэр нахь макӀ.

«Шхын зыдэтӀыгъ пэтызэ, сыда мы пчыхьэ щынагъом унэм тыкъызфикӀыгъэр? – Темрыкъо игумышӀу къыхэщэу, ежьырми Колэсми зыфэгъэхьыгъэр умышӀэнэу гыягъэ, ау гузэбгъэжь псынкӀэкӀэ зыкъишӀэжьыгъ: – Апэ къытпэуцугъэ къиныгъом гущтэ хэслъэгъуагъэмэ сшӀэрэп! Ащыгъум мы сызигъусэ нахьыжъыр сыд зыфэзгъапцӀэрэр, зыуж тихьэгъэ къосэгъупщ Рэдэди сыфэшъыпкъэп, хэсашъхьэм сцӀэ къызыщыраӀом, Нахьлъэш фэдэхэри ӀусымыгъэкӀотхэу, зэкӀэсхьажьын фэягъ. ГъэрыпӀэм уитыгъэба, къин щыуагъэлъэгъугъэба?..»

– А гъогу гъомылэр зэрэтӀыгъыр, Темрыкъу, зыщыгъэгъупш,– заулэрэ кӀуагъэхэу Колэс къызеӀом, Темрыкъо игупшысэ зэфэмышӀумэ къахищыжьыгъ,– ащ ишӀуагъэ къызщытэкӀыжьын чӀыпӀи тифэщт…

– Модэ, Колэс! – щэпкъ шъуампӀэм фэдэу къуашъохэр зезыдзэу, къухьэхэр зыгъэушъорэкӀрэ хыормэ Темрыкъо къыхагъэкуукӀыгъ.

– Зедзых! – Темрыкъо зыдиӀыгъэу Колэс бгъэкӀэ чӀым зытыридзагъ, ау псым къыхэзыгъэ къошъуапэр лӀыжъым ылъэкъо сэмэгу къыщихъуи, шъхьарыукӀорэикӀыгъ, джагъэ: – Темрыкъу, елбэт, мыжъокъогъу зышӀ!

– Оры, Колэс? – Темрыкъо къызызэплъэкӀым, зылъэкъо сэмэгу къэзылъэшъурэ Колэс ылъэгъугъ.

– Сэ слъэкӀапӀэ къошъуапэм зыгорэ къыришӀагъэкӀэ енэгуягъо...– зи къызэмыхъулӀагъэм фэдэу Колэс къыӀуагъ.– Моу мыжъо лъапсэм сигъэтӀысхь... Адэ сыдэу Ӏаеу укъысэплъыра, гукӀодыгъо щыӀэп... Модэ, модэ! ТичэщихыпӀэ зэшъхьащиутыгъ, етӀэ дэпкъхэр зэхэтакъох! – ошӀэ-дэмышӀэкӀэ зыкъэзыпхъотэгъэгъэ хыуаем къухьэуцупӀэр зэбгырытэкъуи, унэхэр зэхигъэтакъуи, зи ымышӀэгъахэ фэдэу, адыкӀэ къушъхьэ кӀыбым зыкъуидзэжьыгъ. Колэс ылъэгуанджэ Ӏэ щифэзэ, джыри къыӀуагъ: – Сэ сыӀофэп, Темрыкъу. Сэщ нахь егъэзыгъэ щыӀэнкӀи мэхъу, мохэмэ ахахь.

– Сыда сэ ахэмэ сиӀофэу ахэлъыр?!

– ЕмыкӀу къэтэмыгъахь, ахахь! Сэ ащ фэдизэу къысишӀагъэ щыӀэп. Дэпкъ зэхэуагъэмэ зыгорэхэр ачӀиубытэгъэнкӀи пшӀэхэнэп. КъызыбгъэзэжьыкӀэ, пхъэмбгъу пӀокӀитӀу къыздахь.

«Тхьэмэ ашӀомыигъоу сыд сшӀагъэр? – Темрыкъо кӀэлъыплъэзэ, Колэс зэупчӀыжьыгъ, ынэгу узым зэригъалъэзэ, бырсыр-гуӀэ макъэхэр къыздиӀукӀырэмкӀэ плъагъэ.– Е-о-ой, зыдгъэжьырэп шъхьакӀэ, илъэс тӀокӀищырэ пшӀырэ къызыбгъашӀэкӀэ, къупшъхьэхэри махэ хъущтых, гъэретми къыщыкӀэщт... Зэ, зэ, Колэс, цӀыф къемыхъулӀэрэ къыохъулӀагъэп, угу умыгъэцӀыкӀу. ЛӀыжъ горэм джыри илъэсишъэ къэбгъэшӀэщт зыраӀом, сыд къариӀожьыгъагъэр? Ащ нахь къэсымыгъэшӀэщтмэ, унэ шӀыным ыуж сихьажьынэп ыӀогъагъ. Адэ джары, бэ къэзгъэшӀагъ, слъакъо зэпыкӀыгъ, тхьэмэ ашӀомыигъо горэ сшӀагъэ сэӀо. Гъогу тыкъытехьаным ыпэкӀэ ЗекӀотхьэм цу зыфэтэукӀым, жьыбгъэми, хыми ятхьэхэм афэтымышӀагъэр къытфагъэгъугъэп, ащкӀэ сызэрагъэпщынагъэм щэч хэлъэп. Ау сыда Рэдэд илажьэр? Ары зыуж титыр нахь, тэ тшъхьэ иӀоф зетфэрэп... Зэ, зэ, тыкъагъэкӀуатэзэ, Хытхьэм фэгъэхьыгъэу Турабэ зыгорэ къыӀогъагъ, Чэчанэ сызэщифыгъагъэти, Ӏофы зезгъэшӀыгъагъэп. Темрыкъо къышӀэжьыщт... Ари сыдэу бэрэ къэтыра? Хыуаем ыгъэфыкъуагъэмэ ишӀуагъэ аримыгъэкӀыщтыгъэмэ, бэшӀагъэ къызигъэзэжьыщтыгъэр...»

ЛӀыхэр зэуж-зэготхэу Колэс зыкӀэрыгъэкӀэгъэ мыжъом блэчъыгъэх, блэкӀыгъэх. Зы нэбгыри къеплъыгъэп, къыфызэплъэкӀыгъэп. «ТхьамыкӀагъом зэрефэхэмэ, гу къыслъатагъэпщтын,– Колэс ыӀуагъ.– ШъукӀу, шъукӀу, шъуишӀуагъэ зэжъугъэкӀынхэр а лъэныкъомкӀэ щыӀэщтых, Темрыкъуи згъэкӀуагъэ. Муары, джыри лӀитӀу къэкӀо, ахэмэ гу къызэрэслъатагъэм щэч хэлъэп, къыдэхыгъэх, яшӀуагъэ къысагъэкӀынщтын... ау ахэми ащ фэдэ гухэлъ яӀэп...» ЛӀы гъурым ишъэжъые къызкъуихыгъ...– Колэс ыгу къэучъыӀыгъ, ичэтапшъи ыӀэ тырилъхьагъ, сакӀыбыкӀэ мыжъор сипытапӀ, спсэ пэтыфэ къызэзгъэкӀолӀэнхэп...

Ӏэшэ къихыгъэкӀэ хъырцыжъ лӀитӀур зичатэ къизыпхъотыгъэ Колэс ыпашъхьэ къиуцуагъ.

– Мы слъэгъурэм дышъэ ыӀыгъ,– адыгабзэкӀэ лӀы гъурым къыӀуагъ.– ТызэригъэкӀолӀэщтэпышъ, сэ ынэӀукӀэ сыӀуджакӀо фэдэ сшӀынышъ, о ыкӀыбыкӀэ къеу.

– Къин чӀыпӀэ ифагъэм деӀэх нахь, ебэнхэрэп,– ошӀэ-дэмышӀэ гугъапӀэу къыфефэхыгъэр Колэс ыгъэфедагъ,– нахьыжъ-нахьыкӀэ шъумышӀэжьэу, шъуадыгэба?!

– О къапӀорэмэ тагъапэщтыгъэмэ,– лӀы гъурыр щхыпцӀыгъэ,– Тумтэкъашъи, Пантикапейй, Феодоси титӀысыпӀэныеп, Генуий тынэсыныеп, Константинополи тыдэтыныеп... УщыӀэ пшӀоигъомэ, дышъэр къаштэ!

– Сэ къэзгъэшӀагъэм зыпсэ зыуджэгъужьыгъэ цӀыф сырихьылӀагъэп,– игущыӀэ зыригъэукӀыхьэмэ, Темрыкъо къэсыжьыным щыгугъызэ, Колэс лӀитӀум зырызэу аӀуплъагъ.– Тэ, зэлъэпкъэгъуищым, къытэхъулӀэрэр зыгорэм къысфиӀотагъэкӀи, сшӀошъ хъуныеп... Мары, тхьамыкӀэгъо ӀофкӀэ Къосэгъу щаугъоигъэ дышъэ чысэ сӀыгъ, шъухэукъуагъэп. Зыфаугъоигъэ Рэдэдыпщым зэрыфэгъэ чӀыпӀэр зыфэдэр къышъомынэсыгъэуи щытэпщтын...

– Адыгэхэр зэкӀэ зэхэзыугъоенхи, тпшъэ къыдэтӀысхьан зигухэлъыгъэ шъхьэгъажъом къехъулӀагъэр тэ тизэхэфынэп! – нахьыкӀашъо зитеплъэу джы нэс зи къэзымыӀощтыгъэм Колэс къыфидзыжьыгъ: – Къаштэ дышъэр!

– Арэу шъоӀоми, Рэдэдыпщыри, тэри тызгъапэрэ Ӏофмэ шъуапэчыжьэп...

– Тэ тызгъапэрэр пӀыгъ дышъэр арышъ,– Колэс игущыӀэ а лӀы дэдэм къызэпиутыгъ,– земыгъэукӀыхьэу къаштэ!

«Темрыкъо къыӀухьажьыфэ згъэӀорыжъорыных е згъэдэӀоных сӀуагъэ шъхьакӀэ,– Колэс иамалынчъагъэ къыгъэгужъыягъ,– мы слъэгъухэрэр къызэрэоплъынхи, къэзыубытынхи щыӀэп, ау сыд ямыцӀыфыгъэми, тхьамыкӀэх, хэгъэгунчъэх, ошъончъэх, тхьэнчъэх».

– Мы дышъэ чысэр,– Колэс чыситӀум яз мыгузажъоу ыгужъуакӀэ къыдихыгъ,– къышъостырэп, стешъохы нахь, ау цӀыфмэ япкӀэнтӀэпс къыхэкӀыгъэ мылъкум иягъэ къышъомыкӀымэ, ишӀуагъэ къышъокӀынэп.

– Джар Ӏоф шъхьаф! – дышъэр зыпхъотагъэм ыгужъуакӀэ дикозэ, игъусэ риӀуагъ: – НекӀо!

– Мыр тымылӀыжьэуи!

– Къо укӀыгъэм сэ хэпсэжьэу, умыутӀэба?! НекӀо, модэ зыгорэ къэкӀо!

Темрыкъо етӀэмэӀу-псымэӀоу, пхъэмбгъу пӀокӀитӀуи ыӀыгъэу къыӀулъэдэжьыгъ, шӀу зэрэщымыӀэм къыгъэгузэжъуагъ:

– Хэт щыщых къыпшъхьэщытыгъэхэр? Сыд зыфаехэр?

– Тилъэпкъэгъух, мыутӀэх... Спсэ дышъэкӀэ сагъэщэфыжьыгъ...

– ХьитӀум азыфагу къыдэзыгъэх!..– Темрыкъо хъырцыжъмэ алъежьагъ, Колэс лъыджи шъхьаем, къыфызэплъэкӀыгъэп.

Колэс зэрэамалынчъэр гузэжъогъум щигъэгъупшэжьыгъэу къэтэджынэу фежьэгъагъ шъхьакӀэ, лъэкъо узым зырыригъэдзыхыжьыгъ, Темрыкъо зыдэчъэгъэ лъэныкъомкӀэ гуӀэу плъагъэ, дэӀуагъэ. Чэтэ зэпео-зэпэжъынч макъэхэри къылъыӀэсыгъэх, зыгу еӀэжьыгъэ цӀыф мэкъэ Ӏутхъыгъи къеӀугъ, заулэ тешӀагъэу лӀы гъурыр Темрыкъо къыфи, Колэс ыпашъхьэ къыригъэзыхьагъ.

– Мыра, тхьамэтэ маф, укъэзыушъхьакӀугъэр?

– Мыры, ау гъуси иӀагъ...– дышъэр зэригъотыжьыщтым игушӀуагъо шъхьакӀор къытекӀоу, Колэс къыӀуагъ.

– Зигугъу пшӀырэр, Колэс,– гугъуемылӀэу Темрыкъо зэплъэкӀыгъ,– хьэжъ укӀыгъэу чэу лъапсэм кӀэрылъ.

– Ора Колэс зыфаӀорэр, тхьамэтэ маф? – лӀы гъурым лъэгонджэмышъхьэкӀэ лӀыжъым ыпашъхьэ зыщыридзыхыгъ.– Сыдэу зытэмыгъэшӀагъ... Мары уидышъи, ащ нахь мымакӀи къисэгъэгъусэжьы. Титхьэхэр шъосэгъэлъэӀу, лые къысэшъумых... НекӀо шъуӀомэ, гъусэ сыкъышъуфэхъун...

– О цӀыфыгъэу уиӀэр ары ныӀэмэ, сыкъыпщыгугъэу гъогу уздытесщэнэп...– игукъауи, гукӀэгъуи, гуплъыгъи зэхэтэу шъхьэр ыгъэсысызэ, Колэс хэщэтыкӀыгъ.– О гъусэ утшӀын нахьи хьэ дэгъушӀу тхьэмэ гъусэ къытфашӀ. Ппсэ къынэсыгъэхэти, акъыл къэбгъотыжьыгъ, ара? УттӀупщыжьыгъэкӀи, уихъырцыжъыгъэ хэунэжьынэп... Сыд тижъмэ аӀорэр, бзаджэм ихьэ къыоцэкъэн нахьи цӀыфышӀу ихьэ тхьэмэ уарарэгъэшх...

– Сигъусагъэм, тхьамэтэ маф, уезгъэукӀыгъэпи! – ынэшъэ-уашъэ къихьэрэ щынагъом лӀы гъур хъырцыжъыр къыкӀигъэпцӀыикӀыгъ.

– Сиамалынчъагъэ шъукъимыубытэу шъхьакӀо къысэшъухын нахьи чатэр жъудэсӀыгъэу зышъозгъэукӀыгъэмэ нахьышӀугъ. СанэӀу ищ, Темрыкъу, мы нэпэнчъэр!..

Зичатэ хъырцыжъ паӀомкӀэ зылъэкӀыжьызэ, мыжъо къогъум къыкъокӀыжьыгъэ Темрыкъо къыӀуагъ:

– Хъырцыжъыр уакӀыб зэрэдэсыукӀыхьагъэр емыкӀу къысфэмышӀ, Колэс.

– ЦӀыф зэфэ пчъагъэу ӀэкӀэкӀодагъэмэ апсэ бгъэгъужьыгъэкӀэ, емыкӀу къыпфэслъэгъуна? – Колэс къыӀуагъ.– Ау уязгъэукӀыгъэп зэриӀуагъэр шъыпкъэ.– Зэпыугъо макӀэкӀэ къыпигъэхъожьыгъ: – Къо укӀыгъэм сэ хасэжьырэп ыӀомэ щхыпцӀызэ, зэрэӀукӀыжьыгъэр зыкӀыщыгъупшэжьыгъэр сшӀэрэп нахь... Бзэгу ӀэшӀу гу шӀой зыфаӀорэм фэдагъэщтын... Ари сикъиныгъомэ ащыщэу тхьэмэ къысфаухэсыгъагъэу къычӀэкӀын. Джы, Темрыкъу, хыуаеми хъырцыжъхэми тыкъызялыжьыгъэкӀэ, мэзахэ мыхъузэ, слъакъо зыгорэ етэгъашӀ. СлъэкӀэпӀэ къупшъхьэ зэпыкӀыгъ... О укъэтыфэ тӀэкӀу сызэӀэзэжьыгъ шъхьакӀэ, зэпызгъэуцожьыгъэгъэ къупшъхьэ цыпитӀур хъырцыжъмэ зэшъхьащафыжьыгъэкӀэ енэгуягъо...

Темрыкъо фэсакъыпэзэ, Колэс ылъакъо пхъэмбгъу пӀокӀитӀур тырилъхьи, ыпхызэ, егыигъ, еушъыигъ:

– Сэ уӀэгъабэ зэуапӀи, гъэрыпӀи ащыспхыгъ, Колэс, ау мыщ фэдиз кӀуачӀэ къыздипхырэр сшӀэрэп, щэӀэгъэшхо пхэлъ.

– Уегъэзыгъэ зыхъукӀэ, узэмыуцолӀэн щыӀэп,– Колэс къесэмэркъэужь фэдэ зишӀыгъ шъхьакӀэ, игукъао къышӀудэоягъ: – Слъакъо нахьи тихыикӀ мыщ зэрэщытыухыгъэр нахь къысэхьылъэкӀы. Зехьанэу гъогу сыкъытенагъ. Сижъышъхьэм, семыгупшысэу, мыхъун сшӀагъэ. Къоданэ езгъэгъэзэжьын фэягъэп. Нахьлъэш цӀэплъым нахь Ӏазэхэри Феодос дэсыных. Шъо гъогу шъутезгъэхьанти, мыщ сэ сыкъыщышъожэни...

– Къоданэ тигъусагъэми, уизакъоу укъэдгъэнэныеп, къыпфэтымышIэщтым, Колэс, уемыгупшыс. Плъакъо къедгъэIазэхэу нахьышIуIо узыхъужьыкIэ, Къосэгъу унэзгъэсыжьынышъ, нэмыкI гъусэхэр сиIэхэу, мэфэл темышIэкIэ гъогу тыкъытехьажьын.

– Ащ нэс Рампэс тхьамыкIэм сыд кIэхэкIын, Рэдэд къехъулIэщтыри къэшIэгъуае...– Колэс хьылъэу хэщэтыкIыгъ.

## X

«Джэнэ мылажьэрэ лэжьэ мыIотэжьрэ щыIэп...»

Рэдэд бэнакIо тыгъуасэ Салоникэ къызащагъэм щыублагъэу джа гущыIэжъыр ышъхьэ икIырэп, щыгъупшэжьыным тещыныхьэ пIонэу, гукIи къыкIеIотыкIыжьы. Ар къэс Колэсрэ ГъучIыпсэрэ ынэгу къыкIэуцох, ТIатIыхьуи, Емзэщ гъукIэри, Пщымафи, Джэбэгъи, нэмыкI лIыжъ Iушхэри инэплъэгъу кIэсыкIых. ЧIыпIэ къин зыщифагъэм къыщегъэжьагъэу Мэщыкъуи, Чэчани, Шыупащи, иныбджэгъу Адышэси ицыхьэ атемылъэу нэгъэупIэпIэгъу къекIурэп. «Тураб адэ? Айнар зэребэныгъагъэр ары нахь, цIыф дэеп, ау хэт ышIэрэ ыгу къэкIыщтыр... Айнарэ ыкIыб ШыуапащэдэтыщтымэI,– мы аужырэ мэфэ заулэм щхыпэ къызэмычъэгъэ Рэдэд IугушIукIыгъ,– Тураби, хэти IапэкIэ тыригъэIэбэнэп, ужъыкIи укIэкIи къыпфидэнэп. Анысэт шIу зэрилъэгъурэр сшIэ пэтызэ, хьаулыеу сишъэогъу Чэчани сегуцафэщтыгъ. Анысэта шIу умылъэгъуэщтыр!.. ЗыгорэкIэ къэмыщагъэу сыкъышъухэфэжьмэ, апэ къыбдэшэсыщтмэ сащыщ, Чэчан! Непэ сызэбэныщт нэбгырищымэ сатекIоу, Панатидэ мылъку къыфэсхьымэ, шъхьафит сишIыжьынэу сыкъигъэгугъагъэшъ, зибэ щышIагъэм имакIэ щышIэжьын... ХьакIуцухэр гупсэфыжьыгъэха шъуIуа? Даур тхьамыкIэри ахэмэ якIодылIагъ... Пыи зезгъэшIэу Нахьлъэш цIэплъым Аспарыхъу зыкъырезгъэщэн нахьи, хьакIуцумэ апэIусыдзэгъагъэмэ нахьышIугъ...»

– ТибэнакIо иепэгъогъохыкIэ сыгу еIурэп,– ухъумэкIуищым яз къызеIом, Рэдэд игупшысэмэ къахэужьыгъ, сыд мыр зыгъэгумэкIырэр къыригъэкIэу зэдзэкIакIом Iуплъагъ.

– Гугъу уехьы,– еIо Костас.

– КъысфэгумэкIа?

– УатекIомэ, уатIупщыжьынэу аIуагъэшъ, уишъхьафитыныгъэ укIэмыгушIоу шIу къыбдэхъущтэп,– урымыбзэр джыри къыфызэрадзэкIыжьыгъ. Рэдэди ардэдэм ыIитIу ухъумакIом фищэигъ.

– Слъакъомэ ателъыр икъущт, сIэмэ пшъэхъур атех.

– Ар зыIэ илъыр орышъ,– Костас къыриIожьыгъ,– умыгузажъу, зыгъэхьазыр.

– Сыд мыр Iогъу-шIэгъу зыфэпшIыгъэр? – ухъумэкIо нахьыжъым ыдагъэп.– Ишъхьафитныгъи зызфебгъэгъапэрэр?

– АтезгъакIо сшIоигъу.

– АтебгъэкIонышъ, тэ Iофынчъэу тыкъэбгъэнэщт ара? – ящэнэрэ ухъумакIоми нахьыжъым къыдыригъэштагъ.

– Ар сэрэп, Панатиди зэшъуIощтыр,– Костаси афызэкIэкIуагъэп.– ШъощынэмэI, лIыкIо сышъуфэхъун.

– Хъугъэ, тысэмэркъэугъэ пае...– ухъумэкIо нахьыжъыми кIилъэшъужьыгъ.

Зэфэсакъмэ зэщыщынэжьыхэзэ, ухъумакIохэр унэм изэрэщыгъэх, къизэрэщэжьыгъэх. Костас зэдзэкIакIом къыгъэзэжьыгъэп. Щыри пчъэ ихьагъум дэжь Iус, зэдэгущыIэхэрэп, зэплъыхэрэп. ГъучI хьагъэкIэ гъэпытэгъэ шъхьаныгъупчъитIур лъагэ, мыжъо унэшхор нэкIыбзэ фэд – тыдэкIи макъэ къиIукIрэп.

«Мыхэр зэфэзгъэгубжыгъэхэр сэрмэ,– зынэIу дэгъэзыягъэу мыжъо етIэбаим телъ Рэдэд гукIэ щхыпцIыгъэ,– щыми сатекIуагъ.– Ау Костас къызэрэздэгущыIэгъэ шIыкIэм зыгорэ хэлъ. Нахьыпэрэм фэдэу непэ къысэцэлэшхагъэп, къысэдысыгъэп. ЗэрэхъурэмкIэ, сишъхьафитныгъэ егъапэ. Сыда? Ыгу шIу къысфилъа, хьауми гухэлъ горэ къысфыриIа? МыдыритIур къызэрэсфыщытхэр нафэ, сишъхьафитыныгъэ къягооцт. Адэ джары, сэри сэгугъэ, мыхэри мэгугъэх. «Джэнэ мылажьэрэ лэжьэ мыIотэжьрэ щыIэп» аIошъ, сиджани лэжьэн, ау сэ сафэлэжьэнэп. СыкIал, скIуачIэ из, сыгу сымыгъэкIодмэ, сIотэжьын. Ари зы ушэтынэу титхьэмэ къысфахьыгъэщтын. Мары, ти Тхьэшхо-Тыгъэ зэкIэми тыризэфэд шъхьакIэ, загъорэ къызэрэтфэмыразэр огъукIи, машIокIи, жьыбгъэкIи къытегъашIэ. Сэ мыщ сыкъызэрахьыгъэми лъапсэ горэ иIэнкIи мэхъу, ау сищыIэныгъэ сыхэгупшысыхьажьышъ, сызфэп-

щынэн зыдэсшӀэжьырэп… Шъо симыхьакъ горэ къыстешъолъхьэмэ, тхьэмэ апашъхьэ шъузэрэщыхэкӀыжьышъу…»

Пчъэ макъэм Рэдэд игупшысэхэр зэпигъэугъ, къызщигъэтэджыкӀыгъ, къихьэгъэ зэдзэкӀакӀом риӀуагъ:

– Ныпчэдыжь нэс Панатиди къэлъэгъуагъэп.

– Уфэзэщыгъа? – къесэмэркъэуми, ишъыпкъэми умышӀэнэу къыфидзыгъ.

– Адэ, пчыхьашъхьэ сыбэнэщтэу, моущтэу сызэкӀоцӀыпхэгъэщта? – Рэдэд ерагъэу зиӀажэщтыгъэми, игумышӀу къызэрэтекӀорэр иухъумакӀомэ зэхашӀэу, зэрэмышӀэ нэплъэгъур зэфадзыгъ.

– Мары, джыдэдэм Панатидэ къэкӀощт,– идыс упчӀэ Костас хигъэкӀокӀэжь шӀоигъуагъ шъхьакӀэ, Рэдэд къыригъэкӀыгъэр нэмыкӀ: зыгорэкӀэ мыхэр кӀэгъожьыгъэхэмэ, зыфагъэгугъэгъэ шъхьафитыр къимыкӀыжьыщтмэ ыӀуи, гуӀэ нэгукӀэ еупчӀыгъ:

– ШъуиӀоф зэпыфэрэба?

– Ащ фэдэ сэ сшӀэрэп, Панатидэ хъурэр къыӀон,– ымакъэ теубытагъэ хэмылъэу Костас джэуап къытыжьи, гумэкӀ горэ къыхэщэу, ышъхьэ ригъэзэкӀыгъ.

«КъаӀорэп нахь, мыхэмэ зыгорэ сшӀуаушъэфы…– Рэдэд зыгъэгумэкӀыщтыгъэ упчӀэм джыри къыкӀигъэщтэжьыгъ, зыкъаримыгъашӀэу ухъумакӀохэми афыреплъэкӀыгъ, игущыӀэгъуи фычӀэплъыгъ.– Ахъщэ Ӏофа, хьауми ицыхьэ къыстелъэу зысегъэгъэпсэфы еӀошъ ара?.. Сэ сишъхьафитныгъэ уасэкӀэ сыжъугъэбэнэ къодыий, шъо шъуӀощтыми шъушӀэщтыми шъуфит.– Ардэдэм къышъхьэрыогъэгъэ ошӀэ-дэмышӀэ гумэкӀыр Рэдэд щызгъэгъупшагъэр ынэгу къыкӀэтэджагъ, Мэзыбэ пэмычыжьэ къушъхьэтх цакӀэм зизакъоу тет остыгъэе чъыг ищыгъэ цӀыкӀоу Айнарэ фигъадэщтыгъэр зелъэгъум, сыд фэдизырэ теплъагъэми зэрэфэкӀэщыгъуагъэу, джыри ӀугушӀукӀыгъ: «ТызэкӀэрачыгъэми, Айнар, усщызгъэгъупшэн мафи къысфыхэкӀыгъэп. КъэошӀэжьа, псыхьэ Пшъадэ укъыдэкӀыжьыгъэу тызызэӀокӀэм, а чъыг псыгъо цӀыкӀур озгъэлъэгъуи, ар оры къыосӀогъагъ? Мэзым изакъоу хэчъи, сыда къушъхьэтхым ар зыфыдэчъэягъэр пӀогъагъэ. ЗэкӀэри ылъэгъу, ежьыри зарigъэлъэгъу шӀоигъоштын зысэӀом, зэрэмыдэгъагъэри, нэшӀу-мышӀу пчъагъэхэр зэпэпщэчыхэу уизэкъон нахьи, узщыщмэ яжьау учӀэтмэ нахьышӀу къызэрэсэпӀогъагъэри сщыгъупшагъэп…»

Ухъумак1омэ къахэтэджэгъэ губж-зэфилъым Рэдэд игупшысэхэр зэпигъэугъ. Ӏофы зыримыгъэшӀ фэдэу, Рэдэди Костас еупчӀыгъ:

– Сыда мыхэмэ атезэрэхырэр?

– Оры,– тӀэкӀу тыригъашӀи, зэупчӀыгъэм къыриӀожьыгъ.

– СиӀизын хэмылъэу сыд мыщ тымышӀэрэ бзэмкӀэ джыри узыфыдэгущыӀэрэр! – тэмэ инхэр упэпцӀыгъэу, ынэхэри къилыдыкӀэу ухъумэкӀо нахьыжъыр къызщытэджыкӀыгъ, ащ нахь мыцӀыкӀоу игъуси къыгоуцуагъ. УрымыбзэкӀэ Костас къыфадзыгъэм къикӀырэр Рэдэд ымышӀэщтыгъэми, зэрэмышӀур къыгурыӀуагъэу къэтэджыгъ, пшъэхъу-лъэхъу жъгъыур хэӀукӀэу афакӀо ээхъум, ухъумакӀомэ ячатэхэр къыфаупэпцӀыгъэх. Ардэдэм Панатидэрэ Онасисрэ зэуж итхэу пчъаблэм къыдэкӀыгъэх.

– Сыд мыщ къихъухьагъэр! – Панатидэ зэмыжэгъэ щынагъом къыхигъэкуукӀыгъ.– Чатэхэр жъугъэтӀылъ! – ЕтӀанэ псынкӀэу, зытекууагъэмэ апымылъыжьэу, нахь мэкъэ шъабэкӀэ, ау ипытагъэ щимыгъакӀэу Костас еупчӀыгъ: – СибэнакӀо сыд зыфагъэгубжыгъэр?

Костас хъугъэр зытетым тетэу Панатидэ фиӀотагъ. НэшӀукӀэ Рэдэд къеплъымэ, къызэрэкъотыр ащкӀэ къыригъашӀэзэ, зызэригъэзэкӀи, пчъэӀум зыщизытӀэгъэ ухъумэкӀуитӀумэ Панатидэ афидзыгъ:

– СыкъызфэмыкӀорэм сибэнакӀо къыкӀэупчӀагъэмэ сыд хэлъ? ЫбзэкӀи жъугъэгущыӀэжьыщтба? Мы къасӀорэр бэнакӀом фызэдзэкӀ. Тазыфагу шъэф зэрэдэмылъыри, пчыхьашъхьэкӀэ сицыхьэ зэрэтелъыри, сӀуагъэр зэрэзэкӀэсымыхьажьыщтыри ерэшӀ. ЛӀы пхыгъэр къызэрэсфэжъугъэгъунэрэр лӀыгъэкӀэ зыфэшъолъэгъужьмэ, сшӀэрэп ащыгъум… паӀо зэрэшъущыгъыри, шъупакӀи, шъужакӀи пкӀэнчъ, къышъостырэ лэжьапкӀэри хьаулый… СибэнакӀо тыкъимыгъэукӀытэжьынэу шъуфаемэ,– джы нахь шъэбагъэ хэлъэу, ыгу филъ шъыпкъэри къызхимыгъэщэу къыӀуагъ,– ыӀи, ылъакъуи шъутӀатэ, ыгукӀи, ыпкъыкӀи зежъугъэгъэпсэф. Ары, ары, сицыхьэ темылъыгъэмэ, ар шъозгъэшӀэщтыгъэп. Ежьыри мыхъун ымышӀэнэу, симыгъэпцӀэнэу сыщэгугъы.

– Аущтэу оӀомэ, Панатид,– Ӏэхъу-лъэхъур тезыхыгъэ ухъумэкӀо нахьыжъым ыгу фижъэжъыкӀыщтыгъэми пымылъэу, къыраӀокӀ фэдэзэ шъхьаихыгъэкӀэ къыраӀогъа-

пэм Рэдэд джэуап ритыжьыгъ,– пцIы шъоупс нахьи шъыпкъэ дыдж аIошъ, титIуи тиIуагъэ тепцIыжьынэп.

– ЗэкIэри нычхьапэ зэлъытыгъэщтыр орышъ, сигугъапIэ къэгъэшъыпкъэжь,– Панатидэ къызэрэлъаIорэр нахьыбэу къыухыжьыгъ.

– Шъыпкъэр пкъэу пытэмэ,– шъхьэм къыфечъэгъэ гущыIэжъкIэ Рэдэд джэуап къытыжьыгъ,– пцIыр цIэнлъагъомэ, сыд пае нахь дэим ущыгугъын. СыкъэдаIо, Панатид.

– Сыд узэзгъэдэIущтыр?

– Пчыхьашъхьэба сызыбэнэщтыр?

– Пчыхьашъхь,– ежь зыщымыгъуазэ горэм къэупчIагъэр щыгъуазэ къыщыхъоу, Панатидэ шъхьэр къызэрипхъотагъэр хигъэкIокIэжьыгъ,– зэп, щэ узэрэбэнэщтыр. Зы мэфэ гъэпсэфыгъо къыпфыдагъэфэнэу сыфэягъ шъхьакIэ, сыздагъэгущыIагъэп.

– Щэ сызэрэбэнэщтым сигъапэрэп, къыспагъэуцущтмэ хэшIыкI афыуиIэмэ сэIо нахь...

– КъыуаIоща! – Панатидэ гущыIэр Рэдэд къыригъэухыгъэп, пцIы къыфиусыгъ.– Джа лIы шIуцIэу хэгъэгу фабэ горэм къыращыгъэми, адыритIуми сатеплъагъэп, ау кIочIэшхох аIо. Сэри къэбарыхьэхэр къысфэкIогъагъэх, къолъхьэ дэгъуи къысатынэу фэягъэх, къызэзгъэкIолIагъэхэп нахь, сибэнакIо шъуапашъхьэ къызыращэкIэ шъулъэгъун, къыпэжъугъэуцущтми ыпшъэ зэпикIын ясIуагъ. Сыда сэIо тызэрыгущыIэрэр? Мыдэ, пIэпкъ-лъэпкъыхэр зэкIэбгъэкIыщтмэ, уиухъумакIомэ уязгъэбэнын.

– Хьау, Панатид, сэр-сэрэу сIэпкъ-лъэпкъхэр зызэкIэсфыхэкIэ тIэкIу зызгъэпсэфыщтышъ, сизакъоу сыкъэжъугъанэ сшIоигъу. «Сыдэущтэу уизакъоу укъэзгъэнэщт!..– Панатидэ зэмыжэгъэ лъэIум гукIэ къыхигъэгубжыкIыгъ, нэрэ-Iэрэ азыфагу ышъо къызэрэпычъыгъэр хигъэкIокIэжьмэ, «мыжъо унэм уикIыжьэу тэ укIон, мыр зэрэуиаужырэ мафэри сыдым фэпшIэн» ыIомэ щхыпцIызэ, къыIуагъ:

– Уфаемэ, уизакъоуи укъэдгъэнэн, зыодгъэгъэпсэфын, пшхы пшIоигъори къаIо, къыпфязгъэхьын. Ау къыпфэсшIэрэ пстэумэ ащыщэу джыдэдэм пчыхьашъхьи къыпфэсымышIэщтыр пшIосыушъэфынэп: уиухъумэкIуищ пчъэ кIыбым дэтыщт, узэрэкIочIэшхом къыобэныщтхэр рызгъащтэхэу, дышъэкIэ къыотэщтхэм ашIошъ рызгъэхъоу Iэхъу-лъэхъу темыхкIэ бэнэпIэ утыгум урязгъэщщт.



– ТекIоныгъэр сиеу сыкъикIыжьын хъумэ? – къыраIуагъэм ежэщтыгъэм фэдэу Рэдэд къэупчIагъ.

– Ар Iоф шъхьаф,– Панатиди ащ фэхьазырэу иджэуап кIэкIы, «ящэнэрэм укъыIэкIэкIыжьышъумэ» ыIозэ, гукIэ щхыпцIыгъэ,– текIоныгъэр зиер шъхьэ Iэтыгъэкlэ утыгум къекIыжьы.

Рэдэд ыIэпкъ-лъэпкъхэр зэкIегъэкIыфэ мэкIаим къыфытырагъэуцогъэ псы Iэгубжъэм гу лъитагъэп. Жьы зыIуигъэхьанэу зэтIысым, зэрэхъугъэри ымышIэу гукIэ Къосэгъу зидзыжьыгъ, хыолъэ макъэхэри ытхьакIумэ къиIуагъэх, къушъхьэ зэпэIутхэр, шъоф зэикIхэр, чылэгъо зэпэIус-зэпэчыжьэхэр ынэгу къыкIэтэджагъэх.

«Муары, къушъхьэтх цакIэм дэчъэегъэ Айнар чъыг цIыкIуми ахэр инэплъэгъух,– Рэдэд зыпэIапчъэмэ ащыгушIукIы фэдагъэми, хьылъэу хэщэтыкIыгъ, етIанэ пшъашъэм гукIэ дэгущыIагъ: – Ары, Айнар, анахь лъэгапIэм утетми, уизэкъоныр зэрэкъиныр джы къызгурыIуагъ. Уидэхагъэ илъэгапIэ зэрэщэчыгъоещтыри, пшъхьэ зэригъэунэзэщтыри, умышIахэу зызэрэпшIуигъэшIыжьыщтыри зыщымыгъэгъупш. Мэфэ шъабэхэми уагъэпцIэн, жьыбгъэ къилъхэми зыуагъэуфэн, ощх чъыIэми зыуагъэутIыIун, шыблэ гъуагъохэми уагъэщынэн алъэкIыщт. Гугъэ пытэ уиIэмэ, джары сэри сишIошъхъуныгъэ сшIозымыгъэкIодырэр, зыми уигъэцIыкIуни, зыуигъэутIыIуни, пфэмышъуашэ уигъэшIэни ылъэкIыщтэп. ЗыгорэкIэ, хэт ышIэра, чIыпIэ хьылъэ уифэмэ, синыбджэгъуми, Шыупащи, сяни, Колэси гум уранэнэп. ЧылэмкIэ къыппэIапчъэхэми Къодани Темрыкъуи къыпкъоуцоных...»

ОшIэ-дэмышIэ шIулъэгъу гупшысэу Рэдэд къышъхьэрыожьыгъагъэм ежь-ежьырэу къыхэлъэтыкIыжьыгъ. Псы Iэгубжъэр зелъэгъум, шакIо е зекIо зежьэкIэ ренэу зыдиIыгъыщтыгъэ гъогу гъомылэу[1] ыгъашIощтыгъэр къыштагъ. ХьакIустэлитIу фэдиз къыхихи, зыIуитэкъуагъ,

[1] Ипэум гъогу гъомылэр мары зэрашIыщтыгъэр: былым пщэрыр аукIыти, ли къупшъхьи зэхэлъэу агъэжъощтыгъ, етIанэ къупшъхьэхэр хахыжьыти, лэпс зэхэлъыр пхъэмбгъум тыракIэщтыгъ. Пцантхъэм фэдэу ар зычъыкIэ, фыгум хахьаджыхьажьыти, фашIэу иIэм зекIоIыр чэщ-зымафэм мэлакIи, псыфалIи ыгъалIэщтыгъэп, мыкIодэуи бэрэ щылъыщтыгъ.

фэсакъыпэзэ къэнэжьыгъэр зегъэтIылъыжьым, псы тыришъухьажьыгъ. Заулэрэ плъызэу щысыгъэу, Айнар зызыфегъэзэжьым, емыкIу зыфилъэгъужьэу шъхьэм къыфечъагъэр фэшъхьаф: «Айнар сIомэ сыгу фэгъузэ, фысиIэ гупсагъэм зезгъэухыжьызэ, Къосэгъу хэгъэгур щыIэжьми сшIэрэп... Сян, сшынахьыкI, Колэс тхьэмэтэ мафэр... Чэчан изакъоми, лIы закI, узщыгугъын шъэогъу. Тураб? Хьау, хьау, зэгорэм мыхъун ышIи сызэрэфэгубжыгъагъэм пае тхьэхэр къысигъэбгынха, тызэшIужьыгъагъ. Нахьлъэш цIэплъым икуп?.. ХьакIуцухэр?.. Зыхыхэр?.. МыутIэхэр?.. Зы хэгъэгу зытымышIымэ, тигъунэгъухэми тпэчыжьэхэми тагъэпсэущтэп, зырызэу, сэ къысашIагъэм фэдэу тахьыщт, тызэпкъыраутыщт... Сэ Къосэгъу ыпэ Айнар исэгъэшъы... Зэ, зэ, къосэгъупщыр,— нэмыкI макъэ горэ ежь Рэдэд къыхэджыкIыгъ,— Айнари, Къосэгъуи оркIэ зыба? Гупсэгъу зэфэшъхьаф афыуиIа? Ахэмэ ацIэкIэ нычхьапэ убэнэщт, уатекIощт!..»

Шэфостыгъабэр зыщыблэрэ мыжъо унэшхом Рэдэд зыращэм, мэкъэ зэтеIукI жъотым кIашъори, бэнапIэм къешIэкIыгъэ гъучI чэу лъагэри зэлъагъэсысэу зыкъипхъотагъ. БэнакIом пшъэхъу Iэхъу-лъэхъу зэрэтелъыр зышIогъэшIэгъонхэри, зигуапэхэри, зымыдэхэри къэзэрэгъэбырсырыгъэх. Бгым нэсэу Iэпкъ-лъэпкъ пцIанэм къытещырэ лыпцэмэ арыджэгузэ, утыгум къыращэгъэ лIы шIуцIэшхом Iэгу тео зэрэгъэкуокIэ цIыфхэр пэгъокIыгъэх.

«Мыра лIы шIуцIэшху зыфаIозэ тызэрагъэщынэрэр? — Iэхъу-лъэхъур зытырахырэ Рэдэд, тегушхуагъэми, темыгушхуагъэми умышIэнэу зэупчIыжьыгъ, пыплъыхьэу фежьагъ: — Ныбэр иныIо, Iэпкъ-лъэпкъыхэр пытэх, ыбгъи ыIэхэми лыпцэхэр къатеджэгукIых, нитIури къелыдыкIы... Укъэмыщт, сыд Колэс къыуиIощтыгъэр? Нэр делэ, Iэр бланэ!..— хымабзэкIэ бэнакIомэ ацIэ къызэрэраIорэм Рэдэд пымылъэу гукIэ Къосэгъу лъэныкъом зэплъэм, джа къушъхьэтх цакIэм тет остыгъэе чъыг цIыкIур инэплъэгъу къыхэтэджыкIыгъ...— УкъызэкIэмыкIу! — жъот макъэм зыгорэ къыфыхэджыкIыгъэу къыщыхъугъ.— Зэрэ Къосэгъоу къыожэ!..»

БэнэкIуитIур зэфычIэплъмэ зэфэсакъызэ, апэ Iэбэщтыр язэрэмыгъашIэу утыгур къыракIухьакIы.



«Утемыгушхуащ, лIы махэп мыр...— Рэдэд зэушъыижьы.— Ыбгъэ къыригъэпшэу ыIэхэр едзыхыгъ, ылъакъохэр зэригъэуцурэм пылъэп. Нахьлъэш цIэплъым иплъакIи, икIуакIи, ышъхьэ IыгъыкIи фэд...» зэриIожьыгъэ къодыеу бэнэкIо шIуцIэр къызэом, къосэгъупщым зыпэIуидзыгъэти, къэмыуцужьышъоу бгъэкIэ гъучI чэум еуагъ, къызэкIэфэжьи, пхэкIыкIэ зэхэтIысхьагъ. Джэхашъом тесым Рэдэд зыжэхидзагъэп, къэтэджыжьыфэ ежагъ, ау ерагъэу къызщыпшыжьыщтыгъэм ошIэ-дэмышIэу зыкъызыжэхедзэм, лъэкъоогъукIэ ылъэ кIиути, зэхигъэфэжьыгъ. Ардэдэм зышъхьэщызыдзэгъэ Рэдэд, къехъулIагъэри къыгурымыIоу, бэнэкIо шIуцIэм ычIэгъ чIэфагъ, Iэ шIуцIитIур ыпшъэ къынимыгъэсэу ыцэгэ налъэхэр зыдэкъузэгъэ лъэкъуитIум къагъэузыми зыкъызэпыригъази, ыкIыIу къэхъужьыгъ, лIы шIуцIэм ыблэбгъухэр джэхашъом ригулIыгъэх... «Мыщ псынкIэу сытекIуагъ, хэт джы къысагъэбэныщтыр» ыIозэ, лIы шIуцIэшхом къышъхьащытэджыкIыжьыгъ...

Лъымэ къызкIэогъэ цIыфмэ язэрэгъэгушIо-зэрэгъэкуо ыгу темыфэу Рэдэд зэкIакIуи, къыпагъэуцущт бэнакIом ежэнэу къогъум къот мыжъо шъхьаком тетIысхьагъ, ау гупсэфыжьыгъэ цIыфхэр къызбгырыугъэх. Рэдэд ылъэгъугъэм къызыщипхъотыгъ: нэбгыритIум ыблыпкъ аIыгъэу, ящэнэрэр ыкIыб къеIункIызэ, пчэгум Аспарыхъу къыращэ... Рэдэд ипый бэнэгъу къызэрэфэхъугъэм гушхо къышIыгъ, ыкIуачIэ кIуачIэ къыхигъэхъуагъ, нахьыпэрэм фэмыдэу, ежь апэу жэхэбэнагъ, къыгъэчэрэгъуи, дымпI мэкъэшхо пыIукIэу чIидзыгъ. ЯтIуани, ящани мыжъо джэхашъом тыридзагъ. Аужырэм къызэтэджыжьым, ылъакъомэ амыIыгъэжьышъоу Аспарыхъу зыдэщытым щецохъохыгъ, лъэгонджэмышъхьэкIэ щысэу къелъэIугъ:

— Къысфэгъэгъу!.. Моущтэу тызэIукIэжьын Iоу сшIагъэп...

— ЛIыгъэ горэ пхэлъыхэмэ, къыоплъыхэрэр къыздэмыгъэхьащхыхэу, къэтэджи, къэбан!

— ЛIы шIуцIэм ыуж... Спсэ пытэу уапашъхьэ сигъэкIыжьи, мо хьакъу-жъокъухэрэм сыда узэрапылъыр...

— КъысэпшIагъэр къыпфэзгъэгъумэ, адырэ пIэкIэкIодагъэхэр?.. Ппсэ пшIоIэшIу ара!..— къызэкIэнэжьыгъэу Рэдэд етхъохи, Аспарыхъу ыпшъашъо IитIукIэ ыIыгъэу джэхашъом къытыриIэтыкIи, зэхэланлэу ридзыхыжьыгъ...

Рэдэд пэкIэкIыгъэ бэнэгъуитIум рырази-рымырази ахъщэшхо зытыгъэмэ ахэтыгъэми, ящэнэрэ бэнэгъуэр ары зэкIэри зыпаплъэщтыгъэр. Ау мыжъо дэпкъым къыщызэIукIыгъэ пчъэм нибжьи Рэдэд зэмыжэгъэ къэплъан ныбаджэр къыдэлъэтыгъ, зыгъэбэнэрэ Панатидэ зэрэмэхъаджэр къыгурыIуагъ. Хьи, хьэкIэ-къуакIи къыппэкIафэмэ узэрэгъолъын фаер ешIэти, гъучI чэу лъапсэм Рэдэд щетIысэхыгъ. «Къэтэдж! Къэплъаным ебэн!» – аIозэ къекуощтыгъэмэ нэмыплъ арихыным ычIыпIэкIэ ыгу ягъоу тIэкIу дэдэ щысыгъэу, чэум ыплIэIушхо щихъозэ къызщытэджыкIыгъ. ЫкIэ зыбэкъу дэкъузагъэу, зынэ гъожьхэр къилыдыкIхэу къыпэтIысыгъэ хьэкIэ-къуакIэм ыпшъэ етхъонэу Рэдэд зидзыгъ, ау къэплъаныр кIэбгъулъи, фэгъэхъугъэп. Ардэдэм къэплъаным зэлъэгъукIэ зыкъыжэхидзагъ. Рэдэд ыIэ пытитIумэ джы хьэкIэ-къуакIэм ыпшъэ къаIэкIэфагъ, лъэбжъэ чанхэмкIэ бгъэ пцIанэм зыкъыхэзгъанэщтыгъэр зыкIэритхъи, ытхьалэзэ гъучI чэум зэ риутэкIыгъ, тIо, щэ, плIэ. Ланлэ къэхъущтыгъэ къэплъаным ыпсэ зэрэхэкIрэр Рэдэд зэхишIэзэ, заулэрэ ыIыгъыгъ, етIанэ жьы хэмытыжьэу джэхашъо гузэгум ридзагъ. Зэтекъэгъагъэхэ цIыфмэ якуо-жъот макъэ унэр зэтыричымэ зэлъигъэгырзызэ къыдэоягъ…

Джыдэдэм Рэдэд куо-жъот макъэр зэхишIэщтыгъэп – модыкIэ, хыкIыб чыжьэмкIэ щыIэ къушъхьэ цакIэм тет чъыг псыгъо закъор, ян, ошъо шхъуантIэр – зэрэ Къосэгъоу ынэгу кIэтыгъ. «Сышъхьафит! Сышъхьафит!» – джа гущыIэр ары апэ дэдэ, Панатидэ фидзымэ ежь зыщыгушIукIыжьызэ, Рэдэд ыбгъэ къыдэIукIыщтыгъэр, зыми емыжэу, лъыр къызэчъэхырэ бгъэ зэхэцунтхъагъэм пымылъэу псэ зыхэмылъыжь хьэкIэ-къуакIэм лъэ пытэкIэ къезгъэбакъуи, ишъхьафит фызэIузыхыщт гъучI къэлапчъэм къыIузыщагъэр.

Панатиди ибэнакIо фэгушIо фэдэу икууакIэкIэ зимышIэжьыщтыгъэми, гукIэ зыгъэгумэкIыщтыгъэр нэмыкIыгъ: «Мыдэ мыщ зызэригъэпсырэр… раIуагъэр ышIошъ хъугъэу, иджыбэчIэ дышъи ыкуашъо ригъэгъэфабэу, шъхьафит хъужьыгъахэкIэ елъытэ… Мы зэрэгъэкуорэмэ апашъхьэ сэ зи къыщыосIонэп, сиIу шъэбагъэ пкIуачIэ зэрэнахьлъэшыр къыбгурызгъэIон…» – пшъэхъу Iэхъулъэхъур Рэдэд пезыхьыжьэгъэ ухъумакIомэ, зэкIэмэ зэхаригъэхэу якууагъ:



– Зэ, зэ, шъууцу! ТекIуагъэр алъэхэжьрэп! – Панатидэ гъогу фызэIуихызэ, Рэдэд рищэжьэжьыгъ.– Шъулъэгъурэба ыбгъи, ыIэхэри зэрэцунтхъагъэхэр?! Ахэми тяIэзэщт, сиIуагъи згъэшъыпкъэжьыщт.

– Сыд мыщ ыIорэр? – игупшысэ чыжьэмэ зэрахэтэу Рэдэд къэупчIагъ.

Панатидэ лIыжъым къыIуагъэмэ Рэдэд защегъэгъуазэм, ежь Костас зыгъэапэщтыгъэри шъхьаихыгъэ кIэкIыкIэ къыпигъэхъожьыгъ:

– ЗыIупэ шъоупсым земыгъэгъапцI.

– Джы къыосIощтыр ары…– мыжъо унэм зэрехьажьыхэу Панатидэ къыригъэжьэгъэ къодыеу Рэдэд ынэмэ закIаплъэм, игущыIэ псынкIэу зэблихъужьыгъ: – Сыпфэраз, сыпфэраз, лIыгъэ зепхьагъ, аущтэу укъысэмыплъ, сэри къэплъаным хэшыкI фысиIагъэп…

– Ора хэшыкI физимыIагъэр! – Рэдэд къэптаныбгъэм етхъуи, Панатидэ ынэIу щизэу джэхашъом тырипхъотыкIыгъ.– КъаIо джыдэдэм, Аспарыхъу укIэлъымыкIожьынэу уфаемэ!

– Къэплъаным узэрэфырикъущтымкIэ сицыхьэ птелъыгъэти, къыосIуагъэп…– къыратIупщэхыжьыгъэр Костас зыдэщыт пчъэмкIэ зэкIакIо, къеушъыи: – Зыгъэрэхьат, орырэ сэрырэ къэдлэжьыгъэ дышъэр, моу къаIысэгъэхыжь, егъашIэм тфикъущт. Бырсыр тэмыгъэшIэу, тадэжь, Константинополь тынэгъэсыжьи, къухьэ гъэшIуагъэкIэ сэр шъыпкъэм Къосэгъу усщэжьыщт… Пчъэр къыIух, Костас!..

– Непэ щегъэжьагъэу сыуигъусэжьэп! – къыщыгугъыщтыгъэм Костас пэуцужьыгъ.

– Сэри ары,– ухъумакIомэ языми къыдыригъэштагъ, яIашэми ятхъожьыгъэгъэ адырэ ухъумэкIуитIуми зэхахыгъэм аIэхэр раригъэдзыхыжьыгъэх.

– Зэгорэм Iушыгъэ къышъухэфагъэмэ ары,– Iофы зыримыгъэшIэу Рэдэд къыIуи, зэтекъэгъэ ухъумэкIуитIумэ аIущхыпцIагъ, мощ фэдизым къин хэзгъэтыгъэ Панатидэ лIыжъыми гужъ фыримыIэ фэдэу, фычIэплъыгъ.

– КъаIо тшIэщтыр, Рэдэд, тыуигъус,– Костас ихьазырыгъи къыушыхьатыжьыгъ.

– Тхьашъуегъэпсэу,– Рэдэди иджэуап кIэкIы.– Ау сэ мы чIыпIэм лъы щызгъачъэ сшIоигъоп...

– Рэдэд! – Панатидэ лIыжъым, Аспарыхъу бэнэпIэ утыгум зызэрэщишIыгъагъэу, ыпашъхьэ зыкъыридзагъ, иджэнабгъэ дышъэ чыситIу къыдипхъотыгъ: – Ма, а зыфэпIуагъэр къысэмышIи, мы дышъэ чыситIур осэты, нэмыкI сиIагъэмэ къиэгъэгъусэни...

– Къэтэдж! Ощ фэдэмэ сIэ арысыуцIэпIыжьырэп. Ау зэ нэмыIэми сыгу птезгъэпщэхэщт. Гъусэ укъысфэхъумэ, Костас, стыримыхыщтыгъэ Iэхъу-лъэхъухэр мыщ тешъулъхьэх. МодыритIуми, дэпкъ лъапсэм шъуитIысхь,– афигъэпытагъ,– зэкIоцIытпхэщтых, щыми ажэ ткудэщт.– Загъэсысынкlэ щынэхэу щысыгъэхэм арашIэщтыр заухым, Рэдэд къыгоуцогъитIумэ ариIуагъ: – Дышъэр стырахыгъ Панатидэ ымыIоным пае иулэупкIэ тIэкIуи ежъугъэгъотыжь, модырэхэми ягунахь къэшъумыхь. Сэ гъогупкIэ нахьыбэ сищыкIагъэп.

– Хьау, Рэдэд, ар умыIо,– къэгузэжъуагъ Костас,– хьадэгъу чIыпIэ уитэу о къэулэжьыгъэр оуий.

– Шъори чIыпIэ тхъагъо къышъуажэрэп, хэшъух шъуиIахь,– теубытагъэ хэлъэу апигъодзыжьыгъ Рэдэд.

## XI

Салоникэ къыдэхъухьагъэм елъытыгъэмэ, Колэси Рэдэди зэпэIапчъэхэу къыздэкIожьыщтыгъэхэ Къосэгъу къихъухьащтыгъэхэр нэмыкIых...

Чэчанэ джыри нычэпэ пкIыхьапIэмэ агъэчъыягъэп. Зэ къушъхьэм хэгъощыхьагъ, зэ шъоф нэкIым зыщыщ ымышIэрэ шыумэ къыщырафэкIы, зэ псы къиугъэм къыхэсыкIыжьышъурэп. Мары, джыдэдэм, нэфшъагъомэ адэжь, хэчъыежьыгъэ къодыеу пIэм хэзытхьалыхьэщтыгъэ Iэпшъацэм ерагъэу къыIэкIэкIыжьыгъ.

«ПкIыхьапIэ слъэгъу симыхэбзагъэу, сыда мыхэр зилIэужыгъохэр?..– Чэчанэ пIэм къыхэтIысхьагъ, узы фэдэ къыщыхъущтыгъэ пшъэми теIэбагъ, ынэтIэ пкIантIи рилъэкIэхыгъ.– Тыгъосчэщи адырэ блэкIыгъэ тхьэмэфэ чэщ горэми мы лIы Iэпшъэцэжъыр сипкIыхьэмэ ахэтыгъ. КъысIущхыпцIэщтыгъ нахь, къыздэгущыIэщтыгъэп. Джы ситхьалэ пэтыгъ... Рэдэд хьадрыхэ къысфекIмэ шIэ? Сыпщ ыIомэ зышIошIыжьызэ, хым зырарнгъэхи икIодагъэмэ сэ силажьа! Сэ укъызблэIэбыкIэу Мэщыкъо фэдэр къызгобгъэуцомэ, гъуим къыхэтхыгъэ шъэожъыеу джы къытшъхьащагъэуцогъэ пщынықъомкIэ сыIубгъэзыкIызэ плъапсэ уетIэжьы зэхъум, узщымыгугъ горэ къыпфыкъокIыни, дунаим узэрэтыримыгъэтыщтыр пшIэщтыгъэба... Упсаузэ, сыгу пфилъыр къызэрэосымыIогъагъэм сырыкIэгъожьы. Ау зызакъокIэ сыкъызэрэзэхэмышIыкIыщтыр ары сызыIажэщтыгъэр... КъэошIэжьа АйнаркIэ сигупсагъэ къызхэсэгъэщым узэрэщхыгъагъэр? Ар зыхъугъэгъэ гъатхэм гъэмафэ тешIагъэу Айнари Анысэти ядэхагъи, ягохыгъи зэфэдэ пIо зэхъум, ащыгъум пхъэдзыкIэ зэфэтэгъэгощых сIуи сыкъызыосэмэркъэум, шIулъэгъур ауштэу зэIахырэп пIуи, укъызэрэспебжъэожьыгъагъэр? Джы еплъ хъугъэм, тIуми уахэныгъ...»

ЧъыIэ лIэгъэ пкъыр Чэчанэ чыхIэным чIиухъумэжьи шъхьантэм зытыригъэкIэжьыгъагъ шъхьакIэ, ос зыхэт жьыбгъэ чъыIэу щагум къыщепщэрэм фэдэу игупшысэмэ зыкъыжэхатэкъожьыгъ. Зызэпыригъэзагъ, зыкъызэпыригъэзэжьыгъ – шъхьэщыкIотыгъэхэп. ПIэм хэсызэ шъхьэм къыфечъэгъагъэмэ акIэгупшысысыхьажьыщтыгъэми, ежьыр шъыпкъэм икъаигъагъэ зыдишIэжьызэ ыIуагъэмэ ахигъахъощтыгъэ нахь, текIыщтыгъэп: «Упсаугъэми, Айнар къыостыщтыгъэп. Пщыгъор къысахьылIэгъагъэми, нахьыкIэжьыгъ!.. Тятэжъи, зэгорэм мыкIэлагъэ фэдэу, сигъэмысэзэ гъогу техьагъ... Тэ щыI джы ар? Зыуж ихьагъэр зэрэщымыIэжьыр хэт езыIощтыр? Айнарырэ орырэ шъуиIоф зэшIокIымэ, сыкъыбдэшэсын, Нахьлъэш ыIуагъэшъ, ащ иIофи зесфэн фаеу хъугъэ. Сятэжъ гум исынэжьына, тхьэхэми къысфадэнэп, цIыфхэми ажэ сыдэфэн. Ащ ыуж лIыжъ Iушхэр тиIэпыIэгъухэу Шыупащэ хэхэсым иIоф къызэрэтхэмылъыр гурыдгъэIон, Рампэси зэхедгъэшIыкIын. Ари, зигъэ Тыргъытаоу, орэуцужь. Икъунба зэгорэм тэри къыднэсэу, тыщимыгъэIэжьэу а Тыргъытау бзылъфыгъэ пачъыхьэр мыутIэмэ зэрашъхьащытыгъэр... Тэ зэрэтIоу хъугъагъэмэ, сибаиколыдзэ дэгъоу Нахьлъэш зэрищэщтыгъэ. Мыщ фэдэ лIы кIочIэшхо Iушыр, тэшIэжьыкIэ, хэгъэгу Iофмэ апыубзыкIыныр, Мэщыкъо Iордэгъэзэ шъэбэжъым пэмышIыныр емыкIу. Айнарэ етIорэп нахь, ышнахьыжъ Даур тхьамыкIэм икIодыкIэкIэ ар апэрэ мысэмэ ащыщ...

Гъэшlэгъона къосэгъухэри, мыутlэхэри, зыхыхэри, хьакlуцухэри тызэлъэпкъэгъухэмэ! Ахэр зы хэгъэгухэу зэхэтыугъоещтых зыlорэмэ тарэмыгъалl… Муары, хъээзархэри зэбгырэтэкъужьых…»

Чэчанэ игухэлъ-гупшысэ lэшlухэр къызытекlохэм, гупсэфыжьыгъэу хэчъыягъ. Ау пкlыхьапlэкlэ шъхьаныгъупчъэм къиlабэщтыгъэ лlы lэпшъэцэшхом джыри къыкlигъэщтэжьыгъ: «Сыда сэlо мыр сауж зыфимыкlырэр?! – Чэчанэ псынкlэу зифэпэжьыщтыгъэми, игупшысэ шъхьащыкlыщтыгъэп.– Хэт ар? Цlыф теплъэ иlэп, lитlум нэмыкl сигъэлъэгъурэп… Мэзылl зыфаlорэр арымэ шlэ?.. Ар пкlыхьэкlэ къыпфежьэшъ, къыуашэзэ, нафэ зыкъыпфешlыжьы аlо. Енэгуягъо зыгорэм сиушхъухьагъэкlэ. Сыгу зэрэтемылъыр есlуагъэ пэтзэ, сауж икlырэп. Анысэткlэ сэгугъэ… Турабэ дэжь зэ-тlо рилъэгъуагъэу Нэтlай къызысеlокlым сшlошъ хъугъагъэп шъхьакlэ, а зэкlоцlыушъэфэгъэ цlыкlуми къыуимышlэн щыlэп. Айнари аригъэушхъухьэу ыгу къысщымыкlыгъагъот…» – гуцафэ зыфишlи, зыфимышlи игумэкlмэ къахахъозэ, ибылым фэlо-фашlэхэр зеухым, пчэдыжьышхэ ышlи, Турабэ зыlуигъэкlэнэу шэсыгъэ.

Чэщ жьыбгъэри, осыри уцужьыгъэх, дунаир фыжьыбз, шъабэ, зэрэжьыбгъэнчъэм щыгушlукlхэмэ къутэмэ осхэмкlэ зыфэсакъыжьхэзэ, ошъо нэгуф чlэгъым чъыгмэ зычlаушъэфагъ. Чыжьэкlи, благъэкlи къэлъэгъорэ къушъхьэ шыгухэри, щагумэ къадэщырэ мэкъуlатэхэри, къакъырышъхьэхэри, унашъхьэхэри гупсэфых.

Гъэрекlо бжыхьэ щыублагъэу Айнарэ зэращэлlэжьыгъэ пщы унэмкlэ Чэчанэ зэплъэм, ыгу такъозэ къэушъэбыгъагъэми, игупсэ изышlыхьэгъэ Рампэс фишlыгъэ гумышlур къышlутекlуагъ: «Чэткъуртэм фэдэу птэмэ чlэгъ чlэгъэс фаеми, нысэщэ джэгу горэ чылэм къызэрэдэтаджэу тшlэрэр плъэгъун!.. Чэу пакlэм къыкъокlыгъэр Анысэтба?.. Сыпlукlэнэу сшlагъэмэ, мы лъэныкъомкlэ сыкъэкlоныеп… тыдэкlи сапэ къыщефэ…» – къызэсым, шы фемыпсыхкlэ еупчlыгъ:

– Сыд мы чъыlаем узезыфэрэр, Анысэт?

– Шъхьэкlэфэ епсых къысфэпшlыгъагъэмэ, Чэчан,– ынэкlушъхьитlу къыкlэуплъыжьыкlызэ, Анысэт къыlуагъ,– уиупчlэ дыс зыщызгъэгъупшэзэ, къыосlони…

– Сыгу зыфэмышlум шъхьэкlэфэ епсых фысиlэп.

– Спсэ уфэзгъадэу, сыгу узэрилъым пая, Чэчан?

– Сызщыгъэгъупш орба зэсlуагъэр?!

– Сщыгъупшэшъущтыгъэмэ… Сыдэущтэу, Чэчан, мэкъу хьандзо лъапсэр зыщызгъэгъупшэн…

– Ащ фэдэ тазыфагу дэлъыгъэми къэсшlэжьырэп! – Чэчанэ шым елъэдэкъауи, къызэриlокlыгъ:

– Турабэ дэжь бащэрэ умыкlу, тхьэхэми ямыгъэлъэlу.

Анысэт зэхихыгъэм ылъакъохэр къыгъэкlэзэзыгъэх, псынкlэу зыкъимышlэжьыгъэмэ, а чlыпlэм щызэхэфэным иlоф тетыгъ, ау кlуачlэ зыхигъотэжьыгъэми, ынэпсхэмэ афырикъугъэп: «Зэрэхъурэмкlэ, тхьэхэми укъаубытыжьырэп… Сэ модыкlэ Турабэ сеубзэ, lэ къызщесэгъафэ, lанэри лъэкъуищ, джыри мэфитlу къэнагъ къысеlо… О узщызгъэгъупшэнэу уфай… Сыдэущтэу? Сэ мары, сыптеплъэн lоу сымышlэгъагъэми, шъуадэжькlэ сызэрэблэкlыщтыр тхьэмэфэ псаум сыгу lэшlу-lэшlоу телъыщтыгъэ. Джыры? Укъысфэгубжыгъэ пае усщыгъупшэнэу нэмыкl уестынэу къыпщэхъумэ, ащыгъум сыбгъэгу дэлъыр шlулъэгъоп! О пшlэрэп нахь, сэ дунаим пфэсымышlэн щыlэп… Къыбгурыlорэба ар Айнарэ къызэрэпфимышlэщтыр! Шlу уилъэгъурэпи, къыпфаепи!.. Джа Рампэс зэрищэлlэжьыгъэ Айнар мыгъор ары зэкlэ зилажьэр!.. Гум имылъымкlэ къышъуlугушlомэ, шъушlошъ жъугъэхъузэ, Рэдэд тхьамыкlэмрэ орырэ зежъугъэгъэделагъ. Сэри ащ ыlорэр дасlомэ, дасшlэзэ, зезгъэунэхъулlэжьыгъ… Джы пщы унэм амыщэгъэ гуащэ ихъухьажьыгъэу ис, къытфэежьэп, къытпылъыжьэп… Ащ ифэшъуашэ сэшlэ сэ, Турабэ иlуагъэу, зы уц lудзэгъу… Зэ, зэ, Турабэ ыгу сыда Айнарэ зыкlыфэмышlур? Зытещыныхьан горэ ахэми азыфагу дэлъа?..» – Анысэт иошlэ-дэмышlэ упчlэмэ къыкlагъэщтэжьыгъэу, игукъэо-гукlае гупшысэхэри щыгъупшэжьыгъэу ишулъэгъу насыпынчъэ бэмышlэу къыздигъэкlошъыгъэ къэлэпчъэжъыем зыдидзэжьыгъ.

Джа шlулъэгъу мыухыжьмэ ежь къызэрэщыхъу-къызэрэшlошlэу Чэчани ахэтыгъ. Ащкlэ Рампэс гуащэм фэшъхьаф ыгу ебгъэщтыгъэп. Айнар зыщаlыгъ пщы унэр къызэлъагъом, зыдакlори, зыфакlори зэрэшыури зыдимышlэжьэу, Анысэт зэрэlуупlэгъагъэри риlуагъэхэри щыгъупшэжьыгъэу шхомлакlэр къыкъудыигъ. Ау шъхьэм

къыфечъагъэм шым ригъэлъэдэкъэожьыгъ: «Сыда мыхэмэ якъэлапчъэ, Шыупэщэ-Агъбандыхэм сащэщынэу ара, Нахьлъэш зэришI хабзэу, шыу шъхьэ Iэтыгъэкlэ сызфыблэмыкIыщтыр! Айнар тхьамыкIэм сыкъилъэгъумэ, ыгу къэсIэтынкIи, гугъапIэ горэ естынкIи мэхъу. Рэдэд къехъулIагъэмкIэ сызэрэмымысэр Рампэси гурэрэIу. Мэщыкъуи ышыпхъу сызэрэблэIэбыкIыгъэмкIэ ыгу къысерэмыгъабгъ, ежь ишъузи Ныбэжъ къыщепсэлъыхъущтыгъэмэ къазэрэшIуихьыгъагъэр зыщерэмыгъэгъупш. Гум къахихырэр зы нэбгырэмэ, сэ къахэсхыгъэмкIэ, хэти фэсыдэщтэп, сыкъерэмыгъэсэжь. Тятэжъи, мор зиIушыгъэм, ар рязгъэIокIыгъ, сэ фыхэзгъэпсыгъ, етIани сыкъызэхишIыкIыгъэп…»

Чэчанэ ишыонэ тесыкIэкIэ зигъэхафэщтыгъэми, пщы унэм зэрэблэкIыгъэри, адырэ хьаблэм зэрэтехьагъэри къезгъэшIагъэр Турабэ ищыд Iой макъ. «Тэри тыделэ хъурай нахь,— Чэчанэ щхыпцIызэ зыкIэнэкIэжьыгъ,— щыдыр зигужьыдэгъэкI джэгуалъэр пыщэгъу пшIы пакIо, зыкъебгъэшIи хъунэп! Сыдэу тшIын, тхьэмэ лIыкIо къытфашIыгъэшъ, ащи теуцуалIэ…»

— Къеблагъ, Чэчан, къеблагъ,— пчъэшъхьаIум тетыгъэ Турабэ щхыпцIызэ, шыум еджагъ,— укъемыпсыхэу, укъемыблагъэу а узэдэIурэм щигъэтыжьыщтэп.

— Уищыд бэрэ игугъу ашIэу зэхэсхыгъэ,— Чэчанэ шхомлакIэр шышIоIум шIуидзи, щагум дэхьагъ,— ау мыщ фэдэу хьакIэмэ афэкIэщыгъу Iоу сшIагъэп. Бэрэ узгъэулэущтэп, Iоф тIэкIу-шъокIу къыбдысиI.

— Сэ Iоф къыздызимыIэ, Чэчан, сикъэлапчъэ къыIухьэрэп,— Турабэ цIыфмэ зэрящыкIэгъэ зэпытыр иунэ ригъэблагъэрэм гуригъаIуи, Iофы зыщимыгъэхъу фэдэуи, сыдэущтэу зыкъысфигъэпсыра мыщ ыIомэ зыдыригъэшIэжьызэ, фыпигъэхъожьыгъ: — УIоф тIэкIу-шъокIуми уIофышхоми, укъысщыгугъэу укъысфэкIуагъэшъ, тхьэмэ къызэрэсаIоу сыкъыбдэIэпыIэн, сишIуагъэ озгъэкIын.

— Тхьэмэ узэрялIыкIомкIэ сицыхьи, сишIошъхъуныгъи птелъэу сыкъыпфэкIуагъ, Тураб. Зымафэ къызэрыдгъэкIыгъэри тымышIэу, тызэщыхъушъутэгъагъ нахь мышIэми, тиныбджэгъугъэ уадэжь сыкъищагъ.

— Хьау, хьау, а зэмышIуныгъэу зыфапIорэр къыхэмыгъахь,— Турабэ ыжэкIэ-пэкIэ упхъугъакIэмэ ыIэгушъо



пIуакIэхэр чэзыу-чэзыоу аригъачъэзэ, ыдагъэп,— тхьэмэ ялIыкIорэ цIыф къызэрыкIохэмрэ азыфагу зэмышIуныгъэ къызыдахьэкIэ, дунаир зэрэкIодыжьыщтыр зыщышъумыгъэгъупш.

Чэчанэ зэмыжагъэм къыкIигъащтэу кIыфыпс макIэр ынэгу пIуакIэ рычъи, тхьакIумэкIэ къогъумэ закъуигъэбылъхьажьыгъ. «Джары, тызкIэнакIэу къитымыдзэщтыгъэм джы теубзэжьын фаеу хъугъэ,— ыIуагъ.— Сэ мыр зэрэсшIэу ыгъэдаIорэмэ ашIэщтыгъэмэ… АфэуупцIэныгъэми ашIодэхэщт нахь, ихьэдэгъо-дэхагъэ анэ къыпэIухьащтэп. Аущтэу щымытмэ, Дэхапсэ зэблигъэжъущтыгъэ лIы шъэф къэкIо-накIохэр зыпигъэтэкъунхи, мыщ елIылIагъэу къэбар зэрахьана?! Сыдэу лIы мыгъоу мыри Къосэгъу къитэджагъ!.. Тхьэмэ сыкъызэхахмэ сшIэрэп!..» — Чэчанэ зыфимытыжьэу ыIэпкъ-лъэпкъхэр къэкIэзэзыгъэх, лъэIокIо-ушъыякIо сыкъэкIуагъэ пэтзэ, шъхьэм къысфечъагъэхэр сыд илIэужыгъох ыIомэ зыфэгубжыжьызэ, шъхьэихыгъэкIэ къыраIогъагъэм иджэуап къытыжьыгъ:

— Орырэ сэрырэ, Тураб, тазыфагу зэмышIуныгъэ дэлъын ылъэкIыщтэп. Ащыгъум тиныбджэгъуныгъэшъэогъуныгъи пкIэнчъ. ТицIыкIугъом щегъэжьагъэу тэ тхэмылъ горэ о зэрэпхэлъым сегуцафэщтыгъэ, ау тхьэмэ лIыкIо укъытфашIын Iоу нибжьи сшъхьэ къихьаныеп. Джы о уихьатыркIэ ахэмэ анэIу къытфэгъэзагъ, тащыгъупшагъэп…

— Зэ, зэ, Чэчан,— нахь мэкъэ щынагъокIэ зыкъыригъэшIэжьэу джыри Турабэ къызэпиутыгъ,— тхьэмэ ацIэкIэ ядж нахь, «ахэмэ» ямыIу, умыгъэцIыкIух. СихьакIэ къыфэжъугъэгъу, ситхьэ лъапIэх, къыIэкIэIуагъ нахь, ыгу хьарамыгъэ къышъуфилъэп. Шъоры тигугъапIэр, шъоры тыщызгъаIэрэр. СыкъэдаIо, Чэчан, Iоф тIэкIу-шъокIу пIозэ, къыпфэмыIошъуми, тхьэмэ тыкъызэхахы, о зыгорэм уегъэгумэкIы.

— Шъыпкъэ, Тураб, сызгъэгумэкIырэм уадэжь сыкъищагъ. УзилIыкIо тхьэмэ яшIэ ащ хэмылъэу щытэпщтын…

— Ащ уехъырэхъышэжьа?

— Хьау, хьау! — Чэчанэ гужъыягъэр къытекIоу зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: — Тхьэмэ яшIэ хэлъэу уадэжь сыкъэкIуагъ. Къызэрезгъэжьэщтыри сшIэрэп.

– Тхьэмэ къызэрэуаlоу, Рэдэд къосэгъупщымкlэ къегъажьи, Анысэтрэ Айнарэкlэ ухыжь,– Турабэ занкlэу, гукlэ щхыпцlызэ, Чэчанэ къыриlуагъ.

– Аущтэу оlомэ, тхьэмэ тыкъызэхахымэ,– Чэчанэ гу къызlэпишlыхьажьыгъ,– сыгу илъ шъыпкъэр къэсlон. Сишъэогъу шъыпкъагъэу Рэдэд тхьамыкlэр дунаим зытемытыжьыкlэ, игупсэгъэ Айнар сэщ нахь зыфэшъуашэ Мэзыби дэмысэу, Къосэгъуи имысэу сэлъытэ, бэми ар къысаlо. Аущтэу пшlымэ, Рэдэдкlэ псапэ зыlохэри макlэп. Ащкlэ о сыкъызэхэпшlыкlмэ, тхьэхэми сагурыlонэу, анэшlу къысщыфэнэу сэгугъэ.

– Анысэт уигупсэжьба? Рэдэди щымыlэжьэу хэт зыlуагъэр? – зэлъыпытэу упчlэхэр къыти, аужырэм иджэуап зилlыкlомэ алъэныкъокlэ къикlэу Турабэ къыриlокlыгъ: – Тхьэмэ Рэдэдкlэ аlорэр фэшъхьаф.

– Псау аlоуи? – Чэчанэ нэбэ-набэу Турабэ lуплъагъ.

– Мэзытхьэм санэlу зыращым псаугъэ еlо, Хытхьэм сеlэсэкlызэ, синэпкъ тырязгъэщыгъ еlо, Зекlотхьэм сеупчlы къэс, псау, узынчъэ, шъуеж къысеlо.

– Тхьэшхом сыд ыlорэр?

– Ти Тхьэшхо икъыкъокlыкlэ-къохьажьыкlэкlэ гугъэнчъэп, ау сызщеупчlыщт мафэр джыри къэсыгъэгоп. Зыгорэ къэхъугъэмэ, мэкъэнчъэ усшlынэп къысеlо.

– Сшlэрэп ащыгъум...– Чэчанэ ымакъэ къефэхыгъэу къыlуагъэми, ежь шlоигъор пигъэхъожьыгъ: – Рэдэд иlоф ти Тхьэшхо фэгуитlумэ, шlу щыlэпщтын... Арэу къычlэкlын зэрэщымыlэжьым lушъашъэр къызфебэкlырэр... Адырэ Анысэткlэ хъугъэм о ущымыгъуазэу арэп, ау, укlытэ зыщыгъупшэжьыгъэу уадэжь къакlорэм, мы lофыр къызэрэпфиlуатэу, сэ салъэныкъокlи ухэзгъэдаlо сшlоигъу. Анысэтрэ сэрырэ тазыфагу гупсагъэ дэлъыгъэп. Айнарэ зэрипшъэшъэгъум пае сыlущхыпцlэщтыгъэти ары гупсагъэ фысиlэу къызкlыщыхъуштыгъэр, о уизакъоп, Тураб, ышнахьыжъ Мэщыкъуи, Рэдэд тхьамыкlэри, зэрэ Мэзыбэуи тыригъэшэхъукlыгъ ащ... Джы тыдэ сыкlуагъэми, гъогу къыситырэп. Сфегъаплъэх, сарегъэушхъухьэ. Сэ сыlофа, Айнари уц lуаригъэдзэнэу игухэлъ аlуагъ. Аущтэу ащ ерэшlи...

Пчъэ макъэм Чэчанэ игущыlэ къыригъэухыгъэп, ар иушъхьагъоу щигъэтыжьи, къэтэджыжьыгъ.



– Сыда, Чэчан, сызэрэплъэгъоу укъэтэджыжьэу, гумышlу къысфыуиlа? – Нэтlае къэупчlагъ.

– Сикъэтэджыжьыгъом укъытефагъ нахь, сыд пае гумышlу къыпфысиlэн,– джау сыдми Чэчанэ джэуап къытыжьыгъ.– Турабрэ сэрырэ бэшlагъэ тызыщысыр, тызнэмысыгъэ къэнагъэп. Къэбарышlукlэ убаймэ, lоф сиl нахь мышlэми, сыкъэтlысыжьын. Кlо, ащыгъум, Тураб, джа зэрэтlуагъэу, тхьэмэ тялъэlун, тыгу идгъэкlынхэп, зэтlуагъэмэ джыри зэ тахэгупшысыхьажьын.

«Уемыгъэзыгъапэмэ, мыщ ыдэжь укъакlо хъунэп...– зэрэшэсыжьыгъэм лъыпытэу Чэчанэ зыфэгубжыжьыгъ.– Тхьэмэ аlуагъ-къаlожьыгъ ыlоу, ипаlо зыщихмэ-зыщилъэжьэу щысыгъ нахь, гущыlэ псау кlэрысхын слъэкlыгъэп. Тхьэмэ ягугъу сшlыгъэмэ, дэйкlэ сатегущыlэу арэп, шlукlэ сыгу илъых, шъыпкъэгъэ lэшlукlэ къыздесэхьакlых. Ау Рэдэдкlи, Айнаркlи, Анысэткlи сlуагъэмэ Турабэ зэрахэгупшысыхьащтым щэч хэлъэп. Сэ сиlон сlуагъэ, сишlэн сапэкlэ къэт. Нахьлъэши тхьэмафэм къехъугъ Хьакlуцу къызытыр. Хьакъари, Шэныби яунэмэ кlымафэм зырарыгъэшlыхьажьыгъ. Къэзыщэн гори Мэзыбэ дэмысыжьым фэд. Сыда зыкlыдэмысыр? Пчыхьэ къэс Адышэс къещэ, ау инысэщэ зэрэгъэжъот макъэ зэхэтхырэп. Адышэс къыщэмэ, Шыупащэ ишъэогъугъ, сыпщ ымыlоу иджэгу хэтыщт, Айнари хигъэныщтэп. Джащ нахь тlэсхъапlэ тыдэ къитхын?..»

Чэчанэ шъэфэуи, нафэуи гукlэ зистыжьызэ цlацlэщтыгъэми, кlымэфэ къихьэгъакlэм иапэрэ мэзэныкъо нысэщитlу Мэзыбэ къыдэтэджагъ. Тхьэмэфэ псаум агъэджэгугъэмэ язи Айнар ахилъэгъуагъэп. Джыри Чэчанэ имэфэ-чэщ гумэкlыгъомэ апидзэжьыгъэу хэтызэ, щэджагъо мыхъугъапэу Нахьлъэш цlэплъым къыгъэчъэгъэ шыум Хьакъарэ дэжь ыщагъ.

Хьакъарэ ишышlоlу кlэрышlэгъэ шыонэзэтелъихыр Чэчанэ зыфихьын ышlагъэп. Нахьлъэшырэ Шэныбэрэ яшыхэр ышlэжьыгъ, адырэхэр ищыпэлъэгъугъэх. Ятеплъэ-lуплъэкlи пытэх, lэшэ-шъуашэкlи зэтегъэпсыхьагъэх, жэкlэ-пэкlэ шlуцlэх, нэ къилыдыкlых.

– Мыхэр тихьакlэх, Хьакlуцу къикlыгъэх,– Нахьлъэш къыlуагъ, шlуфэс зызэрах уж, игущыlэ къыпидзэжьыгъ: – Ухьазырмэ, Чэчан, лlыгъэ къызхэбгъэфэщтмэ, Адышэс

къещэшъ, мы купым тыкъыбдэшэсы. Тещэ пшӀыщта, шъуадэжь епщэлӀэщта? Хьауми занкӀэу ХьакӀуцукӀэ дгъэзэщта?

— Унэ сиӀэу сыд пае тещэ сшӀыжьын, ХьакӀуцу нэси тыкӀон,— Чэчанэ зигъэпкъыягъ.— Тикъэлапчъэ блэтщыщтэп!..

— Хэт ышӀэра, кӀэгъожьэу, зыкъытфыритӀакъомэ сэӀошъ ары,— джы нэс зи къэзымыӀощтыгъэ Хьакъарэ, ыгу илъымрэ ыӀупэ телъымрэ ащыщынэжьызэ, къахэгущыӀагъ, Нахьлъэш зыфычӀэплъым, зыкъигъэлӀыжьыгъ: — Тэ тыуигъусэщтмэ, укъызэкӀэмыкӀу.

— СшӀэрэп, Рампэс кӀимыгъэгъожьыгъэмэ,— ымакъэ къызэрэшӀуефэхырэр къыхэщэу Чэчанэ къыӀуагъ,— иунэ есыфэ нэшӀу къысфыримыӀагъэмэ, наекӀэ къысэплъыгъэп.

— СышъухэдаӀошъ, къосэгъухэр, къысфэжъугъэгъу, Нахьлъэш,— хьакӀуцумэ япащэ Барыч зыфэмыщыӀэу къахэгущыӀагъ,— тэ тынаӀэ зытетыдзагъэр къэтэхьы нахь, шъо къэщэ-нащэ зыфашъуӀорэм тыпылъэп. Шъузыщэмэ тапэгъокӀыщта?

— Сыд пае шъыу! — Нахьлъэш ыдагъэп.— Шъузыщэмэ тахэуцонышъ, нысэщэ орэдыр къадатӀозэ, адэтщэн. ЕтӀанэ къэзыщагъэхэри зыфащагъэхэри нысэ цӀыкӀум пэлъыфэхэ, Айнар шыплӀэм къыдэтэгъэтӀысхьэшъ, Чэчанэ къыфэтэщэ. Куомэ, фэтыдэнэп, зиушъэфмэ, ежьыркӀи тэркӀи нахьышӀужь.

— Бырсыр къытимышӀылӀэгъагъэмэ дэгъугъэ,— Шэныбэ ежь зэриӀожь фэдагъэми, щысмэ зэхаригъэхэу ыпэтх къэгъэщыгъэ чӀэгъумытӀымыхьагъ, хьакӀуцухэри зэфычӀигъэплъыжьыгъэх, сыдигъуи зэрэхъу хабзэу, ыгу римыхьыгъэмкӀэ Нахьлъэши зыфэщыӀагъэп:

— Арэп, Шэныб, ори ары, Хьакъар, зэ мы теӀымыӀыхьаным шъухэкӀыжьба! Ар тӀомэ тшъхьэ етыуфэхызэ, тпшъэ къыдэдгъэтӀысхьагъэх мыхэр!.. ЯкукӀэ тызэрэпымысыр, япщы пчъаблэ, Мэщыкъорэ Агъбанрэ фэдэу, тызэрэгомытыр зэгорэм зэхятэжъугъэгъэшӀыкӀ. Сицыхьэ зытелъыгъэ Къоданэ елъытыгъэмэ, ащкӀэ Чэчанэ лӀэу къычӀэкӀыгъ, щымыӀэжь пщым ежэхэзэ, хэгъэгур зэтезыӀажэрэмэ апымылъэу, талъэныкъокӀэ зыкъигъэзагъ.

— Адэ ары, Нахьлъэш,— Хьакъарэ ытамэхэр ыгъэпӀыихэу джы зыкъызэблехъужьы,— Айнарэ рашӀагъэм изакъоми, Рампэс мыупчӀэжьы-мыусэжьэу зэрищэлӀэжьыгъэшъ, мыпшъэшъэ-мышъузэу лэгъунэм регъэсы.

— Пшъэшъэжъыер иӀахьылыгъэмэ е ышӀэщтымкӀэ къытэупчӀыжьыгъагъэмэ зыгорэм фэд...— Шэныбэ джыри къэгъумтӀымыгъ, къыпигъэхъожьыгъэр нахь лъэшэу къыӀуагъ: — ГъэшӀэгъона пщы гуащэмэ!

— Джары тэ, ХьакуцукӀэ, пщымэ тазыкӀыфэмыер,— зэхихыгъэм ыгу къыдищаеу, ежьмэ ашӀэрэр шӀодаушэу Барыч къыдзыгъ.

— Шъыпкъэ, Барыч, шъыпкъэ.— Ягъусэхэми дырагъэштагъ.

— Адэ джары,— Нахьлъэш хьылъэу хэщэтыкӀыгъ,— сэры зэкӀэ зилажьэр!.. Къурай утыгум цӀыфы зыщесшӀылӀи, Рэдэд къызтесымыгъэкӀогъагъэмэ, мы тызэрыгущыӀэхэрэр Къосэгъу къихъухьащтыгъэп, хъэзармэ апэуцужьын зымылъэкӀыгъэ Лаурстэн ыкъо тапэ идгъэуцомэ зэгорэм лӀыгъэ къызхигъэфэн, къытихьылӀэгъэ цӀыфхэми ажэ зыдэзгъэфэнэп сӀуи, шъуинэрылъэгъугъ, Хьакъар, Шэныб, къызтезгъэкӀогъагъ. Джы къытэхъулӀагъэм шъуеплъ, пщы лӀыгъэнчъэр шакӀо мэзым кӀуи, хьэкӀэ-къокӀэ Ӏус зызэраригъэшӀыгъэм зэрэтымыгъотыжьыгъэр ишыхьат. Непэ зипхъорэлъф унагъо ышӀэщт Колэси, пщыр хым зэпыращыгъ къызыраӀом, ышӀошъ хъузэ, зыщыщ тымышӀэрэ шъхьэпсыгъо горэ тапэ къырарыгъэуцуи, гъогу техьагъ. Тынэ къаплъэзэ, тапэ итмэ хэгъэгур зэхырятэгъэгъэтакъо.

— Пщыбз уиӀэмэ,— хьакӀуцумэ ащыщ горэми къыдзыгъ,— ащ фэдэхэри къыохъулӀэщтых.

— ТэркӀэ, паӀо зыщыгъ купымкӀэ, хьайнапэ шъыу ар! — Хьакъари къыкӀигъэблыгъ.

— Хьайнапэмэ, сыд джы нэс узфыщысыгъэр! — Нахьлъэши къыпебжъэожьыгъ.

— О къыомыдэӀугъэхэр, Нахьлъэш, сыдэущтэу сэ згъэдэӀощтыгъэх...— Хьакъари зиухыижьыгъ.

— Ари шъыпкъэ,— Нахьлъэш цӀэплъым къызэрэраӀогъэ шӀыкӀэри къызэрэфэсакъыгъэри игопагъ, тӀэкӀу тыригъашӀи, Ӏофы зыримыгъэшӀэу, къыпигъэхъожьыгъ: — Джыдэдэм тикъосэгъу пщыгъо нахь тӀэсхъэпӀэ чӀыпӀэ ифагъэу къэсшӀэжьырэп... Адэ, Чэчан, зи къаӀорэпи? Ары, ары, о пшъхьэ джыдэдэм илъыр нэмыкӀ. Земыгъэгъап, тэ ар къыпфэдгъэпсыщт. Адырэ чэщ лэгъунэ ихьажьыр о зэрэп-

фызэшIокIышъу. Сыд аIорэр, пIэгу илъыр уимыемэ, хэIэбэгъуай, ы-ы?..– кIэнэкIэлъэ тIэкIу зыхэлъ сэмэркъэукIэ къыухыжьыгъ.

– СиIорэ сишIэрэ зэголъы, Нахьлъэш,– Чэчанэ къыIуагъ шъхьакIэ, апэ ыгу къэкIыгъэр ятэжъ Колэс, исабыигъорэ икIэлэгъурэ зыдигощыгъэ Рэдэд... Муары, Айнарэ ыкIыбыкIэ Анысэти къыкъоплъы, ахэмэ, шIуцIэ закIэкIэ фэпагъэу, Рампэси ашъхьащыт... «Рэдэд зэрэщымыIэжьым Айнарэ еуцолIэгъэна шъуIуа?..– адырэ чэщ-мэфэ мыухыжьмэ яупчIэ хьылъэщтыгъэр джыри зэ Чэчанэ къыфычIэужьыгъ, аущтэу зэрэхъугъэри зыфидэжьыгъэп: – Непэ, сиапэрэ шъузыщэ лъэбэкъу зыщысыдзыщтым, ар къысфыкъомычъыжьыгъэми хъуни! Зыгорэ фэIуагъэмэ шIэ?.. Сыд фэIогъэна къасщэ сшIоигъокIэ. Ау мы Iофым сыгу римыхь горэ къыхэхьэ... Къэщэн Iофым сыда пщыгъор къызэрэхахьэрэр? Нахьлъэш ыIорэмэ, загъори регъэлыекIми, шъыпкъэ ахэлъ, сэри бэкIэ адесэгъаштэ, ау етIани...»

– Зэхэшъоха? – Нахьлъэш къызэджэм, Чэчанэ игупшысэхэр зэпигъэугъэх.– Нысэщэ орэдыр псыIушъомкIэ къыщэIу. НекIо, ягушIуагъо тэри адэтэжъугъэIэт!..– Нахьлъэш цIэплъыр щхыпцIызэ, ин-инэу къызщытэджыкIыгъ.

Джа мэфэ дэдэм, щэджэгъоужмэ адэжь, сыхьат гори тешIэгъэнэп, Чэчанэ икъэлапчъэ шыу зэпео бырсыр къыIутэджагъ. Айнарэ зэрахьыгъэ къэбарыр зылъыIэсыгъэ лъэсхэри, шыухэри чылэм къыхэзэрэгъэчъых. Шъхьатехъо зытехъуагъэмэ анахьи паIо зыщыгъыр нахьыб.

– Тинысащэ шъуукъуагъэ, емыкIу къытэшъухыгъ,– Адышэс ылъэныкъокIэ къикIыгъэ шыумэ янахьыжъ къыIуагъ,– Iорэ-шIэрэ хэмылъэу типшъашъэ тэжъугъэгъотыжь.

– Тыогъэщынэмэ сшIэрэп?..– Нахьлъэш ипхъэтэпэмыхьыгъэ фыкIигъэлъахъэзэ щхыпцIыгъэ, хьакIуцу Барычи ионэш зыкIигъэджэгукIыгъ.

– Сыд пае уигъэщынэн,– ипхъэ куахъо имэлышъо джэдыгу тамэ тыригъэсысыхьэзэ, ТIатIыхъу лIыжъым къыIуагъ,– цIыфыгъэ зыдешъумыхьагъэмэ цIыфыгъэ къышъуахы. Ядао афашъушI.

– Ора сэIо, ТIатIыхъу? – лIыжъым шъхьапырыплъызэ, шIощхэнэу еупчIыгъ.– Уишlэ хэлъэу тыбгъэшэсыгъагъэмэ, тыодэIуни... Колэс тхьаматэр дэмыс нахь мышIэми, нысэ иIэшъ, фэгушIон зыIорэр етэгъэблагъэ.

– Нахьлъэш! – байкол заулэ зигъусэу къыIулъэдэгъэ Мэщыкъо къэджагъ.– Колэс тхьамэтэ мафэм ыцIэ урымыджэгу! Тэ щыI Чэчан?

– Рампэс пщы гуащэр къэкIо,– ащыщ горэм къыIуагъ, щытхэр зэплъэкIыгъэх, ышъхьэ щегъэжьагъэу ылъэгуанджэ нэс цы шъхьэтехъо шIуцIэшхор къызэубгъохыгъэ Рампэс фызэлъыIукIотхи, пчэгум ращагъ, хьакIуцухэмрэ Нахьлъэшрэ фэшъхьаф, Хьакъари, Шэныби зэрахэтыжьэу, шыухэр фепсыхыгъэх.

– О сыд зэндэрыкъэу шым узыфытесыр? – ТIатIыхъу джыри Нахьлъэш фэгубжыгъ.– Адыгагъэр пщыгъупшэжьыгъа?

– Сэ сыда укъызэрэспылъыр, о лъэгонджэмышъхьэкIэ фэтIыс,– Нахьлъэши къызэцэкъэкIыжьыгъ. ХьакIуцу Барычи ылъэгъурэмкIэ гъумытIымыгъэ:

– Дэу мыхэр ягощэшхо ыжэ дэплъыхьэхэра!

– Сипхъорэлъф икъэлапчъэ сыд щыхъугъ?! – зэхэкуозэдаом ыкIыбыкIэ къыдэIукIыгъэ джэмакъэр зэкIэми къашIэжьыгъ: зылъакъо пхыгъэ Колэс уанэм къызэрэрахыщтыгъэри алъэгъугъ...

ХьакIэм хьакIэр тепсыхэжьырэп аIо шъхьакIэ, Колэсдыхэм къызагъэзэжьыгъэм мэфищи тешIэгъагъэпщтын Рэдэдыпщыр гъэрыпIэм къызэрикIыжьыгъэ къэбар гушIуагъом зэрэ Къосэгъоу къызызэлъебыбыхьэм.

ГушIуакIохэр зэуж-зэлъыкIохэу Мэзыбэ къызэлъекIуущтыгъэхэмэ, зишхъухьэшIагъэ зыдэзышIэжьыщтыгъэ Нахьлъэши, Хьакъари, Шэныби, Чэчани адэлъэпаоу, нэмыкI нэбгырэ заули алъычъэжьзэ, хьакIуцу къушъхьэ дэгупIэм изэрэтэкъожьыгъэх.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### I

ГушIуакIохэр нахь пIуакIэ зэхъум, хэшIыкI тIэкIу фыриIагъэми, Рэдэд зыгъэапэщтыгъэм кIэупчIагъ:

– ТӀэкӀу шӀагъа, тян, Айнар къызызэпщэлӀэжьыгъэр?
– Зэпэlапчъэ тызашlыгъэгъэ мафэм щегъэжьагъ.
– Изакъоти угу фэгъугъ, ара?
– Ари, нэмыкІхэри къыхэхьагъ...
– Сыкъызэкlожьи, Анысэт сытеплъагъэп...– тегупшысыкl нэгукlэ Рэдэд къыlуагъ.– Гъойщая? Айнарэ сызеупчlым, щхыпцlыгъэ нахь зи къысиlуагъэп.
– Айнарэ Анысэткlэ емыгъэз.
– Сыда? – Рэдэд игумэкl джы къышlутекlуагъ.
– Ахэр зэшlухэп...– Рампэс къехьылъэкlэу ышъхьэ дыригъэзэкlыгъ.– Уакъыкlэмыупчl, къыосlошъущтэп...
– Тян!..– игые нахьыбэу Рэдэд янэ lуплъагъ.
– Ары, сикlал, ары, укъызкlэупчlэрэр сыдкlэ былым... Сэ къэсэбгъэlон нахьи, Мэщыкъо къыпкъырыкlыгъагъэмэ нахьышlугъ, ыгу жьы дэкlыни... Анысэт мыгъо гущэр зэпкъаджэ... Етlани ар зишъхьаубэтэгъэ Чэчанэ мыукlытэу, ари зыгорэм къыпфидзын нахьи, сэ къыуасlомэ нахьышlу, Айнарэ аригъэхьи, тlысыгъо-теплъэгъу итымыгъафэу къатетхыжьыгъ. Олъэгъу чэф цlыкlоу къызэрэтхэсыри, сикlал...
– Мыхэмэ Колэс ащыгъуаза? – Рэдэд ынэгу пычъымэ къэушэплъыжьызэ, къэупчlагъ.
– Сыд пшlошlыра Колэс тхьамыкlэр, лъэкъо фыкъуагъэр арэу къызщымыгъэхъу, пlэм хэзгъэгъолъхьагъэр?
– Чэчанэ аущтэу къысфычlэкlыжьын lоу нибжьи сшlагъэп! – Рэдэд игукlае къызыщиlэтыкlи, фэмыlажэщтыгъэ гумэкlыр ылэпкъ-лъэпкъымэ къахэщэу пчъэмкlэ зежьэм, ныр лъыджагъ:
– А сикlал, зэ моу къэуцу,– Рампэс ипытэгъэ-шъэбэгъэ макъэ Рэдэд пчъаблэм дэжь къыщызэтыригъэуцуагъ, плъырыгъэ къызэрэзыхигъэфагъэмкlэ кlэгъожьэу, янэ ыпашъхьэ итlысхьажьыгъ.– Орырэ сэрырэ тигукlэе-гукъаохэр зэшlодгъэбылъхэмэ, тазыфагу къыдэхьащтыр ащ къызэрешэрэр зыщымыгъэгъупш. Унэгу кlэт дунаим фэд гупшысэхэри. Зэ тыгъэпсыкlэ узыхегъаплъэ, зэ ипщагъокlэ узхегъэгъуащэ. Сыдигъуи Тхьэшхом дунаим ущегъэсакъы, гушlуагъорэ тхьамыкlагъорэ зэрэщызэголъыр къыбгурегъаlо. Къилъэтыгъэу умызекlу, гупшысэм сэ къихыгъор пфеlажэ.



– Тян, Гъучlыпсэ тхьамыкlэм зэриlощтыгъэу,– ным еlэсэкlызэ, Рэдэд ылупшlакlэмэ щхыпэ шъабэр арычъагъ,– гупшыси псалъэ, зыплъыхьи тlыс къысапlо пшlоигъу.
– Аущтэу къыбгурэlомэ, сигуапэ,– Рампэс ынэгу псыгъо лыпцэмэ ащыщи сысыгъэп,– ау ахэмэ афэшъхьаф гупшысэ джэуапынчъэхэми сагъэгумэкlы. Укъызыthэхьажьыгъэр тхьэмафэ хъугъэшъ, непэ фэшъхьаф, зызэфэдгъазэу тызэрэзэдэмыгущыlагъэм сигъапэщтыгъэ. Непи Айнаркlэ къедгъажьи, Анысэткlэ тыухыжьыгъэ ныlэп. Ащкlэ, тхьэмэ арэмыд, узгъэмысэу арэп, ау етlани... сшlэрэп, Айнаркlэ сызэрэзекlуагъэр, адырэмэ афэдэу, ори къемыгъэкlумэ сэlошъ ары.
– Адырэхэр хэтых? – янэ зыцlэ къыримыlуагъэхэр ышlэ пэтзэ, Рэдэд къэупчlагъ.
– Арэп, сикlал,– Рампэс ынэгу лыпцэмэ ащыщ джыри къэмысысыгъэми, къыхихыгъ,– цыхьэ къысфэпшlырэба, сыд уикъэупчlакl? Узгъэгумэкlырэм утемыгущыlыкlэу, занкlэу ышъхьэ къих.
– Угу къысэмыгъабгъ, тян, къысфэмыlощтыгъэмкlэ...– Рэдэд шъхьэ онтэгъушхор риуфэхыгъ.– Джа зыр арыти мы дунаим щыпшlосыушъэфынэу сиlагъэр, олъэгъу, ихъяр титlуи тыкlагъэхьагъэп. Ащкlэ сигугъапlэ зытелъыгъэр Чэчан, ау къызэрэсфычlэкlыжьыгъэм ущыгъуаз...
– Чэчанэ угу емыгъабгъ, сикlал.
– Тян!
– Гупсагъэм уимыгъэшlэн щыlэп, дзэхэр зэпеlэтых, хэгъэгухэр зэрегъэзаох...
– Нахьлъэш цlэплъым зэрэгоуцуагъэзи?
– А джэголъэжъым къыуишlагъэм Чэчанэ щымыгъозэнкlи мэхъу.
– Ар апэ зыфаlопщыгъэмэ Чэчанэ ащыщ!
– Аущтэу оlомэ, чатэр lэтыгъошlу, удэмыгузажъу,– Рампэс зыфэгуитlум текlырэп,– ащыгъум Чэчанэ ехъырэхъышэным хэфэгъэнкlи пшlэнэп.
– Къапlо пшlоигъор, тян, нахь къысфызэхэф,– Рэдэд къыlуи, ежь ымыштэрэ еплъыкlэмкlэ къыухыжьыгъ: – Мыжъокlэ къысэуагъэм къуаекlэ сеожьынэуи?
– Нахьлъэшкlэ, сикlал, ар озгъэшlэнэп, ау Чэчанкlэ укъэзыубытын щыl.

«Ежь узэриушъхьакIущтыгъэр шIэхыщэу пщыгъупшэжьыгъ! – янэ фидзыжьынэу, Рэдэд къышIудэоегъагъ шъхьакIэ, мощ фэдиз къиныр зылъэгъугъэм фэсакъмэ зэушъыижьызэ, ыгу теIункIэжьыгъ, ау, зэрэхъури ымышIэу, джэнджэш горэ ыбгъэ къыдэтаджэуи фежьагъ: – Сыкъэзыубытын щыI... ТызэрэзэдапIугъэр щызгъэзыеми, Колэс? Ар тыдэ схьыщт? Бзылъфыгъэ щэхъу тазыфагу къыдэмыхьэгъагъэмэ, сыгу сытеIункIэжьыни, ащкIэ мыхъурэ щыIэп, ау спсэ къеIагъэм зэрэгоуцуагъэр нибжьи фэзгъэгъунэп! Тянэ зыфиIорэм шъыпкъэ хэмылъэуи щытэп – Нахьлъэш цIэплъым IэкIэкIыжьыгъуай. Чэчанэ сыпэуцуным ыпэкIэ тызэдэгущыIэгъагъэмэ нахьышIугъэмэ сшIэрэп... Сыд есIощтыр? Укъысэжагъэп, шъхьакIо къысэпхыгъ сIонышъ, сегыищта? ЦIыфхэр къыздэхьащхыных, зышыпхъу ыгъэпцIэгъэ Мэщыкъуи ыгу къысэбгъэн... Хьау, хьау, Чэчанэ, зэрэхъурэмкIэ, фэгъункIэ ерэшIи, къыуимышIэн щыIэп...»

Рэдэд игупшысэ зэгурымыIомэ афэдэхэу Рампэс ышъхьэ илъхэри зэбгырычъыщтыгъэх. «Къэсыжьыгъо исымыгъафэу, къытэхъулIагъэм ежь ышъхьэкIэ хэсымыгъаплъэу, сыд Iофа скъо зыхэсыдзагъэр,– Рампэс къызхигъэфэгъэ шъхьалъэшыгъэм рыкIэгъожьыгъ, ау пимыупкIыпэу, зиухыижьызэ, къыригъэкIужьыгъ: – Шъхьэлъэшыгъэр сикIэмыгъэкъоныгъэмэ, сыдэущтэу илъэс псаум пщыгъор зесщэщтыгъэ? Шыупащэ зыфэдгъэлъэгъуагъэмэ ащыщмэ къырамыдзэ зэхъум, ипаIо зызыщысльэн уахьти къысфыхэкIыгъ. Тхьаегъэпсэух байколхэр, гум сыранагъэп, къыскъотыгъэх, РэдэдкIэ сиIэгъэ гугъэпIэ закъор къыздащэчыгъ. Чэчанэ фэдэхэри къыхэкIыгъэх, ау а бетэмалым сыгу ебгъэрэп, ащ игумышIуныгъэ сэ силажьи хэлъ. Адэ Рэдэд къыщинэгъэ гупсэр изакъоу унэм изгъэсыныя, сыIуплъэмэ силъфыгъэ закъо хэслъагъоу, хъущтыр охъуфэ, къызкIэрызгъэсын, зыкъэтыухъумэжьын сIуи, цIыфмэ къытаIолIэщтым сыщыукIытэмэ сышIолIыкIызэ, Айнар къызэсщэлIэжьыгъагъ. Сыдым фэсшIэныя ишъэогъу пэблагъэр къыздиухъумэным, къыздигъэлъэпIэным ычIыпIэкIэ ыгу къысэбгъэныр... Тыкъызкъонэжьынэу сицыхьэ зытелъыгъэм тыкъиуIэжьыгъ нахь мышIэми, укъэзыубытын щыI зэрэсIуагъэр зэкIэсхьажьырэп, ау нэмыкIэу узекIон пIомэ, фит усэшIы...»



– ГухэкI умышIы, сикIал,– зэпыугъо ужым Рампэс къыIуагъ,– къыосIуагъэм нахь Iофхэри тапэкIэ къэтых...– джау сыдми къыIуагъэм фэдэу, Рампэс къыухыжьыгъ.

– Джа Iофмэ тэри ауж тит,– Рэдэд тхьагъэпцIышъо нэшIукIэ янэ Iугушlозэ, къэтэджыжьыгъ.– Мэфэ заулэкIэ Къосэгъу хэсашъхьэр сыугъоищтышъ, блэхыпIэ зимыIэ Iофыгъомэ татегущыIэн.

Рампэс зэхихыгъэм шъхьэр къырагъэпхъотагъ, Рэдэд лъыджагъ:

– Сыд фэдэ Iофыгъох, сикIал?

– Джыри къэзгъэзэжьыщта, тян? – Рэдэд есэмэркъэужьыгъэми, къызфеупчIырэр зэримыгуапэр гуригъэIуагъ.

– Къэгъэзэ-гъэзэжь езгъэшIэу къосэгъупщыр джэхашъом тезгъэтына, джау сыдми сыкъыкIэупчIагъ,– Рампэси ыгу емыIугъэр къызтыригъэнагъэп, зыфаемкIэ зиухыижьыгъ: – Шъхьэ Iофмэ, хэгъэгу Iофмэ сэIошъ ары.

– ХыкIыбым сыкъэтыфэ, хэгъэгу Iофмэ пшъхьэ арагъэгъэузыгъащэкIэ сенэгуе, тян...– Рэдэд нахь зыфэсакъыжьызэ, ным Iугушlуагъ.

Рампэс зэхихыгъэм ышъо къыхыригъэхыгъэу, ыкъо фидзыжьыгъ:

– Ар ора, сэра зилажьэр? – пкъы псыгъо ищыгъэмкIэ Рампэс зыкъиупэпцIыгъ.

– Хьау, хьау, тян,– Рэдэди имысагъэ ардэдэм зыдишIэжьыгъ,– ащ фэдэ къизгъэкIыгъэп сэ, къысфэгъэгъу.

– Гугъу ухэмытыгъэмэ, къыпфэсымыгъэгъуныекIи мэхъу, ау джынэкъэуж ащ фэдэ гущыIэ къысфэмышIыжь. КъыосIуагъэба, тазыфагу жьызэпео къыдахьэ хъущтэп. Хэсэшъхьэ зэфэсыр къызыщысыщтым етIанэ хэгъэгу Iофмэ татегущыIэн. Ау мэфэл зытешIэ мыхъущтыр уишъэогъухэм къыуязгъэIон... Ары, сикIал, къэозгъэгъэзэжьырэп...

Илъэс псаум зыпэIэпчъэгъэ нымкIэ къехъулIагъэр ыгу къыхаоу Рэдэд пчъаблэм дэкIыгъэ къодыеу, Айнарэ IуупIагъ:

– Ора, Айнар?

– Уимафэ шIу, Рэдэд,– нэплъэгъу гумэкIыр къыфидзи, Айнар ынапIэхэр ридзыхыжьыгъ.

Рампэс ипчъэ Iухыгъо псынкIэ-хъункIаекIэ зэблищыгъэ нэбгыритIум ягумэкI-гупшысэхэр зэфэдагъэми, Рэдэд зезыдзэрэмэ зыкъыжэхатакъозэ, ипщы унэ ихьажьыгъ.

Дэпкъым кIэрыт чъыгэе пхъэнтIэкIушхом тетIысхьагъэп, ыплIэIу зыкъизыдзэгъэ гупшысэхэр, гъэрыпIэм зэрэщишIыщтыгъэу, зыпигъэтэкъурэм фэдэу джэхэшъогур рикIухьакIызэ, ошIэ-дэмышIэу къызэтеуцуагъ, гукIэ зыдэхьащхыжьыгъ: «Сыд сэIо, лъэхъу стемылъыжьэу сыхэзгъэлъэщыкIырэр? – хыкIыб мэзэ хьылъэхэр инэплъэгъу къыфыхэтэджыкIыхэ зэхъум, шъхьэгъэсыскIэ закъыхиутыжьи, къушъхьэмкIэ гъэзэгъэ шъхьаныгъупчъэм кIэрыхьагъ, ынэIу къыпэIутэджэгъэ дунэе фыжь дахэм ыгу къыдищэягъ: – Джары къосэгъу дунаир!.. ЕгъэшIэрэ нэфэу укъытшъхьащэрэт, тиошъогу Тыгъэшху! Мо къушъхьэ лъагэхэр, мо мэз зэикIхэр, мо онджэкъ Iугъо гупсэфхэр сэбгъэлъэгъужьыгъэх, тиатэкъэ джэмакъэхэри, тихьэ хьакъу макъэхэри зэхэсэбгъэхыжьыгъэх, мо шъэожъые чынашIэмэ абзи стхьакIумэ къибгъэуцожьыгъ... Хьау, хьау, а хэгъэгумэ ащысэбгъэлъэгъугъэхэр зэкIэ дэи сIон слъэкIыщтэп. Панатидэ имэхъэджагъэ сыд пае илъэпкъэгъумэ атеслъхьан? Нахьлъэши Аспарыхъуи а зигугъу сшIырэмэ анахьышIуха? Хакъарэдыхэр? Спсэ зыхэтIэгъэгъэ Чэчани ахэмэ агохьажьыгъ... Модэ, модэ къушъхьэ цакIэм зизакъоу тет чъыг цIыкIур!» – Рэдэд инэплъэгъу къыкIэуцуагъэм гушIуагъокIэ къыхигъэкуукIыгъэми, ардэдэм ыгу АйнаркIэ къыпыузыкIи, шъхьаныгъупчъэм къыIукIыжьыгъ.

Рэдэд етIысэхыгъ шъхьакIэ, щысышъугъэп. Джэхэшъогур заулэрэ къызызэпекIухьакIым, ащи гупсэфыгъо тыримыгъуатэу зыкIэрытыгъэ шъхьаныгъупчъэм блэкIи, щагу пчъэIупэмкIэ гъэзагъэм кIэрыуцуагъ. Пщы щагу хъоо-пщаом щилъэгъурэмэ ямыгупсэфылIэу, ащи къыкIэрыкIыжьыгъ.

«Сиунэ къэзгъэзэжьыгъэу, сипщыпIэ сыкъифэжьыгъэу сыд гумэкIыгъуа сызхэтыр? – Рэдэд зымыгъэгупсэфырэм хэшIыкI фырилэ фэдэми, ар ыпэ римыгъэшъэу, Iуигъэзыкlмэ зыщигъэгъупшэзэ, ежь-ежьырэу зэушъыижьы.– Сыпсау, сыузынчъ, кIодыпIэ Iаджми сыкъялыжьыгъ. Сипыйхэр армэ, Нахьлъэш апэ зэритэу, ХьакIуцу чъэжьыгъэх. Пщыгъор къызысфагъэшъуашэм афэсшIагъэ щымыIэми, илъэс псаум силъэпкъэгъу къосэгъухэр къыспэплъагъэх, къыслъыхъугъэх. Цlыфыгъэ къызхагъафэу счIыпIэ къинагъэхэми адэпсэугъэх. ЗэбгырызыжьынхэкIэ сызтещыныхьэщтыгъэ байколхэми, мы бэдэдэми, ахэхъуагъ нахь, ахэкIыгъэп.



ЗэрэукI къахэхьагъэп, зэо-банэ къихъухьагъэп. Сэ етIани пщыгъо Iофыгъомэ уясагъ сэIошъ, сянэ фэсэдзы... Лъэгъугъошlум сыблэплъызэ, цы налъэр сынэ къыкIэсэгъафэмэ сшIэрэп. Адэ тэрэза АйнаркIэ къытэхъулIагъэр?.. ШъэфкIэ тызэIугушIоу, тызэрэмылъэгъумэ, тызэфэзэщэу, тызэIуупIэмэ, тыкъащтэу, пшыпхъумэ, уишъузмэ амышIэу унэм къыбдисыныр тхьамыкIагъу. АрынкIи мэхъуба тяни гугъу хэзгъэтырэр? Сишъэогъухэм къысаригъэIонэу зыфиIуагъэри?.. Зэ, зэ, сипщыгъо Iофмэ апыдзэжьыгъо симыфэзэ, шъузыщэ сежьэнэуи ?!»

Пчъэ макъэм игупшысэ зэрэIэпиутыгъэр игуапэу, хэт къыдэкIыщтми фэнэгушIоу Рэдэд плъагъэ, къихьагъэм фэкIэщыгъоу риIуагъ:– Къеблагъ, Тураб, къеблагъ. Iэшэ-шъуашэкIэ узэтегъэпсыхьагъ, гъогу утехьащта?

– Къосэгъупщыр изакъоу игупшысэмэ къахэшъумын моу джыдэдэм ти Тхьэшхо къысиIуагъэти, уапашъхьэ шъое-цыеу сыкъихьана, сиIэмэ анахьышIур къызпыслъхьи, сыкъэкIуагъ. Узэпэшэу, уиIорэ уишIэрэ зэголъэу, уилъэрыгъырэ уиныбэпхырэ пытэ зэпытэу уипщыгъо пыбдзэжьынэу титхьэмэ ацIэкIэ, къысаIуагъэр згъэцакIэзэ, сыпфэлъэIо.

– Тхьауегъэпсэу, Тураб,– зэхихыгъэм ыIэпкъ-лъэпкъхэр псынкIэ кIагъэхъукIэу, зэрыс унэр джыри нахь нэф къыщагъэхъоу Рэдэдыпщым къыIуагъ,– шIоу щыIэр ори къыбдэхъу. УитхьалъэIумэ илъэс псаум сазэрэхэлъыгъэм, ныбджэгъу-шъыпкъагъэр къызэрэсфыуиIагъэм сыщыгъуаз, сызэрэпфэразэр къыосэIо. ТицIыкIугъом щегъэжьагъэу илъэс щэкI Iэпэ-цыпэ къызэдэтхьыгъэшъ, хэт ышIэра мыхъун горэ тазыфагу къыдэфэгъагъэмэ, зыщыдгъэгъупшэмэ нахьышIу.

– Тхьауегъэпсэу, зиусхьан,– ренэу зыкIэхъопсыщтыгъэу, непэкIэ зэмыжэгъэ гущыIэхэр ээхэзыхыгъэ Турабэ ынэкIушъхьэхэр къэушэплъыгъэх,– гущыIэ псау къысэпIуагъ, егъэшIэрэ хьын мафэу саплIэIу къиплъхьагъэшъ, ар зизэхэфыныр титхьэхэр армэ, ахэмэ зэраIоу тыкъызфырагъэхыгъэ къосэгъумэ апашъхьэ зэфэгъэ-гукIэгъукIэ ори сэри тыщызэкъотын, тиIумэтхэр...

– Тураб! – зижэшIуагъэ рыджэгущтыгъэ Турабэ Рэдэд зэпиутыгъ.– КъыосIуагъэр тэрэзэу къыбгурыIуагъэп, къытэмыпэсыгъэ «къехыгъэ» Iофым тытемыгъэгущыI.

Ори, сэри ошъогум зыми тыкъырихьыхыгъэп. Тыкъызхэкlыгъэхэр тэркlи, хэткlи нафэх.

– Шъыпкъэ, шъыпкъэ, зипщыгъо багъозэ псэун Рэдэдыпщыр,– Турабэ псынкlэу Рэдэд дыригъэштагъ,– къэпlуагъэм мыхъун хэлъэп. Лаурстэныпщым ори урикъу, уятэ фэдэу мыцlэрыlуагъэми, Хьакъэрэжъым lэкlэкlодэгъэ Тэрзаб тхьамыкlэм сэри сикъыхэкlыгъ. Ау мы lофым тэ тымышlэу, Тхьэшхом ишlэ хэлъэу, зыгорэ хэхъухьэ. Сымыгъэгузажъу, сэ тхьэмэ къысаlорэр къыкlэсэlотэкlыжьы ныlэп. Адэ, псэ зыфаlорэр ошlа?

– Псэ зыфаlорэр сымышlэ мэхъуа?

– Зэгорэм плъэгъугъа?

– Сыдым сигъэлъэгъун...

– Адэ джары...– Турабэ зэпыуплэ зыфишlыжьызэ, ылэпэ псыгъо уашъор къыригъэлъагъоу, кlашъомкlэ зандэу дигъэчъэягъ,– псэр зыми ылъэгъугъэп, ылъэгъунэуи щытэп. Цlыфыр лlэ зыхъукlэ, ыпсэ Тхьэшхом lехыжьышъ, уашъом дехьыежьы, къыгъэхъуным ыпэкlэ, фэшъуашэу ылъэгъурэр къырепэсыжьы. О етlани Тхьэм къыпхилъхьагъэм джэнджэш уфэхъужьы,– кlэгъумтlымыхьажь къыфишlыжьзэ, къыухыжьыгъ.

– Къэпlуагъэхэр сищыпэзэхэхэпышъ, къэхъуи, лlэжьи апсэкlэ къыбдесэгъаштэ, ау адырэр, джыри зэ къыосэlо, зыми зэхемыгъэх, тхьэхэри къыобгыных, цlыфхэри къыбдэхьащхыных.

– Аущтэу оlомэ, зиусхьан, пlорэм сыблэкlынэп, сыкъыодэlун,– зытебыбыкlыгъэгъэ чlылъэм къытетlысхьажьызэ, Турабэ щхыпцlыгъэ, къыдэмыхъугъэр ежь имылажьэ фэдэу тырицlэлэжьыгъ: – Зэрэхъурэмкlэ, сэ къэсlуагъэри тэрэзэу ори къыбгурыlуагъэп. Сыд пае тызщымыгъуазэмкlэ тызэдэон, сэ тхьэмэ къысаlорэр, къыосlуагъи, къыкlэсэlотыкlыжьы ныlэп. Мары, джы къызнэсыгъэм тхьэмэ гум сыранагъэп, цlыф сагъэгъэпцlагъэп, Мэзыбэ изакъоп, зэрэ Къосэгъоуи сишыхьат. Зылъэгъурэмэ агъэшlагъоу, мыутlи, зыхи тхьэ lофхэмкlэ сызилъэгъунхэр къысфэкlох...– Турабэ къыlуагъэхэр къыкlигъэпытыхьажьыщтыгъэ нахь, атекlын гухэлъ иlагъэп. «Мы слъэгъурэр гъэрыпlэм нахь шъэбэ-лантlэ къыщашlыгъэмэ сlогъагъэ шъхьакlэ, ежь ыlорэр ары нахь, о пlорэр зыхигъэхьанэу фэяхэп... Сэ сызфаери къыкlэпlотыкlыжьэу зэгорэм къэслъэгъужьын. Арэп, мыщ икъэгущыlакlэкlэ, зыдэщыlэгъэ хыкlыбым итхьэхэр къыздищагъэхэмэ шlэ?.. Сшlэрэп ащыгъум...» – Зимафэ мэфишъэ хъун Рэдэд, узщаlыгъыгъэ хэгъэгум итхьэмэ сакъыкlэупчlэнэуи сыфаеп, ау ахэри зыфэдэхэр сшlэмэ сшlоигъу.

– А укъызкlэупчlэрэ урымымэ, Тураб, зэгорэм тхьабэ яlагъэми, джы шlошъхъуныгъэ зыфыряlэр зы Тхьэ,– тхьагъэпцlыгъэ зыхэмылъ lупэрычъэкlэ Рэдэд щхыпцlыгъэ.– Къэошlэжьмэ, Колэс дэжь къакlощтыгъэ Думитрэ ащ бэрэ игугъу къытфишlыщтыгъ...

– Къэмыlу, зиусхьан, къэмыlу,– Турабэ гуlэзэ Рэдэд къызэпиутыгъ,– сыкъызэрэупчlагъэмкlи сыкlэгъожьыгъ, ыцlэ къемыlу. Ащ ыцlэ къырилomэ тыригъэдэlузэ, оркlэ бэлахь тыхэзыдзагъэмэ а Думитрэ къащ нэгури ащыщ. Къыуасlощтыгъэба, укъыздэхьащхыщтыгъэ нахь, ащ икъащ къэхьыкlэ шlу къызэрэтфимыхьыщтыр...– Турабэ зэхихыгъэм къыгъэгузэжъуагъэми, гущтэ езыгъэшlыгъэр зыхиушъэфэн ылъэкlэу, зыцlэ къыраlуагъэм зэкlэри тырилъхьагъ, ау, зэпыугъо бащэ фимышlэу, ежь зыгъэгумэкlыщтыгъэми ышъхьэ къырихыгъ: – Къытхэхьэрэ пстэуми ажэ тыубытыныр ащ къизгъэкlырэп, ау тишхынрэ титхьалъэlукlэрэ зышlоlаемэ сыд пае тихьакlэщыпчъэхэр афызэlутхын... Сэрыгъэмэ, зиусхьан, шэуджэн купмэ зыфаер щязгъаlоу, щязгъашlэу пщыгъор къырязгъэкlухьакlыщтыгъэп. Сэ сыд, оры типщыр, сызицыхьэшlэгъукlэ тхьэмэ яшlошl къыжъунэсэгъэсыжьы ныlэп. Удэмысыфэ ахэмэ къысаlорэр къосэгъумэ ясlожьыгъ. Джы къэбгъэзэжьыгъэшъ, шъыпкъаlоу шъуазыфагу сыдэтын, зы гущыlи хэзгъэхъонэп, кlэзгъэзынэп. Ау, тхьэмэ сызыряцыхьэшlэгъукlэ, сыгу римыхьын Къосэгъу зислъагъорэм, о къыосымыlомэ, хэт есlон, къызэрэосхьылlэщтыри пшlосыушъэфынэп.

– Джыри тхьауегъэпсэу къыосэlо, Тураб,– тхьэмэ ялlыкlо къыlорэмэ зэпыугъо защыфэхъущтым ежэщтыгъэ Рэдэд гукlэ щхыпцlызэ, риlуагъ: – Дунаир гумэкlыгъо пчъагъэу зэхэлъ, о уигумэкlи ахэмэ ащыщ. Орырэ сэрырэ тызызэрэшlэрэр непэп, бащэрэ ар къыкlэсэмыгъэlотыкlыжь. Тхьэхэмкlэ къысапlо пшlоигъохэри ащ нахьыбэрэ къысэмыlокlыжьых. Ахэр угу илъхэмэ, уафэшъыпкъэмэ, ащ фэдэ цlыфыр къосэгъумэ ящыкlагъэшъ, загурыгъаlу, ячlылъэ фэlо-фашlэхэр ахэмэ ацlэкlэ афашlэх, сэри, зыщи-

щыкlагъэм, къыбдезгъэштэн, сыкъыпкъотын. Ау уашъом ыцlэкlэ, тхьэмэ ацlэкlэ укъысшъхьащытынэу зыфапlорэр зыщыгъэгъупш, оры пакlошъ, сяни, Колэси, хэти фэсыдэнэп. Хэсашъхьэм хэтхэми Къосэгъукlэ мыхъун афэсшlэнэп!

– Дэгъу дэд, зиусхьан,– ыгу теlункlэжьмэ шъорышl макъэри зыхиlэжэжьызэ, Турабэ къыдыригъэштагъ,– ащ фэдэ гущыlэ шъхьаихыгъэ бэшlагъэ Къосэгъу зыщызэхэсымыхыжьыгъэр! О удэмысыфэ Хьакъардыхэм, Нахьлъэшдыхэм тызэряубзэщтыгъэр сыгу изгъэкlын слъэкlырэп, тхьэмэ къысатырэ гугъапlэм сыщимыгъэlагъэмэ, сшlэрэп къысэхъулlэщтыгъэр...– мэкъэ ефэхыгъэкlэ къыфыпигъэхъожьыгъ.

«Зэгорэм сшlэщтыгъэ Турабыр щыlэжьэп,– ыlуагъ Рэдэд. Гукlэ щхыпцlыщтыгъэми, зыжэдэожьыщтыгъэм ылъэныкъокlэ нэрмылъэгъу щынагъо горэ къызэрикlырэр зэхишlагъ.– Нахьыпэм зэрэщытыгъэу, къыlорэм угу римыхьын зэрэхилъагъоу къыбдыригъаштэзэ течъыжьы, етlанэ lэрыфэгъу зыщифэрэм ежь зэрэфаеу къыпедзэжьы, ау ищысыкlэкlи, ышъокlи, ищхыкlэкlи нэмыкl шъыпкъэ хъугъэ. Тицlыкlугъом щыублагъэу усэкъат тlомэ тыкъыоlэзэкlызэ къэтхыгъ, нэмыкl горэм теубзагъэу, зыфаер фэтшlагъэу, едгъэшlагъэу къэсшlэжьырэп. Мыр зэрэфэпагъэр... Бэджэшъо шхъонтlэ пlуакlэр иджэдыгу, пэlо хъурэе фэкlыхьашъори ащ щыщ, ылъакъомэ апылъ лъаехэми а шъор яl, ичэтэ-къамэхэми тыжьыныпсыр къатежъыукlы. Тэ хъугъа ибыкъагъи? Джэдыгум ытх къипш хегъэкlуакlэ. Агъбанэрэ Шыупащэрэ зымафэ къысаlогъагъэр сшlошъ хъугъагъэп шъхьакlэ, сыздэмысыгъэ илъэсым, игухэлъ шъыпкъэр сшlэрэп нахь, мыщ Мэзыбэ имызакъоу Къосэгъуи зыщигъэпытагъ. Мэщыкъо сызеупчlым, щхыгъэ нахь, унэlутхэр зэриlэхэри, мыжъо унэ зэришыри, къыщэнэу зызэригъэхьазырыри къысиlуагъэп... Тхьэ lофхэмкlэ Мыутlэрэ Зыхырэ анэс къызфикlырэм укlэнакlэкlэ епшlэжьын щыlэкlэ сыгугъэрэп. Шышъхьэр блэттlупщи, шыкlэм тыкlэлъытхъожьыгъэкlэ енэгуягъо. Унэ къыкlэбгъаплъэрэм плъэ кlеуты джары Колэс зыкlиlорэр. Сыда иджэдыгу щегъэжьагъэу иунэlутмэ ащыкlэкlыжьэу мыр нэпч зыкlисфагъэр? – Рэдэд зыкъишlэжьызэ, ежь-ежьырэу зиумысыжьыгъ: – Мыр, мыхъуми, ышъхьагъ сызетми сыземытми, къысфэшъыпкъагъ, згокlыгъэп. Ары шъхьакlэ, плъэгъурэба зыкъызэрэсфишlырэр? Зэхэпхырэба къысфидзхэрэр? Сызэригъэубзэнэу къысеlокlы...»

Шыупащэ унэм къихьагъ, Турабэ зэрэрилъэгъуагъэр имыгуапэу, пчъаблэм гоуцуагъ.

– Къакlо, сшынахьыкl. Сыд пчъаблэм узфыготыр?

– Шъуузгъэохъунэп ащыгъум...– къыlуи, ардэдэм икlыжьыгъ.

– Удэмысыфэкlэ, зиусхьан,– Турабэ шъхьэр ыгъэсысызэ, хэхьапщыкlыгъ,– пшынахьыкlэ Шыупащэ лlыгъэ зэрихьагъэми, сыгу ебгъэ.

– Сыд къышъохъулlагъ?

– Сшlэщтыгъэмэ lофа... Апэрэ мэзэ зытlупщым Агъбанэ къыситlупщи, пщы щагум сыкъыдигъэхьаныр хэгъэкlи, шъуичэу цэпкъ сыригъэкlокlыгъэп. Рампэс гощэшхор ары мыхъугъэмэ, зыцlэ къеслогъэ нэбгыритlумэ Мэзыби сыдагъэсыныеп, Къосэгъуи сырагъэсыныеп. Агъбанэ ыгу къызкlысфэмышlур сэшlэ, уиухъумакlомэ ашъхьэ зыошlым, зыщыщ тымышlэрэр сlуи, зымыдэгъагъэмэ сащыщыгъ... Шыупащ? – джэуапынчъэ упчlэ закъокlэ Турабэ игукlае къыухыжьыгъ.

– Агъбанэ епlолlагъэм фэдэ горэ Шыупащи зэхихыжьыгъэмэ шlэ?

– Хьау, хьау, зиусхьан,– къызфеупчlыгъэр зэрэмышъыпкъэр ежь Турабэ ышlэ пэтызэ, къызфигъэфедэн ылъэкlыгъ,– Шыупащэ пчlыплэ зэрэрагъэхьащтымкlэ Колэс тхьамэтэ мафэр апэ зэупчlыжьыгъагъэр сэрыти, зэкlэми зэхахэу дезгъэштэгъагъ. Егъашlэм къытэпыищтыгъэ Хьакъэрэ-Нахьлъэшыдыхэм ягугъу сшlыжьырэп, ау тшlагъэр Чэчанэ зэримыдэгъагъэр джы къызнэсыгъэм фэзгъэгъун слъэкlырэп... Арэу къычlэкlын ыгу къызкlысфыхэкlыгъэр...

Турабэ къыlорэмэ Рэдэд ямыдэlужьэу шъхьэм къыфечъэжьыгъэ гукъэкlыжьым lуигъэщхыпцlыкlыгъ: «Шъэожъыезэ ыгу риубытэгъагъэр ары Шыупащэ щымыгъупшэрэр...– Рэдэд ыlуагъ.– Тэ тщыгъупшагъи-тщымыгъупшагъи тыгу къэзгъэкlыжьырэм ежь ышlагъэ горэ ыгу къэсэрэгъэкlыжьа? Ары шъхьакlэ, идэгъо-тхьамыкlагъо къызысфеlуатэм, ежь нахьи Айнарэ тесымыгъэгущыlэнхэм пае lуагъэ естыгъагъ. Ау тэ титlо къызэрэтщымыхъущты-

гъэу Iофыр къычIэкIыгъ… Есэрэlуа-есэрэмыlуа?.. Сыд пай шъыу мощ фэдиз къин зыпэкIэкIыгъэ Айнарэ джыри тытегущыIэн!.. Тхьэмэ ялIыкIоу мы сапашъхьэ зыщызыгъашIорэми сыд пае икIэрыкIэу ыгу сыхэуIэжьын» – кIэнакIэми, ыгу егъуми умышIэнэу Рэдэд макIэу Iущхыпцlыкlыгъ. Шыупащэ Турабэ къыфэмыеныр къызхэкIыгъэу ежь къыщыхъурэм ышъхьэ фыримыхынэу тыриубытэгъагъэми, адырэм зыфэIэжагъэп:

– Сызщымыгъуазэ горэ, зиусхьан, къысшIooушъэфкIэ сенэгуе. Ау ышъхьэ къысфимыхми, тхьэмэ пщыр емыгъэз къысаIошъ, сыгу къыобгъэнэп. Арышъ, къосэгъупщым сичIылъэ чIыпIэ уасэ къыщысфишIызэ, иджабгъу лъэныкъокIэ сызгуигъэтыщтмэ, сыд Агъбани, Шыупащи… Адырэ ХьакIуцу чъэжьыгъэхэри ары…– ежь зыфаем джыри Турабэ техьажьы…– Къызгурэlо, зиусхьан, къызгурэlo узгъэгумэкIыри… Тхьэмэ зэдашти, джары уадэжь сыкъызфагъэкIуагъэр.

– Сыд IофкIэ тхьэмэ укъысфаIофтагъ? – ерагъэу зиIажэзэ Рэдэд къэупчIагъ.

– Джа къыпфэмыIошъоу узгъэгумэкIырэр ары, зиусхьан.

– Сэ бэмэ сагъэгумэкIы,– зышъхьэ къыфырамыхыгъэм Рэдэд пэгъочъыгъэп.

– Тхьэмэ яшIэ зыхэмылъ Iофыгъо Къосэгъу къитаджэрэп, зиусхьан,– Турабэ джы Рэдэдыпщыр къызэриуфэрэм ехъырэхъышэжьыгъэп, мэкъэ шъабэкIи къыухыжьыгъ: – Яцыхьэ къыптелъыти, пщыцIэри къыпфагъэшъошагъ, къосэгъу пстэуми уашъхьащагъэуцуагъ, ау Айнарэрэ орырэ шъуиунэ зэдисыкIэ къырагъэкIурэп. ТицIыфмэ апэ идгъэуцуагъэр сыдырэ IофкIи къэбзэн фае аIо.

«Сфэмышъуашэ къысэпIуагъэп! – ышъхьэрэ ыгурэ зэбгъэжьэу Рэдэд зэхихыгъэм къыхыригъэхыгъ.– Тхьэмэ ацIэми, амыцIэми АйнаркIэ къысфэбдзыгъэр шъыпкъэшъ, сыгу къыобгъэнэп, ау сикъэбзэныгъэ ощ фэдэп тырагъэгущыIэрэр! Сфэшъуаш, сэ сфемыIошъугъэр ежь къызэрезгъэIуагъ… «Шышъхьэр блэбгъэкIэу шыкIэм укIэлъымытхъожь» джары зыкIаIуагъэр…– Рэдэд ыгукIэ джыри цIацIэщтыгъэми, зэушъыижьыгъ: – ЗызэришIырэр сыгу тефэрэп шъхьакIэ, къосэгъумэ заригъэштэн ылъэкIыгъэмэ, мыщ фэдэ горэ ящыкIэгъагъэу къычIэкIын… АйнарэкIэ сиIо зэрэфэзгъэшъыпкъэгъагъэр арыщтын, ежьри гум сыринэжьыгъэп, тапэкIэ къызэрэчIэкIыжьыщтыми теплъын, итхьэ Iофхэр пщыгъом фигъэфедэщтхэмэ, пэрыохъу тыфэхъунэп, гумыштэ-гумышIуи зедгъэшIынэп!..»

– Титхьэмэ АйнаркIэ сафэраз! – зыкъыжэхэзытэкъогъэгъэ гупшысэ зэпеохэр щигъэзыехэзэ, ынэхэр плъызэу Рэдэд къыIуагъ.– Сэри джа гумэкI дэдэр, еспэсын сымышIэу, къыздесэхьакIы.

– Сыд пае къыздепхьакIыщт, зиусхьан! – зэхихыгъэр ыгъэшIагъо фэдэу зишIи, ухыгъэхэ Iофэу Турабэ къыпигъэхъожьыгъ: – Узыфэе пшъашъэ Къосэгъу къикIыщт.

– Тураб, синыбджэгъужъ, АйнаркIэ сыхэмыгъэукъу,– зэрэкъосэгъупщыри Рэдэд щыгъупшэжьыгъэу, илъэIуи нахьыбэу къесэмэркъэужьыгъ,– сигупсэ сыблэIэбыкIэу шъузыщэ Къосэгъу сихьажьынэп.

– Укъысэдэlущтмэ, зиусхьан, ар озгъэшIэнэп, къыпфэшIушIэрэ тхьэхэми къыбдырагъэштэнэп.

– Сыда? – Рэдэд кIэкIэу зышъо пычъыщтыгъэ Турабэ еупчIыгъ.

– СшIэрэп ныIа, Чэчанэ ыхьи, къытырахыжьыгъэр къосэгъупщым шъузкIэ зэрэфалъэгъущтыр тэIошъ ары…– Турабэ ымэкъэ ефэхыгъэ «сызэнэгуещтыгъэм зыгорэ емыпэсыгъэмэ, а шъхьэ псыгъожъ цIыкIур къосэгъу гуащэ орэхъуи, сэры апэ дунаим тыримыгъэтыжьыщтыр…» гукIэ пигъэхъожьыгъ.

Рэдэд ыIупшIакIэмэ арычъэгъэ щхыпэ шъабэм Турабэ игугъапIэмэ зи къаригъэлыжьыгъэп, ау ыгу щышIэрэр къызхимыгъэщ фэдэ зишIи, тырицIэлэжьызэ, хэшыкI шIагъо зыфырымыIэ къэбар къежьэгъакIэр зыпашъхьэ исым фидзыгъ:

– КIо, ащыгъум, зиусхьан, «псэлъыхъо зимыIэ пшъашъэ къэщэн умышIы» ГъучIыпсэ тхьамыкIэм зэриIощтыгъэу, о нахь пшIэн, узэрэфаеу зекIо, ау ащ нахь Iоф гумэкI горэ къытхэтаджэкIэ сенэгуе… Къоданэрэ орырэ, зиусхьан, сыдигъу шъузызэрэлъэгъугъэр?

– Къызысэгъэзэжьым, апэ къыспэгъокIыгъэ шыумэ ахэтыгъ, джа мэфэ дэдэми Колэс дэжь сымэджаплъэ къыздыщыIагъ, сыда?

– Джыры, мы тхьэмэфэ зытIум?

– Арэп, Тураб, сыд упчlэ мыухыжьа къысэпшlылlагъэр!
– Рэдэд зыфэмыщыlэу, шъхьэшхор къыпхъуатэзэ, къызбгырыугъ, къыфигъэпытагъ: – Къаlо!

– КъыосIон, ау ари пшIошъ хъунклэ сыгугъэрэп…

– Тураб! – Рэдэд зэхихыгъэм джы къызэщиутыгъап.– Зыпашъхьэ уисыр зыщымыгъэгъупш!

– Ары, ары, зиусхьан, къысфэгъэгъу, загъорэ сызщыгъупшэжьын фаеу чlыпlэ сефэ. Зымафэ Нахьлъэш цlэплъымрэ Къоданэрэ зэралъэгъулlагъэх, Чэчани ягъусагъ…

– Ащ фэдэ хъун ылъэкlыщтэп! – Рэдэд къыпиупкlи, къеупчlыжьыгъ: – Хэт къыозыlуагъэр?

– Сэ тхьэ Iофкlэ цlыфыбэ къысэуалlэ, зиусхьан. Тхьэмэ къысаlуагъэр къыосхьылlэжьыгъо симыфэзэ, къысэолlагъэмэ къаушыхьатыжьыгъ. Сыдэущтэу Агъбанми Мэщыкъоми ущамыгъэгъозагъ ащ…– етlанэ нахь мэкъэ шъэбэ тхьагъэпцlышъокlэ кlэупчlэжьыгъ: – Къэбарынчъэха шъуlуа?..

Рэдэд ин-инэу къызэтэджым, непэкlэ пщы унэм иlоф зэримылъыжьыр Турабэ къыгурыlуагъ.

## II

Мыжъуитlур зэщыпхъомэ, машlо къыдехы…

«Гопэгъур лъфи, зэгоутыр къылъфыгъ» зэраlоу, Рэдэд гупсэфыгъо ымыгъотыжьэу чэщ-зымафэ рихыгъ. Идымыlу зекlуакlэрэ иошlэ-дэмышlэ къызбгырыурэ щагудэтхэми, унэм исхэми къагурыlощтыгъэп, къылъихьэхэрэми, нэмыкlхэу гущыlэгъу къыфэхъухэрэми къафэмыlошъущтыгъэми, гуцафэ аригъэшlыщтыгъэ. Аущтэу зэрэщытыр ежьыри зыдишlэжьыщтыгъэми, зэушъыижьын-зэгыижьынымкlэ ышъхьи, ыгуи афитыжьэп. Ышъхьэ зыхэгупшысыхьажьыкlэ, джэуап тэрэз зыхигъотэжьырэп – упчlэ пэпчъ, джэуапым ычlыпlэкlэ, упчlэ къыпэтэджыжьы.

Чэчанэрэ Нахьлъэшрэ ялъытыгъэмэ, Къоданэ нэlуасэ Рэдэд къызфэхъугъэр блэкlыгъэ илъэс зытфыхыр ары ныlэп. Ащ Къосэгъу зимысыгъэ мазэхэр зыхэбгъэкlыжьыкlэ, илъэситфи хъужьырэп. Хэта Къоданэ апэ Рэдэд нэlуасэ къыфэзышlыгъагъэр? Темрыкъуа? Хьау, Темрыкъо чылэм, Мыстхъакъо, къызегъэзэжьым, Къоданэ гъэрыпlэм зэрэщыlагъ, илъэситlу-щы горэмкlэ ыуж къинэгъагъ. Загъорэ игугъу ашlэу зэхимыхыщтыгъэмэ, ажэ зэфагъазэу шlукlи, екlи зэдэгущыlэгъагъэхэп. Нахьлъэш ары зишъэогъугъэри, зэрилъэгъулlэгъагъэри, Къурай утыгум зыщызэбэнхэм цыхьэшlэгъу-шыхьатэу иlагъэри ары, етlанэ тlэкlу-тlэкlузэ, азыфагу къыдэхъухьагъэр цlыф ымышlэу, зэшъхьащыкlыгъагъэх.

«Нахьлъэш цlэплъым адэ Къодан ицlыфына?! – Рэдэд цыхьэмышl упчlэм ыгу къыхигъэузыкlыгъ, ащ нахь псынкlэ-къехьылъэкlыкlэ зыфэгубжыжьыгъ: – Сыдэущтэу, Лаурстэнкъо Рэдэд, къосэгъупщыр, ар пшъхьэ къибгъэхьашъугъа?! Къосэгъу хэсашъхьэм цыхьэ зыфишlыгъэгъэ нэбгырищым яз уицыхьэ телъыжьэп, ара?.. Къыппэблагъэри, къыппэчыжьэри ащкlэ къэпшlэщтэп, Нахьлъэш цlэплъыри, Колэс ары мыхъугъагъэмэ, ахэмэ къадэшэсын игухэлъыгъэу аlуагъ… Турабэ иlуагъэу, тэ тымышlэу тхьэхэр зыщыгъозэ горэхэр къытхэхъухьэх. Етlани сэры ахэр зыкlэрыкlхэри, къызэолlэжьхэри… Зыгорэкlэ Турабэ тхьэмэ ацlэкlэ ыlохэрэр сшlошъ зэрэмыхъухэрэр арымэ шlэ? Сипщыгъо илъэсмэ сахэгупшысыхьажьышъ, къиныгъотхьамыкlагъо нэмыкl сапэкlэ къикlырэп. Хьакъарэ фэсакъ, Нахьлъэш цlэплъыр къызэрэпlущхыпцlэри къызэрэосэмэркъэури пшlошъ умыгъэхъу, уизакъоу шакlо умыкlу, тхьэмэ ягуапэп къысэзыlощтыгъэри Тураб… Силlыкlохэу къаукlыгъагъэхэр хьакlуцумэ адэжь симыгъэгъакlо зышlоигъуагъэри Тураб… Тыгъуасэ къысфихьыгъэ къэбар мышlури шъыпкъэу къычlэкlыжьыгъ. Зыфыхэзгъэпсыгъэхэм, Мэщыкъо фэшъхьаф, зэхахыгъэу, ау Iофы зырамыгъэшlыгъэ фэдэу, Къодани ар ышlэнкlэ рамыпэсэу къысаlуагъ. Мэщыкъуи ытамэ зэфищи, щхыпцlыгъэ нахь, сэ сызгъапэрэм ыгъапэу сыхэплъагъэп… Сыда?..»

Рэдэд унэм чlэджыкlи, Агъбанэ къаригъэщагъ:

– Мэщыкъо тэ щыl? Сыд къосэгъу хэсашъхьэр зыщызэхэтщэщт тхьэмафэм ащ непэрэзымафэм зыкъызфимыгъэлъагъорэр ?

– Укъеджэщтмэ ыlозэ, зиусхьан, щэджагъо нэс Мэщыкъо пщы щагум дэтыгъ…

– Сидзэпщ семыджэмэ, сызэрыс унэм къихьащтба? – иухъумэкlо Iэшъхьэтет къыlощтыгъэр Рэдэд къыригъэухыгъэп.

– Ащ фэдашъо, зиусхьан, Мэщыкъо хэслъэгъуагъэп,– Агъбанэ къыIуи, игъо зыфырамыгъэфэгъэ къэбар гомыIумкIэ къыухыжьыгъ: – Анысэт насыпынчъэмкIэ Iоф хэтхэшъ, къылъычъэхи, ащэжьыгъ. Чэчанэ ыгу къызэрэкIэу, унэм къашIуекIы, шъхьаныгъупчъэм закъышIуридзынэу ежьэ.

– Анысэт тхьамыкI...– Рэдэд зыгъэгумэкIыщтыгъэри, зэримызакъори щыгъупшэжьыгъэу хэплъызыкIыгъ, псынкIэуи зыкъиушIэжьыгъ: – Зымафэ Анысэт дэжь сыкIуи тызызэдэгущыIэм, къехъулIагъэм еуцолIэжьы фэдэу сыхэплъэгъагъ... Джыри зыгорэ фэгъэплъэгъэн фае, Турабэ итхьалъэIуи зэпигъэурэп.

– Тураби? – Агъбанэ зэхихыгъэм къыгъэупчIэжьыгъ.– Хьау, хьау, зиусхьан, Турабэ игугъу Анысэт фэпшы хъущтэп, ыцIэ зэрэзэхехэу мэкуо, узеупчIыкIэ, ардэдэм зызэтырыIубэжьы.

Аущтэу Анысэт зызкIишIырэм Рэдэд кIэупчIэным ычIыпIэкIэ зэгорэм Турабэ АйнарэкIэ рилъэгъулIэгъагъэр джыри ынэгу къыкIэуцожьыгъ, ау гупшысэгъу рагъэфагъэп:

– Мэщыкъо къязгъэщэщта, зиусхьан? – Агъбанэ къэупчIагъ.

– Адэ о зэрэпIоу дунаир гъэпсыгъагъэмэ...– ныбжьым емылъытыгъэ лIыжъ гущыIэкIэ Рэдэд игупшысэмэ къахэужьыгъ.– Аущтэу Мэщыкъо дзэпщым иунэгъо Iоф щытмэ, дгъэгумэкIынэп. Ау сэ сшъхьэ илъыр хэгъэгу Iоф, кIымафэм зыкъытфыримыхызэ, къосэгъу хэсашъхьэр тигъэугъоигъагъэмэ дэгъугъэ. Макъэ зэжъугъэIугъэмэ сыд къаIожьыгъ?

– Зы нэбгырэ фэшъхьаф, зиусхьан, хэсашъхьэм хэтхэр зыщытIогъэ мафэм къэзэрэугъоищтых.

– Хэт а зы нэбгырэр? – зэгуцафэщтыгъэм ыцIэ къырымыIоу Рэдэд къэупчIагъ.

– Къодан.

– Сыд ыIорэр?

– Чылэм дэсэп.

– Тэ кIуагъэ, сыд зыуж итыр?

– Унагъор щыгъуазэп, цIыфмэ зэтыраIукIы.

– ЗэрэхъурэмкIэ, узкIэмыпщэрэ машIор мэкIосэжьы Колэс зэриIоу, Нахьлъэш цIэплъымрэ Къоданэрэ якъэбар шъыпкъэкIэ енэгуягъо.– Рэдэдыпщым ыгу къызэреорэр ымакъэрэ ишъхьэгъэсысрэ къарыпшIэу къыIуагъ. ЕтIанэ шъхьэ онтэгъур къыдидзыий, къэупчIагъ: – Къэбарыр къызбгъодэкIыгъэм зыIужъугъэкIагъа?

– ЗыцIэ къыраIуагъэ пэпчъ, зиусхьан, зыIудгъэкIагъ, IорIуатэкIэ зэхахыгъэ нахь, къэбарым щыгъуазэхэп.

– Ащ фэди хъун ылъэкIыщт...– джау сыдми къыдыригъаштэу Рэдэд къыIуагъ, етIанэ дэо макъэкIэ къэупчIагъ: – Ащ фэдэ къэбар щыIэмэ, сэ сыд зыкIэсымышIагъэр?

– ЗишъыпкъэпIэ тымышIэрэмкIэ, зиусхьан, укъытхэхьажьыгъакIэу, удгъэгумэкIы тшIоигъуагъэп.

– Ащ фэдэкIэ шъукъысшъхьамыс! СакIыбкIэ щаIорэ шъэфхэр ары сэ сызыухырэр. ЦIыфмэ ажэ пхын зэрэмылъэкIыщтыри, хэти ишIоигъо-шIошIыкIэ зэрэпсэун фаери, мышIапхъэ ышIэмэ зэрэпщынэжьын фаери, лIыгъэ зэрихьэмэ, зэрифэшъуашэу уасэ зэрэфэтшIын фаери къызгурэIо. «ЦIыфыгъэр зэкIэми апшъ, нэпэнчъагъэр ауж» – джары ЛаурстэныпщыI дунаим зэрэтетыгъэр, иаужырэ гущыIэуи зэрехыжьыгъэр, джа гущыIэ дэдэхэмкIи иукIэкIогъэ Аспарыхъуи Салоникэ ыпсэ щыхэсхыжьыгъ. Византие къыщыхъурэр, Урым къихъухьэрэр япачъыхьэмэ зэрахьылIэжьырэр, Къосэгъу пщыгъом иIофыгъохэр къызщытэджын фаери зыщызэхафын фаери мы чIыпIэр ары. Къоданэ къыпытэджэгъэ Iофри, пцIыми, шъыпкъэми, мыхэмэ ащыщ. КIо, Агъбан. Джыдэдэм шъузэхэгущыIэжьи, Къоданэ ыуж шъуфы, къэжъугъот. Мыдэ, Агъбан,– иухъумакIомэ яIэшъхьэтет лIы зэпэхъурэе плIэIу пытэр пчъаблэм къыщызэтыригъэуцуагъ,– Къоданэ Нахьлъэш цIэплъым IукIагъ-къыIукIэжьыгъ зыфаIорэм шъурымыгущыI, зыгорэкIэ къэжъугъотмэ, гуцафэ ешъумыгъэшI, къосэгъу хэсапшъэм щыщышъ, фэшъуIопщ, къыхэрэлажь...

– Аущтэу оIомэ, зиусхьан,– Агъбанэ зэрэпытэм нахь пытэ пчъаблэм гохъухьагъ,– зэрэпIуагъэу тызекIон, тэ щыIэми къэдгъотын.

– Ар шъуIоу шэс куп ХьакIуцу жъугъэчъэкъон!..– унэм икIыжьыщтыгъэм Рэдэд кIэлъиIуагъ шъхьакIэ, зэхихыгъэп, джыри лъыджэжьыныри къыригъэкIугъэп, сишIэ хэмылъэу ар ашIэна ыIуи, цыхьэ зыфимышIэу ышъхьэ къихьагъэмкIэ етIани зыфэгубжыжьыгъ, мыхэмэ къыуамышIэн щыIэп ыIозэ, къэтэджыгъэ къодыеу, Шыупащэ унэм къихьагъ.

– Уимафэ шIу, Рэдэд, тыгъуасэ нэс тызэрэлъэгъугъэп...

– Модэ, шlэх, Агъбанэ къысфырягъэгъэзэжь,– Рэдэд ышнахьыкlэ къэlогъу ригъэфагъэп.

Ардэдэм Агъбани къызфащэжьыгъэм зэригъэпэрэр къызхимыгъэщэу, пчъаблэм къыгоуцожьыгъ:

– Сыкъэдаlо, зиусхьан.

– Шэс куп Хьакlуцу жъугъэчъэкъон сэlошъ ары,– джы нахь шъабэу Рэдэд ыlогъагъэр къыкlиlотыкlыжьыгъ.

– Ащ фэдэ сшъхьэ къихьагъэп, зиусхьан. Нэмыкl горэм ыгу къэкlыгъэми, фэсыдэнэп. Джа зэрэпlуагъэу, хэщ-ощ сымышlэу, чылэгъо lэгъо-благъохэми нахь чыжьаlохэми ащызгъэлъыхъоных.

– Дэгъу, Агъбан. Джы уиlофмэ ауж ихьажь. Сыд етlанэ, сшынахьыкl,– язакъоу къызызэкlэрэнэхэм Рэдэд къыlуагъ,– уикъэбар, уищыlакl?

– Уезэгъыщт,– Шыупащэ фэчэфэу джэуап къытыжьыгъ,– кlымафэм зырезгъэшlыхьэрэп, тыгъуаси, непи мэзым сыщыlагъ.

– Уизэкъуагъа?

– Хьау, житфырэ шыу пшlыкlуирэ тызэгъусагъ.

– Армэ хъун,– Рэдэд къыlуи, тхьагъэпцlышъо нэгукlэ щхыпцlыжьыгъэ.

– Сыда?!

– Дзэ сlонти, шъумэкlагъ, пхъэшl куп сlонти, шъубэlуагъ.

– Укъыткlэнакlэ шъхьакlэ, зиусхьан,– Шыупащэ ишlушlагъэ къогушхукlызэ, къызlуипхъотыгъ,– Мэзыбэ шъузэбипшlымэ пхъэ кухьэ зырыз къафыхэтщыгъ.

– Ар къэбар дэгъу, аущтэу шъупсэугъэмэ, сиlуагъэ зэкlэсэхьажьы.

– Ары шъхьакlэ, зиусхьан, тыкъызэхэзымышlыкlыгъэ шъузаби Мэзыбэ къыдэкlыгъ,– игукъауи, ищхыпцlи зэхэтэу Шыупащэ къыlуагъ.

– Хэт ащ фэдэ шъузабэу Мэзыбэ дэсыр?

– Дэхапс. Сыбзылъфыгъэ шъхьазакъу нахь, сышъузабэп къарилуи, пхъэ кухьэр къыlуаригъэщыжьыгъ.

– Дэхэпсэ шъхьэзакъом адэ шъузабэкlэ уеджэ хъуна,– Къосэгъу къызегъэзэжьи зэрэмыщхыгъэу Рэдэд ыгу къыдеlэу щхыгъэ, зэхихыгъэм зэреплъырэ кlэухи къыфишlыжьыгъ: – Шlу зымышlэрэм шlушlэр зыуи щыхъурэп Дэхапсэкlэ сlонти, ащ фэдэ зэраlолlэрэ пхъужъмэ ащыщэп.



– Ащ нахь къэбар гъэшlэгъони сэшlэ,– Шыупащэ укlыташъо зыригъэшlызэ, ышнахьыжъ lуплъагъ.

– Ари сыд?

– Дэхапсэ къытиlуагъэр Турабэ зызэхехым, цlэцlагъэ аlуагъ.

– Зэ Турабэ ыуж шъуикlыжь! – Рэдэд ошlэ-дэмышlэу къилъэшыкlыгъ, етlанэ мэкъэ рэхьаткlэ къыпигъэхъожьыгъ: – Тхьэмэ зэрялlыкlор зыщышъумыгъэгъупш, рэхьатэу жъугъэпсэу.

– Дгъэпсэуни...– зигугъу къышlырэм Шыупащэ фыриlэ гухьэ-гужъыр ерагъэу зыхиlэжэжьызэ, мыгъумтlымын ылъэкlыгъэп,– чылэр зыгъасэрэм ежь зилъэгъужьыщтыгъэмэ.

– Шыупащ, щыгъэт! – Рэдэд ышнахьыкlэ зыкъыфырихыгъ.– Къыптемыфэрэм утемыгущыl. Зэгорэм зэхэпхыгъагъэр зыщыгъэгъупш. Зэхэпхыгъэп, пшlэрэп. Турабэп ар зыфапшlэрэр, сэры, Айнар. Типыймэ адежьэжьыгъэ Чэчанэкlи лlыгъэ-щэlагъэ къызхэгъаф, хэти ынатlэ Тхьэм къыритхагъэм блэкlыщтэп. Угу хэзгъэкlыгъэмэ, сшынахьыкl, къысфэгъэгъу. Укъызэрэсфихьагъэр сигуапэ, ау сэ зэрэсшlоигъуагъэу тызэдэгупшысэнэу хъугъэп... Гумэкlыр уакlыlоу lор къыобэкlы хъумэ, дунаир ушъорэкlыгъэу олъэгъу тинахьыжъмэ аlо. Сыд етlанэ, сшынахьыкl, бзылъфыгъэмэ якъэбар? Оры ахахьэри ахэкlыри, тянэкlэ зыгорэ къэпlонэуи къебгъэжьэгъагъ,– къышъхьэрыогъэ гумэкlгупшысэмэ Рэдэд ахэкlы шlоигъоу, джау сыдми къыlуагъ.

– Бзылъфыгъэхэри, Рэдэд, къэбарынчъэхэп,– Шыупащи игуапэу lугушlукlыгъ,– сакъызхэкlыжьыгъэри бэшlагъэп. Тянэ цы еджы, Айнарэ цылъэпэд ехъэ.

– Къызэрэпlорэмкlэ, загъэзэщырэп.

– Зэщ lоф щыlэп. Сазэрэхэдэlуагъэмкlэ, lофыгъуитlу зэрафэ. Колэсрэ Анысэтрэ ялъэпэд шlыхьаф хэтых.

– Орырэ сэрырэ тилъэпэдхэр сыдигъу зытфахъэщтхэр? – Рэдэд къесэмэркъэужьыгъ.– lэлъэ шъабэхэри тищыкlагъэх, шъхьарыхъон зырызи ары... Шыупащ, сшынахьыкl, бзылъфыгъэмэ зи къызытырагъанэрэп, ау тэ тшlэн фаеу тымышlэ гори къыттенэ.

– Сыд, Рэдэд? – Шыупащэ шъхьэр кlипхъотыкlэу къэгумэкlыгъ.

– Колэс дэжь сыдигъу сымэджаплъэ тызыщыlагъэр?

– Тыгъоснахьыпэ пчыхь.

– Бащэ тедгъэшIагъ. Нычхьапэ Колэс тыфихьащтышъ, хьалыжъо фэбэ матэ пщэрыхьакIомэ къагъэхьазырынэу яIу. Шъоупс шъаби къырэрагъэгъусэжь.

Къосэгъупщыр Колэс ихьакIэщ зехьэм, исхэр зэкIэ, янахьыжъи-нахьыкIи, къызэлъытэджыгъ. Зыпчыхьэ фэдэу шъхьэнтэ къегъэтIылъэкIыгъэкIэ Колэс пIэм хэмысыжьэу, пхъэнтIэкIу шъабэм тесэу Рэдэд зелъэгъум, гушIуагъэ:

– ШIуфежьэжь, зимафэ мэфишъэкIэ багъозэ къытшъхьащытын тхьамэтэ маф! ПIэм укъыхэтэджыкIыгъэмэ, Колэс, тхьэмэ яшIуагъэкIэ узым укъыIэкIэкIыгъ, плъакъуи укъытеуцожьыгъ.

– Ары, Рэдэд, тхьэхэр къысфэусагъэх,– нэпэ кIыфым гушIопс макIэр рычъэзэ, Колэс зыкъыхиIэтыкIыгъ, зэшитIум аIапэ къызеубытыхэм, къыпигъэхъожьыгъ: – Тхьэмэ ауж шъоры, сигъунэгъухэм, сикъоджэгъухэм, сишъэогъухэм сагъэхъужьыгъ.

– Рэдэдыпщ зиусхьаныр къызщыкIуагъэм сыкъытефагъэмэ сшIэрэп, Колэс, ы? – хьалыжъо мэтэ ушъагъэр зыдаIыгъэу Рэдэдытхэр сымэджаплъэ зэрыкIощтыгъэхэр зелъэгъум, кIэкIэу ауж ихьэгъэгъэ Турабэ къехэулIагъэр ыгъэшIагъорэм фэдэу пчъэшъхьаIум дэжь къыщызэтеуцуи, акIыбыкIэ къыдэджыкIыгъ: – Титхьэмэ ар шIу ашIынкIэ сыкъыпфэлъаIо, тхьамэтэ маф.

– Тхьэмэ хъяр тфашI, къеблагъ, Тураб,– ащи Колэс фыхэтэджыкIыгъ.– ШъукъэтIысхэба, сыда шъузфыщытыр? КъэтIысыжь, ТIатIыхъу. О моу спэчIынатIэу къэтIыс, Рэдэд. Ори тизиусхьан къыготIысхь, Тураб.

– Ар хъуна, типщышхо сыготIысхьэу,– къыфагъэшъуашэрэр игопагъэми, зыкIикIэщэикI фэдэ Турабэ зишIыгъ.

– КъэтIыс, къэтIыс, зи ащ фэIуагъэп,– Рэдэдыпщыми къыIуагъ, лIыжъ сымаджэми нэшIукIэ Iуплъагъ.

– Тхьэуегъэпсэу, зиусхьан,– зышIомыдэеу Турабэ къыIуи, Колэс зыфигъэзагъ: – Тхьэхэр къыпфэусагъэу къызэрэпIуагъэр, тхьамэтэ маф, лъэшэу сигуапэ. Шъыпкъэ, гъунэгъуи, шъэогъуи анаIэ къыптетыгъ, ау зэкIэ титхьэхэр ары зыIэ илъхэр. Сэ пчъагъэрэ сыгу укъэкIыгъ, ары пэпчъ оркIэ тхьэмэ силъэIу апэзгъохыныр зэпызгъэугъэп. Сыкъызэхахыгъ, сэгушIо плъэ укъытеуцожьыгъэшъ...

Турабэ къыIохэрэр ыгу темыфэу, Шыупащэ ышъхьэ ригъэзэкIыгъ, гъумытIымыгъэ: «ГъэшIэгъонба, о ущымыIагъэмэ, зэкIэ зэречъэхыщтыгъэр. Колэси, Рэдэди, ТIатIыхъу лIыжъыми ашIошъ мэхъуа шъуIо мыщ къыIохэрэр? Муары, мо лIы зэхэтмэ ащыщхэр мэщхыпцIых».

– Джыри шъущыта сэIо, шъукъэтIысба,– Колэс тэджыжьыгъэ лIымэ ягыигъ.

– Хьау, тэ тежьэжьын, зиусхьаныр къэкIуагъэмэ...– щытмэ ащыщ горэм къыIуагъ.

– Ащ фэдэ цIыф еIуа? – лIым игущыIэ Рэдэд IэкIихыгъ.– СыкъиIхьагъэмэ шIагъуа, тыщысин, тыгущыIэн. ЗэкIэми тызэщыщ, тызэфэд.

– ХьэкIэ тешасэ тыхъугъэмэ тIуагъэ нахь, зиусхьан, ащ фэдиз къидгъэкIыгъэп,– къахиIуагъ нэмыкI горэми.

– Ары, кIалэхэр, шъукъэтIысыжь,– мэкъэ шъэбэ ушъыикIэ Колэс джы ариIуагъ, нэплъэгъу фабэкIэ аIугушIуагъ.– Рэдэдыпщым илIыгъи, ишъхьэлъытэ-гулъыти ренэу зэголъы. Ау щытми, сшынахьыкIэхэр, тэ уасэ зэфэтымышIыжьмэ, зыгорэ къакIоу тигъэлъэпIэщтэп.

– Тэрэз, тэрэз,– ТIатIыхъу шъэогъум дыригъэштагъ. ХьакIэщым икIыжьынхэу ежьэжьыгъагъэхэр къэтIысыжьхи, Аспарыхъу бзэджашIэм икъэбарэу Колэс къыIуатэщтыгъэр къеухыфэ едэIугъэх. Жьы дэхьапIэ фимышIэу ТIатIыхъу Рэдэд зыфигъэзагъ, нэ пкIыжьыгъэ цIыкIухэм нэфынэ горэ къакIахьэу еупчIыгъ:

– Угу къэзгъэкIыжьыщтыр, зиусхьан, къыохьылъэкIынкIэ сенэгуе, ау тэ жъы тыхъугъэшъ, тыздакIуи, тыздачъи щыIэжьэп. Нэм ылъэгъурэр шъхьэм ыуас аIо. Къэбар фалIэ тэлIэ. Тэ Аспарыхъужъыми епшIагъэр тэшIэ, ифэшъуаш, Нахьлъэш цIэплъыми иджэдыгужъ къызэпыребгъэгъэзагъ. Ахэмэ ягугъу зэхэсхынэуи сыфаеп... А уздэщыIэгъэ лъэныкъом сыд ящыIэкIэ-псэукI, сыд яззэхэтыкI?

– Ар сыдэущтэу къэсIона, ТIатIыхъу? – лIыжъым джыри щыIэныгъэм зыхимыгъэны зэрэшIоигъор игуапэу, Рэдэд нэплъэгъу фабэр Iупэщх макIэкIэ пигъохыжьыгъ, ау гущыIэ къыдэщэгъу имыфэзэ, пчъэр кIалэ горэм къыIуихи, хьалыжъо лагъэмэ шъоупс Iэгубжъэхэр ягъусэхэу, хьакIэщым къырахьагъ.

– Шхэныр Iофэп, ащ тыкIэхьажьыщт,– ТIатIыхъу джыри пщым Iуплъыхьагъ,– тыкъэдаIо, зиусхьан.

– ЦӀыфыр тыдэ щыӀэми, цӀыфэу къэнэжьы, ТӀатӀыхъу. Мэлажьэх, мэшхэжьых, яхэгъэгу зэрагъафэ,– Рэдэд тӀэкӀу хэпскэуӀукӀи, игущыӀэ къыпидзэжьыгъ,– ау, тэ къытэлъытыгъэмэ, ябай бай дэд, ятхьамыкӀэ пихыжьыгъап. Шъыпкъэ, къэлэ инхэр яӀэх, мыжъо унэ тегъэпсыхьагъэхэр, чэфыпӀэ-гъэпсэфыпӀэ ямышӀыкӀэхэр, нэр зэтырагъэплъэу, къалэмэ адэтых... ЕтӀани сыд?

– О сыдэущтэу гущыӀэгъу уафэхъущтыгъа, зиусхьан? – ежь игъэрыпӀэ илъэсхэр Колэс ынэгу къыкӀэуцожьзэ, адыгабзэ зышӀэхэрэр нэмыкӀ хэгъэгумэ зэрарысхэр ымышӀэу лӀыжъыр къэупчӀагъэп, ау Пантикапейй, Феодоси, Тумтэкъашъи, фэшъхьаф чӀыпӀэхэми адэс урыммэ ащыщхэм тыбзэ зышӀэхэрэр зэрахэтхэр щысхэмэ зэхаригъэхы шӀоигъуагъ.

– Сызэращагъэм,– Рэдэд игукъэкӀыжьхэр къехьылъэкӀыщтыгъэхэми, къызхигъэщыщтыгъэп,– зэдзэкӀакӀо къысфигъотыгъагъ.

– Сыд гъэшӀэгъона пӀорэр! – ТӀатӀыхъу ышъхьэ къыпхъотагъ.– Ащи тыбзэ зышӀэрэ ис Ӏолъ?!

– Ары, ТӀатӀыхъу, цӀыф гъэсагъэхэр хэгъэгумэ арысых, бзэхэр зэрагъашӀэ, тэ тыбзи зищыкӀагъэм, Панатидэ фэдэ щэн-щэфакӀомэ аӀэ къырагъахьэ,– Рэдэд лӀыжъым риӀожьыгъ.

– Е-е, дунай, дунай хьафыжъ,– ТӀатӀыхъу джы ышъхьэ ыгъэсысыгъ,– тэ хьалыгъу тэгъэшъу, уашъом теплъыхьэ, модэ, хэгъэгу чыжьэм щыӀэм, тыбзэ зэрегъашӀэ.

– Ахэмэ уамыхъуапс, ТӀатӀыхъу,– лӀыжъым ӀэутӀэ Турабэ фишӀыгъ,– тэ тызэхъопсэжьэу тыщыжъугъаӀ. Тидин тӀыгъ, титхьэхэр тэгъэлъапӀэх, тызэдэӀужьэу Рэдэд зиусхьаным тыкъоуцомэ, тэри хэгъэгу тыхъущт.Зы тхьэ нахь шӀошъхъуныгъэ физимыӀэхэм сэ сшъхьэкӀэ адезгъаштэрэп.

– ЦӀыф лъэпкъ пэпчъ ыгу къызэриӀоу мэпсэу, Тураб,– мэкъэ Ӏужъу гъэтӀылъыгъэкӀэ Рэдэдыпщым пигъодзыжьыгъ.– А зыфапӀохэрэми тхьабзэ зэдырякӀэу лӀэшӀэгъухэр апэкӀэкӀыгъ, джы Тхьэ закъом зыфагъэзагъ,– етӀанэ нахь зыфэсакъыжьызэ, тхьэмэ зэратегущыӀэрэмкӀэ мэхъашэу, Рэдэд къыӀуагъ: – Марыба, сэ къысэолӀэгъэ Ислъам-Хьаджэми, урым Думитри дин зэфэшъхьафхэр аӀыгъ,– гущыӀэм шъабэу къыхэхьагъ Колэс,– ау тӀури зыфэлажьэрэр зы тхьэ, тэ тиӀэ Тхьэшхом фэд.



– Хьау, хьау, тхьамэтэ маф,– ынэхэр къикӀотхэу Турабэ зыкъиӀэтыгъ, щысмэ щтэгъэ нэгукӀэ аӀуплъагъ.– Ти Тхьэшхуи адырэ тхьэхэми, насып тӀэкӀу тиӀэмэ, тыкъызэхахынэп. СкӀышъоц къэжъугъэтэджыгъ. Боу титхьэмэ ялъэкӀ иныр, Колэс. Тхьэмэ тяжъугъэлъэӀу! – Рэдэд ыӀэхэр зыдегъэчъаехэм, ар дэдэр адырэхэми ашӀагъ, къыӀорэр къыӀумышӀыкӀэу заулэрэ Ӏупчъапчъи, зэкӀэмэ зэхаригъэхэу къыухыжьыгъ: – Къосэгъумэ ацӀэкӀэ джыри сыкъыолъэӀу, ти Тхьашху, тыхэукъуагъэмэ къытфэгъэгъу, унэшӀу къытщыф, тыкъызэхэшӀыкӀ. Тизиусхьани ыгу илъыр къыдэгъэхъу, иджэгъогъумэ атегъакӀу.

ОшӀэ-дэмышӀэкӀэ къахэхьэгъэ дин Ӏофым лӀымэ янахьыбэр къыгъэтхьауягъ, нэбэ-набэу зэӀуигъэплъагъэх. Рэдэд гумышӀу нэплъэгъур Турабэ фидзыгъ, ежь ышъхьэ къимыхьэгъэ гупшысэр зэрэзэпыригъэзагъэм къыхыригъэхыгъ. Шыупащи джыри гукӀэ гъумытӀымызэ, нэ ӀаекӀэ Турабэ еплъыгъ: «О слъэгъурэм тхьэмэ урялӀыкӀо шъыпкъэу зямыгъаштэу ууцущтэп, ау, тыщыӀэмэ, къиуцукӀ узэрэӀукӀэщтыр къэслъэгъужьын...»

ХьакӀэщым исхэр бэмэ анэсыгъэх: хыкӀыб хэгъэгухэми ащыӀагъэх, Тумтэкъашъи дэтыгъэх, мыутӀэхэри, зыхыхэри зэпэкӀагъэкӀыгъэх, хэо-хэпкӀэ зэфэсакъыжькӀэ къосэгъу чылэхэри зэрагъэфагъэх, ау ХьакӀуцу ихьагъэхэп, ащ чъэжьыгъэхэм ягугъу къашӀынкӀэ Рэдэдыпщым ыпашъхьи, зипхъорэлъф ахэт Колэси шӀолӀыкӀыщтыгъэх. ЕтӀани мы Ӏофым хэсашъхьэм зэрэщытегущыӀэщтхэм зэтыриӀажэщтыгъэхэуи къычӀэкӀын. Джыдэдэм Турабэ зыгъэгумэкӀыщтыгъэр фэшъхьаф: ямыщыкӀагъэу Рэдэдыпщым къахидзэгъэ тхьэ зэкъо Ӏофым зэрэтырищыщтхэр арыти, ежь зыкъызэриухъумэжьыщтым пае зыми еплъыгъэп.

– Тхьэмэ татешъумыгъэгущыӀ, ахэр тэрэп зизэхэфынхэр! – Турабэ къыӀуи, ыӀэхъомбэ псыгъо кӀашъомкӀэ дигъэчъаезэ, мэхъэшэгъу макъэкӀэ къыухыжьыгъ: – Мо неущ къытфыкъокӀыщт ти Тхьэшхо тежъугъэгупшыс, гумышӀу къытфишӀэу дыригъэзэкӀмэ, къытшъхьэщымыхьажьмэ... ХьакӀуцу лъэныкъомкӀэ зигъазэу тиджэгъогъумэ агоуцомэ...– Турабэ иӀушъэшъэ макъэ унэм из хъуи, кӀым-сым щынагъокӀэ зиушъэфыжьыгъ, гугъэпӀэнчъэм цӀыкӀу ехъулӀэхэу щысмэ анахьыбэмэ ашъхьэ рауфэхыгъ, мыщ

къыІорэр сыда къырагъэкІэу, зэІуплъагъэхэри къахэкІыгъэх, къызэрэрагъэкІуштыр амышІэу тэджыжьы зышІоигъохэри хьазырыгъэх.

ТІатІыхьу къыхэпскэуІукІыгъ, къыгосми къыдыригъэштагъ, пхъэнтІэкІу цІыргъ-щыргъ макъэкІи нэмыкІ горэми зыкъиишІэжьыгъ. Колэсрэ Рэдэдырэ зэІущхыпцІэхэзэ, къызхамыгъэщэу зэфычІэплъыгъэх, Шыупащэ зыфэщыІагъэп:

– Къысфэжъугъэгъу, нахьыжъхэр. Арэп, Тураб, зэгорэм угу шІу илъы хъущтба! Тыгу къимыхьагъэр сыда Тхьэшхом зыкІызэхебгъэхырэр?

– Сэ Тхьэшхом е адырэ тхьэхэми садэмыгущыІэми, Шыупащ,– къыфадзыгъэр Турабэ ыгу къемыоу, тхьэмэ апэблагъэу зэрашІошІрэр игуапэу къыриІожьыгъ,– ахэмэ шъугу илъыр, шІуми, еми ашІэ. Тэ, къосэгъухэмкІэ, титхьэхэр...

– Мыдэ,– Турабэ къыригъэжьагъэр Колэс къызэпиутыгъ,– Рампэс гощэшхом къытфаригъэхьыгъэ хьалыжъомрэ шъоупсымрэ шъуахаІ.

Гъомылэм заулэрэ хэІагъэхэу, ышнахьыкІэ Шыупащэ къыІуагъэмкІэ кІэгупшысыхьажь Рэдэд ышІыгъ:

– Неущ ти Тхьэшхо къызэрэтфыкъокІыщтым, дыригъэзэкІэу гум тыкъызэрэримынэщтым Тураб ицыхьэ темылъэу щытэп, имыщыкІагъэхэр тыгу итэшъумыгъэгъэлъ, шІукІэ тыфэжъугъэпсэу еІошъ ары...

«Зэхэпхыгъа, къыбгурыІуагъа?!» – Турабэ игумышІу нэплъэгъу Шыупащэ фидзызэ, еупчІыгъагъ шъхьакІэ, нэ Іэе нэплъэгъур, щысмэ гу лъатэу, къыпигъохыжьыгъ.

## III

Мазэ хъугъэшъ, ХьакІуцу щыпщэгъошху.

Пщагъомэ пщагъо, къушъхьэм пщагъо щытлъэгъужьыгъакІа, хьакІуцумэ аІозэ, апэрэ мафэми, ятІонэрэми, тхьэмэфэ псауми Іофы зырагъэшІыгъэп. КъыкІэлъыкІогъэ мэфипшІым, чэщымрэ мафэмрэ ашІузэхэкІуакІэ зэхъум, агу кІодэу, ашъхьэ къимыхьащтхэр къашІуихьэхэу, зэмыгупшысэщтхэми ягупшысэхэу рагъажьэ. ТхьэмэфитІу зытешІэм, остыгъэ дэгъамэм езэщыгъэ цІыфхэр унэмэ къарэкІыхх, пщэгъо мыухыжьым къыхэмыщыжьрэ урамхэмэ къатехьэх. Былым быу макъэмэ хьэ быу, тыгъурыгъу къыхэкуукІ макъэхэри къазыхэхьажьыкІэ, егъэшІэрэ къушъхьэчІэс хьакІуцумэ зи къаригъэлырэп – дунэе кІодыжьыгъор къэсыгъэу къащэхъу.

– Нахьлъэш,– Барыч ихьакІэ еджагъ,– очъыя?

– УкъызкІэупчІагъэр зысщыгъупшэжьыгъэр бэшІагъэ, Барыч,– ионтэгъугъэ адырэ дэпкъым кІэрыт пхъэ пІэкІорым зэхырыгъашІэзэ, Нахьлъэш цІэплъыр къытеджыкІыгъ.

– Сызэгупшысэрэр, хьакІэ, ошІа?

– Сэри бэмэ сягупшысэ, къапІомэ сшІэн.

– Ари тэрэз... Гупшысэр къэкІо, мэкІожьы... Ашъыу, мы пщэгъо мыухыжьыр ары сызыухырэр. Зыгорэм мыр къыттыримытІупщхьагъэкІэ огугъа?..

– ПІорэм шъыпкъэ хэлъынкІи мэхъу,– зэхихыгъэм хэгупшысыхьэзэ, Нахьлъэш цІэплъым игущыІэхэр зэкІэкІищыгъэх, джа шІыкІэ дэдэмкІэ ежьыри къеупчІыжьыгъ: – Сыда, зыгорэм уегуцафэшъ ара?

– Узэгуцэфэн закІэба дунаир...– Барыч пІэм къыхэтІысхьагъ, якІэр бгъукІэ ридзэкІи, шъхьэкІэ дэпкъым зырыгъэкъугъ.–ТызымычъыекІэ, тІэкІу тыгущыІэн, сызгъапэхэрэми уахэзгъэдэІон, уишІошІ гори къысэпІон. Ары, дунаир упчІэ-гуцафэкІэ зэхэлъ. Тынэ къаплъэзэ, тлъэгъурэ щымыІэу тытет. Тлъэгъурэм инахьыбэр джэуапынчъ, щынэгъо къежьапІ. Непэ-неущэу текІыжьыщт тІозэ, пщагъомкІэ къытэхъулІэрэр уинэрылъэгъу. ТалъэныкъокІэ мыщ фэдэ къыщыхъугъэу нахьыжъмэ къашІэжьырэп. МышІапхъэ горэ тшІагъэу е нэмыкІ горэм къытфихьыгъэу титхьэхэм акІыб къытфагъэзагъэмэ сэІошъ ары,– аужырэ гущыІэм Нахьлъэш къызэрэкІигъэщтагъэр зэхэзымышІэгъэ Барыч иІо зэпигъэурэп.– Адэ ары, пщагъори щынагъо, къытшъхьащыт мыжъо къушъхьэ зэхэтхэри къызэхэтэкъонхэкІэ, псыхъохэри янэпкъмэ къадэунхэкІэ, уашъори къеохынкІэ щынагъо, мэзхэр зэрэтестыкІыщтхэри зыуи арэп. ЖъокІупІэхэри яжьэ хъужьыщтых.

«Сибысым зыгорэу щыт...– зыфэсакъыжьызэ, Нахьлъэш пІэм къыхэтІысхьагъ, мычыжьэу щылъ чатэми теІагъ,– ышъхьэ зэкІокІмэ сшІэрэп...– «ХьакІуцу Барыч непэп зишІэрэр, зэп, тІоп зекІо зэрэзэдэкІуагъэхэр, чІыпІэ

къин Iаджи зэдифагъэх, ыгу кIоды пакIошъ, цыхагъэ къыхэфагъэу къышIэжьырэп, ичатэкIэ гъогу фыхихызэ, къыгъэнэжьыгъэри макIэп.– Сыда мыщ къехъулIагъэр?..»

– УкъэдаIуа, Нахьлъэш?

– СыкъэдаIо, Барыч. Ау къапIорэм сыгу еIурэп.

– Мыхъун къэсэIомэ, хьакIэ, о пшIотэрэз горэми тегъэдэIу.

– Хьау, мыхъун къапIокIэ арэп, Барыч,– имыхэбзахэу Нахьлъэш зыкъигъэтэрэзыжьыгъ, ау зыгъэпэри римыIокIын ылъэкIыгъэп.–ЗыгорэкIэ шъуадэжькIэ, хьакIуцу лъэныкъомкIэ, зыкъызэрэдгъэзагъэр къышъохьылъэкIмэ сэIошъ ары. Шъо шъуилIыгъэ-цIыфыгъэ тымыгъэлъапIэщтыгъэмэ, мыутIэ-зыххэм алъэныкъуи, ары пакIошъ, къосэгъухэр зыфэпщылIырэ Рэдэдыпщым янэш Къэншъао зыдэдгъэчъэжьыгъэ русичмэ адэжьи дгъэзэныекIи мэхъу.

– Бысым тызэрэшъушIыгъэмкIэ тхьашъуегъэпсэу, Нахьлъэш, сицIыфмэ яини, яцIыкIуи ацIэкIэ лъэшэу зэрэтигуапэр къышъосэIо. Ау КъэншъаокIэ ушэхъугъ: ащ ылъэдакъэхэр ыпхэкI щызгъэджэгужьыгъэхэр хьакIуцухэр арышъ, зыми ынапшIэ тыримылъхьэмэ нахьышIу.

– Ар зышIагъэр тэры сIуагъа?

– Тэры пIуагъэп, зыгорэм илIыгъэ унапшIэ зэрэтемылъхьэрэми сыщыгъуаз, ау «дгъэчъэжьыгъэ» зыпIокIэ, ары къикIырэр.

– Къысфэгъэгъу, тыгу имылъыр загъорэ къытIэкIаIо.

– Орэп ар зилажьэр, Нахьлъэш,– Барыч ымэкъэ зэпытхъыгъэ адырэ дэпкъымкIэ къиIукIи, зиушъэфыжьыгъ, пхъэнтIэкIу гъэкIотэ макъи къэIугъэ фэдэу къыщыхъугъ.

– Хэт, узэгуцафэрэ щыIа? – Нахьлъэш къызIуипхъотыгъ, етIанэ жьы къыщэнкIэ, зигъэсысынкIэ щынэмэ мэхъэшэгъум зэлъиштэзэ, дэIуагъэ. Унэри, дунаири кIым-сым. Ымакъэ гу къызIэпыригъэшIыхьажьэу джагъэ: – Орба сэIо сызэупчIыгъэр, Барыч? Тэ ущыI?

– Тэ сыщыIэн,– мэкъэ ефэхыгъэкIэ джыри Барыч къыпэджэжьыгъ,– сызэгуцафэрэмэ ацIэ къесIонкIэ сэмэхъашэ... Ашъыу,– кIэгубжыхьажьыгъ,– джынапцIэхэр ары... Джынэфхэр тшъхьэщафхи, мазэм къехъугъэшъ, джынапцIэмэ зэрэ ХьакIуцоу пщагъом чIырагъэухъумагъ... Сыд теусэн, сыд тиамал? КIо, къезгъэжьэгъахэмэ сыушъэфынэп, къэсIон ащыгъум, сэри, шъори хьакIуцумэ джынапцIэхэмкIэ тагъэмысэ... КIымафэрэ пщагъо тиIэщтыгъэп, уихьакIэмэ къытфамыхьыгъэмэ, тызэунэхъулIэщт пщагъор тыдэ къикIыгъ, хэт къытфихьыгъ аIо...

– ШъуихьакIуцу пщагъо тэ сыд тыкъызэрэхахьэрэр? – ыгъэшIэгъоштми губжыщтми Нахьлъэш ымышIэу къэупчIагъ, аужырэ пчыхьэ заулэм яхьакIэщ цIыф кIуапIэ нахь зэгъокI зыкIэхъущтыгъэми егуцэфагъ.

– ХьакIэхэмкIэ зэгуцафэхэрэр орэп, Нахьлъэш,– игуапэу Барыч къыIуи, гуцафэ зыфашIырэмкIэ къыухыжьыгъ: – ГъэрекIо бжыхьэ тхьэмэ ялIыкIо Турабэ тадэжь къызетэгъэблагъэм, зыщытыухъумэнэу зыфиIогъэгъэ джынэпцIэшхом Хьакъарэ фагъадэ...

– Ар хъунэп шъыу! – Нахьлъэш мышъэ уIагъэм фэдэу къызщытэджыкIи нахь мэкъэ IэтыгъэкIэ къыухыжьыгъ: – Турабэ жэ пIуакIэм зешъумыгъэгъэдел!

– Хьау, хьау, Нахьлъэш, сиунэ ащ фэдэ титхьэмэ ялIыкIо щемыIуалI,– зэхихыгъэм щымэхъашэзэ, Барычи ыдагъэп, мэкъэ шъэбэ теубытагъэкIи къыухыжьыгъ: – Джа джынэпцIэшхом бжыхьэ, кIымаф, гъатхэ ымыIоу, пщэгъо мыухыжь къызэрэтфихьыщтыри тызэрекIодылIэжьыщтыри къытиIогъагъ. Джы олъэгъу къытэхъулIагъэр... Нычэпэ, хьакIуцумэ къысфагъэуцугъэмкIэ, сиаужырэ пIалъэшъ, къаIо джы къыпфэсIотагъэм етпэсыщтыр.

Ащ нахьрэ мэзахэм хэсыжьынэу Нахьлъэш фэягъэп. Щынэгъо чIыпIэ зифэкIэ зэрэфэIазэу, псынкIэу зифапи, ичати, икъами гогъэпкIэжьыгъэу пхъэнтIэкIум зызтырегъэгупсэфэжьым, къэупчIагъ:

– Сыд мэзахэм тызыфыхэсыр?

– Ары шъыу,– къехьылъэкIыщтыгъэм ышхьэ къызэрэрихыгъэм ыгу псынкIэ кIигъэхъукIэу, Барыч мэзахэм къыхэтаджи, дэгъэ остыгъэр хигъэнагъ, нэфынэ макIэм гупсэфэу къыхэщыщтыгъэ лIы нэгушхом Iуплъагъ, джыри зиухыижьыгъ: – Хэта моуцтэу джынапцIэмэ тыкъауцухьаныр зышIагъэр... О зи уилажьэп, Нахьлъэш. Чэчани ары. Тызэмыжагъэу Хьакъар къытфычIэкIыгъэр... ЫцIэ бащэрэ къесIоу тхьэмэ зясэгъэуджэгъуми сшIэрэп! – шъхьэпхъуатэкIэ къызбгырыуи, ихьакIэ къыIощтым ежэу, ежь зэнэгуерэмкIэ къыухыжьыгъ: – Ащ зыгорэ етымыпэсмэ, теунэхъулIэщт!

– Хъугъэ, зымыухыжь, ащ етпэсын гори къэдгъотын,– Нахьлъэш къехъулIэрэр шIошъхьэкIуагъэми, джау сыдми къызхимыгъэщ фэдэу къыIуагъ.

– Ащ епэсыгъэщтыр зызакъу! – Барыч къыпиупкIыгъ. Джэуап пыупкIыгъэм Нахьлъэш ыгу къыгъэлъэтагъ. ЛIы гъогум зытеуцуагъэм къыщегъэжьагъэу джы къызнэсыгъэм нэхаши, шъхьаси, гукIэгъуи ымышIэу, тIасхъэу ыгъотрэр, былым къызпихыщтыр шым ригъэпсыхэу, лъэсыми ыпсэ Iуихэу игъашIэ къехьыми, Барыч зыцIэ къыриIуагъэм апэрэмкIэ зэрмыр къышIыгъ. Сыд Iо фаеми, Хьакъарэрэ ежьырырэ бзэджэгъэ Iаджи зэдашIагъ, зэныбджэгъух, зэшъэфэгъух. Ахэр зэкIэ щигъэзыеми, иблагъ. Ащ ыкъо ишъхьэгъусэ ежь янэ къымылъфыгъэми, ышыпхъу, ыл щыщ, ар ыгъэгужъыеными фаеп. «Ары шъхьакIэ зэриIожьыгъ Нахьлъэш,– сибысым икъэгущыIакIэкIэ, ежь изакъоп, хьакIуцухэм зытыраубытэгъэ Iоф къызжэхилъхьагъэр. Сэ ушъхьагъу сылъэхъужьыкIэ, яшIошI зэблахъужьынкIи, зэкIэкIожьынхэкIи сыгугъэрэп… Хэт шъуIо мыхэр зыгъэплъэхъугъэхэр? Къоданэмэ шIэ? Мэщыкъо ар къыIофтэгъагъ. Ышыпхъу Анисэт ригъэукъэбзыжь шIоигъоу Чэчанэ дэжь къыгъэкIогъагъ…»

– Барыч! – нэгу цIэплъым ынэхэр къыхэлыдыкIэу къэджагъ Нахьлъэш.– Къоданэ зыгорэ къышъуиIуагъэмэ шIэ?

– Сыда къытебгъэIощтыгъэр? – Барыч зэхихыгъэм хъатэу фэчэфыгъэп.– Ащ илъэгъуныгъэр Чэчан, бзылъфыгъэ цIыкIу горэм пае къедаощтыгъ.

– Хэт ышIэра, зыгорэкIэ армэ…

– Хьау, хьау, о узэгуцафэрэм игугъуи, ипшыси къышIыгъэп.

«Адэ хэт ащыгъум хьакIуцухэм Хьакъарэ джынапцIэу агурызгъэIогъэщтыр? – гуIэ-гумэкI нэплъэгъур Нахьлъэш кIэшъо бгыкъум ритыгъ.– Турабэ бытыжъым ыIуагъэр мырэу лъэшэу апкъырыхьэгъэна? Пщэгъо мыухыжьыр ары етIани яшIошI къызэкIэзгъэблагъэр. Агу къыгъэкIодыгъ, егъэмэхъашэх… Е-е, Хьакъар, Хьакъар, чIыпIэ къинхэм сэ бэрэ уарысщыжьыгъ, ау джы ори, сэри хьамдэчым тыдэфагъ. Сэ ащ зыгорэущтэу сыдэкIыжьын, ау о уиIоф ащ щыуухынкIэ щынагъо. ТыдыкIэ бгъэзагъэми, улъэпэо зэпытэу, къызфэмыхьыжьрэ къыохъулIэрэп. Рэдэдыпщыр кIэлэжъ цIынэ къежьэгъакIэу тапэкIэ узесэгъэбэным, зыкъыребгъэкIи, кIапщэхэр фэтшIэу ущылъыгъ, иунэ тызыIохьэми, оры апэ итэу къызэкIэчъэжьыгъагъэр. Джы сызэрыфэгъэ чIыпIэм, хьакIуцухэр шъхьэегъэзыпIэ сфэхъугъэхэу, сиуи, сишIи ахахьэу зыщыщытым, къыпфэсшIэжьыщтыр сыухыгъэкIэ лъытэ…»

– Зи къэпIожьрэпи, Нахьлъэш,– джэнджэш зыкIэлъ макъэкIэ Барыч къыIуагъ, упчIэ нэплъэгъуи къыфидзыгъ.– ХьакъарэкIэ зэшIэгъуае ухъугъ, арба? О зыдэмышIэжьэу иджынэпцIэ кIуачIэ къыптекIонкIи мэхъу.

– Титхьэмэ анэмыкI сэ къыстекIон кIуачIэ джыри къэхъугъэп,– зыгу-зыкIуачIэу Нахьлъэш зыкъырищыгъ.– Хьакъарэ фэдэ пчъагъэ слъэгъугъэ, зэпыскIыгъ. ЗыгорэкIэ лIы хыем лые етхымэ сэIошъ ары.

– Ащ уемыхъырэхъышэжь! Хэт мыщ фэдэ дунае ылъэгъугъ? Зы мафэп, тIоп, щэп, маззэ хъугъэ. Ажэ къыдэкIэу Хьакъарэ ыцIэ цIыфмэ къыраIонкIэ ракурэп, о къыпшIолIыкIыых шъхьакIэ, IушъашъэкIи, мэкъэ тIупщыгъэкIи тихьакIуцухэм зэраIожьы, Хьакъарэ джынапцIэм текIодылIэщт аIо.

– АIомэ, сыдэу сшIын адэ, Барыч,– хэхьапщыкIыгъ Нахьлъэш,– цIыфмэ аIорэм зыгорэ хэлъ. Ахэмэ ори, сэри тахэкIыжьына.

– Ащыгъум тызэзэгъыгъ,– ыгу зэрэпсэфыгъэр Барыч ымакъэ къыхэщэу къэтэджыгъ, Iанэм екIуалIи, псы Iэгубжъэр гу пагъэм тырикIагъ, етIанэ ымакъэ ыгъэшъхъызэ пчъэмкIэ плъи, къыхигъэхъожьыгъ: – Джы бырсыр тымышIэу, ыпсэ зэрэдгъэгъущтым тегъэгупшыс.

Зым къыIорэр адырэм щигъэзыезэ, Хьакъарэ кIодыкIэ фашIыщтымкIэ лIитIур бэрэ зэнэкъокъугъ.

– Адэ, зыкъом фэбэгъон,– нэужым фэмыщэIэжьэу Нахьлъэш къыхэкуукIыгъ,– Хьакъарэ нахь лIышIухэри сэ езгъэпсыхыгъэх. О сыд къэсIуагъэми, «хъущтэп» оIо.

– ЗыкIасIорэр хьэлэ-балыкъ къыпысымыгъэкI сшIоигъошъ ары,– мэкъэ гъэтIылъыгъэкIэ Барыч къыриIожьыгъ.– ЗышIэн фаемэ ашIэщт, зиIоф хэмылъмэ ящыкIагъэп. Тэрэзба?

– О мытэрэз къэпIона, сишъэогъу,– Нахьлъэш щхыпэ макIэкIэ ымакъэ рищэхыжьыгъ.– Ащыгъум моущтэу тэгъэшIы. Сэ Хьакъарэ синыбджэгъу, сиблагъэ, ыпсэ сеIэныр емыкIу.

– Арба сэри сІорэр…

– Зэ, къезгъэжьагъэр къэсэгъаІу. Неущ сигъусэхэр хьакІэщым къызихьэхэкІэ, тІэкІу тыщысынышъ, къосэгъухэм сицыхьэ ателъэп, Рэдэдыпщыр ошІэ-дэмышІэу къыттеонкІи тІуи еІэщтэп, моу темыр-къохьэпІэ лъэныкъом тІэсхъапІэ горэхэр иІэмэ тыкъегъэплъ сІонышъ, джа чІэ зимыІэ къушъхьэтхым есщэлІэщт, адыкІэ къанэрэр шъо шъуиІоф.

– Джар хъункІэ сэгугъэ,– къэчэфыгъ Барыч.– Титхьэмэ къыддагъэхъумэ, зэкІэ къэпІуагъэмэ ар анахь тэрэз.

Зэдэо-зэнэкъокъум лІитІур хэтзэ, чэщыр кІуагъэ, пчэдыжьыми тІэкІу пыкІыгъ, ау пщэгъо Іужъу утІэрэхыгъэм уахътэр зынэсыгъэр зыхигъэкІуадэщтыгъ. Шъхьаныгъупчъэм мэшІо зэпылъэлъхэу блэлъэтыхэрэм Нахьлъэш къагъэтэджыгъ, Барычи ышъхьэ къырагъэпхъотагъ.

– Сыд мыхэмэ ашІэрэр? – кІэлэ Іэтахъомэ бэщ тІэркъо кІыхьэхэр аІыгъэу, орзэ ІапІэхэр къащым фэдэу хьажтІаркъомэ адэпхагъэу, уарзэмэ машІор апылъэлъэу зэрэзэзаохэрэр ыгъэшІагъоу, Нахьлъэш къэупчІагъ: – КъаІохэри сыд щыща?

– Джорэ, джорэ аІо,– щхыгъэ Барыч,– къащхэр ашІыгъэшъ агъэсты. Шъори къышъухэхьэгъэн фае, Думитрий аІоу урым динлэжьыр. Ащ зы тхьэ нахь щымыІэу, чиристан дин ежьхэм аІыгъэу къытфиІуатэщтыгъ. ХьакІуцумэ ар адэрэп, джорэхэр агъэстыхэмэ, титхьэмэ афэшІушІэхэу къырагъэкІы.

– Зыфаехэр къырарэгъэкІ, пщагъор тырарэфи,– тІэкІурэ шъхьаныгъупчъэм Нахьлъэш иплъи, къыІукІыжьыгъ.

Ардэдэм къумгъан-лэджэныр унэм къырахьагъ. Ащ ыуж итэу Іанэри къагъэсыгъ. Пчэдыжь шхэгъур ашІызэ, лІитІу къэлъэгъуагъ. Ахэмэ ауж Хьакъари унэм къихьагъ. Нахьлъэш гукІэ Чэчанэ паплъэзэ, шІукІаерэ щысыгъэу зэгоуты хъуи, лъэгъун иІэ фэдэу хьакІэщым икІыгъ.

Дунэе мыфэбэ-мычъыІэм щызэрихьэрэ пщэгъо Іужъум моу зыгорэхэр къеуцокІыгъэхэу, ымыгъэІабэу, ымыгъаплъэу Нахьлъэш къыщыхъугъ. Ау щытми, зытыриуфыхьэзэ, щагу къыдэхьагъумкІэ пщагъом пхырыплъыщтыгъ. Шы лъэмэкъэ дэгу къэІугъ, къэлапчъэм къэсыгъ, кІосагъэ, етІанэ шыр ыуж итэу Чэчанэ къэлъэгъуагъ, Нахьлъэши елъэкІонзэ, пэгъокІыгъ:

– ШымыкІо утесмэ сшІэрэп…

– Сыда, зыгорэ къэхъугъа? – щтэгъэ нэгукІэ Чэчанэ къэплъагъ.

– Зи къэхъугъэп, мыхэмэ ясымыгъашІэу сыкъыоупчІы сшІоигъу.

– СыдыкІэ?

– Къоданэ къызэкІом къыуиІуагъэмкІэ.

– Хэт фэгъэхьыгъэу?

– Хьакъар.

– Анысэт пае къысэдэуагъ, Мэщыкъо илъэІу къысиІожьыгъ нахь, Хьакъарэ ыцІи къыриІуагъэп.

– Ащыгъум хъун, некІо хьакІэщым.

– Хьакъарэ зыгорэ къехъулІагъа?

– ЗэкІэ дэгъу, зи къыосІуагъэп, къысэпІуагъэп, къыбгурыІуагъа? – Нахьлъэш пхъашэу Чэчанэ фидзыгъ.

ХьакІэщым Нахьлъэш зихьажьыгъэм ыуж тешІагъэ щымыІэу, джыри кІэлэ пытитІу къихьагъ, къафэмытІысхэу пчъаблэмэ къагоуцуагъэх. Барыч накІэ къышІи, зэрэхьазырхэр Нахьлъэш къыригъэшІагъ. ЛІыхэр къызызэхэтаджэхэм, Чэчани гъусэ къафэхъу шІоигъоу къадежьагъ, ау Нахьлъэш псынкІэу зэблихъужьи, «сыд пае шыхьат бащэ тищыкІэгъэн» ыІозэ.

– Ори, мы кІэлитІури мыщ шъукъанэмэ нахьышІу тэ тызщыплъырын фэе чІыпІэхэр къэдгъэнэфэнхэшъ, къэдгъэзэжьыщт.

Барычрэ Хьакъарэрэ азыфагу Нахьлъэш дэтэу шІукІаерэ кІуагъэх, сэмэгумкІэ даІонтІэхи, къушъхьэбгым дэкІыгъэх, шыилъыгъо имыкъукІэ етІани къушъхьэтх зэндэ хьазырым дэкІыхи, яшымэ япсыхыгъэх. ШхомлакІэр онэ къуапэм шІуидзи, Нахьлъэш нэпкъ еупкІэхыгъэм екІолІагъ, лъэр кІихэу, шъхьэр къыгъэуназэу очІэхым еплъыхыгъ, къызэплъэкІи, зыгорэ ыгъэшІагъорэм фэдэу къэджагъ:

– Хьакъар, модэ зэ мо мэз пчэным еплъ! Ар зынэсыгъэр!

Хьакъарэ къелъэкІонзэ, Нахьлъэш къыгоуцуагъ.

– БгъэшІагъорэр сшІэрэп нахь, уятэ ышъхьэ дэлъкІи дэплъэгъонэп,– гъумтІымызэ, Хьакъарэ иныбджэгъу фыреплъэкІыгъ.

– Мары, мы къушъхьэ лъапсэм дэжь… ощына, моу къылъыкІуатэба.

Лъэбэкъу зытIу нахьыбэ Хьакъарэ ымыдзыгъэу Нахьлъэш цIэплъыр ебгъунджауи, куо-кIый макъэм къушъхьэхэр зэпигъэджэжьызэ, Хьакъарэ таштаум дидзагъ.

– Джары, Барыч, хьакIуцухэм ятыгъэ къыкъокIыжьыщтмэ, джынапцIэр щыIэжьэп,– мэхъэджагъэ зымышIэгъахэм фэдэу Нахьлъэш къыIуи, темырымкIэ къикIыщт нэкъое папцIэм дунаир къызэрэзэблихъущтыр зэхишIэзэ къыпигъэхъожьыгъ: – Мары, плъэгъун, тшIагъэр титхьэмэ къытфагъэгъун, неущ блэмыкIэу мы пщэгъо тхьамыкIагъори текIын.

– Тхьэмэ жэ мафэ урагъэгущыIыкI, Нахьлъэш, ти Тыгъэ нэфышхуи зыфэпIуагъэм блэмыкIэу тарэгъэлъэгъужь, Хьакъарэ хьэдэджадэми ащ нахьыбэрэ ыгъэщынэжьынхэп...

КъэкIогъэ мафэм, пчэдыжьым, Нахьлъэш унэм къызекIым, мэли, чэми, чэти зарыгъэутIыIоу нэкъое жьыбгъэр къепщэщтыгъэ, къуаджэми къушъхьэ тIуакIэми пщагъор адилъэсыкIызэ къушъхьэ шыгумэ ашъхьарыхьогъэ пщагъори Iэпlэ-Iэпlэ цунтхъагъэу ошъогу чыжьэм къыщылъагъощтыгъэ, ос паIохэр зыщыгъ сыджыхэр тыгъэнэбзыймэ зэпагъэлыдыжьыщтыгъэх.

Чъыlэ къызэрэхъугъэр зэхамышIэжьэу, хьакIуцухэм я Тхьэшхо-Тыгъэ анэгухэр фагъэзагъэу, ягушIуи, ящти зэхэтэу, Iупчъапчъэхэзэ, ынэшIу къащифэнэу елъэIущтыгъэх. ДжынапцIэм ыпсэ зэрэхахыгъэр Тхьэшхом лъыIэсыгъэу, закъыфигъэзэжьыгъэу ашIошъ хъугъагъэ. А мафэм Нахьлъэш яцIыфкIэ алъытагъ, ягугъэ-гухэлъ рапхэу, Барыч гуагъэуцуагъ, Тураби тхьэмэ ялIыкIо шъыпкъэкIэ аштагъ.

## IV

Мафэр тыгъэ нэгоу, фэбэмэ тIэкIуи къыхэоу къежьагъэти, Рампэс пIокIэ хьазырэу фэпагъэу унэм къикIыгъ, нэмыз-Iумызэу зиплъыхьэзэ, щагудэтмэ ащыщ горэ Курацэ лъигъэкIонэу ыгу къыпылъэдэгъагъ шъхьакIэ, ардэдэм зэблихъужьыгъ. Тыгъуасэ щыбзэр зэрихьыгъэр къышIэжьи, ар иушъхьагъоу гъунэгъу ныом дэжь ежьагъ, лъэбэкъу заулэ ыдзыгъэу иджабгъукIэ зычIэплъым, ныбжьыкъу фэдэу зыгорэ ынэмэ къапэшIофагъ. Рэдэд ары, ин-инэу шъхьаныгъупчъэр къыупIыцIэу, ынэгу ыIотызэ, щагум къыдэплъэ.

«Ары гущ, сикIал,– ыгу хичыжьэу Рампэс зэриIожьыгъ,– зыгу пэрэм ынэгу еIоты аIуагъ. СэшIэ угу щышIэрэр, унэм уифэжьырэп, Айнари чэтышъхьэ унэзагъэм фэдэ къытхэхъухьагъ. ШъузэIуплъэмэ, шъузэщэщтэ, шъугу зэфилъыр зэфишъухышъурэп. Сэры ар къышъуфэзыхьыгъэр, ау сыдэу сшIыни, нэмыкI шIыкIэ сиIагъэп. Сэрышъ зэхэзылъхьагъэр, сэ сизэхэфыжьын. Зэ Курацэ къыIорэм сеплъын. Сыгу илъыр сфеIопэнэп, ау къыригъажьэмэ, зышъхьэ нахьи шъхьитIу аIуагъ, бзылъфыгъэ Iуш, жэ пыт, сицыхьэшIэгъу...»

Гощэшхор ищагу къызэрэдахьэрэр Курацэ къылъэгъуи, лышхо зэрэпылъым емылъытыгъэу, нэгушхо-нэгушIокIэ къыпэгъокIыгъ:

– Къеблагъ, къеблагъ, Рампэс, сыдэу дэгъоу укъэкIуагъ. Моу джыдэдэм сыгу укъыпылъэдэгъагъ,– ыIомэ IаплI рищэкIызэ, унэм рищагъ.

– Щыбзэм сыкъылъыкIуагъ,– Рампэс гощэшхом зызэришIыщтыр ымышIэу къыIуагъ, унэри къызэпиплъыхьагъ.

– СылIагъэмэ нахьышIугъ, уищыбзэ укъылъызгъэкIожьыгъ,– нэшхъо инхэр къикIотхэу Курацэ ыIэгушъохэр зэриутэкIыгъэх.– О укъылъымыкIомэ, къэбгъэкIон унэм къикIыгъэба? Щагудэтмэ ащыщми, Айнарми хъуни.

– А тхьамыкIэ цIыкIум зыгорэ езгъэшIэнкIэ сыгу егъу, Курац, ныбжьыкъум фэдэу унэм ит.

– Арыгущ, арыгущ, къызгурэIо,– Курацэ ышъхьэ ыгъэсысыгъ, пхъэнтIэкIур къыгъэкIуати, гъунэгъу гощэшхом благъэу къетIысылIагъ, нэплъэгъу хьалэлкIэ къыIуплъэзэ, гукIэгъу макъэкIэ къыIуагъ: – Щыбзэм нахьи угу зэрэпэрэм нахь укъихьыгъ, арба, тигощэшху?

– СыкъэпшIагъ,– Рампэс ыIозэ, щхыпэ макIэри ыIупшIакIэмэ къячъагъ.

– Сыд пшIэнэу пIорэ?

– Пшъэшъэжъыем иуни зэрязгъэгъэфэн, ищагуи дэзгъэIэбэнхэшъ, язгъэщэжьын сэIо. Гъунэгъу пшъэшъэжъыитIу гори дырязгъэгъэтIысхьан.

– Боу дэгъу, Рампэс, дэгъу. Ау ежьхэр, ныбжьыкIитIур, зэфаехэу ошIапа?

– Е-о-ой, Курац, тӀумэ язи къыфаӀорэп нахь, язэӀуплъэ изакъоми… Атхьамыкӏэ цӏыкӏур сапашъхьэ исэу Рэдэд къызэрэсыжьыгъэр къызысаӀом, кӀэзэзэу къызщылъэтыгъагъ, нэку-нэпс къэхъуи, «а Тхьэр къытати, нан» ыӀозэ, зыкъызжэхидзэгъагъ, етӀанэ гущэ укӀытэжьи, адырэ унэм зычӀидзэжьыгъагъ.

– Сэ сызэнэгуещтыгъэр Чэчанэ зэрихьыгъагъэм зыгорэкӀэ Рэдэд шӀолӀыкӀэу…

– Хьау, хьау,– Рампэс ӀэутӀэ ышӀи, Курацэ къыригъэжьагъэр къыригъэӀуагъэп.– ЫӀхьыгъагъэмэ шӀагъуа, унэм рахьанэу игъо имыфэхэзэ, къатырахыжьыгъ. ЕтӀани сэ сикӀалэ ащ фэдэу къызэрымыкӀыпхъэхэр ушъхьагъу ышӀырэп. Сыд къепӀуалӀэрэр, Курац, къэсӀуагъэм? ЧӀыпӀэ къин тызэрыфагъэр. Пшъэшъэжъыер ибэ хъурай, ышнахьыжъ Даур псаоу щыӀагъэми Ӏофыгъа…

– Сыдэу пшӀын адэ, гощэшху,– Курацэ игуапэу къыдыригъэштагъ,– зэрэхъоу пшӀыщт. Сэ укъысэупчӀыжьымэ, чэщ-зымафи иунэ изгъэсыжьыщтэп. Пчэдыжьым ябгъэщэжьэу, шӀункӀ мыхъузэ къырябгъэщмэ, нахь сшӀотэрэз.

– Арэу хъункӀэ сенэгуе,– къезэгъыгъ Рампэс.– КӀалэм дэзгъэгущыӀэнхэшъ…

– Сыд пае хэщ-ощ пшӀыщт,– Курац ыдагъэп.– Тым фэдэп, ныр лъфыгъэм нахь пэблагъ. О епӀощтым фэдэ хэт риӀон. БгъэукӀытэжьыщтми, зыгорэм емыусэижьэу, о еӀу.

– Сыгу бгъэпсэфыгъэ, Курац, дэгъоу сшӀагъэ уадэжь сыкъызэрэкӀуагъэр,– Рампэс къэтэджыжьыгъ, нэбгыритӀум щыбзэр ащыгъупшэжьыгъэу, урамым нэс гощэшхор Курацэ къыгъэкӀотэжьыгъ.

Гу зэришӀыгъахэу икӀалэ шъхьэихыгъэу дэгущыӀэн ыӀуи, Рампэс щагум къызэрэдэхьажьэу хьакӀэщым фиузэнкӀыгъ, ымакъэ ылъэкӀызэ, пчъэр Ӏуихыгъ, ау ыкъо рилъэгъуагъэп, нэрэ-Ӏэрэ агу тыдэ хъугъа мыр ыӀомэ гукӀэ цӀацӀэзэ, щагум зыщиплъыхьагъ, къакъыр къогъум Агъбанэ къыкъокӀыжьэу зелъэгъум, пэгъокӀыгъ, байколри къелъэкӀоныгъ.

– Тыдэ хъугъэ, Агъбан, Рэдэдыпщыр?

– СшӀэрэп, гощэшху, зи къысиӀуагъэп,– Агъбанэ ытамэхэр зэфищагъэх,– пкӀэгъуалэм гушӀозэ ешэси, щагум дэлъэтыгъ… Ары, Шыупащэ къэбар горэ къыфихьыгъэти, Колэс дэжь кӀуи, изытет къызэгъашӀ, къэбарым ылъапси къысфэхьыжь ыӀуи, ыӀофтагъ.



«Сыд къэбар шъуӀо Шыупащэ къыхьыгъэр, ежь Рэдэди сыда ащ фэдизэу ыгу къизгъэгушӀукӀыщтыр, хьауми Агъбанэ аущтэу къыщыхъугъа? – зэхихыгъэр зыфихьын ымышӀэу, зэшӀэгъуае хъугъэу Рампэс унэм ихьажьыгъ, щагупэ шъхьаныгъупчъэм Ӏууцуи, тӀэкӀурэ щытыгъэу, зэриӀожьыгъ:

– Сэхьаулые, дэкӀыгъэ шыум ары нэмыӀэу къыгъэзэжьына, Шыупащэ къэкӀожьмэ, ышӀэрэр къезгъэӀон. Ащ нахьышӀу Рэдэд есӀощт гущыӀэхэр зэзгъафэмэ. Сыдэущтэу къезгъажьэмэ нахьышӀуна? Сыда сэӀо сыныбэкӀоцӀ къикӀыгъэм мыщ фэдизэу зызыкӀытесӀэтыкӀрэр?! ЗэнкӀабзэу есӀощт: «Узэлъэӏурэр къэгъани, къыолъэӏурэр къащэ. Ары шъхьакӀэ, зэлъэӀуни иӀэп. Мыдырэ цӀыкӀуми фэдэу гу пытэ слъэгъугъэп. Ыгу илъыр ынэмэ къаӀуатэзэ, ыжэ пхыгъэ…»

Ардэдэм мэкъэ псыгъо кӀэщыгъэкӀэ Айнар къыӀорэ орэдыр Рампэс ытхьакӀумэ къиӀуагъ, лъэпэпцӀыеу зэфагупчъэм Ӏухьи, дэӀуагъэ: «Ары, мыщи орэд къеӀо, адырэри нэгушӀоу шэсыгъэ,– Рампэс ыпкъынэ-лынэмэ гугъэпсэф фэбэгъакӀэр арычъагъ, нэку-нэпс къэхъугъэти, шъхьатехъо ӀэпакӀэмкӀэ ынэмэ акӀэӀэбэжьи, кӀашъомкӀэ ышъхьэ ыӀэтыгъ:

– Титхьэмэ силъэӀу анэсыгъэмэ, сэгушӀо. О ти Тыгъэ-Тхьэшху, непэ дунаир зэпэбгъэнэфыжьэу укъызэрэтшъхьарыхьагъэм фэдэу Рэдэди, Айнари агухэр бгъэнэфыгъэмэ, ялъагъо ябгъэлъэгъугъэмэ, псапэу щыӀэр къысфэпшӀагъ, сыгу телъыгъэ хьылъэр тепхыгъ…»

Рампэс кӀозэ-уазэу тӀэкӀурэ унэм итыгъэу Айнар ымакъэ зызэпэум, зэфагупчъэм дэкӀыгъ. Пшъашъэр хъэу шъхьаныгъупчъэӀум Ӏусыгъэти, псынкӀэу къэтэджыгъ, ынэхэр къиджэгукӀхэу къыӀугушӀуагъ:

– КъакӀо, нан, моу къэтӀыс,– пэкӀорыгум Ӏапэ фишӀыгъ.

– Сыда пшӀэрэр, сипшъашъ? – Рампэс ыӀэгушъо шъабэ пшъэшъэ тамэм ригъэчъагъ.– Хэта джыри цылъэпэдыр зыфапхъэрэр?

– Шыупащэба,– къэщхыгъ Айнар.

– Мыбжыхьэ Рэдэди Шыупащи афэпхъагъэба.

– Ары шъхьакӀэ, Шыупащэ мазэкӀэ ылъэдакъэхэр къыригъэзыщтых, Рэдэд нахь шынкӀ, ащ фэсхъагъэхэр зэрэщытыгъэ къабзэх.

– Мазэ къэс цылъэпэд штэгъу пхъэщтымэ, хъэрмастэмэ пӀапэхэр алэжьэных, сипшъашъ. Сэ Шыупащэ сегыищт, афэрэсакъ.

– Хьау, нан, зи емыIу, сигуапэу тIуми сафэхъэ. Сызэщэу сыщысыным нахьышIуба сишIуагъэ горэ къэзгъакIомэ.

– Дэгъу, дэгъу, нынэ, зымыгъэзэщ,– зэхихыгъэми ылъэгъугъэми ыгукIи, ыпкъыкIи зыкъыригъэштагъэу, Рампэс гощэшхор Айнар иунэ къикIыжьыгъ.

Къо нахьыжъи, нахьыкIи апаплъэзэ, ным ынэмэ дагъэ къатенэжьыгъэп. Шыупащэ нахьыпэ къэсыжьыным щыгугъызэ, Рэдэд кIэкIо фыжьыр къеубгъухыгъэу, ихъурышъо пэIо хьаплъи тыгъэхьажъум пэлыдыжьзэ, кIорыкIокIэ щагум къыдэхьажьыгъ.

– А сикIал, зэ моу садэжь къихь,– Рампэс ыкъо риIуагъ. КIэкIо къуапэр ригъэбыбэкIэу Рэдэд зышъхьарихи, пкъэужъыем пилъагъ, нэчэф лыдхэмкIэ янэ Iуплъагъ:

– Сыд, къэбарышIу ошIэмэ, узгъэгушIожьын, тян.

– Сэ тыдэ къэбарышIу къисхын, унэм сикIрэп, цIыфмэ сахахьэрэп,– мэкъэ гъэтIылъыгъэкIэ, чыжьэуи къыдыриухьакIызэ, Рампэс къыригъэжьагъ.

– Шыупащэ джыри къэкIожьыгъэба? – Рэдэд ным игущыIэ къыригъэухыгъэп.

– Хьау.

– Ары къэбар къэзыхьынэу щытыгъэр.

– Сыд къэбар? Моу къэтIыс.

ЗетIысэхыхэхэм, Рэдэд къыIуагъ:

– Тян, къысфэгъэгъу, хэт щыщми, зыгорэм ыпсэ загъэгъукIэ, «ох» пIоныр емыкIу, ау мызыгъэгум щымыIэжьым ыцIэ къызыраIом, гукъао сщыхъугъэп.

– Хэт, сызэгомыгъэутэу къаIоба?

– Хьэкъар ары.

– Хьэкъар пIуи? – зэхимыхыгъэ фэдэу Рампэс къыкIэупчIэжьыгъ, етIанэ ышъо тIэкIу къыхихэу къыпигъэхъожьыгъ: – А лIыр, сыд фэдиз ибзэджэгъагъэми, адыгэны къылъфыгъ, адыгэт къыхэкIыгъ. Титхьэмэ тефэу алъэгъумэ, зыдащэжьыгъэм шIу щэрэхъу.

– УфэлъаIокIи уфэмылъаIокIи, титхьэмэ ар благъэу зэрагъэкIолIэнэп,– Рэдэд дыдж нэгукIэ IущхыпцIыкIыгъ.– Умыуцумэ, къиуцукI уIукIэн джары зыкIаIуагъэр, тян.

– Ары, сикIал, бгъэр бэрэ омэ, ытамэ мэкъутэ.

– КъысфаIотагъэм дэу ар тефэу къэпIуагъ, тян,– Рэдэд ымакъэ зыкъиипхъотагъ.– Нахьлъэш цIэплъыжъыр яхащэу, хьакIуцумэ таутaшэм ратIупщэхи, ытамэхэри гуаутыгъ, ежьыри зэгуаутыгъ.

– Ара зэрэхъугъэр? Сыда хьакIуцумэ агу къызэребгъагъэр? Нахьлъэши ишъэогъугъэба, иблэгъагъэба?

– Нахьлъэш цIэплъым шъэогъугъэ-блэгъагъэ ешIа! Ежь ышъхьэ ифедэмэ, янэ къылъфыгъэми еплъыщтэп. Адырэ хьакIуцухэм пщэгъоошхо къафегъолъэхи, мазэрэ шIункIым хэсхэу щыIагъэх, зэкIэщтэжьыгъагъэх, цIыф бзэджэ Iоф къыхэхьагъ аIуи, зилажьэм лъыхъухэзэ, Хьакъарэ джынапцIэкIэ хахыгъ, Нахьлъэшыжъыр зыфэягъэр арыти, зыдэчъэжьыгъэ хьакIуцумэ адеIи, ежь ащкIэ заригъэштагъ, Хьакъарэ таутaшэм дигъэкIодагъ.

– Джары, сикIал, пыщэгъу пшIыщтыми уегупшысэн фае уятэ зыкIиIощтыгъэр,– Рампэс ышъхьэ ыгъэсысызэ, хэхьапщыкIыгъ.– Ори загъорэ къыомыпэсыгъэхэр шъэогъу ошIых.

– Хэта, тян, зыфапIорэр? Чэчанэмэ зыфапIорэр, ухэукъо.

– Сыда сыкIыхэукъорэр? ИцIыкIугъом щегъэжьагъэу шэн псынкIэ-шэнычъэу Чэчанэ къэтэджыгъ, Колэс тхьамыкIэм иIэпэ-цыпэ гори къыхэфагъэп. Шэн къиилъэтыгъэ зиIэр цIыфышIу хъурэп.

– Ар умыIо, тян. Чэчанэрэ сэрырэ тыкъызэдэхъугъ, тызэдэшъупIугъ. Шъыпкъэ, шэн псынкIэ иI, дэгъэхыгъошIу, ау цIыф дэеп. Сегупшысэжьыгъэти, къехъулIагъэр къызгурыIуагъ: гъэрыпIэм бащэрэ сыщыIагъэти, сыщымыIэжьыр ежьыри къешIэкIыгъэхэми ышIошъ агъэхъугъ. Сэ къысэгуао ыIуи, Нахьлъэш къыкIэкIахьи, чэщи, мафи ышъхьэ римыгъэкIызэ, Анисэт щигъэгъупшагъ, Айнар гукIэгъу фыригъэшIыгъ. Ау зэрэщытзи, къемыбэныныекIи мэхъу, цIэплъыжъыр къышIокIыгъэп... Тян, къысфэгъэгъу, уапашъхьэ сыщыукIытэжьрэп, зытетыр къэсIон: укIэлэ зикъэмыщэмэ, Айнар уемыхъопсэн плъэкIына?..

Рэдэд ар къыIуи, нэпкъ-пэпкъ зэхэхыгъэ зэкIужьыр плъыжьыбзэ къэхъугъ, ынапIэхэр ридзыхыгъэх.

– Адэ, сикIэлэ дах, ар ошIэмэ, сыда узпэсыр? – язэдэгущыIэ гъэзапIэ фэхъугъэм Рампэс ыгъэгушIуагъ.– Пшъэшъэ цIыкIум ышъхьэ зыдихьыжьыщтыр ышIэжьырэп, ори къогъумэ уакъуаошъ, унэмэ уарыт. Ужэ бзэгу дэлъыжьба? Ащ зыблэкIыжьыкIэ чылэри нэмыкI IофкIэ къыттегущыIэу

зэхэтхыжьыщт. Ащ фэдэ Iое-тIуаехэри къысэнэсыжьых. Непэ-неущ блэмыкIэу шъуиIоф кIэух фэшI. Къыбгурыылагъа?

– Къызгурыыуагъ,– Рэдэд ышъхьэшхо къыIэти, нэгущх макIэкIэ янэ Iуплъагъ, ардэдэми ынапIэхэри ридзыхыжьыгъэх.– СыдэгущыIэгъах.

– Сыдигъу?

– Пчэдыжь. Гъунэгъумэ адэжь узэкIом.

– Тхьэхэр разэ къыпфэхъу, сикIал, джы сыбгъэрэзагъ. Уятэ тхьамыкIэри сыгу къэбгъэкIыжьыгъ. Сэри Лаурстэн сыфэтэджыным ыпэкIэ ыгу къысфилъыр симыгъашIэзэ, сызэгоутыным сынигъэсыгъагъ. КIо, хъугъэ. СыгушIогъащэшъ, имыщыкIагъэхэри къэсэIо. Ащ нахьышIу тшIэн фаемэ татегъэгущыIи.

– Сыд тызтегущыIэжьыщтыр? Къэсщэнышъ, джащ щытыухыщт,– Рэдэд ымакъэ Iоу щхыпцIыгъэ.

– Хьау, сикIал, о зэрэпIоу щытэп ар…

– СэшIэ, сэшIэ, Шышъхьарыс дэс янэшыпхъум дэжь ядгъэщэжьынышъ, ащ къитщыщт.

– Зыми язгъэщэжьыщтэп,– Рампэс къыпиупкIыгъ,– пIэхэмыкI тхьамыкIэу, зэпырагъазэу аIыгъыр сыд пае гумэкI лые хэтыдзэжьын, Айнар ятэ иунэ зэрэщыт. ТицIыфхэр згъэкIонхэшъ, унэми изгъэIэбэных, щагуми дэзгъэIэбэных. Пшъэшъэ иту гори дизгъэтIысхьанышъ, пчэдыжьым язгъэщэжьымэ, пчыхьэ мыхъузэ…

– Къызгурыыуагъ, тян, къызгурыыуагъ,– ным игущыIэ къымыухызэ, Рэдэд къэтэджыжьыгъ,– зэкIэ о къызэрэпIоу сшIыщт.

– ПсынкIагъэ къызхэмыгъаф сIуагъэба, сикIал,– ныр мэкъэ шъабэкIэ къеушъыигъ,– къэсIощтыр джыри къэсыухыгъэп, моу къэтIысыжь.– Рэдэд зетIысэхыжьым, игущыIэ къыпидзэжьыгъ.– Мэфибл джэгу фэсшIыщт.

– Хьау, ар хъухэщтэп! – Рэдэд зыкъипхъотагъ, IэутIэ ышIыгъ.– Сэ сапэ Iоф мыухыжь илъ. Хэсашъхьэр зэхэсщэн фай, ащ хэтхэми тахэплъэжьыщт. Къосэгъухэр зэкъосщэнхэм, зы хэгъэгу сшIынхэм Iофэу къыпыкIыщтыр зыфэдизыр ошIа?

– СэшIэ, сикIал, ари сэшIэ,– Рампэс къыдыригъэштагъ.– Ащыгъум мэфищ джэгу.

– Ар зыгорэм фэд.



– Джы пIурыкIэ узэкIолIэжьыщтыр ары.

– Чэчанэ тазыфагу къимыхьэгъагъэмэ, Колэс фэшъхьаф сыгу къизгъэхьаныеп, ау Чэчанэ ышIагъэр сэ фэзгъэгъуми, Айнар ыгу къеонба. Ары нахь, тян, ты зысимыIэжьым къыщыублагъэу Колэс ижьау тычIэтэу, ори сэри тигъашIэ къэтхьыгъ.

– Тэрэз, сикIал, о зыфапIори Iофым хэлъ. Колэси ыгу къытэбгъэнэп, чылэми IокIэ ажэ тыдэхьанэп. Хэт пIорэ адэ?

– СшIэрэп ныIа, Мэщыкъо семыкIолIэжьыщтмэ?

– А сикIал, сыдэу непэ сыгу укъыигущыIыкIыпэра? – Рампэс ынэгу къызэлъынэфыгъ, шэны зэрэфэхъугъэу къэIаби, икIалэ ыбгъэ ыIэгушъо ригъэчъагъ.– Титхьэмэ уинасып кIыхьэ къыпфашIынэу сялъэIу. О «нэмыкI ыцIэ къэпIогъагъэмэ, сэ МэщыкъокIэ зыбгъэзэнэу къыосIон сыгу хэлъыгъ. Анисэт тхьамыкIэм къехъулIагъэм ыуж Мэщыкъуи, ышыпхъуи гужьыдэгъэкI уафэхъун, Iори ашъхьарыпхын. Чэчани зэгорэм акъыл къыгъотыжьынэу щытмэ, Анисэт къыукъэбзыжьын.

– Тхьэмэ аущтэу аIу, тян, а уздэIэбагъэм фэдиз сэ сегупшысагъэп,– янэ ыгъэгушхо шIоигъоу Рэдэд зигъэцIыкIугъ,– Колэс мыхъуштмэ, сIуагъэ нахь…

Айнар иунашъхьи, унэм итеплъи джыри дэгъугъэх, ау щагуми, чэуми, унэ кIоцIми цIыфыIэ ящыкIэгъагъ. А мэфэ дэдэм, тыгъэр зэрэкъуахьэу, Рампэс гощэшхом етIэшI бзылъфыгъэхэм пхъашIэхэр аригъэгъусэхи, ку ушъагъэр ауж ытIупщыгъ, яушъыигъ:

– Бырсыр шъумышIэу, шъукIуачIэ къыхьырэр къашъушIэ. Гощэшхом ыIуагъэмэ, зымыгъэцэкIэн хъулъфыгъи, бзылъфыгъи зы нэбгырэ ахэтыгъэпти, Айнар иунэ зэрихьэхэу, джэныкъом машIо дашIыхьагъ, тIэкIу зэрэтешIэу унэм иущтыгъэ цIынамэр фэбэмэ гуапэм зэблихъоу ригъэжьагъ. Щыуанышхом рагъэхъогъэ псыр къызэфабэм, етIагъэм изэхэшIыхьан бзылъфыгъэхэр фежьагъэх, обзэгъу макъэхэри щагум къыдэIукIыгъэх.

ЦIыф зэрымысыжьыгъэ унэм нэфынэ къипсэу, онджэкъым Iугъо къырихэу, щагум цIыфхэр щыупхъохэу гъунэгъухэр щысынха, хъурэр амышIэу лIыхэр къыIухьагъэх, ахэмэ ауж яшъузхэр къикIыгъэх, Айнар иунэ къызэригъэзэжьрэр зашIэм, ахэми аIэпшъэ-лъашъхьэхэр дащаехи, шъхьадж фэшIэщтыр ышIэу къахэуцуагъэх. Унэ

дэпкъымэ къятэкъохыгъэ чIыпIэхэр хаежьхи, тIэкIу зэгъушъыжьхэм, етIэфыкIэ арыкIожьыгъэх, етIанэ бзылъфыгъэмэ загощи, джэхашъохэр пIуакIэу къытыраехи, унэм къикIыжьыгъэх. АшIэн фаер аухыгъахэу хъулъфыгъэхэр зэхэтыгъэхэти, бзылъфыгъэхэр къызэлъагъохэм, апэ къиуцохи, щагум къыдэкIыжьыгъэх.

Чэщныкъо хъугъэми, IофышIэ ыгъэкIуагъэхэм къапаплъэу Рампэс щысыгъ. ГущыIэ макъэхэр зэрэзэхехэу, унэм къикIыгъ.

– Сыдым нэжъугъэсыгъ, тхьэхэр зыфэусэных? – рэзэ упчIэр гощэшхом къапигъохыгъ.– Шъукъэпшъыгъэгущ, мэлакIи шъулIэгъэн фае. ЗанкIэу пщэрыхьапIэм шъукIу, Iэнэ шIыгъэхэр къышъожэх.

– ГумэкIыгъо щыIэжьэп, тигощэшху,– бзылъфыгъэмэ ащыщ горэм мэкъэ чэфкIэ къыриIожьыгъ.– О зэрэпIуагъэу, тиIоф шъэфы тфэшIыгъэп, гъунэгъумэ тыкъашIи, лIыхэри, шъузхэри къыддеIагъэх.

– Ащ сегупшысагъэп,– зэхихыгъэр гуапэ щыхъоу Рампэс щхыпцIыгъэ.– Нычэпэ удэу быбырэр чылэм ашIэ aIуагъ. Онджэкъым Iугъо къырихэу, щагум макъэ дэIукIэу гъунэгъур гупсэфэу щысына. Ахэмэ тхьэхэр къафэрэзэных. Ибэм фашIэрэм нахь псапэ сыд хъужьын…

Чъыер къемыкIоу, къэтэджжымэ гъолъыжьэу Рэдэд игупшысэмэ зэлъаIыгъыгъ. Хъулъфыгъэ-бзылъфыгъэ купэу щагум къыдэхьажьрэмэ амэкъэ дэгухэр къызеIухэм, хьакIэщым къикIы шIоигъоу къежьэгъагъ, ау янэ ымакъэ зызэхехым, ыгъэзэжьыгъ, тхъэжьэу чъыерэ ышнахьыкIэ Iуплъыхьи, ехъопсагъ: «Ышъхьашыгу ущыуджыгъэкIи, укъишIэщтэп, тхьэхэр етагъэхэба. Сэ сицIыкIугъом щегъэжьагъэу гупшысэмэ сашхызэ сыкъэтэджыгъ. Джыры ныIэмэ, апэ зыщезгъэжьэщтыр сшIэрэп. Ау щытми, тянэ зыфиIорэр шъыпкъэ, чылэми, лъэпкъыми апэ ситэу, унагъуи, джэгугъуи симыIэу, сыдышъокIэ къысэплъынха? Айнарэрэ сэрырэ тызэрэгъотмэ, сыгуи нахь ин хъунба. Хымэ чIыналъэм гур щызагъэрэп aIo шъхьакIэ, ибэ нахыбэу сыгу зымыгъэзагъэщтыгъэр Айнар. Ар сыгу къызпылъадэкIэ ары гу сэзгъэшIыщтыгъэр, гугъэ къысэзытыщтыгъэри… «Ахьыгъагъэм укъыфэнагъа» Турабэ еIo, Айнар сыблэIэбыкIыгъагъэмэ, титхьэхэми къысфагъэгъуныеп, сэри сыгу тыркъо телъэу сигъашIэ исхыни. Чэчанэ кIэгъожьэу къыгъэзэжьмэ, хэсашъхьэм ыпашъхьэ зэрэмысэр щерэштэжьи, Колэс ихьатыркIэ фэзгъэгъун. Нахьлъэш цIэплъыжьым ежь-ежьырэу ХьакъарэкIэ ытамэ зыгуиутыжьыгъ. Чэчани сэ зэрэсIоу хъоу ыкIыб зыфигъазэкIэ, адырэ къыгуанэхэрэм узэнэцIыни, узщыщынэни ахэтыжьыщтэп. Моу зэ тIэкIу тегъашI, хьакIуцухэми къашIэщт ар зыфэдэр. Сэ ащ сыгу лъыпцIагъэу дигъэуцуагъэр есымыгъэпщыныжьэу дунаим сытетынэп…» – джа гупшысэ зэхэлъэдэ-зэхэчъхэм ахэтзэ, Рэдэд зэрэфэпагъэу нэфшъагъомэ адэжь хэчъыягъ…

ШхоIумэ ягъухэу шыуш егъэшхэгъэ-егъэшъуагъэхэр шышIоIумэ къятэкъокIыгъагъэх. Иунэ къитэджэщт хъярым дэгузажъоу, Рампэс гощэшхор шъхьаныгъупчъэм еплъы. КIымэфэ тыгъэр тыжьынышъо нэгъыфэу къохьапIэм екIущтыгъэми, инэбзый фабэхэм ос пIокIэ шъабэр зэпагъэлыдыжьы. Гур ыгъэгупсэфэу, дунаир окъ-жьыкъ рэхьат. Хъулъфыгъэ зэрэгъэщх-чэф макъэхэм щагур зэлъаштагъ. Муары, Мэщыкъуи, Къодани, Тураби, НэтIаий, нэмыкIхэри къэлъэгъуагъэх. Рэдэдыпщыри, ипаIo къахэщэу, ишъэогъумэ aIуплъыхьэу агузэгу зэритыр зелъэгъум, Рампэс ыкъо щыгушхукIызэ, шъхьаныгъупчъэм къыIукIотыгъ.

Рэдэд ипкIэгъуалэ зэрешэсэу, игъусэхэми шыбгы зашIыгъ, шыуитIумэ азыфагу ежь дэтэу, адырэхэр шыу щырыщ лъэхъу псынкIэкIэ ауж итхэу шъузыщэ гъогум техьагъэх. «Тхьэмэ лъэпэ мафэ шъуагъэдз, шъуигухэлъ къыжъудагъэхъу»,– Рампэс афэлъэIуагъ.

Шыухэр нэплъэгъум зэрекIхэу, гощэшхом Колэс лъигъэкIуагъэх. Ахэр бэрэ къэмытхэу, бэщым зытезгъэкIэрэ лIыжъыр апэ итэу, къэсыжьыгъэх. Нэгу зэхэогъэ кIыфым кIэплъыхьэзэ, гуегъу макъэкIэ ыгъэтIысыгъ, риIуагъ:

– УкъызкIязгъэщагъэр, Колэс, непэ Рэдэд къызэрищэрэр къыосIонэу ары. Сэ зэрэсикIалэм фэдэу ори ар уикIал, къин Iаджи къыттеплъэгъуагъ, зэрэпщыхэкIыри къосэгъумэ агурыбгъэIуагъ, ябгъэштагъ. Тиунэ уисэу нысэр къысфыращэ сшIоигъу,– игущыIэ зэпыугъо тIэкIу фишIи, къыпидзэжьыгъ: – ГухэкI къызщымыгъэхъу, пIурыкIэ кIалэр зэкIолIэжьыщтыр Мэщыкъу.

– Сыд пае гухэкI сшIын, Рампэс,– ымакъэ ылъэкIызэ, ерагъэу Колэс къыдищэягъ.– Сипхъорэлъф шъхьапсыр ары мыхъугъэмэ, сэ сиунэ Рэдэд зэрэблэмыплъыщтыгъэр

дэгъоу сэшӀэ. СыдкӀэ тыамал, шэн зимыӀэм, ежь-ежьырэу инасып пеупкӀыжьы.

– Сыд хъугъэми, Колэс, тэ тызэрэззэфыщытыгъэу тыкъэнэжьыщт,– Рампэс гукӀэ зигъэпсэфыжьэу къыӀуагъ.

Зыгу нэфым игъогуи нэфынэ зэраӀорэр шъыпкъэ. Пчыхьэ мыхъуззэ, шъузыщэ орэдыр нахь благъэ хъуззэ, пщы унэм къызэрэсырэр Рампэс зызэхехым, ыӀэгушъуитӀу ынэгу ригъачъи, гушӀуагъом ыгу къызэхигъахьэзэ, зэриӀожьыгъ: «А ситхьэ лъапӀэх, зэкӀэ зэзгъэфагъэр къыздэжъугъэхъугъ, сышъуфэраз. Лаурстэн тхьамыкӀэм ыкъо закъо къыщагъэу ылъэгъужьыгъагъэмэ, дунэе мылъкум ыосэни...»

Нысэр унэм зэрэращэу, шъузыщэ кӀалэхэр гощэшхом гушӀуакӀо фихьагъэх. ГушӀопс макӀэр ынапэ хэлъэу Рампэс, ныбжь иӀэми, бзылъфыгъэ зэкӀужь ищыгъэу къэтэджыгъ, Колэси, бэщыр Ӏэ сэмэгум ритызэ, гощэшхом къыгоуцуагъ.

КӀалэхэр зэуж итхэу гощэшхоми, лӀыжъми зафэгушӀуахэхэм, Колэс къыӀуагъ:

– Тхьашъуегъэпсэу, сишъаохэр. УлӀымэ, джары къызэрэпщэн фаер. Нысэ цӀыкӀоу къытфэшъущагъэр къызэрыкӀыгъэ унэм лъэдэкъэ мафэ къыринэнэу, къызэрыхьагъэм лъэпэ мафэ къыридзэнэу, хьаблэми, чылэми, зэрэ Къосэгъоуи нысэ мэфэ шъыпкъэ тфэхъунэу есэӀуалӀэ. Яхъяр адэпӀэтэу, янасып адэплъэгъоу, гъэшӀэ кӀыхьэ титхьэмэ къыуатынэу сыпфэлъаӀо, Рампэс.

– Тхьэхэр разэ къыпфэхъух, Колэс. Ори ащ фэдэ хъяркӀэ тхьэмэ тыпфагъэгушӀожь,– къыриӀожьыгъ Рампэс, етӀанэ ыкъо ишъэогъухэм закъыфигъэзагъ: – МэфитӀу къысэшъут, сикӀалэхэр. Шышъхьарыси, Мыстхъакъуи, Ныбэжъи, нэмыкӀ чылэхэми шыугъаджэхэр стӀупщыщтых. ДжэгуакӀомрэ къамылапщэхэмрэ къедгъэблэгъагъэх. Аущтэу шъуджэгу, ау къекӀолӀэн фаехэр къызысыхэхэкӀэ, джэгур едгъэжьэщт.

– МэфитӀур мэкӀаӀо хъунба, гощэшху,– теубытагъэ ымакъэ хэмылъэу Мэщыкъо къыригъэжьагъ.– ПшынахьыкӀэ Къаншъао дэжь, Тумтэкъашъэ нэс, шыугъаджэ бгъэкӀон зыхъукӀэ, охътэ бэкӀае ищыкӀагъ.

– А си Мэщыкъу,– къедэхашӀэзэ къыпигъодзыжьыгъ Рампэс,– сшынахьыкӀэ сэ зэрэслъэгъурэм фэдэу ори, нэмыкӀи ылъэгъурэп, ау щытми, къызытхэхьажьым, дао къытфыриӀэу къытфэкӀогъагъэр сиджэгу къезгъэблэгъэщтэп, емыкӀу къысфэшъумышӀ.

– О къызэрэпӀу, гощэшху, емыкӀу ащ къыхэкӀына...– Мэщыкъо ыӀуи, ышъхьэ рилъэшъожьыгъ.

Шыугъаджэхэр зызэбгырэкӀыхэм, пщы щагу игъэкӀотыгъэр зэрэщытэу хъулъфыгъэмэ зэрагъэфагъ, узэлъэпэони узэрыпкӀэн мэшэ цӀыкӀуи къамыгъанэу зэфэдэкӀэ зэныбжь ашӀыгъ. Пшъэшъэ къэшъуакӀохэр зыдэщытыщт чӀыпӀэм бгъагъэр щагъэӀагъ.

Рампэс гощэшхом ыгъэнэфэгъэ мафэр къызэсым, хахьэрэр хэкӀуадэу Лаурстэныкъо Рэдэдыпщым имэфищ джэгу Мэзыбэ щырагъэжьагъ.

## V

Лэгъунэм Рэдэд къащэжьы заӀом, Айнарэ ыгу ӀэшӀу цӀыкӀу къызэхэушкъоегъагъэмэ, дисыгъэ пшъэшъитӀум нысакӀэм ынапи, ышъхьаци, щыгъи, техъуагъи гуӀэнкӀэ зэрагъэфэжьи, бгъуитӀумкӀэ зырагъэпкӀылӀэжьыгъ.

Къоданэ нэщх-гущхэу лэгъунэм ихьагъ, Рэдэди зыфэсакъыжьзэ ыуж ит. Мэщыкъуи зыкъыщаригъэнагъэп. Ӏупэщх макӀэр ыӀупшӀакӀэмэ арычъэзэ, Рэдэд шъэогъум фызэплъэкӀи, пшъашъэмэ аӀуплъэжьыгъ.

– ПчыхьэшӀу къышъокӀу,– Къоданэ лэгъунэм исмэ ариӀуагъ.

Пшъашъэмэ лӀымэ зэхах-зэхамыхэу джэуап къатыжьыгъ, ашъхьэхэри нысакӀэм ращэлӀагъэх. Айнарэ инэплъэгъу фабэ Рэдэд къыубытыгъ. Мэщыкъуи ардэдэм ыгу къыпыузыкӀэу Анысэт фегупшысагъ: «Сшыпхъу гуӀалэ мыщ фэдэ насып ыгъотыгъагъэмэ, дунэе мылъкум ыосагъ. Чэчанэ зыригъэгъэделагъэшъ, джы ыгу къигъыкӀэу щыс. Зэпыфэжьынба яӀоф? Къоданэ къыриӀогъагъэмкӀэ, акъыл къызфигъотыжьыгъэмэ, Анысэт блэӀэбыкӀынэпщтын...»

ПшъэшъитӀур лэгъунэм зекӀыжьхэм, Къоданэ къыӀуагъ:

– КъэтӀыс, Айнар. Гупсэ-гупсэу тӀэкӀу тызэхэжъугъэс.

– Хъугъэ, сыщэрэт,– Айнарэ ынэпӀэ шъабэхэр ридзыхыгъэх.

ГущыӀэхэу тӀэкӀурэ щысыгъэхэу, Къоданэ шъэогъум зыфырепльэкӀым, Мэщыкъуи къэтэджыжьыгъ.

– Чэщышlу къышъокlу,– зэгупситlумэ Къоданэ зафигъэзагъ,– шъуазыфагу илъ гукlэгъум хахъоу, уасэ зэфэшъушlыжьэу, тхьэмэ бэрэ шъущагъаI, лъэпкъ гумэкlэу угу илъым укlагъахь, Рэдэд, кlэсэн-кlэгъэкъон пытэ Айнари къыпфэрэхъу.

Айнар укlытэжьыгъэу ышъхьэ нахь лъэшэу риуфэхыгъ, нэплъэгъу разэр Рэдэд къыфехъохъугъэм пигъохыжьыгъ:

– Зэкlэми тинасып тхьэмэ кlыхьэ ашI, Къодан, тхьауегъэпсэу.

Мэщыкъуи къыIуагъ:

– Лэгъунэр заухыкlэ, унагъор рагъажьэ. Лаурстэнрэ Рампэсрэ шъо лъачlэ шъуфашlыгъах, пчэгъу чlэшъусэжьынэп, унэ шъушlыжьынэп. Гощэшхом ыгу нысэм хигъахъоу, хъярыр жъугъэбагъоу шъузэдэпсэунэу тесэIо.

Рэдэд нэшIукlэ Айнарэ фыреплъэкlи, зипIурым гушъхьэ мэкъэ фабэкlэ фешlушlэжьыгъ:

– Зы фашlэр гу гъэшlу, фэшlитlур гу гъэбыб, ащ къехъурэм уасэ иIэп, Мэщыкъу, зэрэбынэу сыжъугъэшlуагъ, сыжъугъэгушхуагъ. Ар сэ сщыгъупшэщтэп.

Зыгуи, зигупшыси зэхэлъ хъулъфыгъищыр Iэпэубытгъэкlотэжьыкlэ зэхэкlыжьыгъэх. Рэдэд пчъэр зыфешlыжьым, шэф остыгъэм инэф зэфишlызэ, пlIанчъэм къот Айнар ыпашъхьэ иуцуагъ. Iэ зырызкlэ Айнарэ ыIэпитlу ыубыти, пIэкlорым рищэлIагъ, пIэгум ригъэтlысхьагъэм готlысхьажьи, кlэзэзрэ пкъышъол псыгъор ыбгъэ чlэкlуадэу зэрифызылIагъ. Айнарэ ынэгушъхьэ къытырихырэ машIом Рэдэд ыгъэфабэу, ылъи ыгъэуалъэу заулэрэ щысыгъ, етIанэ ыIупшlэ гъэбжьыгъэ стырхэр къыгъотыгъэх... Айнарэ шъхьэр макlэу зэкlидзи, хьылъэу жьы къыщэзэ, лIым ыIаплlэ шъабэу зырихыжьи, псынкlэу къэтэджыгъ.

Рэдэд гуIэнкlэ зитlэкlыжьэу ригъэжьагъ, ылъакъохэр зеупцlэнхэм, ыпашъхьэ лэджэныпсыр Айнар ригъэуцуи, хьампIэIоу етlысэхыгъ.

– Ар озгъэшlэнэп, Айнар! – Рэдэд къэгузэжъуагъ.– Тяни ар тятэ фишlэщтыгъэу дэслъэгъугъэп. Зыкъэтlэкlи, къэгъолъыжь.

Айнар зиIэтыжьыгъ, зитlэкlын гухэлъи имыIэу, пIэкlор натlэр Iитlукlэ ыубытыгъ. Рэдэд шэф остыгъэр ыгъэкlосагъ. Айнарэ екlуалlи, ыкlыбыкlэ IаплI рищэкlыгъ, ыIитlу пIэкlор натlэм къыкlэрихи, джанэр щихынэу фежьагъ. Мэкъэ кlэзэз шъабэкlэ Айнарэ къеуцолIагъ:

– Ищыкlагъэп, сэр-сэрэу зыщысхыщт, о гъолъыжь.

РаIуагъэр ышIошъ хъугъэу, Рэдэд пIэм хэгъолъхьагъ, ыбгъэ дэгъэзыягъэу ишъузыкlэ плъагъэ, ау Айнар зигъэхъыещтыгъэп.

– Сыда адэ узпэтыр, уиIуагъэ гъэцэкlэжьба? – Рэдэд фэщэIагъэп.

Айнар иджэнакlэ Iитlукlэ ыубыти, ышъхьэкlэ зышъхьарихыгъ, цуакъэхэр зыщигъэпкlыхи, лъэпэдхэр зыщихыгъэх, макъи, лъакъи ымыгъэIоу пIэкlорым къыбгъодэхьагъ. Бгы псыгъо ищыгъэм Рэдэд ыIэ къыкlигъэчъи, къызгуигъэгъолъхьагъ.

– Мыдырэ пщыгъ заулэри ищыкlагъэп,– Рэдэд дэIэпыIэзэ Айнарэ щыгъыр зэкlэ зыщыригъэхыгъ, пкъышъол пцlэнэ стыритlур зэнэсыгъэх, зэщыщ хъугъэх, Iупшlэ фабэхэр зэрэгъэотыгъэх, Рэдэд ыIэпкъ-лъэпкъышхомэ Айнар ыпкъ псыгъо ачlэкlодагъ.

Щтэ-кlэзэзыр зыхэкlыжьи, шъузы хъугъэ Айнар ышъхьэ лIым ыбгъэ гупсэфэу телъыгъ, зыпкъ итэу Рэдэди ыгу джы къытеощтыгъэ.

– Гу къызыпфэсшlыгъэм щегъэжьагъэу сыкъыпфэщынэу, сыкъыпщыщынэу сэ къысфыхэкlыгъэ уахътэм ипчъагъэ тхьэмэ ащэхъу къыздишlэрэп,– Айнарэ Рэдэд ыбгъашъо Iэ щифэзэ, мэкъэ шъэбэ тIысыгъэкlэ къыригъэжьагъ.

– Укъысфэщынэнэу чlыпlэ Iаджми сарыфагъ, Айнар, ау укъысщыщынэнэу сытыгъужъ пшlошlа? – Рэдэд ыбгъэ пытэ сысэу мэкъэ Iэшlукlэ щхыгъэ.

– Блэкlыщтыр блэкlыгъах, Рэдэд, зытетыгъэ шъыпкъэр къэIожь, сыгу хэкlыщтэп. Апэ дэдэ Анысэтрэ сэрырэ язэу къыхэпхыщтыр умышlэу укъытфэгуитlугъэба? – Айнар ыIэнтэгъу зыкlигъакъуи, ышъхьэ къыIэтыгъ.

– Шъуитlу язи сизэфэдэу сыкъышъушъхьарыплъэу зесэгъажьэр арыщтын зыфапlорэр,– Рэдэд щхыпэ макlэр ынапэ зэрэтелъэу Айнарэ Iуплъагъ.– ШъуиIокlэ-шlыкlэхэм сакъыкlырыплъыщтыгъ.

– Ащыгъум орэп, сэ сызфэщынэжьэу езгъэжьэгъагъ,– Айнарэ ышъхьэ Iасэ лIым ыбгъэ тырилъхьажьыгъ.– Анысэт

сэщ нахь нэутхэти, удихьыхын сшӀошӀи, чэщрэ сымычъыежьэу сыхъугъагъ. Сипшъэшъэгъу гукӀэ сетӀэу, зи сфемыӀошъоу сыхэтыгъ.

– Адэ сэ ощ нахь шэнышӀо щымыӀэу къысщыхъущтыгъ,– Рэдэд джыри Ӏупэ шъабэкӀэ щхызэ, шъузым ышъхьац хэӀэбагъ.– Анысэт къилъэтыгъаӀоу зэрэзекӀорэм псынкӀэу гу лъысти, уадэжькӀэ зыкъэзгъэзэгъагъ. Мы чылэшхом гукӀэ сыщылъыхъуагъэми, пшъашъэхэр зэпэсплъыхьагъэхэми, о къыппэсшӀын къахэзгъэкӀыщтыгъэп.

– Апэ ибэ хъураеу сыкъызэнэм, сэщ фэдэ тхьамыкӀэм Рэдэд еплъыжьынэп сӀуи, сыкъэщтэгъагъ.

– ШӀулъэгъум тхьамыкӀ-бэгъуагъэ иӀэп, Айнар,– теубытагъэ хэлъэу Рэдэд къыӀуагъ.– Гур зыдэщыӀэм нэр мэӀабэ, псэр макӀо, къыодэӀужьхэрэп.

– Ар шъыпкъэ. Ори укӀодыгъэу, сэри сизакъоу унэм сыкъызенэм, гощэшхор къызэрэслъыкӀогъагъэм изакъоп, цӀыфмэ аӀощтым семыплъэу слъакъомэ шъуадэжь сыкъахьыгъагъ... Къызысэбэнхэм, Колэс икъэлэпчъэӀу нахь чыжьэу самыхьыгъагъэми, ахьыгъацӀэр стеӀукӀыгъэмэ, сыщыбгъэзыен сшӀошӀэу сыгу кӀодыгъагъэ. Гощэшхор ары мыхъугъэмэ, зыгорэ зэсшӀэжьыным сынэсыгъагъ.

– ШӀулъэгъу зышӀырэм лъэгъукӀэ ышӀэжьрэп, Айнар. Ау сиакъыл чӀэсынэу уахътэ къысэкӀугъэп. О лажьэ уимыӀэу, сыдэущтэу ӀэкӀыб усшӀыныя?

– Сэ лажьэ симыӀагъэр шъыпкъэ. О кӀуачӀэу, лӀыгъэу уиӀэр уиӀэу лажьэр зытефагъэм сыдэу хъумэ фэбгъэгъугъа? – Айнарэ къыхихэу къызэшӀотӀысхьэжьыгъ, джэнкӀэко пӀуакӀэр къышти, зыщилъагъ.– ТикӀэлэгъу бзэджэгъуми ощ нахь пхъашэ ахэтыгъэп. Джэгугъом мыщынэрэр зэогъуми щынэрэп.

– КӀуачӀэкӀэ зэкӀэ къыдэпхынэу щытыгъэмэ, зи езгъэӀоныеп, Чэчани, игъусэхэри зэшӀосыутыни,– Рэдэди къызэшӀотӀысхьагъ.– Сыда мыр зызкӀыщыплъэжьыгъэр?

– Уапашъхьэ пцӀанэу сисына... Сыд адэ къызфэбгъэнагъэр?

– КӀуачӀэми акъыл ибгъэгъусэмэ, нэужым укӀэгъожьыщтэп, Айнар. А пчыхьэми, блэкӀыгъэ тхьэмафэми Чэчанэ игъусагъэхэм ащыщ къысӀэкӀэфагъэмэ, пцӀы хэлъэп, апсэ згъэгъущтыгъэ. СызкӀэжъукӀыжьым, бэ къыдэслъытагъэр.

– А зыцӀэ къепӀуагъэмкӀэ зыпари къыдэслъытэнэу сыфаеп. Тэ, бзылъфыгъэхэм, гу зытшӀыкӀэ, шӀуми, еми, зэблэтхъужьрэп.

– Сипхъэшэ цӀыкӀу...– Рэдэд зэхихрэр ыгъэшӀагъозэ, нэшӀукӀэ Айнарэ еплъыгъ.

– ШӀу слъэгъурэм машӀом сыдыпэхьащт, слъэгъу мыхъурэм машӀор жэхэстэкъощт,– лӀым къыфидзыгъэм Айнарэ пымылъэу игущыӀэ лъегъэкӀуатэ.– Ар етӀани мыукӀытэу, мыщынэу уапашъхьэ къехьэ...

– Уимысагъэ зыдэпшӀэжьыныр лӀыгъэм щыщ, Айнар.

– Бгъэжъым рихьыжьэгъэ чэтжъыеу Нахьлъэшыжъым къыкӀэзыжьыгъэу ышъхьэ зыдихьыжьыщтыр ымышӀэу дунаим тет. ШӀу зыгу имылъым ылъэ кӀэзы.

– Ори Анысэт фэбгъэгъугъ, сэри Чэчанэ сыгу егъу, Колэс ихьатырми... А нэбгыритӀур зэфэдэ хьазыр, цӀыф псынкӀэх, къилъэтыгъэх.

– О уишъэогъур сшӀэрэп, сшӀэнэу сыфаеп, ау Анысэт ихъяр макӀэ, игухэкӀ бэ, ышъхьэ къыухъумэжьын ышӀагъэп.

– Насыпым къымыхьмэ, псы гъуаткӀоми уитхьалэщт. Хъугъэ, Айнар, ахэмэ тарымыгъэгущыӀ, тыгъэгъолъыжь...– джэнэ пӀуакӀэр щихыжьи, Айнар ыӀаплӀ илъэу Рэдэд зигъэукӀорэижьыгъ.– Джыри сыд укъызэрэсщыщынэщтыгъэр?

– Зы унэ тызэдис зэхъум, сыпӀуупӀэ къэс сыкъыкӀащтэщтыгъэ. Сыришыпхъум фэдашъокӀэ къысэплъы хъугъа мыр сӀоти, загъорэ сыгу дэлъыр къысфыдэчъыщтыгъ шъхьакӀэ, скӀуачӀэ къыхьыщтыгъэп.

– КъысаӀорэм семыдэӀоу сизакъоу шакӀо сыкӀозэ, шъуизакъоу шъукъэзгъани, тхьэмэ ашӀэ шъугу дэхъыкӀыгъэр.

– Сигупшысэ ухэмылъэу зы нэгъэупӀэпӀэгъуи къысэкӀугъэп, Рэдэд. Ау сыд заӀуи, ущымыӀэжьыр стхьакӀумэ къизгъэхьагъэп, гугъэм сиӀыгъыгъ.

– Нахьлъэш цӀэплъыжъыр Чэчанэ ышъхьэ къитӀысхьи, сыщымыӀэжьэу ышӀошъ ыгъэхъугъ, ары хэзгъэукъуагъэри,– Рэдэд джыри зэрэгущыӀэщтыгъэм къытыригъэзэжьыгъэти, Айнарэ ыдагъэп:

– Ахэмэ ацӀэ зэхэсхынэу сыфаеп! Колэс апэ итэу къызэрэплъыхъущтыгъэхэм гощэшхоми, сэри тыгу иныкъашӀыщтыгъэ, тигугъэ къыхагъахьощтыгъ. Дышъэр къы-

зщычӀахырэми щылъапӀ, Рэдэд. О модэ хымэ хэгъэгум ущыӀэу, мыдыкӀэ узщыщхэр къыпфэгуӀэхэу уауж зэритыгъэхэр зымыуасэ щыӀэп. Гощэшхоми къэзгъэшӀэщтым сыфэраз, иакъыли, игупшыси къысхилъхьагъ, сянэм фэдэу къысшъхьащытыгъ, сыд заӀуи, тиунэ цӀыф къыригъэхьагъэп, ригъэкӀыгъэп.

– Сэщ пае тянэ Ӏаджи ащыгъум ыгъэхъагъэба?

– ГущыӀэ Ӏае ыжэ къыдэкӀэу цӀыф зэхыригъэхыгъэп. ЛӀы хые зыубытырэм, лыгъэ хэлъэп ыӀощтыгъэ нахь, къыригъэхъугъэп... Щыгъэт! – Айнарэ исэмэркъэуи, ишъыпкъи зэхэтэу Ӏэбжым цӀыкӀукӀэ лӀым ыбгъэ теуагъ.– Мыхъун горэ къэсэбгъэӀон оӀошъ, сыогъэӀорыжъоры. Гощэшхом сшъхьэкӀи, сыгукӀи сызэрэфэразэр, тхьэмэ апашъхьэ сибгъэуцуагъэми, къэсӀон. ЛӀы пытэм янэ гъырэп, пшӀагъа?

– Тэрэз, тэрэз, тилӀыгъэ къымыхьрэр тинасып къерэмыхь, сэ кӀуачӀэ къысэзытыгъэр силъэпкъ сызэригъэгушхуагъэр ары,– Рэдэд ыӀэгушхошхохэр шъуз цӀыкӀум ыкӀыбышъуи ыбгъашъуи аригъачъи, ычӀэгъ чӀиубытагъ...

ЛӀыри, шъузыри хьылъэу жьы къащэзэ, тӀэкӀурэ щылъыгъэхэу гупсэфыжьыгъэх. Айнарэ къэлъэӀуагъ:

– Икъугъ, Рэдэд, сыпшъыгъ.

– Дэгъу, зыгъэпсэф,– Рэдэд шъузыр ыбгъэ кӀиубытагъ.– Рэхьатэу чъые.

Шъузым ышъхьац хэпӀэжъэжъыхьэзэ зыӀоплъэм, ыӀупшӀэ гъэбжьыгъэ Айнарэ къыӀузыжьыгъэу, сабыим фэдэу чъыещтыгъэ. Ау ар лӀым къышӀошӀыщтыгъэр ары, зытет шъыпкъэмкӀэ, зэхъопсэжьэу, лантӀэ хъугъэ пкъынэлынэр ыгъэхъыеным фэмыеу, ышъхьэ егупшысэжьыщтыгъ: «Гощэшхор мыхъугъэмэ, къысэхъулӀэщтыгъэр тхьэмэ анэмыкӀ ышӀэрэп. Рэдэд гъэрыпӀэм къэтыфэ унэ нэкӀым сизакъоу сисыгъэмэ, хъун ылъэкӀыщтыгъэм сегъэтхытхыжьы. Бзэджэжъ горэ чэщым къыстеоу сиуцӀэпӀыгъагъэмэ, Дэхапсэ фэдэу сыкъырaӀухэу, къысӀуплъэрэм сшъхьашыгу къиплъагъэкӀэ ылъытэу, чылэм сыкъыданэщтыгъэ. Мары, Дэхапсэ нахь пшъэшъэ дахэ Мэзыбэ дэсыгъэп. Ежьыри ар зыдешӀэжьыти, зэкӀэ хъулъфыгъэхэр къыдекӀокӀынхэ фаеу къышӀошӀыщтыгъ. Дахэу раӀорэ пстэури ышӀошъ ыгъэхъузэ, ежь-ежьырэу ышъхьэ ыгъэунэзэжьыгъагъ. Джы къызнэсыгъэми чэтышъхьэ унэзагъэм фэдэу чылэм дэс. Сэ сылӀэнкӀи, Рэдэд фэшъхьаф къызнэзгъэсыныеп, ау лӀы кӀочӀэшхожъ горэм уизакъоу узиубытыкӀэ, сыд пшӀэжьыщт? Ары Рампэс гощэшхор зыгъэгузэжъогъагъэр. Ыкъо къызэрэсфаер, сэри шӀу зэрэслъэгъурэр ащ блэпхын плъэкӀына, къызэрэпӀуплъэу, угу илъыр къешӀэ. Сэри сигуащэ фэдэ сымыхъумэ, Рэдэд чылэм ипщы къодыеп, зэрэлъэпкъэу апэ рагъэуцуагъ. ЛӀышӀу-лӀыпщыхэр тихьакӀэщ щызэблэкӀыщтых, гущыӀэгъу къысфэхъунхэри ахэмэ къахэкӀыщт, Рэдэди игупшысэ-гухэлъхэр къысихьылӀэщтых, иакъыли, игупшысэми садэхъун фае... Ар сфэукӀочӀына сфэмыукӀочӀына?»

Уасэ зыфишӀыжьмэ щигъэзыежьзэ, Айнарэ чъые ӀэшӀум хилъэшъуагъ. Мафэм ынэгу кӀэкӀыгъи Айнарэрэ ежьырырэ чэщым аӀуагъи ышъхьэ щызэпэкӀигъэкӀыжьэу Рэдэди щылъыгъ. Шъуз цӀыкӀур загъорэ чъыем хэтэу къэтхыощтыгъэ.

«ГъэрыпӀэм сызыщэӀэм, мы Ӏуб цӀыкӀум гукӀэгъоу фэсшӀыгъэр ары сыгу зымыгъэкӀодыщтыгъэр,– Рэдэд зэриӀожьыгъ.– Нэм пэчыжьэми, гум пэблагъэм кӀуачӀэ къыпхелъхьэ. ЕтӀани сшӀогъэшӀэгъоныгъэр, Айнарэ сыгу къыпылъадэ къэс тикъушъхьэбг тет чъыг псыгъо зандэр сынэгу къыкӀэуцощтыгъ. СлъэгъужьыгъакӀэм фэдэу сеплъызэ, Айнарэ ынапэ къыхэщэу къысшӀошӀыщтыгъ, ыпкъи, ылъэкӀапӀэхэри хэслъагъощтыгъэ. Сагъэбанэ къэс, сыгу макӀэ къызыщыхъурэм, Айнарэ сынэгу къызэрэкӀэуцоу, кӀуачӀэ къысхэхьажьыщтыгъ, ыгу цӀыкӀу къысфэбыбыти, къысэӀушъашъэщтыгъэ: «ШӀу сыолъэгъумэ, атекӀуи къэкӀожь, сэ сыкъыожэ, згъэшӀэщтым сыкъыожэщт». А лӀы шӀуцӀэшхом сшъхьэ къызегъэзэуназэм, Айнарэ ымакъэ зэхэсхыгъагъ сшӀошы нахь сшӀэрэп. Ары, лыгъэшӀапӀэ лӀы икӀуадэрэп. ЛӀыгъэми гугъэр игъусэжь зыхъукӀэ, плъэкӀ къыхьыщтым гъунэ иӀэп. Оры, синэгуф цӀыкӀу, ащ фэдиз кӀуачӀэ къысэзытыгъэр. АдыкӀэ узфыхэгубжыкӀырэр армэ, Чэчанэ сэ ӀузгъэзыкӀын слъэкӀыщтэп, дэхэӀогъэ бащэ тазыфагу илъ. Нахьлъэш цӀэплъыжьым иӀоф шъхьафы, пыим узыщыӀукӀэрэр ипӀалъ...»

Айнарэ ошӀэ-дэмышӀэу къыкӀэщтагъ, Рэдэди къыкӀигъэпкӀыгъ:

– Сыд къэхъугъ?

– ПкӀыхьапӀэ Ӏае слъэгъугъэ,– Айнарэ хьылъэу хэщэтыкӀызэ, лӀым пытэу зырищэкӀыгъ.

– Зэ къэІуати. Сыд фэдэ пкІыхьапІ?
– Хъугъэ, етІан.
– КъэмыІоу узгъэчъыещтэп.
– Шъофым тызэдитэу, уашъор ыупІыцІэзэ, бгъэжъышхо къытшъхьарыуагъ,– джыри нахь лъэшэу Айнарэ Рэдэд зырифызылІагъ.– А дыдыд, сыдэу щынэгъуагъэ ар! О чатэмкІэ ор дэпшІэхыгъ, сэ уакІыб сыдэт. О уео, уео шъхьакІэ, гъучІым хэшІыкІыгъагъэмэ сшІэрэп, чатэр хахьэрэп, ылъабжъэхэр къыпхигъани, урихьыжьагъ. Сэ сэкуо – сымакъэ къикІырэп, убг сІыгъ. Ори, сэри чІыгум тытырихыгъэу сыкъэлъэтагъ. Ох-ох, сыгу жьы къыдэхьажьыгъ…
ПкІыхьапІэр къызэриІотэжьрэ макъэр нахь макІэ хъузэ, Айнарэ хэчъыежьэу ригъэжьагъ, ыгупэ дэпкъым фигъази, гупсэфыжьыгъэ. Ащ ыуж тІэкІу тешІагъэу, гумэкІ-бырсырхэр щагум къыдэІукІыгъэх. Макъэ ымыгъэІоу Рэдэд къэтэджи, псынкІэу зифэпагъ, иІэшэ-шъуашэхэри бгыкъужъыемэ къапихи, зыгуилъхьагъэх, унэм икІыгъэу Агъбан къыпэгъокІыгъ.
– Сыд къэхъугъ, Агъбан?
– ГумэкІыгъошхо щыІэп, зиусхьан. Модэ, чылэпшъэ гъунэмкІэ, шыу нэгъуаджэхэр къыщылъэгъуагъэхэти, Мэщыкъо байколхэр игъусэхэу алъежьагъ. Нахьлъэш цІэплъыжъым зыгорэхэр къызэхелъашъокІэ сенэгуе.
– АркІэ сыгугъэрэп,– Рэдэд ухъумэкІо нахьыжъым дыригъэштагъэп.– ХьакІуцухэр къэбарыхьэ къэкІогъагъэхэкІэ пшІошъ гъэхъу. Тыгу афыхэлъыр ашІэрэпышъ, зэгоутых.
– Ар нахь шъыпкъэнкІи хъун,– Агъбани къезэгъыгъ.
– Олъэгъуа, чэщ зытІущым тызэрэплъырыгъэм ишІуагъэ къэкІуагъ. Джары сэ дзэ теубытагъэ тиІэн фае зыкІасІорэр. ДзэкІолІ пэпчъ иунэ илъэу, ичылэ дэсэу мэчъыекІэ, дзэ сиІ пІо хъущтэп.
– Апэрэ мафэми сэ ащкІэ къыбдесэгъаштэ, зиусхьан,– Агъбан къызэрэфэшъыпкъэр джыри ымакъэ къыхэщыгъ.– Типщышхо ухъумакІохэр иІэн фай сІоу къаигъэ сымышІыгъэхэмэ, зыми ыгу къэкІыщтыгъэп. Чэщым пыир къекІокІы. Чъыягъэрэ лІагъэрэ зэфэдэ. Учъые пэтзэ цІыф бзаджэ къызыпшъхьарыхьэкІэ, иныжъ кІуачІэ пхэльми, пкІэнчъэ мэхъу.



– Тэрэз, Агъбан, тэрэз, тызыфэсакъыжьын фае. Хъурэ щыІэмэ, мэкъэнчъэ сымышІ.
Рэдэд къызэрегъэзэжьэу, гощэшхом ІуупІагъ.
– Сыд, тян, лъэгуцым узфытетыр? – укІытэжьыгъэу Рэдэд ышъхьэ къыпхъотагъ.
– Сэри гумэкІ макъэм унэм сыкъырищыгъ. Уаим щымыІэмэ, дэгъу. А сикІал, неущ сымыІожьэу, непэ сыгу римыхьыгъэр къыоСІощт.
– Мыхъун сшІагъэу зэхэпхыгъа? – Рэдэд ымакъэ кІигъэплъыкІыгъ.
– ПшІагъэр арэп, пІуагъэр ары нахь къысэмыкІугъэр,– Рампэс ымакъэ ыгъэшъхъыгъ.– Хьакъарэ ыкъо къыоуцуалІэмэ, ыжэ къыдахьэрэр къызэребгъаІоу…
– Адэ ыжэ скудэна?
– Ыжэ кудэ сІорэп сэ,– ным узэрэдэгущыІэн фаер ымакъэкІэ гуригъаІозэ, Рампэс ыкъо еІэсэкІыгъ.– ГущыІэ лые запІорэм о зыфэмыІорэ къыуиІожьыщт. «Сятэ ылъ шъумышІэжьышъуцтмэ, сэ хьакІуцумэ сякІуцт» зеІом, зи емыІожьэу укъыІукІыжьын фэягъ. О уенэкъокъоу ууцужьи, «Нахьлъэш цІэплъым шъущэщынэмэ, сипаІо шъосэты» къызэребгъэІуагъ. Ори «уипаІо зыфэшІу хъущтым ет, сэ сщыфэщтэп» епІожьыгъ.
– А тян, Хьэкъарэ зыфэдагъэр пшІэщтыгъэба? – Рэдэд къыхихыгъ.– Тым ишэн мафэм зэ ыкъо къыхэфэ.
– ПІощтымкІи, пшІэщтымкІи зыдэплъыхыжьызэ шы, сикІал. Чылэми уряпщ, лъэпкъыми пщышхокІэ ыпэ урагъэуцуагъ. Тыдэ ущыІэми, ар зыщымыгъэгъупш.
– Дэгъу, тян, сызфэсакъыжьын,– Рэдэд ымакъэ янэ ыпашъхьэ зэрэщиІэтыгъэмкІэ кІэгъожьызэ, къызэреушъыигъэм шъыпкъэ зэрэхэлъымкІи еуцолІэжьыгъ.
– Ар оІо шъхьакІэ, нынэ, къыосІуагъэм къыпхыригъэхыгъ.– Ным фэшъхьаф лъфыгъэм хэзымылъэгъощт гуцафэм къыригъэІуагъ.– Узигупсэм ыпсэ къыпІуелъхьэ, уидагъо уегъэлъэгъужьы, узиджагъом уакІыбыкІэ щеІотэжьы.
Пчэдыжь горэм, Рэдэд къынэсыгъэ Іэ шъабэмэ къагъэущыгъ:
– Ора, Айнар, сыдэу жьэу укъэтэджыжьыгъа? – фэпэжьыгъэу къышъхьэрыт шъузым Іугушіуагъ.

– Ори къэтэджыжьи, пIэр сэгъэштэжь,– тхьагъэпцIышъо гушIопс нэгукIэ шъуз ныбжьыкIэри лIым Iуплъагъ.– Нысащэр зытекIыкIэ, лIымэ хьакIэщыр зэгъокIы ашIырэп, зымафэ гощэшхом къысиIокIыгъагъ.

– Ащыгъум къыуиIокIыгъэп ныIа, къыуиIогъап нахь.

– Гощэшхом зыпари занкIэу къыIорэп, умыделэмэ, къыбгурыIонэу къыуеIокIы.

– ЗэрэпIорэмкIэ, ори уделэп?

– Сыделэмэ, сыкъыбдэкIоныя? – Айнарэ щхызэ, IэплъэкIыр ытамэ тыридзагъ.– Гощэшхор къэмытэджызэ, псы тIэкIу унэгу кIакI.

Рэдэд ичъые имыкъугъэми, къызхимыгъэщэу, IэпсынкIэ-лъэпсынкIэу къэтэджыжьыгъ. Шъузым IаплI фабэ рищэкIи, зитхьакIыгъ, зифэпэжьыгъ.

Iэнэ ужым, хэгъуашъхьэм щытезекIухьанэу байкол шыухэр зигъусэхэ Рэдэд пщышхор щагум дэкIыгъ. ТIэкIурэ кIуагъэхэу, гум къэкIыжьыгъэмкIэ Рэдэдыпщыр къызэупчIэкIыгъ:

– Зычэщрэ бырсырым сыд кIэух фэхъугъ?

– Шыу нэгъуаджэхэр дгъотыгъэхэп, зиусхьан,– Мэщыкъо къыриIожьыгъ,– кIэсаIоу ауж тихьагъ, къушъхьэ мэзым зыхагъэкIодэжьыгъ.

Рэдэд зыгъэгумэкIыщтыгъэм кIэупчIагъэу едэIущтыгъэми, шъхьэм къыфихьэщтыгъэр нэмыкIыгъ. Шхэгъу ужым Айнарэ къеIэсэкIызэ, къызэредэожьыгъагъэр ынэгу къыкIэуцожьыгъ, игуапэуи зэриIожьыгъ: «Насыпыр шъузым къыдэкIо аIошъ, сэри, тилIакъокIи, тилъэпкъкIи тхьэмэ насып тфашI. Ыныбжь емылъытыгъэу акъыл иI. Плъэгъурэба Мэщыкъо пае къысиIуагъэр! Благъэр къурэ шъхьапэ къыпахырэп. Мэщыкъо уепэгэкIэу, уипый благъэ фэмышI еIо. Тэрэз. Сэри сэшIэ Мэщыкъо ышыпхъу Анысэт зэрэфэмыдэр: лIы гъэтIылъыгъ, цIыфыгъи, лIыгъи хэлъ, шъыпкъагъи къыздыриI, ау изэшIокI макIэ. Ежьыри ар зыдешIэжьы. Дзэ пэщэ IэнатIэм зэрэтесщыгъэр ыгу хэмыкIыгъэуи сIорэп, ау къызхигъэщыгъэп, сшIагъэр зэрэтэрэзым ежьыри нэужым еуцолIэжьыгъ. Мэфэ заулэм Къоданэ зэпигъэфагъэр ылъэгъугъ. Тэ тызэгурыIожьыщт, Айнар, умыгумэкI, слъэкIэу сишъэогъумэ ащыщ ыIэбжъэнакIэ згъэузыщтэп, ежьхэри джащ фэдэу къысфыщымытыжьхэу сашIокIыщтэп...»

«ШъузышIу зиджэхашъо тетым пытапIэ ыкIыб дэт,– Колэс тхьамэтэ мафэр ренэу ыпхъу зэреушъыищтыгъэр Рэдэд ытхьакIумэ къиIожьыгъ.– ШъузышIум илI цIэрыIу, шъуз бзаджэм илI цIэIужь, зыфэсакъыжь, лIыми фэсакъ...»

ЦIыфмэ ахэхьащтми, ахэкIыщтми, сыд ыIощтми ышIэщтми, къызэмыплъэкIыжьынэу Рэдэд ыкIыб пытапIэ зэрэщигъотыгъэм къогушхукIэу, ипщыунэ-щагу зэхэт нэшIукIэ шъхьарыплъагъ.

## VI

ЧъыIэбжьыр нэгум къеIэ, мафэр къызэкIэкI къодый.

Байкол шыу купмэ апэ итэу Рэдэд пщы щагум зэрэдэкIырэр Рампэс гощэшхом ыгу рихьыгъэп, кIэлъыплъэзэ, егыигъ: «Нэф къэмышъызэ, сыд гузэжъогъуа узхэтыр? Зыгорэ зыIуригъэлъхьанэу нысэ цIыкIум ыгу къэмыкIыгъэмэ, джы зи есIонэп, ау къэтэджыжьымэ, сеушъыин. Тыгъопчыхьэ тызэрыгущыIагъэхэр арын фай езыхьыжьагъэр. Нахьлъэш бзэджэ-наджэм лыешхо къырихыгъ, хэгъэгу Iофэу кIалэм рихьыжьагъэхэр дэхэкIаеу зэригъэпцIыгъэхэу ахиути, пэкIэрыкIэу Iофым пылъын къэнэжьыгъагъэп. Колэс тхьамыкIэри, Темрыкъуи, Къодани, нэмыкIэу узщыгугъыщтхэри Рэдэд лъыхъухэу ежьэхи, хэгъэгу зэхэщэныр Iэпэдэлэл ашIыгъагъ. Сэргущэм ар зэхасшIэщтыгъ, ау сыдэущтэу шъуипщ шъулъымыхъу ясIоныя. ЕтIани илъфыгъэ нахьи хэгъэгу Iофмэ нахь агъэгумэкIы язгъэIонэп сIозэ, сыгу зэгоутэу сыщысыгъ. КIо, джы тхьэмэ игухэлъ къыдагъэхъун...»

ШхыншIэщымкIэ къикIыжьрэ нысакIэр гощэшхом инэплъэгъу къифагъ, игупшысэ-гумэкIхэр щигъэгъупшагъ, зыримыгъэлъэгъу шIоигъоу шъхьаныгъупчъэм къыIукIыжьыгъ, ау къызэрилъэгъугъэм ишыхьатэу, ардэдэм пчъэ макъэ къэIугъ.

– Сыкъиихьэ хъущта, гощэшху? – пчъэ тIуакIэм Айнарэ къыдэплъыгъ.

– КъакIо, къакIо, сипшъашъ,– фэчэфэу пэгъокIыгъ Рампэс.– Нэф мышъэу шхыншIэщым сыда щыпшIагъэр?

– Пщыр ошхэфэ сыкIэрысыгъ.

– Сыд рагъэшхыгъ?

– Щэдэпс Iапс фабэ фэшъхьаф хэIагъэп.

– Щэдэпс фабэ зыныбэ илъым чъыIэр зэхишIэрэп,– ыкъо гунэкIэу зэрэмышэсыгъэр ным игопагъ.– Тыдэрэ лъэныкъо ыгъэзагъ?

– МыутIэ чылэхэм ахэхьанэу ыIуагъ, етIанэ зыххэр, тэ тичылэхэм ахэмэ ауж алъыIэсыщт. Хэсашъхьэм иугъоин ишъыпкъэу ыуж ихьагъ.

– Лъэпэ мафэ ахихьанэу титхьэмэ сялъэIу,– гощэшхор ыкъо фэлъэIуагъ.– ПIэр пштэжьыгъа, нынэ?

– Сыд иштэжь, гощэшху,– Айнарэ IугушIукIыгъ,– пIэкIорым бгъусыр къесхъухыжьи, ежь зегъэхьазырыфэ, джэхашъоми сытеIэбагъ.

– Ахэр зышIэн нэбгырэхэр мы унэм исых. О пшъхьэ зэрэзэхэпхыщтым пылъ, апэрэ мафэхэм лIым зызэреб- гъэлъэгъурэм елъытыгъ гоу къыпфишIыщтыр, зыгъэдах, зыгъэкъабз.

– Дэгъу, гощэшху,– Айнарэ плъыжьы къэхъугъ,– сиIофхэм ауж сихьан.

– Сыд Iофа? – кIэлъиIожьыгъ Рампэс.– Зыгъэпсэф, чъыер къыпщыкIэмэ, шъор Iае мэхъу.

Мэфищ джэгум ыуж тешIэгъэ мэфэ заулэм Рэдэд ыIуагъи, ышIагъи гощэшхом ынэгу къыкIигъэуцожьыгъ, лъэбэкъу пхэндж ыдзыгъэу, гущыIэ мыхъуни ыжэ къыдэкIыгъэу къыгъотыгъэп. Мэфибл джэгур зымыдагъэр лъэтемытэу иIофхэм ауж ихьан шIошIыгъ, ау къэзыщэгъакIэр Iуфэфыкlэу, къыщымышIэжьэу къежьагъ аригъэIуагъэп, яни, Колэси, нэмыкIэу зытефэхэрэми укIытапкIэ афишIи алъэхэхьагъ, чылэми хэхьагъ, хэкIыгъ, «уипаIо мафэ» къезыIохэрэми а мэфэ зэхэтхэм щагъэтыжьыгъ.

«Джы сыгу псэфыгъэ,– Рампэс ыIитIу зэтелъэу пIэкIорыгум итIысхьэзэ зэриIожьыгъ.– Пырамыбжь мэшъхьалъэ, шъхьадж ылъэпкъ еожьы aIуагъ. Рэдэд лIыпкъым зеуцом, ятэ фэдэ хъугъэ, иакъылкIи, ишэнзэтеткIи, иIокIэ-шIыкIэхэмкIи Лаурстэн тхьамыкIэр сыгу къегъэкIыжьы. Ар Колэс къысиIо зыхъукIэ, сыщхыщтыгъ: «Е-о-ой, Колэс, ятэ фэдэ мыхъуми, иIэпэ-цыпэ горэхэр къыхафэми, сезэгъын». ЛIыжъыр чыжьэрыплъэу къычIэкIыгъ, ипхъорэлъф Чэчанэ зэрэпылъыгъэм нахь мыбэмэ къыщимыгъакIэу, фэлъэкIыщтыр къыфишIагъ. Сыд шъуIуа Чэчани икъэбар? Нахьлъэш бзэджашIэм емыкIодылIэгъагъот. Сыд Iо фаеми, сикIалэм фэдэу Рэдэд къыдэтэджыгъ...»



Рампэс гощэшхор чэщыми мыгупсэфыгъэу, жьыпсэу къэтэджыгъагъэти, зэрэужъэжьыгъэр зэхишIагъ, пIэм зыхигъакIи, гупшысэмэ ахэтзэ, хэчъыежьыгъ.

Пчэдыжьыышхэр зытекIым, гощэшхом икъэмылъэгъуакIэ ыгъэгумэкIэу джэхэшъотет пшъашъэр гощэ цIыкIум лъихьагъ, Айнарэ зиIэти, гощэшхом иунапчъэ зыIуехым, Рампэс къыззэшIотIысхьагъ.

– TIэкIу сышъхьаукъэжьыгъэмэ сшIэрэп,– Рампэс зиухыижьыгъ.

– Пчэдыжьыышхэр шIукIae шIагъэ зытекIыгъэр, гощэшху,– Айнарэ шъабэу IугушIукIыгъ,– сыгумэкIэу сыкъыплъихьагъ.

Джэхэшъотет пшъашъэм къумгъан-лэджэныр къыгъэсыгъ, Iанэри къычIахьагъ. Гощэшхом ышхыгъэ щыIэп, чэтылыми, щыпсыми нэсыгъэп, сикIалэ мырэу ыгу рихьыгъэм сэри сеплъын ыIуи, щэдэпсыр игуапэу ышхыгъ. Iанэри Iуахыжьи, изакъоу унэм къинагъэу, шъхьаныгъупчъэм зеплъым, щагум къыдэхьэрэ бзылъфыгъэм къыгъэтхьауягъ:

– Сыд мы мыгъо цIыкIур къытфэзыхьыгъэр? – Рампэс ымакъэ тIупщыгъэу хэгубжыкIыгъ, псынкIэу унэм икIи, джау сыдми зэIууп Iагъэхэ шIуигъэшIызэ, щагу гузэгум иуцуагъ: – Сыд, Анысэт, узгъэгумэкIрэр?

– ГумэкIыгъокIэ сыкъэкIуагъэп, гощнан,– ынапIэхэр ыгъэупIапIэзэ, тхьамыкIашъо теоу Анысэт къыIуплъагъ,– гушIуакIо сыкъэкIуагъ. Нысэ мэфэ шъыпкъэ тхьэмэ пфашIынэу сыпфэлъaIо, шъуинасып зэхэлъэу бэрэ шъущагъaI.

– Тхьэр разэ къыпфэхъу, Анысэт,– нэплъэгъур Рампэс ридзыхи, щыбэ кIыIутелъ кIаком чIэлъ IитIум яплъыгъ, зыгорэ зэриIыгъым гу лъитагъ.– Сыд джыри?

– Айнари сыфэгушIо сшIоигъу,– Анысэт къэгуIагъ.– Дахэ щэхъу есIощтэп, гощнан, мы уашъор сишыхьат. Симысагъэ зыдэсэшIэжьышъ, къысфигъэгъунэуи селъэIущт.

– Муары, гощэ нахьыкIэр иунэ ис,– Рампэс фэмычэф шIагъоу Анысэт риIуагъ.

ИлIы ицыешхъо чыIухэр ыгъэпытэжьэу Айнарэ щысыгъэти, Анысэт къызелъэгъум, цыер ыбгъукIэ ыгъэтIылъи, ышъхьэ къыпхъотагъ, ынэгушъхьэмэ лъыр къяуагъэу

къэтэджыгъ, ау жыыкъэщэгъу римыгъафэу Анысэт къыӀуагъ:

– Сыгу къыздеӀэу сыпфэгушӀо, Айнар, пщы гуащэ ухъугъ. Унэгъо кӀыхьэ тхьэмэ уашӀ. ОркӀэ сымыс, къысфэбгъэгъунэу сыолъэӀу. Сэ сынапэ зытесэхыжьым, бэмэ сягупшысагъ. Орырэ сэрырэ тазыфагу илъыгъэ гукӀэгъум нахь тхъагъо сигъашӀэ къыхэмыфагъэу хэсхыгъ. Ащ къыгъэзэжьыным сыщыгугъырэп, ау къысфэбгъэгъунэу сшӀэмэ, сыгу мыжъоу телъым ари хэкӀыщт. СыолъэӀу, Айнар…

Айнарэ зэхихыгъэм ыгу къыгъэжъугъ, зэхишӀэзэ, ышъхьэ лъэу къеогъагъэр ехыжьэу ригъэжьагъ, зэкӀикъуузэгъэгъэ ӀэмычӀэ цӀыкӀухэр ыгъэлэнлэжьыхэзэ, къеджэуапыжьыгъ:

– Сэ къэзгъэшӀэгъэ тӀэкӀум слъэкӀэу цӀыф ыгу хэзгъэкӀыгъэп. АрынкӀи хъун тхьэхэр къыкӀысфеплъыхыгъэхэр. Гужъ къыпфысиӀэп, Анысэт, къыпфэсэгъэгъу, ау нахьыпэм сыкъызэрэпфыщытыгъэм фэдэ сыхъужьыщт сӀомэ, усэгъапцӀэ. Чатэм пиупкӀырэр мэкӀыжьы, гум фэхъугъэ тыркъор къыхэузыкӀы.

– Джы къэзгъотыгъэ акъылыр сиӀагъэмэ, Айнар…

– Жэм пиупкӀырэр зэрэмыкӀыжьрэм уегупшысагъэп, Анысэт,– пшъэшъэгъум игущыӀэ Айнарэ ӀэкӀихыгъ.– Акъылыр кӀэсаӀоу къэбгъотыжьыгъэми, къыпшъхьапэп. СыушъэфырэпI, къыохъулӀагъэр зызэхэсэхым, сыгу къыхэуагъ, «ох» зыӀуагъэмэ сащыщэп.

– УзэрэцӀыфышӀур, Айнар, къызгурыӀожьыгъ… Сэ къыпфэсхьыгъэр зэрэбылымышхо щыӀэп, ау сфэлъэкӀыгъэр ары. Ӏэпэщысэ горэ сымыӀыгъэу сӀуи, мы цы джыгъэ хъучӀанэхэр къыпфэсхьыгъэх, Мэщыкъо ипчэнмэ къахэсхи, дэнэф Ӏуданэхэр фэсыджыгъэх.

– Тхьауегъэпсэу. Ари угу къызэрэкӀыгъэмкӀэ тхьэхэр разэ къыпфэхъух.– Айнарэ дэнэ джэнапхъэрэ лъэпэд хъэгъитӀурэ пхъуантэм къыдихи, Анысэт ӀэкӀилъхьагъ.

ГушӀуакӀо къафэкӀогъагъэр къэлэпчъэ кӀыб зэхъужьым, Рампэс гощэшхом инысэ къыригъэджэных ыӀозэ, ежь ыдэжь къихьагъ.

– Сыд, нынэ, уипшъэшъэгъугъэм къыуиӀуагъэр? – Рампэс инысэ фыхэтэджыкӀыгъ.

– Щыс, щыс, гощэшху, сэ сыкъихьэ къэс утэджына,– къэгуӀагъ Айнарэ.– КъысиӀуагъи щыӀэп, къысфэгушӀуагъ, къысиӀуагъэхэр фэзгъэгъунэу къысэлъэӀугъ, цы джыгъэ хъучӀанэхэр къысфихьыгъэх.

– Фэбгъэгъугъа адэ?

– Фэзгъэгъугъ, гощэшху. Мощ фэдиз къин зытелъым сэри ыгу сыхэуӀэжьышъугъэп.

– Дэгъоу пшӀагъэ, ау пыщэгъу зыкъемыгъэшӀыжь. А пшъэшъэжъыер зысшӀэрэм щегъэжьагъэу кӀылыгъэкӀэ утекӀощтэп. Лъэпкъым ипщы шъхьэгъусэ уфэхъугъэу, чылэм нарэ дэхъухьэгъэ нэбгырэр пыщэгъу умышӀыжьмэ нахьышӀу. Сыдэу пӀорэ о?

– Сэри джа дэдэр есӀуагъ. Пшъэшъэгъу къызэрэсфэмыхъужьыщтыр гурызгъэӀуагъ.

– Тэрэз,– Рампэс нысэм джыри фэразэу Ӏуплъагъ, гукӀэ игуапэу зэриӀожьыгъ: «Тинасып иакъыли, ицӀыфыгъи зэтетэу къызэрэчӀэкӀыжьырэр. Нысэ сфэмыхъугъэу сиунэ есыфэ, емышӀэ-шӀумышӀэ цӀыкӀоу сыхаплъэщтыгъэ шъхьакӀэ, гулъыти иӀ, гущыӀакӀи ешӀэ, сикӀалэ къыкӀэуцон пкъэу ыгъотыгъэкӀэ сэгугъэ…»

Рэдэди, игъусэхэри чэщ-мэфищым къэкӀожьыгъэхэп. ЯплӀэнэрэ мафэр ыкӀэм фэкӀуагъэу щагум къыдэхьажьыгъэх. Пщым ишыӀупӀэ щагудэт лӀитӀумэ аубыти, къырагъэпсыхыжьыгъ. Шыуш улэугъэ пкӀэнтӀагъэхэм шыӀыгъым икӀалэ псы щалъэ къапигъохыгъ.

– ПшӀэрэр сыд?! – Рэдэд кӀалэм техъупкӀагъ.– Шы плъыгъэр псы чъыӀэ рагъашъуа? Тыдэ щыӀ уятэ? Плъэгъурэба модырэ лӀитӀумэ ашӀэрэр? ШхомлакӀэр убыти, тегъэзекӀухь, пкӀантӀэр пкъырыхьажьмэ, пси егъашъу, Ӏуси ет, шэщыми чӀэщэжь.

Рэдэд кӀалэм зэрэфэгубжыгъэр Айнарэ зэхихыгъэти, зиупэпцӀи, лӀым зыримыгъэлъэгъоу иунэ ихьажьыгъ.

Джэхэшъотетмэ Ӏанэхэр хьакӀэщым рахьагъэх. Гъогууанэ къакӀужьыфэ зэрагъэфэнэу зигъо фимыфагъэхэм, неущ ашӀэнэу апэ илъхэм ошхэфэхэ лӀищыр атегущыӀэжьыгъ. Мэщыкъорэ Къоданрэ пщы щагум зыдэкӀыжьхэм, Рэдэд хьакӀэщым ехьажьыфэ Айнарэ къежагъ шъхьакӀэ, хьакӀэщымкӀэ мыкӀоу янэ иунэ фиузэнкӀыгъ. Ащи шӀукӀаерэ Рэдэд къисыгъ, етӀанэ хьакӀэщым зегъэзэжьым, Айнарэ лӀым лъихьи, ыбгъэ зыкӀидзагъ.

ЗэӀуплъэхэу, зэрэзэфэзэщыгъэхэр зэраӀоу тӀэкӀурэ щысыгъэхэу, Айнарэ зыфэсакъыжьзэ, къыригъэжьагъ:

– Зыгорэ къыосӀощт, Рэдэд, гухэкӀ умышӀыщтмэ.

– Сыгу хэкӀын о ужэ къыдэкӀына, Айнар, къаӀо,– Рэдэд щхыгъэ.

– Щагудэт кӀэлэкӀэ цӀыкӀум узэрэфилъыгъэр сыгу рихыгъэп. ГущыӀэкӀэ заохэрэп, Рэдэд.

– Адэ чатэкӀэ себгъэощтыгъа?! – Рэдэд зэхихыгъэр ыгъэшӀэгъуагъ.

– ГущыӀ зыкӀаӀуагъэр зы гум щыӀэр адырэ гум лъигъэӀэсынэу ары. ГущыӀэ дахэм блэр гъурбым къырещы аӀуагъ. О лъэпкъым урипщ, уиӀуакӀи, уишӀыкӀи, уизекӀуакӀи цӀыфхэр къылъэплъэх. УгубжыгъэкӀи, укууагъэкӀи, зыгу къыпфэдэгум зэхихыщтэп, ау акъыл хэлъэу, зыпкъ уитэу епӀорэр пкъырыхьащт, къыодэӀущт.

– Мыдэ мы цӀыкӀум къысиӀохэрэр! – Рэдэд гушӀоу ишъхьэгъусэ ыпшъэ ыӀэ рищэкӀи, ӀупшӀэкӀэ ынэгушъхьэ нэсыгъ.– Тыдэ щыпшӀагъ, хэт уигъэшӀагъ мы къапӀохэрэр?

– Сэри ны сиӀагъ, ты сиӀагъ, нэнэжъи сыкӀэрысыгъ, шъуиунэ сесыфэ гощэшхо сфэхъугъэми бэ кӀэрысхыгъэр. Умыделэмэ, акъыл уигъэгъотынэу уянэ цӀыф гъэшӀэгъон.

– Ары, тянэ тхьэмэ акъыл дэгъу къыратыгъ,– Рэдэд къезэгъыгъ.– Тятэ зыщымыӀэжьым щегъэжьагъэу сыд сӀощтми, сшӀэщтми, сянэ семыупчӀыжьэу, ащ ыуж къикӀымэ, Колэс акъылэгъу сымышӀэу, лъэбэкъу сыдзыгъэп.

– Джыры адэ? – Айнарэ тхьагъэпцӀэу ӀущхыпцӀыкӀыгъ.

– Джы ахэмэ о уакъыхэхъуагъэшъ, сэгушӀо.

КъыкӀэлъыкӀогъэ пчэдыжьым, ыпэрэм фэдэу, байкол гъусэхэр яӀэу Мэщыкъорэ Къоданэрэ къыӀухьагъэх. Мызыгъэзэгум шы къэрэ нэтӀэф бгъэшхор шэщым къыфычӀащи, Рэдэдыпщыр агъэшэсыгъ. Ежь къызэрагъанэрэр ымыдэу, шхоӀум егъузэ, пкӀэгъуалэр шэщым къызэрэчӀэщыщыкӀыгъэм пщыр хигъэщхыкӀыгъ, арэу ишыуш къызэрэфэшъыпкъэр гуапэ щыхъугъ. «Ар нахь шы Ӏуш, ау мыдырэр нахь лъэпшъэрыхь»,– зэриӀожьыгъ.

Шыухэр чылэм дэкӀыхи, гъунэгъу чылэм нэсынхэкӀэ шы илъыгъо заулэ къэнэжьыгъэу, дунаир нэфынэ къэхъугъ, къушъхьэ чапэм къыкъосыкӀыщтыгъэ тыгъэм анэгу фагъази, ягухэлъ къадигъэхъунэу елъэӀугъэх. Гъогубгъумэ аголъ лэжьэкӀупӀэхэм ос пӀуакӀэр нахьыбэмкӀэ ателъыгъ.



Лэжьыгъэр зытырахыжьым, къэкӀыжьыгъэ гъэупсыр чӀыпӀэ-чӀыпӀэу ос чӀэгъым къычӀэщыщтыгъ.

«ИкӀыгъэ илъэсыр гъэшъэлагъ, ощхи, ошӀуи титхьэмэ тащагъэкӀагъэп,– ыӀуагъ Рэдэд, нэшӀукӀэ лэжьэкӀупӀэмэ арыплъагъ, къушъхьэ лъапэмэ адэкӀоерэ чъыг хатэхэри инэплъэгъу чӀэкӀыгъэх.– ГъомлапхъэкӀи, пхъэшъхьэ-мышъхьэкӀи тызгъэгужьыен тиӀэп, ау тыздэхьэгъэ чылэхэм япщыхэм гущыӀэгъуае сызфэхъугъэхэр къахэкӀыгъэх. Зы хэгъэгу зытшӀымэ, япщыгъо чӀанэным, ятетыгъо къыщыкӀэным тещыныхьэхэрэр нахьыб. Дзэшхо теубытагъэ тфэмыӀыгъынэу зыӀохэри къахэкӀы. АщкӀи Айнарэ къысиӀуагъэри гъэшӀэгъоны. Зыпари къаигъэ умышӀы, лӀыгъэкӀэ ябгъашӀэрэр, бэ шӀэн, макӀэ шӀэн, къызэкӀэрыожьыщт еӀо. Ары шъхьакӀэ, хэти ыӀорэм седэӀумэ, сыдэущтэу зы хэгъэгу тыхъущт? Шъхьадж икъонцэ Ӏахь елъэшъу. Теплъын, Айнар зыфиӀорэми шъыпкъэ хэмылъэу щытэп...»

– Зиусхьан,– джабгъумкӀэ къыгот Къоданэ пщым ышъхьэ къыригъэӀэтыгъ.– Трамнапэ тыкъэсы, тыдэхьащта хьауми къэдгъэзэжьмэ ара?

– Сыд пае тыдэмыхьан,– мэкъэ чэфкӀэ Рэдэдыпщым къыӀуагъ: – Абэчыпщыр сэ сипкъэгъулэгъу. Хым сызэпырахыным ыпэкӀэ ятэ щымыӀэжьэу тхьаусхакӀо сыфэкӀогъагъ, дэгъоу сэшӀэ, сыкъешӀэ.

Шыу купыр пщы щагушхом зыдэпсыхэм, щагудэтхэр къапэгъокӀхи, Рэдэдыпщым ишыӀупӀэ зым къыубытыгъ, адырэм лъэрыгъыр къыдиӀыгъэу ригъэпсыхыгъ, игъусэ шыухэми яшымэ зарапхъыхыгъ. Мэщыкъорэ Къоданэрэ игъусэхэу Рэдэдыпщыр хьакӀэщым ращи загъэтӀысым, хэгърэй къафэхъугъэ лӀы къопцӀэшхом къыӀуагъ:

– ТихьакӀэ, умыгузажъорэмэ, типщ чыжьэу щыӀэп, лъызгъэкӀуагъэх, шӀэхэу къэсыжьыщт.

ЛӀыхэр зэрэгъэгущыӀэфэхэ бысымыр къэсыжьыгъ. ЛӀы Ӏэпс-лъэпс, нэгуф фэӀукӀыхьашъом пэкӀэ-жэкӀэ мыкӀырыр къекӀоу къешӀэкӀыгъ, ынэ нэгъо цӀыкӀухэр чаных, мэкъэ псыгъо хьазыр.

– Мэфищ темышӀэу хьакӀэм игухэлъ ышъхьэ къырихрэп,– рэхьатэу Рэдэдыпщым къыригъэжьагъ,– ау тыщысын хьакӀэп, тшъхьэ дэгъэнагъ. Джыри чылэ зыщыплӀ тадэхьан фай...

– Зэ, зэ, умыгузажъу, Рэдэд,– Абэчыпщыр пэкIэжакIэмэ къахэщхыкIыгъ.– Шъущымысыщтми, моу Iанэхэр къяжъугъэхьых.

– Къахьыфи тыгущыIэн, Абэч, къахьыхэми, лъыдгъэкIотэн, тышхахэми, тызэрыгущыIэнэу тиIэр макIэп.

– ХьакIэм шIоигъор бысымымкIэ хабзэ,– къэдэIоным фэхьазырэу Абэчыпщым зыкъикъудыигъ.

– АдыгэхэмкIэ анахь Iофышхоу сызымыгъэзагъэрэр, Абэч, ори дэгъоу ошIэ,– Рэдэд игущыIэ къыпидзэжьыгъ,– тызэгурыIонышъ, зы хэгъэгу тыхъуныр ары. Ори уинэрылъэгъу, илъэс пчъагъэм тызезыпхъощтыгъэ хъэзархэм ядао пчъагъэрэ тлъэгъугъэ, дзэпащи, хэгъэгу пащи яI. Ахэм ачIыпIэ къиуцонхэу къежьэгъэ русичхэми ягъэпсыкIэ ащ фэд. Сшъхьэ сыфимытэу хыкIыб хэгъэгу сыщыIагъэми, сынэхэр плъагъэх, стхьакIумэхэр дэIуагъэх, сшъхьэ Iоф езгъэшIагъ. Тэщ фэдэ лъэпкъ горэхэр дунаим къытемынэжьыгъэхэу сIорэп, ау къытэшIэкIыгъэ лъэпкъымэ хэгъэгу мыхъугъэ къахэнэжьыгъэп. Зы пачъыхьэ яI, хэгъэгу Iофхэр зезыхьэрэ лIы хэхыгъэхэр ащ къешIэкIыгъэх, лъэсхэмкIэ, шыухэмкIэ, нэмыкIхэмкIэ зэтеутыгъэхэу дзэ уIэшыгъэхэр аIыгъых. Тэри ахэмэ афэдэ тымыхъоу тыщагъэIэщтэп. Непэ хъэзархэр текIыгъэмэ, неущ русичхэр къытфыкъокIыщтых. Ахэмэ ауж е урымхэр, е персхэр къыттеощтых.

– КъызгурэIо, зиусхьан, къапIо пшIоигъор,– мэкъэ псыгъо гъэтIылъыгъэкIэ Абэч къыдыригъэштагъ.– Уигухэлъхэм сащымыгъуазэуи щытэп. О зыфэпIорэ хэгъэгухэм зы мафэкIи, зы илъэскIи ядзэхэр зэхащагъэхэп. Шъыпкъэ, хэсашъхьэм тыкъекIуалIэмэ, пщышхо хэтыдзыгъагъэшъ, къэдгъэнэжьын, хэгъэгу Iофхэр зезыхьащтхэри дгъэнэфэных, ау дзэ зэхэтщагъ тIоу тызэхэкIыжьыкIэ, тфэIыгъыщтэп. Нэбгырэ мин пчъагъэм Iэшэ-шъуаши ящыкIагъ, ашхыщтыри, ащыгъыщтыри, зычIэсыщтхэри, зыгъэсэщтхэри ары. Нэбгырэ пэпчъ Iыгъын мэхъу.

– Сэри ахэмэ сягупшысагъ, Абэч.

– Ащыгъум тапэкIэ зэрэпшIыгъагъэу, чылагъо пэпчъ дзэкIолI пчъагъэу къыдэкIын ылъэкIыщтыр дгъэнэфэжьын, зимыIэм шыуши, шъуаши, Iаши едгъэгъотын, дзэпащи афэтшIын. СичылэкIэ ар спшъэ исэлъхьажьы. Чылагъо пэпчъ пщэу дэсыр ащ къеуцуалIэмэ, гъозэрыплъэхэр тиIэхэу, макъэ къызэрэпшъэу, зыфэпIорэ чIыпIэм тыкъэсын. Нэужым ткIуачIи, тилъэкIи, тимылъкуи зэхэдгъахъозэ, о зыфапIорэр нахь тэрэзышъ, дзэ зэхэугъое тегъэпсыхьагъи зэхэпщэн.

– Тызэзэгъыгъ, Абэч,– кIэкIэу Рэдэд къыIуагъ,– уичылэкIэ къэкIон зытефэхэрэр о пшIэн, зыфэтIогъэ мафэм хэсашъхьэм изэфэс укъекIолIэн.

– Iо хэлъэп. Моу джы Iанэм шъухаI.

Абэчыпщымрэ ежьырырэ яшIошIхэр зэрэзэтефагъэхэм ыгу къаIэтыгъэу, Рэдэдыпщыр къэшэсыжьыгъ. Чылэ хэгъуашъхьэм къекIыжьыфэхэ, ибайколхэр игъусэу бысымыр къадэкIотагъ.

Чылэгъо зыщыплIэу джыри Рэдэдыпщыр зыдэхьагъэхэм пщы ямыIэу чылитIу къахэкIыгъ. Ячылэгъухэр зыгъэдаIохэу лIыхъу-лIышIухэу ахэм адэсхэм пщышхом нахь IэшIэхэу жэ къафигъотыгъ. Апэрэ къекIокIыгъом нахьи, мызыгъэгурэм къыдэхъугъэмкIэ разэу Рэдэд къыгъэзэжьыгъ.

Хэсэшъхьэ зэфэсыр зыщишIыщт пчэдыжьым Рэдэдыпщым ыгу гушIуагъуи, гумэкIи зэдилъэу къэтэджыжьыгъ. Тыгъопчыхьэ нэс зы мэфэ гупсэф къыдигъэфагъэп. ПкIэгъуалэм епсыхымэ шы къарэм ешэсызэ, ахэри ыгъэуцагъэх, ежьыри хэпшъыхьагъ, ау чылэ пэпчъ пIоми хъунэу зэрэдэхьагъэм, анэ кIаплъэзэ, зыIукIагъэхэр гущыIэгъуи, акъылэгъуи зэришIыгъэхэм гупсэфыгъо-рэзэныгъэ рагъэшIыгъ. Ары шъхьакIэ, зэфэсыр къызызэхахьэкIэ, зэрекIокIыщтым, яшIошIхэр зэрэзэутэкIыщтым, ежь зыфэе гъогум зэрэтырищэщтхэм зэрадзэщтыгъэ. IитIур ыкIыбыкIэ щагъэу, нэфшъэгъо пщэгъо пIуакIэм ин-инэу къыхэщэу, щагушхор рикIукIызэ, лъэмакъэ къэIугъ.

– Сыд, сшынахьыкI, узфэмычъыерэр?

– Непэ щыIэщт зэфэсыр пкIыхьапIэлъэгу сфэхъужьыгъ, нахьыжъ,– хьалэл нэгукIэ Шыупащэ къыIуплъэжьыгъ.– Сыкъэлъэтагъэти, сыхэчъыежьышъугъэп. Ори, сэри хьаулыеу тэгумэкIы нахь, зэкIэ дэгъу хъущт. О пчIыпIэ сыкъызенэм, бэкIаемэ анэ сыкIихьагъэп, тиIофхэр зэщыкъонхэри ары къызхэкIыгъэр, ау о къыпшIолIыкIых. КъыпшIолIыкI къодыехэп, цыхьэ къыпфашIы, къыпщэгугъых. Турабэ быт фэдэ горэ къыомышъугъумэ...

– Ашъыу, сшынахьыкI, мы лIым зэ ыуж шъуикIыжь,– Рэдэд къегыигъ.– ЗытIо-зыщэ зыкъысIуигъэкIагъ, Iофхэр

зэрэкӀорэм къыкӀэупчӀагъ. Тхьэмэ ялӀыкӀо мыхъун емыӀуалӀ. НекӀо модэ, ухъумакӀомэ шӀуфэс ятегъэх.

– О къызэрэпшӀошӀэу Турабэ щытыгъэмэ...– Шыупащэ къыӀуи, етӀанэ ышӀагъэмкӀэ рыкӀэгъожьызэ, ятӀонэрэ ӀофымкӀэ зыкъыритӀагъ: – Тэ сыда мохэмэ тызыкӀякӀолӀэщтыр, ежьхэр къыорэкӀуалӀэх.

– НекӀо, некӀо,– ыблыпкъ ыубыти, кӀалэр рищэжьагъ. УхъумэкӀо лӀитӀум акӀэрыхьагъэхэу Айнарэ хьакӀэщым икӀыжьыгъэу иунэкӀэ зэрэчъэжьрэр Рэдэд ылъэгъугъ.– Джы некӀо, Шыупащ, хьакӀэщым тихьанышъ, тӀэкӀу тыщысын, тыгущыӀэн, пчэдыжьышхи зэдэтшӀын.

Зэфэсыр рагъэжьэнкӀэ охътэ шӀукӀае щыӀэу Къурай шъофымкӀэ Рэдэдыпщыр ежьагъ. ИсэмэгукӀэ Къодан къыгот, иджабгъукӀэ Шыупащ, байкол шыухэр аужых. Мэщыкъо къэгужъуагъ. КъекӀолӀэщтхэр зэкӀэ къэзэрэугъоигъахэу Рэдэд къосэгъупщыр ахахьэми хъущтыгъэ, ау шъхьэкӀафэ зыфишӀын, ыгъэлъэпӀэн фэе лӀышӀухэм ежь ышъхьэкӀэ апэгъокӀыныр цӀыфыгъэкӀэ ылъытагъ.

Шым зэрэтесэу Къурай шъофым Рэдэдыпщым зыщиплъыхьагъ. Жьыбгъэ макӀэр зыдэкӀорэ лъэныкъомкӀэ, ямашӀохэр зэнэмысхэу, мэшӀошъхьэ заулэ щызэкӀагъэблагъ, къырашъомэ щыуанхэр апылъагъ. Гъэлъэхъухэр, чэмыбгъэхэр лӀымэ зэӀахых, нахьыкӀэхэр ахэмэ акӀэтэкъуагъэх. Хэсашъхьэр зыдэщысыщтым ыкӀыбыкӀэ хъулъфыгъэи, бзылъфыгъэи щызэхэуцогъах. Мэзыбэрэ Мыстхъакъорэ нахьыбэр къызэрыкӀыгъэр. НэмыкӀ чылэмэ ялӀыкӀохэр бгъуитӀумкӀэ уцугъэх. Хэсашъхьэм пэчӀынатӀэу пщы заули щыт. Рэдэдыпщыр байколмэ пкӀэгъуалэм рагъэпсыхыгъ. Пщыхэм, лӀыхъу-лӀышӀухэм ахахьи, аӀапэ ыубытыгъ, ежь ыпэ къызэрэсыгъэмкӀэ къытекӀуагъэхэу ыӀозэ, ыгъэщхыгъэх. ЦӀыфхэр лъэсхэу, шыухэу, кумэ арысхэу бгъу зэфэшъхьафхэмкӀэ Къурай шъофым къызэлъекӀущтыгъэх. Хэсашъхьэм хэт нахьыжъхэри къызэӀукӀагъэх.

ЫӀапэ темыӀэбагъэу, гущыӀэ дахэ римыӀуагъэу Рэдэдыпщым нэжъ-Ӏужъ къыгъэнагъэп. Нэплъэгъум къыриубытэрэ хьанэ-гъунэм къэкӀо-накӀо римылъэгъожь зэхъум, хэсашъхьэм хэтхэм зафигъэзагъ:

– Сыд, етэгъажьа? – зэплъэкӀи, ыкӀыб дэт Турабэ зелъэгъум, риӀуагъ: – Сыд узпэтыр, моу къысэкӀотылӀ.



Зэфэсым къекӀолӀагъэхэм Тыгъэ-Тхьэшхом зыфагъази, ягухэлъ къадигъэхъунэу елъэӀугъэх.

– Ти Тыгъэ-Тхьэшхо непэ нэгушӀоу къытхэплъэ,– къыригъэжьагъ Рэдэдыпщым.– Ар къызэрэтфэусэрэр, титхьэхэр къызэрэдготхэр кӀымэфэ гузэгум къытапэсыгъэ мэфэ дахэм къеушыхьаты. Скъошхэр, тиӀо заӀоу, тишӀэ зашӀэу непэ тызэгурыӀонэу, зэдедгъаштэу зы хэгъэгу зытшӀынэу сэри, хэсашъхьэри къышъуощэгугъы. ЦӀыф лъэпкъэу щыӀэ пэпчъ хэгъэгу шъхьаф зашӀыгъ, зы пачъыхьэ яӀ, дзэ зэхэщэгъэ зэхэткӀэ мэпсэух, мэлажьэх, зыкъагъэгъунэжьы. Тэри цӀэ зэфэшъхьафхэмкӀэ тызэджэжьми, тыадыгэ лъэпкъэу дунаим тытет. Тызэкъоуцон, тызыхэгъэгун фае.

ӀэкӀыб хэгъэгухэм Рэдэд къащилъэгъугъэр, ахэр зэрэгъэпсыгъэхэр къариӀотагъ, дзэхэщагъэ уиӀэным къикӀырэр агуригъэӀуагъ, зэфэсым къырищэлӀэнхэу къекӀокӀ зэхъум, гупшысэ зэфэшъхьафхэу къахихыгъэхэми ащигъэгъозагъэх. Чылэмэ къарыкӀыгъэ лӀы заулэ къэгущыӀагъэу, Емзэщ гъукӀэ ӀупшӀэшхор къахэкӀоти, къэупчӀагъ:

– Тэ дзэпащэ хэтэдзы, байкол шыудзэмэ япащэхэр тэгъэнафэх, тащэгугъы, ежьхэм пыи къытфэхъугъэ Нахьлъэшэу хьакӀуцумэ якӀужьыгъэр шъэфэгъу ашӀы.

– Хэт зыфапӀорэр, Емзэщ? Ышъхьэ къих! – Рэдэдыпщыр пхъашэу къэупчӀагъ.

– Къодан ары, ХьакӀуцу щалъэгъугъ.

– Къодан, моу пчэгум къихь. Шъыпкъа Емзэщ къыӀуагъэр?

– Шъыпкъэ, зиусхьан, Ӏоф сиӀэу сыкӀогъагъ.

– Сыд Ӏоф типый дыуиӀэр?

– Нахьлъэшэп сызфэкӀогъагъэр, нэмыкӀ лъэгъун...

– Шъхьаусыгъо улъымыхъоу, зытетыр къаӀо! – Колэс лӀыжъыр къызэщычыгъ, зэфэсыр къэзэрэгъэбырсырыгъ.

Мэщыкъо ащ нахьыбэ зыфэӀэжэжьыгъэп, Рэдэд ыкӀыб къыдэкӀи, шъэогъум гоуцуагъ:

– Къоданэ лажьэ иӀэп. Сэ селъэӀуи, Чэчанэ дэдгъэгущыӀэнэу згъэкӀогъагъэ,– укӀытэжьыгъэу Мэщыкъо ышъхьэ риуфэхыгъ.– ЗытесшӀыхьагъэм шъуущыгъуаз...

– Ари зэхэтфыгъэ,– Рэдэдыпщым ымакъэ къефэхыгъ.– Хэт джыри...

– Моу сэ зыгорэ къэсэгъаӀу,– Хьакъарэ ыкъо нахьыжъ зыхэтмэ къахэкӀотыгъ.– Нахьлъэш зэрэукӀакӀом зыми

игугъу къышIырэп. Шъо ифэшъуашэ ешъумыгъэгъотыщтмэ, зэрэтиблагъэм теплъыинэп, тятэ ылъ тшIэжьын!

– Гужъыягъэ къызхэмыгъаф, ГуIатыжь,– Рэдэдыпщыр кIалэм еушъыигъ.– Джыдэдэм тэркIэ Нахьлъэш Iэгъуадж. Ащи тызэрэнэсыщтым щэч хэлъэп…

Ардэдэм шыу закъоу МэзыбэкIэ къикIырэм зэфэсым хэтхэм ашъхьэхэр къаригъэпхъотагъэх. Езэрэгъэплъыхэзэ, шыур къэси, шым зыкъыридзыхыгъ, цIыфмэ къапхырыкIи, хэсашъхьэм ыпашъхьэ шъхьэеуфэхыгъэкIэ къиуцуагъ.

– Мыщынэу, мыукIытэу къызэрэкIуагъэр!..– Айнарэ Чэчанэ зешIэжьым, ышъо къызэокIэу къыхэкуукIыгъ.

– Зи умыIо,– Рампэс гощэшхор къеIушъэшъагъ.

– Зиусхьан,– Чэчанэ ышъхьэ къыIэти, нэку-нэпс хъугъэу Рэдэд ынэгу кIэплъагъ,– хэсашъхьэм хэт нахьыжъхэр, зэфэсым къекIолIагъэхэр, сышъолъэIу, къысфэжъугъэгъуи сIорэп, Нахьлъэш цIэплъыжъым секIодылIэн нахьи, шъуащыщ горэм спсэ ыгъэгъумэ, сыфэразэу дунаим сехыжьыщт.

– Уятэжъ Iуш дэд, сикIал, о сыдэущтэу удэуцохыгъа адэ? – Пщымафэ лIыжъыр къеупчIыгъ.

– Нахьлъэш къысщытхъузэ, сигъэделагъ,– Чэчанэ зэшIуанэзэ, къыриIожьыгъ.

– Е-е, сикIал, о уизакъоп, щытхъум боу бэ екIодылIагъ. Сэри а цIэплъыжъым пцIэ къыопэсыгъэп, зэблягъэхэхъужь ыIозэ, пчъагъэрэ сыкъыушъхьакIугъ. Джы ежь идунае зэблихъун фаеу чIыпIэ ифагъэкIэ сенэгуе.

Колэс бэщым зытыригъакIэзэ, хэсашъхьэм къыхэкIи, бэщыр ынэ кIиIущтым фэдэу фигъэсысызэ, ипхъорэлъф техъупкIагъ:

– Сыд, бзэджагъэр зепхьагъэшъ, джы укъэлъэIожьы, ара? Сэ укъысэплъыгъэп, уишъэогъу уеплъыгъэп. Чылэм ынапэ тепхыгъ, цIыфмэ саIуплъэжьын сымылъэкIэу сыкъэбгъэнагъ!..– Колэс ышъхьэ къыпхъуати, Рэдэд зыкъыфигъэзагъ.– Зиусхьан, моу зыгорэм ичатэ къысерэт, сэ мыщ ышъхьэ пысхыщт!

– Хьау, тхьамэтэ маф, ар пшIэна! – Рэдэдыпщыр Колэс кIэрыхьи, ытамэхэр IитIукIэ ыубытыгъ.– Зыгъэрыхьат, сыолъэIу, уичIыпIэ тIысыжь.

– Джащ сыгу нигъэсыгъ…– цIацIэзэ, Колэс лIыжъыр ичIыпIэ итIысхьажьыгъ.



– О мафэ тфэхъун зэфэс! – цIыфмэ Рэдэд зафигъэзагъ,– Чэчанэ къыIуагъэр зэкIэми зэхэшъухыгъэ. ЕмыкIоу ышIагъэр фэдгъэгъунэу къытэлъэIурэп, ыпсэ дгъэгъуныр къыхихыгъ. Сэ шъукъысэдэIущтмэ, мырэу ыгу еIэжьыгъэм сыд ышIагъэми, цIыф ыукIыгъэп, агъэплъэхъугъ, фэтэжъугъэгъэгъу.

– Фэтэгъэгъу. Колэс ихьатыркIэ фэтэгъэгъу! – чIыпIэ-чIыпIэу хъулъфыгъэхэр къыхэкуукIыгъэх.

– Сэ сыщэIэфэ къысишIагъэр фэзгъэгъунэп,– Айнарэ къыжэдэзыгъ.

– Хъугъэ сIуагъэба…– Рампэс гощэшхор инысэ фэсакъызэ, едысыгъ.

– Къыздежъугъэштэщтмэ, джыри зы Iоф къэнагъ,– Рэдэдыпщым ымакъэ къыIэтыгъ, исэмэгубгъукIэ реплъэкIи, утыгум икIыжьыгъэ Чэчанэ ипэIо пырацэ зыщигожьыгъэу, ишыгъо цIыкIу ышъхьэ еуфэхыгъэу зэрэкIэрытыр зелъэгъум, ыгу егъоу, ымакъэ ылъэкIызэ, къыпидзэжьыгъ: – Шыудзэу зэхэтщэщтым Къоданэ пащэ фэтшIымэ, нахь тэрэзэу сеплъы. ЦIыфхэр нахь ешIэх, нахьыбэрэ ахэхьагъ, ахэкIыгъ, IуакIэми, шыкIэми нахь фэIаз. Мэщыкъо Мэзыбэ ибайкол шыумэ пащэ афэтшIын.

– О къызэрэпIу, зиусхьан, нахьышIур о пшIэн,– зэфэсым хэтхэм къыдырагъэштагъ, Мэщыкъо зэхихыгъэм къыхыригъэхыгъ, ау зи къыIуагъэп.

АкIуачIи, ямылъкуи зэтеуцофэ, дзэр чылэмэ зэрахэгощагъэу яIэнэу зэзэгъыгъэх, чылагъо пэпчъ шыу дзэкIолIмэ япэщэщтхэм ахэплъэжьыгъэх, МыстхъакъокIэ, Нахьлъэш цIэплъыжъым ычIыпIэ, Темрыкъо пащэкIэ агъэнэфагъ, хэгъэгу Iофхэр Рэдэд пщышхом дызезыхьащт лIышIухэри хадзыгъэх. Ешхэ-ешъом хэкIыжьынэу ишыгъо ешэсыжьыгъэ Чэчанэ Рэдэдыпщым къыригъаджэхи шъотэ Iэгубжъэр фищэигъ…

## VII

Пчэдыжьым Анысэт унэм къызекIым, чэщым ышIагъэр мафэм егъэшIэгъожьы пIонэу, тыгъэ нэгуплъэ хъурэешхор къушъхьэтхым къытетIысхьагъэу къосэгъу дунаим къыхаплъэщтыгъэ. Хъэзар хъункIакIохэр гум къыгъэкIыжьэу, къушъхьэ тIуакIэмэ къахэлъэтыгъэгъэ жьыбгъэм уашъор

къыутIэрэхъи, чэщыгу мыхъузэ кIодыжьыгъагъ. Ащ ыуж ошъопщэ ушхъорэцыгъэхэр къегъолъэхыхи, осыр къыритхъухэу ригъэжьэгъагъ, ау бэрэ пылъыгъэп, лъашъхьэм къыблэкIэу къытырилъхьи, зэпыужьыгъагъ. Джы ошъогур къабзэ, лъагэ, чIым шъхьарыIэтыкIыгъ. Лъагъохэр шэщыми, къакъырми, мэлэщми, гъунэгъухэми якIоу Мэщыкъон фай хэзыхыгъэхэр, хьанцэри шэщ натIэм еусэигъ.

Анысэт къызегъэзэжьым, янэ Усасэ ыжэ тIупщыгъэу, зэтырипхъанкIэзэ, гъунэгъу шъузым фиIуатэрэр ытхьакIумэ къиIуагъ:

– ЗэкIэми сиуз ахь, дышъэр ынэкIапэкIи, псэ зыпыт сыфэгумэкIыжьыщтэп. ТиIи тимыIи зэхэтцIантхъуи, дунаир фэдгъахъэзэ тщэжьыгъэ. Чэщ-мэфэ пчъагъэм тыфэутIатIэу ыуж титыгъ. КъыддеIэн, къытфыреплъэкIын тIозэ, къэIаби, кIалэр иIэнатIэ къытырищыгъ. Ащ фэдэ цIыф ешIа, сибэу?!

– Угу емыгъэкIу, Усас, гукIэ зэпэблагъэхэр зэшIокIодыхэрэп,– гъунэгъу шъузым ыгъэIасэ шIоигъуагъ.– Тичылэ байкол шыудзэм Мэщыкъо пащэ фишIыгъэба?

– Ар сыдыкIэ былым, зытетыгъэм елъытыгъэмэ?

– Ежь Мэщыкъо зыгорэ къыуиIуагъа?

– Еж къыуиIощтышъ. Ятэ дымыIужъым фэдэкъабзэ хъужьыгъэ, щхыпцIи хэхьажьыгъ.

Анысэт зэхихыгъэм къыхыригъэхыгъ, Мэщыкъо адыгэ дзэпщ IэнатIэр Iахыгъэми ышIагъэп, ау унэм зехьажьым, ышъхьэ иIофхэм нэмыкI гупшысэ тыращагъ. БлэкIыгъэ мафэм хэсашъхьэм зэхищэгъэгъэ зэфэс пчэгум Чэчанэ зыкъыридзи, къариIуагъэри, раIожьыгъэри, ибзэджэшIагъэ зэрэфагъэгъугъэри Анысэт зызэхехым, нэмыкIэу аIуагъэми, ашIагъэми фэежьыгъэп, мощ фэдиз къиныр ышъо дэзыхырэр къэкIожьыгъэмэ, инасып къытыригъэзэжьыгъэу къыщыхъугъ. Унэм зекIым, гугъэ-гумэкIыр ынапэ телъэу тыгъэм зыкIыIуплъагъэри пчэдыжьыпэр псынкIэу тыригъэкIы шIоигъуагъэти ары. Дэхапсэ дэжь кIонышъ, Турабэ ригъэлъэIун гухэлъ ышIыгъ, ау пIэштэжь укъэкIуагъа римыгъаIуи шIоигъуагъ.

Зыгорэм сыхэIэн ыIуи, Анысэт щыуанышъхьэр къытырихыгъэ къодыеу янэ къихьажьыгъ.

– Сыд, чэтыу шхъухьашI пIонэу, щыуаным пшъхьэ зыкIилъыр? – Усасэ игубж зэрэкIэмыкIыжьыгъэу ыпхъу едысыгъ.– Чэтщыпсыр сшIыгъахэу щыгъур зэрэсыухыгъэр сыгу къэкIыжьыгъ. Мызагъэ тхьэмэ агъэпсэу, сыдкIэ утефагъэми, еогъотылIэ,– Iэгубжъэм илъ щыгъур щыпсым хитакъуи, зэIишIэзэ, ыпхъу къыфыреплъэкIыгъ.– МэлакIэ олIэ, ара?

– Сыгу къыпешъу.

– Къыпишъун адэ, къыпезгъэшъун щыIэмэ,– Усасэ гъумыгъузэ, щыпс Iапсыр Iэнэ хъураем къытыригъэуцуагъ, пIэстэ бэлагъэр къытыриупцIагъ.– Шхэ! Сэ Мызагъэ дэжь сыкIонышъ, тIэкIу сыкъыщысыщт.

– ШъуIуагъэр икъугъэба? – Анысэт ным фыдэплъыягъ.

– АщкIэ о сыоупчIыжьыгъэп,– Усасэ къызбгырыугъ,– ори пшIэщтымкIэ цIыф уеупчIыжьырэп.

Ныр пчъэ кIыб зэхъум, Анысэт щыпсым хигъэогъэ пIэстэ Iулъхьэр зэкIихьажьыщтмэ ымышIэу, ыгу къызэхэхьагъэу тIэкIурэ щысыгъ, ау къегъурэ ныбэр къытекIуагъ. Шхэ зэхъуми, шхэгъахэу пIэм зызыхегъакIэми, къызхихыгъэр ымышIэу, ныр къызэрецэлэшхагъэр арыщтын, Айнарэ янэ Гощнагъо ыгу къэкIыжьыгъ: «Тыпшъэшъэжъые зэхъум, Айнарэ ыгу егъуащтыгъ, дэкъацэм дэлъым фэдэу янэ ыIыгъыгъ, ымышIэу лъэбэкъу ригъэдзыщтыгъэп. Сэ сянэ пщэрыхьэу тызигъашхэкIэ, зэкIэ къытфишIагъэкIэ ылъытэщтыгъэ. Ащыгъум сянэ нахь нышIу дунаим темытэу сIощтыгъэ. Айнари къысэхъуапсэщтыгъ. ЦIыфмэ аIуагъэу мышъыпкъэ щыIэп. «Къуаер цIынэу афызы, пшъашъэр фызыгъэу агъасэ» зыкIаIуагъэр джы къызгурыIожьыгъ шъхьакIэ, кIасэ сыфэхъугъ. Муары, Айнарэ яни яти шъхьарымытыжьхэми, зыкъиухъумэжьын ылъэкIыгъ, инасыпи къыкъокIыгъ. Зымафэ гушIуакIо сызыфакIом, ар къызэрэздэгущыIагъэр... Тыгъуас нэмыIэу зыдэкIуагъэр, гощэ шъыпкъэу зыкъызэкъуихыгъ. Тызэпшъэшъэжъыеми мыхъун пфиIощтыгъэп, ау джы зэрыуцогъэ чIыпIэри зыдешIэжьы, IуакIи, шIыкIи ешIэ, лыягъи къысимыIоу, сыкъызпигъэзыгъ...»

Уахътэу кIуагъэр шIуабэу Анысэт игупшысэхэр зэпичыгъэх, псынкIэ-хъукIаеу къэтэджи кIыIутелъ фабэр зыщилъагъ, цы шъхьатехъор къызэрихъухыгъ, лъэкIапIэмэ къящэкIыгъэ упкIэ лъаехэм хъэдэн къабзэкIэ ателъэкIыхьи, унэм икIыгъ. Щагум къызыдэкIым, бгъуитIукIи зиплъыхьи, зи зэримылъэгъугъэр игуапэу, Дэхапсэ иунэ фиузэнкIыгъ.

Хьанцэр кӀэсэным риусэий лъэгуцым дэкӀоежьыгъэу Дэхапсэ къызызэплъэкӀым, щагум къыдэхьэрэ Анысэт ылъэгъугъ, нэгуф шъоткӀо дахэр щхыпэм зэлъигъэнэфэу къыгъэзэжьыгъ.

– Сыдэу дэгъоу укъэкӀуагъа, Анысэт,– фэчэфэу хьакӀэм Ӏапл рищэкӀыгъ.– Пчэдыжь нэс сыкъикӀынкӀэ сышъхьахэу сыщысыгъ, тхьэ зэтагъэм лӀы иӀ, моу джыдэдэм ос тхъуныр сыухыгъэ ныӀэп. НекӀо, унэм къеблагъ.– Дэхапсэ деӀэзэ, Анысэт кӀыӀутелъ фабэр зыщыригъэхыгъ, цы шъхьатехъор тырихыгъ, гъэшӀуабзэкӀэ риӀуагъ: – ЧъыӀэ улӀэгъэн фае, джэныкъо машӀом къекӀотылӀ.

– Хьау, чъыӀэ щыӀэп, уиуни фабэ,– ау щытми, джэныкъом пэблагъэу Анысэт етӀысэхыгъ, пэчӀынатӀэу зызышӀыгъэ Дэхапси гугъэ нэплъэгъур ихьакӀэ пигъохыгъ.

– УикъэплъакӀэкӀэ сэшӀэ укъызфэкӀуагъэр,– гущыкӀо шӀыкӀашӀокӀэ Дэхапсэ къыӀугушӀуагъ.– Зэхэсхыгъэ уи Чэчанэ къызэригъэзэжьыгъэри, угу чэф къызэрихьажьыгъэри сэлъэгъу.

– Сиеми сшӀэрэп. Гугъэ нэпцӀыр шъхьэгъэпцӀэжь, пкӀэнчъэу сэгугъэ сӀуи, Турабэ уезгъэлъэӀунэу сыкъэкӀуагъ. Чэчанэ ыгу къысфилъыр Тхьэмэ ялӀыкӀо ышӀэнба?

– ЫмышӀэ мэхъуа,– зэхихыгъэр гуапэ щыхъоу Дэхапсэ щхыгъэ.– ТапэкӀи укъысэлъэӀуи пфэзгъэплъэгъагъэба, Чэчанэ къызэригъэзэжьыщтыри къыуиӀогъагъ. Къыуитыгъэгъэ уцми яшӀуагъэ къыокӀыгъэба?

– Сэ зишӀуагъэ къысэкӀыщт закъор Чэчанэ псэогъу сыфэхъумэ ары.

– НахьыпэкӀэ ащ фэдэ пӀощтыгъэп,– Дэхапсэ тхьагъэпцӀэу къенэкӀэуагъ.

– Ащыгъум сфэлъэкӀыгъэмэ, ынэ къистхъынэу сыхьазырыгъ, ыпсэ хэсхыщтыгъ. Мы сыныбэкӀоцӀ илъыми сыфэягъэп. О уцэу къысэптыгъагъэм ишӀуагъэ къэкӀуагъэп нахь, сыкъамышӀэзэ зысыукъэбзыжьы сшӀоигъуагъ.

«А сиӀуб цӀыкӀу,– Дэхапсэ гукӀэ Анысэт зыфигъэзагъ,– о джыри пшъхьэ къимыхьащтхэм сэ сягупшысэ. Укуигъэми, сабый пшъо хэфагъэмэ, гушӀоба. Сэ сшӀэрэр сшӀэу, ар озгъэгъэкӀодыжьына, узэзгъэшъуагъэр шхъо фэмыхъумэ, е пфэхъущтэп». Ӏупэщх мэкъэнчъэм лакъырдыгъэ тӀэкӀуи къыхэщэу етӀанэ къеупчӀыгъ:

– Джы сыд адэ хъугъэр?



– Сыгубжыгъэти, сыгу имылъхэр къасӀощтыгъэ нахь, Чэчанэ гукӀэгъу фысимыӀагъэмэ, мыр къысэхъулӀэныя. ЕтӀани сшъо хэлъ сабыими ятэба?

– Ар шъыпкъэ, Анысэт, анахь лӀышӀури сабыимкӀэ ятэ фэдэ хъущтэп. Ар Чэчанэ гурыӀоу шъузэрэгъотмэ, нэнау цӀыкӀур шъуазфагоу шъущыӀэщт. Сабый зэрымысым насып илъэп. Сэ лӀы симыӀэжьми, лъфыгъэ сиӀагъэмэ, дунаир сиягъ... Ал, гущыӀэр къытӀублыхьагъэшъ, зыгорэ къыпфэсштэнри сщыгъупшэжьыгъ,– гощэ кӀуакӀэ зыригъэшӀэу Дэхапсэ тэджыгъэ.

– Хьау, хьау, моу джыдэдэм сыкъэшхагъ,– Анысэт къэгузэжъуагъ.

– Зи хэмыфэжьынэу ушхэгъэна? – къызэплъэкӀзэ, Дэхапсэ щхыгъэ.– Стырыпс тӀэкӀу кӀымафэм къыпӀуфэмэ, уигъэфэбэщт.

– Убысымгощэ дэгъу, Дэхапс. УиӀани ренэу зэӀухыгъ, уиуни ӀэшӀумэ рехы.

– Е-о-ой, Анысэт, сыбысымгощэн фалӀ шъхьакӀэ, сызгъэбысымгощэн синасып хэлъэп,– Дэхапсэ къэтхьаусхагъ.– Сэ НэтӀае гукӀэгъу фысимыӀэу къыпшӀорэмышӀ. Тхьэхэр сишыхьатых, сэ лажьэ сиӀэп, ежь хъугъэп нахь.

– Сыда мыхъугъэр, Дэхапс? – НэтӀаекӀэ чылэм дэлъ къэбарым ишъыпкъапӀэ Дэхапсэ ижэдэкӀэу Анысэт зэхихы шӀоигъуагъ.

– Мыхъугъэр джа ухэзгъэукъуагъэр ары,– Дэхапсэ щхыпцӀыгъэ.– ИшэнкӀи, ицӀыфыгъэкӀи, къызэрэсфыщытыгъэмкӀи зы мафэ сыгу ебгъагъэп, ау къэзгъэшӀэщтым сызэгоутэу зы пӀэ сыдыхэлъыныя, Анысэт?

– Адэ НэтӀае сыдэущтэу Турабэ пэблагъэ хъугъэ? Ыжэ къыдэзырэр епхъуатэ. Тураб Ӏуи, нычэпэ псы чъыӀэми фыхэтыщт.

– Узгъэхъужьыщт ыӀуи, Тураби ылъэкӀ къыгъэнагъэп, фэплъагъ, фэлъэӀуагъ, уцмэ аригъэшъуагъ – зыми ишӀуагъэ къэкӀуагъэп. Тхьэмэ къыфамышӀагъэр Турабэ къыфишӀэн ылъэкӀына?..– лэпс стырым пахъэр шъхьарихэу Ӏанэм къытыригъэуцуи, Дэхапсэ къэтӀысыжьыгъ, гу пцӀэнэ хьалэлкӀэ Анысэт къыӀуплъэзэ, игущыӀэ къыпидзэжьыгъ:
– Орырэ сэрырэ тызэфэдэшъ, къыосимыӀон щыӀэп, тигущыӀи тхьэмэ чыжьэ арэмыхь. НэтӀае моу зыгорэ къыфэхъыежьынэу щытыгъэмэ, мэкӀэ дэд ищыкӀэгъагъэр.

Хьэкъэрэ бгъэкъэшхор сауж къиxьи, Iэпэщысэхэр къысфихьымэ, щытхъупсыр къысигъэчъэхэзэ, ишъузыжъ ытIупщыжьынышъ, сищэнэу сшIошъ ыгъэхъугъагъ. Илъэсым къехъу шъэфэу сигъэшъузыгъ, етIанэ НэтIае къысфищэзэ, гукIэгъу фысигъэшIи, сыдэкIуагъ. Нэужым лIыр дэмыс зыхъукIэ, къысфыкъокIызэ, бэкIаерэ сызэрищагъ.

– Улъэш о, Дэхапс, Хьэкъарэ фэдэ лIы хафэр зыпыбгъэкIын плъэкIыгъэ. Ыгу хэбгъэкIмэ, ар зэблэн щымыIагъэу aIo.

– Зэрэхъугъэри мыры сIонэуи сшIэрэп. Турабэ къысфыкъокIэу зырегъажьэм, чэщ горэм ар исэу Хьэкъарэ къытефи, сыгучIэ изыжьыгъагъ. ТыкъишIагъэмэ, тIуми тпсэ Iуихыщтыгъ. Сыгу сытеIункIэжьи, зыгу-зыкIуачIэ сыкъызэхэхъужьым, пчъэр фыIусхыгъэп, Iусфыгъ.

– Угу къысэмыгъабгъ, Дэхапс. Турабэ Iae cIорэп, ынапэкIэ лIы къэбзэшху, ау, кIo, ори ошIэба...

Дэхапсэ щхыгъэ:

– КъыпфэмыIорэр къызгурыIуагъ, зэрэбытыр ары. ОшIа, Анысэт, НэтIае тхьамыкIэм елъытыгъэмэ, Турабэ лIы закI, дунаим ехыжьыгъэ Хьэкъари сщигъэгъупшэжьыгъ, зэрэбытри сынэ къыкIихьажьрэп.

– Уищэмэ, удэкIона?

– Уищэмэ оIо,– Дэхапсэ зыщыгугъыжьэу зырищыгъ,– сыдакIомэ, боу гушIозэ сищэн. Сыда сэ лажьэу сиIэр?

– Тхьэмэ уряхьакI, унапэкIи, ппкъыкIи, плъэкIапIэхэмкIи узэкIужьэу узэхэлъ, ощ нахь дахэ Мэзыбэ бзылъфыгъэ дэсэу сшIэрэп,– Анысэт ыгу къыдеIэу Дэхапсэ щытхъугъ.

– Оры, о сыд уилажь? Чэчанэ делэ нахь, ощ фэдэ пшъашъэ блэIэбыкIэу, типщышхо шъхьэгъусэ фэхъугъэр ыхьыныеп.

– Ар къызыпкъырыкIыгъэр сэ сэшIэ.

– Хэт?

– Нахьлъэш цIэплъыжъыр ары. Титхьэмэ ар къозэу рагъэшъынэу сялъэIу. Чэчанэ ышъхьэ итIысхьи, чэщи, мафи ынэгу кIифыхьэмэ, дахэу щыIэр фиIозэ, делэ ышIыгъагъ. Лажьэ имыIэу сэри Айнар ыгу хэзгъэкIыгъагъ.

– Зымафэ Айнарэ гушIуакIо уфэкIогъагъэу зэхэсхыгъэ.

– Мыхъун сшIагъа? – Анысэт ышъхьэ къыпхъотагъ.

– Хьау, мыхъун пшIагъэ cIoрэп, зэхэсхыгъэр къэсэIожьы,– Дэхапсэ кIилъэшъужьыгъ.– АщкIэ сыгу къэбгъэкIыжьыгъэр ары. Сянэжъ къыIотэжьыщтыгъэм къедэIу. ЗэпшъэшъэгъуитIу зэфэдэхэу щыIагъ. ТIури блэкIыгъэхэу дэхагъэх. Псэлъыхъохэр афызэблэкIыщтыгъэх, ау зыдэкIонхэ къахамыгъэкIэу хэтыхэзэ, пщыкIэлэ тегъэпсыхьагъэ къафыкъокIыгъ. Аужырэ джэгоу пшъашъэхэр зыхэтыгъэхэм щызэнэкъокъугъэмэ псагъэм тырагъэфэнымкIи пщыкIалэр атекIуагъ, шъори ашIудихыгъ, шыгъачъэми апэ къэсыжьыгъ. УдэкIон гухэлъ уиIэмэ, фэдэ гъотыгъуай. Ары шъхьакIэ, псэлъыхъом есэмэркъэунхэу пшъашъэхэр зэзэгъыгъэх. Зы пшъашъэм идэхагъэ фэдиз итаучагъ, адырэр идэхагъэ шъхьарыкIэу цIыфышIугъ, шэн дэгъу иIагъ. ПщыкIалэр апэ псэлъыхъо къызэкIом, пшъэшъэ шэнышIор гущыIэгъу фэхъуи, ыгу къибыбыкIэу ядэжь ыгъэзэжьыгъ. ЯтIонэрэ къэкIогъум, пшъэшъэ таучэр псэлъыхъом зыфехьэм, пщы кIалэм ыпакIэ къелэлэхэу, зэшIэгъое-шъхьэуназэ хъугъэу ыгъэкIожьыгъ...

Къэлэпчъэ макъэм Дэхапсэ къыгъэтэджыгъ, Анысэти къэупчIагъ:

– Хэт ар?

– Сигъунэгъу шъузыр ары.

– Зыми силъэгъунэу сыфаеп,– Анысэт къэгумэкIыгъ.

– ГутIапчъэмкIэ модырэ унэм чIэкI, сэ щызгъэсыщтэп ар.

Унэ чъыIэм Анысэт зиутIыIоу тIэкIурэ итыгъэу, Дэхапсэ къэджэжьыгъ.

– КIэдзэ тIэкIу ыIуи къэкIогъагъ,– Дэхапсэ IупшIэ ышIыгъ.

– Сыда, чэм яIэба?

– Тыдэ къырябгъэхыщт? Зы лIы яIэшъ, сыдигъо уихьагъэми, ылъакъохэр дэгъэзыягъэхэу щылъ. Янасыпмэ, шъуз тхьамыкIэм ышыхэр бэрэ иIэных.

– КIо, хъугъэ, ар Iофэп, Iэежьым тхыдэ шIагъор зэпигъэугъ,– джэныкъо машIом Анысэт зыфикъудыизэ, къыIуагъ.– Сыд етIанэ хъугъэр?

– Сыд хъун,– Дэхапсэ IупшIэ хъураехэр зэригъафэзэ, къыIуатэщтыгъэм къыпидзэжьыгъ.– Пшъашъэм зызэришIырэр пщыкIалэм ишъэогъу фиIотагъ. «Уеушэтышъ ары,– шъэогъум ыIуагъ,– теубытагъэ уиIэмэ зэрегъашIэ». Сыдэу щытми, зэкIогъум кIэхэкIрэр адырэ кIогъум къыхэхъожьзэ, джэгу щыIэу, пшъэшъэ таучэм гущыIэгъу фэ-

хъугъ. Зыкъыlуишlыхьэ зэхъум, ащ нахь тlасхъэ згъотыжьынэп ылъуи, ибайколхэр игъусэу, джэгум къыхихыгъ. Унагъо ышlэнэу пщыкlалэм ригъэжьагъ шъхьакlэ, нысакlэм гуащэр решхыхьэ, лlым ышъхьашыгу тетlысхьагъ, цlыфмэ ахэхьанкlи, иунэ зыгорэ къырищэнкlи укlытэ хъугъэ. Джары зыкlаlуагъэр: «Шъузышlур – унэ, шъуз бзаджэр чlыун». Лlым ыщыlэ зэпытына, ыгу кlоди, тыщасэ ыщэ фэдэ ышlыни, ригъэкlыжьынэу тыриубытагъ. Шъуз таучэм лlым игухэлъ къышlагъ, зэнэцlынэу унэм илъыр зэкlэ кум риуlапlи, тыщасэ кlуагъэ. Пщыр зимахълъэмэ ящагу къыдэкlыжьыгъэ къодыеу, къэкlорэ бзылъфыгъэм шым фепсыхыгъ. Къэсыгъэр ишъхьагъусэ фэдэкъабз. «Сэ къэсщэжьыгъэр иунэ ис, о ухэт адэ? – пщыр еупчlыгъ. «Сэ уишъхьагъусэ сырипшъэшъэгъу, зиусхьан,– ыlуагъ пшъэшъэ шэнышlом.– Псэлъыхъо укъызэрэсфэкlощтыр сипшъэшъэгъу зешlэм, сигъэшэхъуи, тыосэмэркъэунэу зэдэтштэгъагъ. Етlанэ сятэ зыщымылэжьым тыригъафи, ежь къыбдэкlуагъ». «Джэгум паго къекlыжьы» зэраlорэр ащыгъум шъыпкъэу къычlэкlыжьыгъ. Ухьазырыщтмэ, нычхьапэ блэмыкlэу сыкъыплъыкlощт»,– пщым ылъуи, къыбгъодэкlыжьыгъ, шъузыщэхэр гъусэ ышlи, а пчыхьэ дэдэм пшъэшъэ шэнышlор ыщагъ. «Зэ къэзыщэрэр мэунэ, тlо къэзыщэрэр мэунэхъу» аlуагъэми, пщыкlалэм ылотэжьыгъагъ.

– Сэ пщыкlали сылъыlабэрэп, Дэхапс,– Анысэт хэщэтыкlыгъ,– Чэчанэ сыблэхъопсыкlырэп.

– Сэ сlэ къиихьанэу щытыгъэмэ, пщыкlалэми сылъыlэбэни,– ыгу къыдеlэу Дэхапсэ къыlуагъ.– Рэдэд фэдэ уилlыщтмэ... Пщым къызэрэхэкlыгъэм изакъоп зыкlасlорэр, цlыфыгъэ-лlыгъэ хэлъ, гушхо. Урым хэгъэгу чыжьэм пшlи, укъэзышlи щыуимылэу, шъхьафит зыпшlыжьын, мощ фэдиз гъогууанэр къызэпыпчыжьын зыхъукlэ, лlымэ ялыеу ущытын фае. Ар пщы шъыпкъэ тфэхъугъэкlэ сэгугъэ.

– Ары сэри сlорэр,– Анысэт къэгуззэжъуагъ,– ау сэ сызгъэгумэкlрэр фэшъхьаф. Турабэ сфыдэгущыl, о епlорэр нахь хэхьащт.

– Ащ пае укъэмыгумэкl, есlогъахэкlэ лъытэ,– Дэхапсэ Анысэт къыгъэгупсэфыгъ.

– Щыскlаерэ убэкlаерэ зэфэдэ аlуагъ, укъысэзэщыгъэн фае, Дэхапс,– Анысэт къэтэджыжьыгъ.

– Ар lуакlэ хъуна, сыгу жьы дэбгъэкlыгъ,– Дэхапсэ ихьакlэ lапlI фабэ рищэкlыгъ.

Бзылъфыгъэ шъхьэзакъом Анысэт нэужым къыриlожьыгъэр гум къиlукlырэ мэкъагъ. Насып зиlэ бзылъфыгъитlу зэlукlагъэмэ, зым адырэр зыгорэкlэ ешъугъу, ехъуапсэ. Зыр насыпынчъэу адырэм инасып къикlыгъэу гущыlэгъу зэфэхъумэ, нахь lэежьых. Ау насыпынчъитlу зызэрихьылlэкlэ, агу жьы дагъэкlы, шъэфэгъу зэфэхъух, зэрамыlон къагъанэрэп. Анысэтрэ Дэхапсэрэ къагъэшlагъэм зы унэ зэдисыгъэхэм, зэгъусагъэхэм, зэфэгупсэ зэнысэгъугъэхэм фэдэу, ягукlаехэр зэфыраlотыкlыгъэх.

– Умыгуl, Анысэт,– къэлапчъэм нэс къыдэкlотэгъэ Дэхапсэ къеушъыигъ.– Тэ тlорэр зы, тхьэмэ тфызэрагъафэрэр нэмыкl. Улъаlоу, уфалlэу Чэчанэ земыгъэлъэгъу. Уфэмыежь фэдэ зышlи, мары плъэгъун, ежь къыоубзэу уауж къихьажьыщт.

– Ащ фэдэ лъэкl сиlагъэмэ, Дэхапс...

– Плъэкlыщт,– ымакъэ ыгъэпытэзэ, Дэхапсэ къыlуагъ:
– Ощ фэдэ шъуз ыгъотыщтмэ, Чэчанэ ипаlо щэ дерэдзый. Умыдаха, умышlыкlашlуа, умыгукъабза! Сыд етlани ар зыфаер?!

Анысэт зыкъишlэжьыгъэу, ыгуи псынкlэ хъугъэу Дэхапсэ икъэлапчъэ къыlукlыжьыгъ.

## VIII

Зэфэс ужым Чэчанэ ятэжъ ыпэ зыкъыригъэфагъэп. Зэlукlэхэмэ, хъун къызэрэримыlощтыр ышlэщтыгъ, къыжэхэоныри дыхэтыгъ. Ащ Чэчанэ щыщынэкlэ арэп Колэс зызыкlыщидзыещтыгъэр, укlытэм ешхыти ары. Уз хьылъэ горэм къыкlэзыжьыгъэм, икlэрыкlэу къэхъужьыгъэм фэдагъ, ау етlани гуlэ-гущтэм зэлъиlыгъыгъ, пкlыхьэпlэ lаехэр ылъэгъущтыгъ, ылони ышlэни ымышlэу, моу зыгорэ къекуонышъ, тхьамыкlагъо горэкlэ ыгу рихыным ежэу хэтыгъ. Ышlагъэр чылэм имызакъоу, адыгэ зэфэсым къекlолlэгъагъэхэм къыфагъэгъугъэми, Мэзыбэ лые дэхъухьэгъагъ. Чlыпlэ къиным изыщыжьын, цlыфмэ ахэзыщэжьын зылъэкlынэу чылэм дэсыгъэр ишъэогъугъэ Рэдэдыпщыр ары, ау зэфэс кlэухым зэкlэмэ алъэгъоу шъотэ lэгубжъэ къызэрэритыгъэми ишlуагъэ къэкlуагъэп.

Ащ шъорышlыгъэ хэлъыгъэп. Рэдэд ыгу имылъ зэрэпфимыlощтыр, зэрэпфимышlэщтыр Чэчанэ ешlэ. Зэ нэмыlэми лъэсыми, шыуми шъэогъум готэу чылэм щалъэгъугъагъэмэ, бэмэ анэгухэр къыфагъэзэжьыщтыгъэ.

Чэчанэ зыухырэмэ Анысэти зэу ащыщыгъ, ащ зызэрэlуигъэкlэщтыр, рилощтыр, яззфыщтыкlэ кlэ фишlыщтыр абрамыжъоу ыпплlэу телъыгъ, ыгу щизэу жьы къыригъащэщтыгъэп. «Непэ а lофым кlэух фэсшlын сыд ишlыкlэми, Анысэт зыlузгъэкlэн»,— гукlэ зэрилoжьи, пчэдыжьым Чэчанэ унэм къикlыгъэ къодыеу Колэс lуупlагъ. А чlыпlэм Чэчан чlыгум пхырэзы шlошlыгъ, шъхьэм лъыр къеуи, ылъэкlапlэхэр махэ къэхъугъэх, кlэзэз макlэр пкъышъолым рычъагъ.

— Моу унэм ихьажь! — Колэс кlэкlэу къызlуидзыгъ. Чэчанэ пчъэр фыlуихи, ятэжъ ыпэ ригъэшъыгъ, ежь пчъаблэм гоуцуагъ. Бэщыр ыпэ итэу хэшэнычъыкlызэ, Колэс джэхэшъогур рикlукlыгъ, къырикlукlыжьыгъ, ипхъорэлъф пэчlынатlэу къэуцуи, нэхэягъэкlэ къыlуплъагъ, ыlупшlакlэхэр тхыохэзэ, къеупчlыгъ: — Сыд къыуасlомэ хъун, кlал?

— Зэкlэ къызгурыlуагъ,— Чэчанэ ымакъэ рилъашъозэ, ятэжъ фычlэплъыгъ.

— Сыгугъэрэп къыбгурыlуагъэкlэ,— лlыжъым ышъхьэ ыгъэсысыгъ.— Уянэ тхьамыкlэр сэ къысхэкlыгъэ пае сlорэп, паlо щымыгъэу къэхъугъагъэми, зы лlы ыосагъ. Ащ къыфишlагъи, сэ къыфэсшlагъи, узфэдгъэсагъи — зыпари къыппкъырыхьагъэп.— Чэчанэ шъэожъыезэ, ятэ илэпэ-цыпэхэу къыхафэщтыгъэхэр Колэс ыгу тефэщтыгъэхэп, ау имахълъэ ишэныгъэхэр кlалэм рихъоныжьыныр къыригъэкlугъэп, ыцlэ къыримыlоу къыхигъэжъагъ: — Сэ сымыдэгъахэр тхьасилагъэу къыпхэфагъэр ары.

— Сыдигъу тхьасилагъэ къызысхэфагъэр?

— Зэфэсым ыпашъхь! Нахьлъэш сигъэделагъ пlоу кlэлэцlыкlу ухъужьыгъагъа, хьауми чэтышъхьа пшlотыр? Е-е, сикlал, ар цlыфыгъэми лlыгъэми ащыщэп. Сыд пlуагъэми, пшlагъэми, уагъэlуагъэуи, уагъэшlагъэуи сэшы, зыгорэм темылъхьажь. Ащ нахь пыут узэхъулlэн щыlэп. А чlыпlэм уихьадэ къысфащэжьыгъэми, ащ фэдизэу сыгу къеоныеп.

— Ар сшlошъ мэхъу...— Чэчанэ ымакъэ дысыгъэ къыкlэхьагъ.— Рэдэд чатэр къыуитыгъагъэмэ, спсэ бгъэгъунэу ухьазырыгъ.



— Зи езгъэlоныеп! — Колэс ымакъи ипхъорэлъф пигъэлъэшыжьыгъ.— Нахьлъэш джэгуалъэм зэрэшlоигъоу сипхъорэлъф зекlощтмэ, сэ къэзгъэшlагъэр ащыгъум хьаулыеба. Рэдэдрэ орырэ шъуззэдэтпlугъ, шъуззэдэтылэжьыгъ, Рэдэд лlы хъуи, о пlын паlо пщыгъэу укъэнагъ.

— Сыкъэмыушъхьакlу, тэтэжъ...

— Къедэlу къыосlощтым! — Колэс бэщыпэмкlэ джэхашъом щыхэтlыргукlыгъ.— Рэдэд игупшыси, иакъыли, изэхэшlыкlи зынэсыгъэм еплъ. Чатэ зысэlом, сшъэ сызэрикlыгъэр гурыlуи, сигъэlэсагъ, уибзэджэшlагъэ къыпфаригъэзгъэгъугъ. О ащ ычlыпlэ уитыгъэмэ, чатэр къиппхъотыни, ышъхьэ пыбгъэлъэтыщтыгъ.

— Егъашlи ар сфэшlэнэп...

— Къэмыlу! Айнарэ уебэни къызыохым, нэрмылъэгъу чатэкlэ Рэдэд ышъхьэ шlопхыгъагъ, пшъэшъэжъые хыер бгъэунэхъуныекlи мэхъу, инасыпти, типщ гукlэгъуи, цlыфыгъи, акъыли иlэу къычlэкlыгъ.

— Сыдэущтэу Айнарэ згъэунэхъущтыгъ?

— Зыгорэм ыхьыгъагъэр къэсщэщтэп ыlоу, lабэу нэмыкl пшъашъэ къыщэгъагъэмэ, бгъэунэхъугъагъэба? Ащ фэдэ бэмэ ашlэу къыхэкlыгъ. Джары, сикlал,— Колэс ымакъэ къэушъэбыгъ,— джынэкъэуж мыхъун горэ къыпхэфагъэу зысшlэкlэ, псибл уиlэми хэсхыщт. Джар пшlошъ гъэхъу. Колэс лlыжъыр хьаулыеу дунаим тетыгъ сэ мэзыбэмэ, къосэгъумэ язгъэlощтэп. Джы кlo уздежьагъэм.

Бэщыкlэ аукlыгъэм фэдэу Чэчанэ унэм икlыгъ, зыдежьэгъагъэри щыгъупшэжьыгъэу, чэт шъхьэунэзагъ пlонэу, щагум дэкlыгъ. Зыкъэшlэжьыгъо имыфагъэу ыкlыбкlэ къыщыlугъэ шы лъэмакъэм зэригъэплъэкlыгъ. Шычэмыдэ лъэкъофымрэ шыумрэ зэщыщ пшlуигъэшlэу Мэщыкъо къышъхьарыхьагъ.

— Байкол шыудзэм узэрэхэдгъэхьажьыгъэр къыосlонэу Рэдэдыпщым сыкъигъэкlуагъ,— бгъукlэ реплъэкlзэ, Мэщыкъо къыlуагъ, етlанэ ынэгу къыфигъази, къеупчlыгъ: — Тыдэ уежьагъа?

— Шъуадэжь сэкlо,— Чэчанэ ыгу илъыр къыжэдэзыгъ.

— Тиунэ ащкlэ щыlэп,— Мэщыкъо зэхихыгъэр ышlошъ хъугъэп.

— Ары шъыу...— Чэчанэ кlэщхыкlыгъ,— сшъхьэ зэрафэкlыгъэшъ, тыздакlори тшlэжьырэп.

– Хэта ащ фэдизэу къыпфырехыгъэр? – Мэщыкъо ымакъи къэфэбагъ, шыбгым зыщырищыгъ.

– Сятэжъ.

– Тянэ земыгъэлъэгъу, зыкъыбжэхидзэщт,– Мэщыкъо лъэрыгъмэ заригъэІэтзэ, Чэчанэ лъыджэжьи, фыпигъэхъожьыгъ: – Неущ Рэдэдыпщым къыгъэзэжьыщтышъ, байкол шыудзэр тыугъоищт, уиІаши, уишъуаши, уишыуани ахэплъэжь.

«Сызэнэгуягъэр шъыпкъэ, Рэдэд дэсэпти ары зыми зи къызкІимыІуагъэр,– ос шъэбэ пІуакІэм загъорэ щыцІанлъэзэ, Чэчанэ елъэкІоныщтыгъ. «Тхьасилэ» гущыІэу ятэжъ къыфидзыгъэр мэстапэу ыгу къыхэожьызэ, зыфэгубжыжьыгъ: – Сифэшъуаш, къэсІощтым сегупшысагъэп. ЦІыфым удел епІо зэпытмэ, зэгуцэфэжьэу регъажьэ. Нахьлъэш цІэплъыжъым ыцІэ къесІон фэягъэп, сымышІахэу сыжэ къыдэлъэтыгъ. «ЫнитІу данэ акІэбзагъ, ыІупшІэ гъэбжьыгъэхэр къэгъагъ тхьэпэ шэплъых, ыбг псыгъо Іэмычlэм чІэфэн, ылъэкІапІэхэр кІэнкІэкум фэдэх…» – джащ фэдэ гущыІэхэр мо бгъэкъэжъым къыздырихыщтыгъэхэр сшІэрэп, мафэ къэс стхьакІумэ римыгъэкІхэзэ, саригъэумэхъыгъагъ. Айнарэ сыгу щыщы ышІи, сшъхьакуцІ хэтІысхьэгъагъ, слъы хэлъэу къыздесхьакІыщтыгъ. Ау сыд фэдизэу сытелІэщтми, Рэдэд псаоу сшІэгъагъэмэ, лъэбэкъу сыдзыныеп…»

– Чэчан! – ыцІэ къезыІогъэ макъэм Чэчанэ къызэтыригъэуцуагъ, етІанэ елъэкІонзэ, лІыжъым кІэрыхьагъ.– Сыд, сикІал, хьэдагъэм уежьагъ, ара? Моу тІэкІу тягъаж, сигъунэгъухэри къыдэкІыщтхэшъ, тызэхэтэу тыкІон.

– Хэта лІагъэр, ТІатІыхъу? – зыцІэ къыриІощтым ыгъэгумэкІэу, Чэчанэ лІыжъым Іуплъагъ.

– Нашхъо ян ары,– ТІатІыхъу игъунэгъухэмкІэ реплъэкІзэ къыІуагъ, етІанэ къыІущхыпцІи, къыхигъэхъожьыгъ: – Езэгъын ащ къыгъэшІагъэм. Мары, Нашхъуи лІыкушхо хъугъэ.

– АщкІэ сятэжъ ыІорэр ошІа, ТІатІыхъу? – Чэчанэ пигъодзыжьыгъ.– Илъэс мин къыгъэшІагъэми, ныр уиІэ пшІоигъо зэпытыщт.

– Ари шъыпкъэ,– ТІатІыхъу ышъхьэ къыукъощызэ, къыІуплъагъ.– НышІурэ ошІурэ хэт яэщыгъ? Ныр уимыІэжьы хъумэ, ибэ хъураеу укъэнэ.



ТІатІыхъу гъунэгъухэр гъусэ къыфэхъухи, зэрэгъэгущыІэхэзэ, хьэдагъэм нэсыгъэх. Къэлэпчъэ зэІугъэзыкІыгъэмкІэ щагум дахьэхи, Нашхъуи, ышнахьыкІи, яІахьылхэми афэтхьаусхагъэх. Хъулъфыгъэмэ ахэуцуагъэхэу, къаІотэрэ къэбармэ акІэдэІукІыхэу щытхэзэ, къэлэпчъэжъыем къыдэкІырэ бзылъфыгъэ купмэ Усасэ ахэтэу Чэчанэ ылъэгъугъ. Гуцафэ къызфаримыгъэшІэу Чэчанэ лІымэ апхырыкІи, акІыб дэуцуагъ. Бзылъфыгъэхэр унэм зехьэхэм, щагум къыдэкІошъыжьыгъ, хигъэкІрэр шІомакІэу, Анысэт иунэ фиузэнкІыгъ.

Щагур зэгъокІыгъ. Кон чІэгъым къычІэкІыгъэ хьэ шІуцІэшхом къышІэжьи, ыкІэ ыгъэсысызэ къыпэгъокІыгъ, ылъакъомэ закъырищэкІызэ, пчъэм нэс къыдэкІотагъ. Пчъэ тІуакІэм Чэчанэ дэуцуи, ымакъэ ылъэкІыгъ:

– СыкъакІо хъущта, Анысэт?

Анысэт шъхьэр къыпхъуати, лъыр ынэгушъхьэмэ къяуагъэу къэтэджыгъ, ышІэрэр ынапэ ымыштэщтыгъэми, ынэжгъ зэхигъэхьагъ:

– Хъущтми мыхъущтми, укъихьэгъах. КъакІо, къэтІыс.

– Цылъэпэд охъы, ара? – къызэрэригъэжьэщтыр Чэчанэ ымышІэу, еупчІыгъ.

– Цылъэпэдэп мыр,– Анысэт ыбгъэ кІиубытэгъэ лъэпэд ныкъохъым феплъыхыгъ,– хъытыу нахь.

– Мощ фэдэ хъытыу мэхъуа?

– Нэд шъыпкъэу хъытыу сэхъы, къихьэрэр изгъэкІыжьыщтэп,– Анысэт пагэу Чэчанэ Іуплъагъ.– СызэрэбгъэпцІагъэм фэдэу сэщ фэдэ делэ горэ сихъытыу къисыубытэн сэІо.

– Ащыгъум сэ сиубыт,– гу къызІэпишІыхьажьзэ, Чэчанэ хэгушІукІыгъ.– Къэзгъэзэжьрэр тхьэмэ аштэжьы аІуагъ. Чылэм къэзгъэзэжьыгъэ къодыеп, о уадэжьи ары. Уфаемэ, хъытыуи къысэдз, лъахъи къыстелъхь, узыфаер къысашІ, угу щышІагъэр сэшІэшъ, сыд къысэпІуагъэми, сыгу обгъэщтэп, ау къысфэгъэгъу. Мыр сшъхьэ, мыр сипаІо…

– Пшъхьи сыфаеп, уипаІуи сэмыгъэлъэгъу,– Анысэт зигъэпхъашэу къыригъэжьагъ, ау ымышІахэу ымакъэ къыщитхъагъ: – Чылэм цІэІужь сыдэпшІыхьэгъахэшъ, джы сшъхьэ, сипаІу оІо. Шъхьэ уиІагъэба, гу пкІоцІылъыгъэба, сыкъыолъэІоу, сыкъыоубзэу, зыпыслъэжьыщт сІоу уауж сызетым?

– Тхьэмэ афэшъхьаф, Анысэт, хэмыукъорэ щыIэп,– Чэчанэ ушъый гъэшIуабзэкIэ къыIуагъ, «Нахьлъэш сигъэплъэхъугъ» къыIонэу къыдихьыегъахэу, ятэжъ къызэрегыигъэр ыгу къэкIыжьи, рифыхьыжьыгъ.– Сыхэукъуагъ сIуагъи! О къызэрэпшIошIэу, чылэми хизы ухъугъэп, тикъэбар щыгъуазэр нэбгырэ заули хъурэп. СыолъэIу, тызэгурыгъаIу. Зэфэгусэм зэшIокIодыр къехьы.

– ЗызгъэшIожьэуи, зыкъыпфэзгъэгусэуи къызшIомыгъэшI, Чэчан,– апэрэу Чэчанэ ыцIэ фэбагъэкIэ Анысэт къыжэдэзыгъ.– Зыгорэ зысшIынэу схэлъыгъэмэ, сыгуи, сигукIэгъуи уахэстхъыжьыныешъ, сшъхьэ ифэшIу ыуж сихьажьыщтыгъэ. Сэ сыгу хапкIэрэр сыл щыщ хъоу тхьэмэ сыкъагъэхъугъ.

– Ар къызгурыIожьыгъэу, узэрэзгъотыжьыщтым сеусэзэ, хьакIуцумэ сахэсыгъ.

– Арми, хьакIуцумэ Нахьлъэшыжъыр пщы афэхъугъэу, о пщы гуадзэ уфашIыгъэу ары тэ зэхэтхыщтыгъэр,– сэмэркъэу-мыскъарэкIэ Анысэт кIэщхыкIыгъ, псынкIэуи зыкъызэблихъужьыгъ.– КъэтIысба, Чэчан, тызэдэоным тыхэхьагъэшъ, адыгэгъэ-цIыфыгъэри тщыгъупшэжьыгъ.

Чэчанэ тхы ищыгъэм шъхьэри дигъэзэндэжьызэ, етIысэхыгъ, Анысэти риIуагъ:

– Ори къэтIыс. ГущыIэ гуаор кIэсэ зэIых, Анысэт. Губж хэмылъэу, тыгу зэфилъыр зэтэгъаIу.

– ХьакIуцухэмкIэ къэсIуагъэм зи къепIолIагъэп,– гукIэгъу зэфэшIым Анысэт хэхьаныр къыримыгъэкIоу гущыIэр нэмыкI гъогу тырищагъ.

– А къэпIуагъэр сипый горэм къышъонигъэсыгъ, е сэ зыгорэ сэбгъаIо пшIоигъу. Шъыпкъэба, Анысэт? – Чэчанэ щхыгъэ.

– Уфаемэ – шъыпкъэ, уфэмыемэ – пцIы,– Анысэти къэчэфыжьыгъ.– Ау щытми, шъхьэхьыжь нэгъуаджэу ХьакIуцу шъузэрэщымыIагъэр зэхэтхыгъэ... Зэ, моу джыдэдэм къэзгъэзэжьыщт,– зыгорэ ыгу къэкIыжьыгъэу, гутIапчъэмкIэ унэм чIэкIыгъ, чэтыу огушхо ыбгъэ кIэсэу къыгъэзэжьыгъ.– Мыр къэошIэжьа, Чэчан? – фэбэпсыр ынитIумэ къакIихэу Анысэт къыIугушIуагъ.– Щыр цIыкIоу къысфэпхьыгъагъ, еплъ зэрэхъугъэм. Мыщ хэхъуагъ, орырэ сэрырэ тхэкIыгъ.



Чэтыу огур Анысэт Чэчанэ ыкуашъо тыригъэтIысхьагъ. Адырэри ышъхьэшхо-нэшхъо чэфынчъэхэмкIэ Чэчанэ къыдэплъыягъ. ХэпцIэукIи, АнысэткIэ зигъэзэжьыгъ, ыкокI зегупсэфэжьым, ынэхэр ыупIыцIэжьыгъэх. Чэчанэ чэтыу щырыр Анысэт къызэрэфихьыгъагъэр, непэ зэ ишIулъэгъу темыплъэмэ зэрэзэгоутыщтыгъэр, яунэ пчъагъэрэ зызэрэблыригъэхыщтыгъэр ыгу къэкIыжьыгъ.

– Зи къэпIожьрэп, Чэчан,– Чэчанэ изэхэшIэ-гукъэкIыжьхэр Анысэт къызэпичыгъэх.– Сыд шъуишыгъэхъушIакIэу хьакIуцумэ шъуахэтыгъ?

– ХьакIуцумэ къагъэшIагъэм пщы ямыIагъэу, Нахьлъэш цIэплъыр хэт пщы ышIын, пщы гуадзэри сэ хэт къызнигъэсын ? – Чэчанэ зиухыижьыгъ.– Барыч ыцIэу ахэмэ лIы пшъэго Iужъу горэ яI, пщэу пщэп, хьакIуцумэ апэ иуцуагъэшъ, ыгъэдаIохэ шIоигъу. Ащ мыдырэжъым зыгуидзагъ, иIуи, ышIи ахелъхьэ шъхьакIэ, хьакIуцухэр зэрэщытхэр пшIэрэба, тызахэтыгъэ тIэкIум зыфэдэр рашIыкIыгъэшъ, делэ зыкъырашIылIэ, сыд ариIуагъэми, «къосэгъухэм ара аIорэр? ГъэшIэгъоны, гъэшIэгъоны» аIозэ, къыIощхыпцIэх. Мары, сэ сIуагъэ пIожьын, е зыгорэ къырашIэщт, е къыкIырагъэIэщт...

– КIо, хъугъэ,– Анысэт ыдагъэп,– мо Iаем игугъу зэхэсхынэуи сыфаеп. Хьакъарэ имахълъэ пэтзэ, еплъыгъэп, екIодылIагъ.

– КъахэзытIупщхьагъэр сшIэрэп, Хьакъарэ джынапцIэ аIуи къырахьыжьи, Нахьлъэш цIэплъыжьым адыригъэштагъ.

– Адыримыгъаштэмэ, ежьыри дагъэкIощтыти ары, Чэчан, къыбгурыIуагъэба? Ар Iофэп, Рэдэдыпщым сыдэу зыкъыпфишIыгъа?

– Зы гущыIэ мыхъун ыжэ къыдэкIыгъэп,– Чэчанэ хэхьапщыкIи, ыIэтыжьыгъэгъэ шъхьэ пэгэ псыгъор къышIуефэхыжьыгъ.– Рэдэд илIыгъи, ицIыфыгъи зэрэиныр, шэн зэтет зэриIэр бэшIагъэ зысшIэрэр. Ау ащ фэдиз фэгъэгъуныгъэр къыздызэрихьаныр, сызгуиубытэжьыныр сшъхьэ къихьагъэп. Сыд къысишIэми, сихьылъэ, сифэшъуаш сIуи, сыгу уадэжькIэ къэсыдзыжьыгъ.

– Уи ЦIэплъыжъ сыд къыуиIуагъ?

– ЕзгъэшIагъа? ХыIушъомкIэ хъункIакIо зырагъэхьыгъэти, къыкIэсIэжьыгъ,– Чэчанэ щхыгъэ.– Хьакъарэ пае зэ пхъашэу арырэ сэрырэ тызэIуупIэгъагъ. Ащ ыуж щэн-

хъожьым хэтхэу къахэхьэгъагъэхэр чылэм зыдэкIыжьхэм, гъусэхэр ышIхи, къыхъункIагъэх. Ари зыфэсэмыдэм къызжэхэбаниешъ, ситхьалэ пэтыгъ. О уиIуагъэу имахълъэ емыплъыгъэр сэ къысэплъына? Тыгъужъымэ сшIэрэп къязгъэлъфыгъэр, цIыфыгъэ-гукIэгъу зыфаIорэр хэлъэп.

– ХьакIуцумэ шъуахэхьажьыным ыпэкIэ боу укъыщыт-хъущтыгъ.

– СшIагъа сэ, ежь къыпфае зыхъукIэ, ар шъоубзэгу, гущыIэкIэ утырегъэлIыкIы.

– Ори ащ щыщ горэхэр къыкIэрыпхыгъэкIэ сенэгуе, непэ къысэпIогъэ гущыIэмэ афэдэхэр ужэ къыдэкIхэу ыпэкIэ зэхэсхыгъэп.

– Хьау, Анысэт. Ахэр зэкIэ сыгу илъэу къыпфесхьакIы-щтыгъэх, къысфаIощтыгъэхэп нахь. Джы ащ нахьыбэ сфэIыгъыжьыщтэп, сыкъыщиутагъ.

– Сэри ошIэ-дэмышIэу укъысшъхьарыхьагъэти, сыгу дэшъухьагъэр къысшIудэугъ нахь, Чэчан, спсэ ущыщ, слъы ухэлъ.

– СыолъэIу, Анысэт, моу зызакъо уныбэ сыкъыте-гъэIаб, сисабый пшъо хэлъыр.

– IукI адэ,– Анысэт къыраIуагъэр игопагъэми, зыIуи-щэикIыгъ.

– Тизакъу, зыми тыкъилъэгъурэп.

– Тхьэмэ тыкъалъэгъуба. Сымыщэу IапэкIэ укъыз-нэзгъэсыжьыщтэп,– Анысэт тэджынэу ежьагъ.

– Хъугъэ, хъугъэ, щыс, сыкъыбнэсыщтэп,– Чэчанэ къэгузэжъуагъ.– Уянэ хьэдагъэм къэкIуагъэу слъэгъу-гъэти, сэ сыгуIэзэ, уадэжь сыкъэсыгъ. Мэщыкъо... ягуащи игъусагъ сшIошIы.– Мэщыкъо зэрэIукIагъэри къыпигъащэ шIоигъоу къырищэжьэгъагъ, ау имыщыкIагъэкIэ ылъыти, Усасэ инысэ игъусэу ымылъэгъугъэми, ылъэгъугъэ фэдэ зишIыгъ.

– Игъус адэ,– Анысэт къыгъэшъыпкъэжьыгъ.– Хьэда-гъи, джэгуи нысэр имыгъусэу нанэ зыми кIорэп. Сэ сыздэкIощти, сыздэчъэщти о сэбгъэухыгъэ.

– ЗэкIэ зэтеуцожьыщт, Анысэт,– джыри губж горэ азыфагу къихьаным Чэчанэ тенэгуикIыгъ.– ЦIыфмэ къя-мыхъулIэ къытэхъулIагъэп, тызэрэгъотыжьмэ, тащы-гъупшэжьыщт.



– Тэ тшIагъэм нахь Iае горэ нэмыкIмэ ашIэнышъ, тэ ажэ тыдэзыжьыщт. Ара къапIо пшIоигъор?

– Ашъыу, ащ фэдиз къызгъэкIыгъэп! ГущыIэ пэпчъ зыкъыпыбгъапкIэу, сыдэу пырэцэ цIыкIу ухъунэу ебгъэ-жьагъа сэIо.

– Сэ сыгу дэхъыкIыгъэм ызыныкъо о угу щышIэгъагъэ-мэ, сеплъыни узэрэхъурэм.

– Сэри сытхъагъэп, Анысэт. Спсэ сырыджэгужьэу хьакIуцумэ сахэсыгъ. Нахьлъэшыжъым секIодылIэщтмэ сымышIэу, къэзгъэзэжьмэ, къосэгъумэ спсэ агъэгъун сIоу, макIэп скIэхэкIыгъэр. Джы зэкIэ такIыб хъугъэ, пIалъэ къысэт.

– СэркIэ мафэри бэ. Неп пIоми, неущми сыхьазыр, ау тигъунэгъу ныор лIагъэу, унэгъуиплI ныIэп тазыфагур... Зибэ тешIагъэм имакIи терэшIэжь.

– Ащ сегупшысагъэп, тэрэз зыфапIорэр,– Чэчанэ укIытэжьыгъэу къезэгъыгъ.– Адэ сыдигъу пIорэ?

– Ныом ищыгъынIухыжь текIмэ...

– Боу хъун. Ащыгъум тызэзэгъыгъ,– Чэчанэ ыгу зы-къиIэтыгъэу къэтэджыжьыгъ. Мэфэ заулэкIэ шъхьэгъусэ къыфэхъущтыр ынэгушъхьэхэр къыхихэу, лы тIэкIоу пы-хъуагъэм идахэ дахэ хигъэхъуагъэу ыпашъхьэ къызеуцом, Чэчанэ джы нэс зэхимышIэгъэ хъулъфыгъагъэм къызэкIи-гъэблагъ, етхъоу къызIэкIиубытэ, ифабэ зэхишIэ шIоигъоу ыIэхэр къэхэъублэблагъэх, ау зиIэжагъ.– Уянэ къэмы-сыжьызэ, сикIыжьыщт нахь, сызилъэгъукIэ, Iаджи къысты-рипчъэщт.

– ГущыIэ къодыекIэ нанэ укъелыжьыщтмэ, угушIон,– Анысэт ыгу къыдеIэу щхыгъэ.– Ащ ыIорэр ошIа? «Моу а нэпэнчъэр сапэ къифэгъагъот, ынэ мыукIытэхэр къистхъы-щтыгъэх». Арышъ, зыфэсакъыжь, нэшъоу укъигъанэмэ, пIапэ сIыгъэу укъысIэкIэнэщт.

– Ащ Iофыр нэдгъэсынэп, Анысэт. ХъяркIэ ащыгъум.

– Хъяр къыохъулI, Чэчан. ЗыгорэкIэ сыкъыоупчIы сшIоигъу,– пчъэм нэсыжьыгъэр Анысэт къызэтыригъэу-цожьыгъ.– Дзэпэщэ IэнатIэм сшынахьыжъ Мэщыкъо сыда Рэдэд зыкIытырищыгъэр?

– Зытетыр къыосIона?

– Зытетыр ары нахь, зэрэщымыт сыфаеп.

– Мэщыкъо лIы дэгъу, ныбджэгъушIу, ау пащэкIэ гупсэфыщ, гъэтIылъыгъащ.

– Къытефэрэр ымышIэу ара къапIо пшIоигъор?

– Хьау, сыдэущтэу къыбгурызгъэIона ар? – Чэчанэ ынэхэм гупшысэ-гумэкIыр къакIихыгъ, кIэшъо бгыкъум нэплъэгъур рити, Анысэт къыфыридзыхыжьыгъ.– Мэщыкъо зыфэдэр ори, сэри дэгъоу тэшIэ. ЕпIорэр ыгъэцэкIэщт, кIо пIомэ – кIощт, чъэ пIоми – чъэщт. Ежь ыпкъ къикIэу ышIэрэр макIэ. Рэдэд бэ пэкIэкIыгъэр, гъэрыпIэм ахьыным ыпэкIэ хэгъэгуи, дзи зэхищэгъагъ, шIыкIэ-гъэпсыкIэ тфэхъу-щтхэм алъыхъоу, зыгорэхэри къыгъотхэу ригъэжьэгъагъ. ГъэрыпIэм къэтыфэ ынэгу кIэкIыгъэр тхьэмэ амышIэмэ, тэ тшIэрэп.

– Ары,– Анысэти къыIуагъ,– агъэбанэу, къыращэкIэу аIыгъыгъэу аIо.

– Рэдэд цIыф гупкI. Сыд ылъэгъугъэми, зэхихыгъэми, ицIыкIугъом къыщегъэжьагъэу, купкIэу хэлъыр къыхехы. АщкIэ уехъопсэнэу щыт. Византие хэгъэгум идзэпащэхэм язекIуакIи, яIофшIакIи бэрэ ымылъэгъугъэми, зышIэхэрэм къаригъэIотэгъэщт. Дзэм урипащэ зыхъукIэ, сэ къызэрэ-сшIошIырэр, уиакъыл бгъэлажьэзэ, уиIуи, уишIи ахэплъхьан фай. Бэ ащ ищыкIагъэр.

– Джы къызгурыIуагъ,– Чэчанэ къышIыгъэ ушъхьа-гъумэ Анысэт язэгъыгъ.– Нанэ ыжэ Мэщыкъо кIэримыхзэ, тIэкIу дыигъаIо ышIыгъ.

– Адэ, мары ори къэпIуагъ,– Чэчанэ изэфэхьысыжьмэ агъэрэззэжьыгъэу ынэхэр къиlыдыкIыгъэх.– Сэ Къоданэ нахьи сшъхьэкIи, сыгукIи Мэщыкъо нахь сыпэблагъ, ау Къоданэ куп зэребгъэщэщтми, дзэ Iоф зэребгъэхьащтми, къыфалъфыгъэм фэд.

– Зытетыр пIощтмэ, Чэчан, сшынахьыжъ иIэнатIэ зэрэIуащыгъэр ыгу къеоми, Рэдэд ыгу екъгъэми, къызхи-гъэщыгъэп.

– Мэщыкъо фэукIочIыщтыри, фэмыукIочIыщтыри зыдешIэжьы, IэнэтIэ лъыхъумэ ащыщэп. ЕтIани а Iофыр къэзгъэпсынкIагъэ гори хэлъкIэ сенэгуе.

– Сыд?

– ХьакIуцум сыщыIэзэ, Мэщыкъо елъэIуи, Къоданэ садэжь къыгъэкIогъагъ.

– Сыд пае?

– Ощ пае къыздигъэгущыIэнэу.

– Ы-ы? – Анысэт ынэхэр къикIотхэу зыкъырихыгъ.– Армэ шIэ укъызкIэкIожьыгъэр?

– Къоданэ къэмыкIозэ, къэзгъэзэжьын гухэлъ сшIы-гъэхагъэ. НэмыкI угу къимыгъахь. ЦIыфыр къыпфэмые зыхъукIэ, пщытатэми фэгъэдэIощтэп.

– Мэщыкъо гупцIэнэжъ, ыгу къысэгъути ары. Ар Рэдэд къыфигъэгъугъэп оIуа?

– ЗыфэкIуагъэр умышIэу, уипыйхэр пыщэгъу зышIы-рэр ухэтми угу рихьыщтэп, ау ари лъапсэ фэхъугъэщтэп, джа ыпэкIэ къыосIуагъэхэр ары. Рэдэд зыгу-зыкIуачI, лъэпкъым фэгъэхьыгъэмэ, ухэтыкIи къыоплъыщтэп. Муары, янэш Къэншъао русичмэ зэрахэхьагъэр фигъэгъугъэп. Рампэс гощэшхоми, ышнахьыкIэ русичмэ ягъусэу къы-зэкIом, ынэ къыкIигъэплъагъэп.

– Тэрэззэу ашIагъ. АщкIэ Рэдэди, гощэшхоми сырягъус. Ори, Чэчан, сыолъэIу, пIощтми, пшIэщтыми афэсакъ. Угу фэкъабзэ хъужьыгъэу Рэдэд ышIэмэ, ежьыри къыпфэшъы-пкъэщт. Рэдэд тэ типIур хъугъэшъ, ишIуагъэ къытимы-гъэкIмэ, иягъэ къыгъэкIощтэп.

– Ори сятэжъ укъигъэуIушыгъэм фэд, ушъый дэгъухэр къысфэошIы,– Чэчанэ ыгу къигушIукIэу щхыгъэ, къыты-ригъэзэжьызэ, къыIуагъ: – Ащ пае зы закъо унэгушъхьэ сыкъынэгъэс.

– Хьау, хьау! – Анысэт ыIитIу къыпигъодзыгъ.– Къыо-сIуагъэба, уиунэ сыкъимыхьэу IапэкIэ укъызнэзгъэсыжьы-щтэп. ЗыгъэпсынкI, нанэдхэм якъэсыжьыгъу.

Чэчанэ икIуи, ичъи зэхэтэу щагум къыдэкIыжьыгъ. Урамым къызытехьажьым, нахь ин хъугъэ фэдэ зыщыхъу-жьэу ыпкъ зэкIищыгъ, шъхьэр ыIэтыгъ, кIокIэ шъырытым итэу, къызищэщт мафэр къызысыщтыр къылъытэу ригъэ-жьагъ, ыгукIэ зэриIожьыгъ: «О зэпшIэжьын, цIыфмэ къы-уахъонын аIуагъ. РэдэдкIэ сшIагъэр шIэхэу ащыгъэу-пшэжьынэп, ау чылэм ажэ тыдэмыхьэзэ, Анысэтрэ сэрырэ тиIоф зэрэзэпыфэжьыгъэр зымыуасэ щыIэп...»

## IX

Нахьлъэш цIэплъыр Барыч ежэзэ, ымышIахэу шъхьау-къагъэ. Зэрэчъыягъэм ибагъэ ымышIэу къэлъати, къызэ-

шІотысхьагъ, гуутІэ унапчъэмкІэ шъузым ымэкъэ хафэ ытхьакІумэ къиІуагъ:

– ПаІо сщыгъ оІо. УипаІо сыкъенэзцІырэп, сишъхьэтехъо стезагъэмэ, сезэгъы. Арэу улІымэ, унэм ущымылІыхъужъ, губгъом уилІыгъэ къыщыгъэлъагъу.

– Сэ сыбгъэжъощт, сыкІэпшІэщт, о къыпІутІэтІыкІэу ушхэщт, ара? Ащ фэдэ делагъэ щыІэжьэп,– губжыгъэ макъэкІэ Барыч пигъодзыжьыгъ.

– А тхьамыкІ, сэ узэрэхъун къыуасІорэр. Теплъын щытхъухьэ уехъулІэщтмэ. НатІэкІэ узеутэкІыкІэ, къэпшІэжьын, ау кІасэ уфэхъун,– шъузыри зэкІакІощтыгъэп.

– О уиІэнатІэр шъуз ІэнатІэр арышъ, сэ сшІэрэм уибэлагъ къыхэмыс! – Барыч джыри зыкъырихыгъ.

Нахьлъэш гузэжъогъукІэ ыІитІу ышъхьапхэтыку чІилъхьи, пІэм хэгъолъхьажьыгъ.

Барыч ынахэ зэхэгъэхьагъэу унэм къихьажьыгъ.

– Сыд, джы нэс учъыягъэба? – Барыч ихьакІэ еупчІи, зитІэкІыжьэу ригъэжьагъ.

Бысымыр ипІэ екІужьыфэ, Нахьлъэш зи ыІуагъэп, етІанэ чъые нэхъонажъор зытыригъэужьы фэдэ зишІызэ, джэуап ритыжьыгъ:

– ТІэкІу сышъхьаукъэгъагъэти, зыгорэ къысэтІыргугъэм фэдэу сыкъэлъэтагъ... О угу Іае, къэбар дэй горэ къэпхьыгъа?

– ЖантІэм дэс шъузым къыІон ешІа? – губжыр зэрэкІэтэу Барыч сэмэгубгъум тегъолъхьагъ.– Тиунэ исым ыжэ пІастэ ришхыным ычІыпІэкІэ сэ къысэцэлашхэ, улажьэрэп, унагъом упылъыжьэп еІо.

– Къэтхьырэ къонтхъыр шІомакІэмэ шІэ? – Нахьлъэши шъхьэшхор къыІэтыгъ, бгъусыр зытыригъэзыкІи, къызэшІотІысхьагъ.

– Къэтхьырэр ащ ынэ кІигъахьэрэп,– Барыч пшъэр зэшІуищэикІызэ, Нахьлъэш къеплъыгъ,– пкІэнтІэпсыкІэ къэсымылэжьыгъэр бзылъфыгъэ дахэм ыцагэ дахьэрэп, пшІагъа?

– Къыптещыныхьэшъ ары, Барыч,– Нахьлъэш къеушъыигъ,– тІэкІу-тІэкІузэ есэжьыщт. ЕтІанэ ІэкІэуІэшІонышъ, нахьыбэ къахь ыІоу къыригъэжьэщт. Ащ пае бзылъфыгъэ лъэпкъ Іогъу-шІэгъу умышІы, пкІэнчъэкІэ пшъхьэ лъыр къыдемыгъэфый.

– ПфэщыІа? Ныкъы-сыкъы ригъаІоу уашъхьагъ къызиуцокІэ, узэщефы,– Барыч гъумытІымыгъэ, псы Іэгубжъэм ешъуагъ.– Загъори шъыпкъэхэр къеІох, ау нахьыбэмкІэ имыІофмэ ахэцІанлъэ.

– Сэ джары, Барыч, къызкІэсымыщэрэр,– Нахьлъэш зыфэрэзэжьэу хэщхыкІыгъ.– Зыгорэм ихьабз сшъхьэкуцІ къыщысимыгъашхэмэ мыхъунэу сыда къысфехыгъэр? СшІоигъор сэшІэ, зыдэзгъэазэрэр сиун.

– ОкІэлэфэ ари дэеп,– бысымыр къезэгъыгъ,– ау къэщэгъур блэкІы зыхъукІэ, унагъо зиІэмэ уяхъуапсэ. КІэлэхъу цІыкІу горэ джэхашъом къызытеуцорэм, ышъхьашъо узэрэтеІабэу гур къегъэткІу, ухэшэнычъыкІыгъэми птырехы. Ар къызэрэсІощтыр сшІэрэп, Нахьлъэш. Шъузым угу фегъэушъэбы. Бын уимыІэмэ, ущымыІэгъахэм ычІыпІ. О джы нэс шъузи, лъфыгъи уимыІэу узэрэхэтыр къызгурыІорэп.

– Ащыгъум нычхьапэ уишъуз зыпари къыбгуригъэІуагъэп,– джыри Нахьлъэш щхыгъэ.– Сыфэягъэмэ, Іапэ зыфэсшІырэр гушІозэ къэчъэни, ау, къыосІуагъэба, къысэІой-жэин сищыкІагъэп, сызщыгубжырэм сІэкІэукІэнышъ, бырсыр сыхэфэщт.

– Ар хъуна?! – Барыч шъхьэр къыпхъотагъ.– Бзылъфыгъэм уеээонри о узэээожьынри зэфэдэ. Сэ шъузым сигъэгубжымэ, гущыІэкІэ сыжэхэтхъожьы нахь, сІэ тесщаерэп... КІо, хъугъэ, Нахьлъэш, неущ тапэ илъыр тшІэрэп, остыгъэр о къыппэблагъэшъ епщи, тыгъэчъыежь.

Остыгъэр ыгъэкІосэжьи, пІэм зыхигъэгупсэфыхьэзэ, Нахьлъэш цІэплъыр гукІэ гъумытІымыгъэ: «Яшъузыжъхэр япэІо шыгу къырагъаплъэхэшъ, ядыргъыжьыхэу мэуцужьых, сІэ тесщаерэп еІо. Къосэгъу бзылъфыгъэмэ афэдэхэп хьакІуцумэ яехэр, нахь тІупщыгъэх, япшъашъи, яшъузи дахэ зашІэу, ашІоигъор язэнкІэ къаІоу къыбжэхэхьажьых».

Барыч къырищэжьэгъэ чъыепырхъ макъэм Нахьлъэш игупшысэхэр зэпигъэугъэх, къэтэджи, бысымым ытамэ теІэбагъ.

– Сыд къэхъугъ?! – Барыч къызщылъэтынэу ежьагъ.

– Зи хъугъэп, зызэпырыгъаз, чъыепырхъ уео, сыбгъэчъыерэп.

Барыч дэпкъым ынэlу фигъази, пlэм зыхиушъэфэжьыгъ. Ау тырагъэугъэ чъыер къекlужьыщтыгъэп, шъузыр къызфедзэуагъэхэри къышъхьарыожьыгъэх: «Мы цlэплъышхом пае ащ къыстырипчъагъэхэр есlожьыгъагъэмэ, шъузи, сэри тызэтыриукlэни. Жантlэм дэс сэlо шъхьакlэ, чылэм щаlуи, щашlи зымышlэрэ шъуз щыlэкlэ сыгугъэрэп. Сыда ащ къысфидзыгъэр? Гъэшlэгъон дэдэ горэ къыжэдэзыгъ. Ары, хымэ гъэхъунэ ущэхъумэ, зыгъэхъукlи, урамыфызэ, икlыжь ыlуагъ...»

Пчъэр зыгъэтlыгурыгоу къытеуагъэм лlитlур къызэшlуигъэтlысхьагъ.

– Барыч! Лlы хьакlэхэр зэрыс унэм машlо къыштагъ!

Машlо зыдэщыlэмкlэ Барычдыхэр ечъэжьагъэх. Къэбар къэзыхьыгъэ кlэлэ бгъэшхор бгы псыгъо пхэкl еупсэхыгъэу апэ итышъ, тlэкlу шlэ къэс къызэплъэкlы, ыуж итхэр зэрэгужъохэрэм зэгуегъэуты. Хьакlэщым къызекlхэм, илъыгъо зытlукlэ Нахьлъэши хэкlорыкlым техьагъ, пыфсыф ригъаlоу Барыч пшъагуи ерагъэу адэхъу.

Зыдачъэхэрэм нэмысыпэхэзэ, кlалэр къызэтеуцуагъ, ыжэ lузыгъэу плъагъэ, лlитlум къяплъыжьыгъ.

– Стырэ унэр тэ щыlа адэ? – Барыч къэупчlагъ.

– Бгъэнышъхьэм машlо къыштагъэу сыкъыlукlыгъ, титхьэмэ ацlэкlэ тхьэ сэlо,– мэкъэ ефэхыгъэкlэ кlалэм къыупсэлъыгъ.– Агъэкlосэжьыгъэщтын.

Щагум лlыхэр куп-купэу щызэхэт, адэ, унэ пчъэlупэмкlэ шъуз заулэ lут. Хъулъфыгъэмэ аlорэ хъатэ щыlэп, бзылъфыгъэ макъэхэр нахь къэlух. Барычрэ Нахьлъэшрэ къэзышlэжьыгъэхэр къякlолlагъэх. Ахэмэ Шэныби, игъусэ кlалэхэри ахэтых. Нахьлъэш Шэныбэ ыблыпкъ ыубыти, купым ахищыгъ, еlушъэшъагъ:

– Уимычlыналъэ лъэр щызагъэрэп, Хьаклуцур чlыпlэ тфэхъужьыщтэп, lудмыдхэу къырагъэжьагъ.

– Ахэр ары оlуа машlо къэзыдзыгъэр? Чэчэнэ шъхьэ зандэ гъусэхэр къыфишlхи, къосэгъупщым къыгъэкlуагъэмэ?

– Рэдэдыпщым шъэфрытхъо шэн хэлъэп,– Нахьлъэш къезэгъыгъэп.– Ар Хьаклуцум къызэрекlущтыр фэшъхьаф, дзэр зигъэпытэкlэ, къыттеощт. Чэчанэ ышъхьэ тхихыжьыгъэмэ еlошъ, мэгушlо, Анысэт къыщэнэуи зегъэхьазыры.



– Сыдым фапшlэра? – Шэныбэ къэупчlагъ.

– Къэбар къысфэзыхьынхэр сиlэх... Неклo, хьаклуцумэ гуцэфэ лые къытфашlыщт.

Лlымэ ащыщ горэм къыlуагъ:

– Умыхъыжъ, Барыч, къамыл е псыуц гъугъэ зиlэ къэдгъотын, неущ унашъхьэр тыбгъэжьын, хьакlэхэри зэбгырытщыных. Шъо шъукложь, зыжъугъэпсэф.

Барыч шlомыигъо хьазырэу Нахьлъэш Шэныбэ гъусэ къышlыгъ, нычэпэ блэмыкlэу зытегущыlэнхэ зэрэщыlэр ибысым гуригъэlуагъ. Щагум зыдэхьажьхэм, ыlэблыгу зэкlэлъэу бысымгуащэр лъэгуцым къехыгъ:

– Сыд сэlо нычэпэ шъузезыфэрэр? Сыкъэдаlозэ дэгу сыхъугъ, сыкъаплъэзэ нэшъу сышъохъулlагъ.

– Хъугъэ щыlэп, ихьажь,– къафидзыгъэр зышъхьэригъэхэу Барыч шъузым ешъэбэкlыгъ.– Унэ горэм машlо къыштагъэти, тыклогъагъ.

– Машlо къышъуадзэу къырагъэжьагъэмэ... шъугухэми машlо къарадзэн...– шъузым къызэриlокlыжьыгъ. Барыч къызэкlэщтагъэу шъхьэр къыпхъотагъ, ау Нахьлъэшрэ Шэныбэрэ хьакlэщым зэрихьажьыгъахэхэр зелъэгъум, гупсэфыжьыгъэ.

– Рэдэдыпщым зыгорэ етымышlэ хъущтэп! – Нахьлъэш къыхэгубжыкlи, хьакlэщым къалъихьажьыгъэ бысымым фыреплъэкlыжьыгъ.

– Зыгорэр макlэ, ылъапсэ кlэтыутын фае,– Шэныбэ къыгъэтэрэзыжьыгъ.

– Рэдэдыпщым ыпшъэ иlэбэгъуай, ухъумаклохэр иlэх,– Барычи къыдзыгъ.– Ежь lагъоу бгъотыгъэкlи, шыу зытlущыкlэ теклогъуай. Кlочlэ лые хэлъ, къулай, гушхо. Зыгу мыклодырэр кlодыпlэм къекlыжьы. Еплъ ар зыдахьыгъагъэми къыздикlыжьыгъэми.

– Аlорэ пстэури пшlошъ умыгъэхъу,– Нахьлъэш ыдагъэп.– Шыущи, пшlи ищыкlагъэп, изакъоу сапэ къерэфи, пэкlэ чlыр езгъэжъон!

Шэныбэ гукlэ щхыпцlызэ, зэриlожьыгъ: «О егъэжъощтыми сшlэрэп, тапэкlэ утыгум узыщебэным, оры пэкlэ чlыр зэригъэжъуагъэр! О уигъэрет хэкlы, ащ ыкlуачlэ хэхъо...»

– ХьакIэщым тисэ къыщитэшъумыгъэх, шIэгъэн фаемэ татежъугъэгущыI,– бысымым бгъэкъэ гущыIэр Нахьлъэшы IэкIихыгъ.– ШIэхэу нэф къэшъыщт.

– Сэ бэ къэсIощтэп,– Нахьлъэш зыкъишIэжьыгъ.– Тызщыгугъырэр мыхъоу, тызэнэгуерэр хъугъэ тымыIожьынэу, тIэ Рэдэд къимыхьащтми, игъусэхэр готыутхэмэ, иашъоджанэ щытыутыгъэкIэ лъытэ. Арымырмэ, Барыч, шъори, хьакIуцухэм, къышъонэсыщт. Чэчэнэ шъхьэ зандэмкIэ сигухэлъ езгъэжьагъ сIозэ, къэрэбгъэжъым кIиIэжьыгъ. Къыгощ Iоф тшIэжьыщтэп, Къодани, Мэщыкъуи, Чэчани, къосэгъупщым инэмыкI гъусэхэр зырызэу Iуедгъэхыщтых.

– Ащ фэдиз кIуачIэ тыдэ къиишъухыщт? – Барыч къэупчIагъ.

– Шыу заулэ ХьакIуцу къикIынба?

– Шэсырэ пстэури шыоп,– Барыч щхыпцIыгъэ.– КIо, хъугъэ, армэ уздэгузажъощтыгъэр, Нахьлъэш, неущ тытегущыIэми хъун, неущмыкIи тыкIэхьажьын. Шъо мыщ шъуилъ, сэ модырэ унэм сыкIожьын. ТIэкIу нэмыIэми тышъхьаукъэнба?

Барыч хьакIэщым зекIыжьым, Шэныбэ зыкъырихыгъ, ерагъэу зиIажэзэ, Нахьлъэш къыфидзыгъ:

– Мы шъоехъужъ пшъагом машIо къытэзыдзыгъэхэмкIэ сыда зыпари зыкIемыIуагъэр? Зи мыхъугъахэм фэдэу ибгъэкIыжьыгъ.

– ХьакIуцухэр зыфэдэхэр о джыри пшIэрэп,– Нахьлъэш щхыгъэ.– Еуубытылагъэхэми, делэ зашIынышъ, узтырагъэхьащтэп.

– Сэнджарэ ыкъуитIу ары лыгъэ къэзыдзыгъэр ыIуи, тибысым игъунэгъу лIы тхъоплъ нэукъым къысиIуагъ.

– Хэт Сэнджарыр?

– Къосэгъумэ къаратыгъэгъэ лIитIум яз. Нэпкъым, къэошIэжьмэ, ежь-ежьырэу зезыдзыхыжьыгъагъэм ыкъо нахьыкIитIу лъышIэжьыкIэ къытфежьагъэх. А тхъоплъ нэукъыр ары сэ къэбарыхьэу сиIэр. Къосэгъуи нэсы, чылэ къэбархэри къысфехьых. Ежь мыпсэу-мылажь, зыгорэ зыIусыдзэкIэ, сызыфаер къысфешIэ. ХьакIуцухэр къытфэежьхэп, Нахьлъэш...

– КъэмыIу! – Нахьлъэш игущыIэгъу зэпиутызэ, къызбгырыугъ.– Ыжэ укъыжьэу, сыда а зыфапIорэм ышIэрэр?

Сэ Барыч сыригъусэу, зы хьакIуцу тпшъэ къиIэбэщтэп, ащкIэ зыгъэрэхьат. Адырэ Сэнджарэ ыкъуитIоу зыфэпIуагъэмэ лыгъэ амыдзыжьынэу тшIын.

– ХьакIуцумэ тябгъэукIыщт, Нахьлъэш...– Шэныбэ къызэкIэщтагъ.

– Тыкъалъэгъоу тыIэбэщт пшIошIа! Къушъхьэ щыI, мэз щыI...

МодыкIэ Барыч унэм зэкIожьым, шъузым еупчIыгъ:

– Дэу уфэпагъэу ущылъ?

– ХьакIэмэ уазэрэдимылъыщтыр сэшIэти, сыкъыожьагъ,– шъуз лъэкурэ къуапцIэр къызэшIотIысхьагъ, нэгухъураер зэхэгъэхьагъэу игущыIэ къыпидзэжьыгъ: – Ащ нахьыбэрэ тихьакIэ сфэщыIэжьыщтэп, Барыч. О пфемыIорэмэ, сэ есIощт. Ар цIыф тэрэзыгъэмэ, къосэгъумэ къызхафыщтыгъэп. ХьэкIэ делэр бгъэлыбэшх аIо. Плъэгъурэба мор зыфэдэр, шIоу тиIэр етэгъэшхы, ежь хьакIуцухэр екIодылIэх. Нэшъу уехъулIагъа? Къосэгъупщым лые езыхыгъэр бгъэнэгъуаджэмэ, къызэрэпфимыгъэгъущтыр пшIэрэба?

– Сыд лый рихыгъэр, Тыжьын? – Барыч имыхабзэщтыгъэу шъузым ыцIэ къыриIуагъ.

– Византие хэгъэгу рязгъэщыгъагъэр мырэу аIо.

– Ащ фэдэ къысиIуагъэп.

– А Барыч, сыдэу сабый емышIэ-шIумышIэм уфэд,– Тыжьын ышъхьэ ыгъэсысыгъ.– Типщ сэры языщагъэр къыуиIона? Ар къыбготмэ, хьакIуцумэ пащэ уафэхъунэу къыпшIошIымэ, ухэукъо. Пыут уехъулIэщт, уакIыб зыщыхъу горэм пшъхьэ пигъэлъэтынышъ, тигъэунэхъущт. Зэрэнэхэежьыр плъэгъурэба, зэблэн зэрэщымыIэр ынэмэ къакIэщы.

– ШъузышIу о пIорэр ыIощтэп, Тыжьын,– шъузым еушъый фэдэу Барыч зишIыгъ,– шъуз дэим лIы дэгъури дэи ехъулIэ. ХьакIэм ужэ фэбгъэазэу мыхъун горэ зепIокIэ, хьакIуцумэ сыкъырябгъэIыхыщт.

– Шъуз дэгъу сыхъу пшIоигъомэ, ори лIы фэдэу зекIо. Мары, плъэгъун, укIэгъожьын, ау укIэхьажьынэп. Нычэпэ игъусэмэ машIо къарадзыгъ, неущ тэ тытырагъэстыкIынкIи пшIэнэп.

– ХьакIуцумэ аIэ къыстыращэена?

– Зи рагъэIонэп.

«Мыщ ыӀорэм зыгорэ хэлъ,– Барыч джэнджэшым зэлъиштагъ, шъузым къыӀори зэхимыхыжьэу, машӀом зекӀухэм, Нахьлъэшрэ Шэныбэрэ Ӏузэрэщыгъэхэу зэрэзэӀушъашъэщтыгъэхэр ынэгу къыкӀэуцожьыгъ.– Тыжьын ыӀорэм шъыпкъэ хэлъ. Тихъупӏэ къихьагъэу, ыгъотрэр зэкӀэ рехъукӀы, сэ нахь хъупӀэшӀухэр есэгъэлъэгъушъ, ыуж сит. Шыуш заул еӀо. Армэ зыхэхьажьыгъэр, зы лъэси, шыуши езгъэгъотынэп. Къосэгъупщыр дзэкӀэ къыттеомэ, Нахьлъэши, игъусэхэми тэ сыда къытфашӀэжьыщтыр? Мыхъужь хъумэ, нэмыкӀ гъунэгъухэм тялъэӀун. Зымафэ хыӀушъом тызщыӀукӀэгъэгъэ русич нашхъом Нахьлъэш гущыӀэгъу зыфэхъум, ахэри тичӀыгухэм къызэрянэцӀыхэрэр къыриӀуагъ. Ары шъхьакӀэ, уилъэпкъэгъу ыгу къызэрэпфэузыщтэу, цӀыф химэмэ гукӀэгъу къыпфашӀына? Тэ зэрэтшӀоигъоу тыщыӀэн тӀуагъэшъ, тагъэпсэущтэп. Нахь лъэшым кӀочӀаджэм ышъхьэ ыблыгу чӀилъхьэ шӀоигъу…»

Барыч игумэкӀ-гупшысэмэ къазыхэужьым, шъузыр укӀорэижьыгъэу чъыещтыгъэ. Нэфылъ макӀэр шъхьаныгъупчъэм къыридзэщтыгъ, хъулъфыгъэ пскэуӀу макъэхэр щагумкӀэ къыдэӀукӀыщтыгъэх. ЛъапэкӀэ кӀозэ, Барыч унэм икӀыгъ. Нахьлъэшрэ Шэныбэрэ яшымэ уанэхэр атыралъхьэгъэхагъ.

– Нэф къэшъы къодый, тэ шъуежьагъ? – Барыч ыгъэшӀагъоу лӀитӀумэ яупчӀыгъ.– Зыгорэ зыӀушъумылъхьэу…

– Тынэ жьы тӀэкӀу кӀэдгъэунышъ, къэдгъэзэжьыщт, бэрэ тыкъэтыщтэп,– Нахьлъэш бысымым ӀущхыпцӀагъ. Щагум зыдэкӀхэм, Шэныбэ къыӀуагъ:

– Сыкъыжъудэшэсыни ыӀорэп. Ори бысым гъэшӀэгъон уиӀ.

– Ащ фэдэ джы нэс къыхэфагъэп. Дэгъуба, унэм къызекӀым, къытпыуцӀэрэен сшӀошӀи, сигъэтхьауягъ,– Нахьлъэш етӀанэ Шэныбэ енэкӀэуагъ: – Лыгъэ къэзыдзыгъэхэм непэ аӀэхэр кӀэкӀы тшыщтых.

– Сыдэущтэу?

– Тыгъуаси тыгъоснахьыпи Сэнджарэ ыкъуитӀу слъэгъугъэ. КӀы ужым мэзым макӀохэшъ, къужъ шагъэ къашыпы. Мэзым хэтыубытэнхэшъ, къужъыпс едгъэшъощтых.

– О умышӀэу, умылъэгъоу дунаим зыгорэ щэхъуа шъуӀо? – Шэныбэ игуапэу щхыгъэ.



КӀэй лъэгум дэтхэу шыуитӀур шӀукӀаерэ кӀуагъэ. БгъуитӀумкӀи зэӀукӀотыгъэ къушъхьэхэм, абгъэхэр къырагъэпшызэ, чэпэ кӀэгъэзыкӀыкӀэ ошъогум зыдаӀэтаещтыгъэх, чъыгынчъэхэр уц къэшъхъыжьыгъэм зэлъибгъагъэхэу, чъыг зырызхэмкӀэ къежьэти, лъыкӀуатэхэ къэс къушъхьэбгыхэри къызэфакӀозэ, мэз Ӏужъу кӀыркӀэ зэхэхьажьыщтыгъэх.

Тхышъхьэ лъапэм нэмысхэзэ, къушъхьэ мэзым хэхьэрэ джабгъу лъагъом теуцохи, лӀитӀур яшымэ япсыхыгъэх, шыӀупӀэхэр аӀыгъэу къушъхьэм дэкӀыхи, мэз лъэгур ачӀэгъ зэхъум, шэсыжьыгъэх. Гъэхъунэ цӀыкӀу горэм зехьэхэм, шыхэр хъунхэу атӀупщыгъ, ежьхэр чъыг икӀыгъэм тетӀысхьагъэх. ЗэраӀорэ щымыӀэу щысхэзэ, Шэныбэ къэгумэкӀыгъ:

– Нахьлъэш, тиӀоф ыуж тигъахь нахь, тыщысыкӀай.

Нахьлъэш цӀэплъыр тыгъэмкӀэ дэплъыий, игъо хъугъэ ыӀуи, зикъудыигъ, шэсыжьыгъэх. Лъагъом даӀонтӀэхи, къужъэе чъыгышхом зекӀухэм, пкӀэшъэ гъугъэхэр зэӀашӀэжьзэ, къужъ шагъэхэр къэзыугъоирэ кӀэлитӀум ашъхьарыхьагъэх.

– Сыд, Сэнджарыкъохэр, шъо къужъыпс тежъугъэшъощта хьауми тэ шъуедгъэшъощта? – Нахьлъэш шым епсыхи, нахь кӀэлэ мытӀырым пэчӀынатӀэу уцугъэ.

– Къужъыпс фалӀэ шъолӀэмэ, тэ шъуедгъэшъон, моу, кӀалэхэр, шъукъакӀох! – зыпэуцугъэхэ нахьыжъыр джагъэ.

НэмыкӀ къужъэе чъыгмэ ачӀэшыпыхьэщтыгъэ хьакӀуцу кӀэлэ зытфых къэкӀуагъэх.

– Сыд къэхъугъ? – къыӀухьагъэмэ ащыщ горэ къэупчӀагъ.

– ТихьакӀэхэр къужъыпс ешъохэ ашӀоигъу,– зэшитӀумэ анахьыкӀэм риӀожьыгъ.

– А кӀал, тысэмэркъэугъ нахь, къужъыпс зэрэшъумыӀыгъыр тымышӀэкӀэ огугъа? – Нахьлъэш щхы фэдэ зыригъэшӀыгъ.

Щэджагъом риублэгъугъагъ Нахьлъэшрэ Шэныбэрэ апакӀэхэр къелэлэхэу, мэлакӀи лӀагъэхэу Барыч ищагу къыздэпсыхэжьхэм.

ЛӀитӀур зэшхахэм, Нахьлъэш бысымым зыфигъэзагъ:

– Барыч, икӀыгъэ чэщым итхъухьагъэм сыкӀэгупшысыхьажьыгъэшъ, етӀан тӀоу тыхэмыгъэхьажь, фетэу зэптын Ӏофэп тапэ илъыр.

– Сэ шъусІыгъэп, шъушІэн зыфашъуІорэм шъуфит,– Барыч щхыпцІызэ тэджи, шъхьаныгъупчъэм иплъэу Іууцуагъ.

– УлІыба сэІо, Барыч, нычэпэ тызэзэгъыгъэу, сыд джы къапІорэр? – Нахьлъэш хэгубжыкІыгъ.

– Сэ зыми сезэгъыгъэп,– Барыч кІэкІэу зыкъызэригъэзэкІыгъ.– Шъо шъуиІон шъуІуагъэ, сэ сишІэн сэшІэ. УлІыба оІошъ, сиш стехи, сипаІо сщыхи, сылІымэ зэгъашІэ,– ащ нахьыбэ къымыІожьэу, Барыч хьакІэщым икІыгъ.

– Олъэгъуа, о зыфэпІуагъэм Іофыр тет. ЗэкІокІыгъэ мыр! – Нахьлъэш ышъо къыхихыгъ.

– Сэ укъысэдэІугъэп, хьакІуцухэр яшъузмэ ІупІэкІэ зэращэх,– Шэныбэ щхыпцІыгъэ.

– Сымыделэмэ, пшъэгодыгъумыджыр бысым сшІына,– зэгыижьызэ, Нахьлъэш къэтэджыгъ.– НекІо, тигъусэмэ адэжькІэ тырегъэкІокІ. Сэ ар чІэзгъэІэбэщт.

ЛІитІур зэшэсыжьми, Барыч зыкъигъэлъэгъуагъэп. Атхьабылыпчэ пызыгъэу, зы гущыІи зэфамыдзэу унэгъо заулэмэ къызябгъукІохэм, Нахьлъэш къэупчІагъ:

– Тигъусэхэр чэщ кІуагъэм зэбгыращыгъэх, зэрыс унэхэр ошІэха?

– Сэ сызэрысыгъэр арба. Непэ унашъхьэр абгъэжьынэу аІогъагъ. Ащи хьакІуцухэр епцІыжьынха? – Шэныбэ упчІэм упчІэ къыпигъохыжьыгъ.

Нахьлъэшрэ Шэныбэрэ унэм зехьэхэм, исхэр къызэхэтэджагъэх. ЗэтІысыжьхэм, гущыІэхэу шІукІаерэ щысыгъэх. Уахътэр къэсыгъэкІэ ылъыти, Нахьлъэш хьакІуцу лІымэ ариІуагъ:

– Іоф тиІэу Къосэгъу тыкІон фай, гъусэ шъукъытфэхъуна?

– Тигуапэу тыкъыжъудэшэсын,– кІэлэ Іэпс-лъэпсым къыІуагъ, ау псынкІэу кІилъэшъужьыгъ,– зыми тымыкІонэу непэ Барыч къытфигъэпытагъ, тырищыкІэгъэщтэу еІо.

Нахьлъэш Шэныбэ фыреплъэкІыгъ, ыгу къижъэжъыкІэуи зэриІожьыгъ: «Ащ блэкІынышъ, Барыч пшъаго пый шъыпкъэу къытфычІэкІыжьыщт. Тэ тэчъыефэ, еплъ ышІагъэм, ицІыфхэр дгуиутыгъэх».

– Ащыгъум тизакъоу тыкІон, тыкъэсыжьыфэ шъукъытпаплъ,– Нахьлъэш ыІупшІэхэр шъхьакІом зэригъалъэу къыІуи, къэтэджыгъ.



Щагум шыухэр зыдэкІхэм, Шэныбэ псынкІэу Нахьлъэш зыгуригъэлъаси, еІушъэшъагъ:

– Зы нэбгырэ дгъотыгъэмэ…

– Сэри ар сыгу илъ. Барычыжъым ымыуІушыгъэмэ, Псэфатэ гъусэ тшІыщт.

Псэфатэ унэм къыращыгъ.

– Барыч зи къыуиІуагъэба, Псэфат? – Нахьлъэш еупчІыгъ.

– Непэ Барыч сытеплъагъэп.

– Ащыгъум къэшэс, Іоф тиІ.

– Зи езгъэІонэп, джыдэд!

Чэщыгу хъугъэу шыу нэгъуаджэхэр Мэзыбэ ихьэнэгъунэ ихьагъэх. Къушъхьэтх лъагэу чъыг закъор зытетым дэжь щепсыхыгъэх. Нахьлъэш цІэплъыр Шэныбэрэ Псэфатэрэ ауж итэу чылэм дэхьагъэх. ТыдэкІи кІым-сымыгъ, чІы шъхьашъори дэхэкІаеу тегъушъыкІыжьыгъагъ. Мазэр къэмылъагъоу чэщыр шІункІы. Нахьлъэш чэу кІыб зишІи, Шэныбэрэ Псэфатэрэ Колэс иунэ зэпыткІэ ытІупщыгъэх, ау бэ темышІэу къэсыжьыгъэх.

– Чэчанэ исэп. Колэс ІуетэрэгъэхаЖ – Псэфатэ къэупчІагъ.

– Делэ шъухъугъа? – Нахьлъэш мэкъэ плъыр ІушъашъэкІэ Псэфатэ филъыгъ.– Колэс тхьэматэм ыпсэ тэрэгъэгъуи… Къосэгъухэми, зыхыхэми, мыутІэхэми, хьакІуцухэми дунаим тытырагъэтыжьынэп!..

– Сыд, Нахьлъэш, хьаулыеу тыкІожьыщт, ара? – Шэныбэ къэупчІагъ.

– Чэчанэ имысмэ,– Нахьлъэш къыІуагъ,– Мэщыкъуи, Къодани, шыудзэм хэтхэри Рэдэд игъусэх. НекІох, ежь Чэчанэ тымыгъотыгъэми, къызигъэзэжькІэ, ыпсэ рыдгъэджэгужьыщт.

– Сыдэущтэу? – зэхихыгъэм лъымэ зэрэхэтыр зэхишІэу Псэфатэ къэпсынкІагъ.

– Икъэщэн Іуедгъэхыщт.

– Ашъыу, ар хъунэп, Нахьлъэш, паІо тщыгъэу бзылъфыгъэ лъэрымыхь цІыкІур…– Шэныбэ зыкъыритІагъ.

– Сэ сІорэр сэшІэ! Ыгу къигъыкІэу хэрэт. ЫкІыб къытфэзгъэзагъэм сыд етшІэми, ифэшъуаш. Ма, мы кІэпц нықъор штэ. Хьэм зыгорэкІэ бырсыр къыІэтмэ, Іудз.

Шэныбэ зи къыпимыІожьэу мэл кІэпц нықъор Нахьлъэш Іихыгъ.

Нахьлъэш зэриIуагъэу, щагум зэрэдахьэхэу, гъыр-гъыргъ ригъаIозэ, хьэшхор къапэгъокIыгъ. Шэныбэ кIэпцыр хьэм зыфедзым, ыпхъуати, кон къогъум къолъэдагъ. Анысэт иунапчъэ Шэныбэ IукIошъагъ, Псэфати пчъэбгъу зишIыгъ. Пчъэм теони, къыIуригъэхынэу Шэныбэ IапэкIэ Псэфатэ ригъэлъэгъугъ.

– Анысэт, къыIух. Сэры ар, Чэчан ары,– Псэфат пчъэм макIэу теуагъ.

Ардэдэм бзылъфыгъэ зэнэкъокъу макъэхэр унэ кIоцIым къиIукIыгъэх:

– Iумых, Iумых сIуагъэ! – Усасэ ыпхъу риIуагъ.– О щылъ, сэ ащ ынэ къистхъыщт.

– Хьау, нан, о пшIэрэп, тэ пIалъэ зэттыгъах,– ныр къыпыбанэзэ, Анысэт пчъэр Iуихыгъ. Пшъашъэм ышъхьэ пчъэм къызэрэдегъэщэу, Шэныбэ къамэр Анысэт ыбгъэ хисагъ.

– А синан!..– Анысэт къыхэкуукIи, ецохъохыгъ.

Усасэ зимышIэжьэу Шэныбэ зыкъыжэхидзагъ, ау Псэфатэ икъамэ ным ыжэгъу зырегъачъэм къырхъыхь ригъаIоу ыпхъу ыкIыIу тыригъэфэжьыгъ…

– Шъумычъ,– щагум къыдэчъыжьыгъэмэ Нахьлъэш алъыджагъ,– хьэхэр къытпыжъугъэбэнэщтых.

ЗыкъашIэжьи, къызэтеуцуагъэх.

– Яни, ыпхъуи Iуедгъэхыгъ, Нахьлъэш…– Шэныбэ хьэбаозэ, щтэгъэ нэгукIэ къызэплъэкIыгъ.

– Ныори сIуагъэп сэ…

– Унэм зэдисхэу къычIэкIыгъ,– Псэфати зиумысыжьы фэдэ зишIыгъ.

– КIо, хъугъэ,– Нахьлъэш игъусэхэр ыгъэIэсагъэх.– ЩыIэ шIоигъуагъэмэ, Мэщыкъо фэдэ делэшхо къылъфын фэягъэп.– ТIэкIурэ кIуагъэхэу къыпигъэхъожьыгъ: – ЕрэшI джы Чэчанэ хьэдэгъэ джэгу…

Шыухэр хьакIуцу чIыналъэм ихьажьыгъэхэу Нахьлъэш цIэплъым икъамэ ошIэ-дэмышIэу Псэфатэ исэмэгу блэбгъу зыхесэм, къыхэкуукIи, онэгум иукIорэикIыгъ.

– Сыд къэхъугъ?!.– Шэныбэ щтэгъэ нэгукIэ шъхьэр къыпхъотагъ.

– Шыхьат лые тищыкIагъэп! – зи мыхъугъэ фэдэу, Нахьлъэш къыфидзыжьыгъ.



## X

Гум шIоIэшIур нэм шIодах.

Дэхапсэ иилъэс щэкI щыщэу ар къызыгурыIуагъэр бэшIагъэп – гъэрэкIо гъатх. Турабрэ ежьырырэ язэфэе-зэфэмые ошIэ-дэмышIэкIэ къежьи, зыпIэ зыхъугъэхэ уж. Джа чэщ гопэ-фабэм ыпэкIэ пэкIэкIыгъэ илъэсхэри, шIоигъоми, шIомыигъоми ыгу шъэфкIэ дигъэкIыщтыгъэ лIы пэIошхохэри Дэхапсэ щыгъупшэжьыгъэхэу, Турабэ нэмыкI ибзылъфыгъэ гугъэ къыхэхьажьыщтыгъэп. НэтIай? Ащ иIоф шъхьафы, илIэу илIэп, ышэу ышэп. Ау Дэхапсэ зэгорэм илIыгъэ НэтIае гукIэгъоу фишIыгъагъэр ыгу къинэжьыгъ. IаекIэ ыпашъхьэ ущытемыгущыI, игугъу щымышI. Ар Мэзыбэ щызэлъашIэ.

Гъэтхэпэ нэфыпсыр шъогъуабзэу унэм къипсэн ригъэжьагъэми, Дэхапсэ зегъатхъэшъ, пIэ фабэм хэлъ. Загъорэ ынапIэхэр къызэтырехыхэшъ, зэхъопсэжьэу зэтырегъэплIэжьых. Дунаири кIым-сым, бзылъфыгъэм игупшысэхэри ылъыпэгъу зизыутIэрэхэгъэ чэтыу шIуцIэ ныбэф-Iупэфым фэдэхэу рэхьатых.

«СыкIэлэ бынэп, силI мыгъашхэп зэраIоу, къэхъугъэ щыIэп,– нэпIэзэтемых гугъатхъэкIэ Дэхапсэ зэушъыижьы, джыри тIэкIу сыщылъын, зызгъэшIожьын. Турабэ дэжькIэ зызгъазэмэ, мыщ фэдэ пчэдыжьхэр, НэтIае тхьамыкIэм къызэрэсфигъэгъущтыгъэхэу, къысфыхэкIыжьыщтха? Сиджэныкъо машIо шIыгъахэу, зызэрэстхьакIыщт псыри фабэу, унэри зэкIэпхъэнкIагъэу НэтIае сыкъигъэтэджыжьыщтыгъ. Ары пакIошъ, сыгъойщае хъуми сыздэшъхьахыжьэу къыхэкIми, чэмщынымкIэ сигъэнэтIупцIэщтыгъэп. Е-о-ой, НэтIай, ощ фэдэ гущыкIо сэ тэ къисхыжьын. Ау сыгу имашIо укъыдэмыхъоу, лIы зэблэхъукIэ сыдэущтэу сыкъыбдыщыIэныя?.. Тхьауегъэпсэу, къин озгъэхъугъэ нахь мышIэми, уимысагъэ гущэ зыдэпшIэжьызэ, сыкъызэхэпшIыкIыгъ. Сэри оркIэ зи къызтезгъэнагъэп. Джы нэс къыпшIосыушъэфыгъэми, титхьэмэ ямыгуапэу зэгорэм сшIэгъагъэм джы ышъхьэ къыпфисхын: урым Думитрэ ощ пае ичиристаныкхьэ езгъэлъэIугъагъ, пфызэхезгъэшIыхьыгъэгъэ уцыпсри озгъэшхырэмэ ахаскIэщтыгъэ шъхьакIэ, ори, сэри тинасып къыхьыгъэп. Тураби ылъэкI къыгъэнагъэп. Ащи изакъу, сэри ащ сыфэд. Зыгу къысфытелъадэрэр мэзахэ зыхъукIэ,

сишъхьаныгъупчъэрэ сипчъэрэ къысфытеохэу, зыфыIусхырэм гужьыдэгъэкI сыфэхъоу, Iусфырэм къыздимышIагъэмкIэ чылэм хиз сишIэу, икъунба силажьэкIи, симылажьэкIи сызэрэпсэугъэр...»

Чэтыу шIуцIэ Iупэфыр ылъыпэгъу ригъэпкIэу Дэхапсэ ичыхIэн ошIэ-дэмышIэу зытыридзыгъ. ПIэм къыхэтIысыкIи, лъэкъо фыжь дахэхэр пхъэ пIэкIор лъагэм къелэлэххэу заулэрэ щысыгъ, етIанэ ищыгъэ зэкIужьэу джэхашъом къытеуцуи, унэм зэрисырэ джэнэ зэгохыгъэр ыплъэIу ридзэгъэ къодыеу зэплъэм, пчъэмкIэ дэIошэрэ чэтыур ынэ къыпэшIофагъ:

– Сыда, лъэмакъэ горэ зэхэпхыгъа? – джанэр зыщилъэжьи, чыIухэр ыгъэпытэжьхэзэ, еупчIыгъ.– Хьауми унэм уикIы пшIоигъуа? Тхьапшрэ къыосIуагъа, илъэс пчъагъэм усфэгъэсагъэп нахь, жьым узэрэхэхьащтым пае аущтэу зымышIынэу, умыдэIошэнэу,– псэушъхьэм егыймэ еушъыйзэ, пчъэр фыIуихи, ригъэкIыгъ.– Ох-ох, сыдэу жьы шIагъо унэм къихьагъ. Тэ мыкIэ зыдгъэшIожьэу пIэм тыхэлъ, пчэдыжьыпэ жьы къабзэм зыхэтэгъэны. Джэныкъо машIор сэшIыфэкIэ пчъэр Iорэхыгъ.

Тыгъопчыхьэрэ ежьэ Iэтэ цIыкIур Дэхапсэ зэшъхьэщихи, чIигъэбылъхьэгъэгъэ тэп лыд зырызхэр къычIигъэщыжьхэзэ, зэриугъоилIэжьыгъэх. «МэшIошIыным фэIазэр НэтIай,– Дэхапсэ ыIозэ, остыгъэе пхъэупсэфэ гъугъэхэр жъокушъхьэ ышIыгъэх, зэкIэпщэгъукIэ мэшIобзыймэ зыкъаригъэпхъотагъ.– Тураби ащ фэIэсэмэгунэпщтын, илъэс пчъагъэ изакъоу къыхьыгъ. Джырэ унэIутхэр, джэхэшъотетхэр имыIагъэхэмэ, сэщ нахь къэмынэжьыгъэми, тхьэмэ ялIыкIо тфэхъугъэм ар езгъэшIэныеп. Къысфэгъэгъу, НэтIай, арырэ сэрырэ, моу МыутIэ къызэрекIыжьэу, зыгурэ зыпсэрэ зытшIынэу тетыубытагъэшъ, о пфэсымышIэщтыгъэ Iаджи ащ фэсшIэнкIэ сенэгуе. Тхьэмэ зэрялIыкIо закъор арэп... Е-о-ой, НэтIай, ситхьамыкIэжъ, о ар сыдым уигъэшIэн, сэ къэзгъэшIагъэм ащ фэдэлI сырихьылIагъэп! ЕтIани Анысэт ащ ибытыгъэ къысфыхегъэпсы... Ар зыфэдэр о сыдым фэпшIэна, тхьамыкIэ цIыкIу! Хьандзо лъапсэр арэп лIым иIэшIугъэ зыщашIэрэр, пIэ шъэбэ фабэр ары!..»

Джэныкъо мэшIо зэкIэблагъэм Дэхапсэ къызэригъэфэбагъэм нахьи ТурабкIэ игукъэкIыжь IэшIухэм ынэгушъхьэхэр нахь къагъэушэплъыгъэх, ыпкъынэ-лынэхэр къиушъэбыкIыгъэх, ошIэ-дэмышIэуи шъхьэм къыфечъагъэм къызэкIигъэщтэжьыгъ: «Ар сэIо шъхьакIэ, зыгорэкIэ, цIыф бзаджэхэр тазыфагу къыдахьэхэу, Турабэ кIагъэгъожьыкъомэ? Плъэгъурэба Анысэт тхьамыкIэ цIыкIур зэрагъэпцIагъэр?! Хьау, хьау, ащ фэдэ Турабрэ сэрырэ къытэхъулIэн ылъэкIыщтэп, ащыгъум лIэныгъэр апэу къэсэштэ. Турабэ иIэшIугъэ зышIэрэм ащ фэдэ ышъхьэ къихьащтэп, ыIонэуи ыжэ къыхьыщтэп. Я ситхьэ лъапIэх, гум шIоIэшIур нэм шIодахэшъ, гумышIу тазыфагу къыдэмыхьэу, тиIуагъэ къыддэжъугъэхъу. НэтIаекIи сызэхэшъушIыкIынэу сышъолъэIу, сигукъао сытеIункIэжьызэ къэсхьыгъ нахь, шъори, сэри датшIэрэмкIэ ыгу хэзгъэкIыгъэп, зыпари шIосыушъэфыгъэп. Джы нэс сфэмышIагъэр, унагъо сехьэ, лIы сэгъоты сIокIэ, сфэшIэжьынэп. ШъуилIыкIо Тураби изэхэшIыкI ины, шъорышъ НэтIаекIэ ар зыгъэгъозагъэр, зыгуиубытагъэу, сэри тезгъэгушIухьэзэ, зыдегъэлажьэ. Тыдэ кIуагъэми къыздырещэкIы. Мары, Рэдэдыпщыр ихэгъэгу IофхэмкIэ МыутIэ кIуагъэти, Турабэ ихьатыркIэ НэтIаий зыдагъэшэсыгъ, непэ-неущыр якъэсыжьыгъу. Я ситхьэ лъапIэх, гъогу тежъугъэхьагъэхэр псау-узынчъэхэу къытфэжъугъэкIожьых...»

Шы лъэмакъэм Дэхапсэ ышъхьэ къыригъэIэтыгъ. Къэтэджыгъо имыфэзэ, НэтIае жьыр къыпыфэфыкIэу унэм къипкIагъ.

– Ора, НэтIай! – Дэхапсэ ылъэгъугъэр ыгъэшIэгъуагъ.

– Сэры, Дэхапс, сэры. ЗэкIэри дэгъу, укъыкIэмыщт.

– ЗэкIэри дэгъумэ, сыд пае сыкъыкIэщтэн, фэсыжьапщи, НэтIай.– Дэхапсэ къызэрэкIэщтагъэр хигъэкIокIэжьыгъ, зыгъапэщтыгъэмкIи еупчIыгъ: – Сыдигъу шъукъызыкIожьыгъэр?

– Моу джыдэдэм тыкъэсыжьыгъ.

– Уянэ дэжь удэхьажьыгъэба?

– Уадэжь сыблэкIышъугъэп.

– Ным дэжь апэ узэрэдэмыхьажьыгъэр лIыгъэкIэ пфэслъэгъурэп, НэтIай...– нэшIугъэ-гушIугъэр шъхьащехыми, шъорышIыгъэ зыхэмылъ гыер Дэхапсэ къышIутекIуагъ, къыIуагъэри хигъэкIокIэжь фэдэу, джау сыдми къыпигъэхъожьыгъ: – ЗэрэхъурэмкIэ, узигъусагъэхэри къэкIожьыгъэх, яунэхэми арыхьажьыгъэх...

– Ары, ары, Дэхапс, къэкIожьыгъэх, яунэхэми арыхьажьыгъэх,– НэтIае тIэкIу зиIажи, игъогу къызфыдэхыгъэр къыгуригъэIонэу къыриIокIыгъ: – ТиIоф зызэхэмылъыжьыр тIэкIу шIагъэ нахь мышIэми, сэри сыкъызэрыхьажьыгъэр сиунэу къысщэхъу. Сяни зыкIэрысын иI, сшынахьыкIи, ныси, къорылъф цIыкIухэри... Орырэ сэрырэ тизакъоу дунаим тытет. СыкъызэхэпшIыкIыщтмэ, сыкъыбдэгущыIэ сшIоигъу...

– Зэ, зэ, НэтIай,– щхыщтми губжыщтми ымышIэу Дэхапсэ ынэгушъхьэхэр къиушэплъыкIыхэзэ, ипчэдыжь хьакIэ къызэщиутыгъ,– укъызэхэсымышIыкIынэу, орырэ сэрырэ непэ тызэрэлъэгъужьыгъакIа?

– Хьау, Дэхапс, ащ фэдэ сIона, титIо тызызэрэшIэрэр тицIыкIугъом щыублагъ. Ащ ыужи, тыкъызызэрэщэм, тигушIуагъуи тигукIаий зэголъэу джы нэс къызэдэтхьыгъ.

– Джы сыд?! – зигущыIэ зезгъэукIыхьэщтыгъэ НэтIае къыIо шIоигъом егуцафэщтыгъэ Дэхапсэ, мэкъэIэтыгъэдыскIэ елъэшэкIызэ, пхъэнтIэкIури ригъэлъэгъугъ: – Укъысшъхьэщымытэу къэтIыс!

– СытIысын...– НэтIае Iордэгъэзэ-шъхьафитынчъэу зыридзыхи, къелъэIугъ: – Ори къэтIыс. Сэ слъэкIэу пIэбжъэнакIи згъэузыщтэп, Дэхапс. Ашъыу... Турабрэ орырэ шъуиIоф сызгъэапэрэр... Аущтэу хъункIэ-псынкIаеу шъумызекIоба, тIэкIу шъукъысэжагъэмэ, сыд щышIыни... Сызашъорэ уцмэ яшIуагъэ къысэкIы фэд, моу бжыхьэ нэс укъысэжэжьыгъэмэ, Дэхапс...

Дэхапсэ зэхихыгъэм къыгъэтхьауягъ, ау къызхигъэщыгъэп. ИлIыгъэм ыгу фыщымылъыжьыгъэми, игъэшIуабзэ къытекIуагъ: «Ары, НэтIай, арыгущ, укъэмылъэIожьми, уиIоф зытетыр къызгурэIо. НепэкIэ огугъа, апэрэ мафэм щегъэжьагъэу тызэIуплъэмэ тызэфалIэу, пIэм текIужьмэ, такIыб зэфэгъэзэжьыгъэу чэщ макIэп зэдитхыгъэр. О уишIи хэлъэу пчъагъэрэ сызэрэдэхыгъэр ори сэри зэдэтщэчыгъ. Ащ нахь тфэмылъэкIыжьэу тшъхьэхэр зыщытэгъэзыежьыхэм, гум уисынэн слъэкIыгъэп. Сиунапчъи, сыгуи пфызэIухыгъэу, цIыфмэ аIорэм сыпымылъэу джы нэс къэсхьыгъ, сфэлъэкIыщтыр пфэсшIагъ. Джы сызкIэхъопсыщтыгъэ насыпыр къызщысфыкъокIыгъэм сыолъэIу, сигъогу укъытемыуцу. Усиджагъоп, ау усщызгъэгъупшэн гукIэгъу къызэрэсфыкъокIыгъэр пшIосыушъэфырэп, пэрыохъу укъысфэмыхъу. Дышъэ чэу къыспэбгъэуцугъэкIи, чэщрэ сишъхьаныгъупчъэ къытеорэмэ сяжэу сыщысыжьыщтэп. Икъунба къытаIолIагъэри... Турабэ фэдэлI сэ згъотыжьыщтэп, сэркIэ лIы закI. АIо шIоигъор арэIу, хэт сыд ыIуагъэми, къысаIолIагъэмэ ари ахэфэн, гум шIоIэшIур нэм шIодах»,– Дэхапсэ ыпашъхьэ ис лIы нэпэшIо пкъы ищыгъэм фэсакъзэ, риIуагъ:

– НэтIай, а сыпсэм фэд, икъунба, илъэсибл хъугъэшъ, орырэ сэрырэ...

– Зэ, зэ, Дэхапс! – НэтIае къэгузэжъуагъ.

– Къезгъэжьагъэр къэсэгъэух,– Дэхапсэ къыпеожьыгъ.

– Хьау, хьау, къэпIощтыр сэшIэ, ау ужэ къыдэкIэу ар зэхэсхынэу сыфаеп.

– Тыгу илъыр зэфитымыхмэ, тызэрэгъэпцIэжьэу, дунаим тызэдытетыщта? – Дэхапсэ джы нахь мэкъэ лъэшыIокIэ къэупчIи, къыпидзэжьыгъ: – Икъунба, илъэс пчъагъэ хъугъэшъ амал тызэфэхъурэп.

– ЛIэныгъэр ары Iэзэгъу зимыIэр, Дэхапс!

Джэуап пыупкIыгъэр зыфадзыгъэ Дэхапсэ нэмыз-Iумызкlэ НэтIае Iуплъагъ. Зэхихыгъэр гущыIэ дысыгъэми, нахьыпэрэм фэдэу лъэгукIэтын зыкъыфимышIэу къызэрэпеожьыгъэр игуапэу IущхыпцIыкIыгъ: «Зэ лIышъо къызтебгъаоу зыкъызжэхэбдзэжьыгъэмэ ары. КъысIэпызырэр пхъуатэзэ, себгъэзэщыгъагъ. Пшъхьэ емыуфэхыжьэу, укъыкIэмыщтэжьэу, моу гущыIэ плъыр горэ джыри къысфэдз!.. Е-о-ой, НэтIай, узымышIэрэр къыохъуапсэу, узышIэрэр къыоунэхъулIэу, сыд гущэр уидунэе тетыкI. КъыпфэмыIошъурэр къызгурыIогъах, сыд къыпфэсшIэщтми, а зымкIэ семыгъэз. Икъунба, укъысIуплъэмэ о зыбгъэшхэкIэу, сэ сыныбачIэ риубытыкIэу тызэрэщыIагъэр? Армэ узхэхьагъэр, сэри къыосIон!»

– ЛIэныгъэм Iэзэгъу зэримыIэр шъыпкъэ, НэтIай, ау пхъэшъэбжъ такъэм фабэ къыпыкIырэп. Ащ нахьыбэрэ тиIоф тытемыгъэгущыIэжь. Турабрэ сэрырэ неущпчыхьэ типIалъэ. ШIу къысэхъулIэнэу уфаемэ, пэрыохъу укъысфэмыхъу. Джы нэс тызэгурыIуагъ, джы сыд къыпщышIыгъэр, нэфмышъэу садэжь сыд укъызфэчъагъэр?

ШъхьакIомрэ шъугъомрэ зэхастыхьащтыгъэ шъхьэ псыгъо нэпашIом НэтIае зыкъыышIуипхъотагъ, хъурышъо

паӀор ыгъэтэрэзыжьызэ, гумышӀу-нэмышӀукӀэ Дэхапсэ Ӏуплъагъэми, игукӀэгъу гъунэнчъэ зыкъыригъэшӀэжьыгъ, ыгу пиӀонтӀыкӀызэ, зэушъыижьыгъ: «Сыдэу сшӀын... Тхьэмэ къысфамышӀагъэм о уиӀахьи хэмылъыгъэу щытэпщтын... Армырмэ, сыдым тызэфихьыни? Сызэрэамалынчъэр зыдэсэшӀэжьми, сынэ къаплъэу зыми усфетышъущтэп. Сэры, Турабэп, нэмыкӀэп, сэ зыр ары узыер! Къыбгурыӏорэба, сэ зыр ары! Уишъхьаныгъупчъи къыпфытерэох, къыохъуапсэрэр къыплъэрэкӀу, ау зыгорэм иунэ уриунаеу уимыхь, зыми сыщымыщыжьэу сыкъэмыгъан. Унэ плъэрэба, хэт сызыпэмышӀырэр?!»

– Хъугъэ, НэтӀай, угу теӀункӀэжь,– лӀым ыгу щышӀэрэм Дэхапсэ къыгъэушъэбыгъ, зэрэзэӀудысагъэхэри хигъэкӀокӀэжь шӀоигъоу къыӀуагъ: – Зымыухыжь, Мэзыбэ сыдэкӀыжьырэп, Къосэгъу сикӀыжьрэп, тэ сыщыӀэми, сыгу фабэу уилъын, уицӀыфыгъэкӀэ зы мафи сыгу обгъагъэп...– Дэхапсэ къыщиутагъ, ынэмэ акӀэбэнэжьызэ, къызщылъэти, НэтӀае ӀаплӀ рищэкӀыгъ, ыкӀыб Ӏэ щифэзэ, еӀушъэшъагъ: – Ощ нэмыкӀ, паӀо щыгъэу, шӀу слъэгъурэ дунаим тетэп, сикӀас...

– Тураб адэ?..

– Ащ фысиӀэр нэфэшъхьаф...– гопэгъум фырımыкъужьэу Дэхапсэ джыри къеӀушъэшъагъ.– А зыр къысфэгъэгъу, сикӀас...

– Сыдэу сшӀын... Тхьэмэ къыстыралъхьэрэр сихьылъэ...

– Ары, ары, спсэ закъу, ахэмэ яшӀэ тхэмылъыгъэмэ, тэри тпсэ зэхэлъыныеп,– Дэхапсэ къыжэдэзи, зыкъиушӀэжьыгъ: – Ал, гъогум укъытекӀыжьыгъэу сыд сищытыкӀ, мэлакӀэ олӀэщтын. ПӀэ псы пыбгъэчъыфэкӀэ, сэ Ӏанэр къэсшӀыщт.

Пкъынэ-лынэу цӀыфыр зэрэзэхэлъыр зыдешӀэжьми, кӀоцӀылъ шъэфыр къызэрэкӀоцӀыкӀыщтыр къэшӀэгъуай. Ар зэхэпфыни, зэбгъэфэни плъэкӀыщтэп. ЗэрыфэгъэчӀыпӀэм, зыхэфэгъэ цӀыфмэ, зыхэт лъэхъаным ялъытыгъэу къычӀэкӀын. БзылъфыгъэкӀэ хъулъфыгъэкӀэ зэрэзэтеутыгъэри ащ къыхэмыхьажьэуи щытэпщтын. НэтӀаерэ Дэхапсэрэ язэфыщытыкӀэ фэдэх – зэпэблагъэх, зэпэчыжьэх. Зэрэмылъэгъухэмэ, зэфэлӀэх, зэтеплъэхэмэ, гукӀэ зэрэлӀых, ӀупэкӀэ зэрэгъапцӀэх.



НэтӀае Ӏанэм пэсыфэ Дэхапсэ ынэ тыримыхыщтыгъэми, унэм исыгъэп, ТурабкӀэ ыгуи, ыпси гъэзэгъагъэ, Ӏэшӏу-Ӏэшӏоу инэплъэгъу къыригъэуцощтыгъ: «Мы НэтӀае тхьамыкӀэм сызэрегугъурэм фэдэу Турабэ сишхын шӀыгъэ Ӏузгъэфагъот. Тхьэмэ ялӀыкӀо закъо фэпщэрыхьан, фэгыкӀэн имыӀэу арэп, ау сэ сӀэ зэрекӀущтэу, сыгу зэрэфэкӀощтэу, цӀыф хымэхэм къыфашӀэрэр егъашӀи тхъагъо фэхъунэп. Мафэр зэ текӀэу, зэ икъэкӀогъу къэсыгъот. ЕтӀанэ чэщ-зымаф ныӀэп къытфэнэжьыщтыр... Унэшӏу къытщыф, ти Тхьэ лъапӀ, гумышӀу зыми къытфемыгъэшӀ. НеущпчыхьэСшӀэщтымкӀэ сыгу зыфэузын закъоу сиӀагъэр НэтӀаети, ари ерагъэу къытезгъэнагъ. Тызэмызэгъын къытфебгъэхырэпышъ, Турабрэ сэрырэ тинасып тэбгъэгъотын...»

– Сыдэу макӀа пшхыгъэр, НэтӀай? – Дэхапсэ игупшысэ гумэкӀмэ къахэужьыгъ.– Мо лы гъугъэми, щхыуми, шъоупсыми уанэсыгъэп. Шхэ дэгъоу, мыщ фэдэ Ӏанэ сыдигъу къызыпфэсшӀыжьыщтыр?

Зэмыжэгъэ упчӀэм НэтӀае къыкӀигъэщтагъэми, ащ ежэщтыгъэ пӀонэу, къинкӀэ зыхиушъафэщтыгъэ шъугъоныр къышӀутекӀуагъ:

– Турабэ иунэ псы чъыӀэ ракӀэжьыгъа?

– НэтӀай...– Дэхапсэ къэуплъыжьэу къеупчӀыгъэм Ӏуплъагъ, мэкъэ къефэхыгъэ шъабэкӀэ еушъыигъ: – Ащ фэдэ гущыӀэ жъалым умышӀы. Сэ къэсӀуагъэм ащ фэдиз хэлъэп. Ау, къедгъэжьэгъахэшъ, силъэӀу закъо ышъхьэ къыпфисхын. Турабрэ сэрырэ псэогъу тызызэфэхъукӀэ, апэрэ тхьэмафэм пшъхьэ щыбгъэзыягъэмэ, сигуапэщтыгъэ.

– А лъэӀу закъор армэ,– НэтӀае ӀущхыпцӀыкӀыгъ,– пфэзгъэцэкӀэн... Ау...– «Турабэ ищыдыбз къэбар фэсэрэӀуата-фэсэрэмыӀуата» зыщиӀощтым, чылапшъэмкӀэ къиӀукӀыгъэ хьэдэгъэ макъэм тӀуми зыкъаригъэпхъотагъ, унэм рищыгъэх, блэчъырэ шыум къариӀуагъ:

– ТхьамыкӀэгъошхо чылэм къыдэтэджагъ, Анысэти Усаси аукӀыгъэх!..

– Тхьэ къысауи, НэтӀай!..– Дэхапсэ зэкошъоожьызэ, къэлэпчъэӀум щетӀысэхыгъ.– НэбгыритӀоп, Анысэт гущэ ышъо хэлъыгъэ сабыимкӀэ нэбгырищи шӀуабзыгъэр!..

## XI

Гукъаом макъэр регъэкIы.

Мэзыбэ къыдэхъухьэгъэ тхьамыкIагъом цIыкIуи, ини агу ригъэзыгъ, амакъэ ригъэфэхыгъ. Мэщыкъо янэрэ ышыпхъурэ зыкIаукIыгъэр зыфахьын зымышIэрэ тхьаусхакIохэр нэмыз-Iумызхэу зэIоплъэх, агухэр къегъыкIых.

Мэщыкъо зэришъэогъум имызакъоу, зэрипIурыр апшъэ ышIызэ, Рэдэд пчыхьэ нэс щагум дыдэтыщтыгъ, унэм дисыщтыгъэ. ТхьаусхакIохэр зызэпэухэм, байкол ухъумакIохэр ыуж итхэу, Рэдэд ядэжь ежьэжьыгъ. Щагум къыдэкIыжьхи, тIэкIурэ къэкIуагъэхэу Чэчанэ риIуагъ:

– НекIо тадэжь. Зыгори зыIутлъхьан, тызтегущыIэни щыI.

– Хьау, зиусхьан, сыкъэкIон слъэкIыщтэп,– Чэчанэ укIытэжьыгъэу ышъхьэ риуфэхыгъ.– Гощэшхоми, Айнари сыдэущтэу саIуплъэна?

– Адэ джы сихьакIэщ укъихьажьыщтба? – игыий, ифэгъэгъуи зэхэтэу Рэдэд къеупчIыгъ.– Мыхъун закъоу ышIагъэм лIы тырагъэкIуадэрэп, некIо.

Пщы щагум зыдахьэхэм, Агъбан Чэчанэ къыжэхэплъагъ, ау пщышхор зигъусэм сыд риIон, IукIотыгъ.

– Модэ, гощэшху, мыукIытэу тищагу къыдэхьагъэм зэ еплъ! – Айнарэ зыфэмыщэIэжьэу къыхэкуукIыгъ.

Рампэс тэджи, шъхьаныгъупчъэм екIолIагъ, нысэм зыфигъэзэжьи, ушъый макъэкIэ риIожьыгъ:

– Пщым ышIэн фаер ешIэ. Хъулъфыгъэмэ тиIоф ори, сэри ахэтымылъхьэмэ нахьышIу. Чэчанэ лъэгъун дырымыIагъэмэ, къыздищэщтыгъэп.

Рэдэдрэ Чэчанэрэ къумгъан-лэджэни Iани, къафахьыгъ. Шхэныр аухи, Iанэр зырахыжьым, къыгъэшIагъэм ишъэогъугъэм ыгу егъумэ Iуплъыхьэзэ, Рэдэд къыригъэжьагъ:

– Угу щышIэрэр къызгурэIо, Чэчан. Сыдэу пшына, зымыухыжь. Ари аущтэу хъунэу тхьэмэ аухэсыгъагъэу къычIэкIын.

– Сэ зэсымышIэжьыгъэ къысэхъулIагъэп,– Чэчанэ хэщэтыкIызэ, нэплъэгъу мысэкIэ къыдэплъыягъ, ынапIэхэр ридзыхыжьыгъэх.– Шъхьэ пшIомыт зыхъукIэ, ощ нахьыкIэм уигъэделэщт. Сятэжъ къыстыригъэхьыкIыгъэр зэхэсхыным къыпэу, сиукIыгъэмэ нахьышIугъ. Ори ошIэ, зэ узылъэпаокIэ, зыгорэм упшъэгуркъэ зэреутыфэ, плъэ утеуцожьыщтэп.

– КIо, джы дунаир къутэжьыгъэу пIощт,– Рэдэд Iупэ шъэбэпскIэ щхыпцIыгъэ.– Гур кIодмэ, лъэр кIэкIрэп. Хъуни пшIагъэп, хъуни къыохъулIагъэп. Ощ нэмыкIыгъэмэ, Чэчан, сиунэ исым ышъхьашъо къиIэбэнэу ежьэгъагъэм фэзгъэгъущтыгъэп. Ау тэ тыкъызэдэхъугъ, тызэдапIугъ, Iулъхьэр тIу зэфэтшIэу тызэшъэогъугъ. О ар къысэпшIэныр пкIыхьапIэу слъэгъугъэми, сшIошъ хъуныеп. Хъущтыр хъугъахэ, ащ хэпшIыхьажьын щыIэп, нахь Iофхэр тиIэх.

– Рэдэд, зиусхьан, сыолъэIу, сыгу илъыр къэсэгъаIу,– Чэчанэ къэгузэжъуагъ.– Уапэ Iофышхо зэрилъыр сэшIэ, ау бгъэм дэлъыр къыдэсымыгъэкIмэ, сызэгоутыщт. Сибзэджэшlагъэ зыгорэм зэрэтеслъхьэрэр сятэжъи къысихъоныгъ. Ари лIыгъэм щыщэп, ау зытетыр ары къаоIорэр. ЦIэплъыжъыр сшъхьэкуцI къитIысхьи, ошIэба сэ сызэрэдэгъэхыгъошIур, делэ сишIыгъагъ. СшIэри сымышIэжьэу, къысаIори зэхэсымыхыжьэу, зэрмыр сыхъугъагъ. Хьайуаныгъэ къызэрэсхэфагъэр зыдэсэшIэжьы. Къысфэбгъэгъугъэр егъашIэм сщыгъупшэщтэп, сыщэIэфэ сыгуи, спси пфэстынкIэ гущыIэ осэты.

– Хьугъэ, ащ иIоф тыухыгъэ,– Рэдэд ымакъэ джы къыгъэпытагъ.– Сэ бэмэ сягупшысагъ, угу бзаджэ къызэрэсфимылъыр сэшIэ, Колэс тхьамэтэ мафэми къытфишIагъэм сыкъиубытыгъ. Джа зыцIэ къепIогъэ ЦIэплъыр ары пый мэхъаджэу тигъогу къытеуцуагъэр. Мэщыкъо янэрэ ышыпхъурэ ащ фэшъхьаф ыукIыгъэп.

– Ежь ЦIэплъыжъым ыIашъхьэкIэ зыпари ыукIырэп, зиусхьан,– Чэчанэ пщыр къыгъэтэрэзыжьыгъ,– игъусэмэ Iуарегъэхы.

– ЗыукIырэм нахьи языгъэукIрэр нахь мыс,– пщым къыпиупкIыгъ.– Неущ пчэдыжь блэсымыгъэкIэу джыри хьакIуцумэ лIыкIохэр афэзгъэкIощтых. Сыдэу зашIыми, ЦIэплъыр къытамытэу сашIокIыщтэп.

– Тэрэз, зиусхьан. Ар онэгум есыфэ, тхьамыкIагъо щэхъу къытфихьыщтэп. СыфырикъункIэ сшIагъэмэ, хьэдагъэм зыхэсыдзыни, ХьакIуцу сычъэни, ыпсэ Iусхыни. Ары шъхьакIэ, кIочIэ делэ тхьэмэ къыратыгъ...

– Умыгузажъу, ащ фырикъун кIуачIи щыI,– Рэдэд шъэогъур къыгъэIэсагъ.– Сэ джары дзэ теубытагъэ тищы-

кӀагъ зыкӀасӀорэр. Тэ, къосэгъухэм, тищыкӀагъэр зэкӀэ идгъэкъунышъ, дзэ Ӏыгъыным ыуж тихьан тыгу хэлъ. Ар сыдигъу зыхъущтыр? Тичылэхэр, тигъогухэр, тӀэсхъапӀэу тиӀэхэр къэдгъэгъунэхэрэп. Мары, Византие хэгъэгум, е русичмэ яхэгъэгу гъунапкъэхэр амышӀэу зэпыуагъэчмэ еплъ. Ардэдэм уаубытыщт, уауплъэкӀущт. Зы хэгъэгу тызэрэхъун фаер, дзэ теубытагъэ тиӀэу, тичӀыгу гъунапкъэхэр къэтыухъумэхэу, тихэгъэгу Ӏофхэр тэр-тэрэу зетхьажьэу тызэрэпсэун фаер зэхэзышӀыкӀэу сэ сшӀэрэр Колэс, Темрыкъу, Къодан. Ахэри сэщ фэдэу гъэрыпӀэм щыӀагъэхэми, нэмыкӀ лъэпкъыхэр зэрэщыӀэхэр къалъэгъугъ, сэ зыфасӀорэр зэкӀэ анэгу кӀэкӀыгъ, агу пхырыкӀыгъ. Пщыхэми, лӀыхъу-лӀышӀухэми янахьыбэм аӀупэкӀэ къыздырагъаштэ шьхьакӀэ, агу илъыр нэмыкӀ. Япщыгъо атесхэу къащэхъу. Нахьлъэш цӀэплъыжъыри ӀитӀу зэтедзагъэкӀэ ХьакӀуцум ис пшӀошӀа? Ар къосэгъу чылэхэми, зыхыхэми, мыутӀэхэми чэзыу-чэзыоу ахэхьэ, дгъэдаӀохэрэр егъэшэхъужьых.

— Ары, зиусхьан. КъэпӀуагъэр акъыл закӀ,— пцӀы хэмылъэу Чэчанэ ыгу илъыр къыдигъэкӀыгъ, сабыигъо-кӀэлэгъур зыдигъэкӀуагъэр ымышӀэжьэу, акъыл чъэпхъыгъэ иӀэ зэрэхъугъэм ыжэ къыӀуигъэзыгъ, цӀыкӀу ехъулӀагъ.— О къапӀорэр сэркӀэ хабзэ. Сапэ зышӀ пӀомэ, уапэ сиуцон, пкӀыб сыдэтми, спсэ пэтыфэ, чати, щэбзащи къыонэзгъэсынэп.

— Ащыгъум тызэгурыӀуагъ,— Рэдэдыпщыр къэтэджыгъ. Чэчани зыкъипхъотэжьыгъ.— Тызыфаер хьакӀуцумэ къызытфамышӀэкӀэ, афэтӀопщыщтхэр къызэрэсыжьхэу, мэкъэгъэӀухэр чылагъомэ афэдгъэкӀощтых. Мэфэл тымышӀэу шыудзэри тыугъоищт.

Нэфылъэм къымыштэзэ, лӀитӀур ХьакӀуцу нэсыжьыгъэх.

Шэныбэ ибысым нахь благъэти, Чылэжъ зэрэдэхьажьхэу, ыгу ефэхыгъэу щагум апэ дэпсыхэжьыгъ. Гъогу тетыфэхэ, Нахьлъэш цӀэплъым Псэфатэ ришӀагъэм шъхьэуз ехъулӀэгъагъ, ау, щэщынэти, къызхигъэщыгъэп. Шэщым шыр зычӀегъэуцожьым, Шэныбэ ыбгъэ дизэу жьы къыщи, ежь чэзыур къызэрэнэмысыгъэм кӀэгушӀузэ, шы куашъом шъабэу теуагъ. Хьэкъари, нычэпэ ригъэпсыхыгъэ Псэфати, нэмыкӀ лӀы хыехэу Нахьлъэш екӀодылӀагъэхэри ынэгу къыкӀэуцожьыгъэх. «Сэры зыпшъэ имыӀэбагъэу къыгонэжьыгъэр,— Шэныбэ зэриӀожьыгъ.— Сэри къысэнэсына мыр?.. Хьау, шъхьэзэкъо-лъэкъуитӀоу зыкъигъэнэнэп. Ар сэӀо шъхьакӀэ, нычэпэ тшӀагъэр тхьэми къытфагъэгъунэп...»

Бысым къэлэпчъэӀум Нахьлъэш нэмысызэ, шым епсыхи, макъэ ымыгъэӀоу щагум дэхьажьы шӀоигъуагъ шъхьакӀэ, хьэ гъожь цӀыкӀур къыпэгъокӀыгъ, ыкӀэ ыгъэсысызэ къыӀуплъи, къемыкӀуалӀэу ихьэунэ ихьажьыгъ.

ХьакӀэщыр нэкӀы. «Барыч е шъузым дэжь щыӀ, е дэсэп,— Нахьлъэш ыӀуагъ.— КъысӀуупчӀыхьэзэ къызэшӀомытӀысхьажьынэу, ари нахьышӀух». Мыгузажъоу зитӀэкӀыжьи, гъолъыжьыгъэ. Пхъэ пӀэкӀорым кӀыкӀыкӀ ригъаӀозэ, зыфэрэзэжьэу зикъудыигъ.

Жъалымыгъэ ышӀагъэмэ, зыгорэм ыпсэ ыгъэгъугъэмэ, ынэгу кӀэмыкӀэу, гуегъу-кӀэгъожьыр къышӀудэуаеу, бзэджашӀэмэ лӀыхэр къахэкӀых. Нахьлъэш цӀэплъыр ахэмэ афэдагъэп, зыгорэ нэрыгъ зишӀыкӀэ, ыпсэ Ӏуехыфэ, гупсэфыгъо ыгъотыщтыгъэп. ФэлъэкӀыгъэмэ, джы зэкӀэмэ апэ ышӀыщтыгъэр Рэдэдыпщыр ары. Ау ащкӀэ ыӀи, ишы лъапи пыбзыкӀыгъагъ. Мызыгъэгум Чэчанэ къыӀэкӀэмыфагъэми, ыпсэ ригъэджэгужьыгъ. Анысэт ыбгъэ хасэгъэ къамэр а шъхьэ зандэми ыгу нэсыгъ, ыӀагъ. Джыри чэщхэр щыӀэх, гъогухэр зэблэкӀых, игъо ифэжьын. Пкъы улэугъэр лантӀэ къэхъугъ, жэпкъышхор бгъапэм нэсыгъ, бгъусышхом чӀэуцогъэ фабэм ыгъатхъэу хэчъыягъ.

Нахьлъэш къызэлъатэм, тыгъэм ышъо къэплъыгъагъ. ЫгукӀи, ышъхьэкӀи фэмыяхэу, бысымгуащэм Ӏанэ фаригъэхьыгъ. Нахьлъэш шхэныр ыухи, игухэлъ бзаджэхэр зэригъафэхэу щысзэ, Барыч щагум къыдэхьажьыгъ, хьакӀэщым къихьи, шӀуфэс нэгъуцу къыхыгъ, етӀысэхызэ, хьакӀэм риӀуагъ:

— Шэныбэ сеупчӀынэу хъугъэп, джыри мэчъые. Псэфатэ къыжъудэкӀожьыгъэп.

— Сэри бэшӀагъэп сыкъызтэджыжьыгъэр, моу джыдэдэм Ӏанэр рахыжьыгъ,— бысымыр зыфаем Нахьлъэш тегущыӀыкӀыгъ, ау гуцафэ лые къызфыримыгъэшӀынэу къыхигъэхъожьыгъ: — Псэфатэ кӀэлэ зикъэплъыгъу. Тичылэ пшъашъэ горэм ашыкъ фэхъугъэти, зэсымыгъэлъэгъоу згъэзэжьыщтэп ыӀуи, МыстхъакъокӀэ зыригъэхьыгъ.

— Шъо сыд къэжъугъэхъагъ?

– Хъун къэтхыыгъэп.

– ГумэкIыгъо щыIа? – Барыч тыгъуэжъ пшъагом фэдэу, ынэгукIи, ыпкъыкIи зыкъыфигъэзагъ.

– Сишъэогъум дэжь Мэзыбэ тыщыIагъ, Барыч,– шъэфэгъу мэкъэ гъэшъхъыкIэ Нахьлъэш къыригъэжьагъ.– Лаурстэныкъом зишIэжьырэп, чэщи, мафи къекIокIы, Къосэгъуи, Зыхи, МыутIи къыгъанэрэп. ЗэкIэми тызэхиугъоенхи, ежь шIоигъор ышIэу тшъхьашыгу къиуцон игухэлъ, ау къыдэхъун щыIэкIэ сыгугъэрэп. Пщыхэми, лIыхъулIышIухэми ащыщхэр къыпэуцужьыых.

– Тэры, тэ къытфэгъэхьыгъэу сыд аIорэ? – Барыч къэхъупшIэпшIагъ.

– Шъэогъум зэриIорэмкIэ, къосэгъупщым нахьыбэр къыкъоуцоу ары. А пщы цIынэшхом иIофхэр зэпигъафэхэмэ, чэзыур ХьакIуцу къынэсыщт.

– ФыкIае зэрэтфыгъагъэр щыгъупшэжьыгъа? – Барыч зыкъырихыгъ, щысыжьын ымылъэкIэу къэтэджыгъ, джэхэшъогур рикIукIызэ, хэгубжыкIыгъ: – Армэ зыхэхьагъэр, тIэ зэтедзагъэу тэри тыщысын зышIуерэмыгъэшI. ХьакIуцу чылэхэр къэткIухьан, къосэгъупщыр зэмыжэгъэ дзэшхуи пэдгъэуцун. Непэ къызнэсыгъэм чылэ сыдэхьагъэп къыщысфэмычэфхэу, сиIо ахэмыхьэу...

– О зыдэпшIэжьырэп нахь, Барыч,– лIы губжыгъэм ежь зыфаер къызэриIорэм ыгу къыригъэчэфыкIэу Нахьлъэш гущыIэр IэкIихыгъ.– ХьакIуцумэ пэщэ шъыпкъэкIэ ухахыгъ. О зыкъыбгуигъэуцонэу ХьакIуцу лIы чъэпхъыгъэу хэт исыр? ОшIэмэ къаIо, сэ сшIэрэп.

Барыч зэхихыгъэм ытамэхэр къыригъэIэтыхэзэ, игущыIэ къыпидзэжьыгъ:

– Сэ хэти, къосэгъу Рэдэдыпщыми, идзэпщ Къодани, нэмыкIи ыкIыб сыдэуцоштэп, Нахьлъэш. Ау, сэры сIорэп, анахь лIы Iушым ычIыпIэ къиуцожьын щымыIэмэ, ащыгъум ХьакIуцур кIодыгъэкIэ лъытэ. НепэкIэ – сэры, неущ нэмыкIылI къыкъокIыщт. Шъыпкъэба?

– Ары сэри сIорэр! – Нахьлъэш гукIэ щхыпцIызэ, дыригъэштагъ.– Неущ къэхъущтыр тхьэмэ афэшъхьаф ышIэрэп. Сэ хэт сыIукIагъэми, куп сыхэтми, уидахэ сымыIоу къыхэкIрэп, хьакIуцумэ къыпфашIырэ лъытэныгъэр къызэрэсIэтыщтым щэхъурэ Iоф сиIэп. О мыщ лъапсэ зэрэщыпшIыгъэр, къызэрэпщыгугъыхэрэр Лаурстэныкъом ыгу тефэрэп. Сэ гъусэ сыкъызэрэпфэхъугъэми сыкъызэрэпкъотыми зэгуестыкIы. Мары, Барыч, сэ сIуагъэ пIожьын, непа, неуща, къосэгъу чылэ горэм тхьамыкIагъо къызыдэхъухьэкIэ, хэт ышIэра, е лIы горэ зыгорэм ыукIыщта, е нэмыкI горэм лыгъэ радзыщта, ар къосэгъупщым сэ къыстырилъхьанышъ, зэфэс ужым къызэригъэкIогъагъэхэм фэдэу, джыри лIыкIохэр къыIопщыщтых. СызямытыкIэ, хьакIуцумэ къазэрэтеон ушъхьагъу иIэ хъущт.

– Къосэгъупщым къызэхилъхьащтым фэдэ горэм тэри тиакъыл тефэн, пэкIэ псы тешъоу дунаим тытетэп,– бысымым зыкъигъэпкъыягъ.– Дзэ зещэн, зэон IофкIэ ощ фэдэ сэ згъотыщтэп.– Ар къыIогъэ къодыеу ишъуз Тыжьын ыгу къыригъэхьэгъэгъэ джэнджэшыр Барыч къышIудэоежьыгъ.– Iугъом сыкъыхэкIыгъ пIоу, Нахьлъэш, машIом зыхэмыдз, тэри тыздыхэмыдз.

– Бзыу лъакъо къупшъхьэ хахырэп, Барыч,– Нахьлъэши ынэгу зэхигъэхьагъ.– СыкъызхэкIыгъэри сыкъызхэхьагъэри сымышIэу щытэп. АщкIэ уицыхьэ къыстегъэлъ. Лаурстэныкъом инасып къикIэу, къосэгъухэри, зыхыхэри, мыутIэхэри игъусэхэу къызышъутеокIэ, шъузэрэфырымыкъущтыр къызгурэIо.

– Арэу хъумэ, сыд тшIэщт, хьакIуцухэр псэтын фэтшIыщтха? – Барыч къэгужъыягъ.

– Ар мыхъуным пае сшIэнэу сыгу хэлъым къедэIу. Моу къэтIысыжь.– Бысымым ичIыпIэ зеубытыжьым, Нахьлъэш игущыIэ лъигъэкIотагъ: – Къосэгъухэми, мыутIэхэми, зыхыхэми сахэхьанэу исхъухьагъ. СэркIэ ар щынэгъончъэп. Лаурстэныкъом ихьакъулапымэ саIэкIэлъагъомэ, бзэгу сыфахьынышъ, сауж къаригъэфыщт, ау нэмыкI хэкIыпIэ джырэкIэ слъэгъурэп. СигущыIэ зыпкъырыхьан, згъэдэIон цIыфхэр чылэ пэпчъ къыдэкIыщт.

– Ар дэгъоу угу къэкIыгъ, Нахьлъэш,– Барыч ыгу къихьажьыгъ,– ау зыфэсакъыжь. Нишъэ маплъэ, тхьакIумишъэ мэдаIо. О лъэшэу усищыкIагъ.

– Шэныбэрэ сэрырэ гъусэ чан горэ къытфэпшIыгъэмэ...– Нахьлъэш фэсакъызэ, къырищэжьагъ.– Хъущтмэ, джа зэдатшIэрэ Гусэрыкъо зэдгъэгъусэн.

– Гусэрыкъо кIэлэ дэгъу,– бысымым къыдыригъэштагъ,– ыкIуачIи, илIыгъи зэтет.

– Ащыгъум ащ тетыубытэн,– Нахьлъэш зэрэфаеу иIоф зэрэззэпыфагъэмкIэ зыфэрэзэжьэу гупсэфыжьыгъэ.– Неущ тешIэмэ, неущмыкIэ пчыхьэ дакIоу тигъогу тытехьан.

ЗыфаIогъэ мафэр къызэсым, джыри нэфынэу, темыр лъэныкъомкIэ къушъхьэ мэзым хэхьэрэ лъагъом шыуищыр, Нахьлъэш азыфагу дэтэу, лъэхъу-лъэушъ псынкIэкIэ техьагъ.

ЛIышIур тыдэ кIуагъэми, унапчъэхэр зэрэфыIухыгъэм фэд, цIыф бзаджэми ежь икъонтхъэгъухэр чылэ пэпчъ щыриIэх. Гъогу техьэгъэ шыу нэгъуаджэмэ къушъхьэ мэзхэм защагъэбылъыныр ищыкIэгъагъэп, зынэсхэрэ чылэм Нахьлъэш бысым щишIын дигъуатэщтыгъ. Зых, мыутIэ чылэ пчъагъэмэ адэхьагъ, чэщ ащырихыгъ. Ары къэс лIы нэхэе-нэIуцэхэр зытIущ-зыщыплI хъухэу къыфащэщтыгъэх, Шэныбэрэ Гусэрыкъорэ гущыIэрэмэ ахэмыхьэхэу, аIорэмэ ядэIухэу щысыщтыгъэх.

Нахьлъэшдыхэр къэкIожьхэзэ, мыутIэ чылэ горэм кухэри, шыу купхэри щалъэгъугъ. Нахьлъэш къэщтэуIыгъ, иш жэдэIагъ:

– Хэт мохэр? – щэмбар къамыщыкIыр ымышIэхэрэмкIэ ыгъэлъэгъуагъ.

– АдыгэхэкIэ сыгугъэрэп,– Шэныбэ ыIэгу ынатIэ Iуигъэуцозэ, плъагъэ.

– Ары шъыу,– Нахьлъэш ыгу къихьажьыгъэу, шым елъэдэкъэуагъ.– Русичхэр тын угъоим хэтых. Тэ ахэмэ тиIофи ахэлъэп, яIофи къытхэлъэп.

Шыу куп зэхэтхэм зяублэгъухэм, бгъунджэу къафыщыт лIы лъагэу игъусэхэр зыгъэдаIорэр Нахьлъэш инэIуасэ фэдэу къыщыхъугъ. ЛIым зыкъызегъазэм, КъаншъаоукъычIэкIыгъ.

– Мыдэ мы слъэгъурэр! – шъорышI-нэгушIокIэ Нахьлъэш шым зыридзыхи, русич дзэпщым пэгъокIыгъ, ыIапэ ыубытыгъ.– Сыд, Къаншъау, фэсапща хьауми фэсыжьапща?

– Апэрэр ары,– къыфэчэфыр къымышIэжьэу нэгъэупIэпIэгъу заулэкIэ Къаншъао къыIуплъагъ.– Нахьлъэша сэIо? УкъэсшIэжьыгъэп. Тын къаIытхынэу тыкъагъэкIуагъ шъхьакIэ, мыутIэмэ ахэтхын щыIэкIэ сыгугъэрэп.

– Сыда, Къаншъау?

– Хъэзармэ къакIэзыжьыгъэхэм тын къышъутетэлъхьэ яоIокIэ хэт къыуитын? – Къаншъао ынэгу псыгъо кIыф лъы макIэ къеуагъэу Iущхыпцlыкlыгъ.– УзтекIуагъэхэм атеплъхьэрэр яхьылъ. Зауи, бани хэмылъэу русичмэ аIэ къихьагъэкIэ алъытэрэ адыгэмэ къыуатын щыIэп. Ар сызыхэтмэ къагурыIорэп.

– Уипхъорэлъф Рэдэдыпщыр арба къызгурымыIохэщтыр,– Нахьлъэш щхыгъэ, Къаншъао игъусэ русич дзэкIолIхэр зэпиплъыхьэзэ, къыхигъэхъожьыгъ: – Зэхэпхыгъэба, хьакIуцухэм афэшъхьаф адыгэхэр зы хэгъэгу ышIыгъэхэу еIо.

– Ари русичмэ ашIэ,– Къаншъао ышъхьэ рихьакIыгъ, уашъом дэплъыягъ: – Зы хэгъэгу шъухъоу, зы пачъыхьэ шъуиIэ хъумэ, хэгъэгуитIур нахь зэгурыIонхэкIи, къатыралъхьэрэм икъыхэхыни нахь Iэрыфэгъу хъункIи мэгугъэх.

– Рэдэдыпщым зи къышъуимытмэ? СичIыгу шъулъапэ къишъумыдз ыIомэ?

– Ащи русичхэр енэгуех.

– Уенэгуеу ущысыкIэ, къыбдэхъун щыIэп. ДзэкIэ умыштэрэм ышъхьапхэтыку фэшъхьаф уигъэлъэгъущтэп.

– О укъыхэмыхьажьми, Нахьлъэш, русичхэр къэзгъэблын щыкIэхэрэп,– Къаншъао къыхэпхъэшыкIыгъ.– Тэ тахэмыхъожьыми, тыгъуасэ Къосэгъуи, ХьакIуцуи бырсырышхо къарытэджагъ. Зэзэонхэм ищынагъо щыI.

– Сыд хъугъэ? – Нахьлъэш ышъо къызэокIыгъ, ынэшхохэм къырачъыхьакIэу рагъэжьагъ.– Тэ тыкъызахэкIым, зэкIэ рэхьатыгъ.

– Сипхъорэлъфырэ орырэ шъузэмышIоу зэхэсхыгъэ,– Къаншъао ынэхэр ыуцIыргъузэ, Нахьлъэш ынэгу къыкIэплъагъ.– Зыфэсакъыжь, уичIыпIэ зэгъашIэ. Рэдэд ятэ Лаурстэныпщым фэдэкъабзэ хъугъэ, къыпфэзгъэгъун кIалэп.

– Сэ сыд, тыгъужъым ышхыгъи, ымышхыгъи тыралъхьэ зэраIоу...

– Зэ, къезгъэжьагъэр къэсэгъэух,– Къаншъао ымакъэ къыгъэпытагъ.– Хэгъэгу зэхищэнэу Рэдэд иакъыл къыхьыгъэмэ, шъугушIу, шъудеI, шъукъоуцу. Тэщ фэшъхьаф хэгъэгу мыхъугъэ лъэпкъ мы лъэныкъом исыжьэп. Тэ, адыгэхэм, зипаIо нахь лъагэр тэзэрэмыгъашIэу тызэбэ-

ныжьы... Адырэ укъызыкӀэупчӀагъэмкӀэ сшӀэрэри къыосэӀо: бзылъфыгъитӀу аукӀыгъэу, ащ бырсыр къикӀыгъэу аӀо.

– Талъэныкъо щыхъурэр о сыд фапшӀэра, Къаншъау? – Нахьлъэш ымакъи зэрихъокӀыгъ, ышъхьи лъыр къеуагъ.– О Тумтэкъашъэ ущыӀ.

– Зэхэзыхыни зылъэгъуни шъуалъэныкъо щытиӀ,– Къаншъао къыфидзыжьыгъ.– Зи тымышӀэу тыщысэп.– ЕтӀанэ ышъхьэ ригъэзэкӀи, джагъэ: – Мефодий, кухэри шыушхэри агъэхьазырыжьынэу яӀу, тежьэжьы.

Шэныбэрэ Гусэрыкъорэ шымэ акӀэрытыгъэхэти, щымыӀэжь бзылъфыгъэхэм ягугъу Къаншъао къызешӀым, Шэныбэ ышъхьэ рилъашъозэ, ыкӀыб къыгъэзагъ, шым ыпшъэ Ӏэ щифэ фэдэ зишӀыгъ. КъыкӀатэкъогъэ машӀом Нахьлъэш цӀэплъыри зэрихьэу, онэгу зишӀыжьыгъ.

ХьакӀуцумэ афагъэкӀогъэ лӀыкӀохэм якъэкӀожьыгъо тефэу Рэдэдыпщым ихьакӀэщ дзэпщхэр щызэхэсыгъэх. Къоданэрэ Мэщыкъорэ чылэмэ макъэ язгъэӀущт шыухэр агъэнафэщтыгъэх. ЛӀыкӀомэ арыкӀощтым, къахьыщт къэбарым зэрэзэридзэрэр къызхимыгъэщэу Рэдэдыпщым джэхэшъогур рекӀукӀы, тӀэкӀу шӀэ къэс шъхьаныгъупчъэм еплъы. «Тхьэхэр тигъусэх, укъызэкӀэмыкӀу» Турабэ зэриӀощтыгъэри игуап.

Рэдэдыпщым ытэмэшхохэр ыӀэтхэзэ, къыӀуагъ:
– ТилӀыкӀохэр къэсыжьыгъэх.

Къоданэ къызщылъэти, хьакӀэщыпчъэр Ӏуихыгъ, Ӏупэгушӏо макӀэр ынапэу пчъэм дэплъзэ, джагъэ:
– Шъукъеблэгъэжь! КъэбарышӀу къэшъухьыгъэмэ...– лӀыкӀомэ заӀоплъэм, шӀу зэрэщымыӀэр къыгурыӀуагъэу игущыӀэ ӀэкӀэзыжьыгъ.

– КъэбарышӀу щыӀэп, зиусхьан,– Темрыкъо пчъашъхьэм къызэребакъоу, Рэдэдыпщым зыфигъэзагъ.– Нахьлъэш цӀэплъыр къытатынымкӀэ Барыч тыгурыӀуагъэп, лажьэ имыӀэу, укӀыгъэ Ӏофи зэхамыхыгъэу ыӀуагъ.

– КъызгурыӀуагъ, Темрыкъу. О уишӀэн пшӀагъэ, джы тэ тишӀэн ыуж тихьан.

ЛӀымэ хьакӀэщыр забгынэ уж тӀэкӀу тыригъашӀи, Рампэс гощэшхом ыкъо ыдэжь къаригъэщагъ.

– Сыд, сикӀал, хьакӀуцухэр уидао къезэгъыгъэхэп, ара? Аущтэу зэрэхъущтым сенэгуягъ. Ау зыкӀэ сыолъэӀущт.



Жэм къымыхьрэр чатэм къыхьыжьрэп, пфэгъэдэӀонхэмкӀэ плъэкӀ къэмыгъан,– ныр мэкъэ шъэбэ гъэтӀылъыгъэкӀэ Рэдэд еушъыигъ.

– Лъы згъэчъэныр сэри сиджагъу, тян. Ау Нахьлъэш цӀэплъымкӀэ ар сфэӀошъунэп!

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

### I

Шыблэ гъуагъор Мэзыбэ къышъхьарыуагъ.

ШхоӀум рыджэгурэ шыр ыӀажэзэ, бгъуитӀумкӀэ къетэкъокӀыгъэ дзэпащэхэм Рэдэд аӀуплъагъ, къыблэмкӀэ зэрэфыхэрэ пщэ нэгъыф цунтхъагъэмэ къагъэгумэкӀыгъ.

– Гъэтхэ ощхыр – гъэбэжъу, тихьасэмэ ящыкӀагъ,– зыми фэмыгъэзагъэу, Рэдэдыпщым къыжэдэзыгъ,– ау мызыгъэгум уае къыттыримышӀыхьагъэмэ нахьышӀугъ.

– Къещхыщтэп, зиусхьан, умыгумэкӀ,– Турабэ къыпигъодзыжьыгъ.

– Сыд фапшӀэра?

– Титхьэмэ къысаӀуагъ,– Турабэ шъабэу ӀущхыпцӀыкӀыгъ.– Шыблэ гъуагъори ошъуапщэхэри жьыбгъэм тырифыщтых.

– Жьыбгъэ щымыӀэуи?!

– ЧӀы шъхьашъом щыӀэп шъхьакӀэ, зиусхьан, ошъогум щыжьыбгъ. Муары, пщэхэр зэрэфых.

Щыбылыкъым къычӀэплъы пӀонэу, Турабэ ышъхьэ ыукъощызэ, пщышхом джыри ӀущхыпцӀагъ, гукӀэ егыигъ: «Укъысэпэбжъэожьыщтыгъэ шъхьакӀэ, къыуасӀохэрэр зыпкъырыбгъахьэу егъэжьагъ. Ащ нахь пытаӀоуи сэ укъэсыубытыщт, моу уахътэ тегъашӀ. Нэжъ-Ӏужъхэм уаӀуупчӀыхьэщтыгъэмэ, къещхыщт-къемыщхыщтыр къэпшӀэщтыгъэ...»

Чылэ пчэгум щызэхэт шыудзэм Рэдэд ынэ къыгъэшхэкӀыгъ, ыгу иныы хъугъэу шы бгъэшхом епсыхи, шӀуфэс ыхыгъ. ДзэкӀолӀхэми яшыхэм зарапхъыхыгъ. Байкол шыупащэхэм аӀапэ ыубытызэ, пщышхор иджабгъукӀэ рекӀокӀыгъ, къытыригъэзэжьи, дзэ гузэгум пэчӀынатӀэ зишӀыгъ, мэкъэхъу пытэкӀэ зафигъэзагъ:

– ДзэкIолIхэр! Сэ бэ къэсIощтэп. Тыдэ щыIэ адыги тызэгурыIуи, зы хэгъэгу тыхъунэу едгъэжьагъ. Ар зымыуасэ щыIэп. ДзэкIолI Iапшъэхэу тызыщыгугъырэр шъоры, шъо шъукIуачI, шъуигупшыс, шъуичаныгъ. Непэкlэ хьакIуцухэр къыдгоуцуагъэхэп, тэ къытэпыихэрэр агъэнэгъуаджэх. Ахэр къытатыжьынхэу зытIо-зыщэ афэтIопщыгъ, тидао ахэхьагъэп. Зао ятшIылIэн, лъы дгъэчъэн гухэлъ тиIэп, акъылэгъу къытфэхъухэмэ, тилъэпкъэгъух, тигопэн, ау дзэ къытпагъоощынэу загъэхьазырышъ, тэри ащ тыфэхьазырын фай. Пыим непэ утекIомэ, неущ къыптеощтэп, неущ Iоф зыпшIыкIэ, непэ къыптебэнэщт. Джыри зэ къэсэIожьы хьакIуцухэр тэ типыихэп, ау цIыф бзаджэмэ къытфагъэблынхэ алъэкIыгъ. Неущ тагъэпыеу къытпэгъокIхэмэ, мэл Iэсэжьэу шъуямыплъ, тыгъужъ бзаджэхэу къызщыжъугъэхъух.

– Тичати, тищабзи зэIулъ! – дзэкIолI горэ къыхэкуукIыгъ. ЛIы мэкъэ зэхахъор чылэм шъхьарыкIыгъ. Щэджэгъоужым дзэпащэхэр Рэдэд ихьакIэщ щызэхэсыгъэх.

– Къодан,– Рэдэд дзэпащэм зыфигъэзагъ,– чылэ пэпчъ сынэсынэу хъугъэп, тыдэкIи дзэкIолIхэм Iоф адашIэба. Чатэр умыгъабзэу зэуакIэ пшIэщтэп.

– Пчъагъэрэ сыздэмыхьэгъэ чылэ къэзгъэнагъэп, зиусхьан,– Къоданэ къэтэджыгъ.– Тхьэмафэм щэ байкол шыухэр зэрэугъоих, зэуакIи, бэнакIи, къулайй зэрагъашIэ. Ахэр зымышIэрэр дзэкIолI хъущтэп.

– Сыгу псынкIэ къэпшIыгъ, Къодан. Псы щымыIэу хы хъурэп, лъы щымычъэу зао хъурэп…– Рэдэдыпщым къырихьыжьэгъэ гупшысэр зэпигъэугъ, лIымэ хэгърэеу ашъхьарыт ышнахьыкIэ зыфигъэзагъ: – Шыупащ, Колэс тхьамэтэ мафэм, къин къыщымыхъущтмэ, къытфедж.– Щысмэ зафигъэзэжьи, къыпидзэжьыгъ: – Iашэ зэфитхын фаеу хьакIуцумэ ташIымэ, тизэолIэу хэкIодэщтыр макIэ хъун. Шъуибайкол шыумэ шъуахэхьажьмэ, агурыжъугъаIу: хэт щыщми, Iашэ къыппэзыIэтырэр пыи, ащ ушъхьасымэ, узэгоожьы. ХъункIакIо тымыкIоми, тызэрыхьащтыр хьакIуцумэ ячIыгу. Ар тэ атетхэу ашIошъ агъэхъугъэшъ, замышIэжьэу къэбэнэщтых. Бжьэми яунэ къаухъумэ. Ащ тыпэлъэшыжьын, заом тежьагъэмэ тыгу пхъэшагъэ идгъэлъын фае. Псаоу къанэ зышIоигъом щынэ ыгу къерэмыхь.



– Зиусхьан, Нахьлъэш зэрэцIыф бзаджэр къызгурыIон ХьакIуцу исба? – зыкIэупчIагъэм хэшIыкI фыриIэ пэтзэ, Мэщыкъо къэумыупчIэн ылъэкIыгъэп.

– ЦIыф бзаджэр заулэрэ олъэгъукIэ, къэпшIэщтэп, Мэщыкъу. Хабзэ зыдэщымыIэм пыим щыIакIэ щегъоты.

– А ЦIэплъыжъым зытес къутамэр ежь-ежьырэу зэрэпиупкIыжьрэр къызэрэгурымыIорэр,– джыри Мэщыкъо игубж фэIэжагъэп.

– Намыс зиIэм акъыл къегъоты, укIытэ зимыIэм иIэ тIэкIур чIенэжьы,– Рэдэд къыIогъэ къодыеу пчъэшъхьаIум Колэс къытеджыкIыгъ:

– Хэт ар зыфапIорэр, Рэдэд?

– О-о, къакIо, къакIо, тхьамэтэ маф! – Рэдэд Колэс пэгъокIыгъ, дзэпащэхэр къызэхэтэджагъэх. Бэщым IитIукIэ Колэс зытыригъакIэзэ зэтIысым, пщышхом къыIуагъ: – ТызтегущыIэрэр Нахьлъэш ары.

– Ар сэ зэрэсшIэу зыми ышIэрэп,– нэ пкIыжьыгъэхэмкIэ Колэс щысмэ аIуплъагъ.– УкIытэ иIэп зэрэпIуагъэр шъыпкъэ, зиусхьан, ау акъылымкIэ къыбдезгъаштэрэп. БзэджашIэхэр хъоршэр-тхьагъэпцIых, акъылкIи чаных. ШъузтегущыIэрэр ахэмэ ащыщ. Ащ къыугупшысыщтым къэгъазэ иIэп.

НэплъэгъупсынкIэкIэ Рэдэд ыпашъхьэ исхэр зэпичъыхьагъэх. Турабэ апэрэу Колэс ылъэгъурэм фэдэу едэIу, Абэчыпщыми, Къодани, Мэщыкъуи, нэмыкIхэми агукIи, апкъыкIи лIыжъым зыфакъудыи.

– Джы моу зэ мы Iанэм зэкIэми шъукъытеплъ,– Iэнэ хъураер тIо зыгощырэ лэдэхым Рэдэдыпщым ыIапэ ригъэчъагъ.– Мыр Щэхэ псыхъокIэ тлъытэн. Тэ тыздикIыщтымкIэ сэмэгу псы нэпкъыр лъагэ, шыуи, лъэси а лъэныкъомкIэ къыттеощтэп. ПсыкIыбым шъоф ин иI. ЧэпэкIэгъэзыкIэу къушъхьэ мэзыр ащ къеуцуалIэ, талъэныкъокIэ къырекIокIзэ, мэзыр псыIушъо тешъом къеолIэжьы. Сыдэу шъуIора, хьакIуцумэ псыхъом тырагъэкIыщта, хьауми псыIушъом къыщытпэуцущтха?

– ПсыIушъом зыкъыIуатэкъонэу къысщэхъу,– Мэщыкъо апэ къахиIуагъ.

– Оры, Къодан?

– Сэри аущтэу сэIо,– Къодани Мэщыкъо дыригъэштагъ.– Псыр куоп, ащ тызэпрэкIыфэ хьакIуцумэ фэхъугъэ яIэщт.

– Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ,– Абэчыпщым IанэмкIэ зыкъищэигъ,– къушъхьэ мэз къечъэхым пэблагъэхэу къэуцунхэшъ, тэ тынахьыбэба, заор зэрежьэу мэзым хэхьажьынхэшъ, къытэощтых, лые къытахынкIэ щынагъо.

ИшIошI къэзымыIуагъэ дзэпащэхэм къахэкIыгъэп. Зыжэ гущыIэ къыдэмыкIыгъэу щысыгъэхэр Колэсрэ Турабрэ. Зэо Iофым фэгъэхьыгъэмэ, Турабэ зи къызэримыIощтыр Рэдэд ышIэщтыгъэ, ау Колэс зызэрэзэкIоцIиушъэфагъэм ыгъэгумэкIыщтыгъэ, къыIощтым дэгузажъощтыгъэ.

– Акъылэгъу укъытфэхъу тшIоигъоу укъедгъэблэгъагъ, Колэс,– кIым-сымыр Рэдэдыпщым ыукъуагъ.– Тэ тызтегущыIэрэм фэдэ Iаджи о унэгу кIэкIыгъ.

– Ар шъыпкъэ, зиусхьан,– Колэс ымакъэ ылъэкIызэ, къыублагъ.– Лаурстэныпщыр сэщ нахьыкIагъэми, акъыл зэкIагъ, сыригъусэу спэкIэкIыгъэм гъунэ иIэп. Лаурстэн ыIощтыгъэмэ шъукъядэIу. Пыим утекIо пшIоигъомэ, ычIыпIэ зигъэуцу. Пыим ипчъагъэ алъытэрэп, езаох нахь. Тэ тизаохэр кIэкIых, ау щытми, утыгум шъузихьэкIэ, уахътэр макIэми, шъхьэкIэ шъугупшыс, кIуачIэкIэ шъубан. Зы Iэхъуамбэр бжым хъурэп. ЗызэбгыряшъумыгъэутIэбжым пытэу шъуззэрэIыгъ.– Колэс зэпыугъо ышIи, къыпидзэжьыгъ: – Джы Нахьлъэш иIоф ары. Ащ хьакIуцухэр щэгугъых, зэуакIэ ешIэ, хъоршэрыгъэм фэIаз, шъуфэмысакъымэ, къышъотхьагъэпцIэкIыщт. Псыхъом тырагъэкIыщтэп Мэщыкъо еIо. Хьау, Мэщыкъу, шъурагъэкIыщт. АфышъуиIэ даори зэхамыхыгъэ фэдэу зыкъашIызэ, къышъодэIущтых. ШъузэгурымыIоу заокIэ шъузызэхахьэкIэ, джа нэпкъ тешъо мэзым шыудзэ къыхагъэуцонкIэ щынагъо. Арышъ, шъузэгупшысэн щыI, зыжъугъэпыт, ищагу дэт атакъэри лIыхъужъ. ХьакIуцухэр лIыбланэх, зэуакIох, ячIыгу зэритыщтхэри къыдэшъулъыт.

– Зэхэшъухыгъа? – Рэдэд ынэхэр къигушIукIыгъэх.– Адыгэ лIыжъхэр къушъхьэм рамыдзыхыжьхэ зышIыгъагъэхэр Колэс фэдэ лIыжъ IушыгъэхI. Тхьауегъэпсэу, Колэс, сыгу укъигущыIыкIыгъ. Псым хэлъ дышъэр чъыг шъхьапэм зэрилъыр кIалэм къезыIуагъэр ят ары, шъыпкъэба, Колэс?

– Шъыпкъэ,– Колэс зыфэсакъыжьызэ, кIэщхыкIыгъ.

– Нэфылъ тыгъэр псыхъо шъхьашъом апэ зэрэтеплъэгъукIыри кIалэм къезыIогъагъэр лIыжъыр арба?



– Ари шъыпкъэ, джары къызэраIотэжьрэр,– Колэс бэщым зытыригъакIэзэ, къэтэджыжьыгъ, дзэпащэхэри къызэхэтэджагъэх.– НэмыкI Iоф къыздышъуимыIэмэ, сежьэжьын.

– Сэри ащыгъум сыкIожьын,– Тураби лIыжъым ыуж зыридзагъ, хьакIэщ пчэгум къыщызэуцокIыжьи, къафэлъэIуагъ: – Тхьэмэ шъуиIоф къырагъэкI. Колэс иIуагъэу, зыжъугъэпыт. Чаным хьэр ехьакъу, щтапхэм ецакъэ.

Рэдэдрэ Шыупащэрэ ежьэжьыгъэхэм къадикIыгъэх. Шыупащэ лIыжъым дежьагъ. Турабэ джыри къызэуцокIыжьи, пщэрыхьапIэмкIэ кIорэ Айнарэ кIэлъыплъэзэ, шъхьэ ышIыгъ:

– Зиусхьан, пщы лIакъор лъызгъэкIотэн тиIэ хъущт, тэрланыр ынэгу къытырилъхьагъ.

– Пшъэшъэжъые хъумэ? – Рэдэд укIытэжьыгъэу еплъыхыгъ.

– Сэ сIуагъэм уемыхъэрэхъыш, зиусхьан, ори тилъэпкъыхэми лъапсэ тфэхъун шъао бжыхьэ нэс къэхъущт.

Турабэ къыриIуагъэм ыгу ины къышIыгъэу Рэдэдыпщыр тIэкIурэ щытыжьыгъ. «ЗыIапэ ыубытыгъэр Чэчана сэIо?» – зыпэгъокIынэу ежьэгъэ шъэогъур къыфелъэкIоны зэхъум къызэтеуцожьыгъ.

– Сыда щагум узкIыдэтыр, къихьэба? – бысымым хьакIэщымкIэ Iэ ышIыгъ.

– Моу Агъбанэ сыдэгущыIэщтыгъ,– Чэчанэ нэ кIосагъэхэмкIэ къыIуплъагъ.– Дзэпащэхэм сыд ахэсшIыхьан, Рэдэд, тэтэжъи къышъухэсыгъэу...

– Пшъуи пызыжьыгъэу, сыдэу унэгу Iая. Гугъум зебгъэухыгъ, Чэчан. УлIыба, зыкъэшIэжь! – Рэдэдыпщыр хэгубжыкIыгъ.– Сэ ащыгъум сихьажьын, лIыхэр къысэжэх.– ХьакIэщыпчъэм Iухьажьыгъэу Рампэс ымакъэ къеIугъ:

– Сыд, сикIал, джыри шъузэхэс, ара?

– Къэтэухы пэт, тян,– лъэгуцым тет нымкIэ Рэдэд ыгъэзэжьыгъ.

– КIо, сикIал, кIо, къыожэх,– Рампэс ыIуагъэми, игумэкI ыкъо пигъохыгъ: – ЛIымэ заом тыркъохэр къатырещэ, тэ, ныхэм, тынэгухэр зэрегъалъэ. Уяти тимыIэжьэу, ори зыгорэ къыохъулIэмэ, сфэщэчыщтэп...

– Щынагъо щыӏэп, тян. Чатэм чатэ пэӏутыдзэн, такӏыб щэбзащэр къидгъэфэнэп.

Рэдэд хьакӏэщым зехьажьым, дзэпащэхэм джыри зы ӏофыгъо рахъухьагъэу къычӏэкӏыгъ. Къоданэ ар къызэригъэфэжьыгъ:

– Колэс къыӏуагъэм акъыл хэлъ. Хьакӏуцумэ мэзым шыудзэ къыхагъэуцощт, шыудзэм ыпэ тишъын тэӏо.

– Къыхамыгъэуцомэ?

– Аущтэу хъуми, нахьышӏух.

– Ащыгъум,– Рэдэдыпщым кӏэух къышӏыжьыгъ,– зыхыхэми, мыутӏэхэми, нэмыкӏхэми гухэкӏ арэмышӏ, пшӏэрэ гъогур нахь кӏэкӏ къыпшӏошӏы. Тэ, къосэгъухэм, хьакӏуцу чӏыпӏэхэр нахьышӏоу тэшӏэшъ, байкол шыухэр джыдэдэм егъажь, Темрыкъу, ори ары, Мэщыкъу.

Къосэгъу лъэныкъом елъытыгъэмэ, Хьакӏуцу нахь щыгумэкӏыгъу. Ау гъунэм нэмысыпэу гум илъыр хьакӏуцум уигъэшӏэщтэп. Пчэдыжьыр текӏыгъэу къопэ зэфэшъхьафхэм къарыкӏырэ дзэкӏолӏ шыухэр Тӏокӏэжъ къызэлъекӏущтыгъэх.

Щэджэгъоужым Барыч зыкӏащтэу ригъэжьагъ. Апэрэмкӏэ, чылэмэ къарыкӏхэрэ дзэкӏо шыухэр мэкӏэ дэдэ къэхъухи, зэпыужьыгъэх. Ежь зыщыгугъыщтыгъэм дзэр лъыкӏигъэхьагъэп. Ятӏонэрэмкӏэ, ышъхьэ лъыр къыдезгъэфыещтыгъэр Нахьлъэш икъэмыкӏожьыкӏ. «Мы Цӏэплъыжъым нэ иӏэжьба, дэгу хъугъа? – ыгушъхьэ зэрэшхэу цӏацӏэщтыгъэ.– Къосэгъухэми, зыхыхэми, мыутӏэхэми къыттеонхэу загъэхьазыры. Шыудзэхэр зыщаугъоирэ шъолъырым итмэ, лъэтемытэу къызэрэсыжьын фаер ышӏэрэба? Хъущтыр хъугъахэу къэкӏожьыкӏэ сыдкӏэ сибылымыжь. Аущтэу орэхъуи, сшӏэрэп ащыгъум!..»

Къэчъэрэ шыум хьакӏуцу пащэм игупшысэ зэмышӏухэр зэпичыгъ. Къызэрэсыгъэм лъыпытэу шыр исагъэу къыгъэуцуи, шыу кӏалэм къызӏуипхъотыгъ:

– Нахьлъэш къэсыжьыгъ, Барыч.

– Тыдэ щыӏ?

– Шъуадэжь екӏолӏэжьыгъ.

– Іофэп зэ къэсыжьыгъэмэ,– Барыч шым зыридзи, ыгу ежъухыжьыгъэу иунэ чъэжьыгъэ.

Гусэрыкъо ядэжь кӏожьынэу лъэрыгъым иуцо пэтзэ, Барыч икъэлэпчъэӏу ӏулъэдэжьыгъ, нэбгырищми аӏапэ ыубытызэ, гуфаплъэу аӏуплъагъ. Шэныби, Гусэрыкъуи зэрэпшъыгъэхэр къахэщыщтыгъэ, Нахьлъэш зэрэулэугъэр хэплъагъоштыгъэп. «Гъучӏым хэшӏыкӏыгъа сэӏо мыр, сыдэу кӏочӏэшӏу иӏ»,– Нахьлъэш къызэрэсыжьыгъэм ыгу къыригъэгушӏукӏыщтыгъэми, Барыч гъумыгъугъэ, ежь кӏэхэкӏыгъэм зэрэзэхиукӏагъэр зыдешӏэжьыти, емыхъопсэни ылъэкӏыгъэп.

– Сыд, къышъутеонэу Лаурстэныкъом зегъэхьазыры, ара? – Нахьлъэш щхыгъэ.

– Къыттеонэу ӏоба, зиунагъо бэгъон, оры мыщ фэдиз бырсырыр зыпкъ къикӏыгъэр,– Барыч къышӏудэлъэтыгъ, етӏанэ кӏэгъожьызэ, къыгъэтэрэзыжьыгъ: – Тызэгъусэба, зэщыщ тыхъугъэба. Оры тэ тызщыгугъырэр.

– Умыгумэкӏ, Барыч. А пщы нэӏуагъэр тэ чӏэдгъэӏэбэщт,– зыщыгугъыжьэу Нахьлъэш зырищыгъ.– Сэ гъогум сытетыфэ зэкӏэ зэзгъэфагъэ. Моу зыгорэм тыхаӏэмэ, сигухэлъхэр къыпфэсӏотэщтых. Ешӏу ӏоф къыхэмыгъахь. Шэныбэрэ сэрырэ тызяптыжьыкӏэ, ори пшъэ къызэпакӏыщт, хьакӏуцухэри щыӏэжьыщтыхэп.

– Ар сшъхьэ къизгъэхьахэрэп, Нахьлъэш,– Барыч ынэхэр ыгъэупӏаӏэхэзэ, лӏы цӏэплъышхом фыдэплъыягъ.– Е тылӏын е тылӏэн, зэкӏакӏо тиӏэп.

– Джар лӏы гущыӏ,– Нахьлъэш ӏэ лъэныкъомкӏэ Барыч ыплӏэӏу ыубыти, зэрифызылӏагъ.– Угу гъэпсэфы, Лаурстэныкъом итыгъуужъыцэхэр ӏузгъэтэкъугъэхэу озгъэлъэгъун.

Нэфылъ къыштэгъэ къодыеу Рэдэдыпщыр къэтэджыжьыгъ. Тыгъужъыгу уиӏэми, шъуз шъэбэ цӏыкӏур фэбабзэу убгъэ кӏэлъэу, уисабый зэрэлъэкъуаорэр пӏэгушъокӏэ зэхапшӏэу къэубгынэныр, ари аужырэми умышӏэу, ухэтми къыохьылъэкӏыщт, ау адыгэ пщышхор зезыхьэрэ ӏофыгъохэр зэкӏэмэ апшъагъэх.

Шы къэрэ бгъэшхор Рэдэдыпщым къызыращалӏэм, шыӏупӏэр зыӏыгъ Агъбан къыӏуагъ:

– Зиусхьан, уфаемэ, мы чӏыпӏэм симыгъэкӏыжь, сыуимыгъусэу хьакӏуцумэ уахэзгъэхьащтэп. Сыд хъугъэми, уакӏыб сыдэтыщт.

Лӏы плӏэмые лъэкурэм зи римыӏоу Рэдэдыпщыр ӏуплъагъ, ышъхьэ ыгъэсыси, щхыпцӏызэ, къезэгъыгъ:

– Арэу оӏомэ, къэшэс.

Чылэ пчэгум шыудзэр ифэжьырэп. Зым ныбэпхыр егъэпытэжьы, адрэм ишъуашэ зэрегъафэ, зэрэгъэгущыӀэрэ купхэри зэхэтых. Чатэр голъэу, мэӀур ыкӀыб идзагъэу, иинагъэ Ӏэшъоджанэм хигъэхъуагъэу, къахэхьэгъэ пщышхор иныжъым фэд.

Дзэр чылэм дэкӀынэу зежьэм, нэф къэшъыгъэхагъ. Шъэожъыехэр, кӀэлэ Ӏэтахъохэр щагумэ къадэкӀыгъэхэу шыумэ адачъэщтыгъэх, шъузхэр, нысэхэр, пшъэшъэ ныбжьыкӀэхэр нэмыз-Ӏумызхэу чэу кӀыбмэ къадэплъыщтыгъэх. Ахэмэ афыреплъэкӀызэ, Рэдэд ыгу Чэчанэ къыпылъэдагъ, гумэкӀэу зэриӀожьыгъ: «Гузажъорэр бэрэ мэлъэпао, Ӏэчъэ-лъачъэзэ, зыгорэ къемыхъулӀэгъагъот. ЛӀыжъ ӀапӀэр зыщыгугъырэ пхъорэлъф закъор фэхымэ, тхьамыкӀагъу, Мэщыкъо фэсакъынэу есӀон фэягъ...»

Шыудзэр Щахэ зынэсым, псыхъом адрабгъу шъофышхом щэнэбзэу щызэхэт хьакӀуцудзэр къэлъэгъуагъ. «Мыхэр Нахьлъэшыжъым къызэригъэуцугъэхэр! – Рэдэд ыгъэшӀэгъуагъ.– ИсэмэгукӀэ Барыч къыгот, акӀыб дэт шыухэр плӀырыплӀых, ирыих. Аужырэ сатырхэр шъэ заулэм къыщыкӀэнхэп. Щэбзащэм фэдэу къыткӀоцӀыхьанхэшъ, тызэбгыраутын агу хэлъ».

Псыхъом зызэпырэкӀхэм, Рэдэд дзэпащэм фигъэпытагъ:

– Къодан, сэ хьакӀуцумэ япащэ сыдэгущыӀэфэ, дзэ пчэгур гъэпытэ, еплъ мохэр къызэрэуцугъэхэм.

Рэдэдыпщым Ӏэ джабгъур ыӀэти, шыудзэм ыпэ ишъыгъ, Барычи къыпэгъокӀыгъ:

– Барыч, тидао шъукъезэгъа, хьауми заор къыхэпхыгъа?

– Зышъхьэ языхьылӀэжьырэм къоуцохэу егъашӀэм тихабз. Тэ къытщыгугъэу Нахьлъэш къытэкӀолӀэжьыгъ.

– БзэджашӀэр бгъэнэгъоджэныр хэбзэнчъэ, егупшыс, лъы тэмыгъэгъачъэ,– Рэдэдыпщыр Барыч еушъыигъ.

– Шъо, пщыхэм, шъуӀорэр зымышӀэрэр щыжъугъэӀэщтэп. Хэт щыщми, тэ къытэкӀолӀэжьрэр тщыщ мэхъу. Нахьлъэш тэ тицӀыф, ыпшъэ уидгъэӀэбэщтэп. ХьакӀуцу хэгъэгуми укъимыхь, зэрэтшӀоигъоу тыщыгъаӀ.

– ШъущыӀ, щыӀэнэу ары цӀыфыр къызфэхъурэр. Ау тэ зы хэгъэгу тыхъумэ, ткӀуачӀэ хэхъон. Шъоры къэнэжьыгъэр. Нахьлъэш икупи къытэшъут, зы хэгъэгу тыхъунми шъукъезэгъ.



– Непэ шъузэхэхьагъэмэ, неущ шъузэхэзыжьыщт,– Барыч къыӀуи, къыпиупкӀыжьыгъ: – Зэ сӀуагъэр тӀо кӀэсӀотыкӀыжьырэп.

Шыу пэщитӀумэ акӀыб зэфагъази, къызхэкӀыгъэхэм афаузэнкӀыжьыгъ. Нахьлъэш цӀэплъым Рэдэдыпщыр къызыкӀожьыгъэм ыуж апэрэ благъэу зилъэгъугъэр – ынапэкӀи, ыӀэпкъ-лъэпкъыхэмкӀи къыхэщэу зызэриштагъэм ыгу къыгъэсысыгъ, ышъо пигъэчъыгъ.

Зэпэщытыгъэ дзитӀур зэпежьэхи, зэхэлъэдагъэх. Шы щыщ, чэтэ жъгъыу, мэӀу зэпэӀудз, лӀы зэфилъ-зэхъон мэкъэ зэхэкӀокӀэжьыгъэхэр псыхъо кӀэим шъхьащыуцуагъэх.

Рэдэдрэ Нахьлъэшрэ къэзэрэгъотыгъэхэу ячатэхэр зэпаӀуадзагъэх. Нахьлъэш Рэдэд фыригъашӀэу имэӀу еуи, блэчъыгъ. Зызэфытырагъэзэжьым, Агъбанэ ынэ къыпэшӀофагъ: бгъуитӀумкӀэ пщым къыголъэдэгъэ хьакӀуцу шыуитӀур зэрэгуиупкӀыгъэр ылъэгъугъ.

– А хьакъулапыжъ, узгъэпщылӀырэр ара къэуухъумэрэр?! – Нахьлъэш Агъбанэ къыфидзи, Рэдэдыпщым жэхэлъэдэжьыгъ, мэӀур зэгуегъэлъэлъы уигъаӀоу лъэкӀэу иӀэр огъум хилъхьагъ. Пщыр къеожьыгъэп шӀошӀыгъ шъхьакӀэ, ардэдэм ылъэкъо джабгъу къэбжьыбжьыгъ, зыздэплъыхыжьым, лъашъхьэм блэкӀэу лъэкъо джабгъур пэлэлы, лъыр къебзэбзэхы. «Мыщ къысишӀагъэр!» – плъыр-стырым зэрэхэтэу Нахьлъэш джыри илъыгъ. Плъэмэ, Барыч чатэр ыӀыгъыжьэп, зиутӀыӀузэ, Къоданэ ичатэ огъухэм имэӀу апэӀуедзэ. ТӀэкӀу шӀэ къэс гуӀэ нэплъэгъур къушъхьэ мэзымкӀэ едзы, зы шыуи къэлъагъорэп. ЗэуапӀэр ыбгынагъэу ХьакӀуцу лъэныкъомкӀэ Шэныбэ зэрэкӀиӀэжьыгъэр, ыуж шыу заули зэрилъэдагъэр Барыч зелъэгъум, ычыишъхьэ къыритхъэу хъонагъэ: «ШӀоижъ!.. Мохэмэ уащыгугъ хъуна!..»

Мэзым къыхэлъэтыгъэ шыудзэм Барыч ыгъэгушӀуагъ, ау ардэдэм игушӀо ефэхыжьыгъ: къосэгъу шыухэр хьакӀуцумэ абгъукӀэ къатеуагъэх, Къоданэ иогъу Барыч ыпшъэ зыдафэм, ынитӀумэ машӀор къакӀэтэкъоу чатэмрэ мэӀумрэ ӀэкӀэзхи, шым еукӀорэехыгъ. Рэдэдрэ Нахьлъэшрэ къезэрэфэкӀых, зэзаох. Нахьлъэш ыгу къэмэкӀагъ, имэӀу къытефэгъэ чэтэ тыкум онэгум ридзыгъ, чӀым нэсыгъа-нэмысыгъа ыӀозэ, къызэшӀотӀысхьажьи, ичатэ лъыӀэбагъ шъхьакӀэ, Рэдэдыпщыр шъхьарыуцуагъ.

– Зиусхьан… сымыукI… Плъы пшIэжьыгъэ, слъакъо пебгъэхыгъ… Сэри ппсэ згъэгъун сIуагъэмэ, чIыпIэ ситыгъ…

– Спсэ сырыдджэгужьэу хымэ хэгъэгум сябгъэщэн нахьи, ащыгъум сыуукIыгъэмэ нахьышIугъ,– Рэдэд фидзыжьыгъ.

– Псэр… IэшIу, Рэдэд…

– О ппсэ пшIоIэшIу, нэмыкIмэ апсэ пшIодыдж. Аджалыр зыфэдэр ушэты! – Рэдэдыпщым ичэтэ огъу Нахьлъэш цIэплъым зытефэм, ыбг нэсэу зэгуигъэзыгъ.

Чэчанэ ыпэ итыгъэ Мэщыкъо ыкIыб къэхъугъ. «Сэ къысфэсакъа?» – Чэчанэ зэриIожьыгъэу иш бгъэкIэ зэхафи, зэукIорэижьым, лъэкъо джабгъур чIиубытагъ, пкъышъолым къырычъэгъэ лыузым ынатIэ пкIантIэ къытырыригъэкIагъ. ХьакIуцу лIы Iужъоу шым къеохынэу фежьагъэм ичатэ пэIуидзэжьыгъ. Ау ардэдэм къеощтыгъэм ышъхьэ Чэчанэ ыпашъхьэ къифагъ. Мэщыкъо уанэм зыкъыридзи, шъэогъум кIэрылъэдагъ, шы чIэгъым къычIахыжьзэ, еупчIыгъ:

– Зыгорэ къыуишIагъа?

– Слъэкъо лъэныкъо машIо хэлъ…– Чэчанэ къэтэджынэу фежьагъ шъхьакIэ, лъэкъо джабгъур къыдэхъугъэп.

– Чатэмрэ мэIумрэ зэIудзагъэу Iыгъ! Сэ моу джыдэд…– Мэщыкъо онэгум зыридзэжьыгъ.

ЛIы зэрэукIмэ Чэчанэ ахэплъагъ. «НахьыбэмкIэ сэры мы заор къызэрыкIыгъэр…– ыгу зыфэплъыжьэу хъугъэр зэкIэ зытырилъхьажьыгъ.– Тэрэз сятэжъ къысиIуагъэр… Нахьлъэш ишъоупс зэрэщэнаутыр къызгурыIуагъэп. Тэ щыIа а ЦIэплъыжъыр? Ахэслъагъорэп… Сэ сыземыгъотым, Анысэт тхьамыкIэр ыукIыгъ. Сисабый дунэе нэфыр ригъэлъэгъугъэп… Анысэти, сисабыий алъ сшIэжьыгъэп…»

– Шъууцу! Шъууцу! Заор тыухыгъэ! ШъукъыттекIуагъ! – къэкуогъэ лIы макъэм Чэчанэ игупшысэ гукIаехэр IэкIихыгъэх. ЗэоIхэр зэтеуцуагъэх, чатэхэр зыIэтыгъагъэхэми рахьыхыжьыгъэх, пкIэнтIэ нэгухэу, гужъ-нэжъыкIэ бгъуитIури зэIуплъагъэх. Джа лIы мэкъэ дэдэр джыри къэIугъ:

–Тидзэпащэ фэхыгъэ, шъукъыттекIуагъ. Къыттешъулъхьэрэр тихьылъэ!

Рэдэдыпщыми мэкъэ IэтыгъэкIэ унашъо ышIыгъ:



– ХьакIуцумэ зы бгъу зарэшI! – Къызэхэуцогъэ хьакIуцухэм Рэдэд зафигъэзагъ: – Шъори, тэри тызылъэпкъ. Непэ бгъуитIумкIи тимыщыкIагъэу псэ хые бащэ дгъэгъугъэ. Тэ гъэры шъутшIынэу, тын шъуIытхынэу, шъуиунэхэр шъутетхынэу, шъуибгъагъэхэр тедгъэстыкIынхэу тыкъышъуфэкIуагъэп. ШъуфытиIэ даор непэрэ заом щытыухыгъ. Джы акъыл зэфэдгъотыжьэу шъукъыдгуахьэмэ, зы хэгъэгу тыхъущт.

– Тыкъыжъугохьащт, зиусхьан,– заор зыгъэуцугъэ лIы тхъоплъ лъагэр хьакIуцумэ къахэкIотыгъ.– О къызэрэпIоу тызекIощт. Сэ Лыгъотх сыкъекIы, лIакъокIэ Цухъомэ сащыщ, сцIэр Дэмыр.

– Дэгъоу зысэбгъэшIагъ, Дэмыр,– Рэдэдыпщыр бгъодахьи, лIым ыIапэ ыубытыгъ.– ХьакIуцумэ къыздаштэмэ, непэрэмкIэ пащэ уафэсэшIы, етIанэ чылэхэр зэфэтщэсыных, тызэрэзэдыщыIэщтми тызэдеусэн.

## II

Гум илъым кIэгъэхьэгъуай.

ЦIыфым ышIагъэр зилъэгъужьыкIэ, гум илъыгъэр зэрэнахь гъэшIэгъоныгъэр къыгурэIожьы. Мыгупшысэрэм ар къыгурыIощтэп. Тхьэм къыритыгъэ закъом акъылышIор къыщыуцурэп: мэлъыхъо, къегъоты, пкIантIэ къызэригъэхымэ исэнаущ хигъахъозэ, ыгу илъыгъэм лъыкIегъахьэ, гъашIэмэ къахэнэжьын лэжьыгъэ къегъанэ.

Рэдэдыпщым Нахьлъэш цIэплъыр зэриукIыгъэр зэIэпахызэ, зэрэ Къосэгъоу ажэ дэлъыгъ. УмышIэрэ цIыф фэхыгъэу зэхэпхыгъэми, гум ыкъопэ цIыкIу горэ къыщыхэузыкIы, мыдырэ хъункIэкIо-укIакIом ыпсэ зэрагъэгъугъэр зылъыIэсырэмэ, ох зымыIорэ къахэкIыщтыгъэп, щынэгъо-гуихэу зыхэтыгъэхэр зэрашъхьарихыгъэмкIэ Рэдэдыпщым фэрэзагъэх, фыряIэгъэ лъытэныгъэ-шъхьэкIэфагъэми хэпшIыкIэу зиштэгъагъ.

ХьакIуцу заор ежь зэрилъэгъущтыгъэу ухыгъэ хъугъагъэми, ичылэгъухэр къыфэрэзагъэхэми, хъугъэр зэкIэ Рэдэд ышъхьэ икIэрыкIэу щызэпэкIигъэкIыжьыщтыгъ, тэрэзэу ышIагъэр, ымышIагъэр, гу зылъимытэгъэ хэкIыпIэхэр зэпищэчыжьыщтыгъэх. ХьакIуцухэр къешIугъэх, къакIэзгъэблыщтыгъэхэри щыIэжьхэп, убыххэми, аб-

хъазхэми гъогур афызэIухыгъэ хъугъэ. Рэдэд игупшысэмэ ахэмыкIыщтыгъэ хэгъэгу зэикIри шIэхэу щыIэ хъущт. Хьадагъэхэр зэтекIхэмэ, агъэчъэгъэ лъыр зиунэ иуагъэхэм агухэр тIэкIу ежъухыжьхэмэ, ахэхьаных, зэгурыIоных. Заор зыгъэуцугъагъэ Цухъо Дэмыр Рэдэд къосэгъу пщышхом къыфэкIогъагъ. Уицыхьэ зытебгъэлъын цIыф гъэтIылъыгъэу Рэдэдыпщыр Цухъо Дэмыр хэплъагъ.

Рэдэд зезыдзэрэ гупшысэ хьылъэмэ афэдэхэм Турабэ агъэгумэкIыщтыгъэп. Заом фэхъугъэ кIэухыр игопагъ, зытIо-зыщэ Рэдэди, Рампэси гушIуакIо афыкъокIыгъ. Къодани, Мэщыкъуи, пIэм хэлъ Чэчани аIуупчIыхьэу ауж итыгъ, ау заом ыпэкIи, ыужыкIи Турабэ зыщымыукIытэжьэу зыкIэгушIужьыщтыгъэр дэгъодащэу къызэрэхъугъэр ары. ЗэцIыкIуми, икIэлэгъуми, лIы зэхъуми, дагъо зимыIэхэм, анахьэу Рэдэдыпщым, яшъугъущтыгъэмэ, мызыгъэгум ежь зэхъопсэжьыщтыгъ. «Мыгъор агъун зэраIоу, насып симыIэу къинкIэ сыкъэтэджыгъ,— Турабэ ышъхьэ егупшысэжьыщтыгъ,— заом садыIухьагъэмэ, зэкIэмэ къагъэзэжьыгъэми, сэ сыхэкIуадэщтыгъ, загъорэ дагъо уиIэныр шъхьэм ифедэ мэхъу...»

ШъыпкъэмкIэ, аужырэ илъэсхэм Турабэ идэгъодэщагъэ щыгъупшэжьыгъагъ, пщышхоми, къосэгъухэми игущыIэ ахэхьагъ, тхьэмэ ялIыкIокIэ заригъэштагъ, цIыфмэ къыфашIэрэмкIи дэгъоу мэпсэу, чылэм дэс анахь бзылъфыгъэ дахэм Iэрылъхьэ зыкъыфишIыгъ, ежь иинагъэ нахь лъагэу зышъхьарыпкIыжьыгъ.

Зао зыкIаIорэр лъы щагъэчъэнэу, цIыфхэр хэкIодэнхэу, лъэныкъуитIумэ яз игухэлъ къыздигъэхъунэу ары. ХьакIуцумэ яфэшъуашэ агъотыгъэмэ, ащ нахьыбэрэ заом игугъу ышIыжьынэуи, текIуагъэмэ щытхъу афиIожьынэу Турабэ фэежьыгъэп, ежь зэрэхъущтыр игупшысэмэ ахэкIыщтыгъэп.

«Дэхапсэ лIыхэр фыкъокIыщтыгъэмэ шIагъуа? Мор зидэхагъэм ушыихъыми уенэцIын,— Турабэ зеухыижьы.— Хьакъарэ зыщытхъужьыныр икIэсагъ, IапэкIэ нэмысыгъэми, зыфаер къыдэхъугъэу ыIощтыгъ. Шъыпкъэ, жьыбгъэ щымыIэу къурэ сысырэп, Хьакъарэ бгъэкъэжъыр ифэшъуашэу тхьэмэ хьэIус ашIыгъ, ыкъохэми, ишъузи ямыплъэу, нэпэнчъэу мызекIощтыгъэмэ, Дэхапсэ ыцIэ чылэм щырамыIохэныекIи мэхъу. Сэ, мары, сэкIоми сыкъэкIожьыми псэ зыпыт езгъэшIагъэп... Дэхапсэ къасщэмэ, сыдэущтэу НэтIае зыкъысфишIыщт? Сыдырэ IофкIи псэнчъэжъэу тхьамыкIэр къыскIэт. Ар зэрэсигъусэр армэ шIэ Дэхапсэ къызыкIысфаер? Сэ тхьэмэ сафелъэIу, Iэзэгъу уцхэр фэсэшIы сIозэ, ихъулъфыгъагъэ езгъэгъотыжьмэ, сыдэу сыхъущт? Илъэс пчъагъэм зэкIыгъугъэхэр къызэдисынэхэу, унэми сыдэущтэу сикIыщта, цIыфмэ сахэмыхьажьэу сыщыIэщта?..»

ХьакIуцу заом ыуж лъигъэкIотэгъэ пIалъэр къызэрэсыгъэр ары Турабэ гупшысалэ зышIыгъагъэр. ПIалъэр къызэсым, Дэхапсэ дишIэщтыгъэхэу джы нэс ышъхьэ къыримыгъахьэщтыгъэхэр Турабэ ыгушъхьэ щызэрэлIхэзэ къышIудэоягъэх. «КIо, Хьакъэрэжъыр ыдэжь кIощтыгъэу сэшы,— бзылъфыгъэ шъхьэзакъор Турабэ игупшысэкIэ ыукъэбзыжьыным фэгуIэщтыгъ,— ащкIэ тхьэхэр къысфеплъыхыгъэх, сыIукIэмэ, къысэзыхъонын чылэм дэсыжьэп. Къэсэгъэзэжьышъ, ышIагъэр ынатIэ телъа? Хэтрэ бзылъфыгъи, хъулъфыгъи ынэгу ылъэкIыжьэу зыпытхьакIыхьажьмэ, зэрэщытыгъэу къэнэжьы. Сэри Дэхапсэ ынатIэ пIастэ езгъэпкIынэу къасщэрэп, сыгу рехьы, рехь къодыеп, тызэдэхъу, шIу слъэгъугъэ... Шъузыщи сIонэп, орэди къязгъэIонэп, мэзахэ зыхъукIэ, сауж къизгъэуцонышъ, къэсщэн. Пшъэшъэ зидэкIогъугъэмэ, иIоф шъхьафыгъэ, ау Рэдэд есIон, типщышхо езгъашIэмэ, нахьышIу. Шъузыщэ ар къыздэкIонэп, сэри зыдэсщэнэп, пIалъэри есIонэп, къысиIожьрэм сеплъын...»

КъыраIорэ щымыIэу шIуфэс зэпэгъодзыкIэ Турабэ пщы къэлапчъэм дэкIыгъ, хьакIэщым нэмысызэ, Агъбан нэхэешхор къыпэгъокIыгъ.

— Зиусхьаныр силъэгъуныгъ, Агъбан,— Турабэ ышъхьэ ыукъощызэ, ухъумэкIо нахьыжъым тIэкIуи щыщынэу Iуплъагъ.

— БэмышIэу къыдэхьажьыгъ, Чэчанэ дэжь щыIагъ,— Агъбан къыфэчэф хьазырэу Турабэ хэплъагъ, ыгукIи зэриIожьыгъ: «Типщышхо къысфэшIоу зыошIэм, ори угу къысфэжъужьыгъ, бгъэкъэшху. КIочIэ делэ тхьэмэ къыуатыгъ, сIэхъомбэ зэрытыпIэхэр зэрэбгъэшхыгъэх»,— Агъбан къытIупщыжьыгъэ Iэр сэмэгуIэмкIэ ыIотызэ, Турабэ хьакIэщым ихьагъ, Рэдэди нэгуихыгъэу къыпэгъокIыгъ,

Iанэ къыфаригъэхьынэу ыIуи шъхьакIэ, хэмыфэжьынэу шхагъэу риIожьыгъ.

– ГухэкI умышIы, Тураб, хэмыфэжьынэу шхэрэр хьэр ары,– Рэдэд щхыпцIыгъэ.– Сэри Чэчанэ сышъхьарыхьагъэти, сыкъахьэкIагъ.

– Хьау, хьау, зиусхьан, гухэкI сшIына,– Тураби къыраIуагъэм гукIэ рыщхыжьыгъ.– Семыгупшысэу къэсIуагъэмкIэ сыкъэуубытыгъ. Сэри неп-неущ сIомэ, мэфэл сшIызэ, мы мафэхэм Чэчанэ сыфихьагъэп. Къуим ыкIыIу корэшъу зэраIоу, Анысэт тхьамыкIэр аукIи, шъхьэзэкъолъэкъуитIоу бетэмалыр къэнагъ.

– ЛъэкъуитIумэ, удэкIотэжьын, лъэкъо закъоу къэмынагъот.

– Чэчанэ ыко кIыжьыщт, зиусхьан, уицыхьэ тегъэлъ,– Турабэ къызIуипхъотыгъ.– Сэ тхьэмэ анэшIу къыщафэнэу мафэ къэс сялъэIу, Шышъхьарыс къыфыращыгъэгъэ лIыжъыри Iэзэ дэгъу. Чэчанэ ылъакъо къытеуцожьын, ау ыгу къехьажьыфэ, нэмыкI пшъашъэ къэщэн ешIыфэ, бэ тешIэщтыр. Узэкъоныр ущымыIахэм ычIыпI, сэ ар сыушэтыгъэ,– Турабэ пщышхом риIо шIоигъом гущыIэр къырищэлIагъ.– Икъунба сэри сызэрэщысыгъэр, къэсщэн сэIо, зиусхьан.

– Хэт? – Рэдэд ышъхьэ къыпхъотагъ.

– Дэхапс ары,– Турабэ ынапIэхэр тыригъэплIагъэх.– Тхьэмэ лIыкIо сыкъышъуфашIыгъэми, зиусхьан, сидагъо зыдэсэшIэжьы. Хэт ипшъэшъэ гъэшIуагъэ сэ къыситын? Нэджэ-Iуджэ гори, мафэ къэс сыIуплъэу, сиунэ изгъэсын слъэкIыщтэп. Дэхапсэ мыхъунхэр паIухьагъэхэми, тызэгъусэ хъумэ, ажи дэзыжьын.

– Ащ сэ къесIолIэщтыр зызакъу,– Рэдэд Турабэ риIуагъ.– Дэхапсэ даха пIомэ, дахэ, цIыфышIу, гукIэгъуи хэлъ, ышIэщтыр зэкIэ ышIэгъах, ау о зыфэпIуагъэр ары унаIэ зытеозгъадзэ сшIоигъор. Сэ а бзылъфыгъэм сыгу ебгъэрэп, сыумысырэп, тхьэмэ лIыкIэ насып къыратыгъэп. СтхьакIумэ къизгъэхьагъэп нахь, раIуалIэхэри зэхэсхыгъэ. Ар джы шъузы зыпфэхъукIэ, палъхьэщтыгъэхэр фэбгъэгъун плъэкIыщта умылъэкIыщта? Ащ егупшыс. Дэхапсэ джы гоу фэпшIыгъэм фэдэщтэп уиунэ исы зыхъукIэ узэреплъыщтыр.

– Арба сэри сшъхьэ зэпызыкIырэр,– Турабэ Iэнэ-кунэ къэхъугъ.

– Уеджэнджэшмэ, къэмыщ,– Рэдэд къеушъыигъ.– Зэхэпхыщтыгъэхэр епхъоныжьхэу зебгъажьэкIэ, шъузэзэгъыщтэп, бзылъфыгъэм ыгу ухэуIэщт. А зыр пфэщыIэна?

– СщыIэщт! – теубытагъэ хэлъэу Турабэ джэуап къытыжьыгъ, ыгуи нахь зэрэпсэфыгъэр зыдишIэжьыгъ.

Пчыхьэшъхьапэм ищыгъэын хэхыгъэ зыщилъи, къохьажьрэ тыгъэри упэбжьагъэу, жьы фабэри къэучъыIэтагъэу, Турабэ зыдэплъыхыжьзэ, Чэчанэ сымэджаплъэ фэкIуагъ. Зэрыхьэгъэ унэ гузэгум икIашъо цэлдаор кIэшIэгъагъ, кIэлэ зикъэщэгъухэр лъэгонджэмышъхьэкIэ ащ къегъэтIысэкIыгъагъэх. Цэлдэо пытэм зыIупшIэ зэгуиутыхэрэр нэмыкIхэмкIэ зэблахъуущтыгъэх. ПIэкIор бармэкъым кIэрылъ шъхьантэм зышъхьэ егъэкъугъэ Чэчанэ нэгъыф-кIыфэу IущхыпцIыкIызэ, цэлдао ешIэхэрэм ахаплъэщтыгъ, загъори джэнджэшэгъу афэхъущтыгъ:

– Цэлдаом пшъхьэ фэмыщэйба, пIупэ къызщынэсыщтым тегъафи, жэкIэ къэубыт...

Турабэ кIэлэ джэгумэ къадиухьи, пIэлъапэмкIэ зэуцум, Чэчанэ къыIугушIуи, ыбг къитIысхьагъ.

– Щылъ, щылъ, Чэчан. Сыдэу хъура плъакъо?

– Узыжьырэп,– Чэчанэ ыIупэ гъупцагъэхэр бзэгупэкIэ ыгъэушынагъ.– КъэтIыс. Мыхэмэ сяплъызэ, гу къыплъыстагъэп. Къысфэгъэгъу, къыхьи, икIи слъэгъужьырэп.

– Арба адыгэмэ кIапцэ зыкIашIырэр,– нэгу псыгъо Iу псыгъо Чэчанэ джыри нахь лъэшэу зэхэуагъэти, Турабэ ыгу егъугъ.– Мыщ фэдэ джэгум, пэIокIадзэм, тхьакIумэфаом сымаджэм иуз щагъэгъупшэ.

ЛIитIумэ зэраIощтыр аухи, цэлдао ешIэхэрэм яплъыхэзэ, Чэчанэ игукIае-гупшысэмэ ахилъэсагъ. Турабэ нэплъэгъур фидзи, ыгукIэ ыIуагъ: «Мыщ зыгорэ ыгу хэлъын фай, зыкъигъэкIэрэкIагъ. Дэхапсэ зэрэфыкъокIырэр тшIуеушъэфы, тэшIэ Iоу ышIэрэп. Нычэпэ быбырэ удыр чылэм ашIэ... Нахьлъэш шIоижъыр ары мыхъугъэмэ, сэри джэгу сфашIыгъэу, Анысэт лъэразэу сиджэхэшъогу тетыщтыгъэ. А ЦIэплъыжъым Рэдэд сыгу тыригъэпщэхагъ: къелъэIумэ къеубзэзэ, ар зэфэдитIо зэрэзэгуигъэлъэтыгъэр Агъбан къысиIожьыгъ. Тинасып мощ фэдиз зичыжьэгъэ хымэ хэгъэгум Рэдэд къызэрэтфикIыжьыгъэр. Сэрыгъэмэ,

сфэлъэкӀыщтыгъэп, мыдрэм гушхуи, кӀочӀэшхуи, акъыл чани тхьэмэ къыратыгъ. СицӀыкӀугъом щегъэжьагъэу Рэдэд щытхъухэ зыхъукӀэ къысхихыщтыгъэми, Ӏушы зэрэхъущтым, лӀышӀу-лӀыпщ зэрэхэкӀыщтым апэ егупшысэгъагъэр сятэжъ ары. Мары, непэ къызехьэм, ащ иакъыл зынэсыгъэр сэ пкӀыхьапӀэуи слъэгъунэп. Персхэри, арабхэри, урымхэри щэн-щэфым хэтхэу къытхэхьэх тӀозэ, тэгушӀо. Тащэщафэ, тяхъожьы. Ахэмэ тикъэбар зэзыгъэшӀэрэ Ӏаджи ахэт еӀо Рэдэд. Русичхэри хъэзархэмэ атекӀуагъэхэшъ, тэ Ӏэрылъхьэ тафэхъугъэкӀэ алъытэ. АмыукӀыгъэ мышъэм ышъо агощы. Рэдэд зэриӀоу, русичмэ къаигъэ тыкъашӀыпэна? Ар сэӀо шъхьакӀэ, марыба, тыкъаугъонэу рагъэжьагъ. Къаншъао япащэу тыныхьэ къытфэкӀогъагъэх. Аратырэ щымыӀэми, Зыхи, МыутӀэ лъэныкъоми ащэугъуаех...»

Дэхапсэ фишӀыгъэ уахътэр къэсы зэхъум, Тураб къэтэджыжьыгъ, Чэчани игупшысэхэм къахэзыжьыгъ:

– Сыд, Тураб, уежьэжьыгъ, ара?

– СыкӀожьын сэӀо, кӀэлакӀэмэ тэ задэтшӀын тлъэкӀына...– Турабэ щхыгъэ, кӀэпщакӀомэ къахэкӀошъыжьи, Дэхапсэ иунэ фиузэнкӀыгъэу, кӀалэхэр къызэрэпымылъыгъэхэм икӀэрыкӀэу къыхыригъэхыжьзэ цӀэцӀагъэ: «Ахэмэ цӀыфыгъэу яӀэмкӀэ пчэн къуий къыостынэп. Тхьэмэ сырялӀыкӀоу сахэхьагъэу, яджэгуни зэпагъэугъэп, къысфэтэджыгъэхэп, шӀуфэси къысахыгъэп. УкӀытэ, шъхьэкӀафэ зыфаӀохэрэр зымышӀэрэ кӀалэхэр къэтэджых. Тэ ахэмэ афэдэу тызекӀогъагъэмэ, нахьыжъмэ тшъхьашъо раутыни...»

Дэхапсэ ипчъэӀупэ зынэсым, Турабэ ыгу къытеоу ригъэжьагъ. Ау ыгу теӀункӀэжьи, ымакъэ ылъэкӀызэ, пчъашъхьэм ебэкъуагъ. Дэхапси имышэныгъэу, укӀытэ-кӀыфыгъэр къытекӀоу къыӀугушӀуагъ, ынапӀэхэр ридзыхи, пӀэкӀорым тес шъхьантэхэр зэригъафэхэ фэдэ зишӀыгъ, къызэплъэкӀи, мэкъэ шъабэкӀэ къыӀуагъ:

– КъэтӀыс, Тураб.

– ТӀощтыр тӀогъахэу, тытӀысыжьына, ухьазырмэ, некӀо,– къыздиштэн къыгъэхьазырыгъэмэ ыӀуи, Турабэ зиплъыхьагъ.

– Пхъащэ укъэкӀуагъ пшӀошӀа, къэтӀыс. ТӀэкӀурэ тыщыгъэси, сиунэ лъэдэкъэ мафэ къисынэнэу, уиунэ лъэпэ мафэ исыдзэнэу тхьэмэ тягъэлъэӀу. О ахэмэ урялӀыкӀошъ, уилъэӀу псынкӀэу алъыӀэсыщт.

– Ары зэрэщытыр, сэ сӀуагъэу къэмышъыпкъэжьыгъэ къыхэкӀыгъэп,– зэхихыгъэр игуапэу Турабэ етӀысэхыгъ, тӀэкӀурэ щысыгъэу, къыхигъэхъожьыгъ: – Шӏоу щыӀэр зэкӀэ титхьэмэ къыддагъэхъунэу сялъэӀугъ, некӀо...

– Ащыгъум мыр штэ,– Дэхапсэ пӀэкӀор натӀэм къоӀаби, пӀэтехъо зэкӀоцӀыпхагъэр лӀы фэхъущтым ӀэкӀилъхьагъ.

УнитӀумэ азыфагу етыфэхэ, къызхимыгъэщэу Турабэ зиплъыхьэщтыгъэ, зыми къымылъэгъухэу иунэ нэсыжьхэ шӀоигъуагъ. Чэу къуапэм зыкъокӀхэм, Курацэ апэ къиуцуагъ:

– Тураба сэӀо? – зиуфэзэ, ныор къыӀуплъагъ.– Ори уригъуса, Дэхапс? Чэщныкъом тыдэ шъуежьагъа?

– Оры, о тыдэ уежьагъ? – ерагъэу Турабэ зиӀажэзэ, ныом пигъодзыжьыгъ.

– СишкӀэ къэт, чэмыжъым теудэгу,– кӀэкӀорыкӀызэ, ныом къызэриӀокӀыжьыгъ: – Мэщыкъо ищагу зэрэдэхьагъэр сэшӀэти, пчэдыжь згъотыжьын сӀогъагъэ шъхьакӀэ, мыдырэ Ӏэежъым сигъэчъыещтэп.

– Джары, Дэхапс, уашъомкӀэ умыбыбыщтмэ, зыгорэм укъимылъэгъоу лъэбэкъу удзын плъэкӀыщтэп,– хьаблэ ныом фызэплъэкӀыжьзэ, Турабэ гъумыгъугъэ.

– Шагъуа ныом тилъэгъугъэмэ,– Дэхапсэ щхыгъэ.– Адэ цӀыф ымышӀэу сыбгъэшъузын угу хэлъа?

– ЗыщашӀэн фаем ашӀэмэ нахь тэрэзба, Дэхапс? – Тураби фэмычэфэу ӀущхыпцӀыкӀыгъ.– Неущ сиунэ тыкъитэджэжьмэ, хьабли, чыли арэшӀ.– Ау ежь гукӀэ зэхъопсэжьэу зэриӀожьыгъ: «Зэрэчылэу ажэ удэлъыгъ, джы укъызэрэсщагъэр зашӀэкӀэ, къыонэцӀыжьыни къыпфыкӀэгъожьыни къахэкӀыщт. Иунэ дисыгъэх пӀонэу, рамыӀолӀэжьыгъэ щыӀэп. Зэхэпхыгъэр ефыхи, плъэгъугъэм тегущыӀ. Джары шъыпкъэр».

Къэлапчъэм зыӀохьэхэм, Дэхапсэ щагум зыщиплъыхьагъ. ЫгъэшӀэгъуагъ:

– Адэ зи къытпэгъокӀырэпи, Тураб?

– Хэта узэжагъэр, зэрэсизакъор пшӀэрэба? – къызэмыплъэкӀэу Тураби къызэупчӀэкӀыгъ.

– ЫкӀэ ыгъэсысызэ, хьэ Ӏушыжъ горэ къысӀуплъэн сшӀошыгъ,– Дэхапси зэкӀэкӀуагъэп.

– Хьи, чэтыуи сиӀэп.

– Уунагъо зыхъукӀэ, ахэри уиӀэнхэ фае, Тураб.

– Уфаемэ, неущ блэсымыгъэкӀэу тӀури къыпфэсхьынба,– Тураб къэчэфыжьыгъэу пчъэр Ӏуихи, Дэхапсэ ыпэ ригъэшъыгъ...

Чэщреным Турабэ апэрэу Дэхапсэ пӀэм щыӀукӀагъэм фэдагъ. ТыгъуаэгъэкӀэ ыгъотырэм «тхьэмэ ялӀыкӀо» ыгъатхъэщтыгъэп, зыгорэ шъхьаныгъупчъэм къытеона е сыкъалъэгъуна ыӀозэ, къыкӀилъхьэгъэ машӀор шӀокӀосэжьэу, зэрэфаеу фэмыгъэхъужьэу нэгъэупӀэпӀэгъухэр къекӀущтыгъэх. Ащ фэдэ зыхъукӀэ, зыщыщтэщтыгъэр ори НэтӀае унахь хъатэп къыриӀоныр, къыщигъэзыеныр ары. Джы гуфит-шъхьафитхэу, ежьхэри акӀэлъыри пкӀантӀэм ыгъэшъуажьыгъэхэу, жьы зыӀуагъахьэти, пӀэкӀорыр агъэцӀацӀэу зэфэкӀэщыгъуагъэх...

Нэфшъагъомэ адэжь, нэбгыритӀур гупсэфыжьыгъэу, Турабэ зызэпыригъэзэнэу зежьэм, Дэхапсэ къэгуӀагъ:

– УакӀыб къысфэмыгъаз, сыпсэ закъу..

– Сыда? – Турабэ къыхихэу ымакъэ къыӀэтыгъ.

– СыкъыпӀуплъэу сыщылъынэу сыфай,– Дэхапсэ къышӀужэдэзыгъэр кӀилъэшъужьымэ хигъэкӀокӀэжьызэ, лӀым ешъэбэкӀыжьыгъ.– Джы нэс, Тураб, улӀы шъыпкъ къыуасӀощтыгъ, нычэпэ лӀымэ урялыеу укъычӀэкӀыгъ. СызэхэуукӀагъэми, нахь тхъагъо къысэкӀугъэу къэсшӀэжьрэп. Ащ уфэдэ зэпытыщтмэ, сыпсэ закъу, сфэлъэкӀынэп, кӀэсӀэжьын,– Дэхапсэ игуапэу щхызэ, къесэмэркъэугъ, ау аужырэ гущыӀэхэр лӀым зэхихыжьыгъэп, чъыем Ӏуитхъыгъ.

Дэхапсэ ыгу къыпылъэдэгъэ НэтӀае ыл фэузэу зэриӀожьыгъ: «Е-е, ситхьамыкӀэ гупцӀэнэжъ, мы Турабэ зэрэлъэшым щыщ Ӏахь горэ пхэлъыгъэмэ, хэткӀи къэзгъэшӀэщтым усхъожьыныеп. Садэжь къызыщыкӀощтыгъэми, нычэпэрэ чэщыми ытхы къипш сызэрэнэмысыгъэм Турабэ гу лъитэрэп. Ар къыздерэшӀи, пыи сишӀын, сигъэшъузынэп. ЫкӀыб къысфигъэзэнэу ежьэ... Къамзэгу Ӏуашъхь пӀонэу, ар слъэгъоу, сыдэущтэу сычъыещта? Садэжь къызыкӀокӀэ, зыфаер зэрегъотэу кӀиӀэжьыщтыгъ, джы чэщи мафи дисхынэу зытеслъхьажьыгъ. НэтӀаий тхьэмафэкӀэ ышъхьэ щигъэзыенэу селъэӀугъ шъхьакӀэ, чылэр къыддэхьащхэу, сыда мыщ къызыкӀэкӀощтыр? НэбгыритӀури зэрэзэгъусэу Турабэ ыщагъэх аӀонышъ, Ӏом Ӏо хагъэхъощт, етӀанэ мыщ ыгу зэридзэкӀынкӀи пшӀэнэп...»



Дэхапсэ ыгу джыри иунэкӀэ щыӀагъ. НэтӀае фыриӀэ гукӀэгъу-гуегъум къызэримыбгынагъэр зыдишӀэжьыщтыгъ, ибзылъфыгъагъэ къызэрэтекӀуагъэри мысагъэкӀэ зыфилъэгъужьыщтыгъэп, чылэм ыцӀэ зэрэщыӀугъэмкӀэ, Турабэ нахь дэгъу къызэрэфыкъомыкӀыжьыщтыри нэфагъэ. Джы зы пӀэ зыдыхэлъым Ӏуплъыхьэзэ, зыдэхьащхыжьыгъ: «СызэпшъэшъэжъыемикӀ, сидэкӀогъу зэхъуми, мыщ сыгогъолъхьаныр хэгъэкӀи, гукӀэгъу къысфишӀыгъэу зэхэсхыгъагъэмэ, шӀой къысаупцӀыгъэу слъытэни,– Дэхапсэ чыжьэу зэкӀэӀэбэжьыгъ.– Турабэ нахь Ӏае тичылэ дэс Ӏоу сшӀэщтыгъэп. СызыӀуупӀэкӀэ, сыщыщынэщтыгъ. Тыбгъэхэр къэмыкӀыфэхэ, кӀали, пшъашъи тызэдэджэгущтыгъэ, ау Турабэ идагъо къыддигъэхъущтыгъэп. КӀэн ешӀэн закъор ары къазэрэхэщыщтыгъэр: къуашкӀэр ыдзы къэс, псагъэр тыригъэтэкъущтыгъэ. ЛӀыжъымэ, ежь нахьыжъмэ нахьыбэмкӀэ закӀэкӀидзэщтыгъэ. Тыдэ щыслъэгъугъэми, сакӀыб фэзгъазэщтыгъэ, етӀанэ мэкӀэ-макӀэзэ, щынэр стекӀыгъагъ. Аужырэ илъэсхэм шӀэныгъэ голъ аӀо зэхъум, нэшӀукӀэ сеплъэу езгъэжьэгъагъ. Хьау, сшӀыгъэ лъэбэкъум сырыкӀэгъожьырэп, ау НэтӀае фысиӀэ гукӀэгъум фэдэ ТурабкӀэ къызэрэсфыдэмычъыщтыр сэшӀэ. Е-о-ой, игъом сыкъэхъугъэп нахь, сыныбжьыкӀэу тятэ иунэ сисыгъэмэ, сэ Айнарэ фэдэ сыхъущтыгъэба? Еплъ а ибэ цӀыкӀум инасып зэрэзэпыфагъэм. Рэдэдыпщым фэдэ лӀы къэбзэшхо сиӀагъэмэ, сшъхьацыкӀэ джэхашъор фэспхъэнкӀыни... КӀо, хъугъэ, НэтӀэе тхьамыкӀэри Турабэ пэсыубытэу, ыгу сыхэуӀэжьынэп, ашӀэ ашӀоигъор арэшӀ. Сэ къысаӀолӀагъэм нахьыбэ ар хъужьынэп. Сыгу имылъ орэдыр къэсӀонэу къесщэжьагъэшъ, гъыбзэ сшӀохъужьыщт...»

Дэхапсэ зыдимышӀэжьэу ынапӀэхэр къышӀуефэхыгъэх, чъыяпэ рихыгъэ къодыеу къызэлъатэм, тыгъэр шъхьаныгъупчъэм къыӀууцогъагъ, изакъоу пӀэм хэлъыгъ. Турабэ шыкъу макъэхэр пщэрыхьапӀэм къыригъэӀукӀыщтыгъэх. Къэтэджыгъо имыфагъэу, бзылъфыгъэ макъи къеӀугъ.

– Тыгъопчыхьэ сыбгъэпцӀагъ, Тураб. Хэта мо унэм чӀэлъыр? – Курацэ ымакъэ Дэхапсэ ышӀэжьыгъ.

– Курац,– ныом ыцӀэ зэпищызэ, Турабэ щхыгъэ,– тянэ тхьамыкӀэм урилэгъоу, шъуз къэсэщэ сыдэущтэу къыосӀоныя?

– Ари тэрэз, лIыгъэм щыщ,– къезэгъыгъ ныор.– УипаIо мафэ, шъуз мэфэ шъыпкъэ тхьэмэ пфашI, шъуззэдагъэтхъэжь. Щыбжьыишъхьэ горэ сищыкIагъ, Тураб,– зыфаер Курацэ къыздэхъум, ушъхьагъу къыгъотыгъ.

– Щыбжьый пае укъэзгъэнэна, Курац, нэмыкIэу узфае щыIэми, къаIо.

– Икъугъ, икъугъ...– ныор къэгуIагъ, ежьэжьыгъахэу къызэтеуцожьи, Турабэ къеушъыигъ: – А Тураб, шъузыр чъыеу щылъызэ, опщэрыхьэмэ сшIэрэп?.. Ащ фэдэхэр умышIэжьых. Апэрэ мафэм шъузыр зэребгъас зэрэкIэкIыщтыр. Непэ уфэпщэрыхьан, неущ уигъэгыкIэн, етIанэ уигъэпхъэнкIэн. Зэ бзылъфыгъэр пшъэ къызыдэтIысхьэкIэ, чэтыум фэд, зыкъыпхигъэпкIэщт. ЛIыр лIынэу, шъузыр шъузынэу тхьэмэ къагъэхъугъэх.

– КIо, сэри апэрэ мафэм, унэм къихьэгъэ къодыеу сIуагъэ нахь, Курац, умыгумэкI, зыкъишIы хъумэ, ыпэ чIыгум щысхъощт...– Тураби зигъэлIызэ, щхыпцIыгъэ.

«Унэм сыкъимыхьэзэ, гъунэгъу ныом силI къызэригъэблырэр! – Дэхапсэ зэхихыгъэм къыхыригъэхыгъ.– Ныохэр жъалымых. СшIэ-сымышIэми, Курацэ гощэ бзаджэ иIэгъэщт, ежь къинэу рагъэлъэгъугъэр сэ скIэхаригъэхыжь шIоигъу. О силI къысфэмыублыгуми, Iэежъ, бзылъфыгъэ Iоф езгъэшIэнэп, къыстефэрэр сымышIэнэу сыпшъэшъэжъые цIыкIоп, сIони сшIэни сэшIэ, зыфэсшIэн симыIэу джы нэс къэсхьыгъ нахь. Мыдэ, мыдэ... «зыкъишIы хъумэ, ыпэ чIыгум щысхъощт» мыдрэми риIожьыгъ... Теплъын титIо яээу зыпэ чIыгум щахъощтым!..»

Дэхапсэ зигъэкIэракIи, лъэрэзэхэу унэм къычIэкIыгъ, илI Iанэм зыздыпегъэтIысхьэм, шъырытэу риIуагъ:

– Тураб, непэрэ мафэр хэкIыгъ, джы зыгорэкIэ тызэгъэзэгъ.

– СыдыкIэ? – пIэстэ Iулъхьэу дихьыягъэр лIым ыгъэтIылъыжьыгъ.– СыкъэдаIо.

– Сэ уиунэ сисэу бзылъфыгъэ Iоф умышIэжь, Тураб. Зы Iанэ тызэдыпэсэу, тыщызэдашхэу цIыф емыгъэлъэгъу.

– Ар сигуапэу пфэзгъэцэкIэн,– Турабэ шъузым етхьагъэпцIэкIызэ, IугушIуагъ.– ОшIа, Дэхапс, Рэдэдыпщым къыIотэжьыгъэр? Зыдэщыгъэ Византие хэгъэгум япщэрыхьакIохэр нахьыбэм хъулъфыгъэх.



– Урымхэр фаехэмэ шъхьэкIэ орэуцух,– Дэхапсэ къезэгъыгъэп,– тэ тыадыгэшъ, сыбзылъфыгъэшъ, сэ сыпщэрыхьащт, сыгыкIэщт, сылъэкIэщт, сыпхъэнкIэщт, о, ухъулъфыгъэшъ, былыммэ уапылъыщт, тшхыщтыми тщыгъыщтми уафэгъэзэгъэщт.

– Дэгъу дэд! – Турабэ ытх къипш ытхыцIэ щыусасэу щхыгъэ.– Сэ сызфэбгъэзагъэхэр зышIэн сиI, оркъым фэдэу сыхэтын.

– Хэт узгъэоркъыщтыр?

– НэтIаеба.– Турабэ зыгорэ ыгу къэкIыжьыгъэу къэтэджыгъ, шъхьангъупчъэм Iухьи, иплъыгъ.– Iоф сиI ыIуи, тыгъуасэ НэтIае ыгу Iаеу дэкIыжьыгъ, джы нэс къызфэмыкIорэр сшIэрэп. Сионэши псыемыгъашъу. Пхъэ зэпыупкIыгъэри тыухыгъэ.

– Щыдыр адэ? А тхьакIумэшхор уиIэжьба?

– СимыIэжь мэхъуа, сиI! – Турабэ ищыдыбз щыгушхукIэу ымакъэ къыIэтыгъ.– А тхьамыкIэжъыри къысэсагъэшъ, сэщ нэмыкI псы ритыгъэкIи ешъорэп, Iус фыдилъхьагъэкIи хаIэрэп.

– Ащыгъум пшъэшъэ гъэгусалэм фэдэба? – Дэхапсэ ыгу къыдеIэу щхыгъэ.

«Сишъэф къыздешIа сэIо мыщ...» Турабэ ыIуи, къызэкIащтэзэ, ышъхьэ дыригъэзэкIыгъ.

– Тэ уежьагъа, Тураб? Пхъэ щымыIэмэ, къызэпыупкI,– Дэхапсэ лIым еджагъ.– НэтIае ущымыгугъ, къэкIощтэп.

– Сыдым фапшIэра? – Турабэ гумэкI нэгукIэ къызэплъэкIыгъ.

– Тхьэмафэ горэм зыкъимыгъэлъэгъонэу селъэIугъ. Тызэдэмыхъугъэми, НэтIаерэ сэрырэ илъэс пчъагъэ зы унэ тызэдисыгъ, силIыгъэкIэ чылэм щашIэ. О къеогъэкIуа адэ ар улъэбабэу тиунэ итыныр, бысым папкIэу тищагу Iэо-лъаоу далъэгъоныр? ЛIитIум яшъуз къысаIон, зэлI-зэшъузыгъэхэр зэрэзэпылъхэу Турабэ къыщагъ о ябгъэIон.

– Хэт ащ фэдэ ыIон,– нэгу шъуашIом къыхихэу Турабэ шъузым Iуплъагъ, ыкIыбыкIэ къыкIэрыхьи, ыпшъэ ыIаплI рилъхьагъ.– НэтIае бэшIагъэу къыспэблагъэ зэрэхъугъэр зэрэчылэу ашIэ. Сыжэ къыдэзырэр едыры, къысIэкIэзырэр епхъуатэ.

– УижэшIуагъэ епхъылIи, тхьамыкIэр мэл Iэсэжъым фэдэ пшIыгъэ, уиIофхэр еогъашIэ.

– Хьау шъыу, ежь ыгукIи, ышъхьэкIи къыспэблагъэшъ ары нахь, мыр шIэ сIоу езгъэзырэп...– сиунэ къимыхьэ рапшIэзэ, сыдэу къысэпхъэшэкIыра, къэсщэным ыпэкIэ шъэбэ-IэшIугъ, Турабэ зэ шъхьам къызэкIэщтагъ, ау къызхигъэщыгъэп.

– ЗэрэпIорэмкIэ, уишъэогъу.

– Блэгъэ дэдэу къызэзгъэкIуалIэрэп, зэбгъузэнатIэу тызэгот.

– Тураб, зытет шъыпкъэр къысаIу,– Дэхапсэ ыпшъэ гъэшIэгъонэу ыукъощи, щхыпэ шхъухьэкIэ лIым Iуплъагъ,– тхьэмэ урялIыкIо шъыпкъа, къыбдэгущыIэха, уадэгущыIэжьа?

– Ар пшIошъ мыхъоу укъыздэкIуагъа? – ыIэхэр шъузым ыпшъэ рипхъотыжьхи, ыгупэ зыкъиишIыгъ, ынэ зэкIэщтагъэхэр къыфыригъэкIыгъэх.– Тхьэмэ ялIыкIо сызыхъугъэм щегъэжьагъэу непэ къызнэсыгъэм о зыр ары ащ фэдэ упчIэ къысэзытыгъэр. Сэ сызфэдэм ехъырэхъышэрэ чылэм дэсэп, Рэдэд зиусхьаныр апэ зэритэу, зэрэ Къосэгъоу лъытэныгъэ къысфашIы, ясIорэр ашIошъ мэхъу. О джэнджэш угу къысфихьагъа?

– Угу хэкIын къэсIуагъэмэ, зэкIэсэхьажьы, силIы дэхэшху,– Дэхапсэ ынэгушъхьэ хъураемэ къахихыгъ.– Сэ арэп къасIо сшIоигъуагъэр. Сыкъыохъуапсэти, тхьэмэ шъэфэгъу узэрафэхъурэр зэхэсхы сшIоигъуагъ. Моу зэзакъо тхьэмэ амакъэ зэхэсэбгъэхыгъагъэмэ...

– А си Дэхапс,– Турабэ ынэ уцIыргъугъэхэр къытыригъэлъэдагъэх,– о узкIэхъопсырэр сэ сфызэшIокIыщтэп, ар тхьэмэ яIоф. Псэ зыпыт зэхихэу, сэ ахэр къыздэгущыIэхэрэп, къысфаехэ зыхъукIэ, къысагъашIэшъ, чIыпIэ-охътэ гъэнэфагъэ сыращэ.

– Тыдэрэ чIыпI? – Дэхапсэ къэгузэжъуагъ.

– Ар къызыуасIокIэ, чIыпIэр къызэблахъущт, Дэхапс. СызыфимытымкIэ къаигъэ сыкъэмышI. Джыдэдэм затIохэрэр тхьэмэ зэрэзэхахырэр пшIэрэба? – Турабэ ыIитIу щэигъэу шъузым едэхэшIэкIызэ къекIуалIи, ыIэгушъомэ ынэгу ариубытагъ, ышъхьэ ыукъощи, ыIупшIэмэ анэсыгъ.– Ащ фэдэ упчIэхэр джынэкъэуж къысэмытыжь, дэгъуба?

– Тхьэмэ ягугъу сшIыгъэу зэхэозгъэхыжьынэп,– Дэхапсэ хэщэтыкIыгъ.



– Ари хъущтэп, ягугъи шIы, ялъэIу, зафэгъаз, ау сэркIэ къепхьыжьэгъэ упчIэхэр зыщыгъэгъупшэх... НекIо пIэкIорым, сыкъызэрэптеIабэу, сыкъызэкIанэ...

– Чэщыр пфикъугъэба? – Дэхапсэ ыгу къиихьажьыгъэу щхыгъэ, зыIэкIихыжьызэ, егыигъ: – Ащ нахьышIу пхъэ тIэкIу къысфызэпыупкIи... УкъызфызэкIэнэн фаер унагъор ары, Тураб,– зиунэ сыкъихьагъэм дысыщэу сыдэгущыIэмэ сшIэрэп ыIуи, Дэхапсэ зыкъиишIэжьыгъагъ шъхьакIэ, апэрэ мафэм щегъэжьагъэу хъулъфыгъэмэ зызямыгъэшIэжьыкIэ, убзылъфыгъ, ушъуз, упсэмакI амыIоу къыпшъхьэрытIысхьащтых гукIэ ыIомэ къыригъэкIузэ, къызэкIэмыкIощтыгъэми, нахь мэкъэ шъабэкIэ лIым фыпигъэхъожьыгъ: – Сизэкъо-лIынчъэу унэм сыкъызенэм, сичэми мэлхэри стыщмэ сфаIыгъынэу ястыгъагъ. Гъэщ зэрымылъыр Iусинчъ. Ахэри къэтфыжьынхэшъ, тызэгурыIомэ, апэрэ унагъомэ такIэхьажьыщт.

– Сыд пае тызэгурымыIощт? Зэредгъэжьагъэм фэдэщтмэ, чылэр къытэхъуапсэу тыпсэущт, си Дэхапс,– гукIэгъум гъэрет къыритыгъэу, хэмылъыгъэ кIуачIэ горэмкIэ зыщыгугъыжьзэ, Турабэ унэм икIыгъ

## III

Бжыхьэ пкIашъэр лъэгучIэм щэIушъашъэ, зыхэбгъэукIорае пшIоигъоу узфекъудыи. Мыщ фэдэ чъыг пкIэшъэ улэбыгъэмэ Колэс икIэлэгъум тхъэжьэу захэлъыми, Лаурстэныпщыми кIэгъэкъон зыфэхъуми, къыкIэлъыкIогъэ илъэс къинхэми непэ фэдэ уахътэ къекIугъэу къышIэжьрэп.

«Гур жъы хъурэп. Дахэми ехъуапсэ, дэгъури елъэгъу, ау къарыур дэхъужьырэп»,– Колэс шхомлакIэр ыIэдакъэу ишыгъо цIыкIу ыпэ ит, пкIэшъэ гъугъэр лъапэкIэ ритэкъухьэзэ, шхъомчшыпмэ алъэхъу. ПцIыикъ къутэмэ шхъуантIэмэ ямастэхэр загъорэ ынэгуи къыкIэох, ыIэхэми къахэох. Остыгъае кIэракIэхэри чъыг джашъомэ къахэщых.– Мыщ мыстхъубэ хэлъышъ, пасэм остыгъэ папкIэу дгъаблэщтыгъ. ЕкIэпцIэ чъыгхэри, муары, зэхэтых. КIалэм еIуагъэу ащ ыкIышъуи кьегъахьыгъэмэ, шъохэр рыдгъэуплъыжьыщтыгъэх. Енэб куашэхэри хъотэ гъунэм Iупхъагъэх. Ащ ылъапси Iэзэгъу. Чъыгаем ипытагъэр ыкIуачI, тхьэпакIэхэр къемыжьэхэу тхьэпэжъхэр фычIидзыщтхэп. ЦIыфхэр

зэрэззэфэшъхьафхэу чъыг лъэпкъыхэри зэфэдэхэп. Зым ныбжь иIэми умышIэу игъашIэ къехьы, адрэм кIалэзэ, лIыжъышъо тео, сэ зызфэзгъэдэщтыр сымышIэу сыкъэнагъ. БэкIаий дунаим сытетыгъ, ау жъы хъурэм къыгъэшIагъэр шIомакI. ЛъэкIи сиIэжьэп, мафэ къэс скIуачIэ къызэрэщыкIэрэр зэхэсэшIэ, ау сыдигъуи фэмыдэу джыри тIэкIу къэзгъэшIэжьы сшIоигъу. Лаурстэныпщыр зыкIамыгъэхьэгъэ гухэлъыр сэри пкIыхьылъэгу сфэхъужьыгъэу илъэс пчъагъэхэр къызэпысчыгъэх. Ятэ зыфэбанэщтыгъэр ыкъо, Рэдэд, лъегъэкIуатэ. Рампэс гощэшхом изакъоп, кIэлэ Iэтахъоу дедгъажьи, янэ зы бгъумкIэ къеуIучIыгъ, сэри адырэбгъумкIэ акъылэгъу сыфэхъугъ. ГъучIыпсэ тхьамыкIэжъыри ары. Сэри сымылIэжьызэ, дзэ теубытагъэ тыкъэзыухъумэн тиIэу къэслъэгъужьыгъэмэ, нахьыбэ сыфэежьыгъэп.

– Уимафэ шIу, тэтэжъ, зыгорэм улъэхъуа? – шхъомчыр зиджэнэкокI из пшъэшъэжъые нэгуф цIыкIур чъыг чIэгъым къычIэтэджагъ.

– Ары, сипшъашъ,– Колэс нэшIукIэ пшъэшъэжъыем Iуплъагъ,– Курацэ силъэгъун.

– Мары, джыдэдэм сыкъеджэщт.

– Уаим щыIа, Колэс? – ныор нэмыз-Iумызэу лIыжъым къыпэгъокIыгъ.

– Хьау, Курац, зэкIэ мамыр, лъэгъун къыбдисиI.

– Лъэгъун пай мыщ нэс укъэкIуагъа? – Курацэ къегыигъ.– О зыгорэ угу къызыдэчъаекIэ, Колэс, ардэдэм бгъэцэкIэн фаеу олъытэ. СыкъэкIожьыфэ укъысэжагъэмэ хъущтыгъэба?

– Мафэм мафэ къебгъэлъфэу узыхэхьажьыкIэ, мылъфэжьын къытфэкIощт, Курац.

– Сыда джы угу къэкIыгъэр?

– Цыпхы шIыхьаф озгъэшIы сшIоигъу.

– Ар шIогъэнагъа?

– ШIогъэнагъ сIорэп, ау игъом пшIэрэм укIэгушIужьыщт. Рэдэдыпщым зэлъэпкъэгъухэр тызэфищэсыгъ, хэгъэгу тыхъугъ тэIо. ТидзакIомэ кIакIохэр ящыкIагъэх, лъэпэд фабэхэр къашъхьапэщтых. КIымафэр къэсы. Емзэщ гъукIэм исыдж тео зэпигъэурэп, чатэхэр, мэIухэр, налхэр арегъэгъэчъых. Тэри тишIуагъэ къэдгъэкIон фаеба? Мэлыц бэкIае чылэм къыхязгъэхыгъ. Ибэ-нахьыбэу сызгъэгуза-



жъорэр тыгъуасэ сибыгъу цIыкIу машэм ифи ыко зэпыутыгъэти, шIуязгъэбзыжьыгъ. Лыр мыкIодызэ, дэгъуба, цыпхыхэмэ афэдгъэкIодымэ?

– Боу дэгъу.

– Уадэжь сыкъэкIогъагъ шъхьакIэ, уилъэгъун лъапIэ мэхьу. Мэзым щыI заIом, сыгу къеоу згъэзэжьыгъэ. ЕтIанэ сыкIэгупшысыхьажьи, мыщ сыкъыплъыкIуагъ.

– Къыслъымычъыхьажьыным пае тхьапшырэ къыосIокIыгъ, Колэс, сэщ фэдэ ныо горэ зэрэуищыкIагъэр? – нэгу жъоплъ Iужъум Курацэ ынэхэр хэкIодэжьхэу щхыгъэ.

– Шъо, бзылъфыгъэхэм, шъукIэтIыитIу шъхьакIэ, тэ пкIэ тиIэжьэп,– Колэси ныом есэмэркъэужьыгъ.

– Арэу оIомэ, тикIожьыгъуи къэсыгъ, сишхъомч къэсштэжьынышъ, сыкъэкIожьын,– кIэкIорыкIызэ, Курацэ къыздикIыгъэмкIэ ежьэжьыгъ.

– Моу шыплIэм дэсэгъалъхь, сэ пфэсхьыжьыщт,– Колэс онтэгъу хьазырэу онэгу зишIыжьыгъ.

Пчыхьэ мыхъугъапэу цыпх шIыхьафым къекIолIэрэ пшъашъэмэ Колэс лIыжъыр зэрапыплъыхьэщтыгъэмкIэ гухэлъ шъэф горэ зэриIэр гъуащэщтыгъэп. Уишъэф оIыгъыфэ – уигъэр, зыптIупщыкIэ – уипый. Джар ыгу илъэу, гукIи, нэ пкIыжьыгъэхэмкIи Колэс лъыхъоштыгъэ, зыфэлъыхъощтыгъэри ипхъорэлъф. «НэшхъэигъэркъыптекIомэ, гум щехырэ нэпсым уитхьалэщт, лIэрэм зыдагъэлIэжьыщтыгъэмэ, чIыгум цIыф къытенэжьыныеп» – Рэдэд ишъэогъу Чэчанэ къегыеу, зытIо-зыщэ Колэс зэхихыгъ. Ежь сыд риIони ипхъорэлъф? Джы мэзэ заули тешIэжьыгъ, АнысэткIэ игукIаий ежъухыгъ, тIэкIу хэлъэщыкIыщтыгъэми, ылъакъуи хъужьыгъэ, тымылIэзэ, джэгу горэм мы делэм тыхигъэплъэжьынба? СызэрэлIыжъызи, сызэхъопсэгъэ Iаджи щагум къыдэхьагъ. Пшъэшъэ унэ ихьанкIэ римыкумэ, ыдэжь къязгъэщагъэх. Ахэрэхь, аIорэплъ, къэзыгъэущыжьын горэ ахилъэгъонкIи хъун. Тэри гъунэгъумэ тыряIыгъына, къытэзэщыных»,– гукIэ гъумтIымызэ, Колэс шхыншIэщым ихьагъ.

Гъунэгъу шъузхэр нэгушхьаплъ хъужьыгъэхэу джэныкъо машIом шъхьарытыгъэх. Щыуанышхом ит псыр укъэралъэу къэжъо, фыгу пIэстапхъэр алъэсыгъахэу Iанэм тет, къужъыпс-мыIэрысэпсыр щалъэмэ арыз, щэлэмэ-хьа-

лыжъо гъэжъэгъакIэу бзылъфыгъэмэ къыздахьыгъэр Iэнлъэшхом из. Колэс пщэрыхьакIомэ афэразэу къахэкIыжьыгъ: «ТIэкIу тешIэмэ, къужъыпсыр Чэчанэ пшъашъэмэ афычIезгъэхьан, ынэхэр щимыхъогъапэмэ, ыгу къызфыдэчъын ахилъэгъон».

Iофым хэблыхьагъэхэу пшъашъэмэ мэлыцыр апхыщтыгъэ. Зы купым цы фыжьыр къыIэкIэкIы, адрэхэр цы шIуцIэм фэгъэзагъэх. Загъорэ гущыIэр къызаIублыхьэкIэ, Курацэ афелъы:

– Пшъашъэхэр, гущыIэр жъугъэкIэкIы, Iофым ежъугъэхъу. Цыпхыр шъуIапэмэ къахэжъугъэонышъ, сэ мысэ сыхъужьыщт.

Цы пхыгъэр бэ зэхъум, Курацэ пIуаблэр джэхашъом тыридзагъ, Лащынэ гъусэ ышIи, чы цIынэ шъабэкIэ цы пхыгъэр абзэтэжьыгъ, пIуаблэм зэшъхьэ-зашъоу тыралъхьагъ. ПIуаблэм къыдекIокIызэ, ныом унашъохэр къышIыщтыгъэх:

– А Лащын, а сипшъашъ, мо сэмэгу къуапэр нахь пIуакIэкIэ сенэгуе, цы тIэкIу хэгъахъу. Ыгузэгу Iужъу Iо, IэпитIу горэ къыхэхыжь.

Курацэ пхъэнкIыпхъэр псым хигъаомэ, цым тыриутхэзэ, ыгъэулэбыгъ, тегъаокIэ рыкIожьи, пIуаблэр ыгъэчэрэгъужьыгъ. Ардэдэм пшъашъэмэ цыпх орэдыр къыхадзагъ: «Цыпх, цыпх, цыпхы мыгъу, цы шIыхьафым урилэгъу. УизыIуплъэ пыжъы нап, къытфэппхыгъэр шъэбэ Iапl. Iэпэ псыгъом укъыхау, цыпхы пшъашъэр огъэкуу. Цыпх, цыпх, цыпхы мыгъу...»

Орэдыр зэрэззэпыоу пшъашъэмэ ащыщ горэм къыIуагъ:

– А нан, мэлыцыр зэфэдэп, нахьыбэр зэрзакI, шIоий къыхэкIы, мэу къыпихрэми гур къегъэжао.

– Былымыр зием иаджыл зыкIаIуагъэр сыд пшIошIырэ, сипшъашъ? – Iофым ышъхьэ къыхимыхэу Курацэ пигъодзыжьыгъ.– Зым имэлхэр къэбзэ-лъабзэу ыIыгъ, адрэм ебзым хигъэсхэми мэхъу. Зы унагъу пшIошIа мыщ фэдизыцыр къызхэкIыгъэр?

Чэчанэ къужъыпс щалъэм Iэгубжъэр диIыгъэу, ынэхэри зэтеплъхэу пчъэшъхьаIум къыщызэтеуцуагъ:

– Къужъыпс ешъон щыIэмэ?..



– Тэ къужъыпс къыткIафыгъах, Чэчан, о джыри угу къытфыхэлъыр сшIэрэп нахь,– гущыIэ ныкъокъаIор пшъэшъэ къопцIэ нэгуфым IэкIихыгъ.

– Зэ уисэмэркъэу щыгъэт, Бзабз, кIалэр къэбгъэушэплъыгъ,– Лащынэ пшъашъэм пеожьыгъ.

Чэчанэ къесэмэркъэугъэр Емзэщ гъукIэм ыпхъу. «Ятэ ехьщыр, янэ фэдэхэри хэлъых. Iупшlэ Iужъу хьазыр, ау къымыгъэдахэмэ, къыгъэIаерэп. Зэпшъэшъэжъыем ыIупшIэ Iуиубытэн ымышIэу, узэхъопсэн хэлъыгъэп, джы зызэриштагъэр! Сэмэркъэу шIыкIи ешIэ» – Чэчанэ ыгу факIоу, джыри нэплъэгъу фабэр Бзабзэ фидзыгъ, IущхыпцIагъ.

– О псыфалIэ улIэрэп, зэкIэмэ ауж усшIын,– Чэчанэ Iэгубжъэр щалъэм чIигъэби, КурацэкIэ къыригъэжьагъ.– Ма, тян, къужъыпсыри псэм фэд.

Ныом ыкIыб кIалэм фигъази, къужъыпс Iэгубжъэр ришъугъ, къыфэлъэIуагъ:

– Псэм фэдэу шIу узылъэгъун тхьэмэ пэчIынатIэ уашI, Чэчан, сыгу ребгъэлъэкIэхыгъ.

Пшъашъэхэр зэрэгъэщхыгъэх, ащыщ горэми къахиIуагъ:

– АщкIэ умыгумэкIыжь, нан, Бзабзэ инахътэ Чэчанэ тыридзэгъах.

Щхы-чэф макъэхэр джыри нахь лъэшэу зэтетэкъугъэх.

Пшъашъэхэр зыфэсакъыжьхэзэ, нахьыбэр Iэгубжъэм зэ-тIо хэхъупIэти, къыгосым ритыжьыщтыгъ. Чэчанэ зэриIуагъэу, Бзабзэ зэкIэмэ ауж къыригъэнагъ, Iэгубжъэр зыфещэим, гукIэгъу нэбзыйхэр ынэгу къыкIитэкъуагъ. Чэчанэ фэмылъэкIэу ыIаблэ къэсысыгъ. Бзабзэ ащ гу къылъити, IущхыпцIыкIыгъ:

– ПIаблэ сысэу, угу мысысымэ, псэ сфэхъунэу сэри мы Iэгубжъэм сешъон.

Пшъашъэр къужъыпсым ешъофэ, Чэчанэ зэриIожьыгъ: «Сыдэу нэутх шъыу! Сэ къыздиштэнкIэ сэгугъэ. ГукIэ сылъыхъозэ, чылэхэр къызэпэсчъыхьажьыгъ, сапашъхьэ исыр слъэгъугъэп...»

ГущыIэ макъэхэр шъхьангъупчъэ кIыбым къыщыIугъэх, аIэгушъохэр анэгумэ аIутэу хьакIэщым къиплъэрэ кIэлэ нэгумэ пшъашъэхэр язэрэгъэплъыгъэх.

– Сыд, кIалэхэр, типшъашъэхэр шъуищыпэлъэгъуа? – Колэс ымакъэ унэ натIэмкIэ къыщыIугъ.– Ащ нахьышIу

унэм шъуихьи, лы гъэжъуагъи, гъэжъагъи, щэлами, хьалыжъуи, лылэпси тихъоишъ, дэгъоу шъушх. Пшъашъэхэр шъулъэгъу шъушIоигъомэ, пшъэшъэ унэхэр щыIэх.

– Хьау, Колэс, гъомылэр зыфашIыгъэмэ арэшх. НекIох, кIалэхэр,– мэкъэхъу чанкIэ ащыщ горэ къяджагъ.

Шъхьангъупчъэмкlэ плъэрэ нысэ пIокIэ цIыкIум ымэкъэ псыгъо къэIугъ:

– А Курац, нысакIи, пшъашъи пIуагъэп, зэкIэми тыкъэбгъэдыди, уинысэ ушъхьасыгъ.

– Ал, хэта синысэр? – ныом ышъхьэ къыпхъотагъ.

– Дэхапсэба. Боу нысэкIэ дэхэшхо гъунэгъу къыпфэхъугъ.

– Ары, ары, ау ар гущэ Турабэ зыми ыгъакIорэп, нынэ, унэми къыригъэкIыкIэ сыгугъэрэп,– Курацэ ышъхьэ риуфэхыжьи, гукIэ щхыпцIымэ, гъумытIымызэ, къыпигъэхъожьыгъ: – Щыуаным зышъхьэ дэлъэу есагъэм уигъэтхъэна?..

– Дэхапси шIоп, илIыгъэр зэригъусэу Турабэ зыригъэщагъ,– Лащынэ пшъэшъэ къопцIэ нэшхор къахэуагъ.

– Ахэр шъумыIо,– Курацэ ягыигъ.– НэтIае непэп Турабэ гъусэ зыфэхъугъэр.

– ИлIыгъэм ишъэогъу дэмыкIуагъэмэ, рагъэзыгъагъа? Ари етIани бытэу...– Лащынэ джы нахь къыхэгубжыкIыгъ.

– Джы нэс зэрэшIоигъоу хэтыгъэм кIэлэ зикъэмыщэ ыгъотыжьыгъэмэ, орэгушIо,– Бзабзи къахэгущыIагъ.

– О Турабэ уехъуапсэщтыгъэмэ шIэ? – джы Лащынэ къэщхыгъ.

– А Iух! – Бзабзэ ынэжгъ зэIигъэхьагъ.– Быкъэр унэгу кIэт зэпытмэ, ори быкъэ ухъун.

– Тхьэмэ ялIыкIо Iае емыIуалI, сипшъашъ, ударигъэхьыен...– Курацэ къыIорэм зэращыщынэжьырэр ышъуи, ымакъи къахэщыгъ.

– Чэчанэ фэдэ горэ къысатыщтмэ, сыдарэхьый, нан,– Бзабзэ ныоми пымылъэу, ежьыри мыщхэу ипшъэшъэгъухэр ыгъэщхыгъэх.– Дэхапсэ а быкъэм фалIэкIэ дэкIуагъэп, нэмыкI зэримыщэжьыщтыгъэр нафэ. Тураби хэт гу тырищIыхьэу дэкIон?

– Дэхапсэ гущэ насып иIэп,– Курацэ хэщэтыкIыгъ.– Ипшъэшъашъхьэм ащ нахь дахэ чылэм дэсыгъэп. Джы зыIуфэжьыгъэр шъолъэгъу. Хъугъэ, шъутемыгущыI. Iэнэ дакIорэ лIы дэкIонрэ губгъэн яIэп...

Цыпхымэ къадагъэкIыгъэр забзэтэжьыхэм, пшъашъэхэр шхыншIэщым ащагъэх. Шхэныр ыкIэм факIо зэхъум, Бзабзэ къэлъэIуагъ:

– Курац, тешхыхьажь тфэхъунэу, пшысэми, къэбарыжъми гъэшIэгъон горэ къытфэIуат.

– Сыд къышъуфэсIотэн, нынэ? – ныо нэгушхор шхэным нахь жъоплъ ышIыгъэу пшъашъэмэ аIуплъи, къыригъэжьагъ: – Шъо зэхэшъумыхыгъэ сэ тыдэ къисхын, ау Шышъхьарыс щыщ кIалэ горэм къызэрищэгъагъэм шъухэзгъэдэIон.

Мафэ горэм шъуз ныбжьыкIэр псыныбэм дэхьагъэу дышъэ шъхьэмажьэ къызегъотым, гушIуагъэ, апэрэ унагъомэ такIэхьажьын ыIуагъ.

КъыкIэлъыкIогъэ мафэми псыхьэ кIуагъэу псыхъогуащэм ышъхьэ псым къыхигъэщи, къэлъэIуагъ: «Сишъхьэмажьэ къысэтыжь». «Остыжьыщтэп,– шъуз ныбжьыкIэм пиупкIыгъ.– Сэ унэгъуакIэ езгъэжьагъ, дышъэ шъхьэмажьэр сэ нахь сищыкIагъ». «Зыгорэм ибылымкIэ унагъо ашIэрэп, федэ пфэхъущтэп, къысэтыжь» – псыхъогуащэм шъузыр ыгъэмэхъашэ шIоигъуагъ, ау къыридзагъэп, псы щалъэ къыхьи, къэкIожьыгъ.

Пчэдыжьым шъэожъыер пIэм хэлъыжьыгъэп. Псыхъогуащэм ытыгъугъэкIэ енэгуий, ныр псым кIуагъэ, нэпкъым зэрэIухьэу, шъэожъыем ышъхьэ псым къычIэуи, гуIэзэ, къэджагъ: «Нан, мажьэр псыхъогуащэм къетыжьи, сыIыхыжь».

Лъфыгъэр мэшIошху аIо шъхьакIэ, ны пстэури зэфэдэп. Шъузым зэриIожьыгъ: «Сэ джыри сыныбжьыкI, сикIалэ фэдэ Iаджи къэслъфын, дышъэ шъхьэмажьэр зыми естыщтэп».

– А дыдыды гущ, сыдэу бзылъфыгъэ жъалым ар! – Бзабзэ зыфэмыIэжэжьэу къыхэкуукIи, псынкIэуи къыпигъэхъожьыгъ: – Дышъэ мажь пакIо, дышъэ къушъхьэкIи сисабый къыостынэп.

– Ары, нынэ, ары,– Кураци хэщэтыкIызэ къыдыригъашти, къыIуатэщтыгъэм къыпидзэжьыгъ: – Къэбар мыIу щыIэп. Псыхъогуащэм шъэожъыер зэрихьыгъэр чылэм зэлъашIагъ, Iахьылхэри, гъунэгъухэри унагъом къечъагъэх, шъуз ныбжьыкIэм еушъыигъэх, афэуфагъэп. Шъузыр

Iахьылхэм задэкIуатэм, ышнахьыкIэ дышъэ мажьэр иджыбэ рилъхьи, псыхъом кIуагъэ, псым хэщэегъэ пцел къутамэхэм захигъэбылъхьагъэу щысызэ, шъэожъыер ыкокI исэу псыхъогуащэр такъэм къытетIысхьагъ. КIалэр екIошъылIи, псыхъогуащэм ыбг къыблэкIырэ дэнэф шъхьацым етхъуи, ыIэ рищэкIыгъ. КъызэплъэкIыгъэм нахь дахэ кIалэм къыгъэшIагъэм ылъэгъугъэп: нитIум нэфынэр къакIехы, нэ хъурэе пэ хъурай, Iупшlэ гъэбжьыгъэхэр къэгъагъ тхьэпэ шэплъых. КIалэр ардэдэм ашыкъ фэхъугъ. «Шъэожъыер къысэтыжь, уишъхьамажьэ къыпфэсхьыжьыгъ»— пшъэшъэ сурэтым ыгу лъэпэрапэу Iуплъагъ. «Сыгу укъиплъэгъах, сшъхьац укъыхэIэбагъ, дышъэ мажьэр сэ джэуап сфэхъужьыщтэп. ШъузкIэ сыпштэмэ, уипхъорэлъф остыжьыщт»,— псыхъогуащэм къыриIожьыгъ. «Ори сыгу укъиплъагъ, укъыздакIомэ, гуапэр сиеу усщэн»,— псыхъогуащэри шъэожъыери кIалэм псым къыхищыжьхи, чылэм къэкIожьыгъ. Псыхъогуащэм шъэуиблырэ зы пшъашъэрэ кIалэм къыфилъфыгъагъ. Пшъашъэхэр ателIэхэу, зэшиблыри кIэлэ къабзэ хъугъагъэхэу, ашыпхъу закъуи псэлъыхъомэ зэтырахыщтыгъэу Шышъхьарысмэ непэ къызнэсыгъэм къаIотэжьы,— Курацэ къыIуатэрэр къыухыгъ.

— А нан, псыхъогуащэм себгъэхъопсагъ,— джы укIыташъо зытыриштэзэ, Бзабзэ къэщхыпцIыгъ, ышъхьац хэIэбэжьи, къыхигъэхъожьыгъ.— Сэри мары, шъхьац кIыхьэ стелъ, зыIэ езыщэкIын къыкъокIрэп нахь.

Пшъэшъэ зэрэгъэщхымэ мэкъэ чан къахэIукIыгъ:

— Iэгубжъэм ухэшъу зэхъум, о пшъхьац Чэчанэ ыIэ рищэкIыгъ.

— Iапэкlэ къызнэсыгъэп.

— Пшъхьэпхэтыку фэбгъэзагъэти, плъэгъугъэп, шъыпкъэба, пшъашъэхэр?

— Шъыпкъэ, шъыпкъэ! — мэкъэ чэф зэблэукIэ зэкIэми зэдырагъэштагъ.— ЫгукIэ ыIэ рищэкIыгъ, инэплъэгъу фабэкIэ зыIэкIиубытагъ!

— Ар сэркIэ макIэ,— Бзабзэ Iупшlэ ышIыгъ.— КIалэм иунэ псыхъогуащэр къызэрищагъэм фэдагъэмэ ары нахь, сыда нэрмылъэгъум пкIэу иIэр.

— Иунэ укъэкIогъахэу уис, тыда уздищэнэу узыфаер? — Лащынэ къесэмэркъэужьыгъ.

— Чэчанэ иунэп сыкъыздэкIуагъэр, цыпхы шIыхьаф нахь,— Бзабзи ариIожьын къыгъотыгъ.

Сэмэркъэу-зэрэгъэщхыр зытхьакIумэ ит Курацэ пшъашъэмэ яхъопсагъ, иныбжьыкIэгъу илъэсхэм ахилъэсэжьыгъ. Чэщдэсми, шIыхьафми Курацэ захафэкIэ, Бзабзэ фэдэу, илэгъухэр ыгъэщхыхэу ахэсыщтыгъ. «Шъуз щхырылэр лIы гъапцI шъхьакIэ, Бзабзэ ежь мыщхэу ипшъэшъэгъухэр егъэтхъэжьых. Ащ нэбгырэ хэкIыщт, лIыгу гъатхъэ хъущт. Чэчанэ сыфэдэмэ сыблэIэбыкIынэп, ау сэ сынэкIэ еплъына, слъэгъурэр ылъэгъуна? Жъыр гумэкIыл, кIэр гугъуемылI, нахьышIум щыгъуазэзэ, нахьыем пэкIафэ. ГукIэ щхырэм ыцэ къыIущрэп, ары учIэзгъэIэбэщтыр. Бзабзэ сипшъэшъашъхьэм фэд, ыгу илъыр ыIупэ телъ. Ар сэ зыгорэущтэу Чэчанэ гурызгъэIон» — Курацэ нэшIукIэ Бзабзэ Iуплъагъ, пшъашъэхэр Iофым Iуищэжьынхэу ыгу къыдихьыягъэу хъулъфыгъэ макъэхэр къэIугъэх, Чэчанэ ыкIыб дэтэу Мэщыкъо пчъашъхьэм къытеуцуагъ. Пшъашъэхэр къызэхэтэджагъэх.

— Адэ тэ модыкIэ тышъущэтхъу, типшъашъэхэр цыпхы шIыхьафкIэ зэхэхьагъэх тэIо, шъо шъошхэ-шъуешъошъ шъузэхэс. Ар хъуна, Курац? — Мэщыкъо нэгу чэф Iупэщхыр ныом пигъохыгъ.

— Iоф зышIэрэр мэшхэжьы, Мэщыкъу,— Кураци исэмэркъэу къыпигъэодзыжьыгъ.— Тэ нэф ошъыфи тыкъэтэджыщтыгъэп. Мары, Чэчанэ тишыхьат, Колэс къытшIокIыгъэп.

Пшъэшъэ нэчан нэфынэхэу къыIуплъэрэмэ Мэщыкъо ыгу къыпагъэузыкIыгъ, чэфынчъагъэр къытекIуагъ: «Сшыпхъу цIыкIу псаугъэмэ, зэкIэми тинасыпыгъэба, шъэохъу цIыкIу горэ къыдечъэкIэу, лъэразэу мыхэмэ ахэтыни». Мэщыкъо псынкIэу зыкъишIэжьыгъ, нэгу чэфыр зытыриштэжьи, къахиIуагъ:

— Сэ къэбар гушIуагъо къышъуфэсхьыгъ, шъуицыпх шIыхьаф мафэ хъугъэ, Рэдэдыпщым шъао къыфэхъугъ.

Бзабзэ ыжэ къыдэлъэтыгъ:

— ЗэкIэми тызэхэтэу Айнарэ гушIуакIо тыфэжъугъакIу.

— Ал, чэщныкъом хэта гушIуакIо кIорэр?! — Лащынэ ыдагъэп.

— Тапэ мафэ илъ, игъо тыфифэщт,— Кураци пшъашъэхэр ыгъэIэсагъэх.— Айнарэ тызэрэфэлъэIогъагъэр тхьэмэ

къыдагъэхъугъ. Джэнэ кIэхъоу, гъэшIэ кIыхьэу, къылъфырэр мыкIодэу, ыдырэр мытIэпIэу, пщы унагъор ыгъэбэгъонэу фэтIогъагъ. Шъаокlэ ригъэжьагъ, лIакъор лъызгъэкIотэн къафихьыгъэшъ, къэхъугъэми, къызфэхъугъэхэми насып арэгъот, гъэшIэ кIыхьэ тхьэмэ ашI.

Ныом итхьэлъэIу ыуж Бзабзэ къэупчIагъ:

– О шIыхьафым IэнэкIэу укъыхэхьагъа, Мэщыкъу?

– Шъонтым из шъоупс къышъуфэсхьыгъ, Бзабз. О уздэщыIэм IэнэкIэу сыкъэкIона,– Мэщыкъо пшъашъэхэр ыгъэщхыгъэх.

– НекIох, пшъашъэхэр, джыри цыр тыон, тыджын, дгъэпцIэн фаеуи тапэ илъ,– Курацэ игъусэхэр рищэжьэжьыгъэх.

– А нан,– Бзабзэ ныом елъэIугъ,– Рампэс гощэшхоми Айнари тазэрэфэгушIорэр тфяIож. Мыщ фэдизым тызэхэтэу татеомэ, дгъэщтэных,– Бзабзэ ыIозэ, гукIэ хъопсагъэ: «Айнарэ тхьэхэр къетагъэх, унэгъо дахэ ихьагъ, шъао къыфэхъугъ. Сэ пщи, оркъи сIорэп, сэмэркъэум шъыпкъэ зэрэхэлъыр Чэчанэ гурыIуагъэмэ, сигугъэ сыкIэхьан...»

Нэфшъагъо нэс пшъашъэмэ Iоф ашIагъ. КIакIохэр, лъаехэр зыхахыщт мэлыцыр агъэпцIагъ. Ащ фэгъэзэгъэщтхэри, имыщыкIагъэ аримыIоу Курацэ къахихыгъ. Хъэцыкукlэхэр зыщагъэчэрэгъущт куашъохэр къызыдащаем, кошъо куапсэхэр къыгъанэхи, адрэхэр ежь гъусэ зыфишIыгъэх. ХъучIэнэ хъурэешхохэр яцыпхымэ ягъусэхэу пшъашъэхэр зэбгырыкIыжьыхэ зэхъум, Курацэ акIэлъиIожьыгъ:

– Мэфэл шъумышIыжьэу хъэным ыуж шъуихь, шъуянэхэр къыздежъугъаIэх.

Бзабзэ зигъусэ пшъашъэхэм Чэчанэ адэкIуатэу Курацэ зелъэгъум, сэ сызфэягъэр гурыIуагъэкIэ сенэгуе ыIуагъ, ицыпхи цы джыгъэ хъучIанэхэри зэрылъ Iалъмэкъыр къыштэжьынэу еIэбэхыгъэу, Колэс лIыжъыр къышъхьарыхьагъ.

– Тыдэ уежьагъ, тхьамэтэ маф? – Курацэ ыгъэшIэгъуагъ.– Мы пIыгъыр сыд?

– УзгъэкIотэжьын сэIо,– Колэс шъабэу Курацэ къыIугушIуагъ.– ПчыхьэшъхьапэмщыкIэдзагъэу нэфшъагъо нэс о пшъэ ифагъэр, пшъашъэмэ ябгъэшIагъэр зымыуасэ щыIэп, Курац, лъэшэу сыпфэраз.



– Мы къэпштагъэр сыд лIэужыгъу, Колэс? ЛэжьапкIэ къысфэпшын угу хэлъа? – ныо нэгу пшъыгъэм къыхихыгъ.– Къин схъугъэмэ, зыфэслъэгъугъэр дзэкIолIхэр ары.

– Джы узхэхьажьыгъэр сшIэрэп, Курац,– лIыжъ Iушыр къызэкIэщтэжьыгъ.– Мыщ фэдиз гъомылэу унэм илъым мы тIэкIур къыхэсэхыкIэ, сыд хъун? Зыгорэ зэфэтымышIэжьэу тыщыIэщта адэ? Цы шIыхьафыр къыхэмыхьагъэми, лым ухэсыныныеп. УилIыгъэ тхьамыкIэр боу цIыф хьалэлыгъ.

– НекIо,– Курац къеуцолIагъ.– О пIуагъэр тхьэмэ аIуагъ, цIыф утырифын ылъэкIыщтэп.

Колэс ныор икъэлапчъэ нигъэсыжьыгъэу, шы лъэмэкъэхэр къеIугъэх, зэплъэм, шыу заулэ Рэдэдыпщым иунэ зэрэфакIохэрэр ылъэгъугъ.

– Хэтых сэIо мохэр? – Колэс ынэхэр ыуцIыргъуззэ плъагъэ.

– Къоданэ сшIэжьыгъэ, шыуиплIыри тичылэ кIалэх, адритIур о умышIэмэ, сэ сшIэрэп,– Кураци нэплъэгъу гумэкIыр Колэс фидзыжьыгъ.

– Ма ащыгъум, Iалъмэкъыр убыт,– Колэс къэгузэжъуагъ.– А шыуитIур чыжьэ къекIыкIэ сэгугъэ, сахэхьан.

Къоданэ шым къепсыхи, лIыжъым къыпэгъокIыгъ:

– Сыд уипсауныгъ, Колэс?

– Жъы тхъагъо плъэгъугъа, уезэгъыщт,– Колэс Iупэрычъэ-нэшIукIэ щхыпцIи, Къоданэ еупчIыгъ: – Мыхэр хэт щыщых, тыдэ къикIыгъэх?

– Зыхых. Ислъам-Хьаджэм къыдэкIотагъэх.

– Ы-ы, зиунагъо бэгъон, къэбар гушIуагъо къэпхьыгъ. Тэ щыI Ислъам-Хьаджэр?

– Орба, Колэс, ащ ренэу ибысымыр?

– Ащыгъум тызэблэкIыгъ,– лIыжъыр гуIэнкIэ ежьэжьыгъ.

## IV

– А сикIал,– Колэс Чэчанэ фызэплъэкIыгъ,– мо пцIэгъоплъыр шэщым чIащ, уанэри тех, Iуси ет, пси егъашъу.

ХьакIэщ зэгъокIым мэлыцымэу рихырэр зыфихьын ымышIэу щысыгъэ Ислъам-Хьаджэр, Колэс ымакъэ зызэхехым, тэджыгъэ, джэхэшъогум тетэу, бысымыр

къыригъэхьажьыгъ. ТӀури зэфэнэгуихыгъэхэу зэпэгъокӀыгъэх, тӀысыгъэх. Колэс ынэ пкӀыжьыгъэхэр ыгъэупӀапӀэхэу, хьакӀэм Ӏуплъахь зэхъум, Ислъам-Хьаджэр къэгумэкӀыгъ, жэкӀэ-пэкӀэ тхъуагъэм ыӀэгушъо ригъачъи, къэупчӀагъ:

– Зыгорэу сыщыта?

– Хьау, ора-ормыра сӀорэп,– Колэс зыкъиушӀэжьыгъ,– оры, ащ Ӏо хэлъэп, сапашъхьэ узэрисыр сэгъэшӀагъо. Къушъхьи, мэзи зызэпырэтэгъэзэжьым, уагъотыгъагъэп. ХьэкӀэ-къокӀэ Ӏус ухъугъ тӀонти, уигъусагъэмэ яхьадэхэм зи анэсыгъагъэп, уищыгъынмэ ащыщ ӀэпакӀи щыӀагъэп.

– Сэ Алахьэм сыкъиухъумагъ, Колэс,– Ислъам-Хьаджэм ыцӀэ жгъэйхэр жэкӀэ-пакӀэм къыхэпсыгъэх.– Нахьлъэш хъункӀакӀор къызыттеом, сиш кӀэбгъулъи, хъоум сызыдедзэм, пкъы фыкъуагъэ сиӀэпти, бжэлэ хъытэгъэ чӀэгъ зысшӀи, хъункӀакӀохэр зысшъхьарызгъэкӀыгъэх.

– МитӀум азыфагу, тичылэ къэмыгъэзэжьэу, русичмэ алъэныкъокӀэ сыд пае зыбгъэзагъ?

– Уадэжь къэзгъэзэжьыгъэмэ, а бзаджэм ори, сэри тызэдигъакӀощтыгъэ. УкӀакӀом шыхьат ищыкӀагъэп.

– Ащ сегупшысагъэп,– Колэс къезэгъыгъ.– А джэголъэжъыр ори, хэти зэплъын щыӀагъэп, ау Рэдэдыпщым тыгу тыригъэпщэхагъ. Сэ сипхъорэлъф Чэчани ышъхьэ зэрифэкӀи, мыхъунхэр ригъэшӀагъэх. Чэчанэ къызегъэзэжьым, типщ игъашӀэ тхьэмэ кӀыхьэ ашӀ, зыкъуиубытэжьыгъ. УкӀакӀом ар къыфигъэгъуна, чэщым къыттеуи, Чэчанэ земыгъотым, пӀалъэ зэритыгъэ пшъашъэмрэ янэрэ къышӀуибзыгъэх.

– Сыд тхьамыкӀагъу къэпӀуагъэр, Колэс?! Ар зижъалымагъэм цӀыфы пӀоу утегущыӀэ хъунэп. Сэ пчъагъэрэ шъуалъэныкъокӀэ сыкъэкӀуагъ, ау Мэзыбэ сыкъыдэхьагъэп, сэри сызфэсакъыжьыгъ, шъори щынэгъуапӀэ шъуисыдзагъэп.

Чэчанэ къихьи, хьакӀэм шӀуфэс къырихыгъ, къыкӀэупчӀагъ, зекӀыжьым, упщэрэхьажьынэу ищыкӀагъэпти, Ӏэнэ шыгъэри къаригъэгъэсыгъ.

– Русичмэ сызахафэм,– шхэхэзэ Ислъам-Хьаджэм игущыӀэ къыпидзэжьыгъ,– Рэдэдыпщым янэш Къаншъао икъэбар къысэӀугъэти, зыӀузгъэкӀагъ. ЛӀы шӀагъу, тхьэмафэм зэ-тӀо къыслъымыплъэу къыхэкӀыгъэп.

– ЛӀы шӀагъоми сшӀэрэп, тын тӀихынэу тэ русичхэр къытфищэгъагъэх,– Колэс щхыпс-дыджымкӀэ Ӏущхыпцӏыкӏыгъ.– УримыхьылӀэу цӀыфыр зыфэдэр къэпшӀэщтэп, зым фэхый, адрэм фэбзадж.

– Сэ къызэрэспэгъокӀыгъэр ары къэсӀуагъэр, Колэс. Ащ фэдэ къэбар Къэншъао пылъыми сшӀагъэп,– Ислъам-Хьаджэм зиухыижьыгъ.– Нахьлъэш укӀакӀор Рэдэдыпщым зэфэдитӀо зэрэзэгуиупкӀыгъэри, хьакӀуцухэр къызэрэригъэшӀугъэхэри бэшӀагъэп зысшӀагъэр. Сигъогу зэӀухыгъэ зэхъужьым, талъэныкъокӀэ сыгу къэсыдзыжьыгъ. Къаншъао русич шыухэр къысигъэгъусэхи, адыгэ чӀыгум сыкъигъэсыжьыгъ.

– Зыхы шыуитӀу тикӀалэмэ къащэзэ саӀуупӀагъ. О уигъусагъэхэу аӀо,– Колэс гумэкӀынэкӀэ ихьакӀэ Ӏуплъагъ.

– Рэдэдыпщым дэжь лъэтемытэу тыбгъэкӀуагъэмэ дэгъугъэ, Колэс,– Ислъам-Хьаджэм ышъо къызэокӀи, шхэныр щигъэтыгъ.– Мыхъун горэ арашӀэмэ, кӀэлэ хыехэр агъэунэхъуных.

– Гупсэфэу шхэ, хьакӀэ. Рэдэдыпщым гулъытэшхо иӀ, ыни маплъэ, ытхьакӀуми мэдаӀо.

– ГухэкӀ къысфэмышӀ, Колэс,– Ислъам-Хьаджэм игущыӀэ къыдиухьэзэ, къыригъэжьагъ,– Рэдэдыпщыри, о уипхъорэлъфи, сыхэмыукъорэмэ, къызэдэхъугъэх, уиӀуи уишӀи ахэлъыгъ, а зы псэр аӀуплъхьагъ. Сыдэу хъумэ Чэчанэ цӀыф бзаджэм дигъэхыгъа?

– Панэр хэт ыгъэчанрэ, Ислъам-Хьаджэ? – Колэс ынэ улэугъэмэ нэшхъэир къакӀэхьагъ.– Чаныр ежь-ежьырэу къэхъу. Акъылыри ащэрэп, ащэфырэп. Ау ар нэмыкӀ Ӏоф. УзэрэгумэкӀрэр сэлъэгъу. Чэщэу кӀуагъэм типщ шъао къыфэхъугъэшъ, некӀо, Рампэс гощэшхом тыфэгушӀон, зыхы шыухэми арыкӀуагъэр зэдгъэшӀэн.

Гъогу кӀэкӀыр акӀуфэ, Колэс зыгъэгумэкӀрэм кӀэупчӀагъ.

– Сэ русичмэ зэ сахэхьагъ. Ащыщ лӀы пытэ горэми гъэрыпӀэм сыщыфизэгъагъ. Ау ащкӀэ ахэр зыфэдэхэр пшӀэна? О уахэсыгъ, уахэдэӀуагъ, сыд ягъэпсыкӀ, сыд ягухэлъ?

– Ор-сэрых, Колэс. Нэгуихыгъэх, хьэрамыгъи, цӀыф зэхэдзи ашӀэрэп. Тэ тызпылъ кӀэгъэкӀыри къырадзэрэп, ау ядзэ хэбзэ пытэ хэлъ. Къаншъао зэрэкъосэгъузэ, ариӀорэм лъэбэкъукӀэ блэкӀыхэрэп. МыутӀэмэ, зыхмэ тын къазэрэ-

рамытырэм зэредзэх, заокlэ якlунхэ фаеу зыlохэри ахэтых. «Іашэкlэ емыгъэуцуалlэрэм тын къыуитыщтэп» – Къаншъао джар ижэдэкlэу зэхэсхыгъэ.

– Шlу тпихын шlошlымэ, къэрэкlу! – Колэс ымакъэ къыlэтыгъ.– Тыным ычlыпlэ утын ихьын. Хъэзархэм тызызэрапхъощтыгъэ лъэхъанэр икlыгъ.

– Тэрэз, Колэс,– Ислъам-Хьаджэм къыдыригъэштагъ.– Сэри Къаншъао ыlуагъэр сыгу рихьыгъэп. Сыд lo фаеми, адыгэба? Пфызэшlокlыщт пстэури лlыгъэм ишапхъэп.

Колэсрэ Ислъам-Хьаджэмрэ Рампэс фэгушlохи, лъэгуцым къытехьажьыгъэхэу, гумэкl горэм зэлъиlыгъхэу зызэраплъыхьэрэм гощэшхом гу лъитагъ, къяупчlын зыщиlорэм, Рэдэд хьакlэщыпчъэр къыlуихи, нэгушlоу къапэгъокlыгъ, ригъэблэгъагъэх.

– Къэошlэжьба, зиусхьан, Ислъам-Хьаджэр ?

– Къэсымышlэжьы мэхъуа, Колэс! – Рэдэдыпщыр шъабэу хэщхыкlыгъ.– Упсаоу, уузынчъэу, хьакlэ, узэрэслъэгъурэр сигуапэ. Тэ тыгу кlоди, уауж тикlыжьыгъагъ.

– Ащ фэди мэхъу, зиусхьан,– Ислъам-Хьаджэр пщым къыфызэплъэкlызэ, хьакlэщым апэ ихьагъ.

Зэтlысхэм, Рэдэдыпщым игъунэгъу Колэс зыкъыфигъэзагъ:

– Ислъам-Хьаджэр зыгорэм егъэгумэкlы, тхьамэтэ маф.

– Ары, зиусхьан,– Колэс ышъхьэ ыгъэсысыгъ,– къыпфащэгъэ зыхы кlэлитlум арыкlуагъэр ышlэрэпышъ, егъапэ.

– Мэзыбэ нэс Ислъам-Хьаджэм къыдэкlотагъэхэм сыд арыкlон, Колэс? Тиlэмкlэ тхьакlэхи, дгъэкlотэжьыгъэх. Ау Къоданэ зэрэсакъырэр лыеп. Тэ тщыщхэми учlэзгъэlэбэнхэр къахэкlы.

– Ари шъыпкъэ, зиусхьан,– Ислъам-Хьаджэр пэкlэжакlэм къахэгушlукlыгъ.– Сэри ахэр гъусэ къызысфэхъухэм, мыхъункlэ сягуцэфэгъагъ. Емышlэ– шlумышlэх, хьотlэ-бжъэтlэным джыри хэтых.

– Сыдэу тшlын, ащ фэдэхэри тилъэпкъэгъух… Сыд аlорэр, адыгэ мытыгъорэ аргъой мыцакъэрэ щылэп аlо,– Рэдэдыпщыр щхыпцlи, игущыlэ псынкlэу къызэблихъугъ: – Уздэщыlагъэм сыд щыкъэбар, хьакlэ? Русичмэ сыд яшыгъэхъушlакl, lофкlэ сыд зыпылъхэр?



– Колэс зыгъэгумэкlхэрэм ори уакъыкlэупчlэ, зиусхьан,– Ислъам-Хьаджэм ибысым фиlотагъэхэр къыкlиlотыкlыжьыгъэх. Гущыlэ дэгъуи, дэий Къаншъао къырымыlуалlэу, игугъу къышlыгъ, нэужым ежь къэупчlагъ: – Русичмэ япщышхо Мстислав ошlэба, зиусхьан?

– Пшlэ хъущтмэ, сэшlэ,– Рэдэдыпщым ынэжгъ зэхигъэхьагъ.– Ар сыд етlанэ?

– Мстислав шъуалъэныкъокlэ къэкlон фэдэу зэхэсхыгъэ. Непэ-неущэп, ау рэгущыlэх.

– Къызэрэпlорэмкlэ, русичхэр шъхьэусыгъо лъэхъух,– Рэдэд Мстиславкlэ раlуагъэр зэхимыхыгъэ фэдэ зишlыгъ,– тын зэрафэтымышlырэр яlэубытыпlэу къыттеонхэ ягухэлъ. Теплъын, теплъын. Сыдигъуи хабзэ, зао къезгъэжьэрэм лажьэ къызфехьыжьы. Тэрэзба, хьакlэ?

– Тэрэз, зиусхьан,– Ислъам-Хьаджэм ышъхьэ ыгъэсысыгъ.– А Мстиславыр Константинополь зытlо-зыщэ ащагъэу, къыжэхахьэхэу аlо.

– Сыдым пай?

– Хы Шlуцlэ lушъом lусхэм чиристан диныр аригъэштэн фаеу къышlохаубытэ.

– Тыфэмыемэ? Къосэгъумэ, зыххэмэ, мыутlэмэ ятхьэхэр lэкlыб пфашlыщтха?

– Кlуачlэ зиlэм шъыпкъэр ыдэжь, зиусхьан. Русичхэр бэ, дзэшхо аlыгъ, lэшэ-шъуашэкlэ тегъэпсыхьагъэх, хэбзэ-унашъо ахэлъ. Мары, Колэс есlуагъ, Къаншъао ылэ илъмэ афишlырэ унашъор чlыгум намыгъэсэу агъэцакlэ.

«Тэ тхэмылъ шэныр ары,– Рэдэдыпщыр ардэдэм тегупшысыкlыгъ.– Пщи, оркъи ичылэ щыпэчъыхьэ зэрэшlоигъом удэкlотэжьын. Къыдэхъункlэ ерэшlи, паlо зыщыгъмэ янахьыбэ хэгъэгу шъхьаф зашlыщт. Дунаир зэрэхъугъэмкlэ, тызэкъомыуцомэ, тызэрэщамыгъэlэщтыр къагурыlорэп. Мысырыри, Урымыри, нэмыкlхэри сыдигъу хэгъэгу зыхъугъэхэр, ежьхэми къашlэжьырэп. Мары, тигъунэгъу русичхэри зэкъоуцохи, хъэзархэр зэхагъэтэкъуагъэх. Чъыгхэр зэхэтхэмэ, мэзы мэхъу, lэхъуамбэхэр зэчlаплъхьэмэ, узаорэр иоуты. Къыбгурымыlонэу ащ сыд хэлъ?..»

– Зиусхьан, Шыупащэ бэшlагъэ зысымылъэгъугъэр, тыдэ щыкlодыгъа? – Рэдэдыпщым игупшысэ-гукъао Колэс зэпичыгъ.

– Сшынахьыкlа? – пщым инэплъэгъу плъыз къэчэфыжьыгъ.– О бэнакlэу, къулаеу, чэтэ гъэбзакlэу тэбгъэшlагъэр, тхьэмэтэ маф, сэ Шыупащэ естыжьыгъ. Джы ежь дзэкlо кlалэмэ ышъхьэ къахихрэп. Тэри макlэ ар зэрэтлъэгъурэр. Апэ итым къыкlэлъыкlорэм ритыжьзэ, къытхэплъхьагъэр дгъэкlодырэп, Колэс.

– Чlыгум хаплъхьэрэр зэкlэ къыхэкlырэп, Рэдэд,– лlыжъым ипаlо щымыфэжьэу зэхихыгъэм ыгъэгушхуагъ, хэти ыпашъхьэ пщым ыцlэ къодыекlэ емыджэнэу тхьэлъанэ зэришlыгъагъэр lэкlэзыгъ.– О сыпфэраз, угу щесыутыгъэ чылапхъэр къыщыкlыгъ, щышъхьэлъагъ, силъэкl макlэ хъугъэми, ащ кlуачlэ къысхелъхьэ.

– Ары гъашlэм хабзэу хэлъыр,– Рэдэд игукlэгъу нэплъэгъу Колэс фидзыгъ, сэмэркъэу щхыпэкlэ къыухыжьыгъ: – Къыуатымэ – штэ, къыуаомэ – чъэ. Джар Къаншъао зыхэхьажьыгъэ русичмэ яlорен.

– Ар пlоу, пыим уакlыб фэмыгъаз,– Колэси пщым есэмэркъэуужьыгъ.– Птхыцlэ къибгъаплъэрэр къыптекlогъахэкlэ лъытэ.

– Дэгъоу тыщысыгъ, зиусхьан,– Ислъам-Хьаджэр къэтэджыжьыгъ.– Сэри гъогууанэ къэскlугъ, сибысыми нычэпэ гупсэфыгъэп, цыпх шlыхьаф иlагъ.

– Сыбгъэгушlуагъ, тхьамэтэ маф,– Рэдэдыпщым Колэс ыlапэ къыубытыгъ: – Уигулъытэ зэрэиным тэри гушхо тешlы, ау зыфэсакъыжь, къыогоон умышlэ. Шъумыгузажъу, моу джыдэдэм lанэхэр къахьыщтых.

– Хьау, зиусхьан, шlыхьаф датхъэ тэри тыхъугъ,– Ислъам-Хьаджэм пщым шъхьащэ фишlыгъ,– моу джыдэдэм lанэ тыкъыпэкlыгъ.

Къыкlэлъыкlогъэ мафэм, щэджэгъоужмэ адэжь, Чэчанэ хьакlэщым ихьи, Колэсрэ Ислъам-Хьаджэмрэ гушlо-тхьагъэпцlышъокlэ ариlуагъ:

– Джыри хьакlэшхо тиl.

– Хьэкlэ тешасэр мафэшъ, мэфэ шъыпкъэ тфэрэхъу,– Колэс хъохъукlэ къыlуи, къыкlэупчlагъ: – Хэт тхьэмэ къытфахьыгъэр?

– Урым Думитрий.

– А лlым шъукъиугъон шlоигъокlэ сенэгуе,– Ислъам-Хьаджэр гъумытlымыгъэ.



– Ори нэдэплъыпlэ горэм улъымыхъоу щытэпщтын, хьакlэ,– Колэси есэмэркъэуужьыгъ.– Аукъодыеу къэбгъэзэжьыгъэныр сшlошъ хъурэп.

– Сэшlэ пшlошъ зэрэмыхъурэр,– Ислъам-Хьаджэр къезэгъыгъ.– О фалэ уеджагъэм фэд.

– Сыд лlэужыгъу ар?

– Цlыфым ышъхьэ къырыкlощтыр къызэрашlэрэ тхылъыр ары. Сэ сизакъоп, Колэс, сэщ фэдэ заулэ тыбзэ ашlэу адыгэмэ къахэхьагъ.

«Къытхэхьагъэхэми, хьаулыеных,– Колэс гукlэ риlожьыгъ.– Титхьэхэр тэ тпсэ хэлъых, тигугъи, тигупшыси ятэхьылlэ, тилъэlуи алъэlэсы...»

Колэс хьакlэм пэгъокlыгъ. Шы ныбэпхыр зыгъэланлэщтыгъэ Думитрие лъэмакъэмэ къызэрагъэплъэкlыгъ, lитlури щэигъэу ибысым къыпэгъокlыгъ:

– Упсаоу ущыlэмэ, Колэс!..

– Цlыфым ыlитlу къыкъудыигъэмэ, убыт аlо, узэрэслъэгъурэр сигуапэ,– lэпэубытыр бысымым римыгъэкъоу, хьакlэм lаплl рищэкlыгъ.– Шым ыуж икl, ащ ищыкlагъэр Чэчанэ ылъэгъун, некlо хьакlэщым.

## V

Хэтэ lухыжьыгъэм дэт атакъэр мэкъэхьоу къэlуагъ, гурхъум идыргу макъи зэпыурэп, шхыншlэщыми lэшlумэр къырелъэсыкlы.

Шэщым къычlэкlыжьыгъэ Рэдэдыпщыр къызэтеуцуи, хатэм дэплъагъ, къохьажьыным енэцlыщтыгъэ тыгъэ нэгъыфышхом фыреплъэкlыгъ, щагум къыдахьэщтыгъэ Тураби ынэ къыпэшlофагъ. «Шъао къыпфэхъущт сlогъагъэба ыlозэ, пчэдыжь къысфэгушlогъах. Гумэкl горэм къырифыжьагъэкlэ сенэгуе...» – пщыр тхьэмэ ялlыкlо пэгъокlыгъ:

– Сыд, Тураб, губжыгъашъо птет?

– Колэс джыри зы хьакlэ къыфэкlуагъ.

– Сэшlэ.

– Ошlэмэ, нахьышlужь, ыдэжь тызэдэгъакlу.

– Сыд къэтшlэнэу?

– Ислъам-Хьаджэми къыгъэзэжьыгъ, урым Думитрий икъакlо зэпигъэурэп. Тlуми шlу агу илъэп. Зым ислъам

диным тытырищэ шIоигъу, адрэм чыристан тишIыныр инэрыгъ. Ахэмэ ттхьакIумэхэр афыкIэдгъэзыкIмэ, титхьэмэ пщынэкIаеу тагъэпщынэт, зиусхьан.

– Сэ гъэрыпIэм сыкъызикIыжьыгъэм ыуж урым лъэпкъ сытеплъэнэу сыфаеп, фэмылъэгъуныгъэ фэшъхьаф а хэгъэгум къисхыгъэп.

– Сыдигъу ар зыхъугъагъэр, зиусхьан. Ащ ыуж къыбдэхъужьыгъэм урым лIы закъор сыдкIэ къенэкъокъун? СыолъэIу, о сыуигъусэмэ сатегушхухьащт, яIоф къытхамылъэхьанэу ясIощт.

– Гурышхъо шIылэр фэмыф, Тураб, пхэмылъыгъэ шэнхэр къызхэмыгъафэх,– Рэдэд Турабэ есэмэркъэу фэдэзэ, ежь зыфаер риIокIыгъ.

– Ипэумрэ непэрэ зэфэдэп, зиусхьан. ЦIыф химэхэр къытхахьэхэу зэрэрагъэжьагъэр титхьэмэ адэрэп,– Турабэ улъэбабэзэ, чIыпIэ изэгъэжьыщтыгъэп.

– КIо, хъугъэ, о уиIуагъэу, урым лIы закъом сынэ къырикIынэп, некIо,– Рэдэдыпщыр фэмычэф шIагъоу Турабэ дежьагъ.

ПчъэшъхьаIум Рэдэд зэребакъоу хьакIэщ пчэгум Iанэр изгъэуцощтыгъэ Чэчанэ къызэплъэкIыгъ, щысхэри къэтэджыгъэх. Колэс къыIуагъ:

– ЛIышIу иIанэ шыгъэ, зиусхьан, игъо шъыпкъэм шъукъытефагъ. Шъукъеблагъ, шъукъэтIыс.

Къыздизыгъэр амышIэу Турабэ ыкIыб НэтIае къыдэтэджагъ, ау хьакIэхэми бысымыми анаIэ тырадзагъэп.

«Къыпфэчэфмэ, Колэс фэдэ щыIэп, сэ игурышIу сыригъаплъэрэп, сцIи къыриIуагъэп, пщым сырины бжьыкъу шIошIы...» – Турабэ гукIэ гъумыгъугъэ.

ХьакIэмэ аIапэ ыубытызэ, Рэдэдыпщыр гъунэгъу лIыжъым фэсакъызэ, есэмэркъэугъ:

– Зызгъэгусэу уиIанэ сикъыпэмытIысхьэмэ, Колэс? Сэ сигъомылэ шъо шъухэIагъэп.– Колэс къыдищэягъэр къыримыгъаIоу, къыпидзэжьыгъ: – СэIо нахь, зыкъыпфэзгъэгусэн сыфитэп, къысфэпшIагъэр гъэшIэрэ хьылъ, ау къысфэпсынкIэу зесэхьэ.

Турабэ шъхьэ укъощыгъэкIэ пщышхом фычIэплъыгъ, шъугъур къышIутекIоу зэриIожьыгъ: «ЦIыфмэ апэ уит зыхъукIэ, умышIэри уагъэшIэщт, Iуши уяхъулIэщт. Сэ сашIожашIоу аIощтыгъэ шъхьакIэ, зиусхьаныр къыстекIожьыгъ, исэмэркъэуи, ишъыпкъи зэхэтэу, тыкъимыхьэзэ, хьакIэмэ зыкъаригъэштагъ».

Куп зэдашхэр Iанэм пэсхэмэ ашIоIэшIоу лы гъэжъуагъэми, щыпсыми, щэлэмэ-хьалыжъохэми ягугъугъэх. Iанэхэр Чэчанэ рихыжьыхи къызегъэзэжьым, Турабэ ынэхэр къикIотхэу, ау мэкъэ гъэтIылъыгъэкIэ хьакIэмэ янэкъокъугъ.

– Зиусхьан,– джы Думитрий Турабэ пымылъыжьэу Рэдэдыпщым зыфигъэзагъ,– бэ о унэгу кIэкIыгъэр, къин макIэп угу пхырыкIыгъэр. Сэ силажьэ хэмылъыгъэми, силъэпкъэгъухэм емыкIу къыуахыгъэмэ, къысфэгъэгъу. ЦIыф лъэпкъ пэпчъ дэгъуи, дэий хэт. Тэ, нэбгырищым тызфызэнэкъокъурэ динхэм пшIошъ бгъэхъуни, умыгъэхъуни ахэлъ. Сэ диными, щыIэныгъэми ясхьылIэрэр шIэныгъэр ары.

– Пегъэмбар Мыхьамэти «шъуедж!» ыIуагъ,– Ислъам-Хьаджэм игущыIэ къыхигъэуцуагъ.

– Тэрэзэу ыIуагъ,– Думитрэ рэхьатэу игущыIэ лъигъэкIотагъ.– Уигъусэ къыухъумэрэ мэджусый диныр цIыф лъэпкъыбэмэ апэкIэкIыгъ. Тыкъэзыуцухьэрэ дунаим щыхъухэрэм цIыфыр апэуцужьын ымылъэкIы зэхъум, тхьэ кIуачIэ зэкIэми ахилъхьагъ. Шыблэр къытаошъ, теукIы, псыр къеушъ, тетхьалэ, тилэжьыгъэхэр ехьы, огъу хъумэ, гъаблэ къытфэкIо, хыое-жьыбгъэм тызэхегъэтакъо. Ары пэпчъ тхьэ зырыз яIэу тшIошъ дгъэхъугъэ. Мэджусыим къэралыгъо гупшысэ хэлъэп, зиусхьан, щыIэкIэ-псэукIэ зэзыугъоилIэн кIуачIи иIэп. Зы лъэпкъыр адрэм ыштэн зэрилъэкIыщтым ищынагъо зэхаригъашIэрэп, тхьэ пчъагъэмэ къакъонэнхэу мэгугъэх, шъхьадж иIэр къызэриухъумэным пылъ.

– Ар гупшысэ гъэшIэгъон,– Рэдэдыпщым къыIуагъ, илъэпкъыкIэ иакъыл зынэмысыщтыгъэхэм ацыпэ къыубытыгъэу къыщыхъугъ, Турабэ зыгорэ къырищэжьагъэти, зыIажэгу къыригъэкIэу Iэ фишIи, урымылIым зыфикъудыигъ.– Тхьэхэр щымыIэхэмэ, сыд адэ щыIэр, хьакIэ?

– ЩыIэн ылъэкIыщтыр, зиусхьан, зы Тхьэ, Тхьэшхо закъор ары,– теубытагъэ хэлъэу Думитрэ къыIуагъ.

– Ислъам диными ары ыIорэр,– Ислъам-Хьаджэм игущыIэ джыри къахилъхьагъ.– Алахьым фэшъхьаф тхьэ щыIэп, Мыхьамэт пегъэмбарыр ащ илIыкIу.

– Ащ ыпэкIэ щыIэгъэ пегъэмбархэр? – Думитрэ Ислъам-Хьаджэм еупчIыгъ.

– Муси, Юсыфи, Хьуди, Хьиси, Мыхьамэти – зэкIэ пегъэмбарэу щыIагъэхэр – Тхьэм цIыфмэ лIыкIо къафишIыгъэх, КъурIаным ахэр къыщегъэшъыпкъэжьы,– жэбзэ дахэкIэ къызэригъэафэзэ, Ислъам-Хьаджэм гущыIапэр ыубытыгъ.– ЦIыфхэр гъогу занкIэм фаузэнкIыным пегъэмбархэр фэлэжьагъэх, зыпсэ къурмэн афэзышIыгъэхэри къахэкIыгъэх, ау цIыфмэ анахьыбэр гъощагъэ, щыкIыгъэх. Думитрэ игупшысэхэр къызэрихыгъэ тхылъ лъапIэхэри къезгъэхыгъэр Алахьталэр ары. ТхылъымэІ ятхылъыжьэу, ахэмэ янэу, аужырэу къытфыригъэхыгъэр ти КъурIан лъапI...

– АщкIэ сыкъыонэкъокъурэп,– Думитрэ гупсэфэу гущыIэр Ислъам-Хьаджэм IэкIихыжьыгъ.– Сэ тхылъ лъапIэмэ афэшъхьафхэри сыджыгъэ. КъасIо сшIоигъор ары, зиусхьан. Чыжьэу тызэжъугъэплъэкIыжьи, цIыфлъэпкъым къырыкIуагъэм тыхэжъугъэплъэжь. Шъо, адыгэхэм, тыгъуасэ шъузтетыгъэм Урымыри, Мысыри, нэмыкI хэгъэгухэри зэгорэм фэдагъэх, пщыгъо-пщыгъоу гощыгъагъэх. Пщыгъо пэпчъ имылъку хигъахъозэ, баи хъугъагъэх. Ары шъхьакIэ, апэ ишъыгъэ лъэпкъ горэ къатеоти, зэрипхъощтыгъэх. Пщыгъохэр зэхэзыугъоен хабзэ зэрящыкIагъэр нахьыбэмэ тIэкIу-тIэкIузэ къагурыIуагъ, къызгурымыIуагъэр рагъэуцолIагъ.

– Тэ талъэныкъокIи зы хэгъэгу тызэрэхъун фаер нахьыбэмэ къагурыIуагъэ фэд, къедгъэуцолIагъэхэри къахэкIыгъ, ау лъапсэ зэрэтымыдзыгъэр сэлъэгъу,– Рэдэдыпщым игумэкI ыушъэфыгъэп.

– Акъыл чан зэрэуиIэр сэшIэ, зиусхьан,– игущыIэ фэчэфэу Думитрэ игупшысэмэ къапидзэжьыгъ.– ЦIыфхэр зэхэпщэнхэр, хэгъэгу пшIынхэр зы Iофыгъу, ашъхьэ илъыр, яззэхашIэхэр, яшIоигъоныгъэхэр къызфэбгъэIорышIэнхэр Iофыгъо шъхьаф. Ар зыфызэшIокIыщтыр диныр ары. Тхьэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фызиIэхэм апэ ит динлэжьхэм агухэр афызэIуахых, цыхьэ афашIы, анахь шъэфэу зыдаIыгъхэр афаIуатэ. Джары тетыгъор зыIыгъхэм динлэжьхэр апэблагъэ зыкIашIыхэрэр. Тхьэр зышIошъ хъурэр хабзэми щыщынэщт, щэIагъэ хэлъыщт, пачъыхьэр ыгъэлъэпIэщт, шъхьащэ фишIыщт.



ЧъыIэ лIэрэм фэдэу зышъхьэ изылъэшъожьыгъэу щысыгъэ Турабэ щтэ нэгукIэ зиплъыхьагъ, ылъэ зэрэкIахырэр зэхишIи, ыпшъэ зэшIуищызэ, ыкIыб дэт НэтIае нэ бгъундж нэхаер фидзи, къыхэкуукIыгъ:

– Зиусхьан, Колэс! Тыжэхэр пхыгъэ пIонэу сыда мыхэмэ тядэIоу тызыкIыщысыр?! Зыгорэ къашъуIоба! Титхьэмэ тIорэр зэхахы, тшIэрэр къалъэгъу, къытфагъэгъунэп!..

– Тураб, тызфэщынэн тихьакIэмэ къаIуагъэп,– Рэдэдыпщыр Колэс фыреплъэкIи, Турабэ гущыIэр Iэпихыгъ.– Ибэ нахьыбэу зигугъу тшIырэр хэбзэ Iоф, хэгъэгу Iоф. Хъущтмэ, дин Iофмэ тахэжъугъэкI, сэ русич пщышхор зытIо-зыщэ шъуалъэныкъо ащагъэу зэхэсхыгъ, ишъыпкъапIэ сшIэ сшIоигъу, Думитрий.

– Ащ пцIы хэлъэп,– Думитрэ къыгъэшъыпкъэжьыгъ.– Шъори нэмыкI гъунэгъухэри чыристан диным ригъэхьанхэу къедаох. Зы дин зыIыгъхэр зэпэблагъэ мэхъух. Ащ ыпэкIэ, илъэс тIокIым къехъужьыгъ, Владимир пщышхоми чиристан диныри Константинополь щырагъэштэгъагъ. Зэхэпхыгъэмэ, ащ русичхэр псым хигъэзыхьэхи, чыристан диным ригъэхьэгъагъэх. Шъори къаигъэ шъукъашIынкIэ енэгуягъо.

– ДжырыкIэ ащ фэдэ Iоф тиIэп,– Рэдэдыпщыр гумэкIынэкIэ Колэси, Чэчани, Тураби аIуплъагъ,– ау тын тIахынэу зэ къытфэкIогъагъэх, зыхымэ, мыутIэмэ пчъагъэрэ къядэуагъэх. Хымэ пкIэнтIэпсыр хьалэл хъурэп, хьакIэ, тэрэзба?

– Тэрэз, зиусхьан,– Думитрэ тхьагъэпцIышъо нэгукIэ IущхыпцIыкIыгъ,– ау пщыгъор къээзыхьыри, зыIыгъыри Iашэ. Сыдигъуи нахь лъэшыр кIочIаджэм ыпшъэ иIэбэным фалъэ.

– Тэри ткIуачIэ зэкIэтыугъуаеу едгъэжьагъ, тыкIочIаджэ къызшIуарэмыгъэшI,– Рэдэд зыгу-зыкIуачIэ къэхъугъ.– Хэти ттхы фэтыуфэщтэп, ыкIыби тыдэуцощтэп. О, Думитрий, Мыстислав урихьылIагъа, сыд илIыгъэпсыкI?

– СырихьылIэгъэ къодыеп, гущыIэгъуи сыфэхъугъ,– бгы зандэкIэ Думитрэ тIысыжьи, зэкIэми атхьакIумэхэр къызэрэкIагъэтIылъыкIыгъэм ыгу хигъахъоу, къыпидзэжьыгъ: – Пщы лъэгъупхъ, Iэпкъ-лъэпкъышху, зэуакIо, къэралыгъо акъыли имыIэу пIон плъэкIыщтэп, чыристан динымкIэ шъощ пае къызэредаохэрэм фэмые шIагъо фэдэу сыхэплъагъ, ау къыдагъэхъункIэ сыгугъэрэп.

– Ори, Ислъам-Хьаджэми,– Турабэ ошІэ-дэмышІэ зыфэмыІэжэжькІэ къызІуидзыгъ,– шъуитІуи къыжъудэхъун щыІэп! Шъо шъуІорэм пае тэ титхьэхэр ІэкІыб тшІыщтхэп!

– Тидин къышъухэслъхьанэу сэ спшъэ зыми къырилъхьагъэп,– ерагъэу зызэриІажэрэр Думитрэ къызхимыгъэщэу зиухыижьыгъ,– ау сэ дэчыгмэ сахэт, сысатыушІ. Чыристан динымкІэ къысэдэІурэм зыфэдэр фэсэІуатэ, фэмыер езгъэзырэп.

– Тэ шъуадэжь тыкъакІоу титхьэхэр жъугъэлъапІэх къышъуатІорэп,– джыри Турабэ зыфэІэжагъэп.– Шъо хэт къышъоджагъ?

– Тызэхахьэмэ, тызэрэшІэмэ, дэгъуба, Тураб? – гухэкІынчъэу Думитрэ къэупчІи, къыпигъэхъожьыгъ: – Шъо шъуитхьэмэ анахьыбэ урымхэм тхьэ ялагъ, ау зы Тхьэ нахь зэрэщымыІэр ашІошъ хъугъэ. Зэпэблагъэ тыхъумэ, сатыу зэдэтшІын, тылэжьыгъэхэр зэнэсыных. Мары, тхакІи, еджакІи шъуищыкІагъ. Ар къышъуфэтхьын тлъэкІыщт.

– Сэ сызфаер зы,– Турабэ зэкІэкІон гухэлъ имыІэу ежь зыфаемкІэ къыухыжьыгъ,– цІыф лъэпкъ пэпчъ тхьэмэ шъхьафэу къагъэхъугъ. Шъори шъугу къызэрэшъуиІоу шъущыІ, тэри тызэрэфаеу тыщыжъугъаІ.

«Урымыр лІы Іуш,– Рэдэдыпщым гукІэ ыІуагъ,– зытегущыІэрэм хэшІыкІ фыриІ, ау мыщ ыІуагъэм пае, титхьэхэр сфэхъожьынэп, силъэпкъи езгъэзэу, Владимирыпщым фэдэу, типсыхъо хэзгъэзыхьанхэп. Сыд лІэужыгъуи ипІалъэ къэкІощт. Диныр хэгъэгум пкъэу фэхъущтмэ, Тураб закъокІэ кІуачІэ егъэгъотыгъуай. Дин пащэ хъущтым еусэгъэн фай...»

Чэчанэ Рэдэдыпщымрэ тхьэмэ ялІыкІорэ къыгъэкІотэжьхэзэ, къэлэпчъэ кІыб зэхъухэм, Турабэ жьы къымыщэжьэу тІэкІурэ щыти, мэкъэ ефэхыгъэкІэ къыІуагъ:

– ШъугущыІэщтмэ, сэ сыкІожьын, зиусхьан.

– КІо, Тураб, нэфлъэшІу шъукъекІ,– Рэдэдыпщыр Турабэ ешъэбэкІыгъ.– ТихьакІэмэ аІуагъэм угу емыгъэгъэкІод, тэ титхьэхэр тыгу илъых, ежьмэ ятхьэ шъхьащэ фарэшІ...

Турабэ шІункІым зыхэкІодэжьым, Чэчанэ ыгъэшІагъоу кІэкуукІыгъ:

– Турабэ ыуж НэтІае зэримылъэдэжьыгъэр.



– Гу лъыптагъэба ыгу етыгъэу ар Ислъам-Хьаджэм зэредэІущтыгъэм, адырэми ынаІэ къытыридзагъ. КІо, хъугъэ, хэти и Тхьэ, и Алахь ышІошъ хъун фит, тэ титхьэхэм тафэшъыпкъэщт...– зэпыупІэ кІэкІ Рэдэд ышІи, ныбджэгъугъэ-фэбагъэ хэлъэу къыпидзэжьыгъ: – Зыгорэ зэхэсхыгъэ, шъыпкъэмэ сшІэрэп нахь. Іофэп зэ фэбэгъакІэ горэ угу къечъэжьыгъэмэ. Емзэщ гъукІэр зы лІэу чылэм дэсмэ ащыщ. Бзабзи пшъэшъэ лъэгъупхъэ хъугъэ. Теубытагъэ пшІымэ, мэкъэнчъэ тымышІ.

– Сэ ар къыосымыІомэ хэт есІон, Рэдэд. НекІо, джыри тІэкІу узгъэкІотэжьын.

Ардэдэм лъэмакъэхэр акІыбыкІэ къыщыІугъэх.

– Ора сэІо, Агъбан? – Рэдэд иухъумакІо ышІэжьыгъ.

– Сэры, зиусхьан, сэры. Іоф горэхэр сиІэу зы чІыпІэ сыщыІагъ,– пщыр инэплъэгъу зэрэримыгъэкІрэр Агъбан къызхигъэщыгъэп.

Чэчанэ изакъоу хьакІэщым къызехьажьым, Колэс ыгъэшІэгъуагъ:

– Тэ щыІ адэ Рэдэд пщышхор?

– Агъбан ухъумакІор гъусэ ышІи, Турабэ ыгу рагъэжъухыжьынэу ыуж ихьагъ,– шъорышІыгъэ кІэлъэу Чэчанэ къыІуи, ыкІыбыкІэ дэт НэтІае фыреплъэкІыгъ.

– ШъуихьакІэмэ сыжэ къыІуагъэзыгъ, зым къыІорэр адрэм нахь шІагъу,– НэтІае ыгъэшІагъощтыгъэр къымыІон ылъэкІыгъэп.

– ЕтІан, НэтІай, етІан,– Чэчанэ кІэкІэу фидзыжьи, ятэжъ къыІощтым ежэу уцужьыгъэ.

– ЕмыкІу умышІыщтмэ, Ислъам-Хьадж, сишыуш Думитрэ езгъэплъыщт, къехъулІагъэр сшІэрэп, мэфэ зытІущым чэфынчъ,– Колэс къэтэджыгъ, Ислъам-Хьаджэр ащ ежэщтыгъэм фэдэу, псынкІэу зыкъиІэти, Іупэщх шъабэкІэ къыпигъохыжьыгъ:

– Шы узымэ Думитрэ хэшІыкІ афыриІэмэ, ерэплъ. Сэри ащыгъум Пшъэдэ ІушъокІэ сырекІокІынышъ, сынэ жьы кІэзгъэун.

– Уизакъоу укІона?

– Марыба, НэтІае гъусэ къысфэхъун. КІэлэ нэжгъурэу сыхэплъэ, сызкІэупчІэн къыкъокІми, джэуап къысфэхъун, ы, НэтІай?

– СшIэрэмкIэ къогъанэ сиIэп, сигуапэуи сыкъыбдэкIон,– НэтIае ынэгу шъэбэ ланлэ къэушэплъыгъ, ынэхэр къичэфыкIыгъэх.

ЗыблэкIыхэрэ унэхэр зиехэм акIэупчIэ фэдэ зыригъэшIызэ, Ислъам-Хьаджэр кIэкIорыкIыщтыгъ, щагумэ адилъагъуи, апэкIэ къикIырэми, цIыкIуи, ини имыIэу, шъхьэщэшIуфэс арихыти, ары пэпчъ зэригъашIэу игъусэ ынэгу кIаплъэщтыгъ.

Псы нэшхъо зэтетэкъоу мыжъомэ ялъэпаозэ зыблезгъэхырэм нэплъэгъу псынкIэр ригъачъи, Ислъам-Хьаджэм зыкъызэригъэзэкIыгъ, игъусэ ыгу иплъэ шIоигъоу къэупчIагъ:

– Думитри, сэри уишъыпкъэу укъытэдэIугъ, НэтIай. ТитIу язэу хэт нахь зыфэбгъэзагъ?

– Ащ сегупшысагъэп,– зэмыжэгъэ упчIэм апэ НэтIае зэтыригъэкъагъ, етIанэ зыкъиушIэжьи, къыхигъэхъожьыгъ: – Шъузэзгъэпшэныр сыгу къэкIыгъэп. Думитри, ори шъуигупшысэхэр сшIогъэшIэгъоныгъэх. Ау, ущытыкIи къаcIорэп, о уигущыIэхэр сыгу нахь къынэсыгъэх.

– Уадыгэшъ ары, НэтIай,– зынэгу зэпэнэфыжьырэ Ислъам-Хьаджэр игущыIэгъу IугушIуагъ: – Сэ сызхэс араб мыслъымэнхэр яшэн-хабзэхэмкIи, ягъэпсыкIэкIи, язэхэтыкIэкIи тэ къытпэблагъэх, тызэфэд пIоми хъущт. Япый хьакIэу къафэкIуагъэмэ, унэм рагъэблэгъэщт, цIыфыгъэ рахыщт, ягъомылэ пагъохыщт. Унэпчъэ егъэт яIэп, янэ-ятэхэр, ятэжъхэр агъашIох, нахьыжъхэр алъытэх, тхьамыкIи, баий зэфагъадэ, мылъку зиIэр зимыIэм джэуап фэхъу. Сэ сылэжьрэ ислъам диныр ахэмэ къахэтэджагъ, ятхылъ лъапIэ итхагъэр зэкIэ адыгэмэ апэблагъэу сеплъы.

– КъэпIуагъэр зэкIэ тэ тихабзэхэм атекIхэрэп,– зэхихыгъэр зэригуапэр НэтIае ымакъэ къыхэщыгъ.– Ары шъхьакIэ, тихьэкIэ лъапI, тэ титхьэхэр сыдэу хъущтых? Турабэ къызэрэхихыгъэр плъэгъугъэба? Адыгэхэр зэкIэ ащ фэдэх.

– Арабхэми тхьабэ яIагъ, сшынахьыкI,– ыпэкIэ-жэкIэ тхъуагъэхэм ыIэгушъо аригъачъи, ушъый мэкъэ гъэтIылъыгъэкIэ Ислъам-Хьаджэм игущыIэ лъигъэкIотагъ.– Яунэхэм, тхьэлъэIупIэхэм тхьэ сурэтхэр арытыгъэх, ау Алахьталэм фэшъхьаф тхьэ зэрэщымыIэр къагурыIуи, ятхьэ сурэтхэр зэхагъэтэкъуагъэх.

ЧъыIэбжь мылъэшыр къызэIэгъэ НэтIае ынэгу шъабэ нахь къэушэплъыгъ, зэкIэщтэжьыгъэуи къыхэкуукIыгъ:



– Ащ нахь хэмылъэу ятэжъхэм ятхьэхэр щагъэзыягъэха? Ар шIошъхъугъуай.

– Сэ кIэкIэу къэсIуагъ нахь, зы мафэкIэ хъугъэ пшIошIа,– Ислъам-Хьаджэр къэгумэкIыгъ.– ПшIошъ гъэхъу, НэтIай, сэ зэрэхъугъэр ары къаcIорэр. Мыхьамэт пегъэмбарыми тхьабэ зышIошъ хъущтыгъэхэм къиныбэ рагъэлъэгъугъ, кIодыпIэ рагъафэуи къыхэкIыгъ, ау Алахьталэм къыухъумагъ. Тхьэм игущыIэ цIыфмэ зэрафихьрэр зышIошъ хъугъэхэр гоуцуагъэх, къебэныжьыгъэхэм зауи аришIылIагъ.

– Ары шъхьакIэ, сизакъоу сыд сфэшIэн?

– Тхьэр уигъусэмэ, угу умыгъэкIоды. Мыхьамэт пегъэмбарыми изакъоу ислъам диныр къырихьыжьэгъагъ.

– Турабэ ерэшIи, дунаим сытыригъэтынэп,– НэтIае ытхьабылыпчэ къыпызыгъ, зыгорэм къызэхехымэ ыIуи, ынэхэр бырылъэхэу зиплъыхьагъ.

– ЗэкIэми мыслъымэн шъухъун фай пIоу неущ чылэм дэуцу сIорэп,– мэкъэ шъэф гъэшъхьыгъэкIэ Ислъам-Хьаджэр НэтIае ыбгъэ къыдэIабэщтыгъ, ышъхьэкуцI къыхэтIысхьэщтыгъэ.– Диным мэкъэ лъэш ищыкIагъэп. Цыхьэ зыфэпшIыхэрэмкIэ, къыппэблагъэхэмкIэ егъажь. Гъусэхэр бэ зыхъукIэ, Тураби, нэмыкIи пшъэ къиIэбэнхэкIэ ракужьыщтэп. Турабэ сыригъусагъэм фэдэу къыосIон: шъэогъукIэ ригъэжьагъ, ащ иныбджэгъухэм, гъунэгъухэм етIанэ алъыIэсыгъ, ариIорэмэ ащыщхэр къэшъыпкъэжьыхэзэхъум, чылэм шIошъхъуныгъэ къыфашIыгъ.

– Мэзыбэ изакъоп, къосэгъухэми, зыхыхэми, адрэ тилъэпкъэгъухэми зэлъашIэ хъугъэ,– щынэ-гумэкIыр зэрэкIэтэу НэтIае зэхихыгъэр къыушыхьатыжьыгъ.

– О къызэрэпшIошI дэдэми НэтIай, Iофыр тетэп, Турабэ зымышIэрэр джыри нахьыб. Тхьэм сигущыIэ чыжьэ ерэмыхьыжь, зы Тхьэ нахь зэрэщымыIэр сэ сшIошъ мэхъу, тхьэ пчъагъэ щыIэуи сэшIы. Турабэ закъом тхьэ пчъагъэ къыдэгущыIэн ылъэкIыщтэп, зы лъэпкъ закъо паий Тхьэр щыIэп, зэкIэ цIыф лъэпкъэу дунаим тетхэм яIэр зы Тхьэ. Къэхъуи, къэшIи зезгъакIорэр а зы Тхьэр ары, цIыфымэ лIыкIо къафишIыри зы нэбгыр.

Iупсыр ыдырызэ, НэтIае чъыIэм ыгъэушхъорэцыгъэ ошъо лъагэмкIэ дэплъыягъ, Пшъадэ псыхъо нэплъэгъур шъхьаридзи, къушъхьэ мылъагэм дэкIоерэ мэз чIэпцIэ

джашъор зэпиплъыхьагъ, етIанэ хы ШIуцIэмкIэ зигъази, хэщэтыкIызэ, къыжэдэзыгъ:

– Сыгу джэнджэш къибгъэхьагъ, Ислъам-Хьадж, титхьэми сыкъызэхахын сшIошIышъ, сэщынэ.

– Тхьэм уелъэIу зыхъукIэ, пIэгушъохэр къыблэ лъэныкъомкIэ фэгъазэх, кIуачIэ къызэрэпхахьэрэр зэхапшIэу, ппкъынэ-лынэхэр къэфэбэщтых, угу ины хъущт, уизэхашIэ зыкъиIэтыщт.

«Сыд зэхашIа мыщ зыфиIорэр?..– идагъо къыдешIэ шIошIи, НэтIае укIытэжьыгъэ, ау ыгу къыфечъагъэм къыригъэгушIукIыгъ: – Сихъулъфыгъагъэ сагъэгъотыжьыщтмэ, сIэгушъохэр а лъэныкъом фэщэигъэхэу тыгъэр къохьажьыфэ сыщытын».

– Сызфэе кIуачIэр ащ къысхерэлъхьи,– мэкъэ чэфкIэ Ислъам-Хьаджэм риIожьыгъ,– сызщыщынэжьын дунаим къытекIынэп.

– Ар умыIо, НэтIай, Тхьэм ищынагъо угу игъэлъ зэпыт.

– А зым сыщыщынэн, ау Турабэ фэдэхэр къисыдзэжьынхэп.

– Алахьым фэшъхьаф тхьэ щыIэп. Ар угу илъмэ, щынагъо щыIэп,– теубытагъэ хэлъэу Ислъам-Хьаджэм къыриIожьыгъ.– Рэдэд пщышхом ДумитрэкIэ нахь зызэригъэзагъэми угу емыгъэгъэкIод. Урымым гущыIапэр сшIуиубыти, пщышхом ыгу рихьынхэр риIуагъ. Сэри Думитрэ къыIогъэ дэдэхэр есIощтыгъэх. Рэдэд пщышхом адыгэхэр зы хэгъэгу ышIыхэ зэрэшIоигъор дэгъу. А IофымкIэ чыристан диным нахь мыдэеу ислъам диныри фэлэжьэн ылъэкIыщт. Ащ пае адыгэмэ анэIу Алахьым фагъэзэн фае. Алахьым шIошъхъуныгъэ фышъуиIэу зы динкIэ Рэдэд шъузыгоуцокIэ, Тхьэр къышъуфеплъыхыщт, кIуачIи жъугъотыщт, хэгъэгуи шъухъущт. Хабзэмрэ динымрэ зэрэмыIыгъхэу хэгъэгу пIыгъын плъэкIыщтэп.

– Мы къысэпIогъэ гупшысэхэр Рэдэд пщышхом дэсэрэгощха, сыдэу пIорэ?

– Хьау, ар джыри пэсаIо. А сызхэплъагъэр ыгукIи, ышъхьэкIи джырэкIэ шъуитхьэхэм афэгъэзагъ, гурыIощтэп. Джа зэрэсIуагъэу шIы, къыппэблагъэхэмкIэ егъажь. Сыкъыоплъышъ, укIэлэ къэбзэшху, акъыл дэгъуи, гулъыти зэрэуиIэр гъуащэрэп. Тхьэм сытырерэмыгъэкIуад, цIыфым



идагъо епхъоныныр Алахьым ыдэрэп, ау Турэбэ быт фэдэ ухъунба?..

«Е-о-ой,– игущыIэгъу къызэрэщытхъурэр игуапэми, НэтIае зэхимыхыжьэу, ежь-ежьырэу ыгу зэгъужьыгъ,– сэ дагъоу сиIэм къыпэу Турабэ ибытыгъэ къэсэштэ. Сэ къысэгъурэр пшIагъэмэ, мыщ фэдизэу укъыздекIокIэу сауж уитыщтыгъэп. Сэ сыгушъхьэ хьэхэр щызэрэлIых, сыщымыIэжь сшIоигъоуи сыгу бэрэ мэхъу. Нэшъуми къещэ, лъащэми дэкIох, сабыйхэр къафэхъух, унагъо мэхъух, сэ паIо сщыгъ къодыеу чылэм сыдэс...»

– Адэ зи къэпIожьрэп, НэтIай, пфэсIорэ дахэр угу къынэсрэба? – Ислъам-Хьаджэм иупчIэ НэтIае къыкIигъэщтагъ.

– Хьау, Ислъам-Хьаджэ, сыкъэдаIо, дахэу къысфапIорэми сыгу ины къышIыгъ,– игупшысэ къинхэр НэтIае зыхиушъэфэжьыгъ.– Титхьэхэми сащэнэгуикIы, Тураби сыщэщынэ, сшIэрэп, зытесыубытэщтыр. О къызэрэпшIошIырэм фэдэп, Турабэ лъэш.

– Лъэшыгъэ-мэхагъэр шъхьадж иIэ гум елъытыгъ. КъыосIуагъэм тегушхуи, нахь лъэшыр къэлъэгъощт,– Ислъам-Хьаджэм джы нахь къытыригъэшхыхьагъ.– ЦIыкIум иныр риутэу плъэгъугъэба? Ар зытехъухьэрэр цIыкIум нахь гушхо кIоцIылъышъ ары. Ори зыгъэпыт, зыгъэпкъый. НекIо, тыздэхъугъэр ымышIэу, бысымыр мэгумэкIын фай.

Колэс икъэлапчъэ Ислъам-Хьаджэр нигъэсыжьи, ыгукIэ зиштагъэу НэтIае Дэхапсэ дэжь кIуагъэ.

– Укъагъэтхъагъэн фай, чэфым узэрехьэ,– нэгуф хъурэе дахэр къызэригъэзэкIи, Дэхапсэ НэтIае къыIущхыпцIагъ.

– ПшIыгъэ щыIэмэ, къаштэ, тыгъужъ нэкIыгъэм сыфэд,– НэтIае ыIэгушъохэр зэщихъозэ, Iанэм зыпидзагъ.– Сэ гущыIэгъу сызфэхъугъэр орэшIи, ори угушIон.

– Хэта ащ фэдизэу укъэзгъэгушхуагъэр? – НэтIае къыIощтым ащ фэдиз шIагъо химылъагъоу пIэстэ бэлагъэр Iанэм къытыриупцIэзэ, Дэхапсэ къэупчIагъ.

– ЧъыIэр къытхэхьэфэ, Ислъам-Хьаджэмрэ сэрырэ тыгущыIэу Пшъэдэ Iушъо тыIутыгъ,– IэпищкIэ пIэстэ бэлагъэм къыгуихыгъэр щыпсым хигъауи, Iулъхьэр гуIэнкIэ рифыхзэ, НэтIае къыпидзэжьыгъ: – Ислъам диным тичылэкIэ

кӀэщакӀо сыфэхъунэу Хьаджэр къысщэгугъы. СфэгъэцэкӀэн оӀуа?

– Сыд ислъам дин джы къепхьыжьагъэр? – Дэхапсэ ышъо къыхихыгъ.– Хьаджэм ислъам дин еӀо, Думитрэ чыристан динымкӀэ екъудыи, етӀанэ нэмыкӀ гори къыкъокӀыщт. Тэ титхьэхэр тыдэ пхьыщт? Турабэ зэхерэхи, уишхын, укъыдеушъэкӀышъ, чэщи, мафи ыуж уит. КъыбгурыӀуагъэба джы нэс Турабэ зыфэдэр? УитхьамыкӀапӀэ иси нахьышӀу.

– Сыда сэ Турабэ фэдэ сыхъущтба? – НэтӀай шхэныр зэпигъэуи, зыкъырищызэ, ымакъи къыгъэлъэшыгъ.– Сэ гу зысшӀыкӀэ, Тураби къыдэзгъэплъыщтэп.

– Щыгъэт шъыу! – Дэхапсэ къэщхыгъ.– Сапашъхьэ ущылӀыхъужъ, зэ Турабэ сэ къысэпӀуагъэр еӀуи, къыуишӀэрэм еплъ, чэтыужъ Ӏасэ укъишӀын.

– Хьау, сыкъызэкӀэкӀощтэп,– НэтӀае шхэным дэгузажъозэ, шъузым елъэӀугъ: – Сишъэф Турабэ епӀокъон. О къыздебгъэштэнба, неущ гъунэгъумэ ащыщ горэ згъэдэӀон, сишъэогъухэри къызкъосщэных, Ӏахьылхэри къыскъоуцоных. Къотэгъур бэ зыхъукӀэ, Турабэ ышӀэжьыщтыр ымышӀэу пчэгум къизгъэнэщт.

– Сэ укъысщымыгугъ, НэтӀай. Модэ гъогурыкӀо Ислъам-Хьаджэм зыгорэ къыуиӀуагъэ пай, титхьэхэр ӀэкӀыб сфэшӀыщтхэп: закъыхэмыгъэщи нахьышӀу,– Дэхапсэ ыгукӀи, ышъхьэкӀи Турабэ джы нахь зыфикъудыигъ.

КъыкӀэлъыкӀогъэ мафэм, НэтӀае Турабэ зыфыригъэхьыгъ. Ислъам-Хьаджэм гущыӀэгъу зэрэфэхъугъэр къыдешӀэ пӀонэу, ынэгу кӀэплъэнкӀэ щынэу щагум тӀэкӀурэ дэти, шыушыми, щыдыми Ӏус аритынэу къакъырым чӀэхьагъ. Турабэ тыгъуасэ зэрэгубжыгъэу, къыпымылъыхэу щагум дэкӀыгъ. НэтӀае чэум зэ-тӀо дэплъыгъ, зыфэмыщэӀэжьэу гъогум техьагъ, зигъэчэрэгъоу щытзэ, Курацэ къэлъэгъуагъ. ШӀуфэсыр ыпэ итэу НэтӀае пэгъокӀыгъ:

– Ислъам-Хьаджэр къызэрэкӀуагъэр зэхэпхыгъа, Курац?

– Сыд къэкӀуагъэмэ, хьалыжъо къыпфихьыгъа? – ныор къыӀудысагъ.

– Тыгъуасэ бэкӀаерэ тызэдэгущыӀагъ, Курац. Ислъам диным фэгъэхьыгъэу гъэшӀэгъонхэр къысиӀуагъ. Уигъунэгъу Турабэ тегъэплъэхъукӀэ сенэгуе, зэрэдунае...



– А НэтӀай, уиислъами, уичыристани зэхэсхынэу сыфаеп,– ныом кӀэкӀэу къызэпиутыгъ.– Ахэмэ уатегущыӀэу цӀыф зэхемыгъэх, чылэм пыут удэхъухьан.

– КӀо, хъугъэ, Курац, ащыгъум зи къыосӀуагъэп, зыпари зэхэпхыгъэп,– НэтӀае ышъхьэ рилъэшъожьи, Турабэ ищагу дэмыхьажьэу, ядэжькӀэ ыгъэзэжьыгъ.

## VI

Рэдэд шым зыжэдаӀэм, сэмэгукӀэ къыгот Къодани, ыуж ит шыухэри къызэтеуцуагъэх. Онэгум зыриӀэтыкӀзэ, Агъбани пщым ыкӀыб дэплъыгъ.

ЧъыӀэбжьым ыупхъэрэфыгъэ уц шъабэр шъэо Ӏэтахъомэ алъэгу чӀэлъ, зэбэнyритӀумэ адрэхэр къятэкъокӀыгъэх. Ахэмэ акӀыбыкӀэ, пкъэу шъхьащыупкӀыгъэм тес кӀэнкӀэм кӀэлэхъу заулэ щабзэхэмкӀэ ещэрыох. Уц пкӀыжьыгъэм щызэнэкъокъурэмэ язырытхъоплъ Ӏэм-лъэм, ятӀонэрэр къопцӀэ шъхьаку. Тхъоплъым ыӀэхэр къуапцӀэм ыбг щызэридзэхи, чӀыгум къытыриӀэтыкӀыгъ, тӀэкӀу зиукъонщи чӀидзыгъ шъхьакӀэ, ылъэмэ къатеуцожьыгъ. Тхъоплъ мытӀырыр джыри къопцӀэ цӀыкӀум етхъуи, зыӀэкӀиубытагъ.

– Хэт текӀон пӀорэ, Къодан? Оры, Агъбан? – Рэдэд щхыпцӀызэ, игъусэмэ яупчӀыгъ.

– Тхъоплъым цы хъучӀанэу къопцӀэ цӀыкӀур зэредзэ, мощ нахь мыхъурэм сыд ригъэӀон,– Къоданэ иджэуап щэч хэлъыгъэп.

– АщкӀэ къэшӀэгъуай, ау мо цӀыкӀур кӀэлэхъушхом текӀонэп, зэдэщэпӀастэ хъунхэкӀэ сенэгуе,– Агъбанэ ымакъэ теубытэгъэнчъ.

– Гу зышӀырэр мышъэм пекӀо, къулаишӀэр кӀуачӀэм текӀо,– РэдэдыпщымлӀитӀуми адыригъэштагъэп.– Муары, шъуеплъ, къопцӀэ шъхьаком зыкъиубгъонджыгъ, ышъхьи тхъоплъым ыблыгу чӀигъэчъыгъ. Ыхьы, джы ыкӀыбыкӀэ лъэбгъу едз!

Пщым игущыӀэхэр зэхихыгъ пӀонэу, къопцӀэ цӀыкӀум лъэбгъу ыдзи, тхъоплъ мытӀырыр кӀыбыкӀэ уц пкӀыжьыгъэм хидзагъ.

– Джахэр ары илъэс заулэкӀэ тидзэ лъапсэ фэхъущтхэр,– кӀалэм къыхэфэгъэ къулаим РэдэдыпщырӀуигъэгушӀукӀыгъ, Колэс ыгъасэхэ зэхъум, апэ Чэчанэ къызэрэ-

текIощтыгъэри къыфыдэоежьыгъ, кIэлэкIэ къежьэгъакIэмэ яхъопсагъ, исабый ынэгу къыкIэуцуагъ: «Сишъэо цIыкIу мыхэмэ афэдиз хъунышъ, зэбэнрэр риутэу сыдигъо къэслъэгъужьын? »

Гупшысэ кIэкIым Рэдэд къыхэужьи, шыу заулэр къешIэкIыгъэу, шъэо Iэтахъомэ ашъхьарыхьагъ. КIалэмэ зыбгъугъазэ зашIыгъ. КIэнкIэм ещэрыонэу зызгъэпсыщтыгъэм ищэбзэпкъ ритIупщэхыжьи, пщым дэжькIэ къэплъагъ, етIанэ гупсэфэу ыIэтыжьи, пкъэу шъхьэщыупкIыгъэм тес кIэнкIэр зэбгырыригъэлъэлъыгъ.

– Джар щэрыо уакI! – пщыр шъаом щытхъугъ.– Щэрыом заорэр еукIы, охъулэр къеожьрэм къырекIы. ЛIы шъухъоу зэо утыгум шъузифэкIэ, кIалэхэр, чэтэ гъэбзэными щэбзэщэ тIупщыными ящыкIагъэр зы нэгъэупIэпIэгъу ныIэп. Шъуегугъу, шъукIалэзэ шъумышIэрэр нэужым шIэжьыгъоещт.– Зэпыугъо тIэкIу фишIи, акIыбыкIэ къыдэуцогъэ шъаомэ пщыр яупчIыгъ: – Хэта шъуащыщэу джыдэдэм мо кIэлэшхом ебэныгъэр?

Зыми зи къыIуагъэп, етIанэ кIэлэ Iэтахъохэр зэрэгъэщхыхи, къопцIэ нэшхо цIыкIур къызхагъэчъыгъ.

– Мыры, зиусхьан,– ащыщ горэми къыкIэлъиIожьыгъ.

– БэнакIэ хэт уигъэшIагъ?

– Сигъунэгъу Чэчан,– ынэ шIуцIэхэр къихъудэдыкIыхэу шъаор пщым къыIуплъагъ.

– Уилъэбгъу дзыкIэкIэ къэсшIагъ,– зэригуапэр инэщх-гущхыгъэ къыхэщэу Рэдэдыпщым пигъодзыжьыгъ: – Непэ кIуачIэрэ къулайрэкIэ шъуззэбэны, кIэнкIэм шъуещэрыо, шыоу шъуззэнэкъокъу, неущ, шъуныбжь икъоу, Iэшэ къихыным шъузынэскIэ, зэкIэ къышъушъхьапэжьыщт, тэри ухъумэкIо-пытапIэ шъукъытфэхъущт. Шъуемызэщэу зыжъугъас.

КIымафэм енэцIырэ уахътэм ифаби мэкIагъэ, итыгъэ нэгъыфи щэджагъом тIэкIу блэкIыгъагъ. ОнджэкъышъхьэмэIугъо пIуакIэ къарехы. Зы щагум пхъэр щызэпаупкIы, адрэм мэлхэр къыщырафэкIы, ныом къыубытыгъэ чэтыр нэмыкI щагум щэкIыи. Ахэр зэкIэ Рэдэдыпщым ынэ къыпэшIуафэщтыгъэх, хьэхэр чIыпIэ-чIыпIэмэ зэращыхьакъухэри, мэлхэр зэрэIойхэри, псы е Iус фэе чэмыр зэрэбыури ытхьакIумэ къиIощтыгъэх, ау ежьыри, игъусэхэри а зэпстэумэ ясэжьыгъагъэх.



Рэдэдыпщым ынэгу кIэсыкIыжьыщтыгъэ мэфэныкъор зыдырихыгъэ псэолъэшIхэр Мэзыбэ икъокIыпIэкIэ къушъхьэ лъапэм пэIулъэшъогъэ чIы зэныбжьым дзэм пае щаригъэшIырэ бгъагъэмэ ахагъэкIыгъэм рырэзагъ. Пкъэу пакIэр ыубытымэ, IэкIахыжьэу къызэрэфэсакъыщтыгъэхэри игопагъ. Шэщхэр, шыу гъэсапIэхэр, Iэшэ-шъошэ гъэтIылъыпIэхэр дзэм зэрищыкIагъэхэр цIыфмэ къагурэIо, агуи, апси халъхьэу Iоф ашIэ. Емзэщ гъукIэ къодыеп, зэхэщакIу, зы нэбгырэ Iофынчъэу щигъэтрэп. Ары шъхьакIэ, кIыщым щишIэрэр хэт ыгъэцэкIэщт? Чатэхэри, пчыпыджынхэри, къамэхэри дзэкIоIымэ ящыкIагъэх.

– Тэри ащыгъум тыдэхьажьын, зиусхьан,– Къоданэ къыIуагъ.

Пщым Агъбанэ къыгуани, адрэхэр зыгокIыжьхэм, Рэдэд ыгу фэбагъэкIэ иухъумакIо къыфыдэчъыгъ: «Итеплъэ емылъытыгъэу сиухъумакIо гухэ. Сэзыр арынкIи мэхъу аущтэу зыфыщытыр, нэмыкIхэр игурышIу ригъаплъэхэрэп, ау тянэкIи, АйнаркIи фэдэ гъотыгъуай, ыпсэ аIуелъхьэ. «Гощэшхом иакъыл щыщ тIэкIу сиIагъэмэ» – еIошъ, сэри тянэ ары къэс фысиIэ гушIум кIэлъ къыфешIы,– ным гупсэ-гукIэгъоу къыфыриIэм шъэо цIыкIум ыуж зэхъокIыныгъэхэр зэрэфэхъугъэр Рэдэд ыгу ыгъэтакъоу къыфыдэоягъ.– Тянэ ымакъи къэушъэбыгъ, гъэшIобзэ IэшIу горэ къыкIэхьагъ, сэри къысэIэсэкIы, Айнарэ ыIу ригъэтIысхьаным фэд, ынэмэ нэфынэ къакIехы. Сабыим цIэ фиусын зэхъум, ежь сыкъимылъфыгъ пIонэу, зыкъыстыриIэтыкIзэ, къызэрэсэушъыищтыгъэм сыгу ыгъэузыгъ...»

Рэдэдыпщым янэ ымакъэ ытхьакIумэ къиIожьыгъ:

– Хьадырыхи гу чъыIэу къытпыщылъ... Ныбжьым къызыхаIэкIэ, узэрэлIэжьыщтым уемыгупшысэн плъэкIырэп, ау етIани плъэ утетыфэ огугъэ. Шъэо цIыкIоу къытфэхъугъэм сыуплъэ къэс зэсэIожьы: «Мыр ылъэ теуцуагъэу къэслъэгъужьына шъуIо?» ЕтIани тIэкIу тесэгъашIэшъ, тхьэмэ сялъэIу: «Къыщагъэу къэслъэгъужьыгъэмэ, дунэе мылъкум ыпэ къэсштэни».

– Угу бгъэкIодынэу ащ фэдиз ныбжь уиIа, тян? – Рэдэд гуегъу-гупсэр янэ пигъохыжьыгъагъ.

– Загъорэ сыгу къыпиIонтIыкIэу къыхэкIыщтыгъ, сикIал, джы нэнаур къызытфэхъугъэм ыуж сигъэгумэкIыжьрэп,– Рампэс ыкъо ыгъэгупсэфы шIоигъуагъ.– Тэ, адыгэхэм,

шъао къызытфэхъукIэ, ятэжъ щымыIэжьым ыцIэ фэтыусыжьэу тихабзэ. ГухэкI умышIы, нынэ, уятэ ыцIэ къесIо къэс, сыгу мастэр къыхаоу сфэщыIэщтэп, уятэжъ ыцIи къасIорэпышъ, сыдэущтэу шъэожъыем ари фэсыусын. Дзэпщ – джары къыфыхэсхыгъэр. Ащ тилIакъуи дэунэнэу, типщы лъапси лъигъэкIотэнэу къизгъэкIы сшIоигъу.

– О ипхъухьагъэм сэ сыд хэсIухьажьын, тян,– Рэдэд укIытэжьыгъэу, ышъхьэ ригъэзэкIыгъагъ, ныр къыфэразэу, ежьыри зыфэрэзэжьэу янэ иунэ зэрикIыжьыгъагъэр Рэдэд ыгу къэкIыжьыгъ…

Iанэр къизыхьэрэмэ ауж итэу Турабэ хьакIэщым къызепкIэм, пщышхор къыфэчэфэу къыфэтэджыгъ:

– Iанэр уапэ итмэ, Тураб, мафэ. Моу джыдэдэм синэшъэ-уашъи укъихьэгъагъ.

– ШIукIэ угу сыкъэкIыгъэмэ, зиусхьан, тхьэмэ мафэ тфашI, гу чъыIэ къысфэпшIыгъэмэ, къэсыгъэ кIымафэм сыхэстыхьан,– мэфэ пчъагъэм ыгу щышIагъэр Турабэ къышIудэугъ.

– Сыд чъыI зыфапIорэр, Тураб? – IэхъомбищкIэ пIастэм хихыгъэ Iулъхьэр пщышхом жьым щызэпигъэугъ.– Сэ сыбгъэ машIор дэтэкъуагъ, сшъхьэ бжьэматэр щыпчIыгъ.

– Ащ фэдизэу сыд узезыдзэрэр, зиусхьан?

– УкъысIуплъэу ущымыс, хаI,– къызэреупчIыгъэ шIыкIэр зэримыгуапэр Рэдэд ымакъэ къыхэщыгъэми, ащ нахь чыжьэ мыIабэу къыпидзэжьыгъ: – Сэ сыIэчъэ-лъачъэрэпышъ, дунэе гумэкI симыIэу къыпшIошIы, Тураб. Хэгъэгу зэхэтщагъэ тIоу тэтIысыжьыкIэ, къэралыгъо тыхъущтэп. Джары гупсэфыгъо къысэзымытрэр. Хэгъэгур зэрэдгъэIорышIэщтым, щашIэрэр, щалэжьырэр, цIыфмэ ящыIэкIэ-псэукIэ къызэрэтыухъумэщтым, хабзэу тиIэщтым, мылъкур зэрэдгъэзекIощтым сшъхьэ зэпакIы, сыгу жьы дагъэуцо.

Пщышхор фэмыеу ыгъэдаIуи, Колэс ихьакIэмэ адэжь зэрищэгъагъэр Турабэ мыгъуагъэкIэ зыфилъэгъужьызэ, ыгу къэкIыжьи, зэдэожьыгъ: «Сэ сыгу ихъыкIырэр о пшIэщтыгъэмэ… Сшъхьэ зыгорэ илъыгъэмэ, а пчыхьэм узыдэсщэныя?.. Сизакъоу сыкIуагъэп, зыпщысыдзыягъэп. Сэр-сэрэу зыфэсшIыжьыгъэ тхьэ лIыкIуацIэр къосэгъумэ зэрязгъэштагъэр сфимыкъоу, лIы гъэсэгъитIур Iогъу-шIэгъу сшIыгъэ, пщым ыпашъхьэ зыкъыщязгъэукIыгъ. ЕджакIи, тхакIи сшIэу, а урымыр зэджагъэм щыщ Iахь горэ сшъхьэ илъыгъэмэ, сэ ахэмэ ажэхэр зэрэскудэщтыгъэр озгъэлъэгъуни. Сэ мыкIэ мафэм тIо-щэ уадэжь зыкъыфезгъэхьызэ, титхьэхэр пшъхьэ изгъэкIыхэрэп шъхьакIэ, сэлъэгъу укъызэрэсеплъырэр. ПIупэкIэ мыхъун къысапIорэп, ау уигугъуемылI унитIумэ къакIэщы, сыд уасIоми, зышъхьареогъэхы, утегущыIыкIы, ухэшэнычъыкIы. Думитрэ къопцIэжъыр Iуш, тыбзи зэригъэшIагъ, шIэныгъэшхуи голъ, ежь идин гъэшIэгъонэу къытегущыIэ. Ащ нахь шIэгъожь къэралыгъо тыхъуным пае диным осэшхо къызэрэфишIыгъэр. Ар сыгу рихьыгъ, ау тэ тIыгъ диным сыдэущтэу ащ фэдиз кIуачIэ сэ езгъэгъотыщта? Ащ селъэIугъэкIи, ежь нэмыкI дин ыIыгъэу, ыIапэ къысфищэинэп. Ащ фэдэ лъэкI зэрэскъомылъыр ори къыбгурыIогъэнкIэ сенэгуе. Ары угу къызыкIысфэучъыIыгъэри… Зэ, зэ, джыри сыбг тIо къибэгыкIыщтми, сызэкIэкIощтэп. Уаим хъумэ, дин пащэхэри дзэмэ адэшэсхэу хабзэшъ, зыкъыщязгъэнэжьыщтэп. Чэщи, мафи сахэмыкIмэ, сишIэ ахэхьанба? УмышIагъэр шIагъэ хъурэп, умыIуагъэри Iуагъэ хъурэп…» – Турабэ игупшысэ чъэрмэ къахэужьи, пщым еупчIы фэдэзэ, джэнджэш фэхъугъ:

– Урымхэм уахэсыгъэба? Ахэмэ уакIырыплъыми хъун.

– Сшъхьэ сыфитэу сахэтыгъэмэ, акъыл къахэсхыни, ау сызэрытыгъэ чIыпIэр нэмыкIыгъ. Шъыпкъэ, урымхэми, арабхэми, русичхэми якъэралхэр зэрэзэращэрэм зафэдгъэнэIуасэмэ лые хъунэп. Ары шъхьакIэ, хэбзэ хьафыр мэфищышъ, тицIыфмэ ахэлъхьэгъуае хъущт. Тэ тхэлъ хабзэхэм такъыпкъырыкIмэ, нахь тэрэзэу сеплъы.

– Ар Iушэу къэпIуагъ, зиусхьан,– мэфэ заулэм шхыным емыгугъужьыщтыгъэ Турабэ шхэкIо-лъакIоу ригъэжьэгъагъэми, зэхихыгъэм ыжэ къыIуигъэзыгъ.– Тилъэпкъыхэр зэхапщэхи, чылэ пэпчъ шыудзэ иIэ зыошIым, уигухэлъмэ акIэбгъэхьэгъахэу сэ къысщыхъугъ.

– Хэгъэгу ухъуным ащ щэхъурэ Iоф пымылъыгъэмэ…– пщышхор IущхыпцIыкIыгъ,– тIэ зэтетыдзэни тытIысыжьыни. Дзэ теубытагъи тищыкIагъ. Ащ ышхыщтыри, щыгъыщтыри, Iэшэ-шъуашэу гоплъхьащтыри къыздикIыщтыр Iофышху. Зэ оугъуаекIэ икъущтэп. Лэжьыгъэ зэфэшъхьафхэу

тылэжьыхэрэм, тхъурэ былымхэм, нэмыкӀ Ӏофхэу хэгъэгум щагъэцакӀэхэрэм апылъыщт пащэхэр гъэнэфэгъэнхэ фае. Цыр тхъэу, шъор дгъэтэджэу тыхэткӀэ, щыӀакӀэ хъущтэп. Тикъушъхьэмэ, типсыхъоныбэмэ дышъэр, тыжьыныр, гъучӀыр къахахы. Ахэр хэгъэгум федэ фэтшӀыхэмэ, тиӀэмкӀэ тимыӀэр зэдгъэгъотын.

– Ащ фэдиз хабзэр хэт зэхилъхьащт, зиусхьан? – Турабэ зэхихрэм пкӀантӀэ къытырыригъэкӀагъ.

– Хабзэр зэхалъхьэрэп, гъашӀэм къыхэкӀы, лъэпкъым елэжьы,– къужъыпс ӀэшӀум ехъумпӀызэ, Рэдэдыпщыр игухэлъмэ ахилъэсэжьыгъ.– Тэ тихабзэхэр зезыхьэрэр хасэр ары. Хасэм ыӀорэр хэтыкӀи хабзэ, ар бзыпхъэ зэкӀэми тфэмыхъоу зэдэӀужь тхэлъыщтэп. Хасэм хэсашъхьэ иӀ, зигъо Ӏофыгъохэр ащ хасэм къыхелъхьэх. Мафэ къэс шӀэгъэн фаехэр хэсашъхьэм егъэцакӀэх. Джы къысаӀу, Тураб, сиакъыл зытемыфагъэу къыхэсынагъэ щыӀэмэ. Тхьэмэ урялӀыкӀу, тиакъыл зынэсыпхъэхэм ахэри агъэгумэкӀхэу къысщэхъу.

– Зиусхьан,– нэгу пкӀантӀэр Тураб рилъэкӀэхзэ, ынапӀэхэр ридзыхыгъэх.– Сэ къысаӀорэр къещхыщтмэ, ошӀу хъущтмэ е зыгорэм мыхъун е хъун къехъулӀэщтмэ ары нахь, о къэпӀотэгъэ Ӏофыгъохэм афэдэхэр сэри сшъхьэ къихьагъэп, тхьэми къысаӀуагъэп.

– Адэ, Тураб, ащ щэхъурэ гупшысэ мэджусый динэу тӀыгъым хэтымылъхьэмэ, сыдэущтэу хэгъэгу лъапсэр дгъэпытэщт? – тхьэмэ яджэнджэш фэдэу Рэдэдыпщым къызэриӀорэм ышъо къызэригъэокӀыгъ.– УрымылӀым сыгу етыгъэу седэӀу зэхъум, къыпхихыгъ шъхьакӀэ, къыӀуагъэм шъыпкъэхэр хэлъых. Чыристан диным итхьэ закъо ежьхэм ащ фэдиз шӀошъхъуныгъи, шъыпкъагъи, ӀорышӀагъи фыряӀэмэ, хабзэр зыӀыгъмэ агухэр афызэӀухыгъэхэу, ягупшысэхэр арахьылӀэхэу апӀухэмэ, тэ титхьэхэм кӀуачӀи, уаси зыкӀямыӀэн фаер сыда? Ар зыпшъэ ифэн фаер оры, ощ фэдэхэу къытхэтхэр ары. Шъо къышъуфашӀырэ шӀошъхъуныгъэм цӀыфхэр зэрищхынхэ, ыгъэдэӀонхэ фае. Хабзэу тиӀэхэм лъапсэ афэтшӀыщт, ахэр зэрагъэцэкӀэщтхэр зэдгъэфэщт, зэфагъэкӀэ тыпсэущт. Зафэм хабзэр ителъхь. Ар шъо цӀыфмэ агуи, ашъхьи ишъулъхьанэу къышъутефэ.

«Къыттефэрэр шъыпкъэнкӀи мэхъу,– ыгукӀэ апэрэу Турабэ зыфэгубжыжьыгъ,– ау укъызэрэсщыгугъырэр сфэгъэцэкӀэнкӀэ сыгугъэрэп, Ӏофыгъо мин спшъэ къифэнэу сшӀагъэмэ, тхьэмэ ялӀыкӀо зысшӀыныеп, закъыхэсымыгъэщэу ситхьамыкӀапӀэ сисыни. Сидагъо шъхьакӀо сигъэшӀыгъэ. Ощ сыфэдэу акъылкӀэ е кӀуачӀэкӀэ зязгъэштэн слэкӀынэу сыкъэхъугъагъэмэ...»

– КъыосӀуагъэм зи къепӀуалӀэрэп,– Рэдэд ымэкъэхъу Турабэ къыкӀигъэщтагъэу игукӀод гупшысэ къыхэужьыгъ, ычый ылъэкӀызэ, къэтхьаусхагъ:

– Зиусхьан, Рэдэд, орырэ сэрырэ тыкъызэдэхъугъ, тицӀыкӀугъом оры гугъапӀэкӀэ сиӀагъэр, къысэбгъэзэуагъэхэп, сыкъябгъэушъхьакӀугъэп, уакӀыб сыдэтзэ, сигъашӀэ къэсхьы. СшӀэщтыр къысаӀу, сыгъэгъуаз, сызэблэжьыщтэп. Тхьэмэ сыд къысаӀуагъэми, къыосхьылӀэн, хъун горэ сшъхьэ къихьэми, къыбблэсхынэп, шӀу узэрязгъэлъэгъущтым, шъхьэкӀафэ къызэрэфязгъэшӀыщтым щэхъурэ Ӏоф симыӀэу сыпфэлэжьэн.

– Сэ къысфябгъэшӀыщтыр ащ фэдизэу Ӏофэп. Хэгъэгур ары, хабзэр ары шӀу ябгъэлъэгъун фаер,– Рэдэд гуегъу-гумэхагъэр къытекӀуагъ.– Хэгъэгум пае цӀыфмэ ашӀэрэр ежьхэм зыфашӀэжьы. Ар пшӀошъ гъэхъу. Мыр сэ сиун, мыр силэжьыгъ, сибылым пӀоу отӀысыжьыкӀэ хъурэп, умыухъумэри уимыӀэри зэфэдэ. Сыдэу пшӀошӀыра русичхэм тафэтэн фаеу зэраӀорэр? Ахэми яцӀыфхэр мэлажьэх, мэшхэжьых. Тэ тын афэтшӀымэ, япщыгъо нахь бай ашӀыщт, зыхэӀабэхэрэ, къызхахырэ къэралыгъо мылъкуми хагъэхъо зэпыт ашӀоигъу. ЦӀыфмэ ашхын, ащыгъын загъоткӀэ, къялыекӀырэр пщыгъом мылъку фэхъун фае.

ХьакӀэщ кӀыбым къыщыӀугъэ макъэхэм лӀитӀумэ ягущыӀэ зэдао зэпигъэугъ. Турабэ ащ зэригъэгушӀуагъэр къызэрэчэфыжьыгъэмкӀи, ыбгъэ дизэу жьы къызэрищэжьыгъэмкӀи къыхэщыгъ.

Агъбан ышъхьэ гъэкӀыгъэу пчъэшъхьаӀум къебэкъуагъ:

– Зиусхьан, русичхэр къыпфэкӀуагъэх, лъэгъун къыбдыряӀэу аӀо.

– Русичмэ сыд яӀоф къысхэлъ? – Рэдэдыпщыр къэтэджыгъ.– Къоданэ лъыжъугъакӀу, лъэтемытэу къэрэс.

– СынатӀэ Ӏужъу къэпшӀыгъ, зиусхьан, сынэ жьы кӀэзгъэун,– Турабэ зэрикӀыжьыщтым дэгузажъощтыгъ.

– ХьакӀэмэ уахэдаӀо пшӀоигъомэ...

– Хьау, зиусхьан,– Турабэ унэм икIыжьзэ, джыри къэгузэжъуагъ,– гукIи, шъхьэкIи сыбгъэпшъыгъ, къысэпхьылIэгъэ гупшысэхэр мыухыжьых.

– Агъбан, ащыгъум Къоданэ къэсыфэ, модрэ унэм хьакIэхэр ищэх.– Рэдэдыпщым унашъо ышIыгъ, гукIи зэгыижьыгъ: «Бзэхэр зэрэтымышIэри Iофышху. ТыдэкIэ дгъэзагъэми, тшIэн фаеу къэтэджрэм гъунэ иIэп. Хабзэхэр дгъэуцущтых тэIо, бзэгупэкIэ хабзэр къызэрэрамыхьакIырэм тегупшысагъэп. Муары, урымхэми, арабхэми, мы къысфэкIогъэ русичхэми сыд фэдэ унашъо аштагъэми, тхылъыпIэм тыралъхьэ. Тэ IупэкIэ тIорэм зым хегъахъо, адрэм хегъэкIы. Сыд шъуIуа русичхэр къызфэкIуагъэхэр? Тын зэрафэтымышIырэр арыщтын къезыфыжьагъэхэр...»

Къосэгъу пщышхом ихьакIэщ нэбгыритф щызэхэсыгъ. Рэдэдырэ Къоданэрэ апэчIынатIэу къызэготIысхьэгъэ русич лIищыр зэшыхэм фэдагъэх: жэкIэ-пэкIэ сырыфых, нэшхъо нэшхох, плIэIубгъо пытэх. Ашъхьац кIыхьэ сырыфхэри апшъэ къыдэох. ЛIищыр къызэплъ-зэплъыжьи, азыфагу дэсым къыригъэжьагъ:

– Зиусхьан, тэ русичмэ япщыгъо Тумтэкъашъэ тыкъекIы, шъуилъэпкъэгъу Къаншъаоу къыдгот дзэпащэм тыкъиIофытагъ,– русичым гущыIэухыгъэ къышIы къэс зэпигъэузэ, Къоданэ пщышхом фызэредзэкIыжьыфэ ежэ.– Ори, уилъэпкъи шIуфэс къышъуехыжьы, псаунигъэ шъуиIэнэу къышъуфэлъаIо. Джы тыкъызфиIофтэгъэ Iофыр ары. Типщышхо Мстиславрэ орырэ, лъытэныгъэ зыфэтшIырэ зиусхьан, Къаншъэо дзэпащэм шъуэзэIуигъакIэ шIоигъу. О игъо олъэгъумэ, фэтэбгъэхьыжьыщт къэбарым тегъэпсыхьагъэу, тидзэпащэ зекIощт.

– ЕупчI, Къодан, русич пщышхомрэ сэрырэ сыд зэтIонэу зыщыгугъхэрэр? Ар зы. ТызэIукIэ зышIоигъор Къаншъауа хьауми Мстислав пщышхор ара?

Русичыр IущхыпцIыкIи, джэуап кIэкI къытыжьыгъ:

– ПщышхуитIу зэIукIэмэ, зэраIощтыр ежьхэм ашIэн. ЗэIукIэнхэм къыкIэлъэIугъэр типщышхо Мстислав.

– Ащыгъум сыкъезэгъы,– Рэдэдыпщыр джэуапым ыгъэрэзагъ,– пIалъэм сыкъехъулIэщт, силъэпкъэгъу лIыкIохэр сигъусэщтых, ау Мстислав пщышхом Тумтэкъашъэ сыщыIукIэнэу сызэрэфэмыер сфешъуIожь. Шъо шъуичIыгурэ тэ тичIыгу гъунапкъэрэ ащышъушIыгъэ пытапIэм тыкъекIолIэщт.

– Тэ тпшъэ къыралъхьагъэр дгъэцэкIэгъахэ, зиусхьан,– русичмэ янахьыжъ къызэтэджыжьым, адыритIури къыгоуцуагъэх.– Фит тыошIымэ, гъогу тытехьажьыщт.

– Ащ фэдэ фитныгъэ къышъостырэп,– Iупэщх макIэр Рэдэдыпщым апигъохыжьыгъ, хьакIэхэри нэбэ-набэу зэIуигъэплъагъэх.– КъэкIоныр хьакIэм иIоф, кIожьыныр бысымым иIоф. Пчыхьэм риублэгъугъ, гъогууани къызэпышъучыгъ. Нычэпэ зыжъугъэпсэфынышъ, пчэдыжь гъогу шъутехьажьын.

Чэщ гупсэф Мэзыбэ щизыхыгъэ русич шыухэр нэфшъэгъо кIэтаджэхэу гъогу техьажьыгъэх. Мэщыкъо зипэщэ шыухэри Рэдэдыпщым адитIупщыгъ, зыхыхэми, мыутIэхэми япщы пащэхэр мэфэ заулэкIэ хьазырынхэу къэбар афаригъэхьыгъ. АщкIэ, ежь русичмэ зэраIоу, Рэдэд пщышхом тхьакIумкIыхьитIу зэдиукIыгъ: хьакIэмэ шъхьэкIафэ арихыгъ, зыдэкIощтхэ лъэныкъомкIэ дзэпщыхэм зэрафиIопщын фэягъэр Къоданэрэ Мэщыкъорэ апшъэ рилъхьагъ.

Гъогум зыщытехьащт мэфэ пIалъэр къызэсым, Рэдэдыпщыр шэсыгъэ, игъусэщт шыу щэкIми онэгу зашIыгъ.

Къосэгъу чылэхэр зэранэкIыфи, зыхыхэм захахьэхэми, Рэдэдыпщым ылъэгъурэмэ гукIэ къагъэшхэкIыщтыгъ: чылагъо пэпчъ дзэ уцупIэхэр ащагъэпсыщтыгъэх. Зым щыхагъэкIыгъэр багъэ, адрэм нахь щымэкIагъ, езыгъэжьэгъэ къодыехэри ахэтыгъэх.

Зыхыхэм япщ Абэч дэжь чэщ щырахи, Рэдэдыпщым ишыу куп нэф къэмышъызэ, гъогу техьажьыгъ, пчэдыжь шхэгъур текIыгъакIэу, русич чIыгум пэIулъ мыутIэ чылэм нэсыгъэх. ЧыжьэкIэ къалъэгъухи, Къаитыпщыр апэ итэу, дзэкIо шыухэр къапэгъокIыгъэх. Къаитыпщыр щхыпцIызэ, Рэдэд пщышхом къесэмэркъэугъ:

– КIэпщитIу зыдэпIыгъ, уиш арэу фэмыфымэ сшIэрэп.

– Сиш укъыкIэмынакI, Къаит,– Рэдэди есэмэркъэужьыгъ.– ПIорэр зэкIэ мыщ гурэIо, бгъэкIэ уиш къеонышъ, онэгум уриутыщт. Зы кIэпщыр русич пщышхом фэсэхьы. Зыгорэ фэтымыщэимэ хъуна?!

– Ащ сиакъыл тефагъэп,– Къаитыпщым зиухыижьыгъ.

ЧъыIэбжь макIэр зыгъэупэбжьэрэ тыгъэм Рэдэд фыдэплъыий, къыIуагъ:

– Дгъэнэфэгъэ пIалъэр къэсы. Уяжэнри къызэбгъэжэнхэри тихабзэпышъ, тежьэн. Мы чIыпIэм тигъусэ шыухэр къэрэнэх. Темрыкъу, Абэч, Къаит, Дэмыр, Къодан аIоу русич пщышхом тыфэкIон. Темрыкъорэ Къоданэрэ абзэ ашIэшъ, тищыкIэгъэщтых.

– Сэри русичыбзэм тIэкIу хэсэшIыкIы,– зышIомыдэеу Къаитыпщми къахиIуагъ.

– ТIэкIу нэмыIэмэ, сэри ар сэшIэ, дэгъоу зышIэрэр нахьышIу,– Рэдэд Iупэщх шъабэр Къаит пигъохыжьыгъ.

Русич шыухэр сатырэу зэготхэу, адыгэ шыухэр хэгъэгу гъунапкъэм Iуагъэхьагъэх. БгъуитIур зэрэзэпэуцухэу, русичхэми, адыгэхэми яшыхэм зарапхъыхыгъ. Русичмэ Къаншъао къахэкIи, Рэдэдыпщым къекIолIагъ, зэкIэми аIапэ къыубыти, мычыжьэу апэIудзыгъэ унэмкIэ Iэ ышIыгъ:

– Шъукъеблагъ. Типщышхо Мстислав къышъожэ.

Къарагъэлъэгъугъэ унэмкIэ адыгэ лIыкIохэр ежьагъэх.

– Сшыпхъу сыдэу щыт, узынчъэба? – джыры ныIэп Къаншъао къызыкIэупчIагъэр.

– Хъущт,– Рэдэд кIэкIэу фидзыжьыгъ.

Унэ пчъэIупэм зыщыIухьащтхэм, лIы джэдэшхо къапэгъокIыгъ. ИинагъэкIэ Рэдэд къыщигъакIэрэ щыIэп, ау нахь Iужъу, бгъэшхо-пкъышху, жэкIэ-пэкIэ зэкIэшIыхьагъ, нэшхъо зэкIужь.

– Русич пщышхоу Мстислав,– къапэгъокIыгъэмкIэ Къаншъао Iэ ышIыгъ, етIанэ адыгэ лIыкIохэмкIэ зыкъигъэзагъ: – Къосэгъу пщышхоу Рэдэд.

Рэдэд зэмысэгъэ Iэнэ плIэмые кIыхьэм, щызэпэчIынатIэхэу пщышхуитIур IутIысхьагъ, ягъусэхэр бгъу зэфэшъхьафкIэ акIыбыкIэ къыдэуцуагъэх. Пащэхэр зэIукIэхэмэ зэраIоу хабзэр заухым, Мстислав гущыIапэр ыубытыгъ:

– ТызэIукIэныр зыпкъ къикIыгъэр сэры, зиусхьан,– нэшхъо инхэмкIэ Мстиславыпщыр Рэдэдыпщым къыIуплъагъ.– Гъунэгъу дэгъу тызэфэхъу сшIоигъу. НэбгыритIу зэIумыкIэу агу илъыр зэрэшIэрэп. ТызэгурыIоным сыщэгугъы. Сыд тилъэпкъымэ аIорэр? Мамырыр тхъагъо, уаимыр лIагъо. Зэо-банэ тыхэмыхьэу къышъуфэтшIагъэм епэсыгъэ уасэ фэшъушIын сшIошIыгъ. Илъэс пчъагъэм чэтэ ихыгъэкIэ къышъушъхьарытыгъэ хъэзархэр шъушъхьарытфыгъэх, мамыр щыIакIэ къышъоттыгъ. Шъо шъукъытэтэнэу шъуфаеп, къышъуфэдгъакIохэрэр IэнэкIхэу къэшъогъэкIожьых, къяззэожьхэри макIэп. Ар хабзэ хъущтэп. Тэ, русичхэр, бэ тэхъух, тылъэш, тыкIочIэшху. Тэ зэрэтIоу шъухъумэ, шъукъэтыухъумэни тлъэкIыщт. Хъэзархэр, ясэ-аланхэр зэрэтетфыгъэхэм зешъумыгъэгъэдел, неущ нэмыкIхэр къыкъокIыщтых. Хы ШIуцIэ Iушъом адкIи-мыдкIи къенэцIэу щыIэ лъэпкъхэр бэ мэхъух. Ащ егупшыс, пщыгъо акъыл ехьылI.

– Мстиславыпщым сфепIощтыр ары,– зыпкъ итэу Рэдэд идзэпэщэ Къоданэ Iуплъи, русич пщышхом зыфигъэзэжьыгъ.– Хъэзархэм алъапсэ зэрэкIэшъуутыгъэмкIэ тышъуфэраз, тщыгъупшэнэп, ау тын къышъуфэтшIын фаеу зэрэпIорэм сыкъезэгъырэп. Хъэзархэр къызыткIытеощтыгъэхэр тимылъку ттырахыным пай. Шъо шъузыфаери а дэдэр ары. Хъэзармэ шъузэратекIрэр зауи-бани хэмылъэу, тятэмэ апсэ зыфагъэтIылъыщтыгъэр къышъоттыным, типкIэнтIэпсыкIэ шъущыIэным шъуфай. ЦIыф лъэпкъ пэпчъ зэфэдэу, ыкIуачIэкIэ, иакъылкIэ, ихэбзэ-унашъокIэ щыIэнэу тхьэмэ къагъэхъугъэх. Шъори шъузэрэфаеу шъупсэу, тэри зэрэтфэлъэкIэу тыщыжъугъаI.

Фызэрадзэк Iыгъэм русичыпщыр хигъэгупшысыхьи, ынэ шхъонтIэ инхэр ыуцIыргъузэ, къэупчIагъ:

– Титхьэхэр пIуагъэ. Сэ Византие, Царь-Градым зытIозыщэ къыщысаIуагъ, чыристан диным уилъэпкъ ибгъэхьаным сыдэущтэу ухаплъэра? ДжырэкIэ сыкъырагъэзыгорэп, ау ари тапэ илъ Iофышху.

– Сыд фэдэрэ Iофи егъэзыгъэ хаплъхьэ хъущтэп,– Рэдэдыпщым динымкIи дыригъэштагъэп.– Сэ силъэпкъ езгъэзэу шъхьащэ зыфишIырэ тхьэхэр щезгъэгъэзыенхэм сыхэхьащтэп.

Къаншъао къэгумэкIыгъ, чIыпIэ имызэгъэжьэу, Темрыкъуи феплъэкIызэ, Рэдэдыпщым къелъэIугъ:

– Сипхъорэлъф, зыхэмыгъэукъу, Мстислав пщым къыIуагъэр шъыпкъэ, русичхэр бэдэдэ мэхъух, дзэшхо аIыгъ, шъуафырикъунэп... Шъуитхьэбэ дини...

– Сэ сIощтыр сIогъахэ! – янэшым къыригъэжьагъэр Рэдэдыпщым къызэпиутыгъ.

Къаншъао риIожьырэм русичыпщыр едэIуи, ынэ шхъуантIэхэр къиучъыIыкIыхэу къэтэджыгъ, Iэ кIэнхэмкIэ пхъэ Iанэм теуIуи, кIэкIэу къыIуагъ:

– Хьаулыеу тыжэ дгъэпшъыжьынэп. Гущыӏэм къымыхьрэр ӏашэм къыхьын.

– Тэри чэтэ гъэбзакӏэ тэшӏэ,– къэтэджыжьызэ, Рэдэдыпщым пигъодзыжьыгъ.

## VII

Зыр мыунэхъоу адрэр унэрэп.

Бзабзэ ыдыжьрэ джанэм ышъхьэ къытырихи, шъхьангъупчъэм зеплъым, чъыг къутамэм тес бзыу цӏыкӏуитӏумэ апэхэр зэпэӏулъхэу ылъэгъугъэти, къэлъэтагъ. Ау къашъхьарыбыбэгъэ бзыу такъырым хъу цӏыкӏур ӏуифи, адрэм дэджэгоу ригъэжьагъ.

«Сэ сшӏыщт лъэбэкъур мо бзыу цӏыкӏум ышӏагъэм фэд...– Бзабзэ ышъо къызэокӏыгъ.– Анысэт псаугъэмэ, джы нэс сабый лъэрыкӏо иджэхашъо тетыщтыгъ, сыщыӏэми, сыщымыӏэми Чэчанэ ышӏэщтыгъэп. Ар сэӏо шъхьакӏэ, Анысэт тхьамыкӏэм къехъулӏагъэм сыда силажьэу хэлъыр? Нахьлъэшыжъым екӏодылӏагъ. Ащыгъум Чэчанэ сыгу фэщэгъагъэп сӏорэп, ау слъэкӏэу Анысэт ыӏэбжъэнакӏэ згъэузыщтыгъэп. А тхьамыкӏагъом цыпэ цӏыкӏу горэкӏэ сыхэщэегъагъэмэ, ӏоф шъхьафыгъ. Ари тхьэмэ аущтэу аухыгъэу къычӏэкӏын. Цӏыфмэ аӏорэр шъыпкъэ – зыр мыунэхъоу адрэр унэрэп. Сиунэ сисэу, синасып зыхэлъыр щыӏэныгъэм къызэригъэфагъ. Мо бзыу цӏыкӏум зэришӏыгъэу зыпари ӏузгъэзыкӏыгъэп, зыми ишӏулъэгъу къытесхыгъэп, ау зымафэ сипшъэшъэгъу къысфидзыгъэм тӏэкӏу сигъэмэхъэшагъ: «Чэчанэ цӏыф мыгъу, егупшыс. Айнар ебэни – хъугъэп, хьакӏуцумэ ахэхьажьи – къэзэгъагъэп. Анысэт хигъэукъуи, къинмыгъуае ригъэлъэгъугъ, ыщэжьынэу пӏалъэ рити, яни, ыпхъуи зэдагъэкӏуагъ». Мыхъунэу щыӏэр фыхахыгъэмэ, Чэчанэ сыд илажь? Игупцӏэнагъэ текӏуадэ. Сипшъэшъэгъум ыгу тӏэкӏу къысэгъугъ: къысимыутэкӏыгъэ закъор гъэрекӏо бжыхьэ зэфэтшӏыгъэ пӏалъэм илъэсым къехъу зэрэтешӏэжьыгъэр ары. Рэдэдыпщым шъао къызэрэфэхъугъэр Мэщыкъо цыпхы шӏыхьафым къыщытиӏогъагъ. Джы пщы шъэо цӏыкӏур Рампэс гощэшхоми, Айнарэ гуащэми ыӏапэ аӏыгъэу зэращэ. Тэ тиунэкъощ лӏыжъыр къытхэлӏыхьи, илъэсрэ тежэн фаеу хъугъэ...»

– А сипшъашъ, сиджанэ удыжьыгъахэмэ, къэштэжь,– Емзэщ ышъхьэ пчъэм къыдигъэщыгъ.– Щыдыбжь машӏор зэысшӏэ хъумэ, мэшӏуачэхэр къытелъатэхэзэ, джанэр гъонэ-санэ ашӏы, пэлухъоми ишӏуагъэ къакӏорэп.

Бзабзэ зыщылъэти, ятэ джанэр пигъохыгъ:

– Угу рихьыщтмэ сшӏэрэп нахь, тат, сыдыжьыгъахэ.

– Тыдэ щыӏ адэ дыжьыпӏэхэр? – Емзэщ джанэр зэпиплъыхьагъ.– Къыхэщрэп, сипшъашъ, уянэ нахьи нахь ӏэпэӏасэ ухъугъ.

– Джакӏи, дыжьыкӏи сэзгъэшӏагъэр нан ары, тат, ащ нахь ӏазэ сэ сыхъуна? – укӏытэр къытекӏоу Бзабзэ ынэбзыц кӏыхьэхэр къыридзыхыгъэх.

– Уянэ нахь ӏазэ умыхъущтмэ, уигъэшӏагъэр хьаулый, сипшъашъ,– Емзэщ ыпхъу рыгушхоу ӏугушӏуагъ.– Сэ сигъусэ кӏалэм сыкъыдимыгъэплъыжьэу ригъэжьагъ. Ащ зы къамэ Рэдэдыпщым фигъэчъыгъэшъ, къепхьакӏызэ, ябгъэлъэгъуным фэд.

– А тат, щытхъукӏаерэ убыкӏаерэ зэфэдэ,– Бзабзэ ынэгушъхьэмэ къахихыгъ.– Уигъусэ отаоми ущымытхъу, сэри укъысщымытхъу, тшъхьэ бгъэунэзэщт. Пчэдыжь Курацэ тадэжь къэкӏогъагъ, къыпӏукӏагъэба?

– Хьау,– Емзэщ ежьэгъахэу къызэуцокӏыжьыгъ.– Сыда зыгъэгумэкӏрэр?

– Иунашъхьэ къыкӏэщхы.

– Ащ сыд едгъэӏон. Зигъо къамылыр лӏыжъ жакӏэу мэушъуашъо. Зы мафэкӏэ къэтхын, зы мафэкӏэ унашъхьэр фэтыбгъэжьын.

– Рэдэдыпщым илъэӏукӏэ онэ къуапэхэр, лъэрыгъхэр, чатэхэр шъушӏынэу Курацэ есӏуагъэти, уигъэохъункӏэ фэягъэпщтын.

– Ары, шхорэ кӏэпщрэ афэшъхьафрэр зэкӏэ тэшӏы. Шымыгъакӏор – шхоӏу, шы гъэкӏорыр – кӏэпщ, шы пхъэнтӏэкӏур – уанэ, шы дэкӏуаер – лъэрыгъ,– ӏурыӏупчъэ зэтепхъэкӏэ къызэлъипчъызэ, Емзэщ унэм икӏыжьыгъ.

Емзэщ кӏыщым зыкӏожьыгъэм бэ темышӏэу, Чэчанэ гъукӏэм икъэлапчъэ ӏухьи, пшъэшъэ унэм икӏошъагъ:

– Емзэщ силъэгъуныгъ. Зы нал горэ къэлэнлагъ, сиш хегъэлъэщыкӏы.

– Нэмыкӏ горэм ар епӏощтми, сэ къысэмыӏу, Чэчан,– Бзабзи къетхьагъэпцӏэкӏыжьыгъ.– Тэ тиунэ кӏыщ итэп.

– КӀыщ итэп, ау пшъашъэ ис. Ар етӀани сыд фэдэу хъоршэр... ТӀэкӀу шӀэ къэс пӀалъэр лъегъэкӀуатэ, сыгу зэгоутыным ӀуигъэкӀагъ. Уянэ къыоупчӀымэ, къыосӀуагъэр ушъхьагъу фэшӀ.

– Сянэ есӀон сэ къэзгъотыщт. Тхьаумаф сӀуагъэшъ, тегъаж.

– Бэрскэшхо мафэр нахьышӀуба?

– Сыда?

– Неп-неущ тӀозэ, джыри зыгорэ къытхэлӀыхьанышъ, баджэм къехъулӀагъэр къытщышӀыщт.

– Ар зэхэсхыгъэп.

– Бэрскэшхо мафэ горэм баджэм ныбгъу къыубытыгъ. «СызэрэпшхыщтыргъэнэфагъэауСызщыпшхыщтмафэр къысаӀу» – ныбгъур къелъэӀугъ. «Бэрскэшхор арба,– баджэм къызеӀом, жэдэзи, ныбгъур бъбыжьыгъэ. «МэфитӀу горэкӀэ нахь пасэу сыда зыкӀесымыӀуагъэр?!» – баджэм ыцэхэр зэригъэшхыгъэх.

– Хьау, Чэчан,– Бзабзэ щхыгъэ.– Ори бэджэ тхьагъэпцӀ зыкъэмышӀ, сэри ныбгъу сыхъоу сыбыбыжьынэп. Гу зытесшӀыхьэгъэ мафэр къэгъэс. Тиунэжъ сыбгынэныр зэрэмыпсынкӀагъор о пшӀэрэп. ПӀалъэр къэблагъэшъ, сыгу зыреутэкӀыжьы...

– Сиунэ укъызифэкӀэ, угукӀи, пшъхьэкӀи угупсэфыжьыщт, синэшӀуцӀ,– Чэчанэ зигъэсэмэркъэузэ, пшъашъэм пэгъокӀыгъ. Бзабзэ ыӀэгушъуитӀу къыпигъэуцугъ:

– УичӀыпӀэ ит. Мыхъугъахэм игугъу къэмышӀ. Ащ нахьышӀу неущ пчэдыжь уигъупчъэ пкӀыпкъ къыдэгъани, кӀэлэ зыщыплӀ горэ уигъусэу, татэ къамылыхэ дакӀу. Курацэ иунашъхьэ къыкӀэщхы.

– Ар мэфэныкъо Ӏоф ныӀэп, Бзабз, тшӀэгъахэкӀэ лъытэ,– Чэчанэ игухэлъ къызэрэдэмыхъугъэр гухэкӀ щымыхъоу чэфкӀаеу пшъэшъэ унэм къикӀыжьыгъ,шым зыридзыжьи, ядэжькӀэ ыгъэзэжьыгъ. Ятэжъ сымаджэ зэрэхъугъэр мысагъэкӀэ зыфилъэгъужьзэ, Чэчанэ зэцӀэцӀэжьыгъ: «Тэтэжъ ыӀу-ымыӀоми, фетэур къыстекӀо. Лӏыжъ ӀапӀэ хъугъэ. Згъэгубжи, сэры мэзым пхъэшӀ зыфыгъэр. ПкӀантӀэр зыпкъырегъэхьажьы ыӀозэ, чъыӀэр къызхигъэхьагъ. Зэрыджэпсым ишӀуагъэ къекӀыгъ нахь, пскэщтыгъ. Рэдэд ар зишӀэкӀэ, къысфидэщтэп».

Чэчанэ якъэлапчъэ нэмысыжьзэ, зэнэгуягъэм зэрэӀукӀагъэр ылъэгъугъ: шышӀоӀум РэдэдыпщымрэАгъбанэрэ яшхэр кӀэрытыгъэх. ТӀэкӀу зыкӀэщтэжьыгъэу пхъорэлъфыр ятэжъ ихьакӀэщ ихьагъ. Пщышхом, фэмычэф хъатэу зыхиӀэтыкӀи, Чэчанэ ыӀапэ къыубытыгъ, зыкӀэрысыгъэ Колэс зыфигъэзэжьыгъ:

– Мыщ ифэшъуашэр ошӀа, тхьамэтэ маф? Мо бгыкъужъыем пылъэгъэ кӀэпщымкӀэ къэбгъэшъонырары. Лӏыжъышхор мэзым пхъэшӀ бгъакӀоу, Чэчан, укӀытэрэба? – Рэдэд зигъэсэмэркъэузэ, къыхэгубжыкӀыгъ.– О уихьэ сыкъешхы нахь, Колэс, зэрэсишъэогъум семыплъэу, сыгу тезгъэпщахэщтыгъэ.

– Къысфэгъэгъу, тат, сымыс, зиусхьан,– Чэчанэ сэмэркъэунчъэу зеухыижьы.– Неп-неущ сӀозэ, тэтэжъ зэщысфыгъэ.– Къэщэн гугъоу зыхэтым ышъхьэ къыхихынэу зэрэшӀомыигъуагъэр ятэжъ ыпашъхьэ къыщыфэӀуагъэп. Мафэ горэм Бзабзэ теплъэхъукӀмэ, чӀинэнэу мафи, пчыхьи ынэгу кӀэкӀыщтыгъэп. Ибэ нахьыбэу гупсэфыгъо къезымытыщтыгъэр Хьакъарэ ыкъо нахьыкӀ. Пшъашъэм ылъэдакъэ къиуцоу, ылъапэ пичэу ыуж къихьэгъагъэти, АйнарэкӀэ ежь ышӀэгъэгъэ делагъэм фэдэ горэ агу къэкӀэу хъорэлыкъ хадзэмэ ыӀоти, Емзэщ гъукӀэм иунэ ынэ тырихыщтыгъэп.

– МыдаӀорэр хьарылъф язгъэӀуагъэр, зиусхьан, уашъом къефэхыгъ пшӀошӀа, сипхъорэлъф фэдэ гор,– Колэс щхыпцӀызэ, игущыӀэ къызэблихъугъ: – КъызэрэпӀуагъэмкӀэ, хьакӀуцухэр дзэ гъэхьазырыным фэчэфхэп. Лыгъотх чылэ закъомкӀэ Цухъор хэкӀыжьын ыгу хэлъ, ара?

– Хьау, Колэс, Дэмыр ылъэкӀ къыгъанэрэп,– хьакӀуцу пащэр Рэдэд ыухыигъ,– ичылэгъухэр ыгъэдэӀуагъэх, адрэхэр тэ къытщэгугъых. МыутӀэхэм, зыхыхэм, къосэгъухэм къатекӀохэу ХьакӀуцум къынэсхэрэр зэкӀэми иныжъ тыхъугъэкӀи, тфэӀэжэнхэп аӀо. Сэ сяупчӀыгъ: «КъохьапӀэмкӀэ пый къимыкӀэу къыблэмкӀэ къышъутеохэмэ?» АщкӀэ къикӀыщтхэри абхъазхэм, убыххэм къагъэкӀощтыхэп аӀошъ, мэщхых. «Хы ШӀуцӀэм къытекӀыхэу къышъутеохэмэ?» «Псым хэсхэр къыхэмыкӀыщтхэмэ, гъуни нэзи зимыӀэ хышхор хэт къызэпичын?» – ащкӀи згъэщынэнхэ слъэкӀыгъэп.

– ХьакӀуцумэ о пӀорэр аӀощтэп, цӀыф гъэшӀэгъоных,– хэпскэуӀукӀызэ, Колэс ышъхьэ ыгъэсысыгъ,– ау талъэныкъуи, зыхыхэми, мыутӀэхэми Ӏофышхо ябгъэшӀагъ, зиусхьан. КӀалэхэр зыщагъасэхэрэр чылэмэ ябгъэгъэпсыгъ, амылэжьыщтыгъэ чӀыгухэри ябгъэлэжьыгъ, къялыекӀырэ лэжьыгъэкӀи, Ӏэшэ-шъуашэкӀи къызэрэбдеӀэхэрэм сегъэгушӀо. А зэпстэумэ акӀыӀоу слъытэрэр уаим щымыӀэу мы илъэс зытӀущыр зэритхыгъэр ары. Русичыпщым узыӀокӀэ нэуж сыгу цапэкӀэ сӀыгъыгъ.

– Сэри Мстислав пщым сызэрэхэплъагъэмкӀэ, зигущыӀэ изытэкъухьэрэмэ ащыщэп,– гупшысэ хьылъэр Рэдэд ынэгу къыкӀэхьагъ.– КӀуачӀэ зэреугъоилӀэкӀэ сенэгуе.

– Ори, зиусхьан, уилъэпкъэгъумэ кӀочӀэ дэгъу ябгъэгъотыгъ,– Колэс нэплъэгъу фабэкӀэ пщым Ӏуплъагъ.– Хэгъэгу-пщыгъо Ӏофыбэ зэпыбгъэфагъ,бэмэ уиакъыл атефэ, ау Ӏофыгъуитӏу къыбдэмыхъуным сытещтыхьэ.

– Сыд фэдэ Ӏофха, тхьамэтэ маф? – Рэдэдыпщым ышъхьэ къыпхъотагъ.

– КъагъэшӀагъэм адыгэмэ пытапӀэ ашӀыгъэп. Мыжъо пытапӀэм къыкъонэнхэр къэрэбгъагъэкӀэ алъытэ. Ар зы Ӏофыгъу. Дзэ теубытагъэ тиӀэнри къыбдагъэхъущтэп. Пыир къафакӀоу зашӀэкӀэ, къызэхэлъадэхэмэ язэожьхэу есагъэх. Мары, ябгъэшӀыгъэ шэщыхэмэ кӀэлабэмэ яшыхэр чэщырэ чӀатыгъукӀыжьхэшъ, гъунэгъу чылэмэ кӀэпщакӀо, псэлъыхъо, джэгуакӀо арэкӀох.

– УхъумакӀохэр апэтхэуи?

– Ахэри адыгэхэба? Зэщыщых, зэрэшӀэх. Ащ бгъэшӀэгъон хэлъэп.

– Сыд сшӀэмэ хъун, Колэс?

– Къаигъэ умышӀых. Лъэпкъ шэныр зэблэхъугъуай. Ежьхэр якъылкӀэ о узыфаем кӀэмыхьэхэу непэ-неущэу апкъырыхьащтэп, агукӀэ къыотӀэщтых. ЦӀыф лъэшхэр, чанхэр къэгъотых, къызгогъэуцох. Лъэпкъым ыпэ узитыкӀэ, зэкӀэ пфэгъэдэӀощтэп, бгъэщынэн фаехэри къахэкӀы. Думитрий къыӀогъагъэхэр угу къэкӀыжьхэрэба?

– КъэмыкӀыжь мэхъуа, гупшысэ Ӏушыбэ къыкӀэрысхыгъ.

– Урымыр Ӏушы сӀокӀэ, титхьэхэр щызгъэзыехэрэп. Ори, Агъбани, мы къытшъхьащыт кӀалэри, тилъэпкъ щыщхэ нэмыкӀхэми титхьэхэр тыгу илъых, ау тшъхьэмэ арылъ гупшысэхэр зэнэсхэрэп, шӀэныгъэ къытхэзылъхьан тиӀэп. ТимыщыкӀагъэм тыщызыухъумэн, къытэушъыин, гъогу занкӀэм тыфэзыузэнкӀын слъэгъурэп. Уфэзгъэблырэп, ау Турабэ дин пащэ хъущтэп. ИмыӀофмэ ахахьэрэр, хъопсэн-нэцӀэныр зишэныр къыбготыным къыпэу узезыхьэрэ уиш пырхъалэ уигъусэмэ, оркӀэ нахь фед.

– Ар шъыпкъэу къэпӀуагъ,– Рэдэдыпщыр сакъэу къэплъагъ,– ау Турабэ имыщыкӀагъэхэр ешӀэу зыфэпӀуагъэр къызгурыӀуагъэп, Колэс.

– Турабэ тхьэмэ ялӀыкӀомэ, Ӏэзэн Ӏофхэу цӀыфхэр зэригъапцӀэхэрэр сыд зилӀэужыгъор? Зыгорэм ишӀуагъэ екӀыгъэу слъэгъугъэп.

– НэтӀай гупцӀэнэжъым фэдэхэр егъэделэх,– пщыр сэмэркъэу кӀэлъэу щхыгъэ.– Ахэр сэ хезгъэнэщтых, ау цӀыфмэ агухэр зэфищэнхэу, тэ шӀошъхъуныгъэ къытфаригъэшӀынэу зыфапӀорэр Турабэ фызэшӀокӀыщтэп, Колэс. ШӀэныгъэ голъэу къенэкъокъужьын гори къыкъокӀырэп.

– НэмыкӀ чылагъомэ ащыгъэлъыхъох. Тхьэхэр зышӀошъ хъурэ цӀыфхэр зэкъозыщэн, хабзэм фэзгъэӀорышӀэн лӀы Ӏушхэр лъэпкъым къыхэкӀыщтых. Мстислав пщым русичмэ ядинлэжь игъусагъэба?

– Яини, яцӀыкӀуи зыфырадзыхэу, къащ къыфахьэу, Мстислав готыгъ,– Рэдэд къыушыхьатыгъ.

– Джары Думитрэ зыфиӀуагъэр. Ащ фашӀырэ лъытэныгъэ-шъхьащэр зэолӀэжьырэр пщыр ары. Ори ащ фэдэ цӀыф уищыкӀагъ. Турабэ зэрэжашӀом уемыплъ, къыӀорэр кунэкӀ.

Гугъу уезгъэхьыни, узгъэгушхони гъунэгъу лӀыжъым къыкӀэрызыхыгъэ Рэдэдыпщыр къежьэжьыгъэу ыуж ит Агъбанэ нэшӀукӀэ фызэплъэкӀыгъ: «Сыдэу щэӀэгъэшхо уиӀ, Агъбан,– иухъумакӀо гукӀэ щытхъугъ, Тураби зыкӀилъэгъу мыхъущтыгъэри ыгу къэкӀыжьыгъ.– Мыщ фэдизым ужэ гущыӀэ къыдэкӀыгъэп. Чэчани къенэкъокъущтыгъэ фэдагъ. Къысфэусэгъэ тхьэхэм Агъбанэ къысатыгъ...»

– НекӀо, Чэчан,– Рэдэд шъэогъум риӀуагъ.– Курацэ дэжь тыӀухьанышъ, неущ иунашъхьэ зэрэфабгъэщтыр етӀон.

– Неущ къамылыхьэ тыкӀонэу ары.

– Шэщхэр забгъэм, къамыл хъущэ къелыжьыгъ. Пчэдыжь Курацэ фязгъэщэщт,– пщыр къэнэкӀауи, къыпи-

дзэжьыгъ: – УишIупщ хъущт Емзэщ шъуигъусэщтмэ, щэджагъо нэс шъуухын.

– Зэ къэтэгъэщахэба...– Чэчани Iугушlуклыгъ.

– Тхьаумафэр арба?

– Ары, зыгорэ къытхэмыожьмэ.

– Мыхъунэу щыlэр унатIа? – зыпкъ итэу Рэдэд онэгу зишlыжьыгъ.

Унашъхьэр фэзыбгъэщтхэм афэпщэрыхьан хъумэ къыздыригъэlэнэу Курацэ гъунэгъу нысаклэм дэжь кIуагъэ. Дэхапсэ щагум диубытагъэти, елъэIугъ:

– А нынэ, неущмыклэ пчэдыжь садэжь къаклo. Уитхьацуфи бэлагъи къыздахь. Унэшъхьэ телъхьэ шlыхьаф сиlэщт.

– Ар Турабэ о къеlоба, нан,– Дэхапсэ зызэришlыщтыр ымышlэу, ынапlэхэр ридзыхыгъэх.

Гущыlэ макъэхэр зызэхехым, Турабэ ытхьаклумэ пчъэ зэпагъом Iуилъхьагъ.

– Гъунэгъу ныом удеlэщтмэ, сыда Турабэ иlофэу хэлъыр? – упчlэр Нэтlае ыпэ итэу унэ къогъум къыкъоклыгъ.

Турабэ пчъэр Iуипхъоти, бгъэжъ оным фэдэу ашъхьарыуагъ:

– Сишъуз къысфэбгъэблэу сыда узхагъаплъэрэр! – Турабэ машlор къыlокlы.– Слъэгъу пэтзэ, сищагу дэкl!

– Хэт ихьа къыоцэкъагъэр, Тураб! – ныор гъунэгъум къыпэлъэшыжьыгъ.

– Ори сыкъэмыгъэсэжь! – Нэтlае жэхэбэнэн зигухэлъыгъэ Турабэ ныомклэ зыкъигъэзагъ.– Уиунашъхьэ абгъэщтмэ, зэрэчылэу къыфэушъошъожьынэу ара? О зыгорэ афэупlэпlи, ягъэшх.

– Уупlапlэу къэсэлъэгъужь,– Курацэ зэклэклуагъэп.– Ара тхьэмэ ялlыклo ылонэу ышlэрэр? Уянэ тхьамыклэм нахьи илъэс пчъагъэклэ сынахьыжъ. Е-е, делэ тхьамыкl, гъунэгъумэ зэрашl хабзэу, лlымэ апэ уитэу укъэклонышъ, сыбгъэгушхон сшlошlыгъ.

– Сэрэп делэр, Курац, тапашъхьэ итыр ары,– Турабэ клэзэзызэ, ымакъэ ыгъэшъхъыгъ.– Мыхъун къыосlуагъэмэ, къысфэгъэгъу. Нэтlае сызэщифыгъ. Ежь фэмыгъэшъузыгъэр пыи къысфишlынэу ежьагъ. Дэкl сlуагъэба, сыда узпэтыр?

– Сыд сэlo къэхъугъэр? – Нэтlаий ынэхэр плъызхэу Турабэ Iуплъагъ.– Дэхапсэ гъунэгъу ныом деlэмэ, ыбг зэпыкlына?



– Ащ ыбг зэпыкlынэп, ау о узэпыскlын! – Тураб ынэ къикlэу Нэтlае ыпшъэпlашъо етхъуагъ.

– Тураб, сыд сэlo къэхъугъэр?! – Чэчанэ ымакъэ Турабэ къыклигъэщтагъ.

– Сыд къэхъун, Чэчан, Нэтlае сигъэгубжыгъэти... Зиусхьан, ора ар? Шъукъеблагъэба, сыдэу дэгъоу шъукъэклуагъа,– ардэдэм Турабэ шъоубзэгу къэхъугъ.

– Курац, оры тэ тилъэгъуныр,– зи зэхимыхыгъэ фэдэу Рэдэд ныом зыфигъэзагъ.– Шlыхьафыр неущмыклэп, неущ. Къамылыр хьазыр. Умыгуlэжьыным пае макъэ къыотэгъэlу.

– А тхьауегъэпсэуи, Рэдэд, сыдэу сыбгъэгушlуагъ! – нэгу жъоплъ дыигъэр зэхихыжьызэ, Курацэ пщышхом пэгъоклыгъ.– О lофэу уиlэр уиlэу, пшъхьэклэ уигъэгумэклызэ, сиlоф ыуж узэритыр нибжьи сщыгъупшэнэп. Уятэ Лаурстэныпщым фэдэкъабзэу гуклэгъушlэ ухъужьыгъ. Тхьэмэ бэрэ тапэ урагъэт.

Пщышхом дэклотэнэу Турабэ щагум зыдидзыгъ шъхьаклэ, къыпымылъэу зежьэжьым, зиупэпцlи, унэм ихьажьыгъ.

– Неклo, Курац, узгъэклотэжьын,– Дэхапсэ пкъые къэхъугъэу гъунэгъум дежьагъ.– Армэ зыхэхьажьыгъэр, непэ щегъэжьагъэу сыд фэдэ lофклu сеупчlыжьынэп.

– А нынэ, сыда Турабэ къехъулlэгъапэр? Ышъэ иклынырхэгъэкlи, мыхъун ыlоу джы нэс зэхэсхыгъэп.

– Есlомэ, есlозэ, натlэклэ емыутэклэу гурыlуагъэп, Курац. Ежь сыкъищагъэмэ, силlыгъэри сыда склэ зыклишlэгъэн фаер? – Дэхапсэ къэтхьаусхагъ.– Турабэ зи ымышlэу Нэтlае клишlыхьэзэ есагъ. Етlани силlыгъэмклэ къысэгуцэфэным lофыр тетэп. Нэтlае тхьамыклэр зэрэамалынчъэр Турабэ ешlэ. Ащ нэмыкl гугъу езгъэхьырэр.

– Сыда, си Дэхапс? – къыlупшыхьащтым фэдэу ныом зыкъикъудыигъ.

– Гъэреклo бжыжьэ Колэс хьаклэхэр къыфэклогъагъэхэба?

– Ары, урымылlымрэ Ислъам-Хьаджэмрэ ихьэклагъэх.

– Джахэмэ заlуклагъэм щегъэжьагъэу силl иджэдыгу къызызэпыригъэзагъэр. Ары нахь, мыщ фэдэ хъуштэу сшlагъэмэ, сиунэ лъэбэкъу къисыдзыныеп.

— Къаушхъухьагъа адэ мыр?

— Къырашlагъэри сшlэрэп. Зиусхьаным игъусэу «сэ ахэр къэмыкlожьыхэ сшlыщтых» ыlозэ, кlогъагъэ. Пчыхьэм чэтыу lасэм фэдэу къыгъэзэжьыгъ. Гукъэо тlэкlоу ышlыгъэхэри къысфиlотэгъагъ. Тизиусхьан урымылlым гъэшlэгъон хилъагъоу бэрэ зэредэlугъэр, ежь къызэримыгъэгущыlэщтыгъэр шlошъхьэкlуагъ. А пчыхьэм щыкlэдзагъэу Турабэ ичэщи, имафи нэмыкl зэрэхъугъэм сэри сызэредзэ. Ащыгъур ары Нэтlаий, унэм сыкъызихьагъэм тхьэмафэ нахь темышlагъэу, тищагу къызыдэуцожьыгъагъэр. Ары шъхьакlэ, Нэтlае сыд ышlагъэми, ыlуагъэми, Турабэ ыгу тефэжьрэп. А зыр ары зыфырикъунэу ыгъотыгъэр. Сэри зытlо-зыщэ къысlупхъуагъ, сишхын шlыгъэмэ цlэ къафишlэу къызырегъажьэм, сыжэхэтхъожьызэ, щезгъэгъэтыгъ. Типщышхо дэсэу зишlэкlэ, ыдэжь мэчъэ зэпыт, ау ренэу ыгу lаеу къэкlожьы.

— Зэщыхъушъутагъэхэмэ шlэ? — Курацэ ишlошl къыхигъэуцуагъ.

— Хьау, мыхъун зэраlуагъэп, ау зиусхьаным ыгу къыфэучъыlыгъэу къыщэхъу.

— А си Дэхапс, Турабэ сэкъат шъхьакlэ, акъыл имылэу щытэп,— Курацэ зиплъыхьэзэ, къеlушъэшъагъ.— Зыгорэкlэ егуцафэ. Ары, ары пщым ыуж зелъадэм, къызэрэфызэмыплъэкlыжьыгъэми гу лъыстагъ.

— Адэ, Курац, тхьэмэ урялlыкlоу, моущтэу укуоу, укlыеу зэхихыгъэу Рэдэдыпщым къыфигъэгъуна? О къыуиlогъэ lаехэри зэхихыгъэн фай. Мафэ кlорэп сыlумыупчlыхьэу, ау зи мыхъугъэу еlо. Сэ сшlошъ хъурэп. Тхьэмэ ялlыкlомэ, бзылъфыгъэгур ыгъэпцlэн ылъэкlыщтэп. Чэщи мафи сызlуидзэжьынымФэдагъ, джы къысфэчэфыжьэп…

— Текlыщт ар. Ащ пае lогъу-шlэгъу умышlы,— Курацэ къеушъыигъ.— Жьыбгъэ щымылэу къурэ сысрэп. Гухэкl иlэмэ, ежъухыжьын. Зэхэпхыгъа, Дэхапс, Айнарэ джыри зэпкъаджэ.

— Тхьэхэр етагъэба…— хъопсэ мэкъэ шъабэр Дэхапсэ къыжэдэзыгъ.— Апэрэ шъаор джэхашъом къытыритlупщхьэгъэ къодый…

— Ори зыгорэ Турабэ къыфэлъф, Дэхапс,— Курацэ гъунэгъур ымыгъэукlытэжьынэу lапl рищэкlызэ, ытхьакlумэ иlушъэшъэжьыгъ: — Сабыим унагъор зэрепхы, нынэ.

Дэхапсэ хэщэтыкlыгъ нахь, зи къыпиlожьыгъэп.

Шыуищыр пщы унэм зынэсыжьхэм, Чэчанэ димыхьэ шlоигъоу зыригъани шъхьакlэ, Рэдэд къышlокlыгъэп:

— Некlо, некlо, пчыхьэшъхьашхи зэдэтшlын, Колэс тхьамыкlэр пхъэшl зэрэбгъэкlуагъэм джыри зэ тытегущыlэжьын.

— Ашъыу, Рэдэд, зиусхьан, фэмыфыгъэкlэ къэзгъэнагъэп,— Чэчанэ зиухыижьыгъ.— Сятэжъ езгъэшlагъэп, ори къыосlуагъэп. Гъэстыныпхъэр зыщытыухырэм тефэу Хьакъарэ ыкъо нахьыкlэ Зирарэ Бзабзэ нэрыгъ къышlыгъэшъ, ишъэогъу шъхьаубатэхэр игъусэхэу, пчыхьэ къэс къыфыкъокlы.

— Ахэр къызихьэхэкlэ, о сыд пшlэрэ?

— Сыд сшlэн, хабзэр сыукъона, сыкъекlыжьышъ, хьэнэ-гъунэм сит.

— Бзабзэ сыдэу псэлъыхъом зыфишlырэ?

— Ылъэгъу мыхъоу еlо.

Хьакlэщыпчъэр Рэдэд зыlуехым, Дзэпщ цlыкlум дэджэгоу Айнарэ мышъашъом тесыгъ. Лlым игъусэ къызэрилъэгъоу къызыщылъэти, шъэожъыер ыпхъотэжьыгъ.

— Айнар, сишъао ышъхьашъо сытегъэlабэба,— хьакlэщым икlыжьырэм Рэдэд лъыджагъ.— Тянэ ыlыгъ хъумэ, сэукlытэшъ, сынэсырэп, ори уечъэжьэжьыгъ.

— Къысфэгъэгъу хьакlэщым тисэу шъукъызэризгъэхьагъэр. Мы цlыкlум сыкъикъудыизэ, лlыгъэкlэ сыкъырищагъ нахь, уихьакlэщ джэгупlэ тшlыгъэу уишъэогъу къышlорэмышl.

— Зэгорэм сыделагъэми, Айнар, ар къызгурымыlоным сиlоф тетэп,— Чэчанэ плъыжьы хъугъэу ышъхьэ риуфэхыгъ.

— Аущтэу оlомэ, сигуапэ,— сабыир къыригъэуцохи, Айнарэ хьакlэщым икlыжьыгъ.

— Къаигъэ цlыкlу,— Рэдэд шъузым кlэлъиlожьыгъ.

— Сыгу ебгъэрэп. Къэсылэжьыгъэр къысиlуагъ,— Чэчанэ имысагъэ зыдишlэжьызэ, шъэогъум lуплъагъ.

## VIII

Зыныбжь икъугъэр къыщэным дэгуlэ, ащ lофыр зынэскlэ, ыгучlэ езыжьы.

Ар бэшIагъэ Рэдэд зыпэкIэкIыгъэр. ШIу ылъэгъурэр иунэ ис, шъэо цIыкIу къыфилъфыгъ. Джыри, тхьэмэ афэшъхьаф хэт ышIэра, мэзэ заулэкIэ къэхъущтыри шъэонкIи мэхъу. Шъхьэгъусэ къыфэхъугъэмкIэ кIэгъожьэу къыфыхэкIыгъэп. Гоу фишIыгъэм мафэ къэс хэмыхъомэ, хэкIырэп. Ау Рэдэд къыщэнэу зежьэм, зэхэмышIыкI чъыIэ нэкI горэм зэриштэгъагъэр Чэчанэ зыIоплъэм, ежь пэкIэкIыгъагъэр ыгу къэкIыжьзэ, гумэкI-гуIэм шъэогъур зэрэхэтыр, зыми зэрэфэмыежьыр къыгурыIоу щхыпцIыгъэ.

Шъузыщэхэр пшъэшъэ унэм ихьагъэх. ПIэкIор бармэкъым гот Бзабзэ ынапIэ къыIэти, нэ шIуцIэ инхэмкIэ къылъыкIуагъэхэм зырызэу къяплъыгъ. Зэмыжэгъэ пщым тIэкIу къыкIигъэщтэгъэ Бзабзэ шъхьэщэ макIэ фидзи, гутIапчъэмкIэ къыпыт унэм Рэдэд чIэкIыгъ. Къэмалъэм тхыпхъэхэр хэзгъэчъырэ Емзэщ ошIэ-дэмышIэу пщышхор зышъхьарэхьэм, дэщтэ-даом хэтэу къызщытэджыкIыгъ, шIуфэсым къыримыгъэгъэзэжьэу къэгузэжъуагъ:

– Ора, зиусхьан, къеблагъ... ХьэкIэшхо тиI ащыгъум. А ныу, орба ар? – ыцIэ къыримыIоу шъузым фычIэджыкIыгъ.

– СыхьакIэп сэ, Емзэщ,– лIым игуIакIэ гуапэ щыхъоу Рэдэд IущхыпцIыкIызэ, къыгоуцогъэ Къодани фырепплъэкIыгъ,– шъузыщэмэ сырягъус.

– Сыд шъузыщ? – Емзэщ ыIупшIэшхо къыIузыгъ.– ЗидэкIогъу пшъашъэ тиIа?

– Мазэр изы хъугъэу унашъхьэм къызытефэкIэ, Емзэщ, ны-тымэ амылъэгъузэ, псэлъыхъомэ къалъэгъу. ЕмыкIу къысфэмышI, некIо зыIорэ пстэуми шъузыщэ садежьэрэп. СыкъызфэкIуагъэр сишъэогъу, Колэс тхьамэтэ мафэм ихьатыр.

– Ащ сегуцэфэн фэягъ. Курацэ унашъхьэр фэтыбгъэжь зэхъум, сыгу къиихьэрэр къышIэу Колэс ипхъорэлъф сауж итыгъ.

– ЗэрэпIорэмкIэ, Емзэщ, угу рихьыгъ,– Къодани къахэгущыIагъ.

– Зыгу рихьын фаем рихьыгъэмэ, сэ сыдым сыхэтыжь, Къодан,– Емзэщ къыIуи, пщым зыфигъэзэжьыгъ: – Колэс зы лIыжъ тхьэмэтэ мафэу тичылэ дэс, ау о гъусэ укъызфэхъугъэм, зиусхьан, хэт щыщми, гуапэр сиеу сипшъашъэ естын...– щагум къыдэтэджэгъэ бырсыр макъэм Емзэщ игущыIэ зэпыригъэчи, шъхьанығъупчъэм ригъэплъыгъ.– Хьакъарэ ыкъо нахьыкIа сэIо куо-хьау къытэзышIылIагъэр? Ятэ фэдэ хъужьыгъэкIэ сенэгуе.

– Ятэ сшIэрэп, ау Нахьлъэш цIэплъым фэдэ хъугъэ пIомэ, нахь къыбдэсштэн,– Рэдэдыпщым къызэриIокIи, унэм икIынэу ежьагъ.

– Зэ, зиусхьан, кIэлэ шъхьэубатэмэ уахэмыхь, о пIорэр аIощтэп,– Емзэщ къэгузэжъуагъ.– Сэ ахэр джыдэдэм оташъхьэ исшIыхьащтых.

– Уипшъашъэ пае зэнэкъокъухэрэм уахэхьаныр къекIурэп.– Рэдэдыпщым бысымыр зэтыриIэжагъ.

– Ари тэрэз,– Емзэщ къызэкIэкIожьыгъ.

Рэдэдыпщыр унэм зекIым, кIалэмэ ажэхэр Iузыгъэхэу Iэсагъэх.

– Сыда джы мэл Iэсэжь шъузыкIэхъугъэр?! – Зирарэ къызыбгырыуи, игъусэмэ афидзыгъ: – Ядгъэщэщтэп тIуагъэба!

– Ужэ зэтелъхь! Зиусхьаныр плъэгъурэба? – кIалэмэ ащыщ горэ Зирарэ фэгубжыгъ.

– Шагъуа зиусхьанмэ,– Зирарэ зэкIакIощтыгъэп.– Тхьэхэр къеуцохыгъэхэми, Бзабзэ ядгъэщэщтэп! Арба тIуагъэр?

– Зирар,– гупсэф макъэкIэ Рэдэдыпщым къыIуагъ,– пшъашъэр псэлъыхъомэ захадэкIэ, къахихрэр зы нэбгыр.

– Хэт ыIорэми седэIущтэп! – Зирарэ зыIыгъмэ заIэкIиутынэу фежьагъ.– Мэзыбэ пшъашъэхэр Чэчанэ фыхахыгъэхэп!

– Ары шъхьакIэ,– джы Рэдэд щхыпцIыгъэ,– Бзабзэ къызышъухадэм, къахихыгъэр Чэчан, орэп.

– О уримыгъусагъэмэ, къахихрэм теплъыни,– Зирарэ пщымкIэ къыкIырыугъ.– ПшIошъ мыхъурэмэ, зиусхьан, моу сыуигъусэу унэм тигъахьи, Бзабзэ тегъэупчI.

Ардэдэм шы лъэмэкъэ гъэжьыр къэлэпчъэ кIыбым щыкIосагъ. Хьакъарэ ыкъо нахьыжъ ГуIатыжь къыIулъади, ышнахьыкIэ къыфилъыгъ:

– Сыд бырсыр мыщ дэпшIыхьагъэр?

– О хэта къыоджагъэр?! – Зирарэ зыкъырищыгъ.

– Зиусхьаным ыпашъхьэ ужэ къыдахьэхэрэр щыпIоу, сыд тынапэ зыкIытепхырэр?! – ГуIатыжь ышнахьыкIэ енэпэшъоуагъ.– Дэшъущыжь мыр!

Зыкъэзыпхъотэнэу ежьэгъэгъэ Зирарэ Iэ Iэтыгъо игъусэмэ рамыгъафэу пщы пашъхьэм ращыгъ.

– Шынахьыкlэ пхъашэ уиl,– Рэдэдыпщым ГуIатыжь ыIапэ ыубытызэ, ыгъэшIэгъуагъ.

– Шъхьэубат! Тянэ мыщ къинэу ригъэлъэгъурэр. ЕпIорэр хэмыхьэу фэдэ слъэгъугъэп. Тятэ тхьамыкIэм ылъэныкъокIэ мыкIуагъэмэ, къыздикIыгъэр сшIэрэп.

– Лъэпкъыр бжиблэу мао, ГуIатыжь. Шъуитlу яз адэ ным ылъэныкъокIэ кIуагъэба?

– Тянэ ащ фэдэ шэн иIэп, зиусхъан. Тятэ кIапщэ фашIэу зыщэлъыми, гу Iае къыпфытигъэшIыгъэп, Нахьлъэш зыоукIыми, мыуцурэр къиуцукI IокIэ ыIуагъ нахь, уигъэмысагъэп. Сыкъызэрэпфэразэр джы нэс къызэрэоcIощтыр сымышIэу сыхэтыгъ. Къегъэжьэгъахэшъ, къэсэIо о уишIэн пшIагъэ, сэ къыстефэрэр сапэ илъ.

– Сыд къыпфэнагъ?

– Тятэ Нахьлъэш пыщэгъу фэзышIыгъагъэр Шэныб. Ащ ыпсэ зызгъэгъукIэ, о пшIагъэри хэлъэу, тятэ ылъ сшIэжьыгъэкIэ слъытэщт.

– Ыуж икI, тыгъужъ шъхьэзакъоу къэнэжьыгъэр хэт ецэкъэжьын.

– Сыгу псэфыщтэп, зиусхъан.

– Сэ шъузыщэхэр къысэжэх, ГуIатыжь…

– Ары, ары, бащэри усIыгъыгъ,– аужырэ илъэситIум хэпшIыкIэу зызыштэгъэ кIэлэшхор ыбгъэ теIэбэжьи, шъхьащэ къышIызэ, ежьэжьыгъ.

Рэдэдыпщыр рэхьатыжьыгъэу Емзэщ дэжь ихьажьи, пшъэшъэ осэ дышъитIур Iанэм фытырилъхьагъ. Пшъэшъэ унэм зычIэкIыжьхэм, ашIэщтыр амышIэу зэIуплъэжьыхэу шъузыщэхэр зэхэтыгъэх. Ыбгъэ лъэшэу зэрэчэлъаорэр къызхэщыщтыгъэ Бзабзэ риIуагъ:

– Ухьазырмэ, Бзабз, упшъэшъэ дэгъумэ, некIо.

– Пшъэшъэ дэгъу хъурэп, зиусхъан, шъуз дэгъу нахь,– Къоданэ къэсэмэркъэугъ.– Зыфатщэрэ Чэчанэ тылъихьэу тихьакIэ хъумэ, ары дэгъумэ къызытшIэщтыр.

Бзабзэ ыIэлджанэ Чэчанэ зытеIэм, къэтхытхыгъ, ылъакъо ригъанэ фэдэ ышIи, къежьагъ…

Хъярыр зихъярым фэгушIонэу Рэдэдыпщыр занкIэу хьакIэщым ихьагъ. Нахьыжъхэр къызэхэтэджагъэх. Колэс зыфэгушIуахэм, ТIатIыхъуи риIуагъ:



– Шъори сышъуфэгушIо. Хьаблэм нысэ къытыращагъэмэ, гъунэгъухэми ягушIуагъу. Шъыпкъэба, ТIатIыхъу?

– ТымыгушIо мэхъуа, зиусхъан,– ТIатIыхъуи пщым къыIугушIожьыгъ.– Сэ сшъхьэкIэ сигушIуи, сихъуапси зэхэт. А-ей, ГъучIыпсэ тхьамыкIэжъым зэриIощтыгъэу, сикIэлэгъу-делэгъур тыдэ къисхыжьын! Слъакъохэр кIожьхэрэп нахь, сэри Чэчанэ сенэкъокъунэу сыгу щыт.

ЛIыжъхэм ашъхьэхэр агъэсысхэзэ, зэрэгъэщхыгъэх. Колэс зэрэгушIорэр къыхэщэу ТIатIыхъу Iапэ фишIыгъ:

– Мыщ ыгу жъы мыхъузэ, лIэжьыщт.

– Е-о-ой, Колэс, гур жъы хъугъэу хэт ылъэгъугъ,– ТIатIыхъу тхьагъэпцI нэгукIэ Рэдэдыпщым Iуплъагъ.– Пшъашъэр къэшъуащагъа хьаумэ къэшъухьыгъа?

– Къачъэзэ, къыддэкIуагъ, ТIатIыхъу,– ыгу къыдеIэу Рэдэди щхыгъэ.

– Ащыгъум лъэдэкъэ мафэ иунэ къыринагъ, чъэжьыщтэп,– къызкIэупчIагъэм ежь ТIатIыхъу джэуап къыритыжьыгъ.– Колэс иунэ лъэпэ мафэ къыридзагъэ хъунэу тхьэмэ тялъэIу.

Зыхэсыгъэмэ Рэдэд къахэкIыжьи, шъаокIэ Чэчанэ зэкIолIэжьыгъэ Къоданэ игъусэу иунэ къыдынэсыжьыгъ.

Пщышхор шхахи, Iанэр зырахыжьым, Рампэс хьакIэщыпчъэр къыIуихыгъ:

– Уизакъуа, сикIал?

– Мызыгъэгум сизакъу, тян. КъакIо, къэтIыс,– Рэдэд ным пэгъокIыгъ.– УзгъэгумэкIырэ щыIа? Учэфынчъэ фэд.

– Хьау, нынэ, гумэкIыгъуи щыIэп, тIэкIу сыпшъыгъ нахь, сыдым сигъэчэфынчъэн,– ныр Iупэ шъабэу къетIысэхыгъ.– Колэс нысэ къыфэшъуащагъэмэ, хъяр, ыIотэжьын, гъунэгъуми загъэпсэфыжьын. Сэри ащ сынаIэ тесхыгъэп, ау чэщи, мафи къыплъэхэсым фэдэ хъун щыIэп. А сикIал, къыуасIохэрэр къызэрэпхахьэрэр сигуапэ, узэрыкIэгъожьын озгъэшIагъэп ныIа?

– Ащ фэдэ джэнджэш зыкIи сыгу къихьагъэп,– Рэдэд ным фэсакъызэ, Iуплъагъ.

– Къоданэ дзэпащэ зыошIым, Мыстхъакъо къиозгъэщыжьи, Мэзыбэ унэ щебгъэшIыгъ. Ар чылэ шъхьаф дэсэу, о мыщ удэсэу шъузэдэхъущтыгъэп. Ар дэгъоу пшIагъэ. Чэчани къызегъэзэжьым, къаигъэ умышIы зэрэосIогъагъэр бгъэцэкIагъэ. Джы мары, унагъо хъунэу ригъэжьагъ. Нысэ

цIыкIур Iуш, цIыфышIу, ынапIэ учIэлъыми учIихыщтэп, ау ным фэдэ хъун щыIэп. Узигъусэм загъорэ уедэIуми, укIэгъожьыщтэп. Джы сызгъэгумэкIырэр ары. Нысэми, сэри акъылэгъу тызэфэхъугъэти, тызэгурыIуагъ.

– КъаIо, тян сыодэIу,– Рэдэд джы тIэкIу къэгумэкIыгъ.

– ХьакIуцумэ зызэрашIырэр сыгу рихырэп. Лыгъотх чылэр дэхэкIаеу Цухъо Дэмыр зэгуригъэIуагъэу, нэмыкI чылагъохэми Iофхэр ащымыдэйхэу къэпIогъагъ. Адрэ мыхъухэрэм Къосэгъум ибгъэкIыщтми, зыхыхэм, мыутIэхэм къахэпщыщтыми, лIы Iушхэр къэбгъотхэу, пащэкIэ афэбгъакIомэ, сыдэу уеплъыра? Мары, нартхэми зы лъэпкъым хагъэкIыти, нэмыкI лъэпкъым тхьаматэхэр афагъакIощтыгъэх. Тэ тызэрэщытыр пшIэрэба, тщымыщым нахь тедэIу, уаси фэтэшIы.

– Ащ сиакъыл тефагъэп, тян,– Рэдэд ынэхэр къэлыдыгъэх, ыгукIэ янэ риIуагъ: «О хъулъфыгъэу укъэзымыгъэхъугъэм лые лъэпкъым рихыгъ».– ГущыIэ псау къэпшIыгъ, умышIэрэм сыдигъуи зыгорэ кIоцIылъ пшIошIы.

– Джы сыкъызэрэолъэIущтыр Турабэ тхьамыкIэр пыдзы умышIынэу ары. Зымафэ Дэхапсэ къысэтхьаусхылIагъ. Пщыр къысфэежьэп еIошъ, зеухыжьы, ишъузи къин регъэлъэгъу. Тхьэмэ ялIыкIоба, сикIал, фэсакъ. Сэ сшъхьэкIэ тIэкIуи сегъэмэхахьшэ.

– Тян, а зымкIэ укъысэмылъэIу. Турабэ зыкъызэригъэлъагъорэмрэ зытетымрэ бэ азыфагу.

– Арэу оIуа? Нысэ цIыкIуми а дэдэр къысеIо. Колэси къэбар сымышIэу къыбдэзгъэгущыIэн зысэIом, шъо зэшъуIощтыр зэшъуIогъахэу къычIэкIыгъ.

– Ары, Колэси, сэри ТурабкIэ тиеплъыкIэхэр зэтефагъэх.

– Урым динлэжьымрэ Ислъам-Хьаджэмрэ удагъэхыгъэмэ шIэ?

– Хьау, тян, ащ фэдэ Iоф сиIэп. Титхьэмэ сафэшъыпкъ, ау, сыушъэфырэп, диным фэмыгъэхьыгъэ гупшысэхэу урымылIым къыкIэрысхыгъэхэр къыспкъырыхьагъэх. Хэгъэгу гъэпытэнымкIэ къыIуагъэхэм умыштэн ахэлъэп. Диным цIыфхэр зэрещхых, шIошъхъунығъэ агу къырелъхьэ. Яшъэфи, янафи динлэжь пащэм цIыфмэ рахьылIэ зыхъукIэ, сэры а зэпстэур къызэолIэжьыщтыр. Турабэ ащ фэдэ амали, къулайи гоIэп, чыжьэу плъэрэп. Акъыл чан иIэу, иIуи, ишIи цIыфмэ ахахьэу дин пащэ тищыкIагъ.

– Къызгурыlуагъ, сикIал, ащкIэ дэогъу усшIыжьыщтэп,– Рампэс гощэшхор разэ хъугъэу унэм икIыжьыгъ.

## IX

ЦIыфыр лые зыхъукIэ, хьэкIэ-къокIэ гъощагъэм фэд – зыщыщми зыхагъэхьажьрэп, хымэхэми аштэрэп.

Шэныбэ ишыкIэ утысэхэу ШэхэкIэй заом щызэрэлIхэрэр ыкIыб къэрабгъэ зыригъэплъагъэхэм ыуж шъхьэегъэзыпIэ ыгъотыщтыгъэп. А мэфэ гуихым мылъку тIэкIоу иIэр ионакIэ пыпхагъэу Лыгъотх чылэм зэрэдэлъэтыжьыгъагъ. ХьакIуцумэ зэрахэмызэгъэжьыщтыр, нэрмылъэгъу пIынэ паIор къызэрэщалъагъэр зыдишIэжьыщтыгъ. ХыIушъомкIэ мыкIоу зигъэнэгъуаджэзэ, къушъхьэ лъэгъо шъэфхэмкIэ игугъапIэ зэрихьылIэгъагъэр русичхэр ары. Къаншъао зыIуигъакIэмэ, ащ идзэ хигъэхьан, гъэбылъыпIэ фэхъун шIошIыщтыгъ.

Чэщым чъыер зыщыIэшIум, къамылъэгъуным щыгугъэзэ, Шэныбэ хэгъэгу гъунапкъэр зэпичыгъ, ау бэ рагъэкIугъэп. Русич шыухэр къыфэплъырхэзэ, Тумтэкъашъэ нэси, Къаншъао зэрелъэгъоу, ащи ишыпэ зэрэщымыкIощтыр къэнэфагъ.

– Сэ къогъу къолъхьажь сиIэп, Шэныб,– нэгу псыгъонэгъуцу чъэкIыгъэм ыIэгушъо ригъачъэзэ, Къаншъао къыIуагъ.– Къумалыр хэт щыщми, тыдэ щыIэми, къумалэу къэнэжьы. Шъуалъэныкъо плъэгучIэ къыщистыгъэти, талъэныкъокIэ зыкъэбгъэзагъ. УгукIи, пшъхьэкIи укъабзэу укъытфэкIогъагъэмэ, нэмыкI шъыпкъагъ. Сэ русичмэ сызэрахэтым пае, тилъэпкъ хэмызэгъэрэ зырызхэм зыкъысаусэи шъхьакIэ, ахэмрэ сэрырэ тиIоф зытетыр зэфэшъхьафы. Адыгэр шIу къыфэзышIэрэм фэшъыпкъ. Сэрмэ зызыфэбгъадэрэр, тилъэпкъ себэныжьыгъэп, русичмэ къысахыгъэ цIыфыгъэр ясхыжьэу сахэт. Рэдэдыпщымрэ Мстиславыпщымрэ зэгурымыIуагъэхэкIэ, сипхъорэлъф пыи сшIыщтэп. ШIу къыдэхъу сшIоигъу, игухэлъ сегъэгушIо, Тхьэм къыдегъэхъу, ау етIани цIыкIуи, ини, жъи, кIи – зэкIэ тилъэпкъэгъухэм Iашэ аIэкIилъхьагъэкIи, русичмэ афырикъущтэп. Ар гурызгъаIо сшIоигъуагъ, ау къыздэхъугъэп.

– Тэри ары нахь фэтымыдагъэр, Рэдэдыпщым ижьау тычIэуцонэу тыхьазырыгъ,– Шэныбэ зыфэе гущыIэм бысымыр къытехьагъэти, тIэкIу ыгу къихьажьыгъ.

– Къэмыlу, Шэныб! – Къаншъао ымакъэ къыIэтыгъ.– Нахьлъэш зыфэдагъэр о сэбгъэшIэжьынэу щытэп. Дышъэ тIэкIоу кIихыщтым енэцIи, сипхъорэлъф арищэгъагъ нахь, ащ фэдиз лIыгъэ къыхафэу Рэдэдыпщым къыгъэзэжьынэу ышIагъэмэ, чIыпIэ ринэщтыгъэ. Ори ащ аужрэ мафэм нэс уригъусагъ. Джы уилъ къыстефэнкIэ сыфаеп, Тхьэр къыпфэсэгъазэ.

Гъогууанэ къекIужьыфэ Шэныбэ ышъхьэ изэфэшIу бэрэ зэригъэфагъэ, ау хэкIыпIэ къыфэгъотыгъэп. ЧIыгур зэфэкIожьи, кIуапIи, чъапIи имыIэу, псыгъэхъунэ цIыкIум къытенагъэу къыщыхъущтыгъэ. Чэщыр чъыIэбжьыгъэми, ыгу зэгоутэу машIор зытырихырэ нэгур Iэгушъуитlукlэ ыIотыгъ, уашъом дэплъыягъ. Атэкъэкlэ гъэщыгъэу мазэр ошъуапщэмэ ахэсыкIы. Илъэс пчъагъэхэм загъорэ къызэрэхэкIэу, кIымафэр гъатхэм фэд. Мафэрэ тыгъэм дунаир егъэнэфы, гур къегъэфабэ, чэщрэ макIэу къегъэщты.

«Сэ сыгуи зэ фэбэгъакIэ къехьэ, сыгугъэу есэгъажьэ, етIанэ мылдыкъы ехъукIыжьы,– Шэныбэ ежь-ежьырэу зыдэгущыIэжьы.– Рэдэдыпщыр тэркIэ Iоф мыгъакIоу къытфэтэджыгъ. Тыдэ тыкIуагъэми, тигъогупэ къыпебзы. Нэфынэми, шIункIыми ащымыохъурэ жьыбгъэм фэд. Сэ сипыишъ, аущтэу сэIо шъхьакIэ, хъункIэ-банэм Нахьлъэш тызыхещэм, кIэлагъэми, пщыр щыIагъ. Зыфэдгъэзэн тIуагъэмэ, муары, Къодани къызегъэзэжьым, дзэпащэ хъугъэ. Нахьлъэш къырищэкIэу ыIыгъыгъ, зыфэдэр игъом къыгурыIуи, гокIыжьыгъ нахь. Сэ аркъэныр спшъэ къырадзэфэ, сыжэ укъэу сыригъусагъ. Джы гугъэпIэ закъоу къысфэнэжьыгъэр дышъэ тIэкIоу къэсхъункIагъэр ары. Е зянэ, делэ сыхъужьыгъагъэмэ сшIэрэп, Къосэгъу хэсашъхьэм идышъи, итыжьыни Рэдэдыпщым зыфигъэзагъэр Мэщыкъу. А чэщым ар зэрэтщыгъупшагъэр. Бзылъфыгъэ хьитIур тыукIын нахьи, Мэщыкъо иунэ текIоу къэтхъункIэгъагъэмэ, баи тыхъужьыгъэу тыхэтыщтыгъ. Ащ нахь тIасхъэ згъотынэп. Зых лIы нэхэежъхэу Нахьлъэш нэIуасэ сызыфишIыгъагъэхэм нэбгыритIу горэ къахэсщынышъ, Мэщыкъо зыщыдэмысым тезгъэфэни, къэсхъункIэн. Дышъэ баIо сиIэ хъумэ, сыздакIорэм сыщыбысым, урыми, хъэзари, араби сIонэп, сызыштэрэм сыригъусэн...»

Гухэлъэу ышIыгъэм ыгу къыригъэхьажьыгъэу Шэныбэ иш зыригъэпхъотагъ, зых Абэчыпщым иухъумакIохэу къэзгъэуцугъэхэми къаигъэ къашIыгъэп. Чылэм зыдахьэм, Нахьлъэш зэрищэлIэгъэгъэ унэр къыгъотыжьыгъ шъхьакIэ, кIэгъожьи, къыщыуцугъэп. Нэф къэмышъызэ, хъункIэкIуитIу игъусэу, Къосэгъу лъэныкъом фиузэнкIыжьыгъ.

Къушъхьэ-мэзхэм ахэтхэу шыуищыр зэлъыушъызэ, Шышъхьарысмэ ямэз блэкIхи, Мыстхъакъомэ ямэз нэсыгъэх. Шэныбэ ошIэ-дэмышIэу шыр къызэтыригъэуцуагъ.

– Зэ шъудаIолъ. Обзэгъу макъэ къэIукIэ сенэгуе.– ТIэкIурэ кIуагъэхэу, чъыг гъугъэхэр гъэхъунэ Iупэм щызыуджэрэпсырэ кIэлитIур алъэгъугъ, Шэныбэ яджагъ: – ШъуиIоф шIу, кIалэхэр! Къосэгъу лъэныкъом сыд щыкъэбар?

– ТыдэкIи щымамыр, тхьамэтэ маф,– кIэлитIум яз къыпэджэжьыгъ.– Зауи, бани щыIэп, нысэщэ джэгумэ тахэт.

– Хэт къэзыщагъэр?

– Чэчанэ иджэгу тхьэмафэ хъугъэп заухыгъэр. Джы Мыстхъакъо щыджэгушху. Рэдэдыпщыри, Къодани, Мэщыкъуи, Чэчани ащ щыIэх.

«Шъыпкъэна кIалэм къыIуагъэр? – Шэныбэ ыгу къичэфыкIэу зэупчIыжьыгъ.– «ЗэхэпхыгъэмкIэ умызекIу, плъэгъугъэр ары шъыпкъэр» Нахьлъэш зэриIощтыгъэр ытхьакIумэ къиIожьыгъ. Мэзым хэхьажьхи, ягъогу зытеуцожьхэм, Шэныбэ игъусэмэ ариIуагъ:

– КIалэм къыIуагъэр шъыпкъэмэ, нычэпэ тиIоф къикIыщт.

– Ащыгъум Мыстхъакъо сыд дэтшIыхьащт, Мэзыбэ тлъэгъоу чIыпIэ нэгъуаджэ къыхэтхымэ нахьышIуба? – лIитIум яз къэупчIагъ.

– Зэхэтхыгъэр зы, тынитIукIэ тлъэгъурэр фэшъхьаф,– Нахьлъэш ыIощтыгъэр Шэныбэ игъусэмэ афидзыжьыгъ, къезэгъыгъэх.

Пчыхьашъхьапэ хъугъэу Шэныбэ лIитIур джэгум хигъэхьагъ, ежь мэкъу шэндж уныкъугъэм дэкIуаий, зыхигъэбылъхьагъ. Къамылапщэхэми, джэгуакIохэми, лIыжъхэми апылъыгъэп. Ахэмэ нэкIэ арычъи, зыфаехэр земылъэгъум,

ыцэлышъхьэхэр зэригъэшхызэ, джыри зэ Нахьлъэш ыгу къэкlыжьыгъ: «Джары сэ зыкlэсlуагъэр. Нахьлъэш бзэджагъэми, lушыгъэп пlонэп. Кlэлэжъ цlыкlум тедэlоу Мэзыбэ тыдэогъагъэмэ, тпсэ lуахыщтыгъэ...»

Шэныбэ ынэмэ акlэlэбэжьи, зытхыцlэ иплъи, зынэгу кlаплъи зэпэкlигъэкlызэ, лlыжъмэ инэплъэгъу къащигъэуцугъ, зыдимышlэжьэуи шъхьэр къыпхъотагъ: «Слъэгъурэр гъэшlэгъоны! Колэси, Тlатlыхъуи, Джэбагъи Пщымафэ лlыжъым госых... Зэ, зэ, кlалэмэ къысаlуагъэр шъыпкъэкlэ енэгуягъо...»

Хьакlэщыпчъэр къыlукlи, Рэдэдыпщыр апэ итэу Темрыкъуи, Къодани, Мэщыкъуи, Чэчани, нэмыкl лlы зытlущи джэгум къыхэхьагъэх. Шэныбэ ылъэгъугъэм рыразэу жьы къыщэжьыгъ, мэкъушъхьэм къехыжьи, игъусэмэ защыlукlэжьыщт чlыпlэм нэсыжьыгъ:

– Пхъэшlмэ тагъэпцlагъэп, шъукъеужьыр,– Шэныбэ шым зыридзыжьыгъ.

– Джэгур зэхэхьэгъэ къодый, сыд къэхъугъ? – гъуситlум язырызлэлъыджагъ.

– Мыстхъакъорэ Мэзыбэрэ азыфагу илъ щыlэп, чэщ щырахыщт пшlошlа? – Шэныби къызэриlокlыжьыгъ.

– Ухъумакlохэр, Шэныб?

– Ощым зеlэтыфэ, пхъэм зегъэпсэфы. Япащэхэр дэмысмэ, ухъумакlохэр е шъхьаукъэщтых, е шъхьадж иlоф ыуж ихьащтых,– Шэныбэ зыфэрэзэжьэу щхыпцlыгъэ.– Хэт иджэгу пщышхом фырикъужьэу къызфэкlуагъэхэр ?

– Къоданэ ятэшым ыкъу, Темрыкъо янэшыпхъум икlал,– иджабгъукlэ къыгот шыу нахьыкlэм къыриlуагъ.

Джэгу пчэгум щыуджырэ Къоданэ lэгу фытеоу щытыгъэ Гуlатыжь ытамэ зыгорэ къытеlаби, къеlушъэшъагъ:

– Моу джыдэдэм, джэгум сыкъакlозэ, Шэныбэ шыу нэгъоджитlу игъусэу къысэбгъучъагъ.

– Тыдыкlэ ыгъэзагъ?

– Шъуалъэныкъокlэ сенэгуе.

Гуlатыжь гущыlэ къымыlожьэу ичlыпlэ илъэти, иш зыридзыгъ. Шы илъыгъо заулэкlэ Мэзыбэ хьэнэ-гъунэм нэсыгъэу, гъогу къэгъэзэгъум къыкъолъэтыгъэ шыум lуупlагъ. Мазэм имызыгъэми, илъэс пчъагъэм ынэгу кlэтыгъэ шыур Гуlатыжь ышlэжьыгъ, ерагъэу зиlажэзэ, яшышъхьэхэр зэнэс-зэнэмысыхэу зэпэуцугъэх.

– Ора сэlо, Гуlатыжь! Моу зэ унэгу сыкlэгъаплъ. Уятэ тхьамыкlэр слъэгъугъэм фэдэу сыбгъэгушlуагъ.

– Уигъусэхэр тэ щыlэх, Шэныб? – шыбгъу зыкъэзышlыщтыгъэм Гуlатыжь еупчlыгъ.

– Ахэр хэт шlоlофыжь, тичылэмэ lурагъэхыгъэх, сэри сшъхьэ ерагъэу къахэсхыжьыгъ. Сыд пытапlа чылэ гъунэм щашlыгъэр?..– Шэныбэ ыlэ щэигъэхэр кlалэм ытамэхэм анэмысзэ, зэхихыгъэм зэтыригъэкъагъ:

– Уихьадэгъу зыщыбгъотыщтыр ары, Шэныб! – Гуlатыжь икъамэ Шэныбэ ыбгъэ хифагъ.– Мыр тянэ ичlыф! – Къамэр къыхитхъыжьи, ыпшъэ чlидзагъ: – Мыдрэр бгъэгъугъэ псэ хыемэ алъ!

– Уятэ шlоижъым фэдэ... фэдэ... ухъужьыгъ, хьайуан!..– къамэм жэхэтхъогъэ Шэныбэ ылэхъуамбэмэ лъыр къадэцlырыкlэу онэгум къиукlорэикlыгъ.

– Сятэ ылэбжъэнакlэ уриуасэп! Зишъэогъу зыукlыжьырэм ыпсэ хахыжьы! – Лъыр къызпычъырэ къамэр къызlэкlэнэгъэ Гуlатыжь къехъулlэрэр ымышlэу ыгу къэмакlэмэ, ышъхьэ къэуназэзэ, ылlыгъэм ежьыри шъхьэрыфэжьыгъ.

## X

Нэфшъэгъо пкlыхьапlэм къыкlигъэщтэгъэ Рампэс гощэшхор пlэм хэмызэгъэжьэу къэтэджыжьыгъ. Зыгъэ Рэдэд Пантикапей къыфырихыгъэгъэ алырэгъу шъабэр зытедзэгъэ тахътэм зыхимыгъэгупсафэу, тхы пкъыекlэ ыпакlэ пытlысхьи, lитlур бгъэм щызэрыдзагъэу, нэгъыфышъо пlуакlэр къызкlидзэщтыгъэ унэ мэзахэм хэплъызыкlыгъ.

«Сянэрэ сятэрэ пкlыхьапlэкlэ зысымылъэгъужьыщтыгъэхэр бэшlагъэ,– зыфихьын ымышlэу къыфезгъашlэщтыгъэ пкlыхьапlэм джыри зэ Рампэс хэгупшысыхьажьы,– Лаурстэн тхьамыкlэр зытэгъэтlылъ мафэм ичэщ къызэрэсэушъыигъагъэх... Хьау, хьау, сэшэхъу. Рэдэд къызимыгъэзэжьыгъэгъэ чэщми, ащ ыуж къыкlэлъыкlогъэ гъэныкъо псауми уигугъэ умыгъэкlоды, еж, паплъ аlозэ, къысфыкъокlыгъагъэх, ау гъэрыпlэм къызекlыжьми, пщышхо зэхъуми, унагъо зешlэми, сабый къызфэхъуми,

ятэжъ-янэжъхэба, тӀум язи гушӀуакӀо къысфэкӀуагъэхэп… Джы пшынахьыкӀэ закъо псаоу дунаим зэрэтетыр, хымэ цӀыфмэ зэрахэсыр пшӀэзэ, огъэхьэрамы, къэплъфыгъэм инасып нэмыкӀ уигъэгумэкӀырэп аӀошъ, къысэгыих…»

Рампэс игупшысэмэ ошӀэ-дэмышӀэу къазэрэхэуужьыгъэр игуапэу къызщытэджыкӀыгъ. Гупсэфыгъо зыӀуигъотэн шӀошӀыщтыгъэ шъхьаныгъупчъэм Ӏухьагъ, игумэкӀ шъхьарызыхын горэ мэзахэм зыхемылъагъом, къыӀукӀыжьи, зытекӀыгъэгъэ тэхътэ пакӀэм джа шӀыкӀэ дэдэмкӀэ тетӀысхьажьыгъ. Ыкъо зэрылъ унэмкӀи, шъэожъыер зыщагъэчъыерэ собэмкӀи, Шыупащэ иунэкӀи плъагъэ, дэӀуагъэ, зы цӀыф макъэ пакӀо, лъэмакъи къызэмыӀущтыгъэ Рампэс, зэрэхъури ымышӀэу, игупшысэ гумэкӀ джэуапынчъэхэр джыри къышъхьэрыожьыгъэх, зэупчӀыжьыгъ: «Лаурстэн тхьамыкӀэри сыда къызыкӀысфэмыразэр? Ыкъо къыкӀэмыупчӀэу, сшынахьыкӀэ иӀофмэ агъапэ. «ЦӀыф лые щыӀэп, пшынахьыкӀэ Къаншъао пыдзы умышӀы, хъэзармэ зэрагъэпщылӀыгъэм сэ сиягъэ хэлъышъ, игъашӀэкӀэ зыгорэ къызэмыхъулӀэрэ дунэе зэрэшхыжьым тетэпышъ, шъхьафит зышӀыжьыгъэ русичхэм зэрагоуцуагъэмкӀэ, уришыпхъу нахьыжъба, бзылъфыгъэгу уиӀэба, тишъэо закъуи къотэгъу фэхъущт, умыгъэмысэ, умыгъэпыи» къысеӀо.

Нэбзыц улэугъэмэ къахэзыгъэ нэпсыцэ стырыр ыначӀэ къызытефэм, къыгъэлъэтагъ. Лӏыр, Лаурстэн, зегъэтӀылъ уж анахь чӀыпӀэ зэжъурэ чӀыпӀэ гушӀуагъорэ арыфагъэми, зинэпсыцэ зэзымылъэгъулӀэжьыщтыгъэ бзылъфыгъэм ыӀупшӀакӀэ нэсыгъэ щыугъэпсыр нахь игопагъ, шӀогъэшӀэгъоныгъ. Ау адрэ нэкӀушъхьэм щызэбгырычъи, адрэ ӀупшӀакӀэм ечъэхыжьыгъагъэри апэрэ нэпсыцэм нахьи зэрэбзылъфыгъэр, зэрэныр, зэрэшыпхъур джы зыдишӀэжьэу, бэкӀэ нахь ӀэшӀужьыгъ. Платыкур къыштагъэп, зыгорэкӀэ шъхьэр ыгъэсысмэ, ыгъэшӀорэ нэпсыцэхэр къышӀуетэкъохынхэкӀэ зытещыныхьажьмэ зыфэсакъыжьызэ, зыӀулъэкӀыхьагъэп.

«Адэ ары, си Лаурстэн,— Рампэс тӀэкӀурэ щысыгъэу, зыкъишӀэжьыгъ,— укъысэгыи, укъысэлъэӀу шъхьакӀэ, сызэрэбзылъфыгъэри, сызэрэныри, сызэрэшыпхъури уауж гущэкӀэ згъэшӀэгъэ илъэс пчъагъэм зыщызгъэгъупшагъэп. Джы къысфэнэжьыгъэ тӀэкӀумкӀи уицыхьэ къыстегъэлъ, игъо узфырамыгъэфэгъэ пкъокӀи, узытырамыгъэплъэгъэ Дзэпщ цӀыкӀумкӀи, унапэкӀи, уипщыгъокӀи укъэзгъэукӀытэжьынэп. Ау сяти, сяни, ори аӀоу, сишъэожъыерэ сэрырэ тизакъоу дунаим тызэрэтетыр шъушӀэзэ, тадэжь, зыщыщмэ къафэзымыгъэзэжьыгъэмкӀэ шъукъыкӀысэдаорэр къызгурыӀорэп. Сэ сызщымыгъуазэ горэ ащкӀэ къыздэшъошӀэмэ, къысашъуӀу, сшӀошъумыушъэф. Сэ пкӀыхьэ Ӏэджи слъэгъоу, къэсӀотэжьын, къэсшӀэжьынсымылъэкӀэуи къысфыхэкӀыгъ, ау нычэпэрэр пкӀыхьэшӀоп… Сыдэу Рэдэд бетэмалми, имыхэбзахэщтыгъэу, ичъые кӀыхьэ, сэ сызыщыгумэкӀырэм ежь мэгупсэфы… Зэлъ, тхьэмэ сызэхарагъэхыгъ, лъэмакъэ горэ къэӀу…»

Ардэдэм Айнарэ ымакъэ зэхихыгъэ:

– А Дзэпщ, нэфмышъэу тэ уечъэжьагъа? Нанэ пчэдыжь горэм зэ гъэгупсэфы.

– Сычъыерэп, нысэ, сычъыерэп,— зэхихырэр Рампэс гощэшхом игуапэу унэм чӀэджыкӀыгъ, пчъэр къыӀузыпхъотыгъэ шъэожъыем едэхэшӀагъ: – КъакӀо, нынэ, къакӀо, сикӀал. Моу ӀаплӀ къысэщэкӀ, сыгъэтхъэжь. Ыхьы, джар хъун. Пытэу, пытэу ӀаплӀ къысэщэкӀ,— шъэожъые фэбэ цӀыкӀоу ыбгъэ кӀэтым, ыпшъэ ӀитӀукӀэ шӀозыубытыкӀыгъэм иӀэшӀугъэ гучӀэм нэсэу Рампэс зэхешӀэ, ӀугушӀозэ, есэмэркъэу: – Нэнэжъ Ӏая?

– Нэнэжъ дахэ,— шъэожъыем янэжъ зыӀуефыхьэ, мэщхы, мэгушӀо.– Нанэ дахэ, нэнэжъ дахэ.

– Ар шъыпкъэу къэпӀуагъ, сикӀал, уинэнэжъи зэгорэм дэхагъэ, джы зи къытхэнэжьыгъэп нахь. Къинрэ тхьамыкӀагъорэ щэхъу тымылъэгъузэ, тигъашӀэ къэтхьыгъ, сыдым тигъэдэхэжьын,— шъэожъыем ышъхьашъо Ӏэ щифэмэ ынэгушъхьэмэ ябэузэ, Рампэс хэщэтыкӀыгъ, къыфыдэоежьыгъэ пкӀыхьапӀэм хэтэу, Дзэпщ цӀыкӀум хахъо къэс Лаурстэн нахь фэдэ зэрэхъурэр игуапэу хигъэунэфыкӀыгъ.

Гощэшхом дэжь Айнарэ къихьагъ, фэбэмэ ӀэшӀур къыпихэу, шъэожъыем къылъыӀэбагъ, мыдырэми нахь лъэшэу янэжъ зырищэкӀыгъ. Рампэс еӀэсэкӀызэ, сабыир зыкӀэричыжьи, янэ ритыжьыгъэми, Дзэпщ цӀыкӀум гухэкӀ ышӀыгъ, ылъакъохэр ригъанэхэмэ къызэплъэкӀыжьзэ къыдзыгъ:

– Нэнэжъ Ӏае.

– Уянэ уестыжьыгъэшъ, Ӏае сыхъугъ, ара, сикӀал? – ыгу къыдеӀэу Рампэс щхыгъэ, етӀанэ бэшӀагъэу инысэ зыфе-

гуцафэщтыгъэр джы къыхэщыпэ зэрэхъугъэм нахь ыгъэгушIозэ, кIэлъыджэжьыгъ: – А нынэ кIалэр къэтэджыжьмэ, садэжь къимыхьэу дэмыкIынэу еIу.

Пчэдыжьышхэр зэтекIыгъэу, гощэшхор Рэдэд паплъэу щысызэ, Шыупащэ къылъихьагъ.

– Сыд, тян, зи умыIоу ущыс, псаунызъэр сыдэу хъура? – исэмэркъэуи, ишъыпкъи зэхэлъэу Шыупащэ янэ еупчIыгъ.

– Сипсауныгъэ уезэгъыщт, сикIал,– нэплъэгъу фабэкIэ Рампэс къо нахьыкIэм Iуплъагъ.– СIощтыри сыухыгъэ, сшIэщтыгъэми къыщыкIагъ. Жъы сыхъугъ, нынэ.

– Ар умыIо, тян, жъы ухъуна? – Шыупащи зэхихыгъэр ыгъэшIагъозэ, нэшIукIэ ным Iуплъэжьыгъ.– Сэ, шъыпкъэр пIощтмэ, уигущыIэ джы нахь сыфэзэщы. Нахьыпэм мыхъун тшIагъэмэ, тпэ чIыгум щыпхъощтыгъ, шIу горэ тшIагъэмэ, тыбгъэгушхощтыгъ.

– А си Шыупащ, сыдигъо сигущыIэ къыбнэсына? Пчэдыжьым уекIы, шIункI хъугъэу укъехьажьы. Зыгорэ къекIа узпылъым?

– Тызпылъ Iофым Рэдэд тырегъэгугъу шъхьакIэ, къинэу тлъэгъурэр хьаулыекIэ сенэгуе, тян.

– Сыда, сикIал?

– Тилъэпкъ дзэ теубытагъэ иIэ шIыгъэныр къин. Шъыпкъэ, чэтэ гъэбзакIэу, бэнэкIэ-зэуакIэу, шы тесыкIэу ядгъашIэрэмэ яшIуагъэ къакIорэп сфэIонэп, ау паIо зыщыгъ пэпчъ нычэпэ иунэ илъын фаеу къырегъэкIы. ЕтIани ащкIэ унагъо зиIэхэр къаигъэх.

– Сыд джы янэрэ ыкъорэ зэжъугъафэрэр? – Рэдэд упчIэр ыпэ итэу зиуфэзэ, пчъэм къыдэкIыгъ.– ГъэшIэгъонмэ, сыхэшъумын.

– О умышIэрэ гъэшIэгъон тэ тыдэ къитхын, сикIал? – ным пкъы гъэсыс-фыхэтэджыкI ыкъо фишIыгъ, Шыупащэ ышнахьыжъ къыфэтэджи, шъхьэкIэфэ-шъхьэгъашIокIэ ыгъэтIысыгъ.– Уидзэ зыкIэмыхыхъурэм тытегущыIэ.

– Зымыгъэхъурэр мары, уапашъхьэ ис, тян, о уикIал, сэ сшынахьыкI,– сэмэркъэукIэ Рэдэд къыригъэжьагъ.– Пчыхьэ зэрэхъоу, зыр псэлъыхъо етIупщы, адрэр джэгум егъакIо, нэмыкI ушъхьагъу къэзышIырэми «Iыl» риIорэп.

– Рэдэд, адыгэхэр зыфэдэр умышIэ пIонэу, ренэу сыогъэмысэ,– сэмэркъэур шъыпкъэ ышIынэу Шыупащэ фежьагъ.– УмытIупщыхи, еплъ, пшъхьэ шъхьантэм зэрэтеплъхьэу кIаупсыкIы. Арышъ, дэхэ-дахэу птIупщыхэмэ нахьышIуба, тян?

– Ары, нынэ, дахэ запIорэм узэхишIыкIыжьыщт,– гощэшхом Шыупащэ къыдыригъэштагъ, Рэдэд егыигъ: – Ори узфырикъурэр пшынахьыкIэшъ, кIэпшIагъэу, чэщи мафи иIэжьэп.

– Тян, мары, ежь щысышъ, къерэIу: сэ есэгъэза хьауми ежь-ежьырэу зыкIишIэжьыгъа?

– Рэдэд имылажьэ теслъхьанэп, тян, сэр-сэрэу зыкIэсшIэжьыгъ. Ау зытетыр къэсIон: джы нэс сыгуи хэлъэу сфэлъэкIыщтыр сшIагъэ, Рэдэд ыгу кIодырэп шъхьакIэ, сэ сыгу кIодэу бэрэ къыхэкIы. ЯпIорэр ашъхьэ ихьэрэп, ежьхэм ашIоигъор къаIо. Урымхэри, русичхэри щысэкIэ къафэсэхьых, дзэхэр зэраIыгъхэр къафэсэIуатэ. ЫкIэмэ адэжь ащыщ горэм «Шыупащ, мардж зэрэпIуагъэм лъыпытэу тэ тыкъэсыщт, тызэхэлъэу тыщылъкIэ сыда къикIрэр» еIошъ, сIуагъэр зэкIэ хьаулые къешIыжьы. Чыжьэу сыкIожьынэп, тянэш Къаншъао ащымыщ пэтзэ, русичхэр къызэрэдекIокIхэрэр Рэдэд къегъэIуат.

– Ар пчъагъэрэ къезгъэIотагъ, сикIал,– Рампэс инэплъэгъу гупсэф гумэкI горэ къыхэхьагъэу Шыупащэ тырихи, Рэдэд Iуплъагъ.– Къаншъао талъэныкъо къызэкIом, сэри сшъхьашыгу къизгъэплъэгъагъэп, ау ежь дахэкIэ къыспэгъокIыгъагъ. Ори, Рэдэд, уIукIагъэу нэмыплъ къыуихыгъэу къыхэкIыгъэп, шъыпкъэба?

– Аужырэ зэIукIэгъуми боу къысфэчэфыгъ, сынэ къыкIэзгъэплъагъэп нахь,– кIэкIэу Рэдэд къыпиупкIыгъ.

– ЗыкIыб къытфэзгъэзагъэм Рэдэдыпщыр IубгъэгушIонэу ара пIорэр, тян? – Шыупащи ышнахьыжъ дыригъашэту зыкъыгъэпкъыягъ.

– Сэри джы нэс Къаншъао сыгу фэчъыIагъ, сынэ къыкIэхьанэу сыфэягъэп,– Рампэс ымакъэ ыгъэшъхызэ, къыригъэжьагъ.– Ау гъэрыпIэм къизыщыжьыгъэ русичхэм зэрафэшъыпкъэм сегупшысагъэп. Зытетыр пIон хъумэ, сикIалэхэр, ари адыгэ шэн. Тэ шIу къытфэзышIэрэм тыфэшъыпкъэу ренэу тыкъэнэжьы. Къаншъао сэ сянэ къылъфыгъ, сянэ-сятэмэ язакъоп, сэри спIугъэ. Илъэс пчъагъэм зыгу-зыкIуачIэу сыхэтыгъэми, джы сыгу пIуакIэ хъугъэ, сшынахьыкIэ сыIукIэ сшIоигъу.

– Сыд ар къызхэпхыгъэр, тян? – нэ уцIыргъугъэ псынкIэкIэ Рэдэд къэгумэкIыгъ.– Сэ сиакъыл къызыкIуагъэм щегъэжьагъэу лъапсэ имыIэу угущыIэрэп, лъэбэкъу бдзырэп.

– КIо, хъугъэ,– IэутIэ Рампэс ышIыгъ, мыскъарэ сышъумышI. Дунаеу тызтетым фэд, щымыIэжьхэри зыдэкIожьхэрэм зыгорэ щыI. Чэщ кIуагъэм сяти, сяни зыкъысагъэлъэгъугъ. Лаурстэн тхьамыкIэри къыздэгущыIагъ. Нэбгырищми гумэкI закъоу къысахьылIагъэр Къаншъао иIоф. Зэрэзгъэпыирэр адэрэп. Сэри сыкъызэущым, сыгу къэкIыжьыгъэр сшынахьыкIэ зыгорэ къысиIо шIоигъоу къызэресымыгъэIогъагъэр ары.

– ПкIыхьапIэмэ зыгорэ къарэкIа шъуIуа? – Шыупащэ тхьагъэпцIышъо нэгукIэ щхыпцIыгъэ.

– Ар умыIо, сшынахьыкI,– Рэдэд ыдагъэп.– Сэ гъэрыпIэм сызщэIэм, пкIыхькIэ слъэгъугъэу бэ къэшъыпкъэжьыгъэр. Сыд адэ, тян, пшIоигъо шъыпкъэр?

– СшIоигъор къэсIуагъ. Къаншъао сыукIэ сшIоигъу. Ащ ыпэкIэ пкIыхьапIэм ишъыпкъапIэ зэзгъэшIэнэу сыфай.

– Сыдэущтэу?

– Турабэ фэсIотэнышъ, къыриIуалIэрэм сеплъыщт.

– Къэбгъотыгъ ащыгъум шъыпкъэ къыозыIощтыр,– Рэдэд IущхыпцIыкIыгъ.

– Турэбэ быкъэм къыдэхъугъэм фэдэ ыпшъэ ифагъэу цIыф слъэгъугъэп,– Шыупащи ышъхьэ ыгъэсысыгъ.

– Сыда, сикIал, Турабэ ащ фэдизэу къыдэхъугъэкIэ плъытэрэр? – Рампэс нэбэ-набэу кIэлэ нахьыкIэм Iуплъагъ.

– ЫмышIэрэр ышIэу цIыфмэ ашIошъ ыгъэхъун ылъэкIыгъ. Ащ фэдэ ыпшъэ ифагъэу мы Iэгъо-блэгъум цIыф исэпщтын.

– Тхьэмэ ялIыкIо ащ фэдэ гущыIэхэр епIуалIэ хъуна? – зынэгу щтэр къыкIэхьэгъэ гощэшхор кIэлитIумэ зырызэу аIуплъагъ.– Ори аущтэу оIуа, Рэдэд?

– Тян, Турабэ къыIохэрэр сшIошъ хъоу, къыздесщэкIэу илъэс пчъагъэрэ сыхэтыгъ, ау зэрэнэпцIыр джы къызгурыIуагъ. Шыупащэ сэщ нахьыкI нахь мышIэми, апэрэ мафэми ынэ къыкIигъэплъагъэп, нахь Iушэу къычIэкIыгъ. Думитрэрэ Ислъам-Хьаджэмрэ янэкъокъунэу зыфежьэр ары зыпари зэрэкIоцIымылъыр къызылъэгъуагъэр. Ащ ыуж бэрэ сегупшысагъ: тхьэмэ ялIыкIо Турабэ зишIыныр сыда къызхэкIыгъэр? Зэрэсэкъатыр ары. Шъугъоныр, нэкъокъоныр, хъопсэныр ицIыкIугъом къыщегъэжьагъэу Турабэ Iаеу хэлъыгъ. НэмыкIыкIэ цIыфмэ закъыхигъэщын зэримылъэкIыщтыр зешIэм, тхьэмэ ялIыкIо зишIыгъ. Къещхыщтмэ, къесыщтмэ, фабэ е чъыIэ къэхъущтмэ къышIэу къыригъэжьи, ахэри тинэжъ-Iужъмэ къахихыгъ, етIанэ IэкIэуIэшIуагъ. Арышъ, тян, Турабэ тхьэмэ ялIыкIу пIоу пкIыхьапIэр фэмыIуат, къыуиIощтми пкIэ иIэп.

Рэдэд игущыIэ къызеухым, Шыупащи къытыриIулIэжьыгъ:

– Зымафэ Адшэс, игъунэгъу сишъэогъум, къысфиIотагъ: Турабэ Дэхапсэ къызещакIэм, зыIуидзэжьыщтым фэдагъ. Джы мышъэ уIагъ пIонэу, мафэ къэс шъузым зыжэхедзэ, НэтIаий ецакъэ. ЗэрэпцIыусыр цIыфмэ дашIэу рагъэжьагъэшъ, зешхыхьажьы.

Рампэс гощэшхом апэрэу ТурабкIэ зэхихырэм ыкIышъоц къыгъэтэджыгъ, ынэгушъхьэ нэгъыфмэ лъы стырыр къяожьыгъ. Зэхихыгъэр шъыпкъэми, пцIыми зэхифыным, зэригъэфэным фэежьыгъэп, нэбгыритIури псынкIаIоу зэрэзышъхьэригъэкIыжьыщтым дэгуIэщтыгъэ, моу изакъоу къэнэнышъ, тхьэмэ зафигъэзэным нэмыкI гугъу иIэжьыгъэп. Ау етIанэ тхьэмэ ялIыкIо Турабэ ышъхьашыгу ыкъохэр иплъэнхэм тыригъэгушхуагъэхэу къыщыхъужьмэ зиумысыжьызэ, къэгузэжъуагъ:

– Арэу шъоIомэ, Турабэ зи есIонэп,– IупэкIэ ыкъомэ адыригъаштэзэ, ныр къызэтэджым, Рэдэдрэ Шыупащэрэ зэуж итхэу унэм икIыжьыгъэх. Рампэс гощэшхом ыIупшIакIэхэр хэтхыукIыхэзэ, гуIэнкIэ тхьэмэ зафигъэзагъ: – Шъо шъуухэсрэр тэркIэ зэрэухыгъахэр сэ сыгукIи, сшъхьэкIи къызгурэIо, титхьэ лъапIэх. Турабэ шъо шъуилIыкIокIэ къыхэшъухыгъэмэ, джыдэдэм сикIэлитIу къажэдэкIыгъэ гущыIэ дысхэр къафэжъугъэгъунэу сышъолъэIу. Хэмыукъорэ шъощ фэшъхьаф щыIэп, е ежьхэр гъощагъэх, е цIыф бзаджэхэм агъэгъощагъэх. Сэрышъ Рэдэди, Шыупащи зыпIугъэхэр, сышъолъэIу, ахэмэ яхьылъэ сэ къыстешъулъхь, гъогу зафэ тезгъэуцонхэ сымылъэкIыгъэмэ, сэры зилажьэр. Сэ къиныбэ зэпысчыгъ, тхьамыкIэгъуабэ къысэхъулIагъ, ау сижьышъхьэм сыжъугъэгушхожьыгъ, силъфыгъэ закъо пщышхо хъугъэу сэжъугъэлъэгъужьыгъ, сыгу зэрэкъабзэр, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зэрэшъуфы-

сиӀэр шъолъэгъу, силъэӀуи зэхэшъохы. Къыспэблагъэхэм агухэр Турабэ пэчыжьэ зэрэхъугъэхэм силажьэ хэлъэп. Синысэ цӀыкӀуи Турабэ теплъэнэу фаеп. Ар къызхэкӀыгъэр сэщ нахь дэгъоу шъо шъошӀэ. Агъбани, Къодани, Темрыкъуи, Колэс тхьамэтэ мафэри агукӀэ шъуилӀыкӀо пэчыжьэ хъугъэх. Турабэ ышӀэрэм шъуишӀэ хэлъэу, изекӀуакӀэхэр зафэхэу шъолъытэмэ, Колэс фэшъхьафрэ, адрэхэм сэрышъ лъапсэу яӀэр, джыри зэ сышъолъэӀу, дахэкӀэ акъыл къяжъугъэгъотыжь. ШъуилъэкӀ зэрэиныр сэшӀэ. Муары, зыгъэ Шышъхьарыс чылэ унэгъо щыкӀыгъэу дэсыгъэм жьычэрэгъум хым къыхихыгъэ псышхор къытежъугъауи, яуни, ябгъагъи, ежьыхэри режъугъэлъэсэхыгъэх, ягъунэгъу цӀыфышӀумэ илъэсрэ афикъун пцэжъые ящагу афыдэшъутэкъогъагъ. Сэри ащ фэдэ къысфашъушӀ сӀоу сышъолъэӀурэп, сиӀэр къысфэшъуухъум, мыхъун горэ ажэ къыхьыгъэмэ, къафэжъугъэгъу.

Тхьэмэ илъэӀу анэсыгъэкӀэ гугъэу Рампэс ардэдэм ыгукӀэ рэхьатыжьыгъэ, мыжъобгъу горэ зытыридзыжьыгъэ фэдэу унэм къызекӀым, тэкъэ шъхьащыупкӀыгъэшху пӀонэу Агъбанэ хьампӀэӀоу къэлэпчъэӀум зыкӀыӀусыр ымышӀэу еплъыгъ. Дзэпщ цӀыкӀур ыпашъхьэ зырелъагъом, елъэкӀоныгъ, ау сабыим Ӏапэ къыфишӀи, къызӀуипхъотыгъ:

– Нэнэжъ Ӏае.

– Ы-ы?! Ар хэт уигъэшӀагъ? Сэ осэгъаӀо пӀонэу...– Агъбанэ укӀытэжьыгъэу къызщылъэтыгъ.

– Хьау, Агъбан, о ащ фэдэ зэремыгъэӀощтыр сэшӀэ, пчэдыжь ыгу къысэбгъагъэшъ ары. А сикӀэлэ дах, моу садэжь къакӀо. Пытэу-пытэу ӀаплӀ къысэщэкӀи, сыгъэтхъэжь,– Дзэпщ цӀыкӀум ыӀитӀу щэигъэу нэнэжъым зыкъыфидзыгъ, шъэожъыер Рампэс къырищэжьэжьи, зэуцокӀыжьыгъ: – Агъбан, лъэӀу горэ къыпфысиӀ.

– СыкъэдаӀо, тигощэшху.

– Рэдэдыпщымрэ Шыупащэрэ зыщимыс горэм тегъафи, Турабэ къысфащ, силъэгъун. Непи сӀорэп, неущи сӀорэп. КъыбгурыӀуагъа?

– Зиусхьаныр фаеба, тигощэшху?..

– Агъбан, а зыр тӀо къэсэмыгъэӀожь. Сэри пщы унэм хьакӀэу сисэп.

– КъызгурыӀуагъ, тигощэшху.

Мэфэ заулэ тешӀагъэу, пщы щагур зыщызэгъокӀым Агъбанэ тыригъафи, Турабэ къыгъэсыгъ.

Рампэс гощэшхор тхьэмэ ялӀыкӀо фэчэфэу пэгъокӀыгъ, ыгъэтӀысыгъ, иунагъокӀи, иӀофхэмкӀи ӀуупчӀыхьагъ. Гощэшхом къызэраригъэщагъэр Турабэ зэригуапэр къыхэщэу чэфым зэрихьэщтыгъэ.

– Тураб, о тхьэмэ урялӀыкӀу, сыд хъуми, гушӀуагъо тиӀэми, гумэкӀ тыхафэми, оры къызэтхьылӀэрэр,– чыжьэкӀэ Рампэс къыригъэжьагъ.– О уигущыӀэ сэ осэшхо фэсэшӀы. Зычэщ пкӀыхьэпӀэ гъэшӀэгъон слъэгъугъэ. БэшӀагъэу зыкъысамыгъэлъэгъужьыгъэу, сянэ-сяти, Лаурстэн тхьамыкӀэри пкӀыхьапӀэкӀэ къысфэкӀуагъэх, сшынахьыкӀэ Къаншъао пае къысэдэуагъэх.

– Сыд аӀорэ? – Турабэ ытх быт рилъашъозэ, Рампэс дэжькӀэ зикъудыигъ.

– Зэрэзгъэпыирэр адэрэп, сешӀужьын фаеу аӀо.

– Ара? – Турабэ къызэкӀэщтагъ.– Ащ ори сэри зыфэтымыӀо горэ хэлъ, тигощэшху. Уянэ къылъфыгъэр бгъэпыиныр шӀоп.

– Сэри ар сэшӀэ, Тураб,– Рампэс гуфаплъэу Турабэ ынэгу кӀэплъагъ. Ушэтын нэплъэгъур тхьэмэ ялӀыкӀо фэщыӀагъэп, дыреплъэкӀыгъ, кӀэшъо бгыкъум ынэхэр ритыгъэх.– Сянэ къылъфыгъ сэӀокӀэ, тилъэпкъ ыкӀыб къыфэзгъэзагъэм сыдэущтэу сӀапэ фэсщэищта, сыгу къизгъэплъэжьыщта?

– Ари шъыпкъэ, тигощэшху. Лъэпкъыр оры, Рэдэд пщышхор ары, тэры. Тэ непэ къытэпыинэу езгъэжьэгъэ русичмэ агоуцуагъэр, тын телъхьэ къытфакӀорэр уянэ къылъфыгъэми, ӀэкӀыб пшыщт.

– Ары шъхьакӀэ, дунаим ехыжьыгъэхэм ягумэкӀ, ядао тыдэ схьыщт?

– Ахэмэ аӀорэр умышӀэн уфитэп,– Турабэ къыжэдэзыгъэ къодыеу, иӀо зэрэзэтемытым гу лъитэжьи, ынэхэр ыгъэупӀапӀэхэзэ, къыухыжьыгъ: – СфэукӀочӀын упчӀэп къысфэбгъэуцугъэр, тигощэшху. Уахътэ къысэт, тхьэмэ сяупчӀыжьын.

Ыкъомэ афэщынэу тхьэмэ зэрялъэӀугъэм рыкӀэгъожьэу Рампэс гощэшхом ыгу ефэхыжьыгъ. Рэдэд къыӀуагъэр зэрэшъыпкъэр джы къыпкъырыхьэу, Тураби шӀотхьамыкӀэу, ымышӀэрэр ышӀэу цӀыфмэ къашӀуигъэшӀы шӀоигъоу

зэрахэтыр зэхишIагъэу, гугъуемылI нэплъэгъур фидзыгъ, джыдэдэмкIэ ащ нахьрэ Iоф зэрэдыримыIэжьым гу лъыригъатэу, къыIуагъ:

– КIо, хъун, Тураб, усищыкIагъэ хъумэ, етIанэ сыкъыоджэн.

Зибытыгъэ хэхъуагъэу щагум дэкIыжьыщтыгъэ Турабэ кIэлъыплъэжьмэ, ыгу къыхэузыкIызэ, Рампэс гощэшхом зэриIожьыгъ: «Е-е, дунэежъ хьаф, мышIэныгъэр сыдэу тхьамыкIагъу. Мощ нахь мыхъурэм тхьэмэ ялIыкIокIэ зытигъэштэн ылъэкIыгъ. Сэ сикIалэхэри зэкIэмэ анахь дэгъу, анахь Iуш сIорэп, тхьэмэ къарапэсыгъэр агъотыгъ, цIыфмэ зэрашIошIэу аIэтых. Мыдрэ сэкъат тхьамыкIэр ицIыкIугъом къыщыублагъэу, илэгъухэр къелъэпэкIаохэу, нахьыжъхэр гукIэгъукIэ къыкIэтхэу къэтэджыгъ. Рэдэд зыфиIорэм шъыпкъэ хэлъ, нахьыжъмэ къахихыгъэр ары тызэригъэдаIорэр. Тилъэпкъ кIэ еджакIи, тхакIи тшIэу тыщытыгъэмэ, Турабэ фэдэхэр къытхэтаджэщтыгъэхэп. ЦIыфлъэпкъымэ яIэр тимыIэу тэ сыда дунаим тызыкIытетыр? ТиIагъэба зэгорэм тхакIи, еджакIи? Типшысэхэм бэрэ къахэфэ тхылъ рити ригъэхьыгъ ыIоу. Сыд тхьамыкIэгъошхуа ар тIэкIэзыхыгъэр? СикIалэ хэгъэгу зэхэсщагъэ ыIуи, гушIуагъэ. Джы хэгъэгур сфэгъэхъурэп еIошъ, зэгоуты. Ары, сикIал, цIыфмэ аIуагъэу мышъыпкъэ щыIэп: хабзэр бзэгупэкIэ къырахьакIырэп. Непэ пIорэр неущ жьым хэкIодэжьы. Урым динлэжь Думитрэ еджагъэшъ, гъэсагъэшъ, къызыкIокIэ, уIупшыхьащтым фэдэу уедэIу. Ислъам-Хьаджэми акъыл зыхэпхын къыуеIо. Ахэр къыздикIхэрэр бэшIагъэ хэгъэгу зыхъугъэхэр. ХэбзэшIум бзыпхъэ тырахы аIошъ, адыгэ гъашIэм къыхэпхыгъэм егъапши, къытэкIун пшIошIырэмэ акIырыплъ, бзыпхъэ атех. Ори укIэлэ зэпытыщтэп, бгъашIэ къэс ныбжьым хэхъо, кIуачIэм къыщэкIэ. Титхьэмэ къысфарэгъэгъу, сыхэукъомэ, сыкъагъэтэрэзыжьын. Зы Тхьэ нахь щымыIэу зыIорэ лъэпкъыхэу чыристан диным ихьагъэхэр шыблэ машIоми ыстхэрэп, хыдзэ-псыдзэми ыхьыхэрэп, жьыбгъэми тырихыхэрэп. Хэгъэгу пащэмэ динлэжьхэр зыгуаубытагъэхэу алъапсэ агъэпытэ, кIуачIэ зэрагъэгъоты. Муары, Къаншъао игъусэгъэ Темрыкъо тэ тщыщ пэтзэ, илъэс пчъагъэм шъэфкIэ чыристан диныр ыIыгъыгъ, ыIыгъыгъэ къодыеп, ылэжьыгъ. Джы Мыстхъакъо чылэм щаригъэштагъэу, къыгоуцуагъэр бэ хъугъэу рэгущыIэх. Ари щыI, ишIугъу, зыми уашъом дихьыерэп... Мы сыгу къыдихьыегъэ гупшысэхэр сикIалэмэ афэсIуатэмэ, хэт ышIэра, яшIуагъэ къэкIонкIи хъун...»

Шы лъэмакъэхэр къэIугъэх. Щагудэт кIэлитIур Рэдэдыпщым пэгъокIхи, шыр Iахыгъ, ежь янэ дэжькIэ елъэкIонзэ, унэм ихьи, мэкъэ гумэкIыкIэ риIуагъ:

– Тян, Мыстхъакъо щыбырсыр.

– Сыд къыщыхъугъ?

– Дин IофкIэ зэIупхъуагъэх. Къоданэрэ Мэщыкъорэ шыу заулэкIэ згъэкIуагъэх, Чэчани акIызгъэгъугъ.

– Тураб?

– Ащ нычэпэ, макъэ къытимыгъэIоу, мыупчIэжьэу, Мыстхъакъо бгъэкIэ зидзыгъэу къысаIуагъ.

## XI

Непэ фэдэу хьэпкIэ лъэшкIэ Турабэ иш ытIупщыгъэу къыфыхэкIыгъэп. Мызыгъэгум, Мыстхъакъо къызыдэкIыжьым, онэгум зыриIэтыкIи, шыпшъэмкIэ зикъудыигъ, шыри, ежьыри зэщыщ хъужьыгъэхэу, ытхьакIумэхэм жьыр ащышъуиштыгъ, ышъхьэ зэтезычыщтыгъэ лъыр ежъухыжьыгъагъ, гур кIэзыхырэ щынэ макIэм шым жэдигъаIи, лъэхъум тырыригъэхьажьыгъ: «Хэта сезыфыжьагъэр? Шым сидзынышъ, непэ къыздэхъугъэр хьаулые сшIыжьыщт. Сыгу зытекIодэжьэу езгъэжьэгъагъ шъхьакIэ, сишъыпкъэмэ, акъыли къызкъосэхы, ищыкIэгъэ гущыIэхэри къэсэгъотых. Хьэбатэ дэпкъым зесэкъузылIэм, ынитIукIэ ылъэгъугъэр къышIошIыгъэкIэ езгъэштагъ...» – Турабэ зыфэрэзэжьэу чылэмкIэ зэплъэкIыжьыгъ, Хьэбатэ ынэгу Iужъу къытырикIэгъэ пкIантIэр ипэIо пырацэкIэ зэрэрилъэкIэхыщтыгъэр, ынэ шIуцIэ бырылъэхэр иIупэщх лакъырд къыхэтэджэжьыгъэх.

Шъыпкъэр пIощтмэ, Мыстхъакъо къыщыхъугъэ бырсырыр къызэрыкIыгъэр ежьыр, Тураб ары. «Мафэ къэс тичылэ укъэкIон плъэкIыщтэп, уицIыф горэ мыстхъакъомэ къафэбгъэзагъэмэ, уиIоф къыпфэпсынкIэщтыгъэ» – Цыгъонэ Iу псыгъом ыIозэ, тхьэмэ ялIыкIо кIэкIахьи, зэрэфэмыфыр, зыгорэм иIэнакIэ тесыныр зэрикIасэр ышIэзэ, дин пащэкIэ аригъэштэгъагъ. Цыгъуанэ дэгъу дэдэу умышIэмэ, зыкъыуигъэштэнэу щыт, сэмэркъэур къыIотэкъу, уи-

гъэдэІон, уигъэщхын ылъэкІыщт. Ау фэмыфыр зэрэпцІыусыр Турабэ къыдилъытагъэп, псашъо уздищэнышъ, псы укъыримыгъашъоу укъызэрищэжьыщтым иакъыл тефагъэп.

Зызэрябгъэлъэгъоу цІыфмэ уашІошІы, узэрагъэлъагъорэми уасэ иІ. Цыгъуанэ дин зехьаным зызыретым, ежьыри нахь зыдэплъыхыжьэу, ыІощтыми, ышІэщтыми афэсакъэу ыублэгъагъ. Загъорэ Турабэ Мыстхъакъо зыкІокІэ, Цыгъуанэ игъусэу хьакІэщмэ зэрарыхьэрэм, ыцІэ дахэкІэ къыриІоу зэраригъэлъэгъурэм ахиІэтыкІэу, шъхьэкІафэрэ лъытэныгъэрэ къыфашІэу рагъэжьэгъагъ. Нэужым Темрыкъо къырихьыжьэгъэ чыристан диным Цыгъуанэ ылъэкІэпІэ псыгъохэр кІихыхэу къыублагъ. Апэ ащ Цыгъуанэ гу лъимытэзэ, Турабэ ынаІэ тыридзагъ. Урым Думитрэ Мэзыбэ дэкІыжьэу Мыстхъакъо зыкІокІэ, Темрыкъо бысым зэришІыщтыгъэр Турабэ ыгу рихьыщтыгъэп шъхьакІэ, Рэдэдыпщым етхьаусхылІэнкІэ рикущтыгъэп, урым динлэжьым пщышхор зэрэфэчэфыр ешІэти, къыдыримыгъэштэным е къытешхыхьаным тещтыхьэщтыгъэ. ЕтІани Темрыкъо игупшысэхэр арэу псынкІэу мыстхъакъомэ апкъырыхьаныр, ащ фэдиз цІыфым анэІу фагъэзэныр ипкІыхьи къыхахьэщтыгъэп. Псыр къызэрэкІаорэр Турабэ зызэхишІагъэр Пщымэфэ лІыжъым фырикъужьэу Темрыкъо зэрэгоуцуагъэхэр къэбаркІэ къыфихьи, Цыгъуанэ ыдэжь къызэкІор ары.

ШІункІы хъужьыгъэу шъэфкІэ къыфэкІогъэгъэ Цыгъуанэрэ Турабрэ зэІуплъэхэу, зым къыІорэр адрэм риутыжьэу, чэщныкъо нэс щысыгъэх. АІощтыр аІогъахэу, лІы пшъыгъэм ынапІэхэр къефэхыхэ ригъэжьагъэу, Турабэ къызщылъэти, Цыгъуанэ ытамэ теозэ, риІуагъ:

– Къэзгъотыгъ тшІэщтыр! Темрыкъо цІыфхэр щымэхъашэхэ тшІыщт.

– Сыдэущтэу? – Цыгъуани ынэ цІыкІухэр къэчэфыжьыгъэхэу къэтэджыгъ.

– Гъатхи, гъэмафи тикъушъхьэхэм ощх къещхыгъор ащыщынагъу, пчыкІэм защеукІыжьы, шыблэр ащызэтечы, дунаир ащэкІодыжьы къыпшІошІы.

– Ар шъыпкъэ, цІыфхэр унэмэ къарыкІынхэкІэ мэщынэх.

– Джащ фэдэ пчыхьэ горэм, пчыкІэр къэхъупскІэу, шыблэр къызыщыорэм тегъафи, Темрыкъо иунэ машІо кІадз. Шыблатхьэр къыфырикъугъ пІонышъ, чылэм къэбар хэптІупщхьащт. ЕтІанэ плъэгъун цІыфмэ акІыб зыфамыгъазэкІэ...

Тураб къыфиугупшысыгъэ бзэджагъэм Цыгъуанэ фызэгоутэу бэрэ ежагъ, зыфэе пчыхьэри къэсыгъ. Мыстхъакъо ошъуапщэхэр къышъхьарыхьи, пчыкІэр джэгоу, шыблэр зыбгырыоу къыригъэжьагъ. Ощхыр къыритІупщыгъэ къодыеу пчыкІэм чылэр къызэлъигъэнэфи, гур рихэу шыблэр къэуагъ. Ардэдэм Цыгъуанэ къакъырым зыкъычІидзи, машІор зыпылъэлъырэ пхъэцІакІэр Темрыкъо иунэ пхъэшъхьакІэ чІилъхьагъ, ипэІо лъагэ нахь зыщигожьзэ, унэ кІыбымкІэ ядэжь чъэжьыгъэ.

Іэгушъор ощх фабэм кІигъэуцоу лъэгуцым дэтыгъэ Хьэбатэ пхъэцІэкІэ машІор ынэ къыкІидзагъэти, Цыгъуанэ ышІагъэр зэкІэ ылъэгъугъ, ощхым зыхидзи, Темрыкъо ибыни, игъунэгъухэри къыІэтхи, зызыштэн игъо имыфэгъэ машІор агъэкІосагъ. Хъугъэм Хьэбатэ зыщегъэгъуазэхэм, лІы губжыгъэхэр Цыгъуанэ екІугъэх.

Щыгъын цІынэхэр гъушъэкІэ зэблихъугъэхэу, зигъэчъыепцІэу Цыгъуанэ пІэм хэлъыгъ. Ощх быбыр текІыгъагъ, шыблэ гъуагъом ымакъи чыжьэкІэ къэІущтыгъ. Хьэбатэ ынэмэ акІэІотыхьажьзэ, ылъэгъугъэр къыІотагъ. Цыгъуанэ зэхихрэр шІомыІоф фэдэу щхыгъэ:

– Хьэбатэ ежь фэдэ ылъэгъумэ, ежьырэу ыІонышъ уцущт. Мыщ ыІорэр шъушІошъ мэхъуа? Ощхыр къежьэным ыпэкІэ, шъолъэгъу, сызэрэгъэушъ, пІэм сыхэлъыгъ,– Цыгъуанэ зытыригъэхьагъэхэп.

ЛІыхэр щыгъын цІынэмэ алъыхъугъэх, унэр зэпырагъэзэжьыгъ, ау зи къагъотыгъэп. Ащ фэдизым зи зымыІоу щытыгъэ Темрыкъо къэгубжи, Цыгъуанэ етхъуагъ:

– Армэ узхэхьагъэр, сэ пшІэрэр къэозгъэІон, некІо!

Цыгъуанэ ылъакъохэр ригъанэзэ, иунэ къыращи, Темрыкъо дэжь ащагъ. Зыр Цыгъуанэ филъмэ, адрэм ыгъэІэсэжьзэ, зэушъыижьмэ, зэрэгъэблыжьхэзэ, гъэмэфэ чэщ кІакор икІыгъ. Къэбарыр Мыстхъакъо щызэбгырычъи, чылэр къызэлъыуагъ.

ЛІы хыем лыгъэ зыкІыридзыгъэр Цыгъуанэ къырагъэІонэу зырагъэзым, ежь арти зыфэягъэр мэкъэ лъэшкІэ къахиІуагъ:

– Сэ лажьэ сиӀэп. Темрыкъо титхьэхэр щигъэзыягъэх, чыристан диным шъурищэнэу шъуауж къиихьагъ. Ар зэрэфэмыгъуищтыр апэрэу Шыблэтхьэ лъэшым къыригъэлъэгъугъ. Мэзытхьэми, Жьыбгъэтхьэми, нэмыкӀытхьэхэми къызэрагъэпщынэнэу къыпыщылъыр Темрыкъо джыри ышӀэрэп, шъори мыщ шъугомыкӀымэ, тхьэхэр къышъобгыщтых, пщынэкӀаекӀэ шъуагъэпщынэщт. ЗыкъэшъуушӀэжь, мыстхъакъохэр, тятэмэ егъашӀэм агъэлъапӀэщтыгъэхэ, шъхьащэ зыфашӀыщтыгъэхэ тхьэ лъапӀэхэр ӀэкӀыб шъумышӀых, шъуатекӀодэщт!

– Ары шъхьакӀэ, Шыблатхьэм ычӀыпӀэ о сыдэущтэу, Цыгъуан, уиуцуагъа? – Хьэбатэ зыхэтмэ къахэджыкӀыгъ.– Лыгъэ зыдзэу сэ слъэгъугъэр оры.

– О чыл, сышъолъэӀу, мы нэӀутӀэжъым сыщышъуухъум! – Цыгъуанэ илъэӀу ыпэ итэу къыӀуагъ.– Мыщ зымафэ ыгу хэзгъэкӀыгъэшъ, къыстырилъхьащтым къэгъазэ иӀэп.

– Сыд сыгу зэрэхэбгъэкӀыгъэр? – Хьэбатэ къыжэхэхьагъ.– Ора сыгу хэзгъэкӀыгъэр, хьауми сэра узэрэпцӀыусыр къычӀэзгъэщыгъэр?

– Хъугъэ, ахэр тэ тизэхэфынэп! – Пщымафэ лӀыжъым ибэщ ыгъэсыси, купыр ыгъэӀэсагъ.– Моу Хьэбатэ ылъэгъугъэр зэхэугуфыкӀыгъэу къетэжъугъэгъэӀуати, зытетыубытэщтыр тшӀэн.

Ардэдэм зыкӀыб дэтыгъэ лӀыхэр Турабэ ишыпэкӀэ зэӀуигъэкӀотхи, Хьэбатэ шъхьарыуцуагъ, ылӀыщтым фэдэу ынэгу кӀаплъэзэ, еупчӀыгъ:

– Хьэбат, ушыхьат нэпцӀыныри упцӀыусыныри зэфэдэ. Цыгъуанэ зы лӀэу Мыстхъакъо дэсмэ ащыщ. Цыгъуанэ лыгъэ ыдзыгъэу унитӀукӀэ плъэгъугъа, хьауми къыпщыхъугъа?

– Слъэгъугъэ шъыу,– Хьэбатэ ымакъэ къефэхыгъ.

– «Шъыур» сыда зыщыщыр? Ущытэу очъые Цыгъуанэ къызыуеӀом, угу ебгъагъ. Уиунэ лъэгуц утет зэхъум, утечъыикӀыгъагъэмэ шӀэ, Хьэбат?

– Сыщытэу сычъыена?

– Ущытэу загъорэ узэрэчъыерэм орба зымафэ еуцолӀэжьыгъагъэр? Ар къыбдэзышӀэхэри, сэ сизакъоп, мы чылэми дэсых. Джыри зэ сыкъыоупчӀы: Цыгъуанэ лыгъэ ыдзыгъэу плъэгъугъа, хьауми пкӀыхьэкӀэ къыпшӀошӀыгъа?



– Сэри апэ пкӀыхьапӀ сшӀошӀи, сызэпӀэскӀужьыгъ, сыл зысэгъэузыжьым, зэрэмыпкӀыхьапӀэр къызгурыӀуагъ.

– О уизакъоп, Хьэбат, сэри пкӀыхьэпӀэ Ӏаехэр загъорэ сэлъэгъух, сызэпӀэскӀужьы, хьау, пкӀыхьапӀэп слъэгъурэр, нэфапӀэ сэӀо. Сыгу кӀодыгъэу сыкъызыущыкӀэ, зэрэпкӀыхьапӀэр къэсэшӀэжьышъ, сэгушӀожьы. Плъэгъугъэр пкӀыхьапӀэ нэфапӀа?

– Ащыгъум пкӀыхьапӀэнкӀи хъун. Цыгъуанэ ищыгъын цӀынэхэм тыгъопчыхьэ тылъыхъуи шъхьакӀэ, дгъотыгъэхэп,– Хьэбатэ ынэгу Ӏужъу хъурае пкӀантӀэр къытырикӀагъ.

– Джары, чыл,– Турабэ ынахэ зэхэгъэхьагъэу лӀымэ зафигъэзагъ,– зыгорэм къышӀошӀыгъэм пае лӀы хыер ежъугъэзыгъ. Тыгъопчыхьэ хъугъэр джыри зи арэп, ау титхьэхэм шъуакӀыб афэжъугъазэмэ, къызфэшъухьыжьыщт лажьэр зыфэдэр шъушӀэрэп. ШъуинасыпкӀэ сэ сышъуиӀ. Титхьэ лъапӀэмэ сэ зафэзгъэзэн, шъузэрэхэугъуагъэр къышъуфагъэгъунэу сялъэӀун. Темрыкъо сэ непэп зысшӀэрэр, хэзгъэукъуагъэми сыщыгъуаз. Тыгъопчыхьэ иунэ къеогъэ Шыблатхьэм тыригъэстыкӀы шӀоигъуагъэмэ, зыкъэзыштэгъэ машӀор Хьэбатэ къыригъэлъэгъущтыгъэп. Титхьэмэ ынэгу афимыгъэзэжьмэ, къызэрэфамыгъэгъущтыр къыгурагъэӀуагъ ныӀэп. СышъолъэӀу, титхьэхэр шъугу ижъугъэлъых, тятэхэм, тятэжъхэм ятхьэхэр жъугъэлъапӀэх. Мафэм ти Тыгъэ-Тхьэшхо щэ шъхьащэ фэшъушӀ, ынэшӀу къышъущифэнэу шъуелъэӀу.

– Тураб, сэ моу зыгорэ къэсэгъаӀу,– Темрыкъо ымакъэ ылъэкӀи, лӀымэ къахэкӀотыгъ.

– Хьау, Темрыкъу, джыдэдэм о зи къэмыӀомэ, оркӀи, чылэмкӀи нахьышӀу. Сэ къышъоӀуагъэм шъуегупшыс. Акъыл къызфэжъугъотыжьэу титхьэ лъапӀэмэ зафэжъугъэзэжьмэ, къышъуфагъэгъун...

Джы Мэзыбэ къыриублэгъужьыгъэу, мыстхъакъохэр зэрэзэкӀифагъэхэм Турабэ рыгушхощтыгъэми, гъунэгъу чылэм къыдэтэджэгъэ бырсырыр къызылъэӀэсым, Рэдэдыпщым макъэ римыгъэӀоу къызэрэчъагъэм ыгъэгумэкӀыщтыгъ. Ау щытми, зыгорэм ыӀэкӀэ пшъэсэныр зэриӀотыгъэр игопагъ: «Тхьагъэпцӏым ышъхьэ пкъолъэу, ылъэ пкъокӀы. Сэра тхьагъэпцӀыгъэ зымышӀэщтыгъэр? Тичыли, гъунэгъу чылэхэми тхьэмэ сырялӀыкӀокӀэ зязгъэштэн слъэкӀыгъэ, шӀошъхъуныгъэ къызфязгъэшӀыгъ, зэкӀэми апшъэ

зысшIи, сятхьагъэпцIэкIыгъ. ЕтIани имыщыкIагъэхэм ауж сихьи, ашIосыубытыгъэ лъэгапIэм сэр-сэрэу зыкъезгъэфэхыжьыгъ. СыдкIэ сищыкIагъэу Дэхапси къэсщагъа? Ары зэкIэ мыхъуныр къызщежьагъэр. НэтIэе Iулэшхори ащ ыкIэ ишIэжьыгъэу сищагу дэсэгъэты. Сызыфаер къызысфешIахэм, Дэхапсэ къэсщэжьын фэягъэп, делэ сехъулIи, пыут зесшIылIэжьыгъ...»

Шы улэугъэр Турабэ НэтIае рити, унэм зехьажьым, Дэхапсэ щэджэгъуашхэ ышIыным зыфигъэхьазырыщтыгъ.

ЗэIихырэ чэтым ышъхьэ къыхимыхэу, Дэхапсэ дыс хьазырэу къэупчIагъ:

– Уздэчъэгъагъэм сыд къыщыбгъэхъагъ?

– ЛIы Iофмэ уибэлагъ ахэмыс,– шъузым икъэупчIакIэ ыгу римыхьэу Тураби фэпэчэчаныжьыгъ.

– Чэтжъые пэчъэчъал пIонэу Цыгъонэ тхьамыкIэр имыIофмэ ахэплъэшъуагъэти, къыхэпщыжьынэу учъэгъагъ, ара? – Дэхапсэ къызэмыплъэкIыгъэми, зэрэщхыпцIыгъэр ытх къыхэщыгъ.

– Сыд Iоф зыхэслъэшъуагъэр?

– Лыгъэ ыдзынэу орба зыгъэблыгъагъэр?

– Тыдэ къипхыгъэ къэбар ар? – ынэхэр къыIэпыкIхэу Турабэ къызщылъэтыгъ.

– О уижэдэкIэу зэхэсхыгъагъ,– Дэхапсэ зыкъызэригъэзэкIи, чэтыр зэрэзэIихырэ шъэжъыер къыфигъэсысыгъ.– Чэщыгум нэс шъузыщэсым, Цыгъуанэ епIогъагъэр зэхэсхыгъагъ. Мышъыпкъэмэ, джы къаIо.

– Арэп, о шъузыр, пыеу сиунэ уиса?! – Турабэ плъыжьы къэхъузэ, хэкуукIыгъ.

– Сыбгъэпыимэ, зылIы фэдэу узгъэпыин слъэкIыщт,– ымакъи, ышъи зэрытэу, ынэ нэгъо дахэхэр ыуцIыргъузэ, Дэхапсэ къыIуплъагъ.– Дахэ къысапIомэ, гукIэгъуи, цIыфыгъи къыппэзгъохыщт. Ау о слъэгъурэм зыпари къыопэсыгъэп. Iупэ-бзапэ зыкъысфэпшIи, птхыкIэ узэрэсэкъатми сеплъыжьыгъэп, ыIэгу сисэу сиIыгъыщтмэ, сыда ащ нахь насыпыгъэу къыздэхъужьыщтыр сIуи, сыкъыбдэкIуагъ. Тхьэмэ урялIыкIо шъыпкъэуи сшIошъ хъущтыгъэ. Джы зыкъызэрэсфэпшIырэм, Цыгъонэ шъхьэнэкIым ебгъэшIагъэм ауж зыми узэрэщымыщыр къызгурыIуагъ. Сэ сизакъоп, зызэрябгъэлъэгъоу узэрэщымытыр нэмыкIхэми къыбдашIагъ. Ары зызкIэпшхыхьажьрэр. Апэ сыд сIуагъэми, сшIагъэми, угу темыфэу къызеогъэжьэм, къыохъулIагъэр къызгурыIощтыгъэп, НэтIае тхьамыкIэм теслъхьэщтыгъ...

– Дэхапс,– Турабэ ошIэ-дэмышIэу къэушкъоигъ, зыдэщыт чIыпIэм щетIысэхи, зэгорэм гукIэгъу фабэр зыхэлъыгъэ нэплъэгъу хьалэлэу къызэрэIуплъэщтыгъэмкIэ къыдэплъыягъ, ыIупшIакIэхэр къэтхыохи, къэлъэIуагъ: – ОркIэ сымыс, лажьэ уимыIэу бащэрэ угу хэзгъэкIыгъ. ЗэкIэ джыдэдэм къысфэбдзыгъэм зы шъыпкъэ закъо хэлъ: тхьэмэ сызэрялIыкIом уемыщэч, ау зэрэхъугъэри сымышIэу Думитрэрэ Ислъам-Хьаджэмрэ къытхахьэхэ зэхъум, ситетыгъо сIэкIэкIэу ригъэжьагъ. Ащ мафэ къэс зыдэсшIэжьызэ, сызэщефы. АщкIэ о зи лажьэ уиIэп, Дэхапс. Ау ори, хэти сынэ къыкIимыхьажьэу, сызэусэжьыщтыр сымышIэу езгъэжьагъ. СыолъэIу, хэкIыпIэ ошIэмэ, къысаIу.

– А Тураб, джы цIыфы фэдэу укъэгущыIагъэшъ, къыосIощтым къедэIу,– Дэхапси ымакъэ къэушъэбыгъ, шъэжъыер сакъэу Iанэм тырилъхьи, етIысэхыгъ.– Рэдэди, Мэщыкъуи, Чэчани, Даур тхьамыкIэри шъузэпкъэгъулэгъухэу шъукъызэдэтэджыгъ. Ащыгъум ахэмэ япIорэр апкъырыхьэщтыгъ, чылэми шIошъхъуныгъэ къыпфязгъэшIыгъэр ахэр ары. Тхьэхэми къысфарэгъэгъу, ори къысфэгъэгъу урялIыкIоп зэрэсIуагъэр, сыгубжыгъэти, сыжэ къыдэлъэтыгъ. Илъэсхэр тешIагъэх, Тураб. Уилэгъухэри лIыпкъым бэшIагъэу иуцуагъэх, лIы чъэпхыгъэ хъугъэх, яакъыл хэхъуагъ, бэмэ ягупшысэх. О зэгорэм цIыфмэ япIощтыгъэр ары непи ужэ дэлъыр. А урым Думитрэ къыуиIогъагъэм уегупшысагъэп. Тхьэмэ арэмыд, сэ чыристан диным сыфаеп, ау уишIэныгъэ хэбгъэхъон фаеба?

– Тыдэ къисхыщт шIэныгъэр, хэт къыгосхыщт?

– ЦIыфмэ къахэпхыщт, тхьэмэ гущыIэгъу уафэхъумэ, упчIэ зэхэмыфхэу къыуахьылIэхэрэр апэгъох. Хэт ахэмэ анахь джэуапышIу къыпфэхъущтыр?

– Ари тэрэз, Дэхапс. Ау упчIэ лыехэр афэзгъэуцумэ, тхьэхэр згъэгубжынхэкIэ сащыщынэзэ къэсхьыгъ. КIо, хъугъэ. Орырэ сэрырэ тызэгурыIожьыгъэмэ, сэгушIо. Сыда аIорэр, зэрэчылэ сипыин нахьи, шъузыр пыи къысфэрэмыхъу.

– МэлакIэ олIэмэ, сэ мары, нэрэ-Iэрэ агу чэтыр къэсшIыщт,– Дэхапсэ гузажъозэ, къэтэджыжьыгъ.

– Сышхэнэу сыфаеп, моу зэ Чэчанэ дэжькӀэ сырекӀокӀыщт. Колэс тхьамэтэ мафэри къызэзгъэлъэгъун, бэшӀагъэ ыдэжь сызимыхьагъэр.

– Чэчанэ дэсэп.

– Тэ щыӀ?

– Мыстхъакъо къыщыхъугъэ бырсырыр зэхафынэу Рэдэдыпщым Къоданэрэ Мэщыкъорэ ыӀофтагъэхэти, Чэчани адигъэкӀуагъ.

– Щымэ язи сапэ къифагъэп, тызэблэкӀыгъэн фай...– Турабэ къызэкӀэщтэжьыгъ.– Ахэр къэкӀожьхэмэ, пщым къыфахьыщт къэбарым зэридзэу, етӀысэхыжьыгъ.– Сэ мыстхъакъомэ дэгъоу сакъыдэгущыӀагъ, зыкъязгъэшӀэжьыгъ, ясӀуагъэр апкъырыхьагъэ фэд, Рэдэдыпщым илыкӀомэ къараӀощтыр сшӀэрэп нахь. Сыдэу пӀорэ о, Дэхапс, типщ ТемрыкъокӀэ зигъэзэна?

– Ащ фэдэ джэнджэш пшъхьэ къимыгъахь, Тураб,– бжьыныфщыгъукӀэ чэтылыр Дэхапсэ зэкӀиути, къызэплъэкӀыгъ.– Хэт щыщми акъыл къызкӀэрихыщтым типщышхо зыфекъудыи, ау сыд хъугъэкӀи титхьэхэр ӀэкӀыб зэримышӀыщтыхэм сицыхьэ телъ. Мы аужырэ уахътэхэм сыгу зэсэбгъэдзэкӀыгъэти, Рампэс гощэшхом титхьэмэ ягугъу фэсшӀыжьыщтыгъэп, ау нахьыпэм гущыӀэгъу сыфэхъу къэс ежьыри, Рэдэдыпщыри зыгорэкӀэ урымым дахьыхыгъэхэмэ сӀоти, о уихьатыркӀэ тхьэмэ зэрафыщытхэр зэзгъашӀэщтыгъэ. Яни, ыкъуи титхьэмэ боу гу къабзэ афыряӀ. Темрыкъо ышъэ икӀэу ежьагъэкӀэ, Рэдэдыпщыри, Рампэс гощэшхори дин хъожь хэхьащтхэп. АщкӀэ угу гъэпсэфы.

Дэхапсэ игущыӀэхэр псыцутхъу шъабэу Турабэ ыгу уӀагъэ къыщифагъэх, рэхьатыжьыгъэу ытамэхэр ыӀэтыжьыгъ, тхы къипшым къыдифыегъэ щыгъыныр рикъудыехыжьи, къэтэджыгъ:

– Ау щытми, зэ чылэм сыхэхьан, цӀыфмэ сахэдэӀон. Бэрэ сыкъэтыщтэп сэ,– Турабэ Ӏупэщх шъабэр шъузым пигъохи, унэм икӀыгъ.

Чэу кӀыб зэрэхъоу, тхьэмэ ялӀыкӀо зэрэзэгыижьыгъэм нахьыбэу зыфэгубжыжьыгъ: «АгъашӀэ къэс цӀыфхэр нахь Ӏуш мэхъух, сэ нахь делэ сэхъу. Дэхапсэ сыкъычӀиупхъукӀэу къызжэхэхьажь зэхъур ары ныӀэп акъыл къызызгъотыгъэр. Уиунэ ис шъузым нахь пый мэхъаджэ тыдэ къипхыщт? Сэр-сэрэу зысыукӀыжьы пэтыгъ. Сцэхэр фыӀузгъэпсхэу сыхэтыным ычӀыпӀэкӀэ сигухьэ-гужъ тескъутэу езгъажьи, зызгъэунэхъужьыным сынэсыгъагъ. КӀэсаӀоми, ащ ыжэ дэгъоу скудагъэ. СыгукӀи, сшъхьэкӀи зыфэзгъэзэжьыгъэу къышӀорэшӀ, сидахэ ерэӀу. Игъо зыщыслъэгъурэм НэтӀаий ари зэрэзэпылъхэу фыкӀае сфыщтых. Пчэгъу закъо чӀаси, шъузышӀум уигъэунэщт зэраӀорэр сымышӀэу щытэп, ау Дэхапсэ сэ пкъэоу къыскӀэуцонэу къыздэкӀуагъэп, спихырэр ичар. Иунэ илъыгъэм щыщ сиунэ къырихьагъэп, зэкӀэ ытыщмэ аригъэолӀэжьыгъ. ЦӀыфмэ къысфахьырэм инахьыбэри ыбгъукӀэ регъэкӀокӀы. Ащи гу лъысымытэу зышӀуерэмыгъэшӀ. Ар сэӀо шъхьакӀэ, гущыӀэ фэбэ заулэ зэресӀоу, ушъый тэрэзхэр къысфишӀхэу къыригъэжьагъ. СшӀэрэп, сэ бзылъфыгъэхэр къызгурыӀохэрэп...»

Турабэ кӀыщым Ӏухьи, Адышэс иш ыпэрэ лъакъохэр Емзэщ зэриупкӀыхьэхэрэм еплъэу тӀэкӀурэ щытыгъ. ГъукӀэр Дэхапсэ къыкӀэупчӀагъ, гъунэгъу ныоми ипсауныгъэ зэригъэшӀагъ. Ащ ыуж бэ темышӀэу яобзэгъухэр рагъэлъынхэу къыӀухьэгъэ лӀитӀури Турабэ къыфэчэфыгъэх, ау Адышэс кӀалэри, гъукӀэри, лӀитӀури Мыстхъакъо къыщыхъугъэм къыкӀэупчӀагъэхэп. «Ащыгъум,– ыӀуагъ Турабэ,– е рыгущыӀахэхи, ашӀомыгъэшӀэгъонэу ащыгъупшэжьыгъ, е джыри къэбар ашӀэрэп».

КӀыщым къыӀукӀыжьыгъэу унэм кӀожьызэ, Чэчанэ ыпэкӀэ къикӀыгъ.

– Тураб, сыдэу дэгъоу услъэгъугъа! – Чэчанэ къыфэчэфэу шым къепсыхыгъ.– Тэ модыкӀэ уауж титэу Мыстхъакъо тынэсыгъагъ шъхьакӀэ, тызэӀукӀэнэу хъугъэп. Шъхьэчъэ-псачъэ ибгъэфагъэх тигъунэгъухэр. Сыдэуи псынкӀэуи уакъыхэкӀыжьыгъа?

– Адэ Темрыкъо седаоу сакъыхэуцожьынэу ара узыфэягъэр? – Турабэ зышӀомыдэеу кӀэщхыкӀыгъ.– Ары титхьэхэр зыхъожьынхэ фэягъэр, ау къыдэзгъэхъугъэп.

– Дэгъоу пшӀагъэ, Тураб. Ауж мыстхъакъохэр зэзэожьыных тшӀошӀыгъ. Пщымэфэ лӀыжъымрэ Къоданэрэ лӀыгъэкӀэ агъэӀэсагъэх.

– Хэт нахьыбэм дырагъэштагъ?

– Сенэгуе о уалъэныкъокӀэ нахьыбэм зыкъагъэзагъэкӀэ. Адэ, зиунагъо бэгъон, модэ зыгорэхэм зыгорэ аӀо пае титхьэхэр щыдгъэзыещтха? СшӀэрэп, сэ сшъхьэкӀэ сагъэмэхъэшагъ, гущтэ гори сыгу къырагъэхьагъ.

– Зиусхьаным дэжь шъуекIолIэжьыгъагъэба, ащ сыд ыIуагъ?

– ТекIолIэжьыгъагъ. Арба тызгъэкIуагъэр. Ащи теубытагъэ хэлъэу къытиIуагъ: «Адыгэмэ къагъэшIагъэм шъхьащэ зыфашIырэ тхьэхэр щагъэзыенхэшъ, зы Тхьэ шIошъхъуныгъэ фашIын фае сIоу сэ сыжэ къыхьыщтэп, ащкIэ Турабэ сыригъус». ПшIагъа? Рэдэдыпщым непэ зэкIэми уипаIо къахигъэщыгъ.

– Гущыiэ дахэ тизиусхьан сфиIуагъэмэ, титхьэмэ шIукIэ къыфашIэжь,– Турабэ ыбгъэ гушIор къыдихэу, ынэ инхэр къилыдыкIыгъэх.– НекIо шъуадэжь, Колэс тхьамэтэ мафэр бэшIагъэ зысымылъэгъугъэр.

ЛIыжъ зэкIэкIуагъэм еIэсэкIзэ, гущыIэ дэхабэ Турабэ фиIуагъ, ау нэплъэгъу хьылъэу къытыридзагъэр зэблыригъэхъун ылъэкIыгъэп. КъедэIу-къедэIуи, Колэс къыфидзыгъ:

– О уигущыIэ шъоупсы, Тураб, ау сэркIэ дыджы. Сэ щытхъу сищыкIэгъэжьэп, гъэмэфэ тыгъэми сикъупшъхьэхэр къыгъэфэбэжьхэрэп. Ау сиакъыл джыри зэрэсый. КъыздэгущыIэрэм ыгу мыл тырищIыхьагъэмэ, ащ чъыIэу къыпихырэр зэхэсшIэным джыри сиIоф тет...

Мэфэ зытIу Турабэ тыригъашIи, Къодани, Мэщыкъуи заIуигъэкIагъ. Чэчанэ къызэригъэгушхуагъэм щыщ лIитIуми къакIэрихыгъэп. Рэдэдыпщыми ригъэблэгъэн, Мыстхъакъо щигъэхъагъэмкIэ къыщытхъун шIошIыгъ, ау ари къеджагъэп.

Зы мафэм къыфихьырэ гумэкIым адрэ мафэр къыхэхъожьызэ, Турабэ джыри чIыпIэ имызэгъэжьэу, къызэрэзыпагъэзырэм ышъхьэ зэрифэкIэу ригъэжьэжьыгъ, ищагу дэтыкIэкIи Дэхапсэ ащ гу лъитагъ.

Къакъырым Турабэ зычIахьэм, щыдыбзыр къызщытэджыкIыгъ, ытхьакIумэшхомэ акIырыузэ, ыIупэ цIынэ къыфищэигъ. «О зыр ары къысэмызэщыгъэр, ситхьамыкIэжъ,– нэплъэгъу чэфынчъэр Тураби пигъодзыжьыгъ.– Къосэгъухэр зэкIокIхэу рагъэжьагъ. Чыристан диным зыфэзыкъудыирэр мыстхъакъомэ язэкъуагъэмэ зыгорэущтэу сафырикъуни, чылэ пчъагъ. Рэдэдыпщыр фаеу арэшIи, хьакIуцухэри непи чыристан хъущтых. ХыIушъо зыхыхэр арых ныIэп титхьэмэ афэшъыпкъэхэу къэнэжьыгъэхэр. Сэ тхьэмэ сырялIыкIоу зязгъэштагъ шъхьакIэ, титхьэхэр къэзыугупшысыгъэхэр сэрэп, тятэжъхэми шъхьащэ ахэмэ афашIыщтыгъэ...»

Пчъэ макъэ къэIугъ. Турабэ лъэпэпцIыйкIэ уцуи, къакъырыпчъэ нэзым дэплъыгъ. Курацэ иунэ зэрихьэрэр ылъэгъуи, гъумытIымыгъэ: «Мы Iаери зымыгъэуцурэр сшIэрэп. Сыд хъугъэми, ыпэ ахэсэгъэ зэпыт. Сыгу къихьагъэр зишIэкIэ, апэ сезыхьыжьэщтмэ ащыщ. АIо шIоигъор арэIу, зых Абэчыпщым нахь шъхьэегъэзыпIэ дэгъу згъотыщтэп. Урым гъэрыпIэм Рэдэд зыгорэ къыщырашIагъэкIэ сенэгуе, Думитрэ къызыкIокIэ, ыжэ дэплъыхьэ, къыIорэр зэкIэ шIогъэшIэгъон, сэ сыд есIоми, мыщыу ешIы. Абэчыпщым сызилъэгъукIэ, сыздихьыни, сыздигъэуцуни ышIэрэп. Аужырэ зэIукIэгъум «ощ фэдэ динлэжь сиIагъэмэ, къосэгъумэ уахапхагъа» ыIозэ, бэ дахэу къысиIуагъэр. Джары, ситхьакIумэшху, укъысэплъы шъхьакIэ, нэмыкI гъогу сиIэжьэп. Ори тхьэмэ узэрашI, сэри сшъхьэ ифэшIу ыуж сихьажьын. Птыкъын къызычIэгъуалъхьэхэкIэ, ухэтми, гупсэфэу жьы къызыщыпщэщтым бгъэкIэ уекIущт. Моу зэ кIуачIэ сэгъэгъотыжь, Чэчэнэ шъхьэ зандэр къысщытхъуи сызэригъэделагъэри, Къодани, Мэщыкъуи, Темрыкъуи зыкъызэрэсфашIыгъэри афэзгъэгъункIэ орэмыгугъэх...»

Дэхапси гъунэгъу ныоми аIуплъэнэу фэмыеу Турабэ къакъырым къычIэкIошъыжьи, щагум джыри дэкIыгъ, зыдакIори ымышIэу, ыпэ зыдэгъэзагъэмкIэ чылэм хэхьагъ.

## XII

Пащэ хъурэр IэнатIэм кIэбэнрэп, ар ежь ылъ хэлъэу къыдэхъу.

Рэдэдыпщыр ишэн гъэтIылъыгъэкIи, изекIокIэ-шыкIэхэмкIи, инэплъэгъу игъэкIотыгъэкIи зыщыщ лъэпкъым шIоу хэлъыр зэхиугъуаий къыхилъхьагъэм фэдагъ. Ежьыри ащ фэлэжьэным, нэмыкI лъэпкъхэу ышIэхэрэм аригъэнэкъокъуным, акIигъэхьаным кIэхъопсыщтыгъ. Илъэс пчъагъэм гъогу убэгъэ занкIэп ащ ыкIугъагъэри, къебэнынхэри, ичIыпIэ иуцо зышIоигъохэри къыкъокIыгъагъэх. Нахьлъэши, ытыкъын лъы етыфэ, пщыгъом шъэфкIи, нафэкIи кIэбэныгъагъ. ХьакIуцу Барычи ары.

Банэ зыдэщымыIэм, гъашIэ щыIэп. А зэпстэумэ Рэдэд игупшыси, илIыгъи, илъэпкъ гумэкIи апсыхьагъ. Лъэпкъым

ыпэ зыщыригъэуцощтым ежьыри адыгэмэ афишlэн зэрэкъолъыр зыдишlэжьыщтыгъ.

Акъыл чан зиlэ цlыф lушхэм гукlодыпхэхэр къахэкlых. Зэ ыпэ къыпакъэу, афишlэрэр къызагурымыlокlэ, сэ адрэмэ анахьыбэ сищыкlагъа ыlомэ, зэкlакlомэ тlысыжьхэрэр мымакlэу лъэпкъымэ ахэт. Лаурстэныпщымрэ Рампэс гощэшхомрэ Рэдэд къазэрэхэкlыгъэм изэкъуагъэп адыгэ лъэпкъым къыхэзгъэщыгъагъэр, тхьэмэ къыратыгъэ акъылышlом пытэгъэ-гушхуагъи дырилэжьыгъ. Анахь чlыпlэ къиным ифагъэми, лъэпкъым джэуап зэрэфэхъун фаер щыгъупшэщтыгъэп.

Рэдэдыпщым зэхищэгъэ адыгэ лъэпкъ пчъагъэмэ кlуачlэ аригъэгъотыныр, гъунэгъу хэгъэгухэм уасэ къафаригъэшlыныр зэрэмыпсынкlагъор мафэ къэс зэхишlэзэ, хэкlыпlэмэ алъыхъущтыгъэ, олэжьэ-ошхэжьыкlэ къэралыгъо узэрэмыхъущтыр къыгурыlощтыгъ. Лъэпкъ пэпчъ зытес чlыгум къыригъэтын ылъэкlыщтхэри Рэдэдыпщым зэригъэфэгъагъэх. Къахахьэхэрэ сатыушlэмэ къащэрэ шэкlхэр, хьап-щыпхэр зэкlэ ихэгъэгу къыщамышlыщтми, ежьмэ аlэ къырагъэхьан алъэкlыщтхэри, нэмыкl хэгъэгухэм аращэнхэу яlэхэри зэпищэчыщтыгъэх. Зэкlэ хэгъэгухэм азыфагу щызекlорэ дышъэмрэ тыжьынымрэ иlэмэ, ежьыри сатыушlэ хэгъэгоу ахэуцон зэрилъэкlыщтым ишъыпкъэу ыуж ихьагъэу къушъхьэхэм, псыхъо ныбэхэм, кlэй лъэгухэм ицlыф купхэр ащигъэлъыхъощтыгъэх.

Емызэщрэм зылъыхъурэр егъоты. Цухъо Дэмыр ригъэжьэгъагъэ купыр дышъэ лъагъом апэ теуцогъагъ. Щэхэкlэй хьакlуцухэр дэкlыхи, ыпшъэкlэ дэкlуаехэзэ, къушъхьэтхыр зэпачи, къокlыпlэмкlэ къичъырэ Шъхьэгощэ псыхъо ныбэ дышъэ цэрыцэхэр гъэжъуацэмэ, коцыцэмэ афэдизхэу къыдагъотагъэх. Пшэхъуалъэхэм къащыуцухи, щыбзэкlэ пшахъор псым щазымэ дышъэр къыхахэу рагъэжьагъ. Шъхьэгуащэ хэчъырэ псы лъакъохэри, къыхэлъэдэрэ псыхъо цlыкlумэ ащыщхэри дышъэзехьэхэу къычlэкlыгъэх.

Мэзыбэрэ Мыстхъакъорэ, нэмыкl чылэмэ адэкlыгъэ купмэ тыжьын зыхэлъ къатхэм языщэлlэнхэр къушъхьэчlэсмэ къахэкlыгъэх, тыжьынгъэткlу хьакухэри ашlыгъэх. Къушхьэ кlыбымэ ащыпсэурэмэ якlэй чlыпlэхэм гъучl пцlыйхэу ахэлъхэр гъукlэлlхэм бэшlагъэу къахахыщтыгъэхэти, ахэри, зыщагъэткlурэ хьакухэри бэкlэ нахьыбэ ашlыгъэх.

Чъыг-сэнэшъхьэ хатэхэу, мэщ хьасэхэу адыгэмэ къагъэшlагъэм алэжьыщтыгъэхэм, былым зэфэшъхьафхэу ахъущтыгъэхэм дышъэ-тыжьын къычlэхыпlэхэр къазыхахъохэм, хэгъэгум лъапсэ зэришlырэр Рэдэдыпщым зэхишlагъ, мэшlо лъэш къэзытыщт шlомыкlыр пхъэ пытэ лъэпкъымэ къахэзыхыщт куп пчъагъэхэри афигъэнэфагъэх. Ахэр зэкlэ зэпхыгъэхэу, къычlахыри, пшахъом къыхахыри, ятlэм хагъэжъыкlыри зы lэмычlэ зэрэхъунэу, хэгъэгум имылъку къызэрагъэбаинэу Рэдэдыпщым зэригъафи, ышнахьыкlэ Шыупащэ афигъэзагъ. Мэщыкъуи, Адышэси ригъэгъусэжьыгъэх. Дзэ гъэсэнэу ыlэ къыригъэхьагъэм кlалэр къыlумыкl шlоигъуагъ, фэмыгъэцэкlэным тещтыхьэу зыкlэкlищэикlыгъ, ау пщышхом рихъухьагъэм шlокlыгъэп.

Бжыхьэ кlахэм ригъажьэти, кlымэфэ реным гъэтхэ губгъо lофышlэнхэр къэсыфэхэ, дышъэр, тыжьыныр, гъуаплъэр, гъучl пцlыир зыщагъэтlкlурэ хьакуlухэм мэкъумэщышlэхэр ащигъэлажьэщтыгъэх.

Шыупащэ сыд lоф Рэдэдыпщым фигъэзагъэми, ыгуи, ыпси хилъхьэу ыгъэцакlэщтыгъэ. Джы зыпылъ lофымкlэ зэпикlухьэщтыгъэм гъунэ иlагъэп, зыщищыкlагъэм цlыфхэр щызэхищэщтыгъэх, хэти ищыкlэгъэ lэпыlэгъур ригъэгъотыщтыгъэ.

Мафэ горэм, кlымафэр бжыхьэм къытекlоу зыщыригъэжьагъэм, щыгъын фабэхэм Шыупащэ къалъыкlуагъ. Пщы щагум зэрэдэхьажьэу, Агъбан нэгъуцушхом, имышэныгъэу, нэгушlо ихыгъэкlэ къэбар гушlуагъор кlалэм пигъохыгъ:

– Гушlуапкlэ къаштэ, Шыупащ, джыри шынахьыкlэ уиl.

– Сыдигъу къызыхъугъэр? Ащ нахь гушlуагъо къысэпlожьынэп, Агъбан! Тхьэмэ мэфэ шъыпкъэ тфашlынэу сялъэlу.– Шыупащэ ынэхэр къилыдыкlхэу ухъумэкlо лlышхом lугушlуагъ, иджыбэ иlэбэжьи, дышъэ такъыр цlыкlу фищэигъ: – Ащ сенэгуий, мыр къыздэсштагъ, Рэдэд емыlу, къысфидэщтэп.

– Сэ джау сыдми гушlуапкlэм игугъу къэсшlыгъ нахь...– Агъбан укlытэжьыгъэми, дышъэ такъырыр иджыбэ рилъхьагъ.– Непэ мэфэ тlокlырэ зырэ хъугъэ.

– Ащ фэдизым сыд пае макъэ къысамыгъэӀугъ? – Шыупащэ къыхихыгъ.

– Рампэс гощэшхом ишъыпкъагъ, ау зиусхьаным ыдагъэп, апэрагъэмэ зыгорэм фэдагъ, сабый къытфэхъу къэс Іофы зедгъэшІына ыІуи, къыпфаІопщыгъэп.

– ЦІэ фэусыгъа?

– Хьау, о фыуагъэус ашІоигъоу къыожэх.

– Ащыгъум Зэфэскlэ седжэщт. Джыри шъао къытфэхъумэ, а цІэмкІэ седжэн сІоу сыгу илъыгъ.

Пчыхьэм Шыупащэ ахэкІыжьи, Рампэсрэ ыкъо нахьыжъырэ къызызэфанэхэм, ным цІэцІэ макъэкІэ къыригъэжьагъ:

– Арэп, Рэдэд, пшынахьыкІэ пшхын угу хэлъа? Плъэгъурэба зэрэзэхэуагъэр? Чылэм алъэгъумэ, тыкъыраІухын. Адыгэхэр зыфэдэхэр пщыгъупшэжьыгъа? Апэ дэдэ сэры агъэмысэщтыр. КъылъфыгъагъэмэҮ, арэу кІэшІагъэу ыІыгъыщтыгъэп аІощт.

– Сэ есэгъэзы пшІошІа? – Рэдэди зиухыижьыгъ.– Сыд Іоф фэзгъэзагъэми, Шыупащэ зишІэжьрэп.

– Фэсакъ, сикІал. Хэт мор игъом къушъхьэ тыкум щызыгъашхэрэр? ЕтІани къыосІон сэІошъ, нахь Іофхэр къыкъоkІызэ, сІэкІэгъупшыкІы. Икъунба изакъоу зэрэхэтыгъэр. Муары, ишъэогъу Адышэс унагъо зыхъугъэр ащыгъупшэжьыгъ.

– СшынахьыкІэ сэ къезгъэщэнэу ара къибгъэкІырэр, тян? – Рэдэд ІущхыпцІыкІыгъ.– Къащэ есІоныр къекІурэп.

– О емыІомэ, езыІон бгъотырэба? – Рампэс ыкъо фыкІэкІотагъ.– Ишъэогъумэ рягъэаІу, шІохаубытэнэу яІу.

– Ежь ыгу рихьыщтмэ сшІэрэп нахь, сэ боу пшъэшъэ дахэ къыфэзгъотыгъ. Ори нысэкІэ укІэмыгъожьынэу къысшІошІы.

– Хэтмэ япхъу, нынэ? – нэгу зэхэгъэхьагъэр Рампэс къызэхихыжьыгъ, зэригъэшІагъорэр ынэмэ къакІэщыгъ.

– Абэч зыхыпщым ышыпхъу нахьыкІ, тигъэрекІорэ Къосэгъу зэхахьэ къыздищэгъагъ. КъэошІэжьмэ, ары сыкъыздагъэшъогъагъэр.

– Къэсымышlэжь мэхъуа, сикІал. Боу дэгъоу къэсэшІэжьы. Ащ фэдэ нысэ сиІэ хъумэ, ежьыри унэм нахьыбэрэ къэкІолІэжьынба?! – унэгъо ІофхэмкІэ аужырэ мазэхэм



Рампэс анахьэу зыгъэгумэкІыщтыгъэр зэшІуихыгъахэ къыщыхъоу, ыгукІи, ышъхьэкІи гупсэфыжьыгъэ.

Гъолъыжьыным дэмыгузажъоу хьакІэщ тахътэм Рэдэд тесыгъ. ШъорышІыгъэ хэмылъэу янэ Шыупащэ зэрэфэгумэкІрэр пщышхом ыгу фэбэпскІэ щызэбгырычъи, хэгъэгу гъэпсынымкІэ бэмышІэу зыхигъэдэІогъэ гупшысэхэм афигъэзэжьыгъ. Ахэмэ янахьыбэм ежь иакъыл анэсыгъагъ, ыгукІэ зэригъафэщтыгъэх, гу зылъимытагъэхэри ахэлъыгъэх. «Тянэ ащ фэдизэу куоу чІэлэбэн, лъэпкъым чыжьэу фэплъэн елъэкІмэ, тятэ тхьамыкІэр хэт фэдэгъэщта? – ятэ ижьау чІэмытэу къызэрэтэджыгъэм Рэдэд ыгу къыпиІонтІыкІыгъ.– Насып сиІэти, Колэс тхьамэтэ мафэр ты папкІэ-сятэжъэу къысшъхьарытыгъ, тхьэмэ къыратыгъэ акъылри, тятэ кІэрихыгъэри къысхилъхьагъ. Сэри силъэгъун дунаим щизымыгъэкъурэ нитІур тхьэмэ къысатыгъ, щыІэмэ анахь чъэрыр сыбгъэ къыралъхьагъ. Гу цІыкІум хэгъэгухэр къечъыхьэ, спэкІэкІыгъэр сынэгу къыкІэуцожьы. Моущтэу тызэтеуІубагъэу жантІэм тыдэскІэ хъущтэп...»

ГущыІэ-щхы макъэм Рэдэд игупшысэхэр зэпичыгъ, шъхьэ къэІэтыгъо имыфэзэ, Чэчанэ хьакІэщым къипкІагъ:

– Сыдэу дэгъуа, зиусхьан, узэрэфэпагъэу джыри узэрэщысыр,– гушІуагъо горэ къызэриІощтыр ынэгу къыкІэщэу, шъэогъум ыІапэ къыщэигъ.– Моу джыдэдэм дзэкІолІ гъэсапІэм сыкъикІыжьыгъэти, хьэкІэшхохэр тиІэхэу къычІэкІыгъ. Думитрэ къэкІуагъ, урымылІ гори игъус. О ащ дэгъоу уишІэу еІо.

– Сыд ыцІэр? – Рэдэд шъхьэр къыпхъотагъ.

– Костэкъу ыІуагъэмэ сшІэрэп.

– Костасмэ шІэ?! – Рэдэд ин-инэу джы къызщытэджыкІыгъ.

– Ары, ары, Костас ыцІэр. Сэ урымыцІэхэр хъатэу сшІэрэп, сыкъэсыфэ сщыгъупшэжьыгъ.– Чэчанэ зиухыижьыгъ.– О ащ бысым уишІы шІоигъоу гуІагъэ, ау Думитрэ ыдагъэп, бысым хъожьыр адыгэмэ якІасэп ыІуи, тадэжь къыщыуцугъэх.

– Урым хэгъэгум сызыщаІыгъым, Костас ары зэдзэкІакІоу сиІагъэр,– Рэдэд гущыІэм хэтэу иІэшэ-шъуашэхэр бгыкъужъыем къыпихыхи, зыгуилъхьэхэзэ, къыхигъэхъожьыгъ: – ЛІы къопцІэ лъаг, жэкІэпэпкъ тІаркъу, ынэгу сэмэгу лыпцІэ шІуцІэ цІыкІу хэс, арба?

– Ынэгу лыпцӀэ хэсми сэ гу лъыстагъэп, ау ыцӀэкӀи итеплъэкӀи о зыфэпӀорэ лӀыр ары.

Рэдэдрэ Чэчанэрэ шлункӀым зыхэкӀуадэхэм, Агъбанэ мэкъэ-лъэкъэнчъэу ауж ихьагъ.

– О-о, къакӀо, къакӀо, зиусхьан. Уалъэгъу ашӀоигъоу тихьакӀэхэр зэгоутых,– Колэс бысымыр гу хьалэлкӀэ пщым къыпэгъокӀыгъ.

Рэдэд Ӏупэщх фабэр ыпэ итэу Думитрэ ыӀапэ ыубытыгъ, Костас ыпашъхьэ иуцуи, ыӀупшӀэхэр хъублаблэхэу, къилыдыкӀрэ нитӀур упсэпсагъэу нэгъэупӀэпӀэгъу заулэ Ӏуплъыхьи, хъулъфыгъэ ӀаплӀ пытэ зэращэкӀыгъ, зызэкӀэращэикӀыжьхи, атамэхэр зэрэӀыгъхэу гушӀопс фабэкӀэ зэӀуплъагъэх.

– Сыгу укъыпымылъадэу, Костас, мафэ къысэкӀугъэп,– Рэдэд къыӀуагъ.

– Сэри бэрэ сыгу укъэкӀыщтыгъ, Рэдэд. Думитрэ благъэ къызысфэхъугъэм ыуж, тызэӀукӀэ къэс уигугъу тэшӀы. Уилъэпкъ пщы пэщэшхо узэрэфэхъугъэр зысэшӀэм, сянэ къылъфыгъэм фэдэу сыгушӀогъагъ.

– Къосэгъумэ ащыгъум сызэряпщыгъэр пшӀошъ хъущтыгъэп, шъыпкъэба, Костас? – лӀы хьакӀэр ыгъэтӀысызэ, Рэдэд тхьагъэпцӀэу Ӏущхыпцӏыкӏыгъ.

– Зытемыт къэсэӀокӀэ, сыд пкӀэ иӀэжь,– Костас нэплъэгъу хьалэлыр къыфидзыжьыгъ.– Ары зэрэщытыгъэр. Къосэгъупщымэ, сыдэущтэу гъэрэу мыщ нэс къащагъа сӀощтыгъэ.

– О сыдэущтэу сатыушӀэ ухъугъ?

– Укъызыхэхьажьым, къэошӀэжьмэ, къысфэбгъэзэгъэгъэ дышъэм гъогу хысигъэхыгъ. Сатыум сыхахьи, мылъку дэгъу зысэшӀым, къухьи сщэфыгъэ. Джы илъэс зытӀущ хъугъэу нэмыкӀ хэгъэгухэми сащэӀэ.

– Талъэныкъо сыд ипщын пӀорэ?

– Былымышъохэр, мэлышъохэр, мэлыцыр, шъоур, ау, ошӀа, зиусхьан, сэ сапэкӀэ къакӀощтыгъэхэм мэлышъохэр бэу къащэщтыгъэ, мызыгъэгум щыӀахэп пӀоми хъущт.

– Мэлышъохэр тэри тищыкӀагъэ хъугъэх. Бэ дгъэфедэрэр.

– Сыд ешъушӀэрэ?

– Дышъэцэ жъгъэихэу тикъушъхьэ псыхъомэ зыдахырэр мэлышъохэмкӀэ къэтэубытых. ЩэнджыпӀэмэ ахэтэубгъохэшъ, а цэ жъгъэйхэр цымэ къахэнэх.



– Ары, ары, а шӀыкӀэмкӀэ шъуалъэныкъо дышъэр зэрэщаугъоирэр бэшӀагъэу зэхэсхыгъагъэ.

– Панатидэ сыд икъэбар? Сэ сауж ыгъэбэнэн къыгъотыгъа?

– Панатидэ щыӀэжьэп. ЗыдэкӀожьыгъэм Тхьэм шӀу щешӀ, цӀыф хъэтагъэп, ау щымыӀэжьым дэйкӀэ тегущыӀэхэрэпышъ, игугъу сшӀынэу сыфаеп.

– Уз горэм илӀыкӀыгъа хьауми…

– БзэджашӀэмэ аукӀыгъ. Дышъи, тыжьыни, унэгъо ӀапӀи иӀэр зэкӀэ тырахи, ежьыри машӀом хагъэстыхьажьыгъ.

– ШӀу угу имылъэу шӀу къыбдэхъущтэп, арба, Костас? – Колэс гущыӀэм къыхэхьагъ.– Лъэпкъыр зыщыгугъырэ типщ къежьэгъакӀэ хым зэпыримыщыгъагъэмэ, тхьэхэр къыфэсакъынхэекӀи мэхъу.

– Панатидэ мыхъун зэришӀагъэр Рэдэдыпщым изакъоп,– Костас къыдыригъэштагъ.– Ащ шъэ пчъагъ ыгъэлъэпэуагъэр. Ахэмэ ахэтыгъэх ыӀэбжъэнакӀэ бгъэузымэ къыфэзымыгъэгъущтхэр.

– ТызызэӀукӀагъэкӀэ, Костас, ори ары, Думитрий,– Рэдэдыпщым гущыӀапэр ыубытыжьыгъ,– хэгъэгу Ӏофхэу сызгъэгумэкӀхэрэмкӀэ сышъолъэӀу сшӀоигъу.

– ТыкъэдаӀо, зиусхьан. ТлъэкӀыщтымкӀэ къогъанэ къыпфэтшӀынэп,– ащ ежэщтыгъэ фэдэу Думитрэ къыӀуагъ.

– Хьылъэ къышъуӀущымыхъущтмэ, шъукӀожьын хъумэ, сицӀыфхэр шъуалъэныкъокӀэ, Урым къыжъудэзгъэкӀощтых.

– КъухьитӀум нэбгырэ заулэр арыфэнба, сыд пае хьылъэ къытщыхъущт? – Думитрэ игъусэ упчӀэ нэплъэгъур фидзыгъ.– Сыд пӀорэ, Костас?

– ИщыкӀагъэу олъэгъумэ, зиусхьан, тӀэгу исхэу зыдэтхьыных,– Костаси нэшӀукӀэ Рэдэд къеплъыгъ, къеупчӀыгъ: – Сыд лъэгъун яӀэщт?

– Шъуихэгъэгу щызэрахьэхэрэ хэбзэ-унашъохэм акӀырыплъыщтых. Ибэ нахьыбэу тызыфаер Ӏашэ. Тэ тиӀэр шъошӀэ, тимыӀэ Ӏашэхэри дгъотхэмэ, тӀэ къидгъэхьан, цӀыф ӀэпэӀасэхэр тэри тиӀэх.

– Ӏо хэлъэп, дзэ уиӀэмэ, ӀашэкӀэ уузэндын фай,– Думитрэ гумэкӀ горэ ынэгу къыкӀэхьагъ.– Тхьэм ыӀомэ, зиусхьан, мы аужырэ илъэсхэм гупсэфэу шъущыӀ.

– Щынагъо щыIэми, щымыIэми Iашэу щыIэмкIэ дзэр уIэшыгъэн фаеу сэ сэлъытэ,– Костас игъусэ пеожьыгъ.

Думитрэ ынэгу къыкIэхьэгъэ гумэкIым Рэдэдыпщым гу лъитагъ, Костас хьарамыгъэ ымышIэу ыгу илъыр къызэриIуагъэр игуапэу, къэупчIагъ:

– Iашэм игугъу къызэрэсшIыгъэр угу рихьыгъэба, Думитрий?

– Узгъэгугъэу сфэгъэхъугъэп сIожьыным сыфаеп, зиусхьан,– Думитрэ зэнэгуерэр занкIэу къыIуагъ.– Византиер зыфаер ори дэгъоу ошIэ. Тумтэкъашъэ пщыгъор щызыIыгъ Мстислав типащэхэм къыдырагъаштэ. Тиурым бэкIаехэри ащ щэпсэух. Адыгэмэ ячIыгугъэм русичхэм зызэрэщагъэпытагъэр о угу рихьырэп, ежьхэри ащ блэкIыхэшъ, тын яшъутын фаеу къырагъэкIы. Бэ шIэн, макIэ шIэн, русичхэр къызэрэптеощтхэр угукIэ зыдэпIыгъ, зиусхьан, шъыпкъэба?

– Ащ уеджэнджэшыжьынэу щытэп, Думитрий.

– Чыристан диныр уилъэпкъ земыгъаштэкIэ, Византием русичхэр къыуигъэбэныщт. О ахэмэ узэрапэуцужьыщт Iашэ уигъэгъотыным типащэхэр фэещтхэп. Ары сыкъэзгъэнэшхъэигъэр. Пэрыохъу къытфэмыхъухэмэ, Костаси сэри тлъэкI къэдгъэнэнэп.

– Хъумэ, дэгъу. Мыхъумэ, сыгу шъобгъэщтэп,– ыкуашъомэ IэшхуитIумкIэ атеуи, Рэдэд къэтэджыжьыгъ.– Неущи, неущмыкIи мафэ щыI, зыжъугъэпсэф, етIанэ нахь тызэдэгущыIэн.

Пчэдыжьым жьэу кIигъэтаджэхи, Рэдэдыпщым шыухэр гъунэгъу чылэхэм, хьакIуцухэм, зыхэхэм, мыутIэхэм ахигъэхьагъэх, ищыкIэгъэ цIыфхэр къыфащэнхэу афигъэпытагъ, Шыупащи къыздикIыгъэ къушъхьэм ытIупщыжьыгъэп.

КъыкIэлъыкIогъэ тхьэмафэм Мэзыбэ щызэфигъэсыгъэ чылэгъо лIышъхьэмэ Рэдэдыпщым ариIуагъ:

– Титхьэмэ анэшIу къытщафэнэу сялъэIу. Непэ къин къытфыкъокIми, тхьамыкIагъо горэ къыттеоми, хэгъэгум шIу къихъухьэми, тызщыгугъынэу тиIэр шъоры. Тинахьыжъмэ аIо: «Хабзэ зымышIэрэр хэбзашIэ макIо». Тэ хабзэ тымышIэу ащ къизгъэкIрэп. Тихабзэхэр нэмыкI лъэпкъымэ ахэлъ хабзэмэ анахь мыдахэхэмэ, акIэ кIощтэп, ау хэгъэгу зехьаным тэ тымышIэу бэ хэлъыр. Тэ тыгъуас ныIэп хэгъэгу тызыхъугъэр. Урымым, Мысырым, нэмыкI



хэгъэгумэ афэдэхэр бэдэдэ шIагъэхэу хэгъэгу зэикIыхэу мэпсэух. ЗэкIэми танэсын тлъэкIынэп, ау, къыздэшъоштэмэ, урымхэм адэжь Шыупащэ нэбгырэ зыщыплI игъусэу ахэзгъэхьан сэIо. Русичмэ ахэхьащтхэм Темрыкъо пащэ афэсэшIы, ащ абзэ ешIэ. Генуйхэм хэт афэдгъэкIощт?

– Зыхы къикIыгъэмэ ахэмэ абзэ ышIэу зы хэт, зиусхьан,– Темрыкъо къахэджыкIыгъ.

– Дэгъудэд. Иран бгъэкIощтхэр адэ?

– Сэ аланмэ сахэсыгъ,– МыутIэ къикIыгъэ лIы нэгуф лъагэм зыкъаригъэшIагъ.– Ахэмэ абзи, иранхэм абзи тIэкIу зэтефэ, зиусхьан.

– О нэбгырэ тхьапш уигъус?

– ЛIитIу сигъус.

– Ащыгъум тызэзэгъыгъ. ГъогупкIэ шъуфэхъущт дышъэри, тыжьынри Мэщыкъорэ Къоданэрэ къышъуатыщт. Непи сиIэп, неущи сIорэп. Куп пэпчъ хьазыр шъузэрэхъоу, гъогу шъутехьэ. Тэ тимыIэу, тищыкIагъэу къэшъулъэгъурэр къэтщэфыщтышъ, ащи шъунаIэ тежъугъэт. Тщыгъупшагъэ щыIэмэ е зыгорэм тиакъыл темыфагъэмэ, къашъуIо, тэ сыдигъуи ыужрэ акъыл тэшъумыгъэIожь.

– Сэ упчIэ сиI, зиусхьан,– пщышхом ыкIыбыкIэ пчъэм къыдэкIыгъэ Турабэ ымакъэ къэIугъ.– Урым хэгъэгум бгъэкIощт Шыупащэ сыдыбзэкIэ адэбгъэгущыIэщта?

– ТыбзэкIэ адэгущыIэщт,– игубж зэтыриIажэзэ, Рэдэдыпщыр Турабэ фыреплъэкIыгъ.– Пчъаблэм угомытэу, моу лIымэ къахэтIысхь.

– Урымхэр адыгэ хъужьыгъэха, зиусхьан, хьауми пшынахьыкIэ урымыбзэ зэригъэшIагъа? – пщышхом риIуагъэр зэхимыхыгъэ фэдэу, лакъырдыгъэкIэ Турабэ джыри къэупчIагъ.

– Тизэфэс къекIолIагъэхэм тызэгурыIоным пае къэсэIо,– Рэдэдыпщым къыфадзыгъэм Iоф зыримыгъэшIэу, нахь гупсэфэу лIымэ зафигъэзэжьыгъ,– Урым хэгъэгум Шыупащэ зыкIыфэзгъэзагъэр зэрэсшынахьыкIэм паеп. Мы мафэхэм урым лIитIу тихьакIэ. ТIуми адыгабзэр ор-сэрэу ашIэ. Зыр Костас. Урым хэгъэгум сызыщэIэм, шъэогъу къысфэхъугъагъ, уицыхьэ зытелъын цIыф. Ащ игъусэ Думитри адыгэ шъолъырым щызэлъашIэ. Ари тэ къытфэшъыпкъ. А лIитIур Шыупащэ хащэ къыфэхъунхэу, илъэгъун

къыфагъэцэкӀэнэу сязэгъыгъ. Шыупащэ хъущтэп, нэмыкӀ гъакӀо шъуӀомэ, сыкъезэгъы. Ар къызӀусщыгъэри Ӏофышху.

ЛӀыхэр къэзэрэгъэбырсырыгъэх, пщым къыдырагъаштэу къыхэкуукӀыгъэх:

– Шыупащэ гъакӀо! Ыпшъэ ифэщт!

– Урым хэгъэгум о укӀо пшӀоигъомэ шӀэ, Тураб? – пщышхор Ӏупэщхьэ фыреплъэкӀыгъ.

– Зиусхьан, ар зыфаер сэ сэшӀэ,– Темрыкъо ӀэжэгъэшъырытыгъэкӀэ къыӀуагъ, нахь мэкъэ теубытагъэкӀи къыухыжьыгъ: – Турабэ ытх зэпызыутын горэм лъэхъу. Зымафэ бгъэжъым фэдэу къытхэбани, тызэӀишӀэжьи, тхэхъушъутыжьыгъ, гущыӀэ зэрытигъэӀуагъэп.

– Къащ нэгу ухъужьэу, ора сыздэгущыӀэщтыгъэр? – зыфэмыӀэжэжьэу Турабэ къыфилъыжьыгъ.– Ори, зиусхьан, уасэ къыпфэсшӀэу, уигущыӀэ згъэлъапӀэу сыкъыбготыгъ шъхьакӀэ, ащ нахьыбэ сфэщыӀэжьыщтэп. Зэфэсым щышъуӀуагъи, щишъухъухьагъи сыкъезэгъырэп. ЛӀыкӀохэр зыфэпшӀыщт хэгъэгухэм титхьэхэр щагъэзыягъэх, тэри такӀыб афэдгъэзэнэу аӀо. О ахэмэ хабзэ къахэпхынкӀэ, бзыпхъэ атепхынкӀэ уащэгугъы. ТызтекӀодэжьыщтыр ары тызфапщэрэр. Тхьэхэр къытэбгыщтых, тырагъэчъэхыщт.

– Хэт ихьа къыоцэкъагъэр, Тураб?! – Рэдэдыпщыр апэрэу къэтхьауягъ, иакъыл щыуагъа ыӀуи, нэбэ-набэу Ӏуплъагъ.– Хэгъэгу хабзэхэр зэбгъэшӀэнымрэ динымрэ сыда зэрэзэхахьэхэрэр?

– Шъузыфаер шъушӀэ, шъузыфаем шъукӀу, титхьэмэ шъузырагъэчъэхкӀэ, Турабэ тэ къитхыжьына шъумыӀожь! – Турабэ зигъэчэрэгъуи, елъэкӀонзэ, щагум дэкӀыжьыгъ.

Турабэ унэм зыфеузэнкӀыжьым, зэфэсым хэсыгъэмэ ариӀуагъэри, пщышхом зэрэжэхэхьажьыгъэри лъыгъэкӀэ зыфилъэгъужьзэ, ыгу къижъэжъыкӀэу елъэкӀоныщтыгъэ. Ау ядэжь нэсыжь зэхъум, къызэкӀэщтэжьи, икӀо щигъэкӀагъ. Щагум дэхьажьмэ, Дэхапсэ теплъэнэу фэягъэп, НэтӀай нэмыӀэмэ, езэоным е зыгорэ ришӀэным тещтыхьэщтыгъэ.

«Ащ нэмыкӀэп Дэхапсэ бзэгу сыфэзыхьыгъэр,– Турабэ ыцэлышъхьэхэр зэригъэшхыгъэх.– А-ей-гущ, Ӏагъоу къысӀэкӀафэу а мылӀ-мышъузыр лыцӀыкӀу-лыцӀыкӀоу сыупкӀэтэгъагъэмэ, сыгу жьы дэкӀыщтыгъэ. Сызфэсакъыжьэу сӀощтыгъ, къакъырыпчъэр есымыгъэтэу щыдым зэ нэмыӀэми секӀолӀагъэп. Сыдэу хъумэ силъэгъугъа а шӀоижъым? ЗыгорэкӀэ къысэгуцэфагъэу, къакъыр кӀоцӀым зыщигъэбылъыгъэгъэна? Е-е, Тураб, Тураб, хьэр тыгъужъым ыхьын зыхъукӀэ, игъолъыпӀэ екӀы зыфаӀуагъэр ощ фэдэ гор. ЧылэлӀымэ къялыжьыгъэр къапщэмэ, ащ нахь Ӏаехэри къыохъулӀэщтых. Олъэгъуа ащ къызэрэсиӀокӀыгъэр: «Щыдымэ къыппехымэ сшӀэрэп». «О Нахьлъэш цӀэплъыжъыми, Хьэкъари, нэмыкӀхэми амэ къыппэу, къыосхъонахэрэп нахь»,– сӀуи, дасшӀэрэр зэкӀэ тескъутагъ. Ары шъхьакӀэ, Дэхапсэ ащкӀэ ынэ бгъэуцэкона, къысфидзыжьыгъ: «Ахэр, о къыолъытыгъэмэ, лӀы зэкӀагъэхэба, делэжъ тхьамыкӀ, о щыдым ытхьакӀумэшхохэр пӀыгъэу къызэрэздэбгъэшъузырэр нычхьапэ блэмыкӀэу чылэм язгъэшӀэщт» къысиӀуагъ, хьахьахь ригъаӀоуи къыздэхьащхыжьыгъ. Рэдэд джэнджэшэгъу сызыфэхъум, а жэмыӀаныжъымкӀэ къызэрэсэушъыигъагъэр къызгурыӀогъагъэп. Мощ фэдиз шӀоеу къолъыр фэзгъэгъун, зыщызгъэгъупшэн слъэкӀын сшӀошӀыгъ. Ары, Рэдэд, о тхьэмэ акъылышхо къыуатыгъ, сыгу зэгоутыти, угуи хэзгъэкӀыгъ, ау ори сэркӀэ ушӀоп, пцӀыкӀи, шъыпкъэкӀи зыфэсшӀыжьыгъэ насыпыр сӀэкӀэохы. О сыпӀэкӀэкӀэу чыжьэу сыкӀожьышъунэп, къосэгъумэ, щэч хэлъэп, пӀэ зыкъыралъхьагъ, ау зыхыхэм афэдэ хъун къытхэнэжьыгъэп. Ахэр титхьэхэм афэшъыпкъэх. НэмыкӀ кӀуапӀэ сиӀэжьэп…»

Дышъэ тӀэкӀоу иӀи, тыжьыни, щыгъыни, нэмыкӀ хьапщыпэу ищыкӀэгъэщтыри Турабэ къакъырым чӀилъхьэгъахэти, ионакӀэ дзыор пигъэпытыхьагъэу, иуни, ибгъагъи, ибылыми къафызэмыплъэкӀыжьэу, Мэзыбэ дэкӀыжьи, Зых лъэныкъомкӀэ зигъэзагъ.

## XIII

Хэгъэгумэ ахэхьэгъэ лӀыкӀохэм къагъэхъэщтым, къыздахьыщтым ыгъэгумэкӀхэу мафэ къэс тегущыӀэщтыгъэхэр Рэдэдыпщымрэ Къоданэрэ арыгъэх. Тыдэ кӀуагъэхэми, сыд Ӏоф зэрафэми, унэ фэкӀожьым зынэсхэкӀэ, ягугъэгумэкӀ къатекӀоу, апаплъэщтыгъэх. ЛӀыкӀо ышӀыгъэмэ анахьыбэкӀэ Рэдэд зыщыгугъыщтыгъэр ышнахьыкӀ. Ащ Ӏашэхэр къыздищэхэмэ, щэбзэ-чатэм ямызакъоу дзэр зэриуӀэшын амалхэр ыгъотыным щыгугъыщтыгъ.

Мазэ тешIагъэу руммэ афагъэкIогъагъэ купыр зэкIэмэ апэ къэсыжьыгъ. Ахэмэ ауж тхьэмэфитIу зыблэкIым, Мысырымрэ Персымрэ ащыIэгъэ купхэр гъогум щызэIукIэжьхи, къызэдэкIожьыгъэх. Рэдэдыпщымрэ Къоданэрэ куп пэпчъ къыхьырэ къэбарым едэIущтыгъэх. Пщым ыгу рихьын е ынаIэ зытыридзэн зызэхихыкIэ, дзэпщым фигъэпытэщтыгъэ:

– Ар угу иубыт, Къодан. Сщыгъупшэмэ, сыгу къэгъэкIыжь.

– Ахэр угу къэзгъэкIыжьыных, ау джы угу къэзгъэкIыжьы сшIоигъор ошIа? – Къоданэ къэупчIи, IущхыпцIыкIызэ, псынкIэу къыпидзэжьыгъ: – КъыгъэшIагъэм къыхэмыфагъэу, лIыкIо пшIыщтхэр зыоугъоихэм, Турабэ зыкъызэрэпфишIыгъагъэр къэошIэжьа?

– КъэсэшIэжьы. Къязгъэщэнышъ сыкъыфырехын сIозэ, зыхэмэ ахэхьажьыгъ.

– Ащ фэдэ делагъэ горэхэр ышъхьэ къихьагъэти ары ынэхэр къыригъэкIхэу пчъэшъхьаIум къызыкIытеуцогъагъэр. КIалэхэр згъэкIонхэшъ, Iуязгъэхыщт. Сыд мор, ыжэ къыдахьэрэр ыIоу зэрэтищыкIагъэр?

– Ыуж икI,– Рэдэд ыдагъэп.– Делэм ежь зэришIэжьыщтым фэдэ тхьэхэми къырашIэщтэп. Тэ къытхэмызэгъагъэр Абэч зыхыпщым зыкIызэриубытылIагъэр къызгурыIорэп, сэгъэшIагъо. Ащ зыгорэ хэлъ. ЗэрэхъурэмкIэ, дин IофымкIэ къыддырыгъаштэрэп, тIэкIу-шъокIухэр къызнэсыжьых...– Рэдэдыпщыр зыгъэгумэкIырэм текIыгъ: – Дэхапсэ сыд икъэбар? Паплъэ ара?

– Хьау, тхьэмафи темышIэу, зыгорэм иунэжъ сыд сызфисыщтыр ыIуи, иунагъэм кIожьыгъэ, НэтIаий зэрищэлIэжьыгъ. Тураби лIыкIохэр къыгъакIохи, ихьап-щыпхэр аригъэщэжьыгъэх, ибылымхэри аригъэфыжьыгъэх.

– Ар Турабэ къызэрехъулIэщтыр сэ есIогъагъ.– Рэдэд щыдыбзым кIэупчIэныр къыримыгъэкIоу, щхыпцIыгъэ.– КIо, хъугъэ, мыдэ Урым дгъэкIуагъэхэм якъэмыкIожьыкIэ зыгорэ етэгъэпэс.

– Сыд етпэсын, зиусхьан? КIалэ пIофтэмэ, уеIофтэжьы ШыупащэкIэ ядгъэIонэп, тапэплъэн,– Къоданэ пщышхор ыгъэIэсагъ.

Мазэ тешIагъ, ятIонэрэ мазэми ызыныкъо пыкIыгъ, Шыупащи, игъусэхэми ягугъуи-япшыси къэIущтыгъэп. Рэдэдыпщыр гумэкIэу ригъэжьагъ. Рампэс гощэшхом занкIэу ыкъо зи римыIощтыгъэми, зэхыригъэхэу загъорэ цIацIэщтыгъэ:

– КIэлэ хые тхьамыкIэм къыригъэщэн сшIошIызэ, хыкIыбым ыгъэкIуагъ. Ащ фэшъхьаф паIо зыщыгъ къосэгъумэ ахэтыжьыгъэба?

Мафэ горэм Рэдэд фэмыщэIэжьэу янэ фидзыгъ:

– СыолъэIу, тян, сызэрэзэгоутырэм ори къыхэмыгъахъу. Ощ нахь мымакIэу сэри Шыупащэ сыгу фэгъу. Ар Урым хэгъэгум зыфэзгъэкIуагъэр о пшIэрэп.

– СшIэнэуи сыфаеп,– Рампэс гощэшхом ымакъэ къыщитхъагъ, ардэдэм кIыфы къэхъуи, ыIупшIэхэм шхъонтIэчIэпцIашъор зытыраштагъ, ыбгъэ IитIукIэ етхъожьи, зыдэщытым щетIысэхыгъ. Рэдэд ечъалIи, янэ къыпхъотагъ, пIэм хигъэгъуалъхьи, ыгучIэ изыгъэу Iуплъагъ:

– Сыд къыохъулIагъ, тян? – пIэ гъунэм готIысхьи, ынэгу Iэ щифагъ.– Угу хэзгъэкIыгъэмэ, къысфэгъэгъу.

– Хьау, сикIал,– гощэшхом ыгу къытIупщыжьыгъэти, ыбгъэ дизэу жьы къыщэжьыгъ,– джы нэс озгъэшIагъэп нахь, апэрэп ауштэу сыкъызиубытырэр. Нысэ цIыкIуми зэ ныIэп къызэрэздилъэгъугъэр. СелъэIугъэти, къыуиIуагъэп.

– Сэ ащ сыфырикъущт! – Рэдэд хэгубжыкIыгъ.

– Хьау, нынэ. ГущыIэ зепIокIэ, сыгу хэкIыщт. Боу жэ пытэ Iулъ ащ, цIыфышIу цIыкIу.

– Уц Iэзэгъухэр Курацэ ешIэх.

– Ахэми сяшъуагъ, яшIуагъэ къысэкIыгъэп,– Рампэс хьылъэу хэщэтыкIыгъ.– ЦIыф ымыгъашIэ згъэшIэна адэ, сикIал? Уятэ тхьамыкIэри сянэ-сятэхэри пкIыхьапIэкIэ къысфакIохэу, къысэджэжьхэу рагъэжьагъ...

– Джы къебгъэжьагъэр анахь мыхъущтыр ары,– Рэдэд янэ игущыIэ IэкIихзэ, джыри ынэгушъхьэ Iэ щифагъ.– Сыд о ащ фэдизэу уныбжьыр? УсимыIэжьмэ, скIэлъэныкъо гозыгъэкIэ лъытэ, тян. Угу теIункIэжь, зыгъэпыт. Шыупащи къэсыжьын, къедгъэщэн, иджэгу ухэплъэн. Ар хэгъэкIи, уишъэо нахьыжъ цIыкIуи къыщагъэу, нэтыр пIыгъэу уежьэжьыгъэу къэтлъэгъужьын.

– Тхьэмэ жэ мафэ урагъэгущыIыкI, сикIал. О чыжьэу уIэбагъ, сэ сигугъэ кIэкIы хъугъэ,– нэпсыцэхэр Рампэс къызэрэIэпызыгъэхэр ыкъо апэрэу дилъэгъугъ.

Шыупащэрэ игъусэхэмрэ Урым зыкIуагъэхэр мэзищым хэхьагъэу, пчыхьэ зэхэогъумэ адэжь Мэзыбэ къыдэхьажыгъэх. Шыупащэ иод джыри од хэхъожьыгъагъ, игъусэхэми анэрэ апсэрэ зэрытыжь къодыягъ, къыздахьыгъи къыздащагъи щыIагъэп.

– Шъуздэщыlагъэм шъущагъэшхагъэба, сшынахьыкI, хьауми гъэрэу шъущаIыгъыгъа? – Рэдэдыпщыр гукIэгъунэкIэ Шыупащи, игъусэхэми зырызэу аIуплъагъ.– Сыд хъугъэ, сыд шъуикъэтыкIагъ?

– Зи хъун къытэхъулIагъэп,– Шыупащэ ынэхэр плъызхэу Рэдэд Iуплъагъ.– Костаси, Думитри алъэкI къагъэнагъэп. Ахэр ары мыхъугъэмэ, къыташIэщтыгъэр къэшIэгъуай. Тидзэ пае къэтщэфыгъэхэр къухьэуцупIэм къытфыращэлIэгъахэу тызэтыраубыти, тшъо дахыгъэр тхьэмэ афэшъхьаф ышIэрэп. ЗэкIэ ттырахыжьыгъ. Думитрэ зэнэгуещтыгъэр къэшъыпкъэжьыгъ, бзэгу тызыхьынхэр къыкъокIыгъэх. Ау Костас лIы пхъашэу къычIэкIыгъ, къэтщэфыгъэмэ алъыттыгъэ дышъэр къытаригъэтыжьыгъ. Ары нахь тызыухыгъэр, Рэдэд, мэлакIи тылIагъэп, гъэри ташIыгъэп.

– Ашъыу, шъупсаоу шъукъэкIожьыгъэмэ ары,– Рэдэд ышнахьыкIэ Iугушlуагъ.– Сэ хъумэ сIуагъэ шъхьакIэ, зидин умыIыгъым Iашэ къыуитынышъ, игъусэмэ уатыригъэлъэшыхьана... Модэ, тянэ дэжь ихьи, ыгу гъэпсэфы. Ащ нахьыбэ тешIэжьыгъэмэ, фэщэчыжьыщтыгъэп.

Чыристан динымкIэ КъокIыпIэ Византием къырихыыжьэгъэ Iофыр ымыгъэхъоу зэрэмыуцущтыр джы Рэдэдыпщым ышIошъ хъугъапэ.

## ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

### I

«ЦIыф лъэпкъ пэпчъ тхьэмэ дунаим къызытырагъахъом, насып фэхъущтыр къыфагъэнэфагъэщтын.– Шыупащэ зэрэхъугъэри ымышIэу, лъэпкъ гупшысэм хилъэсагъ.– Сэ ащ фэдизэу згъэшIагъэ щыIэп, ау зыгъэ сыздэщыIэгъэ Урым хэгъэгум къыщыслъэгъугъэхэр джы къызнэсыгъэм сынэгу кIэтых. Мыжъо унэ дэхэшхохэм нэр зэтырагъэплъыщтыгъ, ягъогухэри, щагухэри мыжъокIэ пкIэгъагъэх. Костас къысигъэлъэгъугъэгъэ пытапIэм идэпкъыхэм лъэбэкъум ехъу яIужъуагъ, илъэгагъэ паIор пщегъэзы. Ахэмэ щэбзащэкIи чатэкIи зи япшIэнэп. ЦIыф гъэчэфыпIэхэри зэгъэфагъэх. Щэф-щапIэхэм шъхьадж ыIыгъыр уагъэщэфынэу къыщыпIуафыхьэ. Хэти ышIэщтыр гъэнэфагъэ: зым шхыныр къешIы, адрэм къошынхэр къегъэчъы, щыгъынхэр, хэтэрыкIхэр, пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр, Iашэр зыщэхэрэм лъэбэкъу пэпчъ уялъэпао. Хэгъэгум щыхъуи, щышIи зы лIы еолIэжьы – зэкIэ пачъыхьэм фэIорышIэ. УнэшъогъэцэкIэ лIы пащэхэр пачъыхьэм къешIэкIыгъэх. Унагъо пэпчъ зэрифэрэ мылъкум тефэрэ Iахьыр къэралыгъом реты. Джары Костас къызэрэзгуригъэIуагъэр...»

Дзэпщ игубж макъэ Шыупащэ ышъхьэ къыригъэIэтыгъ, къамылыр ыбгъукIэ ыгъэтIылъи, зэшитIум ашIэрэр шIощхэнэу, нахьыжъым еджагъ:

– Хъугъэ, Дзэпщ, пшынахьыкIэ емыгъэз.

– Сыда зыкIесымыгъэзыщтыр? – Дзэпщ къезэгъыгъэп.– ЦIыкIузэ ымышIэрэр иныхъумэ ышIэжьыщтэп еIо нэнэжъ. Къерэлъ! Къелъ сIуагъэ! – техъупкIэ ышнахьыкIэ.

– Ащыгъум чыр нахь лъахъчэ шIы,– Зэфэс цIыкIур ышнахьыжъ едао.

ЫлъэгуанджэщизэуДзэпщыIыгъчыкIыхьэрегъэсысы:

– Мыщ нахь лъахъчэ сшIымэ, хьэдэпчэмыIури къелъэн. Къелъ сIуагъэ!

Зэфэс шъэожъыер зэкIакIошъ, чым елъэнэу кIэрэлъадэ, ау чIыгум зытыриIэтыкIын ылъэкIырэп. Дзэпщ губжыгъэу чыр нахьыкIэм IэкIелъхьэшъ, зэрэфэлъэкIэу регъэIэты, ежь теуфыхьажьыгъэу ечъалIэшъ, зыуи щымыхъоу чым елъэ.

– Плъэгъугъа? Джары укъызэрелъэн фаер,– Дзэпщ ышнахьыкIэ ытхьакIумакIэ ыIонтIэнэу фежьэ, адрэм ышъхьэ егъэчэрэгъу.

– Къаигъэ умышIы, ощ фэдиз хъумэ Зэфэси а чым къелъэщт. Ма, сэ къамыл сырынэ пфэсшIыгъ, орэд къегъаIу,– Шыупащэ шъэожъые такъырыр къызэрещалIэ.– Моу джыдэдэм ящэнэрэ гъуанэр къыпфэсшIыжьыщт.

Шыупащэ къамылыр Дзэпщ ретышъ, щыгушхукIэу кIэлъэплъэжьы: «Ятэ фэдэу лIы пхъашэ хъущт мыр. КIэлэ джэгумэ захахьэкIэ, къебэнын къахэкIырэп, шъэожъые

зыщцыплIыр зэтырелъхьэ, къытечъыри ахэтэп, ау кIэнымкIэ Емзэщ гъукIэм ыпхъу нахьыжъ ишъао къытекIо. Ар мыдрэм къыхехышъ, щагум дэтми, изакъоу кIэн ешIэ, темыкIоу уцущтэп. Сэ Лаурстэныпщыр къэслъэгъужьыгъэп, ау тянэ ащ фэдэкъабзэу еIо. Лъыр бжиблэу мао, ятэжъ фэдэ мыхъоу, хэт фэдэ хъун».

— Ора, Шыупащ? Сыд пшIырэр? — хъотэ набжъэм рекIокIырэ Агъбан мэкъэхъу дэгукIэ къеупчIыгъ.

— Дзэпщ сырынэ фэсшIыгъ.

КIэй зэIукIотэу чыжьэкIэ къушъхьэ лъапэм еолIэжьрэм нэр егъатхъэ. Уц Iужъу кIырым къэгъэгъэ зэмышъогъуухэр тыдэкIи хэпхъагъ. Мэз лъапэм дэжь кухэр щызэкIэтIыкIыгъэх. Ахэмэ акIыбыкIэ шыушыхэр щэхъух. Цу фэмыф бжъэкъошхохэр уцым хэсых. Ку лъапсэм ис Айнарырэ Бзабзэрэ бзылъфыгъэхэр ашъхьарытхэу зэрэгъэгущыIэх. Ахэмэ апэIудзыгъэ пщэрыхьакIохэм язырэм щыуаныр зэIешIэ, адрэм машIо кIегъэсты. ЧыжьэкIэ шы Iэхъогъуи къэлъагъо. АхэкIынэу ежьэрэ шым къырегъэгъазэшъ, шыу гори ашъхьарыт.

«Рэдэд тыдэ нэсыгъа шъуIо? — Шыупащэ ышнахьыжъ ыгу къыпылъэдагъ.— Непэ мэфищ хъугъэ зыдэкIыгъэр. Байкол шыу заулэ нахьыбэ фэягъэп шъхьакIэ, шыу тIокIитIур зэрэдэшэсыгъэр дэгъоу хъугъэ. Нахьлъэш цIэплъыжъым къыришIэгъагъэр щыгъупшэжьыгъэм фэд. Къосэгъу чылэхэм джыри ахэкIыгъэщтэп. ГъучI пцIыир зыгъажъэхэрэм зымафэ ахахьэ шIоигъуагъ. Пшызэ зызэпырыкIыкIэ, хым пэIутэкъогъэ мыутIэхэми анэсыщтых. ГъэшIэгъонба, хы МыутIэм ыкIыбыкIи Тэнэ псыхъо ыпшъэкIи русичмэ ялъэпкъэгъухэр ащыпсэухэу Рэдэд ыIуагъ. Ащ ишъыпкъапIэ зэригъэшIэн ыгу хэлъ. Ари тэрэз, уигъунэгъухэр зыфэдэхэр, агу илъыр пшIэн фае. КIочIэшIу нахьи акъылышIу аIо шъхьакIэ, Рэдэд тхьэмэ тIури къыратыгъ. Зыпчыхьэ Колэс сыфихьагъэу тызэрэгъэгущыIэзэ, къысиIуагъэм бэмэ сарыгъэгупшысагъ. «Рэдэдыпщыр Iуш, чыжьэу маплъэ»,— зеIом, «Ощ нахь Iушына, ебгъэшIагъэр, пкIэрихыгъэр ары зэрэбаир, о унэгу кIэкIыгъэм гъунэ иIэп»,— дезгъэштагъэп лIыжъым. «Е-е, сикIал,— нэ пкIыжьыгъэхэмкIэ хьалэлэу къысIуплъи, щхыпцIыгъэ Колэс,— акъылыр жъыгъэ-кIагъэп, жакIэми пышIагъэп. Лъэпкъым насып тIэкIу иIэ зыхъукIэ, зы лIы гъашIэ тешIэ къэс, Рэдэд фэдэ



цIыф Iушхэр къыхэхъох. Ятэ Лаурстэным къосэгъухэр зэкъуищэнхэр ихъопсэпIагъ, ежь адыгэ лъэпкъыр зэкъуигъэуцоныр ыпшъэ ифагъ. Ар зэкIэми агу рихьыгъэкIэ уенэгуя? Акъыл зиIэм джэгъогъу иI, шъугъуалэхэр къебэныжьыгъэх, джыри пшIэщтэп пый шъэфэу къыфыкъокIыщтыр...»

Шыупащэ ошIэ-дэмышIэу гумэкIым зэлъиштагъ, лIыжьым игущыIэхэу ыгу къыридзэжьыгъэхэм чIым къытыраIэтыкIыгъ, ищэбзащэхэр зэрылъ сагъындакъэу ыбгъукIэ ыгъэтIылъыгъэр къыштэжьыгъ, чатэри зыгуилъхьажьыгъ, зэрэгъэдджэгухэзэ, чыжьащэу IукIыгъэхэ ышнахьыкIитIуи яджагъ:

— Дзэпщ, моу мыкIэ шъукъакIу!

Пшъадэ къызиукIэ, къызыдэлъэдэрэ хъуатэм къамыл псыуц зэхакIэу дэтым Шыупащэ шъхьарыплъагъ. Ащ ыпшъэкIэ, шъэожъыемэ апэчIынатIэу, чъыг-кондэ зэхакIэмэ Агъбан къахэкIыгъэу зелъэгъум, рэхьатыжьыгъэ, ау ыгучIэ къыщыхъыегъэ мызагъэр джыри зэрэкIэтыгъ, Колэс лIыжъым аужырэ гущыIэхэу къыриIогъагъэхэм зыхыхэм алъэныкъокIэ зыригъэдзыжьыгъ...

Шыупащэ хыкIыбым къызекIыжьым, иIофмэ ауж ихьажьынэу зигъэхьазырыжьыгъагъ, ау яни, Рэдэди къыфадэгъагъэп, мэзэ зытIущым анаIэ тырамыхзэ, ышъо къызытехьажьым, ышнахьыжъ ыгъэтIыси, къеушъыигъагъ.

— Сшынахьык I, къыосIощтыр сэ къысэпэсыгъэп, егъэзыгъэкIи ащ фэдэ Iоф ашIэрэп, ау о слъэгъурэм унэ къыкIамыIумэ, уиакъыл тефэщтэп,— Шыупащэ ышъхьэ къыригъэпхъуатэу, къыжэхилъхьащтыр зылIэужыгъор ымышIэу, Рэдэд чыжьэкIэ къыригъэжьагъ.— Тянэ псауныгъэ хъатэ зэримыIэр ори олъэгъу. ЛъэIоу къытфишIыхэрэм тшъхьэ афэтэгъэсысышъ, тыхэхьажьы. КIасэ тызыфэхъукIэ, тыгу къыхэожьэу егъэшIэрэ чIыфэу ттелъыщт. ТапэкIэ Къаншъао IукIэ шIоигъоу къызэрэлъэIогъагъэр фэзгъэцакIэ сшIоигъу шъхьакIэ, сыгу къыфыдэчъырэп, неп-неущ сIозэ, уахътэр макIо. Ар Iоф шъхьаф. Тянэ ыIу-мыIоми, унагъо пшIэн фаеба, уишъэогъухэр бын-унагъо хъухи, ащыгъупшэжьыгъ.

— Iофым тыкъыIущрэп, Рэдэд,— Шыупащэ къэушэплъыгъ.

– Ежь уиухыщт нахь, Iофыр цIыф ыухырэп. Сэ сшIэн сымышIэкIэ къэсщагъа, Iоф симыIэу ара къибгъэкIырэр?

– Хьау, хьау,– Шыупащэ къыIуагъэм рыкIэгъожьыгъ, укIытэжьызэ, ынапIэхэр ридзыхыгъэх.– КIо, сыгу рихьын, сызфыкъокIын джыри сапэ къифагъэп нахь...

– Ари умыIо. Мэзыбэ угу рихьын дэмысэу сэшIы. Ау чылэ зэхахьэ зытэшIым, сыкъыздагъэшъогъэгъэ Абэчыпщым ышыпхъу нахьыкIэ сыд епIолIэн? Сыда ащ ыцIэр?

– Мэзагъу.

– ЫцIэ пщыгъупшагъэп...

– Ар зидэхагъэм сэщ нахьышIуIохэр фыкъокIыхэщтын...

– Джынэкъэуж, Шыупащ, ащ фэдэ гущыIэ пшIыгъэу зэхэсэмыгъэхыжь! – ымакъэ ышнахьыкIэ фигъэлъэшыгъ.– О зыбгъэцIыкIужьмэ, уакIыIу къырыкIощтхэр хьазырых. Сыоплъымэ, укIэлэ къэбзэшху, пщы унагъо уис.

– Пщы унагъо сис къодыекIэ зылъытэхэри щыIэх,– Шыупащэ ышъо къыхихэу ымакъэ ефэхыгъ.– Анахь лIы бэлыхьэ ухъугъэми, узхэсхэмэ уазэрэщымыщыр ащыгъупшэщтэп.

– Ащ фэдэ зыгорэм ыжэ къыдэкIэу зэхэсэрэхи, нахьыбэ сыфаеп, чIыпIэ исынэн! – Рэдэд зыкъырищыгъ.– Сэ шIэ сиIэп, Шыыупащ, укъызхэкIыгъэхэр сымылъэгъугъэу, баигъэх е тхьамыкIагъэх сфэIонэп, ау гулъытэу уиIэм, уицIыфыгъэ-чаныгъэкIэ унэгъо дэгъу укъызэрихъухьагъэм щэч хэлъэп. Тиунэ укъызихьагъэм щегъэжьагъэу, ар тянэ ыжэ дэкIырэп.

Щытхъур зикIасэмэ Шыупащэ ащыщыгъэп, Рэдэдыпщым ышъхьэ рилъытэу, янэ къылъфыгъэм фэдэу къызэрэфыщтым еджэнджэшэу зы мафи къыфыхэкIыгъэп, ау а мафэм зэхихыгъэхэ гущыIэ фабэхэм загъорэ зыгъэгужъыещтыгъэ гупшысэхэр агъэткIугъагъэх, зыгу-зыкIуачIэ хъугъэ Чэчанэрэ ишъэогъу Адышэсрэ гъогу адытехьэгъагъ.

Псэлъыхъо нэбгырищыр пшъашъэм иунэ занкIэу емыкIолIэнхэу Рэдэд Чэчанэ фигъэпытэгъагъ. Абэчыпщым ихьакIэщ щепсыхыгъэхэу, апэрэ зэдэгущыIэгъум бысымым зыкъызэрафишIыгъэр Шыупащэ ыгу рихьыгъагъэп, къосэгъу пщышхоми къыкIэмыупчIэу, ихьакIэмэ ашъхьарыплъэзэ, къафидзыгъагъ:



– Мэзагъо ипчъэIупэ пщы кIэлэ тегъэпсыхьагъэмэ IуаубыкIыгъ. Ау зыгу рихьрэ пстэури Мэзагъо ышъхьашыгу иплъэнэу щытэп.

– Зиусхьан, тэри тыкъэзгъэкIуагъэхэм цукIэ агъэщрэп,– Чэчанэ зиIажэзэ, бысымым фидзыжьыгъагъ.– Хэгъэгу пщышхом ушъхьащымыкIу.

– Ар шъыпкъэ, Чэчан,– лакъырд щхыпцIыр Абэчыпщым ынэгушхо ригъэчъэгъагъ,– Рэдэд хэгъэгум ипщ, ау пщыцIэр зыгощырэ зиусхьанхэр щыIэх. Сэ зыми пщы сишIыгъэп, сыпщэу сыкъэхъугъ, зыхыхэмэ сэры япщы пащэр. Тызэкъоуцомэ, зы хэгъэгу тыхъумэ, кIуачIэ дгъотын, зыIэ къыттезыщэенэу зыгу къэкIырэм тищынагъо зэхядгъэшIэн Рэдэдыпщым ыIо зэхъум, тэр-тэрэу тыкъышъухэхьагъ. Ащ къикIырэп зы нэбгырэ зэриIоу зэкIэ хъуныр. ГъэрыпIэм щыIэгъэ къосэгъу горэм титхьэхэр щагъэгъупшагъэу къышъухэхьажьыгъэшъ, ыжэ шъудэплъыхьэ, аIапэ шъуIыгъэу урым лIыкIохэр къешъощэкIых. Тэ, зыхыхэм, титхьэмэ тафэшъыпкъ, зышъхьэ пкIэнтIагъэ горэм ыIорэм пае зытхъожьырэп.

– Зиусхьан,– Шыупащэ къырахыгъэ шъхьакIор ышъо къыхихыгъэми, къызхимыгъэщэу гущыIэм хэхьагъ,– мыщ фэдизыр къызфапIорэр сэры шъхьакIэ, сэ сыкъызхэкIыгъэр пщыми, пщылIыми, баими, тхьамыкIэми титхьэ лъапIэмэ афэшъхьаф ышIэрэп. Ахэр фэмыягъэхэмэ, пщы унэм симыфэныекIи мэхъу. Ар зы. Мыстхъакъо дэс ТемрыкъокIэ къыпIуалъхьэгъэ къэбарым шъыпкъэ хэмылъэу сIорэп, ау ащ къикIырэп къосэгъухэр зэкIэ чыристан хъугъэхэу. Тэри титхьэхэр тыгу илъых, тэгъэлъапIэх, шъхьащэ афэтэшIы...

– КъэмыIу, Шыупащ, къэмыIу! – хьакIэщ гутIапчъэу къызщыкIэдэIукIыщтыгъэм Тураб къыдэкIыгъ, Абэчыпщым ыкIыб къыдэуцуи, IапэкIэ къэпыджэзэ, Шыупащэ къыщыригъэжьагъ: – Оры зэкIэмэ апэ къысэнэкъокъужьэу, сIорэр къизымыдзэу хэтыгъэр. Ори гушIу къысфыуиIэп, Чэчан. СэшIэ сэ, уятэжъ Колэс ары узгъэплъэхъугъэр. Ари бэшIагъэу къысфэежьыгъэп, сыд сIуагъэми мыскъарэ ышIыщтыгъ. Адэ урым Думитрэ IаплIкъорэгъэу пэгъокIрэм сэ сIорэр хэхьажьына, титхьэхэми шIошъхъуныгъэ афыриIэжьына?! ШъутхьакIумэхэр афэжъугъэланлэхи, делэ зяжъугъэшIыгъ. Рэдэдыпщым ахэр фыкIае ыфынхэм ычIыпIэкIэ, лыкIо шъуафегъакIо.

– Зэ хъугъэ, къэуцужь,– Абэчыпщым ижьыбгъэ къыздикӀырэр Чэчанэ къыгурыӀуагъэу, Турабэ пигъодзыжьыгъагъ: – Укъыджэхэтхъоным ыпэкӀэ шӀуфэс къытэхыба, зы чылэ тыщыщ, тыкъызэдэхъугъ, тызэшъэогъугъ.

– ШӀуфэс шъосхы пакӀошъ, сыжъудэгущыӀэни къышъутефэрэп. Сэ мыщ аӀэгу сисэу сыкъыщырахьакӀы, шъо дэхьащхын сышъушӀын шъугу хэлъыгъ, къыжъудэзгъэхъугъэп нахь,– Турабэ ибытыгъэ нахьри нахь быт хэхъожьыгъэу, икъоджэгъумэ закъытыриуфэзэ, къажэхахьэщтыгъэ.

– Тэ узэритшӀыкӀыгъэу зыхыхэм узашӀэкӀэ, теплъын уздагъэтӀысрэм,– Чэчанэ ыпкъ имыкӀэу джыри Турабэ енэкъокъужьыгъ.– О цӀэу пхэсым фырикъужьэу сэ сэшӀэ, тхьэмэ ялӀыкӀо ор-орэу зызэрэпшӀыжьыгъэри Дэхапсэ къыӀотагъ.

– Ара? ЧылэлӀымэ къялыжьыгъэ бзылъфыгъэм къызэхилъхьащтым шъуедэӀу,– Турабэ кӀыфы къэхъуи, ыӀупшӀакӀэхэр къэтхыуагъэх.– Мыстхъакъо шъукъызекӀыжьым, Рэдэдыпщыр къыскъоуцуагъэу пӀуи, пцӀы къызэрэсфэуусыгъагъэм фэд ари.

– Чылэр жэкӀэ ебгъэуцолӀагъэу къыпшӀошыгъагъэти, зы чэщ нэмыӀэми утхъэжьэу узгъэчъыен сӀогъагъэ, делэ тхьамыкӀ,– ыгу къыдеӀэу Чэчанэ щхыгъэ.– Хъугъэ, Тураб, о тыоӀойжэинэу тыкъэкӀуагъэп. Зиусхьан, тилъэгъун ыуж тихьэмэ, гухэкӀ пшӀынэп ныӀа?

– ЗидэкӀогъу пшъашъэм иунапчъэ хэти фызэӀухыгъ,– жьы кӀэтэу Абэчыпщыр къэтэджыгъ.– СихьакӀэщ сызэрисэу, шъупакӀэхэр лэнлагъэхэу шъузэрэкӀожьыщтыр сэшӀэ. АдрэмкӀэ, тызэжъугъэфэнэу шъукъэкӀуагъэмэ, шъухэукъо. Тэри хэгъэгу зехьакӀи тэшӀэ, дгъотыгъэ дин пащэм темыфэрэр къешъуӀуалӀэу сыдэщтэп. Тэ унэ дэгъуи Турабэ фэтшӀыгъ, иунэгъо ӀапӀэхэри ибылымхэри къедгъэолӀэжьыгъэх.

– Ищыдыбзи къыфафыжьыгъэба? – джы нэс гущыӀэ къэзымыӀогъэ Адышэси къэупчӀагъ. Чэчани, Шыупащи къыщиутэнхэкӀэ макӀэ иӀэжьыгъэр, къинкӀэ защыӀагъ. УпчӀэм кӀэлъ лакъырдыр лъымыӀэсыгъэу, Абэчыпщыр къакӀэнэкӀагъ:

– Щыдым шъукъыкӀэнэцӀыжьмэ, щыд зырыз къышъуязгъэтынышь, шъузгъэшэсыжьын…



Мэзагъо ипшъэшъэ унэ есыфэхи, къикӀыжьхэ зэхъуми, къэлэпчъэ кӀыб зэхъужьхэми, зэпсэлъыхъуагъэхэр шъхьангъупчъэм Ӏутэу къызэралъыплъэжьыщтыгъэри Шыупащэ бэрэ ынэгу къыкӀэуцожьыщтыгъ. «Пшъашъэм ыгу урихьыгъ, Абэчыпщым щэщынэшъ ары нахь, хэт ыӀуи уемыдэӀу»,– Чэчанэ пчъагъэрэ къызэриӀуагъэри Ӏэшӏу-Ӏэшӏоу ыгу къыдэоежьыщтыгъ, пшъашъэр ыгу къыхэтӀысхьагъэу ыпкъынэ-лынэмэ фабэу къарычъэщтыгъэми, ышнахьыжъ пый шъэфэу къыфэтэджырэ Абэчыпщым зэришыпхъур ыкӀыӀу ышӀыти, щигъэзыещтыгъ.

«Сыдэу непэ гукъэкӀыжьхэр къыстебэнагъэха!..– Шыупащэ зыфэгубжыжьыгъ.– Мэзагъо сыгу къызэрэпылъадэу, Абэчыпщыри, Турэбэ быти, Рэдэд къысиӀогъагъэри къысшӀудэоежьыгъ. Тэрэз сшынахьыжъ ыӀогъагъэр: «Чэтыр зэраукӀыщтыр лъабжъэкӀэ къычӀеупхъукӀы. Абэчыпщыр сэ Турабэ къысфегъэблымэ, ыӀэхъу-лъэхъухэм апыупхъухьани къыкъокӀын…» – Бзылъфыгъэхэми Ӏэ къашӀы, шъэожъыехэми сыкъяджэжьын…»

Шыупащэ нэплъэгъур кӀалэхэм афидзыгъэ къодыеу, адыкӀэ шэхъогъум пэт шыур зэрэфэлъэкӀэу къачъэу ылъэгъугъ, икуо макъи къылъыӀэсыгъ, ау къыӀорэр зэхимышӀыкӀэу зэтекъагъэ. Агъбан бгъэкӀэ мэз пырыпыцум зыкъыхидзи, пщы шъэожъыехэр зыдэщытхэмкӀэ кӀиӀагъ, ямычъэлӀапэу къызэтеуцуи, ищэрэ ищабзэрэ зэӀуилъхьагъ. Ардэдэм мышъэ цӀэплъышхор гъуахъозэ, хъотэ набжъэм къечъэхи, кӀэим къилъэдагъ. Щэбзащэр Агъбанэ ытӀупщыгъ. Мышъэр зэхэфагъэ, ау псынкӀэу къызщылъэтыжьи, щэбзащэр ыпшъэ къыхэпӀыикӀэу, къыфачъэу ригъэжьэжьыгъ. Зышъхьэ лъыр къеогъэ Шыупащи шъэожъыехэм зафидзыгъ. Агъбан ищэрэ ищабзэрэ ятӀонэрэ зэӀуилъхьаным игъо имыфэжьызэ, зиапэрэ лъакъохэр Ӏэтыгъэхэ мышъэм зыкъыжэхидзагъ, ау щабзэр пэӀуидзи, ыбгъукӀэ кӀэбгъулъыгъ. Чэтэ ихыгъэр тыгъэм къызэрэпэлыдыгъэр чъэм хэтэу Шыупащэ ынэ къыпэшӀофагъ. Хьадэгъум ифэгъэ мышъэр гъогызэ, ыпашъхьэ къиукӀорэягъ. Къэхъугъэр бзылъфыгъэхэми амышӀэу зэрэгъэкуохэзэ, къечъэжьагъэх, шым зыкъезыдзыхыгъэ Хьэбати пкӀантӀэр къызыпызыщтыгъэ Агъбанэ Ӏуплъэзэ, ыгъэшӀэгъуагъ:

– Е зянэ, сыдэу улIы пхъаш! МыкI къыщегъэжьагъэу мыстхъакъохэр зыгъэкIэзэрэ мышъэр зэогъукIэ Iуебгъэхыгъ.

– Сыда мышъэм ешъушIагъэр? – Агъбан зи мыхъугъэм фэдэу Хьэбатэ еупчIыгъ.

– Ежьырэп, имышъэбз гъусэ мыкI тишакIомэ аукIыгъ. Ащ щегъэжьагъэу мыр тичылэлIымэ заулэрэ къатебэнагъ. Янасыпкlэ куп-купхэу мэзым пхъэшI макIох.

Шыупащэ шъэожъыехэр къыубытыжьхи, мышъэ укIыгъэм къырищэлIагъэх. Зэфэс цIыкIур благъэу къыфекIолIагъэп, ау Дзэпщ шIогъэшIэгъонэу зэпиплъыхьагъ.

– Насып тиIэти утигъусагъ, Агъбан, ощ фэдэу цIыф сакъ къэзгъэшIагъэм слъэгъугъэп,– Шыупащэ ыбгъэ дизэу жьы къыщи, ухъумэкIо лIышхом IаплI рищэкIыгъ.– СшынахьыкIэхэр къэбгъэнэжьыгъэх. Тиунагъокlэ тщыгъупшэнэп, тхьэмэ уинасып кIыхьэ ашI.

– Ащ фэдиз мэхъуа, Шыупащ, сэ сишIэн сшIагъэ,– Iэгушъо инкIэ кIалэм ыкIыб Агъбан теуIуагъ.– Мыр ятIоу мышъэм сыпэIофэ, ящэнэрэм секIодылIэжьынкIэ сенэгуе.

– Мышъэхэр о пфыхахыгъ пшIошIа?..– Шыупащи къесэмэркъэуж фэдэ зишIыгъ.

Къэзэрэфыгъэ бзылъфыгъэмэ Айнарэ апэ итэу къызэсым, Зэфэс цIыкIур ыпхъуати, ыбгъэ кIикъузэзэ, къэгузэжъуагъ:

– ТыжъугъэкIожь, Шыупащ. Зы нэгъэупIэпIэгъуи къушъхьэ лъапэм сычIэтыжьынэу сыфаеп. Мыхъун горэ къызэрэтэхъулIэщтыр тыкъемыжьэзи сшIагъэ.

– Хъущтыр хъугъахэ, Айнар,– Бзабзэ къелъэIугъ.– Дунаири дахэ, ошIу, мышъэм ышъуи тырахын.

– Зыми сыфаеп, тыжъугъэкIожь,– убзэ-лъэIукIэ Айнарэ лIымэ джыри аIуплъагъ.

– ШъукIу ащыгъум, зыжъугъэхьазырыжь,– Шыупащэ бзылъфыгъэхэр ытIупщыжьыгъэх.– Къытфэгъэгъу, Хьэбат, мышъэм тыгучIэ рихыгъэти, тыпкIэупчIэныри тщыгъупшэжьыгъ. Сыд Цыгъуанэ идин зехьакI, зыми машIо ридзыжьрэба?

– Хьау,– нэгу Iужъум Iэгъуапэкlэ пкIантIэр рилъэкIэхзэ, Хьэбат щхыгъэ.– Турэбэ бытыр зыхы зычъэжьыгъэм ыуж шыбли уагъэ, пчыкIи джэгугъэ, ау Цыгъуанэ ыIэ къыIэтыжьыгъэп, ешхэ, ешъошъ хэт, дини пылъыжьэп. Е зянэ, Шыупащ, а бытыжъым сынитIукIэ слъэгъугъэм сытырифыгъагъ. Сыдэу цIыф Iай шъыу ар, сишхын сшIошIыгъ... Шъо сыда мыщ нэс шъукъэзыхыгъэр?

– Ашъыу, тянэ къаигъэ ышIи, мэфэ шIагъом шъунэ жьы кIэун, шъэожъыехэри дунаим хэжъугъэплъэных, жъугъэдджэгуных ыIуи, тыкъыдэкIыгъ. Пшъэдэ псыхъо тыготэу тыкъакIозэ, тшIодахэу мыщ тыкъэсыгъ, тыкъыщыуцугъ. КIо, ащыгъум хъяркIэ, мышъэр къыпфэтэгъанэ.

– Сизакъоу сыдэущтэу мышъашъор тесхын? – Хьэбатэ зыкIэкIищэикIыгъ, ау къыбдеIэн бгъотынба аIуи, Шыупащи Агъбани къыIукIыжьыгъэх. Бзылъфыгъэмэ къызахэхьажьхэм, мышъэм игугъу Рампэс гощэшхом рамыгъэшIэнэу афагъэпытагъ, нэнэжъым къэбар зишIэкIэ, ыгу зэрэузыщтыр шъэожъыеми агурагъэIуагъ.

Мэзыбэ блэчъынкIэ шы илъыгъо зыщыплI щыIэу, Пшъэдэ псыхъо исэмэгу мыжъо нэпкъ ошъуапщэмэ защихъоу лъэгагъэ. А чIыпIэр зэрэкуум ишыхьатыгъ псыр зэрэрэхьатыр. Псыхъор къыздикIырэмкIэ къушъхьэтхым урыдэкIоенэу лъэгъо закъо иIагъ. Ышыгу узынэсыкIэ, IэрымышI пытапIэу бгъу пстэухэмкIи мыжъо дэпкъыхэр къызэшIэкIыгъэ лъэгу зэщизым уифэщтыгъэ. КъокIыпIэмкIи дэпкъ еупсэхыгъэхэм акIыбыкIэ кIэй игъэкIотыгъэ къапэIулъэшъогъагъ. КIэим исэмэгубгъукIэ пэIудзыгъэ къушъхьэм ылъапсэ Щэхэ псыхъо блэчъыщтыгъ, етIанэ сэмэгумкIэ зыгъэзэрэ къушъхьэ тIуакIэм диIонтIэхыти, Лыгъотхрэ ТIокIэжърэ чылэмэ зафыригъэхьыщтыгъэ.

Шыупащэ къызахыгъагъэм къыщегъэжьагъэу джы къызнэсыгъэм мэзыбэхэм янасып, ашъхьэ хягъэхьажьын пый къафыкъокIыжьыщтыгъэп. КъызэраIотэжьрэмкIэ, хъэзар хъункIакIохэр къэблэгъагъэхэу къэбар зашIэкIэ, Мэзыбэ къэукъоти, чылэм пэIулъ къушъхьэ мэзым гуIэнкIэ екIужьыщтыгъэх. Пыидзэ къызэрякIурэр пэшIорыгъэшъэу зашIэкIэ, Мэзыбэ имызакъоу, гъунэгъу чылэхэми шъхьэегъэзыпIэ афэхъущтыгъэр IэрымышI къушъхьэтх пытапIэр ары.

Шыупащэ мыжъо пытапIэмкIэ Агъбанэ ыгъаплъэзэ, иджэнджэш риIуагъ:

– Мо пытапIэм IэрымышIыкIэ еджэх шъхьакIэ, цIыфыIэ хэмыIагъэу сшIошъ хъурэп.

– Сэри ащ сенэгуеу идэпкъыхэр бэрэ зэпэсплъыхьагъэх,– Шыупащэ ишIошъ къыдыригъаштэ фэдэу Агъбан къыригъэжьи, щигъэзыежьыгъ: – Мыжъуитlу зэтелъэу хэслъэгъуагъэп.

– Ащыгъум ЧIыгутхьэм къосэгъухэмкIэ къытфигъэчъыгъэщт, Агъбан.

– ЧIыгутхьэр сшIэрэп, ау ар ти Тхьэшхо иIэшIагъ,– Агъбэнэ лIы нэшхо-пэшхор Шыупащэ къыIуплъагъ.

– О слъэгъурэм ТемрыкъокIэ зыбгъэзагъэкIэ сенэгуе? – щтэуIыгъэ нэгукIэ Шыупащэ къэупчIагъ.– Хэт зыфапIорэр, ти Тыгъэ-Тхьэшхуа?

– Темрыкъо изакъоп, Шыупащ, урым Думитри, Костаси, нэмыкI зекIолIыхэу Рэдэдыпщым къеуалIэхэрэм сядэIоу пчъагъэрэ къыхэкIыгъ. Шъо Iофым шъушъхьэ къыхэщырэп, сэ сыухъумакIу, зэхэсхырэр, слъэгъурэр зэзгъэфэжьынэу уахътэр сихъой. Тизиусхьан зэриIоу, акъылым ыуасэр джэнджэш. Сиакъыл зытемыфэрэм сыкIэупчIэ, тэрэзыри мытэрэзыри зэсэгъапшэ. Къосэгъумэ цэуIупIэ зязгъэшIынэу сыфаеп, ау ТемрыкъокIэ зызгъэзагъ.

– Ащ идин нахь тэрэза?

– Шъыпкъэ хэлъ,– Агъбан теубытагъэ иIэу къыIуагъ.– Дунаир зыгъэIорышIэрэр зы Тхьэ. Тэ джы нэс къызэрэтшIошIыщтыгъэу, шыблэми, чIыгуми, лэжьыгъэми, нэмыкIхэми тхьэ зырыз яIагъэмэ, сыдэущтэу ащ фэдизыр зэгурыIощтыгъа? Тэ тыхэмыхьажьыми, ежьхэр зэзэожьхэу, зэбэныжьхэу, ошъогуми, чIылъэми, хы кIыIуми боу зэо тхьамыкIагъохэр ащыкIонхи, тэри тыхэкIодэжьыни. Турэбэ бытым тигъэщынэщтыгъэ шъхьакIэ, Тхьэшхо закъом шIошъхъуныгъэ фэзышIыгъэ цIыф лъэпкъхэр, унитIукIэ плъэгъугъэ, тэщ нахь мыдэеу мэпсэух, тэ тызщагъэщынэрэ тхьэхэм къагъэпщынэхэрэп. Хъури, шIэри зыIэ илъыр зы Тхьэ, ары зэкIэ зезгъэакIорэр.

– КъэпIуагъэм пшIошъ хъун хэлъ,– зыщынэгуикIызэ, Шыупащэ дыригъэштагъ.– Сэри загъорэ ащ фэдэ джэнджэшхэр сыгу къехьэх, ау етIани сыкъызэкIэщтэжьышъ, къысфагъэгъунэу тхьэмэ сялъэIоу есэгъэжьэжьы. Тятэхэм ятэхэм, ятэжъхэм агу илъыгъэ тхьэхэр щыгъэзыегъуаех. Гъогу тытехьэми, шакIо тыкIоми, зао тыхахьэми, ахэр тшъхьэ илъхэу къыздетхьакIхэзэ, тясагъ…



Ку-шыу зэкIэлъыкIохэр Пшъадэ къыкIэрыкIхи, Мэзыбэ къыпэIулъ къушъхьэ лъапэм къызэсыжьхэм, нал теплъэкIэ чылэм къыфэзгъэзэжьырэ псыхъом ымакъэ шку-шкушку ригъаIоу, гугъэпсэфэу атхьакIумэ къыридзагъ. «ТхьамыкIагъо къытэхъулIэ пэтыгъэми, цIыкIуи, ини тызэпэшэу тыкъэсыжьыгъ,– Шыупащэ нэплъэгъу гупсэфыр кум ис шъэожъыехэм атыридзагъ, ыгукIи, ышъхьэкIи фэразэу, джыри Агъбани Iуплъагъ.– СыщэIэфэ сэри сакъыныр зыхэзгъэлъын. О зыфэсакъыжьи, тхьэхэри къыпфэсакъыщт тянэ зэриIощтыгъэм ишъыпкъапIэ сеутэкIыфэ къызгурыIуагъэп».

Чылэгъунэм къыIухьажьыгъэхэу, Агъбанэ онэгум зыриIэтыкIызэ плъагъэ, къыIуагъ:

– ТIыхэр зэкIэ зэфэдэх, уIумыхьэу зиехэр пшIэна,– Шыупащэ къыжэдэзи, тIыхэр зыщызэрагъэзаорэ утыгумкIэ плъагъэ: – Модэ, модэ, Агъбан, нахь цIыкIум тIышхор риутыгъ!

– Нахь цIыкIукIэ, нахь инкIэ къэпшIэщтэп ар…– Агъбанэ къырищэжьэгъэ гущыIэр къымыухызэ, къыхэкуукIыгъ: – КIалэхэр зэжэхэбэнагъэх!

Шыупащэ ишыпэ диIонтIэхи, нэрэ-Iэрэ агу кIэлэ зэхэтхэм анэсыгъ, щым зыридзыхи, Адышэс къыпыбэнэгъэ нэбгырищым язырэм шъхьэбгъу фао еуи, чэрэгъоу риутыгъ. АкIыбыкIэ къикIыгъэр ымышIэу Зирарэ къызыфырепплъэкIым, Адышэс ыIэбжым онтэгъу ыжэпкъ тефи, ипэIо лъагэ шъхьащиутыгъ, лъэгонджэмышъхьэкIэ зэхигъэтIысхьагъ. Зирарэ къызщылъэтыжьи, ынэхэр къикIотхэу Адышэс дэжькIэ зидзыгъ, ау Шыупащэ IэкIыIу огъоу рихыгъэм кIыбыкIэ чIыгум тыридзагъ. Ящэнэрэ кIалэм кIиIэжьыгъ. Ащ шъэожъыехэр ешъуигъэх, кIэлъыкуугъэх:

– Чъэ, чъэ! Шыупащэ къыпкIэхьэ!

Зирарэ тIэкIурэ щылъи, къызэшIотIысхьажьыгъ, ышъхьэ ыутхыпкIи, ерагъэу къэтэджыжьыгъ, ипаIо зыщигожьызэ, къягъумтIымыгъ:

– НэбгыритIум зы нэбгырэкIэ шъулIыхъужъ.

– Зы лIым шъо кIэлищым шъузэрэтебэнагъэр зыми щыщэп, ара? – Шыупащи фидзыжьыгъ.– Зысэмыгъэлъэгъоу санэIу икI!

– Ар сэ мыгъо пфэсшIын! – Зирарэ нэжъыкIэ Шыупащэ къыIуплъагъ, ишъэогъуи техъупкIагъ: – НекIо, лъыр къыпIутIэтIэу сыд узфыщытыр!

Зирарэрэ шъэогъуитIумрэ яшхэр хагъэчъыкIхэзэ, кIыщ кIыбым зыкъолъэдэжьхэм, Шыупащэ игые джы Адышэс фигъэзагъ:

– Шъуз-кIалэ ухъужьыгъэу, сыда мыхэр къыпфэзыхьыгъэхэр?

– Ашъыу, ащ фэдэ гухэлъ пцIапIэ яIэми сшIагъэп,– Адышэс зиухыижьызэ, нэплъэгъу хьалэлкIэ ишъэогъу Iуплъагъ.– ТитIыхэр зэтэгъэгъэзау ыIозэ, Зирарэ кIогъу сигъэгъотыжьыщтыгъэпти, зитI текIорэм шъынищ тефэнэу тызэзэгъыгъагъ. Сэри сшIошъ хъуи, шъэожъыемэ титI хэгъуашъхьэм къырязгъэфыжьыгъ. ТIитIур зэзаозэ, ежь итI къызэкIакIо зэхъум, лъакъокIэ сыкIэкIэтIыргогъагъ. Ащ къыригъэкIи, къызжэхэбэнагъ.

– Ышнахьыжъ ГуIатыжь урилэгъоу, ыIэ къыптырещая?

– СэшIэ сэ ащ ыгу къырифырэр. Чэчанэ Бзабзэ зещэм, уригъусагъ еIошъ, сыIукIэ къэс ыцэ къысфелъы. Шыупащи псэлъыхъо зыхы удэкIогъагъ, тыгъужъы шъухъугъэу чылэм шъудэс, сэ сынаIэ зытесыдзэрэр шъоуIэ ыIуи, къысщыхьэу ригъэжьагъ. Джары тызыхэтыр, акъыл зимыIэм, бзэ къыфэгъотыгъуай.

– Зыхыхэм адэжь тызэрэщыIагъэр ащ тыдэ щишIагъ?

– ПшIэрэба тичылэ дэсхэм ащыщхэр зыфэдэхэр?.. Зирарэ зыхыхэм бэрэ афыкъокIы. Турабэ мыщ дэсызэ, ар зыгуиубытэгъагъ. Джыри ащ дэжь зырегъэхьы.

– Е-е, Адышэс, сишъэогъу хыежъ, некIо тадэжь, тIэкIу тыщысын, тыгущыIэн. КIэлэжъ бзаджэмэ зи къыуашIагъэба? – Шыупащэ ныбджэгъум пыплъыхьагъ.– Рэдэд пщышхор зэнэгуерэм текIуалIэкIэ лъытэ.

– Сыд зиусхьаныр зэнэгуерэр?

– Бащэрэ мамырэу тыпсэугъ. Лъы амылъэгъоу, зэрэмышхыжьхэу адыгэхэр тIэкIурэ зыпсэухэкIэ, хъотIэ-бжъатIэхэу, зызэщахъожьэу аублэ. Мары плъэгъун, Турабэ ышъхьэ тхихыжьыгъэмэ, зыхыхэм зэрахэхъухьэрэм теплъын тIуи тытIысыжьыгъ шъхьакIэ, зэжъугъэзэогъэ тIитIумэ афэдэу, тэри натIэкIэ тызэригъэутэкIыщт.

– А дэдэр хъуна шъыу, зыхыхэм ар яделэгъэна? – Адышэс зэхихырэр ышIошъ хъу-мыхъушъоу ынэ хьалэлмэ щтэр къакIэхьагъ.

– Ежь ышъхьэ хъункIэ ерэшIи, Турабэ зэблэн щыIэп. Джа титIо зэдатшIэрэ зыхыпщыми акъыл хъатэ иIэкIэ сыгугъэрэп,– Шыупащэ ынэхэр плъызыхэу, хэхьапщыкIыгъ.– Адыгэ лъэпкъхэр зы хэгъэгу зэришIыгъэм Рэдэд щэгушIукIы, чэщи мафи къекIокIы, урымхэми, персыхэми, русичхэми игупшысэкIэ анэсы, тэ нахь дэгъур тэзэрэмыгъашIэу тызэтIэжьы. Тэ хэгъэгухэм тызыхаIо шIэхэу тыхъунэп...

## II

Шыу тIокIитIур Рэдэдыпщым игъусэу Мэзыбэ къызегъэзэжьым, гъэмэфэ тыгъэр ошъо шыгум итыгъ, фабэм псэ зыпытмэ ашъхьэ зыдахьыжьыщтыр аригъашIэщтыгъэп. Шъэожъыемэ алъэгушъохэр сапэм къесты, чылахьэмэ абзэгухэр къиилэлхэу кон чIэгъмэ защагъэбылъы, чъыг тхьапэхэр къегъонлэхыгъэх, уцымэ имыгъоу гъожьышэ ахидзагъ. Зы ощхыцэ къыземыфэхыгъэр мазэ хъугъэшъ, ащ блэкIыжьмэ, лэжьыгъэхэр ыгъэкIодынкIэ щынагъо.

Рэдэди, онэш бгъэшхоми зэрэужъэжъыгъэхэр къахэщы: зышъо цIыурэ шым тхъурбэр къыпэзы, пщым ынэгу машIор тырехы. Ау щытми, гощэшхом фабэр къызэрехьылъэкIрэр, ыгу къыщыхьи, чэщ кIуагъэр къинкIэ зэрэрихыгъэр Агъбан къызыреIом, Рэдэд пшъыгъэр теужьыгъэу янэ иунэ фиузэнкIыгъ.

– Колэси моу джыдэдэм сымэджаплъэ къыфэкIуагъ,– Агъбани пщым кIэлъиIожьыгъ.

– ЗыогъэсымаджэмэсшIэрэп, тян? – пIэм хэмылъэу тахътэм тес ным зэрэфащтэрэр къызхимыгъэщэу, Рэдэд Iупэ гущх фабэр янэ пигъохыгъ, етIанэ гъунэгъу лIыжъым еупчIыгъ: – О сыдэу ухъурэ, Колэс, уузынчъэба?

– Тэри зыпэсхэрэм тыфэд, зиусхьан, мыузырэ тхэлъыжьэп. Мафэ къэс тхэкIы нахь, тхэхъожьрэп.

– УитеплъэкIэ ар пIонэп, Колэс. Пшъуи дахэ, унэхэри чаных.

– Чъыгыр жъыми, ытхьапэхэр шхъонтIабз, ау ыкIоцI нэкIы, тэри ащ тыфэд,– Колэс тIэкIу кIэщхыкIызэ, джэуап къытыжьи, сымаджэм еупчIы фэдэ зишIыгъ: – Арба, Рампэс?

– Е-о-ой, Колэс, цIыфым жъы мыхъоу иIэ закъор мы гу мыгъор ары, ари сэ къыздэхъужьрэп нахь,– Рампэс

зыфэсакъмэ зигъэшIожьызэ, ыбгъэ теожьыгъ.– Фэбэшхори, кIалэр зэрэдэмысыри зэхахьи, сыгу сигъэгумэкIыгъ.

– Сэ гъогу сытехьэ къэс гугъу ухэтыщтмэ, тян, гу къыпфэнэжьынэп,– гуегъу нэплъэгъукIэ Рэдэд янэ Iуплъагъ.– СыдэкIыгъэмэ сыд, сызтетыгъэм сытетэу сыкъэкIожьыгъ.

– Тинахьыжъмэ аIорэр ошIа, сикIал? – Рампэс ыгу къызэрихьажьрэр къыхэщэу, ынэгушъхьэмэ лъыр къячъэжьыгъ.– Ыкъо зекIо зыкIокIэ, мыхъунэу щыIэр зэкIэ ным къырегъэхъулIэ, шIоу щыIэр зэкIэ къыфихьынэу шъузыр щэгугъы.

Нэбгырищыр зэрэгъэщхи, нэмыкI гущыIэ пымыуцохэзэ, Колэс къэтэджжыжьыгъ:

– Пкъо къыпфэкIожьыгъэмэ, Рампэс, сыкъыоплъышъ, угуи къихьажьыгъ, сэ цIыкIу-цIыкIоу сежьэжьын.

– Щысба, Колэс, кIалэм Iаджи къылъэгъугъ, къэбархэр къыпфиIотэных,– бэщым зытезыгъакIэзэ пчъэм фэзыузэнкIыгъэ лIыжъым Рампэс елъэIугъ.

– Хьау, Рампэс, гъогууанэ къэзыкIужьыгъэм зерэгъэпсэф, къэбархэми такIэхьажьын.

Къэлэпчъэ кIыбым нэс гъунэгъу лIыжъыр ыгъэкIотэжьи, Рэдэд щагум къыдэхьажьыгъэ къодыеу, шы лъэмэкъэ гузажъом зэригъэплъэкIыгъ. Шыупащэ къэсыжьи, шым зыкъыридзыхыгъ, ынэхэр къигушIукIхэу ышнахьыжъ Iаплl рищэкIыгъ:

– Къэт яжъугъэIуагъ, Рэдэд. Сыд, зэкIэ дэгъуба? Укъызэрэсыжьыгъэр къысаIуагъэти, губгъом сыкъичъыжьыгъ.

– Тилъэгъунхэр къэдгъэцэкIагъ, сшынахьыкI. Ар пстэумэ анахь Iоф. ТыдэкIи тихэгъэгу ыпкъ зэриуцорэм сигъэгушхуагъэу къэзгъэзэжьыгъ.

– Ар къэбар дэгъу,– Шыупащэ зыхы Абэчыпщым Турэбэ бытыр ыкIыб дэтэу зыкъызэришIыгъагъэм игугъу риIотэжьынэу къышIудэоегъагъ шъхьакIэ, къэмысыжьзэ, ыгу хэуIонэп ыIуи, рифыхыжьыгъ.– Тэри мыщкIэ тиIофхэр зэрэкIэкIыхэрэм уезэгъыщт, ау огъум тызэтыриубытагъ.

– АщкIэ ори, сэри тилъэкI макIэ,– чэфыгъэ зыкIэмылъ нэгукIэ Рэдэдыпщыр ышнахьыкIэ фыреплъэкIыгъ: – Тхьэхэр къытфеплъыхынхэба? ТыкъэкIожь зэхъум, ощхымэ къысэугъэ фэд.



– Дунэе гопэгъушхом ощхымэ къыхэуна? – Шыупащэ пкIэнтIэпс лъакъохэр ынэгушъхьэмэ къячъэхэу, зэхихыгъэр ыгъэшIэгъуагъэми, ежь нахь зыгъэгумэкIыщтыгъэм къыкIэупчIагъ: – Тянэ сыдэу щыт? Пчэдыжь сызыдэкIым, итеплъэ сыгу рихьыгъагъэп.

– Мызыгъэгум дэхэкIай, ынэгушъхьэхэр къэушэплъыжьыгъэх. КIо, о тянэ дэжь ихь, сэ шъаомэ зэ сашъхьарыплъэн...

Тыгъэнэстырым хигъэхьанэп ыIуи, Айнарэ кIэлитIур унэ чъыIэтагъэм щигъэгъолъыгъагъэх шъхьакIэ, мафэрэ чъыехэу емысагъэхэм мышъашъор зэфагъэкIуатэу джэхашъом тетыгъэх.

– О джыри уцIыкIу, пIэкIорым укъызехыкIэ, джэхэшъо чъыIэм утемыуцонэу, мышъашъом шъэбэ-шъабэу ухэуцощт,– Дзэпщ мышъашъор ышнахьыкIэ ипIэкIор лъапсэ релъэшъулIэ, Зэфэс цIыкIум ынэхэр къырифхэу, мышъашъор къинкIэ ышнахьыжъ ипIэкIоркIэ къелъэшъужьы.

– Сыфаеп,– зегъэгусэ Зэфэс,– ормэ къызэратыгъэр, уипIэкIор кIэрыгъэлъ.

– А делэ цIыкIу, лIым о уишIэрэпти, сэ сцIэ къыриIуагъ нахь, титIуи къытитыгъ,– Хьэбатэ пщы шъэуитIум Агъбан ыукIыгъэгъэ мышъашъор къызэрафихьыжьыгъэр Дзэпщ ышнахьыкIэ гуригъаIо шIоигъу шъхьакIэ, Зэфэс цIыкIур зэкIакIорэп:

– Хьау, оры зыцIэ къыриIуагъэр. Сэри иныы сыхъумэ, мэзым хэс анахь мышъэшхор къэсыукIынышъ, ышъо къытесхыщт.

– Сыд епшIэщт?

– Нанэ естыщт.

Айнарэ ыкъо нахьыкIэ къыфишIырэ гукIэгъум ыгъэгушIозэ, адрэ гутIэпчъэ унэ Iухыгъэм къычIэджыкIыгъ:

– Хъугъэ, шъузэмыдау, чэзыу-чэзыоу шъуапашъхьэ ижъугъэлъ. ЛIы шъухъумэ, сэри мышъашъо къысфэшъухьын. Шъуинэнэжъ хэт адэ мышъашъо къыфэзыхьыщтыр?

– Сэры! – Зэфэс цIыкIум къызэIуепхъоты.

– Хьау, сэры! – Дзэпщи къыпеожьы.

Ардэдэм Зэфэс къыхэкуукIы:

– Тат! Татэ къэкIожьыгъ!

Шъэожъыер ятэ ечъалlэшъ, ылъакъомэ lаплl арещэкlы. Рэдэд еlэбэхышъ, ыкъо цlыкlу унэ кlашъом кlигъаозэ, еlэты. Дзэпщи тым зырефызылlэшъ, ылитlу ыбг рещэкlы.

Айнарэ ынэгушъхьэмэ къахихэу, ыгу ыгъэжьэу къытеозэ, лlым ыпашъхьэ ит. Рэдэд шъэожъыер мэкlэ-макlэу регъэуцохыжьышъ, кlалэмэ апашъхьэ шъузым lаплl рищэкlыныр къыримыгъэкlоу, lэгушъо фабэр нэгу шъабэм регъачъэ.

– Сыд, Айнар, фабэм шъуригъэзыгъ, ара? – рилощтыр Рэдэд ымышlэу шъузым ынэ дэхитlу къакlихырэ гупсэ нурэм зыфекъудыи.

– Фабэр lофыжьа, Рэдэд,– шъэожъые нахьыкlэр зэриубытылlэзэ, Айнарэ нэку-нэпс къэхъу.– Гощэшхом игууз тигъэщтэжьыгъагъ. Ори тыкъыпшаплъэзэ, тынэ дагъэ къытенэжьыгъэп.

– Сэшlэ, Айнар, сэшlэ,– Рэдэд зиухыижьызэ, шъэо нахьыжъым есэмэркъэу.– Сыд адэ, Дзэпщ, уяни, уянэжъи зыкlэбгъэзэщхэрэр?

– Сэ афэсшlэн къэзгъанэрэп, сакъыфэмышъощтымэ сшlэрэп нахь.

Рэдэди, Айнари зэмыжагъэхэм ыгъэщхыгъэх.

– Сакъыфэмышъощтмэ пlуагъа, сишъау? – Рэдэд щхым хэтэу къэупчlэ.– О зи къыптенэрэп, Дзэпщ. Сэры зэкlэ зилажьэр. Бэрэ узажэрэм гукlэ уегъэуцо, ау сыдэу сшlын, хэгъэгу lофыр мыухыжь.

– Ары шъхьакlэ, узыр къыожэщтэп,– гощэшхом ыгукlи, ыпсэкlи зэрэфэгуlэрэр Айнарэ къыхэщы.– Джэуап фэхъун зи щыlэба?

– Шыупащэ уц lэзэгъу къыгъотынэу ыlуагъ. Тхьэхэр къытфэусэхэмэ, джэуап къыфэхъуных. Тэри тлъэкl къэдгъэнэнэп...

Хьэжъэжъэ машlор зыпихырэ тыгъэм къохьапlэмкlэ ригъэзыхыгъагъ. Шыупащэ чэум готэу рекlокlызэ, къыlуогъэ жьы чъыlэтагъэм ышъхьэ къыригъэlэтыгъ, ошъопщэ lужъу чlыпцlэу къыблэмкlэ къикlырэм паплъэзэ, Рэдэд ыlуагъэр къызэрэшъыпкъэжьрэм ыгъэгушlуагъ. Уц цlынэ lэпlэшхор зыбгъэ кlэлъэу мэлэщым дэхьэрэ Дэхапси ылъэгъугъ.

– Былым lофыр о зеофэмэ, Нэтlае сыд егъашlэрэ?
– Шыупащэ къэлэпчъэжъыем дэкlызэ, исэмэркъэуи, идауи бзылъфыгъэм пигъохыгъ.– Хьауми зекlо бгъэкlуагъа?

– Е-о-ой, Нэтlае зекlо мыкlоми, ышъхьэ ифедэ ышlэжьыгъагъот,– Дэхапсэ нэщх-гущхэу Шыупащэ къыпэгъокlыгъ.– Къеблагъ, ухьэкlэшху о. Турабэ игъусэ зэхъум, чэщи, мафи гогъэпкlагъэу фэлажьэщтыгъ, сэ lэнтlрахъо зыкъысфишlыгъ. Зыгорэм уегъэгумэкlа, Шыупащ?

– Уц lэзэгъухэр ошlэ аlуагъ, тянэ ыгу лъэшэу къыфырегъашlэ,– Шыупащэ гугъэ нэплъэгъукlэ Дэхапсэ lуплъагъ, фэмыхъужьэуи зэрилоожьыгъ: «Джы нэс гуфаплъэу сеплъыгъэп, сыдэу хъопсагъоу зэхэлъа мыр... Насып илэп нахь, ынапи, ыпкъи, ылъэкlапlэхэми хэплъхьани хэпхыни ахэлъэп...»

Нэплъэгъу нацlэр Дэхапсэ зэхишlагъ, lупэщх макlэр ынэгу ригъэчъи, ежьыри зэхъопсэжьэу зыдэплъыхыжьыгъ.

– А Шыупащ, дэгъоу укъэкlуагъ. Гууз уцым джыдэдэм игъу. Гъэрекlо сlэкlэгъуупшыкlи, згъэхьазырыгъагъэп,– бзылъфыгъэм зыкъиушlэжьи, къакъырымкlэ ежьагъ, етlанэ къызэуцокlи, къыхигъэхъожьыгъ: – Рампэс гощэшхом фэгумэкlэу тыгъуасэ Курацэ къысфэкlогъагъэти, ардэдэм шъофым сихьи, уцыр къэсхьыгъ.

Къэгъагъ ежьэшъо пlуакlэхэр зыпыт уцыр Дэхапсэ къызыретым, Шыупащэ цыхьэ ымышlэу къыжэдэзыгъ:

– Мы уцыр сэри сэшlэ.

– Ошlэ шъхьакlэ, гумкlэ зэрэlэзэгъур пшlэрэп,– Дэхапсэ къыгъэтэрэзыжьыгъ.– Айнарэ ферэгъажъуи, зыучъыlыжьыкlэ, непэ щэ рерэгъашъу. О сыд уикъэбар, Шыупащ?

– Сыдымкlэ? – шъуз тхьагъэпцlышхор къызкlэупчlэрэм гу лъитагъэу Шыупащэ ышъхьэ къыпхъотагъ.

– Уянэ лъэшэу къыуигъащэ шlоигъоу Курацэ къысиlуагъ.

– Ащи тыкlэхьажьын, Дэхапс,– Шыупащэ укlытэжьыгъэу ышъхьэ ригъэзэкlыгъ.

– Тичылэ кlалэхэм сыгу зэрэшъуабгъэрэр ошlа, Шыупащ? – Дэхапсэ къэупчlи, джэуапыри къытыжьыгъ: – Нэмыкl чылэ къишъущырэр нахь дэгъоу, нахь дахэу къышъушlошlы, шъуапашъхьэ ис пшъэшъэ шlагъохэр шъунэ къыкlихьэхэрэп.

– Хэта ащ фэдизэу угу рихьыгъэр?
– Лащынэ зы нэбгырэкӀэ сыд епӀолӀэн?
– Бзабзэ ипшъэшъэгъуа? Ащ ныбжь шӀукӀае иӀэба?
– Хэта зыӀуагъэр, Бзабзэ Чэчанэ илэгъукӀэ огугъа? ИлъэсипшӀым ехъукӀэ нахьыкӀ. Лащынэ ипшъэшъэгъу ыуж илъэсищкӀэ къенэ. Ежь пшъэшъэ гъэтӀылъыгъэшъ, ныбжь иӀэу къыпшӀошӀы нахь, ощ нахьи илъэс зытфыхыкӀэ нахьыкӀ. ЕтӀани мыдаха, мышӀыкӀашӀуа! ЫӀапэмэ дышъэр къапэзы, пчӀыпӀэ ситыгъэмэ…

Гущыӏэ макъэм НэтӀае унэм къырищыгъ:

– Ора, Шыупащ! Сыда щагум узыкӀыдэтыр, къеблагъэба,– бысымыр къыфэчэфэу лъэгуцым къехыгъ.– Дэхапсэ узхигъэдаӀорэр тхьэмэ ашӀ.

– ЗыхэзгъэдаӀорэр уифэмыфыгъ, НэтӀай,– Дэхапсэ лӀым есэмэркъэу фэдэзэ, зыфаер гуригъэӀуагъ.– Шъуичэуи зэхэтакъо, мэлэщри гъэцэкӀэжьыгъэн фай еӀо Шыупащэ.

– Ахэми зыгорэ ятшӀэн, Дэхапс,– тхьагъэпцӀышъо нэгукӀэ НэтӀайи шъузым Ӏуплъагъ.– Сэ Турабэ бэкӀае къыкӀэрысхыгъ, цӀыфмэ сафэплъэнэуи сэшӀэ. Ар чылэм зыдэмысыжьыкӀэ, дэгъуба, сэ диныр зесхьанэу ашӀымэ? Моу сцӀэ къезыӀон горэ щыӀэп нахь, ы, Шыупащ?

– ӀукӀ адэ! – Дэхапсэ ынэгу зэхигъахьи, ӀэутӀэ ышӀыгъ.– Бытыжъым ычӀыпӀэ уиуцонышъ, ори цӀыфхэр бгъэделэнхэу угу хэлъ. Ар былым хэкӀыпӀэ пфэхъущтэп, НэтӀай. Къыомыдэожьыщтыр пӀэшъхьитӀукӀэ пшӀэрэр ары.

Шъузым тырипчъагъэр НэтӀае ыгу рихьыгъэп, Шыупащэ щыгугъэу фырепльэкӀыгъ.

– НэтӀай,– Шыупащэ ынэхэр ыуцӀыргъугъэх,– Турабэ къыгопхыгъэр ары ныӀэмэ пшӀэрэр, Дэхапсэ уедэӀумэ, нахьышӀу. А бытым апэрэ мафэхэми цыхьэ фэсшӀыгъэп, тхьэмэ ялӀыкӀоп, ежь зыфегъэӀужьы нахь.

– Ори ТемрыкъокӀэ зыбгъэзагъ, ара? – НэтӀае ышъо къыхихзэ, хэгубжыкӀыгъ.

– Дэхапсэ сишыхьат, ащ фэдэ къэсӀуагъэп,– Шыупащи къэгумэкӀыгъ.– Титхьэхэр зыгу имылъ Мэзыбэ дэсэп, къосэгъухэми Темрыкъо фэдэу ахэтыр бэп. О сэщ нахьи унахьыжъ, НэтӀай, узигъусэгъэ Турабэ зэрэшхъогъуалэр къыбгурыӀуагъэба? Тхьэмэ ялӀыкӀо илъэпкъэгъухэр зэфигъэблыщтхэп, иӀоф къикӀыным пае лыгъэ аригъэдзыщтэп, къыздэтэджыгъэ шъэогъумэ ыкӀыб афигъэзэщтэп. «ЦӀыф шхъогъуалэр пый шъэф»,– тинахьыжъмэ аӀо.

– А сыдэу дэгъоу къепӀуагъ, Шыупащ. Ежь щыт пае къасӀорэп, НэтӀае цӀыф дэгъу, епӀорэр шӀэхэу ышӀошъ мэхъу. Турабэ къыфигъэпкӀэнтӀэгъэ шъхьэшхом акъыл горэ къыфибгъэхьажьыгъэнкӀи сэгугъэ. Сэри мафэ къэс есэӀо: дагъо зиӀэр хъопсалэ, шъугъуалэ мэхъу, цӀыф псаоу зыхэтмэ гукӀэ ятӀэ. Турабэ зыфэдэр сэ исшӀыкӀыгъ. О сыкъыодэӀушъ, Шыупащ, лӀыжъ гъэтӀысыжьыгъэм уфэд. Рампэс гощэшхом аришӀэрэр сшӀэрэп, ытэмэ чӀэгъ къычӀэкӀхэрэр акъыл закӀэх.

– Тянэ Ӏушышъ ары, Дэхапс,– Шыупащэ янэкӀэ зэхихыгъэм рыпагэу къыхигъэхъожьыгъ: – зыдэщысым щысэу дунаир зэрегъафэ, игущыӀэ пэпчъ нахьышӀум уфеузэнкӀы. Хъун ащыгъум, ощхым сыхимыубытэзэ, сыкӀожьын.

– Сыд ощх, фабэм тызэгуеуты,– ошъо къэбзэ лъагэмкӀэ Дэхапсэ дэплъыягъ.

– УакӀыбыкӀэ зэплъэкӀ,– къыблэмкӀэ Шыупащэ Ӏэ ышӀыгъ.

– А тхьэхэр къытати! – ыӀэгушъохэр зэригъэутэкӀзэ, Дэхапсэ гушӀуагъэ.– Моу зэ плъэ, НэтӀай, тилъэӀу Шыблатхьэм зэхихыгъ.

Шыупащэ щагум къызыдэкӀыжьым, чэу кӀоцӀымкӀэ Дэхапсэ къыдырекӀокӀзэ, къеушъыижьыгъ:

– Турабэ щэхъу къэмынэжьыгъэми, зыхы пшъашъэр къыбдагъэкӀощтэп, Шыупащ, ЛащынэкӀэ къыосӀуагъэм егупшыс.

Къэӏугъэ шыблэ гъуагъом къепэсэкӀыгъэ пчыкӀэр къытефагъ пӀонэу, Дэхапсэ зыригъэутӀыӀугъ, Шыупащи ар ышӀагъ нахь мышӀэми, хигъэкӀокӀэжьызэ, къэупчӀагъ:

– Хэт ар къыуиӀуагъ?

– Къэбар мыӀу щыӀэп,– тхьагъэпцӀышъо нэгукӀэ зыкъыӀуишӀыхьэзэ, Дэхапсэ ӀущхыпцӀыкӀыгъ.– Усасэ ыш щымыӀэжьэу Абэчыпщым ичылэ кӀогъагъэх. Тураби къалъэгъугъ. Шъо зыфэшъумыӀорэ тхьамыкӀагъо горэ а бытым къытфихьынкӀэ щынагъо. Абэчыпщ гъугъэм зыгуишӀагъэу, зыхы чылэхэр къыдикӀухьэу къэбар къахьыжьыгъ. ХьакӀуцухэм лӀыкӀохэр афаӀопщыгъагъэхэуи аӀо.

– Сыд къараӀуагъ адэ?

– АкIэ теожьхэу хьакIуцу пэщэ Дэмыр къыфыгъэхэу ары. СшIэрэп, сэ зэхэсхыгъэр къэсэIожьы. Шъо нахь шъыпкъэр шъушIэн.

«Турэбэ быти!..– Шыупащэ къэкIожьзэ, гукIэ ышнахьыжъ егыигъ.– Псибл иIэми, Iупхыныр тефэ а бытыжъым. Къоданэ Iуаригъэхынэу зеIом, Рэдэд дыригъэштэн фэягъ. Зыхыхэм сыдэу ахэбэгъухьагъ, аришIэри сыд? Ар сэIо шъхьакIэ, тэри ыжэ тыдэплъыхьэу, тхьэмэ ялIыкIо шъыпкъэкIэ тштагъэу, илъэс пчъагъэм зедгъэгъэделагъ. Зыхыхэм тэ дблэкIэу тыдэ акъыл къырахын. Джащ фэдэ гор адыгэр ыужырэ акъыл язгъэIуагъэр. Анахь уз цIыкIури къызэрежьэу зымыгъэхъужьыкIэ, мэятэ, узэлъештэ. Ащ фэдиз лъапсэ зыхы лъэныкъом Турэбэ быт щидзыныр хэгъэгу псаур зэзыгъэфэрэ Рэдэди ышIагъэп...»

Чэщыгум мэкIэжъыеу зэ, тIо, щэ шъхьангъупчъэм къыфытеуагъэр зыщыщыр ымышIэу Цыгъуанэ къызэшIотIысхьагъ, дунэе кIым-сымым хэдэIуагъ. Джыри зэ, тIо къытеуагъэх.

– Хэт ар? – мэкъэ ефэхыгъэкIэ Цыгъуанэ джагъэ, лъэпэпцIыеу рекIокIи, шъхьангъупчъэ нэзым дэплъыгъ, ау зи ылъэгъугъэп.

– Сэры, Тураб ары,– мэкъэ шъэфкIэ Турабэ къыпэджэжьыгъ.– Уадыгэба, ощына сэIо пчъэр къебгъэтэу? КъыIух, лъэгъун къыбдысиI.

– Ора сэIо, Тураб? – Цыгъуанэ ыIаблэхэр кIэзэзхэзэ, пчъэдадзэр дихыгъ.– КIалэхэр игъусэхэу шъузыр ытыщмэ адэжь Шышъхьарыс кIуагъэти, ошIэба, уизакъо зыхъукIэ, Темрыкъо къыстеомэ сэIошъ...

Пчъэ Iухыгъо имыфэзэ, Цыгъуанэ ыпашъхьэ къиуцогъэ лIы нэцэ-IуцэжъитIум ыгу ыныбачIэ рагъэфэжьыгъ. ТIуми пэIо пырэцэжъхэр ашъхьащыгуагъэх, нэжъыкIэ къыфычIэплъых. МэзлIыныкъом фэдэхэшъ, Цыгъуанэ цIыкIу яхъулIагъэу ыкIышъо чъыIалIэр рэчъэ. Турабэ ышъхьэ ыпэ итэу пчъэм къызыдэкIым, тIэкIу ыгу къихьажьыгъ, лIы щынэгъуитIумэ ябгъукIуи, тхьэмэ ялIыкIо ыIитIу фищэигъ. Турабэ зи ымылъэгъу фэдэ зишIи, жантIэм дэтIысхьагъ, ышIэщтыр зымышIэу джэхэшъогум тет Цыгъуанэ фидзыгъ:

– Моу къэтIыс!

– Моущтэу сыкъэтIысына, Тураб, зыкъэсфэпэнба...

– ИщыкIагъэп! КъэтIыс сIуагъэшъ, къэтIыс!

Ыгу къыдэкIыщтым фэдэу, ылъакъохэр ерагъэу зэблихызэ, Цыгъуанэ пIэкIорыгум хэтIысхьагъ, къызэшIуанэзэ, къыупсэлъыгъ:

– Зыгорэ хъугъа, Тураб?..

– Зыгорэм удэкIотэжьын! – джыри Турабэ кIэкIэу къызIуидзыгъ.– Джы нэс лIы усшIошIэу къэсхьыгъ. Сыд къэбар шIоя къысфябгъэхьыжьыгъэр? Мыстхъакъомэ лыгъэ бдзыгъэ аIуи узагъэмысэм, хэта апэ къыпфэсыгъагъэр, хэта щынагъор пшъхьэщызыхыгъэр?

– Оры, Тураб,– Цыгъуанэ ымакъэ къэкIэзэзыгъ.

– Сэрмэ, сыда нэужым симылажьэ къыкIыстеплъхьажьыгъэр?

– Уадэжь сикъызэкIом, орба къысэзыIогъагъэр Темрыкъо тезгъэстыкIынэу?

– Мыдэ мыщ ыIорэр зэхэшъоха? – Турабэ IущхыпцIыкIызэ, игъусэмэ зафигъэзагъ.– Мы шъхьэ псыгъор сауж имыкI хъуи, мыстхъакъомэ динымкIэ афэзгъэзэгъагъ, ау сыхэукъуагъ, пцIыус закъоу чылэм дэсыр гъусэ зыфэсшIыгъагъ. А тхьамыкI, садэжь укъызэкIом, сыд осIогъагъ? Бын-унагъом лые епхымэ, тхьэмэ къыпфагъэгъунэп зыосэIом, укъысэдэIугъэп, Шыблатхьэр къыфырикъугъ, Темрыкъо къытыригъэстыкIыгъ сIонышъ, чылэр щызгъэмэхъэшэщт пIуи, орба лыгъэр зыдзыгъагъэр? Джы сэркIэ ухэкIыжьынэу ипхъухьагъ. Ащ фэдэ лIымэ ашIэрэп!

– Сэри?..– къыхэкуукIыгъ Цыгъуанэ.– О уипкIыхьапIэ синэфапIэп, Тураб. Мыстхъакъохэр зыфэдэхэр умышIэрэм фэд. Пщымэфэ лIыжъым фырикъужьэу сыжэ къыдэIабэхэ зэхъум...

– Икъугъ! О къызэхэплъхьащтыр сэ сищыкIагъэп. Ужэ къыдэIэбэнхэм нахьи, пшъэ къиIэбэнхэр нахь къыптефэ.

Турабэ игъусэмэ шъхьэ зэрафишIыгъэр Цыгъуанэ ылъэгъуи, нэплъэгъу гуIэр лIитIум афидзыгъ, унэм зыридзынэу зыкъызепхъуатэм, лIитIум яз етхъуи, ыпэ диубытэу IэгушъошхокIэ ыжэ зэтырикъузагъ, ыIупэ зэриIыгъэу пIэм хигъакIи, бгъэкIэ тегъолъхьажьыгъ. ЯтIонэрэ лIы нэцэм дэгъэ остыгъэр ыгъэкIосагъ. ЗезыутэкIыжьыщтыгъэ Цыгъуанэ ипцIымэмэ макъэ заулэрэ къэIугъ. ЛантIэ хъугъэ пкъынэ-лынэр къэмыхъыежь зэхъум, лIитIум зыкъытыраIэтыкIыжьыгъ.

– Ари бэр зыдакIорэм кIуагъэ, угу тедгъэпщэхагъ, Тураб,– пIэлъапэм щылъ бгъусымкIэ ылэхэр ылъэкIыжьзэ, лIы плIэмыешхор гъумтIымыгъэ: – СIэгушъо Iупс закIэ къышIыгъ.

– УзыушIоинэу къыпфежьэгъагъэм чэтыпсэ нахьыбэ иIагъэп, иIоф тшIагъэ,– ятIонэрэ лIыр къызщытхъужьыгъ.

– Джы ежь-ежьырэу лIагъэм фэдэу жъугъэтIылъ, ынапIэхэм шъуямыI, ыIитIу яз ыбгъэ тешъулъхь,– Турабэ зыдэщысыгъэм къимыкIотыкIэу унашъохэр къышIыгъэх.– ПIэкIорыри зэжъугъэфэжь, гуцэфэ лые зыфашIын къэшъумыгъан.

ЛIитIумэ ариIуагъэр зашIахэм, Турабэ къэтэджыжьи, Цыгъуанэ ихьадэ шъхьарыуцуагъ, нэ зэкIэкъыгъэхэм акIаплъи, ышъхьэ фигъэсысыжьыгъ:

– Убзэгу пцIи, бзэджагъи, шъоупси къыпымыкIыжьэу, гъэшIэрэ чъыем ухэтмэ, оркIи, сэркIи нахь гупсэф, Цыгъуан...– Турабэ къызэплъэкIи, лIитIумэ яз фидзыгъ: – Моу икIи, зыкъэплъыхь. Гъэмэфэ чэщыр кIако, жьэу къэтэджыжьынхэр цIыфмэ къахэкIыщтых. Зыгорэ тапэ къифэмэ, тыгъуакIомэ ауж къэтфыщтыгъэу шъуIо.

– Хэт зэтыгъуагъэхэу тIощтыр, Тураб? – лIитIумэ яз щхыпцIызэ, къэупчIагъ.

– Сэрба! – лIыр зэрэщхыгъэр Турабэ къыхихыгъ.– Сибылым ыуж сэфы. Шъо Абэчыпщым гъусэ шъукъысфишIыгъ. КъыжъугурыIуагъа? ТызышIэжьын тапэ къимыфэнэу сэ тхьэмэ сялъэIущт. Джы тежъугъэужьыр, нэф къэмышъызэ, тигъогукIэ хэдгъэкIырэр тичар.

Цыгъуанэ ыгу зызэгуагъэутыгъэ чэщым къыкIэлъыкIогъэ мафэр ыкIэм фэкIофэ, мыстхъакъомэ къэбар ашIагъэп, ишъуз-кIалэхэри къызэрэтыгъэх. Щыбзахьэ къэкIогъэ гъунэгъу шъузыр ары Цыгъуанэ зэрэщымыIэжьым икъэбар чылэм щызыIопщыгъэр.

– Ащ фэдэ хэт ылъэгъугъ? Сэмэркъэухэр ышIэу тыгъуасэ къытхэтыгъ,– атамэхэр зэфащэхэу, цыхьэмышI нэплъэгъухэр лIы купмэ зэфадзыщтыгъ.

– Сэ чэпэзэхэогъумэ адэжь ышхын фэсхьыгъагъ. «УгумэкIын фэягъэп, шъузым ыупщэрыхьэгъэ горэхэр къысфигъэнагъэх» ыIозэ, сыкъигъэкIотэжьыгъагъ,– гъунэгъу ныом бзылъфыгъэхэр ыгъэдаIощтыгъэх.



– Зыфэдэ мыхъурэ щыIэп,– Хьэбатэ нэгу Iужъум лIы купмэ къахиIуагъ,– зыр кIо пэтзэ, къызэхафэшъ малIэ, адрэр уз гъэтIылъыгъэм елIыкIы. Сэ слъэгъугъэ хьадэм егъэзыгъэ IофкIэ идунае ыхъожьыгъ сфэIощтэп.

Лъытэныгъэ зыфашIэу, къин къехъулIэмэ, чылэр къызыфэукъорэмэ Цыгъуанэ ащымыщыгъэми, ошIэ-дэмышIэкIэ зэрэлIагъэр агъэшIагъоу, зыгорэм илажьэ къемыкIыгъэныр ашIошъ мыхъоу, хьэдагъэм къемыкIолIагъэ къэнэжьыгъагъэп.

– Арэп, Темрыкъо слъэгъурэп,– лIы горэм къахиIуагъ.– Цыгъуанэ ыгу ебгъэгъагъэ пае къегъанэмэ, хэукъо. Хьэдагъэм зэфамыгъэгъужьырэ щыIэп.

Ардэдэм хэти ыгукIэ зыдиIыгъыгъэ гуцафэр къышIудэоягъ. ЕгъэзыгъэкIэ Цыгъуанэ игъашIэ рагъэухыгъэмэ, Темрыкъо фэшъхьаф телъхьапIэ ашIын чылэм дэсыгъэп. ЕтIани лIитIур зызэIоупIэхэм, «сэ ар мыгъо пфэсшIын» зэриIогъагъэр мыстхъакъомэ джыри ащыгъупшэжьыгъагъэп.

ЛIы зэхэтмэ янэплъэгъу гумэкIхэмкIэ щагум дэтхэри, чэу кIыбым щыIэхэри зэпаплъыхьагъэх. Темрыкъо хьэдагъэм ахэтыгъэп.

– Моу зэ Хьэбатэ шъукъедж,– Пщымэфэ лIыжъым бэщыпэр ыгъэлъагъозэ, унашъо ышIыгъ.– Ар Темрыкъо игъунэгъу, ышIэн фай дэсми, дэмысми.

– Сыд, тхьамэтэ маф, укъысфая? – Хьэбатэ къэупчIагъ.

– Тэ щыIа уигъунэгъур, сыда хьадагъэм къызкIахэмыхьэрэр? – щытмэ зэхахынэу, мэкъэ IэтыгъэкIэ еупчIыгъ.

– Темрыкъуа зыфапIорэр? – Хьэбатэ упчIэм упчIэ къыпигъохыжьыгъ.– Ар чэщ-мэфищ хъугъэ зыдэмысыр. Шыу куп игъусэу хьакIуцумэ адэжь кIуагъэ. Дэмырырэ арырэ ащ икIынхэшъ, дышъэ къыхэзыхыхэрэр зэблахъущтых. ШъуищыгъупшэжьыгъэI, мазэ тешIэ къэс Шъхьэгощэ ныбэ зы куп ащэшъ, адрэ купыр къащэжьы.

– Ащ фэдиз шIэжь тиIэжьыкIэ огугъа? – Пщымэфэ лIыжъыр макIэу IущхыпцIыгъ.– Тыгъуасэ тшхыгъэр непэ тщэгъупшэжьы.

Зэхахыгъэр зым адрэм ытхьакIумэ риIожьызэ, Iушъэшъэ макъэр лIымэ азыфагу рычъагъ, Темрыкъо чылэм зэрэдэкIыгъэр бэми агу къэкIыжьыгъ.

Цыгъуанэ зэрэщымыlэжь къэбарыр Мэзыбэ къызынэсым, Шыупащэрэ Чэчанэрэ хъулъфыгъэ заулэ Рэдэд аригъэгъуси, Мыстхъакъо тхьаусхакlо ыгъэкlонхэм ыпэкlэ арилуагъ:

– Цыгъуанэ зэузапсэ хъуным иlоф тетыгъэп. Къыгъэшlагъэм зыми зыригъэгъэгумэкlыгъэп, мэфэ шъхьэузи къеутэкlыгъэп. Къызхэшъумыгъэщэу цlыфмэ зауlжъугъакl. Егъэзыгъэкlэ лlагъэмэ, нишъэ маплъэ, тхьакlумишъэ мэдаlо, зыми зи зэхимыхыгъэу е ымылъэгъугъэу хъун ылъэкlыщтэп.

### III

– «Хыкlыбым къикlыгъэр лъэкъо кlэу, тиунэ къихьагъэр бгъэгу, ыбгъэгу илъыр хъырахъишъ...» «Емызэщэу шъхьэфэлажь, къылэжьыгъэр зэтырах» – Шыупащэ жантlэм дэсэу мэшlо жъокум паплъэзэ, гущыlэ горэхэр къепчъых.

Рампэс гощэшхор ошlэ-дэмышlэу ыкlыбыкlэ къикlи, зэхихрэр ыгъэшlагъоу къэупчlагъ:

– Пшъхьэ урэгущыlэжьа сэlо, сикlал, сыда джэныкъом уизакъоу узкlыдэсыр?

– Джэныкъо машlом сыпаплъэ хъумэ, сыгу къэкlыжьрэр нахьыб, тян. Къоджэхь-къоджэшх тызэдегъашl ылуи, Дзэпщ сыригъэзыгъ,– ымышlахэу ныр къызэрэшъхьарыхьагъэм тlэкlу ыгъэщтэулугъэу Шыупащэ къэтэджыгъ,– зэхэпхыгъэхэр къышlэн олуа?

– Апэрэм иджэуапыр дышъэчэт, ятlонэрэм – бжьэ. Ахэр сэ Дзэпщ езгъэшlэгъахэх,– Рампэс къылуи, къыпигъодзыжьыгъ: – Модэ пшынахьыжъ сымэджаплъэ Колэс фихьанэу ежьагъэшъ, ори дакlуи нахьышlу. Гъунэгъу лlыжъ закъор тхьэмэфэ псаум зэсымаджэм тшlагъэп. Рэдэди, ори гу къышъущысфэнэу мафэ къыхэкlырэп, lоф мыухыжьым шъухэт...– гъумыгъу-даом хэтэу пкъы од ищыгъэр зандэу ыхьызэ, ныр lукlыжьыгъ.

Пlэкlор натlэм егъэкъугъэ Колэс лlыжъым пшъэшъэжъые цlыкlур ыбгъэ тесэу ыгъэджэгущтыгъ.

Хьакlэщыпчъэр Шыупащэ lуихи, ышнахьыжъ ыпэ ригъэшъыгъ. Ардэдэм лlыжъыр къызэшlотlысхьи, сабыир lэ сэмэгум ритызэ, къэтэджыгъ:



– О шъукъакlу, шъукъакlу,– Колэс къафэчэфэу къыфихьагъэмэ къапэгъокlыгъ.– Моу мыкlэ къыдахъ, зиусхьан, къэтlыс.– Дэпкъым кlэрыуцогъэ Шыупащэ фыдэплъыий, елъэlугъ: – Ашъыу, ори къэтlыс, тэр-тэр закl.

– Хъугъэ, Колэс, щэрэт,– Рэдэд макlэу lущхыпцlыкlыгъ.– Тшынахьыкlэ къытшъхьарытмэ дэгъуба, гум щиз хегъахъо. Угъойщай ылуи, зэшитlум тянэ тыкъифыгъ шъхьакlэ, сызэрэпхаплъэрэмкlэ, ащ фэдэ lоф уилэп.

– Чэщым тэлlэ, мафэм тыкъэхъужьы, Рэдэд,– рэзэ нэплъэгъукlэ Колэс зэшитlумэ зырызэу аlуплъагъ.– Чэчанэ дэсэп, нысэ цlыкlуми шъуимыгъэгумэкlынэу фэзгъэпытэгъагъ.

– Тэрэзэу пшlагъэп, Колэс,– Рэдэд ымакъэ гыер къыкlэхьагъ.– Шыупащи, сэри укъыттеубгъуагъэу уигъашlэ къэохьы. О тыкъыпфэмыгумэкlмэ, тянэ игугъу сшlырэп, хэта тэ тызфэулэунэу тилэр? Тхьэмэ щытхъур адэжь, узыр птырахыгъ, пшъэшъэжъыери огъэджэгу.

– Сабыир бэрэ бгъэуджыми, янэ къеджэмэ, мэчъэжьы, зиусхьан,– ынэгу къыкlэlэбэрэ пшъэшъэжъыем ыlэ цlыкlухэр lуищэикlызэ, Колэс кlэщхыкlыгъ.– Сизэщ стыригъэун сlуи, нысэм къезгъэхьыгъагъ. Сыд къэбар-щэбар щыl? Мыутlэхэм уакъызыхэкlыжьыгъэм ыуж сыкъызэlыхьи, тызэдэгущыlэнэу хъугъэп. Рампэси ипсауныгъэ сыдэу щыт?

– Тяни уезэгъыщт. Дэхапсэ къыфихьыгъэ уцым ишlуагъэ къекlыгъэ фэд. Мыутlэхэми сыгукlи, сшъхьэкlи сафэразэу сакъыхэкlыжьыгъ.

Пчъэр къызэlукlи, lэнэ хъураер ыпэ итэу, Бзабзэ хьакlэщым къихьагъ. Агъбани нэмыкl lанэ ылыгъэу ащ ыуж итыгъ.

– Тыкъэшхагъ шъумылоу, тигъомылэ шъухаl,– Бзабзэ къэлъэlуагъ.– Шъо къяжъугъэхьыгъэм щыщи lанэм къытеслъхьагъ.

– Къэпхьыгъэр пшхыжьымэ, баи ухъущт аlо,– Колэси сэмэркъэу нэгушlокlэ исымэджаплъэмэ аlуплъагъ.

Пшъэшъэжъыер лlыжъым lихыжьи, Бзабзэ хьакlэщым икlыжьыгъ, Колэсрэ Рэдэдрэ аlэхэм псы апагъэчъи, lанэм зетlысылlэхэм, Шыупащи, Агъбани ашъхьэ щагъэзыежьыгъ. Лlыжъымрэ пщышхомрэ къызызэфанэхэм, бысымыр къызажэщтыгъэ къэбарым Рэдэди къыпидзэжьыгъ.

Лаурстэныпщым илъэхъан, ащ яти ятэжъи зыщэlэхэм, адыгэмэ янахьыбэм чlыгур алэжьыщтыгъ, былымхэр

ахъущтыгъ, ау къалэхэр ашӀыщтыгъэп, пытапӀэхэри мыжъо унэхэри агъэчъыщтыгъэп, пытапӀэми мыжъо унэми защыбгъэбылъыныр къэрэбгъагъэкӀэ, лӀыгъэм щымыщкӀэ алъытэщтыгъэ.

Къосэгъу чылэхэм адэкӀыфэ Рэдэд инэплъэгъу къырихьэщтыгъэм инахьыбэр кӀэсэнхэр къякӀокӀхэу, бгъэнышъхьэ чыиф унагъэх, къамылыкӀэ бгъагъэхэр къахэщыщтыгъэх. ЗыӀукӀэрэ Ӏэхъо-шахъомэ янахьыбэм чэм-псыцу-мэлхэр агъэхъущтыгъэ, пщымэ шы Ӏэхъогъухэр яягъэх. Унэгъо былымхэр шъхьафыгъэх. Ахэр зызэбгырафыжьхэкӀэ, шъхьаджи ищагу дигъэзыхьажьыщтыгъэхэри мэкӀагъэхэп. ТыдэкӀи а зытеплъэгъэ сурэтыр Рэдэд ынэгу къыкӀэуцожьыгъ.

Къоданэ иджабгъоу, Мэщыкъо исэмэгоу шыу тӀокӀитӀур зыуж итыгъэ Рэдэдыпщыр Пшызэ кӀыб зэхэум, апэрэ мыутӀэ чылэм нэмысыпэзэ, мыутӀэпщ Къаитэ шыу гъусэхэмкӀэ къыпэгъокӀыгъ:

— МафэкӀэ тичӀыгу укъехь, зиусхьан,— Къаитэпщыр адыгэ пщышхом къыӀугушӀуагъ.

— Тхьэмэ шӀукӀэ тыкъырагъахь,— Рэдэдыпщыми нэшӀукӀэ пигъохыжьыгъ.

ГущыӀэм зырамыгъэукӀыхьэу, Рэдэд исэмэгукӀэ Къаитэ щытэу, дзэпащэхэри акӀыбыхэу ежьэжьыгъэх. МыутӀэпщым ишыумэ загощи, къосэгъу шыухэм абгъухэмкӀэ агоуцуагъэх.

— Мыр Псынэдах, зиусхьан, Пшызэ кӀэрыс. КъыблэмкӀэ тиаужырэ мыутӀэ чыл.

Чылэ кӀоцӀ зэхъухэм, мыутӀэ унэхэр, щагухэр нахь тегъэпсыхьагъэхэу Рэдэд къыщыхъугъ, нэкъокъоныр зэрякӀасэр ешӀэти, ылъэгъурэр ащ фэдизэу ыгъэшӀэгъуагъэп.

Рэдэд щэджэгъошхэ Ӏанэм пэсэу мыутӀэпщым еупчӀыгъ:

— Къаит, чӀыгумрэ былымхэмрэ афэшъхьафкӀэ, уицӀыфхэр сыд зыпылъхэр, тызэрыгущыӀэгъагъэм сыд арыбгъэкӀуагъ?

— ЗэрэтӀогъагъэу зэкӀэ кӀэкӀы, зиусхьан,— зыщыгушхукӀыжьэу Къаитэпщым ытамэхэр ыӀэтыгъэх,— хэпшӀыкӀэу къытхахъоу ригъэжьагъ. Пшызи, нэмыкӀ псыхъохэми, хы МыутӀи акӀэрыс чылэхэм пцэжъыер къыхадзы. Тэ тшхырэп шъхьакӀэ, русичхэми, урымхэми, хъэзархэми ягуапэу тӀахы,



ежьхэм ащ ычӀыпӀэ шыхэр, лэжьыгъэхэр, былымылхэр къытатыжьы. Тимэзхэм псэолъапхъэ къахэтэхы. Ари дэгъоу ащэфы, дышъи, тыжьыни къытатэу къыхэкӀы. ЕтӀэгъо ихыпӀэхэр тиӀэх. Гъурыжъым бэ къыкӀэлъэӀурэр, ау езгъэгугъунхэ слъэкӀырэп. Тэ мыжъо унэхэр тшӀырэпышъ, гъурыжъ гъэжъэныр ашӀохьылъ, ашӀошӀой.

— Хъэзархэм ягугъу къэпшӀыгъагъ, Къаит. Ахэр джыри шъуалъэныкъо щэпсэуха? Къышъутеохэу къыхэкӀа?

— Хьау, зиусхьан, мацӀэм фэдэ хъущтыгъэх шъхьакӀэ, зыдэхъугъэхэр сшӀэрэп, макӀэ къэнэжьыгъэр. Тэн псыхъо лъэныкъокӀэ тыкӀомэ, плъэгъуных.

— Сатеплъэнэуи сыфаеп,— Рэдэд къыпиупкӀыгъ.

— КъызгурэӀо, ущэӀэфэ афэмыгъэгъун гукъанэ афыуиӀ,— Къаитэпщым ынэгу зэхигъэхьагъ.— Тэри боу бэрэ тыгу пкӀантӀэ дагъэуцуагъ.

— Ахэр, Къаит, блэкӀыгъэ Ӏофых. Тэ талъэныкъокӀэ ӀофхэрзэрэкӀорэм ущызгъэгъуазэ сшӀоигъу. КъэдгъэшӀагъэм шъори, тэри, зыхыхэми, хьакӀуцухэми чӀыгум тыхэгъэнагъэу, былымхэм акӀэ тӀыгъэу къэтхьыгъ. Псыхъо ныбэмэ дышъэ къадэзыхэу, тыжьын къычӀэзыхэу, гъучӀ пцӀыир зыгъэжъэу тиӀагъэхэр лӀэкъо хэушъхьафыкӀыгъэхэр арыгъэх. Баи хъухи, ахэмкӀэ тетыгъор зыубытыгъэхэр ахэтых. Джы тихэгъэгу а зэпстэур фэтэгъэлажьэ. Уасэ къытфашӀынымкӀэ, нэмыкӀ хэгъэгухэм тшъхьэ Ӏэтыгъэу тахэхьанымкӀэ етхыыжьэгъэ Ӏофхэм осэшхо яӀ. Шъори чӀыгум шъуӀэ зэрэхэлъэу шъушъхьэ къэшъуӀэти, шъуигъунэгъумэ шъуахэплъагъ.

— Ар ӀуакӀэ мэхъуа, джы нэс тызэтеуӀубагъэу тыщыӀагъ,— игуапэу Къаитэпщым къыдыригъэштагъ.— Бжыхьэ-кӀымафэм тиунэмэ тазырытӀысхьажьыкӀэ, тыгъуакӀор бэ хъущтыгъэ. Тигъунэгъухэр къытачъэхэу, бырсыр къыташӀылӀэу пчъагъэрэ къыхэкӀыщтыгъэ. Джы имыем лъыӀабэу къытхэнэжьыгъэр макӀэ. Ахэми зыгорэущтэу тафырикъущт. Сэ зыфэсхьын сымышӀэрэр Абэчыпщым изекӀуакӀ. Ори ащ ущымыгъуазэу щытэпщтын. Тичылэпщымэ закъыфаригъэхьэу ригъажьи, ыгъэдэӀонхэри къахэкӀыгъэх. Шъыпкъэ, сэ зыкъысӀуигъэкӀагъэп, ау къэбар зысэшӀэм, мыутӀэпщыхэм акъыл къязгъэгъотыжьыгъ. Тэри, зиусхьан, сыушъэфрэп, ттамэхэр тӀэтыныр тикӀас, ау зыхыпщым

зышІоин, зышІоІуш, хэгъэгу Іофхэр ежь нахьышІоу зэригъэфэнхэу зыщэгугъыжьы.

– Нэпкъым тетыр къошъофыкІэ Іаз,– Рэдэд Іущхыпцl ыкІыгъ.– Ащ фэдизэу акъылым рекІымэ, зэфэсышхо тшІынышъ, хэгъэгу пащэу хядгъэдзын.

– Осэмэркъэуа?! – мыутІэпщыр къыхэкуукІыгъ.– Абэч иакъыл зынэсрэр сэ сэшІэ. Непэ хэгъэгум ыпэ игъэуцуи, неущ натІэкІэ тызэригъэутэкІын. Имылъэу мэлъатэ.

– Ащ фэдэм сыд рашІэрэр? Зэ пкІэн, тІо пкІэн, ящэнэрэм хэпкІэжьын. Тэ шъыпкъэныгъэ зэфытиІэу тызэкъотмэ, ари ичІыпІэ идгъэуцожьыщт. Акъыл къымыгъотмэ, Іэ щытфэщтэп,– Рэдэдыпщым игущыІэ кІэух къыфишІыгъ.

Гъогу техьажьынхэ зэхъум, Рэдэд шыу гъусэмэ ашъхьарыплъи, мыутІэпщым сэмэркъэу фэдэу фидзыгъ:

– Къаит, мыщ фэдиз шыур зыдетщажьэмэ, тинахьыжъмэ яІуагъэу, дзэкІэ мэкІащэу, купыкІэ бащэу, зэуакІо тэкІо ашІошІын, о уигъусэхэр къэбгъэнагъэмэ нахьышІугъ, сэ сигъусэр икъущт.

– Къызэрэпlу, зиусхьан,– Къаитэпщым зэхихыгъэм ышъо тІэкІу къыхыригъэхыгъэми, къезэгъыгъ, иухъумакІохэр къыгъанэхи, адрэ шыухэр ытІупщыжьыгъэх.

МыутІэ чылэхэм анэсхэ, аблэкІыхэ къэс Къаитэпщым ихьэкІэ пщышхом зыригъэплъыхьэщтыгъэ, ацІэхэр къыриІощтыгъэ, апылъ хъишъэмэ ахигъэдаІощтыгъэ, цІыфмэ къапагъохырэ шІуфэс нэгушІор бгъуитІуми ягопагъ.

МыутІэ чІы гъунэр зызэпачым, мэз-гъуй лъапэмэ ащыгъэІэгъэ щыбылыкъхэр ясэмэгубгъукІэ къэлъэгъуагъэх.

– Муарых плъэгъункІэ узфэмые хъэзархэр,– Къаитэпщым икъамыщыпэ щыбылыкъхэмкІэ ыгъэлъэгъуагъ.

– Унэхэри ашІырэп, илъэс пчъагъэм цІыфмэ къатырахыгъэ мылъкур тыдэ ахьыгъа? – нэжъыкІэ афыреплъэкІзэ, Рэдэдыпщым къызыІуидзыгъ.

– Ялъэпкъ инахьыбэм тыгъэкъохьапІэмкІэ зырагъэхьыгъэу аІо. Мыхэри ахэмэ алъыкІожьыщтхэн фай. Джары унэхэр зыкІамышІырэр. ЕтІани щыбылыкъмэ ачІэсхэзэ есагъэхэшъ, унэ афэпшІыгъэкІи, фэещтхэп,– къыІуагъэр шІощхэныжьэу Къаитэ кІэщхыкІыжьыгъ.– Модэ зэ плъэ, зиусхьан, нэзэжъу шъхьэ пІуакІэхэр къэзэрэгъаплъэх.

– Мыплъэжьы тхьэмэ ашІых, лажьи, хьакъи имыІэу тятэ тхьамыкІэр якІодылІагъ,– имышэныгъэу Рэдэд бгагъэ.



Ардэдэм мыутІэпщым иш лъэпэуагъэ.

– ШІоп ар,– Къаитэ хэгубжыкІызэ, шым жэдэІагъ.– Сиш лъэпэуагъэу мыхъун горэ къысэмыхъулІагъэу къэсшІэжьрэп.

– Ар о уилажь, Къаит. Шхомлакlэр бгъэлэнлагъэ. УнаІэ зэрэтекІэу шыр мэлъэпао, фэІуагъэ щыІэп,– пщым дэй ыгу къыримыгъахьэ шІоигъоу Рэдэд къеушъыигъ.

Нэчэтэ чылэм чэщ щырахи, нэфшъагъом гъогу техьажьыгъэу шыу купыр щэджэгъоужмэ адэжь ыцІи амышІэу псыхъо цІыкІу горэм зэпырыкІыгъ. Инэпкъыхэр тешъоу ерагъэу чъэрэ псым ынэпкъ пхъэшъэбэ чъыг заулэ щызэхэтыти, шыухэр къыщыуцухи, яшыхэр псы рагъэшъуагъэх, лы-къое гъэгъугъэмэ ахэІагъэх, загъэпсэфыфэ, яонэшхэри агъэхъугъ. Гъогу зытехьажьхэм, шы илъыгъо зыщыплІыкІэ Тэн псыхъошхор шъоткІо-чІыпцІашъоу къэлъэгъуагъ. ЧІыохым зехьэхэм, псыхъор нэплъэгъум икІодыкІыжьыгъ.

– ТемырымкІэ, зиусхьан,– мыутІэпщыр исэмэгукІэ реплъэкІыгъ,– Мстислав илъэпкъэгъу русичхэр щэпсэух. Тэн Іушъо уІутэу ыхэкІэ узехыкІэ, яссэ-аланхэми уаІукІэщт.

– Арэп, русичхэр тыдэкІи щыІэха сэІо? – Рэдэд ыгъэшІэгъуагъ.– Мощ фэдиз чІыгу зиІэхэм Тумтэкъашъэ тшІуаубытыгъэшъ, Мстислав зыщегъэпытэ.

– Бэ мэхъух, зиусхьан. Ау ахэри тэ тызыхэтыгъэ зэрэшхым хэкІыхэрэп, зэкъоуцонхэм фаехэп.

– Тэ Абэч фэдэхэр къытхэмыкІхэу тихэгъэгу лъэрэкІуати, ахэр зыгорэу хъун. НекІо, тыгъэнэстырым тыхэшъумыгъэт, мо чъыг жьаумэ тачІэжъугъахь,– яджабгъукІэ хъуатэм зыдэзыкъудэегъэ мэз бгъузэмкІэ Рэдэдыпщым ыщагъэх. Уц къашхъор кІэбзагъэу, ущызэкІэкІэплъэу чІыпІэр дэхагъэ.

Къаитэпщым иухъумакІомэ ащыщ горэм мэкъэ Іэтыгъэкlэ къахиІуагъ:

– Тэн тыкъэсыгъах, ипсы щыщ сынэгу кІэскІэщт!

КІэлэ Іэм-лъэмыр шыумэ ахэлъэтыгъ. Пщышхом шъхьэ зыфешІым, Къодани кІалэм ыуж ихьагъ. ШыуитІур хъуатэм дэтхэу тІэкІурэ чъэхи, нахь тешъуапІэм зынэсхэм, псыхъомкІэ даІонтІэхыгъ. Нэплъэгъум зикІыгъэхэм тешІагъэ щымыІэу, хъотэ набжъэм тІури къытелъэдэжьыгъ. Къэчъэжьхэзэ мыутІэ кІалэр ошІэ-дэмышІэу шыплІэм дэфагъ,

ауж къэзыфырэ шыуищыр зэкӀэзэужхэу хъуатэм къыдэлъэдагъэх. Къыгот кӀалэм ыкӀыб щэбзащэр къыхэфагъэу Къоданэ зелъэгъум, шым жэдаӀи, ыгъэкӀэрэхъожьыгъ, ышъхьэ къомыщэу зытыриуфани, къыфэчъэрэ шыумэ апэгъокӀыжьыгъ. Апэ ит шыур къэщтэуӀи, иш дыригъэӀонтӀэхынэу шхомлакӀэр рикъудыикӀыгъ, ау игъо ифэжьыгъэп, Къоданэ голъади, онэгум ридзыгъ. Мэз чӀэгъ пцӀанэм щызэхэт шыу купыр адрэ шыуитӀумэ къалъэгъуи, гуӀэнкӀэ яшымэ ажэдэӀагъэх шъхьакӀэ, афэӀэжагъэхэп. Щабзи, чати къыримыхэу Къоданэ зыбгъодэлъэдэгъэ шыур джыри риутэхыгъ, ящэнэрэр онэгум къырихи, ионаплӀэ дэлъэу къыгъэзэжьыгъ.

– Тыжэ укъэу сыд тызфыщытыр? – мыутӀэпщыр къыхэкуукӀыгъ, етӀанэ гуӀэ нэгукӀэ Рэдэд пщышхом Ӏуплъагъ.– Джары, зиусхьан, сиш зэлъэпаом, мыхъун горэ къытпыщылъ зыкӀэсӀогъагъэр.

– Хъущтыр хъугъахэ, Къаит,– шыухэр къыздикӀыгъэхэмкӀэ Рэдэди гумэкӀэу плъагъэ.– Шыуищым ауж шыудзэ къимыкӀынэу тхьэмэ ялъэӀу.– Шым псынкӀэу епсыхи, щэбзащэр зыкӀыб хэлъэу шым къыхьыжьыгъэ кӀалэм екӀолӀагъ.– Щынагъо щыӀэп, ыблэбгъу къупшъхьэ къытефагъ ныӀэп, хъужьыщт.– Пщышхор джыри къыблэмкӀэ плъагъэ – зэнэгуещтыгъэ нэмыкӀ шыухэр къэлъэгъуагъэхэп.

Къоданэ игъусэмэ къахэлъэдэжьыгъ, шыплӀэм дэлъыр къыдидзыгъ. КӀэлакӀ, нэгуф нэшху, кӀыфыбзэ хъугъэу къеуцокӀыгъэ шыумэ къадэплъые.

– Модырэхэри моу къашъущэх,– губжыгъэ макъэкӀэ мыутӀэпщым унашъо ышӀыгъ.

– Мыхэр ара шъузэмыплъэкӀыжьэу шъукъызыфэчъэжьыщтыгъэр, Къодан? – Рэдэд щхыгъэ.– ХьаӀулэ зыӀумызыжьыгъэхэм шъукъагъэщтагъ.

– Благъэу тымылъэгъугъэхэу кӀэлакӀэхэмэ тшӀагъа? – Къоданэ зиухыижьыгъ.

– Мыхэр алан кӀалэнхэ фае, хэт бзэ къафигъотынэу шъухэт? – Рэдэд шыумэ ахэплъагъ.

– Сэ тӀэкӀу-шъокӀу сэшӀэ,– мыутӀэмэ лӀы лъхъэнчэ пӀуакӀэ горэ къахэкӀыгъ.

– Анахьыжъым еупчӀ: сыд пае тишыумэ къалъежьагъэх?

Ӏапи бзапи зэхэтэу лӀы пӀуакӀэм зыгорэхэр аланым риӀуагъэх.

– Ормэ, уичӀыгу къихьэгъэ шыу нэгъуаджэмэ уяплъэу ущытыщта еӀо.

– Ари лӀыгъэм щыщ,– Рэдэд кӀалэм щытхъугъ.– ЕӀу ащыгъум мыхъун тыгу зэримылъыр. УмышӀэ пае, плъэгъурэм щэбзащи, чати зэрэпамыгъохырэр гурыгъаӀу, лъэгъун лъэгъукӀэ тигъунэгъумэ такъызэрэхэхьагъэри хэгъэхъожь.

– Ащ фэдизыр сфызэпыгъэфэщтмэ сшӀэрэп нахь, зиусхьан,– лӀы зэдзэкӀакӀом ыӀэхъуамбэхэр зэблищызэ, зыжэ Ӏузыгъэ кӀалэм зыфаер гуригъэӀуагъэ фэд.

– ШъутӀупщыжьых,– Рэдэд унашъо ышӀыгъ.

Щэбзащэр зыблэбгъу къыхахыжьыгъэм иуӀагъэ фапхи, онэгу зишӀыжьыгъэу Къоданэ къэджагъ:

– ТиджабгъукӀэ, мэз къуапэм, шыу купышӀу къыкъозэрэхыгъ! ДзэкӀолӀых, зиусхьан, мэӀухэр акӀыб идзагъ, сагъындакъэхэр къашъхьарэщы, тандж папцӀэхэр тыгъэм пэджэгух, чатэхэри аголъых…

– Сыдэу уишъыпкъэу уапыплъыхьэра, укъагъэщтагъа? – Къаитэ мыутӀэпщым зыкъызэригъэзэкӀыгъ, зигъэлӀэу ыцэхэр къыӀуигъэпсыгъэми, ежьыри шъоулэуагъэ.

– Тэ зэуакӀо тыкъэкӀуагъэп, шъумыхъыжь,– къэблэгъэрэ шыу купымкӀэ ынэӀу гъэзагъэу Рэдэд пщышхом къызэриӀокӀыгъ, етӀанэ Къаитэ еупчӀыгъ: – ПшӀэрэ ахэта?

– Дзэпащэр синэӀуасэ фэд.

– Фэдэми сшӀэрэп, Мстислав ары,– русичыпщым мы лъэныкъом щыӀуупӀэным зэрэфэмыягъэр Рэдэд ымакъэ къыхэщыгъ.

– Ары ошӀа, зыдэщыӀагъэр сшӀэрэп нахь, Мстислав ары,– Къаитэ ионэгу зыщыриӀи, русич пщышхом пэгъокӀынэу зигъэхьазырыгъ.

– УичӀыпӀэ ит, Къаит,– Рэдэд фидагъэп.– КъакӀорэр къэсын. Мстислав зыдэщыӀагъэр тэ тиӀофэп, зыдакӀорэр ары нахь. Хы МыутӀэмкӀэ Тумтэкъашъэ мыкӀожьэу, тичӀыгукӀэ сыда къызыкӀыдэхыгъэр?

– Мыдэ мы слъэгъурэр! – гъогу зэхэкӀым къэмысыпэхэзэ, Мстислав ыӀэ джабгъу ыӀэти, игъусэхэр зэтыригъэуцуагъэх, ынэгуф нашхъо щхыпэ макӀэр рычъагъ: – Гум къихьагъэр сыд аӀора?

– Тэ зигугъу пшІырэр пчъэшъхьаІу тес тэІо, пщышхо,– мыутІэпщым ишІуфэс фэчэфэу пигъохыжьыгъ.

– Къосэгъу Рэдэдыпщыр уигъусэ, Къаит, ари нахьышІух,– гущыІэм хэтэу Мстислав русичыпщыр шым къепсыхыгъ. Рэдэди Къаити лъэсы зашІыгъ.

– Сэ, русич пщышхо, къосэгъумэ язакъоп сызипщыр, адыгэ хэгъэгум сырипащ.

– СэшІэ, Рэдэдыпщ, сэшІэ,– Мстислав нэплъэгъу чъыІэр Рэдэд тыригъэлъэдагъ.– Тэ зыхыхэми, мыутІэхэми, нэмыкІхэми къосэгъукІэ тяджэ.

– Тэ тызэхахьэмэ, лъэпкъ пэпчъ ацІэкІэ тызэджэжьы, тщымыщ къытхахьэмэ, зэкІэми тыадыг ятэІо,– Рэдэд пщышхом русич пщышхом фызэхифыгъ.

– Тэри а шэныр тиІ,– мыутІэпщымкІэ зигъазэзэ, Мстислав ышъхьэ ыгъэсысыгъ.– Сэ Саркел, Бела Вежэ, сыщыІагъ. ТІуашІэ сшІынэп сІуи, Къаит, уадэжь сыкъекІоІІэни, тиІофмэ тарыгущыІэнэу къыблэмкІэ сыкъехыгъ. Фит сыошІа уичІыгу сыкъуихьанэу?

– Типщышхо зыдэщытым сэ сыд къыосІон? – Къаитэпщым ытамэхэр зэфищагъэх.

Русич пщышхом лъэкІыр зыІэ илъымкІэ зыкъигъэзэжьыгъ:

– Зэо-банэ тыхэшъумыгъахьэу, къосэгъу пщышхор, тын къытэшъут. ТапэкІэ тызызэІокІэм, зыбгъэгуси укІожьыгъагъ.

– ЗызгъэгусэнэуІ сыкІэлэцІыкІоп, пщышхо,– Рэдэд пщышхор шъоулэуагъэ.– Къыттемыфэрэ къыттеолъхьэкІэ, къызэрэттемызэгъэщтыр къыбгурызгъэІоным сыфэягъ.

– Тилъыуасэ дгъотыжьын фаеба?

– Шъулъы дгъэчъагъэу сэ сшІэрэп.

– Хъэзар Іэлхэр зызэхэтэгъэтакъом, лъэу дгъэчъагъэр зы псыхъо икъун.

– ХъэзархэмкІэ тышъуфэраз, тщыгъупшэу мафэ къыхэкІрэп, ау ахэмэ тэ ткІэхахыгъэм нахь макІэп шъори шъуагъэщэчыгъэ хьазабыр. Шъуишъхьафитныгъэ къэшъуухъумэжьыгъ.

– Ари тэрэз, ау шъощ пай лъы дгъэчъагъэ. Нахьыпэм къытэшъутын шъуимыІагъэмэ, джы дышъи шъолъэсы, тыжьыни къычІэшъохы, щэн-щэфэными шъупылъ. Сэ Константинополь – Царь Градым сащэшъ, сынэ къыкІэІабэх, гущыІэ сагъэты. Шъо шъуІыгъ диным сэ ащ фэдизэу сигъэгумэкІрэп. Бэ шІэн, макІэ шІэн, е чыристан шъухъун, е быслъымэн диныр шъуагъэштэн. Чыристан диным шъуихьэмэ, Византием ижьау шъучІэтыщт, шъупэмычыжьэ хэгъэгу кІочІэшхом гупсэфэу шъущигъэІэщт.

– Анахь чъыг жьауми, пщышхо, тыгъэр къыхэІэбыкІышъ, укъесты. Зыгорэм ытэмэ чІэгъ учІэтэу, аІэ щэигъэу иІумэтхэр къыпхэтхэкІэ, утхъэщтэп.

– Хэгъэгу тегъэпсыхьагъэ хъугъэм уфырикъущтэп, Рэдэд пщышхор,– русич Мстислав пщышхом ымакъэ шъабэ къэхъугъ.– Ори, Владимир пщышхоми, сэри хэгъэгу зэикІ джыри тфэгъэпсыгъэп. Русичхэм янахьыбэр пщыгъо-пщыгъоу зэрэгощыгъагъэхэу къэнэжьыхэ ашІоигъу. ІашэкІэ емыгъэуцуалІэхэмэ, зы хэгъэгу тызэрэхъун фаер яакъыл къыхьырэп, нэмыкІ лъэпкъхэу къэралыгъокІэ зэхэуцуагъэхэр щысэ афэхъухэрэп. Ори мары, зыхыхэм зыкъыфаутІэрэбгъоу къырагъэжьагъ, Абэчыпщыр зытІозыщэ Къаншъэо дзэпащэм къыфыкъокІыгъ, тыни къытфишІыгъ.

Рэдэд зэхихыгъэм ышъхьэ лъыр къыдыригъэфыягъ, Абэчыпщыр а чІыпІэм къыІэкІэфагъэмэ, зэІитхъыным фэдэ къэхъугъ, ау игубж псынкІэу рифыхыжьыгъ, ыпкъ итэу Мстислав пщышхом пигъодзыжьыгъ:

– Орырэ сэрырэ тиеплъыкІэхэр зэпэчыжьэх, хьаулыеу тызэдао, тызэгурыІонкІэ сыгугъэрэп. Зэгъунэгъу хьалэлхэу тыпсэумэ, зэфагъэ хъущт. Джы КъаншъаокІэ сыолъэІу, тянэ узгъэл хъугъэ, ышнахьыкІэ ылъэгъужьы шІоигъу. Зыгорэущтэу зэІудгъэкІагъэхэмэ...

– Къаншъэо дзэпащэр дэсэп, Чернигов згъэкІуагъэ,– Рэдэд пщышхом къыІорэр къызэпиути, Мстислав пщышхор нэмыкІ гущыІэ техьагъ.– ШъокІожьымэ, гъусэ тызэфэхъун.

– Хьау,– Рэдэд кІэкІэу къыпиупкІыгъ,– мыутІэ чылэмэ тэ джыри тадэхьан фай...

...Джащ фэдэ къэбархэр Рэдэдыпщым Колэс фиІотагъэх, зиухыижьыгъ:

– КІыхьэ зезгъэшІыгъ, узгъэпшъыгъэн фае, тхьамэтэ маф.

– Хьау, зиусхьан, зэкІэ къэпІотагъэм сшІогъэшІэгъонэу сыкъедэІугъ,– Колэс хьылъэу хэхьапщыкІыгъ.– ПІуагъи, пшІагъи акъыл хэлъ.

– Сэ щытхъу лые, Колэс, сищыкӀагъэп. О къыпфэгъэхьыгъэу къасӀорэп, угукӀи пшъхьэкӀи укъызэрэсфэкъабзэр сэшӀэ, нэмыкӀэу сызэутэкӀхэрэр ары зыфасӀорэр. Цӏыфмэ ялыягъэу акъыли, гупшыси сиӀэп, ау хъун къэзыӀорэм седэӀу, дэгъу зышӀэрэр сэлъэгъу. «Щытхъу лыем шъхьэр егъэуназэ, делэ уешӀы, пшӀэрэр пщегъэгъупшэ» орба зыӀорэр тхьамэтэ маф? – Рэдэд тхьагъэпцӀышъоошъэбашъокӀэ Ӏущхыпцӏыкӏыгъ. Къысщытхъухэ зыхъукӀэ, зэсэӀожьы: сыда мыр къызэрэсфаер, спихы шӀоигъор, е сыдигъэхы, е сигъэплъэхъу, гъогу пхэндж сытырищэ шӀоигъуа сэӀо.

– Ар шэн дэгъоу зэрэпхэлъыр сэшӀэ,– къесэмэркъэужьызэ, Колэс лӀыжъыми зызэкӀиугъоягъ,– ау къысфэпӀотагъэм щыщэу чӀыпӀитӀу сигъэгумэкӀыгъ. ТапэкӀи къыосӀогъагъ, русич пщышхор къыпшъхьарыӀэбэнкӀэ щынагъо, фэсакъ. АдрэмкӀэ сшъхьэ лъы къыдезгъэфыягъэр Абэчыпщым изекӀуакӀ. ЛӀышӀу къошӀу фэхъурэп зэраӀорэм шъыпкъи, мышъыпкъи хэлъ. О мары, уятэ тхьамыкӀэм фэдэу ухъужьыгъ. Къодани Мэщыкъуи сыд япӀолӀэн, ахэми ятэхэр лӀы шӀэгъуагъэх, ау Абэчыпщым ятэ иӀэпэ-цыпэ къыхэфагъэп. Ар джы зыхыпщыхэм апэ рагъэуцуагъ. ЗэкӀэмэ ыпэ ахеӀу, иӀофи, имыӀофи зэрефэ, ар цӀыф цыд, пырац. АбэчыпщымкӀэ пшӀэн щыӀэмэ, кӀыхьэ-лыхьэ земыгъэшӀ. Унэ къеӀэрэм, ыпсэ еӀэжь аӀуагъ.

– СэнтӀращэр имыгъоу ашхырэп, Колэс,– Рэдэд пщышхом ымакъэ пытагъэ къыкӀэхьагъ.– Сыд фэдэ Ӏофи игъо къэсы. Хэти ифэшъуашэ ыгъотыщт.

## IV

ШэнышӀори зыфэмысакъыжьмэ, ышъэ екӀы. Шэн зимыӀэм машӀо зыкӀашӀыхьэкӀэ, зэцэкъэщтым лъыхъоу регъажьэ.

Абэч ытхьакӀумэ Турабэ имытӀысхьэгъагъэми, Рэдэд шъэфкӀэ енэкъокъужьэу ригъэжьэгъагъ. ПщитӀур, Абэчрэ Рэдэдрэ, зэлэгъугъэх, зэшъэогъугъэх, зэӀукӀэхэмэ, зэфэчэфыщтыгъэх, зэфашӀэщтыр къагъанэщтыгъэп. Хэгъэгу гупшысэр азыфагу къызехьэми, гущыӀэ лые хэмылъэу апэ Абэчыпщыр къезэгъыгъагъ. Сыд къырахьыжьэми, адыригъаштэмэ, шӀэгъум зынэсхэкӀэ, хэшӀыкӀ фыримыӀахэ фэдэ Абэч зызэришӀыжьыщтыгъэри Рэдэд дишӀэщтыгъэ. Анахь гъэшӀэгъон фэӀуатэми, зыхыпщыр къыодэӀущтыгъэп, ыгу къыпылъэдагъэ горэ къыпхидзэнышъ, гущыӀэр нэмыкӀ лъагъо тырищэщтыгъ, ау ежь къыӀуатэрэм уемыдэӀоу къызышӀошӀыкӀэ, къызэкӀоцӀычыти, уилажьи, уимылажьи къыптырипхъанкӀэщтыгъ. Пчэгум итыныр, къыдекӀокӀын-къыдечъэкӀынхэр икӀэсагъ.

Адыгэ хэгъэгум изэхэщэнкӀэ Рэдэд дэжь къэмыкӀозэ, къэбарэу щыӀэр Абэч къылъыӀэсыгъагъ. А зыр ары пэшӀорыгъэшъэу зэгупшысэгъагъэри. Зы хэгъэгу хъугъэхэми, пщышхор къосэгъу чылэм дэсыщт, илъэсым зэ-тӀо къылъыӀэсмэ, зэригъэшэлӀэни зэригъэделэни къыгъотын, мыдыкӀэ зэрэшӀоигъоу зыхыхэр зэрищэных, зэресагъэу ыгу къыпылъадэрэр ышӀэу хэтын. Ары шъхьакӀэ, ежь зэрэшӀомышӀэу, бэрэ цӀыфмэ ахахьэу Рэдэд пщышхом ыублэгъагъ. Шъыпкъэ, къыпшъхьащыкӀощтмэ ащыщыгъэп, ау лэжьыгъэу къахыжьи, былымэу ахъуи, хым къыхахи гъунэ алъифыщтыгъ, агъэкӀодыгъи, агъэтӀылъыгъи акӀэупчӀэщтыгъэ.

«Дзэ пӀыгъыныр Ӏоф хьылъ,– къеушъыищтыгъэ пщышхор,– огъуи мэхъу, ошъуи къехы, былымылӀэри къахэхьэ, ау сыд фэдэ тхьамыкӀагъо къэхъугъэми, дзэр гъомыли, щыгъыни, Ӏаши щыбгъакӀэ хъущтэп, зэбгырыкӀыжьыщт, цӀыфхэми унаӀэ атегъэт. ГъэтӀылъыгъэ уиӀэмэ, зилэжьыгъэ екӀыхырэм фэпщэин уиӀэщт...» «Ащ блэкӀынышъ, тичэтхэм къакӀэцӀырэ кӀэнкӀэр къылъытэу ригъэжьэщт,– Абэчыпщыр хэшэнычъыкӀы.– ЕтӀани тэ пщыкӀэ тилъытэжьрэп. Сэри, Къаитэпщыми, чылэпщыхэми тцӀэ къодыекӀэ къытэджэ, ежь «зиусхьан», «пщышхо» етӀон фаеу елъытэ. Хэгъэгу пащэ утшӀыгъэмэ, бгъотырэр шхы, зао хъумэ, тапэ иуцу... Зэфэсышхом текӀолӀэным ыпэкӀэ сцӀэ къыраӀонэу пщы заулэ згъэдэӀон фэягъэ. Сэ сыда Рэдэд ышӀэрэр сфэшӀэщтыгъэба? ЗэпысшхыкӀыжьыни...»

Абэч зыкӀитэкъожьыгъэ машӀор мафэ къэс зэкӀаблэщтыгъэ. МэшӀуашъхьэм Тураби кӀапщэу диублэгъагъэми, зыщыщ къосэгъухэр щагъэгъупшэнэу зыхыхэм тхьэмэ ялӀыкӀо шъыпкъэкӀэ зэраштагъэм, уашъор къыдэгущыӀэу Абэчыпщым ышӀошъ зэригъэхъугъэм, тыдэ кӀоми къызэрэзыдырищэкӀырэм динымкӀэ лӀышхо-лӀышъхьэу зыщагъэхъужьыщтыгъэ. Турабэ ыкӀыб дэтмэ, къыдэмыхъун

щымыӀэу Абэчыпщым къышӀошӀыщтыгъэ. А шӀошӀыр ыгу резгъэубытагъэм лъапсэ иӀагъ: тхьэмэ ялъэӀузэ, зэкӀэ адыгэмэ Рэдэд пщышхокӀэ аригъэштагъэу Турабэ зыхы лъэныкъом щиӀуатэщтыгъэ. Ау Абэч хьилэгъэ-тхьагъэпцӀыгъэу хэлъым хигъэзэгъэн ымылъэкӀыщтыгъэр Рэдэд къыдишӀыщтыгъэхэ шъхьэихыгъэ гущыӀэхэр ары. Ежьырыгъэмэ, гум илъ шъэфыр хэт щыщи фыриӀотыкӀыщтыгъэп.

ПхъэкӀ зышӀолъ цукӀэмкӀэ жьы зыфеожьэу, Абэчыпщыр къужъэе чъыг жьаум чӀэс. Хьэ джэф тхьакӀумэшхор, ыбзэгу къилэлэу, кон чӀэгъым къычӀэплъы. Жьаум зычӀадзэмэ жьы тӀэкӀу зыӀуагъахьэу ухъумакӀохэр загъорэ одыкӀэ-мыдыкӀэ къыкъоух. Турабэ пшъыгъэу зеӀом, пщым ыгъэкӀожьыгъэп, ихьакӀэщ чъыӀэтагъэ зыщыригъэгъэпсэфыщтыгъэ. Ежь иӀофхэр зэпыфэхэу къышӀошӀызэ, къызэӀыхьажьэу зэрэригъэжьагъэм гупсэфыгъо къыритыщтыгъэп. «КъыозыӀокӀырэм къыуеӀо, къыозыӀуапэрэм унэ къырекӀы,— ыгукӀэ Абэч зыдэгущыӀэжьы.— Сыгу хэкӀыщтми, шъхьакӀо сигъэшӀыщтми пымылъэу, зэгорэм Рэдэд шъхьэшхо къызжэхиупцӀэгъагъ: «Абэч, ори сэри тыпщы лъэпкъ, тятэхэм ацӀэр къытфагъэнэжьыгъ, ау ащ къикӀырэп зыдгъэпщэу тыщысыныр. Лъэпкъым фэтшӀэщт шӀум игугъэ зэрэкӀэдгъэхьащтым тыфэлэжьэн фае. Уятэ зы лӀэу зыхыхэм къахэкӀыгъ. ЩымыӀэжь зэхъум, ащ уасэу фашӀыщтыгъэр о къыуаусэижьыгъ. Зэфэсышхом сэ хэгъэгу пащэкӀэ сызыщыхадзым, сшъхьэ къихьэгъагъэр сыушъэфынэп, уятэ ыуж шъо зыхыхэм пщы пащэ шъуфэхъунэу сынаӀэ зытесыдзэгъагъэр ЗекӀошыупщыр арыгъэ, ау сыкӀэгупшысыхьажьи, тызэлэгъу, тызэшъэогъу, нахь тызэгурыӀон сӀуи, укъэзгъэнэжьыгъагъ...»

Пщышхом зыцӀэ къыриӀогъэгъэ ЗекӀошыупщыр нэгуф нэтӀэшхоу, жэкӀэпэпкъ тӀаркъом къеолӀэжьрэ жэбгъухэр Ӏужъухэу, нэшхъо гупсэф чанхэмкӀэ къыӀуплъэу, тэмэбгъо бгы псыгъо лъагэу Абэч ынэгу къыкӀэуцуагъ, цукӀэ пхъэкӀыри ыӀэгушъо чӀыригъэкъузагъ. А ЗекӀошыу нэшхъожъым мызекӀожь къыфэзгъэкӀонэу зытӀо-зыщэ зесыушэтыгъ, къыздэхъугъэп нахь. Къысэгуцафэмэ сшӀэрэп, сыкъигъэкӀотэжь къэс иухъумакӀохэр гъусэ къешӀых. Чылэгъотыпщым икӀодыкӀэ зэхихыгъэшъ, зыфэсакъыжьы. ЛӀыкушхо хъужьэу Чылэгъот фэмыгъотыщтыгъэр къашӀэ. Анахь къыспэблагъэмэ ащыщ сӀозэ, лӀы къабзэр къосэгъумэ адэжь шъэфэу зыригъахьи, титхьэхэр зэрэщамыгъэзыягъэр къызэригъэшӀагъ, Рэдэд къысфыщытхъоу сапашъхьэ къиуцогъагъ. ЛӀымэ мэз чӀэгъым щезгъэгъотыгъэ бэнчӀыунэм къычӀэрэкӀыжьи, къысэрэхьакъу. Джары къыспэуцужьырэмэ апыщылъыр. ЗгъэдэӀогъагъэхэ мыутӀэпщхэри Къаитэ шъхьако згуищыжьыгъэх. Ахэмэ афэсшӀагъэ щыӀэп. СыкъэзгъэделэпагъэрКъаншъэо нэгъыфыжъыр ары. Дахэ зыкъысфишӀызэ, русичмэ зыфаӀорэ тынхэр къезгъэхъоу зясэтыхэм, Ӏапэкӏэ къызнэмысэу ӀущхыпцӀыкӀызэ, къысфидзыгъ: «ГухэкӀми, гухахъоми егупшыс, Абэч, илъэпкъ епыижьрэм русичхэми цыхьэ фашӀырэп». Ари делэгъэ гущыӀакӀэмэ сшъхьэ къызэрэшӀуихыгъэм сыд гухахъо хэлъ? Джыри теплъын хъурэм. Зыхыхэри, мыутӀэхэри, русичхэри гъусэ къызэрэсфэхъущтыхэр Турабэ къысиӀогъагъ, кӀэгъожьыгъэхэшъ, зэрэзгокӀыжьыщтхэри къышӀэгъагъ, ау къысфытырагъэзэжьынэу тхьэмэ ялъэӀунэу еӀошъ, къыраӀожьыщтым сежэн...»

Чъыем ынапӀэхэр ыгъэпщыгъэу Турабэ лъэгуцым къытехьагъ, къохьажьыным енэцӀырэ тыгъэмкӀэ ынэхэр ыуцӀыргъухэзэ, плъагъэ.

— Джыри ущыса, зиусхьан? — Турабэ шъабэу чӀым хэуцозэ, пщым екӀолӀагъ.— Чъыепэ тӀэкӀу мафэм зызыӀубдзэкӀэ, кӀуачӀэ огъоты, зыгъэпсэфызэ шӀы, зиусхьан, зымыухыжь.

— Титхьэхэр къыбдэгущыӀэхэу къыуаӀожьрэр сшӀэмэ, сыгу жьы къыдэхьажьыщт, армырэу гупсэфыгъо згъотыщтэп,— Абэчыпщым гумэкӀыр ынэгу кӀэтэу тхьэмэ ялӀыкӀокӀэ зикъудыигъ.— Сыдигъо къыбдэгущыӀэщтых?

— Ар ежьхэм къысагъэшӀэщт.

— Сыдэущтэу?

— Зиусхьан, зэкӀэми ашӀэ ашӀоигъом ори укъыкӀэупчӀэ. Ар зэрэхъурэ шӀыкӀэр псэ зыпыт епӀо хъущтэп. Ащыгъум титхьэ лъапӀэхэм зыкъысфагъэзэжьыщтэп. Тхьэхэр умыгъэгубжых, зиусхьан,— Турабэ мэкъэ шъэфкӀэ пщым еушъыигъ.

— ГущыӀэ закъом тхьэхэр ыгъэгубжынха? Сыгу зэрэзэгоутырэр алъэгъуба? — фабэм зэкӀигъэнэгъэ нэгу псыгъор Абэч ыӀотыгъ.— О уизакъоп, Тураб, сэри тхьэмэ мафэ къэс сялъэӀу.

– Сыд узыфялъэIурэр? – чъыегъу ужым зыкъэзымышIэжьыгъэ Турабэ емыгупшысэу еупчIыгъ.

– ПIорэр сыд сэIо? – Абэч ымакъэ къыIэтыгъ.– Рэдэд шъхьэшхо сытырагъэкIонэу арба. Ащ нэмыкI лъэIу зэрэсимыIэр пщыгъупшэжьыгъа?

– Къысфэгъэгъу, зиусхьан,– Тураб къызкIэщтэжьыгъ, ушъхьагъури ардэдэм къыгъотыгъ.– Сызхэт пкIыхьапIэмэ джыри сакъыхэкIыжьыгъэп.

– ПкIыхьэпIэ дэгъу плъэгъугъэмэ, тхьэмэ шIу ашI, къэIуат,– Абэчыпщым ыгупэ Турабэ къыфигъэзагъ.

– Моу джыдэдэм уихьакIэщ сыкъызетэджэжьым, слъэгъугъэр зиусхьаным джы есIотэжьынэп, гъолъыжьыгъомэ адэжь ышъхьэ фисхынышъ, ыгу щиз хэхъуагъэу ипIэ езгъэкIужьын сIогъагъэ...

– КъэIотэжь шъыу, земыгъэукIыхь,– Абэч къэгузэжъуагъ.

– КъыблэмкIэ щыIэ къушъхьэтхым шъоззэщизэу иIэр ошIэба?

– СымышIэ мэхъуа, сытетэу Iэджыри хым сыхэплъагъ.

– Сэ къушъхьэ мэзым сыхэтэу а чIыпIэм секIузэ, зызгъэпсэфынэу сыкъэуцугъ...

– КъэгъэкIэкI, Тураб, сэ купкIыр ары сызыфаер.

– Сшъхьэ къызысэIэтым, Рэдэдрэ орырэ шъуичатэхэр зэфишъухыгъэхэу шъузэзао. Апэ сыкъэщтагъ, етIанэ гу къызIэпысшIыхьажьи, сыкъелъэкIонэу езгъэжьагъ шъхьакIэ, слъэхэр кIэкIыхэрэп...

– Сэ тыдэкIэ сыщытыгъа?

– ХымкIэ уакIыб гъэзэгъагъэ. Рэдэд кIочIэшхоба, къыбжэхэхьэ, узэкIефэ. Къушъхьэ гъунэм рифылIэмэ, ымышIахэу дэуцохынышъ, Абэчыпщыр ефэхын сIуи, сыгу иучъыIыкIыгъ.

– Сэ Рэдэд шъхьэшхом нахь кIочIэ макIэ сиIэкIэ огугъа?! – Абэч ышъо къыхихэу зыхиIэтыкIыгъ.– Ара сызэрэбгъэгушIонэу плъэгъугъэр?

– Зэ къэсэгъэух, зиусхьан,– ынэгу пкIантIэр къытырикIагъэу Турабэ къэлъэIуагъ.

– КъэIуат,– зыми фэмыежьэу Абэч цукIэр ыштэжьи, жьы зыфеожьэу тIысыжьыгъэ,– ау сыгу пщэфын пIоу умылъэгъугъэ къыхэмыгъахь.



– Ар сшIэмэ, тхьэхэми къысфагъэгъунэп, зиусхьан, слъэгъугъэм къыхэзгъахъорэп, зэблэсхъурэп, мы уашъор сишыхьат,– Турабэ ошъогум иплъи, ынэшхохэр къикIотыхэу пщым Iуплъэжьыгъ.– Чатэхэр зыщызэIушъудзагъэмэ ащыщ горэм джабгъумкIэ укIэбгъулъи, Рэдэд хы нэпкъымкIэ ребгъэчъэкIыгъ, зэкIапфэу ебгъэжьагъ, ау къызэтеуцожьыгъ, ыкIыбыкIэ щыIэ щынагъор ешIэшъ, зэкIэкIожьырэп.

– Ар шъыпкъэ, цIыфыр кIодыпIэ зифэкIэ кIочIэ лые зыхегъотэжьы,– Абэч ынэмэ шIошъхъуныгъэ горэ къакIэхьажьыгъ.

– ЕтIанэ хъугъэм еплъ. УашъомкIэ сшъхьэ дэзгъэзыий, тхьэмэ сялъэIугъ: «О ситхьэ лъапIэх! ШъукъыздэгущыIэ къэс сызфышъолъэIурэ пщы Iушэу адыгэ лъэпкъыр зыщыгугъырэр чIыпIэ къин ифагъ. Шъукъыфеплъыех, шъоры лъэкIыр зэкIэ зыIэ илъыр. Рэдэдэп зыфасIорэр, Абэчыпщыр ары, кIуачIэ къешъут, ыгу лъэшы къэшъушI, къыфэкIуагъэу къезаорэм ылъэ махэ фэшъушI, ыIэхэр гожъугъэлIыкI».

– Сыд адэ етIанэ?

– Рэдэд мыжъом елъэпэуагъ. О чатэр IэкIэуутыгъ. Лъэпэрапэзэ къыбжэхэлъэдагъэти, чэтэ дакъэмкIэ ыбгъэ уеуи, зэхэбгъэфагъ.

– Сыда ышъхьэ кIыпысымыхыгъэр?

– СшIэрэп, зиусхьан, сэ слъэгъугъэ пкIыхьапIэр ары къэсIотэжьыгъэр.

– КIо, хъугъэ, аущтми хъущт. СытекIуагъэмэ ары,– Абэч ытамэхэр ыIэти, ыбгъэ къырыгъэпшыгъ.– Сэ кIуачIэу сиIэм тхьэмэ яджэуап къызыхэхъожьыкIэ, иныжъыми сытекIон слъэкIыщт.

– А пкIыхьапIэр тхьэхэр IэпыIэгъу къызэрэпфэхъущтхэм ишыхьат, зиусхьан,– Тураби ипщ зэригъэгушхощтым щэхъурэ гугъу иIагъэп.– Мары, плъэгъун, шIэхэуи гущыIэгъу сыкъашIыщт, гъогу нэфи къызэрэпфызэIуахыщтми сицыхьэ телъ...

## V

Мэзэ гопэгъур текIыгъагъ, жьыр псынкIэ къэхъужьыгъэу, абгъэ дизэу зэкIэ псэ зыпытмэ зыIуащэщтыгъэ. МыутIэмэ адэжь Рэдэд пщышхор къызекIыжьым, ошъу

тIэкIу хэтэу къызещхыгъагъэм ыуж, тхьэмафэм зэ-тIо къещхэу ригъэжьэгъагъ. Гъэмафэр ыкIэм фэмыкIорэм фэдэу, дунаим икIэрыкIэу зигъэкIэрэкIэжьыщтыгъэ.

Рэдэд пщышхом къылъыIэсыхэрэ къэбархэмкIэ зыхыхэм иIо ахихьаным е ичатэ афиIэтыным игъо хъугъэкIэ ылъытэмэ, ышIэщтым егупшысэзэ, гъэмэфэ мэзищыр ыкIэм нигъэсыгъ. «Гущыlэ зафэм къымыуфэрэр Iэшэ ихыгъэм еуфэрэты» зыфаIорэм тенэцIыхьэщтыгъэми, зэлъэпкъэгъуитIум алъ ыгъэчъэным фэягъэпти, джыри зэлIыкIо Iопщым еусагъ:

– Джа зэрэтIуагъ, Къодан. Зыгорэ гурызгъэIон пIоу Абэч уемыдау, къызэмыгъэдэожь. ЫIапэ рищэкIын зигъотыкIэ, мыхъун горэ къышъуишIэнкIи тIуи еIэщтэп. НеущмыкIэ Мэзыбэ сызэрэщежэрэм фэшъхьаф емыIу.

– Къызгурыlуагъ, зиусхьан,– Къоданэ иш зызырегъаштэм, дэшэсыгъэ шыуиблыми дырагъэштагъ. Лъэхъулъэушъкlэ гъогу техьагъэмэ Рэдэд тIэкIурэ акIэлъыплъэжьи, дышъэ чIэхыпIэм къикIыжьыгъэкIэ Чэчанэ риIуагъ:

– НекIо хьакIэщым, узхэтыгъэмэ агъахъэрэр къысфэIуат. Бырсыр ахэлъэп ныIа?

– Бырсыр щыIэп, зиусхьан,– пщышхом ыкIыб Чэчанэ зишIи, исэмэгукIэ гоуцуагъ.– Сыд фэдэ Iофи зи хэмыхъухьэу макIэ къызэрэхэкIрэр. ХъурышъощыбзэхэмкIэ псым дышъэр къыхэзыххэрэмэ зэщыр къатекIо, ау щынагъо яIэп. Тыжьыныр къычIэзыххэрэм ащыщ кIалэ горэм ылъэкIыIу мыжъошхо къытефи, зэпиутыгъ.

– КIалэр тыдэ щыщ? Лъыплъэнхэу япIуагъэба?

– Мы аужым Темрыкъо Мыстхъакъо къырищыгъэмэ ахэтыгъ. КIэлэ гуIэнабгъ. ФэзгъэкIуагъэх, фыгу дзыуи, мэлитIуи, хэтэрыкIхэри кум ифэщтыр рязгъэлъхьагъ. Унэгъо тхьамыкI къызэрыкIыгъэр.

– Дэгъоу пшIагъэ,– Рэдэд нэшIукIэ Чэчанэ Iуплъагъ.– ЕтIани сыд?

– Мыжъо кIашъор къеохи, хьакIуцулI гори чIиубытэгъагъ. ТигъэгуIэжьыгъ, ежьыри ышъо пычъыжьыгъэу къычIэтхыжьыгъ. РишIагъэ щыIэп, ынэгу рицытхъагъ, ыцагэхэр ыгъэузыгъэх, ау тфэкIожьыгъэп, Iоф ешIэ.

– ГъочIэгъхэр Шыупащэ аримыгъэшIынхэу тIогъагъэба? – пщышхор мыразэу къызэтеуцуагъ.

– Ары шъхьакIэ, зиусхьан, тыжьын зыхэмылъ къатхэр тепхын зыхъукIэ, Iоф тIуашIэ мэхъу. Ащ кIуачIэуи, уахътэуи текIуадэрэр нахьыб.

ХьакIэщым лIитIур щетIысэхыгъэ къодыеу, джэхэшъотет пшъашъэм пчъэр къыIуихи, мэкъэ щтагъэкIэ къыIуагъ:

– Рампэс гощэшхом уилъэгъу шIоигъу, зиусхьан.

– Сэри ащыгъум сыкIожьын, сятэжъ нэф къызэрикIыгъэр сшIэрэп, жьыкIаеу унэм сыкъикIыгъагъ,– Чэчани къэтэджыжьыгъ.

Рэдэд унэм зехьэм, янэ ышъо чъэкIыгъэу пIэм хэушхогъагъ. Айнарэ ышIэщтыр ымышIэу гощэшхом шъхьарытыгъ.

– Сыкъызэрэхъурэр сшIэрэп, сикIал, моу сипIэшъхьагъ нахь лъагэ къысфэшI,– гуIэ-гукIод нэплъэгъур ным ыкъо къыфидзыгъ. Рэдэд фэсакъызэ янэ къызеIэтым, Айнарэ шъхьэнтитIур зэтырилъхьи, пIэшъхьагъыр лъагэ ышIыгъ.– Ыхьы, джауштыумэ нахь сырэхьатыщт. А си Айнар, пшъэшъэжъыем еIуи, сIи слъакъуи къысфегъэIот, сэмэгу лъэныкъор гоутэбжьыкIыгъ.

– Хьау, гощэшху, сыкъеджэщтэп,– Айнарэ ыдагъэп.– Сэ уищыкIагъэр зэкIэ пфэсшIэщт. КъыуаIуагъэр пшIэгъахэмэ, о икI,– гуащэм ыпашъхьэ илI ыцIэ къыщыримыIоу, унэм иIоф зэримылъыжьыр гуригъэIуагъ.

Илъэс блэкIыгъэм щегъэжьагъэу, анахьэу мы гъэмафэм, янэ изытет къызэрэзэIыхьэрэм Рэдэд егупшысэзэ, къызэкIэщтагъ, хэгъэгу Iофхэри, зыхыпщым макъэ рагъэIунэу ытIупщыгъэхэри ышъхьэ икIыжьыгъэх. ХьакIэщым ихьажьыгъагъ шъхьакIэ, ыгу имызагъэу къикIыжьи, пщы щагушхор зэпикIухьагъ, шэщым чIахьи, ишы шхъонтIэ нэкъокъуали, ишы къэрэ бгъэшхоми зырызэу анатIэхэм Iэ ащифагъ, адэгущыIагъ. Янэ иунэкIэ къызэплъэм, ишъаомэ яунэ Айнарэ ихьэу ылъэгъугъэти, къелъэкIоныгъ, пчъэр зэрэIуехэу, упчIэр ыпэ ригъэшъыгъ.

– Гощэшхом ыIи ылъакъуи фэсIотыгъ. Утэбжьагъэр хэкIыгъ,– зыгорэм лъыхъузэ, лIым къемыплъэу гуащэм фишIагъэр Айнарэ къепчъы.– Ы-ы, мары, къэзгъотыгъ. Адрэр тэ щыIа? – пхъуантэр зэпыригъази, джыри зы цышъхьатехъо къыдихыгъ.– Мыхэр гощэшхом ыIэрэ ылъакъорэ атеспхэщтых, мэлыц шъабэм узыр дэгъоу хещы,–

лым фэшъхьаф къыримыIоу гощэшхом дэжь Айнарэ ыгъэзэжьыгъ.

«СиIуш цIыкIу,– ыгу рэзэ фабэр къыдэчъэягъэу, Рэдэд ишъуз нэшIукIэ кIэлъыплъэжьыгъ.– О уриIэмэ, тянэ джыри тIэкIу къыгъэшIэн. Джары, тян, псым хэбдзэгъагъэ шIум къыпфигъэзэжьыгъ. Айнарэ ерэлъэкIи, ыIу уригъэтIысхьан, узи, бзаджи къыбнигъэсынэп, сэщ нахьи нахь къыптеубгъуагъ...»

Ящэнэрэ мафэм ыныкъо пыкIыгъ. Рэдэдыпщыр дзакIомэ адэжь къикIыжьи, зытхьакIыгъо имыфэзэ, Къоданэ пщы щагум къыдэхьажьыгъ.

ЛIыкIом Рэдэд зэрэIоплъэу, хъун къызэримыхьыгъэр къышIагъ.

– Зиусхьан, Абэчыпщыр зэраIорэм илый. Ащ зыкъызэрэтфишIыгъэр озгъэлъэгъугъэмэ! ХьакIэщым сызыращэм, сигъэтIыси, ежь ыIитIу ыкIыбыкIэ щагъэу джэхэшъогур рикIукIызэ, шъхьангъупчъэм кIэрыхьагъ, ыкIыб къысфэгъэзагъэу, дысэу къысфидзыгъ: «Рэдэд къосэгъупщым укъиIофтагъэмэ, къызыIупхъ, къытепхъанкI, зыпхъэнкIыжьыщтхэм сыкъяджэщт». «Зиусхьан, ятэ зыукIыгъэр адыгэм хьакIэу къызыфакIокIэ ихьакIэщ есыфэ, цIыфыгъэ рехы. Сэ гъогурыкIо дырекIожьыкIэ уадэжь сыкъэкIуагъэп, Рэдэд пщышхом сыкъиIопщыгъ» – хезгъажъэу сэри сыпеожьыгъ. «Байкол лыкIу джы нэс сымылъэгъугъэр, къаIо укъызфагъэкIуагъэр»,– зыкъызэригъэзэкIи, нэжъыкIэ къысIуплъагъ. «НеущмыкIэ пщышхор Мэзыбэ къыщыожэ»,– кIэкIэу есIуагъ. «Боу бэрэ къысэжэн ащыгъум,– лакъырд кIэлъэу щхыгъэ.– Iанэ къысфэзышIырэм сыфачъэу сесагъэп, къысфаер садэжь къэрэкIу. Зыхыхэр хэгъэгу зэхъухэм, къосэгъухэм хэгъэгур зыщыщыр ашIэщтыгъэп, тэры купэгъур зыыгъыын фаер. Джар укъэзIофтагъэм сфеIожь». КъызэрэсэпIуагъэу, гущыIэ хэзгъэхъуагъэп, тхьэмэ уагъэун сIуи, сыкъикIыжьыгъ...

– Ичылэ шъукъыдэнагъэп ныIа? Ар къыосIон сIозэ, сщыгъупшэгъагъ,– Рэдэд кIэгупшысыхьажь гумэкI ышIыгъ.– ЫгъашIэ къэс Абэч иакъыл хэкIы нахь, хахъорэп. Хъун ащыгъум, Къодан, ежь фэдэу тэ тыпагэп, зыпэ дэзгъэзыерэм зыдэтшIынэп. Тэ тапэ зыхыхэр зы пщы пащэ зэрэзэкъуищэгъагъэхэр шъыпкъэ, ау Абэч ащ иIахьэу хэлъыр сшIэрэп нахь. Ар блэкIыгъэ Iоф, тэ тызгъэгумэкIрэр непэ



хэгъэгур зэрэхъущтыр ары. ШъузэрэпшъыгъэР сэшIэ, ау уахътэ щыIэжьэп, неущ пчэдыжь джыри зэ зыхыпщым шъуфыкъокI, тичIыгу гъунапкъэ Iус Дэепс зыхы чылэм тыщызэIуигъэкIэнэу еIу. Ащ къыземызгъыкIэ, къэнэжьрэр Iашэр ары. КъинмыгъуаекIэ зэгурыдгъэIогъэ хэгъэгур зы лIы гурмыкъ пае зэщыдгъэкъожьын тыфитэп, тауж къикIыхэрэми къытфагъэгъунэп...– Рэдэдыпщыр гупшысэм хэтэу тIэкIурэ щысыгъ, етIанэ шъхьэшхор къыIэти, зыгорэ ыгу къызэрэкIыжьыгъэр ынэгу къыкIэщэу, къэупчIагъ: – Турабэ къэшъулъэгъугъэба?

– Мызыгъэгум зыкъигъэлъэгъуагъэп. Сыда, зиусхьан? – Къодани гъэшIэгъо нэгукIэ пщышхом Iуплъагъ.

– Пшъадэ ибзэджэшIагъэ ешIэшъ, къызэмыплъэкIэу мачъэ.

– КъызгурыIуагъэп, зиусхьан, сыда ащ къибгъэкIырэр? – Къоданэ ытхьакIумэхэр кIигъэзыкIыгъэх.

– Пшъадэ гъэтхэ пасэм е бжыхьэ кIасэм къызиукIэ, къызэрэткIаорэр пщыгъупшэжьыгъа? – шъэф горэ зэрызыдиIыгъыр къыхэщэу Рэдэд кIэщхыкIыгъ.– Бзаджэ зишIахэкIэ, зи мыхъугъахэм фэдэу инэпкъымэ адэуцожьышъ, мыжъомэ ялъэзэ, хым зыфырегъэхы. Ащ фэд Тураби.

– Абэчыпщыр къызэрэтфигъэблырэр ара зыфапIорэр?

– Ащ изакъоп, мыстхьакъомэ ядинзехьэ Цыгъуанэ зэузапсэ зэрэхъугъагъэр къэошIэжьымэ, ащкIэ щыIэ къэбарым къедэIу. Гъусэхэр фэсшIи, Шыупащэ тхьаусхакIо зысэгъакIом, Темрыкъо къэкIожьыфэ ежи, чылэм хэупчIыхьэхэзэ, Цыгъуанэ ихьэблэлI горэм къариIогъагъэм гуцэфэ лые сигъэшIыгъ.

– Зыгорэ а лым ылъэгъугъэу къычIэкIын? – Къоданэ къэпсынкIагъ.

– Нычэпэ быбырэ удыр цIыфмэ ашIэ,– Рэдэдыпщым къыдыригъэштагъ.– ЛIыр лъэгъункIэ щагум къикIыгъэу, Цыгъуанэ зыдэщысыгъэ лъэныкъомкIэ лIищ къикIыжьэу ылъэгъугъагъ. Чэу лъапсэмэ зарадзэзэ, чылэм зэрэдэкIыжьыщтыгъэхэмкIэ, гухэлъышIу зэрямыIагъэм егуцэфэгъагъ. ЛIищым атхыхэр уфэгъагъэх, ау загъорэ апэ итми аужыкIэ щыIэми зыращыти, заплъыхьэщтыгъэ, агуззэгу дэтыр зэрэуфагъэу елъэкIонышыгъ.

– Гъэшlэгъоны къапlорэр! – Къоданэ къыхэкуукlыгъ.– Лlы пстэухэм атх ауфэ, аузэнкlыжьы, бытэу къэхъугъэм сыдэущтэу зырищын?

– Джары Турабэ зынэсыгъэр, Къодан,– Рэдэд ынэгу чэфынчъэ къэхъугъ,– зыгъэгушхон зегъотми, гу бзаджэ зэриlэр къыгъэлъэгъуагъ, лыгъэдзыныр ежь къызэрэпкъырыкlыгъэр Цыгъуанэ къызеlотэжьым, фигъэгъугъэп. Джы къыбгурыlуагъэба тхьэмэ ялlыкlо зыфэдэр?

– Турабэ нахь мыхъурэм ар фэбгъэгъу хъунэп, зиусхьан, сэ къызыосэlом...

– Умыхъыжь, Къодан,– дзэпащэм игущыlэ Рэдэдыпщым lэкlихыгъ,– ари ифэшъуашэм lукlэн. Тэ фэдгъэгъуми, тхьэмэ къыфагъэгъунэп...

Шыу тlокlитlур игъусэу Рэдэд пщышхор къушъхьэ мэзым хэкlи, Дэепс псыхъо инэпкъ тешъо зытехьэм, къохьапlэмкlэ чылэр къэлъэгъуагъ. Псыхъом дэтыжьыпс щыlагъэп, лъэрыщытэу уикlыщтыгъ.

Нэпкъ зандэм шыухэр зэрэдэкlхэу, чылэ гъунэм къыщяжэрэ шыуищыр къапэгъокlыгъ. Ахэмэ япщ ахэтыгъэп. «Абэч къыспэгъокlыгъэп,– Рэдэд гукlэ зэриlожьыгъ.– Ащкlэ сыкъэуушъхьаклун пшlошlымэ, ухэукъо. Ощ сыфэд зышlомыгъэшl, шъхьакlо къысахымэ, сыкъилъэтынэу, атэкъэпщыр къытеуlорэм зэрэтеуlожьэу о озекlо шъхьакlэ, шъхьакlо зышхырэр шъхьэ шхыгъо зэрифэжьрэр сэшlэ. Дэепс чылэми укъэкlонэп сшlошlыгъ, ау укъызэкlэщтэжьыгъ, сапэ укъэсыгъэу укъысэжэ. Теплъын джы тызэlукlэмэ зыкъызэрэпшlыщтым. Узэрыт чlыпlэр зыдэпшlэжьын е силъэкl озгъэшlэн. Нэмыкl гъогу щыlэп...»

Пщы щагум Абэчи, бысымыри Рэдэд пщышхом къыщыпэгъокlыгъэх. Япщы пащэ фычlэплъызэ, lэпэубыт lупэщх шъабэр бысымым къыпигъохыгъ:

– Ухьэкlэшху, зиусхьан, мафэкlэ тхьэмэ сичылэ укъыдахь, къеблагъ,– пщы пэтхыщэ бгъэшхъо нэгум lитlукlэ хьакlэщыпчъэр къыгъэлъэгъуагъ, ищагудэтыми макъэ аришъыгъ: – Модэ шыухэр зэбгырышъуущых, lанэхэр афахьынэу яшъуlу.

Зи мыхъун азыфагу имылъ фэдэу Рэдэдрэ Абэчрэ аlапэхэр зэрагъэубытыгъэх, гуфаплъэу зэlуплъэхи, хьакlэщымкlэ зежьэхэм, зыхыпщым къызэриlокlыгъ:

– Шхакlо тыкъэкlуагъэп, ыпэ рапшlэ тиlоф зэхэтэгъэф.



«Тэри тиныбэшlыжькlэ зыхыхэм тащыгугъырэп»,– Рэдэд пщышхом фидзыжь шlоигъуагъ шъхьаклэ, зиlэжагъ.

Хьакlэщым купитlур щызэпэуцугъ. Рэдэд пщышхор етlысэхыгъ, ыбгъухэмкlэ хэгъэгу дзэпащэмрэ Мэзыбэ идзэпащэрэ къыгоуцуагъэх. Абэчыпщыр тэхътэ шъабэм зытегупсафэм, иухъумакlо лlы нэцэ-lуцищым ыкlыб зыкъашlыгъ. Зыми зи къымыlоу, нэгъэупlэпlэгъу заулэ зэпачыгъ.

– Сыкъэдаlо, Рэдэд,– «пщышхор» къыпимыгъахьэу, шъхьэ пагэр къыlэтызэ, унэр зэлъызыштэгъэ кlым-сымыр Абэч къыукъуагъ.– Орышъ къысфаер, къаlо лъэгъунэу къыздыуиlэр.

– Ислъам-Хьаджэм зэриlоу, къушъхьэр къыфэмыкlо зыхъукlэ, Мыхьамэт къушъхьэм дэжь макlо, Абэч,– игущыlэгъу зыкъызэригъэпэчанрэр ыгъэушъэб шlоигъоу, Рэдэд пщышхор есэмэркъэугъ, ау гущыlэр Абэч ыгу рихьыгъэп, къыхыригъэхыгъ:

– Зэрэхъурэмкlэ о укъушъхь, сэ сыцlыф цlыкlу. Ара къапlо пшlоигъор? – Абэч ымакъэ къыlэтыгъ.

– Хьау шъыу, къыбгурыlуагъэп тэрэззэу. Оры къушъхьэр, сэры къыпфэкlуагъэр,– щхыпэ макlэр Рэдэд ыгъэбылъыжьи, зызэкlиугъоягъ.– Ори, сэри тызэрыт чlыпlэхэр зыщызгъэгъупши, акъылэгъу тызэфэхъун сlуи, зыхы чылэм сыкъэкlуагъ. Сызгъэгумэкlрэр сшъхьэ иlофэп, хэгъэгур зэрэхъущтым щэхъурэ гугъу нэмыкl силэп. Дунаир зэрэмыгупсэфыр олъэгъу. Къохьэпlэ-темырымкlэ русичхэр щызэкъоуцох, акlуачlэ мафэ къэс хагъахъо. Непэ тын къытэшъут аlо, ятымыт зыхъукlэ, неущ lашэр къытфаlэтыщт. Зэпэзырыз тыхъужьыгъэу зашlэкlэ нахь псынкlэу къыттегушlухьащтых. Тэн кlыб щызэрэугъоирэ кlочlэ шъэфхэм ягухэлъи тшlэрэп. Византиеми бэшlагъэу ыцэ къызэрэтфилъырэм ущыгъуаз. Ахэмэ зэкlэмэ зы хэгъэгу зашlыгъ, акlуачlэ зэкlаугъоягъ. lэбжьымкlэ уоныра, lэхъомбэ закъокlэ упыджэнра кlуачlэ зыхэлъыр? – Рэдэд пщышхом бжымышхо зэкlилъхьи, lэхъомбэ пэрытыр къыгъэлъэгъожьыгъ.– Сэ зэ нэмыlэми сыкъыпшъхьащыкlуагъэп, узэрэхъущтыр ары къыуасlорэр.

– Арэп, сыкlэлэцlыкlукlэ огугъа, сызэрэхъущтыр о къысэпlожь зэпытэу?! – Абэч ынэхэр къикlотыхэу къызбгырыугъ.– Хэгъэгу зэфэсыр ор-орэу зэхапщи, зыхябгъэ-

дзыгъ. Зыхы хэгъэгум зэфэсыр щырезгъэкIокIыгъагъэмэ, сэри хэгъэгу пащэу сыхадзыщтыгъ.

– Игъом ащ уиакъыл зэрэтемыфагъэр,– лакъырд щхыпэр Рэдэд ыIупшIэмэ арычъи, ышъхьэ ыгъэсысыгъ.– Тхьэхэри оры къызыгоуцуагъэхэр, шъыпкъэба? Арба Тураби узэригъэдаIорэр?

– Зэхэшъоха мыщ ыIорэр? – Абэч иухъумакIомэ нэплъэгъу губжыр афидзи, къызщылъэтыгъ.– Титхьэхэр кIэнэкIалъэ къешIы. Шъыпкъэм уфаемэ, ары, тхьэхэм сэры къыхахыгъэр. Сынэ къаплъэу, слъэ сытетэу, титхьэхэр озгъэушъхьакIущтэп! – Абэч ичэтапшъэ етхъуагъ.– Къоданэрэ Мэщыкъорэ ардэдэм лъэбэкъу зырыз апэкIэ адзыгъ, ячэтэ Iапшъэхэм аIэхэр атыралъхьагъэх. Абэч ыкIыб дэт лIышхор пщым ыIэлджанэ къытеIаби, къеушъыигъ:

– ЗыIаж, зиусхьан, гущыIэ зэфэшъумыгъотыгъэмэ, цIыф фэдэу шъузэгокIыжь.

– СэшIэ сэ мыр зыфаер! – ыIэ кIырыузэ, Абэч хэкуукIыгъ.– Сэ зыхыхэм пыут сахишIыхьанышъ, Хьаблэжъ чылэм ипщ ЗекIошыу пщы пащэ ышIыщтба! Къыгъотыгъ лIы къабзэм ыжэ къыдэзырэ гущыIэр зыпхъотэн! Ар къыбдэхъун зышIомыгъэшI. А нэкIутIэ жабгъоми, ори сышъуфырикъущт!

– ЗэкIэ къызгурыIуагъ, Абэч,– Рэдэд къэтэджыжьи, ыпкъ имыкIэу, губжым ычIыпIэ гуегъу нэплъэгъур зыхыпщым фидзыгъ: – Унэ къаплъэзэ узхэхьэгъэ темэным учIилъэшъонкIэ сенэгуе. Джащыгъум узщыгугъыхэрэр птамэ къытеуцожьыщтых. НекIо, Къодан, сэ сишIэн сшIагъэ, къанэрэр мыщ изэхэхыжьын. Титхьэхэр зэрэдгъашIохэри зао тызэрэфэмыери, тыгуи, тыли зэрафэузыри зыхыхэм алъыIэсыжьын...

Рэдэд пщышхор Мэзыбэ къэмысыжьызэ, Дэепс чылэм пщитIумэ щызэраIуагъэр, чылэ дэхьэ-дэкIыкIэ зыхыхэм алъыIэсыгъ.

Губжыр зэрэкIэтэу гъогу техьажьыгъэ Абэчыпщыри гукIэ Турабэ едаощтыгъэ: «Рэдэд шъхьэшхом сыIукIэмэ, сиIоф къикIыщтэу ыIозэ, сыкъигъэкIотагъ. Сыд къикIыгъэр? Сэ сыкъиуфэнэу къэкIогъагъ нахь, Турабэ къысиIогъэ лъэпкъ ыжэ къыдэкIыгъэп. Тхьэхэр къыдэгущыIэу, сэщ пай ялъэIоу еIо, пщышхо сыхъущтэу сегъэгугъэ. МыдыкIэ сипщыгъо стырамыхымэ мыхъунэу уцугъэх. Турабэ къысиIорэм щыщ къыздэхъужьрэп. Хьау, хьау, Турабэ седжэнджэшыкIэ арэп, титхьэми акIыб къысфарэмыгъаз. МыутIэпщыхэри русичхэри къызэрэзгоуцощтхэр къысиIогъагъ, нэужым сэ сызэрэхэукъуагъэр сшIэрэп нахь. Чылэгъотыпщым иIоф сIон зэхъум, цIыф гуцафэ къызэрэсфимышIыщтыри къысиIогъагъ...» – нэжъо-Iужъо Абэчыпщыр къэхъугъэти, шхомлакIэр ытIупщи, IитIукIэ ынэгу ыIотыгъ.

## VI

Чэщрэ къэучъыIы фежьагъ.

ХыIушъоми, къокIыпIэмкIэ щыIэ чIыгу зэныбжьыхэми афэмыдэу къушъхьэм бжыхьэ чъыIэр нахь щызэхэошIэ. чэщ кIуагъэм Шыупащэ чъыIэ лIагъэу къэущи, джэдыгу фабэр зытырихъожьыгъагъ. Джы зы чэщ зырахыжьыкIэ, зэблэзыхъущтхэр неущ къэсыщтых. Къэнэжьыгъэр макIэшъ, дышъэчIэхмэ мафэр афэгъэкIожьрэп, агукIэ ячылэмэ задзыжьыгъ. Рампэс ипсауныгъэ мыхъатэу Шыупащэ къыдэкIыгъагъэшъ, ащи егъэгумэкIы, Дэхапсэ къыфыхихыгъэ къэщэным зыIуигъакIэ шIоигъоу ыгуи къыпылъэдагъ. Чылэм къыдэкIыным ыпэкIэ Бзабзэ Лащынэ къыгъэкIотэжьэу зэ теплъэгъагъ.

«ЦIыфмэ амыгъэунэфыгъэ щыIэп,– Шыупащэ зэгыижьыгъ,– дахэми, нэгум кIэтымэ уесэжьы, нэм къыкIихьажьрэп, чылэ гъунэгъум щыплъэгъурэр зыгорэ дэдэ къыпшIошIы. Абэчыпщым къысимыпэсыгъэм нахь мыдахэмэ, Лащынэ зи къыщигъакIэрэп ау зыхыпщым псэлъыхъо кIогъу тырыгъэфэнкIэ сыгугъэрэп, заом ымэ жьым зэрехьэ...»

Неущ мыIэбэ-лъэбэжьынэу, щыгъынхэри, хьап-щыпхэри зэригъэфэжьхи, Шыупащэ ичэл къычIэкIыгъ. Пчэдыжьым ригъажьи, тыжьыныр къычIэзыххэрэми ахэхьагъ, дышъэр зылъэсхэрэми ахэтыгъ, Iофхэр дэгъоу кIэкIых. Мафэр ыкIэм фэкIо, бэрэ пэмытэу IофшIэгъури къаухыщт.

Шы лъэмакъэм Шыупащэ ышъхьэ къыригъэIэтыгъ: лIы горэ къыфэчъэ. «Тянэ тхьамыкIэр фыкъогъэна? – Шыупащэ зэнэгуещтыгъэр ышъхьэ къеуагъ, шъо пычъыгъэкIэ зыпэгъокIыгъэ шыум къызIуипхъотыгъ:

– Шыупащ, Дэдам бзэхыгъэ!

– Хэт Дэдамыр? – Шыупащэ лIым фыдэплъыягъ.

– КӀэлэ пэхъу жабгъоу, зынэ сэмэгу нахь цӀыкӀоу къытхэтыр ары.

– КӀожьыгъэмэ шӀэ? – янэкӀэ зэнэгуягъэр армырмэ Ӏофэп Шыупащэ ыӀуи, гупсэфыжьзэ, лӀым Ӏущхыпцӏагъ: – КӀэлакӀэхэр зыфэдэхэр пшӀэрэба, зыгорэ агу къызыпылъадэкӀэ...

– Ары шъхьакӀэ, Шыупащ, непэ Дэдам ищыбзэ къырихыгъэ дышъэ такъырыр иджыбэ рилъхьэу слъэгъугъэ. Мафэм къыхэтхыгъэ дышъэм сызыхаплъэм, дышъэ такъырыр ахэслъэгъуагъэп. Дэдам зэрэхэхьажьыгъэм джащыгъур ары гу зылъыстагъэр.

– Моу псынкӀэу сиш къысфащ!

Псы гъунэм щызэхэт хьакӀуцумэ Шыупащэ ашъхьарыхьагъ, зылъыхъурэмкӀэ яупчӀыгъ. Зым щэджэгъоужым ымылъэгъужьыгъэу ыӀуагъ, адрэм ащ фэдиз темышӀагъэу къышӀошӀыгъ, ящэнэрэм псым ыпшъэкӀэ дэкӀуаещтыгъэу къыушыхьатыгъ.

– Лъэсыгъа, шыугъа? – Шыупащэ джыри яупчӀыгъ.

– Мо псыхъо къэгъэзэгъум исэмэгубгъукӀэ тишыхэр щэхъух,– хьакӀуцу лӀышхом къокӀыпӀэмкӀэ Ӏапэ ышӀыгъ.– Хэт ышӀэра, иш къыубытыжьи, шыоу хэхьажьыгъэнкӀи хъун.

– ИшӀэ нахьи иӀо нахьыбэ етэгъэхьы. Сызэблэзыхьущтыр неущ къэсыщт, сызэрэкӀожьыгъэр ешъуӀу,– хьакӀуцу зэхэтмэ Шыупащэ къариӀуи, псыхъом готэу, ыпшъэкӀэ дэкӀоягъ, икӀыпӀэм зынэсым, псыр зэпичи, къушъхьэ мэзым хэхьэрэ лъагъом техьагъ. Къушъхьэ дэкӀуаем зынэсым, шыр иӀэдэжьэу заулэрэ кӀуагъэ, къэуцуи, лъэгъо Ӏонтӏэщантӏэу тӀуакӏэмэ къадекӀокӀырэм рыплъагъ, ау лъэси, шыуи тырилъэгъуагъэп. Шэсыжьи, гъогум шӀукӀае хигъэкӀыгъэу, къызэкӀэщтагъ: дышъэ хэхыпӀэмкӀэ икӀэу, хьакӀуцумэ алъэныкъокӀэ зыпарэкӀи кӀуагъэп, къушъхьэтхы пцӀанэм ечъэхыхэшъ, лъагъохэр бгъуитӀумкӀи мэзым хэхьэх, зытет лъагъор, адырэмэ къахэщэу, хэутыгъэп. ШӀэхэу тыгъэр къохьащт. ШӀункӀ къэхъумэ, зэрыгъозэн щыӀэжьыщтэп. Къушъхьэ мэзым зыхэгъощыхьэкӀэ, зыӀуупӀэщтыр хэт ышӀэра – мышъэхэр, тыгъужъхэр ныбаджэ хъужьыгъэхэу къыщекӀокӀых.

Хъуатэр зэпичи, мэзым хэхьэрэ лъэгъуитӀум яззу зытехьащтыр ымышӀэу Шыупащэ шыр къызэтыригъэуцуагъ, лъагъомэ гуфаплъэу арыплъи, сэмэгумкӀэ тӀэкӀу дэзыӀонтӀэхырэр нахь хэубыкӀыгъэ фэдэу ылъытагъ. ЧэпэкӀэзыкӀым къин щымыхъоу шым дихьыягъ. Къушъхьэ еупкӀэхыгъэм готэу кӀозэ, хъотэ бгъузэ куум ыкӀыбыкӀэ къиӀукӀыгъэ мышъэ гъог макъэм ытхьакӀумэхэр тыригъаплӀэзэ, шыр къызэтыригъэуцуагъ. Ыужырэ лъакъомэ атетэу гъохъорэ мышъэ цӀэплъышхор Шыупащэ ылъэгъугъ. Ацэлышъохэр текъыгъэхэу тыгъужъхэр мышъэм жэхахьэх. Ащыщ горэ къетхъонэу ежьагъэти, лъакъокӀэ еуи, чэрэгъоу риутыгъ. Ардэдэм, тыгъужъымэ акӀыбыкӀэ мыдырэм нахь ин мышъэр къикӀыгъ. Тыгъужъхэр хэпцӀэукӀыхи, зэбгырычъыжьыгъэх. «Джары, уизакъоу уагъотмэ тыгъужъыми узэӀатхъыщт, мышъэм фэдэу улъэшкӀи укъагъэнэщтэп,– ылъэгъугъэм Шыупащэ ригъэгупшысагъ.– Узэкъотмэ узэрэлъэшыр къызыгурымыӀохэрэр тэ къытхэкӀых, къинмыгъуаекӀэ Рэдэд зэхищэгъэ хэгъэгур зэбгыратхъыжьмэ, тыгъужъхэр къазэрафыкъокӀыщтхэм егупшысэхэрэп».

Къушъхьэ еупкӀэхыгъэм рекӀокӀырэ лъагъом сэмэгумкӀэ зыдеӀонтӀэхым, Шыупащэ иш хигъэчъыкӀэу ригъэжьагъ. Щынэрэм орэд къеӀо, ыжэ диӀухьажьызэ, орэд гори кӀиӀукӀэу ригъэжьагъ. Тхьапэхэр зыпытэкъужьыгъэ чъыгмэ мэзэ нэгъыфышхор къапхырэплъы, лъагъор ӀэкӀигъэзырэп.

Жьыбгъэ макӀэу къилъыгъэм хыпсы щыугъэм ымэ Шыупащэ къыӀуилъэсагъ, зэрэмыгъощагъэм кӀэгушӀужьэу, ыгу къихьажьыгъ. Шы илъыгъо горэ зызэпечым, Щахэ псыхъо ишкошко макъэ къеӀугъ, хьэ хьакъу макъэхэр къыздиӀукӀырэмкӀэ ыгъази, Лыгъотх чылэ гъунэм нэсыгъ.

Лыгъотх чъые ӀэшӀум хэтыгъ. Мэл Ӏой макъэхэр загъорэ щагумэ къадэӀукӀыщтыгъ. Шы лъэмакъэм къыгъэбырсырыгъэ хьэхэр зэлъыхьакъущтыгъэх. ОшӀэ-дэмышӀэу хьэшхо горэ щагум къыдэлъэти, шым ыпэ зыкъыридзагъ, кӀэкӀэу хьакъузэ, гъыргъыргъ регъаӀо, шыр ыгъакӀорэп. Хьэр зыер лъэгуцым къытехьи, мэкъэ ӀэтыгъэкӀэ къэупчӀагъ:

– Хэт ар ?

– Тхьамэтэ маф, Цухъо Дэмыр иунэ зыдэщытыр къысэпӀона?

– Укъэсыгъах, унищ къызэбгъэлымэ, яплӀэнэрэр ары. Къеблагъэба, ухьакӀ о,– бысымым ымышӀэрэ шыум адыгагъэ къырихыгъ.

– Тхьэмэ шӀукӀэ сыкъырагъэблагъ, сэгузажъо,– лӀыр къызэрэпэгъокӀыгъэр Шыупащэ игопагъ.

Дэмыр къеӀугъэ макъэхэм унэм къыращыгъ, ишышӀоӀу къыӀупсыхэгъэ шыуми пэгъокӀыгъ:

– Ора, Шыупащ?! – Дэмыр тхъоплъыышхор мэкъэ чэфкӀэ къыхэкуукӀыгъ.

ЫшнахьыкӀэ ыцӀэ пчъэ зэпагъомкӀэ Рэдэд зызэхехым, унэм гуӀэкӀэ зыкъыридзи, къеупчӀыгъ:

– Мэзыбэ укъикӀыгъа, сшынахьыкӀ?

– Хьау, Рэдэд, дышъэ хэхыпӀэр ары.

– Тянэ зыгорэ къехьулӀагъэу укъыслъычъагъ сшӀошӀи, сыгу бгъэушкъоигъэ. Сыд адэ нычэпэ къушъхьэ мэзыр къыкӀызэпыпчыгъэр?

– Сыкъезыфыжьагъэ щыӀ, Рэдэд. Ежь-ежьырэу хъурэ дышъэ къэбзэ такъыр Дэдам псым къыхихыгъэти, зыкъуиублыгуи, къыхэхьажьыгъ. Ыуж къэсфыгъ шъхьакӀэ, сыкӀэхьагъэп.

– Дышъэ такъырым пае ппсэ урэджэгужьа? – Рэдэд ышнахьыкӀэ егыигъ: – ХьэкӀэ-къуакӀэр мэзым хиз, лъагъом удэуцохымэ, уздэфэщт тауташыри, бзэджашӀэхэри хъоих. Джынэкъэуж ащ фэдэ умышӀэжь.

– Дэдам пӀуагъи дышъэр зытыгъугъэр? Ащ сенэгуягъ сэ,– Дэмыр хэшэнычъыкӀызэ, иӀэшэ-шъуашэмэ алъыӀэбагъ.– Дышъэ хэхыпӀэм згъэкӀощт купмэ ахэзгъэхьанэу а Дэдамыр къысэлъэӀупэ зэхъум, сыфэмыяхэу илъэӀу фэсшӀэгъагъ. Джары, зиусхьан, пырамыбжь мэшъхьалъэ, шъхьадж ылъэпкъ еожьы, зыкӀаӀуагъэр. Дэдам яти имыемкӀэ бзэджагъэ, ыкъуи ащ фэдэ хъужьыгъэ.

– Нычэпэ тыдэ укӀощт? – Рэдэд бысымым фидагъэп.– Неущ мафэ щыӀ. Тыгъон ешӀэмэ, о къызэрэпшӀошӀэу, а кӀалэр делэп, къэкӀожьэу иунэ игъолъхьажьыщтэп. Тыгъоныр – узы, ылъапсэ итымычмэ, неущ нэмыкӀхэр зэлъикӀущтых, ау дышъэ такъыр цӀыкӀум пае, бырсыр тшӀыныр ищыкӀагъэп.

– Такъыр цӀыкӀоп ар, Ӏэхъомбэшхом фэдиз,– Шыупащэ къэпсынкӀагъ.– Зылъэгъугъэм къысиӀуагъ.

– КӀалэр зыгъэӀэбагъэр джы къэсшӀагъ,– Дэмыр иӀэшэ-шъуашэхэр пкъэужъыем пилъэжьхи, инэплъэгъу чыжьэ щыӀэу къэтӀысыжьыгъ.– Тичылэ пшъэшъэ дахэ горэ таучэ хьазырэу дэс. Дэдам ащ ашыкъ ехъулӀагъ. Дышъэ Ӏэхъу



ритмэ къыдэкӀонэу къыриӀуагъэу, къыкӀэнэкӀагъэу, чылэм къэбар щызэрахьэ, Ӏо хэлъэп, дышъэр неущ пшъашъэм фихьыщт.

– Джары, Дэмыр, хэкӀыпӀэри къэбгъотыгъ, неущ лъыгъаплъэхи, Шыупащэ къинэу зэригъэлъэгъугъэр хьаулые хъунэп. Джы зыдгъэпсэфын.

– Гъогууанэ къэзыкӀугъэм зыгорэ зыӀуилъхьанба, зиусхьан,– Дэмыр зыкъишӀэжьи, зэшитӀур зэрэлъыджэрэм къыпымылъэу, хьакӀэщым икӀыгъ.

– ХьакӀуцумэ сыдэущтэу уахэплъагъ, Рэдэд? – зэщ факӀо ышнахьыжъ къызэрэмыкӀуагъэр ешӀэти, пшъыгъэ нэгукӀэ Шыупащэ Ӏуплъагъ.

– Ялэжьыгъэхэр бэшӀагъэу Ӏуахыжьыгъ,– ышнахьыкӀэ къызкӀэупчӀагъэр гурыӀуагъэми, Рэдэд чыжьэкӀэ къыригъэжьагъ.– МакӀэ мыщ чӀыгоу щалэжьрэр, нахьыбэр бгышъхьэ, къушъхьэ лъап, чъыг-сэнэшъхьэ хьасэхэр къябэкӀых. Бжыхьэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэри аугъоижьыгъ. Джы сэнашъхьэр кӀачыжьы, санэхэр ашӀэу рагъэжьэщт. Шхъомчыр, дэжъыер мэзымэ къащаугъои.

– Дзэпащэмэ сыдэу зыкъыпфашӀыгъ? – Шыупащэ зыгъэгумэкӀырэр хиушъхьафыкӀыгъ.

– Неп сӀуагъэми, хьазырых,– хэгъэгу Ӏофыр ышнахьыкӀэ зэригупшысэр Рэдэд гуапэ щыхъоу ӀущхыпцӀыкӀыгъ.– Зыхыпщым изекӀуакӀэ зэдырагъаштэу аумысыгъ.

Ӏанэр унэм къизыхьэгъэ бзылъфыгъэ дэхэшхом Шыупащэ зыӀоплъэм, Дэхапс ары шӀошӀи, ыжэ къыӀуигъэзыгъ, ишъэф нахьыжъым къыдешӀэ пӀонэу, укӀытэжьыгъэу фыреплъэкӀыгъ. ИӀуплъэкӀи, ыпкъ шыкӀэкӀи, икӀуакӀэкӀи Дэхапсэ фэдэкъабз.

Бысымгуащэр хьакӀэщым зекӀыжьым, Рэдэдыпщыри щагум дэхьагъ. Стырыпсым хьалыжъошхор дишхэу щысызэ, уц Ӏэзэгъур янэ къыфихьынэу Дэхапсэ дэжь ятӀонэрэу зэрэкӀогъагъэр Шыупащэ ынэгу къыкӀэуцожьыгъ. Пчъэ тӀуакӀэм Дэхапсэ дэтэу къыӀуплъи, нэщх-гущх чэфкӀэ унэм рищэгъагъ.

– НэтӀае тэ щыӀа? – бысымыр имысэу унэм зэрихьагъэр къезымыгъэкӀуштыгъэ Шыупащэ уц Ӏэзэгъум лъыхъуштыгъэ Дэхапсэ еджэгъагъ.

– Пхъуантэм дэслъхьагъэкӀэ сенэгуе,– къызфеупчӀыгъэм Дэхапсэ пымылъэу къызэплъэкӀи, къэлъэӀуагъ: – Моу пхъонташъхьэр къысфэӀэтба, Шыупащ.

Пхъуантэм зытезыщэгъэ Шыупащэ ыблэбгъу Дэхапсэ къытырилъхьэгъэ бгъэ шъэбэ инхэм зэхэшIэ фэбэпс лъэшыр пкъынэ-лынэхэм аригъэчъагъ, шъхьэм лъыр къыригъэуагъ. Шыупащэ къызэкIэблагъэу зыкъызеузэнкIыжьым, фэбэмэ IэшIум шъхьэр къыгъэуназэу Дэхапсэ ыбгъэ къыкIэфагъ. КIэзэз макIэм зэлъиштагъэу, кIалэм къыжэдэзыгъ:

– НэтIае…

– Ар мэзым щыI, умыщын,– ылъэгуанджэмэ анэсыжьэу Дэхапсэ зыкъырикъузылIагъ…

Шыупащэ ищыгъынхэр зэригъэфэжьи, джэнэ пIокIэ закъо щэхъу щымыгъэу ыпашъхьэ къиуцожьыгъэ Дэхапсэ ынэгу кIэмыплъэу фидзыгъагъ:

– Къэщэн къысфэбгъотыгъэу оIо. Джы тэбгъэшIагъэр сыдым щыщ?

– А си Шыупащ,– кIалэм ытамэ ыIэгушъо къыригъачъэзэ, Дэхапсэ къыIугушIогъагъ.– ЛIымэ мафэ къэс ащ фэдэ Iаджи ашIэ. Умыщын, орырэ сэрырэ фэшъхьаф ышIэщтэп. Лащынэ къэпщэщтмэ, ащ пае къэмыгъан. Шъуз уиIэ хъугъэми, Шыупащ, угу къызыщыкIырэм къыкъокIызэ шы. О уфаеу, шъузхэр мыхъухэу, мазэ къэс къыхэкIы…

А мафэм Шыупащэ янэ Iуплъэнкiэ укIытэу, псынкIэу ышъхьэ щигъэзыежьыгъагъ.

Хэт IукIагъэми, Дэхапсэ зэрэгохьагъэр къыдашIэ шIошIэу, зыщынэгуекIыжьэу, Шыупащэ бэрэ хэтыгъ, етIанэ мэкIэ-макIэзэ Iэсэжьыгъагъэ. Дышъэ-тыжьын чIэхыпIэмэ ахэтыфи, пчъагъэрэ ыгу къыдэоягъ. Ары пэпчъ НэтIае зэрешъхьащыкIуагъэр ащ фэдизэу къыридзэщтыгъэп, хъулъфыгъэ шIуагъэ зэрэхэмылъыр ешIэти, зэришъузым къыхиригъэхьыщтыгъэп, ау Турабэ ынэгу къызыкIэуцокIэ, мо бытыжъым ыуж сыгу зэрэтехьагъэр ыIоти, зыфэгубжыжьыщтыгъэ…

Дэдам дышъэм езгъэнэцIыгъэ пшъашъэм иунэ лъыплъэщтхэр Дэмыр ыгъэнэфагъэх. Къэхъущтым Рэдэди, Шыупащи паплъэщтыгъэх.

Мафэр кIуи, ахъшам зэхэогъур текIыгъэ къодыеу, Дэмыр ищагу бырсыр макъэ къыдэтэджагъ. Дэдам ылъакъохэр ригъанэщтыгъ, ыблыпкъыхэр зыIыгъ лIитIум къакъудыищтыгъ, ыкIыб дэтыри къеIункIыщтыгъ.

НэкIэ ылIыщтым фэдэу Дэмыр Дэдам Iуплъи, фидзыгъ:



– ХьакIуцумэ анапэ тепхыгъ, укIытэ зимыI. Типщышхо ыпашъхьэ сыдэущтэу уихьащт!

– Сыдым къыхэпхыгъ, сшынахьыкI, уилъэпкъ уетыгъожьыныр? – мэкъэ гъэтIылъыгъэкIэ Рэдэд пщышхор Дэдам еупчIыгъ.– Сыоплъымэ, укIэлэ къэбзэшху, гъашIэр уапэ илъ. ПшIагъэмкIэ уиIоф аIонэу чылэм ыпашъхьэ уидгъэуцомэ, сыд япIощт?

– Сымыс, зиусхьан,– кIалэм ымакъэ къефэхыгъ, нэ псау напIэри къэкIэзэзыгъ.– Чылэм ыпашъхьэ сызишъуущэкIэ, сыщыIэжьынэу сыфаеп. Сыхэукъуагъ, къысфэгъэгъу. Дышъэ Iэхъу ыIуи, Лакуко къысшIохиубытагъэти…

– Дышъэр зыфэохьым, сыд ыIуагъ адэ?

– Къушъхьэ бгъэжъым икIэнкIэ къысфахь ыIуагъ.

– Ар зишIыкIэр нэбгырэ хъущтэп, сшынахьыкI,– Рэдэд кIалэм еушъыигъ.– Ащ блэкIынышъ, уянэ ыгу къысфахь ыIони, уригъэзыщт. Фэпхьыщта?

– Сяни сяти сиIэжьэп,– джыри кIалэм ымакъэ къэкIэзэзыгъ.

– Дэмыр,– Рэдэд пщышхом хьакIуцу пащэм зыфигъэзагъ,– мызыгъэгум кIалэм фэтэгъэгъэгъу. Ащ нахьыбэ уимые пштэжьынэп, арба, сшынахьыкI?

– Титхьэ лъапIэхэм ацIэкIэ гущыIэ осэты, зиусхьан, сытыгъуагъэу цIыф зэхезгъэхыжьынэп,– Дэдам ыгу къихьажьыгъэу къызIуипхъотыгъ.

– КIо, ащыгъум, зэхахэуи зэхамыхэуи умыIэбэжь. УлIымэ, гущыIэу птыгъэм уемыпцIыжь.

Нэфшъэгъо кIэтаджэкIэ Рэдэд пщышхор гъогу техьажьыгъ. Дэмыр гъусэхэр иIэхэу ХьакIуцу гъунапкъэм нэс къыгъэкIотэжьыгъэх. ЗэшитIур шыумэ апэ итэу зы купрэ къэкIуагъэхэу, Шыупащэ зыгъэгумэкIрэм кIэупчIагъ:

– ХьакIуцухэр сыда къыкIыхапщэхэрэр, зыхыхэм тэ тафыримыкъункIэ ощына?

– ХьакIуцумэ язакъоп, сшынахьыкI, мыутIэхэри къыхэзгъэлэжьэщтых.

– Ащ фэдизым зыхыхэр зэрэщытэу тырахын!

– Тхьэмэ арэмыд, сыд пае зыхыхэр тетхын, сыд ялажь? Адыгэ лъэпкъхэр зэзэожьыгъэх язгъэIонэу сыфаеп. ПшIэжьырэба хьакIуцухэмрэ къосэгъухэмрэ тазыфагу къихъухьэгъэгъэ заор? Ащ фэдэ хъужьыщтэп. Лъэпкъищми

тызэгъусэу зыхыхэм тызякlуклэ, тэ тызэрэзафэр нахьыбэрэмэ къагурыlощт. Абэчи пчэгум изакъоу къинэщт.

– Ар сшъхьэ къыубытыгъэп, нахьыжъ, дэгъоу уегупшысагъ.

Къосэгъу чlыгухэр къызэпачыхи, Мэзыбэ ихьэнэ-гъунэ мэзым Рэдэдыдхэр зыхэклхэм, шы илъыгъо зытфых хъун зиклыхьэгъэ губгъом чlыпlэ-чlыпlэ хэтакъоклэ жъонаклохэр хэтыгъэх. Цуиплl зыклэшlэгъэ пхъэlашэхэм, апэ ит цуитlум язэу хьэсэбэкъум дэтхэм яцушъхьэтес шъэожъыехэм чы псыгъо цlыклухэр аlыгъых, ыбгъуклэ агот цуаомэ ячыхэр гъум кlыхьэх. Лlыхэр теуфыхьагъэхэу, пхъэlэшэклмэ ахэгъэнагъэх. Хьамлыухэр, хьэцlэ-пlацlэхэр зышыпырэ къуанчlэхэр къуагъсагъ рагъаloу, чlыгу жъогъаклэмэ ашъхьарысых.

Рэдэд пщышхом ылъэгъурэм гуклэ ыгъатхъэу иш къызэтыригъэуцуагъ, губгъор зэрэщытэу зэпиплъыхьи, нэгу чэфклэ ышнахьыклэ lуплъэзэ, риlуагъ:

– Чlыгур жъуагъэу кlым зыщылъыклэ, гъатхэм шъабэ мэхъу, хаплъхьэри нахь мэбагъо.

– Ар зышlэрэр зылъэклрэр ары,– Шыупащэ, губгъом зэпырыплъызэ, къыlуагъ.

– Фэмыфыр ары зыфэмылъэклрэр. Цуитlу кlэзымышlэн Мэзыбэ дэсэп. Тlур зышlомаклэм цэегъу фэхъун къегъоты.

– Модэ зэ чылэмклэ плъи, Рэдэд! Хьэсэбгъум готыр Колэсмэ сшlэрэп?

– Колэс ышъхьэ ерагъэу зэрехьэ, сыда мыщ къэзыхьыщтыр? – Рэдэд ышlошъ хъугъэп, ау гуфаплъэу зэплъэм, къыхэкуукlыгъ: – Слъэгъуурэр шlагъу!

Колэс лlыжъым игъусэхэми чыжьэклэ Рэдэд пщышхор къашlэжьыгъ, Къодани, Мэщыкъуи, Чэчани къыпэгъоклыгъэх. Бэщыр ыпэ итэу Колэс лlыжъыми лъэбэкъу заулэ къышlыгъ шъхьаклэ, ылъэклаплэхэр къэсысыхи, ыгъэзэжьыгъ, къызтетэджыклыгъэгъэ пхъэнтlэклу шъхьаком къинклэ тетlысхьажьыгъ.

– Мыщ нэс укъэклуагъэмэ, тхьамэтэ маф, ухъужьыгъапэба! – Рэдэд Колэс lугушlуагъ.

– Сыкъэклуагъэми сшlэрэп, жъонакломэ сашъхьарыплъэ сшlоигъоу сыгу къыпылъэдагъэти, зыкъязгъэщагъ,– Колэс ынэгушъхьэ кlыф къыхэтхыуклыгъ.– Къоданэрэ Мэщыкъорэ игъусэхэу кlалэр къыдэхьажьыгъэти, сялъэlугъ. Мо чъыг чlэгъым чlэт ку щэрэхъитlумклэ зыкъязгъэщагъ. Онэгум сиlоф хэлъыжьэп, зиусхьан. Ау щытми, непэ слъэгъугъэм сщиз къысхигъэхъуагъ, сигъэтхъагъ... Джы сыкъызэрэхъурэр сшlэрэп...

– Чэчан! – шlу зэрэщымыlэр Рэдэд къыгурыlуи, къэгузэжъуагъ.– Кур, елбэт, къызэклэшъушlэжь!

Ку кlэко щэрэхъитlум ыпи, ыужи шыухэр итхэу Колэс чылэм къагъэсыжьыгъ. Щагум зыдэхьажьхэм, Чэчанэрэ Мэщыкъорэ аlэ зэрадзи, Колэс рагъэтlысхьагъ, чlыгум рагъэуцохынэу къызэрялъэlурэр фамышlэу, унэм рахьажьыгъ, пlэм зэрэхагъэтlысхьэу, амалынчъэ нэплъэгъуклэ къыдэплъыий, шъхьантэм зыхигъэклагъ:

– Джы къэсыгъэклэ угугъэн, зиусхьан. Моу сипlэлъапэклэ услъэгъунэу къэтlыс,– Колэс lэ lэт маклэклэ къэлъэlуагъ.– Псэхэхыр пчъэшъхьаlум къытеуцуагъ, зиусхьан. Джыри сихьаклэщ къихьагъэп, бащэ шъохъушъ, къышъущэнэгуиклы,– унэм итмэ, шъхьащытмэ къясэмэркъэу фэдэ зишlи, зыфаер агуригъэlуагъ.

Хьаклэщым щызэхэтыгъэхэр мэкъэ мыгъэlуклэ иклыжьыхи, Рэдэдрэ Чэчанэрэ фэшъхьаф Колэс къыклэрынагъэхэп.

– Зиусхьан, Чэчан, шъуитlо сыгу къышъуфихыгъэу сигъашlэ къэсхьыгъ. Сыпфэраз, Рэдэд. Сипхъорэлъф иклэлэгъум сызфэмыягъэхэр къыхэфэгъагъэхэми, сызэрэфэразэр езгъашlэмэ сшlоигъу...– Колэс къыригъэжьэгъэ гущыlэм ыгъэпшъыгъ, зи къымыloу тlэклурэ щылъи, жьыр къинклэ къыдищэягъ.– Зихьадэгъу къэсырэм имышэн къештэ. Сэри арын фай губгъом сызыфыгъэр. Сэ къыни, гушlуагъуи бэ сынэгу кlэклыгъэр, згъэшlагъэми сырыраз. Хьадэгъум щыщынэрэм дунаим щыщыlэгъуае къыщэхъу. Сызэрэщыlагъэми уезэгъыщт, лlэныгъэми сыщыщтэрэп. Къошыныжъыри зэгорэм мэкъутэжьы... О щытхъур уиклlасэп, зиусхьан, ау сэ зытемыт зыпарэклн къыосlуагъэп. Зы лlыр лlэшlэгъумэ афекъу, адрэр щымыlэгъахэм фэдэу мэлlэжьы. Адыгэхэм зы хэгъэгу тыхъугъэу къэсэбгъэлъэгъужьыгъ. Ар сэрклэ къыздэхъугъэ пстэумэ апшъ. Абэчи lo, Хьэбачи шlы, хэт щыщи хэгъэгур зэщемыгъэгъакъу. Лъэпкъ зэзэожьым нахь шlэхэу плъапсэ кlэзыхын щыlэп, ащи фэсакъ. Шъузызэбгырызыжьыклэ, гугъэр инэу, лъэкlыр

макIэу шъукъэнэщт... Хэт ыIуи уемыдэIу, гъунэгъу хэгъэгухэм шъуахахь. Ар дэгъоу къепхьыжьагъ, дэгъур къахэшъух, дэим шъулъымыIаб. Русичмэ бзэгу къафэгъот. Уигъунэгъу уипыиным нахь тхьамыкIагъо щыIэп...

– Осетхэр къэошIыжьха, Колэс, гукIодыгъо щыIэп, ухъужьыщт,– Рэдэд IущхыпцIыкIы фэдэ зишIыгъ, пчъэмкIэ плъи, Колэс есэмэркъэугъ, еушъыигъ: – УзэрэцIыфышIур ышIи, псэхэхыми ышъхьэ щигъэзыежьыгъ.

– Псэхэхым дэгъуи, дэий зэхидзырэп,– хэпшIыкI къодыеу Колэс ыIупшIакIэмэ щхыпэ макIэ къячъагъ.– ЛIыхъузанэ тхьамыкIэм зэриIощтыгъэу, кушъэ зыфашIыгъэу, бэн зыфамытIыжьын къэхъугъэп. ЛIэныгъэр къызэрэсыгъэр мэфэ зытIущым синэшъэ-уашъэ къихьэгъагъ, сикIалэх. Удэмысэу тефи, зиусхьан, къыосIожь сшIоигъуагъэр бэми, игъо сифагъэп, сэ...– Колэс ыIэ джабгъу къыIэтынэу фежьи, шIуефэхыжьыгъ, игущыIэ никъокъаIоу, ышъхьэ бгъунджы къэхъугъ, ыжэпкъ къыкIэзыгъ.

Чэчанэ къыщиути, мэкъэ лъэш гуихыкIэ хьэдагъэр къыIэтыгъ. Рэдэд ынэпсыхэр къыкIэтэкъузэ, Колэс ынапIэхэр ыгъэплIэжьи, ыжэпкъ кIипхэжьыгъ, чыхIэнир ынэгу рихъуи, хьадэм ышъхьагъ иуцуагъ, унэм къихьагъэмэ ариIуагъ:

– ТIатIыхъу къашъущэ, тинахьыжъмэ афэшъуIопщ.

Колэс къыгъэшIэгъэ илъэс тIокIиплIырэ блырэм иакъыли, игупшыси, игущыIэ дахи зыхимыгощагъэ, зэхэзымышIагъэ лIыкуи, лIыкIи Мэзыбэ дэсыгъэп. Ичылэ изэкъуагъэп, Колэс пIомэ, фэмытэджын, шъхьэкIафэ къыфэзымышIын къосэгъухэми, зыхыхэми, мыутIэхэми, хьакIуцухэми ахэтыгъэп. Зымакъэ Iоу Колэс зыгъэягъэу щагум дэтыгъэр бэ, мэкъэнчъэу зынэпсыхэр къетэкъохыщтыгъэри мэкIагъэп. Бзылъфыгъэхэм ягъыпчъэ макъи зэпыущтыгъэп.

Рампэс гощэшхор, инысэ Айнарэ къышъхьарытэу, ныомэ ахэсыгъ. Куп-купэу зэхэтхэу унэм къихьэрэ шъузхэм зынэхэр щыбэгэжьыгъэ Бзабзэ адэгъыщтыгъэ, унэм исмэ ягъыни къыхадзэжьыщтыгъэ. Ары пэпчъ Рампэс гощэшхоми зыфэубытыжьыщтыгъэп, ыкIыб дэт нысэри къеушъыищтыгъ:

– Зыфэсакъыжь, гощэшху, угу фэщыIэщтэп. Гъырэ пэпчъ удэгъыным уиIоф тетэп.

– А нынэ, а сидах, сыгу къеошъ ары нахь сызыкIэгъырэр, сыгъын фай сIоу сыгъырэп,– Рампэси инысэ гущыIэ дахэхэр пигъохыжьыщтыгъ.– Сынэпсыхэр ежь-ежьырэу къэкIох. Синасыпмэ, тхьэмэ кIуачIэ къысатын, сыгу къагъэпытэн. Колэс тхьамыкIэр сэркIэ ныкъылъфыгъэм фэдагъ, сикIалэмэ ятэжъ чIыпIэкIэ ашъхьарытыгъ.

Iахьылыр зыщыбэм бэныр щыбыхъу аIо шъхьакIэ, Колэс IахьылкIэ тхьамыкIагъэ, шъэогъукIэ, нэIуасэкIэ нахь бай Адыгэ хэгъэгум лIы исыгъэп пIоми хъущтыгъэ. Лъфыгъи, къалъфыжьыгъи Чэчанэ фэшъхьаф иIагъэп, ау лIыжъым ипхъорэлъф изакъоу тхьаусхакIомэ апагъэуцугъагъэп, Рэдэд пщышхори, Къодани, Мэщыкъуи, Шыупащи, хьаблэм щыщ лIыжъхэри, ТIатIыхъу апэ зэритэу, гоуцуагъэх.

ЛIыхэр куп-купэу зэхэтхэу, мэкъэ гъэшъхъыгъэкIэ зэдэгущыIэщтыгъэх, зэкIэми Колэс ыIуагъ, ышIагъ аIозэ къырагъаажьэти, шъхьадж ышIэрэ къэбарымкIэ аухыжьыщтыгъэ. ЛIы куп зэхэтхэр къосэгъу, хьакIуцу е мыутIэ чылэхэм къарыкIыгъэхэу къызылъагъохэкIэ, щагум дахьэхэу афэтхьаусхэфэхэ зэрэгъэIэсэжьыщтыгъэх.

Зыхыпщ ЗекIошыу нэбгырэ заулэ игъусэу щагум зэрэдахьэрэр зылъэгъугъэхэм амыгъэшIэгъон алъэкIыгъэп, Абэч зых пщышхом шIомылIыкIэу, щымыщынэу тхьаусхакIо къызэрэкIуагъэр лIыгъэкIэ фалъэгъугъ.

Iэпэубытыр текIи, зыхэхьагъэмэ тIэкIурэ ЗекIошыу захэтым, Рэдэд пщышхом риIуагъ:

– Зиусхьан, гухэкI къысфэшъумышI, сэ гъогу сытет. Сиблагъэмэ яныо лIагъэу, ХьакIуцу лъэныкъом, ТIокIэжъ сэкIо. Колэс тхьамэтэ мафэр щымыIэжьэу зызэхэсэхым, сыкъыдэмыхыныр къезгъэкIугъэп. ЛIыжъ Iушыгъ тхьамыкIэр, шъори, тэри – зэкIэми ткIэлъэныкъо гоугъэу къысщыхъугъ.

– Дышъэм хэс нахьи, лIыжъ зыбгъодэс аIо, ЗекIошыу. Колэс акъыл зэкIагъ. Сигуапэ укъызэрэкIуагъэр, тхьэмэ шIукIэ тыкъыпфагъэкIожь. Зымыгъэгужъу, гъогууанэ джыри уапэ илъ. Гъусэ тыкъыпфэхъуни, ау тэри тызыхэтыр олъэгъу. Бгъэзэжьмэ, ЗекIошыу, Абэчыпщым фэсакъ.

– УмыгумэкI, зиусхьан, Чэлэмэтыпщым ришIагъэр сэ къызэрезгъэшIэщтэп,– ЗекIошыу пщышхом ыIапэ къыубытыжьи, хьэдагъэм ахэкIыжьыгъ.

Рэдэд пщышхор ичIыпIэ зеуцожьым, мэкъэ икIыгъэкIэ Чэчанэ зыкъыфигъэзагъ:

– Зиусхьан, сятэжъ шъэогъубэ иIагъ, адыгэ шъолъырым щызэлъашIэщтыгъ, ау мыщ фэдиз цIыфыр къызыфэукъуагъэр о уихьатыр.

– Ар умыIо, Чэчан,– Рэдэд къезэгъыгъэп.– Колэс зэрэщымыIэжьыр зыгу къемыорэ къекIолIагъэмэ ахэтэп.

– Агу къеорэп сIорэп,– Чэчанэ зэгупшысагъэм текIыгъэп.– Анахь лIы цIэрыIор арми, жъы хъоу зытIысыжьыкIэ, тIэкIу-тIэкIузэ цIыфмэ ащэгъупшэжьы, лIыгъэу зэрихьагъи цIыфыгъэу хэлъыгъи IокIоты. Сятэжъ икIэрыкIэу уасэ фязгъэшIыжьыгъэр, ащызымыгъэгъупшагъэр оры.

– Сэ сизакъоп,– Рэдэд шъэогъум ыIэлджанэ теIагъ.– Ори, сэри лIы тызышIыгъэр тыщэIэфэ тщыгъупшэнэп, цIыфми ащыдгъэгъупшэнэп. Непэ лIэмэ, неущ ащыгъупшэжьырэмэ Колэс афэдагъэп.

ТхьаусхакIохэр щагум къыдахьэхи, Рэдэдрэ Чэчанэрэ ягущыIэ щагъэтыжьыгъ.

Пчыхьэм хьадэм пэсхэу, Рэдэд пщышхори ахэсэу, Къоданэ къыIуагъ:

– Зиусхьан, Колэс шъхьафэу дгъэтIылъэу мо тишъолъырмэ арыт къэIуашъхьэмэ афэдэ фэтшIыным сыдэу уеплъыра? Хьэдагъэм къекIолIагъэм гъунэ иIэп. Неущи, щэджагъо нэс, къыфэкIощтыр джыри бэ. Нэбгырэ пэпчъ чIыгу IапIэ тыритакъомэ, къэIошъхьэшхо хъущт.

– Колэс сыд фэтшIэжьыми тефэ, Къодан,– Рэдэд пщышхом зэхихыгъэр игуапэу къыIуагъ.– Титхьэмэтэ мафэ зекIо кIуагъэу фыкъуагъэп, зэопIэ утыгум щыфэхыгъэп, къытхэтэу, иIуи, ишIи къытхэлъэу идунае ыхъожьыгъ. Колэс ятэ-янэхэри, иныуи, илъфыгъэхэри тикъэхалъэ дэлъых. Ахэмэ ахэтлъхьажьмэ, ыпсэ гупсэфын, тэри къытфэрэзэн. Иныо къэхэлъэ бгышъхьэм щагъэтIылъыгъагъ. Ащ готлъхьажьмэ, блэкIырэм ылъэгъун, агу шIукIэ къэкIыжьын.

– Тэрэз, зиусхьан,– Мэщыкъо къыдыригъэштагъ.– Мыжъосын лъагэ тедгъэуцонышъ, къытхэтым фэдэу къызщыдгъэхэхьун.

– Тятэжъ къысиIощтыгъэм къытебгъэфагъ, зиусхьан,– зи къэзымыIоу ахэсыгъэ Чэчанэ гущыIэм къыхэхьагъ.– Къызызэщэкъом къысиIощтыгъ: «СызылIэкIэ, синыо сыгошъулъхьажь».

Колэс лIыжъым аужырэ шъхьэегъэзыпIэ фэхъужьыщтым Чэчанэ къыIуагъэм ыуж лIыхэр тегущыIэжьыгъэхэп.



КъыкIэлъыкIогъэ мафэм, щэджагъомэ адэжь, хьадэр къырахыгъ, щагум дэтхэр зэкIэ къеуцокIыгъэх, гъогумэ атетхэри къэлэпчъэIум къыIузэрэгуагъэх. Рэдэд пщышхом гущыIэ дахэ щымыIэжьым къыфиIуагъ. Ащ ыуж ТIатIыхъу лIыжъыри, Пщымэфэ лIыжъыри, Къодани, Темрыкъуи, Дэмыри къыгъэгущыIагъэх. Хьадэр щагум дахы зэхъум, апэ кIэуцуагъэмэ Рэдэд ахэтыгъ. ЩымыIэжьмэ афэусэрэ лIитIумэ Колэс тхьамэтэ мафэм фызэхалъхьэгъэ гъыбзэ-орэдыр къыхадзагъ, абгъодэтхэр дежъыугъэх. Колэс зыхэтыгъэ зауи, зэрихьагъэ лIыгъэри, цIыфмэ афишIэгъэ шIугъэри, иIушыгъэ зыфэдагъэри орэд-гъыбзэ зэгъэфагъэм хэлъыгъ.

Зызэблахъузэ хьадэр зыхьыхэрэм шIуцIэрымэр атырихэу алъыкIощтыгъэ лIыхэр гъунэ зимыIэ дзэшхом фэдагъ, цIыф зэкIэлъыкIохэр джыри чылэм къыдэкIыщтыгъэх. Адыгэ шъолъырым паIо зыщыгъэу исыр, Абэч зых пщышхом фэшъхьафрэ, зэкI пIоми хъунэу Мэзыбэ къэукъогъагъ...

### VII

Жьыбгъэ ужыр уае, зэо ужыр хьэдагъ.

Чатэ ыIэтын ылъэкIэу зыхъугъэм къыщыублагъэу, къафыкъокIырэ пыйхэм е зэфэнчъагъэкIэ къыпэтэджыжьхэрэмэ апэгъокIыным ыпэкIэ, Колэс къыриIощтыгъэ ушъыир Рэдэд ыгу къыпылъэдэжьыгъ, лIыжъ Iушым иакъыл фыщыкIэу хэхьапщыкIыгъ, гукIэ риIуагъ: «ХэкIыпIэ сылъыхъуми, къин чIыпIэ сифэми, сигупшысэхэр къыосхьылIэщтыгъэ, тхьамэтэ маф, зэ нэмыIэми сыбгъэохъугъэп, уигущыIэ ренэу псагъэм тефэщтыгъэ, сыдигъуи мышъыпкъэ ужэ къыдэкIыгъэп. Мары, тыгъуаси жьыбгъэр къилъи, зэIэсэжьым, дунаир къызэтеуцуагъэм фэдэу кIым-сым къэхъугъ, етIанэ ощхыр къыритIупщыгъ. Зэо ужыри зэрэхьэдагъэр сэшIэ. ЗэуапIэм тыкъызикIыжьыкIэ, зилI фэхыгъэ шъузхэм, ибэу къэнэгъэ сабыйхэм, ны закъомэ сыгу агъэузы, анэгу сыкIэплъэн слъэкIырэп. Ибэ-нахьыбэу сыгу лъыпцIагъэ дэзыгъэуцорэр, сыл хэсэзгъэчыжьрэр тэ тызэзэожь зыхъукIэ ары. Ащ нахь тхьамыкIагъо сыд хъужьын, Колэс? Нахьлъэш цIэплъыжьым хьакIуцухэр къызытфегъэблым, Iашэ апэтымыIэт сшIоигъоу, боу

сыгуӏэгъагъ, ау тэркӏэ ащыгъум дэгугъэх, нэшъугъэх, ажэ къыдэкӏырэм укъыриутыщтыгъ. Джыри тилъэпкъэгъу зыхыхэм заокӏэ тафэкӏон фаеу Абэч щыкӏыгъэм чӏыпӏэ къин тыридзагъ. Щытхъу зэрэхэмылъыщтыр нафэ, ау сынэ къаплъэзэ, зы лӏы нэӏуагъэм хэгъэгур зэщезгъэчын сыфитэп...»

Нэфылъ къымыштэзэ Рэдэд пщышхор гъогу зытехьэм, Мыстхъакъуи, Шышъхьэрыси, нэмыкӏ къосэгъу чылэхэми къарыкӏыщт дзакӏохэр Мэзыбэ щызэрэугъоинхэкӏэ джыри мэфэ заулэ къэнэжьыгъагъ. Шы къэрэ бгъэшхор шэщым къыфычӏащы зэхъум, шхъуантӏэр шхоӏум кӏырыузэ, зэрэхэщыщыкӏыщтыгъэм Рэдэд щхыпэ къыригъэчъагъ, ыбгъухэмкӏэ къыгот Къоданэрэ Мэщыкъорэ джыри чъыем хэтых пӏонэу зэтеуӏубагъэхэу къызэрэдэушъыхэрэр ыдагъэп, ауж итхэ шыу тӏокӏитӏум нэчапэкӏэ афычӏэплъи, мэкъэхэу ӏэтыгъэкӏэ ягыигъ:

– Тауж итхэм чэф макъэхэр къахэӏукӏы, шъо хьадэ ишъухыгъэм шъуфэд.

– Фэдэми сшӏэрэп, зиусхьан, боу хьэдэшхо итхыгъ,– нэплъэгъу плъызыр Къоданэ пщышхом фидзыгъ.– Урым хэгъэгум уахьыгъэу зытэшӏэм, хым тикӏынэу тыкъыплъежьэгъагъ. Къухьэ уцупӏэм тыӏухьагъэу жьыбгъэшхом зыкъиӏэти, Колэс ылъакъо ащ зэпикӏыгъагъ. Лӏы хъункӏэкӏуитӏумэ лӏыжъышхор зэрапэуцужьыгъагъэр сынэгу къыкӏэуцожьыгъ.

– Акъылым изэкъуагъэп, Колэс гушхуи кӏоцӏылъыгъ, кӏочӏэ дэгъуи иӏагъ,– игуапэу Рэдэди дыригъэштагъ.– Ылъакъо мыфыкъогъагъэмэ, а лӏитӏумэ, шӏу аригъэхьыщтыгъэп.

– Ащыгъум сэ сыгу къэжъугъэкӏыжьыгъэр къышъосӏон,– Мэщыкъуи гущыӏэм къыхэхьагъ.– Сышъэожъые такъырэу кӏэлэ зэбэнмэ сахэтызэ, джэгум паго къекӏыжьба, банэм тыхэкӏи, зэзэоным тыхэхьагъ. Кӏалэмэ ащыщ горэ, сымыгъуащэмэ, Шэныб ары, сынэгу къычӏауи, спэ лъы къырифыгъагъ. Лъыр зысэлъэгъум сыгу къызэхахьи, сыкъэгъыгъ. Колэс къызытшъхьарэхьэм, къысфэгубжыгъ: «Лӏы ухъунэп, гъырынэшъуцӏэр къыптенэщт. Къыуаорэм уземыожьыкӏэ, ӏэ ппыт ӏоу ышӏэрэп. Пӏэбжым зэкӏалъхь, угу гъэпытэ, ощ нахь лъэш щымыӏэу къызшӏогъэшӏ». Ардэдэм гъыныр щызгъэти, сӏэбжымхэр зэкӏэскъузагъэх, сынэхэр къикӏыхэу къысэуагъэм сыжэхэлъади, ор дэсшӏэхыгъ, исыути, сытетӏысхьажьыгъ. Сэри ыпэ лъы къисфы сшӏоигъуагъ шъхьакӏэ, ыӏитӏу ынэгу ӏуилъхьагъэу сызэригъаощтыгъэп. Колэс сызшъхьэрысым сыкъытыритхъыжьыгъагъ. «Укӏынэу сӏуагъэп, икъугъ, лӏы узэрэхъущтыр къэбгъэлъэгъуагъ»,– ыӏуи, стамэ къытеуӏозэ, сакъыхищыжьыгъагъ. Ащ ыуж анахь ӏаеу сыл агъэузыгъэкӏи, сыгъыжьыгъэп.

– Ар угу къэкӏыжьыгъагъэщтын уафызэӏумыгъанэу Колэс бгъае зэхъум? – Къоданэ къэупчӏагъ.

– Сятэ ычӏыпӏэу сеплъыщтыгъэти, згъэягъэ нахь,– Мэщыкъо ишъыпкъэу джэуап къытыжьи, къыхигъэ-хъожьыгъ: – сыцӏыкӏузэ хъугъагъэр хэт къышӏэжьрэ? Колэс икъэбар къызеогъажьэм, сыгу къыдихьыежьыгъ.

– Сэмэркъэу хэлъэп, Мэщыкъу. Колэс зы лӏэу адыгэ шъолъырым исыгъ,– Рэдэд пщышхом ымакъэ фэбэгъакӏэ къыкӏэхьагъ.– Ары мыхъугъэмэ, сшъхьэ къызысэӏэтым, хъэзармэ сякӏодылӏэныекӏи мэхъу. Зыгорэ дэдэ згъэхъэщт пӏонэу, чэум пчэгъур къыхэстхъэу сызилъыкӏэ, сигъэӏасэти, къушъхьэ мэзым сыздыхищэжьызэ, къысэушъыищтыгъ: «Уизакъоу шыудзэ мэхъаджэмэ япшӏэн щыӏэп, ахэмэ узапэуцужьыщт мафэри къэсыщт».

– Колэс зыфиӏогъэгъэ мафэр къытфэмысзэ, хъэзархэм тигъунэгъу русичмэ тыгу атырагъэпщэхагъ,– Къодани къыушыхьатыгъ.

– Ащкӏэ русичхэм тафэраз,– Тэн ӏушъо къыӏукӏыжьыгъэхэу, Мстислав пщышхом зэрэӏукӏэгъагъэхэр Рэдэд ынэгу къыкӏэуцожьыгъ,– ау тызэрэлъэгъу къэс тын афэтшӏынэу къызэрэдаохэрэм къытфашӏагъэр егъэкӏодыжьы. Мастэр лъапӏэмэ, зы мастэ естынэп.

– Тэрэз, зиусхьан,– Къоданэ джыри къыдыригъэштагъ.– Тынхэр афэтшӏэу зедгъасэхэкӏэ, тпшъэ къыдэтӏысхьащтых, уасэ къытфамышӏыжьэу, ашӏоигъор къыташӏэу рагъэжьэщт.

– Колэс тхьамыкӏэм жэ къафэжъугъот, уигъунэгъу уипыиныри узэпыижьынри зэфэдэ ыӏощтыгъэ шъхьакӏэ, Мстислав гущыӏэгъу сыфэхъу къэс къысиӏорэр зы: «Гущыӏэм къымыхьырэр чатэм къыхьыщт».

– Русичмэ ячэтэ гъэбзакӏэ сыщыгъуаз, зиусхьан,– Къоданэ ымакъэ пхъэшагъэ къыкӏэхьагъ.– Цакох сӏорэп,

Мстислав бгъакъэм арэу зышIолIымэ, зэо утыгум къерэхь, текIорэм теплъын.

– Ары шъхьакIэ, Къодан, мацIэм фэдиз мэхъух, уукIыгъэм ычIыпIэ нэбгырищъэ къиуцожьыщт,– Iэсэгъэ-шъэбагъэкIэ Рэдэд къыфидзыжьыгъ.

Къоданэ шъоолэуагъэ, нэбэ-набэу пщышхом Iуплъагъ, зиусхьаным джэнджэшхэр ыгу къехьэхэмэ сшIэрэп, зэриIожьыгъ.

МыутIэпщ Къаитэ ищагу ошIэ-дэмышIэу дэогъэ шыухэм ынэ зэтырагъэплъыгъ, шыушмэ къапызырэ тхъурбэмкIэ гузэжъогъу зэрэщыIэм гу лъитагъ, ау хъугъэр ымышIэу, упчIэ нэплъэгъукIэ Рэдэд къыфыдэплъыягъ:

– Щынагъо щыIа, зиусхьан?

– Адыгэхэр сыдигъуа гупсэфхэу зыщыIагъэхэр, Къаит? – гумэкI зыкIэлъ щхыпэр Рэдэд бысымым пигъохыжьыгъ.– Пый къыттемыомэ, тэр-тэрэу тызэбэныжьы.

– Ар шъыпкъэ, зиусхьан,– цыхьэ зыфэозгъэшIыщтыгъэ пщы лъхъэнчэ пытэм инэплъэгъу хьалэл чэфынчъэ къэхъугъ.– Нахь дэгъур тэзэрэмыгъашIэу тигъашIэ къэтэхьы. МыутIэпщыхэми загъорэ зыкъизыхыхэрэр къахэкIых, зым адрэр фэIорышIэным есагъэхэп. АбэчыпщымкIэ къыптенагъэ зэрэщымыIэр къысфэпIопщыгъэмэ къысаIуагъ. Iашэм фэшъхьаф акъыл къезгъэгъотын къэнэжьыгъэп.

– СыкъызыфэкIуагъэр къэсимыIозэ, къыбгурыIуагъ, зиусхьан,– Рэдэд зэхихыгъэр игопагъ.

ХьакIэщым щетIысэхыгъэ къодыехэу, Къаитэпщым ибайкол нахьыжъ къаригъэщагъ:

– МыутIэпщымэ шыухэр афэгъакIох, лъэтемытэу къэрэсых.

– Чыжьэ дэдэ щыIэхэр умыгъэгумэкIых, Къаит, ащ фэдиз дзэшхо пэдгъощыным Абэч ыуасэп. Зыхыхэр зэкIэ къомыуцонхэкIэ сэгугъэ, Рэдэд бысымым еджэнджэшыгъ.

– Ар хъущтэп, зиусхьан, мыутIэпщыхэр зыфэдэхэр о дэгъу дэдэу пшIэрэп. Зым етIоу адрэр къызыдгъанэкIэ, шъхьэкIошхо щыхъущт е пыи къытфэхъущт. ТилIыкIохэм афэмыукIочIымэ, шъхьадж игъунэгъу макъэ ригъэIужьынэу рарэIу.

Байколыр хьакIэщым зекIыжьым, Къаитыпщым ыбзэгупэ телъыр къызэриIощтыр ымышIэу, ынэ хьалэлмэ укIытэр къакIэхьагъ.



Пщышхом ащ гу лъитагъ:

– Зыгорэ къапIо пшIоигъу, Къаит.

– ГухэкI пшIыщтыми сшIэрэп, зиусхьан,– Къаитыпщым ынапIэхэр ридзыхыгъэх, етIанэ занкIэу пщышхом ынэгу кIэплъагъ,– уишIэ хэмылъэу, джырэблагъэ Абэчыпщым сыфыкъокIыгъагъ. Зы зэо мафэ нахьи илъэс мамыр сIуи, сыбзэгу IэшIу къытемынэжьыфэ, сеушъыигъ, селъэIугъ, къэсыуфэн слъэкIыгъэп. ЫкIыб дэтыгъэ бытыр ары Абэч нахь Iэежьыгъэр. Ыжэ къыдэкIырэм укъыреуты. Ар илъэс пчъагъэм зэрэпщыIагъэр сшIэрэп, зиусхьан.

– Турабэ сэ сигъунэгъугъ, Къаит,– Рэдэд чэфынчъэ къэхъугъ,– тыкъызэдэхъугъ, кIалэзэ, тхьэмэ ялIыкIокIэ зытигъашти, ыIорэр тшIошъ хъоу, уасэ фэтшIэу къытхэтыгъ, ау джы зызэришIэу зедгъэшIыгъэп, ичIыпIэ зыдедгъэшIэжьэу тышъхьарытыгъ. Зэрэщымытэу зызэригъэлъагъорэр зыдэтэшIэм, ышъхьэ щигъэзыежьыгъ. АдыкIэ, Абэч узэрэфэкIуагъэр, сыд пае сыгу къеон, сэ сIорэр зыхэмыхьагъэр о къэууфэгъагъэмэ, сигопэни, ау ор-орэу зыфэдэр зэрэуушэтыгъэр нахьышIу. НэмыкI хэкIыпIэ зэрэщымыIэжьыр мыутIэпщыхэми нахь агурыIон. ЕтIани мы Iофым зы дэгъу хэлъ: шъори, тэри, хьакIуцухэри тызэгъусэу алъэгъумэ, акъыл къэзыгъотыжьыщт зыхыхэр нахьыбэ хъущтых.

– Армырми, зиусхьан,– Къаитыпщым къыхигъэхъожьыгъ,– Абэчыпщым ытэмэ чIэгъ чIэт зыхыхэр, ежь къызэрэшIошIэу, бэ хъухэрэп. КъыдезымыгъаштэхэрэрIурегъэхы, егъэщынэх. АщкIэ цIыфхэр бэрэ фэIыгъыщтхэп.

МыутIэпщым зэрэгурыIуагъэм ыгъэгупсэфыгъэу, чэщ-мэфищэ гъогууанэм тепшъыхьэгъэ Рэдэд чэщ гупсэф рихыгъ. КъыкIэлъыкIогъэ мафэм, пчэдыжьышхэр текIыгъэу, благъэ щыIэ мыутIэпщыхэр къэсыгъэх. Ахэмэ ауж нахь чыжьаIохэри къикIыгъэх. ЩэджэгъоужмэадэжьзэкIэ къэзэрэугъоигъэх. Рэдэд пщышхом мыутIэ дзэпащэхэм зафигъэзагъ:

– Зиусхьанхэр, скъош лъапIэхэр, лъэбэкъу къин тшIын фаеу чIыпIэ тифагъ. Уилъэпкъэгъу уезэожьыныр зэрэтхьамыкIагъор шъори къыжъугурэIо. Абэчыпщым фэдэхэр бащэрэ къытхэкIыхэ зыхъукIэ, тызэрэгъэкIодыжьыщт. Тэ зы хэгъэгу зызыкIэтшIыгъэр тыкъызэрэухъумэжьынэу, тызэдеIэжьынэу, IэкIыб пый къытфыкъокIымэ, кIочIэ

зэикIыкIэ тыпэуцужьын тлъэкIынэу ары. Абэчыпщым еIо: «Зыхыхэр зэгорэм хэгъэгу шъхьафыгъэх, дэгъоу щыIагъэх. Джыри тизакъоу тыщыIэщт. Къыдгохьан зыIорэр сичэтэ чIэгъ къычIэрэуцу». Хэгъэгу пащэ хъущтмэ, ари дэеп, ау Абэч ичэтэ чIэгъ узычIэуцокIэ, пшъэ къызэрэдэфэщтыр зи арэп – зэ губжыгъу. Зыхыхэр зэгорэм хэгъэгугъэхэмэ, сэри зэгорэм сыкIэлагъ, Iофи, дэлъи симыIэу, сытхъэжьэу сыхэтыгъ. Сятэ тхьамыкIэри Мэзыбэ ипщэу чылэ Iофыр зэригъафэмэ, гупсэфыжьэу щыIагъ. Ащ тыхэкIи, Къосэгъу хэгъэгу тиIэ хъугъэ, тиакъыл зишти, дунаим нэхъоу тызыхаплъэм, адыгэ лъэпкъхэм тызэусэжьи, зы хэгъэгу зытшIыгъ. АгъашIэ къэс цIыф лъэпкъхэр апэкIэ лъэкIуатэх нахь, къызэкIэкIожьхэрэп. Византие хэгъэгур ижъыкIэ хэгъэгу пшIы пчъагъэ хъущтыгъ. Джы зы хэгъэгу кIуачIэкIэ мэпсэу. Сэри шъэожъые сыхъужьыщтэп, сяти къэтэджыжьыщтэп, зэкIэкIожьхэу зыхыхэми хэгъэгу шъхьаф зашIыжьыщтэп.

МыутIэпщыхэм мэкъэ зэблэухэр къахэIукIыгъэх:

– ПIалъэр къэгъэнаф, зиусхьан, тэ тыхьазыр!

– ИпаIо емыупчIыжьырэм, акъыл къедгъэгъотыщт!

Рэдэд ыIэ къыIэти, пщыхэр ыгъэIэсэжьыгъэх, игущыIэ къыпидзэжьыгъ:

– МакIэми, бэми байкол шыу куп зимыIэ шъухэтэп, къосэгъухэмкIэ тэри ткIуачIэ макIэп, хьакIуцухэри ащ фэдэх. Улэушхо къышъуфэсымыхьы сшIоигъу. КъокIыпIэ чыжьэмкIэ щыIэхэри, ПшызэкIэ егъэзыхыгъэхэри тымыгъэгумэкIхэмэ, сыдэу шъуIора?

– Ащ фэдэ хъун ылъэкIыщтэп, зиусхьан,– пщы горэм къыIуагъ.– Зы хэгъэгу тыщыщымэ, къини, хъяри зэдэтIэтын фай.

– Сыкъезэгъы,– Къаитыпщым къыриIогъагъэр ыгу къэкIыжьыгъэу, Рэдэд пщышхор шъабэу IущхыпцIыкIыгъ.– ПIалъэр шъуIуагъэшъ, неущмыкIэ щэджэгъоужым Абэчыпщым ичылэ шъоф дэжь тыщызэIокIэ. ТызфакIохэрэр тилъэпкъэгъух, ткъошых. Зетпхъонхэр, тедгъэстыкIынхэр, цIыф хыехэм алъ дгъэчъэныр къыхэдгъахьэ хъущтэп. Ау къытпэуцужьырэм Iашэр пэтIэтыжьыщт.

– ТызыдэкIощт зых чылэхэм сыдэу зыкъашIыщт, зиусхьан? – нэмыкIыпщ гори къэупчIагъ.



– Абэч шыудзэр ыугъоигъэмэ, къытпэмыуцужьын ахэмэ къахэкIыщтэп,– Рэдэд ащкIи ыгъэгупсэфыгъэх.– Сэ загъорэ зыхыпщым гъунэм сызынигъэсыкIэ, хэгъэгур фызехьащтмэ, счIыпIэ иуцу зэресIорэм хэгъэгу пащэкIэ сызэрэхэшъудзыгъэр сымыгъэлъапIэу къызшIошъумыгъэшI. КъысфэшъушIыгъэ цыхьэм уасэ фэсэшIы, сиакъылкIи, скIуачIэкIи къогъанэ сшIырэп. Хэгъэгу пэпчъ пащэ фэхъурэр зы нэбгыр. Ар сэ къыстежъугъэфагъ. Илъэсхэр тешIэхэмэ, счIыпIэ иуцон шъорми е шъукъомэ къахэкIынкIи хъун, ау хэт щыщи апэрэ гупшысэу иIэн фаер хэгъэгур зэрэхъущтыр ары.

Акъылэгъу зыфэхъугъэхэм ариIуагъэми, къыраIожьыгъэми ыгу ины къашIыгъэу, къыкIужьыгъэ гъогури Рэдэд зэхишIагъэп, чэпэзэхэогъум Мэзыбэ къэсыжьыгъэти, байкол шыухэр зетIупщыжьхэм, Къоданэрэ Мэщыкъорэ игъусэу дзэкIо гъэсапIэм екIолIагъ.

Рэдэд зэращэгъэ унэм лIы купышIу щызэхэсыгъ. МыутIэхэм афэдэу, къосэгъу чылэхэми ядзэмэ апэ итыгъэхэр япщыхэр ары. Къоданэрэ Мэщыкъорэ ыуж итхэу пщышхор пчъашъхьэм зэребакъоу, гущыIэныр зэпагъэуи, дзэпщыхэр къызэхэтэджагъэх. МыутIэмэ къахихыгъэ къэбарым зэкIэри Рэдэд щигъэгъозагъэх. Купыр зэIэсэжьым, зытегущыIэщтыгъэхэ Iофым шъхьэрыкIэу Темрыкъо къэупчIагъ:

– Зиусхьан, пшынахьыкIэ Шыупащэ зы Тхьэ нахь щымыIэу зэрэпIорэр шъыпкъа ыIуи, упчIэ къыситыгъэ къодыеу укъэсыжьыгъ...

– Темрыкъу, о къепхьыжьэгъэ диныр зыхыпщым тызэригъэмысэрэмэ зэу ащыщ, тIэкIу зыпIэжагъэмэ...– Рэдэд пшъыгъэ нэгукIэ Темрыкъо Iуплъагъ.– Титхьэхэр зэрэтиехэу непэкIэ къэрэнэжьых, бырсыр къытхэзылъхьан тищыкIагъэп.

– Ари тэрэз, зиусхьан,– Темрыкъо ымакъэ къефэхыгъ.– Сэ хэти езгъэзырэп, къысэмыупчIыхэуи гущыIэ ясIорэп. Шъхьадж ишIошъхъуныгъэ иеу къэрэнэжь.

– Джар хъущт,– Рэдэд пщышхор къэтэджыжьыгъ.– Нэфшъагъом тежьэ, дзэкIолIхэр нахь жьыIоу жъугъэгъолъыжьых, зяжъугъэгъэпсэф.

Пщышхор унэм зекIыжьым, Темрыкъо джыри къахиIуагъ:

– Уапэ зао илъэу урэхьатына? Нычэпэ чъые къызэмыкIущтыр нахьыб.

– Гу пытэ зиIэр чъыен,– Шыупащэ гупсэфыщтыгъэп.– Пщышхор щысыжьэп, сиупчIэ джэуап къетыжь.

– Тхьэ закъо щэхъу зэрэщымыIэр сэ къэсыугупшысыгъэп,– Темрыкъо нэплъэгъу шъабэр лIымэ афидзи, Шыупащэкlэ зигъэзэжьыгъ: – Мары, ори Византие ущыIагъ, сэри русичмэ сахэсыгъ, зиусхьаным дикIыжьыгъэ Къодани ары. Хэгъэгу пчъагъэмэ тилIыкIохэр пщышхом ахигъэхьагъэх. Тыдэкlи дин зэфэшъхьафхэр щаIыгъхэми, шIошъхъуныгъэ зыфашIырэр, зэлъэIухэрэр Тхьэшхо закъор ары. Шыблэри, пчыкIэри, уашъори, чIыгури, псэ зыпыти, зыпымыти – зэкIэ Тхьэр ары къэзгъэшIыгъэр. Ащ зэкIэ егъэIорышIэ, зэкIэ фэIорышIэ. ТилIыкIохэр зыхэхьэгъэгъэ цIыф лъэпкъхэри зэгорэм тэ тIыгъ диным итыгъэх. КъэхъурэкъашIэрэм хэшIыкI зэрэфырямыIагъэм къыхэкIыкIэ кIуачIэ зыхэлъыр зэкIэ тхьэкIэ алъытэщтыгъэ, ау цIыф лъэпкъхэм якъыл къакIуи, язэхэшIыкI ины зэхъум, зы Тхьэ щэхъу зэрэщымыIэр къагурыIуагъ. Ары псэ къытIузылъхьэрэр, тIызыхыжьрэр. ЗэкIэми ащ ыпашъхьэ тихьажьыщт.

– Сыогъэмэхъашэ, Темрыкъу,– Шыупащэ IущхыпцIыкIыгъ.– Тураби титхьэхэмкIэ тигъэщынэщтыгъэ, ори тыгу иохы. Мощ фэдиз цIыфэу чIыгум тетыр зы Тхьэ ыпашъхьэ сыдэущтэу ихьажьыщта, ахэр зэрыфэн чIыпIи тэ къикIыщта?

– Тхьэм илъэкI гъунэ иIэп. ИщыкIагъэмэ, чIыпIи къыгъотын,– Темрыкъо ышъо къыхихыгъ.– Дунаим тетыр зэкIэ зы мафэкIэ Тхьэм ыпашъхьэ ихьажьыщт пшIошIа? Зао щымыIэмэ, чылэ пэпчъ илъэсым дэлIыкIырэр нэбгырэ заул.

– Хъугъэ, зыгорэм идин тэ тизэгъэфэнэп,– Шышъхьарыс чылэм ипщ нэгъуцу къахиIуагъ.– Шъхьадж идзэкIолIмэ гъунэ алъерэф. Неущ тыздэкIощтыр джэгоп.

Нэфылъ къымыштэзэ, Мэзыбэ хагощэгъэгъэ шыухэр къэзэрэугъоижьыгъэх. Къоданэ зыуж ит Рэдэд пщышхор шыумэ аIуплъэзэ, зэ аблэкIыгъ, къытыригъэзэжьыгъ, етIанэ апашъхьэ иуцуи, дзэкIолIмэ яджагъ:

– Скъошхэр! Адыгэ лъэпкъхэр зэкIэ сизэфэдэх, ау щытми, къыспэблагъэу, синэIуасэу, ынапэкIэ сшIэу къышъухэтыр макIэп. Заом кIорэр зэкIэ къаукIырэп аIоми, шъуащыщ зыпари мыфэхынэу сыфай. Заом шъузыхахьэкIэ,



шъузфэсакъыжь, зым ыкIыб адрэр дэрэуцу. ХьакIуцухэми мыутIэхэми ясIуагъ, шъори къышъосэIо: зыхыхэр типыйхэп, тилъэпкъэгъух. Ащ къикIырэп Iашэ къытпэзыIэтыжьыгъэхэм шъхьас афэтшIыныр. ТекIоныгъэ къыдэзых зышIоигъор лIэныгъэм къыгъащтэрэп. Тэ хэгъэгум изыкIыныгъэ тызэкъуищагъэшъ, тыхый. Хыер сыдигъокIи лъэшы. Тежъугъажь! Титхьэмэ тыкъаухъумэнэу шъуялъэIу.

Чэу кIыбымэ адэт бзылъфыгъэхэр щтэгъэ нэгукIэ къосэгъудзэмэ акIэлъыплъэщтыгъэх, лIыжъмэ хъурэр агу хэкIэу, ашъхьэхэр агъэсысщтыгъэ, зауи, джэгуи зэхэзымыдзыхэрэ шъэожъыехэм, шыудзэмэ абгъукIэ аготхэу, чылэ гъунэм нэс агъэкIотагъэх.

Псыхъо ТIаркъо тIоикIыгъокIэ шыудзэм зэпичи, нэпкъ тешъом пэIулъэшъогъэ мэз пIуакIэр уцупIэкIэ хахыгъ. Рэдэд пщышхор уашъом дэплъыягъ: агъэнэфэгъэ уахътэр къэсынкIэ джыри шIукIае щыIагъ. КъыблэмкIэ къикIыщт хьакIуцухэр къакIохэмэ зэрагъэшIэнэу Къоданэ шыу куп ыIофтагъ, къохьапIэмкIэ къикIыщт мыутIэхэми Темрыкъо апегъаплъэх.

Мэз Iупэм пырэжъые пэнэ зэхакIэр рекIокIы, ащ ыкIыбыкIэ кондэ пырыпыцухэр чIыпIэ-чIыпIэхэу итэкъухьагъэх, адкIэ шъоф пцIэнэшхор Абэчыпщым ичылэ еуалIэ. ЧIыпIэ хэIэтыкIыгъэм тес чылэр мэзым хэтхэм дэгъоу алъэгъу, ау гумэкI зэрэдэмылъыр зыфахьын ашIэрэп.

– ХьакIуцухэр къызысыгъэхэр бэшIагъэ, зиусхьан,– Мэщыкъо къэбар къыхьыгъ.– Загъэпсэфынэуи игъо ифэжьыгъэх.

– НекIо ащыгъум, тахэгъахь.– Рэдэд пщышхор хьакIуцу дзэкIолIмэ захаплъэм, дышъэр зытыгъугъагъэр ынэ къыпэшIофагъэти, къэтхьауезэ, Дэмыр еупчIыгъ: – КIэлэ тыгъуакIор къыздэпщагъэмэ сшIэрэп?

– Дэдама зыфапIорэр? – ЗыцIэ къыриIуагъэм дэжькIэ Дэмыр плъагъэ.– Рэдэд пщышхом естыгъэ гущыIэр къэсэбгъэушыхьатыжь пшIоигъомэ сыздащ, уянэ ыцIэкIэ сыолъэIу ыIо зэхъум, сшIошъ ыгъэхъугъ.

– Джыри уигъэапцIэмэ?

– Хьау, зиусхьан, мызыгъэгум Дэдам ишъыпкъ.

– ЗэуапIэм щигъахъэрэм теплъын. Тэ тапэ шъукъемыжь, Дэмыр. Куандэмэ тахэкIэу шъоф пцIанэм тызихьэкIэ, сэмэгубгъумкIэ шъуакъытеу. Джабгъу лъэныкъомкIэ

мыутІэхэр къикІыщтых. Шъузэрэмышlэу шъузэзэожьыкъон,— Рэдэд пщышхом Дэмыр фигъэпытагъ.

Мыутlэмэ ядзи къызэрэсыгъэр Темрыкъуи къыушыхьатыгъ.

— Къаитыпщым епlуагъэба къызщежьэщтхэр ?

— Есымыlо мэхъуа, зиусхьан, гъуим тызэрэхэкl сlуагъэ.— Темрыкъо гуlэнкlэ къыlуи, ыкlыб къыгъэзэжьыгъ,— къызхимыгъэщыпэу къащ зэридзыжьыгъ.

Рэдэд ар ынэ къыпэшlофагъэти, lущхыпцlыкlыгъ, гукlэ фидзыгъ: «Русичмэ къахэпхыгъэ диныр урым Думитрэ пшlошъ ыгъэхъужьыгъапэшъ, Тхьэшхом уелъэlу. Ащ нахьышlу титхьэмэ ялъэlуи. Лъэпкъыр зэрэщытэу зыфэшъыпкъэхэм нахь псынкlэу укъызэхашlыкlы».

Абэчыпщым ыгъэдэlогъэ пщы заулэм ядзэкlолlхэм чылэм зыдаригъэушъэфагъэу, чылэдэсхэри ыгъэщынагъэхэу, псэ зыпыт къэхъыещтыгъэп. Плъэкlо-дэlуакlо ыгъэкlорэ цlыфхэм къыфахьырэ къэбархэр зым нахьи адрэр нахь lэягъ. Къэзгъэгугъэгъэ пщымэ ащыщхэр джыри къэлъэгъогъагъэхэп. Мафэ щыlэу Зекlошыупщыр ишыудзэ игъусэу ичылэ къызэрэдэкlыгъэр къызыраlом, гушlогъагъэ шъхьакlэ, къэсыщтыгъэп.

Зыгу пэрэм ынэгу еlоты. Абэчыпщым ынэгу ыlэгушъо тыримыхызэ, бжьыбжьы ышlыгъагъ, зыжэхэтхъоштыр ымышlэу зыбгырыузэ, хьакlэщ джэхашъор псынкlэу рикlукlыщтыгъ.

— Зымыухыжь, зиусхьан,— Турабэ зыфэсакъыжьзэ, Абэч еушъыигъ.— Къэтlыси, зыгъэпсэф. Зыгу-зыкlуачlэу пыим пэгъокlи, утекlощт.

— Джыдэдэм къаlуагъэр зэхэпхыгъэба, хьауми удэгуа? — Абэч Турабэ шъхьарылъэдагъ.— Къосэгъухэм Рэдэд шъхьэшхор алъэгъужь мыхъоу орба къысэзыlощтыгъэр, орба мафэ къэс сызгъапцlэщтыгъэр? Уитхьэхэр хэта зыкъоуцуагъэхэр, сэра хьауми Рэдэда? Джы о уилъэпкъэгъумэ апэгъокl, тхьэмэ къыпфашlэрэм сеплъын. Къосэгъу лlы къинэжьыгъэп, псыхъоlу мэзыр зэлъаупlыцlагъ.

— Зыхы чылэ заулэмэ яшыудзэхэр джыри къэсыгъэхэп, зиусхьан, тlэкlу уяжэмэ...— ымакъэ ылъэкlызэ, Турабэ къырищэжьагъэр Абэч къыригъэухыгъэп:



— Игъом къэмыкlуагъэм илъэсрэ уежэкlи пкlэ иlэп. Къосэгъухэр шъоф пцlанэм къызэрехьэхэу, жьыкореным фэдэу татеощт. Плъэгъун зыкlятымыгъэlэжьыкlэ! О сиджабгъукlэ укъызготыщт, къыбгурыlуагъа?

— Зиусхьан, сэ тхьэмэ сырялlыкlу, къэзгъэшlагъэм щабзи сырыуагъэп, чати згъэбзагъэп, lаши сиlэп,— Турабэ кlыфы хъугъэу къызщытэджыкlыгъ.

Пчъэм къыдэплъыгъэ байколым ыжэ гущыlэ къыдэмыкlызэ, Абэчыпщым унашъо фишlыгъ:

— Моу джыдэдэм Турабэ иши къыфашъущ, чати, щабзи, сагъындакъым из щэбзащэхэри къыфэшъухьых!

— Къызэрэпlу, зиусхьан...— Турабэ ышъхьэ лъыр къыдифыягъэу, нэгу кlыфыгъэр плъыжьыбзэу къызэкlанэзэ, етlысэхыжьыгъ.

Зыхы дзэкlолlхэр Абэчыпщым псынкlэу зэхиугъуаехи, чылэ гъунэм lуищагъэх. Зыхыпщыр зыщыгугъыщтыгъэ байкол нахьыжъыр, ынэхэр зэтеплъыхэу, къыlулъэдагъ, пщым къеlушъэшагъ:

— Къэбар дэй щыl, зиусхьан. Зыгъунэ умылъэгъурэ мыутlэмэ ядзэ къохьапlэмкlэ къикlыгъ, къыблэмкlэ хьакlуцудзэр къыттеонэу хьазыр, къосэгъудзэри, муары, къэлъагъо.

«Тызщыкlодыжьыщтыр къэсыгъэкlэ угугъэн...» — Абэчыпщым гукlэ зэриlожьыгъэ, етlанэ ошlэ-дэмышlэу шъэ икlыгъэкlэ кlэкуукlыгъ:

— Зыхы чlыгур къэтыухъумэн! Щэбзащэхэр апэ шъутlупщых, чатэхэр къафишъух!

Зыхы шыудзэр хьапкlыкlэ чылэ гъунэм lузэрэгъэхыгъ. Къосэгъухэри лъэхъум хэкlыхи, зырапхъыхьэзэ, лъэкlэу яlэмкlэ илъыгъэх. Шыу дзитlур зэфэчъэ. Щэбзащэхэр кlэшъуикlыхэу бгъуитlуми атlупщы. Мэlумэ атефагъэхэр дзэкlолlымэ афэхыехэу чlыгум ефэхыжьых, зытефагъэхэм ящэlу макъэхэр къэlух, шы фыкъуагъэхэри зэхафэх, атесыгъэхэри зэпэулэрэкlхэу къяфэхых.

Рэдэд пщышхор къызэрэпечъэрэр Абэч зелъэгъум, ыпэ ит байкол нахьыжъым еджагъ:

— Сэмэгумкlэ дэlонтlэх!

Пщым зыдигъазэрэмкlэ Турабэ диlонтlэхынэу ежьагъ шъхьакlэ, къебгъучъэрэ шыумэ къыдагъэхъугъэп. Шыухэр зэхэлъэдагъэх, чатэхэр зэпаlэтыгъэх, мэlухэр зэlуадзагъэх.

Турабэ иш чӀыпӀэ риубытагъэшъ, мэулъэбабэ, мэщыщы, зеукӀыжьы, ежь зэони, къеони ылъэгъурэп, ичатэ ихыгъэу гуӀэнкӀэ зеплъыхьэ. ЧӀычӀэгъым къычӀэкӀыгъэм фэдэу Шыупащэ ыпашъхьэ къитэджагъ.

– Оры сэ сызыпаплъэщтыгъэр, шы екӀэскӀэ къахьыгъэ пщы нэпцӀ! – Турабэ къыхэкуукӀи, чэтэ ӀэтыгъэкӀэ Шыупащэ къыфилъыгъ. Шыупащэ мэӀур чатэм пэӀуидзагъэп, иш кӀигъэбгъулъи, Турабэ пигъохыгъэ огъу нэкӀым шыплӀэм дигъэфагъ. Ардэдэм Шыупащэ кӀэкӀэу Турабэ ыкӀыб рихыгъэ чэтэогъум ытэмэ джабгъу къыдиубытэу ытхы къипш тыригъэлъэтыгъ. Гъог макъэр чэтэ зэӀудзэмэ шы пырхъэщыщ макъэмэ ашъхьагъ рычъагъ...

ГуӀатыжь пкъышхом къыпэкӀафэрэр бгъуитӀумкӀи риутхэзэ, зыхыхэм зэрахэкӀуатэрэр Рэдэд инэплъэгъу къифагъ: «Ичэтэ гъэбзакӀэ ятэ Хьэкъарэ фэд, ау жъалымэп, гукӀэгъу хэлъ»,– пщышхом зэриӀожьыгъ. Ежь ГуӀатыжь ышнахьыкӀэ Зирар къыпэкӀэфэныр ыгу чъыӀэ-чъыӀэу илъыгъ. «Плъыжьыжъыр къысэдэӀугъэп, Нахьлъэшыжъым ычӀыпӀэ иуцожьыгъ»,– цӀацӀэзэ, зыхы шыур шыбгъэкӀэ риути, шъхьэрыкӀыгъ.

Рэдэд пщышхом ыкӀыб Агъбанэ дэт, Къоданэрэ Мэщыкъорэ ыбгъуитӀукӀэ къыготых. ЧатэкӀэ риупкӀэхырэм нахьи, чэтэ тыкумкӀэ риутэхырэр нахьыб.

– Шъуафэсакъ! Зыхыхэр пӀуакӀэ къэхъух! Чэтэ тыкур афэжъугъаз! – Рэдэд пщышхор игъусэмэ якуо, лъыкӀуатэ къэс Абэч зыдэхъугъэр ымышӀэу, нэгъэупӀэпӀэгъоу къыфыдафэрэм зыфиплъыхьэщтыгъэми, теплъэн ылъэкӀыщтыгъэп.

ЗыхылӀ горэм Агъбанэ ионакӀэ зыкъыридзи, шым ритхъыхыгъ. ЧӀыгум тетхэу лӀитӀур зэзаощтыгъэ. Ардэдэм пщышхом ыкӀыбыкӀэ зыхылӀ нэӀуцэшхор къыкъолъэти, чатэр къытырищэегъахэу, ыплӀэӀу ифагъэм къыхигъэкуукӀыгъ:

– Хьэм сишхи! О кӀэлэжъыр ара сызэкӀодылӀэжьыгъэр...– ащ нахь къэзымыӀожьыгъэ лӀы плӀэмыешхор шым ефэхыгъ.

Рэдэд пщышхор къызызэплъэкӀым, Дэдам ичэтэ Ӏэтыгъэ лъыр къыпычъэу ыпашъхьэ рилъэгъуагъ.

– УлӀэхъупхъ, сшынахьыкӀ, чӀыфи къыстебгъэфагъ,– Рэдэд пщышхор Дэдам щытхъугъ.



Рэдэд пщышхом ихьэнэ-гъунэ Ӏашэ къапэзыӀэтыжьын итыжьыгъэп. Къэнэжьыгъэгъэ зыхы зырызхэр чэтэ тыкухэмкӀэ онэгумэ араутыщтыгъэх нахь, аукӀыщтыгъэхэп.

Заор заухым, уӀагъэми, укӀыгъэми Абэчыпщыр къахэкӀыгъэп. ГуӀатыжь зыфизэнкӀэ зэнэгуещтыгъэ ышнахьыкӀэ Зирари ахилъэгъуагъэп. Шыудзэхэр зызэхэлъадэхэм, ахэмэ ашъхьэ зэрэхахьажьыгъэм джэнджэш хэлъыжьыгъэп.

Джы, зэо ужым, Рэдэд пщышхом зыхыхэмкӀэ апэрэ Ӏофэу иӀагъэр пщы пащэкӀэ аригъэлъэгъуущтыр арыгъэ.

«ЗекӀошыупщыр тэ къызэрэдгомыхьагъэр дэгъоу ышӀагъ, зыхыхэмэ къыфагъэгъуущтыгъэп, тэри ар едгъэшӀэгъагъэмэ, щытхъунчъэ техъулӀэныекӀэ енэгуегъуагъэ...» – Рэдэд пщышхом гукӀэ зэриӀожьызэ, итекӀоныгъэ гушӀуагъуи, илъэпкъ зэрэукӀ гукъауи зэхэтыгъэ...

## VIII

Шъхьацышъор къыгъэтэджэу бзылъфыгъэ кӀый макъэ къэӀугъ.

Мэзыбэ закъом хьэдэгъибл дэтыгъ, унэгъо пшӀыкӀутӀумэ кӀапщэхэр къащызэӀуахыгъэх. Хьэдэгъэ зытӀущ зыдэмыт къосэгъу чылэхэм ахэтыгъэп. ХьакӀуцухэми хьэдищ зыдахьыжьыгъагъ. Ӏашэр нахь зыфэхыягъэр мыутӀадзэр ары. Ахэмэ уӀэгъэ зыхыбл нахьыбэ яӀагъэп. Къосэгъумэ зафэзгъэзэгъэ зыхыхэм абгъукӀэ мыутӀэхэр къатеохи, шыумэ ямэӀухэр зэнэсыхэу, къэзэрэухъумэжьыхэзэ, чӀэнагъэ амышӀэу зэуагъэх. ХьакӀуцухэри къызэрэзэтенагъэм уеззгъыщтыгъэ. Хьалэч зэрэшӀыгъагъэхэр къосэгъухэмрэ зыхыхэмрэ.

«Цӏыф лые хъурэп,– МэзыбэкӀэ зихьэдагъэхэм афэтхьаусхэгъахэу, гупшысэ хьылъэхэм ахэт Рэдэдыпщым гъунэгъу чылэхэр къыкӀухьэщтыгъэх. Къодани, Мэщыкъуи, Чэчани, ухъумэкӀо шыу заули игъусагъ. «Уятэжъ тыгъуасэ бгъэтӀылъыгъэу» пщышхом ыӀуи, Чэчанэ заом зыдыӀуищэгъагъэп. Аущтэу зэришӀагъэм Рэдэд щыгушӀукӀыжьызэ, шъэогъум фыреплъэкӀыгъ: – Мыр заом зыдэсщэгъагъэмэ зимышӀэжьэу ахэлъэдэнти, Колэс тхьамыкӀэм къыкӀэныжьыгъэ закъор хэкӀодэныекӀи мэхъу. ХэкӀодагъэхэри сыгу

къемыокӀэ арэп. Нэбгырипл1ыр кӀэлэ зикъэмыщагъ. Адрэ лӀищыр сабый-унэгъуагъэх».

– Зиусхьан, мары, моу мыдыкӀэ къэгъаз,– Шышъхьарыс чылэм дэхьагъэхэу, хьэдагъэр зыдэт щагумкӀэ Мэщыкъо диӀонтӀэхыгъ, унэгъо зыщыплӀ къэнагъэу шымэ япсыхыхи, лъэсыхэу щагум фаузэнкӀыгъ. Зафэтхьаусхахэм, зи зэрамыӀоу тӀэкӀурэ щытыгъэхэу лӀыжъмэ ащыщ горэм къыӀуагъ:

– Тхьауегъэпсэу, зиусхьан, тхьэхэр разэ къыпфэхъух. О Ӏофэу уиӀэр уиӀэу тхьаусхакӀо укъытфэмыкӀуагъэми, тыгу обгъэщтыгъэп.

– СыкъэмыкӀо мэхъуа, тят,– Рэдэд игущыӀэ фабэ лӀыжъым пигъохыжьыгъ.– Фэхыгъэ пэпчъ сыгу мастэу къыхэо, ау сыдэу сшӀын, зэо тхъагъо хъурэп. Абэчыпщыр ышъэ икӀи, зэлъэпкъэгъухэм тызэригъэукӀыжьыгъ.

– УкӀыгъэми, уӀагъэми къахэмыкӀыгъэу аӀо, тыдэ хъугъэ адэ а пщы нэӀуагъэр? – хьэдагъэр зие лӀы къопцӀэ лъагэр къэупчӀагъ.

– Заор зетэгъажьэми къэлъэгъуагъэп. Джары къэрабгъэм ишэныр, уигъэблынышъ, ежь зигъэбылъыжьыщт. Хьакъарэ шъушӀэщтыгъэмэ, ащ ыкъо нахьыкӀэ игъусэу, русичмэ ахэхьажьыгъ.

– Зирармэ сшӀэрэп ХьакъарэкъоМ ыцӀэр? – бысымыр джыри къэупчӀи, къыхигъэхъожьыгъ: – Моу кӀэлэ плъыжь цӀынэшху. СикӀалэ иджэгу къэкӀуагъэу бырсыр къытхишӀыхьи, щагум дафыгъагъ.

– Джа дэдэр ары,– Рэдэд къыушыхьатыгъ.– Абэч джа зыр ары шъэогъукӀэ къыфэнэжьыгъэр. ЛӀакъор бжиблэу мао джары зыкӀаӀуагъэр. Зирар ышнахьыжъ ГуӀатыжь кӀэлэ шӀагъо хъугъэ, мыдрэр зыхахьэрэр егъэутхъо.

Хьакъарэ иныо нэпсыр зэрикӀыхэу къазэрэпэгъокӀыгъагъэр Рэдэдыпщым ыгу къэкӀыжьыгъ. НэплъэгъугуӀэр къафидзызэ, пщышхори, игъусэхэри блитӀупщи, ГуӀатыжь къызэлъагъом бгъэкӀэ зыфидзыгъагъ:

– ПшынахьыкӀэ сыд щышӀыгъ, сикӀал, псауа, фэхыгъа? Сыд зыгорэ къыкӀэмыӀорэр?

– СшынахьыкӀэ игугъу къысфэмышӀ, тян, ыцӀэ зэхэсхынкӀи сыфаеп,– ГуӀатыжь ныр ыбгъэ кӀиубыти, ыгъэӀэсэгъагъ.– АукӀыгъэми ащыщэп, ауӀагъэми ахэтэп, къумалэ...



– Е-о-ой, нынэ, ар зэрэмыхъатэр сэри сэшӀэ, ау тыдэ схьыжьын, сыгуи, сыли фэмыузын слъэкӀына, сыныбэ кӀоцӀ къыкӀыгъэба...

Шышъхьарыс унэгъуитӀумэ джыри афэтхьаусхагъэхэу Рэдэдыпщымрэ игъусэхэмрэ Мэзыбэ къыраублэгъужьыщтыгъэ. ТыдэкӀи пщышхор зыхэхьагъэхэр заом кӀэухэу фэхъугъэм рырэзагъэх, бгыбзи, гущыӀэ Ӏаий хъулъфыгъи, бзылъфыгъи ыжэ къыдэкӀэу зэхихыгъэп. АщкӀэ хэгъэгу пащэр цӀыфмэ афэрэзагъ, ау етӀани зилӀ е зыкъо фэхыгъэхэм агучӀэ фэмылъэгъуныгъэ шъэф ежьыркӀи, АбэчыпщымкӀи арылъын зэрилъэкӀыщтыр ышӀэщтыгъэ. ЦӀыфхэр зэфэдэхэп. Зым ыӀощт: «Нахь лъэшыр яӡэрэмыгъашӀэу пщыхэр зэбэных, тэ тилъфыгъэхэр, тилӀыхэр азыфагу дэкӀуадэх». Адрэм хыери, мысэри гурыӀощт, ау илыуз къытекӀощт. Зы хэгъэгу зэрэхъугъэхэм къафихьыщтыр зиакъыл нэмысынхэри къахэкӀыщтых. Ау щытми, заом хэкӀодэгъэ зых дзэкӀолӀхэр зэрэбэр къосэгъухэм зэрягухэкӀыгъэм Рэдэдыпщым ыгу нахь псынкӀэ къышӀыщтыгъэ.

Заор зэраухэу, зыхыпщыхэр зэфищэсынхэшъ, пщы пащэ къаригъэлъэгъоныр пщышхом къыригъэкӀугъагъэп, мэфэ заулэ тыригъашӀи, ахэхьэгъагъ. «Дэгъоу хъугъэр,– пщы зэӀукӀэм Рэдэдыпщым игупшысэкӀэ зыфигъэзэжьыгъ,– сэ зи сымыӀозэ, ЗекӀошыу ыцӀэ къызэрэраӀуагъэр ары. СызэрахэплъагъэмкӀэ, зыхыпщыхэм абгъэ абрамыжъо тезыжьыгъэм фэдагъ. Абэч ылъабжъэ анэмысызэ, анэӀу зэрикӀыгъэр ягопагъ. Заом къыхэмыхьэгъэ пщыхэр ары зыхыхэм зидахэ аӀощтыгъэр. Ар сэрыкӀэ зэримыкъу щыӀэп...»

Мэзыбэ шыухэр къыдэхьажьыгъэхэу, тэмашъхьэм къыдэӀукӀырэ бырсырым гуӀэнкӀэ фыдэхыгъэх. Куо-хьаур къыздэӀукӀыщтыгъэр Турабэ янэшыпхъум ищагугъ. Ныор цӀацӀэу лъэгуцым тетыгъ, ыкӀыб дэт нысэм ӀэутӀэхэр фишӀызэ, къышӀогущыӀэщтыгъ:

– Зыхым сыкъыращыгъэмэ, орэп сыкъэзыщагъэр, о зэплъыжьи, нахьышӀу!

Шъхьатехъо шӀуцӀэр зыпшъэ дэфэжьыгъэ шъузым зишӀэжьыщтыгъэп. Ар Емзэщ гъукӀэм ышыпхъу. Щагум къыдищыжь шӀоигъоу Емзэщ гуӀэщтыгъэ шъхьакӀэ, ыблыпкъ ыубыты къэс зыӀэкӀиутызэ, ымакъэ къызэрихьэу бгэщтыгъэ:

– Мыплъэжьы тхьэмэ уашI! МыкIожьлъэданэ тхьэмэ урагъан! Уятэш байколыжьым сикIэлэ хые къыукIыгъ.

– Къамыук Iынэу уфэягъэмэ, уиджэнакIэ чIэбгъэсын фэягъэ!

– А нысэ, щыгъэт, ори тимылажьэ къыттемылъхь. Заор къезгъэжьагъэхэм ядау,– ныо IэжакIор шъузитIумэ азыфагу дэтыгъ.

– Ори ушIоп! – ылъакъохэр ригъанэзэ щагум Емзэщ къыдищыжьырэ шыпхъур зэцэкъэкIыжьыщтыгъ: – Уипхъорэлъф бытыжъыр кIэгъэстакIоу зыхымэ ахэтыгъ. Ащ сыгу тырагъэпщэхагъ.

– А нынэ, а къысэпхъонырэ пхъорэлъфыр сиунапчъэ зыдэгъэзагъэр ымышIэу дунаим ехыжьыгъ, янэ щэIэфэ сигъэпыигъ,– зэрэфэлъэкIэу ныом зиухыижьыщтыгъ. Шым къепсыхыгъэ Рэдэд пщышхор Емзэщ зелъэгъум, ышыпхъу ыблыпкъ ытIупщыжьыгъ. Бзылъфыгъэм ишъхьатехъо шIуцIэ гуIэнкIэ зытырихъожьи, гъы макъэкIэ къыIуагъ:

– Къысфэгъэгъу, зиусхьан, сыгу дэшъухьагъэр яныуи яныси атескъутагъ. КъикIыжьын зэрэщымыIэр сэшIэ гущэ шъхьакIэ, аущтэу сымышIыгъэмэ сызэгоутыщтыгъ.

– Бзылъфыгъэм иджэнакIэ икIыхьагъэм фэдиз иделагъ. Зэхэоха мыщ ыIорэр, зиусхьан,– ышыпхъу ыгъэмысэу Емзэщ гъукIэр пщышхом Iуплъагъ.– Чылэм хьайнапэ тыдешIыхьэ. Сыд ялажь ныоми, иныси?

– Зыгу еIэжьыгъэм зишIэжьрэп, Емзэщ,– зыIитIу зыбгъэ телъэу IукIыжьырэ бзылъфыгъэм ыгу егъузэ, Рэдэд кIэлъыплъагъ.– БгъуитIуми лажьэ яIэп, лажьэ къызпыкIыгъэ Абэчыпщым цIыф хыехэр ыгъэунэхъугъэх. Зилъфыгъэ чIэзынагъэм емыкIу фэмылъэгъу, тян, ыгу ежъухыжьмэ, ыIуагъэм рыкIэгъожьын, ау заор къезгъэжьагъэхэр зэрэпIуагъэмкIэ къыбдасштэрэп,– ныо цIыкIум пщышхор егыигъ.

– СыIохъугъ, сикIал, сэшIэ гущ къызэрыкIыгъэри,– ныор укIытэжьыгъэ.– ОшIэ-дэмышIэкIэ къытхэбэнагъэхэти, тIори тагъэшIэжьыгъэп.

Рэдэдыпщым игъусагъэхэр ытIупщыжьыхи, зызэригъэпсэфыщтыр ыгу IэшIоу телъэу щагум зыдэхьажьым, Агъбан къыпэгъокIи, ригъэпсыхыжьызэ, къыриIуагъ:

– Къеблэгъэжь, зиусхьан, хьакIэ уиI.

– Пый къыфыкъокIын нахьи мафэ къэс хьакIэ къыпфегъакIу, Агъбан. Тыдэ къикIыгъ?

– КъыздикIыгъэр сшIэрэп, зэхэсхыгъэ закъор Колэс гъэрыпIэм къызэрэдикIыжьыгъагъэр ары. Чэчанэ дэжь Шыупащэ тхьаусхакIо ыщагъ.

– Чэчанэ зэрэсигъусагъэр сшынахьыкIэ ышIэрэба?

– ЕшIэ, зиусхьан. Шъукъызэрэсыжьыгъэр къытаIуагъэти, о нэмыкI Iофхэм укъагъэгужъо шIошIыгъ.

Зэхихыгъэм зи къыримыIолIэжьэу, Рэдэдыпщыр янэ иунэ ихьагъ. Рампэсрэ Курацэрэ къэбархэр зэфаIуатэхэу щысыгъэх. Рэдэд ныуитIур къыфэтэджыгъ.

– КъакIо, къакIо, зиусхьан, игъом укъэсыжьыгъ, сежьэжьын сIощтыгъ,– Курацэ унэм икIыжьынэу ежьагъ.

– Узгъэщтагъ пIонэу, Курац, ащ щэхъу хэмылъэу уикIыжьына,– Рэдэд ыдагъэп.– КъэтIысыжь, узикIыжьыкIэ, сыгу къеоцт, тяни ары. Шъыпкъэба?

– Ежь къысэмызэщыгъэмэ, мэфэ реным Курацэ сыкIэрысыгъэми хьау сиIэп,– Рампэс щхыпэ шъабэр гъунэгъу ныоми, ыкъуи зырызэу апигъохыгъ.– КъэтIысыжь, Курац, тIэкIу тыщыгъэсыжь.

Курацэ раIуагъэр зэригуапэр ынэгу жъоплъ къыхэщыгъ, пщышхор зетIысэхым, ежьыри гощэшхом пэблагъэ зишIи, ымакъэ ыгъэшъхъызэ, къэупчIагъ:

– Турабэ тхьамыкIэр заом зэрэхэкIодагъэр шъыпкъэ, арба, зиусхьан?

– Шъыпкъэ, Курац,– фэмычэф шIагъоу Рэдэди риIожьыгъ.

– ЫкIыб къытфигъэзэгъагъэми, сыгу къеуагъ. ЕгъашIэм тызэгъунэгъугъ, тынэгу кIэтэу къэхъугъ.

– СикIалэмэ агу тефэжьыщтыгъэп шъхьакIэ, сэри гухэкI сщыхъугъ,– гощэшхоми гъунэгъу ныом дыригъэштагъ.

– Сыдэущтэу тыгу тефэжьыщтыгъ хьашхъурэIум фэдэу къытэбэныжьыщтыгъэр? – Рэдэд къыхихыгъ.– ЦIыф фэдэу къызыдготым, боу тыфэдэгъугъ.

– Арыгущ,– Курацэ хэхьапщыкIыгъ.– Зы фыжьырэ зы шIуцIэрэ къемыжэу цIыф щыIэп, ау Турабэ пэсащэу дунаим ехыжьыгъ.

– Ежь къызфимыхьыжьыгъэ къехъулIагъэп,– Рэдэд ыгу ТурабэкIэ къэушъэбыгъэп.

– Хьэр игъолъыпIэ икIымэ, тыгъужъым ехьы, Рэдэд, тэрэз зыфапIорэр,– Курацэ къыдыригъэштэжьыгъ.– Сыд ар зыхыхэм къыфашIэнкIэ зыщыгугъыщтыгъэр? Ичылэжъ дэсэу, иунэжъ ыгу илъыгъэмэ нахьышIугъэба? Сэ мафэ къэс слъэгъущтыгъэ, оры лIы зышIыгъагъэри, чылэм уасэ къызыкIыфашIыщтыгъэри о уихьатыр.

– ЛIы сшIыгъагъэми сшIэрэп, згъэсэхъуджэгъагъэ. ЗебгъэгъэшхэкIмэ, шыр къыошъутырыжьы, Курац.

– Адэ етIани сыд фэдэ бзылъфыгъ ащ къыщэгъагъэр! – ыгу къыдеIэу, ныом ынэгу зэхихыжьыгъ.– Дэхапсэ рaIуалIэхэрэм сэ сапылъэп, ицIыфыгъ ары зыфасIорэр. Турабэ иуни, ишыкъуи къэбзэ-лъэбзэ зэпэлыдыжьы ышIыгъагъ. Сигъунэгъуфэ, сыгу хэзгъэхъон фэшъхьаф ыжэ къыдэкIыгъэп. Бытыжъ делэм ари ыгъэхьугъэп.

– Дэгъу ащыгъум, Курац, шъущыс, шъугущыI, тянэ узилъэгъукIэ, игууз щыогъэгъупшэ,– Рэдэд къэтэджыжьыгъ.– ТихьакIэ къащэжьыгъэшъ, сыпэгъокIын.

Шыупащэ хьакIэщым рищэжьыгъэ лIыжъыр тIысыгъо имыфэзэ, Рэдэд пчъэм дэкIыгъ. ХьакIэм чанэу зыкъызэригъэзэкIыгъ, бысымым къыпэгъокIи, ыIапэ къыубытыгъ.

– Iо хэмылъэу, оры РэдэдыпщыпщыI,– лIыжъ нэгу хъурэе пэ кIэко быхъум ынэ нэшхъо цIыкIухэр къиlыдыкIыгъэх.

– Сыдым сыфапшIэрэ, тят? – пщышхом ыгъэшIэгъуагъ.– ТызэIукIагъэу къэсшIэжьрэп.

– Уитеплъэ-Iуплъэ зыфэдэр Къаншъао къысфиIотагъ.

– ЗэрэпIорэмкIэ, Тумтэкъашъэ укъекIы, къэтIыс,– Рэдэд пхъэнтIэкIум Iэ фишIыгъ, лIыжъ лъхъэнчэ псынкIэр етIысэхи, гуфаплъэу пщышхом Iуплъыхьагъ.– ХьакIэр чэщ-мэфищэ щымысэу, илъэгъун кIэупчIэхэрэп, ау укъыздикIыгъэм елъытыгъэу сэри сэзекIо. Узщыщыр, пцIэр, укъызыфэкIуагъэр сшIэ сшIоигъу. ЗыцIэ къепIогъэ Къаншъао сэ сянэш.

– СэшIэ, зиусхьан,– лIыжъ пэбгъо цIыкIур, ыцэ кIодыгъэхэм нахь жъышъо тырыуагъэштэу, къэщхыгъ.– СцIэр Пэхъу, мыутIэмэ сащыщ, Тумтэкъашъэ сыщэпсэу. БэшIагъэ Къаншъао зысинэIуасэр. Ары сыкъэзыIопщыгъэр.

– Сыд тянэшыр зыгъэгумэкIрэр?

– Ежь гумэкIыгъо иIэп, зиусхьан, зыхэтмэ алъытэ, иIофхэр дэгъоу кIэкIых. Мстислав пщышхом Тэн лъэныкъом узыщыIокIэм, ышыпхъу ипсауныгъэ мыхъатэу, ышнахьыкIэ ылъэгъужь шIоигъоу зэрепIогъагъэр джырэблагъ ныIэп Къаншъао зишIагъэр. КъакIо шIоигъуагъ шъхьакIэ, русичмэ гуцэфэ лые аригъэшIыным фэягъэп.

– Цыхьэ къыфашIыжьырэба?

– Хэтрэ цIыф лъэпкъи, уащымыщ зыхъукIэ, узэреуцохэу, къыогуцафэх. Къаншъао ышыпхъу шIуфэс къыфысигъэхьыжьыгъ, изытет зэзгъэшIэнэу къысэлъэIугъ. Ибэ нахьыбэу сыкъызфигъэкIуагъэр оры.

– Сэ сыд Iоф къыздыриI?

– Зыхыхэм шъуузэрязэуагъэр русичхэм къанэсыгъ. Ар тIэсхъапIэкIэ къышъуфалъэгъугъ. Зыхыхэмрэ мыутIэхэмрэ къатеонхэу загъэхьазыры. Ежь-ежьырэу тын атынэу къыземызэгъхэкIэ, IашэкIэ рагъэуцолIэщтых. Дзэм ипэщэщтыр Къаншъау. «Янэ сыриш, къыспэрэмыуцужь» еIо.

– Къаншъао зэрэсянэшыр шъыпкъэ, Пэхъу, ау русичмэ зязытыгъэм хэгъэгум ыпэ сызэритыр щыгъупшэжьыгъа? – игубж зыхеушъафэми, Рэдэд ышъо къыхихыгъ.

– Ар зэрэпIощтыри Къаншъао къыдилъытагъ. «Ащ къемызэгъымэ, ыIуагъ, русичмэ ягухэлъкIэ мэкъэнчъэ зэрэсымышIыгъэр гурыгъаIу. Сэ мыщ сыщыIэми, сыгу Къосэгъум щыI. Сшыпхъу Рампэси, сипхъорэлъф Рэдэди, къосэгъухэми сыгуи, сыли зэрафэузырэр сфяIожь». Джары, зиусхьан, сыкъызфэкIуагъэр. Колэс тхьамыкIэри зэзгъэлъэгъу сшIоигъуагъ, ау кIасэ сыхъугъ.

– Колэс сыдым фапшIэщтыгъэ, Пэхъу? Илъэс пчъагъэм уигугъу ышIэу зэхэсхыгъэп.

– Колэсрэ сэрырэ ащ фэдизэу дэгъоу тызэрэшIэщтыгъэп. ТIуми тызэрэмышIэу, тшъхьэ гъэрыпIэм къитхыжьызэ, тызэIукIэгъагъ. Тыкъызэсыжьым, шъхьадж ипакIэ екIужьи, тызэщыгъупшэжьыгъагъ. Колэс сэщ нахь ныбжь иIагъ, ау илIыгъ тыкъэзыхьыжьыгъагъэр.

– Ар шъыпкъэ, Пэхъу, Колэс лIыгъи, цIыфыгъэшхуи, акъыл чани иIагъ. Дунаим ехыжьи, тыкъычIитIагъ. ЩымыIэжьми, чIыпIэ къин сызифэкIэ, сшIэщтымкIэ сеупчIыжьы, Колэс сыд ыIоныя сэIо,– лIыжъ Iушыр ыгукIи, ышъхьэкIи къызэрэпэблэгъагъэр Рэдэдыпщым къыхэщыгъ, ыпашъхьэ ис лIыжъ цатхъэм Iуплъыхьэзэ, Къаншъао къафыригъэхьыгъэ гущыIэхэм акIэгупшысыхьажьыгъ: «Джырэ фэдэу нэфагъэ тянэшым къыпкъырыкIэу къыхэкIыгъэп.

Зиухыижьызэ, осет къышlыжьырэм фэд. Сыд шъуlо къехъулlагъэр?..»

Тыгъужъитlу акlыб зэфагъазэрэп.

Къызэплъэкlыжь ямылэу, Абэчыпщым ишыкlэ утысэу Зирар ишышъхьэ нэс-нэмысэу хы Шlуцlэ lушъом рекlокlырэ гъогум жьы къаlумыкlыжьэу нэсыгъэх. Щынагъо щымылэжь зэхъум, яшыхэр лъэхъум тырагъэхьагъэх, кlорыкlоми зыратыгъ, шымэ япсыхыхи, шхомлакlэхэр аlыгъэу, алъакъохэр зэкlэкlыжьыфэхи лъэсэу кlуагъэх.

– Хэдгъэкlырэр тифедэ, тэшэсыжьы,– Абэчыпщым мэкъэ тlысыгъэкlэ къызыlуидзи, онэгу зишlыжьыгъ, Зирари шэсыжьыгъэ.

Русич гъунапкъэм нэсыфэхэ, пщыри, кlалэри зэфэплъырыжьыщтыгъэх, акlыбхэр зэфагъэзэнкlэ зэщыщынэжьыщтыгъэх, зым адрэр шlотыгъужъыгъ. Ухэткlи Зирар къызэрэомыблэщтыр, укlыти, щыни ынэ зэрэкlэмылъыр Абэч ышlэщтыгъэ. Зыщыщмэ ахэзэгъагъэп, ышнахьыжъи, яни къафэуфагъэп, Рэдэдыпщым пэуцужьыгъ. Зирар ышъхьэ къызырехьылlэжьым, ежьыри ар цlыфы ышlыжьынкlэ зэриубытылlэгъагъэп, хэгъэгу пэщэшхом зэрегоощтым щэхъурэ гухэлъи иlагъэп. Абэчыпщым зэриlоу зымыхъукlэ, ыпсэ зэрэlуихыщтым Зирари ехъырэхъышэжьыщтыгъэп. Ежь нахь лlышlухэри ужынчъэу яшымэ аригъэпсыхыгъэх.

Кlалэм ибгъэжъ lуплъи, идэбжъыкъу плъыжьыхэми, ылэпшъэц цlэплъ пытэхэми нэплъэгъур джыри зэ Абэчыпщым атыридзагъ, щынэ тlэкlу ыгу къыфихьагъэу, гъумыгъугъэ: «Ыlапшъэхэр зэрэгъумхэр, кlочlэ делэ тхьэмэ къыратыгъ. Дышъэ чысэ сыбг зэришlагъэр къыздерэшlи, фэсшlагъэми еплъыжьынэп, ау сэри сыцакоп...»

Чlыгу гъунапкъэр къэзгъэгъунэхэрэм Абэчыпщыр псынкlэу ашlокlыгъ, русичмэ тын аритэу зэрэригъэжьагъэр ухъумакlомэ япащэ щыгъуазэу къычlэкlыгъ.

Тумтэкъашъэ шыуитlур дахьи, къин къащымыхъоу, Къаншъао ипсэупlэ къагъотыгъ, ау дзэпащэр дэмысэу къычlэкlыгъ. Неущ къызэрэкlожьыщтыр къараlуагъ. Къызщыуцущтхэм лъыхъунхэу ежьагъэхэу, Абэчыпщыр къэупчlагъ:



– Русичмэ абзэ ошlа, Зирар?

– Тыдэ щысшlэни, зиусхьан,– кlалэм ыцэ жъгъэйхэр къыlуигъэпсыгъэх.– Къэзгъэшlэгъэ тlэкlум Мэзыбэ сыдэсыгъ. Анахь чыжьэу сыздэшэсыгъэр уи Зых хэгъэгу ары. Джы, мары, Тумтэкъашъи сыкъэсыгъ.

– Бзэ умышlэу, русичмэ сыдэущтэу уахэзэгъэщт?

– О сыуигъусэщтмэ...

– Скlэ уишlэгъэ зэпытыщта? Тызэмыгъусэн фаеуи къыхэкlыщт.

– Сшlэрэп ащыгъум сызэрэхъущтыр...– Зирар ытхьабылыпчэ къыпызыгъ.

– Улlыба сэlо,– шхомлакlэр зыгъэлэнлэгъэ Зирар къамыщыкlымкlэ ылэкlылу Абэчыпщыр теуlозэ, гурышlу зыфишlыгъ,– ппакlэ къебгъэлэлэхэу, шхомлакlэр тэрэзэу lыгъ, уиш умыгъэлъэпао. Русичмэ абзэ шlэгъошlу. Апэрэ мафэхэм узыфаер lэхъуамбэхэмкlэ агурыгъаlу, ужэ дэшl. Тэри джары зэредгъэжьэгъагъэр.

Унэмэ аlухьэхэмэ яупчlыхэзэ, зыштэнхэ къагъотыгъ.

– Мыщ о къыщыуцу, сэ нэмыкl унэ къэзгъотыщт,– нахь унэ хэхыгъаlо Абэчыпщыр фэягъ.

– Зы унэ тызэдисмэ, нахьышlуба, зиусхьан? – Зирар къэгумэкlыгъ.

– Пщымрэ иухъумакlорэ унэ зэдисхэу сыдигъуа зыплъэгъугъэр? – Абэчыпщым къыхихыгъ.– Ащ ублэкlынышъ, тызэфэд пlоу къебгъэжьэщт. Хэти ичlыпlэ ышlэн фае.

– Ар сэ къизгъэкlыгъэп, зиусхьан,– Зирар къызэкlэщтэжьыгъ.– Тызэгъусэмэ, кlо зыфапlорэм сыкlон, сычъэн, узыфаер къыпфэсшlэн сlуагъэ нахь.

– Армырмэ, сlорэр пшlэщтба? – Абэчыпщым нахьыеу зыкъырихыгъ.– Къыпфашlэрэм уасэ фэпшlэу зегъас. Сэры мыхъугъэмэ, заом пшъэ щыпагъэлъэтыщтыгъ. Къытэкlугъагъэхэр мацlэм зэрэфэдизыгъэр плъэгъугъэба? Сшlэ-сымышlэми, зы зыхы дзакlо ащ ышъхьэ къахихыжьыгъэп.

– Къысфэгъэгъу, зиусхьан,– Зирар ымакъэ шъабэ къэхъугъ, ыгу къежъэжъыкlыми, зэрыфэгъэ чlыпlэм нэмыкl хэкlыпlэ зэрэщырымылэм lорышlэ зыригъэшlыгъ.– Къысфэпшlагъэри къызгурэlо, русичыбзэ зэрэсымышlэрэр ары сизэкъонэу сызыкlыфэмыер.

– Уесэжьыщт. Унапкlэ пlыгъа?

– Дышъэ тlэкlу сиl.

– Дэгъу ащыгъум, сыкъыпфае хъумэ, укъэзгъотыщт,– Абэч шым елъэдэкъауи, ыпэкӀэ лъыкӀотагъ, къызэриӀокӀыжьыгъ: – Сэри Ӏэгъо-блэгъум сыкъыщыуцущт.

Абэч гукӀэ кӀалэм едэожьыгъ: «ЛӀы къабзэм зы унэ сыдихьанышъ, сидышъэ чысэ езгъэлъэгъущт, ара? Мыры сэ сызыщыгугъырэр,– ыгу иныкӀэхъукӀэу бгым ишӀэгъэ чысэм теӀэбагъ.– Дышъэ уиӀэмэ, зэкӀэ уиӀ. Русичмэ сахэзагъэмэ, унэ дэгъуи сщэфын, сиунагъуи къэсщэжьын. ТыкъэкӀожьынэп аӀомэ, зэрашӀоигъу, шъузынчъэ сыхъунэп...»

Зирарэ зэригъэхьагъэм унэ зытфыхыкӀэ пэчыжьэу пхъэмбгъу унэ хэӀэтыкӀыгъэр Абэчыпщым псэупӀэкӀэ къыхихыгъ.

КъэкӀогъэ мафэм пчэдыжь шхэгъур текӀыгъэу, пщымрэ кӀалэмрэ зэӀукӀэжьхи, Къаншъао дэжь кӀуагъэх. Илъэгъуни, зыщыщыри ухъумакӀохэм Абэч зареӀом, дзэпащэм къеупчӀыжьи, бэрэ рамыгъажэу рагъэблэгъагъ.

– Унэм сыкъекӀыжьыфэ, о шымэ апэт, зыми умыкӀу,– Зирар къыфигъэпыти, Абэчыпщыр ухъумакӀом ыуж ихьагъ.

Пчъэ лъагэм Абэч зыдэкӀым, зэрыфэгъэ унэшхом цӀыкӀу ихъухьагъ, ежьыри зыдишӀэжьэу зызэхиутӀыӀуагъ. Пчъэм пэчӀынэтӀэ дэпкъымкӀэ къикӀи, нэгу псыгъо кӀыфэу, Къаншъао къыпэгъокӀыгъ.

– Сыдытхьэм укъытфихьыгъ, зиусхьан, къеблагъ,– Къаншъао щхыпэ-гушӀуапэ къемыкӀоу Абэч ыӀапэ къыубытыгъ, Ӏуплъыхьапэзэ, пхъэнтӀэкӀур ригъэлъэгъугъ: – КъэтӀыс, джыри зичэзыу тын къытфэпшӀынэу укъэкӀуагъэмэ, сигуапэ.

– Сызфимытыжь хэгъэгум сыдэущтэу тын къыщысыугъоин, Къаншъау,– Абэч ыгу къызэхэхьанкӀэ макӀэ иӀэжьыгъэр.

– Сыд къыохъулӀагъ, пщы пэщэ ӀэнатӀэр пӀахыжьыгъа?

– СӀахыжьыгъэми сшӀэрэп, стырахыгъ.

– Хэт?

– Уипхъорэлъфым фэшъхьафэу, сэ къысфырикъунэу хэта адыгэ чӀыгум исыр?

– ЗэрэхъурэмкӀэ, Рэдэдыпщым утырищыгъ. ТапэкӀэ укъызытхахьэм, къыоСӀогъагъэба епхьыжьэгъэ Ӏофыр къызэрэбдэмыхъущтыр? Сшыпхъу къызэрилъфыгъэм пае сыщытхъоу къызшӀомыгъэшӀ, Рэдэд адыгэ лъэпкъхэр зэкъуищэгъэ къодыеп, шӀошъхъуныгъэ къызфаригъэшыгъ, хэгъэгу пащэкӀэ аштагъ, цыхьэ фашӀы, щэгугъых. Мыжъобгъум натӀэкӀэ уеокӀэ, пхырыуутына? Хэт пчӀыпӀэ ригъэхьагъ?

– СшӀэрэп, Къаншъау. О къызэрэпшӀошӀэу, Рэдэд шъхьэшхом сытырищыгъэп. ЗаокӀэ къысэкӀуи, сидзэ къызэхигъэтэкъуагъ.

– Ащ фэдэ мэхъуа?! – дзэпащэм ынэгу кӀыф къэушэплъыгъ, ынэхэр къэплъызыгъэх,– зыхыхэр къосэгъумэ анахь мыбэмэ, анахь макӀэп, сыдэущтэу къыптекӀуагъ?

– Къосэгъумэ язакъоп къысищэлӀэгъагъэр. ХьакӀуцухэри, мыутӀэхэри бгъуитӀумкӀэ къыттеохи, хьалэч ташӀыгъ. Зыхыпщыхэм ащыщхэри къыскъоуцожьыгъэхэп.

– ЗэрэхъурэмкӀэ, тилъэпкъэгъухэр зыфэдэхэр тэрэз-тэрэзэу зэбгъэшӀагъэп. Пщыхэм къахэмыкӀыгъэм, ыгукӀэ пщыкӀэ зелъытэжьы. О пщыхэр пӀэмычӀэ чӀэсхэу пӀыгъынхэм уфэягъ.

– ЗафэзгъэцӀыкӀунэу ара узыфэягъэр? Ащыгъум сшъхьэ къытетӀысхьагъэхэу плъэгъуни.

– ЗафэгъэцӀыкӀу сӀорэп, цӀыфхэр пшъхьэ еплъытыжьхэу шэн пхэлъын фай, зиусхьан. Пщи, байколи, лэжьакӀуи Рэдэд зэрафыщытым укӀырыплъыным ычӀыпӀэкӀэ, уебэныжьыгъ. О сыдэущтэу заом укъыхэкӀыжьынэу хъугъэ? Уизакъоу укъэкӀуагъа?

– Сибайколмэ сыкъаухъумагъ, зы кӀэлэжъи сигъусэ.

– Хэтмэ ащыщ?

– Уичылэгъу Хьакъарэ ыкъо нахьыкӀ, Нахьлъэш цӀэплъым иблагъ.

– КъызгурыӀуагъ, Рэдэд ипыигъэхэм къахэкӀыгъ. Сыд гухэлъ уиӀэу талъэныкъокӀэ зыкъэбгъэзагъ?

– Сышъуштэмэ, гъусэ сыкъышъуфэхъущт, Рэдэд о зэрэуипхъорэлъфым пае дэеу укъытегущыӀэнкӀэ уфаеп, Къаншъау, ау о къызэрэпшӀошӀырэм тетэп ар, ыӀорэм зыдемыгъаштэкӀэ, уищытӀэщт.

– Хэгъэгу зепхьаныр къин. ГукӀэгъуи, жъалымагъи, акъыли, нэмыкӀи ищыкӀагъ. Ау о Турабэ уигъэплъэхъугъэкӀэ сенэгуе.

– А бытыжъыми сигъэблыгъ, сигъэплъэхъугъ нахь, ифедэ къысэкӀыгъэп. Къосэгъухэм Рэдэд афэмылъэгъу-

жьэу сыхигъэдаIощтыгъ, нэужым къызэрэчIэкIыжьыгъэр фэшъхьаф.

– Хэт дэжьыкIэ зигъэзэщт джы Тураб?

– Мо Iаер, щыбылыкъым къычIэплъы пIонэу, зэо утыгум псэоу къикIыжьын пшIошIа? Ылъакъохэр ригъанэзэ, заом хэсщэгъагъ. Ар Iофэп, Къаншъау, сэ сшъхьэ зэрэхъущтым тырыгъэгущыI. Сышъоштэмэ, шъыпкъагъэ къыжъудысиIэу сыкъыжъуготыщт. Рэдэд пшыпхъу къылъфыгъэми, шъуазыфагу псышхо зэрэдэчъырэр сэшIэ, зэфэшъхьаф нэпкъымэ шъуатет. Аукъодыеу адыгэмэ тын къышъуатыщтэп, шъо къаIышъумыхэу шъууцущтэп. Уфай-уфэмыеми, Къаншъау, шъузэутэкIыщт.

Русич дзэпащэр тэджыгъэ, зи къымыIоу, джэхэшъогур рикIукIызэ, ыпашъхьэ ис пщы къумалым зэрэпэгъокIыщтыр гуIэнкIэ зэригъафэу ригъэжьагъ: «Мыщ икъэгущыIакIэкIэ шIу къыпыкIыщтэп, зэрэмыцIыф хъатэри сэшIэ. СакIыб фэзгъазэмэ, сапшъэкIэ кIон ылъэкIыщт, зэплъын щыIэп, бырсыр сыхидзэщт. Ащ нахьышIу сыгу къизгъаплъэ фэдэ сшIымэ. ЩыкIынэу ежьэмэ, кIэкIы зышIынхэр сиIэх...»

– Зиусхьан,– Къаншъао ыгупэ пщым къыфигъази, ыпашъхьэ къиуцуагъ, апэрэу Iупэщх шъабэри къыпигъохыгъ,– сегупшысэжьыгъэшъ, ощ нахь гъусэшIу русичхэмкIэ дгъотыщтэп. Адыгэ шъолъырыр дэгъоу ошIэ, мэзи, къушъхьи, псыхъуи, гъогуи, лъагъомэ афырикъужьэу, уащыгъуаз. Мстислав пщышхор адыгэмэ чыристан диныр ахимылъхьэу тын къаIимыхэу ашIокIыщтэп. Тхьэм укъытфихьыгъ, утищыкIагъ. Бэ тетымыгъашIэу, апэрэмкIэ мыутIэхэмрэ зыхыхэмрэ тын Iофымкiэ тахэхьан тэIо. Гъусэ укъытфэхъун. Тидзэ ухэтмэ, оркIэ щынагъо щыIэщтэп.

– Сигуапэу сыкъышъухэхьан, Къаншъау,– Абэч къэчэфыжьыгъ.– ДзэкIо куп сафэбгъазэми, зесщэн слъэкIын, русичмэ абзи сэшIэ.

– АщкIэ узгъэгугъэрэп,– Къаншъао ынэгу зэхигъэхьажьыгъ.– Сэри сыдзэпащэу, ори дзэкIо куп уафэзгъазэмэ, русичмэ адэнэп. Ау зыкъызэрэбгъэлъагъорэм зэкIэ елъытыгъэщт.

– Ари тэрэз.– Абэч къеуцолIагъ.– Сыдигъо сыкъэкIощт? Сигъусэ кIэлэжъри...

– Ар дзэм хэдгъэхьащт. НеущмыкIэ шъукъакIу.



– Ащыгъум неущмыкIэ нэс,– Абэчыпщыр къэтэджыжьыгъ, шъхьэ пагэр Iэтыгъэу дзэпщ щагум къыдэкIыжьыгъ.

## IX

Узажэрэм уригъэзэщэуи, уигъэгузажъоуи къыхэкIы.

Рэдэд пщышхом къыфэкIогъэгъэ мыутIэ лIыжъыр аригъэгъэкIотэжьыным ыпэкIэ, язакъоу зэдэгущыIэжьыгъагъэх. Къэбарыр дэими, къызэрэфаригъэхьыгъэмкIэ Къаншъао фэрэзагъ, ау ар хэгъэгу пщышхом ригъэкъугъагъэп. Русичхэр ичIыгу къызихьащтхэр ымышIэу, шыудзэр ыугъоиныр, хэгъэгу гъунапкъэм рищэлIэныр къыригъэкIугъэп, ащкIэ ахэр ыгъэблынхэм енэгуягъ. Узэряжэщт пчъагъэри умышIэу шыухэр зэхэугъоягъэхэу бэрэ пIыгъынхэр псынкIэгъуагъэп.

ЛIыжъ цэтхъэ цIыкIур изакъоу гущыIэгъу зешIым, цыхьэ фишIэу Рэдэд елъэIугъагъ:

– Тят, о узыщыфаем ухъумакIомэ хэгъэгу гъунапкъэр къызэпыуагъэчыщтэп, къыогуцэфэщтых. ПфызэшIокIыщтмэ, мыутIэмэ ячIыгу гъунапкъэ пэблагъэу, тыгъэ къохьажьыгъом, русичхэр къежьэнхэкIэ мэфищ щыIэу, лъэгапIэ горэм Iугъо къыщыгъэу. Ар тэ мэкъэгъэIу тфэхъущт.

Пэхъу лIыжъым пщышхор къыгъэгугъагъ, ежь фэмыгъэхъумэ, зышIэн къыгъотынэу ыIуагъ. Шыонэзэтелъ зэритыгъэм Шыупащэ шыу заулэ гъусэ фишIи, мыутIэ-русич гъунапкъэм нэс хьакIэр агъэкIотэжьынэу фигъэпытагъ, унашъуи фишIыгъ:

– КъызыжъугъэзэжьыкIэ, Къаитыпщым дэжь къыдэхьажьи, русич чIыгу гъунапкъэм къыщылъэгъощт Iугъом мафэ къэс, тыгъэ къохьажьыгъом, фигъэплъырынхэу еIу. Ащ къыщегъэжьагъэу къосэгъу чIыгум къынэсэу, Iугъо зыгъэущт цIыфхэр лъэгапIэхэм ащерэIыгъ. Къосэгъу къушъхьэтхыхэм машIо ащызышIыщтхэр сэ згъэкIощтых.

– Сыд ащ къикIырэр, Рэдэд? – Iугъо зэфэгъэур зэрэмэкъэгъэIур Шыупащэ ышIэщтыгъэми, фашIыгъэ унашъор ыгу римыхьэу, ышнахьыжъ Iуплъагъ.– Зыхыхэм такъыкIэрызыжьыгъэ къодый, агукIи, акIуачIэкIи цIыфхэр мэуцох.

Русичмэ жабзэ къафэбгъотмэ нахьышlу Колэси къыуиlогъагъ.

– Сшынахьыкl, кlэнкlэм чэтыр ыгъэсэжьрэп,– Рэдэдыпщышхом пхъашэу къызыlуидзыгъ.– Сянэш Къаншъао зэгорэм сенэкъокъужь зэхъум, русичмэ аlорэр ошlа ыlуи, мы русич гущыlэжъыр къысфидзыгъагъ. Джы ар о къэблэжьыгъ. Сэ сытхъэкlэ зао сэшlэу къыпшlошlа? Зы мэфэ зао сыхэхьаным къыпэу, сшъхьэ къэсымыlэтэу илъэсрэ сыпфэжъон.

– Ары шъхьакlэ, Рэдэд, орба зыlуагъэр русичхэм япчъагъэ гъунэ зэримыlэр. Мары, мыутlэхэм адэжь узэкlом, Саркел къалэ къикlыжьэу, Мстислав уlукlэгъагъ, Къаншъау Чернигов ыгъэкlогъагъэу пlуагъэ, адыкlэ къохьапlэмкlи щыlэр зыфэдизыр тхьэмэ ашl. Етlани Византиер къыготмэ...

– Сшынахьыкl, бэ пlоу, пыим ущымыщын, макlэ пlоу, утемыгушхуахь,– Рэдэд игурышlу къихьажьи, Шыупащэ ытамэ теуlуагъ.– Русичхэр бэ мэхъух сlомэ сяплъызэ, силъэпкъэгъухэр язгъэхъункlэщтхэп, тичlыгу язгъэулъэгущтэп. Ташlомыкlэу ежьхэр къыттеохэми, шlу ядгъэхьыщтэп. Гу зышlырэр мышъэми текlо.

– Чыристан динымкlи цэуlупlэ тыкъашlыгъап,– Шыупащэ идаохэр къышlудэуаещтыгъэх.– Урымхэри, русичхэри, нэмыкl лъэпкъышхохэу чыристаныр зыштагъэхэр тэщ нахь делэхэпщтын. Турэбэ бытыри тхэтыжьэп, цlыфхэр къэзгъэблынхи слъэгъурэп. Егъэзыгъэ хэмылъэу зыгъэдэlощтхэр, шlошъхъуныгъэ ахэзылъхьащтхэр чылэмэ адэбгъахьэмэ...

– Ащкlи укъысэмыдау,– Рэдэдыпщым къыпиупкlыгъ.– Апэрэмкlэ, къагъэшlагъэм адыгэмэ агъэлъапlэу, шъхьащэ афашlэу яlэ тхьэхэр щыжъугъэзыех сфяlощтэп. Ар зысшlэкlэ, Турабэ нахь пытаlохэу, нэбгырэ пчъагъэ къыкъокlыщт. Пlо къодыекlэ хъун lофэу диныр щытэп, цlыфмэ агу илъ, алъ хэлъ. Ятlонэрэмкlэ, о къыбгурымыlорэр зы: тэ къытфэусэкlэ Константинополь чыристан диным тыригъэхьаным къыкlэдэурэп. Ар зытштэкlэ, динлэжьхэр къытфигъэкlощтых, ахэмэ ауж щэф-щэжьым пылъхэр къибэнэщтых. Зэуж итхэу тихыlушъо къухьэхэр къызэлъыlухьащтых. Ухъумакlохэ фэдэхэу, ахэмэ дзэкlолlхэр къарыкlыщтых. Мафэ къэс къытхахьэрэм къыхахъозэ, чlылъэмкlи къикlыщтых, тызэлъаштэщт. Етlанэ, плъэкlыщтмэ, русичхэми, Византиеми тын ямыт.

– Рэдэд, гъэрыпlэм узахьым, синасып бэрэ пэмытэу укъызэрэкlожьыгъагъэр,– ыбгъэ дизэу жьы къыщи, Шыупащэ хэхьапщыкlыгъ.– Джы нэс Къосэгъу закъом пщыгъор щысlыгъыгъэмэ, езгъэчъэхыщтыгъэ. Сыкъыодэlушъ, сэгъэшlагъо, тыдэ къипхыра ащ фэдиз акъыл?

– Псым уитхьалэ хъумэ, ори есыкlэ зэбгъэшlэщт, сшынахьыкl,– Рэдэд тхьагъэпцlышъоу Шыупащэ есэмэркъэуи, ыlапэ ыубытыжьыгъ.– Гъогумаф, къыосlуагъэр гъэцакlэ. lофхэр нахьыбэ къэс шъхьэм гузажъоу lоф ешlэ.

Тумтэкъашъэ къикlыгъэгъэ лlыжъыр загъэкlотэжьыгъэм ыуж, Шыупащэ къегъэзэжьыфэ емыжэу, Рэдэдыпщым шыухэр хьакlуцу Дэмыри, зыхыпщы Зекlошыуи афиlопщыгъэх, lугъо мэкъэгъэlум фэплъырынхэу унашъо афаригъэхьыгъ. Ежь хэгъэгу lофхэр мафэм зэрихьэхэти, тыгъэ къохьажьыгъор къэмысызэ, ихьакlэщ къекlужьыщтыгъ, макъэ къызыщагъэlурэм зыгорэм щыlэу къылъыхъужьынхэр, охътэ лые зыlэкlигъэкlыныр къыхигъахьэщтыгъэп.

Мэфэ зыщыплlэу блэкlыгъэм Рэдэд яни кlэрысынэу пчыхьэшъхьапэхэр къыфыхэкlыгъэх, икlалэхэми гу нахь къыщафагъ. Айнар нэмыlэмэ, нэфынэзэ илl къызэрэкlожьырэр зэригуапэм шlокlэу ыгъэшlагъощтыгъэ.

Мафэм ышlэгъэшхо щымыlэми, ыгукlэ пшъыгъэу Рэдэд пчыхьэшъхьапэм хьакlэщым ихьажьи, пlэкlор джашъом зыщикъудыигъ, ынэхэр кlэшъо бгыкъум етыгъэу игупшысэмэ ахимылъасэзэ, пчъэр къыlуипхъоти, шъэо нахьыкlэр къиилъэдагъ. Чан цlыкlоу къызэкlэкlэу зэрэригъэжьагъэм рыгушхоу, ыlаплl лъэныкъо Зэфэс риубыти, lугушlуагъ:

– Сыд, сикlал, оджэгу, ара? – Рэдэд къызэшlотlысхьи, шъаом ышъхьашъо lэ щифагъ.– Дзэпщ къыпщыхьажьрэба, лъакlэ зэбгъэшlагъа?

– Псынкlэ сыхъугъ, тат, кlалэхэр залъэрэм джы сэри сыкъелъэ,– Зэфэс цlыкlур къызщытхъужьыгъ.– Арэп сэ уадэжь сыкъызкlэкlуагъэр, Саусэрыкъо машlор къызэрихьыжьыгъэр къысфэзыlотэн згъотырэп. Нэнэжъ ыгу мэузы, нанэ уахътэ иlэп, уятэ къегъэlуат еlо, о неущ пlозэ, мэфитlу тебгъэшlагъ.

– Ащыгъум сыкъэуубытыгъ,– Рэдэд щхыпцӏыгъэ.– Моу къызготӏысхь, къыпфэсӏотэщт.

– Хьау, сыкъэтӏысыщтэп,– шъэожъыем зыригъэнагъ.– Нэнэжъи, нани уятэ лӏышхом угомытӏысхь, ыпашъхьи ущымытӏыс аӏо.

– Ары шъхьакӏэ, уинэнэжъи, уинани укъалъэгъурэп, къэтӏыс, усӏотэжьыщтэп.

– Ахэмэ сыкъамылъэгъумэ, о сыкъэолъэгъуба? Сэ сыщытыщт, о къэӏуат.

– Угу етыгъэу къедэӏу,– шъэожъыер ятэ ыкокӏ риубыти, ӏуплъыхьэзэ, къыригъэжьагъ: – Нартмэ лӏы цӏыку пхъашэ ахэтыгъ. Ащ ыцӏагъэр Саусэрыкъу. Зэгорэм, Саусэрыкъо дэмысэу, иныжъ нэзакъор нартмэ къатеуи, ямашӏо атырихыгъ. Кӏымафэ щтыргъукӏэу Саусэрыкъо къызегъэзэжьым, нартхэр чъыӏэм ыгъалӏэхэу къахэхьажьыгъ. «Сыд къышъохъулӏагъ, сыд пае чъыӏэм зежъугъэгъалӏэрэ, машӏо зыкӏэшъумышӏырэр?» – Саусэрыкъо яупчӏыгъ. «Тимашӏо иныжъ нэзакъом ттырихыгъ, тикӏодыгъо къэсыгъ»,– нартхэр тхьаусхагъэх. «Сыкӏонышъ, машӏор къышъуфэсхьыжьын»,– Саусэрыкъо ыӏуагъ.– «Умыкӏу, иныжъым уекӏодылӏэщт, ощ нахь лӏышӏухэри кӏогъагъэх, къэкӏожьыгъэхэп нахь»,– нартхэр къелъэӏугъэх. «Фэмыфхэти, къэкӏожьыгъэхэп, сэ машӏор къышъуфэсхьыжьыщт»,– и Тхъожъые зыригъэпхъуати, Саусэрыкъо гъогу техьагъ. Кӏомэ елъэкӏонзэ, Хьэрам ӏуашъхьэ дэкӏуайи, зиплъыхьагъ, ӏугъо макӏэ чыжьэкӏэ ылъэгъугъ. Жьыбгъэм фэдэу Тхъожъыер илъи, ӏугъор къызщылъагъорэм ыбг исыр нигъэсыгъ. «Нарт Саусэрыкъу, мыр иныжъ машӏу,– Тхъожъые къыӏуагъ.– Ылъакъорэ ышъхьэрэ зэтелъэу иныжъым машӏор къыгъолъыхьагъ. Мэкӏэ-макӏэу епсых, цӏыкӏу-цӏыкӏоу иныжъым шъхьапырыуцукӏ. Пхъэцӏэкӏэ иным уемыӏ, ащ ыпшъэкӏэ щылъыр къэпхъуат. Сыбг укъызифэжьыкӏэ, тхьэмэ аӏуагъэр хъун».

– Тат, о уишыхэри къыбдэгущыӏэха? – нэмыз-ӏумызэу шъэожъыер ятэ ӏуплъагъ.

– Хьау, сикӏал,– ыкъо игулъытэ Рэдэд ыгъэшӏэгъуагъ,– шыхэр гущыӏэхэрэп, ау япӏорэр агурэӏо.

– Ащыгъум сыда Тхъожъые къыкӏэбгъэгущыӏэрэр?

– Сэрэп ар, нарт хъишъэм джаущтэу къыщеӏо.

– Къызгурыӏуагъ. Етӏанэ сыд?



– Етӏанэ,– гущыӏэр зэпищызэ, Рэдэд къыпидзэжьыгъ,– Тхъожъые зэриӏуагъэу ышӏыгъ, пхъэцӏэкӏэ цӏыкӏур къызепхъуатэм, зы жъоку къыхэзи, иныжъым тефагъ, цӏыфышъхьэ ифэнэу ыкӏышъо пхырижьыгъ. Иныжъыр къэӏаби, Саусэрыкъо ыубытыгъ. «Тхьэмэ укъысфахьыгъ, цӏыф цӏыкӏу,– иныжъыр къэгъохъуагъ.– Саусэрыкъо иджэгукӏэхэр къысфэмыӏуатэмэ, упсаоу узгъэкӏожьыщтэп». «Саусэрыкъо иджэгукӏэхэр сыдым фэсшӏэн, аӏоу зэхэсхыгъэр къыосӏон,– Саусэрыкъо иныжъым етхьагъэпцӏэкӏыгъ.– Хьэрам ӏуашъхьэ тырегъэзэуцошъ, щэрэхъышхор къырегъэчъэхы, натӏэкӏэ еошъ, дефыежьы». Лӏым риӏуагъэр иныжъым ышӏагъ, щэрэхъыр ӏуашъхьэм зэпырифыгъ. «Сыд къыуишӏагъ, иныжъ? – Саусэрыкъо еупчӏыгъ. «Шъхьэузым сигъалӏэщтыгъэти, сыхъужьыгъ,– иныжъым къыриӏожьыгъ.– Ащ нахь шӏагъо къэмыӏомэ, упсаоу узгъэкӏожьыщтэп». «Псы щыуанибл егъэжъошъ, гъоплъэ хьэкъуашъом рекӏэ, зыщегъэпскӏы»,– риӏуагъ. Псы жъуагъэм иныжъыр къыхэкӏыжьи, хэджэгукӏэу тӏысыжьыгъэ. «Сыд къыуишӏагъ, иныжъ?» – Саусэрыкъо джыри еупчӏыгъ. «Шъохъо-тӏыхьом сегъалӏэти, сыгу жьы дэхьажьыгъ. Нахь шӏагъо ошӏэмэ, къаӏо, къэмыӏоу узгъэкӏожьыщтэп»,– иныжъым къыфигъэпытагъ. «Псыхьом уарзэ хетакъошъ, псыр ыжэгъу къынэсэу хэтӏысхьэ, чэщ-мэфищэ хэсы, зыхегъэщтыхьэ, етӏанэ мылыр къекъутэшъ, къыхэкӏыжьы». «Ащи теплъын»,– иныжъым ыӏуи, орзэпсым зыхигъэщтыхьагъ. Чэщ-мэфищ зытешӏэм, зызхигъэщтыхьагъэ мылыр иныжъым фэкъутагъэп. Ышъхьэ пиупкӏынэу Саусэрыкъо зекӏуалӏэм, иныжъым къыриӏуагъ: «О сыуукӏыгъэп, мыгъо цӏыкӏу, сэ зысыукӏыжьыгъ нахь. Хьэрам ӏуашъхьэ узыдэчъаем, уззрэлъэкӏэпӏащэр зэхэсхыгъагъэти, гуцафэ къыпфэсшӏыгъагъ. Сэ узгъэпыин сыгу хэлъыгъэп, Саусэрыкъу, гъусэ укъысфэхъу сшӏоигъуагъ, ау тызынэсыгъэм пкӏэ иӏэжьэп. Сшъхьэ зышӏопхыкӏэ, скӏэтӏэишхо къиихи, убг ещэкӏ, мы дунэешхом къыптекӏон къытекӏыщтэп». Тхъожъые къэгузэжъуагъ: «Иныжъым ыкӏыбыкӏэ къикӏи, ежь ичатэкӏэ ышъхьэ пых». Иш зэриӏуагъэу, Саусэрыкъо зекӏуагъэ, кӏэтӏэишхори къыхихыгъ. «Мыщ сыд епшӏэщт?» – Тхъожъые къеупчӏыгъ. «Сыбг ислъхьанышъ, къыстекӏон дунаим темытэу сыщыӏэщт»,– Саусэрыкъо риӏожьыгъ. «Ащыгъум,– ыӏуагъ шым,– кӏэтӏэишхор цӏынэшъ, мо чъы-

гышхом еупцIэкIи, гъэчъэпхъы». Саусэрыкъо аущтэу зешIым, чъыгышхор зэпигъэзыгъ. «Си Тхъожъый, уиакъыл сыкъэзгъэнэжьыгъэр, опсэу!» – Саусэрыкъо гушIуи, пхъэцIэкIэ машIор нартмэ къафихьыжьи, къэкIожьыгъ. Нартмэ машIо ашIи, загъэфэбэжьыгъ...

– Тат, Тхъожъые фэдэ шы Iуш къысфэгъот. Тэри тимашIо тшIуахьымэ, къатесхыжьыщт,– шъэожъыем зигъэлIэу ятэ еплъыгъ, еупчIыгъ: – Тэ хэт тимашIо ттырихын?

– УичIыгу птырахымэ, сикIал, уиджэныкъо машIуи кIосэщт,– Рэдэд къыпыщылъ къиныр къышIудэоягъ, шъхьангъупчъэмкIэ плъи, шъэожъыем ыпхэкI теуIуагъ.– КIо, уянэ къыплъэхъу.

Изакъоу къызэнэжьым, Шыупащэ къыфишIыгъэ даохэр Рэдэд ытхьакIумэ къиIожьыгъэх, кIалэм игумэкI-гуIи зыгорэщтэу зэхишIагъ. «Чыристан диныр адыгэмэ язгъэштэныр сыгу къихьахэрэп, ау тэ тидин зезыхьан тиIэн фай,– ышнахьыкIэ къыриIуагъэм пщышхом игупшысэ пигъэщагъ.– ШъыпкъэкIи, мышъыпкъэкIи Турабэ цIыфхэр ыгъэдаIощтыгъэх, ыгъэщынэщтыгъэх, шIошъхъуныгъэ горэхэр ахилъхьэщтыгъэ. Джы ар щыIэжьэп. Урым Думитрэ къысфиIотэгъагъэм шъыпкъэ хэлъ: цIыфмэ ятIорэр ахэхьэ, ашIэн фаер ятэгъашIэ, ау аIупэкIэ къытаIорэм фэшъхьафкIэ, агу къытфилъыр тшIэрэп. Ар сэIо шъхьакIэ, мэджусый динэу тIыгъымкIэ ари зэгъэшIэгъуай. Сыздэщыгъэ Византие хэгъэгуми, сызхахьэхэрэ русичхэми тхьэлъэIупIэ унэ гъэкIэрэкIагъэхэр яIэх. Ахэмэ ачIэт дин пащэхэм цIыфхэр къафэкIох, тхьэ елъэIух, агучIэ илъ шъэфхэр, ашIагъэр, ашIэн агу хэлъыр афаIуатэ. Тэ титхьалъэIупIэхэр чIылъэм тетэкъуагъэх, чъыг лъапэхэр, псы Iушъохэр, чъыгэе мэзжъыехэр, нэмыкI чIыпIэхэр зыфагъэнэфэжьыгъэх. Сыдэу щытми, диным пылъын къэмыгъотыгъэ хъущтэп...» Чыристан диныр сыгу илъ ыIонышъ, Темрыкъо зыкъырисэщт.

Хэгъэгу пщышхор зыгъэгумэкIрэ гупшысэмэ НэтIаий къахэхьагъ, зыпчыхьэ ыдэжь къызэрэкIогъагъэри ынэгу къыкIэуцожьыгъ.

ЛIы лъэгъупхъэшхор щхыпцIэу, ыгу илъыр къыфэмыIоу, тIэкIурэ щысыгъ, етIанэ Iэшэ-шъуашэу пкъэужъыемэ апылъагъэхэр зэпиплъыхьэзэ, кIэщхыкIыгъ, мэкъэ псыгъокIэ пщышхом епсэлъагъ:



– Сэри чэтэ гъэбзакIи, щэбзэ гъэуакIи, шы гъэхъушIакIи сэшIэ, зиусхьан.

– ПшIэу лые щыIэп, НэтIай, зэгорэм къыпшъхьапэжьын,– Рэдэд пщышхом пигъодзыжьыгъ.– ДзакIомэ уахахьэ пшIоигъуа?

– Ари хъущт, ау дзэкIо дэди сIорэп,– ышъхьэ риуфэхызэ, пщышхом нэчапэкIэ фычIэплъыгъ: – Ори ошIэ, сэ Турабэ бэкIаерэ сыригъусагъ. Диным ащ хишIыкIырэ щыIагъэп, сэ тхьэмэ нахь сапэблэгъагъ. Ар зыфэщэгъагъэр пшIагъэмэ, зиусхьан,– НэтIае ышъхьэ ыгъэсыси, ымакъэ Iоу щхыгъэ.– КъызэрэсIощтыри сшIэрэп.

– КъебгъэжьэгъахэмэкъаIо,– Рэдэдыпщым тыригъэгушхуагъ.

– КъезгъэкIурэп, зиусхьан, ар сыжэ къыдэкIэу зэхэозгъэхыныр, ау сынитIукIэ слъэгъугъэ. Турабэ щыдыр ыгъэшъузыщтыгъ. Ар тхьэмэ адэна? Дэхапсэ зэрэдэкIожьыгъагъэм пае къасIоу къызшIомыгъэшI, зиусхьан. Заом зыхэкIуадэм, мыщ фэдизкIи сыгу къеуагъэп,– НэтIае ыIэхъомбэ пакIэ къыгъэлъэгъуагъ.– О уизакъоп, зэкIэми къытэпыижьыгъ...

– ЩымыIэжьым, НэтIай, тытемыгъэгущыIэжь,– Рэдэд гущыIэр къызэблихъугъ.– О сыд узфаер?

– Дин IофхэрзесхьэудзакIомэ сахэтыгъэмэ е чылэм сыфэгъэзагъэмэ нахьышIумэ сшIэрэп.

– Турабэ уригъусагъэу, уаштэщта, НэтIай?

– Ари сIуагъэ, зиусхьан. А бытыжъым къысимышIагъэ щыIэп, сишъуз стырихыгъагъ, сигъэделэу илъэс пчъагъэм сызэрищагъ, джыри дунаим зэрехыжьыгъэзэ, иягъэ къысэкIы,– НэтIае къэтхьаусхагъ.– Дзэм сыкъыхахьэмэ, сыдэу пIора?

– Ар хэти пэтыубытырэп, о зэрэпшIоигъу...

Дин Iофыр НэтIае ежь зыфигъэшъошэжьыгъагъэми, чылэми, дзакIоми зэрамыштэщтыр Рэдэдыпщым ышIэщтыгъэ. Джы а гупшысэм къызфегъэзэжьым, гукIэ лъыхъозэ, зэупчIыжьыгъ: «Темрыкъо хъущтба? Тхьэхэр зышIошъ хъурэмэ апэ уитыныри пэщэ IэнатI, лIыгъи, пытагъи, шIэныгъи ищыкIагъ. НэтIае ащ тегъэпсыхьагъэп, ау ерэIыгъба ари. Ыжэ тIупщыгъэу терэмыгущыI. Чыристанэу къэхъугъэп, титхьэхэм шIошъхъуныгъэ афыриIэу, гъэры охъуфэ къыхьыгъ. Къыферэгъэзэжь тидин. Адрэр ащ

фэдиззэу ыгу хэпкӀагъэмэ, цыхьэ зыфишӀырэм шъэфэу ферэӀуат. ТызэӀукӀэмэ, сыдэгущыӀэн къэсыуфэн».

Агъбан ымэкъэ лъэш къэлапчъэмкӀэ къыщыӀугъ, мэкъэ гъэшъхъыгъэ шъабэр ерагъэу Рэдэдыпщым зэхихэу, ащ къыкӀэлъыкӀуагъ. Шыупащэ щагум къызэрэдэхьажьырэр шъхьаныгъупчъэмкӀэ ылъэгъугъ. ШхомлакӀэр ыӀыгъэу Агъбан ыуж ит, ежь пшъыгъашъуи темыоу, хьакӀэщымкӀэ къелъэкӀоныщтыгъ. «Сыд шъуӀуа зыгъэгузажъорэр? – Пэхъу лӀыжъым макъэ къыгъэӀугъэна? – пщышхор къэтхьауягъ.– Ӏугъор къэлъэгъуагъэмэ, сэ къысамыӀозэ, сшынахьыкӀэ ылъэгъугъэна?»

Шыупащэ ипчыхьэ шӀуфэс ыпэ итэу хьакӀэщым къихьагъ, ынэхэр плъызэу, нахьыжъым къыӀуплъагъ.

– Сыд, сшынахьыкӀ, пшъыгъэ теплъэ уиӀэп, гъогууанэр псынкӀэ къыпфэхъугъэмэ сигуапэ,– Рэдэд гумэкӀэу Шыупащэ пэгъокӀыгъ.– Зыгорэ къышъохъулӀагъа?

– Пэхъу лӀыжъыр дэгъоу гъунапкъэм нэдгъэсыжьыгъ, Рэдэд, ау сэ сызэджэнджэшыгъагъэр къэхъугъ,– Шыупащэ ынапӀэхэр ыгъэупӀэпӀагъэх.

– Сыд узэджэнджэшыгъагъэр?

– Гъогу сытехьаным ыпэкӀэ, зэо зэпымычым цӀыфхэр егъэуцох сӀогъагъэба?

– Хэт ащ фэдэ къыозыӀуагъэр?

– Чылэм тыкъызыдэхьажьым, Адышэс ыдэжь тырищэлӀэжьи, тӀэкӀу тыщысыгъ,– занкӀэу къызэрэмыкӀожьыгъэм Шыупащэ рыукӀытэжьыгъ.– ХьакӀэщым тыщызэхэсэу Къоданэ лъыхъухэу лӀитӀу къихьи, къытаӀуагъ: хьакӀуцумэ афябгъэхьыгъэ къэбарыр чылэ зытӀу агу рихьыгъэп.

– Сэ сыщыӀэу, сыд пае Къоданэ къыфаӀопщыгъ? Цухъо Дэмыр къысшъхьащыкӀоу къыригъэжьагъа? – Рэдэдыпщым къыхихыгъ.

– Зыгорэ хъу къэс о къыуаутэкӀына, Рэдэд? Джары лӀитӀумэ яз къыӀуагъэр. ДзэкӀо купышӀу игъусэу афакӀомэ, зыкъаригъэшӀэжьынэу Дэмыр еӀо.

– Ащ фэдэ Ӏофым дзэ ращалӀэрэп. Дэмыр делэ хъужьыгъа?! – имышэныгъэу Рэдэд зыбгырыузэ, пкъэужьыем пылъэгъэ Ӏашэмэ алъыӀэбагъ.– Къоданэ тэ хъугъа, къэжъугъотыгъа?

– Емзэщ дэжь къыращыжьыгъ. Ичатэ ригъэлъыгъ. ШӀэхэу мыщ къэсыщт.



Рэдэдыпщыр ардэдэм ыпкъ иуцожьыгъ, Ӏашэхэри пкъэужьыем пилъэжьыгъэх, ау ыгукӀэ зэрэмыгупсэфыжьыгъэр къыхэщэу джэхэшъогур рикӀукӀыщтыгъ.

– Ары, сщыгъупшэ пэтыгъ,– пщышхом ышнахьыкӀэ зыфызэригъэзэкӀыгъ.– Тянэ уц Ӏэзэгъур ыухыгъ, умыпшъыгъэмэ, къыфахь.

– Тянэ паемэ сыпшъына, Рэдэд, джыдэд! – Шыупащэ къэгузэжъуагъ.

– Русичмэ зэтырамыубытэу Пэхъу лӀыжъыр ашӀокӀыжьыгъа?

– Бэрэ аӀыгъыгъэп. Сэ цӀыф лъызгъэплъэгъагъ.

Шы лъэмакъэ къэӀугъ. Къоданэ, Ӏэшэ-шъуашэкӀэ гъогу техьаным тегъэпсыхьагъэу, хьакӀэщым къихьагъ.

– Дзэр хьазыра, Къодан? – Рэдэд пщышхор дзэпащэм еупчӀыгъ.

– Дзэми сшӀэрэп, Дэмыр дзэкӀо купышӀу къыкӀэлъэӀугъэти, шыуишъэмэ зыкъагъэхьазырынэу яcӀуагъ,– пщышхом икъэупчӀакӀэ зыгорэ зэрэкӀэлъым Къоданэ гу лъитагъ.– ИщыкӀагъэба, зиусхьан?

– ИщыкӀагъэп,– Рэдэд кӀэкӀэу къыпиупкӀыгъ.– Орырэ сэрырэ ухъумакӀохэр тигъусэмэ икъущт. ХьакӀуцумэ дзэп ящыкӀагъэр, гущыӀ нахь, жабзэ къафэдгъотыщт.

– Зиусхьан, хъущтмэ ухъумакӀохэми НэтӀае ахэгъахь,– Къоданэ ишъыпкъэу къэлъэӀуагъ.– Лъэшэу гъусэ къыпфэхъу шӀоигъу.

– Ащ фэдиззэу фаемэ, къыддэрэкӀу,– пщышхор гукӀэ щхызэ, зэриӀожьыгъ: «СэшӀэ сэ НэтӀае зыфаер, къыздекӀокӀыщтыгъэ Турабэ ычӀыпӀэ ихьэ шӀоигъу, ау дин пащэ хъункӀэ сыгугъэрэп. Сыд фэдэ ӀэнатӀи о уфаекӀэ къыуатырэп, цӀыфмэ къыуапэсын фае е о пшъхьэкӀэ къэблэжьмэ, нахьышӀух...» – Сыд къызхихыгъэу ыӀорэр, Къодан?

– Шъузым Ӏуплъыхьэу унэм исызэ, ынэхэр иушӀункӀыхьагъэх, цӀыфмэ ахахьэ шӀоигъу, ахэдэӀощт, ищыкӀагъэмэ, игущыӀэ ахилъхьащт.

НэтӀае ыцӀэ къызыраӀом, Шыупащэ ынэгушъхьэмэ къахихыгъ, укӀытэжьыгъэ. ӀукӀыжьызэ, къызэриӀокӀыгъ:

– Сэ моу тянэ сышъхьарыплъэнышъ, уц Ӏэзэгъум сылъыкӀон.

Шыухэр хьакӀуцу гъогу техьэфэхэкӀэ сэмэркъэу дахэхэмкӀэ янэ ыгу къыӀэтэу, Шыупащэ кӀэрысыгъ. Рампэс

гощэшхор ыбг къитIысхьи, ыпшъэ зэшIуищызэ, шъхьангъупчъэм иплъыгъ, цIацIэзэ, къо нахьыкIэм зыкъыфигъэзэжьыгъ:

– Къыщымышlэжьэу сыда къэхъугъэр, нэф ыгъэшъ хъущтыгъэба?

– Рэдэд непа зыпшIэрэр, нан? Хэгъэгу Iоф пIуагъэмэ, чъыежьыщтэп.

– УмыIорыжъорэу ащ нахьышIу о пшъхьэ егупшыси,– гощэшхор къегыигъ.– Колэс тхьамыкIэм ыуж илъэсныкъо зытешIэкIэ, уиджэгу сыхэгъэплъэжь.

– Нан...

– Модэ, уцыр къысфахь,– ыкъо къыригъэжьагъэр ным къыригъэIуагъэп.– Ори, Рэдэди шъузэкIокIыгъ, сIорэ лъэпкъ къышъухэхьажьрэп. Егупшыс ащ, сикIал.

Мафэм ынэ ыупIыцIэу ригъэжьагъэу, Шыупащэ зиплъыхьэзэ, НэтIае ищагу дэхьагъ, Дэхапси пчъэр къыIуилъэсыкIыгъ:

– КъакIо, къакIо, Шыупащ, шъхьангъупчъэмкIэ укъэслъэгъугъ. Орыми сшIагъэп, ау зыгорэ садэжь къызэрэкIорэм гу лъыстагъ.

Шыупащэ пчъэм зэрэдэкIэу, бгъэ шъэбэ фабэхэр Дэхапсэ къырифызылIагъ. КIалэм зызэришIыщтыр ымышIэу ыIэхэр ыгъэхъублаблэхи, мыIо-мышIэр къытекIоу, бгы псыгъом рищэкIыгъэх, пхэкI хъураем ыIэгушъохэр ригъэчъагъ, кIэкIэу жьы къыщэзэ, еIушъэшъагъ:

– Сэ уцым сыкъылъыкIуагъ...

– Уцыри ары, сэри ары...– Дэхапси ынэгушъхьэмэ къахихэу пIэмкIэ кIалэр ыщэщтыгъ.– О уихьатыркIэ НэтIае згъэдаIуи, дзэм хэзгъэхьагъ. Турабыжъым ычIыпIэ сIуи шъхьакIэ, зиусхьаным къыддыригъэштагъэп.

– Ори, НэтIаий Турабэ шъугу фэзгъэпсэфыгъ, ытхы быт тесыутыгъ,– Шыупащэ апэрэу Турабэ зэриукIыгъэр къышIудэлъэтыгъ.

– Тхьэхэр къысауи, ора Турабэ зэкIодылIагъэр?! – Дэхапсэ къыхэкуукIи, кIалэм зыкIэридзыгъ, къылIыщтым фэдэу къыIуплъи, пIэгум хэтIысхьагъ, ыIэгушъохэр ынэгу Iуилъхьэхи, хэхьапщыкIэу тIэкIурэ щысыгъ.

– Арэу гухэкI пщыхьущтыми сшIагъэп,– Шыупащэ ымакъэ рилъэшъуагъ.– Джау сыдми къэсIуагъ нахь, сыдым Турабэ сыфихьыныя?



– Дэигъэми, дэгъугъэми силIыгъэба, Шыупащ,– Дэхапсэ ынэгу къызэIуихыжьыгъ.– Симыгъэтхъагъэми, а зыр ары лIы шъыпкъэ къысфэхъугъагъэр.– Шъузым къыфыкъокIыщтыгъэ Хьэкъари, Нахьлъэши, Шэныби ынэгу къыкIэуцожьыгъэх, ау ахэмэ ацIэ къыриIуагъэп.– КIо, хъугъэ, щыдым сыдэзгъэшъузыгъэм, орми, нэмыкIми ифэшъуашэ ригъэгъотыгъ.– Моу къакIо садэжь, Шыупащ, сэ ощ нахь тхъагъо згъотыгъэп,– Дэхапсэ ыIитIу кIалэм къыфищэигъ.

– Хьау, Дэхапс, зыми сыфэежьэп,– плъыр-стырыр зыкIэкIыжьыгъэ Шыупащэ чIыпIэ икIыгъэп.– Уц Iэзэгъур къысэти, сыкIожьыщт, тянэ къысэжэ.

– Ар сэ силажь,– Дэхапсэ къэтэджыжьыгъ.– Бытыжъым ыцIэ имыгъом къеcIуи, уишIоигъоныгъэ зэпызгъэугъ.– Пхъуантэм дэIаби, уц IапIэ къыдихыгъ.– Мыр макIэу къыкIыостырэр нахьыбэрэ укъэкIонэу ары. Сщыгъупшэжьыгъ, Лащынэ сыда рыбгъакIорэр, джыри уфыкъокIыгъэба?

– Колэс зыщымыIэжьым тешIагъэ щымыIэу...

– Ащ иягъэ къэкIощтэп,– Дэхапсэ къызэпиутыгъ.– Неущ къэпщэщт пшIошIа? Узэрэфаер егъашIи, къыппэплъэн. НэмыкI горэм пкIэкIищмэ, укIэгъожьын.

Шыупащэ зыкIэхъопсыщтыгъэм иIэшIугъэ къызэрэдэмыхъугъэр игукъаоу, уц IапIэр зыIэкIикъузэзэ, Дэхапсэ иунэ къикIыжьыгъ.

Пшъадэ псыхъо ищэнджыпIэкIэ шыухэм къызэпачыжьызэ, Рэдэдыпщыр псышъхьэм рыплъагъ, мыжъошхомэ ашъхьарытэкъурэ псы нэшхъо къабзэм феплъыхыжьыгъ.

– Гъэмафэри огъу хьазырыгъ, бжыхьапэми къещхыгъэ щыIэп,– зэнэгуерэр пщышхом къыригъэжьагъ.– Къещхынэу къызежьэкIэ, Пшъадэ ынэрэ ыIурэ къикIэу къежьэщт. Зыгъэ фэдэу, етIэпс утIэрэхъыгъэр нэпкъым къызыдэкIыкIэ, чылэр къин хидзэщт.

– ЕбэныжьыгъуаеуI пкъыгъуищ щыI, зиусхьан,– Къоданэ къыдыригъэштагъ.– Тинасыпмэ, тхьэхэм тыкъаухъумэн. Жьыбгъэми, машIоми, псыми афырикъугъуай.

– Узфэсакъыжьымэ, ахэми уапэуцужьын плъэкIыщт,– Рэдэдыпщыр къезэгъыгъэп.– Тхьэмэ акъыл къызыкIытатыгъэр къэхъун ылъэкIыщтыр къэтшIэным, лые къытэзыхыщтыр къэтымыгъэхъуным пай.

– Тэрэз. Сэ зыфасІорэр ошІэ-дэмышІэкІэ къыттеорэр ары,– Къоданэ къыІуагъэр къызэхифыжьыгъ, пщышхом фыреплъэкІи, рэхьатыжьыгъэ нэгум кІаплъэзэ, зэриІожьыгъ: «Мы лІым нахьыбэрэ сыкІыгъу къэс, сыгукІи, сшъхьэкІи нахь пэблагъэ сэхъу. Шъхьэ дэгъу шІот, бэмэ иакъыл анэсы, цІыфмэ агу нэсын гущыІэхэри къегъотых. Тыгъуасэ хьакІуцу чылитІумэ адэс дзакІохэр Дэмыр къызыхещыхэм, нэрэ Ірэ агу ежь ыІорэм къытыригъэхьагъэх, аІуагъэмкІи кІигъэгъожьыгъэх. КъызэрыкІоу, ІупкІэу ыІуагъ: «Скъошхэр, зао фаеу макІэп дунаим тетыр. Зыгорэм ичІыгу тырихыныр, имылъку зэрипхъоныр, цІыф хыехэр гъэры ышІынхэр инэрыгъэу хэгъэгу пащэхэр къэхъух. Ащ фэдэ гухэлъ сэ зы мафэкІи сшъхьэ къихьагъэп. Іашэ къэсІэтмэ, сызфэбэнагъэр тизыкІыныгъ, зы хэгъэгу кІуачІэ тыхъуныр ары. Непэ ар къыддэхъугъ. Джы мыутІэхэм е зыхыхэм пый къафыкъокІыгъэмэ, МыутІэр тыдэ щыІа, ащ къытеуагъэр тэ къыднэсыщтэп шъуІоу шъущысыкІэ хъущтэп. Сыд фэдэрэ пыий ылъакъо псынкІэ, ыІэ кІыхьэ. Зыхым непэ къихьагъэр неущ шъо къыжъунэсыщт, шъуичылэ къыдэхьащт, шъуиунэмэ къарыбэнэщт, етІанэ шъуІэнтэгъу шъуецэкъэжьыщт, ау шъунэсыжьыщтэп...»

– Зиусхьан, модэ зэ къушъхьэм дэплъый! – ухъумэкІо шыумэ ащыщ горэ пщышхом къеджагъ, Къоданэ игупшысэ ІэкІэзи, къушъхьэтхымкІэ ышъхьэ ыпхъотагъ, Рэдэд зэтыриІажи, пчыхьэ зэхэогъум зыхэзыщыхьэрэ Іугъом кІырыплъыгъ, псынкІэу унашъо ышІыгъ:

– Шъуащыщ горэ бгышъхьэм терэхьи, ХьакІуцу лъэныкъомкІэ Іугъохэр къыщэлъагъомэ къызэрерэгъашІ. Тэ дзэ гъэсапІэм занкІэу текІоІэщт.

Лъэхъу псынкІэм хэтхэу Къоданэ къэупчІагъ:

– Сыд фэдиз уахътэ тиІ, зиусхьан!

– Чэщ-мэфищ.

– Ащыгъум сыд гузэжъогъу къэхъугъэр?

– Дзэ гъэсапІэм тынэсмэ, къыпфэсІотэщт.

Пщышхори, дзэпащэри зэрэдэкІыгъэхэр ашІэти, дзэ гъэсапІэм нэбгырэ заулэ нахь дэтыгъэп, ау мэзыбэ дзэкІолІхэм макъэ арагъэІункІэ икъущтыгъэ.

– Исхъухьагъэм къедэІу,– пхъэмбгъу зэхэІулІагъэм зыкІэрэтІысхьэхэм, Рэдэд пщышхом нэплъэгъу зэхэгъэхьагъэр Къоданэ фидзыгъ: – Русичхэр тичІыгу къихьэгъахэхэу тызапэгъокІыкІэ, тишыхэри, тэри тыпшъыжьыгъэу зыхы-мыутІэ гъунапкъэм тынэсыщт. Ащ нахьышІуба тыгъэпсэфыгъэу заом тыхахьэмэ?

– ИтІур зэфэдэ хъуна, ащ тэрэзэу уегупшысагъ,– Къоданэ къезэгъыгъ,– ау, зиусхьан, къытэмызэонхэкІи мэхъуба?

– Талъэгъу ашІоигъокІэ русичхэр къытфакІохэрэп,– Рэдэд хафэу ІущхыпцІыкІыгъ.– Дзэр къытпагъэуцунышъ, къэупчІэщтых: «Тын къытэшъутыщта?» Сэ ясІожьыщт: «Тын къышъоттынэу, тышъуипщылІэп. Тэри тэлажьэ, тэшхэжьы. Шъори джащ фэдэу шъущыІ». Ащ зао къикІыщт. Джы тэ тызэгупшысэн фаер шыудзэхэр зэрэдгъэфедэщтыр ары. Русичхэр тэщ нахь цакохэп, зэуакІэ ашІэ. БгъэкІэ татехьэкІэ, ятшІэн щыІэп, щэбзащэхэмкІэ, пчыпыджынхэмкІэ тыкъызэхалІыхьащт. Ахэми Іэшъоджанэхэр ащыгъых, ятандж гъучІ хъагъэхэри атамэхэм къатехьэх, аІапшъэхэми чатэхэр ачІэлъых, ау ахэр арэп заом кІэух фэхъущтыр зэлъытыгъэр. РусичмэакІыбыкІэ укъырагъэкІыщтэп. Абэчыпщым тызэрэпэгъокІыгъагъэм фэдэу, тэ, къосэгъухэм, агупэкІэ тапэуцущт, хьакІуцухэмрэ зыхыхэмрэ зэгъусэхэу зы бгъумкІэ къатеощтых, адрэ бгъумкІэ мыутІэхэр къикІыщтых.

– А зэо зегъэкІуакІэр Абэчыпщым афиІотагъэмэ? – Къоданэ еджэнджэшыгъ.

– Аферэ Іуат фаеми, тятхьагъэпцІэкІыщт! – Рэдэдыпщым ыІитІу пхъэмбгъу зэхэпцагъэм тырилъхьагъ.– Урым хэгъэгум къыщыслъэгъугъагъ: апэрэ шыу сатырхэм щэбзащэхэр затІупщыкІэ, акІыб дэтхэм апэ зыкъашІышъ, ящабзэхэр кІэлъагъакІох. ЕтІанэ ящэнэрэ, яплІэнэрэ сатырхэр къыкъокІых. Ащ пае шыухэр зэпэблагъэхэу умыгъэуцух...

Чэщыр икІыгъ, къыкІэлъыкІогъэ мафэм пыкІыгъэ щымыІэу, гъэхъунэ игъэкІотыгъэм итыгъэкъохьапІэ пэІулъэшъогъэ мэз гъунэм шыу куп къыкъозэрэхыгъ, гъэхъунэ цыпэм къыщыуцухи, пцІыикъ мэзымкІэ къэплъагъэх, ардэдэм агъэкІэрэхъожьи, мэз къогъум къокІодэжьыгъэх.

– Тежьэ! – Рэдэдыпщым макъэ ышъыгъ, зым адрэм риІожьызэ, дзэкІолІхэм онэгу зашІыгъ. Къоданэ зэрафигъэпытагъэу, кІорыкІокІэ мэзым хэкІхи, шыуитІумэ азыфагу зы шыу дэкІынэу уцугъэх.

Ятанджымэ тыгъэр атеджэгукІэу, русичхэр къэлъэгъуагъэх, мэз къогъум зэпамыгъэоу къыкъокІыхэзэ, гъэхъунэ цыпитІур зэлъаубытэу, сатыр пчъагъэкІэ зэкІоцІытхэу, къызэгоуцуагъэх. УзэнэІуасэми узэрэмышІэжьынэу, зэпэуцугъэ дзитІур зэпэчыжьагъэ.

Русичмэ къахэкІыгъэ шыуищым Рэдэд акІырыплъи, Мстислав пщышхор зэрахэмытыр ыгъэунэфыгъ, ардэдэм дзэпащэм риІуагъ:

– Къодан, Мэщыкъорэ Темрыкъорэ зэгъэгъуси, апэзгъохыщт гущыІэхэу къыосІогъагъэхэмэ зы гущыІи ахэмыгъэахъоу, ахэмыгъэкІэу апэгъокІ!

Шыу щырыщыр гъэхъунэ пчэгум щызэІукІагъ, гущыІэ кІэкІхэр зэфашІи, ялъэныкъохэмкІэ тырагъэзэжьыгъ.

ЛІыкІохэр къызэрэсыжьхэу, Рэдэд пщышхом унашъо къышІыгъ:

– Щабзэхэр зэІушъулъхьэх! Гъэхъунэ гупчэм къэсыфэхэ щэбзащэхэр тэтІупщых, етІанэ тежьэ.

Русичмэ алъэныкъокІэ мэІу-чэтэ зэутэкІ макъэхэр жьыбгъэ макІэм къылъэсыгъэх, зэрэгъэгушхожь куо лъэшыр къатетэджагъ – гъэхъунэ чІыгур агъэтІыгурыгоу, шылъэмэкъэ зэтетэкъур къызэлъыІугъ.

– ЫбгъухэмкІэ шъуремычъэкІ! Ядзэ ыгузэгу пхырыттхъущт! – Рэдэд аужырэ унашъор къышІыжьи, ичатэ къырихыгъ, шы лъэкъо псынкІэхэм запхъотагъ.

ДзитІур зэІуупІэгъэ къодыеу, ичатэ зэрэІэтыгъэу Рэдэдыпщыр зэтекъагъ, шы къэрэшхом ыпэрэ лъакъохэр къыпхъуатэхи, егъэуцохыжьыгъо имыфэзэ, шым ышъхьэ къуигъэщи, ыпашъхьэ къиуцогъэ Къаншъао екууагъ:

– УлІымэ, тянэшыр, уичІыгу укъихьагъэу, уилъэпкъэгъумэ укъямызэожь!

Къаншъао фидзы шІоигъуагъэр Рэдэд ыжэ щэбзащэм фэдэу къыдэлъэтыгъ, ау ичатэ Ізтыгъэ къыпаІэтыгъэ чатэр жьым зэрэхэтэу пщышхом Агъбан къыголъади, Къаншъао русич дзэпщыр шым риупкІэхыгъ.

– Агъбан, пшІагъэр сыд! – Рэдэд кІэкуукІыгъ.– Тянэш закъор ебгъэпсыхыгъ!..

– СшІагъа!.. Фэсакъ, уиджабгъукІэ лІы сырыфышхо къыфекІы!

Пщышхом мэІур лІы тхъоплъым пэІуидзи, ыныбачІэ чатэр чІидзагъ. ЛІы псыгъо лъагэм ыкъогъу Абэчыпщым ышъхьэ къыкъощыгъэу, Къоданэ ынэ къыпэшІофагъ.



– Оры сэ сызылъыхъурэр! – Къоданэ лІы одыр онэгум ридзи, Абэчыпщым ор дишІэхыгъ. Зирарэ пщым зыкъыпэІуидзэнэу къиилъыгъ, ау Шыупащэ къыжэхэлъади, ячатэхэр зэІуадзагъэх. ЛІыгъи, къулайи хэлъэу Абэчыпщыр къызэренэкъокъужьрэр Къоданэ ыгъэшІэгъуагъ, ау ичатэ нахь жъажъэ зэрэхъугъэр зэхишІагъ. Пщым мэІур иджабгъукІэ зырехьакІым, адырабгъумкІэ еуи, ыІэлджанэ лъыр къытырыригъэкІагъ. Абэч къыхэкуукІи, шым ефэхыгъ.

Русичхэм агу къэкІодэу рагъэжьагъ. Апэ къызелъхэм, къапэуцугъэ шыудзэр ашІохъэтагъэп шъхьакІэ, акІыбыкІи ясэмэгукІи хьакІуцу-зых-мыутІэ шыухэу къатеуагъэхэм гъэзапІи, чъапІи ямыІэу хьамдэчым даубытагъэх.

– Мамыр! Мамыр! – ичатэ ышъхьагъ щиІэтыгъэу, русичыбзэкІэ лІы горэ куоштыгъэ.

Русичмэ зэоныр щагъэтыгъ, адыгэхэр зэтеуцуагъэх.

– Сыд, зиусхьан, русичыр зыфэкуорэр? – Агъбанэ Рэдэдыпщым еупчІыгъ.

– Заор тэжъугъэух еІо,– мыразэу пщышхом къыфидзыжьыгъ.

Русичхэр зэкІэкІожьыгъэх. Мыдрэхэри зыщежьэгъэ чІыпІэм иуцожьыгъэх. Шы ІупІэхэр аІыгъхэу, бгъуитІуми ядзэкІолІхэр заор зыщыкІогъэ утыгум ихьагъэх. УкІыгъэхэр, уІагъэхэр шыбгымэ атыралъхьэзэ, Іуахыжьыщтыгъэх.

Рэдэдыпщым Къоданэ игъусэу Къаншъао ихьадэ Іузыщыжьыхэрэ русичмэ апэгъокІыгъ, янахьыжъ пащэ риІуагъ:

– Сэры Рэдэдыпщыр. Къаншъэо дзэпащэр сэ сянэш. Ихьадэ къысэшъутыжьмэ, тянэ фэсщэжьыщт. Шъо къышъухэтыгъэми, тэ тщыщыгъ.

– Зиусхьан, ар къыпфэсшІэн слъэкІыщтэп,– русич пащэм къыпиупкІыгъ.– Джыри заом тыхэшъумыгъэхьажь, тидзэхэр таужкІэ къэкІох. Къаншэо русич дзэпщыр тидин итыгъ, ыгукІи, ышъхьэкІи къытфэшъыпкъэу къыддэпсэугъ. ДзэкІо пащэм тефэрэ шъхьэкІафэр фэтшІызэ, тэ дгъэтІылъыжьыщт. Ежьыри ары зыфэягъэр.

– Аущтэу оІомэ, сыдэу сшІын...– зэхихыгъэ гухэкІ джэуапым Рэдэд джыри нахь къыгъэнэшхъэигъ, къэбар тхьамыкІагъор янэ зишІэкІэ, къехъулІэщтым фэщынэу ыгу къыпиІонтІыкІыгъ.

## X

Мафэм хэкIрэр гум пэткIукIы.

Бжыхьэр ыкIэм факIо зыхъукIэ, цIыфхэр зэплъэкIыгъо имыфэхэзэ, шIункI къэхъу: тамэмэ къатеIункIэ, бгъэм къытегъуалъхьэ, гум зыригъэIэтрэп, нэф къызыщышъыщтым дегъэгуIэх. Ащ фэдэ чэщ кIыхьэхэм, пшъашъэмэ чэщдэсхэр ашIых, ныо-шъузхэр шIыхьафкIэ зэхэхьэх, тхыдэIотэ лIыжъхэр хьакIэщхэм ащызэхэсых. Пшысэмэ чыжьэу гупшысэр агъэIабэ: блэкIыгъэмкIэ зэрагъэплъэкIыжьых, къэхъущтым хагъаплъэх. Зыр алырэгъум тесэу мэбыбы, адрэр псы чIэгъымкIэ хым зэпырэкIы, урымхэм, арабхэм, русичхэм, цIыф шIуцIэхэм, нэзэжъухэм ахэхьэх, гъунэ зимыIэ дунаири гу цIыкIум къызэпечъыхьэ.

Зэо ужым къакIужьыгъэ гъогууанэм ыгъэпшъыгъэ Рэдэд пщышхор икIэлэгъум Колэс ихьакIэщ зэритыщтыгъэр, гущыIэ пэпчъ ыдырыщтым фэдэу лIыжъмэ зэрядэIущтыгъэр ынэгу къызыкIэуцожьым, псынкIэ къэхъужьыгъ, блэкIыгъэм фэзэщэу фызэплъэкIыжьыгъ.

Ащыгъум янэш Къаншъао кIэлэ Iэтахъоу, тыдэ кIуагъэми, Рэдэд зыдищэщтыгъ. Нахьыжъ къытыригъэуIэщтыгъэп, илэгъухэм ежь афырикъущтыгъ. Игъом хьакIэщым къырищэти, лIыжъмэ ашъхьаригъэтыщтыгъэ. ЛъэрыкIо цIыкIузэ есыкIи ригъэшIэгъагъ, бэнакIэми фигъасэщтыгъ.

Къаншъао чылэм дащыфэ, шIу щэхъу къыфимышIэу къызэрэшъхьарытыгъэр Рэдэд ынэгу кIэсыкIыжьыщтыгъ. Нэужым ежьыри лIы хъуи, янэшыри русичхэм къызаханэм, гущыIэ дысыхэу фидзыщтыгъэхэм джы арыкIэгъожьыгъагъ. Ары шъхьакIэ, жэм къыдэкIыгъэ гущыIэр бзыум фэд, къыпфэубытыжьыщтэп. «Имыфэшъуаши сIуагъэп,— Рэдэд зиухыижьыщтыгъ.— Къызыхэнэжьыгъэгъэ русичхэр Мстислав ятэжъ Святослав пщышхом илъэхъанэ къыщегъэжьагъэу, къытэзаох. Ары Тумтэкъашъэ адыгэмэ атезыхыгъагъэр хъэзар Iэлхэри зэхигъэтэкъогъагъ. Ащ ыкъо Владимир ишъэо пшIыкIутIумэ зафэшIушIэм, тикъалэ зыфигъэшъошэгъагъэр джы ынэшхохэр къытфизгъэкIырэ Мстислав. Ащ сэ сянэшыр дзэкIо пащэу гоуцогъагъ. Ар сяни, сэри сыдэущтэу фэдгъэгъуныя! Ау етIани, Къаншъау, дунаир зыхъожьырэм зэкIэ фагъэгъу хабзэшъ, сыгу обгъэжьырэп, тянэ тхьамыкIэми къыпфигъэгъун, ау узэрэщымыIэжьыр ышIэмэ, фэщыIэщтмэ сшIэрэп нахь...»

— Зиусхьан, къэпIогъагъэр шъыпкъэкIэ сенэгуе, ошъуапщэхэр къытехьэх,— Къоданэ ымакъэ Рэдэдыпщыр зыхэтыгъэ гукъаомэ къахищыжьыгъ, уашъом дэплъыий, ышъхьэ ыгъэсысыгъ.

— Хьау, Къодан, ошъопщэ шIуцIэ цунтхъагъэхэр ощх кIыхьэ хъущтхэп. ТIэкIу къыпхъынышъ текIыщт, е жьыбгъэм тырифыщт.

— Къаншъао зэрэщымыIэжьыр уянэ сыдэущтэу епIощт, зиусхьан?

— Ары зэшIэгъуае сызышIыгъэр,— ыIупшIэ дыигъэхэр дигъэакIоу Рэдэд ынэгу ыIотыгъ.— ЫшнахьыкIэ IузгъакIэ шIоигъоу, тянэ пчъагъэрэ къысэлъэIугъ. Ари сфэгъэцэкIагъэп. Къэбар мыIу щыIэп, сэ есымыIоми, адырэмэ ажэ сIыгъын слъэкIына? Тыкъызежьэжьыгъэм щегъэжьагъэу, сэри Къаншъао сынэгу кIэкIырэп... Зыгорэ къаIоба, Къодан.

— Сыд къэсIон, зиусхьан,— дзэпащэм гуегъу нэплъэгъур къыфидзыгъ.— Ащ фэдэ зыхъукIэ, адыгэхэр аIощтым фэсакъых, чыжьэкIэ къырагъажьэ. ЩыIэжьэп умыIоу, уIэгъэ хьылъэу Iуахыжьыгъ Iо.

— Тянэ зыфэдэр пшIэрэба, сынэ къызэрэкIаплъэу, шъыпкъэ зэресымыIорэр къышIэщт.

— Ащ фэдизэу зызфэуухыжьрэр къызгурэIо, зиусхьан.

— Сыд пшIошырэ, Къодан?

— Заом тызэрэхахьэу, Къаншъаорэ орырэ шъузэIуупIэгъагъ, о ебгъэпсыхыгъэмэ...

— Ухэукъо, сянэшым ылъ стелъэп. Шъыпкъэ, тызызэIофэм, чатэхэри зэфэтIэтыгъагъэх, ау саужкIэ къикIыгъэ шыум зыкъэшIэжьыгъо Къаншъао ригъэфагъэп.

— Хэт а шыур ?

— ШIэжьыгъо сифагъэп,— ынитIукIэ ылъэгъугъэр пщышхом ыушъэфыгъ. «Агъбан тянэ зыхилъхьан ышIэрэп, унагъом щыщ хъужьыгъэ. Ащ Къаншъао зэриукIыгъэр зишIэкIэ, нахь Iэяхэу ыгу хэтIысхьащт. Къыспэуцугъэр зыщыщыр ымышIэу, сыкъиухъумэзэ, IэкIэукIагъ. ЛIы хыем тянэ пыи фэсшIынэп» — гукIэ зыфигъэпытэжьыгъ.

Агъбан ыуж итэу Рэдэдыпщыр ищагу зэрэдэхьажьэу, Рампэс гощэшхор лъэгуцым къытехьагъ, нэмыз-Iумызэу ыкъо къыIуплъи, зэшIуанэзэ къыжэдэзыгъ:

– Упсаоу къэбгъэзэжьыгъэмэ, синасып, сикӀал. Джырэ фэдэу сыгу зиукӀыжьэу къыхэкӀыгъэп. Шыупащэ тэ щыӀа адэ?

– Ари псау, тян, мары, къэсыжьыщт,– ным ынэгу кӀэплъэн ымылъэкӀэу, Рэдэд ышъхьэ ригъэзэкӀыгъ, Агъбани гощэшхом Ӏумыплъэ шӀоигъоу шэщым фиузэнкӀыгъ.

– Фыкъуагъэр ба, сикӀал? – ыкъо игъэпсыкӀэ ыгу римыхьэу Рампэс гощэшхори къеупчӀызэ, къыӀуплъагъ.– Зэо зэпымычыжь, бзылъфыгъэмэ анэ игъукӀыным нэсыгъ.

– Сыдэу сшӀын, тян, тынэ къеӀэрэм ыпсэ теӀэжьы, тяплъызэ, зядгъэшхына? – заохэр ежь ыпкъ къызэримыкӀ-хэрэр ным гуригъаӀоу еӀэсэкӀыгъ.– НекӀо, унэм тигъэхьажь, лъэгуцым тытетэу тыгущыӀэна.

Рампэс гощэшхом пчъэмкӀэ зегъэзэжьым, хэпшӀыкӀэу къэсысыгъ. Рэдэд ыблыпкъ етхъуи, зэриубытылӀагъ.

– Ал, сшъхьэ къэунэзагъэмэ сшӀэрэп,– ныр хэщэӀу-кӀыгъ.– Зи пкӀэ сиӀэжьэп, сикӀал.

– Жьым макӀэрэ ухахьэшъ ары, тян,– Рэдэд ушъхьагъу къыгъотыгъ.– НахьышӀуӀо ухъумэ, щагум тӀэкӀу щыте-зекӀухьэзэ шӀы.

Унэ джэхэшъогум нэсыгъэу, Рампэс къызэуцокӀи, ынэгу шъуагъо къэчъэкӀызэ, ыкъо къыриӀуагъ:

– А сикӀал, уикъэплъакӀэ сыгу еӀурэп, пшъхьэ деогъэ-зэкӀы. ТхьамыкӀагъо горэ сшӀооушъэфы. Джы сшӀэщтми, етӀанэ сшӀэжьыщтми зи язэрэгъэхьырэп,– ныр убзэ ма-къэкӀэ къэлъэӀуагъ.

– ЧӀэнагъэхэр тиӀэх, тян,– Рэдэд ышъхьэ риуфэхыгъ.– Къосэгъу кӀэлэ заулэ фэхыгъэ, Мэщыкъо ыблэбгъу къау-Ӏагъ, нэмыкӀ уӀагъэхэри тиӀэх. ХьакӀуцухэми, зыхыхэми, мыутӀэхэми чӀэнагъэхэр ашӀыгъэх. Русичхэм шӀукӀаеу къытфырагъэшӀагъ, ау тэри шӀу ядгъэхьыгъэп.

– Къаншъау адэ, сшынахьыкӀэ къышъупэуцугъэмэ ахэтыгъэба? – ным ымакъэ къыпхъотагъ.

– Къаншъауи?..– зажэщтыгъэ упчӀэр ошӀэ-дэмышӀэу янэ къызэритыгъэм Рэдэд зэшӀуигъэнагъ.– Къаншъао русичмэ ядзэпащ, ахэмыт мэхъуа, ахэтыгъ.

– Ы-ы? Тхьэхэр къысауи, сыд къехъулӀагъ адэ?

– Заом зыфэмыӀо Ӏаджи хэхъухьэ, зыр аукӀы, адрэр аӀэ...



– Къэбар къысфэмыӀуатэу, сикӀал, хъугъэр къысаӀу! – Рампэс зыкъырихыгъ.

– УӀэгъэ хьылъэу Къаншъао русичмэ ахьыжьыгъ...

– Моу пшъхьэ емыгъэзэкӀэу, сынэгу къыкӀаплъ. Уятэ ащ фэдэ шэн хэлъыгъэп, дэири, дэгъури къыптыриубытэни къыуиӀощтыгъ. Уянэшым ыпсэ уеӀагъэмэ, егъашӀэрэ хъо-ныжь, сикӀал...

– Сэрэп, тян, сидзакӀомэ ащыщ. ОшӀэ-дэмышӀэу сакӀыб къыкъолъэти...– Рэдэд ыжэ къыдэзыгъэм рыкӀэгъожьыгъэу джыри зэшӀонагъэ.– Зы нэгъэупӀэпӀэгъум зэкӀэ хъугъэ.

– Сянэ къылъфыгъэ тхьамыкӀ, унэгу сыкӀэплъэжьыгъэп, умакъэ зэхэсхыжьыгъэп... МыгъокӀэ русичмэ уахэхьагъ, си Къан...

– Тян, сыолъэӀу, угу теӀункӀэжь...

– Гоу симыӀэжьыр ара, нынэ, сызтеӀункӀэжьыщтыр? Ар сэ сшӀагъэгущ, никъылъфыгъэ закъоу сиӀагъэр сыу-хыгъэ.

– Тятэ тапашъхьэ къызыраукӀыхьэм, ащ фэдиз угу щышӀэгъагъэп, тян. Къаншъао щымыӀэжьмэ, зыдэбгъэ-лӀэжьынэу щытэп.

– Ы-ы?! – Рампэс къыхэкуукӀыгъ.– Уятэ... Къан Къан-шъао...– ным ыӀупшӀэхэр шхъуантӀэ къэхъугъэх, кӀыбыкӀэ зэхафэу ригъэжьагъэти, янэ етхъуи, ыӀаплӀ риубытагъ, пӀэм хигъэгъуалъхьэзэ, нэплъэгъу гуӀэкӀэ къызэбэнэкӀыгъ:

– Айнар! Унэм зи исыжьба?! Айнар сӀуагъэ! – Рэдэд ышъхьэ лъыр къеуагъэу къызэджэкӀыгъ.

Шъэожъыехэр ыуж итхэу, Айнарэ унэм къилъэдагъ, гощэшхом иджэнабгъэ псынкӀэу ытӀэтагъ, ышъхьэ ыбгъэ тырилъхьи едэӀугъ, нэку-нэпсэу зыкъыӀэтыжьи, лӀым къы-риӀуагъ:

– Гощэшхор щыӀэжьэп... Мэфэ заулэм тигъэгушӀоу ылъэ тетыгъ... Чэщи, мафи къышъупаплъэщтыгъ... КӀалэ-хэри ищых, Кураци псынкӀэу къягъащ...

Курацэ икӀуи, ичъи зэхэтэу къэсыгъ, гъунэгъу шъузхэри, лӀыхэри къэзэрэфыгъэх, пщы щагум дэтхэри, пщэры-хьакӀохэри, джэхэшъотетхэри къызэхэлъэдагъэх. Хъулъ-фыгъи, бзылъфыгъи, янэ лӀэмэ зэрамыгъэенэу, гухэкӀышхо ащыхъоу гощэшхом фэгъыгъэх.

Агъбанэ гощэ унэм гъызэ къикӀыжьи, унэ натӀэмкӀэ рекӀокӀыгъ, ытамэхэр сысыхэу тӀэкӀурэ щыти, дэпкъым

шъхьэкӀэ еоу ригъэжьагъ. ЫпсэкъыӀузылъхьэу илъэс пчъагъэм игъусэ лӀы хыем Рэдэд ыгу егъугъ, кӀэрыхьи, ытамэ ыӀэ тырилъхьи, еушъыигъ:

– Хъугъэ, Агъбан, щыгъэтыжь, лажьэ уиӀэп.

– Симыӏэ мэхъуа, зиусхьан, лэжьэшхо къызтефагъэр сэры,– ыгу къыдэкӀыщтым фэдэу пщатэзэ Агъбан ерагъэу къыдищэягъ.– Къаншъаоми сшӀагъэп, тигощэшхо иӀоф зытетыр слъэгъоу, ыш сӀэ тесщэеныя?! Сэ нычхьапэ блэмыкӀэу, сшъхьэ щызгъэзыежьыщт.

– Ар угу къимыгъахь! Хъугъэр орырэ сэрырэ фэшъхьаф ышӀэрэп. Цыф емыӀу. Сэ узгъэмысэрэп. Ормырми нэмыкӀ горэм Къаншъао ыукӀыщтыгъ. Зэрэфэхыщтыр инэшъэ-уашъэ къиххьэгъагъ.

– Тхьауегъэпсэу, зиусхьан.

Ардэдэм хъулъфыгъэ гъымэкъэ лъэшым къэлапчъэмкӀэ зыкъыщиӀэтыгъ.

– Синэнэ дах, синэнэ гукӀэгъу! Ибэ хъураеу тыкъызэхэуни! – игъи, ипчъи зэхэтэу Шыупащ унэм илъэдагъ, гощэшхом ихьадэ зытыриуӀуби, къытыратхъыжьыфэ ыгъэягъ. Унэм къикӀыжьи, блынкӀэ кӀэсэным зезыщэкӀыгъэу зигъын пызыдзэжьыгъэм лӀыхэр еушъыигъэх:

– ЗэӀун, Шыупащ, нахьыбэрэ огъыкӀэ, лӀагъэр къэбгъэхъужьыщтэп.

– Зи ешъумыӀу,– Мэщыкъо ушъыякӀомэ ариӀуагъ,– ыгу жьы дэкӀыфэ орэгъы. Шыупащэ янагъэри ятагъэри Рампэс гощэшхор ары.

Лъэгуцым къытекӀыжьи, Шыупащэ щагу къогъумэ акъуахьэмэ къакъоужьызэ, тӀэкӀу шӀэ къэс, гур зэригъэгъоу, гъыныр къыхидзэжьыщтыгъ. Рэдэд пщышхом зызэриӀажэрэм пае ыкъо шъыпкъэм нахьи ыпӀужьыгъэм гощэшхор зэрэщымыӀэжьыр нахь гухэкӀ щыхъоу къызышӀошӀыхэри щагум дэтыгъэх.

Хьэдагъэр текӀыгъэми, щыгъынӀухыжьыр ашӀыжьыгъэми, Рэдэд пщышхом тхьаусхакӀо къыфэкӀогъагъэхэр чылэм зэрэдэмыфэжьыщтыгъэхэр, чылэхэр къэукъуагъэхэу зэрашӀошӀыщтыгъэр джы къызнэсыгъэми мэзыбэхэр рыгущыӀэщтыгъэх.

Рампэс гощэшхор зэфыкъом дэмысыгъэхэу, е кӀасэу зэхэзыхыгъэхэу, е сымэджагъэхэу игъом тхьаусхакӀо къэмыкӀуагъэхэри зызэпэужьхэм, къин къыщэхъуми, Рэдэд пщышхор хэгъэгу Ӏофмэ аӀууцожьыгъ. Зэо зэкӀэлъыкӀохэм къарахырэ утынхэр гугъэуз тыркъохэу къатенэщтыгъэхэми, цыфмэ алъэкӀыщтыр ашӀэщтыгъэ: унагъомэ къялыекӀырэ гъажъуи, коци, хьи, натрыфи, былымышъо-хъурышъо гъэтэджыгъэхэри, шъоуи, сани къэралыгъо гъэтӀылъыпӀэм къырахьылӀэщтыгъэ. Ау нэмыкӀ хэгъэгумэ къарыкӀыщтыгъэ щэфакӀохэр къэлъагъоещтыгъэхэп, къялыекӀыхэрэр зэрэӀуагъэкӀыщтым джы ежьхэр лъыхъунхэ фаеу чӀыпӀэ ифагъэх.

Русичмэ заӀуупӀагъэхэм ыуж ТумтэкъашъэкӀи, ПантикапейкӀи, ФеодоскӀи зигъэзэнкӀэ Рэдэд пщышхом рикущтыгъэп, ежьыри, ицыфхэми лые къарахыным тещтыхьэщтыгъэ. «Федэ тхихэу есэгъэ Думитрэ арнэмыӀэу икъакӀо зэпигъэугъэщтэп,– Рэдэдыпщым игупшысэхэр зэригъафэщтыгъэ.– Тадэжь къынэмысыми, хыӀушъом Ӏутэкъогъэ чылэхэм къахэмыхьэу щытэпщтын. Къытхэтаджэхэрэ зэо-банэмэ агъэщтэуӀугъэнкӀэ енэгуягъо. Ӏэнэпэ лъэныкъом къыщитӀысыкӀыгъэу сшӀагъэмэ, сшъхьэкӀэ сыкӀощтыгъэ. Тхьэмэ яхьатыркӀэ, етхъожьыщтым изакъоп, тыщыщэфэни тлъэкӀыщт, дышъи, тыжьыни мымакӀэу зэӀудгъэкӀагъ. ТилъэкӀ зынэсыгъэр Думитрэ аригъашӀэмэ, Костаси, нэмыкӀ дэчыгхэри мэкъэнчъэ хъунхэп...»

ПӀэкӀор джашъом тегъэкӀэгъэ Рэдэд янэ къеджагъэ фэдэу къыщыхъугъ. «Ары шъыу, тянэ ымакъэ зэхэсхыгъ,– пщышхор гумэкӀэу къызэшӀотӀысхьагъ, хьакӀэщ нэкӀыр нэплъэгъу гуӀэкӀэ зэпичъыхьагъ, зыдэхьащхыжьыгъ.– Сенэгуе зыдэсымышӀэжьэу сышъхьаукъагъэкӀэ. Ынапи слъэгъугъэ фэд. «Заом унэгъо мышӀэжь цыфхэр ехъулӀэх» къысиӀуагъ. Ары, тян, машӀом къелыжьрэр яжьэ, заом къелыжьырэр лажьэ. СкӀуачӀэ къыщымыкӀагъэми, сэри сыгукӀэ сыуцуагъ. СыкӀалэзэ езгъэжьагъэшъ, зэон, бэнэн, лъы гъэчъэн щэхъу сшӀэрэп, зы мэфэ тхъагъо къысфыхэкӀыгъэп...»

Хьакъарэ зэребэныгъагъэм, ыпкъ зэригъэфыкъогъагъэм имызакъоу, лъыр къыкӀэчъэу зэрахьыжьыгъагъэр Рэдэд ынэгу къыкӀэуцожьыгъ. Византие хэгъэгум зыращым, къыпагъэуцугъэгъэ лӀы шӀуцӀэшхор, мыутӀэ шыу купыри мэзым зэрэхаукӀыхьэгъагъэри, икӀэрыкӀэу къыгъэщынэжьэу ыпашъхьэ къитэджэжьыгъ. Ышъэ икӀыгъэ хьэкӀэ-къуакӀэр утыгум къызыфыращэр ащ нахь тхьамы-

кӀэгъожьыгъ. ЛӀы шӀуцӀэм къыӀучъыщтыгъэ лъыри къэплъаным ышъхьэ къутагъэ къичъыщтыгъэ лъыри зэфэдагъэх, плъыжьыгъэх, къахихырэ пахъэм гур къыгъэмакӀэщтыгъэ. Нахьлъэш цӀэплъыжъыр зэфэдитӀо зызэгуегъэзыр ары ыгуи, ыли зымыузыгъагъэр. Илъэс пчъагъэм гухьэ-гужъэу ригъэшӀыгъагъэм сыд фэдэ зэхашӀэри щигъэгъупшэжьыгъагъ.

«Ары шъхьакӀэ, сынэ зэкӀэсхыми, зэкӀаслъхьэми слъэгъурэр лъы, тхьамыкӀагъу, зао,— ежь-ежьырэу Рэдэд зэдэожьыгъ.— Бзылъфыгъэхэм анэ игъукӀыным зэрэнэсыгъэхэр шъыпкъэ, тян, ау тэры, хъулъфыгъэхэр ары заохэрэр, къаукӀхэрэр, тэ тӀэхэр ары лъы закӀэхэр. Тынэпсыхэр къечъэххэу шъодгъэлъэгъурэп, тыгумэ лъыпсыр къапыткӀузэ, зытэщыӀэ. Тэри тӀэхэр пхъэӀэшэкӀмэ афэзэщых, уц цӀынэ кӀырым ымэ къыткӀаоу мэкъу теоныри тикӀас, мэщ хьасэхэр дгъэбагъомэ, тынэхэр къагъэшхэкӀых. Шъо шъугумэ афэдэу, хъулъфыгъэгухэри зэрэзэфэшъхьафхэр ори, тян, пшӀэщтыгъэ — шъабэх, пхъашэх, гукӀэгъух, жъалымых. Зыцэ къытфэзгъэлъырэр, Мстислав русич пщышхор зыфыщыӀэр зао, ищытхъу аригъэӀонкӀэ ерэшӀи, зэблэн щыӀэп. Шъыпкъэ, лӀы къэбзэшху, плӀэӀубгъу, нэгуплъ чӀэпцӀэ нэшху, ау лъы ыгъачъэмэ, гухахъо хегъуатэ. Ар чэтэ ихыгъэкӀэ къызэрэтфэкӀощтым щэч хэлъэп. Бзылъфыгъэ нэпсым сыкъиубытмэ, хэгъэгур кӀодыжьыщт, тызэбгырызыжьынышъ, къыттыралъхьэрэр тихьылъэу, тигъашӀэ тхьыщт. Ащ сеуцолӀэн слъэкӀыщтэп...»

Рэдэд пщышхор псынкӀэу къэтэджи, гупшысэ хьылъэхэр ышъхьэ рифыгъэх, ыплӀэӀу тыридзыгъэх, хьакӀэщым икӀи, щагушхом зыщиплъыхьагъ. Агъбанэ къылъэгъуи, къекӀолӀагъ:

— Зыгорэм уфэягъа, зиусхьан?

— Шыупащэ чыжьэу щыӀа?

— ШэщымкӀэ кӀоу слъэгъугъэ, сыкъеджэн.

Шыупащэ чэфынчъэ нэгукӀэ пщышхом ыпашъхьэ къиуцуагъ:

— Укъысфая, Рэдэд?

— Мэщыкъоми, Къоданэми къэгъоти, кӀэлэ чан заулэ Ӏэнапэ агъэкӀонэу яӀу. Византие хэгъэгум къикӀырэ къухьэхэр къызысыхэрэр къызэрарэгъашӀ.— Шыупащэ щагум зыдэкӀым, Агъбанэ риӀуагъ: — Сионэши къысфыӀуягъащ.

УхъумакӀохэр ыуж зехьэхэм, Рэдэд пщышхом ыдагъэп, шыу заулэ гъусэ ышӀынышъ, Мыстхъакъо зэрэкӀощтыр къызэриӀокӀыгъ.

Рэдэд пщышхом Темрыкъо ыгу къызэрэпылъэдагъэм лъэпситӀу иӀагъ: апэрэмкӀэ, дин Ӏофыр ыпшъэ рилъхьанэу зэрэрихъухьэгъагъэр ыгу къэкӀыжьыгъ. Ибэ нахьыбэу ар къыфыдэзгъэоежьыгъэр янэ ихьэдагъэ зэрэзэрихьагъэр ары. «Илыягъэу гущыӀагъэп, хъыягъэп, мощ фэдиз цӀыфыр зыпкъ итэу зэрищагъ, ыгъэдэӀуагъ, къосэгъумэ ямышэн хабзи къызхигъэфагъэп,— дин пащэ ышӀы шӀоигъом икӀэрыкӀэу пщышхор гукӀэ щытхъужьыгъ.— Тянэ тхьамыкӀэм ицӀыфыгъи, игукӀэгъуи гъунэ ямыӀэу, уагъэукӀытэу зэриӀуагъэр тэрэз, ары зэрэщытыгъэр. АкъылышӀуагъ, теубытагъэ хэлъыгъ, узгъэгъозэн бзылъфыгъагъ ыӀуагъ. Ащи мышъыпкъэ хэлъэп, ау «идунае зыхъожьыгъэу тапашъхьэ илъ Рампэс гощэшхор ны къодыягъэп, бзылъфыгъэ къызэрыкӀуагъэп, зэкӀэ адыгэ лъэпкъхэм тянэм ычӀыпӀэу теплъыщтыгъ» зэриӀуагъэм сынапӀэхэр рысигъэдзыхыгъагъ, ар сыкъызэрилъфыгъэм пае къэӀуагъэ хъугъэу къащыхъунба сӀуи, сигъэукӀытэжьыгъагъ. Шъыпкъэ, къыдезгъэштэрэ макъэхэр лӀымэ ашъхьарычъыгъэх, ау тянэ зыфэдагъэр зэкӀэми ашӀэн алъэкӀыщтыгъэп...» ЯтӀонэрэмкӀэ, Темрыкъо зэригъэлъэгъунэу Рэдэд ыгу къызкӀыпылъэдэгъагъэр Мстислав пщышхор игупшысэмэ къазэрэхэхьэгъагъэр ары. Русичмэ яшэн-гъэпсыкӀи, япщышхо зыфэдэри, илӀакъо къырыкӀуагъэри къыфэзыӀотэгъагъэхэр Темрыкъу. ГъэрыпӀэм щэӀэфэ, къэбарэу къахихыгъэм гъунэ иӀагъэп.

Бжыхьэ тыгъэр тхъопсэ шъабэкӀэ шыумэ акӀыб къиӀабэщтыгъэ, жьыбгъэ макӀэм хэлъ чъыӀэтагъэр шыу напэмэ арычъэщтыгъэ. Шыу купыр Мыстхъакъо нэсхи, Темрыкъо икъэлэпчъэӀу зыӀохьэхэм, бысымыр Ӏэшэ-шъуашэкӀэ тегъэпсыхьагъэу, къяжэу щысыгъ пӀонэу, нэмыз-ӀумызкӀэ къапэгъокӀызэ, гукӀэ зэупчӀыжьыгъ: «Къэбар ышӀэу къысфэкӀуагъа, хьауми нэмыкӀ Ӏоф зэрефа?»

— Тянэ зыдгъэтӀылъыгъэм ыуж сыгу зиӀэтырэп,— Рэдэд къыӀуи, къыпигъэхъожьыгъ: — Лъэгъун къыпфысиӀ.

— СыкъэдаӀо, зиусхьан,— Темрыкъо зызэкӀиугъоягъ.

— Чыристан диным узэрэфэщагъэр сымышӀэу сыкъэкӀуагъэп, ар щыгъэзыий тидин къихьажь сӀоуи уезгъэзырэп.

Сэ бэрэ сегупшысагъ, диным пылъ нэбгырэ заули сыгукӀэ зясыусэигъ, ау о сыкъыпщыуцугъ.

– Сэ нэпитӀу сиӀэп, зиусхьан...– Темрыкъо къэгузэжъуагъ.

– Зэ, зэ, къезгъэжьагъэр къэсэгъэӀуах,– Рэдэд гущыӀапэр ыубытыжьыгъ.– НэпитӀу уиӀагъэмэ, уадэжь сыкъакӀо пакӀо, гущыӀэгъуи усшӀыщтыгъэп. Шъыпкъагъэ зэрэбголъыр непэп зысшӀэрэр. УиакъылыкӀи, уицӀыфыгъэкӀи, уизэхэшӀыкӀыкӀи дин пэщэ ӀэнатӀэр ощ нахь зытефэрэ слъэгъурэп. Турабэ къытхэтыфэ, ипцӀи, ишъыпкъи зэголъэу тигъэдаӀощтыгъэ, къизыдзи, къизымыдзи къытхэтыгъ. О ащ уфэдэп, уиӀуи, уишӀи цӀыфмэ ахэхьэ, цыхьэ къыпфашӀы, уилӀыгъэкӀи хэти ыкӀыб узэрэдэмыуцощтыр ашӀэ. Шъэогъугъэ-шъыпкъагъэу къыздызепхьэрэм имызакъоу, динлэжь пащэуи укъызготы сшӀоигъу. УгукӀэ пштагъэшъ, чыристан диныр ӀэкӀыб умышӀы. Тэри титхьэхэм я Тхьэжьэу Тыгъэ-Тхьэшхом тилъэӀухэр зэкӀэ етэхьылӀэжьы, ори Тхьэшхо закъом щэхъу щымыӀэу оӀо. Титхьэхэм афэлажь, игъо зыщыплъэгъурэм цыхьэ зыфэпшӀыхэрэм угу илъыр афих, купмэ зэхахэу бырсыр-зэутэкӀхэр къызэрыкӀын гущыӀэ афэмышӀ.

– Тхьэм къысфидэна, зиусхьан? – Темрыкъо ынэгу мыгупсэф щынэр къыхэхъожьыгъ.

– ЦӀыфмэ уафэлажьэмэ, Тхьэшхоми, тэ титхьэхэми къыпфагъэгъущт,– Рэдэд пщышхом бысымыр ыгъэрэхьат шӀоигъуагъ.– Ау джы нэс зи къыосӀуагъэп, сыкъыоплъышъ, зыгорэм узэредзэ, тыкъызэрэсэу пхэмылъыгъэ горэхэр пхэслъэгъуагъ. Унэгъо Ӏофмэ, къысфэгъэгъу, узэзгъэфэнэу сыкъэкӀуагъэп.

– Сыкъэпшӏагъ, зиусхьан, о цӀыфым ынэгу узыкӀаплъэкӀэ, ыгу илъыр къыохы,– Темрыкъо ыӀупшӀакӀэхэр къэтхыуагъэх, ыӀаблэмэ кӀэзэз макӀэр арычъагъ.– Тхьэм ыӀомэ, сиунагъокӀэ сыгупсэф, ау сищагу тхьамыкӀэгъошхо къыдэхъухьагъ.

Пщышхом ышъхьэ къыпхъотагъ, хъугъэр ымышӀэми, ынэгушъхьэмэ къахихыгъ, ынэхэр къыӀэпыкӀыгъэх:

– Сыд тхьамыкӀагъу уищагу къыдэхъухьан ылъэкӀыщтыр?

– Сикъакъыр пчъэӀу хьадэ Ӏулъэу нэф сыкъикӀыгъ, зиусхьан.

– Хэт ихьад?

– Урым Думитр.

– Ар тхьамыкӀагъоми блэкӀы,– ышъо пычъыгъэу Рэдэдыпщыр къэтэджыгъ, хэшэнычъыкӀызэ джэхэшъогур рикӀукӀи, ежь къыдэтэджыгъэ бысымым кӀэкӀэу зыкъыфигъэзагъ.– Тэ щыӀ хьадэр?

– Къакъырым щызгъэбылъыгъ, шхылъэм даслъхьи, мэкъу тӀэкӀу тесхъожьыгъ, къакъырыпчъэри згъэпытагъэ.

– Сыда хьадэр кӀэбгъэнэгъоджагъэр?

– Сыщтагъ. Унэм исхэми язгъэшӀагъэп.

– Уищагу ащ фэдизыр зыдэхъухьэм, уихьэ хьакъугъэба?

– Чэщыгум блэкӀыгъэу, ар зэ-тӀо къыхэхьакъукӀи, зыщегъэтыжьым, сэри сыгумэкӀыгъэп. Нэфшъагъом унэм сыкъызекӀым, къыспэгушӀуатэзэ къыспэгъокӀэу зихэбзэгъэ хьэм седжагъ – къэлъэгъуагъэп. ЕтӀанэ къакъырыпчъэм кӀыбыкӀэ егъэкъугъэу кӀэрысыр сынэ къыпэшӀофагъ, хьэ лӀагъэри мычыжьэу щылъыгъ. Хьадэр зысэгъэбылъыхэм, сышэси, Думитрэ тичылэ къызэрэдэхьэрэ гъогум сырыкӀуагъ, мэз хэхьапӀэхэр къэслъыхъугъэх. Думитрэ ӀэнэкӀэу къытфакӀощтыгъэп ныӀа, икуми ыщэнэу къытфищэщтыгъэхэр арми, зыгорэ къэзгъотыным сыщыгугъыгъ, ау зи щыӀагъэп.

– Гъунэгъухэм, хьаблэм хэсхэм уахэупчӀыхьагъа?

– Ари сшӀагъэ, зиусхьан. Гуцафэ къызфясымыгъэшӀэу, алъэгъугъэ е зэхахыгъэ щыӀэмэ, зэзгъэшӀагъэ. Ащ фэди къахэкӀыгъэп.

– Джы сыд пшӀэн угу хэлъ?

– АщкӀэ сыкъышъоупчӀыжьынэу шъуадэжькӀэ сыкъежьэгъагъ, ау о сапэ укъишъыгъ. Лъэпсэнчъэу, шыхьат горэ щымыӀэу, зыпари хъурэп. Думитрэ сищагу зэрэщамыукӀыгъэр нафэ, мэз чӀэгъым ыпсэ щыӀуахыгъэщт. Ащ къынэсыфэхэ, чылэхэми къадэкӀыгъэхэба, гъогурыкӀо горэхэми къэбгъукӀуагъэхэба.

– УӀагъэхэр телъха?

– Ынэгуи ыкӀышъуи зэрэкъабз, ыпшъэ зэшӀуакӀыкӀыгъ. Думитрэ ыӀэхъомбэ цӀэрамыӀу, ыкӀыӀукӀэ шышъхьэ сурэт телъэу дышъэ Ӏэлъын илъыщтыгъ. Ари, ыпшъэ илъыгъэ къащри, цы шъабэм хэшӀыкӀыгъэ къэптанри пылъыжьхэп. Хьадэр згъэнэгъуаджэмэ, ар зышӀагъэхэр уцущтхэп. Яфэшъуашэ зятымыгъэгъоткӀэ...

– Моу къэтӀысыжь, Темрыкъу,– Рэдэдыпщым ичӀыпӀэ ыубытыжьи, къыпэчӀынатӀэу къетӀысэхыжьыгъэ бысымым еупчӀыгъ: – Хьадэр о къызэрэуахьылӀагъэм сыдэу уеплъыра?

– Чыристан диным сызэрэпылъыр зыгу темыфэхэрэм къысфагъэпытэ, Думитрэ рашӀагъэр сэри къыспыщылъэу къызгурагъаӀо. Сызэрэщымытэу цӀыфмэ сарагъэлъэгъун гухэлъ яӀэу къысэшхъоӀагъэх.

– О уизакъоп, Темрыкъу. Сэри ахэмэ слъапсэ агъэтӀасхъэ ашӀоигъу. Iо хэлъэп, Думитрэ зэкӀодылӀагъэхэр тэ тщыщых. Зы нэбгырэп, би хъущтыгъэхэп. Хэтми ар зышӀагъэмэ зэрафэмыгъуштым уемыщэч, укӀакӀохэр къясымыгъэгъотыхэу сыгу псэфынэп. ЗилӀыгъэ къымыхьхэрэр джары зэрэзекӀохэрэр. Къытхагъахьэрэ динлэжьыр къытэкӀодылӀагъэу зашӀэкӀэ, Византие къызэрэтфимыгъэгъуштыр а джэголъэжъмэ къыдалъытагъ.

– Сыд тшӀэщт, хьадэр дгъэнэгъоджэщта? – ымакъэ ефэхыгъэу Темрыкъо къэупчӀагъ.– Тхьэм къысфигъэгъунэп, зиусхьан.

– Сэ Думитрэ икъэкӀогъум пэзгъэплъэнхэу, шыу заулэ Iэнапэ агъэкӀонхэу къясӀуи, сыкъыдэкӀыгъ,– бысымым иупчӀэ зэхимыхыгъэ фэдэу, ежь ышъхьэ къыфечъагъэр Рэдэд къыӀуагъ.– ЛӀыкӀохэр къэхьаулыещтых.

– НэмыкӀ дэчыг горэ зэ къыпфэкӀогъагъэба, зиусхьан? Константинополь узыщэӀэм, шъэогъу къыпфэхъугъагъ сшӀошӀ.

– Костаса зыфапӀорэр? – пщышхом ынэгу зэхихыжьыгъ.– Ари къытфыкъокӀынкӀи пшӀэнэп. Джы укъызкӀэупчӀагъэр ары, Темрыкъу. ДумитрэкӀэ бырсыр къэтымыӀэтыгомэ, тэркӀэ нахьышӀоу сегупшысагъ. Хэщ-ощ умышӀэу, тижъмэ зэрашӀыщтыгъэу, уихэтэ цыпэ горэм егъэкӀу. Тэри джырэкӀэ зытыушъэфын, зыукӀыгъэхэми ажэ гущыӀэ къызэрэдэмыкӀыщтым уицыхьэ тегъэлъ. Къэхъурэм теплъын.

– Зы акъыл нахьи, акъылитӀу, зиусхьан, дэгъоу сшӀагъэ зистэкъухьажьэу сызэремыжьагъэр,– Темрыкъо къызхигъэфэгъэ щэӀагъэм кӀэгушӀужьыгъ.– Тиадыгэгъэ-цӀыфыгъэ димыштэми, Думитрэ тхьамыкӀэм ихьадэ тызэрэдэзекӀощтыр Тхьэм къытфигъэгъун.



– Сэри титхьэмэ тамыгъэмысэнэу сялъэӀун, нэмыкӀ хэкӀыпӀэ тиӀэп,– рихъухьагъэм бысымыр къызэрезэгъыгъэр Рэдэд игопагъ.– Джы, Темрыкъу, тхьамыкӀагъо къэхъугъэми сымышӀэу, сыкъызфэкӀуагъэм зэхэугуфыкӀыгъэ джэуап къептыжьыгъэп. Дин пащэ ухъуным укъезэгъмэ, къаӀо.

– Сыкъемызэгъын сымылъэкӀынэу сыпшӀыгъ, зиусхьан,– бысымыр апэрэу IугушӀукӀыгъ, етӀанэ къэгумэкӀи, къыхигъэхъожьыгъ: – Сиунэ матэ щыпалъэ къызшӀомыгъэшӀ. Зышъхьэ къыпфисхыщт тхьамыкӀагъом тытегущыӀэфэ тимыгъэгумэкӀынэу, унэм исым фэзгъэпытэгъагъ. Моу джыдэдэм Iанэр къахьыщт.

– ИщыкӀагъэп, Темрыкъу, умыгъэгумэкӀых,– Рэдэд пщышхор къэтэджыжьыгъ.

Тыгъэ нэгъыфыр къохьаным енэцӀыщтыгъ Рэдэд пщышхор гъогу къызытехьажьым. Думитрэ иукӀыкӀэ фэхъугъэм нэмыкӀ гупшыси иӀагъэп. Колэс ихьакӀэщ исхэу зытӀо-зыщэ гущыӀэгъу зэрэзэфэхъугъагъэхэри къыфыдэоежьыгъэх, ау зэкӀэмэ акӀыӀу къэхъужьыщтыгъэр урым динлэжьым ыпшъэ къиӀэбэн, ащкӀэ Темрыкъуи ежьыри ыгъэмысэн гухэлъ иӀэу къафыкъокӀыгъэр зэримышӀэщтыгъэр ары. Зэгуцэфэни шъхьэм къихьэщтыгъэп. Ыгу къэкӀыщт бзэджагъэмкӀэ зыпшъэ умыкӀожьыщтыгъэр Абэч шъхьакӀэ, шым риупкӀэхыгъэу Къоданэ къыриӀогъагъ. ЗыгорэкӀэ уӀагъэу русичмэ зэуапӀэм рахыжьыгъэмэ ыӀуи, ащкӀи джэнджэш ыгу къихьагъ, ау ари щигъэзыягъ. Къоданэ ымыукӀыгъэми, зэриуӀагъэм щэч хэлъыгъэп. Ыгу сысэу, иуӀагъэ ебзэижьэу Тумтэкъашъэ зыщызгъэбылъырэ Абэчыпщыр Мыстхъакъо къынэсыныр ышъхьэ къыригъэхьагъэп.

## ЯБЛЭНЭРЭШЪХЬ

### I

Узщыбысимым ущылъэш, хьэкӀапӀэм ущзэкӀэӀулӀагъ.

БлэкӀырэ уахътэр нахьыбэ хъу къэс, Абэчыпщым ишъхьэегъэзыпӀэ Тумтэкъашъэ нахь зэжъу къыщыфэхъущтыгъэ. Апэрэ мафэхэм хихыгъэ унэр шӀотхъэгъуа-

гъэми, ыгу изэгъэжьыщтыгъэп. Мыжъо дэпкъ лъагэхэмкӀэ къэшӀыхьэгъэ къалэм къыщикӀухьэ хъумэ, хьамдэч горэм дэфагъэ фэдэу къыщыхъущтыгъ. Бэгъуазэм Ӏухьэу хым хаплъэ зыхъукӀэ, ыгу Ӏасэзэ, игупшысэ хьылъэхэр шъхьэщыкӀыщтыгъэх. Къалэм къызигъэзэжьыкӀэ, нэплъэгъу нацӀэр зыфидзыщтыгъэ зыхы чӀыгур, ичылэжъ, ищагу игъэкӀотыгъэ ынэгу къыкӀэуцощтыгъэх.

ГучӀэм нэсэу илъэныкъо фэзэщыныр Абэчыпщым ышӀагъэп. Иунагъо игъусагъэмэ ащ фэдизэу зэкъоныгъэр зэхимышӀэнкӀэ гугъэщтыгъэ, ау къызэрэшӀошӀыщтыгъэу ишъуз къычӀэкӀыжьыгъэп. Шъхьэр зыдакӀорэм кӀэр макӀо ыӀуи, ицыхьэ телъэу, чэщ гъогу шъэфыкӀэ ибын Зирарэ афиӀопщыгъагъ. «ЧӀыгу хымэ сыщытхъэн нахьи, сичӀыгужъ сыщэрэлӀ» — джащ фэдэ джэуап Абэчыпщым ишъуз къыфаригъэхьыжьыгъагъ. Ар шъхьэкӀошхо щыхъуи, къэзылъфыгъи, къязгъэлъфыгъи къымыгъанэу, зишхыхьажьэу зы купырэ хэтыгъ.

Джы зэкӀэм акӀыӀу Абэчыпщым тырахыгъэ тетыгъор къышӀохъущтыгъэ. Зэрытыгъэ чӀыпӀэр джы зэрыфэгъэ чӀыпӀэм ригъапшэ хъумэ, ышъэ икӀыным нэсыщтыгъ. «Нафэуи, шъэфэуи къысатӀэщтыгъэ ЗекӀошыу нэкӀутӀэжьыр счӀыпӀэ зызгъэпщышхорэм зэрэригъэхьагъэр сыгу къырефы. Чэлэмэтыпщыр арэп апэ Ӏуезгъэхын фэягъэр, джа жэпкъышхожъыр ары. Сэ къыздекӀокӀыщтыгъэ пщыхэми ардэдэм зыгуасагъ, гущыӀэ хамыӀухьэкӀэ зышъхьэрагъэуцуагъ. Ар афэзгъэгъун ашӀошӀымэ, хэделыхьэх. Сэ симафи къэсыщт. Русичхэм къызэрязэожьыгъэр Рэдэд къырагъэжьыжьыщт. Джащыгъум Зыхы хэгъэгур сӀэ къифэжьыгъэкӀэ лъытэ. Ашъыу сиӀэгъэ тетыгъор сымыгъотыжьми, сичылэ сӀэ къифэжьыгъэу къэслъэгъужьыгъэмэ, сезэгъыщтыгъэ. Моущтэу зыми сыщымыщыжьэу, Зирарэ щэхъурэ гугъапӀэ симыӀэу сыщысыкӀэ щыӀакӀэ хъуна?!»

Гугъэ-гупшысэмэ ыӀу рагъэгъукӀыгъэу Абэчыпщыр пӀэкӀорыгум къитэджыкӀыгъ, пхъэныӀукӀым зылъэӀабэм, лъэпауи, пӀэкӀор бармэкъым риутэкӀыгъэ Ӏэлджэнэ уӀагъэм ыпсэ хигъэӀэжьыгъ. «Уянэ...— ынэгу зэригъалъэзэ, пщыр хъонагъэ,— Тумтэкъашъэ псэупӀэкӀэ къыхэзыхыгъэм нахь делэ дунаим къытемыхъожьын. Узэшъоцт псыри къыпфащэу, псы пхъэныӀу ипкӀутмэ, угу кӀэгъоу, сыд тхьамыкӀагъэу шъыу сыкъызхэфагъэр. Къаншъао опсэуфэ, ыдэжь

сызычӀахьэкӀэ, псыкӀэ зызгъэшъокӀыщтыгъэ, сыгу жьы дэзгъэкӀыщтыгъэ. Мстислав пщышхом нэӀуасэ сыфишӀынэуи къысиӀогъагъ шъхьакӀэ, тиадыгэ мыгъомэ игъо рагъэфэжьыгъэп. Сэ зэ зызфесэгъэхьым, благъэу сырагъэкӀолӀагъэп. Сыда, мафэ къэс зыхыпщыхэр русичмэ къахэхьажьыха? Ащ зыгорэ хэлъ, цыхьэ къысфамышӀыкӀэ сенэгуе. Муары, Къаншъауи къосэгъумэ къахэкӀыгъагъ, дзэпащэ ашӀыгъагъ нахь. Ащ ихьадэ зэрэзэрахьагъэр, гущыӀэ дахэу фаӀуагъэр! Ипсаушъхьэ нахьи, ихьэдашъхьэ нахь сырагъэхъопсэжьыгъ...»

Узыр зыхэжъукӀыжьырэ Ӏэлджанэм Абэч фэсакъызэ, ыӀэгушъо тырилъхьагъ, Къоданэ ыгу фижъэжъыкӀэу зэриӀожьыгъ: «А хьакъулапыжъэу Рэдэд къыдекӀошъэкӀрэм къыстырищэгъэ уӀагъэр фэзгъэгъункӀэ орэмыгугъ. Сыздэщысым сыщысэу сылъыӀэсыщт, ыгу хьэпӀацӀэ хезгъэдзэщт. ИтеплъэкӀэ сыфырикъун сшӀошӀыщтыгъ шъхьакӀэ, кӀочӀэ делэ иӀэу къычӀэкӀыгъ. Ичатэ мэӀум къызытефэкӀэ, сӀэ къызэкӀидзэщтыгъ. Ащ блэкӀыжьыгъэмэ сиӀоф ыӀощтыгъэ. Дэгъоу сшӀагъэ лъэрыгъым слъапэ изгъани, шым зызэрезгъэфэхыгъэр, сыриупкӀэхыгъ шӀошӀи, сшъхьарыкӀыжьыгъагъ. Адрэ пщыныкъори тыдэ къысфизыгъагъа? Зирарэ зыкъызыспэӀуедзэм, нэбгыритӀум зыгорэущтэу Къоданыжъым тыфырикъун сӀогъагъэ. Зирарэ плъыжь сеупчӀын сэӀошъ сщэгъупшэжьы. Шыупащэрэ арырэ сыдэущтэу зэбгъодэкӀыжьыгъэха?»

Щалъэм псы тӀэкӀу къыхихи, Абэч ешъуагъ. Зирарэ икъэкӀогъу зэрэблэкӀырэм ыгъапэу гъумыгъугъэ: «Шъхьэуз зимыӀэр пӀэшъхьагъым езэгъырэп, чэщи, мафи къалэр къецӀэлъыхьэ. Анахь нэджэ-Ӏуджэр уцогъу ышӀыгъ. Шъыпкъэ, а кӀэлэжъым ынапэкӀэ зи епӀолӀэнэп, ау гу бзаджэ зэриӀэр ынэмэ къакӀэщы. Зэ талъэныкъокӀэ зысэтӀупщыхэм, ястыгъэ дышъэ тӀэкӀум ыгъэхьакъу-жъокъугъэх. Зирар плъыжьыжъым зигъэсэмэркъэузэ, зымафэ къысфидзыгъ: «Загъорэ дышъэ къызкъоохы, зиусхьан, убайкӀэ енэгуягъо». Зыкъысеушэты. Мощ нахь мыхъурэм сиӀэ дышъэр зэригъэшӀэнышъ, сыӀуригъэхынэу къысашэ. Русичмэ афасшӀэрэм пае зыгорэхэр къысӀэкӀалъхьэхэу есӀуагъ нахь, сишъэф езгъэшӀэна...»

Пчъэ Ӏупхъот макъэм Абэчыпщыр къыкӀигъэпкӀыгъ, Зирарэ къыхыгъэ шӀуфэсым джэуап римытыжьэу филъыгъ:

– Гъусэ умыхъуштмэ, пшъхьэ щыгъэзый, кlал. Сэ сызэгоутышъ сыщыс, о къалэр къэоцlэлъыхьэ.

– Ори пlэлджан ныlэп узырэр, зиусхьан, къалэм хахьи, унэ жьы кlэгъэу,– ыцэ жъгъэйхэр къыlупсхэу Зирарэ щхыпцlыгъэ.

– Ужэ къыдахьэрэр къэмыlу! Усишъэогъуа, сэмэркъэу къыздэпшlынэу?

– Угу къэсlэтын сlуагъэ нахь, зиусхьан...

– Уичlылъэ лъэр щыпсынкl, гум зыщеlэты. Тызгъэчэфынэу сыд тэ мыщ щытлъэгъурэр? – пщым зыкъишlэжьи, иупчlэ гукlае шъэбагъэ кlилъхьагъ: – Моу сlэлджанэ тепхагъэр къызэблэхъу, уц тlэкlуи къыщыф. Уlагъэр къецэкъэжьрэп сlоу сыгушlозэ, пlэкlор натlэм езгъэгъэузыжьыгъ.

– Ащ сыд езгъэlон, зиусхьан, мары джыдэд. Уцыри къыщысфэн, узыри хэзгъэлlыкlын,– Зирар фэlазэ хъужьыгъэу, lэлджанэм тепхагъэр тырихыгъ, уlагъэм уцыри щифагъ, фипхыжьыгъ.– Джыри сыд, зиусхьан?

– Моу къэтlыс,– къыпэчlынэтlэ пхъэнтlэкlум Абэч lэ фишlыгъ.– Шъуалъэныкъокlэ укъокlыным сыдэу уеплъыра?

– Сыд сиlоф щыl? – етlысэхыгъо имыфэзэ, Зирарэ къэтэджыжьыгъ.– Саубытымэ, спсэ lуахын!

– Тlыс! – зыкъышlозыпхъотэгъэгъэ макъэр пщым рифыхыжьи, нэшlу шъабэкlэ Зирарэ lуплъагъ: – Уалъэныкъо уфэзэщырэба? Уянэ щыl, пшынахьыжъи, уиlахьылхэри, уишъэогъухэри...

– Сыгуи къэкlыхэрэп, зиусхьан,– джыри Зирарэ ыцэ жъгъэйхэр къыlуигъэпсыгъэх.– Сэ мыщ шъэогъу бэлыхьэ щызгъотыгъ, русич пшъашъэхэри нэlуасэ къысфишlыгъэх.

– Джары кlэлэгъур зыкlэтхъагъор...– Абэчыпщым шъхьэ пагэр ылэтызэ, ынэхэр къэлыдыгъэх.– Ар тэ къитхыжьын. Шъуз дэхэжъэу къысфэмыкlожьыгъэм сыпылъэп, ау сисабыймэ сафэзэщы. Сэ сызэрыт ныбжьым узиуцокlэ, уянэ къылъфыгъэм дэжь гъунэгъу чылэ ущыlагъэми, уичылэжъ укъызыдэфэжьыкlэ, гур мэпсэфыжьы.

– Сэ сыздакlорэр сиунэ,– Зирарэ гугъуемылlыхэу къызlуишlыкlыгъ.

– Ау щытми, шъуалъэныкъо укlомэ, бысым щыбгъотынба?

– Адыгэмэ анахь тхьамыкlэри бысым, зиусхьан, ар сызфэбгъэкlощтым елъытыгъ,– пщым ыгу къихьагъэр ымышlэу фэсакъызэ, Зирарэ ытамэхэр зэфищагъэх.



– Бысымышlым сэ къизгъэкlыгъэр фэшъхьаф,– Абэч зыкъигъэтэрэзыжьыгъ.– Узгъэнэгъоджэн, гъусэ къыпфэхъун уищыкlэгъэщт.

– Мэзыбэ сяни, сшынахьыжъи дэсых нахь мышlэми, къыздэбанэу, къыздэзаоу зы шъэогъу дэс.– Зирарэ джы тхыкlэ зырищзэ, зигъэпкъыягъ.– Мыщкlэ уикlымэ, чылэ гъунэ шъыпкъэм lус. Мэзыри пэблагъ. Сыдэмысыфэ къымыщагъэмэ, яти, яни имыlэжьэу шъхьэзэкъо лъэкъуитlу.

– Уицыхьэ телъа?

– Сlорэм лъэбэкъукlэ блэкlыщтэп. Сэры лlы зышlыгъэр.

«Мыр гъусэ къызыкlысфэхъугъэр зыфэсхьын сшlэщтыгъэп шъхьакlэ, джы къызгурыlоу езгъэжьагъ,– пщыр нэшlукlэ Зирарэ lуплъыхьагъ.– Сэщ фэдэ хьазыр, гушхо. Джары улlымэ узэрэщытын фаер. Ишъэогъуи ежь фэдэу ыгъэсэщт. Зэ ыпшъэ ислъхьагъэр дэгъоу къызэшlуихыгъагъ, къикlыжьыщтыр сшlэрэп нахь. Мыдрэми хэкlыпlэ къыфигъотыщт...»

– Мэзыбэ узфэзгъэкlощтым къедэlу,– Абэчыпщыр зыкъоlэбэжьи, дышъэ ахъщэхэр зырызэу ылэгу рилъхьагъэх.– Мыхэр къыостыщтым ызыныкъу. Къызыбгъэзэжьыкlэ, къэнагъэр уие.– Етlани, икlэджыбэ иlаби, дышъэ такъырхэр къыригъэлъэгъугъэх.– Мыхэр блы мэхъу. Узянэцlыкlэ, псибл уиlэми, lусхьыщт. Ар пытэу угу иубыт. Мыхэр зыгорэуштэу Къоданыжъым кlэкlэплъхьащтых. Ежь зэрэпlимыхыщтыр нафэ, ау къэгъот, егупшыс. О пшъхьэ къихьащт хьилагъэм фэдэр сэ пкlыхьыкlи слъэгъуштэп. Зэкъодзакlэм уфэlаз, шъхьэ дэгъу пшlот.

– Сыд мыщ къибгъэкlырэр, зиусхьан?

– Рэдэдрэ Къоданэрэ мы дышъэ такъырхэмкlэ пыи зэфэпшlыщтых. А хьэм къылъфыгъэм къыстырищэгъэ уlагъэр мыгъо фэсшlыщт,– дышъэ такъырхэр Зирарэ ритхи, еупчlыжьыгъ: – Пфэгъэцэкlэна?

– Сшъхьэ къэпкlэнтlэфэ сегупшысэн, зиусхьан,– Зирарэ ишъыпкъэу къыlуи, пщым ылэ къытырихыжьыгъэ хъэдэным ыцыпэ къабзэ къыпитхъыгъ, дышъэ такъырхэр ащ кlоцlипхэхи, иджыбэ рилъхьагъ.– Гъусэ сшымэ нахьышlуба?

– Гъусэ lоф къыхэмыгъахь, шыхьат лые сищыкlагъэп.– Зэпыугъо макlэкlэ фыпигъэхъожьыгъ: – Къыбдэгощэжьэу, сыда епшlэщтыр?

– Дышъэмэ къахэбгъэхъощтмэ сIуагъэ нахь...

– Русичмэ къысатыгъэр ары уиджыбэ иплъхьагъэр. Джыри къашъуштэ сIони, сялъэIущта? – Абэчыпщым зыкъигъэтхьамыкIагъ, ардэдэм зэрэтегущыIыкIыни къыгъотыгъ: – Арэп, сыкъыоупчIын сэIошъ, сщэгъупшэжьы. Шыупащэ сыдэущтэу ушIокIыгъагъа?

– Русич шыу горэ тазыфагу къызыдэлъадэм, сшъхьэ къыIусхыжьыгъагъ, зиусхьан,– Зирар щхыпцIыгъэ.– Русичмэ апае зезгъэукIыныя? Тэрэзэу сшIагъэба, зиусхьан?

– О уихъоршэрыгъэ цIыф къыкIэхьащтэп,– Зирарэ щытхъу фэдэу Абэчыпщым зыригъэшIыгъ.

«Ори пIэбжъэнакIэ зыгъэузырэм ышъхьэ шIопхынэу ухьазыр, боу ушъхьэкIоштапх,– Зирари гукIэ щхыпцIызэ, пщым фидзыжьыгъ.– Рэдэдыпщымрэ Къоданэ дзэпащэмрэ пыи зэфэошIыхэкIэ, о сыд хэпхыжьыщт? Ау щытми, уилъыгъуаткIо пэпчъ умышIэжьэу ууцущтэп...»

Думитрэ динлэжьыр зэкIодылIагъэхэр къычIигъэщыным Рэдэд ишъыпкъэу ыуж итыгъ. Мэщыкъо шыу заулэ игъусэу къохьапIэмкIэ щыIэ къосэгъу чылэмэ ахигъэхьагъэу къыхьыщт къэбарым зыпаплъэрэр мэфищым къехъугъ.

Пчыхьэшъхьапэ хъугъэу пщышхори, дзэпащэри къэлэпчъэIум шымэ ащепсыхыхи, щагум дэхьажьхэзэ, Къоданэ къэупчIагъ:

– Зиусхьан, Думитрэ талъэныкъо къихьагъэмэ, Мэзыби къэсынба, сыда укIыдэгузажъорэр?

– Дэчыгхэр зыфэдэхэр пшIэрэп, Къодан,– къыремыплъэкIэу Рэдэд джэуап къытыжьыгъ.– Ащэщтыр заухыкIэ, гъогу лые пфакIужьыщтэп. ХыIушъом къыIуинагъэ щыIэмэ, ардэдэм ыгъэзэжьыщт. Сэ сищыкIагъ, нэмыкI дэчыгхэри къезгъэгъотыщтых. Тхъожьынэу, тщэнэу зэIукIагъэр бэ.

ХьакIэщым ихьажьхи, Iашэхэр зыпахыгъэх, затхьакIыфэ, залъэкIыжьыфэ, Iанэхэри къафахьыгъэх. ЛIышхуитIумэ алъэгуанджэхэр Iэнашъхьэм къышъхьарыщхэу зэпэтIысыгъэхэу, шылъэмакъэхэр къэIугъэх. Шхыным хэмыIэхэзэ, Мэщыкъо пчъэр къыIуихыгъ.

– КъакIо, къакIо, Мэщыкъу, лIышIу иIанэ шыгъэ, игъо шъыпкъэм укъытефэжьыгъ,– лIы Iужъу Iэсэшхом Рэдэд фэчэфыгъ. Мэщыкъуи псынкIэу ыIэмэ псы апигъэчъи, Iанэм



пэтIысхьагъ.– Тыгу зыгъэшIун къэпхьыгъэмэ, къаIо, нахь тыфэчэфэу тышхэн.

– НэбгыритIу къэдгъотыгъ, зиусхьан. Думитрэ тIуми ашIэрэп, ау лIы къуапцIэ горэ, зэрэмыадыгэр пшIэнэу, кIэлэкIитIумэ азыфагу дэтэу, къокIыпIэмкIэ кIоу алъэгъугъ. Шыугъэх, ку ушъагъи ауж итыгъ.

– Зыфэдэхэр къызэбгъэшIагъэха?

– СаIуупчIыхьагъ шъхьакIэ, гуфаплъэу ямыплъыгъэхэу aIуагъ. Темрыкъо дэжьи сыщыIагъ. Ащи Думитрэ зыпари пигъэгъокIыгъэп. Хэт адэ тичылэпщымэ ащыщэу дэчыгыр дэзыщэхыгъэщтыр? – Рэдэдыпщыр зырызэу лIитIумэ aIуплъагъ.

Мэщыкъо гуIэнкIэ Iулъхьэр ригъэхи, къыIуагъ:

– Зиусхьан, Колэс зытэгъэIылъ уж, уянэ Рампэс гощэшхор дунаим зехыжь ужи Думитрэ къытхэхьагъэп, хэт дищэхыгъэми, къэбар зишIэкIэ, тхьаусхакIо къэмыкIоу ыгъэзэжьыщтэп.

– Ари шъыпкъэ, хьаулыеу тэгумэкIы,– Рэдэд къезэгъыгъ.

Зэшхахэхэ уж, гъогум къытекIыжьыгъэ Мэщыкъо унэм зэкIожьым, Рэдэдыпщыр къэупчIагъ:

– Къодан, дышъэ-тыжьын къычIэхыпIэмкIэ укIоным сыдэу уеплъыра? БэшIагъэ уазыхэмыхьагъэр, цIыфхэри къызэбгъэлъэгъуных, Iоф зэрашIэрэми укъылъыплъэн. Мэфэ заулэкIэ сэ сыдэкIыщтышъ, Шыупащэ къэкIожьынэу еIу.

– Сыкъэплъэн къодыеу ара, зиусхьан, хьауми къыщысшIэн щыIа?

– Дышъи, тыжьыни хьазырэу яIэр къэпхьыжьынэу ары. Шыуишъэм къыщымыкIэу зэгъэгъус. Гъогухэр щынэгъончъэхэп.

– Зыгорэ къэхъугъэу зэхэпхыгъа?

– Къэхъугъэ щыIэп, ау хъун ылъэкIыщт,– Рэдэд пщышхом шъхьангъупчъэмкIэ иплъы фэдэ зишIыгъ.– Дышъэри, тыжьынри нэцIабгэх. Тызфэсакъыжьмэ, нахьышIу. Пчэдыжь шъуежьэмэ, мэфэ зыщыплI горэмкIэ къэжъугъэзэжьыщт...

Бжыхьэ ошIу фабэм загъорэ къыхэфэщтыгъэ ощх макIэм шхъонтIэбзэ нэгъыфкIэ уцыкIэм зыкъыригъэштэжьыгъагъ, чъыг тхьапэхэр гъожьы хъущтыгъэхэми, шхъонтIэ-

гъакӀэр джыри зыдаӀыгъыгъ. Гъэмафэм пидзэжьыгъ ашӀошӀэу, ыкӀэм фэкӀорэ бжыхьэм изытет цӀыфмэ агъэшӀагъоштыгъэ.

Къакъыр кӀашъом тесыгъэ Зирарэ орзашъхьэм гъуанэ фишӀыгъэу чылэм хаплъэзэ, хатэр къызэпызычыжьрэ шъэогъур ынэ къыпэшӀофагъ. «Сыд сэӀо мы делэм чъыг хатэм дишӀыхьэрэр? – Бэржъэй лъэкъокӀыхьэр къызэремылъэкӀонрэм Зирарэ хигъэгубжыкӀыгъ.– Чъыгхэр зэпеплъыхьэх. Модэ, чы къыдэчъыгъакӀэ горэ къыпиупкӀыгъ, ышъхьэпэ псыгъуи пигъэлъэтыгъ. Сыда ришӀэщтыр? Ӏофэп къежьэжьыгъэмэ...»

Къакъырыпчъэр мэкӀэ-макӀэу къыӀукӀыгъ, Бэржъые ымэкъэ псыгъо къэӀугъ:

– Къоданэ шыу куп игъусэу пчэдыжь дэкӀыгъ, дышъэ къычӀэхыпӀэм кӀуагъэ.

Бэржъые чымкӀэ зиухьэмэ шъуипцӀызэ, унэм ихьажьыгъ. Зирарэ мэкъу шъабэм зыхигъэукӀорэежьыгъ: «Къоданэ зыфэкӀуагъэр сшӀэрэп, ау сэ дышъэр къэсхьыгъэкӀэ лъытэ. Абэчыпщым сегъэделэ шӀошӀы, зыгорэ сигъашӀэ къэс, зызгъэзэжьыкӀэ, ынкъо къысетыжьы. Зыгорэ къысэхъулӀэмэ, къыфэнэжьыным щэгугъы шъхьакӀэ, зыуж сихьэрэр къыздэмыхъун ылъэкӀыщтэп. Сэ тхьэхэр сигъусэх. ТӀэкӀу-тӀэкӀузэ иӀэ дышъэр къыкӀэкӀэсхынышъ, етӀанэ теплъыщт ежьырми сэрыми пщыр. Еж о русичмэ дышъэ къыуатыщтышъ. СэшӀэ дышъэ зэрэуиӀэр. Гъогум тытет зэхъум ар пхэлъэу сшӀагъэмэ, къыосшӀэщтыгъэр сэшӀэ. Джыри уахътэ щыӀ, ау зыщигъэбылъыгъэр сымышӀэу, хьаулыеу лъы згъэчъэна. Сишъэогъужъ фыхэзгъэпс къодыемэ, жьы къыригъэщэжьыщтэп... Ахэр сӀозэ, ежь сыкъыӀуригъэхымэ, сыкъэпшӀагъ. Зыфаер сигъэшӀахэмэ, Абэчыпщыр къыоблэн цӀыфэп, сызфэсакъыжьын фай...» – ышъхьэ лъыр къеуагъэу Зирарэ къызэшӀотӀысхьагъ, къамэр ыбгъукӀэ рищэкӀи, мэкъум щыӀэбэлъэбагъ, зынэсыгъэр ымышӀэу, ыӀэ къыпхъотэжьыгъ. Ардэдэм чэтыу огушхор кӀашъом епкӀэхыжьыгъ.

Зирарэ зигъэгупсэфыжьи, мэкъушъхьэм зыщикъудыигъ, чэщ кӀуагъэм чъыягъэпти, игупшысэмэ ахэтэу хэчъыягъ. ПкӀыхьапӀэ елъэгъу: икъамэ ихыгъэу Абэчыпщым шъхьарыт. Адырэр къелъэӀу: «СымыукӀ, сидышъэ осэты. О сэщ нахьи унахь чан, унахь Ӏуш, улӀыблан. Сэ пщы сызышӀыгъэр дышъэр ары. Джы оры дышъэр зиер, оры пщыр». «Ара, сыбгъэплъэхъунышъ, сыӀуебгъэхыжьын угу хэлъ. Ар къыбдзэгъэхъущтэп!» – Зирар реӀожьы. ЗимышӀэжьэу пщыр мэкуо: «Зирар!.. Зирар!..»

Ардэдэм Зирарэ къэлъэтагъ, макъи къеӀугъ:

– Зирар, дэгу ухъугъа сэӀо?

– Сыд къэхъугъ, Бэржъый?

– Чэщыр макӀо, зыкъом фэбэгъон.

– Адэ сэ сыхэчъыегъэ къодый сшӀошӀыгъ,– зиухыижьызэ, Зирарэ кӀашъом къехыжьыгъ.– Тиежьэгъу къэсыгъа?

– ИшӀупӀ. Сэ сыуимыӀагъэмэ, пшӀэщтыгъэр сшӀэрэп,– Бэржъые зышӀомыдэеу кӀэлэцӀыкӀу макъэкӀэ къызэриӀокӀи, Зирар ыпэ итэу, къакъырым чӀэкӀыжьыгъ.– Урамым тырыкӀо хъущтэп, хэтэ дэкӀхэр нахь щынэгъончъэх. Унэхэми благъэу тякӀолӀэщтэп. О сауж уитэу къакӀо, сызэрэгъолъэу зычӀэдз. Къоданэ иунэ сэ занкӀэу уесщэлӀэщт.

Макъи-лъакъи амыгъэӀоу, хэтэ дэхьэ-дэкӀыкӀэ Къоданэ иунэ раублэгъугъэу, хьэшхо горэ апашъхьэ къиуцуагъ.

– Мыр кӀэлэ щорэ зиӀэ унагъом ихь,– Бэржъые шъэогъум еӀушъэшъагъ,– хьэ шъэфырытхъу, къызыоцэкъахэкӀэ, хьакъоу регъажьэ. Ма, лы зытиз къупшъхьэшхо къыпфэсхьыгъ,– хьэм къышӀэжьыгъэти, ыкӀэ ыгъэсысызэ къыкӀэрыхьи, къупшъхьэр ӀэкӀипхъотыгъ.– Джы тигъогу зэӀухыгъ.

Къоданэ иунэ зынэсхэм, Бэржъые ыӀитӀу зэрыдзагъэ Зирарэ ригъэуцуи, ыӀэтыгъ. Дышъэ такъырхэр зыкӀоцӀылъ хъэдэныр пчъэшъхьакӀэм зычӀегъанэм, макъэ пымыӀукӀэу чӀыгум къытеуцожьыгъ.

– Джы сыд тшӀэщт? – Бэржъые зыфэрэзэжьэу Зирарэ Ӏуплъагъ.

– ТшӀэщтыр тшӀэгъахэ, сэ сежьэжьыщт. Къэнэжьыгъэр, Къоданэ къызыкӀожьыкӀэ, зы чэщ тебгъэшӀэнышъ, зэрэтӀуагъэу пшӀыщт.

– О мы Ӏофым пкӀэнчъэу ыуж уитэп, сэри зыгорэ къысфэплъэгъун фаеба? СыкъашӀэмэ, сызфэкӀодрэр сшӀэзэ дунаим сехыжьын...– Мэкъэ псыгъо кӀэщыгъэкӀэ ску-ску-ску ригъаӀоу Бэржъые кӀэщхыкӀызэ, зигъогу техьажьыщтыгъэ Зирарэ егыигъ.

Абэчыпщым къыфигъэпытагъ нахь мышIэми, Зирарэ зыкъоIэбэжьи, анахь дышъэ такъыр цIыкIоу къахихыгъэр къыфищэигъ:

– Сщыгъупшагъ, сишъэогъужъ, хьэрамыгъэкIэ къэзгъэнагъэп.

– Джар зыгорэм фэд,– Бэржъые къыIэкIалъхьагъэм ыIэмычIэ къыгъэфэбагъ.

– Адэ ары! – Зирарэ ишыIупIэ шхомлакIэр текъузагъэу, чылэм къыпэIулъ шъоф бгъузэр лъэсэу зэпичыжьи, чэщ шIункIым хэкIодэжьыгъ.

Пчэдыжьым щегъэжьагъэу Бэржъые зыфэплъырыщтыгъэр Къоданэ игъунэгъу кIэлэ щорэр арыгъэ. Делэ дэд пIонэуи щытыгъэп, лIыхэр IуyIухьэхэу, щхэнхэр къырагъаIохэу, пшъэшъэ дахэу ылъэгъурэм икъэщэнкIэ еджэу, емышIэ-шIумышIэу тхьамыкIэр хьаблэм хэсыгъ.

«Тыфэмые хъумэ, щорэжъыр минрэ тапэ къефэ, непэ тэ щыкIодыгъа?» – Бэржъый гукIэ цIацIэзэ, зыпаплъэщтыгъэр ылъэгъугъ. ПэгъокIи, ебгъукIо фэдэ зишIызэ, егыигъ:

– Адэ шIуфэси къэпхыжьырэп, тыкъибдзэжьрэба?

– Сыда шIуфэс къыкIыосхыщтыр, усшIэрэп, сыпшIэрэп, уфаемэ, о къысэхыба,– Щорэм къыфидзыжьыгъ.

– Ар Iофэп, Щор, нычэпэ уигъунэгъу Къоданэ иунэкIыб пхъэшъхьакIэ хигъэбылъхьэгъэ дышъэр плъэгъугъэба? – Бэржъые щхыпцIызэ, кIэлэ делэм Iуплъагъ.

– Сымылъэгъугъэмэ шIагъуа, слъэгъугъэ сIомэ, сыкъэнэжьыгъ,– ыпэ дигъэзыий, Щорэ щхыгъэ.

– Тэрэз, Щор, нычэпэ щагу уикIынэу унэм укъикIыгъэу плъэгъугъэ.

– Ары, слъэгъугъэ,– ынэхэр къыригъэкIыхэу Щорэ къыгъэшъыпкъэжьыгъ.– Сынэшъу пшIошIа, сыда зыкIэсымылъэгъущтыр?

КIыщ Iупэм щызэхэт лIы купым Щорэ ахахьи, Бэржъые ышIошъ ыгъэхъугъэр ахиIyагъ. ЛIыхэр зэрэгъэщхыгъэх, къесэмэркъэугъэхэри зышIошъ хъун горэхэри къахэкIыгъэх...

ШакIо къикIыжьырэ шыу купыр Мэзыбэ къыдэхьажьыгъ. Шыупащэ ышнахьыжъ иджабгъу ыIыгъ, пщышхом исэмэгукIэ Мэщыкъо къыгот, Агъбани ауж къинэ-къимынашъоу пчэн укIыгъэр ишыплIэ дэлъ.

– Непэ бащэрэ уохъугъ, зиусхьан, ар уишэныгъэп,– сэмэркъэу-кIэнэкIалъэр ищхыпэ макIэ къыхэщэу Шыупащэ ышнахьыжъ фыреплъэкIыгъ.

– Зибэ пшIэрэм урыIаз, Шыупащ,– пщышхом ычIыпIэкIэ Мэщыкъо джэуап къытыжьыгъ.– Тхьапш шIагъэ зиусхьаныр шакIо зымыкIожьыгъэр, щысэхъукIыжьыгъ.

– Оры мыхъугъэмэ, Мэщыкъу, шакIо сыкIон гухэлъ сиIагъэп,– Рэдэдыпщыми къыIуагъ.– Iофым тшъхьэ къыхэщыжьрэп. Арэп, Мэщыкъу, дзэкIо кIэлитIоу зэзэуагъэхэр хэт щыщха, сыда атезэрэхрэр?

– СшIэрэп, зиусхьан, Къоданэ къыIон. Сэ сIэ илъхэм ащыщхэп.

– О-о, шъукъеблагъ, шъукъеблагъ, хьэкIэгъошIу шъухъущт шъо,– гущыIэм хэт шыухэм икъэлэпчъэу Iут ТIатIыхъу лIыжъым гу лъатагъэп.– ШакIо узымыкIожьыгъэр къэсшIэжьырэп, зиусхьан. Дэгъоу пшIагъэ, унэ жьы кIэбгъэугъ.

Пщышхори, игъусэхэри яшымэ къяпсыхыгъэх.

– Iофхэр сыдэу щытых, ТIатIыхъу? – лIыжъ жэко гъугъэм Рэдэдыпщыр IугушIуагъ.

– Лъэкъуищ узыхъукIэ, зиусхьан, псауныгъэр ехы нахь, къыдэкIое Iоф иIэжьэп,– цэхэр зыIумытыжь лIыжъым IукIодэжьыгъэ IупшIэ псыгъохэр ыгъэунэшкIузэ, пщышхоми, игъусэми гуфаплъэу аIуплъагъ.– Чылэм къыщежьэгъэ къэбарыр шъыпкъа, зиусхьан?

– Сыд къэбар? – урым динлэжьыр зэраукIыгъэр къычIэщыгъэна Рэдэд ыIуи, ышъхьэ кIырыугъ.– Тэ зи зэхэтхыгъэп, ТIатIыхъу.

– КIо, ащыгъум зэхэшъухын,– лIыжъым къыригъэжьагъэр кIилъэшъужьыгъ.

– Къебгъэжьэгъахэмэ къаIо, ТIатIыхъу,– пщышхом лIыжъым пигъодзыжьыгъ.

– Ашъыу, къэбар пшIынэуи щытэп, сшIошъи хъугъэп,– къызэрэупчIагъэм рыкIэгъожьыгъэу, лIыжъым къыIощтыр рифыхьэщтыгъэ.– Къоданэ ар ышIэнэп. Ежьыри зэплъыжьынба, тэри къытэплъынба. О узэрэфыщытым изакъоми, зиусхьан...

– ТIатIыхъу, сыд хъугъэр? – Рэдэдыпщыр джы къэгузэжъуагъ.

– Къебгъэхьыжьыгъэ дышъэм енэцӀыгъэу къэбар зэрахьэ.
– Мыдэ мыщ ыӀорэр! – Рэдэдыпщыр щхыпцӀыгъэ.– Ащ фэдэ хъун ылъэкӀыщтэп, ТӀатӀыхъу. Сэ къызгот тамэмэ Къоданэ ащыщ, илӀыгъи, ицӀыфыгъи зыфэдэр ори ошӀэ.
– Дунаим мыхъурэ щыӀэп, зиусхьан,– лӀыжъыр къезэгъыгъэп,– зишъыпкъапӀэ умышӀэрэм шыхьатэу утемыуцу. Сэ Къоданэ сыгу ебгъэрэп, ежьыри боу дахэу къысфыщыт, ау Ӏор зэрэбгъэуцун закъоу щыӀэр ууплъэкӀуныр ары. Иунэ кӀыб пхъэшъхьакӀэ дышъэ бжыб чӀигъэбылъхьагъэу аӀошъ, лъыгъэхъух.
– Тят,– Мэщыкъо къэгуӀагъ,– ар тшӀэмэ, Къоданэ шъхьэкӀошхо етхын.
– Зиусхьан, Къоданэ сэ сыригъусагъ,– Шыупащэ ышъо къыхихыгъ. Дышъэм хэӀэбагъэмэ, слъэгъуныеба. Хэт ибзэджэрылъф ащ фэдэ къэбар шӀой зыгъэӀугъэр?
– КӀалэм ынапэ шъутхьакӀыжь шъушӀоигъомэ, шъуууплъэкӀу,– лӀыжъым джыри тыригъэгушхуагъэх.– ПцӀэу къычӀэкӀмэ, тхьэмэ мышъыпкъэ ашӀ, къэбар зыгъэӀугъэр ихьайнапэу къэнэжьын.
– Ари тэрэз, ТӀатӀыхъу,– пщышхор джы къезэгъыгъ.– Мэщыкъу, Шыупащ, шъукӀуи, Къодан иунэ пхъэшъхьакӀэ шъучӀаплъ.
Рэдэд зыкӀи Къоданэ дэикӀэ енэгуещтыгъэп, ау етӀани лӀитӀумэ къахьыщт къэбарым зэридзэщтыгъэ, хэшэнычъыкӀызэ, хьакӀэщ джэхашъор рикӀукӀыщтыгъэ, етӀысэхыти, ыгу мызагъэу къэтэджыжьыщтыгъэ, шъхьангъупчъэм иплъыти, етӀани хэкӀукӀыщтыгъэ.
Мэщыкъорэ Шыупащэрэ къэсыжьыгъэх, дышъэ такъырхэр зыкӀоцӀыпхэгъэ хъэдэныр Мэщыкъо къытӀати, пщышхом ыпашъхьэ рилъхьагъ. Ашъохэр ямыежьэу къышъхьарыт нэбгыритӀум Рэдэд яплъыгъ:
– КъызгурыӀорэп, сшъхьэ къыубытырэп,– Рэдэдыпщым ымакъэ къыӀэтыгъ.– Мы дышъэ тӀэкӀум сыд ибылымыгъ? МэлакӀэ малӀа, ышхын фимыкъуа, ибын фэмыӀыгъыжьа? Шыупащ, модэ Къоданэ къысфягъащ!
Шыупащэ хьакӀэщым икӀыгъэ нэмыӀэу къыгъэзэжьыгъ:
– Къоданэ къэкӀо, джыдэдэм къихьащт.
ХьакӀэщым щызэхэт лӀищмэ ятеплъэ къыгурымыӀоу, Къоданэ ышъо къызэокӀызэ, къэупчӀагъ:

– ТхьамыкӀагъо горэ къэхъугъа?
– ТхьамыкӀагъоми блэкӀы,– Рэдэдыпщым Къоданэ фидзыгъ.– Ори унапэ тепхыжьыгъ, тэри хьайнапэ тыохъулӀагъ.
– Сыд пӀуагъи? – Къоданэ плъыжьыбзэу къызэкӀэнагъ.
Рэдэдыпщым Ӏэхъомбэ пэрытымкӀэ Къоданэ ригъэлъэгъугъ:
– Мо дышъэ такъырхэр уиунэ пхъэшъхьакӀэ къычӀахыгъэх.
Ӏанэм телъ дышъэ такъырмэ Къоданэ яплъи, ынэхэр плъызыхэу пщышхом Ӏуплъэжьыгъ:
– ЧӀэзылъхьагъэм къычӀихыжьыгъ, сиӀоф хэлъэп.
– Зытетыр къаӀуи, оркӀэ нахь заф,– пщышхор къеушъыигъ.
– Зиусхьан! – Къодан ыӀупшӀакӀэхэр къэкӀэзэзыгъэх.– Ащ нахь цыхьэ къысфэмышӀырэмэ, зы мафи сыкъыбготыжьынэу сыфаеп. О хэгъэгу пащэу утиӀэ пае, сыд къыстеплъхьэми къыстезэгъэнэу щытэп. Илъэс пчъагъэм сшӀагъэм осэ дэгъу къыфэпшӀыгъ, зиусхьан. Ар сэ хэти фэзгъэгъунэп! – Къодан пчъэр къырыутэкӀи, пщыунэм зыридзыжьыгъ.
КӀым-сым гомыӀур хьакӀэщым иуцуагъ, нэмыз-Ӏумызхэу лӀыхэр зэӀуплъагъэх.
– Рэдэд,– Мэщыкъо зэрэщытыр щыгъупшэжьыгъэу, Шыупащэ ышнахьыжъ ыцӀэкӀэ еджагъ,– КъоданэкӀэ тэ тымышӀэ горэ Ӏофым хэхъухьэ.
– Зышъхьэ къэзыухъумэжьрэм сыдэущтэу зебгъэшӀынэу уфэягъ, Шыупащ? – Къоданэ изекӀуакӀи, гущыӀэ дыджэу къышӀыгъэхэри Мэщыкъо ыумысыгъэх.
– Шъорыба дышъэр Къоданэ иунэ пхъэшъхьакӀэ къычӀэзыхыгъэр? – Рэдэд пщышхор нахь пхъашэу къызэкӀэнагъ.– Хьугъэ, ащ щытэжъугъэух.– Непэ щегъэжьагъэу, Мэщыкъу, дзэпащэ ӀэнатӀэр огъэцакӀэ, Шыупащэ гуадзэ къыпфэсэшӀы. Зэфэсышхо зэхатщэмэ, Къоданэ ычӀыпӀэ ихьащтыр дгъэнэфэщт.
Пщышхом къафигъэшъошэгъэ ӀэнатӀэм гушӀуи, гухахъуи лӀитӀумэ халъэгъуагъэп, ашъхьэхэр еуфэхыгъэхэу хьакӀэщым икӀыжьхи, гущыӀэ зэрамыӀоу зэгокӀыжьыгъэх.

## II

– Лlым лlы ышхыжьрэп, зэхэдз зымышlырэр хьэр ары. Ащкlэ тащыщ горэ хьэм фэзгъадэкlэ арэп, уасэ зэфэтшlыжьын, тыкъэзэрэухъумэжьын фае, Мэщыкъу,– Темрыкъо иушъый макъэ адыкlэ мэшlо кlыбым къыщыlугъ. Рэдэд пщышхом ыпашъхьэ ис зыхыпщ Зекlошыу шъхьапырыплъызэ, ытхьакlумэ кlигъэзыкlыгъ. Шlошъхъуныгъэ зыфыриlэр Темрыкъо къыриlотыкlыным дэгузажъощтыгъэ.– Зэ, Мэщыкъу, къезгъэжьагъэр къэсэгъаlу, Къоданэ сэ непэп зысшlэрэр. Шъэожъые такъырэу къытхахьэу зырегъаджьэм, сыкlэлэ lэтэхъуагъ. Ащ къыщегъэжьагъэу джы къызнэсыгъэм мыхъун ышlагъэу дасшlэрэп.

– Сэри Къоданэ идэй сlонэу сыфаеп,– Мэщыкъуи пигъодзыжьыгъ.– Хъугъэр ары къасlорэр. Ащ пэшlуекlогъуай. Сынитlукlэ слъэгъузэ, зыфаlогъэ унэ пхъэшъхьакlэм Шыупащэ дышъэр къычlихыгъ. Къоданэ къешхъошlэн чылэм дэсэу сэ сшlэрэп. Етlани унагъо зэришlэщт дышъэр хэт идела къэзыхьынышъ уипхъэшъхьакlэ къычlэзылъхьащтыр?

– Гужъ къыпфызиlэр, Мэщыкъу, уигъэунэхъункlэ ерэшlи, иlэ мылъкум шъхьасыщтэп. Ащ фэдэ цlыфхэри щыlэх. Ори ошlэ, губгъэн емынэгуерэр гъусэнчъ. Къоданэ зэкlалэми, лlыпкъым зеуцоми шъэогъухэр къемытэкъокlыгъэхэу мафэ къыфыхэкlыгъэп,– Темрыкъо ичылэгъумкlэ зэкlакlо зэримыlэр шlогъэшlэгъонэу пщышхор кlэдэlукlыщтыгъэ.– Зыгорэхэм тызэкъуаут ашlоигъокlэ Тхьэм сырегъэнэгуе.

– Ащыгъум сэ сызэнэгуери къыосlон,– Мэщыкъо пкъы lужъу зэхэушъагъэкlэ Темрыкъо зыфигъэзагъ.– Сэ счlыпlэ Къоданэ зэрихьагъэм пае сешъугъоу къызшlомыгъэшl. Гукъао сщыхъугъэгъэ закъор Рэдэд пщышхом гущыlэ къысимыlоу, сиlоф зэфэсым къызэрахилъхьэгъагъэр ары. lэнатlэм цlыфыр умышlэжьыным негъэсы. Нахь лъагэу дэкlуае къэс, нахь lаеу зэкlокlы.

«Мэщыкъо зэрэзэблэсхъущтыр нахьпаlо зэресымыlогъагъэмкlэ сымыс, ар тэрэзэу къыlуагъ,– Рэдэд пщышхом гукlэ дыригъэштагъ.– lэнатlэмкlи Темрыкъо риlуагъэм lушыгъэ хэлъ. Ащ делэ ехъулlэрэр нахьыб, ау зызылъытэжьрэр, цlыфхэр ышъхьэ фэзгъадэрэр ыпкъ икlрэп».

– Зиусхьан, уигъусэмэ гущыlэ гъэшlэгъонхэр зэфашlы,– зэхихрэр ыгу римыхьэу, Зекlошыупщыр къеlушъэшъагъ.

– Уафыремыплъэкl, агу илъ шъыпкъэр къарэlу. Зыгорэхэр къысапlо фэдэ зышl.

– О зыфапlорэми шъыпкъэ хэлъ,– Темрыкъо ыплlэlу пцlанэ идзэгъэ бэджэшъо кlакор ыгъэтэрэзыжьи, Мэщыкъо зыфикъудыигъ,– lэнатlэм зышъхьэ ыгъэпкlантlэрэр макlэп, ау Къоданэ ахэмэ афэдэп, мастэкlэ цlыф енэцlыгъэп, лlыгъи, пкъыягъи хэлъ, ухэткlи шъхьакlо зэрыуигъэхыщтэп. Шъыпкъэ, зиусхьаным риlожьыгъэхэмкlэ дезгъаштэрэп. Щэlагъэ къызхигъэфагъэп. Губжыр ныбджэгъу дэй. Ащ фэдэ чlыпlэ узифэкlэ, хъуани, цlацlи хэмылъэу пшlэрэр зэфэхьысыжь, умышlэрэр зэгъашlэ. Пчъэр къеуутэкlыныр лlыгъэм щыщэп.

– Мэщыкъу, щыгъынхэр гъушъыжьыгъэнхэ фае, зэ яплъыба,– лlитlур зэрэзэдэуагъэр икъункlэ ылъыти, Рэдэд пщышхом афидзыгъ.

– Дэгъоу гъушъыжьыгъэх, зиусхьан,– Мэщыкъо ыlэмычlэ чlиубытэхэзэ, джэныкъом пэблэгъэ кlапсэмэ апылъэгъэ щыгъынхэр ыуплъэкlугъэх, пщышхом иехэр къыпихыжьхи, ыпашъхьэ къырилъхьагъэх.

Шыу куп игъусэу lэнапэ кlорэ Рэдэд пщышхор зыхы чlыгум ихьэгъэ къодыеу, ощхы быбыр къатеуи, гъушъэ къащымынэу ащыгъыр зэкlэ ыгъэшъугъагъ. Ащ ыуж шы илъыгъо зытlущ нахьыбэ амыкlугъэу къапэгъокlыгъэгъэ зыхыпщыри игъусэхэри гъушъабзэхэу зелъэгъум, Рэдэдыпщым ыгъэшlэгъогъагъ:

– Гъэмэфэ ощхыр гощыгъэ, ау бжыхьэм ащ фэдэ къыхэкlыгъэу къэсшlэжьрэп. Ощх быбым тэра ыгъэшъунэу ыгъотыгъэр, мыуцlын къытхинагъэп, кlэкlо къэштэгъуи тыригъэфагъэп.

– Гъэмафэм къытыригъэзэжьыгъэм фэд, зиусхьан, бжыхьэм ышlэщтыр джыри къэт,– пщышхор зэпиплъыхьэзэ, Зекlошыу ышъхьэ ыгъэсысыгъагъ.

Хьакlэщ пlэ гупсэфым ыгукlэ ыгъатхъэу Рэдэдыпщым зыхикъудыегъагъэми, джэныкъо машlом кlэрыс зэхъум, къенэкъокъущтыгъэ чъыер кlодыжьыгъагъ. Темрыкъо теубытагъэ хэлъэу Къоданэ зэрэкъотым ыгу джэнджэш горэхэр къыригъэхьэгъагъэх. Ащ фэдиз къикlыщт lоу

ышӀагъэмэ, дышъэ такъыр заулэр тхьэмэ тумы ашӀ, бырсыр къыригъэкӀыщтыгъэп, изакъоу жэхэхьаныешъ, ыгъэукӀытэжьыщтыгъэ, акъыли къыригъэгъотыжьыни. Ары шъхьакӀэ, чылэм хаутхыдзэгъахэр сыдэущтэу ыушъэфыжьыщтыгъэ. Ащыгъум ежьыри, къешӀэкӀыгъэхэри зэфэдэх аӀонти, къыраӀухыщтыгъэх, къинмыгъуаекӀэ дышъэр, тыжьыныр псым, къушъхьэ мыжъом къыхэзыххэри гужъ къытфашӀыгъэу зэбгырыкӀыжьыщтыгъэх.

«Хэгъэгу хъугъакӀэм Къоданэ фэдэ дзэпащэ чӀинэным къикӀырэр зэкӀэмэ анахьышӀоу къызгурэӀо,— Рэдэд пщышхом изекӀуакӀэкӀэ зиухыижьыщтыгъэ,— ау сэ зыфэсымыгъэгъужьыщтыр хэти фэзгъэгъуштэп. Хэт ущыщми, удзэпащэми, удзакӀоми, убысымыгуащэми, зэфагъи, цӀыфыгъи, хьалэлыгъи пхэлъын фае. Мары сыкъежьэным ыпэкӀэ Айнарэ дэжь сихьагъэти, джэхэшъотетым жэхахьэу сырихьылӀагъ. Пшъэшъэжъыер унэм изгъэкӀи, шъузым сегыигъ: «Тянэ къыгъэшӀагъэм унэми, щагуми ымакъэ Ӏэтыгъэу цӀыф щыдэгущыӀагъэп. Урипшъашъэм фэдэу укӀэрысыгъ, укӀырыплъыгъ, фэдэ ухъугъ сӀощтыгъэ». ЗгъэукӀытэжьыгъэу къысшӀошӀы. Гъогу сыкъытехьанэу щымытыгъэмэ, нахь пхъэшаӀоу сыжэхахьэщтыгъэ. Мэщыкъо тэрэзэу гу лъитагъ: тетыгъо зыгъотрэм зыкъырихэу регъажьэ. Айнарэ Ӏушы сӀозэ, тянэ ычӀыпӀэ зеуцом, зызэрихъокӀэу ригъэжьагъ. Ар фэсыдэштэп...»

Хэчъые шӀоигъоу, Рэдэд джабгъу лъэныкъом тегъолъхьагъ. ХыӀушъом нэс джыри гъогууанэ къапыщылъыгъ. Ащ зэрегупшысэу Думитрэ динлэжьыр ынэгу къыкӀэуцуагъ.

«ЛӀы шӀагъор агъэунэхъугъ, тэри лыешхо къытахыгъ,— пщышхор хьылъэу хэхьапщыкӀыгъ.— ШӀукӀэ къытфакӀощтыгъэ лӀы Ӏушышхор зыгорэм ыгу бзаджэ тхиутыгъ. Икъашъхьэ цӀыф техьащтэп, иӀахьылхэми зыдыхэлъыр ашӀэщтэп. Темрыкъо ащ ихьадэ ищагу щегъэтӀылъыфэ ыгу щышӀагъэр тхьэмэ афэшъхьаф ышӀэрэп. Думитрэ Феодос дэмызагъэу сыд шъуӀо Византие хэгъэгум зыфигъэзэжьыгъагъэр? Енэгуягъо, диным голъэу зыпыхьэгъэ сатыур зэришӀын Феодос димыгъуатэщтыгъэкӀэ. ЕтӀани чыристан динып къытхилъхьанэу къэзгъакӀощтыгъэхэри дэгъоу къетэщтыгъэхэн фай. Ары нахь, щэн-щэфэным нахьи, динлэжьыным нахь охътабэ тыригъэкӀуадэу къытхэтыщтыгъэп. Хэтми, Думитрэ зыукӀыгъэм мэшӀошхо къыткӀитэкъуагъ. Моу къэбар цыпэ горэм тытерэуцуи, ар зышӀагъэр чӀы гъуанэм ихьажьыгъэми, къязгъэгъотын...»

Къурт-щырт макъэхэр ытхьакӀумэ къызеӀохэм, Рэдэд чъыяпэ ыдзыгъэ къодыягъ, ау щытми, ЗекӀошыу бысымыр хьакӀэщым къызехьэм, зифэпэжьыгъахэу, Ӏашэхэр зыгуилъхьажьыщтыгъэх.

— Гузэжъогъу щыӀэп, зиусхьан, ушхахэмэ, гъогу тытехьан,— ЗекӀошыу къэгумэкӀыгъ.— Умыгупсэфыгъэмэ сшӀэрэп?

— ПӀэм лажьэ иӀэп, сэ тхьэмэ гу мыгъо къысатыгъ. Тыгъопчыхьэ лӀитӀумэ яэнэкъокъоу зэхэтхыгъэмэ сакӀэгупшысыхьажьзэ, кӀасэу сыхэчъыягъ.

— Адэ, зиусхьан, непэ зыбгъэпсэфмэ...

— Хьау, хьау, ЗекӀошыу,— бысымым къыригъэжьагъэр пщышхом къыригъэухыгъэп.— Чэщ мычъыемэ сясэжьыгъ.

Зыхыпщым ишыухэр Рэдэд пщышхом игъусэмэ къазыхэхьажьхэм, купышӀу хъухэу хы ШӀуцӀэ Ӏушъом пчыхьэшъхьапэм Ӏузэрэтэкъуагъэх. Тыгъэм иаужырэ нэбзыйхэр хы гупсэфым шэплъышъо-чӀыпцӀашъохэу теджэгукӀыщтыгъэх, зыбгъэгу къипшырэ хым иинагъэ шыухэр цӀыкӀу ехъулӀагъэхэу мэкъэнчъэ гъэшӀагъокӀэ шъхьарыплъыщтыгъэх. Рэдэд ары анахьэу зигупшысэ нэплъэгъу хы шъхьашъом щызэбгырычъыщтыгъэр. ЗэкӀоцӀыпхэгъагъэми, гукӀэ къябэныжьзэ къуашъом рагъэзыхьи, нэпкъым зэрэӀуащыгъагъэр ынэгу кӀэсыкӀыжьыгъ, къыблэ-къохьэпӀэ лъэныкъом щыӀэ Византие гъэрыпӀэ фашӀыгъагъэм а гу мыпшъыжьым нигъэсыжьыгъ, Панитиди нэе-псыежъми, Костас инэплъэгъу гукӀэгъуи, зышъэ икӀыгъэ бэнакӀохэу къыпагъэуцущтыгъэхэми икӀэрыкӀэу аӀуплъэжьыгъ. Константинополи ынэгу кӀэкӀыщтыгъэп. Ӏэхъу-лъэхъухэр темылъхэу ежь ишӀоигъокӀэ Византие ифэгъагъэмэ, ащ фэдиз щытхъур зыфаӀорэ къэлэшхор къызэпимыкӀухьэу къыгъэзэжьыныеп. МыдыкӀэ, иджабгъукӀэ, мычыжьэу хытӀолэ Ӏушъом Ӏут адыгэ къэлэ зэкӀэупкӀэгъэ цӀыкӀоу русичмэ атырахыгъэми имыжъо дэпкъ лъагэхэм ашъхьапырыкӀи, къэлэ кӀоцӀым дэхьагъ, хы гукӀыӀум щыхъыерэ къухьэхэр къылъытэу ригъэжьагъ. «Тумтэкъашъэ зэретиягъэу къэнэжьыгъагъэмэ,— Рэдэдыпщыр хъопсэ гупшысэм хигъэщэтыкӀыгъ,— тыдэ къикӀырэ къухьэхэри къытфакӀохэу,

тэри тахахьэу, тызхалъытэу хэгъэгу зэфэшъхьафхэм тахэтыщтыгъэ. Ау ащ фэдэ насып тэ тыдэ къитхыщт, зэдгъэпцIыгъэ хэгъэгури зэпкъыратхъыжьынэу къенэцIых...»

– Зиусхьан, шIункI къэмыхъузэ, чылэм тынэсыгъэмэ нахьышIугъ,– ЗекIошыу къызеIом, зигупшысэмэ къахэуiжьыгъэ Рэдэд ишыпэ къырыригъази, хыIушъом рекIокIырэ гъогум техьагъ.

Къушъхьэ кIэим дэтэкъогъэ чылэм чэщ щырахи, ошъочапэм рекIокIырэ тыгъэр ясэмэгоу, шыу купышхор хыIушъом гоуцожьыгъ. Iэнапэ нэсынхэкIэ шы илъыгъо зыщыплI нахьыбэ къэмынэжьыгъэу бэгъозэ мыиным Iухьагъэх. Мыр Тумтэкъашъэ фэдагъэп, къухьэхэр нахь щыцIыкIугъэх, нахь щымэкIагъэх. Адыгэмэ Iоф адызиIэ зышIоигъохэр арыгъэх Iэнапэ къеуалIэщтыгъэхэр.

ЛIы нэшхъо нэбзыцыфыр къыфэчэфэу Рэдэд пщышхом къыпэгъокIыгъ.

– Мо къухьэхэр тэ къикIыгъэх? – ЗекIошыупщым къамыщыкIэр бэгъуазэмкIэ ыгъэлъэгъуагъ.

– ДжабгъумкIэ щытитIур абхъазмэ яех. Ахэмэ къаготыр Византие къикIыгъ.

– Византие къухьэм къыщагъэхэм тыдыкIэ агъэзагъ?

– Кухэр аубыти, шыхэр ащэфыхи, зэкIэри Iэнапэ кIуагъэх.

– КъосэгъумкIэ кIон къахэкIыгъэба? – Рэдэд пщышхор джыри къэупчIагъ.

– Хьау, зиусхьан, непэ, щэджэгъоужым, джыри къухьитIу къэсынэу къысаIуагъ. Узыпаплъэрэ щыIэмэ, ахэмэ яз къикIын.

– Къухьэмэ сыд къащагъ?

– ШэкIы, щыгъын, лъэкъопылъхь, хьап-щыпхэр,– къэпчъыныр ригъэжьагъэу бэгъуазэр къэзгъэгъунэрэ лIы нэбзыцыфыр къэщхыгъ.– УрымылI од лъагэ горэм шэкIохьэ зыбгъупшI фэдиз къыздищагъэти, згъэгуIэжьыгъэ.

– Сыд епшIагъ?

– Iахь тедзэу цIыфышъхьэ пэпчъ къыIытхырэм фэдитIурэ ныкъорэ хьэ пэпчъ къылъитын фаеу зесэIом, ыгучIэ изыгъ, бэрэ къысэдэуагъ: «Мыхэр адыгэпщымэ шIу алъэгъоу къысаIуагъэти, къафэсщагъ, сшъо теохы» ыIоу тхьаусхэ зэхъум, о къысэпIогъагъэр фыкIэсIотыкIыжьыгъ: «Адыгэмэ ячIыгу къихьэрэм хьэхэр, псэушъхьэхэр ягъусэ зыхъукIэ, цIыфышъхьэм нахьи фэдитIурэ ныкъорэкIэ нахьыбэу тын атыралъхьэ. Ахэр цIыфым фэдэхэп, бзэ аIулъэп, зэпахырэ уз апылъмэ, тхьамыкIагъо къытфахьыщт». СышIомыкIыхэ зэхъум, ыгу кIоди, лIым хьэхэр къухьэм рищэжьыгъэх. ТIэкIу зытешIэм, къэхьакъухэу, пцIымамэхэу хьэмэ къырагъэжьагъ. Сыгу ягъуи, лIы одыр Iэнапэкlэ стIупщыгъэ.

– ГукIэгъу лые къызхэбгъафэу, дгъэуцугъэ хабзэхэр умыукъо, утесщыщт,– ЗекIошыу пщы пащэм губжы фэдэ зишIыгъ.– Хьэхэр Iофэп, тэри Iэнапэ тыкъыдэплъэщт, къэтымыгъэзэжьэзэ Византие къухьэхэр къэсыхэмэ, Костас ыцIэу лIы горэ къикIын фаешъ, къытэжэнэу фэгъэпыт. Хэт сыд къыриIуагъэкIи, бэгъуазэм дэрэмыкI.

– Ар фэзгъэцэкIэн, зиусхьан, къысэмыдэIумэ, сицIыфмэ язгъэубытынба,– илъэкI къогушхукIэу лIы нэшхъо нэбзыцыфыр ЗекIошыу къыIуплъагъ.

– ИлыягъэкIэ упэмыгъокI, Рэдэд пщышхор къыпаплъэ еIуи, игуапэу къытэжэщт,– урымылIыр зэрэмыхымэр ЗекIошыупщым гуригъэIуагъ.

ТIэкIурэ кIуагъэхэу Рэдэд ыгу зыкъипхъотагъ, къыготхэм яджагъ:

– СишхъуантIэ зиутхыпкI шIоигъу, илъыгъо горэ тэжъугъэшIы!

Пщышхом иш апэ итэу шыу купым зипхъотагъ. Чэчанэ зыкъыщыригъэнэнэп ыIуи, НэтIае гуIагъэ, ау иш къыхаIэзэ, адырэ шыумэ ахэкIухьажьыгъ. Шы зэкIэплъыхьагъэхэр хэпырхъыкIыхэзэ, лъэхъум техьажьыгъэх.

Къэлэ кIоцIым шыухэр зыдахьэхэм, тыгъэр щэджагъом енэцIыщтыгъ. Онэшмэ шыIыгъхэр къапагъэуцухи, адрэхэм куп-купэу загощыгъ. Рэдэдыпщым, Мэщыкъорэ Чэчанэрэ афэшъхьафэу, кIэлэ пытищ гъусэ зыфишIыгъ. Рэдэд ишъэуитIу сырынэ зырызрэ IэшIу-IушIухэмрэ къафищэфыгъ. ЦIыф зэрэгъэжъот-зэдаохэм къахэкIыжьхи, бэдзэр гъунэмкIэ рекIокIхэзэ, бэгъозэ Iэшъхьэтетым ыгъэгуIэгъэ урымылIыр, хьэ къолэниплI нахь къыIэкIэмынэжьыгъэу, апэ къифагъ.

– Хьэ лъэпкъ дэгъухэн фай, теплъэ дахэ яI,– пщышхом къызэриIокIи, ежьэжьыгъ.

Бэдзэр цыпэм нэмысыпэхэзэ, урымылI горэ кIэлитIу ыуж итэу къябгъукIуагъ. Зыр нахь такъырыIу, адрэм илъэ-

сипшӀ-пшӀыкӀутӀу горэ ыныбжьын. ТӀуми аӀэхэр зэтепхагъэхэу, кӀэпсэ кӀэкӀ ӀэкӀапэр урымылӀым ыӀэмычӀ.

– Чэчан, моу лъэтемытэу урымылӀым къегъэгъаз! – Рэдэд ылъэгъугъэм къыгъэгугбжыгъ.

УрымылӀыр фэмыяхэу пщышхом къыращэлӀагъ.

– Шъэожъыехэр тыдэ пщэхэрэ?

– Мыхэр сэ сиех, джыдэдэм къащысщэфыгъэх.

– Джы уиежьхэп! – Рэдэд ымакъэ урым щэфакӀом фигъэлъэшыгъ.– Ма, алъыптыгъэм фэдитӀу къыосэты. Ащ нахьыбэрэ цӀыф пщэфыгъэу сэмыгъэлъэгъужь!

Ратыгъэ ахъщэм еплъыгъэп, къышъхьарыт лӀышхом зэрэшӀокӀыгъэм кӀэгушӀужьызэ, зыӀуригъэхыжьыгъ.

– Шъо мыщ сыдым шъукъихьыгъ? – къяхъулӀагъэм гу лъетэми, къаӀощтым ежэу, Рэдэд шъэожъыемэ яупчӀыгъ.

– Тыкъахьыгъ нахь, тэр-тэрэу тыкъэкӀуагъэп,– нахь цӀыкӀум къызӀуипхъотыгъ, шъэожъые такъырым ыгу къызэхэхьагъ, ыначӀэ Ӏэбжым цӀыкӀур чӀигъэчэрэзагъ.

– Щыгъэт! Угъынагъэу, улӀыба?! – Рэдэд мэкъэ шъабэкӀэ шъэожъыем фэгубжы фэдэ зыригъэшӀыгъ.– Хэт шъукъэзыхьыгъэр?

– СэшӀа? – шъэожъые такъырыр хэщэтыкӀыгъ.– Шхъомч шып мэзым тыкӀуагъэу лӀитӀу къытшъхьарыуи, кӀэкӀо чӀэгъкӀэ мыщ тыкъахьыгъ.

– Шъор-шъорэу шъуичылэ шъукӀожьышъущта, хьауми шъуязгъэщэжьыщта?

– Чыжьэп тичылэ, тыптӀупщыжьмэ, тэр-тэрэу тыкӀожьыщт,– шъэожъые цӀыкӀур къэгушӀуагъ.

Шъхьэфит ашӀыжьыгъэ шъэожъыемэ лъэбэкъу заулэ адзи, кӀаӀэжьыгъ.

– Зэгорэм цӀыфы тыхъугъэу къэтлъэгъужьына, Мэщыкъу? – шъэожъыемэ акӀэлъыплъэзэ, Рэдэд пщышхом ышъхьэ ыгъэсысыгъ.– Зыгорэм исабый, цӀыфыр пщэным нахь нэпэнчъагъэ сыд хъужьын? – Бэдзэр гъунэм щащэрэ шымэ Рэдэд афиузэнкӀыгъ: – Ауасэ тыкӀэжъугъэупчӀ, къосэгъухэми шы Ӏэхъогъухэр аӀыгъых. Федэ къафыхэкӀыщтмэ, мыщи, ТӀуапси, нэмыкӀ чӀыпӀэми, зыщащэфыщтым нагъэсын, сыдэу пӀорэ, Чэчан? – шъэогъум фыреплъэкӀзэ, Рэдэд пщышхор шы пцӀэгъоплъ ищыгъэм кӀэрыхьагъ, ыбгъэ зэхэлъыкӀи, ыцаги, ылъэкъо псыгъохэри зэпиплъыхьагъэх,



шъхьэр къыӀэти, адкӀэ зэплъэм, шы тхыцӀэм телъ Ӏэшхом инэплъэгъу гумэкӀ тыригъэдыкъагъ, Чэчани еӀушъэшъагъ:

– Мо шы шхъуантӀэм зыӀэ телъым бгъуитӀукӀэ шъукъекӀу, къэтэжъугъэубыт.

Мэщыкъорэ Чэчанрэ гъусэ тӀурытӀу ауж итэу бгъу зырызыкӀэ шы шхъуантӀэмкӀэ ежьагъэх. Рэдэди зиуфи, шымэ акъогъу зишӀызэ, шхъуантӀэм екӀолӀагъ, шышъхьэ сурэтыр зытет дышъэ Ӏэлъыныри ышӀэжьыгъ.

Зирарэ Рэдэд къызелъэгъум, ыгучӀэ изыгъ, зигъэчэрэгъуи, кӀилагъ. Лъэбэкъу заулэ нахь рамыгъэкӀоу къаубытыгъ, зэкӀоцӀапхагъ.

– Джары, зиусхьан, шъэожъыехэр зэрэпхыгъэгъэ кӀапсэри къытшъхьапэжьыгъ,– Чэчанэ къэсэмэркъэугъ.

Зирар ышъхьац плъыжь фэдэу ынэгуи жъоплъы хъугъэу, хьылъэу жьы къыщэзэ, пщышхом ыпашъхьэ итыгъ, лӀитӀур зыхэгъэнэгъэ Ӏэлджанэмэ загъорэ акӀырыущтыгъ.

– Моу пшъхьэ къэӀэти, унэгу бзаджэ сыкӀэгъаплъ! – Рэдэд къамыщыпэр Зирарэ ыжэпкъ чӀигъэуцуагъ.– Пшъхьэ къэӀэт сӀуагъэ! Уихьанэмэ сакӀэгъаплъ!

– Сыда акӀэплъэгъонэу узыфаер? – Зирарэ ышъхьэ зэреуфэхыгъэу нэчапэкӀэ пщышхом къыфычӀэплъыгъ.– О унэ шӀуцӀэмэ зэрафэмыдэр угу рихьырэба?

– Сэ сыгу рихьыри, римыхьыри къэозгъэӀощт, зэ моу бэдзэрым тигъэкӀыжь! – Рэдэд кӀэкӀэу къыдзи, ӀукӀыжьыгъ. Мэщыкъуи, Чэчани пщым гоуцожьыгъэх. Зирари ауж ращагъ.

Рэдэд пщышхомрэ игъусагъэхэмрэ яонэшмэ къызякӀолӀэжьхэм, ЗекӀошыуи, Темрыкъуи бэдзэрым къыхэкӀыжьыгъэхагъэх, шэсыжьынхэм фэхьазырхэу къяжэщтыгъэхэм алъэгъугъэр агъэшӀэгъуагъ.

Рэдэди унашъо ышӀыгъ:

– Чэчан, мо джэгуалъэр, уиаркъэн шӀохадзи, уишыкӀэ игъэуцу.

Шыухэр къалэм дэкӀыжьыфэхи, зыхы Ӏушъо гъогум зыдаӀонтӀэхи, къушъхьэ мэзым зыхахьэхи, Зирарэ ыгу пкӀантӀэр дэуцуагъэу, имыутӀэ шъэогъу ыуж къыфимэ ыӀозэ, зэплъэкӀыщтыгъэ, чъыг-кондэ къогъумэ къакъоуным щыгугъыщтыгъэ. «Сыдел нахь, шыу купышхом хэт къытеонышъ, заригъэукӀын,– Зирар игугъэ макӀэ ӀэкӀэзыжьыгъ.– Сызыщытхъужьызэ, хьачый зэжъум сифагъ. Тхьэхэми

акIыб къысфагъэзагъ. Седэlугъэп нахь, тянэ боу бэрэ къысэушъыигъ: «Уцужь, сикIал, къиуцукI уIукIэнышъ, сыбгъэунэхъун. Уяти, Нахьлъэши, Шэныби къяхъулIагъэм пшъхьэ нэкIыжъ егъэгупшыс…» Седэlугъэп. СызIэкIэфагъэхэм самышIэми Iофыгъа, зыгорэ афызэхэслъэшъони. Мыхэмэ зэкIэ къыздашIэ… Сызэрязэожьыгъэм пае саукIына? Джары Абэчыпщым идышъэ къысфихьыгъэр…»

Рэдэд пщышхор иш къызепсыхым, шыумэ зырапхъыхыгъ. Зирарэ мыстхъэ чъыгым рапхыгъ. Рэдэд джыри шышъхьэр зытет Iэлъынэу Зирарэ ыIэхъуамбэ пылъым еплъыгъ, зэкIэми зэхахэу къыIуагъ:

— Хьакъарыкъор, чылэм щыпшIагъэм, зыхыпщым узэрэфэчъэжьыгъэм, Iашэ къызэрэтпэпIэтыжьыгъэм язэкъуагъэмэ, укIал, уиакъыл джыри кIако сIони, къамыщышъо усшIыни, устIупщыжьыни, ау о хьэшъэфырытхъом унахь щынагъу.

— Сыд ащ нэфэшъхьафэу къыздапшIэрэ? — ащ фэдэ емыжэгъэхэ Зирарэ къызIуидзыгъ.— Чатэр къыппэсIэтыжьынэу оры сызышIыгъэр. Сятэ уебэни, чылэм дэпфыгъ, пIэкIэкIодагъ, Нахьлъэши, Шэныби ары… Чэчанэ угоуцуи, Емзэщ гъукIэм ищагу хьайнапэ сыдэпшIыхьагъ. ЛъэкI шъуиIэшъ, сыд шъушIэми, къышъуфэгъун къышъушIошIы. Ахэр зэкIэ сэ сщыгъупшагъэп.

— Гухьэ-гужъым уешхы,— Рэдэд IущхыпцIыкIыгъ.— Ар тэ къытпэбгъохын фэягъ нахь, цIыф хыешхом ыпсэ бгъэгъун ищыкIэгъагъэп. Джы пIэхъуамбэ пылъ Iэлъыныр къыздипхыгъэр къаlо.

— Къэсщэфыгъ. Сыда, Iэлъын сIэ пылъын сыфитба? — Зирарэ ынэ мыущакохэмкIэ пщышхом ынэ губжыгъэмэ акIэплъагъ.

— Чэчан, Iэлъыныр зэрылъ Iэхъуамбэр пыгъэлъэти, къыпыхыжь! — Рэдэд ошIэ-дэмышIэу къызбгырыугъ.

— Хьау! Хьау! Сэр-сэрэу…— Зирар ынэхэр бырылъэу къыхэкуукIыгъ.

Чэчанэ ардэдэм Iэхъомбэжъыер мыстхъэ чъыгым риубытылIи, къамэмкIэ пигъэлъэтыгъ, дышъэ Iэлъыныр къыпихыжьи, пщышхом къыритыгъ.

— ХьэкIэ-къуакIэ шъухъугъа?! Сышъушхыщта?! — Зирарэ зимышIэжьэу куоу-кIыеу ригъэжьагъ.



— Мыр къыздипхыгъэр ор-орэу къаlо, уижэдэкIэу зэхэсхы сшIоигъу нахь, сэшIэ сэ мыр зыер,— Рэдэд Зирарэ ынэгу кIэплъагъ, джыри Чэчанэ фигъэпытагъ: — Къыгот Iэхъуамбэри пыгъэлъэт!

— ПямыгъэупкIыгущ!.. Урым динлэжь Думитрэ къыпысхыгъ.

— Напэ зимыI, ора сэ къысэшхъошIагъэр? — Темрыкъо машIор къыIукIэу Зирарэ къыкIэрылъэдагъ.— Лажьэ зимыIэр уукIи, сэ лажьэр къысэуусэижьыгъ!..

— Ори ухыеп! — лъыр кызэрычъырэ Iэ лъэныкъомкIэ кIырыузэ, Зирарэ къэтхьаусхагъ.— Чэтэ ихыгъэкIэ Абэчыпщым укъышъхьарыогъагъ, пIэкIэкIыжьыгъагъ нахь. Урымым удежъыузэ, титхьэхэр щыбгъэзыягъэх. Ар Абэчыпщым къыпфигъэгъунэу зышIомыгъэшI.

Мэщыкъуи, Чэчани, ЗекIошыуи, нэмыкIхэри урым динлэжьымкIэ зэхахыгъэм ажэхэр къыIуигъэзыгъэх. Анахьэу зыгъэшIэгъуагъэр Мэщыкъу: «ЗэрэщымыIэжьыр Рэдэд ышIэщтыгъэмэ, сыда тызкIылъигъэхъугъэр?.. Зыгорэ хэмылъэу ар ыушъэфыгъэпщтын…»

— Хэт уигъусагъ? — Рэдэд джыри еупчIыгъ.

— Сишъэогъум урымыр зэкIиубыти, сэ ыпшъэ шIоскIыкIыгъ.

— Идин зылэжьрэм о сыд уиIоф хэлъыгъ?

— Сэрэп ар, динлэжьи, щэн-щэфэным пылъи къышъухэхьаныр Абэчыпщым ыдэрэп. СIэхъуамбэ лъэу къичъырэм зыгорэ ешъушIэба, решхыкIы! — Зирарэ къэкуугъ.

— О бгъэчъэгъэ лъым нахьыбэ хъунэп ар,— Рэдэд фидзыжьыгъ.— О лъэсэу Iэнапэ нэс укъэкIогъэщтэп. Шыуш лыем сыд угу фыхэлъыгъ?

— Къухьэмэ къарыкIыхэрэм шъуалъэныкъокIэ зыгъэзэн къахэкIымэ дэтщэхынэу Абэчыпщым тыкъиIофтэгъагъ.

— Динлэжь Думитрэ пышъухыгъэр тыдэ шъухыгъэ?

— Пчэдыжь бэдзэрым щытщагъ.

— Сэ ащ нахьыбэ упчIэ пфысиIэжьэп. НекIо, Темрыкъу, Мэщыкъу,— Чэчанэ гъуситIу къыфигъани, Рэдэд къыIукIыжьызэ, Темрыкъо зыфигъэзэжьыгъ: — Нафэ мыхъужьрэ шъэф щыIэп. КъыосIогъагъор къэшъыпкъэжьыгъ. Iэлъыныр Хьакъарыкъом мыгъо фэхъугъ. Тхьэхэр къытэбгыгъэмэ сшIэрэп, Темрыкъу, тынэ къызэкIэтхыми,

зэкӀатлъхьэми, тлъэгъурэр лъы, зао, зэфэмыгъэгъу зэбэн. ЗанкӀэу тэкӀо тшӀошӀы, къытэплъырэмэ ташӀокъуанч.

– Сыдэу пшӀыщт адэ, къыобэнырэм уебэныжьыщт. Шъэрэ минрэ сегупшысагъэми, ТумтэкъашъэтхьамыкӀагъор къытфикӀыныр сшъхьэ къихьаныеп, зиусхьан,– Темрыкъуи хъугъэр ыгъэшӀагъоу пщышхом Ӏуплъагъ. Ардэдэм Зирарэ ихьадэгъу куо макъэ къэӀугъ, зэхамыхы фэдэ зашӀи, ягущыӀэ падзэжьыгъ.

– Ащ нахь тхьамыкӀагъохэр Тумтэкъашъэ къытфимыкӀмэ, угушӀон,– бэ къыригъэкӀэу Рэдэди джэуап къытыжьыгъ.

ХыӀушъо гъогум къызтехьажьхэм, Рэдэд пщышхом шыухэр къызэтыригъэуцохи, афигъэпытагъ:

– Непэ зи хъугъэп, зи шъулъэгъугъэп. Шъуащыщ горэм гущыӀэ ыжэ къыдэкӀыгъэу зызэхэсхыжьыкӀэ, сыфырикъущт. КъужъугурыӀуагъа?

– Ары, зиусхьан, къыдгурыӀуагъ,– мэкъэ зэфэмыдэ-зэблэукӀэ шыумэ джэуап къатыжьыгъ.

Бэгъозэ нэпкъым рекӀокӀырэ лӀы къопцӀэ лъагэр шылъэмэкъэ зэтетэкъухэм къызэрагъэплъэкӀыгъ, гуфаплъэу шыухэм Костас къызашъхьэрэплъэм, Рэдэд къышӀэжьыгъ, зэфэгушӀохэуи зэпэгъокӀыгъэх.

– Колэс зыщымыӀэжьыр тӀэкӀу шӀагъэ, Чэчанэ фэтхьаусых,– Рэдэд урым нэӀуасэм риӀуагъ.

Костас нэшхъэинэкӀэ пщышхом Ӏуплъи, ыӀапэ ыубытыгъ:

– О апэ сыпфэтхьаусыхэ, зиусхьан, Колэс ори уятэжъым фэдагъ.

– Тхьэхэр разэ къыпфэхъух,– зэпыугъо фишӀи, пигъэхъожьыгъ: – Сэ сяни згъэтӀылъыгъэ.

– Сыдэу тхьамыкӀэгъуабэ къышъохъулӀагъ, ужыпкъэ мафэ пфэхъу, зиусхьан, лъэшэу сыгу хэкӀы,– пщышхом ыӀапэ Костас ыубыти, ӀаплӀ рищэкӀыгъ.

ЛӀитӀумэ ЗекӀошыуи, Мэщыкъуи, Чэчани, Темрыкъуи къякӀолӀагъэх. Костас Чэчанэ зыфэтхьаусхахэм, Рэдэд пщышхом къыӀуагъ:

– Костасрэ сэрырэ тизакъоу тызэдэгущыӀэ сшӀоигъу. Унэ горэ къытфаунэкӀынэу япӀуагъэмэ дэгъугъэ, ЗекӀошыу.

Ӏэнэ кӀыхьэ плӀэмыем лӀитӀур зыӀотӀысхьэм, Рэдэд дышъэ Ӏэлъыныр къышти, азыфагу рилъхьагъ. Костас нэмыз-Ӏумызэу пщышхом Ӏуплъи, фэсакъыпэзэ, Ӏэлъыныр ыштагъ, шышъхьэ сурэтыр зелъэгъум, ышъо къыпызыгъ.

– Джы о сыпфэтхьаусыхэ, Костас. Думитрэ ибын сигухэкӀ нэзгъэсынэу амал сиӀэп. Нэпэеплъэу иӀэлъын къафэнэжьынэу иунагъо сфетыжь.

– Сыд къехъулӀагъ? – Костас къызэшӀуанэзэ, къэупчӀагъ.– Думитрие уз гъэтӀылъыгъэ иӀэу дасшӀэщтыгъэп.

– Думитрэ аукӀыгъ. Къытэзэожьыгъэ зыхыпщым къуалъхьэкӀэ аригъэукӀыгъ.

– СыдыкӀэ ыгу ебгъагъ?

– Хьэ мысэм хьэ хыер дэкӀоды, Костас. Тэры Абэч къызэбэнрэр. Думитрэ зыпылъ диныри къыддишӀырэ сатыури ыгу тефагъэхэп. Шъори, нэмыкӀ тщымыщ къытхимыгъэхьаным зимышӀэжьэу кӀэбэны. Ори ар къыуашӀэнкӀэ бэп иӀэжьыгъэр, Абэчыпщым иукӀакӀохэр къыппаплъэщтыгъэх.

– Тэ щыӀэх? – Костас къэгумэкӀыгъ.

– Зыр щыӀэжьэп, адрэр игъусагъэми тшӀагъэп, зытигъэлъэгъугъэп. УмыгумэкӀ, Ӏоф къыддыуиӀэн угу хэлъмэ, хэт паий къэмыгъан, сицӀыфхэр къыпфэсакъыщтых. Сэ лъэӀу къыпфысиӀэу сыкъыппэгъокӀыгъ. О уизакъоп, Византие къикӀырэ дэчыгхэр благъэ къытфэпшӀынхэу сыпщэгугъы. Тхьэмэ яхьатыркӀэ, дышъи, тыжьыни зэӀудгъэкӀагъ. Лэжьыгъэ фае щыӀэмэ, ятщэн икъун тиӀ. Былымышъуи, хъурышъуи, шъоуи, гъучӀ цӀыни тихъой. Чъыг-сэнэшъхьэ хатэхэм, мэзыхэм пхъэшъхьэ-мышъхьэу къахэтхырэр бэ.

– Византие дэчыгмэ язакъоп сэ сызыӀукӀэрэр, нэмыкӀ хэгъэгухэм къарыкӀхэрэми сарехьылӀэ,– Костас зыкъиӀэжьыгъ.– СлъэкӀ къэзгъэнэнэп. УзкӀэхъопсыщтыгъэ хэгъэгур зэхэпщагъэмэ, сэри скӀуачӀи, сиакъыли къыпфэзгъэлэжьэн. Джы зы ушъый къыпфэсшӀы сшӀоигъу, зиусхьан. Гъогу къыфэбгъотэу, узэрэхэгъэгу пащэр ашӀэу укъытхэхьагъэмэ, къэралыгъор зэрэзепхьащт шыкӀэхэр, ӀэнатӀэхэр зэрэбгощыщтхэр, уихэгъэгу кӀоцӀ щызепхьэрэ Ӏоф лъэпкъыгъохэм узэрапылъыщтыр, ахъщэр зэрэхэпхыщтыр щысэ пфэхъунэу Византие хэгъэгум бэ щызэрахьэрэр. Русичхэм къахэпхын щыӀэп, шъо шъузхэтым нахь чыжьэу ахэри кӀуагъэхэп. Зэшыхэр зэзэожьых, зэрэукӀыжьых, хэгъэгу тэрэз джыри афызэхэщагъэп.

– Тигухэлъхэм такIагъахьэмэ, ушъый дэгъухэр къысфэпшIыгъ, Костас,– шъэогъур гукIи, шъхьэкIи къызэрэфэгумэкIрэр Рэдэд пщышхом гуапэ щыхъугъ.– Гугъу сфэхъугъэ гупшысэхэм къатебгъэфагъ. Джы, мары, зыхы пащэм нэIуасэ уфэсшIыгъ, ынаIи къыптетыщт. Тэ гъогууанэ тапэ илъ, къыкIэлъыкIощт къэкIогъум укъытхэхьан. Гъусэхэри уиIэнхэу сыкъыпщэгугъы.

### III

Шыупащэ ыгу къызфыдэчъынхэр иIагъэх. Дэхапсэ зэрегупшысэу, ышъхьэ лъыр къеощтыгъэ, пкъынэ-лынэр къызэкIанэти, зыфэмыщэIэжьэу джэхэшъогур рикIукIыщтыгъэ, къэзыубытырэр щерэгъызый, ыдэжь орэчъэ ыIоу гукIэ зипхъуатэщтыгъэ, ау кIочIэ шъэф горэ къытекIоти, къызэтеуцожьыщтыгъэ.

Аужырэ мазэм Дэхапсэ фэзыIэжэн Шыупащэ къыфыкъокIыгъагъ, Чэчанэ дэжь зыIохьэм, исыгъэп, ау Бзабзэ ипшъэшъэгъу Лащынэ къыгъэкIотэжьэз, аIуупIэгъагъ. ГущыIэ заулэ нахь зэфамыдзыгъэу, ипшъэшъэжъые игъымакъэ къызэIум, Бзабзэ щагум дэлъэдэжьи, Лащынэрэ Шыупащэрэ къызэфэнэгъагъэх. Шыупащэ бэшIагъэти Лащынэ зимылъэгъугъэр, Дэхапсэ фиIорэ щытхъур зэрэшъыпкъэр джыри ынитIукIэ ылъэгъугъ, нахь ехъопсагъ. Нэгу фэIукIыхьашъор чэсэим фэдэу фыжьыгъэ, ынэ нэгъуитIумэ нурэр къакIихыщтыгъ, ыпкъи, ылъэкIапIэхэми, иIокIэ-шIыкIэхэми щыбгъэзыен ахэлъыгъэп.

– СищытыкIэ делагъэ, сежьэжьын, Бзабзэ къыдэкIыжьынэпщтын,– щагумкIэ реплъэкIи, мэкъэ псыгъо шъабэкIэ Лащынэ къыIогъагъ.

– Уадэжь сыкъыкъокIы сшIоигъу шъхьакIэ, тянэ зыщымыIэжьыр илъэс мыхъоу сфекурэп, чылэм ажэ зыдэзгъэхьанэу сыфаеп, Лащын,– IукIыжь пэтрэ пшъашъэм Шыупащэ кIэлъиIожьыгъагъ.

Лащынэ зи къыриIожьыгъэп, ыIупшIакIэхэм щхыпэ макIэ къячъи, ынэгушъхьэ хъураехэр къэушэплъыгъагъэх.

– Зи къызэрэосымыIорэр ушъхьагъу пшIэу, нэмыкI горэм уфэтэджыкъон,– Шыупащэ етIани кIэлъыджэжьыгъагъ.

Дэхапсэ ыгу къыпылъадэ къэс, Лащынэ риIогъэ гущыIэ гупсэмэ Шыупащэ зэтыраIажэщтыгъэ, ау сыдэу зишIыми, хэт пае къыгъанэми, ихъулъфыгъагъэ апэрэу зэрихьылIэгъэ бзылъфыгъэм фэдэ дунаим темытэу къыщыхъущтыгъ, ыбг псыгъуи, ыпхэкI хъурайй, ыбгъэ пытэ мыин-мыцIыкIухэри, ынэпэ дахи ынэгу кIэкIыщтыгъэхэп, ышъхьэ къыгъэуназэу зыфищэщтыгъэ.

Джы гум пэблагъэхэм захаплъэм, Шыупащэ ылъэ зыфидзынэу къахихыгъэр пшъашъэп, бзылъфыгъэп, Къодан ары. ЛIыгъэр къытекIуагъ. Ышнахьыжъ гъогу зытехьэм, изакъоу егупшысагъ: «Дзэм ухэтми, гущыIэгъу уимыIэмэ, гур мапэ, зэщыгъом уехы. Къоданэ лажьэ зэримыIэр сыгу къысеIо, тыралъхьэгъэ пцIыр гугъу зэрэфэхъугъэм щэч хэлъэп. СшIэ-сымышIэми, чылэр хэгъэкIи, гъунэгъухэми зыщадзыен фае, ыгу телъ мыжъор сфытехынэп, ау сыдэущтэу фэзгъэпсынкIэн? Зэ ыдэжь сыкъокIын. ШъхьакIор къызтыригъакIоу ичылэ ыгъэзэжьмэ, Iор нахь бэгъон...»

ШхомлакIэр Шыупащэ шышIоIум шIохидзи, Къоданэ ищагу дэхьагъ, хьакIэщ пчъэIум нэмысыпэзэ, джэрз лэджэн хъураеу ыIыгъым апс зэрытхэр къышъхьарыщхэу бысымгуащэр пщэрыхьапIэм къикIыгъ, Шыупащэ къымылъэгъу фэдэ зишIи, унэмкIэ елъэкIоныгъ. «Къоданэ иIуагъэ егъэцэкIэжьы,– хьакIэщыпчъэр Iуихызэ, Шыупащэ зэриIожьыгъ,– ишъуз ыгу Iае, кощыжьынхэу загъэхьазырыжьы».

Къоданэ пчъэ макъэм къызэригъэплъэкIыгъ:

– КъакIо, Шыупащ,– нэгу нэшхъэир къыIэти, зэпыугъо мыбащэкIэ къеупчIыгъ: – Сыд уилъэгъун?

– Ощ фэшъхьаф хэт силъэгъунын,– Шыупащэ щхыпэ Iуплъэ зишIи, есэмэркъэуужьыгъ: – Умакъэ тIысыгъэмэ сшIэрэп?

– Ар пшIагъэба? Гур пэмэ, макъэр екIы,– тIыси къыримыIоу Къоданэ ышъхьэ ригъэзэкIыгъ.– Зиусхьаным тыгъуакIо сызишIыгъэм ыуж, оры апэрэу сищагу къыдэхьагъэр.

– Уишъуз сыд ыIорэ?

– Сыд ыIона, кощыжьынэу зегъэхьазыры. Ащи цIыф къыдэгущыIэрэп, сэри Мэзыбэ тызыкIыдэкIыжьырэр есIуагъэпышъ, губжыгъае. Сишъаохэми зырагъанэ.

– ПшIэрэр тэрэзэп, Къодан,– гуегъу нэплъэгъур Шыупащэ лIым фидзыгъ.– Аущтэу узызекIокIэ, къыопыирэм

зыфаер фэошlэ, чылитlури нахь lэяхэу къыптегущыlэщт. Ощ нахьи сынахьыкlэми, зысэгъэгъэдел, сlорэм къедэlу. Уимылажьэ къызэрэптыралъхьагъэр ори ошlэ, сэри сэшlэ...

– Моу зэ къэтlыс! – теубытагъэ хэлъэу Къоданэ пхъэнтlэкlум lэ фишlыгъ, кlалэр зетlысэхыхэм, ежьыри ыпашъхьэ итlысхьагъ, lэхъомбэ пэрытым ыцыпэ lэхъомбэшхор тырилъхьи, къыгъэлъэгъуагъ: – Мыщ фэдизкlэ сымысэмэ, Шыупащ, тхьэмэ зы мафэ сарэмыгъэгъэшlэжь, сибын сыхарэгъэз. Лажьэ силэп, ау шlой къысэзыупцlынэу къысфыкъокlыгъэри къэсшlэн слъэкlрэп.

– Сшlошъ мэхъу, Къодан. Цыхьэ къыпфэсымышlыщтыгъэмэ, сшынахьыжъ сешъхьащыкlоу уадэжь сыкъакlощтыгъэп,– шъхьакlом ышхырэ лlы хыер зэригъэгупсэфыщт гущыlэхэм Шыупащэ гузэжъогъукlэ алъыхъущтыгъ.– О хэгъэгу ежьэгъакlэм урищыкlагъ, тидзэ урищыкlагъ, Рэдэд пщышхоми тэри – зэкlэми утищыкlагъ. Угу теlункlэжьи, шъхьакlор щыгъэзый.

Къоданэ ынэкухэр къэупсэпсагъэх, пкъы пытэр зэкlищзэ, жьы къыщи, гутlэпчъэ lухыгъэмкlэ шъузым фычlэджыкlыгъ:

– Узпылъым ыуж икl, тыкощыжьрэп! – Шыупащэ джы тlэкlу lугушlукlыгъ: – Ащыгъум сызэнэгуягъэри къыосlон. Къин зыхафэкlэ, цlыфым ышъхьэ къимыхьан щыlэп. Ыпэкlэ силоф хэмылъэу зиусхьаным дышъэ-тыжьынхэм сызэралъигъэкlуагъэм нэпцlыгъэ кlэлъ фэдэу сегупшысагъ. Ащ сыкъызэрекlыжьэуи тыгъуакlо сыхъугъ.

– Хьау, Къодан,– Шыупащэ ынэгу зэхигъэхьагъ.– Ори ошlэ Рэдэд зыфэдэр, гупцlан, хьалэл, шъыпкъагъэ хэлъ. Олъэгъу мыдырэр зэрэхъугъэр, къынагъэсыгъэ пцlыр къэшъыпкъэжьыгъэ фэдэ хъугъэ.

– Икъугъ, Шыупащ, а lофыр, нахьыбэрэ тытегущыlэкlэ, нахьышlу хъущтэп, ау сыгу ебгъэжъухыжьыгъ, чылэмкlэ сызфэщынэри сшъхьэ къибгъэхьажьыгъ.

– Ар сыд? – Шыупащэ щтэгъэ нэгукlэ бысымым lуплъагъ.

– Джы нэс къытфемыщхыгъэ ощхыр къыригъэхьакъыжьэу къежьэщт, ащ осыри къыкlэлъыкlощт. Чылапшъэмкlэ Пшъэдэ псы нэпкъым чагъэу фэхъугъэр ощхыпсымэ къызагъэтlасхъэкlэ къехынышъ, псычъапlэр зэфишlыщт.



Етlанэ Пшъадэ тыдэ кlощт? Чылэмкlэ къыдэчъэхынышъ, лъэгум ис унагъохэр ыхьыщтых.

– Псыхъом сыдэущтэу тебгъэбэныщт? – Шыупащэ амалынчъэу къэупчlагъ.

– Псым еолlэрэ лъэгум икlыхьэ икlыхьэу мыжъо чэу lудгъэуцощт,– Къоданэ бэшlагъэу зэригъэфэгъэ lофыр къызэхифыгъ.– Ау къин лые тымыхъуным пае, ыпэрапшlэу лlыжъ горэ едгъэплъымэ нахьышlу. Колэс тхьамыкlэр щыlагъэмэ, ардэдэм къыlони. Тlатlыхъу сыдэу уеплъырэ?

– Ари лlыжъ lуш, ащ фэдэ lаджи ынэгу кlэкlыгъ.

– Ащыгъум, некlо, о уиlуагъэу, кlэлэцlыкlум фэдэу зыдгъэгусэу тыщысыкlэ, тиlоф зыми тфишlэщтэп,– ымакъэ къимыхьажьыгъэми, ыгукlэ зиштэжьыгъэу Къоданэ къэтэджыгъ.

Шыупащэ игъусэу Къодан ищагу къызэрэдэхьагъэр Тlатlыхъу зелъэгъум, ыгучlэ изыгъ. Щынагъэкlэ арэп, укlытэм зэкlиlулlагъ, къэбар гомыlур пщышхом зэрэпигъохыгъэм рыкlэгъожьэу зыфэгубжыжьыгъ: «Жэм къыдэлъэтын, шъхьэм къеожьын. Лlыжъ lапlэ сыхъужьыгъэу, симыlофмэ сахэцуахъо. Сыд джы лlым есlощт, сыдэущтэу ынэгу сыкlэплъэщт? »

Къоданэ нэщх-гущхэу Тlатlыхъу зелъэгъум, ыгу рэхьатыжьыгъэ.

– Теблэгъэщтэп, Тlатlыхъу,– бысымым гущыlэ къымыlозэ, Къоданэ ыпэ ишъыгъ, етlанэ ынэгу чъэкlыгъэ кlаплъи, игухэлъ кlилъэшъужьыгъ.– Зыгорэм уедгъэплъын тlогъагъэ, угъойщая, пшъо сыгу рихьрэп.

– Силажьэ щыlэп, Къодан. Ищыкlагъэмэ, чыжьэми, благъэми сыкъыжъудэшэсын.– Тlатlыхъу зэрэхьазырыр псынкlэу къыlуагъ.

– Блэгъабз, чылапшъэр ары ныlэп. Мыжъобгъу горэ, уиунэ фэдэ зыщыплlыкlэ нахь инэу къушъхьэм къецохъохынышъ, Пшъадэ зэпигъэlыкlынкlэ щынагъо, утфеплъыгъэмэ.

– Боу сеплъын. Сионэши хьазырыпсэу шэщым чlэт,– Тlатlыхъу ихьазырыгъэ джыри къыушыхьатыжьыгъ.

Пшъадэ къышъхьэщыт къушъхьэр зауплъэкlум, Къоданэ зэнэгуерэ щынагъом Тlатlыхъуи теуцуагъ. Мыжъошхор зэрэщытэу къушъхьэм къыхэкlотыгъагъ. Ощхыпсым

ылъапсэ зыкIихыкIэ, псыхъор зэрэзэпыригъэIыкIыщтым щэч хэлъыжьыгъэп.

ТIатIыхъу лIыжъыр икъэлапчъэ зынагъэсыжьым, шIыхьафым изэхэщэн ыуж лIитIур ихьагъ: къыкIэлъыкIощт мафэм бламыгъэкIэу, Мэзыбэ паIо зыщыгъэу дэсыр зэкIэ къыдащынэу, Къоданэ чылапшъэмкIэ хэхьагъ, Шыупащэ чылакIэм зыфигъэзагъ.

ЗыIухьэрэ унагъо пэпчъ Шыупащэ риIощтыгъэр зы:

– Жъи, кIи тIорэп, цIыкIуи, ини тиIэп. Нэбгырэ пэпчъ обзэгъу къыздерэшт, ку зиIэм къызэкIерэшI, шIыхьафым пчэдыжь шъукъекIуалI.

Адышэс дэжь зыIохьэм, имысэу къычIэкIыгъ. Шъэогъум янэ ишъыпкъэми, исэмэркъэуми умышIэнэу къыфидзыгъ:

– А сикIал, лъэгум ис унагъохэм пытапIэр арэшI, тэ ащ сыд тиIоф хэлъ?

– Унэцум уеомэ, тян, мэзыцум ыбжъэ мэсысы,– тхьагъэпцIышъо макъэкIэ Шыупащи пигъодзыжьыгъ.– Тичылэгъухэр псым ыхьэу тлъэгъумэ, ори, сэри тыгу пкIантIэ дигъэуцон.

– Ары, Шыупащ, сэри джау сыдми къэсIуагъ нахь, умыкIу сIуагъэми, уишъэогъур сфэубытынэп,– ныом кIилъэшъужьыгъ,– ау шъуфэукIочIына сэIошъ ары.

– ЗэрэчылэуIтызэдеIэмэ, къушъхьэр дгъэкощын, тян,– Шыупащэ иджэуап джыри хьазырыгъ.

Шыупащэ укIытэзэ, Лащын икъэлапчъэ Iухьагъ. Пшъашъэм янэ къикIыгъ.

– Тэ тыкъэмыкIощтмэ, Шыупащ, тикIалэхэр джыри цIыкIух, сыдкIэ амал тыпфэхъун,– илъэгъун зыреIом, бзылъфыгъэр къэтхьаусхагъ.

– Iэхъомбэжъыери цIыкIу, тян, ау адрэхэм ягъусэмэ, Iэбжымыр нахь пытэ мэхъу,– ащи риIожьын Шыупащэ къыгъотыгъ.– Чыхэр къахьын, пчэгъумэ псы акIагъэхъон.

КIыщым пщыкIалэр къызеолIэжьым, зэриIогъэ пстэумэ Емзэщ гъукIэр анахь къыфэчэфыгъ:

– ШIыхьафыр бын гъэунэжь, Шыупащ, унэгъо пчъагъэмэ тишIуагъэ якIыщтмэ, Iо хэлъэп, сиобзэгъуи, сикъазгъыри къыздэсштэн, сицукуи къызэкIэсшIэн, нэмыкIэу ищыкIагъэ щыIэми къаIо. Обзэгъухэри, къазгъырхэри уцэкухэмэ дадзэнэу мыжъолъ щэрэхъыри къыздесщэжьэн.

КIыщым къычIэкIыжьи, унэгъо зыщыплI Шыупащэ къызэринэкIыгъэу Дэхапсэ къыпэкIэфагъ, риIон ымышIэу, ыIыгъмэ акIэупчIагъ.

– Обзэгъури, къазгъырыри цако хъугъэхэшъ, НэтIае зыкIэмыIэжь, ари дэсэп, Емзэщ езгъэгъэлъынэу фэсэхы,– Дэхапсэ къыIорэм нахьи ихъопсэ нэплъэгъу Шыупащэ тырихыщтыгъэп.

– Неущрэ шIыхьафым укъэкIонэу зыфэогъэхьазыра?

– Шыупащи щхыгъэ, ардэдэм ылъ къэплъэу ригъэжьагъ.

– ИщыкIагъэмэ, шIыхьафми сыкъэкIон, ау о уикъакIо зэпыбгъэужьыгъап... Мы мафэхэм зэрэсизэкъощтыр пшIэрэпщтын?..

– Уц Iэзэгъум сыкъылъыкIощтыгъэ шъхьакIэ, джы сыд сIонышъ, уиунэ сыкъихьащт? – зэтезыIажэрэр Шыупащэ ыжэ къыдэлъэтыгъ.

– Ар Iофы хъуна?..– гугъэтэкъо фабэм Дэхапсэ зыкъыжэхитэкъуагъ.– Пцэ мэузэу Iо. Ушъхьагъу пае укъана? Сэ уц Iэзэгъоу симыIэ щыIэп... Узфаер сэ озгъэгъотыщт.

– Нычхьапэ сыкъыкъокIыщт.

– КъакIо, сыкъыожэщт,– Дэхапсэ нэ дахэхэмкIэ Шыупащэ зыIуишIыхьэщтыгъэми, гукIэ егыигъ: «О кIэлэ къэплъышхом къин зэбгъэлъэгъужьэу ухэт, укъызэрэсIоплъэу, унэгушъхьэмэ къахихэу, укъызэкIэнэгъах. Ори узгъэтхъэн, сэри сыгу жьы дэбгъэкIын...»

Мафэр пчыхьэшъхьапэм факIозэ, Шыупащэ пщы щагушхом дэхьажьыгъэу Айнарэ иупчIэ къызэригъэплъэкIыгъ:

– Пшынахьыжъ зыщыдэмысым, Шыупащ, сыд шIыхьафа къыишъуупхъукIыгъэр?

– Ори къыбнагъэсыгъа, Айнар? – ыгу зэрэшIур Шыупащэ ымэкъэ чэф къыхэщыгъ.– Хэт къыуиIуагъ?

– Курацэ дэжь ТIатIыхъу къэкIогъагъ.

– Тэ бзылъфыгъэхэр тищыкIагъэхэп,– лIыжъыр шIыхьафым къызэрэхэхьагъэр Шыупащэ къыгурыIуагъэп.– Тапэ илъыр хъулъфыгъэ Iоф.

– ШIыхьафым къекIуалIэхэрэр бгъэшхэнхэ фаеба? – зыкъогушхукIыжьэу Айнари къыIуагъ.– Курацэ лъыхъузэ ТIатIыхъу тадэжь къыдэхьагъэти, шкIэхъужъитIуи мэл заули тиIэхъогъумэ ахащынэу еcIуагъ. Пшынахьыжъ зыгорэ ыIон оIуа?

– Рэдэди? – зэхихыгъэр шlогъэшlэгъоныгъэми, къызхимыгъэщэу Шыупащэ Iугушlукlыгъ.– Къыпщытхъун, тэри шlыхьафымкlэ къытфэрэзэн.

– Хэт ышlэра? – Айнарэ ынэхэм плъызэ-гупшысэр къакlэхьагъ.– Загъорэ ушъыйхэр къысфишlэу ригъэжьагъ.

– Ащыгъум осlощтым къедэlу, Айнар. Тянэ пчъагъэрэ къыlоу зэхэсхыщтыгъ: лlымрэ шъузымрэ азыфагу мэшэ тlыгъэ дэлъ. Бгъуитlумэ яз зыфэмысакъыжьмэ, а машэм ифэнкlэ щынагъо.

– Ар шъыпкъэ, къыдэуухьани плъэкlыщтэп,– Айнарэ къезэгъыгъ.

– Сшынахьыкlэхэр тэ щыlэха, амакъэ къэlурэп?

– Хьаблэм хэтых. Укъямыджэжьэу къэкlожьын ашlэрэп,– цlэцlашъо зыригъэшlзэ, Айнарэ иунэкlэ ежьэжьыгъ.

Тыгъэр игъогу тенэжьыгъ шlошlэу, зыкъохьажьыщтым дэгузажъозэ, Шыупащэ гукlэ уцуагъэ: къызэкlаблэмэ плъыкъожьэу гъолъыгъэ, къэтэджыжьыгъ, унэм ыгу илъыжьыгъэп. Мэзахэ зэрэхъоу Дэхапсэ дэжькlэ ежьагъ. Нэплъэгъу лые фэмыеу елъэкlонзэ, чы псыгъо цlыкlу ыlыгъэу Курацэ ыпэкlэ къикlыгъэти, Шыупащэ гъумытlымыгъэ: «Мы ныом ымылъэгъоу лъэбэкъу бдзынэп...»

– Чэщ хъужьыгъэу тэ уежьагъа, Шыупащ? – хэмыгупшысысыхьэрэ нэплъэгъур ыбгъухэмкlэ ыдзызэ, ныор къэупчlагъ.

– Джыри жьыба, Курац, чэтмэ тадэлъэежьына,– Шыупащи есэмэркъэужьыгъ.– Сэ цэузым сыригъэзыгъ шъхьакlэ, о сыда узгъэгумэкlрэр?

– Плъакъомэ уафэмыежьмэ, тхьачэт хъу зыlуагъэм нахь шъыпкъэ ыlожьынэп, ситхьачэт анэкlитlу згъотыжьрэп,– Курацэ къэтхьаусхагъ, ау тхьагъэпцlыгъэнчъэу къеушъыигъ: – Пцэ мэузмэ, Дэхапсэ джэуап къыпфэхъущт, сигъунэгъу зэхъум, lаджри сцэхэр ыгъэхъужьыгъэх.

– Сэри ащ дэжь сыздакlорэр,– Шыупащи ишъэф къызхимыгъэщэу lукlыжьыщтыгъэ ныом кlэлъиlожьыгъ: – Тхьачэтитlу чэу шъхьапэм щылъэягъэу сыкъябгъукlуагъ, Курац.

– Ара? Ащыгъум, ахэр сэ сыех,– ныор гушlуагъэ, етlанэ кlэгупшысыхьажьыгъэ фэдэу къызэуцокlыжьи, чы цlыкlур къыфигъэсысызэ къыриlуагъ: – Кlо, кlо, пцэ мэузымэ, Дэхапсэ хигъэжъукlыщт, ау нэмыкl lэзэгъукlэ уемынэцl.

– Уц lэзэгъухэр Дэхапсэ сыдым фишlэра, янэ кlэрихыгъа? – аужырэ гущыlэхэу ныом къыфидзыгъэхэр хигъэкlуакlэхэ шlоигъоу джау сыдми еупчlыгъ.

– Янэ ащ ышlэрэ щыlагъэп, янэжъ ары. Уц угъой зыкlокlэ, пшъэшъэжъыер зыдищэзэ, ригъэшlагъ.

Ныор кlэкlорыкlызэ ежьэжьыгъ, Шыупащэ гукlэ щхыпцlыгъэ.

Дэхапсэ пчъэр къызыlуехым, Шыупащэ lугушlозэ, унэм рищагъ, джэхэшъогум римыгъэкlэу lаплl къырищэкlыщтыгъэми, къегыигъ:

– Шъо, хъулъфыгъэхэм, зыгорэ къэшъуугупшысын шъушlэрэп. Шъушъхьэ lоф ежъугъашl, хъун ылъэкlыщтыр къызышlожъугъэшl, етlанэ ушъхьагъур бэ къэхъущт... Умыгузажъу, Шыупащ. Укъызэрехьэу, пlэр ары уигугъур. Моу тlэкlу къысэдэхашlэба,– Дэхапсэ фэlазэу, Шыупащэ зыlэкlихыжьыгъ.– Уакlыб къэгъази, пщыгъыр зыщых, сэри бэрэ укъызэзгъэжэщтэп.

– Ари къэоlо зэпыт,– Шыупащэ, зызэригъэзэкlзэ, щхыгъэ.– Зыпlэ тызэдыхэгъуалъхьэ, аущтэу услъэгъумэ хъущтба?

– Скlэлъэныкъо пцlанэу силlи езгъэлъэгъугъэп...– фэбэмэ lэшlур Дэхапсэ къыпихэу джыри Шыупащэ зыкъырифызылlи, ытхьакlумэ иlушъэшъагъ: – Джы джэнкlакор о сщых. Бзылъфыгъэм ыгъэбылъырэм хъулъфыгъэр ренэу фалlэ...

Шыупащэ ыбгъэ дэгъэзыягъэу тlэкlурэ щылъыжьи, къэтэджыжьынэу къызэшlотlысхьагъ.

– Щылъба, си Шыупащ, зыгъэпсэф, джыри уфае укъэхъункlи мэхъу,– Дэхапсэ ыlэхъомбэ псыгъохэр кlалэм ыбгъэц пхъашэмэ ахигъэкlошъагъ, едэхашlэзэ, адрэ lэгушъор ыкlыбышъо ригъэчъагъ.– Уишыкlэ машlо егъэугъэ зэпыт.

– Икъугъ, Дэхапс,– бзылъфыгъэм кlэкlэу Шыупащэ зыкъыlэкlихыжьи, джэхашъом къытеуцожьыгъ.– Зыфэсакъыжьрэм тхьэхэри къыфэсакъых. Уипчъэ зыгорэ къытемыозэ, сикlыжьмэ нахьышlу.

– Хэта къытебгъэощтыр? – Дэхапсэ къыхихыгъ.– Нэтlае зэрэдэмысыр орба зэсlуагъэр, ощ фэшъхьаф сэ хъулъфыгъэ къысфакlорэп.

– Гъунэгъу уиlэба, уц lэзэгъу фэныкъор сэ сизакъу пшlошlа? – Шыупащэ ишъыпкъэу къыlуагъ.

Лакъырдыгъэ горэ ащ кlэлъэу Дэхапсэ къыщыхъугъ, ау бырсыр къыригъэкlыным тещтыхьэзэ, гые чlэгъчlэлъыгъэкlэ къыпигъодзыжьыгъ:

– Уц lэзэгъу фаехэм мафэрэ ясэты, о уиlэзэгъу къыостынэу пчыхьэ къэс пфэсэгъашlо шъхьакlэ, уикъакlо макlэ.

– Тыздэсыр чылэ, Дэхапс. Титlо тизэкъуагъэмэ, пчыхьэ къэс сыкъэкlони. Мыщ сыкъэсыфэ, зыгорэм сыlумыкlэу къыхэкlрэп. Сызырахьыжьэкlэ…

– Ары, ары,– кlалэм игущыlэ Дэхапсэ lэкlихыгъ.– Лащынэ нэсыжьмэ, ухэкlыжьыгъ. Зымафэ Пшъадэ псы къыдэсхызэ, уикъэщэн сыlукlагъэти, сыпфепсэлъыхъуагъ. Ори учъыерэп, угу зэрэрихьрэр ебгъэшlэгъах. Ежьыри къыпфай. Ау, Шыупащ, пlалъэр къэсэу Лащынэ къызыпщэкlэ, сыкъызпымыгъэзыжь, пфэзгъэгъущтэп.

– Лащынэ тыкъиштlэмэ? – къыщэгъахэм фэдэу Шыупащэ къэщтэуlугъ.

– Умыщын, къытэмыгуцэфэнэу сэ къэсшlыщт, ащ шlыкlэ lаджи иl.

Дэхапсэ къыриlуагъэм Шыупащэ къыгъэгупсэфыгъ…

Ытамэ къэзыгъэсысрэр ымышlэу Шыупащэ ынэ къызэтырихыгъ: Дзэпщ щхыпцlэу ышъхьагъ ит, Зэфэс цlыкlур губжыгъэу къыгот. Кlэчъыеным енэгуий, нэф къызэрэшъэу къагъэущынэу Шыупащэ ялъэlугъагъ, ау, Агъбан ары нахь, ышнахьыкlэхэр арэп зэриlогъагъэр.

– О сыд нэфмышъэу узгъэгубжыгъэр? – Шыупащэ къызэшlотlысхьи, зикъудыизэ, Зэфэс цlыкlум lуплъагъ.– Дзэпщ угу хигъэкlыгъа?

– Дзэпщэп, оры нахь,– Зэфэс нэгъуцоу къыфычlэплъыгъ.

– Сэ сыд къыосшlагъ?

– Дзэпщ шlыхьафым зыдэощэ, сэ зи къысэплуагъэп.

– Ара сэlо! – Шыупащэ ыгу къыдеlэу щхыгъэ.– О джыри уцlыкlущ, Зэфэс. Дзэпщ фэдиз узыхъукlэ, тыдэ сыкlоми, уздэсщэщт. Дэгъуба?

– Дэгъоп,– нахь лъэшэу Зэфэс ынэгу зэхигъэштэуагъ.– Шlыхьафым сыздащи, дэгъу сlощт.

– Ащыгъум, уянэ еlу.

– Есlогъах, о укъезэгъмэ, сыкъитlупщыгъ.

– Тызэшlужьыгъ, Зэфэс.

Пшъэдэ lушъо еолlэрэ лъэгум обзэгъухэр, къазгъырхэр зыдаlыгъэхэу лlыхэри лlыжъхэри къезэрэгъэкlущтыгъэх, Дзэпщ илэгъухэри, нахьыкlэхэри акlэпхъэгъагъэх, кухэми тlэкlу шlэ къэс къахахъощтыгъэ.

Хъулъфыгъэ заулэ къяуцокlыгъэу Тlатlыхъурэ Къоданэрэ пчэгум итыгъэх.

– Мыдэ мы слъэгъухэрэр! – Тlатlыхъу игуапэу пщы шъаомэ аlугушlуагъ.– Шlыхьафым шъукъэкlуагъ, шъулlэхъупхъ, лlы шъукъызэрэхэкlыгъэр жъугъэгъуащэрэп.

– Сшынахьыкlэмэ алъэкlрэр ашlэщт,– Шыупащи зыкъогушхукlрэмэ нэшlукlэ яплъи, зыгъэгумэкlырэмкlэ къыухыжьыгъ,– ау дунаир зэрэупlыцlагъэр сыгу рихьрэп.

– Умыгумэкl, Шыупащ, пчэдыжь пщагъом мэфэшlу къехьы,– ицыхьэ зытелъыжьэу Тlатlыхъу къыlуагъ.

– Уахътэр дгъэхьаулыенэп,– Къоданэ кухэр зыщызэхэтхэмкlэ плъагъэ.– Ку тхьапш мэзым дгъакlомэ хъун?

– Куипшlыр икъун. Тlорыкlо къыхащымэ, ащ нахьыбэ пкъэурэ пчэгъурэ чlы дэтlыкlыгъэ лъэбэкъуишъэм ыштэнэп. Шъо сыдэу шъуlорэ? – Тlатlыхъу лlымэ аlуплъагъ.

Чlылъэ лъэгум Емзэщ рыплъи, гукlэ къыридзагъ:

– Имыкъуми, щыкlэн щыlэп. Икъущт, Тlатlыхъу, икъущт.

– Цlыфхэр зэрэдгъэшхэн фаеми Шыупащи, сэри тиакъыл темыфэгъагъэми, тыкъэбгъэтэрэзыжьыгъ, Тlатlыхъу,– Къоданэ лlыжъым щытхъугъ.– Муары, къарышъохэр зыпалъхьащтхэри чlаlух.

– Къышъосlуагъэба? – зыгорэ ыгу къэкlыжьыгъэу Тlатlыхъу къэупчlи, ежь-ежьырэу джэуап зэритыжьэу ригъэжьагъ: – Айнарэ гощэшхом, тхьэмэ гъэшlэ кlыхьэ ашl, шкlэхъужъитlуи, мэлибли шlыхьафым къыхилъхьагъ. Ар цlыфмэ яшъуlу, хэти шlоу ышlэрэр бгъэкlоды хъущтэп. Къодани мэлищрэ зы быгъу кlалэрэ къытыгъ…

– Ашъыу, ар ищыкlагъэп, сэ сцlэ къепlон фэягъэп, Тlатlыхъу,– Къоданэ укlытэжьыгъэу, лlыжъым къыпчъыхэрэр щыригъэгъэтыгъ.– Сэ ащыгъум, Шыупащ, пчэгъушlпкъэушlхэм садэкlон, о пцешым нахь цlыф баlо зыдащ. Чы къэпшlыныр lоф lэпlэжьажъ. Псыпэр зэрэдэчъэхыщт чlыр зытlыщтхэмэ Тlатlыхъу алъыплъэн.

– Іоф псынкІэ сыфэбгъэзагъ, Къодан,– лІыжъыр щхыгъэ.– Салъыплъэщт къодый ныІэмэ, Дзэпщ цІыкІуи ар ыгъэцэкІэн. СытІэшъунэп, ау джыри чы дэсыдзын слъэкІыщт.

– Чыри дэдз, ТІатІыхъу, чІыри зэратІырэми чэур зэрафырэми лъыплъ,– Къоданэ къезэгъыгъ.– Уизэкъощтэп, Емзэщ уигъусэщт.

– Емзэщ сигъусэщтмэ, Пшъэдэ нэкъикІыр ечъэхы пакІо, дэдгъэчъэежьын! – ТІатІыхъу зэхихыгъэм рыразэу шъхьэІулІэжь фишІыжьыгъ.

ПцешымкІэ емыжьэзэ, ныо-шъуз пщэрыхьакІомэ Шыупащэ ахэхьанэу зежьэм, Дэхапсэ ахилъэгъуагъэти, къызэтеуцуагъ. «Сыд сэІо, Дэхапсэ дэжь зытІо-зыщэ сызэрэкъокІыгъэр зэкІэми къыздашІэ пІонэу, сызтеукІытыхьэрэр!» – Шыупащэ зыфэгубжыжьи, икІо ригъэхыгъ. ПщэрыхьакІомэ зэрахахьэу, Курацэ къэупчІагъ:

– Уицэуз сыдэу хъугъа, Шыупащ?

– Уцым хиутыгъ, Курац, нычэпэ гупсэфэу сычъыягъ,– Шыупащэ кІэщхыкІи, нэчапэкІэ Дэхапсэ фыреплъэкІыгъ, адрэри хэпшыкІ къодыеу къыІущхыпцІэжьыгъ.

– Сэ къыосІуагъэба, Дэхапсэ иуц ардэдэм цэузыр хегъэлІыкІы. УІагъэм щафэри къыздихьи, къытхэхьагъ. Хэт ышІэра, мощ фэдиз хъулъфыгъэмэ ащыщ горэм ымышІахэу зиуІэжьынкІи мэхъу,– ныор нэшІукІэ Дэхапсэ фыреплъэкІыгъ.

– Ар дэгъу,– Шыупащэ джыри ныом зыфигъэзагъ: – Курац, сэ чышІымэ садэкІощт, сшынахьыкІэмэ унаІэ атегъэт. Чэу шІыхьаныр рагъажьэмэ, адерэІэх.

– Моу шъукъакІу, нынэ,– ныом шъэожъыехэр зэрищэлІагъэх.– УкъэмыгумэкІ, сэ мыхэмэ ашІэн къафэзгъотыщт.

ПсыІушъом къыІунэгъэ хъулъфыгъэхэр Пшъэдэ чІыохым дэхьагъэх, пкъэу-чэукІэ агъэпытэщт къаІэтыщт нэпкъ тешъом цыпитІумкІэ щызэпэуцухи, щытІэхэу рагъэжьагъ. Сыхьат зытІу горэмкІи пкъэухэр, пчэгъухэр, чыхэр зэрыз цукухэри къэлъэгъуагъэх. ЛІыхэр кумэ яэзэрэгъэбэнхи, ардэдэм аунэкІыгъэх. Пкъэу-пчэгъу уІучІыкІэ зымышІэрэ ныбжьыкІэмэ Емзэщ арегъэлъэгъу:



– Мары зэрэпшІыщтыр. Апэ ыпэкІэ шъыпкъэ еупкІэх, етІанэ къыдэІэбайи, тІо-щэ хэуІупкІ, упэпцІыгъошІу къыпфэхъущт. ЦэкІиплІ фэшІ, щы пшІыми хъущт.

– Мо слъэгъурэмэ тыбг тагъэузэнкІыщтэп,– къызэлъыкІорэ ку ушъагъэхэр лІы горэм зелъэгъум, къыдзыгъ.

– Еу, еу, пфэукІочІырэр шІэ, пхъэр къырагъэкъумэ, мэзым къикІыжьхэрэр къыддеІэщтых. Егъэзыгъэ щыІэп, гузэжъогъуи хэлъэп, шъупкъи шъуитэу шъушІэрэр нахь кІэкІыщт,– Емзэщ пхъэшІхэр Іофым фегъэчэфых, чІытІ зэпекІохэми ынаІэ атырихырэп. Пкъэу-пчэгъу уІучІыгъэ зэтелъмэ ашъхьапырыплъи, Адышэс еджагъ: – ТІатІыхъу тэ щыІа?

– ПщэрыхьакІомэ ахэт,– зэджагъэм ычІыпІэ ГуІатыжь къыпэджэжьыгъ.

– Шъукъеджэжь.

ТІатІыхъу кІэкІорыкІзэ къэсыжьи, раІощтым ежэу, Къоданэ Іуплъагъ.

– Емзэщ, ори моу къакІо,– Къоданэ гъукІэми еджагъ.– Чэу пытапІэр зэрэдгъэуцущтым нахь тежъугъэгупшыс. Сэ зэрэсшІошІырэмкІэ, псыпэр къеомэ Іуимыхынэу чэумрэ нэпкъымрэ азыфагу мыжъо дэтэкъопІэ лъэбэкъуищ горэ къэгъэнэгъэн фаеу сеплъы.

– Ащ нэмыкІ шІыкІи иІэп,– Емзэщ кІэкІэу къыпиупкІыгъ.

– Чэу пакІэр псы нэпкъым зыщетщэлІэжьыщтым, кІэкІыщэу къешъумыгъэгъаз, псыпэр емыгоонэу шъушІы,– ТІатІыхъуи ахэгущыІагъ.

– Ари тэрэз,– Къодани къыдыригъэштагъ.– Пкъэу гъэуцуныр етэгъажьэ, ТІатІыхъу. Тичэу дэпкъ пытэ хъунэу тхьэмэ ялъэІу.

ТІатІыхъу апэрэ пчэгъур чІыгум хиІугъ, щхыпцІызэ, къыухыжьыгъ:

– Сишъэогъу ГъучІыпсэ тхьамыкІэ зэриІощтыгъэу, сикІэлэгъу делэгъурэ скІочІэ мыухыжьрэ тыдэ къисхыжьын. Зэгорэм зэогъукІэ пчэгъур чІассэщтыгъ, джы ыцыпэ езгъэубытыгъэми ары.

Пчэгъухэр чІасэхэу Зэфэс пщышъаом зелъэгъум, къэчъагъ, къумгъаныпсри аІихыгъ.

– Пчэгъу лъапсэм псыр зыкІэбгъахъокІэ, Зэфэс, пшъхьэ Іухыжьзэ шы, армырмэ етІэпсыр унэгу къыкІиутхэщт,– Къодани пщышъаом еушъыигъ.

Пкъэу-пчэгъухэр зыхагъэкIым, чы дэдзыныр рагъэжьагъ.

ТIатIыхъуи уцущтыгъэп, чэушIхэр ыгъэтэрэзыжьыщтыгъэх:

– Ар чэу шIыхьакIэ хъущтэп. Унэгъо чэу пшIошIа мыр? Чы лъапсэхэр кIыхьаIоу дэжъугъэщых, чыпэхэр пышъумыупкIыжьых. Ахэмэ мыжъохэр дэгъоу аIыгъыщтых.

Щэджэгъуашхэр къызэсым, Курацэ лIымэ къахахьи, зиухыижь фэдэу къариIуагъ:

– МэлакIэ шъудгъэлIагъэщтын. Ау тэ тыхьазыр, шхынхэр шъумыгъэучъыIыжьы.

ШIыхьафышIхэр зэшхахэхэм, лIыкуи, лIыкIи, кIали езэрэгъэбэнхи, пчыхьэ мыхъузэ, лъэбэкъуишъэм къехъурэ чэу лъэгэ пытэм ифын аухыгъ. Мыжъо къыдэщынымрэ дэтэкъожьынымрэ ары къафэнэжьыгъагъэр. Ар неущрэ Iоф ашIи, Iофышхом мэзыбэхэр щыгушIукIмэ фызэплъэкIыжьхэзэ зэбгырыкIыжьыгъэх.

## IV

Тхьэмэфэ гъогу тетыгъэ Рэдэд пщышхом ишылъапэ Мэзыбэ къызэрэдедзэжьэу, апэрэ къэбарэу къыпагъохыгъэр чылэм дэтыгъэ шIыхьафышхор ары. Заулэрэ къэкIуагъэхэу Мыстхъакъо къикIыжьрэ ГуIатыжь зыIоупIэхэм, пщышхом ышъо зэокIымэ ыгъэшIагъозэ, зэупчIыжьыгъ: «Сыд кIуачIа шъуIо цIыфхэр зэфэзыщэхэрэр? НэмыкI горэм тыIумыкIэу зыпсэ дгъэгъугъэ Зирарэ ышнахьыжъ тапэ къызэрифагъэм зыгорэ хэлъыщтын...»

– Чылэр мамырба, ГуIатыжь? – зыIон зымышIэщтыгъэ Рэдэд джау сыдми ГуIатыжь еупчIыгъ.

– Уаим щыIэп,– ГуIатыжь нэутхэгъэ гуапэкIэ пщышхом ынэгу кIэплъагъ.– Удэмысыфэ, зиусхьан, Iофышхо тшIагъэ.

– Сыд фэд? – Рэдэд ытхьакIумэ ыгъэчаныгъ.– Iофышхор дэгъоуи, дэеуи мэхъу.

– Iоф дэгъу, зиусхьан,– ашIагъэм зэрэрыгушхорэр ГуIатыжь ымакъэ къыхэщыгъ.– Пшъадэ еолIэрэ лъэгу охым IэрышI нэпкъ пытэ Iудгъэуцуагъ. Джы сыд фэдизэу псыр къиугъэкIи, чылэм къыкIэожьыщтэп. Уеплъынэу уфаемэ, озгъэлъэгъун.



– Ащ фэдэ Iофышхо шъушIагъэмэ, сигуапэу зэзгъэлъэгъун,– IущхыпцIыкIызэ зэплъэкIи, унашъо ышIыгъ: – Шыухэр шъутIупщыжьых. Ори, Чэчан, о моу къакIо, ГуIатыжь къызщытхъурэ IэрышI нэпкъым тыкъеплъыщт.

Мэщыкъорэ Темрыкъорэ пщышхом ыбгъуитIукIэ къыготыгъэхэти, Мэщыкъо лъыкIуати, ГуIатыжь Рэдэд пщышхом гуигъэуцуагъ.

– КъэIуат, ГуIатыжь, хэт шIыхьафыр зэхэзыщагъэр, хэт хэлэжьагъэр? – пщышхом зэкIэ зэрэхъугъэр ышIэ шIоигъуагъ.– А чIыпIэр сэри шъхьэузэу сиIагъ.

– Сэ зэрэсшIэрэмкIэ, IэрышI дэпкъым ишIын къезыхьыжьагъэр Къодан. КIэщакIуи, зэхэщакIуи фэхъугъэхэр Шыупащэрэ Къоданэрэ,– ГуIатыжь ишъыпкъэу къэбарыр къыIуатэщтыгъэ.– Ини, цIыкIуи ащ хэмылэжьагъэ чылэм цIыф къыдэнагъэп. О уишъэо цIыкIуитIуи алъэкI къагъэнагъэп.

– Мэфэ тхьапшэ шъупылъыгъ? – икIалэмэ апае ГуIатыжь къыIуагъэр Рэдэд игопагъэми, зэхимыхы фэдэ зишIыгъ,– Iоф макIэпщтын ащ къыпытэджагъэр.

– Арба Iофышху зыкIэсIуагъэр,– ГуIатыжь ымакъэ зыкъырихыгъ.– Ар етIани мыжъо чэу къодыеп. Апэ лъэгур пкъэу чэу дэгъукIэ зэпыдгъэIыкIи, чэумрэ нэпкъымрэ азыфагу мыжъо дэттэкъожьыгъ. МэфитIукIэ тыухыгъэ, зиусхьан.

– Уятэпс ар, ащ фэдиз зикIыхьэгъэ IэрышI нэпкъыр мэфитIукIэ пфэмышIынмэ,– Рэдэд пщышхом зэхихыгъэр ышIошъ хъугъэп.

– ТшIыгъэ, зиусхьан, мары плъэгъун,– ГуIатыжь ыгу къичэфыкIэу къыхигъэхъожьыгъ: – Зы мафэкIэ тэ Шыупащэ тыригъусэу, пцешым къыхэдгъэтэкъугъ, Къоданэ зипащэхэм пкъэупхъэхэмрэ пчэгъупхъэхэмрэ мэзым къыхащыгъ, етIанэ зэкIэми тызэгоуцожьи, нэпкъым шъхьэдэкIэу чэур къэтIэтыгъ. ЯтIонэрэ мафэм Пшъадэ мыжъо къыдэтынэжьыгъэп, кухэмкIи къыдэтщыгъ, IэкIи къыдэтхыгъ. Зы мафэп, тхьэмафэкIи а мафэм тшIагъэр тфэухыныеп, нэмыкIхэр къыддемыIагъэмэ.

– Хэт нэмыкIхэр?

– Тэ ятIуагъэп, зиусхьан, ежьхэм язгъэшIагъэр къашIэ, Мыстхъакъо ку щэкIым ехъу къикIыгъ, шыухэр къэсыгъэх. КъызэрэкIуагъэхэр тигопагъ, ау ахэр тэ тщыщых, къосэ-

гъух. Цухъо Дэмыр хьакӀуцухэр къызэрэтфищэгъагъэхэри гопэшхо тщыхъугъ. Тичылэмэ ахэр залъэгъум, лъакъокӀэ кӀорэ къыдэмынэжьэу, шӀыхьафым къебэныгъагъэх.

Рэдэд пщышхом ытхьакӀумэ къиӀощтыгъэхэр зэхихыщтыгъэ къодый нахь, едэӀужьыщтыгъэп, ӀэрышӀ нэпкъ лъагэм икӀыхьэкӀэ рыплъэзэ, Къоданэрэ Шыупащэрэ апшъэ ифагъэр ыгъэшӀэгъуагъ, ежь ишӀэ хэмылъэу чылэми, гъунэгъухэми, хьакӀуцухэми уасэ зыфашӀыщт Ӏофыр къытырагъэзэжьмэ тегущыӀэхэу ажэ дэлъыщтыр зыми къыримыӀоу зэрагъэцэкӀагъэм къыгъэцыхагъ, къешъхьащыкӀуагъэхэ фэдэу ылъытагъ. Ау ГуӀатыжь къыфиӀотагъэхэм ыгу зыгъэшӀужьын гущыӀэхэри ахигъотагъ, шӀыхьафым хэтыгъэхэм ыцӀэ ажэ дэлъыгъ, игухэлъ дгъэцэкӀагъэу къэкӀожьмэ зиусхьаныр гушӀощт ыӀоу, Къоданэ ахэтыгъ. «Ащ сыд къикӀрэр? — Къоданэ изекӀуакӀэ Рэдэдыпщым ышъхьэ къыубытыщтыгъэп.— Зыкъысигъэштэжь шӀоигъуа, хьауми ыгу къысфэкъабзэу сызэреплъыщтыгъэм тета? Дышъэм енэцӀыгъэр шъыпкъэмэ, ибылымыгъэ паеп, ыужыкӀэ сыд ышӀэжьыгъэми, фэзгъэгъущтэп. ЗыкъырипхъыхьиI, дэкӀыжьынэу зызэкӀиукъутэмэжьыгъагъ, къэзэгъэнэжьыгъэр сшӀэрэп нахь. Хэт шъуӀуа зыгъэдэӀуагъэр? Мысагъэ зыдимылъэгъужьмэ, ежь-ежьырэу ышъхьэ еусэжьи, къэнэжьыгъэнкӀи хъун… Айнари шӀыхьафым хэлэжьагъ ГуӀатыжь ыӀуагъэмэ сшӀэрэп. ШкӀэхъужъитӀурэ мэлиблырэ ахилъхьагъ. Ащ дэгъоу иакъыл тефагъ. Шыупащэ ар ыгу къэкӀыщтыгъэп. ШӀыхьафыр зыгу къэкӀыгъэри, зэхэзыщагъэри Къоданэщтын. СшынахьыкӀэ гъусэ фэхъугъ нахь, чылэ Ӏофхэм хэгъэгу Ӏофхэм ышъхьэ аригъэгъэузырэп, зыфэбгъазэрэр ыгъэцакӀэмэ, регъэкъу…»

Темрыкъо фэшъхьаф шыу къыгомынэжьыгъэу Рэдэдыпщыр икъэлэпчъэӀу зыӀохьажьым, къапэгъокӀыгъэ Агъбан, къыпэгушӀотэным ычӀыпӀэкӀэ, къегыигъ:

— Адэ, зиусхьан, уизакъоу умызекӀожьынэу пӀогъагъэба?

— Сизэкъона, Темрыкъо сигъусэ,— пщышхор щхыпцӀыгъэ.— СиухъумакӀохэр стӀупщыжьыгъэх. Чылэ кӀоцӀым сыд щыхъун, Агъбан?

— Бзаджэ зышӀэщтым чылэ кӀоцӀ, чылэ гъун ыӀощтэп,— ухъумакӀор къезэгъыгъэп.— Ужэ дэлъыр дахы, уиджыбэ къеӀабэх, угу къыдэӀыхьэх.

— Дунаир джы къутэжьыгъэу къэпӀон,— Рэдэд щхыпэ напэкӀэ Темрыкъо фыреплъэкӀыгъ.— НекӀо, зыгорэ зыӀуплъхьэмэ уежьэжьын, уигъусэхэр дзэкӀо гъэсапӀэм къыщыожэщтых. Хэт унэм ис?

— Гуащэр пщэрыхьапӀэмкӀэ бэмышӀэу кӀуагъэ. Шъэожъыехэр джэгуакӀо щыӀэх. Шыупащэ шъуапэ итэу къыдэхьажьыгъэ къодый.

ЛӀитӀур хьакӀэщ Ӏупэм нэсыгъэу Шыупащэ къапэгъокӀыгъ:

— Фэсыжьапщи, зиусхьан, Темрыкъу,— упчӀэ нэплъэгъур ышнахьыжъ пигъохыгъ.— Къэт яжъугъэӀуагъ, Ӏоф Ӏаджи къэшъушӀэгъэн фай.

— Умыгузажъу, Шыупащ, шӀыгъэ щыӀэмэ, къагъэпсынкӀэнэу яӀу, Темрыкъо щысин хьакӀэп. О етӀанэ къэдгъэхъагъэ щыӀэмэ, ухэнынэп.

Зэшхахэм, заулэ тешӀагъэу, хьакӀэр Шыупащэ ыгъэкӀотэжьи, къызегъэзэжьым, Рэдэдыпщым гущыӀэ къыӀуагъэп. Ащ зыгорэ зэрэхэлъым ышнахьыкӀэ гу лъитагъ, гумыхь зэнэкъокъуми зыфигъэхьазырыгъ.

— КъэтӀыс, нахьыкӀ,— мэкъэ дэгу гъэушэкӀэ пщышхом къыӀуи, нэжгъ зэхэгъэхьагъэкӀэ фычӀэплъыгъ.

— Хьау, сыщэрэт,— Шыупащэ ышнахьыжъ фэсакъызэ, еӀэсэкӀыгъ.

— Джыри пхэхъон пшӀошӀымэ щыт, ау сенэгуе зи пхэмыхъожьынкӀэ,— Рэдэд ыӀэнтэгъухэр ыкуашъомэ атырихыжьи, ыпкъ итӀысхьагъ.

— СиинагъэкӀэ схэмыхъожьми, сиакъыл хэхъонба, нахьыжъ? — Шыупащэ иджэуап лакъырдыгъэр къышӀухэщыгъ.

— Армэ узэрэзекӀощтыр, ащи хэхъонкӀэ сыгугъэрэп.

— Сыда?

— Сэ къыспэуцужьыгъэм ыдэжь очъэшъ, чылэм дэмыкӀыжьынэу уелъэӀу. Ащ фэдэ къошым ышӀэрэп. Сыд къысэхъулӀагъэми, сыд сӀуагъэми, сшӀагъэми, оры апэрэ пкъэоу къыскӀэуцон фаер. Къоданэ укъоуцуагъэу ашӀэмэ, ори, сэри цӀыфхэр сыдышъокӀэ къытеплъыных?

— РакӀыгъэр зафэмэ, гоуцуагъэм лӀыгъэкӀэ фалъэгъу, Рэдэд,— Шыупащэ кӀыфы къэхъугъэми, ымакъэ шъэбагъи, гукӀэгъуи кӀэлъыгъ.— Сэ Къоданэ дэжь сыкӀэчъагъэр ощ нахьи ар нахьышӀу слъэгъукӀэ арэп. Тидзэпащэ фэдэ лӀы

Iуш чIэосымыгъанэ сшIоигъу. Гъусэ къызыпфэхъугъэм щегъэжьагъэу шъыпкъагъэ къыбдыриI. О пцIыр шъыпкъэ шъуашэ щыгъэу уапашъхьэ къызыралъхьэм, пшIошъ хъугъэ шъхьакIэ, сэ Къоданэ сицыхьэ телъ. Сэ сизакъоп аущтэу егупшысэрэр.

– Ары Iолъ, гъусэ къыпфэхъунхэри къэбгъотыгъэх,– Рэдэд джы нахь дыджэу къызIуидзыгъ.– ЗэрэпIорэмкIэ, сэры мысэр.

– Умыс cIорэп, Рэдэд. Ау КъоданэкIэ уимышэныгъэу псынкIагъэ къызхэбгъэфагъ. Сэ шъукъэсыжьыным ыпэкIэ дзэкIо гъэсапIэм сыщыIагъ. Сшъхьэ къызэреуагъэр сшIэрэп, Къоданэ къебгъэхьыжьыгъэ дышъэми тыжьынымисакIэупчIагъ. Шъхьафэу зэрэщылъых. Хьэлэ-балыкъ къызэрыкIыгъэ дышъэр гъучI лъапIэхэр зыIэ иплъхьагъэм дышъэ гъэтIылъыгъэм хитэкъуагъэп.

– Сыд зажэрэр?

– Джыри ауплъэкIункIи мэхъу еIо.

– Хэт зыуплъэкIущтыр, ора?

– Сэрми, хэтми... Адэ лIы хьер имылажьэ тебгъэкIодэщта? Дышъэр Къоданэ къыфэзытIупщыгъэ Дэдам зыфэдизыр ышIэнба? Джау сыдми къыритыгъэнэп.

– Хэт пIуагъа дышъэр къыфэзытIупщыгъэр! – Пщышхом мэкъэ IэтыгъэкIэ зыкъырищыгъ.

– Дэдам. Сыда?

– Тыгъужъыр мэлахъо пшIыгъэ, ара? – Рэдэд къызбгырыугъ, ышнахьыкIэ ынэхэр къыфыригъэкIыгъ.– Сызэщызыфын щэхъу къапIорэп, сыда сакIыб щыхъурэр?

– Сэрэп ар, Дэмыр ары. «Тыгъоным есагъэм дышъэ унэ ептыгъэми, пшэхъуацэм фэдиз дышъэм енэцIыщт. Зэ хэукъуагъэм цыхьэ фэпшIэу дышъэм зыхэбгъэтIысхьэкIэ, ынэкIи, ыгукIи зигъэшхэкIынышъ, Iэбэжьыщтэп, зэрихьэрэ дышъэр гъучI къодыеу къышIошIыщт»,– джары Дэмыр ыIуагъэр. Шъо зэдэшъуштагъэ сшIошIыгъ.

– Дэдам кIалэр нэмыкI хъужьыгъэнкIи хъун,– пщышхом ымакъэ къэушъэбыгъ,– Абэчыпщыр къызытпэуцужьым, зэуапIэм зыкъыщигъэшъыпкъэжьыгъ, сэри чэтэ огъур сшъхьарихыгъ. Ары шъхьакIэ, цыхьэ зыфэпшIыщтыри пшIэн фае. ХьакIуцумэ ащ нэмыкI ахигъотагъэба? О сыд ащ узэрэщыгугъырэр?



– Къаригъэхьырэ дышъэр Дэдам ещэчышъ, тамыгъэ горэхэр атедзагъэхэу егъэтIылъых.

– СыдкIэ ыщэчырэ?

– ПхъэпитIум яз дышъэр пешIэ, адрэм къупшъхьэ цакIэр пелъхьэшъ, цIыкIу-цIыкIоу гуиутызэ, дышъэм ыкъудыирэм фэдиз ешIы. Къоданэ къыритыгъэ дышъэм пыригъэIагъэр зыдиIыгъэу Дэдам къябгъэщэгъагъэмэ... Дышъэм хахъорэп, хагъорэп, щылъ зэпытыгъэми, зэрэщытэу къэнэжьы.

– Ащ акъыл хэлъ,– Рэдэд къезэгъыгъ.– Уфаемэ, а дышъэ къыхэхыпIэм о кIо, хьау пIомэ, пIофтэн къэгъот. Теплъын къыкIэкIырэм. Сэри Къоданэ сипыеп, уасэу иIэри сымышIэу щытэп, ау ари, ори шъуемыгупшысэу загъорэ шъукъысшъхьащэкIо.

– Тэри? Ащ фэдэ къыхэкIыгъэп, Рэдэд.

– ШIыхьафыр.

– ШIыхьафым пае сэрэп, Къоданэ ущытхъун фае нахь, бгъэмысэнэу щытэп.

– Сэ сшIэн фаеба, зэрэчылэу зыхэлэжьэрэ шIыхьаф шъушIыщтмэ?

– Рэдэд, сшынахьыжъ лъапI,– Шыупащэ гъэшIобзэ ушъыир къебэкIыгъ,– о хэгъэгу псаум урипащ, Iофмэ пшъхьэ къахэщыжьырэп. Iоф ини, цIыкIуи хэгъэгум щашIэрэр зэкIэ къыуахьылIэ зыхъукIэ, ухэгъоощэжьыщт. ЦIыфмэ яфедэ зыгорэм ышIагъэмэ, гъэгушхо, гущыIэ дахэ еIу. Нахьыпэм, чылэ закъор пIэ илъы зэхъум, унэ зышIи, гъогу хэзыхи, зихатэ мыжъуи, зимэщ Iумыхыжьи ualъыIэсыщтыгъ. Къосэгъухэр хэгъэгу зыошIым, нэмыкI гумэкIхэр къыпфыкъокIыгъэх. Ащ ыуж хьакIуцухэри, зыхыхэри, мыутIэхэри, тикъосэгъухэм къагуахъуи, хэгъэгушхо тыхъугъ. Джы о къыуахьылIэн фаехэр хэгъэгу Iофыгъошхохэр арых. АдыкIэ, Iэрышl нэпкъ ашIыгъэмэ, зыгорэ Iэбагъэмэ, тэ къытлъэхан, укъэдгъэукIытэжьыщтэп.

– Мыщ фэдиз гупшысэр тэ къипхыгъ, Шыупащ? – зэхихыгъэр ыгъэшIагъоэзэ, пщышхор ышнахьыкIэ Iуплъагъ, нахь упчIэ дыджыкIи фычIигъэзыхьажьыгъ: – Къоданэ къыуиIуагъэмэ шIэ?

– Къоданэ чылэм дэмыкIыжьынэу сызэреушъыигъэм фэшъхьафкIэ гущыIэгъу сшIыгъэп.

– Сыдэу щытми, дзэпэщагъэм дэжь учъэгъагъ.

– Ашъыу, сэ сIуагъэм пае Къоданэ къэуцужьыгъэп. КъызэрэзгурыIуагъэмкIэ, хэт щыщми зыгорэм удэмыкIыжь риIомэ игущыIэ зэблихъужьынэу, кIэгъожьыгъэу щысыгъ. Къысэдэуагъэп, седэожьыгъэп.

– Хэт адэ акъылэгъу къыпфэхъугъэр?

– КъэсэIокIэ пшIошъ хъущтэп, Айнар ары. Зыпчыхьэ тыщысэу Къоданэ иIофкIэ къедгъэжьи, оркIэ тыухыжьыгъэ. Пчэгъур уулучIымэ, папцIэ мэхъу, цIыфым удэлажьэмэ, акъыл чан егъоты. Тянэ тхьамыкIэм Айнарэ Iушы ехъулIагъ. Ар пIокIэ, къыосIуагъэмэ сэ сиакъыли ахэмылъэу къызшIомыгъэшI,– ышнахьыжъ къызэриуфагъэм Шыупащэ ыгъэгушхозэ, гукIэ тхъэжьэу къэщхыгъ.– НэбгыритIу узэдэгупшысэ зыхъукIэ, Рэдэд, зым адрэр къырыгъэкъужьызэ, гъэшIэгъонхэм уанэсы.

Рэдэд пщышхом ишъхьагъусэ фыриIэ зэхашIэм Шыупащэ къыфишIыгъэ ушъыихэр къызыхэхъожьхэм, етIани ахэр къызпыкIыгъэр зэхихыгъэу, ыпашъхьэ Айнарэ нахь ин, нахь лъапIэ щыхъугъ, ардэдэм ылъэгъу шIоигъоу ыгу къыпылъэдагъ.

– Сыпфэгубжын сIозэ, сшынахьыкI, сыгу псынкIэ къэпшIыгъ, сыпфэраз,– Рэдэд къэтэджыжьи, Шыупащэ ыплIэlу теIэбагъ.– Загъорэ тэри тыдехьыхы, игъом пшIэрэм узэрэкIэгушIужьырэм фэд, игъом пIорэ гущыIэми цIыфыгур егъэхъужьы. Сэ зэ шъэожъыемэ сашъхьарыплъэн.– Пчъэм дэжь къыщыуцуи, къыIуагъ: – Къоданэ иIоф кIэ фэпшIымэ, сигопэщт.

– Зынэсыщтым нэсымыгъэсэу сыуцунэп. Ащ уицыхьэ тегъэлъ, Рэдэд,– Шыупащэ жьым зэрихьэу хьакIэщыр къыбгынагъ.

– ЦIыфыр зыдежьагъэм кIэупчIэхэрэп, ау етIани ар сымышIэн слъэкIырэп,– Агъбанэ Шыупащэ пыплъыхьэзэ, къыригъэжьагъэр кIилъэшъужьыщтыгъэми, зыфаер риIокIыгъ: – Ар сэIо шъхьакIэ, укIэлэ зикъэмыщэмэ, уздэкIон закIэба.

– СэкIо, ау мо ошъопщэ шIуцIэмэ сыкъагъэкIожьыщтмэ сшIэрэп нахь,– Шыупащэ къыблэ лъэныкъомкIэ плъэзэ, Агъбан фидзыжьыгъ.– ХьакIуцухэм афырекIыхы.

– УздэкIон щыIэмэ, ащ пае къэмыгъан, ХьакIуцу чIыгум нахь чыжьаIох а ошъуапщэхэр, шIэхэу къытлъыIэсыщтхэп.

– Нычэпэ къещхыныр къыригъэжьэмэ, нэпкъ пытапIэр игъом тшIыгъэ сIуагъэ.

– Мэфэ заулэм мыжъохэр зэхэтIысхьагъэх, псым иягъэ зэмыкIыжьыщт унэгъо пчъагъэ жъугъэгупсэфыгъэ,– Iэрыш нэпкъыр зэрагъэпсыгъэм Агъбанэ щытхъузэ, къэлапчъэм нэс Шыупащэ дэкIотагъ.

Шыупащэ ишъэогъу Адышэс дэжь елъэкIонызэ, ышIэщтым гукIэ лъыхъущтыгъэ: «Дышъэ хэхыпIэм сэ сыкIоми хъунэу Рэдэд къысиIуагъ шъхьакIэ, сыкIощтэп. Къоданэ сызэрэфэгуIэрэр ешIэшъ, къысэгуцэфэнкIи хъун. Адышэсрэ ГуIатыжьрэ сялъэIунышъ, Дэдам къязгъэщэщт. Ар нахь тэрэз. Чыр къэтшIы зэхъум, Адышэс ыIэшъхьэ сэмэгу ныIэп ыуIэгъагъэр. «ШIыхьафыр зэщызгъэкъонэп» ыIуи, тэщ фэшъхьаф римыгъашIэу, тхэкIыжьыгъагъ. УIагъэм щифэщт уцыр къыфэсхьынэу Дэхапсэ дэжь сыкIуи, ари зэзгъэфедагъэ. Джы сшIэрэп, НэтIае зыгорэм мыкIоу сыкъокIынэп... Рэдэд зэгорэм Iушэу къыIогъагъ: «Нэ зиIэ пстэуми пыир алъэгъурэп». Апэ къыригъэкIыгъэр къызгурыIогъагъэп, джы сиакъыл нэсыгъ. Пый нафи, пый шъэфи щыI. Щынагъор къыпхэтэу, къыбготэу, къыпIущхыпцIэзэ плъапсэ кIэзыутрэр ары. Къоданэ къешхъошIагъэм ащ изакъоп къыуIагъэр, сэри сыгу къытыригъэфагъ, ау тыфэукIыгъэп. Зылъапсэ сфын сымылъэкIрэр къэбар нэпцIыр къезыхьыжьагъэр ары. ЗэкIэм «аIуагъ-къаIожьыгъ» аIо нахь, зыIуагъэм ыцIэ къыраIорэп. Къэзгъэзэжьмэ, зэ джыри кIыщым сычIэхьанышъ, Емзэщ гъукIэм ыжэ къэслъыхъущт. КIыщ Iупэм къыщежьагъэу аIо...»

ПчъэшъхьаIум зэребакъоу Шыупащэ шъэогъур къыфэчэфэу къыпэгъокIын шIошIыгъ, ау унэм зи исыгъэп.

– Зыгорэм дэгущыIэу зэхэсхыгъ, тэ хъугъа мыр? – зышIуигъэбылъыгъэмэ ыIуи, Шыупащэ пIэкIор чIэгъым чIэплъыхьагъ.

– Уишъэогъу ыныбжь имыкъузэ лIэжьыщт,– Адышэс ишъуз лъэкурэ цIыкIу ымакъэ къэIугъ.– ШъхьангъупчъэмкIэ икIыгъэшъ, хьэм дэджэгу.

– Ащыгъум лIы хъужьыгъэба,– Шыупащэ гушIуагъэ.– УIагъэр къецэкъэжьрэба?

– Къыфэпхьыгъэр уц дэгъу, зэрэщефэу хигъэлIыкIыгъ, кIыжьэуи фежьагъ.

Шыупащэ илъэIу шъэогъум фиIотагъ.

– Сэ сыхьазырыщт. Пчэдыжь жьыIоу ГуIатыжь къежьэнэу еIу,– Адышэс Iончъэу къыгъэгугъагъ.

– О ыдэжь уIухьэмэ хъущтба?

– Сыд пае гъогу лые скIун, тыздэкIощтыр нэмыкI лъэныкъу.

«Лъэбэкъоу ыдзыщтыр къелъытэ, шъэогъу гъэшIэгъон сиI,– Шыупащэ гъумыгъузэ ГуIатыжь фырекIокIыгъ, ау ригъотагъэп.– Мыдырэм хьэ лъакъо ышхыгъ, сыдигъо укIуагъэми ибгъотэщтэп»,– цIацIэзэ къыгъэзэжьыгъэу ГуIатыжь ыпэкIэ къикIыгъ.

– Сэ уадэжь сыщыIагъ.

– Къэбар дэй щыIа, угу Iае? НекIо, къэгъэзэжь.

– ТызэIукIэгъах, сызыфаер къыосIощт. Ау апэ Къоданэ ул фэузмэ, къысаIу.

– Сыгуи, сыли фэузы, лIы шIагъор чылэм цIэIужь дашIыхьагъ.

– Ащыгъум пчэдыжь жьэу кIэтаджи, Адышэс дэжь екIуалI. Дышъэ хэхыпIэм шъукIуи, Дэдам ыцIэу хьакIуцу кIалэ горэ ахэтышъ, Къоданэ къыритыгъэ дышъэр зыпищэчыгъэр зыдиIыгъэу къыздашъущ. Рэдэд пщышхом илъэгъунэу ешъуIу, армырмэ къышъуфэкIощтэп.

– Къоданэ ишIуагъэ екIын оIуа?

– Ащ Iо хэлъэп.

Шыупащэ кIыщым нэмысызэ, Емзэщ ядэжь кIожьэу ылъэгъугъэти, лъэ тIупщыгъэкIэ кIэхьагъ.

– Сыд къэхъугъ, Шыупащ?

– Зи хъугъэп,– Шыупащэ хьылъэу жьы къыщи, гъукIэм IугушIуагъ.– Джыри сыоупчIы сшIоигъу. Къоданэ дышъэм енэцIыгъэу къызырахьыжьэгъэ мафэм кIыщым Iутыгъэ лIымэ ацIэхэр къысэпIогъагъэх. ЗэкIэми сяупчIыгъ шъхьакIэ, къэбарыр къахэзыхьагъэр зыми къышIэжьрэп. Джыри зыгорэ ахэтыгъэу пщыгъупшэжьыгъэна? Моу анахь нэжгъурыIоу, шIэжь дэгъу иIэу...

– Ашъыу, ащ фэдиз къибгъэкIынэу, сыдкIэ былым узыпылъыр, Шыупащ?! – Емзэщ ишъыпкъэу къыхэгубжыкIыгъ.– Къоданэ фэдэлI ащкIэ бгъэмысэ хъуна?! ПеIэн дышъэкIи къыостынэп. Типщышхо ыуж къикIымэ, ары узщыгугъынэу тиIэр.

– Арба тэри тыкIэгумэкIрэр, Емзэщ. ЛIы хыем ыцIэ Iае темыIукIыным тыпылъ.



– ПтеIукIырэр птекIыжьрэп, Шыупащ.

– ТекIыжьынэу къэхъущт, о зэ егупшыс.

– О узфэе лIы губзыгъэ къэсымышIэжьэу ахэтыгъэкIэ сыгугъэрэп, ау джы сыгу къэкIыжьыгъ, сшыпхъу ишъэожъые такъыр кIыщым Iутыгъ. О узщыгугъырэ лIышIумэ анахьи, цIыкIумэ зэхахырэр нахь агу раубытэ, еупчI.

– Ар шъэожъые нэжгъур, шыхьат дэгъу къысэптыгъ, Емзэщ,– гъукIэм фэразэу Шыупащэ ядэжькIэ ежьэжьыгъ. «Пчыхьэ хъужьыгъэу унагъом сышъхьарыонэп, неущ мафэ щыI, ыгукIэ зэриIожьыгъ.– Ащи къымышIэжьмэ, хэт къысэзыIощтыр? Жьыбгъэм къысиIонэп, Тыгъэ-Тхьэшхом дэгущыIэн тиIэжьэп. Турэбэ быт щыIагъэмэ, шъыпкъэми, пцIыми зыгорэ къызэхилъхьащтыгъ. КIо, хъугъэ, Дэдам ищэчалъэ дышъэм ыкъудыирэр тефэжьмэ, Къоданэ зэрэхыер къыушыхьатын. Тхьэмэ аущтэу къычIагъэкIынэу сялъэIу...»

Чэщыр гумэкIэу Шыупащэ рихыгъ, пкIыхьэпIэ къинхэм ахэтыгъ. Пшъадэ къиугъэу, мощ фэдиз кIуачIэ зытырагъэкIодэгъэ мыжъо чэур псым Iуитхъыжьыгъэу, чылэр ыхьыгъэу ылъэгъугъ, къызхэущыкIым, пкIыхьапIэмэ Iофэп ыIуи, чъыем хилъэсэжьыгъ. Ардэдэм зыщыщ амышIэрэ шыудзэ къатеуагъэу, шыбгъэкIэ апэ къифэрэр раутэу, чатэкIэ цIыфхэр зэхаупкIатэу, шыумэ къауцухьэгъэ Рэдэд изакъоу яззожьэу елъэгъу. Къыпэуцугъэ дзакIомэ ежь апхырыкIын ылъэкIрэп, пкIантIэр къехэу къэлъэтагъ. Бгъус фабэр зытыридзи, къызэшIотIысхьагъ, пхъэныIум ит псым ызынысо ришъуи, гъолъыжьыгъэ.

Пчэдыжьым жьыпсэу къэтэджыжьыгъ, нэфылъ бзыйхэр къызтеIэбэгъэ уашъом дэплъыягъ, къыблэмкIэ зэплъэкIыгъ. Ошъуапщэхэри къэлъэгъожьыщтыгъэп, ощхыми къэущтыгъэп. «Агъбанэ къызэремыщхыщтыр къышIагъ,– Шыупащэ Агъбанэ зыфиплъыхьагъ.– Ащ фэдэ шIэныгъэ цIыфыгуми фыриIэмэ къезгъэIощтыгъ. Хьау, ар сыдым фишIэна, нэм кIэлъыр нафэ, гум илъыр шъэфы. Бжыхьэ чэщыр минрэ зэрэзэокIэу Къодани сыгу кIэгъу, Дэхапси сегупшысэ, Лащыни сыгучIэ щысэгъашIо. КъашIэ ащыщэу сыгу исыушъафэрэр. Тыгъопчыхьэ Емзэщ ипхъорэлъф шъэожъыем сыIуупчIыхьан фэягъэ, джащыгъум сыгу быяужьынти, гупсэфэу чэщым сычъыещтыгъэ. Джыри жьыщэу сыкIоу, пIэштэжь къэкIуагъа язгъэIонэп...»

Унэм ихьажьи, Шыупащэ зэрэфэпагъэу пIэм зыхигъэкIагъ, гупшысэмэ ахэтзэ, ымышIахэу хэчъыежьыгъ. Зэрэщылъыжьыгъэм ибагъи ышIагъэп, Дзэпщырэ Зэфэсрэ язэнэкъокъу макъэ къыгъэлъэтагъ.

Пчэдыжь пасэр текIыгъэхагъ. Пчэдыжьышхэ зешIыхэм, Шыупащэ шъэожъыем лъыкIуагъ. Исыгъэп, ау кIэлэ шъхьэхъумытIэ нэшхор кIэлэ джэгумэ Шыупащэ ахилъэгъуагъ.

– СшынахьыкI,– Шыупащэ гуфаплъэу шъэожъыем ынэгу кIэплъагъ.– Дэгъоу егупшыс, кIыщым уIутэу Къоданэ дышъэр зэритыгъугъэр лIымэ къязыIуагъэр къэпшIэжьына?

– Щорэба! – шъэожъыем къыызIуипхъотыгъ.

– Дэгъоу егупшыс сIуагъэ.

– Сегупшысэн ищыкIагъэп, Щор ары,– къыIуагъэм шъэожъыер текIыгъэп.

Шыупащэ ыгу шъэожъыем къыкъутагъ: «Джы нэс сызыпылъыгъэр хьаулый, зышъхьэ имыкъурэ закъоу чылэм дэсым сIыгъыгъэ Iудэнакlэр къызэпичыгъ,– зэшIэгъуае хъугъэу ынэгу ыIотыгъ.– Щорэ ыIуагъэр пшахъом тетхагъ, ар лIымэ ашIошъ хъугъэнэуи? Ащыгъум ар къэбаркIэ езыхьыжьагъэхэр Щорэ нахь делэх. Ау щытми, зэ сыIуупчIыхьан, ащ фэдизэуи делэ дэдэп...» Шъуз къопцIэ мыджырышхор Шыупащэ къыпэгъокIыгъ, цIацIэзэ, унэм рищагъ, пIэм хэлъ Щорэ рищэлIагъ:

– Чылэ кIалэхэм ябзэджагъэ зынэмысын щыIэп. Мы тхьамыкIэм ипаIо тыгъуасэ псым хадзи, Пшъадэ хагъэхьагъ. Джы зэ машIом ехьы, зэ ыцэхэр зэтео, техьагъу химыхыгъагъот.

– Адэ сеплъызэ, псым сипаIо езгъэхьыщтыгъа? – Щорэ зигъэлIэу янэ къыпигъодзыжьыгъ.

– Тхьэмэ псынкIэ къыфашI, хъужьын,– Шыупащэ кIалэм IущхыпцIи, ипIэлъапэкIэ тIысыгъэ.– ЕмыкIу къысфэмышI, тян, уикIалэ зыгорэкIэ сеупчIы сшIоигъу.

– Ащ сыд емыкIу хэлъ, еупчI, ау сыд гущэ кIэрыпхын? Ыжэ къыдахьэрэр къеIо е зэхихыгъэр къеIожьы,– ным иIэутIэ IупшIэ дишIыжьыгъ.

– Чэщыгу хъугъэу щагум узекIым, уигъунэгъу Къоданэ ипхъэшъхьакIэ зыгорэ хагъэбылъхьэу плъэгъугъа?

– Слъэгъугъэ,– теубытагъэ хэлъэу Щорэ джэуап кIэкI къытыжьыгъ.



– Сыд плъэгъугъэр? Сыдигъу чэщрэ унэм узикIырэр? – бзылъфыгъэм зэхихыгъэр ымыдэу, икIалэ филъыгъ.– Плъэ узытеуцуагъэм щегъэжьагъэу непэ къызнэсыгъэм чэщкIэ унэм уикIыгъэу къэсшIэжьрэп. Зэшъэожъыем, лэджэныр фэзгъэуцущтыгъ. Ащ ыуж чэщ горэм къыхэущыкIыгъэу къэсшIэжьрэп.

– Сыда, сычъыезэ, слъэгъун слъэкIыщтба?! – Щорэ ынэшхохэр янэ къыфыригъэкIыгъэх.

– Делэ зыкъысфэмышIэу, зытетыр къаIо! – ныр пхъашэу къытехъупкIагъ.– КъыпфэкIуагъэр уисэмэркъэушIэгъоп, Рэдэд пщышхом ышнахьыкI.

Щорэ къызэкIащти, ышъхьэ рилъэшъуагъ, бгъус къуапэр ыжэгъу чIиубытагъ.

– Сэ слъэгъугъэ сIонэу къысаIуагъ,– Щорэ ымакъэ къыщитхъагъ, ынэхэр бырылъэу янэ фыреплъэкIыгъ.

– Хэт къыозыIуагъэр? – Шыупащэ къэпсынкIагъ.

– ЫцIэ сшIэрэп.

– Чылэм удэсба, ыцIэ умышIэу? – ныр джыри къыфэгубжыгъ.

– ЗэкIэми ацIэ сшIэнэу, Рэдэдыпщыр сэры пшIошIа?

Шыупащэ къэщхи, джыри къэупчIагъ:

– Зыхэс лъэныкъор къаIуи, сезэгъыщт.

– Модэ чылэ гъунэм Iус,– къохьапIэмкIэ Щорэ Iэ ышIыгъ.– Сэ ащ дэжь сыдахьэрэп, изакъоу унэм ис, щэлами, хьалыжъуи къыозытын иIэп.

– Джы лIы фэдэу узекIуагъ, сызфаер къэсэбгъэшIагъ,– Шыупащэ ыгу зиштэжьыгъэу къэтэджыжьыгъ.– Джэуап укъысфэхъугъ, тян, уикIалэ ыжэ шъыпкъэр оры къыдэзыщыгъэр,– Шыупащэ бзылъфыгъэм лъэшэу фэрэзагъ, кIалэм «ЩорэкIэ» зэремыджагъэмкIэ ежьыри зыфэрэзэжьыгъ. Къызэхъум, ащ фэдэ цIэ Iае зэрэфамыусыгъагъэм ицыхьэ телъыти, ным зэхыригъэхыгъэп.

– Жъыу! – джэмэкъэ лъэшыр Бэржъые къеIугъ, къэлапчъэм къытеуагъэх. Джэнчыпс зыфишIыжьэу кIалэр джэныкъо машIом Iутыгъэти, ынэгушъхьэхэр къыхихэу унэм къикIыгъ, щхыпэ гуапэр шыум къыпигъохыгъ.

– Къеблагъэба, Шыупащ, ухьэкIэшху о.

– Уахътэ щыIэп, псынкIэу зыкъэфапи къикI!

– Мары джыдэд, машІор къэзгъэкІосэнышъ,– лъэгъунышІу къыфыриІэу пщы кІалэр къыфэкІуагъ шІошІызэ, иІэ тІэкІур гуІэнкІэ къызщилъи, Бэржъые унэм къикІыжьыгъ.– Сыкъэшэсыщта, Шыупащ?

– ИщыкІагъэп! Лъэсэу укъыздэкІощт! – Шыупащэ зэрэфэлъэкІэу зеІажэми, игубж къышІухэщыщтыгъ.

Бэржъые благъэу шыум къызекІуалІэм, шІукІэ къызэрэфэмыкІуагъэхэр къыгурыІуагъ, ардэдэм ышъо пызыгъ, ытх уфагъэ ышъхьэ рилъашъозэ, мэкъэ псыгъокІэ къэупчІагъ:

– СыдкІэ сыуищыкІагъ, Шыупащ?

– КІыщым лІыхэр къыщыожьх, лъэгъун къыбдыряІ.

КІыщ гупэм къэсыфэхэ зы гущыІэ Шыупащэ къыІожьыгъэп, шым къыготэу къелъэкІоныщтыгъэ Бэржъыий лІыхэр къызэрэфаехэр ымышІэу гупшысэгъуае хъугъагъэ.

ГущыІапІэу, зэхэхьапІэу чылэлІымэ яІэгъэ кІыщ кІыбыри, натІэри зэгъокІыгъэх. «Уафэмые зыхъукІэ, Іузэрэгъэфэжьхэрэп, джы жьыбгъэм ІуилъэсыкІыгъэхэм фэд,– Шыупащэ ыгукІэ гъумыгъугъэ.– Емзэщ изакъоми хъущт, щыдыбжьаори игъус».

– Тэ щыІа адэ къысфаехэр? – Бэржъые ынэхэр зечъэхэу Шыупащэ Іуплъагъ.

– Еу, чІахь, кІыщым чІэтых,– ыкІыбыкІэ еІункІи Бэржъые чІигъэлъэдагъ.– Джы мыхэмэ зэхахэу къаІо, Къоданэ ипхъэшъхьакІэ дышъэр зыхэшъолъхьэм уигъусагъэр!

УкІыгъэкІи лъы ІапІэ къыкІэмыкІыжьынэу Бэржъые кІыфыбзэ къэхъугъ, ыІупшІакІэхэри ыІаблэхэри къэкІэзэзыгъэх, къызэшІуанэзэ, ерагъэу къыупсэлъыгъ:

– Сыд дышъэ зыфапІорэр ? Къоданэ ипхъэшъхьакІэ сэ сыдым сынигъэсына?

Шыупащэ етхъуи, Бэржъые ыІашъхьэ пиубытыкІыгъ, щыдыбжьаом фигъэпытагъ:

– МашІом къыкІэгъэст! Зимышіэжь зызышІыгъэм ишІэжь къыфэзгъэкІожьыщт!

– Хьау! Хьау! – Бэржъые къэкууагъ.– ЗэкІэ къэсІощт!

– КъапІомэ уифедэ, къэмыІомэ узэрэІэбэгъэ Іэ мыгъор пызгъэжъыкІыщт! – машІом пиІущтым фэдэу ыкъудыищтыгъэ Іэр Шыупащэ къызэкІихьажьыгъ.– Сыкъыожэ!



– Сигъусагъэп ар, сыригъусагъ нахь,– апэрэ зыухыижьыр Бэржъые къыжэдэзыгъ.

– Зыкъысфэмыгъэлуш! Хэт сІуагъэ! – Шыупащэ нахь лъэшэу техъупкІагъ.

– Зирар... Къоданэ иунэ пхъэшъхьакІэ Зирар зи чІилъхьагъэп, къычІихыжьыгъ нахь.

– Пцыы къэмыус!

– КъысиІуагъэм фэшъхьаф къэсэІомэ, мы чІыпІэм серэмыкІыжь,– Бэржъые итхьарыІуи, игущти зэхэтэу къэгъынэгъагъ.– КъыздеІэба, Емзэщ, сэ сыда силажьэр? Зирар сишъэогъути, къызысэлъэІум сыдэкІуагъ.

– Уцогъу дэгъу бгъотыгъэ,– Емзэщ нэжъыкІэ къыІуплъи, ыкІыб къыгъэзагъ.

– НэмыкІ къысфэмыемэ, сэ силажьа? – Бэржъые хэщэтыкІызэ зиухыижьэу ригъэжьагъ.– Сэ сыда Къоданэ сиягъэ зыкІезгъэкІыщтыр? Зирари лІыр ыгъэлъэпэон ыІуи, дышъэр пхъэшъхьакІэм фыхилъхьэгъагъ, кІэгъожьи, къыхихыжьыгъэу ыІуагъ.

– Дышъэр къыздикІыгъэр зэхэшъухыгъэба, Емзэщ? – Шыупащэ гупсэфыжьыгъэу къэупчІагъ, Бэржъые филъыгъ: – СанэІу икІ! Чылэм лъэбэкъу дэудзыгъэу зысшІэкІэ, чІы гъуанэм уихьагъэми, укъэзгъотыщт.

Адышэсрэ ГуІатыжьрэ гъогу зытехьагъэхэм мэфитІу тешІи, ящэнэрэ мафэр щэджагъом блэкІыгъэу, Дэдам къыздащи, Мэзыбэ къагъэзэжьыгъ. Къоданэ къыхьыгъэгъэ дышъэри ащэчыжьыгъ, ау Бэржъые Іоф шІоим хэщагъэу Шыупащэ зигъэунэфыгъэм ыуж, ар лые хъугъэхагъэ. Ышъхьэ къыухъумэжьызэ, Бэржъые къыІуагъэр зэрэпцІыр Шыупащи, Емзэщи кІыщым къащыгурыІогъагъ, Рэдэд пщышхоми къэбар зешІэм, кІалэр шІотхьамыкІэу, къаигъэ аригъэшІыгъэп.

Хэгъэгу зэфэсышхор зэфигъэшэсынэу Рэдэд пщышхом зэрэрихъухьэгъагъэр щигъэзыежьыгъэп, ау лІыкІохэр ямыгъусэхэу лъэпкъ пащэхэр къэкІонхэу афиІопщыгъ.

Мэзыбэ пчэгум чылэр къызыщаугъоим, мафэр ошъопщагъэ, чъыІэжь макІэр къыкІэпщыщтыгъ, цІыфхэр утІыІугъэхэу, пчэгум зэрифэхэу зэхэтыгъэх. Рэдэд пщышхори, пщыхэкІ шъэожъыехэри, Къодани, Мэщыкъуи, зэкІэми къалъэгъухэу, шымэ атесыгъэх.

Хэгъэгум зэдэlужьэу, зэгурыlожьэу илъы хъугъэм Рэдэд къытегущыlагъ.

– Мэзыбэ нэпкъ пытапlэр ашlы зэхъум, хьакlуцухэми, мыстхъакъохэми, нэмыкl чылагъохэми ежь-ежьырхэу аlэ къызэращэигъэр зымыуасэ щыlэп,– Рэдэд пщышхом ыгу къыдеlэу къыlуагъ.– Адыгэ лъэпкъыхэм зэпэблагъэ тызэрэхъугъэр хэсэгъэкlыжьышъ, бэшlагъэп чылэхэм, лlакъохэм, унагъохэм тызэфычlэплъыжьэу тызыщыlагъэр. Тызэкъотмэ, мы lэбжым зэкlэлъым фэдэу ткlуачlэ хэхъо зэпытыщт. Тылъэшмэ, щынагъуи тиlэщт. Хъэзар, аланхэр ттекlыгъэх тlозэ, русичхэр тын тlамыхымэ мыхъунэу тауж къихьагъэх. Тысакъын, ткlуачlэ зэкlэтыугъоен фае. Сыушъэфырэп, непи, неущи сlорэп, русичхэм гупсэфэу тызэрэщамыгъэlэщтыр нафэ. Тlэхэр зэтелъэу тэри тыщысэп, шъори шъуикlалэхэр, шъуилlыхэр, шъукъошыхэр дзэкlо lофым фэжъугъэчэфынхэу сыкъышъущэгугъы.

Рэдэдыпщым зэпыугъо ышlи, Къоданэ къыфырепллъэкlыгъ, lэ фишlи, исэмэгубгъукlэ къызэрищэлlагъ.

– Джы чылэм ыпашъхьэ ситэу, лъэпкъ пщы пащэхэри сишыхьатэу дзэпэщэ Къоданэ пцlэу тыралъхьэгъагъэр сшlошъ агъэхъуи, шъхьакlо зэресхыгъагъэр къысфигъэгъунэу селъэlу, шъори къышъосэlо. Мамыр, Къодан, пlапэ къысэт.

Лlитlумэ аlапэ зэрагъэубытыгъ. Цlыфмэ жъот макъэр къахэlукlыгъ. Пщышхом изекlуакlэ нахьыбэмэ лlыгъэкlэ фалъэгъугъ, зигъэцlыкlужьыгъэу зылъытагъэхэри къахэкlыгъэх.

Зэlукlэр нахьыбэрэ зэхэтынэу фэягъэми, дунаим къадигъэхъугъэп, ощх жъгъэй шъабэу къыригъэжьагъэр тlэкlу шlэ къэс нахь лъэш къэхъущтыгъэ. Гъэренми, бжыхьэми хъатэу къемыщхыгъэ ощхым къыlуиутыгъагъ.

## V

Уаим щымыlэмэ, гъэ закъор гъэшlэ псау къыпщэхъу.

Ынэрэ ыlурэ къикlэу Пшъадэ зэп къызэриугъэр, бжыхьэ кlэхэ ощхылэм къыгъэбыжъутагъэу, нэпкъыр гуихэу бэрэ хымкlэ зыригъэхьыгъ, гъэтхэ ощх нэгуми ыгъэукъорэлъагъ, чъыгыжъ къобэ-бжъабэхэр зэкlэхьэ-зэкlэкlхэу ыгъэгурыгугъэх. Мэзыбэ ыпшъэкlэ псы гузэгум къыщиуцогъэ къушъхьэ цэкlэшхом Пшъадэ къыжэхэтхъуагъ, псыбгъэ lужъукlэ къеlункlыгъ, ау фэгъэкощыгъэп. Къушъхьэм зэрэдэмыкlышъущтыр цlыфым зишlэкlэ, къыдеухьэ. Пшъади къушъхьэ цакlэм фыримыкъу зэхъум, джабгъу нэпкъым етхъуагъ, гъогу къыгъоти, чылэбгъу лъэгум илъэдагъ,lэрышl нэпкъым ыбгъапэ къыблэкlэу къытеуагъ, зыщигъэчэрэгъугъ, ау зи фешlагъэп, нэмыкl чъыпlэ зэримыlэр къыгурыlуи, инэпкъымэ якlужьыгъ.

Псыр къакlэмыуагъэми, гущтэ зэрарigъэшlыщтыгъэм нахь щынагъо къафыкъомыкlэу, мэзыбэхэм бжыхьитlуи зэпачыгъ, кlымэфитlури рахыгъ, гъэтхитlуи зэранэкlыгъ, гъэмэфитlу гъэбэжъуми гушlуагъо хахыгъ. Мыстхъакъуи, Шышъхьарыси, Тlокlэжъи, Пшызэ lушъо lутэкъогъэ, темыр-къохьэпlэ лъэныкъом щыпсэухэрэ нэмыкl къосэгъу чылагъохэми ащымамырыгъ. Хьакlуцухэри, зыхыхэри, мыутlэхэри гумэкlыгъо хэтыгъэхэп.

Хэгъэгум зызэриштэрэм, ыкlуачlэ зэрэхахъорэм Рэдэд пщышхор нахьыбэмкlэ шъэфэу, загъорэ нафэу рыгушхощтыгъэ. Нэ зытыригъэфэжьынкlэ щынэти, мамыр илъэсхэр адыгэмэ кlыхьэ къафашlынэу тхьэхэм ялъэlущтыгъ. Губжыр къытекlоу къыхэкlымэ, нахьыбэмкlэ зэщызыфыщтыгъэр русичмэ атеорэ шыу купхэр арыгъэх. Фэмыгъэгъур къызытекlохэрэ кlэлэ гу стырхэр къосэгъухэми, зыхыхэми, мыутlэхэми къахэкlыщтыгъэх. Тумтэкъашъэ гупчэ зыфэхъугъэ чlыгухэр адыгэхэм зэряягъэхэр русичмэ афагъэгъун алъэкlыщтыгъэп. Кlалэхэми ащ фэдизэу пщышхом ыгу ябгъэщтыгъэп, ыгъэмысэщтыгъэхэр лlышlукlэ зарагъаштэзэ, лlыкухэм зэрагъэблыщтыгъэхэр, якlэщакlохэу зэрадытеощтыгъэхэр арыгъэ.

«Бым илъ мышъэм бэщыпэкlэ уепыджымэ, бгъэгубжынышъ, къыбжэхэтхъощт,– Рэдэд пщышхом ыуж ит шыухэм шылъэмэкъэ шъабэ щэхъу къахэlукlырэпти, игупшысэхэм шъхьафитэу заритыгъагъ.– Мышъашъо уфаемэ, уфырикъужьыным утегъэпсыхьагъэу бым екlуалl. Тэ хэгъэгур ыпкъ итэгъэуцо ныlэп, дзэ теубытагъэ зэхэтщагъэп, ищыкlагъэм лъыкlэдгъахьэу тфэуlэшыгъэп. Мстислав пщышхор загъэгубжыкlэ, армырыми ыцэ къытфелъы, ибайколхэр къытитэкъулlэнышъ, зэдгъэуlугъэ тlэкlур къызэхигъэтэкъощт. Муары, гъэрекlуи, гъэрекlопагъи къытхэхьэгъэ сатыушlэмэ ащыщыбэхэр русич пщы-

шхом ицIыфмэ агъэгуIэжьыгъэх, къытфащагъэхэр зытырахыгъэхэри къахэкIыгъ. Шъыпкъэ, урымхэр щыхьагъу ашIыгъэхэп, Константинополь къафыкIэкIотэнкIэ мэщынэх...»

Рэдэд зэплъэкIи, ухъумэкIо шыумэ яджагъ:

– Модэ бгым дэнэгъэ цукум шъудеI.

Шыу зытфыхэу кумкIэ зыгъэзагъэхэм акIэлъыплъи, Рэдэд игупшысэмэ апыуцожьыгъ.

«Костас шъыпкъэ зыголъ шъэогъоу къысфычIэкIыжьыгъ,– илъэситIум хэгъэгум раригъэщыгъэр, къыращагъэр урым дэчыгым ынапшIэ зэрэтелъыр пчъагъэрэ риIуагъэми, джыри фэразэу, лIы къопцIэ хьалэлыр ынэгу къыкIигъэуцожьыгъ.– Шъор, цыр, хъурышъор, лэжьыгъэр, гъучI цIынэр зэрыз ку зэкIэлъыкIохэм ацыпэ умылъэгъужьэу, хыIушъом зэлъекIущтыгъэх. КъызтырагъэзэжьыкIи, ахэр шэкIхэмкIэ, шъо шъабэхэмкIэ, бзылъфыгъэ хьап-щыпхэмкIэ ушъэгъагъэх. Лъэпкъ зэфэшъхьафмэ бзэгу къазэрэфигъотрэр къэшIэгъуай. Перс дэчыгым къызэриIуагъэмкIэ, къытфэкIорэ хьакIэмэ ахэмэ нахь къытпэблагъэ ахэтэп. ЯкIалэхэр пкъыгъуищым фагъасэх: шы тесыкIэм, щабзэкIэ щэрыонхэм, шъыпкъэIоным. Тэри джахэр ары тидзакIомэ лIыгъэкIэ афэтлъэгъурэр. Германхэр техын-хъункIэным фэкъаигъэхэу Костас къыхигъэпсыгъагъ, ау тэ къытхэхьагъэхэм хэбзэшхо ахэлъ фэдэу сахэплъагъ. ХыIушъом къесылIэрэ къухьэхэр зэкIэ Тумтэкъашъэ рищэлIэнхэм Мстислав пщышхор фай. Ежь ыныбэ тэ тихьажьыщт шIошIы. Тэри хым тытемыхьэ хъущтэп. Къошъо цIыкIухэмкIэ къухьэм упэгъокIыкIэ, сыд епшIэн. СэшIэ, къухьэшIыхэр урымхэми агъэлъапIэх, персхэми, мысырхэми, генуйхэми къялыекIхэрэп. Хымэ къухьэу ахэкIуадэри макIэп. ТагурыIуагъэмэ къухьэ шIыкIэ къызэрагъэшIэнэу, Византие хэгъэгум хъулъфыгъэ заулэ згъакIощтыгъэ. Дышъэми, тыжьыными тиI, зыфаIорэм фэдиз ястыщтыгъэ. Ары шъхьакIэ, бзэ зымышIэхэрэм сыдэущтэу къытфагъэсэщтых...»

Мэкъуоныгъо мазэр дунаим идэхэгъу. Ощхмэ къызэлъафыгъэ уцыр кIыры, къэгъэгъэ зэмышъогъухэр тыдэкIи ашъхьарыпхъагъ. Бзыумэ орэдыр кIырагъэщы. Бгъэжъ шъхьэзакъохэр огу лъагэм щэхьарзэх. Тыжьынышъо зытезыштэгъэ тыгъэм Рэдэд зыIоплъэм, ынэхэр теупкIэпкIыхьагъ. Гур зыгъэтхъэрэ фабэр нэгум къеIэ. «Мамыр щыIакIэкIэ зэпытчыгъэ тIэкIур гъэшIэ псэу къысщыхъугъ. ТыдэкIэ зыдгъазэми, заорэ лъырэ щэхъу тымылъэгъузэ, тыгу зифызыгъагъ. ЦIыфыр Iофым къыфэхъу,– аплIэIухэр хэубгъуагъэхэу мэкъу еорэ хъулъфыгъэмэ инэплъэгъу къагъэшхэкIызэ, пщышхор ашъхьарыплъагъ.– Лэжьэншхэжьын къодыер арэп цIыфыр зыфыщыIэр, псэ зыпытэу благъэ къыфэхъугъэр зэкIэ къыщэгугъы, ежьыри игугъэ кIэмыхьэу, дунаим тет. Малъфэ, мапIо, ыпIугъэр гъогу тырегъахьэ. ЫшIэрэм, бэми, макIэми, гупшысэ хелъхьэ, фыгушъхьэр егъэкуашэ, былымыр ехъу, мэлажьэ, мэлIэжьы...»

Мэкъуаомэ шыухэр къалъэгъугъэх, щэмэджышъхьэмэ затырагъэкIи, къызэгоуцуагъэх, етIанэ псынкIэу щэмэджыкIхэр чIыгум хаIухи, Рэдэд пщышхом къыпэгъокIыгъэх.

– Хэт ищэмэдж анахь чан? – зэрафэразэр инэплъэгъу гупсэф къыхэщэу пщышхор лIыкуи, лIыкIи аIуплъагъ.

– Щэмэдж цако зыIыгъ къытхэтэп, зиусхьан,– Къоданэ щхыпэ псынкIэр къыпигъохыжьыгъ.– Зищэмэджыцэ къыIуигорэр Емзэщ дэжь мачъэ, къыфеуIу, мыжъом къыфыдедзэ.

– Чылэм нэси? – Рэдэд зэхихыгъэр ыгъэшIагъо фэдэу зишIыгъ.

– Емзэщ тигъусэ,– Шыупащэ ыгу къыдеIэу къэщхыгъ, хъулъфыгъэхэри зэрэгъэщхыгъэх.– Муары, чъыг жьаум чIэс. Хьау, муары къэкIо.

– Къодан, мэкъуаомэ уакъыдэмыкIуагъэми, Iофэу уиIэр пшъхьэ къэсы,– пщышхор дзэпащэм фэгумэкIызэ, Iуплъагъ.– ЗэкIэми уизакъоу уафырикъуна?

– Тпкъы зэкIэдгъэкIынба, зиусхьан,– Къоданэ къыфишIыгъэ гукIэгъур игопагъ.– А зы мафэр етIанэ къедгъэхьакъыжьын.

– Моу ащыгъум уищэмэдж къысэт,– Рэдэд пщышхор ышнахьыкIэкIэ Iэбагъэ.– Къодан, о сапэ иуцу,– аргъэныр зыгуахыгъэ уц кIыр зэхакIэм гоуцуагъ.– ГъэрекIо мэкъу бэкIае шъуупкIэгъагъэба?

– Зы гъэм уупкIэрэр гъитIум икъурэп, зиусхьан. ДзэкIошымэ афэдгъэхьазырыгъагъэм шIукIае къелыжьыгъагъ, ау Мэзыби, Мыстхъакъуи, нэмыкI чылэ гъунэгъухэми

былым Iусым щыкIагъэхэр къадэкIыгъэх. Кухьи, кухьэныкъуи, шъхьадж ыIыгъым елъытыгъэу, фэдгощыгъ. Мэкъур бэрэ щылъмэ, мэтакъо.

– Егъажь, Къодан,– пщышхом щэмэджыр къызэрихьакIыгъ,– хъотыр тынэ кIихэу къызшIодгъэшIызэ, мэкъу теощт.

– Ащыгъум осэпсыр темыкIзэ, укъэсын фэягъ,– сэмэркъэу макъэкIэ Шыупащэ ышнахьыжъ фидзыжьыгъ.– Джащыгъур ары мэкъу уеоныр зытхъагъор.

Щэмэджым макIэу зытыриуфи, Рэдэд пщышхор Къоданэ ыуж ихьагъ. Лъэбэкъухэр кIэкIэу, чIым къытырих-къытыримыхэу лъэкIуатэ, аргъэн шъуамбгъор Iужъоу, занкIэу къегъэтIылъы. Шыупащи абгъукIэ адэкIуатэ, тIэкIу шIэ къэс нэплъэгъур зэ КъоданэкIэ едзы, зэ ышнахьыжъыкIэ къедзыжьы.

– ЕлъэкIон, Къодан, елъэкIон, плъэдакъэ къыпысэгъэчъы,– исэмэркъэуи, ишъыпкъи зэхэтэу пщышхор дзэпащэм ылъэб итэу уц аргъэныр къызэрегъэтIылъэкIы.

– Шъоры адэ, шъо сыдэу чыжьэу ауж зыкъижъугъанэра? – Рэдэдыпщым ыуж ит мэкъуаохэр Шыупащэ егъэгузажъох.

– Арэу убэлыхьэмэ, сищэмэдж осэты, зиусхьаным зыкъыщемыгъан,– шъхьэмыIэткIэ ГуIатыжь къыфедзы, ыуж ит АдышэсикIэщхыкIы.

– Зи езгъэIонэп, моу къаштэ,– Шыупащэ ыIэгушъомэ арэужъунтхэжьышъ, ышнахьыжъ ыуж еуцо, ыгъэжьэу щэмэджыр къырещэкIы.

Къоданэ къызэреIокIы:

– Ныбгъухэр къызхэбыбыкIрэ чIыпэхэм шъуафэсакъ, кIэнкIэхэр шъумыщытIэх, къыращымэ, гъэмафэм ыкIэм къытшъхьапэжьыщтых.

Рэдэд ыуж ГуIатыжь къызэринэгъагъэр Шыупащэ егъэкIэкIы. Ылъэб иуцоным нэсыгъ, кIигъабзэу ригъэжьагъ. Мэкъу еорэр дэгу, зыпари пщышхом зэхихырэп, улъэбабэзэ, зыпкъым зэритэу лъэкIуатэ. Шыупащэ зыдимышIэжьми, ГуIатыжь елъэгъу: кIалэм къыхаIэ, щэмэджыр нахь жъажъэу къырещэкIы, ынэгу пкIантIэр къытырикIагъ, ылъэкI къымыгъанэми, тIэкIу шIэ къэс ышнахьыжъ нахь чыжьэу IокIоты.



– Ар хъущтэп, зыгорэ дэдэ бгъэхъэщт сшIошIыгъ,– гужъ зыхэмылъ кIэнакIэкIэ ГуIатыжь щэмэджыр Шыупащэ IэкIехыжьы.

Емзэщ зычIэс чъыг жьаум мэкъуаохэр нэсых, мэшIожьыр анэгумэ атырихэу щэмэджышъхьэмэ затырагъаошъ, аргъэнмэ арэплъэжьых. Зышъхьэ хэгъэнагъэу щэмэджыр зыуIурэ гъукIэр къэджэ:

– МэкъуаукIэр пщыгъупшэжьыгъэба, зиусхьан?

– Зибэ пшIэрэм урыIаз, Емзэщ, сыщысэхъукIыжьыгъэ фэд, ау слъэкI къэзгъэнагъэп. Сиаргъэн зэ рыплъ, дэеу къэлъагъуа? – иIофшIакIэкIэ зышIомыдэеу пщышхор къэупчIэ.

– Адрэмэ гухэкI арэмышI, о уиаргъэн анахь занкI, анахь Iужъу, зиусхьан,– гъукIэм зытетыр къеIоми, тхьагъэпцIышъо нэгукIэ къыпегъэхъожьы: – УакъыхэхьэгъакIэти, укIочIакIэти, уегугъугъ.

– Орырэ сэрырэ сыдэущтэу тызэдэхъущт, Емзэщ? – Рэдэд пщышхор гъукIэм есэмэркъэугъ.

– Тызэгъусэмэ, тызэдэхъугъахэба,– Емзэщи Iогушlукlы.

– Ары шъхьакIэ, мэкъу еуагъэми, жьаум чIэсыгъэми мэкъуао сыщыIагъ аIощт, ар зэфагъэ хъуна?

– Щэмэджхэр сыуIухэу сыщысыным къыпэу, мэфэреным мэкъу сыпфеон, зиусхьан,– пщышхор къызэресэмэркъэурэр ешIэми, Емзэщ зеухыижьы.– КъысэхъуапсэрэмсисыджцIыкIуи, сиуати есэты.

– Щэмэдж ыуIунэу хэт шъухэт? – мэкъэхъу шъабэкIэ пщышхор къэупчIэ, ау зыми зи къымыIоу атамэхэр зэфащэх.– Олъэгъуа, Емзэщ, о зыр ары гъукIэу тиIэр, щэмэдж уIукIэ зышIи ахэтэп. Сэнэхьатхэр гощыгъэхэу цIыф зырызхэм тхьэмэ къахалъхьэ. АрытхъэжьынхэкIэ арэп, цIыфмэ къин афалъэгъунэу ары нахь.

– Ар шъыпкъэ, зиусхьан, ау цIыфмэ къинэу афэплъэгъурэм ишIуагъэ къэкIуагъэу зыплъэгъужьыкIэ, гум щиз хэхъо, сэнэхьатыр къыпхэзылъхьэгъэ тхьэмэ уафэразэу зафэогъазэ.

– УишIушIагъэ цIыфмэ къахэнэжьыным нахь насып сыд хъужьын, Емзэщ,– Рэдэд пщышхом игущыIэ кIэух къыфишIыгъ, иухъумэкIо кIалэмэ ариIуагъ: – Джы шъо щэмэджхэр шъуубытхи, къэнэжьыгъэм шъукъырыкIожь.

Мэкъу узеорэ ужым гум жьы дахьэ, тыбгъэ дизэу жьы къэтщэнышъ, тигъогу тытехьажьын.

– Зыгорэм шъухэIэнба, зиусхьан, Iэнэ дэгъу къэтшIын тлъэкIыщт,– Къоданэ къэгумэкIыгъ.– Шъуулэугъ. Мэкъу еоным узэкIеуты.

– Хьау, Къодан, мэлакIэ тылIэрэп,– шыухэр зычIэт чъыг жьаумкIэ реплъэкIи, пщышхор ежьэжьыгъ.– Темрыкъо дэжь сыдэхьащт. ЯчылэлI горэ Тумтэкъашъэ къикIыжьыгъэу къысаIуагъ. СыIуупчIыхьэ сшIоигъу.

Шыухэр шэсыжьыхи, ку гъогум фаузэнкIыжьыгъэу, мэз гъунэм хьапкIэкIэ речъэкIырэ шыуищыр анэ къыпэшIофагъ. Якъэчъакlэ пщышхом ыгу рихьыгъэп, гумэкI нэгукIэ Къоданэ фызэплъэкIыгъ.

– Апэрэ шыур шъэожъыемэ сшIэрэп? ШыуитIумэ къырафыжьагъа?

– Сэри ар къысшIошIыгъ,– шыумэ сакъэу алъыплъэщтыгъэ Къодани къыIуагъ,– ишытесыкIэкIэ лIы цIыкIукIэ сенэгуе. Модэ плъэлъ, зиусхьан, къалъычъэрэ шыухэри къэлъэгъуагъэх.

– Ягъогу пышъубз! – Рэдэд пщышхор иухъумакIомэ яджагъ, гузэжъогъу хэфэгъэ дзэпащэми еушъыигъ: – УмыгумэкI, Къодан, а шыуищыр чыжьэ агъэкIощтэп. Ыхьы, апэгъокIыгъэхэр къалъэгъугъэти, яшымэ зырарагъэтIагъ,– Рэдэд хъурэр къыIуатэщтыгъэ.– Шыхэр къычIадзыхи, мэзым хэлъэдагъэх. Къэзыфыхэри зэрэшыухэу ауж мэзым щихьагъэх. Лъагъо горэм темыхьагъэхэмэ, Мыстхъакъо мэзым шыоу щызекIогъуай…

Шым къепсыхыжьи, Рэдэд пщышхор мэкъуаомэ ахэуцожьыгъ. Зыми зи ымыIоу, аIухэр мэзымкIэ гъэзагъэу лIыхэр зэхэтхэзэ, ГуIатыжь фэщыIагъэп:

– Шы кIыпцIэм зытесэрэдзи сэрэчъа, зиусхьан?

– ИщыкIагъэп, ГуIатыжь. Унэсыфэ стIупщыгъэ шыумэ къагъэзэжьыщт,– пщышхом игумэкI къызхимыгъэщ шIоигъоу чъыг чIэгъым щызэголъхэ уанэмэ ащыщ тетIысхьагъ, дзэпащэми еджагъ: – Моу къэтIыс, Къодан.

– Сыд шъуIуа шыуищыр мыстхъакъомэ къызыкIырафыжьагъэр? – Къоданэ емытIысэхэу, пщышхом ыпашъхьэ иуцуагъ.– Тыгъуагъэх сIонти, пчыхьэп, чэщэп. Е зыгорэм езэуагъэха, е зыгорэ аукIыгъа?

– Мыхъугъэр сыд пае къызшIобгъэшIын, Къодан? Шыумэ къагъэзэжьмэ, хъугъэ шъыпкъэр къаIон. КъэтIыс, нэф зышъыгъэм щегъэжьагъэу плъакъо утет.

– Къэбар сымышIэу, сыгу зэгъэщтэп,– Къоданэ мэзымкIэ плъэхэрэм ахэуцожьыгъ.

Рэдэд пщышхор дзэпащэм кIэлъыплъи, зэгурымыIо-зэмышIоу азыфагу къыдэхьэгъагъэр зыдэзыжьым, ащ ыпэкIэ къызэрэфыщтыгъэм, зэрытыгъэ пкъым зэриуцожьыгъагъэм лIыгъэ хилъагъозэ, джыри фигъэзэжьыгъ: «ШыупащэхэтъкъыриIогъагъэми, Айнарэуи сэшIы, шъхьэихыгъэ гущыIэу къыздишIыгъагъэм сэри сигъусэхэми ишIуагъэ къытэкIыгъ. Нахътэ ателъым фэдэу сIыгъыгъэх. Нахь шъхьафит зысэшIыхэм, агукIи, якъылыкIи заштагъ, Iоф дэгъухэри зэшIуахых. Къоданэ хьакIуцухэми, зыхыхэми ахахьи, яшыудзэхэр пхъашэу къырифэкIыгъэх, зэригъэнэкъокъугъэх, ашIэрэ чэтэ гъэбзакIэр зэригъэлъэгъугъ. Шыупащэ ыгуи, ыпси Iуилъхьэу ыуж зитыгъэм ыуж зэпэблагъэ хъуных сIогъагъэ. ЫпэкIэ зэрэзэфыщтыгъэхэу къэнэжьыгъэх. Хьат-утыгъэ, къыдечъэкI-дечъэкIыжь Къоданэ хэлъэп, сыд хъугъэми, ышъэ икIыщтэп. ТыгъуакIо зысэшIым, сэ зыкъысфырихыгъагъ. Хьэми ыкIэ утеуцомэ, къыоцакъэ. ЛIы хыем имылажьэ зытыуригъэлъхьаныя. Шыупащэ гу фабэ къызэрэфишIыгъэр гъуащэрэп, ау ащ пае илыягъэу къыдекIокIыгъэп. Сэри зэIукIэм ыпашъхьэ зыщызгъэцIыкIужьыгъэу къысэзыIогъагъэхэр пщыхэми, дзэкIо пащэхэми къахэкIыгъагъэх, ау сырыкIэгъожьрэп. Сэри сыцIыф, сыхэукъоуи къыхэкIы. ЗэIукIэм тыкъызыхэкIыжьым, Къоданэ къысиIогъагъэр бэрэ сыгу къэкIыжьы: «Сыгу уабгъэрэп, зиусхьан, пшIошъ агъэхъугъэм тетэу узекIуагъ. О пчIыпIэ ситыгъэмэ, сэри нэмыкI екIолIакIэ къысфэмыгъотыныекIи мэхъу. Сыплъырыгъащ, емыкIу гущыIэхэу сыжэ къыдэкIыгъэхэр къысфэгъэгъу. Ори мары, зэIукIэм ыпашъхьэ сызэрэбгъэмысагъэр къыпфэзгъэгъунэу укъысэлъэIугъ. О узэрыт чIыпIэм итэу ар зилIыгъэ къыхьыщтыр зырыз. Шыупащ мыхъугъэмэ, тыгъокIуацIэр сиIэу, Мэзыбэ сыбгынэныекIэ хъущтыгъэ. ГъашIэр Мэзыбэ къыщежьэрэп, зиусхьан, Мэзыби щыуцужьырэп. СыдэкIыжьыгъэми, Мыстхъакъо щыIакIэ горэ щызгъотыни, ау епхьыжьэгъэ хэгъэгу Iофышхохэм сазэрэхэзырэр гугъу сфэхъугъагъ, умыгузажъу, щэIагъэ къызхэ-

гъаф къысиIонэу цIыкIуми, иными зыгорэ къыдэхьанба сIоу сыщысыгъ». Апэ сыгу егъгъэгъагъ, ау Шыупащэ а мэфэ къинхэм лъэбэкъу тэрэз ышIыгъагъ...»

– Шыухэр къэкIожьых, зиусхьан! – кIэлэ мэкъэ чанмэ Рэдэд пщышхом игукъэкIыжь-гупшысэхэр зэпачыгъэх, псынкIэу къэтэджыжьи, шыухэр къыздикIыжьхэрэмкIэ плъагъэ. Къызэблагъэхэм, шъэожъый къышIошIыгъэгъэ шыур ионаплIэ дэлъэу, апэ ит Темрыкъо къышIэжьыгъ. Темрыкъо шым зэрэтесэу пщышхом ыпашъхьэ къыщыуцуи, онаплIэм дэлъыр уцым къыхидзагъ, етIанэ шым къепсыхыгъ. ЗыIу егъэзыхыгъэу щылъым ытхыцIашъо Темрыкъо етхъуи, пIэтIэраозэ, Рэдэд пщышхом ыпашъхьэ къыригъэуцуагъ. ЛIы гъугъэ шIуцIэ цIыкIу, нэгу хъурэе пэ хъурай, жэбыхъу пIуакI, шъхьац шIуцIэ кIаком ызынык1о фыжьы хъугъэ. Ынэхэр уцышъохэу чэтыу Iуплъэ иI.

– Еплъ, еплъ, зиусхьан, пшIогъэшIэгъонэу зэпыоплъыхьэшъ, тэрэзыIоу еплъ,– Темрыкъо къыIуагъ.– Шъоп, лэп зэраIоу, мыщ нахь мыхъурэм тигъэделэн ылъэкIыгъ.

– Хэт мыр?

– ЛIы къабзэу къытфэкIожьыгъэр ары, икъэбар къыпфязгъэхьыгъагъ,– Темрыкъо ыбгъукIэ къыдырекIокIи, ыIэнтэгъу къызепхъуатэм, лIы цIыкIум зиутIыIугъ.– Ощына?! Тхьэм къысфидэщтэп нахь, чIыпIэ уисынэщтыгъ, шъоджэжъ цIыкIу.

– Зэ угу егъэжъухи, хъугъэр тэгъашIэ,– пщышхор Темрыкъо еушъыигъ.

– Къысфэгъэгъу, зиусхьан, сыгу плъыгъэшъ, уапашъхьэ сызэритри сщыгъупшэжьыгъ.– Темрыкъо зиухыижьыгъ.– Мы мыгъо нэгур КъаншъаорэсэрырэгъэрыпIэм къыддыщыIагъ. Къаншъао русичыдзэм хахьи, сэ къызысэгъэзэжьым, уапашъхьэ ит дэхэжъыр русич шъузабэ горэм зыригъэзылIи, Тумтэкъашъэ къыдэнэжьыгъагъ. Русичмэ сязэщыгъ, сичылэ сыфэзэщыгъ ыIуи, къызытхэхьажьым, тшIошъ хъугъэ. Ишъузыгъэм ыштэжьыгъэп. Ыкъо нахьыжъ зэрищэлIэжьыгъ. Мафэ къэс сыкIырэплъышъ, зэ мыкIэ къыкъоу, зэ модыкIэ къуао – уцу иIэп. КIо, чылэм фэзэщыгъэмэ, цIыфхэр фэмылъэгъукIыхэмэ, сIуагъэ. Къэбар фалIэр хьэблэ къэкIухьэба. Ежь зыфэе къэбарыр нэмыкI шъыпкъэу къычIэкIыгъ. Чэщ зыхъукIэ, ынэ жьы кIигъэунэу еIошъ, къосэгъу чылэхэр къекIухьэх, аIорэр зэрегъашIэ,

ашIэрэм лъэплъэ. Ащ блэкIи, цIыфхэр ыгъэблыхэу ригъэжьагъ.

– Сыд ариIорэ?

– КъытфэкIорэ дэчыгхэм тагъэделэу, осэныкъо нахь къытамытэу, къатырэм инахьыбэр уиджыбэ иплъхьэу егъэдаIох.

– Мыра ащ фэдизыр къызпыхъыкIырэр? – пщышхор IущхыпцIыкIыгъ.– Иныр къурбыш, цIыкIур хъоршэр, Темрыкъу.

– Укъосэгъуба, зыкъом ыгъэлыгъон, цIыфыгъи уиIэжьба, хьэ шъыпкъи ухъугъа? – Къоданэ зыфэщыIагъэп.

– Узэмышхъорэм шхъо къолъ, зиусхьан, мыщ нахь мыхъурэр къыошхъошIэныр тхьамыкIагъоба,– Емзэщ ыгушъхьэ къыритхъэу къэтхьаусхагъ.– КIыщым тычIэтыгъэмэ, Iэдэ плъыгъэкIэ ыбзэгу къистхъыщтыгъ.

– Джы нэс зы гущыIэ къызэримыIуагъэр? – пщышхор занкIэу лIы цIыкIум ынэ уцышъомэ акIэплъагъ.– Ыбзэгу пагъэжьыкIыгъахэмэ сшIэрэп, Емзэщ, зэ еплъи.

ГъукIэр ыIэхъомбэ гъумхэмкIэ лIы цIыкIум ынэгушъхьитIу атеIункIи, ыжэ зэкIигъэзыгъ.

– Хьау, ыбзэгу шIой ыжэ зэрэдэлъ,– Емзэщ щхызэ зэкIэкIожьыгъэ.

Зынэ уцышъохэр плъызэхэрэ лIы шIуцIэ цIыкIур ыIупшIэ пIуакIэмэ яцэкъэжьзэ, мэкъэ Iужъу хьазыркIэ апэрэу къэгущыIагъ:

– ЗиусхьанкIэ къыуаджэхэшъ, Рэдэдыпщыр, сэри а цIэмкIэ зыкъыпфэсэгъазэ, ау сэ сизиусхьан Тумтэкъашъэ дэс. Ар апэрэ...

– Зэ шъуIас, лIы цIыкIум ыбзэ къытIупщыгъ,– пщышхом ыIэ къыIэтыгъ.– ЯтIонэрэр сыд?

– ЯтIонэрэмкIэ, сыолъэIу къысэпшIэн щыIэмэ къысягъашI, ажэ къыдахьэрэр къысамыгъаIу, сэри паIо сщыгъэу сыкъэхъугъ,– лIы шIуцIэ цIыкIум ышъхьэ пагэу ыIэти, ыIупшIэ пIуакIэхэр къэмылъэгъожьэу Iуикъузэжьыгъ.

– Ари лIы гущыIакI,– Рэдэд пщышхом ышъхьэ къыIэтыгъ.– УкъызкIэлъэIурэм удэмыгузажъу, укIэхьажьыщт. Уилъэпкъ уебэныжьынэу уизиусхьан сыд къыпфишIагъ?

– Русичмэ ягъэрыпIэ тызефэжьым, шъхьафит ташIыжьыгъагъ, ежьхэм тызыфагъэдэгъагъ,– лIы шIуцIэ такъырыр Темрыкъо дэжькIэ реплъэкIыгъ.– Пцы къэсэусмэ,

мыщ къерэӀу. ТшӀэным тыфит зашӀым, русич бзылъфыгъэм сыдихьыхыгъэти, сэ Тумтэкъашъэ къыхэсхыгъ.

– КъызэрэпӀорэмкӀэ, уигъусагъэмэ ягъогу утехьагъэп?

– Мощ,– Темрыкъо инэплъэгъу мышӀу фидзыгъ,– къыдэзгъэзэжьыгъэп. Уянэш Къаншъао зыхэхьэгъэ дзэм саштагъэп, шапхъэм сыкъуикӀыгъэп…

– ЗэрэхъурэмкӀэ, джасусыгъэ-къумалыгъэр шапхъэу къыхэпхыгъ. Ар нахь гъогу псынкӀ,– нэжгъ зэхэхьагъэкӀэ Рэдэд пщышхор жэхэкӀотагъ.– СямыгъэушъхьакӀу оӀо. Уилъэпкъ уебэныжьыным къикӀырэр ошӀа? Тэ бзэгу тыпхьымэ, уичӀыгу плъэгу къыстырэба, укъэзылъфыгъэхэм, цӀыфы узышӀыгъэхэм яхьэ укъишхырэба? Уилъфыгъэхэм сыдынэкӀэ анэгу укӀаплъэра? Ахэмэ къалъфыжьыгъэхэр пкуашъо тесхэу бгъэджэгунхэм ычӀыпӀэкӀэ ашъхьэ пыоупкӀы…

– Ахэмэ икъун мылъку къафэсхьыгъ,– пщышхом тырипчъэрэ ушъыймэ лӀы цӀыкӀум игущыӀэ къахигъэуцуагъ.

– Пкъо мылъкукӀэ пщэфын пшӀошӀымэ, ухэукъо. Узэрэкъумалыр ерэшӀи, ыни, ыпи къыуимыгъэплъыжьэу иунэ укъырифын,– Темрыкъо къыфыкӀэкӀуати, ышъхьэ ыгъэсысыгъ.– Сыд фэдэу кӀэлэ шӀагъу мы делэм ыкъо.

– ЛӀышӀу къошӀу фэхъурэп, Темрыкъу, зыми ымыуасэм къыхэкӀрэм уасэ зыфыуегъэшӀы,– Емзэщи къахиӀуагъ.

– Хъугъэ, арэп лъапсэр зыдэщыӀэр,– Рэдэд пщышхом гущыӀэ зэфэдзыр щаригъэгъэтыгъ.– Тхьапшырэ талъэныкъо укъэкӀуагъ?

– Апэрэ,– лӀы цӀыкӀум ышъхьэ риуфэхыгъ.– Мыщ ыпэкӀэ мыутӀэхэм тӀо сахэхьагъ, зыхымэ зэ сафэкӀуагъ. Дзэхэр зэрэжъугъасэхэрэр, къышъуфэкӀорэ дэчыгхэр Мстислав пщышхом ыдэрэп.

– О уизиусхьан дзэхэр ыгъасэхэрэба?

– Ежь ахэмэ апылъэп, зыгъасэхэрэр шъхьафы. ТӀэкӀу шӀэ къэс дзэм хегъахъо.

– Хэт идзэ хэтхэр?

– Нахьыбэ дэдэр русич, тэ тилъэпкъэгъухэри ештэх, зэхэдз иӀэп.

– О сыд къыпфашӀэрэ?

– Дышъэ къысаты. Сыкъежьэн хъумэ, ызыныкъу, згъэзэжьмэ – къэнагъэр къысатыжьы.

– Умыгъэзэжьмэ?



– Ащыгъум уаригъэтыгъужьынышъ, къамыщ гъушъэкӀэ ппсэ Ӏуихыщт.

– Уигъусагъэхэр хэтых?

– Къосэгъу кӀалэх. ЗэзгъэшӀэгъэ къэбархэр ахьынэу къэкӀогъагъэх.

– Ахэр тэ хъугъэх, Темрыкъу? – пщышхор Темрыкъо еупчӀыгъ.

– Ахэмэ чатэ къытфырахыжьыгъэти, нэмыкӀ шӀыкӀэ щыӀагъэп.

– Хьадэхэр мэзым къыхэшъумынэх.

– Тикъэхалъэ ахэмэ ядгъэуцӀэпӀыщтэп, зыщыфэхыгъэхэм щычӀэттӀэжьыщтых.

– Мыр зэрэкъумалыр хэт къыозыӀуагъэр?

– Сабый лъэрыкӀор унэшъо их, зиусхьан. Мыщ ипхъорэлъф цӀыкӀу ыпашъхьэ щаӀуагъэр гъунэгъу шъэожъыем фиӀотэжьыгъ. Адырэр сэ садэжь къэчъагъ. Ащ егуцафэхи, нэбгырищри хэхьажьыгъагъэх.

– Мстислав пщышхом заом зыфегъэхьазыра, сыд аӀоу зэхэпхыгъ? – Рэдэд пщышхом лӀы шӀуцӀэ цӀыкӀум зыфигъэзэжьыгъ.

– Ащ фэдэ къэбар щыӀэп,– къумалым ынапӀэхэр ыгъэупӀэпӀагъэх.– Дзэм зэрэхигъахъорэм фэшъхьафкӀэ, ышӀэрэ щыӀэп. Константинополь бэмышӀэу щыӀагъ, русич къалэхэр, къуаджэхэр къызэпекӀухьэх. НахьыбэмкӀэ, жъоплъы хъужьыгъэу, зегъатхъэ. Загъорэ тилъэпкъэгъу шыухэр къызыттеохэкӀэ, ынэшхохэр къикӀотхэу къелъы, ау игъусэмэ агъэӀэсэжьы.

– КъысябгъэшӀэн щыӀэмэ пӀуи укъэлъэӀогъагъ, ор-орэу джы къаӀо уифэшъуашэр,– пщышхом ышъо къызэокӀыгъ, ынэгу пхъэшагъэ къыкӀэхьагъ.

– СыптӀупщыжьмэ,– лӀы цӀыкӀум ыжэ къымыхьыщтыгъэ гущыӀэр къыӀуагъ, ымакъи къыщитхъагъ,– сиягъэ къышъозгъэкӀыжьынэп, тичӀыгуи слъапэ къисыдзэжьынэп.

– Уздэс Тумтэкъашъэ тичӀыгуба? – Рэдэд ымакъэ зыкъуипхъотагъ.

– Ар сыдигъу тэ зытиягъэр? Шъуущыгъупшэжьыным игъо хъугъэ.

– Ара пӀорэр? – пщышхом зыкъырихыгъ.– Узщыщыр шӀэхэу пщыгъупшагъ. Къыоцэкъэгъэ хьэм Ӏэ щыпфэжьынэу

ежьи, етIани къыоцэкъэщт. Iушъущ мыр, ащ нахьыбэрэ сытеплъэжьынэу сыфаеп!

Зылъакъохэр изгъанэхэзэ, ращэжьэгъэ лIы шIуцIэ цIыкIур къызэджэкIыжьыгъ:

– Шэщ пчъашъхьэм чIэслъхьэгъэ дышъэр сикIалэ чIихыжьынэу шъуащыщ горэм сфырерэIожь! Шъо сыдэу зышъушIыгъэми, шъуиIоф кIогъахэ! Мстислав пщышхом шъукъызэхигъэтэкъощт!

– О-уи-уиу! – Емзэщ къыхэкуукIыгъ.– Сыдэу лIы цIыкIу мэкъэшху мыр! Ежь къехъулIэщтыр ымышIэ пIонэу тэ тегъэщынэжьы.

ЛIыхэр зэрэгъэщхыгъэхэми, Къоданэрэ лIы мытIыритIурэ Iуащырэ лIы цIыкIум кIэлъыплъэхи, ардэдэм зызэтыраупцэкъожьыгъ.

ЛIитIур ыуж итэу Къоданэ къызыIохьажьым, Рэдэд пщышхом ынэжгъ зэхэгъэхьагъэ ыгу римыхьэу, фэгумэкIыгъ:

– Ащ уемыгупшыс, зиусхьан, ежь къызфилэжьыжьыгъэр къумалым ыгъотыжьыгъ.

– Зао тыхэмытэу, лъы тымылъэгъоу тIэкIу зэпытчыгъэти, сыгушIогъагъ,– Рэдэд хэхьапщыкIыгъ.– Хьэм хьэ илIакI, сыгу фэгъурэп, къыIуагъэм щыщи сшIошъ хъугъэп. ЛIы цIыкIу пытэу къычIэкIыгъ, ау нэужым ышъо къэтIэпIыгъ. Зэхэшъухыгъэба къызэриIокIыжьыгъэр? Заом ымэ къэоу ригъэжьагъ. Мстислав пщышхом лъы зилъэгъукIэ, ынэ лы къекIэжьы, ыгукIэ егъатхъэ. ДзэкIолIхэр зэрегъэзyIумэ, шIу зэрэщымыIэр нафэ.

– Тэри тIэ зэтедзагъэу тыщысэп, зиусхьан,– Къоданэ пщышхор ыгъэгупсэф шIоигъуагъ.– Чэщи, мафи зэрэтимыIэм ущыгъуаз. Мары мэкъуао мыщ фэдиз хъулъфыгъэр къызытэщэм, Мэщыкъо къахэзгъани, дзэкIо гъэсапIэм шыу купышIу къыдэзгъэнагъ.

– Дзэм тежъугъэгугъу, Къодан. Игъом зытштэн тлъэкIынэу, щыIэ амалхэм тяжъугъэус,– ушъый гущыIэхэр Рэдэд пщышхом джы дзэпащэмкIэ ыгъэзэжьыгъэх.– ТIэнтэгъу темыцэкъэжьынэу, щынагъо къызэрэкъокIэу, тыпэуцужьыным тыфэхьазырын фае. Армырмэ, хьакIуцухэм тяжэжьэу, мыутIэхэм тапаплъэу, зыхыхэм такIэхъопсэу пчэгум тызиуцокIэ, Iахь-Iахьэу хьэIус ташIыщт.



– Ардэдэр къытэхъулIэнэп, зиусхьан,– Къоданэ ымакъэ къыгъэшъхъыгъ.– Сэ сызтещтыхьэрэ закъор русичхэр бэ дэдэ зэрэхъухэрэр ары. ПхъэIэшэкIыр зытIупщи хьэсэбэкъум къыдэкIыгъэм нахь лъэш мафэ къэс зэуакIэм фагъасэрэр. ИпчъагъэкIэ къытшъхьарыкIэу дзэшхо къытищалIэмэ, чIыпIэ зэжъу тифэным сытещыныхьэ.

– Тихьадэгъу къэмысыгъэу зыдгъэежьынэп,– пщышхом къыIуи, ошIэ-дэмышIэкIэ къахэхьэгъэ гумэкIыгъом тегущыIыкIыгъ: – Шъушхэнэу зыжъугъэхьазырыщтыгъ, лIы мыгъо цIыкIур къытхауи...

– Хэт джы тIысэу шхэжьын, зиусхьан...– Къоданэ къыжэдэзыгъагъэми, мэкъуаохэми, афыкъокIыгъэгъэ хьакIэхэми щэджэгъуашхэ зэдашIыгъ, тIэкIурэ щысыгъэхэу Рэдэд пщышхом ыгу къеоу къыIуагъ:

– Тилъэпкъэгъу дзакIохэри русичмэ агохьагъэх. Ари сызыухырэм щыщ. Зэфэдгъэчъэгъэ лъыр макIэшъ, ахэми ячатэ къытфагъэлъы.

– Зиусхьан, тэркIэ ар къежьагъэп, тэркIи уцужьыщтэп. Сыд фэдэ лъэпкъи къепыижьынхэр къахэкIы. Оры ар къэзыIогъагъэр, зиусхьан!

– Ары шъхьакIэ, Къодан, уилъэпкъ шIу плъэгъу зыхъукIэ, зэкIэ дэгъу пшIоигъощт,– ащ фэдэ зэрэмыхъурэр ежь пщышхоми гурыIожьыгъэу IущхыпцIыкIыжьыгъ.

## VI

ДэIэбаешъ, зым къыпечы, еIэбэхышъ, адрэм къештэ...

«Узнэмысыщтым улъымыIаб, уеIэбэхэу, уимые къэмышт»,– ятэ иушъыйхэр Абэчыпщым ытхьакIумэ къиIожьыгъэх, ышъхьэ чIэлъ IитIур къычIипхъоти, пIэгум къитIысхьагъ.

Гъэтхэ кIэсэ пчэдыжь. Убыбыщтым фэдэ укъиушIэу, жьы IэшIу къабзэр хытIуалэм къыдехы. Чъыг пцIанэхэм тхьэпэ шхъонтIэ чIыпцIэхэмкIэ зафэпэжьы, унэ пчъэIупэхэр уц къэшхъо Iужъум зэлъиштагъэх. Псэ зыпытхэр бэшIагъэу къэущыжьыгъэхэу мэфакIэм пэгушIуатэх.

«Сятэ къысIуисэщтыгъэхэри сыдым щыщха? – Абэч пыгубжыкIыгъ.– ЫчIыпIэ сызехьэм, зыхы чIыгум тети, телъи сэры зиягъэр, къыпысчыщтми къэсштэщтми сафитыгъ. Къыспэуцужьырэм ыпсэ сиджыбэ илъыгъ, ау сызэрэхэукъуагъэр Чэлэмэтыпщым фэдэхэу агу илъыр зыIупэ

телъхэр зэрэlуезгъэхыгъэхэр ары. Нэужым къэсшlэжьыгъ, ахэр къысфэгумэкlыщтыгъэх. Зинэплъэгъу резыхьакlыхэу, зыгу шъэф къысфилъхэр слъэгъугъэхэп. Зекlошыу нэкlутlэм фэдэхэр сэ сапэ Лаурстэнкъом къыхигъэщыгъэх, зыкъуищагъэх. Сыгу къыпылъадэ къэс сегупшысэ шъхьакlэ, арырэ сэрырэ тызэщыхъушъутэныр къызщежьагъэр къэсыугуфыжьын слъэкlрэп. Къакlоми, ыдэжь сыкlоми, lаплlкъорэгъкlэ тызэпэгъокlыщтыгъ. Сэ шэн мыгъо тхьэмэ къысхалъхьагъ: мыр шlэ, мыдырэр шlэ ыlоу къыстеlункlэ зэхъум, сыгу тефагъэп. Сызгъэблын щэхъу уцогъу сшlыгъэп. Нэужым lэгу нэкl сизгъэплъагъэр Турэбэ бытыжъыр ары. Пщыхэри, лэжьакlохэри Лаурстэнкъом фэмыежьхэу сшlошъ ыгъэхъугъагъ. Имыгъом сылъэтагъ, зыхыхэр сlэ илъхэу сыпсэугъэмэ, сыд зымыосагъэр. Джы русич дзэкlолlхэр симыгъусэу, къалэм сыхэхьанкlэ сэщынэ, унэ хьамдэч цlыкlоу къысатыгъэм щэхъурэ гушlуагъо силэп...»

lэнэпэ лъэныкъомкlэ Зирар зетlупщым, Абэчыпщыр тхьэмафэ, тхьэмэфитlо пэплъэгъагъ. Ащ ыуж мэфэ зыщыплl зытешlэм, къызэримыгъэзэжьыщтыр ышlошъ хъугъэ. Апэ пщым ышъхьэ къилъэдагъэр Зирар ритыщтыгъэ дышъэр ары. Дышъэр иджыбэ илъэу гъогу щынагъохэм зэратемыхьэщтыгъэм ицыхьэ телъэу, фиубытыгъэгъэ унэм кlуагъэ, ау ежь ыпэкlэ унэм илъи, ити зэпырагъэзэжьыгъэхагъ. Уцогъу ышlыгъэ мыутlэ кlэлэжъым фэшъхьаф ар зэримышlагъэр къыридзи, lуплъэнэу фэмыягъэми, къэлэ цlыкlур зэпыригъэззэжьыгъ, кlэупчlагъ. Земыгъотым, ыуж икlыжьыгъ. «Къызегъэзэжьым, ишъэогъу иунэ ыхъункlэжьыгъэным lо хэлъэп. Зирарэ дэй горэ къехъулlагъ, ежь дышъэр зыкъуиупкlи, ышъхьэ щигъэзыежьыгъ,— хъун ылъэкlыщтыр Абэч къыридзи, ежьыри машlор зыкlитэкъожьыгъ. А уахътэм шыу купышхо игъусэу Рэдэд lэнапэ къэкlогъагъэу русичмэ къэбар къанэсыжьыгъагъ. Ащ lэкlэфагъэмэ, сэри слъапсэ къаутlэсхъыгъэщт. Сэ зыкъысфигъэлlыщтыгъ шъхьакlэ, ыпшъэ шlуаубытыкlыгъэмэ, урым Думитрэ зэрезгъэукlыгъэри, Къоданэ резгъэшlагъэри пкlэнчъэ хъугъэ, сидышъи хьэмэ ашхыгъ...»

Унэ цlыкlум идэпкъиплl къызэфэкlуагъэ фэдэу Абэчыпщым къыщыхъугъ. Инэlосэ русич кlэлэ lужъуитlу дэкlыплэм фаузэнкlыгъэу шъхьаныгъупчъэмкlэ зелъэгъум, гуlэзэ унэм зыридзи, ауж ихьагъ, алъыджагъ:

— Тэ шъукlора?

— Сыда епшlэщтыр? — кlэлэ тхъоплъ лъхъанчэр къызэуцокlи, къесэмэркъэугъ.— Пшъашъэхэм талъыхъущт.

— Сиягъэ шъомыкlыщтмэ, гъусэ сышъуфэхъун,— зафигъэцlыкlумэ аlущхыпцlэзэ, аlапэхэр Абэч ыубытыгъ. Русич дзакlохэмкlэ зэрэмыпщыжьыри зыхыпщ пащэуи зэрэщымытыжьыри апэрэ мафэм къыгурагъэlуагъэти, зыфагъадэу, ашъхьэ рапэсэу зэрэзыхагъэтыри шlогушlогъуагъ, ясэмэркъэу фэдэуи зыригъэшlыгъ: — Сэри дэхэцlыкlу гори къысфэжъугъотынба?

— Къощыр цlыкlум фэдэмэ хъущтба? — Гришкэ сырыф нашхъор къесэмэркъэужьыгъ.— Ыпэ дэкъыягъэу, ыпхэкl хъураеу, ыбг шъондырым фэдэу, ы, къосэгъу?

— Шъхьатехъо техъуагъэмэ, хэт фэдэми, сеззгъыщт,— кlалэхэмэ ягъусэу къалэм адыхахьэмэ, Абэч нахьыбэ фэягъэп.

Урамым тетхэ зэхъуми, бэдзэрым зехьэхэми, бэгъуазэм зыlохьэхэми, апэ къифэрэ пшъашъэмэ кlэлэ тхъоплъ лъхъанчэр яlойжэищтыгъ. Нахьыбэр зи къырамыlожьэу блэкlыщтыгъэ, пшъхьэ икъурэпыр къырагъэкlэу, lэхъуамбэр зынэтlэбгъу щызгъэчэрэгъухэри къахэкlыщтыгъэ.

Адыгэ lуплъэ зиlэ горэ къызылъагъокlэ, нэгу псыгъо одыр чъэкlыгъэу нэплъэгъум екlодыкlыжьыфэ Абэч фызэплъэкlыжьыщтыгъ. Гугъум хэмыкlырэр имыгъом жъы мэхъу. Лы зэрэпымылъыжьым изэкъуагъэп, ышъхьац фыжьэу хэтыр къытекlощтыгъэ. Къогъу горэм щэбзащэр къыкъолъэтыным, ошlэ-дэмышlэ къамэр къыхасэным ищынагъо хэкlыщтыгъэп. Ащ нахь хьэзаби хэтыщтыгъэ тхьалъэlу-пщылъэlукlэ Къаншъао ычlыплэ ихьэгъэ дзэпащэм зыримыгъэштэгъагъэмэ. Мстислав пщышхом ехьщыр лlы жъоплъ нэшхор апэ къыфэегъахэп. lэнатlэ къыритыным кlэнэцlы шlошlыгъэгъэн фае. Зирарэ къыземыгъэззэжьым, ежь ышъхьэ къылъыкlонхэм ищынагъо зэлъишти, ичъые кlодыгъагъэ, зэкlокlынкlэ зытещтыхьажьыщтыгъэ. Шъхьэр зыщигъэбылъын чlыплэ ифэмэ, дзэкlо къызэрыкlоу аштэмэ, нахьышlу кlэхъопсыжьыщтыгъэп.

Русич кlэлитlумэ алъэб итэу бэгъуазэм адыдахьи, хытlуалэм нэплъэгъур зыдедзым, Абэч гукlэ зыхы лъэныкъом зидзыжьыгъ, къухьэ зэфэмыдэ-зэмышъогъухэу

зэготхэм нэплъэгъур аригъачъи, Рэдэд шъхьэшхор ин-инэу ынэгу къыкӀигъэуцозэ, кӀэнэкӀэлъэ Ӏупэщх дыджыр фидзыгъ: «Арэу улъы бэлыхьэмэ, хэгъэгу пчъагъэмэ къарыпщыщтыгъэ дэчыгмэ джы сатыу адэшӀ. Мстислав пщышхом сыгу къыптыригъэпщэхагъ, хъунэу къыпфакӀохэрэр Тумтэкъашъэ къаригъэфыгъэх. Ащ нахь пхъэшаӀоуи къыбжэхэкӀотэщтых, моу тӀэкӀу тегъашӀ. Сэ зыхыпщ пащэу къэзгъэзэжьын, о пшъхьэ зыдэпхьыжьыщтыр умышӀэу укъэнэн...»

Абэч игупшысэ къыхэлъэдэгъэ гугъэ макӀэм ыгу къыгъэлъэтагъ, ятэ фимыштэщтыгъэ ушъыири къышӀудэоежьыгъ: «УилъэкӀ зыщылъэшым, сикӀал, угу щыгъэлъэш, лыгъэкӀэ къыпфалъэгъущт».— «Хьау, тят, о къызэрэпшӀошӀыщтыгъэм щыӀакӀэр тетэп, фэгъэгъу зэрэсымышӀэзи, зыхыпщыхэр къысфэуфагъэхэп. О уугъоигъэми сэ хэзгъэхъуагъэми зы мафэкӀэ сахагъэзыгъ. Шъыпкъэ, ори пхъэӀэшэкӀ пӀыгъыгъэп, сэри щэмэдж къесщэкӀыгъэп, тиӀэгъэ мылъкур жьым къыхьи, псым ыхьыжьыгъэм фэд. Ары шъхьакӀэ, тэрыба мылъкур зиягъэр, типщыгъо къытфихьыгъэ мылъкугъэба?! Сыушъэфрэп, сиӀэр сшӀомакӀэу, мафэ къэс хэзгъахъощтыгъ. Ары, тят, иӀэр зышӀомакӀэр мэшэнэкӀ рагъапкӀэ аӀо шъхьакӀэ, сэ машэм сыкъелъагъ. Тыугъоигъэ дышъэр, мары, сыбг ишӀагъэу къыздесэхьакӀы. СичӀыпӀэ згъотыжьмэ, джыри хэзгъэхъощт. СыкӀалэу сыд лӀэужыгъо къэсхыгъэми, къэзгъотыгъ сӀуагъэми, укъысфэгубжыщтыгъ: «Гур зыфэмыер Ӏэм ыштэрэп» — къысапӀощтыгъ. О узхэтыгъэ дунаир щыӀэжьэп, къыуатыщтыр хэгъэкӀи, къатепхыми угушӀон...»

— Эй, Абеч, сыда узэгупшысэрэр? Къосэгъу пшъэшъэ къуапцӀэхэр угу къэкӀыгъа? — Гришкэ пакъэ мэкъэ чэфкӀэ къышъхьарыуагъ.

— КъуапцӀи тиӀ, Гриш, нэгуфи ахэт. Нашхъуи, нагъуи, нэшӀуцӀи ахэбгъотэщт, ау сэ ахэр сшъхьэ илъэп,— загъорэ къыфычӀэплъыхэрэ лӀы къопцӀэ пытитӀум нэплъэгъу гумэкӀыр Абэч афидзыгъ: — Мохэр къосэгъухэба?

— Зэрэфэпагъэхэр плъэгъурэба? Урым сатыушӀэх.

— Къосэгъухэми узфэе шъуашэр къызщалъэн алъэкӀыщт,— Абэч цыхьэ ышӀыщтыгъэп.

— Хьау шъыу. АшъокӀи ахэр нахь къуапцӀэх,— лӀитӀур зэрэурымхэр Абэч ышӀошъ ыгъэхъунымкӀэ Гришэ ишъыпкъагъ.— АнэпӀэбгъухэр занкӀэх, апэбгыхэри къипшырэп. Сэ шъуалъэныкъо сыщыӀагъ, къосэгъухэм анэпӀэбгъухэр къещэхыгъэх, апэхэр занкӀэх пӀоми, фэтхыщэшъо тӀэкӀу къызхэмыщырэ ахэтэп. Анэхэр шӀуцӀэх, нагъох. ЯкъопцӀагъи нахь макӀ.

— Лъэшэу уапыплъыхьагъ къосэгъухэм, Гриш,— ыгу псэфыжьыгъэу Абэч щхыпцӀыгъэ.— Шъо къосэгъукӀэ шъукъытаджэ шъхьакӀэ, зэкӀэми тыкъосэгъоп. МыутӀэхэри, зыхыхэри, хьакӀуцухэри, нэмыкӀхэри тиӀэх. КъуапцӀи, нэгуфи, тхъоплъи, плъыжьи — узыфаер ахэбгъотэщт. Нэхэр армэ, узыфэяшъор плъэгъущт. Шъо къышъуфэдэхэри къахэкӀыщтых.

— Къэмыӏу, русичхэр шъуикъосэгъумэ сэ ахэзгъэкӀокӀэщтэп. Мары тидзэ хэтхэ уилъэпкъэгъухэм сызэраӀоплъэу къэсэшӀэх. МодыкӀэ зэ плъи,— къухьэм къикӀыгъэ лӀищымкӀэ кӀалэм Ӏапэ ышӀыгъ.— Мохэр генуех. Ахэмэ акӀыбыкӀэ фэс паӀохэр зыщыгъхэу нэпкъым къырекӀокӀхэрэр...

— Ахэр зэрэперсхэр сэри сэшӀэ,— Абэч кӀалэм ыпэ ишъыгъ.

— Ухэукъорэба? — русичым тхьагъэпцӀэу ыӀапэ къыфигъэсысыгъ.— Къосэгъу плъакӀохэу перс шъуашэ къызщалъагъэмэ?

— Хьау, яӀуплъэкӀи ахэр зэрэмыкъосэгъухэр сэри сэлъэгъу,— Абэч сэмэркъэур гурыӀуагъ.

— Уилъэныкъо уфэзэща, Абэч? — джы нэс зи къэзымыӀощтыгъэ русич кӀэлэ Ӏужъу лъэпэлъагэр къэупчӀагъ.

— Сыфэзэщ къодыя, Кузьма, сыфызэгоуты,— Абэч чэфынчъэ къэхъугъ.— Сэ чылэпщ къодыеу зыхы чӀыгум сисыгъэп, чылэхэр зэкӀэ сӀэ илъыгъ. Зыхыпщ пащэу сыряӀагъ.

— Ар зэхэсхыгъэ,— ыгу къегъуми, къыкӀэнакӀэми умышӀэнэу, Кузьма шъхьацыф нэгуфыр щхыпцӀыгъэ.— Арын фай унэ шъхьаф къыкӀыуатыгъэр. Джы дзэкӀолӀ къодыеу укъэнэжьыгъ. Шъуипщышхо зебгъэзэгъыгъэмэ нахьышӀугъэба?

— Узэзэгъын цыфэп ар! — Абэч къызэкӀэнагъ.— Ежь ыӀорэм фэшъхьаф Ӏуагъэ щыӀэп.

— Тэ ти Мстислав пщышхуи гурыӀорэп аӀо. Ар лӀы лъэш гушхон фай. Къосэгъумэ ямыӀэгъэ хэгъэгур зэхищагъ. Джа зыцӀэ къепӀогъэ лъэпкъхэр зэкъуигъэуцуагъэх. Тэ, мары, Мстислав пщышхом Дон тещэ, Днепрэ тынегъэсы,

Іашэхэр афитэхы. КІуачІэкІэ, лІыгъэкІэ русичхэр къырегъэуцуалІэх.

– Рэдэд пщышхом илъэпкъэгъухэр фаехэу ытамэ чІэуцуагъэх пшІошІа? – Абэч ынэгу псыгъо од къыхихэу хэкуукІыгъ.– ХьакІуцухэр къыпэуцужьхи, зэхигъэтэкъуагъэх. Сэри джа хьакІуцу дэдэхэри, къосэгъухэри, мыутІэхэри къысищалІэхи, ситетыгъо стырихыгъ.

– УкъызэкІэмын, Абэч,– шъэогъугъэ шІыкІэкІэ Абэч ытамэ Кузьма теуІуи, хьалэл нэплъэгъукІэ Іуплъагъ.– Зы нэбгырэр шъофым зэолІ щыхъурэп аІо русичхэм. А зыфэпІуагъэхэр зэкІэ къыозэуагъэмэ, мысагъэ горэ пкъолъыгъ. Уипщыгъэхэми акІыб къыпфагъэзэжьыгъагъэу зэхэтхыгъэ.

– Къэрабгъэхэти ары,– Абэч къызэкІакІощтыгъэп.– Рэдэд акІыІу зэрэрыкІощтыр, хэт ущыщми къызэрэомыплъыщтыр ашІэти, атхыхэр ауфи, голъэдагъэх.

– Сыдэу щытми, хъун къыохъулІагъэп,– зэнэкъокъум Кузьма кІэух къыфишІыжьыгъ.– Уинасып тидзэ укъызэрэхэхьагъэр нахь, шъхьафитэу къалэм удэсыгъэмэ, джы нэс къосэгъухэм уиІоф аІощтыгъэ, шъыпкъэба?

– Къосэгъу пщышхом ыІэхэр кІыхьэх, сыздэс пытапІэм къыдэІэбэнкІи пшІэщтэп,– русич кІэлэшхом Абэч дыригъэштагъ...

Абэч ипчъэ къызытеохэм, гъэтхэ чэщыр хэкІотэгъагъ. Ащ фэдэу гумэкІыгъо нэпцІыкІэ зэп, тІоп, пчъагъэрэ къаІатыщтыгъэх, гузэжъогъукІэ зэхагъэуцохэти, дзэпащэм иш дзакІомэ апашъхьэ щигъэхъушІэзэ, унашъохэр къафишІыщтыгъ, лъэхъу псынкІэкІэ къэлэ кІоцІым дищыхэти, хьапкІым зыратыщтыгъ. Темэн Іушъом е мэз Іупэ горэм зынэсхэкІэ, ашІагъи, алъэгъугъи щымыІэу къытырагъэзэжьыти, къэкІожьыщтыгъэх. ДзэкІолІхэр зэрагъасэрэм ари зэу ащыщыгъ. Джыри пкІэнчъыкІэ къаІэтых Абэч шІошІи, гъумыгъузэ зифапэу ригъэжьагъ. Чъые нэхъо-нажъом хэтыгъэп, хытІолэ Іушъом Кузьма щыдишІыгъэ зэнэкъокъур гушъхьабжэ фэхъужьыгъэу дэо шъхьакІом хэтыгъ. «Сэ зы есэІо, ежь къыІэкІахьэрэр къысфедзыжьы,– зыбгырыузэ, Абэч иІэшэ-шъуашэ ыпкъ ригъэкІущтыгъ.– Рэдэд зыфэдэр сэщ нахьышІоу ешІэ пІонэу, къысфыщэтхъу. Ичэтэ чІэгъ учІэфэгъагъэмэ, сеплъыни... Шъэбэшъокуамэ зыригъэшІызэ, етІани къыскІэкІилъхьагъэм еплъ, мысагъэ горэ пкъолъыгъ еІо. ЩэкІэ гъэпскІыгъэ щыІэп. О шыу куп горэм урипэщэ гуадзэшъ, къэбар горэхэр къыбнэсых, сэ Рэдэд шъхьэшхор къызэрэпфэсыубыгъэри пшъхьэ ибгъэхьагъэп. Тятэ фэдэу, ори укъысэушъыи, пыими дагъоу хэлъыр унэ къыкІэмыгъахь, шІуагъэу хэлъыр зэгъашІи, къыпшъхьапэжьыщт къысэоІо. Шъо гу тешъушІыхьи, Рэдэд пщышхом шъутеуи, дагъоу иІи, шІуагъэу хэлъи зэдэзгъэкІощт».

Онэгу зишІыгъахэу, къыгот шыум Абэч еупчІыгъ:

– НэпцІыкІэ тыкъаІэтыгъа, хьауми щынагъо горэ щыІа?

– Къосэгъу шыу тІокІым ехъу темэн лъагъохэмкІэ тигъунапкъэ къызэпачыгъэу гъозэрыплъэхэм макъэ къагъэІугъ.

Абэч гуІэнкІэ Гришкэ зыфиплъыхьагъ, ау шыу зэхэт купышхом ахилъэгъуагъэп. Уашъом дэплъыягъ. Мэзэгъо цІышхъ пІонэу щытыгъэп, ошъопщэ цутхъагъэмэ загъорэ мазэм закъуигъэбылъхьэти, къакъосыкІыжьыщтыгъ. Абэч инэплъэгъу къыридзыхыжьыгъэ къодыеу, Кузьма ымакъэ къэІугъ, шылъэмакъэхэр мыжъо пкІагъэм щызэтетэкъугъэх. Лъэхъу-лъэушъым хэтхэзэ, къэлэ дэкІыпІэр акІыб зэхъум, шылъэмакъэхэри нахь дэгу хъугъэх, шыуми зызэлъаштагъ.

Къежьэнхэм ыпэкІэ чэщыр чъыІэтэгъэ хьазырэу Абэч къыщыхъугъагъ, ыкІышъо тхытх макІэр рычъэщтыгъэ. Джы жьы чъыІэтагъэм огъу-огъоу къыхэфэрэ ор фабэр игуапэу зэхишІэщтыгъэ, нэгу од псыгъори зэкІэплъыхьагъэу, пкъынэ-лынэм къыхэхьажьыгъэ кІуачІэм гупсэфыгъо хигъуатэщтыгъ.

Гъунапкъэм Іут ухъумакІохэм адэжь нэсынхэкІэ къэнэжьыгъэ шІагъо щымыІэу шылъэмакъэ зэрэфхэр Кузьма зызэхехым, ыІэ къыІэти, шыухэр зэтыригъэуцуагъэх, ардэдэми чэщ мэзагъом къыхэщыгъэ шыур къышІэжьыгъ, еджагъ:

– Тимоха! Ора ар?

– Сэры, Кузьма, сэры! – къыпэджэжьыгъэ шыур шы елъэдэкъаокІэ апашъхьэ къилъэрэзагъ.– Къосэгъу шыу купым ыуж тэфы!

– Чыжьэ ахэр кІощтхэп! – Кузьма ичатэ мэзэгъо шагъом къыхэлыдыкІыгъ.

Зы шы илъыгъуи амычъыгъэу ошъуапщэмэ къакъозыгъэ мазэм зыуж ихьагъэхэ шыухэр къызэлъигъэнэфы-

гъэх, зэхэлъэдагъэх. Чатэхэр зэпаIэтыгъэх, мэIухэр зэIудзагъэх. Абэч лIыку хьазыр горэм пэкIэфагъ, ышъэ икIыгъэу, игухьэ-гужъ тырикъутэу чэтэ огъухэр егъэжьы. ЛIыкум мэIур къыпэIуедзэ, ячатэмэ мэшIуачэр къапелъэсыкIы. Ардэдэм лIыкIум ыкIыбыкIэ къытелъэдэгъэ русич шыум ышъхьэ къышIуигъэлъэтыгъ. Абэч исэмэгубгъукIэ псынкIэу зигъази, Кузьма къеон зигухэлъыгъэ шыур чэтапэкIэ рилIыхыгъ, нэмыкI шыуитIуми зэрэкIаIэжьыгъэри ынэмэ къапэшIофагъ.

— ШъукIожьынэп! — Абэч ауж зыридзагъ.

Ыуж ит шыум иш лъэпэуагъэ, зэрэхэлъэщыкIырэр Абэч ылъэгъугъ. Шыур гуIэу къызэплъэкIыгъ, ыуж итыр къызэрэкIахьэрэр зелъэгъум, ичатэ Iэтыгъэу зыкъызэригъэзэкIыгъ, ау къэогъу ифэжьыгъэп, Абэч хьапкI лъэшым зэрэхэхьагъэу, шым риупкIэхи, блэлъэтыгъ, ыпэ итым кIахьэу фежьагъ. Шыум ыIэнтэгъухэр псынкIэу егъэуталъэх, шым ичъэ хигъэхъоным дэгуIэ, тIэкIу шIэ къэс къызэплъэкIы. Ащи кIэхьагъ, шым ыпшъэ дэгъуалъхьи, ыбгъукIэ зыригъэлэлэхынэу ежьагъэми, Абэч зимышIэжьэу ыбг шъыпкъэ чатэр тыридзи, зэфэдитIо зэпигъэлъэтыгъ.

— Ох-ох, сыгу атезгъэпщэхагъ! — Абэч мэкъэ IэтыгъэкIэ ыIуи, чэтэ ихыгъэкIэ иш къытырыригъэгъэзэжьыгъ.— ЛаурстэнкЪор зымкIэ езгъэпсыхыгъэу сэлъытэ, мыдырэр стырахыгъэ пщыгъом пай!

ЗэкIокIыгъэм фэдэу шыуитIум зэралъежьэгъагъэр, гу лъызытэгъагъэ Кузьми къыгоуцожьыгъ, къыщытхъугъ:

— Уэзэблэжьыгъэп, Абэч, фэмылъэгъуныгъэу уилъэпкъэгъумэ апэбгъохыгъэр сэгъэшIагъо. Щэнаут къыпIуфэгъагъэм фэдэу зыпшIэжьыщтыгъэп.

— Ащ нахь пхъашэуи сэ ахэр зэхэзгъэтэкъощтых, зэ моу ячIыгу тижъугъахь,— русичмэ ащыщ шъыпкъэ хъугъэу Кузьма гуригъаIо шIоигъуагъ. Кузьма иш хьэдэ зэпэщылъмэ апашъхьэ къыщигъэуцугъ:

— Мыхэр кIэлэкIэ дэдэх, джыри щэ цIынэ къаIочъы.

— КIалэхэмэ, янэмэ яджэнакIэхэр аIыгъхэу джэныкъом дэсынхэ фэягъэх,— Абэч ыгу къэушъэбыгъэп.— УзыукIыщтым лIыжъы-кIалэ иIэп.

— ХьэкIэ-къокIагъэ фэдэ мэхъушъ ары,— Кузьма ымакъэ ефэхыгъ.— Мыхэмэ яфэшъошагъэр къамыщышъо тшыныхэшъ, ащ нахьыбэрэ къыттемыожьынхэу ттIупщыжьынхэр арыгъэ.

— ПтIупщыжьмэ, неущи къыптебэнэных, уаукIын, уахьын,— Абэч гъумытIымыгъэ.

Чэщ зэо кIэкIым ыуж русич дзэкIолIмэ Абэч зыкъыфагъэзэгъап. Нахьыпэм шIуфэс къызэрэрахыжьыщтыгъэ шъхьэгъэсыс къыхэщ-къыхэмыщыр джы щхыпэ шъабэкIэ къыфызэблахъугъ, ыIапэ къамыубытэу, къыкIэмыупчIэхэу блэкIыщтыгъэхэп. «Пщы» гущыIэр ыцIэ ыпэ къырагъэуцозэ, къеджэхэу рагъэжьэгъагъ.

А зэпстэумэ Абэч ыгу къырагъэхьажьыгъ. Нахьыпэм фэдэу зиухыжьыщтыгъэп, ичэщ мычъыехэри кIодыжьыгъагъэх. НэпцI гумэкIыгъохэмкIэ чэщыгум дзакIохэр къызаIэтхэкIэ, благъэ къыфэхъугъэ Кузьма къымыгъэтэджэуи къыхэкIыщтыгъэ.

ЗэкIэмэ анахьэу гугъуи, джэгъуагъи шъхьарызыхыщтыгъэр Кузьма ыдэжь зызыдищэкIэ арыгъэ. Гришки ренэу ягъусэщтыгъ. Къалэм дэтхэми нэмыкI чIыпIэ кIуагъэхэми а нэбгыритIум Абэч ащыгугъыщтыгъ, къызэракъонэщтым ицыхьэ телъыгъ. Рэдэд пщышхор къылъыIэсыным ищынагъо хэмытэу мафэ къекIущтыгъэп, ау Кузьма иунэ игупсафэщтыгъ. Бысымгуащэм Iэнэ дэгъу къафишIыти, хъохъухэр зэфаIэтыжьзэ, сэнэфыми, сэнэплъыми анэгушъхьэхэр къегъэушэплъыфэ зэщытхъужьыхэу щысыщтыгъэх.

Iанэр къызишIыхэкIэ, бысымгуащэр икIошъыти, игъунэгъу бзылъфыгъэ дэхэшхор къыригъэблагъэщтыгъэ. Нэгуф нашхъоу, Iупшlэ пщэрхэр гъэбжьыгъэхэу, пкъыри ищыгъэу, ылъэкIапIэхэри кIэнкIэкум фэдэхэу Марие узэмыхъопсэн хэлъыгъэп. Сэмэркъэухэр зэфашIыхэу тIэкIурэ зызэхэсхэкIэ, шIэхэу къэкIожьынэу ыIоти, Гришкэ зигъэбзэхыщтыгъ. Кузьма шъузым еIэй-лъэй фэдэ зишIызэ, къыпытунэм чIигъэлъадэти, ежьыри дычIэкIыщтыгъэ. Абэчрэ Мариерэ къызызэфанэхэкIэ, къызхэкIыри ымышIэу, Абэч ибзэмыIугъэ къытекIощтыгъэ, ыIощтыри ымышIэу, бзылъфыгъэм Iуплъыхьэу нахьыбэмкIэ щысыщтыгъэ. ТетIупщхьагъэу рыгущыIэнэу русичмэ абзэ ышIэщтыгъэп, нахьыпэм хэмылъыгъэ укIытэ гори къытекIощтыгъэ. Марие лIы иIагъэми, е пшъашъэми еупчIынкIэ къыригъэкIущтыгъэп, Кузьми къыриIощтыгъэп. «УкIэлэкIэ цIыкIоп, шъузи, унагъуи уиIагъ. Бзылъфыгъэм уеплъымэ, пшъа-

шъэми, шъузыгъэми къэпшlэн фай»,– аlоти, щхыщтыгъэх. «Ыбгъэ ин шъабэхэмкlэ, зэгорэм шъузыгъэн фай, шъхьэзакъоу къызфэнагъэр сшlэрэп нахь,– нэплъэгъур Марие фыридзыхызэ, Абэч ишlошlыхэр зэригъафэщтыгъэ.– Илl лlагъа, е зэхэкlыжьыгъэха, е заом хэкlодагъа? Сеупчlымэ, сыда фэlуагъэр? Зытетыр къысиlон, ау етlани сыда есшlэщтыр, къыздэкlонэп, къэсщэнэп. Гужьыдэгъэкl къысфэхъумэ, мыштэ сшlынэп. Ары шъхьакlэ, сщэн шlошlэу зыкъыспищыхьэмэ? Сэ мыщ егъашlэм сыдэсыщтэп, русич бзылъфыгъэ сигъусэу сыдэущтэу сыкъызхэкlыгъэмэ сахэхьажьыщт?»

Мафэ горэм джа шlыкlэ дэдэмкlэ нэбгыритlур къызэфагъэнагъэу, зэlуплъэхэу щысхэзэ, Абэч тэджи, псы къешъуагъ, Марие ыкlыбыкlэ къекlыжьыти, lаплl рищэкlи, ылэгушъохэр ыбгъэ ин шъабэмэ атырилъхьагъ. Бзылъфыгъэр ардэдэм къызыбгырыуи, Абэч ылэхэр зытыридзыгъэх, псынкlэу къэтэджыжьи, нэшхъо ин гупсэфыгъэхэм чъылlамэр къакlихэу къытехъупкlагъ:

– Укъыстеlэбэнэу хэта фит узышlыгъэр? Уцlыф сшlошlэу сыкъыбдыщыс о пlэ лъы закlэхэмкlэ укъыстеlабэ!

– Сlэхэр лъы зэкlэна? Мары, еплъ,– Абэч къызэкlэщтэжьыгъэу ылитlу бзылъфыгъэм фищэигъ, ежьыри зэпиплъыхьажьыгъэх.– Къэбзэ-лъабзэх. Заом сыхэмыхьэу щытэп, лъы дгъачъэуи къыхэкlы. Кузьми, Гришки сэщ фэдэх. Ащыгъум сыда укъызкlыкlэрысыр?

– Сигъунэгъумэ агу хэзгъэкlынэу сыфаеп, ежьхэр къысфэдэгъух.

– Сэ джау сыдми укъыскlэрыс, ара?

– Къосэгъухэм шъузлlэужыгъо цlыфыр зэзгъэшlэнэу сыфэягъ.

– Сыдкlэ уищыкlагъэх?

– Силl зыукlыгъэхэр цlыфхэмэ сшlэрэп, хьэкlэ-къокlэ lэлхэмэ сшlэрэп.

– Хэт фэдэхэу бгъэунэфыгъэ?

– Ощ фэдэхэмэ, цlыф дэгъухэп. Угу зэрэбзаджэр унэ зечъэхэм къакlэщы.

– Сэ сыпщы лъэпкъ, русичыдзэм сыридзэкlолl, ужэ къыдахьэрэр къызэозгъэlолlэщтэп! – Абэч зыкъырихыгъ.– Уилl хъункlэкlо-техакlо силъэпкъэгъумэ афэкlуагъэти, ифэшъуашэ рагъэгъотыгъ. Уздэс къалэр зиер ошlа? Узытет чlыгур зиемэ ущыгъуазэба? Хьэ мысэр къакlуи, хьэ хьыер рифыгъэшъ, тэ джы укlакlо тыхъугъ, тlэмэ лъы къапэчъы, тыхьэкlэ-къуакl, тыукlакlу. Шъо апэ шъузэплъыжь!

Абэч игуплъыгъэ ащ нахь гущыlэ пхъашэхэри къыригъэlонхэкlи мэхъу, Кузьмарэ шъузымрэ анэхэр зэтеплъыхэу унэм къимылъэдагъэхэмэ. Марие зи къымыlоу елъэкlонзэ, унэм икlыжьыгъ.

– Сыда къышъохъулlагъэр? – Кузьма нэмыз-lумызэу Абэч lуплъэзэ, еупчlыгъ.– Тадэжь укъыздасщэ къэс шъэбэ цlыкlоу шъугущыlэу шъущысыщтыгъ.

– Илl силъэпкъэгъумэ къаукlыгъэшъ, бзылъфыгъэ къабзэм сэ сегъэмысэ. Сlэхэр лъы закl ыlуи, къысихъоныгъ,– Абэч игубж кlэмыкlыжьыгъэми, Марие риlогъэ гущыlэ дысхэр ышъхьэ къызэреожьыщтхэр къыгурыlуи, ымакъэ ыгъэшъхъызэ, Кузьма зыфигъэзагъ: – Хъугъэ, унэм сыкlожьыщт.

Цlыфым ыгу зыгъэбыбыщтыри, ытамэхэр гозыутыщтхэри къэшlэгъуае. Зыкlэхъопсыщтыгъэ lофыгъо горэ къыдэхъумэ, ежь нахь насыпышlо щымыlэу къышlошlы, хъугъэ-шlэгъэ цlыкlум ыгу къыфызэуи, зэхигъэтакъоуи къыхэкlы. Мариекlэ къехъулlагъэм Абэч игухьэ-гужъ къыдифыежьыгъ, къэзгъэмысэгъэ бзылъфыгъэм ыпашъхьэ илъэпкъ щиухъумэу, ыухыеу щиlогъэ гущыlэхэр ыдырыжьынхэкlэ ышlагъэмэ, анахь уц дыджыр къыфыхалъхьагъэми, ригъэхыщтыгъэ. Русичмэ ахэзэгъэгъахэу, уасэ къыфашlэу зыщыригъэжьагъэм, Марие фидзыгъэ гущыlэхэр зэхахыжьмэ, къызэрэфамыгъэгъущтыр ешlэти, Кузьма lукlэ къэс ыгу цапэкlэ ылыгъэу lуплъыхьэщтыгъэ.

Ежь зэрэшlомышlэу бзылъфыгъэр къычlэкlыгъ, хъуни, мыхъуни ыжэ къыдэкlыгъэу Абэч къылъыlэсыжьыгъэп. Утын лъэшым фэдэу къыфыригъэшlагъэми, тхьэмафэ тешlи гупсэфыжьыгъэу, пчэдыжь пасэм гузэжъогъукlэ дзакlохэр къагъэтэджыгъэх. Щагушхо кlоцlым щызэхагъэуцуагъэхэу, Абэч къэбар ышlагъ: Мстислав пщышхом Чернигов лъэныкъомкlэ зигъэзэщт.

Русичхэм ахэзагъи, Кузьма благъэ къызыфэхъум, Мстиславрэ ыш Ярославрэ ацэ зэрэзэфалъырэр Абэч къыфиlотэгъагъ. Пщышхуитlум янэхэр зэфэшъхьафыгъэхэми, зыты къыхэкlыгъагъэх. Зэоным, нэмыкl горэм

текIоным гухахъо хэзгъуатэщтыгъэ Мстислав ыш итетыгъо ыгу тефэщтыгъэп, ышъхьагъ иуцоныр, илъэкI ыгъэкIэкIыныр е ичIыгухэр ыIэ къыригъэхьаныр шъэфыкIи, нафэкIи ренэу зыдиIыгъыгъ.

Мстислав ишыудзэ лъэхъу-лъэушъкIэ Тумтэкъашъэ дэкIи, хьапкI илъыгъохэри къыхагъафэхэзэ, мафэр зэпачыгъ, чэщым загъэпсэфыгъ. МэфитIуи,мэфищи кIуагъэхэу яплIэнэрэ пчэдыжьым псыхъо цIыкIу горэм нэсыгъэх. Шымэ алъэгуанджэ къыблэмыкIэу апэрэ шыу купитIур псым зэпырыкIыгъ. Абэч зыхэтыр нэпкъ тешъом нэсыгъэ къодыеу, сэмэгубгъумкIэ псыхъом голъэшъогъэ мэзым ошIэ-дэмышIэу къыхэлъэтыгъэ шыудзэр къатеуагъ. Псым икIыгъэхэр къытегъэзэжьыгъо имыфэхэзэ, зэо кIэкIым нэбгырэ пшIыкIуз хэкIодагъ, нэбгырибл къауIагъ. Къазэрэжэхэтхъуагъэхэм фэдэу шыухэр нэрэ-Iэрэ агу мэзым хэлъэдэжьыгъэх. КъауIагъэмэ Абэч къахэфагъ. КъырашIагъэ щыIэп, иджабгъукIэ цэгэ чIэгъым чэтапэр къыхахьи, иджанэ лъым къыриIагъ. Игъусэмэ уIагъэр къыфапхи, шэсыжьыгъэ. Мэфэ реным гъогум тетыфэхэ, ыцэгэ чIэгъ загъорэ къыхэцэкъыкIыщтыгъ нахь, ащ фэдизэу зэхишIагъэп.

Чернигов нэсынхэкIэ джыри чIыгубэ дэлъэу къуаджэ горэм чэщ щырахыгъэу, Мстислав идзэ ошIэ-дэмышIэу къыригъэгъэзэжьыгъ.

Тумтэкъашъэ къызэсыжьхэм, Абэч зыгъэгумэкIыщтыгъэ уIагъэм тепхагъэр Кузьма фызэблихъузэ, къыкIэщтагъ:

– Щын къекIы, уIэгъэ дэгъоп мыр. ЛIы Iазэр къыпфэсщэщт.

Ныбжь хэкIотагъэ зиIэ лIы къопцIэ нэ къипшэу Кузьма къыгъэсыгъэм уIагъэр бэрэ зэпиплъыхьагъ, ыбгъухэмкIэ атеIункIагъ. Абэч хигъэщэIукIэу ыкIоцIыкIэ лъэшэу ыгъэузыгъ.

– УишIу чэтапэр хэIагъэкIэ енэгуягъо,– лIы Iазэм ыушъэфыгъэп.

– Iэзэгъу укъысфэхъущтмэ къаIо, дышъэ къыостыщт,– гугъэ нэплъэгъур Абэч лIы Iазэм фидзыгъ.

– Дышъэ унэ къысэптыщтыкIи, сыд сишIуагъэ окIын. Сэ къэкIырэ уцхэмкIэ сятэжъ IэзакIэ сигъэшIэгъагъэшъ, кIоцIым щыхъурэм хэшIыкI фысиIэп.

Абэч ытхьабылыпчэ къыпызыгъ. Мафэм мафэр кIэлъыкIощтыгъ. УIагъэм телъ тепхэр зэблахъу къэс, щынэу къикIырэр нахьыбэ хъущтыгъэ. Нэужым зэрэзэIухыгъэу къагъэнагъ, ау ащ пае нахьышIу хъущтыгъэп. Пчыхьэ горэм ышхыгъэр къыдэкIыжьыгъ. IофышIу зэримыIэр ышIошъ хъугъапэ.

Пчэдыжь горэм Кузьма ыдэжь къихьагъэу гуегъу нэплъэгъукIэ къыIуплъыхьэу щысыгъ. Абэч къэтэджыным иIоф тетыжьыгъэп. Гъунэм зэрэнэсырэр зешIэм, идышъэ чысэ зыIукIэжьыщтым игупшысэ минрэ къыфигъэзэжьыщтыгъ. Джы русич шъэогъум тхьамыкIэ нэгукIэ Iуплъыхьэзэ, елъэIугъ:

– Кузьма, ощ фэшъхьаф сызщыгугъын сиIэп. Бэ шIэн, макIэ шIэн, талъэныкъо шъузэрэтеощтыр сэшIэ. Сэ сидышъэ сIэмычIэ чIэлъэу зыхы чIыгум къыжъудэзгъэзэжьыным чэщи, мафи сежэщтыгъэ, ау синасып къыхьыгъэп. СыолъэIу, сикIалэмэ мы дышъэр сфятыжь, узфаем фэдиз хэпхыми, уихьалэл...

– Ар умыIо, ухъужьын, уибын-унагъуи ухэхьажьын,– шъэогъум ыгу къыдищае шIоигъоу Кузьма Абэч IугушIуагъ, ау къышIокIыгъэп, дышъэ чысэр къыIэкIилъхьагъ.

## VII

«Цlыф зэхагъэми орэд мэкъамэ къыхэIукIы».

«ГущыIэжъа, хьауми зыгорэм къыIоу ар зэхэсхыгъагъа? – Рэдэд пщышхом а гущыIэм джыри зэ къыфигъэзэжьыгъ.– КъэсшIэжьыгъ. Заомэ тахэтэу, хьэдагъэмэ тахэмыкIэу гухэкIхэр къызэкIэлъыкIохэ зыхъукIэ, мэфэкIхэр ашIынхэр афэсыдэщтыгъэп. Тянэ ар зызэхихыкIэ, къысэушъыищтыгъ: «А сикIал, цIыф зэхагъэми орэд мэкъамэ къыхэIукIы. Зым ихьэдагъ, адрэм инысащ. Къин ателъми, чэфыгъо гори цIыфмэ ябгъэлъэгъун фай. Агу жьы дэхьан, ягукIаехэри ащыгъупшэн, аплIэIухэр уфагъэу ренэу щыIэнха». Тянэ тхьамыкIэм гулъытэ ин иIагъ. МэфэкI мафэ горэ зэхэтщэнышъ, къуаджэхэр зэрэдгъэлъэгъуных, зэдгъэнэкъокъуных. Лэжьыгъэхэр зыIутхыжьхэкIэ, Ахынытхьэм имэфэкIи илъэс заулэм зэхэтщэжьыгъэп. Колэс ихьэдагъэ ыуж чэфыгъокIэ зэхэхьанхэр зы нэбгыри ыгу къихьагъэп. Тянэ идунай зехъожьым, жъонакIомэ ямэфэкIи блэдгъэкIыгъ.

Ахэмэ азыфагу заохэр къыдэфагъэх. Джы тхьэмэ сафэраз, уаими щыӀэп, хьэдагъэхэри зэпыугъэх, хэгъэгум зиштэу ригъэжьагъ. Шъыпкъэ, Мстислав пщышхом чыристан диныр зэрэфэтымыштэри, тын зэрэфэтымышӀыри къытфигъэгъуштэп. Ащ дэжь чъэжьыгъэ Абэчыпщыри зэрэфэлъэкӀэу къызэцэкъэкӀы, тызэрегъэутэкӀы, укӀакӀохэр къытфегъакӀох. Къоданэ ащкӀэ есӀуагъэр джы нэс фэгъэцэкӀагъэп. Ыпсэ агъэгъунэу щытыгъэмэ, зи рагъэӀоныеп, ау Абэч джасусым ылъ къыстефэным сыфаеп. Икъун лъэу дгъэчъагъэр. Ыбзэгуи, ыӀи агъэкӀэкӀыгъагъэмэ, тэркӀи, ежьыркӀи нахьышӀугъ, ау ащи тхьэхэр лъыӀэсыных».

Чэщым къыхихыгъэ унашъор зыдиӀыгъэу Рэдэд пщышхор дзэкӀо гъэсапӀэм дэхьагъ. Гъэтхэ ошъо шхъуантӀэр къабзэ, бзыу огу цӀыкӀухэр пчэгъу шъхьапэхэм, чэубжъэхэм атесых, жьы Ӏэшӏу пӀуакӀэм пцӀэшхъо жэгъуфхэм зычӀагъао, пчэндэхъухэр мэкъэ зэфэшъхьафхэмкӀэ зэпэшъуих. Шыупащэ зыфэгъэзэгъэ шыухэм чӀым хэсэгъэ чыхэр чатэкӀэ зэпагъэлъэтых, зырагъэлэлэхышъ, чӀыгум телъ паӀохэр къапхъотэжьых. Нэбгырэ тӀурытӀоу зэпэӀут дзэкӀолӀмэ ямэӀу-ячатэхэр зэрэзэпаӀуадзэрэм Къодан лъыплъэщтыгъ. Мэщыкъо щэбзащэхэмкӀэ псагъэм ригъаощтыгъэх.

— Ар мэӀу ыгъыкӀэ хъущтэп,— Къоданэ дзэкӀо кӀалэм имэӀу къыӀихыгъ.— Джы чӀыгум утет. Онэгум уис зыхъукӀэ, шыр кӀэбгъулъынкӀи мэхъу. Ари зэрэбгъэсагъэм елъытыгъ. Узэзаорэм ынэхэм акӀаплъ, чатэр зыдигъэзэщтыр ащ къырыпшӀэщт, итӀэсхъапӀэ лъыхъу. Огъу нэпцӀымкӀэ о мэӀур реохьакӀы, адрэм нэгъэупӀэпӀэгъум къызэблехъушъ, пшъхьэ къышӀурегъэхы. Хъущтэп ар, мары, моу зэ къеплъ...

ЗэкӀалэхэм, Колэс зэригъасэщтыгъэхэр Рэдэд ыгу къэкӀыжьыгъ: «Убанэми, узаоми, къыппыщытым ынэхэр уинэплъэгъу имыгъэкӀ, джащыгъум узэмыжагъэ къыуишӀэщтэп,— лӀыжъ Ӏушыр ренэу къяушъыиштыгъ.— Пхъэшэгъэ-пытагъэ шъунэгу кӀэжъугъэлъ, шъукъэщтагъэу зяжъугъэлъэгъукӀэ, къышъутекӀуагъэхэкӀэ шъулъытэ». Уц къашхъом щызэбэнхэрэм лъэхъу дзыкӀи зэрашӀэрэр, бгъундж зашӀызэ, зэбэнхэрэр зэрэтырадзэрэр пщышхом гуапэ щыхъугъ, зыдишӀэжьэу ыпкъыкӀи зэ задишӀыгъ.

Къоданэ ыкӀыб пщышхом къыфэгъэзэгъагъэти, гу къылъимытэзэ кӀэрыхьагъ, ишӀуфэси иунашъуи ахилъхьи дзэпащэр къыӀуищыгъ. Мэщыкъуи, Шыупащи къакӀэрыхьагъэх.

— Къодан, уилъэӀу игъокӀэ слъэгъугъэ, чылэхэр зэхэтщэнхэшъ, шыгъачъэ хэтэу, джэгушхо афэтшӀыщт,— игуапэ зэрэхъущтым ицыхьэ телъэу пщышхор идзэпащэ Ӏуплъагъ.— Хэгъэгу джэгу тфэшӀынэп, къосэгъухэри зэкӀэ къытфещэлӀэнхэп, чылэ заулэ зэхатщэмэ, икъун сэӀо.

— Дэгъу дэд, зиусхьан! — Къоданэ ынэгу къызэпэнэфыгъ, Мэщыкъуи, Шыупащи гушӀо щхыпэр аӀупшӀэмэ арычъагъ.— Мы Ӏофыр сэ сизакъоу къесхьыжьагъэп, мы лӀитӀури, Чэчани лъэшэу фаех. Анахьэу кӀэлакӀэхэр арых къыкӀэлъэӀухэрэр.— Дзэпащэм ардэдэм ынапэ къызэблихъугъ, нэшхъэй гумэкӀыкӀэ пщышхом ынэгу кӀэплъагъ.— Тэ итхъухьэрэр тхьэмэ къызэрагъэфэжьы. Тыгъопчыхьэ Шышъхьарыс щыщ горэ мыутӀэмэ адэжь щыӀагъэу сыӀукӀагъ. Хьэдэгъэшхо яӀагъ, нэбгырэ пчъагъэ русичмэ къаукӀыгъ.

— Къатебэнагъэхэуи? — Рэдэд пщышхом ышъо къыхихэу зыкъыриӀыгъ.

— Хьау, чӀыгу гъунапкъэм щызэӀуупӀагъэхэу аӀо, мысэри, зафэри пшӀэнэу щытэп. ТалъэныкъокӀэ фэхыгъэм инахьыбэр кӀэлэкӀэ дэд.

— Апсэ рэджэгужьхэмэ, тэ сыдкӀэ тыамал, Къодан,— зэхихыгъэр пщышхом гухэкӀ щыхъугъэми, ыгу нахь тӀысыжьыгъэ.— Тхьапшырэ Къаитэпщым есӀуагъ, ЗекӀошыупщыми пчъагъэрэ фэзгъэпытагъ: «Русичхэр къаигъэ шъумышӀых, шъуичӀыгу гъунапкъэхэр жъугъэпытэх». Ашъхьэ рагъахьэрэп. Русичмэ ягъунапкъэ къызэрагъэгъунэрэр алъэгъу. Сыд фэӀуагъ ахэмэ акӀырыплъыхэмэ? Гъогу зэхэкӀхэм зэрафэсакъхэрэр рагъэкъу. ХьакӀуцу икъыблэ гъунапкъэхэр Дэмыр къызэриухъумэрэми ерэплъыхэба. ЯшӀэ хэмылъэу зы нэбгыри къырагъахьэрэп, рагъэкӀрэп. Ухэгъэгу зыхъукӀэ, апэрэ Ӏофмэ ари ащыщ. Чэу зыӀумылъ хатэр былым шъхьарыкӀом зэриутэрэм фэдэу тыщыӀ.

— Сыд тшӀэщт, зиусхьан? — джэгу-шыгъачъэр ашӀы зэрэшӀоигъор Къоданэ ыушъэфыгъэп.— ЦӀыфхэм агу къихьажьыгъ, чэфыхэ ашӀоигъу. Зэо ужыми джэгу ашӀы.

— Ари шъыпкъэ,— пщышхом къыдыригъэштагъ.— Тижъи, тикӀи гугъум хэтхэзэ, уцуагъэх, чэфыгъо гори арэлъэгъу.— ЫгукӀэ пигъэхъожьыгъ: «Джасусхэр къытфэз-

гъакlохэрэм мэфэ дэхабэ къытфамыгъэкlожьынкlи пшlэнэп. Цlыфмэ агу зиlэтмэ, lофми нахь егугъуных».

Ар зыхъугъэм мэфэ заулэ тешlагъэу, Рэдэд пщышхор ядэжь дэхьажьыгъ. Агъбани фэчэфыгъэп, хьакlэщми ихьажьыгъэп, ишъаохэм яунэ фиузэнкlыгъ. Пчъэм зыдэплъым, зи ылъэгъугъэп. Къэгъэзэжьыгъо имыфэзэ, ыкlыбыкlэ Айнарэ къикlыгъ.

– Ихь, ихь, кlалэмэ уамылъэгъуми, амэ къыпкlэон,– шъузым ыlэгушъо шъабэ лlым ыкlыб тырилъхьагъ.

– Тэ щыlэх? – Рэдэд етlысэхызэ, нэплъэгъу хьылъэр шъузым фидзыгъ.

– Дзэпщ дзэкlо гъэсапlэм Шыупащэ зыдищагъ. Зэфэс хьэблэ кlалэмэ адэджэгу,– Айнарэ нэжгъурэу лlым ынэгу къыкlэплъэжьыгъ.– Унэгу lae, къэбар дэй щыlа?

– Хьау, сыпшъыгъ нахь, зэкlэ, Ислъам-Хьаджэм зэриlоу, тэмам,– ыгу къэзгъэцlыкlугъэм шъузым ышъхьэ фырихыгъэп.– Шыупащэ бащэрэ кlалэр дзэкlо гъэсапlэм зыдещэ. Сыда иlофэу щыlэр?

– Ар пшlэрэба? – гопэ макъэкlэ Айнарэ къэщхыгъ.

– Дзэкlо lофхэмкlэ Дзэпщ джыри шъэожъый.

– Ащ паеп ар зыкlищэрэр, шытесыкlэ регъашlэ.

– Щагушхор афикъурэба?

– Колэс тхьамыкlэм шы lэхъогъум Шыупащэ къыфыхихыгъэгъэ къунаныр къэошlэжьа?

– Сыда?

– Джа шы лъэкъофыр нэтlэгъунджэ хъугъэ. Дзэкlо гъэсапlэм пшынахьыкlэ щиlыгъ. Шыгъачъэм ышнахьыкlи фытырегъэпсыхьэ.

– Уятэпс ар, Дзэпщ шы къыфэмыгъэчъэнмэ! – Рэдэд къыхэкуукlыгъ.

– Сэри ар сlогъагъэ шъхьакlэ, Шыупащэ къысэдэlугъэп. Дзэпщ нахь цlыкlухэри шымэ атесхэу зысэлъэгъум, сэри сеуцолlагъ.

– Шыупащэ зыфэдэ цlыфыр джы къызнэсыгъэм къызгурыlуагъэп,– ыгу зэрэфэшlур къыхэщэу Рэдэд lущхыпцlыкlыгъ.– Псэнчъэжъи фэд, ышнахьыкlэми атеубгъуагъ, етlани сэ шъэф горэхэр ренэу къыздиlыгъ. Шыгъэчъэшыр зэриlыгъыр сигъэшlагъэп. Илъэс фэдиз зеныбжь къунаныр къызэрэрищэкlыщтыгъэр къэсэшlэжьы, нэужым сlэкlэгъу-



пшыкlыжьыгъагъ. О сэщ нахь угушху, Айнар, шыгъэчъэшыр кlалэм къыгъэчъэнэу узэрезэгъыгъэр сэгъэшlагъо.

– Цlыфмэ ашlэ хабзэр арэшl, лlы хъухэмэ, къашъхьэпэжьын,– теубытагъэ хэлъэу Айнарэ къыlуагъ.– Ушхэ пшlоигъоштын, lанэ къыпфязгъэхьын.

– Сымэлакlэрэп, хьакlэщым сыкlожьынышъ, тlэкlу зызгъэпсэфыщт.

Зэрэфэпагъэу Рэдэд тахътэм зытыригъэкlагъ. Тумтэкъашъэ къикlыжьыгъэхэ шыуитlумэ къахьыгъэ къэбарымкlэ Абэчыпщыр lэгъуаджэу къычlэкlыгъ: зыхыпщ хьаджрэтыр уlагъэ, дзэ дэлъыпlэм къыдэкlыжьрэп.

«Уlэгъэшхор мэкlыжьышъ, уlэгъэ цlыкlур мэятэ, Абэч ышъхьэ рыкlощтыр lофыжьэп,– мэфэ реным къыздырихьакlыгъэ гумэкlым Рэдэд къыфигъэзэжьыгъ.– Мстислав пщышхор Константинополь къызикlыжьыгъэм ыуж уцуи, гъэпсэфи имыlэу къызэрекlокlырэр зэкlэмэ анахь щынагъу. Тыгъужъыр шэкlон хъумэ, гъусэхэм алъэхъу, къегъотых, lэхъогъум зэдытеох. Къокlыпlэмкlэ Саркели, нэмыкl чlыпlэхэми Мстислав пщышхор ащыlагъ, темыр русичхэми ахэхьэгъагъ, ау Чернигов нэсыгъэп. Тумтэкъашъэрэ Черниговрэ азыфагу илъ чlыгум къыкъоуцонхэр къикlынхэба? Ыкlуачlэ зэкlеугъуае, гухэлъ бзаджэ къытфишlыгъэщт. Тыпэуцужьын тлъэкlыщта? Рызгъэlэсэн слъэкlынэу зы шlыкlэ закъо щыl: мэджусыир щыдгъэзыеу чыристан диныр тштэмэ, тыныр яттымэ... Ау тlумэ язи сфэшlэнэп. Лъэпкъым нэмыкl дин хэплъхьан зыхъукlэ, илъэс пчъагъэ ищыкlагъ. Византиер зыфаер, русичхэм зэрашlыгъэм фэдэу, зы мэфэ lофкlэ зэшlотагъэхынэу ары. Мары, Темрыкъо мэджусыир диlыгъэу, чыристан диныр зыфэдэр агурегъаlо, къыгоуцохэрэми къахэхъо. Ары шъхьакlэ, Мстислав пщышхор ехьыжьэгъэ зэпыт, къыожэни, зыптыриlэтыкlыни ышlэрэп. Къыlуагъэр ардэдэм фэбгъэцэкlэнэу къырегъэкlы. Динымкlэ зыгорэущтэу тызэзэгъыми, тын lофым еуцолlэгъуай. Ежь ыгу къэкl къэс еттын фаем къыхигъахъозэ, тигъэгупсэфыщтэп. Русичхэм щыlэкlэ дэгъу аритынышъ, тэ мылlэ-мытхъэу тиlыгъыщт. Лъэгонджэмышъхьэкlэ ущысэу ущыlэн нахьи, ущытэу улlэныр къэсэштэ. Ащкlэ силъэпкъэгъухэм къыздырагъэштэнэу сэгугъэ...»

ШIункI мыхъугъапэу щагум къыдэфэрзэжьыгъэ Шыупащэрэ Дзэпщрэ ябырсыр макъэ Рэдэд шъхьангъупчъэм Iуищагъэу, нэбгыритIури хьакIэщым къихьагъэх.

– Сыд шъузезыфэрэр? – пщышхом иупчIэ дыс шъэбэгъакIэ кIилъхьагъ.

– Сшынахьыкlэ шыгъачъэм хэзгъэлэжьэн сэIо, сыдэу уеплъырэ?

– Шъо ишъухъухьэгъахэмэ, сэ сыд сызхэтыжьыр? – нэплъэгъу фабэр ыши, ыкъуи атыридзагъ, Дзэпщ къогушхукIэу зэриIожьыгъ: «Шыупащэ ытамэ нэсыгъ, тымышIахэзэ, лIы хъущт, инасып кIагъэхьащтмэ сшIэрэп нахь».– ЕупчIыгъ: – Шыр къыпфэгъэчъэна, сикIал?

– Къэзгъэчъэщт! – Дзэпщ къызIуипхъотыгъ.– Дэгъу дэдэу джыри къысэдэIурэп, ау къезгъэуцолIэщт.

– Сыда мыхъурэр?

– Шыр сэ къысэсагъэшь, Дзэпщ мыцIышъу къыфешIы, зэсэжьыщтых,– ицыхьэ зытелъыжьэу Дзэпщ ычIыпIэкIэ Шыупащэ къыIуагъ.

– КIалэм къытечъхэу ауж итэу къэкIожьмэ, шьхьакIо хъун, Шыупащ, цIыфхэри къыкIэнэкIэных,– рахьыжьэгъэ Iофыр аIэкIиуIэеным Рэдэд пылъыгъ, ау ыпашъхьэ итхэми, Дзэпщ яни къызэкIакIо яIагъэп.

Мэзыбэ хэгъуашъхьэм щашIыгъэ мэфэкIыр зиштэнэу хьазырыгъ. Чылищым цIыф къадэмынэжьыгъэм фэдагъ. БзылъфыгъэмэцIыкIухэр акIэпхъэгъагъэх. Шъэожъыехэр шъхьафхэу джэгущтыгъэх. Хэгъошъхьэ гъунэм рекIокIырэ чъыгхэм ачIэгъ кIалэмэ шыгъэчъэшхэр къащыращэкIыщтыгъэ. Чыпэ цIыкIур къыригъэчъэкIызэ, джэгу пчэгур хьатыякIом ригъэкIотыщтыгъэ. ЛIыжъ зэхэсмэ абгъукIэ къэмылэпщэ куп щызэхэтыгъ. КIэлакIэхэри, лIыкухэри, пшъашъэхэри зэфэшъхьафых. Ахэмэ апэIудзыгъэу къарышъумэ апылъэгъэ щыуан шIуцIэшхохэм пахъэр къашъхьарехы. Iэнэ зэпэIутхэм щэлэмэ-хьалыжъор, тхъурыжъэ IэпэещэкIхэр, къужъыпсхэр атеIэкIагъэх.

Рэдэд пщышхор къэлъэгъуагъ, ыбгъуитIукIэ Темрыкъорэ Къоданэрэ готых. Мэщыкъуи, Чэчани ахэмэ ауж итых. Джэгу пчэгум къеуцокIыгъэхэр къэзэрэгъэплъагъэх, лIыжъхэр къызэхэтэджагъэх, лIыкухэри, лIыкIэхэри пщышхом пэгъокIыгъэх. ЛIыжъмэ Рэдэд шIуфэс зарехым, хьатыякIоми псынкIэу пчэгур зэригъэфэжьыгъ. Къамылапщэхэм зэфэкIо мэкъамэр къызхырагъэдзэм, пшъэшъэ къэшъуакIор Рэдэд пщышхом ыпашъхьэ къырищи, мэфэкI джэгур къызэIуригъэхыгъ. Къэшъогъупэ зытIу Рэдэд пшъашъэм рыригъэхи, къызхащыгъэгъэ пшъэшъэгъу сатырэ зэхэтмэ ахигъэуцожьыгъ.

КIэлэ къэшъуакIомэ пчэгур аубытыгъ, хэти зэрэфэлъэкIэу къэшъонымкIэ къогъанэ иIагъэп. Къамылапщэмэ мэкъамэхэр зэблахъущтыгъэ, зэфакIом уджыр, зыгъэлъатэм тIурытIу къашъор къакIэлъыкIуагъ. Iэгу тео мэкъэ зэдаштэм къамылым ымакъэ зэхыуигъэхыжьыщтыгъэп.

Шыгъачъэм чэзыур нэсыгъ. Чылэ пэпчъ къыращыгъэ шы пчъагъэхэр зэгуагъэуцохэ зэхъум, Рэдэд пщышхор лIыжъмэ ялъэIугъ:

– Пщымаф, ТIатIыхъу, нахьыжъхэр, шыгъачъэр рамыгъажьэзэ, зэ шымэ тапыжъугъэплъыхь, къатечъыщтыр къэзышIэрэм теплъыщт.

ЛIыжъхэр фэчэфхэу къызэхэтэджагъэх, пщышхор азыфагу итэу, шыгъэчъэшхэм ахэхьагъэх, апкъ зэхэлъыкIэхэр, абгъэхэр, алъакъохэр, ацэгэ кIэкъузагъэхэр зэпаплъыхьагъэх.

– Сэ слъэкIыгъэмэ, зиусхьан, Дзэпщ къезгъэхьыщтыгъ,– гущыIапэр ТIатIыхъу ыубытыгъ,– ау шыгъэчъэшхэм Мыстхъакъо къыращыгъэ шхъуантIэр къахэсхыгъ.

– А шы лъэкъоф нэтIэгъунджэм тесыр уишъауа, зиусхьан? – пщышхом зэришъаор Пщымафэ ышIэщтыгъэми, къэупчIагъ.– Тхьэмэ къыпфагъэхъу, тымылъэгъузэ, лIы хъугъэ.– ЕтIанэ ТIатIыхъу риIуагъ: – Сишъэогъужъ, пщышъаор зытесым нахь шы тегъэпсыхьагъэ ахэслъэгъуагъэп, ащ къенэкъокъун ахэткIэ сыгугъэрэп.

– Тэ тичылэ шыгъэчъэшмэ шъуащыщ горэми къыримыдзагъэу зы шы пырацэ горэ ахэт,– шышъхьарыс лIыжъыр къахэгущыIагъ.– Теплъэ иIэп, ау ыпкъ кIыхьэ, ыбгъэ пытэ, ылъакъохэр псынкIэх. Ащ зыми римыгъэхьынкIэ енэгуягъо.

Пщымафэ пщышъаом риIолIагъэр Рэдэд зэхимыхыгъэ фэдэ зишIыгъ, шыгъэчъэшхэр зытIупщынэу къяжэрэм шъхьэ фишIи, лIыжъымэ щхыпэ шъабэкIэ ягыигъ:

– МакIэ шы дэгъоу къахэжъугъэщыгъэр. НэмыкIхэр текIохэмэ, сыд шъуIожьын?

– ТекӀуагъэр сицу тӀонышъ, тызэхэкӀыжьыщт,– ТӀатӀыхъу щытхэр ыгъэщхыгъэх.

Шыгъэчъэшхэм запхъотагъ. Шылъэмакъэхэр зэтетэкъух, чӀыгур агъэгырзы. Шымэ атесхэм инахьыбэр Дзэпщ ипкъэгъулэгъух, нахь такъырыӀохэри ахэтых. Шыу цӀыкӀухэр шышъхьэ ищыгъэмэ къакъощ-къакъомыщыхэу атеубгъуагъэх. ТӀатӀыхъу ынаӀэ зытыридзэгъэ шы шхъуантӀэр зэкӀэмэ апэ ишъыгъ.

– Ыхьы, сэ сӀуагъэба! Еплъ, Пщымаф, щэбзащэм фэдэу зикъудыигъэу шхъуантӀэр зэрэчъэрэм,– ТӀатӀыхъу лӀыжъыр мэгушӀо.– Чъэрэп, быбырэм фэд!

– Умыгузажъу,– Пщымафэ зызэшӀуищыгъэу шымэ алъэплъэ.– Зэ къэгъэзэгъум нэгъэсых. Щэбзащэм фэдэри бзыум фэдэри къэлъэгъощт.

Пщымафэ къыӀуагъэр къэшъыпкъэжьэу фежьагъ. Шыумэ ясэмэгукӀэ къытырагъази, шъофыр ишъомбгъуагъэкӀэ зэпачы зэхъум, шы шхъуантӀэм ичъэ къызэрэщыкӀэрэр нэрылъэгъугъ. Ащ ыуж итхэм шы пырацэм ышъхьэ къахэщыгъ, ыпкъыкӀи къахэкӀотэу ыублагъ, етӀанэ шы шхъуантӀэм къебгъучъэу ригъэжьагъ.

– Сэ сӀуагъэр мэхъу, шъуеплъ тишы теплъаджэ ышӀэрэм! – шышъхьэрыс лӀыжъым ымакъэ зыкъипхъотагъ.

– Модэ, модэ, хъурэр гъэшӀэгъоны! – Къодани зыхэтмэ къахэкуукӀыгъ.– Дзэпщ шхъуантӀэм къыкӀэхьэ, къебгъучъэ, къытекӀыгъ! А пырэцэ цӀыкӀури чыжьэ ыгъэкӀощтэп!

Шышъхьарыс шыум Дзэпщ къыголъади, зэготхэу къызэдачъэхэзэ, шыгъачъэм еплъырэ горэм гушӀом хэтэу ипаӀо зыдедзыем, шыгъо нэтӀэфыр къащти, исэмэгукӀэ кӀэбгъулъыгъ, Дзэпщи къэукъончыгъ. Шъаор шым къефэхы Рэдэд шӀошӀи, ыгу къэсысыгъ, ау шым Дзэпщ зыхигъэнэжьи, ыпэ ишъыгъэгъэ шы пырацэм ыкӀэ утысэ нэсыгъ, гохьажьыгъ, яшышъхьэхэр зэщизхэу къэсыжьыгъэх.

Апэрэ чӀыпӀэр зэратыщтыр яззэрэмыгъашӀэу лӀыхэр зэнэкъокъум хэхьагъэх. Нахьыбэмэ ДзэпщыкӀэ акъудыищтыгъ: кӀэлэ шъхьэубатэм ипаӀо дидзыий, пщышъаом иш зэрэкӀигъэбгъулъыгъэр яушъхьагъугъ. Аущтэу мыхъугъэмэ, Дзэпщ апэ къызэрэсыжьыщтыгъэр нэфагъэти, шыгъачъэр зезгъэкӀуагъэм пщышъаом ыцӀэ къыримыӀоу, къыӀуагъ:

– Апэрэ чӀыпӀэр шыгъо нэтӀэфым тесыгъэм фэдгъэшъошэн.

– Ар зэфагъэп,– Рэдэд пщышхом ишӀошӀ ахилъхьагъ.– ШитӀум язи къыхэщэу ыпэ ишъыгъэп. Зыр агъэохъугъэмэ, шышъхьарыс шыум илажьэп. Сэ шъукъысэдэӀущтмэ, шыуитӀуми зэфэдэу апэрэ чӀыпӀэр афэшъозгъэгощыщт. Ящэнэрэр гъэнэфагъэ – мыстхъакъомэ яшхъуантӀ.

– Пщышхом къыӀуагъэр нахь заф! – зэкӀэми зэдырагъэштагъ. Шыгъачъэр зезыщагъэри, игъусэхэри пщышхом иӀо техьагъэх. Апэрэ чӀыпӀэр шыуитӀумэ афагощи, тыжьын къэмэ зырыз аратыгъ, адрэми онэ Ӏэпэщыс фагъэшъошагъ. Шыгъачъэм хэтыгъэ пэпчъ, ауж къэсыжьыгъэм щыкӀэкӀыжьэу, нэпэеплъ горэ зыдырамыгъэхьэу агъэкӀожьыгъэп.

Пщымафэ ТӀатӀыхъу ытамэ теӀуагъ:

– Ӏанэ къыптезгъэфагъ, сишъэогъу, уишхъуантӀэ учӀигъэӀэбагъ.

– Шым илажьэп, Пщымаф, тесыр ары,– ТӀатӀыхъу зиухыижьыгъ.– ЗэкӀэкӀыгъо римыгъафэзэ, шым егоуащи, зэӀуригъэхьагъ нахь, апэ къэсыжьыныекӀи мэхъу. Ау къогъу сыкъохьажьынэп, некӀо узфаем фэдэ Ӏанэ къыпфэсштэн.

– Ащ фэдэ делагъэ щыӀэп,– Пщымафи шъэогъум есэмэркъэужьыгъ.– Мыщ фэдэ Ӏанэ сыхэкӀынышъ, уиӀэнэ джэшъо цӀыкӀу себлэгъэна ? ХьэкӀэгъошӀу уфай. ЕтӀан, етӀан.

Шыгъачъэм хэтыгъэхэр щэджэгъоуж нэс ешхагъэх, псы ӀэшӀумэ яшъуагъэх, къэшъуагъэх, джэгугъэх. МэфэкӀым хатхъыкӀыгъэм нахьи, зэрежагъэхэр, зэрэпэплъагъэхэр нахь гугъатхъэ къащыхъужьэу жъи, кӀи зэбгырыкӀыжьыгъэх.

Дзэпщ шыгъачъэм къыщихьыгъэ тыжьын къамэр бгырыпхым пилъхьи, ыбг рилъхьажьыгъ, сэмэгубгъум ригъэкӀуи, пагэу янэ Ӏуплъагъ. Айнари ынэгу зэпэнэфыжьэу икӀалэ ӀугушӀуагъ:

– Апэрэу къэулэжьыгъэ тыныр, сикӀэлэшху, мэфэ шъыпкъэ тхьэмэ пфашӀ, тыжьын къамэм лӀы шъыпкъэ укӀэхъукӀы.

Шъузым ыкӀыбыкӀэ пчъэм къыдэкӀи, Рэдэд ишъао къыкӀэрыхьагъ, ыӀэшхохэр ытамэмэ къатырилъхьи, тыгъуа-

си, непи, мэфэ заулэми зыхэтыгъэ гумэкӀыгъор зыщигъэгъупшэзэ, риӀуагъ:

– УлӀэхъупхъ, Дзэпщ, чаныгъэ къызхэбгъэфагъ, шым зыкъыребгъэдзыхыгъэп.

– Исэку ӀитӀукӀэ зыхэзгъэнэгъагъ нахь, сыкъефэхынкӀэ мэкӀэжъый иӀэжьыгъэр,– Дзэпщ ятэ щыукӀытэу, къэмэ Ӏапшъэр ӀитӀукӀэ ыгъэбылъыгъ.– ЕтӀанэ псынкӀэу зыкъэсшӀэжьи, шхомлакӀэм сетхъожьыгъ.

– СыкъэбгъэукӀытэжьыгъэп, ар зэкӀэмэ апшъ,– шъаом ытамэхэм Рэдэд макӀэу атеуӀуи, унэм икӀыжьыгъ.

Шышъхьарысмэ япщи, Къодани, Мэщыкъуи, Чэчани, Темрыкъуи, Шыупащи ягущыӀэ щагъэтыгъэу, пщышхом къариӀощтыр амышӀэу Ӏоплъыхьэх. Къызщыригъэжьэщтыр гукӀэ зэригъафэзэ, Рэдэд нэплъэгъу хьылъэр нэбгырэ пэпчъ тыридзагъ.

– Зышъхьэ къисхыщт Ӏофым Къоданэ щыгъуаз, шъори шъушӀэн фаеу сэлъытэ,– Рэдэд пщышхом ымакъэ гукӀоди, гужъыени къыхимыгъахьэу къыригъэжьагъ.– Гъунэгъу шъугъуалэм нэмыплъ къыуехы. Мстислав пщышхом къытфишӀыгъэ нэмыплъым хэкӀи, заом зыфигъэхьазырэу ригъэжьагъ ясымыгъэӀоным пае джыри зэ зытӀэжэн, ау тшӀэщтым тежъугъэгупшыс.

– Гъунэгъухэм Ӏанэ зэпагъохы нахь, мыхъун зэрашӀэрэп,– шышъхьарысмэ япщ Къэзазэ ымакъэ ылъэкӀи, къыӀуагъ.– ГъучӀ къалэ зиӀэр гъучӀ мастэ щэкӀэ, къытфэшӀугъэмэ, къошы тыфэхъуни, къин чӀыпӀэ ифэми, къогъу тыкъохьажьыныеп.

– Мстислав зыфэдэр сэ сэшӀэ,– Темрыкъо къыхихыгъ,– тыгъужъыгу иӀ, фэмышхыщтыри ылӀыщт. Уамалынчъэу ылъэгу учӀиубытэмэ, гугъатхъэ хехы.

– Ашъыу, тыгъужъыри игъунэгъу ебэныжьрэп,– Мэщыкъо шъэбэ-шъабэу къахэгущыӀагъ.

– Фэхъугъэ зиӀэм тэ етӀорэр хэхьажьыщтэп,– Рэдэд пщышхом гущыӀапэр ыубытыжьыгъ.– Русич пщышхом фэтшӀэнэу къытфигъэуцугъэр тымыштэнэу тызэзэгъыгъ. ӀорышӀэ тыфэхъущтэп, зыфэдгъэцӀыкӀущтэп. Ощх ужым кӀакӀо пагъохыжьрэпышъ, Мстислав пщышхор заокӀэ къытэкӀумэ, тыфэхьазырын фай. Пчы пыджэнымкӀэ русичхэр Ӏазэх, тимэӀухэр бэрэ къыпхыракулъыкӀхэу къыхэкӀыг ь.



– Яшыбгъэхэри пытэх, илъэсыдзи къэрабгъэп,– пщышхом Къоданэ дыригъэштагъ.

– Ар шъыпкъэ,– Рэдэд ышнахьыкӀэ фыреплъэкӀыгъ, Чэчани Ӏуплъагъ,– шъумыбэлэрэгъ. ДзэкӀолӀхэр жъугъасэ хъумэ, ахэри, нэмыкӀ амалхэри къыдэшъулъытэх, ятӀэсхъапӀи, япытагъи зэжъугъашӀэ. Русичхэмрэ тэрырэ тазыфагу къыдэхьагъэ зэмышӀуныгъэр тфаушъэбынэу, Темрыкъу, ори титхьэхэми ахэмэ ятхьи тфялъэӀу. Гужъыегъу щыӀэп, ау сыдырэ Ӏофи тыфэхьазырмэ нахьышӀу.

ЗэшитӀур хьакӀэщым къызызэденэжьхэм, пщышхор гущыӀэнчъэу тӀэкӀурэ щысыгъ, къэтэджыжьи, джэхэшъогур рикӀукӀыгъ, къырикӀукӀыжьыгъ, зыми фэмыгъэхьыгъэ фэдэу къыжэдэзыгъ:

– МацӀэ зыхэкӀыгъэр ижъыгу, дзэ зэрыкӀуагъэр хэкужъ. Русичмэ татекӀуагъэми, къыттекӀуагъэхэми, бгъуитӀуми хьалэч тыхъущт, зыкъэтымышӀэжьзэ, илъэс пчъагъэ зэпытчыщт.

– Зэо тхъагъо хъурэп тянэ ыӀощтыгъ,– Шыупащэ нэшхъэй нэплъэгъукӀэ ышнахьыжъ дыригъэштагъ, ау теубытагъэ хэлъэу къыпигъэхъожьыгъ: – Хэкужъ техъулӀэщтми, екӀэ тичӀыгу къихьэрэм шъхьасынчъэу ыгукӀыӀу тихьащт. Тыпсаумэ, уни тӀэтыжьын, бгъагъи дгъэуцужьын, тичӀыгуи тшхын къытекӀын.

– Тибзылъфыгъэхэри пӀоных, лӀыхъужъхэри къытхэтэджыкӀыных, орэди аусын,– гугъэ гущыӀэхэу Шыупащэ къыпчъыхэрэр ӀущхыпцӀыкӀызэ, Рэдэд пщышхом лъигъэкӀуатэхи, нахь пытагъэ хэлъэу къыпидзэжьыгъ: – Русичхэр бэдэдэ мэхъух, сшынахьыкӀ, дзэкӀолӀ тегъэпсыхьагъэхэр яӀэх. Зэо утыгум тызихьэкӀэ, тизыдзэкӀолӀ дзэкӀо пчъагъэ къыпэуцужьыщт. О псаоу тыкъыхэкӀыжьмэ оӀошъ, гугъэшхохэр ошы.

– Сэ сыд хъугъэкӀи сыгу згъэкӀодрэп, Рэдэд,– Шыупащэ зыфиӀожьыгъэ щытхъум тӀэкӀу рыукӀытэжьыгъэми, зыфиӀуагъэм текӀыгъэп.

– Сэри сыгукӀодыпхэп, сшынахьыкӀ, ау лъэкӀэу уиӀэри зыдэпшӀэжьын фай. ПшӀэзэ, узфырымыкъущтым уебэнкӀэ, сыд пкӀэ иӀ?

– Ау щытми, пыим такӀыб щэбзащэ къыхедгъэӀущтэп,– Шыупащэ зэкӀакӀощтыгъэп.

– Аущтэу улӀэныр лӀэгъуитӀу,– Рэдэд къезэгъыгъ,– ау етӀани псэр Ӏэшӏу. Сшъхьэ паеп сыщыӀэ зыкӀысшӀоигъор. Сишъаохэр лӀы хъугъэхэу къэслъэгъужьыхэ сшӀоигъу. Къащагъэу яджэгуи сыхэплъэным сыфай. Къапыфэрэ цӀыкӀухэр скокӀ исхэу згъэджэгунхэм сыкӀэхъопсы. Ори унагъо пшӀэнба, бын ухъунба, сшынахьыкӀ. Зао заӀокӀэ, джахэмэ сягупшысэ, сыгуи, сыли агъэузы, унэгъо пчъагъэмэ къарыощт хьэдагъэмэ сагъэтхытхы. Лъым, тхьамыкӀагъом, гъы макъэмэ сыгу дагъэуцогъэ пкӀантӀэр дэкӀыжьыгъэ къодый. Мамыр щыӀакӀэм тыпыуцуагъ, тыгу зиушхужьыгъ сӀомэ сыгушӀозэ, ошъопщэ щынагъохэм тинэплъэгъу къызэфашӀэу рагъэжьэжьыгъ.

– ЦӀыфыр гугъэм щегъаӀэ тянэ зэриӀоштыгъэр зыщымыгъэгъупш, Рэдэд,– чэфышъо зытыриштэу Шыупащэ ышнахьыжъ Ӏугушӏуагъ.

– Ащыгъум, сшынахьыкӀ,– гущыӀэр Рэдэд кӀэкӀэу къызэблихъугъ.– НекӀо, тыдэгъэкӀи, тӀэкӀу къэтэгъэкӀухь. Тынэ жьы кӀэдгъэумэ, тыгу нахь псынкӀэ хъун.

ЗэшитӀур щагум зыдэкӀым, Агъбанэ шъэбэ хэкӀукӀыкӀэ ауж ихьагъ. Хьаблэм текӀыгъэхэу шъэожъые Ӏэтэхъо заулэмэ ядао къалъыӀэсыгъ.

– Сыда шъузыфаер? – къауцухьэгъэ шъаор къяупчӀыгъ.

– Мары тызыфаер! – ащыщ горэ пэфао еуи, риутыгъ.– УипэӀожъ пчэгум иудзэщтмэ одгъэшӀэщт. Дзэпщ къатечъыгъахэу уиягъэ ебгъэкӀыгъ, шыгъачъэр мэзыбэмэ къябгъэхьыгъэп!

– Сэрэп ар, сакӀыб дэтыгъэр ары. СипаӀо сщихи, пчэгум ридзагъ, сэ къэсштэжьыгъагъ ныӀэп.

– Къызэхэмылъхь! – кӀалэ горэ джыри техъупкӀагъ.– Сэ слъэгъугъэ уипаӀо зэрэбдзыгъэр.

– СыгушӀогъащэти ары нахь, сиягъэ езгъэкӀынэу сыфэягъэп,– ышӀагъэм кӀалэр еуцолӀэжьыгъ.

– Шъумышъхьэубат, щыжъугъэт! – Агъбан апэгъокӀызэ, атехъупкӀагъ.

– Зэ шъукъэуцу, шъулӀыба, сэӀо?! – кӀэзыӀэжьыгъэгъэхэ шъэожъыемэ Рэдэд пщышхор алъыджагъ, къызэрищэлӀагъэх. Раутыгъагъэм ышъхьашъо Ӏэ щифэзэ, адырэ зэуакӀомэ ягыигъ: – Тичылэш къытемычъыгъэ пае шъуишъэогъу шъуеззэожьа? Джыдэдэм шъуешӀужь, ыӀапи шъуубытыжь.



АшӀэрэм фэмыехэу, ашъхьэхэр рагъэзэкӀызэ, зэзэуагъэхэм ыӀапэ аубытыжьи, шъэожъыехэр зэбгырыкӀошъыжьыгъэх.

– Джары, Агъбан, Шыупащ,– Рэдэд пщышхом игукъао шъхьэгъэсысым къыхэщэу къыӀуагъ,– тэ хэгъэгу тыхъугъ тэӀо, тикӀалэхэр джыри чылэ-чылэм, хьэблэ-хьаблэм, лӀэкъо-лӀакъом, лъэпкъ зэтефым хэкӀыгъэхэп.

## VIII

Зышъхьэ имыкъурэ Щорэ къалыркъэщ набгъомэ арыӀэбэныр икӀэсагъ. КъалыркъэщиплӀ мафэрэ къыубытыти, псы ныджым щызэригъэзаощтыгъэх. Ащ гушӀуафэ хигъуатэу, хьа-хьай ригъаӀоу щхэу акӀэрысыщтыгъ.

Мафэ горэм набгъом зеӀабэм, псы чӀэгъым къычӀихыгъэр псыблэу къычӀэкӀыгъ. Ыбзэгу къыфыридзызэ блэр Щорэ къызыӀолъалъэм, ыгучӀэ изыгъ, псым хидзэжьи, куомэ-кӀыизэ, ядэжь къэсыжьыгъ. Хъугъэр амышӀэу гъунэгъухэри къечъагъэх, яни, нэмыкӀ шъузхэри еушъыихэзэ, ерагъэу агъэӀэсагъ, ау чэщрэ къыкӀащтэу, къызщылъэтмэ унэм къашӀуикӀынкӀэ ежьэу хъугъэ.

А къэбарыр НэтӀае зызэхехым, кӀэлэ сымаджэм фыкъокӀыгъ.

– ПчыхьэшӀу къышъокӀу, тян, кӀалэр сыдэу хъурэ? – химэ унэр мафэ къэс икӀуапӀэ фэдэу къащигъэхъоу, ор-сэрэу ны егъэзыгъэм НэтӀае Ӏуплъагъ.

– А сшӀэгущэрэп, НэтӀай, къуим ыкӀыӀу корэшъу зэраӀоу, ышъхьэ гущэ зэримыкъурэм къызэрэкӀащтэрэр къыхэхьажьыгъэшъ, кӀочӀэгъу сыфырикъужьрэп,– бзылъфыгъэ зэхэукӀагъэр чэфынчъэу къыӀуплъагъ, пхъэнтӀэкӀум ыӀэгушъо ригъачъи, ыгъэтӀысыгъ.– Шъхьантэм сшъхьэ зэрэтеслъхьэу къыкӀащтэшъ, нэикӀ-Ӏуикӏэу къызщэлъэты.

– Тэ щыӀ ежь?

– Модырэ унэм чӀэс, ышъхьэ рэджэгужьышъ, тхьамыкӀэр джэхашъом тес.

– Сыдигъо гъолъыжьыщт?

– Мары шӀэхэу къежьэщт: «Нан, сыгъашх, сычъыежьыщт», ыӀонышъ, сыд щыщми зыгорэ зыӀуимылъхьэу пфэгъолъыжьыщтэп. Ыныбэ из зэрэхъоу пӀэм зыхигъэу-

кӀорэежьынышъ, нэрэ-Ӏэрэ агу хэчъыещт. Псыблэ мыгъо къыубытыгъ. Ащ ыпэкӀэ зы чэщ гумэкӀ рысигъэхыгъэп.

– Ащыгъум, тян, угукӀэ оштэмэ, сэ кӀалэм сыфэплъэщт, сишӀуагъэ екӀынэу сэгугъэ.

– Псапэ пшӀэн, НэтӀай, мары, джыдэдэм сыкъеджэщт,– ныр гуӀэзэ адрэ унэм чӀэкӀынэу ежьагъ.

– Хьау, тян, джыдэдэп,– НэтӀае къэпсынкӀагъ,– кӀалэм зэсагъэр фашӀ, сэ сыгузажъорэп. Шхахэу зыгъолъыжьыкӀэ, сеӀэзэщт, къыкӀэзгъащтэри пысфыщт.

Бзылъфыгъэм зэриӀуагъэу, Щорэ унэм къычӀэкӀыгъ, ным Ӏанэ фишӀи ыгъэшхагъэти, ардэдэм зикъудыий, фышъхьагъэ.

– Угъолъыжьыщта, сикӀэлэ дах? – ныр еӀэсэкӀзэ еупчӀыгъ.

– Ары, нан, чъыер къысэкӀугъ,– Щорэ Ӏанэм пэкӀыжьи, пӀэгум итӀысхьагъ.

– НэтӀае ошӀэба, нынэ? – джыри ныр икӀалэ еупчӀыгъ.

– Сыда зыкӀэсымышӀэрэр,– Щорэ натӀэкӀэ къычӀэплъыгъ,– Дэхапсэ илӀыба. Боу бзылъфыгъэ дах ар, ащ нахь сыгу рихьырэ тичылэ дэсэп.

– Делагъэхэр къэмыӀу! – ныр хэгубжыкӀыгъ.– НэтӀае къыоӀэзэнэу къэкӀуагъ.

– Сыда къысишӀэщтыр? – Щорэ щтагъэу къэтэджыгъ.

– Щыс, щыс,– НэтӀае ылитӀу рищэхзэ къэтэджыгъ.– Угъолъыжьми нахьышӀух. Сэ зи къыосшӀэщтэп, сыкъыбдэгущыӀэщт ныӀэп, сыкъыопщэщт.

Щорэ зи къыхимыӀухьэу пӀэм хэтӀысхьажьи, зигъэукӀорэигъ. НэтӀае пхъэнтӀэкӀур лъигъэкӀуати, кӀалэм ынэгу фэгъэзагъэу кӀэрытӀысхьагъ.

– Зымафэ къалыркъэщ набгъом узеӀабэм...

– Блэ къисхыгъ! – Щорэ къызӀуипхъотыгъ.

– Хьау, блэп къипхыгъэр, хьамлыу нахь. Хьамлыухэр иныхэуи цӀыкӀухэуи мэхъух. Хьамлыушхо гъуанэм къипхыгъ. О ущтагъэти, блэ пшӀошӀыгъ. Хьамлыухэр чэтмэ адыры, ацапэ дэлъэу зэрахьэ. О ащ зеогъэгъащтэ. Къызхэпхыгъэр сшӀэрэп нахь ащ фэдизэу ущтапхэп, ощ нахь лӀыбланэ чылэм дэмысэу аӀо.

– Адэ сылӀыблан! – Щорэ ынэхэр къыригъэкӀзэ, къэтэджынэу фежьагъ.– Хэта сэ сызыщыщынэу мы чылэм дэсыр?

– Ар сэшӀэшъ арба хьамлыум узэригъэщтагъэр зыкӀэзгъэшӀагъорэр,– НэтӀае щхыпэ къемыкӀоу кӀалэм риӀожьыгъ.– Джы пшӀошъ хъугъэба блэ къызэрэмыубытыгъэр? Сэри зы чэщ чылэм сыкъыхэкӀыжьзэ, пхъэнэфыр тыгъужъэу къысшӀошӀыгъ.

– Ара? Ащыгъум сэри хьамлыушхор псыблэ сшӀошӀыгъ.

– Джы унапӀэхэр зэтелъхьи, гупсэфэу чъыежь, сэ сыкъыопщэщт, гумэкӀ къыпфэмыкӀожьынэу сыпфэплъэщт,– НэтӀае ыӀупшӀэхэр ыгъэхъублаблэмэ Щорэ тепщэзэ, тӀэкӀурэ кӀэрысыгъэу, къызэриӀокӀыгъ: – Тхьэм Ӏомэ, хэчъыягъ, тян. Чэщ рэхьат къышъокӀу. Ащ нахьыбэрэ къыкӀэмыщтэжьынкӀэ усэгъэгугъэ.

– Тхьэмэ уинасып агъэбагъу, НэтӀай, тхьамыкӀэр ащ щэрэгупсэфыжьи, псэпишъэ къыпӀукӀэн,– бзылъфыгъэм шӀоу щыӀэр НэтӀай къыфиӀозэ, къыгъэкӀотэжьыгъ..

Мэфэ зытӀущ зытешӀэм, Щорэ ичэщ къыкӀащтэ НэтӀае зэрэхыригъэнэгъэ къэбарышӀур чылэм хэхьагъ. ЛӀым инафи, ишъэфи къыдэзышӀэрэ Дэхапсэ зызэхехым, ыгукӀэ щхыгъэ: «КӀэлэ тхьамыкӀэм ихъужьыгъо тефи, щытхъу нэпцӀ къызфихьыжьыгъ, НэтӀае зыгорэ ыгъэхъужьына,– ежьырми тезгъэгушӀухьагъэр, къыхихыгъ.– Сэ уц ӀэзэгъухэмкӀэ цӀыфмэ сишӀуагъэ якӀы, мыдырэм гущыӀэ тепчъэтепщэкӀэ сыд ишӀуагъэ къэкӀон. КъызычӀагъэщыкӀэ, хьэӀус чылэм дашӀыхьан».

– Зыбгъэбыслъымэнзэ, сыд Ӏэзэна узхэхьагъэр, НэтӀай? – мафэ горэм Дэхапсэ лӀым еупчӀыгъ.– Щорэ къыкӀэмыщтэжь пшӀыгъэ аӀошъ, чылэр рэгущыӀэ.

– Згъэхъужьыгъэ адэ,– НэтӀае зышӀомыдэеу къыӀуагъ.– ПшӀошъ мыхъурэмэ, кӀалэм янэ еупчӀ.

– ЗымышӀэхэрэр бгъэделэщтхэми, сэ ар къысэмыӀу,– Дэхапсэ лакъырд ӀупэщхырНэтӀае пигъохыгъ.– УкъызашӀэкӀэ, сэри сиуц Ӏэзэгъухэр пхъэтэпэмыхь ашӀыщтых.

– Сэщ пае умыщт, Щорэ згъэхъужьыгъэ.

– Сыдэущтэу? УӀупчъапчъэ фэдэ зыпшӀи, уепщэжьыгъ ара?

– Ари цӀыфмэ ябгъэлъэгъун фай, Дэхапс. ГущыӀэри зэрэӀэзэгъур зыщымыгъэгъупш. Щорэ сыд, делэ тхьамыкӀ, сыкӀэрытӀысхьи, псы нэпкъ гъуанэм къырихыгъэр мыблэу, хьамлыоу ышӀошъ згъэхъугъэ. Зышъхьэ имыкъурэм ар

гурыгъэӀогъуаеп, иакъыл зэтетыгъэмэ, сэри ащ фэдэ Ӏоф спшъэ ислъхьащтыгъэп.

– Джы къызгурыӀуагъ,– Дэхапсэ къеуцолӀагъ.– Сыдэу хъугъэми, щытхъу къызфэпхьыжьыгъ, цӀэ зыфэпшӀыгъ. ГуӀатыжь непэ тӀогъогогъо къыплъыкӀуагъ.

– Сыд илъэгъун?

– Бэржъые ыпшъэ-блыпкъ зэрэӀыгъыр ыубытыгъэу, чэщ-мэфищ хъугъэу щылъ.

– ГуӀатыжь ащ сыд иӀоф хэлъ? ЛӀэнкӀи сыкӀонэп. Къодан лӀы хыем ащ къинэу ригъэлъэгъугъэр...

– А НэтӀай, ахэр умыӀо,– мэкъэ псыгъо шъабэкӀэ шъузыр къеушъыигъ.– ГуӀатыжьрэ Бэржъыерэ зэгъунэгъух, Зирар ишъэогъугъ. О пӀогъэ дэдэр ащи къыӀуагъ: сшынахьыкӀи иныбджэгъуи хъучӀанэ ыуасэхэп, ау щытми, цыфыба, ыгу егъугъ. О уӀазэ пшӀоигъомэ, мысэ-хые умышӀы.

Зигугъу ашӀырэр пчъэшъхьаӀутес зэраӀоу, ардэдэм ГуӀатыжь унэм къипкӀагъ.

– КъэпӀощтыр сэшӀэ, зэкӀэ Дэхапсэ къысиӀогъах,– укӀытэ Ӏупэщхыр къыпэзгъохыгъэ ГуӀатыжь фэчэфэу НэтӀае пэгъокӀыгъ.– НекӀо, сишӀуагъэ екӀыщтмэ, сэщ пае къэнэнэп.

ТхьамыкӀашъо зытеорэ кӀэлэ од псыгъор пӀэм хэушхогъагъ.

– Сыд къыохъулӀагъ, Бэржъый, зыгорэм укъефэхыгъа? – Бэржъые ипӀэлъапэкӀэ НэтӀае тӀыси, ынэгу кӀаплъэзэ, еупчӀыгъ.

– Сыкъызэрэхъури сымышӀэу, щагум сыкъыщызэхэфагъ,– ыӀупшӀэ укъэпыгъэхэр Бэржъые бзэгупэкӀэ ыгъэушынагъ, ымакъэ къэкӀэзэзыгъ.

– УлӀыба, сэӀо, угу умыгъэкӀоды, сэ узгъэхъужьыщт,– кӀалэр дэпкъымкӀэ ыгъэкӀуати, НэтӀае джы нахь благъэу шъхьарытӀысхьагъ.– УнэхэмкӀэ сэлъэгъу, цӀыф бзаджэ къыоутэкӀыгъ, ау зэрэхъугъэ шъыпкъэр къысфэӀуат.

– Бэржъые мэукӀытэ, сэ хъугъэр къыосӀощт, НэтӀай,– ГуӀатыжь къэщхи, исэмэркъэуи, ишъыпкъи зэхэлъэу къыригъэжьагъ: – Мыр щагу чэум кӀэрытэу атэкъитӀур зэрэзэзаорэм лъыплъэзэ, ошӀэ-дэмышӀэу гъунэгъулӀыр къеджагъ: «Хьайт, Бэржъый, Къоданэ дзэпащэр шыоу къыпфэкӀо!» Зэплъэм, шыу горэ къакӀоу ылъэгъугъ. УнэмкӀэ ежьэжьыгъэу лъэгуцым нэмысыжьзэ, къызэхэфагъ.



– Адэ, джары, Бэржъый, уапэкӀэ бдзырэ мыжъом уелъэпэожь зэпытыщт,– гые фэдэу НэтӀае зыригъэшӀыгъ.– УимыӀоф ухахьи, гущтэ хэпхыгъ. Пшъхьэ ремыгъэзэкӀэу, занкӀэу сынэгу къыкӀаплъ, тинэплъэгъухэр зэӀугъаф. О къыпфырикъугъэр сэ зэхэсцӀыцӀэщт, къэбгъэшӀэщтым къыомыобгъунджэожьынэу пфэсшӀыщт. Зэ пӀэхъуамбэхэр къэгъэхъублабли. Ыхьы, щынагъо щыӀэп,– Ӏэ сэмэгумкӀэ шъхьэбгъур ыубыти, Ӏэ джабгъумкӀэ пшъэ лъынтфэ къудыигъэм теӀэбагъ, ешъэбэкӀзэ заулэрэ ыӀотыгъ, ыблэбгъуи ар ришӀагъ.– Джы къэсӀощт гущыӀэхэр саужь уитэу къыкӀэӀотыкӀыжьых: «Цӏыфхэм я Тхьэ дэжь шъхьэегъэзыпӀэ сыщылъэхъу, ӀэпыӀэгъу сэшӀы. Цӏыфхэр зыӀэ илъым, цӏыфхэм я Тхьэ гупшысэ дэйхэр шъэфкӀэ къезыхьыжьэрэ шэйтаным, джынэмэ ащыщми, цӀыфмэ ащыщми, цӀыфмэ агу гупшысэ дэйхэр къизылъхьэрэмэ сащиухъумэнэу!»

НэтӀае гущыӀэ заулэ къыӀо къэс зэпыупӀэ фишӀымэ Бэржъые къыкӀыригъэӀотыкӀыжьызэ, къыӀощтыр къызеухым, ынапэ тепщагъ, етӀанэ теубытагъэ хэлъэу риӀуагъ:

– Узэрэхъужьыщтыр пшӀошъ гъэхъу. Нычэпэ нахь псынкӀэ къыпфэхъущт, ор-орэу зэхапшӀэзэ, неущи, неущмыкӀи нахьышӀу ухъузэ, узыр пхэкӀыжьыщт, кӀуачӀи бгъотыжьыщт. Алахьталэм игущыӀэ лъапӀэхэр зытет мы етӀэ гъэжъэгъэ дыуахьыр уипӀэшъхьагъ чӀалъхь, узыхъужьыкӀэ, къысэптыжьын. Шэйтаныр боу бзаджэ, Бэржъый. Орэп ар къызэбэнрэр, зыуукъэбзыжьын фай.

– Сыхъужьмэ, лэджэнышхом ситӀысхьанышъ, къэбзэ-лъабзэу зызгъэпскӀын,– НэтӀае риӀокӀыгъэр кӀалэм гурыӀуагъэп.

– Арэп сэ къызгъэкӀыгъэр, зэкӀэми тхьамафэ къэс загъэпскӀыба,– тхьагъэпцӀышъо нэгукӀэ НэтӀае ӀущхыпцӀыкӀыгъ.– МызэфагъэкӀэ къыпӀэкӀэхьагъэ щыӀэмэ, зыӀэкӀэгъэкӀ. Армырмэ, джы узгъэхъужьыгъэми, шэйтаныр уауж икӀыщтэп.

Бэржъые къызэкӀэщтагъ, ынэхэр къикӀотыгъэх, ыӀупшӀэ укъэпыгъэхэр къэхъублэблагъ, ау зи къыӀуагъэп.

НэтӀае тӀэкӀурэ зыщэсым, Бэржъые ыгу къызэрихьажьрэр, ынэгушъхьэ хэпшӀыкӀ къодыеу къызэрэушэплъырэр ылъэгъугъ, узыр зыхэлъым нахьи ежь нахь лъэшэу ащ ыгъэгушӀуагъ, рихьыжьэгъэ Ӏофыр къызэрэдэхъурэм ыгъэгушхуагъ.

Бэржъые ылъэ НэтIае къызэрэтыригъэуцожьыгъэр джыри гъогум къытехьагъ, унагъомэ арыхьагъ, Рэдэд пщышхоми лъыIэсыгъ, ау хэгъэгум къышъхьэрыхьэрэ щынагъом зэлъиIыгъэу ионэтемых мафэмэ ахэтыгъэти, Iофы зыригъэшIын фифэщтыгъэп.

Щорэ янэ пчэдыжь къафихьыгъэ чэт укIыгъитIумэ яз Дэхапсэ зэIихызэ, шъхьаныгъупчъэм зеплъым, къэкIорэ лIыр ышIэжь-ымышIэжьэу тхьауягъэ. «НэтIаеба сэIо, хьауми сыхэукъуа? Ары фэд, ау икIуакIэ фэшъхьаф. Ары Iай, лъэпэрыкIо елъэкIоныр хэлъыжьэп, шъабэу чIым теуцо, ыпкъ занкIэу ыIыгъ, зыщилъэнкIэ зытеукIытыхьэщтыгъэ пэIо лъагэри шъхьарыс. Е-е, ситхьамыкIэжъ, зыгорэ дэдэ къыбдэхъугъэу узщэхъужьы. Имылъэу мэлъатэ язгъэIуагъэр ощ фэдэ гор, си НэтIай...» — унэм къихьажьыгъэ лIым кIэнакIэ шIоигъоу щхыпэ нэгукIэ Iуплъагъ, ау бащэрэ ыгу зэрэхэуIорэр зыдишIэжьи, риIуагъ:

— Пчэдыжь, удэкIыгъэ къодыеу, Щорэ янэ чэт укIыгъитIу къыпфихьыгъ, ащ ыуж Бэржъыий къыIухьэгъагъ.

— Ащ сыкъигъотыгъ.

— Сыд зыфэягъэр? Бгъэхъужьыгъэмэ, орэгушIо.

— КъурIаныбзэ хьарыфхэр зыхэгъэтхъыгъэ дыуахьыри къысфихьыжьыгъ.— Зирар къыритыгъэгъэ дышъэр Бэржъые иджыбэ къызэрэрилъхьагъэр шъузым римыгъэшIэнэу НэтIае игухэлъыгъ шъхьакIэ, фэлъэкIыгъэп.— Дышъэ тIэкIуи къыситыгъ.

— Ара? Мэу зэ сегъэплъ! — зыкъыIуишIыхьэзэ, Дэхапсэ ыIэгушъо къыщэигъ.

— Осэтыпэ,— НэтIае пагэу дышъэ такъырыр шъузым ыIэгу рилъхьагъ.— Мыр ошIа Бэржъые къызэрэкIэкIэсхыгъэр? Зирарырэ арырэ Къоданэ ипхъэшъхьакIэ дышъэ зычIалъхьэм, ежьхэм тIэкIу-тIэкIу къызфагъэнэгъэным сегуцафи, згъэмэхъэшагъэ, шэйтаныр уауж икIыщтэп сIуи, щынэ ыгу къизгъэхьагъ.

— КIалэм епшIагъэр о уизэхэфыжьын. ДышъэкIэ ебгъэжьагъэмэ, насыпым къытфыдигъэзэнэу титхьэмэ сялъэIу,— Дэхапсэ дышъэр зэпиплъыхьи, гушIозэ, ыIэмычIэ чIикъузагъ.— Непэ щегъэжьагъэу сянэ ыIощтыгъэр згъэцэкIэщт.

— Сыд ыIощтыгъэр?



— Унэм икIрэм зыдакIорэмкIэ уемыупчI, къызигъэзэжьыкIэ, къыхьыгъэр зэгъашIэ. УздэкIон зыфапIорэмкIэ,— Дэхапсэ лIым енэшIэ-IушIагъ,— Iэпэо-лъэпао сыкъыпфэхъущтэп, ау укъихьажь къэс къэпхьыгъэмкIэ сыкъыоупчIыщт.

— Зи къэсымыхьымэ?

— Къэпхьыщт, НэтIай, къэпхь зэпытыщт! Апэрэ унагъо тыхъугъэуи къэслъэгъужьын. О егугъу, Тхьэм урилIыкIоу цIыфмэ агурыгъаIу, пфэмылъэкIыщтыр къаигъэ умышIы, зыкъямыгъашI, захэмыIэтыкI. УкъэкIожь зэхъум сыкъыпкIырыплъыгъэшъ, нэмыкI кIуакIэ къэпштагъ.

— Быслъымэн пащэ сыхъущтмэ, лъэпэрычъэкIэ сахэтына, Дэхапс.

— Ащи шъыпкъэ хэлъ,— къеуцолIагъ Дэхапсэ.

Щыбжьыйдагъэр зытекIэгъэ чэтщыпсыр НэтIае ригъэшхи, унэм зыритIупщыгъэм ыуж бэ темышIэу Дэхапсэ чэум зышъхьапырэплъым, НэтIае Iэо-лъаоу, лъэпэрыкIо елъэкIонэу къызэрэкIожьрэр ылъэгъугъ, къэсыжьыфэ емыжэу, унэм ихьажьыгъ.

НэтIае пчъэм къызэрэдэкIэу шъузым фычIэплъи, ынэгушъхьэ шъабэхэм къахихэу пхъэнтIэкIум тетIысхьагъ, ыIэнтэгъухэр ыкуашъомэ атыригъакIи, ышъхьэ риуфэхыгъ.

— Угу къичэфыкIэу удэкIыгъагъ, сыда джы къэхъугъэр? — Дэхапсэ ышъхьэ ыукъонщызэ, лIым Iуплъагъ.— Зыгорэм угу хигъэкIыгъа?

— Зым угу хигъэхъощт, адрэм хигъэкIыщт, Дэхапс, къысаIуагъэр ащ фэдизэу къисыдзагъэп, ау пIощтыри зэпIощтыри пшIэн фае.

— Хэта сэIо угу къыхэуIуагъэр, цIэ иIэба?

— Ашъыу, Шыупащэ ишъэогъу Адышэс бгъэкъэ цIыкIур ары.

Дэхапсэ ышъхьэ лъыр къеуагъ, Шыупащэ ыдэжь къызэрэкIорэр ишъэогъу риIуагъэу, адрэм НэтIае къырихъоныгъэу къышIошIи, къызэкIэщтагъ, етIанэ зызIэкIиубытэжьи, къэупчIагъ:

— О апэ ыгу хэбгъэкIыгъэмэ шIэ?

— Ислъам динымкIэ сыдэгущыIэнэу езгъэжьагъэу, Турабэ тызхигъэдаIощтыгъэр шъыпкъэп, зы Тхьэ щыIэр, Алахьталэр ары зесэIом, къызбгырыугъ.

— А делэ тхьамыкI, къыосIуагъэба хъулъфыгъэмэ зямыусэинэу! Сыд угу къызэрэхигъэкIыгъэр?

– «Уишъуз зэрэптырихыгъагъэр угу къырефы. Къыптемыфэрэмэ уатемыгущыI, уиунэ исым иджэнакIэ пытаIоу убыти, нахьышIу»,– къысиIуагъ.

– О сыд епIожьыгъ адэ? – Дэхапсэ ышъо къэчъэкIызэ, ымакъэ къыIэтыгъ.– Ужэхэон фэягъ. Мощ нахь мыхъурэм сыда иIофэу къысхэлъыр!

– Сэ сызпыхьэгъэ Iофым, Дэхапс, Iэбжым ищыкIагъэп,– НэтIае гулъытэнчъэу шъузым Iуплъагъ.– Зыпари сщымыхъу фэдэу сеупчIыгъ: «ЛIы пчъагъэ зытесыгъэ шыушырэ зы лIы нахь зытемытIысхьагъэрэ уяшэсыным сыда язэрэгъэхьырэр?» «Зи язэрэгъахьырэп, шым идэгъугъ зэкIэ зэлъытыгъэр»,– къысиIожьыгъ. «Ащыгъум сишъузкIэ сымыгъэмыс» сIуи, сыкъыIукIыжьыгъ.

– Мафэ къэс нахь Iуш охъу, НэтIай, дэгъоу епIуагъ,– шъхьакIо ышIэу нэмыкI гущыIэ Iаехэр Адышэс ыжэ илI къызэрэдимыщыгъэр Дэхапсэ гуапэ щыхъугъ.

Мафэ горэм НэтIае мэзым пхъэшI щыIагъэу псы нэпкъым къызыдэкIыжьым, Къоданэ шыу куп игъусэу Шышъхьарыс къикIыжьызэ, чыжьэкIэ ылъэгъугъ. Ардэдэм икъэптан ыубгъуи, ыгупэ шыумэ афэгъэзагъэу уцугъэ, къызэралъэгъугъэр згъэунэфым, нэмаз ышIэу ригъэжьагъ. ЫIэхэр зэкIилъхьи, ыIэгушъохэр уашъомкIэ гъэзагъэу тIэкIурэ щытыгъ, ыкуашъомэ атеIаби, зиуфагъ, лъэгонджэмышъхьэкIэ етIысэхи, ынатIэ чIыгум нигъэсыгъ, къызэшIотIысхьажьи, ышъхьэ сэмэгумкIэ ыгъэзагъ, джабгъумкIэ ригъэзэкIыгъ.

Шыухэр къэсыхи, къэуцугъэх.

– Сыд сэIо НэтIае ышIэрэр, джынэмэ адэджэгуа? – шыу горэ къэупчIи, игъусэхэр ыгъэщхыгъэх.

– Мыскъарэ шъумышIы, НэтIае нэмаз ешIы,– Мэщыкъо зигъусэмэ афэгубжыгъ.

– Ар сыд лIэужыгъу? – джыри лIы горэ къэупчIагъ.

– Нэмаз пшIыныр ислъам диным ипкъэумэ ащыщ,– Мэщыкъо агуригъэIуагъ.– Мары джыри джа зызэришIыгъэ дэдэхэр кIешIыкIыжьых. Щэгъогогъу зыхъукIэ, нэмазыр ыухыщт. Тхьэм елъэIу. Шъуиягъэ ешъумыгъэкI.

Нэмазыр НэтIае ыухи, икъэптан къызештэжьым, шыухэр фыдэхыгъэх, Къодани еупчIыгъ:

– Мы пшIэщтыгъэм сыд къибгъэкIрэ, НэтIай?



– Бысльымэн сыхъугъэшъ, щэджэгъо нэмаз сшIыгъэ,– емышIэ-шIумышIэ зыригъэшIэу НэтIае къыIуплъагъ, етIанэ зыфаер пигъэхъожьыгъ: – Шъори шъукъызгоуцомэ, Алахьталэр разэ къышъуфэхъущт. Зы Тхьэ щыIэр. Ары дунаир зезгъакIорэр, къэхъущти, къэшIэщти Ащ фэшъхьаф ышIэу зыпари дунаим тетэп.

– Зыпари къызгурыIорэп! – Къоданэ кIэкуукIыгъ.– Титхьэхэр шъужэ дэмыкIэу Турабрэ орырэ илъэс пчъагъэм шъукъытхэтыгъ. Джы сыд хъугъэр? ТыжъугъапцIэщтыгъэкIэ енэгуягъо.

– СагъэпцIагъэти, шъузгъэпцIэжьыгъ,– хэлъ щымыIэу НэтIае джэуап къытыжьыгъ.– Джы зы Тхьэ нахь, Алахьталэм нэмыкI зэрэщымыIэр сшIошъ хъугъэ, Ащ сыфэшъыпкъ.

– Сыд епIуагъ адэ уи Тхьэ закъо?

– Нэмаз сшIы къэс селъэIу хэгъэгум мамыр ригъэлъынэу, тицIыфхэр узи, бзаджи ащиухъумэнэу, гъомыли, щыгъыни ащимыгъэкIэнхэу, кIэкIэу къэпIон хъумэ, шIу щэхъукIэ зыфэзгъазэрэп.

– Зэрэхъурэмкiэ, Ислъам-Хьаджэм о зыр ары ыгъэдэIуагъэр,– Къоданэ ыIупшIэмэ щхыпэ макIэр арычъагъ.– Мэзыбэхэр уидин къихьаных оIуа?

– Пегъэмбар Мыхьамэти изакъоу ислъам диныр къырихьыжьэгъагъ, Къодан,– шIошъхъуныгъэшхо ыгу илъ фэдэу НэтIае къыIуагъ.– ТIэкIу-тIэкIузэ араб лъэпкъым инахьыбэр гоуцуагъ. Мэзыбэмэ язакъоп, мамырэу тыпсэумэ, адыгэхэр зэкIэ бысльымэн хъугъэхэу къэтлъэгъужьын.

– Темрыкъуи о къэпIогъэ дэдэр ижэдэкI, ащи чыристан тыхъунэу къырегъэкIы.

– Чыристаным нахьи ислъамыр тэ нахь къытпэблагъ...

– КIо, хъугъэ, шъо слъэгъурэмэ тымышIахэзэ, титхьэхэр къытфэжъугъэгубжыщтых,– Къоданэ ыгу римыхьрэм сэмэркъэукIэ текIыгъ: – Модэ, некIожь, шыумэ ащыщ горэм къекIэси, уздэтхьыжьын.

– Хьау, сэ, модэ, тиунэ исым сежэ.

Дэхапсэ псым хэхьагъэмэ Къоданэ ыIуи, шыухэр чылэ гъогум тырищэжьыгъэх.

НэтIае ахэмэ акIэлъыплъи, зыфэрэзэжьэу зэриIожьыгъ: «Шъозгъэлъэгъугъэм, шъосIуагъэм шъуегупшыс,

зэжъугъафэ, шъушъхьэ зыгорэ къырагъэхьанкӀи хъун. Мэщыкъуи ислъамым шӀошъхъуныгъэ фешӀы фэдэу къысшӀошӀыгъ, джэуап шъуфэхъун».

Шышъхьарыс шыудзэм изытет Рэдэд пщышхом фиӀуати, Къоданэ къежьэжьыгъэу зэуцокӀыжьыгъ, НэтӀае дилъэгъугъэр, къыриӀуагъэр, риӀожьыгъэр фиӀотагъ.

– Ислъам диным а лӀыр ишъыпкъэу ыуж зэрихьагъэр апэрэп зэрэззэхэсхырэр, Къодан,– пщышхом гумэкӀ тӀэкӀу ынэгу къыкӀэхьагъ,– сыдэгущыӀэн сэӀошъ, уахътэ къысфыхэгъэкӀырэп,– Къоданэ зегъэкӀотэжьым, Рэдэд пщышхор Агъбанэ еджагъ: – Моу НэтӀае къысфягъащ.

– Джыдэд,– щагудэтмэ ащыщ горэ Агъбанэ ыӀофыти, пщышхом къыкӀэрыхьажьыгъ.– Шъыпкъа, зиусхьан, НэтӀае симаджэхэр зэригъэхъужьрэр? Диным изакъоп ар зыпылъыр.

– Шъыпкъэми, мышъыпкъэми егупшыс, Агъбан. Зышъхьэ имыкъурэ кӀалэр къыкӀэмыщтэжь ышӀыгъ, Къоданэ къешхъошӀэгъэгъэ кӀэлэжъым ыкӀэлъэныкъо зеубытым, къыригъэтӀупщыжьыгъ.

– Ахэр шӀагъом блэкӀых, зиусхьан. Тхьэ Ӏоф хэлъыкӀэ сенэгуе.

– ПшӀэхэнэп,– дыригъэштагъ Рэдэд пщышхом,– цӀыфмэ ахэмылъ шӀэныгъэ горэхэр нэбгырэ зырызмэ тхьэхэм къахалъхьэу къычӀэкӀын.

– Ары шъхьакӀэ, НэтӀае зы Тхьэ щыӀэр, ащ ыцӀэр Алахь еӀо.

– Ислъам-Хьаджэм къыригъэшӀагъэхэр ары НэтӀае къыкӀиӀотыкӀыжьхэрэр, бгъэшӀэгъон хэлъэп. Сэри а лӀым бэрэ гущыӀэгъу сыфэхъугъ. ЗэрэхъурэмкӀэ, зыцӀэ къыриӀорэ Тхьэм кӀочӀэ шъэф горэ НэтӀае къыхилъхьагъ,– Рэдэд пщышхор къэщхи, Агъбан къыриӀуагъэр шъыпкъэми, сэмэркъэуми зэхифын ымылъэкӀызэ, хьакӀэщым ихьажьыгъ.

Къыфащэщт НэтӀае риӀощтым нахьи, русич лъэныкъом къыфырахырэ къэбар гумэкӀхэм нахь зэрадзэу Рэдэд щысызэ, лъэмакъэхэр къэӀугъэх: зэрэщтэуӀугъэр мыгъуащэу НэтӀае ыпашъхьэ къиуцуагъ.

– КъэтӀыс, НэтӀай,– Рэдэд пщышхом кӀыхьэ зырымыгъэшӀэу зыфаер къыригъэжьагъ.– Къепхыыжьэгъэ ислъам динымкӀэ акъылэгъу тызэфэхъу сшӀоигъу. ЦӀыфмэ япӀорэр,



апэбгъэохырэ гупшысэхэр, зэрэбгъэдаӀохэрэр къысфэӀуат. Сымаджэхэми джэуап узэрафэхъури сшӀэ сшӀоигъу.

– Тхьэм, Алахьталым къыригъэхыгъэ гущыӀэхэм афэшъхьаф сшъхьэ къисхэу зыпари ясӀорэп, зиусхьан,– кӀэзэз макӀэр ыӀупшӀакӀэми, ыӀэхэми къахэщэу НэтӀае мэкъэ псыгъо ефэхыгъэкӀэ къыупсэлъыгъ.

– А зыфэпӀорэ гущыӀэхэр Тхьэм къыригъэхыгъэхэмэ сыдым фапшӀэра?

– Ислъам-Хьаджэм къысиӀуагъ, ащ сигъэшӀагъэр ары сыбзэгу телъыр.

– Турабэ ычӀыпӀэ уихьан фэдэу пӀогъагъэба?

– Ары шъхьакӀэ, Темрыкъо узылъэӀабэм, а ӀэнатӀэр къызэрэсфэмыгъэшъошэщтыр къызгурыӀуагъ.

– ТхъагъокӀэ Темрыкъо зыфэзгъэзагъэп. Ащи чыристан диныр къырихьыжьагъэти, зэо-банэ хэмылъэу ӀэкӀэсхы сшӀоигъуагъ. Ори ащ джы нэмыкӀ динкӀэ укъыхэхьагъ.

– Ислъам-Хьаджэр къысэушъыипэ зэхъум...

– Зэгу, НэтӀай, къезгъэжьагъэр къэсэгъэух,– зэрытыпкъым имыкӀэу Рэдэд пщышхом НэтӀае къыригъэжьагъэр ӀэкӀихыгъ.– Быслъымэн узэрэхъугъэр сэ емыкӀу къыпфэслъэгъурэп. ЦӀыфхэр бгъэдаӀохэу шӀошъхъуныгъэ агу иплъхьэу, зэкъобгъэуцохэмэ, сигопэщт нахь, сигоощтэп. Непэ тызэрыт чӀыпӀэ щынагъор къыдэтлъытэн фай. Непа, неуща русичхэр къызыттеощтхэр. Дин зэфэшъхьафхэмкӀэ адыгэхэр зэбгырытщыхэмэ, зэмышӀу-зэгурымыӀо тазыфагу къитэджэным сытещтыхьэ. Ори ошӀэ, русичхэр къызфытэдаохэрэр пкъыгъуитӀу – тын афэтшӀынымрэ чыристан диным тихьанымрэ. А диныр адыгэмэ язгъаштэмэ, русичхэм агу къызэрэтфэушъэбыщтыр сэшӀэ. Нэужым тын ятымытыжьэу жэ къафэдгъотыжьынкӀи мэхъу. Ау зэрэщытзи, силъэпкъ къыгъэшӀагъэм ыӀыгъ диныр щагъэзыенышъ, чыристан хъунхэр сфяӀощтэп, сфегъэзыщтхэп. Ори къепхыыжьэгъэ ислъам динымкӀэ джащ удегупшысэнэу сыфай.

– Имыгъоу олъытэмэ, зиусхьан,– НэтӀае ижь макӀэ къэхъугъ, гугъэшхоу иӀагъэр зэрэӀэкӀэкӀырэм къыгъэнэшхъэигъ,– сэ ори, хэгъэгуми, тицӀыфхэми сиягъэ шъозгъэкӀынэу пкӀыхьапӀэкӀи сыгу къэкӀыгъэп. Тхьэм зыфэзгъазэмэ, апэрэу сызфелъэӀурэр мамыр, тихэгъэгу, тицӀыфхэр къыухъумэнхэр ары.

– СэшӀэ, НэтӀай. Шу щэхъу угу зэримылъым сыщыгъуаз. Джы зытет шъыпкъэр къысаӀу, сымаджэхэр сыдэущтэу бгъэхъужьхэра?

– Хэт згъэпцӀэнкӀи, о мышъыпкъэ гущыӀэ къыосӀон слъэкӀыщтэп, зиусхьан,– НэтӀае укӀытэжьыгъэу Ӏущхыпцыкӏыгъ.– ГущыӀэкӀэ сяӀазэ, хъужьыщтхэу ашӀошъ сэгъэхъу нахь, нэмыкӀэу ясхьылӀэн сиӀэп.

– Зытетыр къызэрэсэпӀуагъэмкӀэ сыпфэраз, сэ ар зыми есӀощтэп, унапи къисхъощтэп, ори ислъам динымкӀэ, тиӀоф бырсырхэр зэтеуцожьыфэхэкӀэ, зыпӀэжэнэу сыолъэӀу.

– Уицыхьэ къыстегъэлъ, зиусхьан. Ощ нахь сышӀолӀыкӀэу, лъытэныгъи, шъхьэкӀафи фэсшӀэу цӀыф щыӀэп. КъысэпӀуагъэр къыспкъырыхьагъ.

– ТызэрэзэгурыӀуагъэр лъэшэу сигуапэ,– Рэдэд пщышхор къэтэджыгъэти, НэтӀаий къызщылъэтыжьыгъ.

## IX

Зыр мылӀэу адрэр тхъэрэп. А гупшысэр НэтӀае ынэгу кӀэтхагъ.

Бжыхьэ тыгъэ нэгъыфыр ошъочапэм репшэкӀы, хыкӀыбым щекӀошъэхыжьынкӀэ бэп къыфэнэжьыгъэр. Дэхапсэ игъунэгъумэ адэжь щхыухэдзахьэ кӀуагъэ. НэтӀае пхъэ пӀэкӀорым тедзэгъэ пӀоблэ джашъом ушхугъэу телъ, ыӀэгушъуитӀу ышъхьапхэтыку чӀэлъэу ынэхэр бгыкъум етыгъэх. Зыхы заом Турабэ зэрэхэкӀодагъэм ыгу къырегъэгушӀукӀы. ЫчӀыпӀэ ихьанкӀэ арэп. А гухэлъыр зыдиӀыгъэу Рэдэд пщышхом зыфакӀом, Турабэ джыри псаугъэ, ышъхьэ зэрихьылӀэжьыгъэгъэ зыхыхэр зэӀишӀэжьыщтыгъэх. Дин пэщэ чӀыпӀэр нэкӀыгъэ, Турабэ тхьэхэр къыдэгущыӀэхэу ыӀозэ, къосэгъухэр зэригъэдаӀощтыгъэм фэдэу, джы тхьэмэ ежь зыкъыфагъэзагъэу пщышхор зыхигъэдэӀуагъэр ышъхьэ фигъэхьагъэп, ыгу ригъэплъагъэп. НэтӀаий делэп, занкӀэу къыримыӀуагъэми, дин пэщэ ӀэнатӀэр къызэрэримыпэсыщтыр къыгурыӀуагъ. Рампэс гощэшхом ихьэдагъи чыристан хъугъэ Темрыкъо зэрихьагъ нахь, НэтӀае къынагъэсыгъэп. Турабэ щыӀэкӀи, щымыӀэжькӀи зыкӀэнэцӀырэ ӀэнатӀэмкӀэ мэхьанэ иӀагъэп.

«Фэмыехэмэ, къэзгъэшӀэщтым дин пащэ сарэмышӀ, ау хэтми Турабэ зыукӀыгъэр лӀы шъыпкъэу къычӀэкӀыгъ, сыгу тыригъэпщэхагъ,– НэтӀае ыӀэбжым пытэу зэкӀикъузи, ыгъэсысыгъ, чэтэогъур ежьырым фэдэу езыхыгъэр, пӀуаблэм кӀэкӀэу еуи, хэкуукӀыгъ: – ШъхьитӀу шӀот пӀонэу тхы быт къытепшыр зэрэтырагъэлъэтыгъэм сигъэтхъагъ. ШӀоижъым сэ сишъуз фэшъхьаф ыщэн Мэзыбэ чылэшхом дигъотэгъагъэп. Зэрэ Къосэгъуи къыригъэкӀыгъагъэп. Илъэс пчъагъэм сыфэшъыпкъэу сызэригъусагъэми еплъыгъэп. Ар сэӀо шъхьакӀэ, хэт мо Ӏаем, чӀыунэм къычӀэплъы пӀонэу, къыдэкӀощтыгъэр? Сэ сызэрэмыхъурэр ары Дэхапси зыкӀыдэкӀожьыгъагъэр нахь, хъулъфыгъэ лъэкӀ схэлъыгъэмэ е Дэхапсэ пшъашъэу щысыгъэмэ, ихьэнэ-гъунэ къыригъэхьаныеп...»

Зыгорэ ыгу къэкӀыжьыгъэу, НэтӀае къызщылъэтыгъ, унэ плӀанчӀэм къот пхъуантэм ычӀэ шъыпкъэ чӀигъэбылъхьэгъэ етӀэ пӀокӀэ гъэжъагъэр къычӀихыжьыгъ, хъэдэн фыжьыр тырихи, хьарыф щыхьагъэхэу хэгъэжьыгъэхэм ыӀапэ аригъэчъагъ. Зымафэ тхьаусхакӀо Шышъхьарыс щыӀэу Ислъам-Хьаджэм ыгъэбылъзэ къыритыгъагъ: «Мыщ Алахьталэм игущыӀэ лъапӀэхэр тетхагъ. Уиунэ игъэлъ е къыздехьакӀ. ЦӀыф бзаджэхэм уащиухъумэщт, джыни, шэйтани къыокӀолӀэщтэп. Цӏыфхэм уаӀокӀа, ислъамым ишӀуагъэ афэоӀуата?» «НэбгырэзытӀу гущыӀэгъу сшыгъэ шъхьакӀэ, зыр къыздэхьащхыгъ, адрэм сыжэ гущыӀэ къыдигъэкӀыгъэп» – НэтӀаий зытетыр риӀожьыгъагъ.

Макъэ горэ щагум къыщыӀугъ, Дэхапсэ къэкӀожьы шӀошӀи, НэтӀае гузэжъуапӀэ ифагъ: дыухьэр пхъонтачӀэм ригъэкӀужьмэ, шъузым ышъхьэ ащ дэлъ зэпыт, ӀэкӀафэмэ, е ридзыщт, е бырсыр къыригъэкӀыщт. ГъэбылъыпӀэ фишыщтыр ымышӀэу, нэплъэгъу гуӀэкӀэ унэр къыричъыхьакӀыгъ, Ислъам-Хьаджэм къыриӀогъагъэр ыгу къыпылъэджьи, ыгужъуакӀэ дилъхьагъ. Шъхьаныгъупчъэм иплъыгъ – зи щыӀэп. Ыгу Ӏэсэжьыгъэу пӀэкӀорым тетӀысхьажьыгъ. Ислъам-Хьаджэм игущыӀэхэр ытхьакӀумэ къиуцожьыгъэх, ежь риӀожьыгъэхэри зэхехыжьых:

– Сыд Ӏоф егъэжьагъэми сфэгъэхъущтэп умыӀо, уфемыжьэу уилъэкӀ зыдэпшӀэжьрэп.

– Къыбдезгъэштэн цӀыфмэ къахэмыкӀмэ?

– Непэ къыпфэдэгум неущ зэхихыщт, зыкIыб къыпфэзгъазэрэм къыкIэлъыкIорэ мафэм ытхьакIумэ къыкIигъэзыкIыщт. Шъыпкъэр къыбдашIэмэ, анэгухэр къыпфагъэзэщтых.

– Шъыпкъэр уадэжь, къэхъунэу щытым тхьэхэри енэкъокъужьхэрэп.

– «Тхьэхэр» умыIо, Тхьэу щыIэр зы – Алахьталэр ары.

– Къысфэгъэгъу, тызэсагъэр ары къаскIорэр.

– Диным упылъ зыхъукIэ, пшъхьэкIи, уиунагъокIи, цIыфхэмкIи укъэбзэн фай. Уишъуз рэ орырэ зэгурымыIо тIэкIу шъуазыфагу илъэу зэхэсхыгъ. Шъузым уедэхашIэуи уфэгубжэуи хымэхэм ямыгъэлъэгъу, делашъо къыптыраштэщт, уигущыIи мыштэ ашIыщт.

– Дэхапсэ лажьэ иIэп, сэры мыхъурэр.

– ЗэкIэмэ анахь къиныр узыфэдэр зыдэпшIэжьыныр ары. Уимысагъэ уеуцолIэжьмэ, уIуш, цIыфмэ акъылэгъу уафэхъун плъэкIыщт.

– Чылэм апэ шъоу къыптыраштэрэр шъуашэ пфэхъу, уакъышъхьарыщ хъугъэми, алъэгъужьрэп.

– Зи зымыIорэм зыпари ымышIэу къашIошIы. Уиакъыл уемызэщэу ахэгуащ. Гухэлъэу пшIыгъэр къыбдэхъуным сыдигъуи щыгугъ. Гугъэр IэшIу, уигъэделэу бэрэ къыхэкIыми, ущегъаIэ.

– Къэхъущтыр къасшIэу щытыгъэмэ… Турабэ ащкIэ зыкъаригъэштэгъагъ.

– Дунаим щыхъу-щышIэхэрэм алъыплъ, зэгъашIэ, лIыжъ Iушхэм аIорэм кIэдэIукI. Къиныр къэмысызэ, Iушым къешIэ. КъызышъхьарыуахэкIэ, лIыгъэ хэлъмэ, къиным текIо.

– КъэзгъэшIагъэм зыгорэм ыкIыб сыдэтзэ къэсхыгъ. Джы апэ сызэриуцощтыр къысфэгъотрэп.

– Дэгъум кIырыплъ, дэир щыгъэзый. Уинасып къикIмэ, ущымыкI, цIыфмэ агу къыпщыкIыщт, насыпынчъагъэ къыохъулIэмэ, акъылыр чIэмыни, уиIоф зэпыфэжьыщт…

Ыгу лъэпэрапэу НэтIае хэхьапщыкIыгъ, Ислъам-Хьаджэм къыриIуагъэхэу зэригъэфэжьыгъэхэм ахэгупшысыхьажьи, зэриIожьыгъ: «Рэдэд пщышхори, Колэси, нэмыкIхэри Думитрэ ашыкъ ехъулIагъэхэшъ, Ислъам-Хьаджэр анэ кIагъаплъэрэп, мощ фэдиз акъылэу ышъхьэ илъыр ыжэ къыдагъэкIырэп нахь, урымым нахьи ар бэкIэ нахь Iуш. Сэри мары, акъыл зэрэсиIэр къылъэгъугъ, чылэлIымэ сакъыхихыгъ. Джы нэс джэнджэш горэхэр сыгу къихьэщтыгъэми, Ислъам-Хьаджэр ащ фэдизэу къысщэгугъымэ, ислъам лIыкIо сыда сыкIэмыхъущтыр? Титхьэхэм сащэщынэ сIонти, Думитри, Ислъам-Хьаджэми ахэр щымыIэхэу аIо. ЩыIэхэуи сэшIы. Ащыгъум сыда ынэ къырифэу афэлэжьэгъэ Турабэ хьадэгъум зыкIыщамыухъумагъэр? Заом Iуамыгъэхьани алъэкIыни, чэтэогъури фэхыеу блахыни… Ислъам-Хьаджэм игущыIэхэм шъыпкъэ горэхэр ахэлъых. Дунаир хэбзэ гъэнэфагъэкIэ мэзекIо. Мары, ДэхапсэкIэ зиягъэ къысэкIыгъэхэ Хьакъари, Нахьлъэши, Шэныби, сэ сыхыети, сигъогу текIодыкIыгъэх, Тураби игъонэмысыр къыфэкIуагъ. Джы Дэхапсэ къезыIухыни, стезыхыни, сызгъэцIыкIуни щыIэжьэп, сэ сыхъумэ, сихъулъфыгъагъэ къысхэхьажьмэ…

Ардэдэм НэтIае ыгужъуакIэ дэлъ дыухьэм изэхашIэ къыгъэущэу къыщыхъугъэти, гугъэ-гуIэкIэ зыхэIэбэжьыгъ, ау зи зэхъокIныгъэ фэмыхъугъэу зызэхешIэжьым, итхьамыкIэгъо гукъэкIыжь джыри зэ къыфыдэоежьыгъ.

Илъэс зыхыбл горэм ащыгъум НэтIае итыгъэщт. Ежь нахь такъырыIо шъэожъыехэр, пшъэшъэжъые зытIуи ахэтэу, мэркIо нэгу хъугъэхэу чъыгышъхьэм зэрисхэр зелъэгъум, яхъопсагъ, ыгукIэ зэнэкъокъужьыгъ, чэтыум фэдэу ылъэкъо пцIанэхэри, ыIэхэри чъыгыпкъым хигъанэхи, зэуи щымыхъоу къутэмэ зэхэкIхэм анэсыгъ. Къыдэхъурэр шIогушIуафэу, зы къутамэм текIмэ адрэм теуцозэ, кIалэмэ ашъхьагъ зишIыгъ, ащыщ гори къеушъыигъ:

– Лъэгащэу удэмыкIуай, къутамэхэм уаIэтыщтэп.

НэтIае кIалэм едэIугъэп. Чъыг шъхьапэм мэркIо шIуцIэ шъугурхэр пыIэкIэгъагъэх. МэркIо къутамэм зыфищэигъэ къодыеу щыджайй, Iэтхъо-лъатхъозэ, къефэхэу ригъэжьагъ. Куугъэп, кIыигъэп, ау ыгу зэрэкIихрэм, ышъхьэ зэрэуназэрэм, тIэкIу къыгъэщтагъ. НэтIае ыщахэкIэ къутамэм шIохэфагъ, ыпсэ хигъэIэжьэу зэхишIэгъэ узым ыгъэкуугъ. Нэужым хъугъэр къышIэжьрэп, чъыг чIэгъым чIэлъэу, шъэожъыехэри пшъэшъэжъыехэри шъхьарытхэу, иакъыл къэкIожьыгъ. НэтIае къызэтэджыжьым, кIоныр къехьылъэкIыщтыгъэ, хигъэщэIукIэу ыщахэ узыщтыгъэ…

«Щэч хэлъэп, джары зэкIэ ситхьамыкIагъо къызщежьагъэр! – мэкъэнчъэ шъэфкIэ НэтIае хэкуукIыгъ.– ЦIыфым

ежь къызфимыхьыжьрэ лажьэ къехъулӀэрэп, зыкъэӀэтыгъо симыфэзэ, сэр-сэрэу сэкъат зысшӀыжьыгъ, нэкъокъокъоным сеунэхъулӀагъ. Джыри ар схэлъ, сшӀэрэмкӀэ, сизекӀуакӀэкӀэ къысхэмыфэми, сыгукӀэ ренэу сэнэкъуакъо, сфэлъэкӀыщтыри, сфэмылъэкӀыщтыри зыдэсшӀэжьрэп. Мэзыбэхэм ислъам диныр аштэгъапэми, пащэ сафэхъушъуна, сфэгъэдэӀонха, ясӀон къэзгъотына? Дэхапсэ иӀуагъэу, сэр-сэрэу зызгъэделэжьмэ, чылэм джыри нахь пыут сыдэхъухьан...»

Шъузым пчъэр къыӀуехыфи, ыпашъхьэ къехьафи НэтӀае зэхишӀагъэп. Дэхапсэ нэбэ-набэу къыӀуплъи, мэкъэ щтагъэкӀэ къеупчӀыгъ:

– Сыда къыохъулӀагъэр, пшъо пычъыжьыгъэу ущыс?

– Хъугъэ щыӀэп, сизакъоти, гупшысэ-гукъэкӀыжьхэр къыстебэнагъэх.

– Ащ фэдизэу узезыдзэн къыохъулӀагъэу къэсшӀэжьрэп,– Дэхапсэ ыгу къиихьажьыгъэу щхыгъэ.– Мышъэ уебэныгъэп, зао уӀухьагъэп.

– Ары пшӀошӀа зэкӀэ зыфэкӀожьрэр,– НэтӀае ыгу зыгъэцӀыкӀугъэм ышъхьэ къырихыгъэп.– ТыцӀыкӀузи Ӏэджи къытщышӀыгъ, тызхэт дунаими мафэ къэс гумэкӀ зэфэшъхьафхэр къытфехьых.

– О слъэгъурэм джыри гухэлъ шъэф горэхэр пшӀыгъэх.

– Шъэфыми сшӀэрэп, тапэкӀэ зигугъу къыпфэсшӀыгъагъэр ары сызэгупшысэрэр.

– Ар сыд етӀанэ, къэсэгъэшӀэжь.

– Ашъыу, ислъам диныр цӀыфмэ ахэслъхьанэу зэрэсӀогъагъэр ары. Шышъхьарыс чылэм зымафэ тхьаусхакӀо сызэкӀом, Ислъам-Хьаджэм джыри сахищи, ушъыегъу къысфэхъугъ, гъэшӀэгъонхэр къысиӀуагъ. Джы хэт щыщи згъэдэӀон фэдэу сызщэгугъыжьы.

– Ыуж икӀ, НэтӀай,– Дэхапсэ щхыухадзэр щэм хилъхьи, къашыкъымкӀэ хигъэкӀухьэзэ, къызэриӀокӀыгъ.– Рэдэд пщышхор о къыпфэягъэмэ, чылэм узэрэдэсыр ылъэгъузэ, ари хэсэгъэкӀыжьышъ, ыдэжь укӀуи, пэӀошъхьэихэу уелъэӀугъэу, Турабэ ычӀыпӀэ уригъэхьагъэп, гъунэгъу чылэмкӀэ, ТемрыкъокӀэ, Ӏэбагъэ. Пщышхор къыпкъомытэу зашӀэкӀэ, цӀыкӀуи, ини къыодэӀущтэп, япӀори ашӀошъ хъущтэп.

– Непэ мыхъумэ, неущ хъун, семызэщэу садэлэжьэщт.



Щхыухадзэр зыхилъхьэгъэ щэ Ӏэгубжъэшхом Дэхапсэ ышъхьэ тырипӀожьи, кӀэко фабэм чӀиуцухьагъ, илӀ къыфызэплъэкӀи, имышэныгъэу нэплъэгъу фабэр къыпигъохыгъ, НэтӀае къыготӀысхьи, ышъхьашъо къытеӀэбагъ, нэщх-гущхэу къыӀуплъыхьэзэ, къыриӀуагъ:

– Сегупшысэжьыгъэшъ, цӀыфмэ япӀон ошӀэмэ, сыда Ислъам-Хьаджэм зыфиӀогъэ диным кӀэщакӀо укӀыфэмыхъущтыр. АшӀошъ бгъэхъоу къыпкъоуцохэмэ, зэкӀэмэ апэу ислъамыр къытхэзылъхьагъэр НэтӀай аӀонышъ, уигугъу ашӀыжьын.

– Къэсэгъэзэжьышъ, Турабэ фэдэ сыхъунба?

– Сэ а бытыжъым ыцӀи зэхэсхынэу сыфаеп, ау о ужэ къыдэкӀыгъахэшъ, къыосэӀо. Турабэ къыдэгущыӀи зыдэгущыӀи щыӀагъэп, пщышхори, ори, чылэри шъуигъапцӀэу къышъухэтыгъ. Сэ ащ дэгъоу сыщыгъуаз. ИсшӀыкӀыпагъэти ары ибэнахьыбэу зыфыкӀиӀэжьыгъагъэр. Ащ фэдэ ухъу пакӀошъ, нахьышӀуи ухъун, ау ижэшӀуагъэ укӀэхьанэп. Лӏыжъи, лыкӀи, шъузи, ныуи умыӀо, хэти ыбзэгу ӀэшӀоу телъыр зэгъашӀэ.

– Сэри ащ семыгупшысагъэу щытэп, ау нахьыбэмкӀэ укӀытэр къыстекӀо.

– УкӀытэр насыпым ызыныкъу, НэтӀай. Хэт сыд епӀуагъэми, пшӀошъ зэрэхъурэр гурыгъаӀу. Джары Турабэ къызэрэдихыщтыгъэр. ГущыӀэкӀэ фэмыгъэхъу зыхъукӀэ, зистыжьэу, зишхыхьажьэу заригъэлъэгъущтыгъ. ЕтӀани къыосӀощтыр ары. Хъулъфыгъэмэ сыд щыщи анагъэсыжьын алъэкӀыщт. УмыукӀыт, пшъашъэми, шъузыми гущыӀэгъу узфэхъурэм зэрэдахэр фыкӀэгъэтхъ. Удах пӀоу ытхьакӀумэ ибгъаӀорэр ардэдэм ыгу нэсы, шӀу укъимылъэгъуми, къыбдыригъаштэу регъажьэ. Бзылъфыгъэ дахэр унэ къыкӀимыхьэу зишӀэкӀэ, пыи къыпфэхъу. Джары, сэри зыдэсымышӀэжьэу ушъыегъу сыкъыпфэхъугъ.

– ЗэкӀэмэ апэу ислъам динымкӀэ о укъызгоуцон фай, Дэхапс.

– Сэщ пае укъэнэщтэп,– ишъыпкъэ дэдэу шъузыр НэтӀае къыӀуплъагъ.– ЫпэрапшӀэу титхьэхэм къысфагъэгъунэу сялъэӀунышъ, тыдэ сыкӀожьын, гъусэ сыкъыпфэхъущт, ори тхьэхэм зафэгъаз, джэуап къыпфэмыхъухэми, ягъэ къыуамыгъэкӀымэ, уафэрэзэнэу яӀу. Чылэм уасэ горэ къыщытфашӀэу тыдэсмэ дэгъуба, НэтӀай.

– Хъулъфыгъэхэмкlэ къэпlуагъэр шъыпкъэ, Дэхапс, ау ахэми зыгорэхэр къахэкlынхэба. Муары, Темрыкъо чыристан динымкlэ ыгъэдэlонхэр къэхъугъэх.

– Сшlэрэп, егупшыс. Сэрмэ, Мэщыкъо къахэсхыщтыгъ, ишэнкlи анахь гъэтlылъыгъ, къиныби пэкlэкlыгъ. Тхьамыкlэгъуабэ къызэхъулlэрэр е ыгукlэ шъабэ мэхъу е жъалымыгъэр къебэкlы.

– Ащыгъум Мэщыкъо сыфыкъокlын. Кlасэ сыхъугъэна?

– Чэтмэ адэлъэежьы пшlошlа Мэщыкъо? Чэпэзэхэогъу ныlэп.

Нэтlае унэм икlынэу зегъэхьазырыфэ, илl рихьыжьэгъэ lофым зэрэфигъэчэфыгъэмкlэ зыфэрэзэжьэу Дэхапсэ зэриlожьыгъ: «Къыдэхъумэ, щыlэкlэ тэрэз тиlэ тыхъун. А зэдатшlэрэ Турабэ иунэ сесыфэ, цlыфмэ къыфашlэщтыгъэр слъэгъугъэ. Чылэ закъор пштэми, къинми, гушlуагъоми къыдэхъухьэрэр макlэп. Ары пэпчъ унагъомэ ащызэрахьэрэ шlумэ таханыщтыгъэп. Ислъамыми орэислъам! Нэтlае иlоф къикlымэ, пщышхор апэ зэритэу зыкъыфагъэзэщт. Етlанэ сэри сынапэ тхьэмэ къатхьакlыжьыщт, Рэдэдыпщым тыкlэмыхьэми, зыми темыхъопсэжьэу тижъышъхьэм тыщыlэщт...»

Дэхапсэ щхызэ, Нэтlае лъыджэжьыгъ:

– Бзылъфыгъэхэмкlэ зыгъаз. Узфэдэр сэшlэшъ, заlуешlыхьэ сlоу, гуцэфэ лые къыпфэсшlыщтэп.

– А зыр къысфэмыдзыжьыгъэми хъуни,– Нэтlае ышъо къыпызыгъ.

– Къысфэгъэгъу, тэ зэдатшlэрэм ышъхьэ къисхыгъэмэ, сыд фэlуагъ, зыми зэхихыгъэп.

– Хымэхэм ар зэхахыгъэми, зэхашlэщтэп, Дэхапс. Ау сэ сыгу ар мастэу къыхэо,– ымакъэ ефэхыгъэу Нэтlае къызэриlокlи, унэм икlыгъ.

Дэхапсэ шъхьаныгъупчъэм lухьи, илl ыгу егъужьызэ, кlэлъыплъэжьыгъ.

Хэти тхьэмэ фыхахыгъэ кlашъом нахь лъагэу зиlэтын зэримылъэкlыщтыр бэшlагъэ Дэхапсэ къызыгурыlогъагъэр: «Нэтlае зыгорэкlэ закъыхигъэщ шlоигъоу мэгуlэ шъхьакlэ, зэришlыщтыр ышlэрэп, тхьэмэ къыхалъхьагъэп, сэ сиакъыл зынэсырэми гу лъитэрэп. Сыфай-сыфэмыеми Хьакъэрэжъми, Нахьлъэш цlэплъыжъыми, Турэбэ быти, нэмыкlылlыхэу зэблэсщыгъэхэми самыгъэдэхагъэми, акъыл акlэрысхыгъ, пlэм къыбдыхэлъхэ зыхъукlэ, ажэ псы дэгъэхъуагъэ пlонэу щылъыныеха, шъхьадж ышlэрэр, зэхихыгъэр, зым адрэр зэреплъырэр къысфаlуатэзэ, зыфэдэхэри, агу щызэпэкlэкlхэри, тыдэ щыхъу-щышlи сахэтыгъэм фэдэу сшlэщтыгъэ. Сэ сылъфагъэп, сыпlуагъэп, гумэкl лые къысфэзыхьын сиlагъэп, зэхэсхыгъи слъэгъугъи зэзгъэфэжьынэу, сигупшысэ ахэслъхьанэу уахътэр сихъоигъ. Ары шъхьакlэ, сшъхьэ илъыр зэкlэ сыдэущтэу Нэтlае фэсlотэныя, гуцэфэ лые езгъэшlэу ыгу сыщышхэнэу сыфэягъэп...»

Щагум ызыныкъо Нэтlае ыкlугъахэу Мэщыкъо къыпэгъокlыгъ:

– Къеблагъ, Нэтlай, къеблагъ, тихьэ зи земыlом, зэрэорыр къэсшlэн фэягъ. Ощ фэшъхьаф тихьэ пымыбанэу мыщ цlыф къыдахьэрэп, узэрэцlыфышlур ешlэкlэ сенэгуе.

– Сышlуми, сыбзаджэми, джы къызнэсыгъэм былым щыс згъэтэджыгъэп, Мэщыкъу,– бысымым къыпигъохыгъэ щытхъур игуапэу Нэтlаий гущыlэ дахэ зыфиlожьыгъ.

Хьакlэщым зэрэщетlысэхыгъэу, къежэщтыгъэхэм фэдэу, lанэр къыфахьыгъ.

– lанэр о уизакъоу къыпфаштагъ зышlомыгъэшl, Нэтlай,– сэмэркъэу кlэлъэу Мэщыкъо щхыгъэ.– Былымхэм сапылъызэ, джы нэс пчыхьэшъхьашхэ сшlыгъэп, игъом укъытефагъ.

– Ащыгъум тызэфэд,– сэмэркъэум Нэтlаий дыригъэштагъ,– Дэхапсэ гъунэгъумэ адэжь къэт зэхъум, семыжэу уадэжь сыкъэкlуагъ.

– lоф горэм уегъэгумэкlа? – Мэщыкъо lужъу-lужъоу къыlуплъагъ.

– Сызгъэгумэкlи щыlэп, тlэкlу сыщысын сlуи, сыкъэкlуагъ, бэкlае шlагъэ узысымылъэгъугъэр.

– Армэ lофэп, хаl,– Мэщыкъо ышъхьэ риуфэхыжьи, къонымэ lэшlур къызхилъэсыкlырэ чэтщыпсым пlэстэ lулъхьэр хигъэуагъ.

Шхэным хэблыхьагъэхэу Нэтlае игухэлъ чыжьэкlэ къыригъэжьагъ:

– Ислъам-Хьаджэр къызыкlокlэ, гущыlэгъу уфэхъоу къыхэкlа?

– Сыдэгущыlэу хъугъэ, ау сэ нахьыбэрэ сызфэзыгъэр Думитр ары.

– АшIоIушэу Рэдэди, Чэчани, Къодани, Темрыкъуи ащ къыдекIокIых шъхьакIэ, Ислъам-Хьаджэм шIуимыщмэ, къыщигъакIэрэ щыIэп.

– Аужырэ зэдэгущыIэгъум сэри аущтэу сыхэплъагъ.

Мэщыкъо къызэрэдырыгъэштагъэм НэтIае ыгъэсакъыгъ, ыгукIэ зэриIожьыгъ: «ЗэрэхъурэмкIэ, сэ сизакъоп Хьаджэм ынаIэ зытыридзагъэр. Мэщыкъуи ыуж къихьагъэмэ, ислъам динымкIи пэщэ IэнатIэр сагъэгъотыщтэп, мыщ сэ сенэкъокъунэу чIыпIэ ситэп, ау щытми, Iофым ишъыпкъапIэ зэзгъэшIэн».

– Сэри заулэрэ Ислъам-Хьаджэм сыпэIуфагъ,– НэтIае рихьыжьэгъэ гущыIэр лъигъэкIотагъ.– Ащ ыIорэм тефэу, тэ, адыгэхэм, бэ тхэлъыр. Титхьэхэр тамыгъэIыгъыщтмэ, чыристан диным нахьи ислъамыр нахь къытпэблагъэу сыхэплъагъ. О сыдэу пIора, Мэщыкъу ?

– Хэт титхьэхэр ттезыхыщтхэр? – шхэныр зэпигъэуи, нэплъэгъу гумэкIыр Мэщыкъо къыдзыгъ.

– Русичхэр къытэдаохэба?

– ШIагъуа,– ыгу къыдеIэу Мэщыкъо щхыгъэ,– ахэмэ аIорэм пае титхьэхэм акIыб къытфамыгъазэмэ, хэти тыгу рихынхэ ылъэкIыщтэп. Ау укъыкIэупчIагъэшъ, къыосIон, чыристаным къыпэу ислъамыр сэри нахь къэсэштэ. Темрыкъо пчъагъэрэ ащ пае зыкъысиусэигъ, зыкIи сыгу къизгъэплъагъэп.

– Сэ, гущыIэм пае, ислъамым сыпылъэу Рэдэд пщышхом зэхихыжьмэ пыи сишIына?

– Сыд пае уигъэпыин. Думитри, Ислъам-Хьаджи къызэраIоу, сыд фэдэ диныри ихэгъэгу фэлажьэ, хабзэм дырегъаштэ. О быслъымэн сыхъугъ пIоу зыми уебэныщтэп, Адыгэ хэгъэгум уфыщыIэщт, Рэдэд пщышхом уготыщт, шъыпкъэба?

– Ар IуакIэ мэхъуа, слъэкI къэзгъэнэнэп.

– Ау Рэдэд пщышхом ыгу римыхьэу ащ зы Iофыгъо хэлъ.

– Сыд фэд?

– Турабэ титхьэмэ афэшъыпкъагъ, Темрыкъо чыристан тишIы шIоигъу, о быслъымэн тыхъун фай пIоу ахэмэ уакъызыхэхьажьыкIэ, пщышхом ыдэщтэп, ари армыри хэгъэгум ыпэ ит хъурэм къекIущтэп. Адыгэхэр динымкIэ щэ бгощыхэмэ, хэгъэгум зэрар фэхъущт. Лъэпкъыр зы дин итэу, зы дин пащэ иIэу псэу зыхъукIэ, хэгъэгу зэикIыр нахь гъэпытэгъошIу хъущт, хабзэри нахь зехьэгъошIущт.

– Адэ ори ислъамыр къыхэохымэ, сэри ащ нахь зыфэсэкъудыи, тызэгуахьэу быслъымэн гъогум адыгэхэр тетщэхэмэ нахь тэрэзба?

– КъызэрэпIорэм фэдэу псынкIэ къыпфэхъущтмэ, Рэдэд пщышхоми къыбдырыгъэштэн, сэри сыкъыбгоуцон, НэтIай. Ау адыгэхэр зыщыIэхэм къыщыкIэдзагъэу непэ къызнэсыгъэм аIыгъ диныр чIягъэдзыгъуае хъущт. Ащ уахъти, кIуачIи, акъыли ищыкIагъ.

– Ау щытми, зэ тегъэплъ. Iоф мыублэм блэ хэс аIо. Сэ бзылъфыгъэхэмкIэ зызгъэзэн, о хъулъфыгъэхэм гущыIэ нахь къадэбгъотыщт.

– Сэ ащ фэдизэу гугъэпIэшхо къыостырэп, ау о уишъыпкъэу ыуж уихьан гухэлъ пшIыгъэмэ, цIыфмэ зыкъызэрэпфашIыщтыри къыдэплъытэн фае. Къэхъущтыр еми, шIуми къапшIэу щытыгъэмэ, уиIофи зэпыфэщтыгъ, зауи, бани хэмылъэу цIыфмэ анэIу къыпфагъазэщтыгъ.

Мэщыкъо дэжь зэрэкIуагъэм кIэгушIужьэу хэкIорыкIызэ, НэтIае ышъхьэ фэусэжьыщтыгъ: «Ислъам-Хьаджэр чыжьэрыплъ, Iуш, ау тхьагъэпцI. Аужырэ гущыIэхэу Мэщыкъо къысиIуагъэхэр, щэч хэлъыжьэп, Ислъам-Хьаджэм къыкIэрихыгъэх. А гупшысэ дэдэр сэри къыспигъохыгъ. Хэт шъуIуа, титIу фэшъхьафэу, джыри ынаIэ зытыридзэгъэщтыр? Мэщыкъо фэшъхьаф къыкъомыкIымэ, джырэкIэ ар нэкъокъогъу къысфэхъущтэп, чылэ шыудзэр ыIэ илъ. Ар къыгъанэу, ислъам диным зыритыщтэп, ау итIысыжьыгъо къэсмэ, фае хъункIи пшIэнэп. Сэри ащ жъы сыдэхъущт, сыныбжьи хэкIотагъэу, илъэс пчъагъэм цIыфмэ апэ ситыгъэ зыхъукIэ, ащи сыIуигъэкIотын ылъэкIыжьыщтэп. Мэщыкъо игулъытэ сыкIэмыхыхьанкIи хъун, бэшIагъэу пэщэ пчэгум ит, Рэдэд пщышхори, нэмыкI лIышIухэри акъылэгъу къыфэхъух. Плъэгъурэба ащ дин зэпеохэмкIэ гу зылъитагъэр. Сэ ар пкIыхьэуи сыгу къэкIыгъэп. Къосэгъухэм титхьэхэмкIэ зыкъырасэу, Темрыкъуи чыристан динымкIэ ыкъудый зыхъукIэ, Рэдэд пщышхор апэ къызтеIункIэщтыр сэры, Темрыкъуи Рампэс гощэшхом ихьэдагъэ зыкIызэрэригъэхьагъэм зыгорэ хэлъ. Мэщыкъо итеплъэкIэ мышъэ Iэсэжъым фэд, иIуплъэкIэ мыщ зыгорэ ешIа пIон, ау Iушыжъ, сэ сызэмынэгуягъэхэр зэкIэ зэригъэфэгъах. Ау щытми,

сыгукӀэ сызфэчэф Ӏофыр зэпызгъэущтэп, къыздэхъункӀи пшӀэнэп...»

КъыкӀэлъыкӀогъэ мафэхэм, пчыхьэхэри ахэтыжьхэу, НэтӀае нэбгырэ пчъагъэмэ заӀуигъэкӀагъ, Чэчанэ ишъуз Бзабзи, ятэ Емзэщи, ГуӀатыжь яни, игъунэгъухэри зэпэкӀигъэкӀыгъэх. А зэпстэумэ къахигъэщыгъэр Курэцэ ныом зыкъызэрэфишӀыгъэр ары. ТапэкӀэ ыжэ гущыӀэ къыдигъэкӀыгъагъэп, мызыгъэгум гуфаплъэу къыӀуплъыхьэзэ, бэрэ къыӀуупчӀыхьагъ, риӀуагъэхэри гъэшӀэгъон фикъугъ.

«ГущыӀэ псау къыздэпшӀыгъ, Ислъам-Хьадж,— НэтӀае ыӀэгушъохэр зэщихъозэ, динлэжьым ыгукӀэ зыфигъэзагъ,— сигущыӀэ цӀыфмэ агу нэсэу ригъэжьагъ, сшъхьэкӀи сыгукӀи сыкъыпфэшъыпкъэщт, ори шъыпкъэныгъэ къыспэгъохыжь, Мэщыкъуи, нэмыкӀи къызгомыгъэуцу...»

## X

Къиным бэрэ паплъэрэм ылъэ мэдыи, игугъэ ефэхы, иӀоф ӀэкӀэзы.

КъыгъэшӀагъэм Рэдэд пщышхом пэкӀэкӀыгъэм, зэпичыгъэ къинхэм гъунэ яӀэп: Нахьлъэш цӀэплъи, Абэчыпщыми апэуцужьыгъ, лъыгъэчъэ лъэпкъ зэутэкӀхэми, гъэрыпӀэми, хъэзар-алан хъункӀакӀохэми апхырыкӀыгъ. А зэпстэум щэӀагъи, пытагъи, ишэн гъэтӀылъыгъи зэщимыгъакъохэу апхырихыгъ, ау русичхэр къызэреутэкӀыщтхэм, заокӀэ къызэрекӀущтхэм зэрежэрэм игупсэфыгъо зэщигъакъоу ригъэжьагъ. Чэщыгум къыхэущыкӀмэ хэчъыежьын ымылъэкӀэу, нэфшъагъо нэс гупшысэмрэ джэнджэшымрэ ахэтэу, къыпыщылъ къиныр зэрэхъущтыр зэригъафэу къыхэкӀыщтыгъэ. Ащ мэхьанэ хъатэ ритыщтыгъэп, тиӀофхэр орэхъуи, ар Ӏофа, мафэм чъыяпэ исхыжьми хъун зэриӀожьыщтыгъ, ау зызэригъэпцӀэжьыри зыдишӀэжьыщтыгъ.

УхъумэкӀо шыухэр зигъусэхэ Рэдэд пщышхор лъэхъу псынкӀэкӀэ Пшъэдэ Ӏушъо рекӀокӀы. Гъогур зэ нэпкъым благъэу екӀуалӀэ, зэ ӀокӀоты. Гъэмэфэ фабэр тыгъэм джыри зыдиӀыгъ, ошъопщэ пӀуакӀэхэр ошъогум щыхэсыкӀых, мэкъу Ӏатэхэр мэз гъунэмэ аӀутых, орзэ шэнджхэр губгъомэ арытых.

Къэрэухэр зэджэжьыхэзэ, къыблэмкӀэ блэбыбыкӀыгъэх, жьышхо къызпихрэ пчэндэхъу отэрми зыблырагъэхыгъ, дышъашъо зытезыштэгъэ лэнчъэ тхьапэхэм бзыу къолэнхэр къахэджыкӀых.

Пшъэдэ псыкъефэхым шыхэр мыгузажъохэу лъэс лъагъохэмкӀэ екӀугъэх. Мыжъобг еупкӀэхыгъэм ыгъунэ пщышхор къыщыуцугъ, къушъхьэ лъагэм къелъэлъэхырэ тыжьыныпс зэбгырытэкъурэр тыгъэм зэрэпэшӀэтыжьрэм инэплъэгъу Ӏэпихыгъ.

Мы псыкъефэхыпӀэм дэжь ишъэогъу кӀалэхэр игъусэхэу Рэдэд бэрэ къэкӀуагъ, ау псыкъефэхым идэхагъэ неп ныӀэп зызэхишӀагъэр. «Дэхагъэм ишъэф пстэухэри ардэдэм цӀыфмэ дунаим къафызэӀуимыхыкӀэ енэгуягъо,— Рэдэд гукӀэ ыӀуагъ.— Тыгъэр къызэрэкъокӀырэм, къушъхьэхэр зэрэлъагэм, къэгъагъэхэр къызэрэзэӀуихырэм ясэжьыгъэхэм афэдэу, мыри къызэрыкӀоу къызщыхъухэрэр щыӀэщтых. Дэхагъэм анахь гу чъыӀэри еумэхъы, псэ зыпыти зыпымыти гъэры ешӀы».

Рэдэд гупшысэм къыхэужьи, нэпкъ зандэм къеплъыхыгъ, къэджагъ:

— Агъбан, пчыхьэшъхьапэм, тыгъэр къохьаным ыпэкӀэ, ошъочапэм тӀэкӀурэ зэритыжьырэм гу лъыптагъа?

— Моу зыгорэм зэтыриӀэжагъэм фэд, арба, зиусхьан? — ащ фырикъужьэу пщышхом зэришӀэрэр Агъбан ыгъэшӀэгъуагъ.

— А уахътэм тыгъэр къызфызэтеуцорэр ошӀа адэ? — Рэдэд къэупчӀи, АгъбанкӀэ къыремыплъэкӀыжьэу, нэплъэгъу хъопсагъор къушъхьэ шыгуфхэм, мэз дэкӀое-къечъэхххэм, тыжьыныпсыр зыутхырэ псыкъефэхым атыридзагъ.

— Ащ хъишъэу пылъыр зэхэсхыгъэп, зиусхьан,— къэбар горэ къызэриӀощтым Агъбан ежэу пщышхомкӀэ зикъудыигъ.

— Сышъэожъыезэ, тянэ къысфиӀотэгъагъ,— къыфэшъыпкъэ ухъумакӀом Рэдэд пщышхом нэплъэгъу фабэр фидзыгъ, Ӏупэщх макӀэри ынапэ рычъагъ.— Сэтэнай гуащэм икъэбар къаӀуатэу зэхэпхыгъэба?

— Зэхэсымых мэхъуа, зиусхьан, тицӀыкӀугъом къыщегъэжьагъэу, идэхагъэ тыгу илъ. Зыгорэм пшъэшъэ дахэ иӀ аӀоным ычӀыпӀэкӀэ, Сэтэнаер яунэ ис аӀо.

— Сэтэнаер зышъхьалъэкӀэ, жъогъэ бзыгъэ имыгъэчъыжь аӀоу зэхэпхыгъэба?

– Ари щыI, зиусхьан. Сэтэнаер шъхьалъэмэ, бжьэм телъхьэ фэмышIыжьи аIо.

– Ащ фэдиз ошIэмэ, сыд адэ пчыхьэшъхьапэм тыгъэр къызфызэтеуцорэр зыкIэмышIэрэр?

– Зэхэсхыгъэп, зиусхьан, сымышIэрэмкIэ сымыгъэмыс,– Агъбан укIытэр къытекIоу пщышхом IугушIуагъ.

– Ащыгъум къедэIу,– Рэдэд фэчэфэу къыригъэжьагъ: – Зэгорэм Сэтэнэе гуащэмрэ нарт шъошIэ кIалэмрэ зэнэкъокъугъэх.

– Зы мафэкIэ сае сыдын,– Сэтэнэе гуащэм ыIуагъ.

– Зы мафэкIэ уанэ сшIын,– шъошIэ кIалэми гущыIэ ышIыгъ.

НэбгыритIур гущыIэм хэкIи, яIуагъэ агъэцэкIэжьынэу тIысыгъэх. Мэфэ реным, шъхьадж зызфигъэзагъэм ыуж итэу, ашъхьэ къамыIэтэу Iоф ашIагъ.

Нарт кIалэр шъошIэ Iэзэ блэкIыгъэу щытыгъэти, онэ дэгъу ышIи, тIысыжьыгъэ.

Тыгъэр ошъочапэм нэсыгъ, къохьажьынкIэ къыфэнэжьыгъэ щыIэп. Саер ымыухынкIэ енэгуе зэхъум, Сэтэнэе гуащэр тыгъэм елъэIугъ:

– О ти Тыгъэ-Тхьэшху, зэ укъызэтеуцуагъэмэ, сигущыIэ къэзгъэшъыпкъэжьыни. Моу сыдыгъэ саем къытеплъ.

Нэр теупкIапкIэу, дэхэ блэкIыгъэу Тыгъэ-Тхьэшхом инэбзыйхэр къызтыридзэгъэ саер ыгъэшIагъо икъугъ, къызэтеуцуи, дыным къыпаплъэу, Сэтэнэе гуащэм саер еухыфэ, зы чIыпIэ итыгъ.

Сэтэнэе гуащэр къэтэджыжьи, сэе шIыгъакIэр зыщилъагъ. ШъошIэ кIалэм ылъэгъугъэр ыгъэшIэгъуагъ:

– ЗэраIорэм утет, Сэтэнай. ЦIыфыIэ нэсыгъэми умышIэнэу саер бгъэчъыгъэ, сэри сыжэ къыIубгъэзыгъ, тыгъэри зэтебгъэкъагъэ!..

– Джары, Агъбан, уишIэныгъэ непэ къыхэзгъэхъуагъ,– Рэдэд пщышхор шъабэу IущхыпцIыкIыгъ.– Дэхагъэм Тыгъэ-Тхьэшхор къызэтыригъэуцуагъэмэ, тэ, лIэжьынэу къэхъугъэхэм, сыд тигъэIон, нэплъэгъур тIехы, тыгу тимыежь ешIы, ау етIани дэхагъэр щымыIагъэмэ, зызфэткъудыин, тызэхъопсэн тимыIэу, зэщыгъоу тыпсэущтыгъэ,– пщышхом игущыIэ зэпигъэуи, игумэкI къедаозэ, дунэе дахэм инэплъэгъу джыри фигъэзэжьыгъ: «О титхьэхэр, кIочIэгъу тафэмыхъумэ, русичхэр мыщи къэсыщтых, мыщ фэдиз зидэхагъэр зэхаулъэгощт. АхэмкIэ мыхэр зэкIэ хымэ. Хьау, хьау, титхьэ лъапIэх, а зэпстэур тлъэгъуным къыпэу, тылIэмэ нахьышIу».

– Зиусхьан, гузэжъогъу IофкIэ шыу къыпфаIопщыгъ,– Агъбанэ пщышхом риIуагъ.

Мыжъобг лъагэм Рэдэд къехыжьыгъ. Иш тхъурбэр къыпызэу, шыур пщышхом къыгохьагъ:

– Къэбар дэй къэсхьыгъ, зиусхьан! Мстислав пщышхом тичIыгу гъунапкъэ къызэпичыгъ!

Рэдэд пщышхор шым жэдаIи, ыужырэ лъэкъуитIумкIэ къыгъэуцугъ, ардэдэм хьапкIым хигъэхьагъ. «Джы нэс тызэжагъэр къыттеуагъ – тизэнэкъокъухэри, зэдгъафэщтыгъэхэри, къин тыригъахьэу тызажэщтыгъэри тыухыгъэ».

Онэгум Рэдэд пщышхор зэрисэу ежь изытет зэришIэрэм нахь мыдэеу иш фэлъэкIыщтыри, фэмылъэкIыщтыри зэхишIэщтыгъ, щэбзащэм фэдэу ычIэгъ зыщизыщыгъэ хьайуаныр зэIуихьаным тещтыхьи, фэкъулаеу хьапкIым хищыгъ, лъэхъу псынкIэм тыригъахьи, игъусэ шыухэм афэгумэкIэу зэплъэкIыгъ: Агъбан кIэкIэу ыуж итыгъ, адрэхэр чыжьэ дэдэкIэ къэмынагъэхэу къэзэрэфыщтыгъэх.

Къыпыщылъ зэо къиным зэлъиштэгъэ Рэдэд пщышхор ошIэ-дэмышIэу игупшысэмэ къахэзыгъ, инэплъэгъу ишъэуитIу къыкIихьагъ. Зэфэсрэ Дзэпщрэ джэгуалъэр атезэрэхызэ зэбэных, хьэблэ шъэожъыемэ жъоплъы хъужьыгъэхэу къангъэбылъ адешIэх, аIэ цIыкIухэр ажэпкъымэ акIэгъэкъуагъэу, янэжъ къафиIотэрэ пшысэм жьы къамыщэу едэIух. Дзэпщ зыричыгъ, зыхиIэтыкIэу ригъэжьагъ, зегъэлIы. Зэфэс мышъэ щыр пIонэу, мыIомышIэ хьазырэу къежьэгъагъ, ау ышъхьэ къызеIэтым, игулъытэкIи, ичаныгъэкIи ышнахьыжъ шIуищы хъугъэ.

«Заор джэгоп, тхьэхэр къытфэмыусэмэ, къэзгъэзэжьына-къэсимыгъэзэжьына, лIыпкъым имыуцогъэ шъэожъыехэр, сашъхьарымытыжьмэ, сыдэу хъуных, сыд ящыIэкIэн? Ар сэIо шъхьакIэ, ибэ хъураеу къанэхэри лIэхэрэп. Си Сэтэнэе гуащэ ашъхьарытыщтымэ, гукIодыгъо щыIэп. Айнар, Айнар... о усимыIэжьмэ, гъашIэр сыухыгъэкIэ слъытэн, ори ар дэдэр угу къысфилъэу къычIэкIын,– Рэдэд ыгу къыпиIонтIыкIыгъ.– Уилъфыгъэ къызэрэтэджырэм, къыдэхъурэм, къехъулIэрэ хъярым

ухэмыплъэжьыныр тхьамыкӀагъу. Тяни ащ бэрэ кӀэхъопсыгъ. «Зэфэс цӀыкӀур сшӀэрэп, ау Дзэпщ иджэгу сыхэплъэжьыгъэмэ, дунэе мылъкум ыпэ къэсштэни» ыӀомэ ышъхьэ Ӏэ щифэзэ, шъэожъыер ыкокӀ ригъэуцоштыгъ. Ибэ-нахьыбэу акъыли, гулъыти зыкӀэрахыгъэр тян ары. Айнари бзылъфыгъэ Ӏуш, ау сабыйхэмкӀэ ныжъым фэдэ хъун щыӀэп. Тхьэмэ сафэраз: укӀыти, цӀыфыгъи, лъытэныгъи ахэлъэу сикӀалэхэр къэтэджых. Шъыпкъэ, зымафэ Дзэпщ къысиӀуагъэм сыкъыкӀигъэпкӀыгъ. «СызэцӀыкӀум, тат, зэкӀэ пшӀэу къысщыхъущтыгъ»,– ишъыпкъэу къысӀуплъыхьэзэ, къысфидзыгъ. «Джыры адэ, сикӀал?» сӀуи, сызеупчӀым, «О пшӀэрэм щыщ горэхэр сэри зэрэсшӀэрэр къызгурыӀуагъ»,– къысиӀожьыгъ. ЛӀы хъугъэу зелъытэжьы. Умыгузажъу, сикӀал, укӀэхьажьыщт. ОкӀэлэфэ отхъэжьы, унагъуи джэгугъуи умышӀэу, зыдэбгъазэрэр уиунэу ухэт… Арэп, сыд гукӀод-къегъыха сызхэхьагъэр? Аущтэу заом сыӀухьащтмэ, чэтэогъуи сифэнэп, сишыудзэхэри сфызещэнэп!» – Рэдэд зыфэгубжыжьыгъ, жьы зыӀуигъэхьэгъэ шым елъэдэкъауи, хьапкӀ лъэшым хэхьажьыгъ.

Пщышхо щагум Къодани, Мэщыкъуи, Шыупащи, Темрыкъуи, Чэчани, ТӀатӀыхъуи, Пщымафи дэтыгъэх.

ЛӀыжъхэри, лӀыкӀохэри етӀысэхыхэу рагъэжьагъ, пщышхом Агъбан пхъэнтӀэкӀу къыфихьыгъ, ау Рэдэд тӀысыгъэп, гупшысэм зэлъиӀыгъэу пхъэнтӀэкӀумэ азыфагу дэкӀызэ, лӀыжъмэ апашъхьэ иуцуагъ:

– Сэ сызэреплъырэмкӀэ, зыфэдэ къыхэмыкӀыгъэ заокъытпыщылъ. Тинахьыжъхэм сыд ащ къыраӀолӀэщт?

Хабзэ зэрафэхъугъэу, пщышхом ыпашъхьэ Пщымэфэ лӀыжъыр къиуцонэу фежьагъ, ау Рэдэд фидагъэп.

– Къежьэгъэ заом фэдэ джыри щыӀагъэп, зэо кӀыхьэ хъунэу къэт, ткъохэм, акъохэм акъожьхэми анэсыжьынкӀэ сенэгуе.

Рэдэд ытамэхэр зэфищагъэх:

– Ар сыдым фапшӀэрэ, хэт къыуиӀуагъ, тхьамэтэ маф?

– СшӀэрэп, зиусхьан, сэр-сэрэу сегупшысагъ.

– Сыда?!

– СшӀэрэп.

– Ащ фэдэхэр сишъэогъу къехъулӀэх,– ТӀатӀыхъу гущыӀэм къыхэхьагъ,– игупшысэхэри къэшъыпкъэжьых.

– Турабэ фэдэу, тхьэхэр къыдэгущыӀэха? – Чэчанэ ыгъэшӀэгъуагъ.

– Хьау! – Пщымафэ къэгумэкӀыгъ.– Сэ тхьэхэр къыздэгущыӀэхэрэп. Сшъхьэ илъыр къэсэӀо.

Мэкъэнчъэ шъэфыкӀэ щысхэр зэӀуплъагъэх.

КъончӀэ шӀуцӀэшхор ашъхьагъ ибыбыкӀыгъ.

«Сыдэущтэу Думитрэ ыӀощтыгъа? – Рэдэд ыгу къэкӀыжьыгъ.– Лъэпкъым иӀо Тхьэм игущыӀ».– Ащ зегупшысэм, къызхэкӀри ымышӀэу гупсэфыжьыгъэ, шъхьэкӀафэ фишӀэу Пщымэфэ лӀыжъым ӀугушӀуи, щысмэ зафигъэзагъ:

– Ӏо хэлъэп, тижъмэ яӀушыгъэ гъашӀэм къыхахыгъэ акъылым къыпкъырэкӀы.

– Ары, ары,– пэӀошхор зыщыгогъэ ТӀатӀыхъу, шъхьэр ыгъэсысызэ, къыдыригъэштагъ,– ар къэзыӀорэр Пщымафэп, тэрэп, тпэкӀэкӀыгъэ гъашӀэр ары.

– Къоданэ сыд къытиӀощт? Пыим пэуцужьыным тидзэ фэхьазыра?

– Модэ зэ шъуплъ, мэкъэгъэӀу машӀор къэлъэгъуагъ! – Шыупащэ къыхэкуукӀыгъ.

Къушъхьэ благъэм ышыгу зыщиутӀэрэхъызэ, Ӏугъор къыщыдэуаещтыгъ. ГумэкӀ мэкъэгъэӀур къызщылъагъорэмкӀэ янэплъэгъухэр адзыхэзэ, щысхэр къызэхэтэджагъэх.

– Ар уиупчӀэ иджэуап, зиусхьан. МэкъэгъэӀур зылъэгъугъэ чылэ пэпчъ адэс дзэкӀолӀымэ яшыуанэхэр зэтыралъхьэ, шыудзэ пащэ пэпчъи ышӀэщтым щыгъуаз.

– Шыупащ,– Рэдэд ышнахьыкӀэ еджагъ,– НэтӀае къысфащэнэу яӀу.

– Сыда зэрэуищыкӀагъэр? – Шыупащэ ыгъэшӀэгъуагъ.

– Динлэжь эзфэшъхьафхэр гъусэ сшӀыщтых. Титхьэхэри, Христоси, Алахьыри къыткъорэуцох. Тапэ илъ заом, сшынахьыкӀ, адыгэмэ яхэгъэгу щыӀэщтми, щымыӀэщтыми къыщынэфэщт.

Шыупащэ лӀыӀопщым хэмыхьажьэу ежь онэгу зишӀыгъ, лъэхъу псынкӀэм хэкӀи, хьапкӀым хэхьагъ.

ГуӀэнкӀэ къыфэчъэрэ шыур НэтӀае зелъэгъум, лъэгуцым къытехьагъ. Щэ къошыныр ӀитӀукӀэ ыӀыгъэу, Дэхапси ыкӀыб къыдэуцуагъ. Апэ ар къэупчӀагъ:

– ГумэкӀ нэгукӀэ сыда укъэзыхьыгъэр?

– Пщышхом НэтIае илъэгъун, лъэтемытэу еIо,– шым зэрэтесэу, Шыупащэ къызIуипхъотыгъ.

– Мыр Тхьэм ицIыф, Шыупащ. НэтIае дзэкIолIэп.

– СэшIэ,– Шыупащэ фидзыжьыгъ,– ау пщышхом игущыIэ хэтыкIи хабзэ.

– Сыкъэшэсыщта хьауми сылъэсми хъущта?

– Уззэрэфай.

– Уишыуанэ зэтелъхь, НэтIай. Сэ джыдэдэм уищыкIэгъэщтхэр къэзгъэхьазырыных,– Дэхапсэ унэм ихьажьыгъ.

НэтIае ынапIэхэр упIапIэхэу Рэдэд пщышхом ыпашъхьэ итыгъ, къыриIощтыр ымышIэу зэгоутыщтыгъ.

– Къин къытфыкъокIыгъ, НэтIай, русичхэр заокIэ къытэкIух,– гупсэф-пытагъэ хэлъэу Рэдэд къыригъэжьагъ.– ЗэкIэ динлэжьхэр заом зыдыIусщэнхэу исхъухьагъ. Нэфшъагъом тежьэ.

– Заор зэкIэми зэдытититхьамыкIагъу, зиусхьан. Сэ сыхьазыр,– НэтIае ынэгушъхьэ шъабэхэр къэуплъыжьыгъэх.– Угу сыкъызэрэкIыгъэр сигуапэ. КъэошIэжьмэ, зых Абэчыпщым тыпэуцужьыным ыпэкIэ сэр-сэрэу Мэщыкъо ишыудзэ сыхэхьэгъагъ.

– Боу дэгъоу къэсэшIэжьы, лIы зекIуакIэ къыпхэфэгъагъ.– Рэдэд пщышхор къыщытхъугъ.– Джы русичхэм татекIонэу Тхьэ уелъэIущт.

## XI

Пепау къушъхьэ цакIэм пчэдыжьыпэ тыгъэ плъыжьышхор къыкъоплъыгъ. Зымэ ар ашIощынэгъуагъ, адрэмэ ашIочэфынчъагъ, ящэнэрэмэ зэрмыр хъугъэхэу, къыдэкIоещтмэ е ехыжьыщтмэ амышIэу, къушъхьэ къогъум къохьажьынышъ, цIыфмэ зашIуигъэбылъ шIоигъом фэдэу къашIошIыгъ.

Ишъаомэ апашъхьэ иукIытэ щыщигъэзыий, Рэдэд шъабэу Айнарэ IаплI рищэкIыгъ, IупэкIэ ынэгушъхьэ нэсыгъ, етIанэ лIы IаплI пытэм икIалэхэр риубытагъэх.

– Пыйхэр тичIыгу къибэнагъэх. Шъо лIы шъухъугъэми, джыри шъуцIыкIу, унэм шъукъенэ, шъуянэ, шъуиунэ къэжъугъэгъун. ЛIыгъэмрэ намысымрэ ныбжьым елъытыгъэхэп, пытагъэ зыхэжъугъэлъ.



Айнари ышнахьыкIэхэми аIапэ ыубытыжьынэу Шыупащи къихьагъ.

Шыудзэр Мэзыбэ дэкIыгъ. Псылъакъохэр псыхъом зэрэхэлъэдэжьхэу, ягъогу хагъэкI къэс Къосэгъум, ХьакIуцум, Зыхым, МыутIэм къарыкIырэ шыудзэхэр къахэуцощтыгъэх. Пчыхьэшъхьапэм къушъхьэшхо лъапэм шыудзэр нэсыгъ, загъэпсэфынэу яшыхэм зэрапхъыхыгъ.

Гъогууанэм ыуж дзэкIолIхэр къушъхьэ лъапсэм игупсэфыхьагъэх, шы пырхъ макъэхэр чIыпIэ-чIыпIэу къыхэIукIых, шыушхэм афэплъырхэрэмэ япскэуIу-лъэмакъэхэр тхьакIумэм загъорэ къеIох. Рэдэд пщышхор хэчъыен ылъэкIырэп, гукIэ иунэ зидзыжьыгъ, ишъэуитIуи, Айнари ынэгу кIэкIыхэрэп. Щылъын ымылъэкIэу къэтэджыгъ, иухъумакIуи къызэшIотIысхьагъ.

– Щылъ, щылъ, Агъбан, сэ тIэкIу сытезекIухьащт,– щыблыкъым къычIэкIи, тIэкIу IукIотыгъэу, къеIугъэ зэдэо макъэм къызэтыригъэуцуагъ.

– Турабэ ычIыпIэ сигъахь сIоу сэ пщышхом селъэIугъэп, ежьыр къысэзыпэсыгъэр,– Темрыкъо ымакъэ Рэдэд ышIэжьыгъ.– Оры ащ кIэрышIагъэу ыуж итыгъэр, оры ычIыпIэ иуцон фэягъэр. Турабэ зэрэIазэщтыгъэр ори къыздэпштагъ, сымаджэхэр огъэхъужьых.

– ЗэкIэми Турабэ тигъапцIэщтыгъ, сэри сигъэхъужьыгъэп, зы нэбгыри ишIуагъэ ригъэкIыгъэп, тхьэмэ адэгущыIэу зэриIощтыгъэри зэрэмышъыпкъэр Дэхапсэ къызыхэкIыжьым къыушыхьатыжьыгъ,– Темрыкъо игущыIэгъур зэрэ НэтIаер ымэкъэ псыгъокIэ пщышхом къышIагъ.

– О сымаджэхэр бгъэхъужьыгъэх, сыд япшIагъ? – Темрыкъо упчIагъэ.

– Зи ясшIагъэп, Турабэ сызэригъашъощтыгъэ уц дыджыри ястыгъэп, ау зэрэхъужьыщтхэр ашIошъ згъэхъугъэ.

– О пшIошъ хъоу, угукIи, пшъхьэкIи пштагъэу ислъам диным упыхьагъа?

– Ар сэ сиIоф.

– УиIоф сIорэп, НэтIай. Сэ гъэрыпIэм сыщэIэфэ, чыристан диныр слъы щыщ хъугъэ. Зыми сыригъэзыгъэп, сэр-сэрэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ Тхьэми, илIыкIо Христоси афэсшIыгъ.

– Ащыгъум цIыфхэри бгъапцIэу ори зыбгъэпцIэжьэу Турабэ ычIыпIэ уихьан фэягъэп.

– Сэ сшIэщтымкIэ о сыкъэмыгъэсэжь! – Темрыкъо ымакъи къыIэтыгъ.

Ащ нахьыбэ тыригъэшIэжьмэ, лIитIур зэжэхэIэным енэгуий, Рэдэд пщышхор хэпскэуIукIызэ, акIэрыхьагъ.

– Ора сэIо, Темрыкъу? НэтIаий уигъуса? Дин лэжьитIум, сыда шъозэрэгъаIорэр, шъузфэмычъыери сыда? Неущ мэфэ къин тапэ илъ.

– КъыздэгущыIэ шIоигъоу Темрыкъо сыкъыIуищыгъ, зиусхьан,– НэтIае къэпсынкIагъ.

– Шъузэдэон гухэлъ шъушIыгъэмэ, игъоп, Темрыкъу,– ушъый макъэкIэ Рэдэд къыIуагъ.– НэтIаий, ори дзэкIолIхэр зэрэжъугъэгушхощтхэр, текIонагъэм зэрэфэжъугъэчэфыщтхэр ары шъузэгупшысэн фаер. ШъукIу, зыжъугъэпсэф.

Чэщыр зытекIым, дзэкIолI шыухэр куп-купэу гъэхъунэм щызэхэуцуагъэх, апэкIэ лъыкIотэнхэу загъэхьазырыгъэу чъыгышъхьэм ис гъозэрыплъэр къеджыхыгъ:

– Дзэр къэкIо! Енэгуягъо русичхэр арыкIэ!

– Къодан! Шыуищ тIупщы, дзэр зылIэужыгъор къызэрарэгъашI!

«Iо хэлъэп, русичхэр арых, хэта ахэмэ афэшъхьафэу къапэгъокIыщтыр,– Рэдэд ежь-ежьырэу зэриIожьыгъ.– Зэтедгъэуцонхэу е ядгъэгъэзэжьынэу шыкIи, IуакIи зи щымыIэнэуи? Сыдэу хьылъа, хэкIыпIэ зэрэщымыIэр абрамыжъоу гум къытегъуалъхьэ... Хьау, ар къэрэбгъагъэп, гум къыридзэгъэ щынагъоп, щыIэныгъэр лIэныгъэм пэуцужьы ныIэп. ДзэкIо къызэрыкIоми, дзэпащэми къямыупчIыжьэу, а гуIэ-гупшысэр ежь-ежьырэу къытпкъырэхьэ».

Рэдэд пщышхор Iошъхьэ цIыкIум дэкIоягъ, плъагъэ. Зэблэухэзэ къылъыкIотэрэ шыу мацIэр мыдзэу, хьыор зэлъыкIо-зэлъычъэу ошъочапэм чIэкIодэжьрэм фэдэу къыщыхъугъ: «Енэгуягъо, зы адыгэм русич шыуишъэ къыпэуцункIэ...» – Рэдэд пщышхом зэриIожьыгъ.

– Мстислав пщышхор апэ ит. Ащ къылъыкIорэ шыухэр хэтха? – Рэдэд Къоданэ еупчIыгъ. Джау сыдми къыIуагъ нахь, зэрэадыгэхэр къышIэжьыгъ.– Сыда зи къызкIэмыIорэр? – зэхэпх къодыеуи къыхигъэхъожьыгъ...– Пщымафэ къызэриIуагъэу, мыр зэо мыухыжь хъущт...

ТIэкIу шIэ къэс Рэдэд шыудзэр нахь къыпэблагъэ хъущтыгъэ.

– Модэ шъуплъ зэ,– шыу пащэхэм пщышхом зафигъэзагъ,– апэрэ сатырхэр адыгэх, би мэхъух. Сыда тшIэщтыр?

Жьыбгъэ макIэу къилъыгъэм фэшъхьаф джэуап къэIугъэп.

– Сыда зи къызкIэшъумыIорэр?

– Ткъошхэм тязэожьыныр къекIурэп,– зыгорэм ерагъэу къыIушIыкIыгъ.

– Тэ тлъыкIэ тхьэхэм тагъэпщынэжьыщт, зиусхьан.

– Ащыгъум тичIыгу-тиунэхэр зэрарэпхъу, тишъуз-кIалэхэр гъэры арэшIых, ара? – Рэдэд пщышхом иш бгъэкIэ зыдыригъэдзыягъ.

Дзэр къэбырсырыгъ, къэбыжъутагъ, къапыщылъ тхьамыкIагъор зэхашIэ пIонэу, шыхэр кIэщыщыкIыгъэх.

– Ар ядгъэшIэнэп!

– ТичIыгу къэтыухъумэнэу тыкъэкIуагъ!

– ТыкIодыщтми, тызэкIэкIощтэп!

Пщышхом иш ыгъэIэсэжьыгъ. Шыблэ огъур къырычъагъ пIонэу, ежь ыпкъ кIочIэшхуи къэтхытхыгъ, ылъ къэпщтагъэ шIушIэным фэхьазыр гупсэфыгъор щызэбгырычъыгъ. Рэдэд ыIэ къыIэтыгъ:

– Тызэзэощтэп! Мстислав пщышхор утыгум къисщэнышъ, тызэбэныщт, тизэпыщыт тэ титIо кIэух фэтшIыщт.

Дзэр джыри къэзэрэгъэбырсырыгъ, зымыдэнхэри къахэкIыгъэх, зэдэмыштэ-зэпео макъэр жьыхьарзэм фэдэу гъэхъунэми, шыудзэми ашъхьарыкIыгъ.

Ичатэ лъагэу ыIэти, Iэсэнхэу Рэдэд пщышхор дзэкIолIмэ яджагъ, жъот макъэри кIосагъэ. Шым къепсыхи, Рэдэд Iашэхэр зыгуихыгъэх, уцым хилъхьэхи, теубытагъэ хэлъэу русичхэм афиузэнкIыгъ. Мстислав пщышхом къыфакIорэм игухэлъ гурыIуагъ, ащи иIашэхэр зыгуихи, къыпэгъокIыгъ.

Ошъо шхъонтIэ лъагэм тыгъэр шъэбабзэу щылыдыщтыгъ. Огъу-огъоу къилъыщтыгъэ жьыбгъэм чъыг шъхьапэхэр зэригъалъэщтыгъэ, дышъэшъо тхьапэхэм нэбзый фабэхэр атеджэгукIыщтыгъ. КъашъхьарыхьэгъэтхьамыкIагъом дунаим идэхагъэ къыпэуцужьырэм фэдагъ.

– Мстислав пщышхор, тидзэхэр зызэжэхэлъадэхэкIэ, мы гъэхъунэм сыд фэдэ ощхи ищыкIэгъэжъыщтэп, уидзэкIолIхэмрэ сэ сидзэкIолIхэмрэ алъыкIэ агъэшъоклыщт. Ар тхьэхэми, цIыфхэми егъашIэм къытфагъэгъущтэп. Арышъ, Iашэ хэмылъэу тизэнэкъокъу орырэ сэрырэ зэшIотэгъэх. УкъыстекIомэ, сичIыгуи, сиуни, сишъузкIалэхэри оштэх, сэ сыкъыптекIомэ, уиIэр зэкIэ къысэоты.

Рэдэд къызэпиплъыхьи, Мстислав уашъом дэплъыягъ. Тхьэм гукIэ елъэIуи, къыIуагъ:

– Аущтэу орэхъу!

– Iашэ къыхэхьащтэп.

– Къыхэхьащтэп Iашэ,– Мстислав къыриIожьыгъ.

Гъэхъунэ гузэгум дзитIур къикIуати, къэхъущтым ежэхэу уцугъэх.

ПщышхуитIу батырхэр зэпэгъокIыгъэх, аIэхэм язэрэгъэтхъуагъэх. Рэдэд зышъхьапыридз шIоигъоу Мстислав кIырыугъ, ау адыгэпщым икъулай ыпэ ишъыгъ – русичыпщыр тефэнкIэ макIэ щыIэжьыгъэр. ЫплIэIухэр ыуфи, зыкъыжэхидзэнэу джыри зыкъигъэхьазырыгъ.

Мстислав бэнэныр икIэсагъ, бэнакIи ышIэщтыгъ. Тумтэкъашъи, нэмыкI чIыпIэхэми къыфырикъун къарыкIыщтыгъэп, ары емыгупшысэжьэу бэнэным къыкIезэгъыгъэри. Ау апэрэ Iэбэгъухэм текIоныр псынкIэ къызэрэфэмыхъущтыр къыгурыIуагъ. Урыммэ адэжь Рэдэд гъэрыпIэм зыщыIэм, бэнэкIо лъэш дэдэхэм афырикъузэ, шъхьафитныгъэ къызэрэзыфыдихыжьыгъэр Мстислав ыгу къэкIыжьыгъ.

Джы мары, илъыгъо-илъыгъо ашIызэ, лIитIур зэжэхэкIуатэщтыгъэ. ТIоунае текIоныгъэр къыдихыгъахэу Мстислав къыщыхъугъ, ау аужрэ нэгъэупIэпIэгъум Рэдэд IэкIэкIыжьыщтыгъ. Мызыгъэгум ошIэ-дэмышIэу Рэдэд лъэбгъу Мстислав ридзи, уцым хидзагъ, ыпкъышхокIэ чIыгум ригулIыгъ.

Мстислав хъыр-хъырхъ ригъаIоу, жьы ымыгъотыжьэу ригъэжьагъ, ихьадэгъу къызэрэсыгъэр гурыIуагъ. КъыхэнэжьыгъэкIочIэ тIэкIур зэкIиугъоежьи, фэкъулаеу ебэнэхи, щазымэ шъхьаIум дигъэбылъхьэгъэгъэ сэжъыер къыдипхъотыгъ...

Рэдэд кIочIаджэ къэхъугъ, шъхьэшхо онтэгъур къышIозыгъ.



– УлIэп о,– Рэдэд къинкIэ къыжэдэзыгъ,– уукIэкIо шIой...[1]

– СытекIуагъ!..– Мстислав къызщылъэтыжьи, ыIэ дигъэчъэягъ, ардэдэм идзэкIолIхэм адэжькIэ елъэкIоныгъ, гуIэнкIэ IукIыжьыщтыгъэр кIэзытхъужьыгъэм фэдагъ.

Шыупащэ утыгум илъэдагъ, Рэдэд ыбгъэ зытыридзи, ымакъэ Iоу къэгъыгъ. Къоданэ лIыгъэкIэ къыIэтыжьыгъ:

– Зыгъэрэхьат, уимэхагъэ мыхэмэ ямыгъэлъэгъу.

Къушъхьэ лъапэм пэIулъ гъэхъунэм щыхъугъэ шъыпкъэр адыгэ дзэкIолIмэ зашIэм, чылэ шыудзэмэ япащэхэм къинкIэ ядзакIохэр зэтыраIэжагъэх.

Пчыпыджынхэр пхъаблэ ашIи, Рэдэд пщышхом ихьадэ гъэхъунэм къырахыжьыгъ. Мэфэ нэфыми, пчыхьэ пщагъоми къахьыгъ, мэшIошъхьэ хэгъэнагъэхэр аIыгъхэу чэщыми къэкIуагъэх. Нэшхъэигъэм, шъыгъоным ичэщэу ар охътэ кIыхьэкIэ адыгэ чIыгум къышъхьарыхьагъ.

Къоданэ Темрыкъо риIуагъ:

– Пщымэфэ лIыжъым зэо кIыхьэм игугъу къызешIым, тичIыгу къыфэкIуагъэу мы чэщ тхьамыкIагъор арын фай зыфиIуагъэр.

Костаси къыхигъэхъожьыгъ:

– Рэдэд тхьабэ ышIошъ хъущтыгъэми, ыпсэ гупсэфыпIэ ригъэгъотынэу Тхьэм селъэIу. Ежь ыпсэ афити, лажьэ зимыIэ дзэкIолIыбэхэр хьадэгъум щиухъумагъ, ащкIэ лIыхъужъыгъэ зэрихьагъ...

[1] А тхьамыкIагъор «БлэкIыгъэ илъэсхэм ихъугъэ-шIагъэхэр къэзыIотэрэ тхыд» («Повесть временных лет») зыфиIорэм мырэущтэу къыщатхыжьыгъ: «Илъэс 6530 (1022) Ярослав Бересть къекIолIагъ. А охътэ дэдэм Тумтэкъашъэ зыIэ илъыгъэ Мстислав къосэгъухэм атеуагъ. Ар зешIэм, Рэдэд къосэгъупщыр къыпэгъокIыжьыгъ. ДзитIур зызэпэуцум, Рэдэд Мстислав риIуагъ: «Сыд пае тидзэкIолIхэр зэрэдгъэукIынха? Тызэпэуцунышъ, тызэбэныщт. УкъыстекIомэ, симылъкуи, сишъузи, сикIалэхэри, сичIыгуи пштэщт. Сэ сыптекIомэ, уиIэр зэкIэ сые». Мстислав къыIуагъ: «Аущтэу орэхъу». Рэдэд Мстислав риIожьыгъ: «IашэкIэ тызэзэощтэп, тызэбэныщт». Пхъашэу зэбэнынхэу зэжэхэтхъуагъэх, бэрэ зэбэнызгъэх, Мстислав ыкIуачIэ къыщыкIэу ригъэжьагъ: «О зыгу къабзэмэ анахь къэбзэжьэу Богородица, къыздеI! Мыщ сытекIомэ, о пцIэкIэ чылыс згъэуцущт». Ар къыIуи, Рэдэд чIыгум риутэкIыгъ. Сэжъыер къырипхъоти, Рэдэд шIуибзыгъ. ИчIыгу ихьагъ, зэкIэ имылъкуи, ишъузи, икIалэхэри ыштагъ, къосэгъум тын атырилъхьагъ. Тумтэкъашъэ къызегъэзэжьым, Богородицэ шыихъым ычылыс ылъапсэ ыгъэтIылъыгъ, аригъэшIыгъэ чылысыр мы мафэхэми Тумтэкъашъэ дэт».

## ГУЩЫІЭУЖ

Адыгэ чІыгум чэщ кІыхьэ мыухыжьыр къыфэкІуагъ.

Рэдэд пщышхом ытыгъэ гущыІэр дзэкІо пащэхэми пщыхэми аукъуагъэп: пщыгъори, чІыгухэри, дышъэ, тыжьын, гъучІ-гъоплъэ хэхыпІэхэри Мстислав ратыгъэх, Айнэрэ гощэшхори, ыкъуитІоу Дзэпщрэ Зэфэсрэ игъусэхэу, зыдырагъэщагъ. Ахэмэ Шыупащэрэ Агъбанрэ Тумтэкъашъэ адэкІуагъэх. Мэщыкъуи, Чэчани, Къодани, Темрыкъуи Къосэгъум къинагъэх. Нэшхъэй гухэкІым Айнарэ ышхыгъ – хымэ лъэныкъом мэзэ заулэ нахь щигъэшІэжьыгъэп.

Зыхыпщ ЗекІошыуи, мыутІэпщ Къаити, хьакІуцудзэм ипэщэ Дэмыри Мстислав къулыкъу фахьэу рагъэжьагъ – адыгэ шыушхэр фахъущтыгъэх, идзэ хэтынхэу дзэкІолІ блэнэ хэшыпыкІыгъэхэр фагъэхьазырыщтыгъэх, ау зыштагъэхэм фэмышІуныгъэу агу фыраушъэфагъэр лІэшІэгъухэр зытешІэкІэ заокІэ адыгэ чІыгум къызэрэщыетэжьыщтым егуцафэхэри ащыгъум щыІагъэх. Ау ар лІэшІэгъухэр зытешІэхэкІэ ары, а лъэхъаным адыгэхэр шынкІэу Мстислав фэлажьэщтыгъэх.

Темрыкъо ыпшъэ джы къащ илъыгъ. Византие къыфыращыгъэхэу иунэ къуачІэ пегъэмбар Хьисэрэ янэрэ ятхьэ сурэтхэр пылъэгъагъэх. Адыгэмэ ащыщыбэхэр чыристан диным ихьэгъагъэх, мэфэкІ мафэхэм Тхьэм елъэІунхэу Темрыкъо къыфакІощтыгъэх.

НэтІае дин пащэ хъу джыри шІоигъуагъ, ау дзэр щыІэжьыгъэп. Динмэ ащыщэу зызэритыщтыр – мэджусыйра, чыристанра, ислъамра – ышІэщтыгъэп. Ишъхьагъусэ Дэхапсэ ишІулъэгъу мыухыжьы Іэсэжьыгъагъэ. Зэгорэм къихъудэдыкІыщтыгъэ нитІур кІосэжьи, шъончъэ хъужьыгъагъэх.

Мстислав итхьэрыІо фэшъыпкъэжьзэ, 1022-рэ илъэсым Тхьэгощэ лъапІэм ыцІэкІэ Тумтэкъашъэ чылыс щаригъэшІыгъагъ. А тхьэлъэІупІэм Рэдэд ыкъохэр чыристан диным щырагъэхьэгъагъэх. Чыристан зэхъухэм, Дзэпщ ЮрэкІэ еджагъэх. Зэфэс Роман фаусыгъ. Роман Мстислав ыпхъу къыщи, махъулъэ фэхъугъ. Илъэсхэр зэблэкІыщтыгъэх, Рэдэд ылъи тІэкІу-тІэкІузэ, Урысыем ипщыхэм, илІэкъолъэшхэм, иоркъыхэм ахахьэщтыгъ.



Зэоным фытегъэпсыхьэгъэ адыгэ шыухэр дэгъоу уІэшыгъэхэу Мстислав идзэ чІыпІэ ин щаубытыщтыгъ[1]. Ахэр игъусэхэу ыш Ярослав икІэн къытырихызэ, 1023-рэ илъэсым Киев екІугъ, Чернигов чІыгум зыщигъэпытагъ, къыкІэлъыкІогъэ илъэсым русич-адыгэ шыудзэм Листвен дэжь Ярослав идзэ щызэхигъэтэкъуагъ. 1026-рэ илъэсым Городцэ дэжь Мстислав Ярослав мамыр зэзэгъыныгъэ щыдишІыгъ. Ащ къызэрэщыІощтыгъэмкІэ, Днепрэ исэмэгу нэпкъыкІэ гъэзэгъэ чІыгухэр ыІэ къихьагъэх, къэлэ шъхьаІэкІэ Чернигов къыхихи, иунагъуи, идзи ыщэжьыгъэх.

1035-рэ илъэсым Мстислав лІагъэ, ичІыгухэр зэкІэ Ярослав ыштэжьыгъэх. Мстислав ыкъохэм, ахэмэ акъожьхэм сыда къапыщылъыгъэр? ЯнэкІэ ахэр Рюриковичхэм къатекІыгъэхэти, пщыцІэ ахьын фитыгъэхэп, ау къэралыгъо ІэнэтІэшхохэр зэрахьанхэ алъэкІыщтыгъэ. Рэдэд пщышхом къытекІыгъэхэм къарыкІуагъэм фэгъэхьыгъэу илъэс шъиплІым къыриубытэрэ тхыгъэхэм зы гущыІэ ахэтэп, ау Карамзин итхылъэу «Урысые къэралыгъом итарихъ» зыцІэм къыщетхы Москва щыщ ижъырэ лІэкъуиплІмэ Рэдэд пщышхом къытекІыгъэхэкІэ зызэралъытэжьрэр. Ахэр – Добрынскэхэр, Белеутовхэр, Сорокоумов-Глебовхэр, Лопухинхэр. Ахэмэ Рэдэд илІакъохэкІэ яджагъэх.

ЗэрэхъурэмкІэ, япшъыкІухэнэрэ лІэшІэгъум ехъулІэу Рэдэд илІэкъо къутэмэ заулэмэ Волоколамскэ, Дмитриевскэ, Звенигородскэ, Суздальскэ, Тверской шъолъырхэу Московэ пщыгъом хахьэщтыгъэхэм арылъ чІыгухэр аІэ илъыгъэх. Баигъэх, цІэрыІуагъэх. Пщыгъо хэушъхьафыкІыгъэхэр зэхэхьажьхи, къэралыгъо зэикІ зэхъухэм, Урысые хэгъэгум ІэнэтІэшхохэр щаІыгъыгъэх, яІуи, яшІи осэшхо яІагъ, пачъыхьэмэ апэблэгъагъэх. Одинец Андрей Дмитрий Донскоим Іоф зэрэдишІагъэр, ащ ыкъо Белеут Александр Апэрэ Василь пачъыхьэм зэрэпэблэгъагъэр гъэунэфыгъэ шъыпкъ. Образец Василь дзэпщ пащэ хъугъагъэ, губернием ипэщагъ, бай дэдэщтыгъэу къаІотэжьы. Рэдэд къытекІыгъэ Романов Никитэ Иван Грознэм пэблэгъагъ.

[1] ГущыІэужым щыгъэфедагъэхэр, ыпшъэкІэ зыцІэ къетІуагъэмэ афэшъхьафэу, Б. Мэлбахъом, А. Елмэсым ятхылъэу «Средневековая Кабарда» зыфиІорэм, М. Гъубжьэкъом итхыгъэу «Зыфэдэ къэмыхъугъэ Рэдэд илІакъу» зыцІэм, нэмыкІхэм къахэхыгъэх.

Урысыем пачъыхьагъур илъэс шъищэ щызыlыгъыгъэ Романовхэм ащыщэу апэ дэдэ пачъыхьэ тахътэм Федор ыкъо Михаил тетlысхьанымкlэ Рэдэд къыкlэныгъэхэм яшlогъэшхо къагъэкlуагъ.

Уахътэр кlощтыгъэ, Рэдэд пщышхом къыкlэныгъэхэм къатекlыгъэ унагъохэр багъощтыгъэх, гощыгъэ хъущтыгъэх, алъыкlэ, янамыскlэ урыс лъэпкъым зыхагуащэщтыгъэ, кlуачlи, лъапси фэхъущтыгъэх. Ахэмэ динлэжь инхэри къахэкlыгъэх. Урысыем ипатриархэу Филарет апэрэ пачъыхьэу Романов Михаил ятагъ.

Къяхъулlагъэхэ тхьамыкlагъохэмкlэ Рэдэд къытекlыгъэ Лопухинхэр гъэшlэгъоных.

1689-рэ илъэсым Лопухин Федор ыпхъу Евдокие Апэрэ Петрэ шъуз фэхъуи, Урысыем ипачъыхьэ гощэшхуагъ. 1698-м Петрэ ащ хэкlыжьи, монастырым чlаригъэшlыхьэгъагъ. Елизаветэ пачъыхьэм игъом Лопухинхэр пачъыхьэ щагум lуагъэкlотыгъагъэх, вице-адмиралэу Лопухин Степан чышъо ашlи, Сыбыр ращыгъагъ.

Ящэнэрэ Петрэ Лопухинхэм ащыщхэр пачъыхьэ щагум дищэжьыгъагъэх. Ятlонэрэ Екатеринэ игъом Лопухин Петрэ губернаторэу агъэнэфэгъагъ, пщыцlи фашlыжьыгъагъ, Апэрэ Александрэ ар юстициемкlэ министрэ, Къэралыгъо Советым итхьаматэ ышlыгъагъ. Ащ ыкъо Павел лlыгъэ хэлъэу 1812-рэ Отечественнэ заом хэлэжьагъ, генерал-лейтенантым нэсыгъагъ. Лопухин Иван ыпхъу Варварэ анахь пшъэшъэ дахэу Петербург дэсмэ къахагъэщыщтыгъ. Лермонтовым ар шlу ылъэгъущтыгъ, урыс классическэ поэзием хэхьэгъэ усабэ фитхыгъ.

Кlочlитlу зызэхахьэкlэ, мыжъом мыжъо еуутэкlмэ машlо къызэрахихэу, лъэкlышхо зиlэ ящэнэрэ кlуачlэр къалъфы. Джащ фэдэ мэшlо шlагъо хъугъагъэ Рэдэд пщышхом ыкъом, ыкъом ыкъожь адмиралэу Ушаков Федор. Гъэшlэгъоныр Урысые флотым иапэрэ линейнэ къухьэу япшlыкlубгъонэрэ лlэшlэгъум ыкlэм ашlыгъагъэм «Рэдэд – къосэгъупщ» цlэ зэрэфашlыгъагъэр ары.

Ушаковыр 1745-рэ илъэсым лlэкъолъэш унэгъо мыбай къихъухьагъ, Ярославскэ шъолъырым хахьэрэ Романовскэ уездым щыщ къуаджэу Бурнаковэ щыщыгъ. Илъэс пшыкlух ыныбжьэу хы lофхэм афэзгъэсэрэ кадет еджапlэм чlэхьагъ, ар къызеухым, илъэс тешlагъэу капрал хъугъэ,
етlани илъэс зыблэкlым, мичман ашlыгъ, етlани зы илъэскlэ Урысыем идзэ-хы флот илейтенант хъугъэ. Илъэс тlокl зытешlэм, контр-адмиралым нэсыгъ, ащ ыуж илъэсипшl блэкlыгъэу флотым иадмиралыцlэр къыфагъэшъошагъ.

1780-рэ илъэсым пачъыхьэм ишlушlэкlэ Ушаковыр пачъыхьэ яхтэм пащэ фашlы, ау пачъыхьэ щагум пэблагъэ зимышlэу, хыдзэкlолl сэнэхьатыр къыхехы. Урыс-тырку заом иублэгъум (1788-рэ илъ.), апэ ит къухьэм ипащэу, хыгъэхъунэ Фидоноси дэжь, пыим икъухьэхэу нахьыбэ хъущтыгъэхэр щызэхегъэтакъох, ащ пае Шыихъ Владимир иорденэу ятlонэрэ уасэ зиlэр къыфагъэшъуашэ. 1790-рэ илъэсым щыублагъэу хы Шlуцlэ флотым ипащэу, Керчь дэжьи, хыгъэхъунэ Тэндэ дэжьи, Калиакрие чlыпlэми, къухьэхэр фэкъулаеу зэрифэхэзэ, тырку хыдзэм ащытекlо. Ахэмэ ащишlыгъэ гъэхъагъэмэ апае Шыихъ Георгий иорденэу ятlонэрэ уасэ зиlэр, Шыихъ Александр Невскэм иорден къыфагъэшъуашэх. Средиземнэ хымкlэ зигъази, 1798-рэ илъэсым, хыгъэхъуниблымэ я Грек республикэ зэхащэ зэхъум, къухьэзефэ инэу, lэпэlасэу, цlыф lушэу зыкъигъэлъэгъуагъ. Бжыхьэ кlасэ хъугъэу Ионическэ хыгъэхъунэхэр Ушаковым зэриштагъэм пае Александр Невскэм иорден игъусэ тамыгъэу мыжъо лъапlэхэр зыхэсыр къыратыгъ, Шыихъ Иоанн Иерусалимскэм иорденкlи илlыхъужъ гъэхъагъэхэри фыхагъэунэфыкlыгъэх.

Зекlонхэр, текlоныгъэхэр, тынхэр, цlэхэр, щытхъур Урысыем изакъоп къызщихьыгъэхэр, lэкlыб хэгъэгухэми Ушаковыр ащыцlэрылlо хъугъагъэ.

Илъэсхэр зэблэкlых, илъэсипшlыхэр тешlэх, кlэлэгъури блэкlы, ныбжьыри хэкlуатэ. Упчlэхэр, упчlэхэр. Тыдэ укъикlыгъа, ухэта? Тыда уздакlорэр, сыд къыщыпшlэщта? Ахэр джау сыдми упчlэ къодыехэп: узщыщыр пшlэным, о зыпшlэжьыным, уауж къикlыхэрэм уигущыlэ япlоным пай.

Ящэнэрэ Петрэ лlэкъолъэшхэм шlу афешlэ ыlуи, лъэпкъышlумэ къахэкlыгъэхэм фэгъэкlотэныгъэхэр защыфишlырэ унашъо къыдигъэкlыгъагъ, ащ ыуж илъэс тlокl тешlагъэу Апэрэ Павел архивхэмрэ къэралыгъо lофшlапlэхэмрэ ачlэсхэм цlыф цlэрылохэр къызхэкlыгъэхэр къэзыушыхьатрэ тхылъхэр аратынхэу афигъэпытэгъагъ. Ащ къыпкъырыкlи, адмирал Ушаковым лъэlу тхылъ пачъыхьэм фигъэхьыгъагъ. Рэдэд пщышхом къытекlыгъэ шъыпкъэу

зэрэщытыр къэралыгъо тхылъыкӀэ къыфаушыхьатыным ар кӀэдэущтыгъэ.

В. Овчинниковым итхылъэу «Федор ыкъо Федор Ушаковыр» зыцӀэм къызэрэщитхырэмкӀэ, пачъыхьэм иадмирал къыфитхыжьыгъэм къыщиӀощтыгъэ: «Владимир ыкъо Мстислав пщышхом Рэдэд пщышхор ыукӀыгъ, Рэдэд ыкъохэр чыристан ышӀыгъэх, диныр зарегъаштэм, апэрэм Юрэ цӀэ фишӀыгъ, адрэм Роман фиусыгъ, пщышхом ыпхъу Роман шъузкӀэ ритыгъ. Роман ыкъор Василь, Рэдэд ыкъом икӀал. Василь ыкъор Юр... Григорий икӀэлагъэхэр: Ушак, Лапоть, Крапотка, Илья, Алексей, Иванышхор, Лев, Иван цӀыкӀур...»

Адмиралэу Ушаков Федор илӀакъо Рэдэд пщышхомкӀэ къызэрежьэрэр а джэуапым къеушыхьаты.

1804-рэ илъэсым игъатхэ Ушаков адмиралыр пачъыхьэм фэтхэ, Урысыем илӀэкъо фэшӀыгъэхэм ятамыгъэхэр зыдагъэуцорэ тхылъым Ушаковхэм ялӀэкъо тамыгъэ дагъэхьанэу елъэӀу. Адмиралым ыӀапэ зыкӀидзэжьыгъэ лъэӀу тхылъым къыщеӀо: «ТилӀакъо къосэгъупщ Рэдэд къызэрэтекӀыгъэр щызэхэфыгъэу, лӀэкъо тамыгъэ къызэрэттефэрэр къыщигъэшъыпкъэжьыгъэу лъэӀу тхылъэу къыпфэстхыгъэм ихьатыркӀэ О, Пачъыхьэшхо ЛъапӀэм, силӀэкъо Ушаковхэр лӀэкъо тамыгъэхэр зыдагъэуцорэ тхылъым дябгъэгъэхьанэу сыолъэӀу...»

1807-рэ илъэсым Ушаков адмиралым илъэӀу фагъэцэкӀэгъагъ, Рэдэд пщышхом къызэрэтекӀыгъэр къыушыхьатэу Разряднэ тхылъым ылъэкъуацӀэ датхэгъагъ, тамыгъэхэр зыдагъэуцорэ тхылъым Ушаковхэм ялӀэкъо тамыгъэ дагъахьи, адмиралым тхылъи, мыхъури къыратыжьыгъагъэх.

Рэдэд къытекӀыгъэхэм афэгъэхьыгъэу джыри гущыӀэ заул.

ЯтӀокӀэнэрэ лӀэшӀэгъу.

Урысыем иполицие игъэӀорышӀапӀэ Лопухин Александр пащэу иӀагъ, революцием ихыуаеу къашъхьарыхьэрэм пэуцужьыщтыгъ, ау зэпыщыт кӀуачӀэхэм ахэгъощыхьи, ежь хьапс ашӀыгъагъ.

Лопухин Дмитрий Генеральнэ штабым изабытыгъ. Апэрэ дунэе заом хэкӀодагъ. Лопухин Михаил анархистыгъ, Трубецкой пщыхэм ягъусэу ЯтӀонэрэ Николай шъхьафит ышӀыжьыным ыуж итыгъ.

Непэ, тхылъым итхын зыщысыухыгъэ яминитӀурэ илъэсым игъэтхапэ къэӀугъэр джэрпэджэжьэп, блэкӀыгъэхэ лӀэшӀэгъу пчъагъэхэм амакъ. Москва телевидениемкӀэ къытырэмэ ащыщ горэм къыщаӀуагъ: «Пщы гуащэу Лопухин Владимир ыпхъу Наталье гущыӀэр етэты». Бзылъфыгъэм къыушыхьатыгъ: «Ары, сэ Рэдэд къосэгъу пщышхом илӀакъо сыщыщ».

Рэдэд къытекӀыгъэхэм ащыщыгъэу джыри зы нэбгыр. Ар Кокошкин Федор ыкъо Федор ары. Юрист цӀэрыӀуагъ, профессорыгъ, Къэралыгъо Думэм идепутатыгъ, Учредительнэ зэӀукӀэм зэрэхадзыщтхэ шӀыкӀэхэр зэхигъэуцощтыгъэ, кадетхэм япартие ипащэхэм ащыщыгъ, октябрэм ипшӀыкӀублым щыӀэгъэ революцием ыуж Петропавловскэ пытапӀэм игъэрыгъ, матросхэм аукӀыгъ.

Джы мыщ къыкӀэлъыкӀощт къэбар кӀэкӀхэри тарихъым щыщых, илъэс мин фэдизкӀэ узэкӀэӀэбэжьмэ, Пепау къушъхьэ лъапсэм кӀэрылъ гъэхэунэм къыщежьэгъэ лъагъох. Ар хы ШӀуцӀэмрэ хы Фыжьымрэ азыфагу илъ шъолъырым щыбэгъогъэ къутэмэ кӀочӀэшху. Ащ ыуж нэгъой-монголхэр къатеогъагъэх, нэмыкӀ лӀэшӀэгъу зэкӀэлъыкӀохэм яохътэ хьылъэхэри къэкӀуагъэх...

ЯпшӀыкӀухэнэрэ лӀэшӀэгъум апэрэ адыгэхэр Урысыем ихьагъэх. Нахь тэрэзэу къэпӀон хъумэ, ежь-ежьырэу кӀуагъэхэп, лӀэшӀэгъухэм яшӀэжь напэ къяджагъ, яжъыхэм зыфащагъэх.

1540-рэ илъэсхэм Шъэбэкъу жэнэпщым УрысыемкӀэ зигъэзагъ. Чыристан хъугъэ ыкъуитӀоу Александрэрэ Васильрэ игъусэхэу, урысыдзэм пащэ фэхъугъэхэу Ливон заом хэлэжьагъэх. А охътэ дэдэм адыгэпщыхэу Шъэбэкъуи, Мэщыкъуи, Темрыкъуи Урысыем екӀурэ гъогухэр къагъотыгъэх.

**Идар Темрыкъо** зэмыблэжьрэ дзэкӀолӀыкӀэ алъытэщтыгъ. ЛӀышхуагъэ, кӀочӀэшхуагъ, упкӀэр икӀэлъыныгъ, кӀакӀор итехъоныгъ, уанэр ипӀэшъхьагъыгъ, гъомылэ къызэрыкӀор иӀусыгъ. ОшӀэ-дэмышӀэкӀэ пыим теощтыгъэп, макъэ ригъэӀути, екӀущтыгъэ, тхьагъэпцӀыгъи, кӀылыгъи къызхигъафэщтыгъэп, зэфагъэ зыхэлъ заом фэщэгъагъ.

Индыл, Тенэ Iушъохэм пчъагъэрэ къырым хъанхэм ащезэуагъ.

Темрыкъо къуиплI иIагъ – Дэмынэкъу, Мамсырыкъу, Бэгълайрыкъу, СултIан. Ыпхъумэ ацIагъэхэр – Алтынчач, Мэлхъурыб, Гощэунай. Астрахъан пачъыхьэм ыкъо Бекбулат шъузыкIэ Алтынчач ритыгъагъ, Мэлхъурыб гурытыр, Нэгъой Орда иным ихъан ыкъо Тинехмат ригъэщэгъагъ. Джаущтэу Астрахъан пщыгъомрэ Нэгъой Орда инымрэ Iахьылыгъэ-блэгъэныгъэ адишIыгъагъ.

Астрахъан пщыгъор Урысыем зыхахьэм, Иван Грознэ пачъыхьэм Ока псыхъо пэIулъ чIыгухэр Бекбулатрэ Алтынчачрэ аритыгъагъэх. 1556-рэ илъэсым Тинехматыпщым лIыкIохэр фишIыгъагъэх. Черкасскэ Мэлхъурыбэ шIухьафтын лъапIэхэр фыригъэхьыгъагъэх. Ахэм нэужым Москва псэупIэкIэ къыхахышъ, пщы лIакъоу Урусовхэр къатекIы. Iахьылыгъэ зэпхыныгъэхэмкIэ Урысыем къыгуищагъэхэр иIэпыIэгъухэу Иван Грознэм ипыйхэм апэуцужьыныр нахь Iэрыфэгъу зыфешIыжьы. А зэблэгъэныгъэм кIэух зыщыфишIыжьрэр иапэрэ шъузэу Анастасие зылIэкIэ ары, Темрыкъо ыпхъу нахьыкIэ Гощэунай къещэ. Пачъыхьэм ар фащэ зэхъум, къэзэкъ-адыгэ шыу минрэ някъорэ Москва нэс гъусэ фэхъугъагъ. Шыумэ апэ Бутурлин дзэпащэр итыгъ, лIыкIохэу Мякининымрэ Вокшенинымрэ ягъусагъэх. 1561-рэ илъэсым иаужырэ гъэмэфэ мазэ и 21-м Макарий метрополитым Иван Грознэ урыс пачъыхьэмрэ адыгэпхъу Гощэунай гуащэмрэ Успенскэ чылысым щызэгуитхагъэх.

Ащ фэдэ зэгохьаным адыгэхэри фэчэфыгъэх. 1558-рэ илъэсым адыгэ лIыкIохэр Москва макIох. Ахэмэ Темрыкъо ыкъуитIоу Бэгълайрыкъорэ СултIанрэ япэщагъ. Къатебэнэрэ IэкIыб хъункIакIохэм ащиухъумэнэу лIыкIохэр пачъыхьэм елъэIугъэх. Иван Грознэм ичIыгухэр Кавказым илъыгъэхэти, къафэчэфыгъ, IэпыIэгъуи къаритыгъ.

СултIан Москва къыдэнагъ, чыристан диным ихьи, Черкасскэ Михаил хъугъэ.

Тыркумрэ Урысыемрэ азыфагу зао къитэджагъ. Тыркухэмрэ къырым хъанхэмрэ ядзэхэм Астрахъан фаузэнкIыгъ. Урысыемрэ Иранрэ апэуцужьыным пае Индыл псыхъо ыхэкIэ илъ чIыгухэр, къыблэ-къокIыпIэм щыIэ адыгэ чIыгухэр Тыркуем ищыкIэгъагъэх. Тыркуемрэ



Къырымымрэ ядзэхэр урысыдзэм къызэкIидзэхи, къызтырагъэзэжьым, Темрыкъо зипэщэ шыудзэр атеуи, зэхигъэтэкъуагъэх, гъэры бэ ашIыгъэр, мылъкушхуи къатырахыгъ.

КъохьэпIэ адыгэ чIыгум дзэ хъатэ зэримылъыр къызфигъэфеди, къырым хъаным ыкъо Адыл-Джэрые заокIэ къякIугъ. Темрыкъо ыкъохэм IэпыIэгъу афэхъу шIоигъоу ащкIэ ыгъэзагъ, ау пыир нахь кIочIэшхоти, къатекIуагъ, Мамсырыкъуи, Бэгълайрыкъуи гъэрыпIэм ифагъэх, къытыращэгъэ уIэгъэ хьылъэхэм Темрыкъуи арылIыкIыгъ.

**Темрыкъо ыкъо Мамсырыкъо Черкасскэр** Иван Грознэм ишъуз Гощэунае (Марие) ышнахьыжъыгъ. Ар Москва апэрэу 1565-рэ илъэсым кIогъагъэ: «А илъэсым иапэрэ гъэмэфэ мазэ и 17-м Черкасым къикIи,– «Урыс хъугъэ-шIагъэхэр зыдэт тхылъым» щыхагъэунэфыкIы,– Мамсырыкъопщыр Москва къэкIуагъ. ЛIэкъолъэш къуаджэу Александров кIонэу пачъыхьэ пщышхом ащ унашъо фишIыгъ. Ятэ ТемрыкъопщымыцIэкIэ пачъыхьэ пщышхом Мамсырыкъо шъхьащэ фишIыгъ, черкасхэр сыдрэ IофкIи ятэ къызэремыдэIухэрэр, ахэр фигъэIасэхэ зэрэшIоигъор риIуагъ».

Урыс лъэпкъым щымыгъупшэжьын лъэуж Мамсырыкъо къыгъэнагъ. Урысыем зэрэщыIагъэр жэрыIо таурыхъыбэхэм, тарихъ орэд зэфэшъхьафхэм ахалъхьагъ. Ахэмэ къахихи, «Василь ыкъо Иван пачъыхьэм, дзэкIолI ныбжьыкIэм, сатыушIэ бланэу Калашниковым афэгъэхьыгъэ орэд» ыцIэу Лермонтовым поэмэ ытхыгъагъ.

Черкасскэ Мамсырыкъо пачъыхьэм шIу ылъэгъурэ шIупщ кIалэу орэдхэми, таурыхъхэми бэрэ къахафэ. Тхыгъэхэм къызэраушыхьатырэмкIэ, ишъуз ыш пачъыхьэм ыгу рихьыгъагъ, иинагъи, ыкIуачIи, илIыблэнагъи ыгъэшIагъо фикъугъагъ. «Ей о, черкесыпщыр, уин дэдэу, уиныжъэу укъэхъугъ о...» Мы орэдым къыхэхыгъэхэ гущыIэхэр Мамсырыкъо зэрэфэгъэхьыгъэхэр «Адыгэпщымэ къарыкIуагъэр» зыцIэ тхылъым къегъэшъыпкъэжьы: «Мамсырыкъо теплъэшхо иIагъ, Къэбэртайй щыщыщынэщтыгъэх». Мамсырыкъо фэгъэхьыгъэ тарихъ орэдым зыцIэ къыщыриIохэрэр а лъэхъаным щыIэгъэ шъыпкъэх: Иван Грознэр, Темрыкъу, Мариер, Мамсырыкъу, нэмыкIхэри. Я XVI-рэ лIэшIэгъум къэхъугъэ тарихъ орэдхэм ар анахь цIэрыIуагъэу

тарихълэжьхэм алъытэ, Мамсырыкъо ахэр Москва къыщыщехъулIагъэхэу къаушыхьаты.

1565-рэ илъэсым иапэрэ бжыхьэ мазэ ыкIэм Мамсырыкъо Москва къыдэкIыжьыгъ. ИшIупщ Темрыкъо илъэIу фигъэцакIэзэ, Иван Грознэм Ржевскэ Матвей дзакIомрэ къэзэкъхэмрэ игъусэхэу Къэбэртае ыгъэкIуагъэх. НэмыкI дзэкIо купэу Дашковыр зипэщагъэр лъэсэу атIупщыгъагъэти, зызэкIэхьажьхэм, Мамсырыкъо ядзэпащэу заокIэ Къэбэртэешхом ихьэхи, къырым хъаным гоуцогъэгъэ Къаитэкъопщыхэр къырагъэуцолIагъэх.

Адыл-Джэрые 1570-рэ илъэсым адыгэ чIыгум къызытеом, Мамсырыкъорэ ышнахьыкIэ Бэгълайрыкъорэ гъэры ышIыгъагъэхэти, Иван Грознэм Къырым фэмышIугъэми, ишъуз ышыхэр гъэрыпIэм къырищыжьынхэмкIэ ылъэкI къыгъанэрэп. Мары ащ Долэт-Джэрые хъаным фитхырэр: «Темрыкъопщым ыкъохэу Мамсырыкъорэ Бэгълайрыкъорэ о пкъо Адыл-Джэрые ыIэ къифагъэхэу къэбар къыднэсыгъ. Къытфыуи Iэ гукIэгъум ихьатыркIэ Темрыкъопщым ыкъохэу Мамсырыкъорэ Бэгълайрыкъорэ силIыкIо Нагим Афанасий къыдэбгъэкIожьыгъэхэмэ дэгъугъэ, уапэкIэрэмыIэу талъэныкъокIэ къябгъэгъэзэжьыгъагъэмэ, тэри Iэпэо-лъэпао тыпфэмыхъоу укъызкIэлъэIурэр къыпфэдгъэцэкIэни».

Темрыкъо ыкъохэр гъэрыпIэм къырищыжьынхэм зэрэпылъыр Иван Грознэм нэужыми щигъэтырэп. Шапкин пачъыхьэ лIыкIор Къырым егъакIошъ, Мангупэ щаIыгъ Бэгълайрыкъо пачъыхьэ тынхэр ретыжьых, ишIуфэси рехыжьы, Багъчысэрай Мамсырыкъо щыIокIэ. Iэхъу-лъэхъухэр телъэу ар чIыунэм щаIыгъыгъ. Урыс пачъыхьэм щымыгъупшагъэмэ, шIэхэу шъхьафит зэрэхъужьыщтыр ышIошъ хъуи, лъэшэу гушIуагъэ. Сыдэу щытми, Мамсырыкъо гъэрыпIэм къикIыжьыгъагъ, ау фэхъугъэ гъогур джы къызнэсыгъэм шъэфэу къэнагъ. ИIахьылхэм къащэфыжьыгъэнкIи мэхъу, е къаIэпыкIыжьыгъ, е Иван Грознэм къаригъэтIупщыжьыгъ. Бэгълайрыкъо рыкIуагъэр джы къызнэсыгъэм цIыф ышIэрэп.

1578-рэ илъэсым Иван Грознэр къеджэшъ, Мамсырыкъо шыу отэр игъусэу къулыкъу фихьынэу ыдэжь макIо. Москварэ пачъыхьакIэу Иван ыкъо Федорырэ зэрафэшъыпкъэр къегъэлъагъо, тыркухэмрэ къырым нэгъойхэмрэ



адыгэхэр ащиухъумэнхэу елъэIу. Адыгэмэ яшIоигъоныгъэхэм япхырыгъэкIын чанэу пылъыгъэхэр, Темрыкъо зыщымыIэжьым ыуж, ыкъохэу Дэмынэкъорэ, анахьэу Мамсырыкъорэ.

Урысыем тетыгъор щызыIыгъыгъэхэм Мамсырыкъо лъэшэу агъэлъапIэщтыгъ, пыйхэр къыщыщтэщтыгъэх, иныбджэгъухэм шIу къалъэгъущтыгъ, рыгушхощтыгъэх.

Я XVII-рэ лIэшIэгъур къихьэгъэ къодыеу илъэс пчъагъэхэм азыфагу дэлъыгъэ зэнэкъокъухэр, мырэзэныгъэшъхьакIохэр дагъэзыжь ашIоигъоу аIуи, Дэмынэкъорэ Мамсырыкъорэ Къазыипщхэм рагъэблэгъагъэх. ЗэшитIур зэзэгъын амылъэкIын Iофыгъохэу къафыкъуахыгъэхэр зыфэдагъэхэр шъэфэу къэнагъэх, ау тхыгъэхэм къызэраушыхьатрэмкIэ, «мэфитIо зэкIоцIыпхагъэхэу аIыгъхи, ящэнэрэ мафэм аукIыгъэх». ЛIыгу зиIэ зэшитIур ятэ иосыет епцIыжьыгъэп, щыIэныгъэм хьадэгъур пашIыгъ. Мамсырыкъо ыкъохэри ятэрэ ятэжърэ ауж рыкIуагъэх, къулыкъушIэ УрысыемкIэ загъэзагъ.

**Черкасскэ Темрыкъо ыкъо Михаил (СултIаныр)** Москва зэкIом, илъэс пшIыкIуим итыгъ. Пачъыхьэм ар лъэшэу ыгу рихьыгъ, чыристан диным ригъэхьагъ, гъэсэныгъи, дзэ зещакIи рагъэшIэнэу унашъо афишIыгъ.

Иван Грознэм илъэхъан Урысыем иапэрэ тарихъ зэхагъэуцогъагъ. Шъо зэфэшъхьафхэр зиIэ сурэтхэмкIэ ар гъэкIэрэкIэгъагъэ. Ахэмэ ащыщэу сурэт тIокIым фэдиз Урысыемрэ Черкесиемрэ язэфыщытыкIэхэм афэгъэхьыгъ. Зы сурэтым Михаил-СултIан чыристан диным зэрарагъэхьагъэм, адрэм – гъэсэныгъи, дзэ зещакIи зэрэрагъэшIагъэм къыщытегущыIэ. А лъэхъаным Урысыем гъэсэныгъэшхо щызгъотыгъэ адыгэмэ апэрыгъэр Михаил-СултIаныр арэу къызшIобгъэшIын плъэкIыщт.

Джары зэрэщытыгъэри. Ятэ фэдэ хъужьыгъэ Михаил пачъыхьадзэм хэхьагъ, псынкIэуи иIэнатIэкIэ дэкIоягъ. 1559-рэ илъэсым, дзэпщ цIэрыIоу Вишневецкэ Дмитрий къызэритхыжьырэмкIэ, дзэпащэу Черкасскэ Михаил кIэлэ дэдэу къыблэмкIэ къикIыгъэ шыухэр зэхигъэтэкъуагъ, УрысыемкIэ осэшхо зиIэгъэ пытапIэу Полоцкэ пштэн умылъэкIынэу алъытэщтыгъэри ыIэ къыригъэхьагъ. Иван Грознэр бэмэ ащытхъущтыгъэп, ау дзэпщ кIэлакIэм лъэшэу рыгушхощтыгъэ, къыпэблагъэ ышIыгъагъ, тыныбэхэри

ритыщтыгъэх, къыригъащи, боярин цӀэрыӀоу Захарин-Юрьевым благъэ фишӀыгъагъ. Илъэс щэкӀым итэу Черкасскэ Михаил Урысыем ибоярин мэхъу. ӀофымкӀэ емызэщыжьэу, сэнаущышхо зыхэлъ лӀым дзэм зэхъокӀыныгъэхэр фешӀы, ӀашэкӀэ зэтырегъэпсыхьэ, нахь жыы кӀэтэу зекӀоу ешӀы. ЛэжьэкӀупӀэу Михаил иӀагъэм ыгъунэ ышӀэжьыщтыгъэп, Урысыем анахь баеу исмэ ащыщыгъ. О. Л. Опрышкэ итхылъэу «Тарихъым илъагъохэмкӀэ» зыцӀэм къыщетхы: «Идар Темрыкъо ыкъо Черкасскэ Михаил пачъыхьэм ыуж апэрэ цӀыфэу алъытэщтыгъэ. Боярхэм я Думэ хэтхэм апэ исыщтыгъ, лъэкъуацӀэхэм къяджэхэ зыхъукӀэ, апэ дэдэ ыцӀэ къыраӀощтыгъэ...»

Къырым хъаныр Москва къызыщытеуагъэмэ ащыщ горэм Черкасскэ Михаил зипэщэ урысыдзэр шыу минишъэрэ тӀокӀырэ хъурэм пэуцужьын ылъэкӀыгъэп. ДолэтДжэрые Москва ыштагъ, ыхъункӀагъ, ыгъэстыгъ, цӀыфыбэ ыукӀыгъ, гъэрэуи ыубытыгъэр бэ.

Иван Грознэр Ярославль чъэжьыгъэ.

1571-рэ илъэсым игъэмафэ Черкасскэ Михаил лӀэкъолъэш къуаджэу Александров къащи, щыпалъагъ.

Н. М. Карамзин мары ащ пае къытхырэр: «Темрыкъо ыкъо Михаилэ азиат жъалым, дзэпщ цӀэрыӀо дэд, укӀэкӀо губгъэныхь, щытхъуи, мыхъуни къыратэкъохыгъ, мылъкубэ дэдэ зэригъэгъотыгъ, пачъыхьэр джэгузэ, а зэпстэур тырихыжьыгъ. Дзэм пэщэныгъэ дызэрихьэзэ, ащ ДолэтДжэрые ыуж ыфын фэягъ... Ыуж ихьагъ, ау ошӀэ-дэмышӀэу илъэгапӀэ къыраутэхи, пчэгъум шӀуагъэтӀысхьагъ...» Бадигин тхакӀом ироманэу «Иван Грознэм икорсархэр» зыцӀэм къыщеӀо: «НэплъэгъуӀ гурыӀогъуаер пачъыхьэм идзэпщэ шъхьаӀэ фидзыгъ. ЫӀупшӀакӀэхэм тхъурбэ гъожьыр къадифыгъ, ыпакӀэ къэпӀыигъ, ыӀэхъуамбэхэр фэщым зэфищагъэх. Черкасскэ Михаил пчъэмкӀэ зэкӀэкӀуагъ... «Шъуубыт! — зэкӀэщтэгъэ дзэпщымкӀэ пачъыхьэм ыӀэхъомбэ кӀыхьэ ыдзыгъ.— Пчэгъум шӀохэжъугъэтӀысхь!..» Пачъыхьэм иухъумакӀохэр бгъу пстэумкӀи дзэпщ шъхьаӀэм екӀугъэх. ЗэраукӀыщтыр гурыӀуи, Михаил сэшхор къырипхъоти, къяззэожьэу ригъэжьагъ...»

Иван Грознэм анахь фэшъыпкъэгъэ Черкасскэ Михаил игъашӀэ джаущтэу ыухыгъэнкӀи хъун, е нэмыкӀ кӀодыкӀэ фэхъугъэнри къыдыхэт.



**Саид-Булат** – Темрыкъо ипхъорэлъф, Алтынчач ыкъу. Щытхъум илъэгапӀэ нэси, Черкасскэ Михаил игъашӀэ тхьамыкӀагъокӀэ зэриухыгъэм яхьщыр ащ ышъхьэ къырыкӀуагъэр. Янэшыпхъу Гощэунае Иван Грознэм шъузыкӀэ зыфащэм, Москва нэс дэкӀотэгъагъэхэмэ Саид-Булати ахэтыгъ. Темрыкъо имэхъулъэ Бекбулати ипхъорэлъф Саид-Булати Гощэунае гъусэ фэхъугъэ къодыягъэхэп, пачъыхьэ щагум къыдэнэнхэшъ, къулыкъу щахьын ягухэлъыгъ.

Охътэ заулэ зытешӀэкӀэ, имэхъулъэгъу пачъыхьэр хьалэлэу къетэ – ежь къыфэӀорышӀэщтыгъэ Къасым хъаныгъоу Ока псыхъокӀэ щыӀэм хъаны фешӀы. А лъэхъаным хъаныгъом кӀэнэцӀхэу нэгъой пщы кӀалэхэр мымакӀэу Москви, Казани адэсыгъэх. Ятэ зыщымыӀэжь нэужым Москва гъэсэныгъэ дэгъу щызгъотыгъэ Саид-Булат Къасымэ хъаныгъом кӀэнзехьэ фэхъу. Къасым хъаныпӀэм Алтынчач щэлӀэшъ, щагъэтӀылъыжьы. Янэшыпхъу Гощэунаий дунаим ехыжьыгъэми, Иван Грознэр хъан кӀалэм зэрэфэшъыпкъэу къэнэжьы.

ЛӀыгъэрэ шъыпкъэныгъэрэ зыхэлъ цӀыфэу Саид-Булат Ливон заом хэлэжьэгъагъ. Москва имызакъоу нэмыкӀ пщыгъохэми дэгъоу ащызэлъашӀэ. ЦыхьэшӀэгъукӀэ пачъыхьэр Къасымэ хъаныпӀэм бэрэ макӀо, къызэмыплъэкӀыжьэу Саид-Булат цыхьэ фешӀы, ыгукӀэ рэхьатэу зыдегъэпсэфы, шакӀо щызэдакӀох, къэралыгъо Ӏофхэми ащытегущыӀэх.

Ащ фэдизэу пачъыхьэм Саид-Булат ынаӀэ зыкӀытыригъэтрэр, цыхьэшхо зыкӀыфишӀырэр зэриӀахьылым изакъоп, гъунэ имыӀэу къызэрэфэшъыпкъэрэр елъэгъушъ, чыжьэу кӀорэ гухэлъ шъэфхэри диӀыгъых.

Иван Грознэм итетыгъо ыгъэпытэным, къэралыгъо зэикӀ зэхищэным а ӀофышхомкӀэ къыпэуцужьрэ пщы-боярхэр зэхигъэтэкъонхэм пае Урысыер тӀоу егощы. Зыр идзэ хэхыгъэкӀэ ежь егъэӀорышӀэ, адрэр боярхэм яхэбзэжъхэмкӀэ зэрахьэ.

Пачъыхьэм ыӀэ къыригъэнэгъэ чӀыгухэм ащыпсэурэ боярхэр, пщыхэр, лэжьакӀохэр идзэ хэхыгъэ регъэхъункӀэх, тырырегъэстыкӀых, лыягъэхэр рырегъэхых, регъэукӀых, боярхэм агъэӀорышӀэрэ чӀыпӀэхэми анегъэсых, хэгъэгур

хъуафэ регъафэ, зыкӀэмыӀэжь ешӀы. Урысыер хэгъэгу зэикӀ ышӀыным Иван Грознэм нэмыкӀ амал къыфигъотырэп.

Игухэлъ шъхьаӀэ пачъыхьэм егъэцакӀэ, идзэ хэхыгъэ хэгъэгур тхьамыкӀэ дэдэ ышӀыгъэми, феодалмэ къакӀэныжьыгъэ хабзэхэр къахэнэжьрэ щымыӀэу егъэкӀодых, пщы-боярхэу къыпэуцужьыщтыгъэхэм янахьыбэр Ӏуарегъэхы, итетыгъо егъэпытэ. Пщы-боярхэр, динлэжьхэр лъэшэу къызэрэфэмыразэхэр, цӀыфхэр тхьамыкӀэ дэдэ зэрэхъугъэхэр, къумалыгъэ къызхафэхэрэр мымакӀэу къызэрэхэкӀхэрэр къыделъытэшъ, идзэ хэхыгъэ щыщ къызфегъанэ, адырэхэр зэбгыретӀупщыжьых, ау игухэлъхэм ащыщхэу зыкӀимыгъэхьагъэхэр нэмыкӀ цӀыф ыӀэкӀэ ригъэшӀэнхэу рехъухьэ. К. Валишевскэм итхылъэу «Иван Грознэр» зыцӀэм къызэрэщитхырэмкӀэ, 1574-м Иван Грознэм дзэ хэхыгъэр зыпкъ регъэуцожьышъ, пачъыхьагъур егъэтӀылъы, Къасымэ хъаныпӀэм Саид-Булат къырещышъ, чыристан динир регъаштэ, Симеон цӀэу фешӀы, «Урысыем ипщышхуацӀэу» ежь иӀэр реты.

Темрыкъо пщышхом ипхъорэлъф Саид-Булат-Симеон джауштэу Урысые къэралыгъом пачъыхьэ фэхъу. ЗэкӀэмэ алъэгъоу Урысыем ипачъыхьакӀэ шъхьащэ фишӀэу Иван Грознэм регъажьэ. Боярхэм зэрашӀырэм фэдэу, Симеон дэжь ар зыкӀокӀэ, пэчыжьэу мэтӀысы, пачъыхьэ чӀыпӀэм Симеон етӀысхьэ, ежь Иван Грознэм ыцӀэкӀэ, икӀалэхэм ацӀэкӀэ лъэӀу тхылъхэр фетхых, къыфегъэцакӀэх, ежьхэм зэдашӀэу къыфимыгъэцэкӀэрэ лъэӀухэри къыхегъафэх.

Н. Костомаровым итхылъэу «Хэгъэгум иӀофышӀэ шъхьаӀэхэм къарыкӀуагъэр урыс тарихъым зэрэхэтыр» зыфиӀорэм къызэрэщитхырэмкӀэ, Иван Грознэм Урысыем ипщышхоу Бекбулат ыкъо Симеон лъэӀоу фишӀыщтыгъэхэр мырэущтэу къыригъажьэщтыгъ: «Зэрэ Русь ипачъыхьэу, пщышхоу Бекбулат ыкъо Симеон Василь ыкъо Иван икӀэлэцӀыкӀухэу Иванецрэ Федорецрэ игъусэхэу шъхьащэ къыпфашӀы...»

Рюриковичхэм къахэкӀыгъэ шъуз иӀэ хъумэ, Саид-Булат пачъыхьагъур зэрихьанэу фит зэрэхъущтыр Иван Грознэм къыделъытэшъ, Мстиславскэ Иван ыпхъу Анастасие къырегъащэ. Пачъыхьэ пэӀуиймэ ащыщэу зы паӀуи, пачъыхьэ тетыгъор къэзгъэунэфрэ бэщ гъэкӀэрэкӀагъэри ретых. НэмыкӀ цӀыф лъэпкъхэу къыфэӀорышӀэхэрэм япащэмэ ятетыгъо зэригъэлъапӀэрэр Симеон ищысэкӀэ пачъыхьэм агуригъаӀо шӀоигъу. Ау щытми, пачъыхьагъур Симеон лъэхинапэрэп, къэралыгъо Ӏофышхохэр ежь ышъхьэкӀэ зэшӀуехых.

1574—1576-рэ илъэсхэм къакӀоцӀ, Бекбулатрэ Алтынчачрэ акъо Симеон пачъыхьагъур еӀыгъыфэ, Иван Грознэм ащ ыӀэкӀэ чылысмэ аӀыгъ чӀыгубэхэр, ямылъкухэр къатырехых, дзэ хэхыгъэм фэмыгъэхъугъэ Ӏофыгъохэр зэшӀуехых, боярхэмрэ динлэжьхэмрэ чӀыпӀэ къин редзэх, ежь нахь мымакӀэу пачъыхьакӀэр пхъашэу зэрадэзекӀорэр агуригъэӀоным пылъ.

1576-м иятӀонэрэ илъэснықъо къызэрехьэу, Иван Грознэм пачъыхьагъур еубытыжьы, ардэдэм Симеон чылысмэ къатырихыгъэ чӀыгухэр аретыжьы, ямылъкуи арегъэгъотыжьы. АщкӀэ динлэжьхэм ящытхъу къызфехьыжьы, пщыгъор Тверь щызэрихьанэу Симеон егъакӀо. А лъэхъаным щыӀагъэхэм къызэраушыхьатырэмкӀэ, Симеон цӀыф шъэбагъ, шъхьэкӀоштэпхагъэп, ышъхьэ фэшӀушӀэжьыни, тхьагъэпцӀыгъи хэлъыгъэп. 1596-м нэс ипщыгъо къыриубытэхэрэр ыгъэгушӀохэу, къыухъумэхэу, тынэу атыралъхьэрэми афэсакъэу адэпсэу.

Иван Грознэр зэлӀэм, пачъыхьэ хъу шӀоигъо Годунов Борисэ имэхъулъэ Федор пачъыхьэ кӀалэр егъэдаӀошъ, Симеон пщышхуацӀэу Тверь щыриӀагъэр Ӏырегъэхы, Кушалинэ къуаджэм дагъэтӀысхьэ.

Иван Грознэм ыкъо Федор пачъыхьэр 1598-м малӀэ, Годунов Борисэ пачъыхьэ тахътэр еубыты, ащ иунашъокӀэ Симеон нэшъу ашӀы.

Апэрэ Лжедмитрие пачъыхьэ зэрэхъоу, Симеон щэщынэшъ, монастырым чӀарегъэгъэтӀысхьэ, Стефан цӀэу фашӀы. Апэрэ Лжедмитрие аукӀышъ, Шуйскэ Василь боярыр пачъыхьэ мэхъу. Ари Саид-Булат-Симеон— Стефан лӀыжъ нэшъур монастырым чӀэсыным фаеп, хы ФыжьымкӀэ щыӀэ Соловки хыгъэхъунэм арегъащэ.

Симеон лъэӀу тхылъ къегъэхьышъ, 1612-рэ илъэсым Дмитрий Пожарскэм Москва пэблэгъэ Кириллэ-Белозерскэ монастырым къарегъэщэжьы. Саид-Булат иӀоф фагъэпсынкӀэным Черкасскэ Борисэрэ ыкъо Иванрэ хэлэжьагъэхэуи плъытэн плъэкӀыщт.

Идар Темрыкъо ипхъорэлъфыгъэу, 1574–1576-рэ илъэситIум Урысыем ипачъыхьагъэ Саид-Булат (Симеон) 1616-рэ илъэсым иапэрэ мазэ и 25-м лIагъэ, тефэрэ лъытэныгъэхэр фашIызэ, Москва дэт хъулъфыгъэ монастырым щагъэтIылъыжьыгъ.

**Черкасскэ Василь Къэрданыкъо ыкъор** Иван Грознэм ишъуз Гощэунай иIахьылыгъ, Грознэм иаужырэ пачъыхьагъу илъэсхэм дзэм ипэщагъ.

ХэгъэунэфыкIыгъэн фае: зэкIэ Черкасскэхэм анэтIэгу итхэгъагъэм фэдэу къэралыгъо е дзэ Iоф IэнатIэхэр Урысыем щаубытыхэзэ, псынкIэу хэгъэгу лъэгапIэмэ адэкIуаещтыгъэх, ау, джащ фэдэкъабзэуи, зэфэшъхьаф шIыкIэхэмкIэ къефэхыжьыщтыгъэх.

Къэрданыкъо ыкъо Василь мары ышъхьэ къырыкIуагъэр: 1582-м Московскэ дзэшхом ипащ. Ока нэпкъ Iутыгъэ дзэ шъхьаIэр ыIэ илъэу илъэс заулэ къулыкъу ыхьыгъ, хэгъэгу гъунапкъэр къыгъэгъунагъ, къырым хъан нэгъойхэми апыщытыгъ. 1589-м игъатхэ Каширэ дэлъ дзэм ипащ. 1591-м къырым хъаныр Урысыем къытеуагъ. Тулэ щыIэ дзэ пэрытым ипащэу Черкасскэ Василь гъэхъагъэ ышIэу пыим пэIутыгъ. Ащ ыуж Ока егъэзэжьышъ, дзэшхо пащэу илъэсиблэ Iоф ешIэ.

1599-рэ илъэсым швед пачъыхьэм ыкъо Густав фашIыгъэ щэджэгъуашхэм Черкасскэ Василь рагъэблагъэ. 1601-м лIыкIо купым хэтэу Данием илIыкIо IокIэ. 1604-м пачъыхьэм дзэпащэу Смоленскэ егъакIо.

Шуйскэм итетыгъом Черкасскэ Василь Iофынчъэу къэнэшъ, Рязанскэ шъолъырым щыриIэ Песочнэ чылагъом мэкIожьы. Пачъыхьэ тахътэр ыубытынымкIэ зэрэдеIагъэм фэшI, Годунов Борисэ а чIыпIэр къыритыгъагъ.

Годунов Борисэ итетыгъо зытырадзы лъэхъаным, Черкасскэ Василь зыдэщыIагъэри ышIагъэри зыми ышIэрэп, ау нэфэ шъыпкъэр Апэрэ Лжедмитрий унашъоу ыгъэхьазырыгъагъэм Къэралыгъо Думэм щыщ ышIыщтэу хэтхэгъагъ, боярыныцIэри къыфиусын гухэлъ иIагъ. Енэгуягъо, зыгорэхэр фишIэгъагъэхэкIэ.

**Черкасскэ Къамболэт ыкъо Борис (Къэрэщай)** 1577-рэ илъэсым щыригъэжьагъэу Урысыем къулыкъу фихьыщтыгъ, ятIокIиплIырэ тIурэм Новгород дэлъ дзэшхом ипэщагъ.



1591-рэ илъэсым Къаз-Джэрые къырым хъаныр нэбгырэ минишъэ хъурэ дзэр ыIыгъэу Урысыем къытебэнагъ. Тулэ дэлъ дзэшхом ипащэу Черкасскэ Борисэ дзэзещэ Iазэу зыкъигъэлъэгъуагъ, ежь идзэ хэтыр бэкIэ нахь макIэми, хъаныр зэхикъутагъ. Ащ пае боярин ашIыгъ, щытхъушхо къызфихьыжьыгъ, урыс дзэпащэхэми анахь цIэрыIокIэ хахыгъ.

Инджылыз Флетчер итхылъэу «Урысые Къэралыгъом ехьылIагъ» зыфиIорэм щетхы: «Дзэпащэшхо е генерал джы зыхъухэрэр зао щыIэ зыхъукIэ ары, мыщ къыкIэлъыкIощт нэбгыриплIым яз ары зэрэхъугъэр: пщэу Мстиславскэ Иван ыкъо Федор, пщэу Черкасскэ Къамболэт ыкъо Борис, пщэу Глинскэ Михаил ыкъо Иван, пщэу Трубецкой Михаил ыкъо Иван».

Романов Никитэ ыпхъу Марфэ Черкасскэ Борисэ къыщагъ. Ар Иван Грознэм апэрэ шъузэу иIагъэм иIахьылыгъ, Никитэ ыкъо Федор ышыпхъугъ. Ар нэужым Филарет ыцIэу Урысыем патриарх фэхъугъагъ.

Черкасскэ Борисэрэ Марфэрэ лъфыгъищ яIагъ: Иван, Ирина, Ксения. Шереметев Иван ыкъо Федор Иринэ шъузы фэхъугъ, Ксение Колычев Дмитрие ыкъо Иван дэкIуагъ.

Черкасскэ Борисэ къэралыгъо акъыл дэгъу иIагъ, лъытэныгъэшхо фашIыщтыгъ. Аущтэу щытыгъ нахь мышIэми, Борис Годуновым ипыйкIэ ылъытэщтыгъ. Ар къызхэкIыщтыгъэр пачъыхьэ тахътэмкIэ Годуновым къенэкъокъурэ Романовхэм зэрапэблэгъагъэр ары. Ащ жъалымагъэ пачъыхьэм къыдызэрихьагъ. 1569-м Черкасскэ Борисэ пачъыхьэр ыукIын гухэлъ иI аIуи, ишIушIагъэхэр зэраиными, пщы цIэрыIомэ къызэрахэкIыгъэми, ныбжьышхо зэриIэми яплъыгъэхэп, Iэхъу-лъэхъухэр тыралъхьи, епхыгъэу аIыгъыгъ.

Нэужым Черкасскэ Борисэ ишъуз Марфэрэ ыпхъухэу Иринэрэ Ксениерэ игъусэхэу Белозерье ащэгъагъ. Романов Федор ыкъо цIыкIоу Михаил илъэситф нахь ымыныбжьэу ахэмэ адырагъэщыгъагъ. Черкасскэхэр шъэожъыем ни, ти фэхъугъэх, япшъашъэхэм ягъусэу Романов лIакъомкIэ апэрэ пачъыхьэ Урысыем фэхъущтыр шIум фапIугъ.

Черкасскэ Къамболэт ыкъо Борисэ 1601-рэ илъэсым идунае ыхъожьыгъ.

**Черкасскэ Борисэ ыкъо Иван** ятэ фэдэу, имылъку тырахи, лъэхъу-пшъэхъухэр телъхэу Вяткэ ращыгъ, етIанэ – Нижнэ Новгород, ащ ыуж ятэ зэлIэм, Москва къыгъэзэжьынэу фит ашIыгъ. Иван къулыкъу фихьынэу Годуновыр фэягъ, ау къезэгъыгъэп, Останкинэ дэтыгъэ пщы хапIэу къыратыжьыгъагъэм дэтIысхьажьыгъагъ.

А лъэхъаным Урысыем бырсырхэр къетаджэх, пачъыхьэ тахътэр щызэтырахы. ПщыцIэ зыфэзышIыжьыгъэ Отрепьев Гришкэ Черкасскэ Иван ыгу зыкъыришIыкIэу регъэжьэ, зыгуищэ шIоигъоу ыуж къехьэ. Годуновыр ылъэгъу зэрэмыхъурэм къыхэкIыкIэ ыгу къырегъаплъэ, деIэнэу реIо. ПачъыхьацIэ зыфэзышIыжьыгъэм Москва зиштэкIэ, Черкасскэ Борисэ икъупшъхьэ-лъашъхьэхэр Белозерье къырарегъэщыжьхэшъ, Новоспасскэ чылысым щычIарегъэлъхьажьых.

Черкасскэ Иван Отрепьев Гришкэ ыгъэгугъагъэми, зыпарэкIи деIэрэп, Годуновым фэмылъэгъуныгъэу фыриIэм зэрэзыдыригъэхьыхыгъэмкIи кIэгъожьы, ыгуи, ыли мэузы: цIыф хымэхэм чIыгур аулъэгурэ къодыеп, Черкасскэхэр фэшъыпкъэхэу зыфэлэжьэгъэ Урысыеу ежьхэми хэгъэгу лъапIэ афэхъугъэм инамыси, илъытэныгъи агъэкIоды. ЯтIонэрэ Лжедмитрие Урысыем къызетаджэм, Черкасскэ Иван теубытагъэ хэлъэу пэуцужьыгъ. Ауахътэм къэралыгъом ипэщэгъэ Шуйскэ Василь Черкасскэ Борисэ ыкъо Иван урысыдзэм пащэ фешIы.

Черкасскэ унагъом игъусэу Белозерье щыIэгъэ Романов Михаил шъэожъыер лIы мэхъушъ, 1613-рэ илъэсым Земскэ соборым Урысыем ипачъыхьэу хедзы. Романовхэм япачъыхьэгъу ублапIэ фэзышIырэр Черкасскэ Иван ипIурIахьылэу Романов Михаил ары. Романов Михаилэ пачъыхьэр апэрэ мафэхэм къащегъэжьагъэу зыпIужьыгъэ Черкасскэ Иван фэшъыпкъ. Стрелецкэм, Иноземнэм, Къэралыгъо Щагум, Къэралыгъо ахъщэр зэрылъым IэнэтIэшхохэр ащеIыгъы, пачъыхьэм ятэ имэхьлъэгъу Филарет зылIэкIэ, Черкасскэ Иван Урысыем иправительствэ шъхьэ фэхъу, хэгъэгум фыщытыкIэу IэкIыб къэралхэм афыриIэщтыр егъэунэфы. А лъэхъаным зэкIэмэ анахь баихэу Урысыем нэбгыриплI исыгъ, Пожарскэ Дмитрий ыуж ятIонэрэу къыкIэлъыкIощтыгъэр Черкасскэ Иван арыгъэ.



Урысыем икъэралыгъо IофышIэшхоу Черкасскэ Иван Борисэ ыкъо пщышхор 1642-рэ илъэсым лIагъэ, Новоспасскэ чылысым ятэ ихьадэу чIэлъым ежьыри гуалъхьажьыгъ.

Черкасскэ Иван адыгэ гуащэ ишъузыгъ, ау лъфыгъэ иIагъэпти, имылъкушхо Черкасскэ Дмитриерэ Черкасскэ Яковрэ зэфагощыгъ.

**Черкасскэ Мамсырыкъо ыкъо Дмитрий (Къаншъау)** Черкасскэ Темрыкъо ыкъо Михаилэ иIахьыл дэдагъ. Адыгэмэ ащыщэу ары Урысыем апэрэу боярин щыхъугъэр. Годунов Борисэ итетыгъо лъэхъаным тхыгъэхэм къахафэрэр ащ ыцI. Ежь ыпэкIэ щыIагъэхэм афэдэу, ащи зыдигъэзэщт лъэныкъор ышIэщтыгъэп, ау нэужым ихэукъоныгъэ ыгъэтэрэзыжьи, Урысыем зэрэфэшъыпкъэр IашэкIэ къыгъэлъэгъуагъ: IэкIыб хэгъэгухэм къарыкIырэ пыихэми, ЯтIонэрэ Лжедмитрие ебэнхэ зэхъуми, Пожарскэ Дмитрий готэу зэуагъэ. Москва къызегъэзэжьым, В. Банешевич «Урыс лIышъхьэмэ къарыкIогъэ гущыIалъэм» къызэрэщитхырэмкIэ, Спасскэ къэлапчъэмкIэ Кремлэм дэхьажьхэ зэхъум, Черкасскэ Дмитрий Пожарскэм иджабгъукIэ готыгъ. Москва шъхьафит зашIыжьым ыуж Лжедмитрие къыдэзэогъэ къэзэкъхэр Угличи, нэмыкI къалэхэми Черкасскэ Дмитрий адиукъэбзыкIыгъэх, Бутурлин Михаилэ игъусэу Вязьмэ, Дорогобуж, Белэ пытапIэр, Смоленскэ къалэр польскэ-литовскэ дзэхэм къатырихыжьыгъэх.

Урысыем фэшъыпкъэу къулыкъу зэрихьырэм пае Черкасскэ Дмитрие хэушъхьафыкIыгъэ дышъэ тамыгъэ къыфагъэшъошэгъагъ, 1619-м боярин ашIыгъагъ. Казани, Сыбыри ащыIэ дзэмэ япэщагъ, къокIыпIэ гъунапкъэхэр къыгъэгъунэщтыгъэх, етIанэ къыблэмкIэ щыIэ дзэхэм пащэ афашIыгъагъ. Дмитрие ышнахьыкIэ Гужъ, чыристан зэхъум, ФедоркIэ зэджагъэхэри, урыс дзэпщыгъ. Ежь Черкасскэ Дмитрие Бояр Думэм илъэс 32-рэ хэтыгъ. 1656-рэ илъэсым лIагъэ.

**Черкасскэ Къудайнэт ыкъо Яков (Урыскъан)** лIыпкъым иуцуагъэу къулыкъур ригъэжьагъ, ау илъэс тIокIитIум къакIоцI Iофэу ышIагъэр нэбгыритфи афикъун.

Я XVII-рэ лIэшIэгъум Урысыем анахь бай дэдэу исыгъэмэ Черкасскэ Яков ащыщыгъ, пщылI мин шъэныкъо ыIыгъыгъ, илъэс 20-м ехъу Бояр Думэм хэтыгъ, IэнэтIэ-

шхохэр къэралыгъом щиIыгъыгъ, правительствэм ышъхьагъ, пачъыхьэм ыуж ятIонэрэ цIыфэу Урысыем щалъытэщтыгъэ.

ЫIпшъэкIэ къызэрэтIуагъэу, Черкасскэ пщыхэр теубытагъэ ахэлъэу загъорэ псынкIэ дэдэу IэнэтIэ лъагэмэ анэсыщтыгъэх. 1624-рэ илъэсым Черкасскэ Яков (Урыскъан) пачъыхьэ Iэнэзегъакloу агъэнафэ. Ар къадэхъуным лIэкъолъэшыбэхэр къагъэшIэщтым кIэнэцIыщтыгъэх. Ащ ыуж илъэситIу нахь темышIагъэу Романов Михаил пачъыхьэм къещэ. Пачъыхьэм цыхьэ къыфишIэу, ежь къэсыфэ, къыщэщтым Яков Iанэм дыпэсыгъ. Джащ фэдагъ ижъыкIэ щыIэгъэ хабзэр. Io хэлъэп, цIыф цIэрыIохэр Черкасскэ Яков къешъугъущтыгъэх, ау ащи къыщыуцущтыгъэхэп. Илъэсищ тешIагъэу, 1632-м лъфыгъэ зимыIэгъэ Мининыр малIэ, ащ икъуаджэу Богородскэр Яков къыратыжьы, илъэс зытешIэкIэ, щымыIэжьым иунэхэу Нижнэ Новгород дэтыгъэхэри Iэрылъхьэ къыфашIых.

Михаил ыкъо Алексей пачъыхьэм къешIэкIыгъэхэм Черкасскэ Яков иакъылыкIи, игулъытэкIи къахэщыщтыгъ. 1654-рэ илъэсым Алексей пачъыхьагъум техьэ зэхъум, Яков Iэнэзегъаклo шъхьаIэу ахэтыгъ, къызэратхыжьрэмкIэ, «зэкIэмэ апэ итэу пачъыхьэм кIэрытыгъ, ащ иIанэ тет Iэгубжъэмэ санэр аригъахъощтыгъэ». А илъэсым боярин ашы, Апэрэ Петрэ ты фэхъущтым пэблагъэ дэдэ мэхъу, пачъыхьэр зыпIурэ бояринэу лъэкIышхо зиIэ Морозов Борисэ Черкасскэ Яков къепыи. Яков ифэмэ-бжьымэу пачъыхьэм техьэрэмкIэ нэкъокъогъушхо къызэрэфыкъокIыгъэр Морозовым зэхешIэ. Черкасскэ пщыр еубзэгушъ, дзэпащэу темыр лъэныкъом арегъэгъакIо. Ары шъхьакIэ, Морозовым ижъалымыгъэ зекIуакIэ афэмыщэчыжьэу Москва дэсхэм зыкъаIэты. Ышъхьэ къыухъумэжьзэ, Морозовым зегъэбылъы. Пачъыхьэм Черкасскэ Яков темырым къырещыжьышъ, правительствэм лIышъхьэ фешIы. Морозовыр уцурэп, Яков пилъхьэрэ шIоимэ гъунэ яIэп. ЩыIэныгъэр дэгъоу зымышIэрэ Алексей пачъыхьэм джыри Черкасскэ Яков къэралыгъо IэнатIэхэм аIуещы.

1653-рэ илъэсым Богдан Хмельницкэр къызэрэкIэлъэIугъэм, Земскэ соборым зэрэрихъухьагъэм атетэу, Украинэр Урысыем къыхэхьэ, ащ ичIыгухэр польскэ-литовскэ техакIохэм къатырахыжьынхэу зэдаштэ. А Iоф иным Алексей пачъыхьэм Черкасскэ Яков джы фегъазэ. Дзэпащэм апэ литовскэ Радзивилл идзэ зэхекъутэ, нэужым полякмэ ядзэу Казимир Ян зипащэр зэхегъэтакъо.

Черкасскэ Яков Бояр Думэм илъэс 21-рэ хэсыгъ. Урыс къэралыгъом игъэпытэнкIэ, иуIэшыгъэ кIуачIэхэр зэтегъэпсыхьэгъэнхэмкIэ Iофышхо ышIагъ.

Прозоровскэ Евдокие Яков шъэуитIу къыфилъфыгъ, Иванрэ Михаилрэ, пшъэшъитIуи зэдагъотыгъагъ – Евдокиерэ Аннэрэ. ЛIэным ыпэкIэ Яков илъфыгъэмэ осыет къафишIыжьыгъ:

– Зыщышъумыгъэгъупш, шIу шъулъэгъу адыгэ чIыгужъыр, ар шъо шъуичIыгу, урыс чIыгури ары, ари шъоры зиер, шъуяти, шъуятэжъи ащ яти шIу зэралъэгъущтыгъэхэу чIыгуитIуми шIулъэгъу зэдиштэ афэшъушI.

Черкасскэ Яков Къудайнэт ыкъор 1666-рэ илъэсым лIагъэ, Новоспасскэ чылысым щагъэтIылъыжьыгъ.

**Черкасскэ Сунчалей ыкъо Григорий (Сунчалей).** ЦIыф Iуш горэм къыIуагъ: «ЩыIэныгъэм зэхихъытэрэ тхьагъэпцIыгъэхэр нахьыбэмкIэ зэхэлъэшъуагъэх, къыбгурыIохэрэп, лIэныгъэр чэтэ ихыгъэм фэд, къызэрыкIу, къыбгурэIо аIо. Ар шъыпкъэп. ГъашIэм зыгорэ къыщыбгурыIонэу щытмэ, лIэныгъэр бэным фэдэу мэзахэ. ЕтIани хьадэгъур нахьыбэмкIэ мэхъаджэ».

А гупшысэр зыгорэущтэу Черкасскэ Григорий фэгъэхьыгъ. ЦIыфмэ зэраIоу ащ бэ къыдэхъущтыгъэр, кIэлэкIэ дэдэзэ инасып къикIэу ригъэжьэгъагъ. 1645-рэ илъэсым пачъыхьэм иIэнэзегъаклo мэхъу, боярин ашы, шъуз дэхэ дэдэ Шереметьев Федор ышъхьэкIэ къыфегъоты. Илъэс тIокI Iэпэ-цыпэ пачъыхьэм пэблагъэхэм ащыщыгъ. Черкасскэ Григорий фэгъэхьыгъэу В. Бенешевич етхы: «Пачъыхьэм изекIо зэфэшъхьафхэм, итхьэлъэIу мафэхэм ар ухъумакIоу игъусагъ, зы унэ дисыщтыгъ, мэфэкI щэджэгъуашхэхэр щыIэ зыхъукIэ, пачъыхьэм санэ фыригъахъощтыгъ, Iэнэзегъаклохэм ренэу апэ итыгъ».

1660-м пачъыхьэм цыхьэшхо къыфешIышъ, Черкасскэ Григорие дзэпащэу Астрахъан егъакIо, етIанэ – Царицын. Ар зэтырегъэпсыхьэшъ, мыжъо дэпкъ пытэхэмкIэ къешIыхьэ.

Апэрэ Петрэ ятэ Алексей шъэожъыезэ аумэхъы зэхъум, Черкасскэ Григорие лъытэныгъэшхо къыфашІи, ащ хагъэлэжьэгъагъ.

1672-рэ илъэсым Черкасскэ Григорие тхьамыкІэгъошхо къыщэшІы. Иоркъмэ ащыщ горэм еукІы. Сыд пае аукІыгъа? Ар шъэфэу тарихъым къыхэнэжьыгъ.

**Черкасскэ Алэджыкъо ыкъо Михаил** ныбжьыкІэу Новгородскэ дзэм пащэ фашІы, бояриныцІэр къыраты. Ар зышІэрэмэ аІощтыгъэ: «Ар дзэпэщэ шІыгъахэу къэхъугъ».

Аущтэу щытыгъэми, щымытыгъэми, Тыркуемрэ Къырымрэ адашІыгъэ заохэм Черкасскэ Михаил дзэпэщэ Іазэу закъыщигъэлъэгъуагъ.

Бантыш-Каменскэм игущыІалъэу «Урыс чІыгум ицІыф шІагъохэр» зыцІэм щетхы: «Алэджыкъо ыкъо Михаилыпщым 1679-рэ илъэсым, дзэшхом пэщэныгъэ дызэрихьэзэ, тыркухэмрэ нэгъойхэмрэ Украинэм ичІыгу къыригъэхьагъэхэп, Киев дэжь чІэнэгъэ шІукІаехэри щаригъэшІыгъэх».

А илъэсым Черкасскэ Михаил боярин хъугъэ.

С. М. Соловьевым итхылъэу «Урысыем итарихъ фэгъэхьыгъэ къэбархэу узэджэщтхэр» зыфиІорэм анахь пщы цІэрыІохэу тетыгъошхо зиІагъэхэр къыщехьых. Уасэу яІэмкІэ зэкІэлъыкІохэу лъэкъоцІэ 16 къетхы: «1. Черкасскэхэр, 2. Воротынскэхэр, 3. Трубецкойхэр, 4. Голицынхэр, 5. Хованскэхэр, 6. Морозовхэр, 7. Шереметевхэр, 8. Одоевскэхэр, 9. Пронскэхэр, 10. Салтыковхэр, 11. Шеинхэр, 12. Репнинхэр, 13. Прозоровскэхэр, 14. Буйносовхэр, 15. Хилковхэр, 16. Урусовхэр».

1782-рэ илъэсым игъатхэ пачъыхьэ тахътэм ежьхэр зыфэе Софье, Петрэрэ Иванрэ ашыпхъу нахьыжъ, тырагъэтІысхьэ ашІоигъоу дзэ хэхыгъэмэ зыкъаІэтыгъ. Ащыгъум Апэрэ Петрэ илъэсипшІ ыныбжьыгъ. Черкасскэ Михаилэ зэшитІум агоуцуагъ. Н. Г. Устрялов академикым ытхыщтыгъ: «Черкасскэ Алэджыкъо ыкъо Михаил шъхьац къэрабэр ахэмэ ІэпыІэгъу лъэшэу яІагъ, лІыбланэу ахэтыгъ... ЛІыгъэ намысым, шъыпкъэныгъэм арынэкъуакъорэм Софье дезгъаштэхэрэр пхъашэу ыумысыгъэх». Апэрэ Петрэ «ипотешнэ» батальонхэр кІэрыкІэу ыгъэхьазырыжьхи, зэуакІэм фэІазэхэу Черкасскэ Михаил ыгъэсэгъагъэх. 1689-рэ илъэсым Апэрэ Петрэ кІэгъэкъон фэхъугъэхэри итетыгъо зыгъэпытагъэхэри а батальонхэр арых. Черкасскэ Михаил ыкъо Андрей апэрэ забытмэ ащыщэу Преображенскэ дзэм хэтыгъ. Ащ ыуж лІыкІо пащэу Андрей Европэм щыІагъ, ащ дэжь Апэрэ Петрэ, Михаилов ПетрэкІэ зэджэжьи, шъэфэу кІогъагъэ.

Апэрэ Петрэ игъом уІэшыгъэ кІуачІэхэм осэшхо афашІыщтыгъ, хыдзэ къухьэхэм яшІын псынкІэу ыуж ригъэхьэгъагъэх. 1695-рэ илъэсым иаужырэ мазэ и 14-м ахэмэ яапэрэ генералиссимус Черкасскэ Михаил мэхъу. А тарихъ хъугъэ-шІагъэм фэгъэхьыгъэу А. Г. Брикнер итхыгъэу «Петрэ Шъэджашъэм итарихъэу сурэтхэмкІэ гъэкІэрэкІагъэм» мары къыщиІорэр: «Іэшъхьэтет ШъхьаІэ афэхъущтыр Іофыгъо инэу щытыгъ. 1695-м зэрэхъугъагъэм фэдэу, Іэшъхьэтет ІэнатІэр «Консилиум» фэбгъазэ хъущтыгъэп. А илъэс дэдэм, апэрэ кІымэфэ мазэм и 14-м, Іофыр зэшІохыгъэ хъугъэ. Апэрэ Петрэ Советым Гордон къыригъэблэгъагъ, Лефорти нэмыкІхэри ащ хэсыгъэх... Апэ генералиссимусэу Черкасскэ пщыр хадзи, нэужым зэрэсымаджэм къыхэкІэу, бояринэу Шейн ычІыпІэ рагъэхьэгъагъ». 1698-рэ илъэсым зыкъэзыІэтыгъагъэхэ дзэ хэхыгъэхэм яІоф зэхафы зэхъум, Черкасскэ Михаил чан дэдэу хэлэжьагъ.

Суриков художникым исурэтэу «Утро стрелецкой казни» зыфиІорэм зэкІэмэ апэ итэу, лъэшэу къахэщэу, бояр шъуашэ щыгъэу, жэкІэ кІыхьэу Черкасскэ Михаил иолъагъо.

Апэрэ Петрэ къухьэхэр аригъэшІыхэу зырегъажьэм, Черкасскэ Михаил къухьитІум яшІын тефэщт иахъщэ аритыгъ. КъухьитІум яз фэгъэхьыгъэу «анахь дэгъумэ ащыщ» Апэрэ Петрэ зэриІогъагъэр «Къэбэртэе-урыс зэфыщытыкІэхэр» зыцІэ тхылъым къеушыхьаты.

Рим къикІыгъэгъэ лІыкІоу Иоанн Корб итхылъ щыхегъэунэфыкІы: «Черкасскэ Алэджыкъо ыкъо Михаил ыныбжьыкІи, ишэнкІи лъытэныгъэшхо фашІы, мыхъункІэ мызекІоу, шъыпкъагъэ хэлъэу, ышъхьэ ыгъэлъэпІэжьэу зэрэпсэурэм яхьатыркІэ зэкІэми яшІулъэгъу къылэжьыгъ. Тэ Москва тыщыІэзэ, Апэрэ Петрэ пачъыхьэр хы МыутІэкІэ ежьэн зэхъум, Черкасскэ Михаил Алэджыкъо ыкъор ычІыпІэ къыригъэнагъ...» Пачъыхьэ ІэнэзегъакІоу Апэрэ Петрэ лъытэныгъэ зыфишІыщтыгъэ Черкасскэ Андреий

лъыкІом игугъу къешІы. ГухэкІ нахь мышІэми, ятэ Іушым фэдэ хъужьыным лъыкІимыгъахьэу Андрей кІэлакІэу лІагъэ.

Европэм къызекІыжьым, жакІэхэр атетыжьынхэм фимытхэу Апэрэ Петрэ унашъо къыдигъэкІыгъагъ, ау нэбгырищ фит ышІыгъагъ. Ахэр Урысыем ипатриарх, Черкасскэ Михаил, Стрешнев Тихон.

Черкасскэ Михаил 1721-рэ илъэсым лІагъэ. Ащ ыкъом ыкъожьхэри Урысыем щагъэлъэпІэрэ, щыцІэрыІо лІышІу хъугъагъэх. Андрей ыкъо Александр генерал-поручикыгъ, Александр Невскэм иорден къыІэжьыгъагъ. Андрей ыкъо Петрэ генерал-аншефыгъ, Москва губернаторэу иІагъ. Черкасскэ пщыхэм янэпэеплъэу, илъэсишъэ пчъагъэхэм урысхэмрэ адыгэхэмрэ азыфагу илъ зэкъошныгъэм ишыхьатэу Москва иурамитІу Большая ыкІи Малая Черкесская цІэу афашІыгъ.

**Черкасскэ Яков ыкъо Михаил**. Мэхьанэшхо зиІэ Іоф дэгъу, Іоф шІагъохэр Черкасскэмэ Урысыем фашІагъэх, щашІагъэх, къэралыгъо ІэнэтІэ лъагэхэр щаІыгъыгъэх. Ахэмэ анахь ІэнэтІэ ин щыІэжьыгъэп.

ГъашІэм къахэнэжьыгъэ шІэжь дахэу Черкасскэмэ ашъхьэ къырыкІуагъэм бгъэшІэгъонэу джыри зы хэлъ.

Дон щыщ къэзэкъэу Тимофей ыкъо Ермак Сыбыр заокІэ ыштагъ. Сыд лІэужыгъуа Сыбыр? Анахь шы псынкІэхэр зэблэпхъухэзэ, тхьэмафэ, тхьэмэфищэ, мазэрэ учъагъэкІи, ыгъунэ унэсыщтэп. Адэ сыд лІэужыгъуа чъыІэр градус тІокІитІум, шъэныкъом зынэсыкІэ? Ар сыдэущтэу къыблэ фабэм къыщыхъугъэхэм агурыбгъэІощта? ЕвропэмкІэ гъэзэгъэ чІыгухэр мэзхэмкІэ баигъэх, ау гъунэ зимыІэ сыбыр мэзхэм ахэр сыдэу хъумэ афэбгъэдэна? Дышъэу, тыжьынэу, гъучІэу, нэмыкІ баиныгъэу иІэхэмкІэ Сыбыр сыд фэдэ чІыпІэ егбгъэпшэщт? Щыlэп ащ фэдэ чІыпІэ!

Ичатэ ихыгъэу Ермак Сыбыр ихьэгъагъ, ау къазгъырырэ пхъэхырэ ыІыгъэу, цІыфым ифабэ хищэнэу хэта ащ фэкІощтыр, сыдигъуа зыфэкІощтыр, сыда кІуакІэ фэхъущтыр? Ащ ишъэфхэм якъызэІухын лІэшІэгъу пчъагъи, цІыф кІуачІи, акъыли ищыкІэгъагъ. Ау Черкасскэхэр ащ макІохэшъ, охътэ кІэкІым аІэ къырагъахьэ. Черкасскэ Михаил ыкъуитІу Петрэрэ Алексейрэ игъусэхэу зыфэдэ амылъэгъугъэ Іофышхо Сыбыр щашІэ. 1697-рэ илъэсым



Апэрэ Петрэ пачъыхьэм ахэр Тобольскэ ыгъэкІогъагъэх, гъучІи, гъуаплъи, селитри хэгъэгум къыфычІахын фэягъ.

Илъэс пшІыкІущэ Черкасскэхэр Сыбыр щылэжьагъэх. Ахэмэ Апэрэ Петрэ зэрафэразэр афигъэхьыгъэ тхылъым къыщеІо: «…Къэралыгъо Іофхэр зэрэжъугъэбэгъуагъэхэм, шъхьах шъумышІэу шъуиІофхэр зэрэзешъухьэрэм, хэгъэгум иахъщи, илэжьыгъи хахъо зэрафэшъушІыгъэм, шъупкъы шъуитэу, федэхэкІыпІэ шъулъымыхьоу къышъутефэрэр зэрэшъушІэрэм, гъучІышІ заводхэр жъугъэуцухи, дзэм ищыкІэгъэ топхэр, нэмыкІ Іашэхэр Тобольскэ къыщыдэкІыхэу зэрэжъугъэпсыгъэм, Сыбыр имызакъоу, Москва пачъыхьэшхом ыІэ илъ къэралхэри къэухъумэгъэнхэмкІэ Іашэу къэшъушІыхэрэм яшІогъэшхо къызэрэкІорэм, Сыбыр селитрэ къызэрэщыжъугъотыгъэм, шъукъызэрэсфэшъыпкъэм, шъугу етыгъэу Тобольскэ къулыкъу зэрэщышъухьырэм апае лъэш дэдэу сызэрэшъуфэразэр шъосэІо…»

1710-рэ илъэсым Черкасскэхэр Сыбыр къикІыжьыгъэх, 1712-м Черкасскэ Михаил Яков ыкъо дунаим ехыжьыгъ, иІофхэр лъигъэкІотэнхэу ыкъо Алексей къыгъэнагъ.

**Черкасскэ Михаил ыкъо Алексей.** ЦІыфыр дунаим, чІыгум тетыфэ, шъоф зэныбжьэп зэрыкІорэр – къушъхьэ лъагъу. ДэкІуае, ехы, зэ уашъом кІао, зэ тау-ташэм дэфэ.

Черкасскэ Алексей Сыбыр къызекІыжьым, шъыпкъэ дэдэмкІэ, уашъом кІаоу зиІэтыгъ, пачъыхьэм янэкІэ ишыпхъу Агриппинэ къыщи, пачъыхьэ унагъом пэблагъэ хъугъэ, ау къафэхъугъэхэ сабыищри лІэжьыгъэх, Агриппини дунаим ехыжьыгъ. Илъэс заулэ Алексей лІыгъуабэу хэти, ТрубецкоипщымэяпхъуМарье къыщагъ.

Сыбыр псэолъэшІ Іазэу зыкъыщигъэлъэгъуагъэти, Санкт-Петербург къалэу агъэуцурэм пылъ канцелярием Черкасскэ Алексей пащэ фашІыгъ. ЗэкІэ Черкасскэхэм сыд фэдэ Іофи яшъыпкъэу зэрагъэцакІэщтыгъэм фэдэу Алексей зыфагъэзэгъэ ІэнатІэр дэгъу дэдэу зэшІуихэу ригъэжьагъ. Ар зынэмысрэ чІыпІэ къалэм иІагъэп, урамхэр, къэлэ пчэгухэр егъэкІэракІэх, темэнхэм, охыпІэхэм Петропавловскэ пытапІэр атырегъэуцо, гардемаринхэр зыщеджэщтхэр, къухьэуцупІэхэр, пхъэр зыщызэгуахырэ, чырбыщгъэжъэ заводхэр арегъэшІых. Ахъщэри, проектыри ежь иеу Черкасскэ Алексей къухьэшІыпІэ егъэуцу.

Апэрэ Петрэ пачъыхьэм Алексей лъытэныгъи, осэшхуи фишlыщтыгъ, Павло-Селивановскэм мырэущтэу къетхыжьы: «…загъорэ щэджэгъуашхэ щишlынэу, зи римыгъаlоу иунэ ихьэщтыгъэ».

Уахътэр къэсышъ, Сыбыр джыри пачъыхьэм ынаlэ тыридзэн фаеу мэхъу. 1719-рэ илъэсым Черкасскэ Алексей ащ игубернаторэу егъакlо.

Ятэрэ ышнахьыжърэ щысэ атырихызэ, Алексей уцуи, тlыси имылэу lоф ешlэ.

1725-рэ илъэсым икlымафэ Апэрэ Петрэ малlэ. Черкасскэ Алексей Петербург къегъэзэжьы. Апэрэ Екатеринэ пачъыхьэм ар иупчlэжьэгъоу егъэнафэ.

Бэ темышlэу Апэрэ Екатеринэ ычlыпlэ Иоан ыпхъу Аннэ ехьэ, Черкасскэ Алексей ащ Сенатым хегъахьэ.

1731-рэ илъэсым ибжыхьэ Министрэхэм я Кабинет Урысыем щызэхащэ, ащ къулыкъушlэ нэбгырищ хэхьэ. Ахэр – Остерман, Головиныр, Черкасскэр. 1741-рэ илъэсым иапэрэ бжыхьэ мазэ и 10-м Черкасскэ Алексей Урысыем Канцлер фэхъу.

Пачъыхьагъу lэнатlэм Апэрэ Петрэ ыпхъу зэрэтехьэрэм фэгъэхьыгъэ манифестыри, гущыlэу къыlощтыри Черкасскэ Алексей ыгъэхьазырыгъэх.

Пруссием дашlыгъэгъэ трактатым, Урысыемрэ Инджылызымрэ зыкъызэдаухъумэжьын зэзэгъыныгъэу зэдашlыгъагъэм, Даниемрэ Урысыемрэ зэрэзэзэгъыгъэхэм акlэтхэгъагъэр Черкасскэ Алексей ары.

«Урыс лlышlухэм къарыкlуагъэм игущыlалъэ» къызэрэщиlорэмкlэ, ныбжьышхо зиlэ Черкасскэ Алексей шъыпкъэныгъэ голъыгъ, пщэфын умылъэкlынэу щытыгъ, Урысыем ифедэхэм яухъумэкlуагъ. Иныбджэгъу инджылызхэми, къепыирэ французхэми а шэнхэр шlогъэшхокlэ къыфалъэгъущтыгъ. Францием илlыкlо Шетарди иlэнатlэ Черкасскэм чlыригъэнэгъагъэми, гуадзэу иlагъэм къыфигъэпытэгъагъ: «Бзылъфыгъэ пачъыхьэм ицыхьэ зытелъэу, шъыпкъэныгъэ зыголъэу, акъыл зиlэ Черкасскэ урыс лlыжъым угомыкl».

1742-рэ илъэсым иятlонэрэ бжыхьэ мазэ ыкlэм Елизаветэ пачъыхьагъум зэрэтехьагъэм пае Москва щашlыгъэгъэ мэфэкlым хэтэу Черкасскэ Алексей Михаил ыкъо дэи къэхъуи, къыкlэлъыкlогъэ мазэм ыкlэм игъашlэ ыухыгъ.



Черкасскэ Алексей иlэ мылъкум ычlэ ымышlэжьэу аlоти, тхыдэхэр фызэхалъхьэщтыгъэх. Зытетыгъэ шъыпкъэмкlи бай дэдагъ. Десятинэ минишъэ хъурэ чlыгоу иlагъэм нэбгырэ мин тlокlищырэ пшырэ щылажьэщтыгъэ. Илъэсипшl пчъагъэхэм ахэмэ мылъкушхо къыфалэжьыгъагъ.

Варвара пхъу закъор Черкасскэ Алексей къыкlэныгъагъ. Ар ыщэ шlоигъоу Кантемир Антиох усэкlо цlэрыlор ыуж итыгъ, ау Шереметев Петрэ генералым дэкlуагъ. Черкасскэ Алексей ыугъоигъэ мылъкушхор Останкино изэтегъэпсыхьан хэхьагъ. Шереметевхэм яхапlи, унэшхо дахэри, опернэ театрэри, нэмыкl псэуалъэхэри зэрашlыгъэхэр Черкасскэ Алексей имылъку. Урысые хэгъэгур зэрыгушхорэ Останкино чlыпlэр, урыс-адыгэ лъэпкъитlумэ язэфыщытыкlэ саугъэтэу лlэшlэгъумэ къахэнэжьыгъ.

Илъэсхэр блэкlыщтых… Ахэмэ пщышхохэу Рэдэди, Идари къатекlыхи, Урысые къэрылагъом кlэгъэкъон фэхъугъэхэм яакъыли, ялlыгъи, ямылъкуи урыс тарихъым щыщ хъужьынхэшъ, хэткlухьажьыщтых. Адыгэ зэгурымыlом лъыгъэчъэ зэутэкlхэр ахэмэ азыфагу къыригъэтэджэщтых, Урыс-Кавказ заом имыжъошъхьали нэбгырэ минишъэ пчъагъэхэр дихьаджыхьащтых, дунаим тыритэкъощтых, чlинэгъэ цlыфышхохэр тхьамыкlэгъошхокlэ къыфызэкlэрыожьыщтых, лъэпкъым зыкъимышlэжьзэ, лlэшlэгъу фэдиз зэпичыщт.

Къэралыгъо гупшысэ зыголъыгъэхэ акъылышlо цlыфхэм адыгэ чlыгур абгынэмэ Урысыем зыфагъазэзэ, ащ ицlыфыгъэ уаси агъэбаищт, мылъкуи фашlыщт, щытхъуи къыфахьыщт, ау зыфэшlушlагъэхэм лъэпкъ зэикlи, хэгъэгу хъугъуи рамыгъэфэхэзэ, адыгэмэ ягъашlэ къахьыщт…

А хъишъэ-гупшысэхэм сызэлъаштэ къэс, зэ сыгу къыхэузыкlы, зэ иныр мэхъу, тигугъэ нэпси тинэпс нэшхъэий нэгум кlэкlыжьы. Илъэсишъэ пчъагъэхэм тызигъусэ Урысыем аркъодыеу тыготыгъэп: тлъы щыщ хъугъэ, тыхэгощагъ, ипачъыхьэ тахьти, ичlыгуи, ижьи, тищыlэныгъэ-типкlэнтlэпси, тилыуз-гукъауи ахэлъ. А тызэзыпхырэ lудэнакlэм ипытапlэхэми, итlэсхъапlэхэми сафэгумэкlмэ сатещыныхьэзэ, ситхыгъэ сэухы.

**Исхак Шумафович Машбаш**

**СОБРАНИЕ СОЧИНЕНИЙ**
в шестнадцати томах

**Том VII**

**Рэдэд**

*Исторический роман*

На адыгейском языке

Редакторы: **Ф. А. Сиюхова, А. А. Шагуч**
Художественный редактор **Н. Г. Федотова**
Технический редактор **М. А. Кипова**
Корректор **С. А. Шхафижева**
Компьютерная верстка **Т. А. Косяк**

ИБ № 25

Сдано в набор 18.04.2014. Подписано в печать 11.08.2014. Формат 84x108/32. Бумага офсетная. Гарнитура шрифта «JournalSansC». Печать офсетная. Усл. п. л. 42,42. Уч.-изд. л. 47,00. Тираж 500 экз. Заказ

Государственное бюджетное учреждение Республики Адыгея «Адыгейское республиканское книжное издательство». 385000, г. Майкоп, ул. Гоголя, 8.
Тел.: (8772) 52-17-03, 52-12-59.